82.3(5у-6к)
К-21

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

82.3(5У-6К)
К-21

ӨЗБЕКСТАН ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫҢ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИ

Н. ДӘЎҚАРАЕВ АТЫНДАҒЫ ТИЛ ХӘМ ӘДЕБИЯТ ИНСТИТУТЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

***Көп томлық***

14–26-томлар



НӨКИС «ИЛИМ» 2010

ББК 82.3 (5Ў-6К)
К 59

Қарақалпақ халқының оғада бай руўхый қәдириятларының ажыралмас бир бөлеги есапланған халық аўызеки дөретпелери, соның ишинде халық дәстанлары, мыңлаған жыллар даўамында әўладтан-әўладқа, атадан-балаға өтип, ең қәдирли халық ғәзийнеси сыпатында изин жоғалтпай киятырған, тәрбиялық әхмийети күшли бийбаҳа мийрас болып есапланады. Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен кейин усы ата мийрасларымыз қайта тикленип, бүгинги күнимиз, ертеңимиз, келешегимиз ушын, мәмлекетимиздиң, жәмийетимиздиң қәлиплесиўи, беккемлениўи хәм раўажланыўы ушын хызмет ететуғын құдиретли күшке айланды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси хәм хүкиметиниң қоллап-қуўатлаўы менен басланған «Қарақалпақ фольклоры»ның 100 томлығын баспадан шығарыў жумыслары азат, еркин Ўатанымыздың руўхый күш-қүдиретин буннан былай да арттырыў, ата-бабаларымыздан мийрас болып киятырған руўхый қәдириятларымызға жаңаша нәзер таслап, олардың мол мүмкиншиликлеринен елимиздиң келешеги ушын пайдаланыў, миллий сана-сезимлеримизди байытып, миллийлигимизди тереңирек аңлаў, инсанларды, биринши нәўбетте, жас әўладты туўылып-өскен Ўатанға, халыққа садықлық руўхында тәрбиялаў жолындағы жаңа қәдем болып есапланады.

Нәзериңизге усынылып атырған усы басылымға «Қырық қыз» дәстаны (Қыяс жыраў варианты), «Қаншайым» (Қурбанбай жыраў), «Ер Шора» (Өтенияз жыраў), «Гөрұғлы» («Бәзирген» шақапшасы) (Ешан бақсы Қосполатов), «Бозуғлан» (Қайыпназар жыраў), «Қараман» (Қыяс жыраў), «Дәўлетиярбек» (Нарбай бақсы Қошекенов), «Муңлық-Зарлық» (Кәрам жыраў), «Қыз палўан»(Қыяс жыраў), «Гүлнәхәр» (Бабанияз жыраў), «Ер Қосай» (Қурбанбай жыраў), «Қурбанбек» (Қурбанбай жыраў), «Гүлистан» (Қыяс жыраў) дәстанлары киргизилген. Дәстанлар қолжазба нусқалар тийкарында қайта таярланды, бурын баспа жүзин көрген вариантларда қалдырылып кеткен, өзгертилген текстлер қайта тикленди хәм өзгериссиз жиберилди.

Бул дәстанлардан халқымыздың аўызеки дөретпелерин жаңа дәўир көзқарасынан үйрениўди мақсет еткен алым хәм изертлеўшилер, оқытыўшы хәм талабалар, руўхый-мәдений мийрасларымыз бенен қызығыўшы кең жәмәәтшилик ўәкиллери пайдаланыўы мүмкин.

Бас редактор:
*профессор Н. Қ. Аимбетов*

Жуўаплы редакторлар:
*филология илимлериниң докторы, профессор С. Бахадырова*
*филология илимлериниң кандидаты А. И. Алыниязов*

Бул көптомлық Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Илим хәм технологияларды раўажландырыўды муўапықластырыў Комитетиниң ФА-И8-Г001-санлы Инновациялық гранты жәрдеминде баспадан шығарылды.

К 59

**Қарақалпақ фольклоры.** Т. 14-26 / Бас редактор Н. Қ. Аимбетов; Жуўаплы редакторлар: С. Бахадырова, А. И. Алыниязов; ӨзИА Қарақалпақстан бөлими, Н. Дәўкараев атындағы тил хәм әдебият институты. — Нөкис: «Илим». — 2010. — 544 б.

ББК 82.3 (5Ў-6К)

ISBN 978-9943-374-06-5

© «Илим», 2010

МАЗМУНЫ

Алғы сөз 4

«Қырық қыз» (*Қыяс жыраў Қайратдинов*) 7

«Ер Шора» (*Өтенияз жыраў Ийимбетов*) 119

«Гөруғлы» («Бәзирген» шақапшасы) (*Ешан бақсы Қосполатов* ) 198

«Бозуғлан» (*Қайыпназар жыраў Қәлимбетов*) 211

«Гүлнәҳәр» (*Бабанияз жыраў Ешимбетов*) 242

«Дәўлетиярбек» (*Нарбай бақсы Қошекенов*) 290

«Ер Қосай» (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) 310

«Қараман» (*Қыяс жыраў Қайратдинов*) 342

«Қурбанбек» (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) 368

«Қыз палўан» (*Қыяс жыраў Қайратдинов*) 398

«Муңлық-Зарлық» (*Кәрам жыраў Нағымов*) 421

«Гүлистан» (*Қыяс жыраў Қайратдинов*) 498

«Қаншайым» (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) 521

Түсиниклер 540

A'jiniyaz ati'ndag'i' NMPI
Informaciyali'q resurs worayi'
INVENTAR № 106280
«___» __________ 20___ ji'l

*Халықтың мәдений қәдириятлары, руўхый мийрасы мың жыллар даўамында Шығыс халықлары ушын қудиретли руўхый азық болып хызмет еткен.*

**ИСЛАМ КАРИМОВ**

# АЛҒЫ СӨЗ

*Әсирлер даўамында халқымыздың қудиретли руўхый азығы болып келген дәстанлардың турмысымызда тутқан орны оғада уллы. Оларда халықтың тарийхый турмысының елеслери, дәстүрлери менен үрп-әдетлери, ырымлары менен диний исенимлери сәўлеленген ҳәм тәкирарланбас гөззал сөз маржанлары дизбекленген. Усы басылымға «Қырық қыз» дәстаны (Қыяс жыраў), «Қаншайым» (Қурбанбай жыраў), «Ер Шора» (Өтенияз жыраў), «Гөруғлы» («Бәзирген» шақапшасы) (Ешан бақсы Қосполатов), «Бозуғлан» (Қайыпназар жыраў), «Қараман» (Қыяс жыраў), «Дәўлетиярбек» (Нарбай бақсы Қошекенов), «Зарлық-Муңлық» (Кәрам жыраў), «Қыз палўан» (Қыяс жыраў), «Гүлнәҳәр» (Бабанияз жыраў), «Ер Қосай» (Қурбанбай жыраў), «Қурбанбек» (Қурбанбай жыраў), «Гүлистан» (Қыяс жыраў) дәстанлары жиберилип отыр. Ҳәр бир дәстан қолжазба нусқалар тийкарында қайта таярланды, бурын баспадан шыққан вариантларда қалдырылып кеткен, өзгертилген текстлер қайта тикленди, ҳәр бир дәстанды атқарған жыраў-бақсының жеке атқарыў өзгешеликлерин сақлаў мақсетинде ҳәм, ең баслысы, руўхый мийрасларымыздың түпкиликли мазмунына нуқсан келтирмеў ушын текстлер өзгертилместен жиберилди.*

***«Қырық қыз» дәстанының Қыяс жыраў Қайратдинов варианты*** *1960-жылы Қабыл Мақсетов тәрепинен жазылып алынған. Еки китаптан ибарат қолжазба (биринши китап (1-225-бетлер, инвентарь №25), екинши китап (226-454-бетлер, инвентарь №50) ӨзРИАКБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында сақланбақта. Бул дәстан варианты 1993-жылы Қыяс жыраўдың 90 жыллық юбилейине арналып «Қарақалпақстан» баспасында жарық көрген. Жыраў жырлаған «Қырық қыз» дәстаны Қурбанбай жыраў Тәжибаев варианты менен мазмунлық сәйкесликлерге ийе болыўы менен бирликте, жыраўдың жеке өзине тән көркемлеў усыллары орын алған. Сондай-ақ адам атларында да бир қанша өзгерислер бар. Мәселен, онда Гүлайымның әкесиниң аты Буўрабай, сүйген жигити Қыран батыр, шопанның аты Шалабай, қалмақлардың ханы Елексан, Хорезм ханы Ўайсынхан. Бурыннан белгили сюжетлерден ҳәм эпизодлардан айырымлары Қыяс жыраў вариантында (Аллаярдың алты улы, Нәдиршаға қарсы урыс, Алтынайдың басынан кешкен ўақыялар ҳәм т.б.) сөз етилмейди. Бул вариантқа жаңа эпизод сыпатында Тунгус ханы Қараша ханға қарсы урыс, оның жеңилиске ушыраў жағдайлары киргизилген.*

*Қыяс жыраўдың «Қырық қыз» дәстаны қызықлы оқылады, бастан ақырына шекем қосық қатарлары менен дөретилген. Улыўма көлеми 12 мың қатардан аслам.*

***«Ер Шора» дәстанының Өтенияз жыраў Ийимбетов варианты*** *жыраўдың баласы Нийетбай Өтениязов тәрепинен жазып алынып, тапсырылған (Р39, №26104), қашан жазып алғанлығы көрсетилмеген. 18 дәптерден ибарат қолжазбаның улыўма көлеми 434 бет. Бурын жәрияланбаған. Қолжазба фондында дәстанның буннан басқа бес нусқасы сақлаўлы. Олар мазмуны бойынша бир-бирине уқсас сюжетке қурылған менен, көлеми ҳәм ўақыяны сүўретлеў және көркемлиги жағынан бир-биринен парқ қылады. Өтенияз жыраў варианты мазмуны ҳәм көркемлиги жағынан бир қанша сапалы болып есапланады.*

***«Гөруғлы» дәстаны («Бәзирген» шақапшасы) (атқарыўшы Ещан бақсы Қосполатов)*** *1950-жылы Камал Абибуллаев тәрепинен жазып алынған (Р282, № 84307). Бурын жәрияланбаған. ӨзРИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында дәстанның буннан басқа тағы үш варинты сақланбақта (Қаражан бақсы Қабулов, Нарбай бақсы Қошекенов, Тилеўмурат бақсы варинтлары). Дәстанның көркемлигинде ҳәм мазмунында Ещан бақсы Қосполатовтың өзине тән импровизаторлық өзгешеликлери көзге тасланады.*

***«Бозуғлан» дәстанының Қайыпназар жыраў Қәлимбетов варианты*** *1960-жылы фольклорлық экспедиция ўақтында Шымбай районында Қ.Мақсетов ҳәм Қ.Мәмбетназаровлар тәрепинен жазып алынған (Р-115, №34655). Бурын жәрияланбаған. Улыўма көлеми 4000 қатардан аслам. Қолжазба фондында дәстанның буннан басқа еки варианты сақлаўлы. Дәстан батырлықты, мәртликти, ел-халыққа садықлықты, дослық пенен муҳаббатты жырлаўшы, өткен әсирлердеги халқымыз турмысынан, салт-дәстүрлеринен дерек бериўши шығарма болып есапланады.*

***«Гүлнәҳәр» дәстаны*** *1961-жылы Қоңырат районында экспедиция ўақтында Бабанияз жыраў Ешимбетовтан жазып алынған. Еки дәптерге жазылған дәстанның улыўма көлеми 182 бет болып, 5278 қосық қатарынан ибарат (Инв. №36790, 36791). Дәстан 1988-жылы Қарақалпақ фольклорының 18 томында жарық көрген. Ел арасында айтылып жүрген көп циклли ертеклик сюжетке қурылған бул дәстан үш бөлимли тутас бир ўақыяны өз ишине алады. Дәслепки бөлиминде мәккар ҳәм залым патша менен оннан жәбирленген халықтың реал жағдайы сүўретленген болса, ортаңғы бөлими сыйқырлы әпсаналардан ибарат болып, қаҳарман жердиң асты-үстине саяхат етип жүреди, дәстанның соңғы бөлиминде болса, халықтың әсирлер бойы әрман еткен әдил ҳәм сақый патшалар образын жаратыў мәселеси алға қойылған.*

***«Дәўлетиярбек» дәстанының Нарбай бақсы Қошекенов варианты*** *1969-жылы Қ.Мақсетов, Ж.Хошниязовлар тәрепинен жазып алынған. Еки улыўма дәптерден ибарат бул қолжазбаның көлеми 117 бет (Инв. №77462). Текст қара сөз бенен қосық аралас ҳалында берилген. Дәстан 1970-жылы «Әмиўдәрья» журналында, 1995-жылы Қ.Мақсетов, Р.Мақсетовалардың таярлаўында өз алдына китап болып шыққан. Дәстанның тийкарғы идеясы— туўылған жерге садықлық, дослық, туўысқанлықтың қәдир-қымбатын улығлаў болып, оның текстинде қоңырат сөйлесимине тән болған элементлер басым. Дәстанның қолжазба ҳәм журнал вариантлары салыстырылып, текстологиялық турақлылық көзқарасынан түп ҳалына келтирилип жиберилмекте.*

***«Ер Қосай» дәстанының Қурбанбай жыраў варианты*** *1938-жылы С.Мәўленов ҳәм Ш.Хожаниязов тәрепинен жазып алынған. Ҳәзир дәстанның латын ҳәм кирилл графикасындағы еки тексти ӨзРИАҚБ қолжазбалар фондында сақланады. Бул еки текст те текстологиялық жақтан бир-биринен өзгешелик қылмайды. Латын графикасындағы текст 121 беттен (Р-138, №37424), кирилл графикасындағы - 117 беттен (Р-138, №1089) ибарат. Дәстанның бул варианты 1987-жылы «Қарақалпақ фольклоры» көп томлығының 17 томында баспадан шығарылды. Бул қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының ишинде белгили дәрежеде өз алдына салмағы бар, халқымыздың өтмиштеги тарийхының түрли тәреплерин, үрп-әдетлерин, турмысын сәўлелендиретуғын баҳалы дәстанлардың бири болып есапланады.*

***«Қыз палўан» дәстаны (атқарыўшы Қыяс жыраў Қайратдинов)*** *1973 жылы Ж. Хошниязов тәрепинен жазып алынған ҳәм ол ӨзР ИА ҚБ фундаментал қитапханасының қолжазбалар фондында сақланады. 20 томлық «Қарақалпақ*

*фольклоры»нда 1989-жылы баспадан шыққан. Бул ҳаял-қызлардың мәртлиги, дослық-татыўлық сәўлеленген халықлық дәстан. Оқыўшыда үлкен тәсирлениўшилик пайда етеди.*

***«Муңлық-Зарлық» дәстанының Кәрам жыраў Нағымов вариантын** жыраўдың өзи жазып тапсырған. Еки улыўма дәптерге жазылған қолжазба көлеми 381 беттен, 8000 қосық қатарынан ибарат (Р-146, №40897). Қолжазба фондында буннан басқа дәстанның 1976-жылы жазып алынған Есберген Мырзанов варианты да бар (Р-319, №99424). Дәстанның мазмуны күнделикли турмыслық ўақыялар менен байытылған, мазмуны жағынан басқа да турмыслық дәстанлардағы («Шәрьяр» ҳәм т.б.) ўақыяларға уқсас. Бирақ Кәрам жыраўдың жеке импровизаторлық шеберлиги дәстанды анағурлым көркемлик дәрежеге көтерген.*

***«Қараман» дәстаны** 1963-жылы Қыяс жыраўдан Қабылбек Абдижамилов тәрепинен жазып алынған. Дәстан қолжазба фондында «Қараманы қатыл» атамасы менен сақланады (Р-469, №176412). Дәстан «Қарақалпақ фольклоры» көп томлығының 19 томында 1989 жылы жәрияланған. Лекин онда өзгертилген, алып тасланған текстлер баршылық. Бул басылымға дәстанның түп ҳалындағы тексти жиберилмекте. Дәстан өзиниң көркемлилиги, тил байлығы жағынан пуқта, жетилискен дәстанлар қатарынан орын алады.*

***«Қурбанбек» дәстанының Қурбанбай жыраўТәжибаев варианты** С.Мәўленов ҳәм Ш.Хожаниязов тәрепинен 1938-жылы Төрткүлде жазып алынған. ӨзРИАҚБ қолжазбалар фондында араб ҳәм латын графикасындағы нусқалары сақланбақта (№1124, №1122). Дәстан «Қарақалпақ фольклоры» көп томлығының 9 томында жәрияланған. Дәстанның Қыяс жыраў варианты да бар. Дәстан қаҳарманлық характердеги мазмунға ийе болып, Қурбанбектиң өз елине болған садықлығын, душпанларға қарсы гүрестеги мәртлигин сүўретлейди.*

***Гүлистан» дәстаны (атқарыўшы Қыяс жыраў Қайратдинов)** 1973 жылы Жалғас Хошниязов тәрепинен жазып алынған ҳәм ол ӨзР ИА ҚБ фундаментал қитапханасының қолжазбалар фондында сақланады. 20 томлық «Қарақалпақ фольклоры»нда 1989-жылы баспадан шыққан. Дәстанда ҳаял-қызлардың батырлық, ақыллылық, даналық ислерине айрықша итибар берилген. Онда мифологиялық, фантастикалық ўақыялар басым орынды ийелейди.*

***«Қаншайым» дәстанының (атқарыўшы Қурбанбай жыраў Тәжибаев)** 1955-жылы Қ.Мақсетов тәрепинен жазып алынған нусқасы ӨзИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында сақланбақта (Р-106, №33706). Бурын жәрияланбаған. Дәстанның усы ўақытқа шекем жәрияланып келинген нусқасы жазыўшы Ө.Хожаниязов тәрепинен жазып алынған ҳәм ол дәслеп 1957-жылы, кейин «Қарақалпақ фольклоры» көп томлығының 20 томында жарық көрген. Қолжазбасы жоқ. Дәстанның бул еки нусқасында азы-кем өзгешеликлер бар. Қурбанбай жыраў Тәжибаевтың дөретиўшилик дәстүрлери тийкарында пайда болған бул дәстанның мазмунлық, көркемлик өзгешеликлери фольклорлық үлгилерге тән усыллар менен байытылған.*

*Дәстанларды баспаға таярлаўда Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Н.Дәўқараев атындағы тил ҳәм әдебият институтының илимий хызметкерлери: филология илимлериниң кандидатлары Ж. Хошниязов, А. Альниязов, илимий хызметкерлер Ю. Байсағатов, Т. Қанаатов, Ҳ.Абдраманов, компьютер операторлары Б. Сейтбекова, А. Пурханова, З.Аманбаевалар қатнасты.*

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

### 14-том



# ҚЫРЫҚ ҚЫЗ

Қыяс жыраў Қайратдинов варианты

*Жазып алған: Қабыл Мақсетов*
*(май 1960-август 1961-жыл)*



Ертеде, әййем заманда,
Халық езилген табанда,
Түп бабамыз он санда,
Аз ноғайлы елинде,
Алымханның сорамында,
Жанадәрья бойында,
Саркоп деген калада,
Қарғалы деген салада,
Жер тенселткен салтанаты,
Бәршеге машҳурдыр аты,
Дүньяға түскен лакабы,
Аўыспайды басқаға,
Бир өзине бир жабы,
Алға қарап өрбиген,
Күннен-күнге ығбалы,
Бес мын жылқы, он мың қой,
Оннан да бетер байымак,
Мақсет пенен талабы.
Төрт түлиги сай болған,
Он мың танап жер ийелеп,
Бир өзи зорға жай болған,
Жанадәрья бойында,
Қарғалы деген сайында,
Буўрабай деген бай болған.
Еситкенлер тутты атын,
Қойдай айдап жақын-жатын,
Талқан етип ели-халкын,
Шашып гүмис пенен алтын,
Аты шыққан арыўлардан,
Сайлап алды алты қатын.
Терең сайларға бойлады,
Ат шапты, той тойлады,
Хәр түрли мақсет ойлады,
Үйинен адам тоймады,
Алты катын алса да,
Алпыс жасы болғанша,
Бир тырнағы болмады.
Белин қайыс пенен буўды,
Қәхәринен ылай суў тынды,
Алпыс жасы толғанда,
Байдың киши хаялы,
Таң қалғандай бир қыз туўды.
Кеўли әламды шолмады,
Иши қуўанышқа толмады,
Ядынан дәрти калмады,
Кеўил бөлип кызына,
Перзент деп есапқа алмады.
Көргеннин кеўли толғандай,
Таңда толған шолпандай,
Көзин түсcе көзине,
Ядына хәр ис салғандай,
Пешенесин көргеннин,
Акыл-есин алғандай,
Кеўил бөлип карасаң,
Шебер уста соққандай,
Қараңғы үйде отырса,
Жүзлери шам жанғандай,
Қолың тийсе қолына,
Ышқы жаның алғандай,
Қарсыласып гәплескен,
«Сол»деп дәрбедар болғандай,
Еки аўыз гәплескенге,
Алты ай азық болғандай,
Тоты көзли, бадам қабақ,
Кең қушақлы, ақ тамақ,
Қыпша белли, жупқа додақ,
Қаналы бармак, жез тырнак,
Узын бойлы, кең қушақ,
Шийрин зибан, сөзи жумсақ,
Жаўырынлары қақпақтай,
Бурымлары токпақтай,
Аўзы сулыў оймактай,
Жуқа ерни каймактай,
Еки анардың арасы,
Қалың карда, жигитлер,
Тоты жүрген соқпақтай,
Түр бейнеси толған айдың,
Таң калғандай кыз болды,
Он алты жасына толды,
Атын айтсам Гүлайым.
Көрген жаннын кеўли толды,
Жүзин көрген ашық болды,
Душпанының гүли солды,
Бахыт қус басына қонды,
Мақсети алдына дөнди,
Не қыңырлар назына көнди,
Жети журтқа даңқы толды,
Он сегизге шыққанда,
Сол тарийка кыз болды.
Кеўли батыр жүдә аңлы,
Көргенлердиң иши дағлы,
Түп атасын сорсаң қанлы,
Күлип айткан сөзлерине,
Не жигитлер он күн бағлы.
Бет алдына нәзер салсаң,
Аға Юнис пери янлы,
Уллы-уллы мерекеде,
Сөз сөйлейди үстуханлы,
Бурында бир көрмегенлер,
Карсыласса естен танды,
Не жигитлер жолында пенде,
Не тилесе сол кабылды,
Нени десе дүньяда,
Истеген ўәжи табылды,
Он сәккиз жасқа толғанда,
Дүньяға түсти дабылы.

Хеш нышан таппады бергендей қолды,
Талқан етип кармалады оң-солды,
Гүлайымның мақсет пенен талабы,
Халайыққа табыў ушын кең жолды.

Излеп жылағанның намыс хәм арын,
Табалмады тай келгендей қатарын,
Кеше-күндиз азатлық деп ат шапты,
Қулатпақ мақсети ханлардың дарын.

Ҳүрлерге ылайық қыйылған қасы,
Гүлтеленген сәккиз пилтели шашы,
Тастай қамал қараңғыда қалғанда,
Сәуле шашар жүзлериниң шоласы.

Баҳасы табылмас өлшеўге теңге,
Излесең таптырмас қастаға емге,
Он бес жигит ашық болып сыртынан,
Жүзин көре алмай атына пенде.

Дүньяға келген жоқ оныңдай нашар,
Жамалына көзи түскен бир жасар,
Бирқанша жигитлер жолын аңлыды,
Қарсыласып болғайман деп бир дуўшар,

Дийдары түскенниң ақылын алғандай,
Көргенде әрмансыз мийриң қанғандай,
Қараңғыда қарсыласып дус келсең,
Жақты берер таңда туўған шолпандай.

Гәплессең қалмайды зәрре әрманың,
Дийдарлассаң ерксиз ерийди жаның,
Көкирегинде зәрре әрман қалмайды,
Жарасығы беш күн пәний дүньяның.

Ҳинжи додақ асыныпты мойнына,
Жупты болған сирә қанбас ойнына,
Қардар болып нешше байдың баласы,
Гүлайым деп делбе болды жолында.

Гүлайым болғайсаң сәўерлик ярым,
Жолыңда таланды әшия барым,
Қол алысып бирге жолдас болғанның,
Тасты кести сөзи менен абыройы.

Патша, ханнан кем емес,
Ойы, пәми, ақылы,
Даңқын Алла көтерип,
Жорғадан бетер шабылды,
Ашық болып бир қанша,
Тәўекел сырттан табылды,
Жүзин көрген жигитлер,
Жүйрик аттай қамылды,
Еситкенлер дабылын,
Кеўлине жүдә жақынды,
Не бир есер жигитлер,
Бир көргеним олжа деп,
Жасырынып жолын аңлыды,
Не бир ханлар даңқына,
Йитлам болып сағынды,
Сиясатлап Гүлайым,
Қызыл-жасыл тағынды.
Жетти инақ болды қардар,
Айтыспақшы нешше сәрдар,
Еки аяқлы демесең,
Адамзаттан шыққан жәўҳар,
Ҳаслы адам демесең,
Жүзлери дүр, көзи гәўҳар,
Дабылы журтқа таралып,
Көргенди етти нәўбәҳәр.
Гәўҳардай көзи жайнаған,
Бул дүньяға келген жан,
Ҳеш ким ондай болмаған,
Жанлыға сыр билдирмей,
Теңин таўып ойнаған.
Патша менен ханыңды,
Ийттен бетер хорлаған,
Қарсыласып сөз айтса,
Мәлелли жуўап торлаған,
Жүзин көрген анықлап,
Дийдарына тоймаған,
Қабыл етип тилегин,
Қырық шилтенлер қоллаған,
Ашық болып не ханлар,
Атына қағаз жоллаған.
Атын айтып зарлаған,
Майдандағы көп ладан,
Тартыўына жолықты,
Нешше талай оңбаған,
Аты шыққан менменлер,
Сыртынан тәмедар болған,
Нешше саяқ-сандырақ,
Ашықлығын қоймаған,
Жалынса да не жигит,
Туўры нәзер салмаған,
Жүзин көрген нешшелер,
Изинен сирә қалмаған,
Жетер-жетпес жолында,
Өз басын өзи жалмаған,
Ҳеш бендеден жасқанып,
Душпан тилин алмаған,
Атақлы байдың баллары,
Жолына адам арнаған,
«Сөзи болғай қуўаныш» деп,
Жаўшының аўзын барлаған,
«Яр қылғайман соны» деп,
Яратқан деп зарлаған,
Ырас сөзди қуўатлап,
Сөйлемейди бир ялған,
Еки аўыз сөйлескен,
Он күн жүрсе талмаған,
Қарсыласып сөз айтса,
Қанжардан бетер қарнаған,
Барлық адамгерлигин,
Аш-арық ушын арнаған,
Патша, ханның хәмирине,
Нар түйедей жараған,

Жылаған жас қызларға,
Оң көз бенен қараған,
Менмен менен бузықты,
Айдатпақшы арадан,
Тумлы-туска ат шаўып,
Аштың халын сораған,
Аш-арықтың қызларын,
Зулымлардан қорғаған.
«Бар болсаң кел қасыма,
Азатлыкка талабан»,
Дағазалап сол сөзди,
Қалаға жар салдырған,
Орын алды лақабы,
Ялғаншы пәний дүньядан.

Ата тилин алмады,
Сөзине қулақ салмады,
Жалынса да зар жылап,
Хызметине бармады,
Қастын тигип байларға,
Билгенинен калмады,
Патша менен байлардың,
Сөз бенен ишин карнады.
Шуғылларға ермеди,
Денесин күш кернеди,
Кисиге еркин бермеди,
Ханды көзге илмеди,
Аталығын, найыбын,
Шопан шелли көрмеди,
Азатлықтың жолында,
Жән-жаққа қолын сермеди.

Сондай болып Гүлайым,
Толды он тоғыз жасына,
Хәўес болды жети хан,
Онын хаўазасына,
Жанын қурбан етеди,
Нешше хан соның қастына,
Соны аңлап Гүлайым,
Саўда түсти басына.
Шуғыл сөзге ермеди,
Мәрт болды қыз жасынан,
Тең келалмады хеш бир жан,
Ақыл өлшеў тасына,
Ашық болды не жигит,
Келалмады қасына,
Таўда-таста тоқтамас,
Мәрт болды кыз жасынан,
Жакты түсти әламға,
Жүзде гәўхар шоласына.
Тереннен шыккан кундыздай,
Ерте туўып, кеш батқан,
Өмири зая жулдыздай,
Хеш заманда келмеген,
Ойлап көрсең сол қыздай,
Ушырасса боранға,

Шапаҳаты балқытып,
Алып шығар тоңғызбай,
Күлип айтқан сөзлери,
Салыстырсаң он қыздай,
Саўлатыны көрген жан,
Нешше ғарры болса да,
Тегин калмас бир кызбай,
Бет алдынын ажары,
Мысал он төртлик айдай,
Сол тарийка Гүлайым,
Беллери кайыскан жайдай,
Гүлайым арыў атанды,
Жүзине адам қаратпай,
Жән-жағына көз салды,
Қатар-курбын жаратпай,
Түрли акыл ойлады,
Бир күн парахат жатпай.
Дабылы әлемди жайлады,
Белине кәмар байлады,
Зығырданы қайнады,
Ашық болып сыртынан,
Хан, инақ тисин қайрады.
Хабарланды Гүлайым қыз,
Олардың сырын аңлады,
Толтырды жигирма жасты,
Лақабы әлемге асты,
Көрген жанды сусы басты,
Хан, патшаны көзге илмей,
Кеўли дәрьядай тасты,
Ашық болып жигитлер,
Баталмай арыдан кашты.
Белине кәмар орады,
Жаўған қардай борады,
Карсы турған нешшеге,
Қурт ойынын салады,
Атасыны шақырып,
Гүлайымдай перийзат,
Ықтыярын сорады,
Гүлайымдай перийзат,
Не деп гүррин урады:

— Мен жылайман бир кудайға зар-зар,
Байкап көрсем алды-артымда заман тар,
Қызыңа таламан халықтың бәри,
Таланға түсермен деген кәўпим бар.

Ат көтермес адамгерлик нышаным,
Ғапыллықта ишке толар пушманым,
Ерте бастан, ата, алдын алмасаң,
Алдымда көп аўзын ашқан душпаным.

Нәзер ет, атажан, кеўлимде шерге,
Тил тийдирме, ата, мен гүнакерге,
Қызыңызда батырлықтан нышан бар,
Малға қызып, сен мени байға берме.

Ишимде кетпесин толы намыс-ар,
Қундағымда еренлер еткенди назар,
Ата, мени малға сатып хорлама,
Жеделленсем қап тауындай күшим бар.

Малға сатып мени гүнакар болма,
Атам болсаң еркимди бер қолыма,
Тилегимди қабыл етиң, жан ата,
Бир ғайрат салайын азатлық жолға.

Келтирмегил, ата, намыс-арымды,
Қырқ шилтен қоллады кәспи-кәримди,
Халқым ушын бир ғайратым саламан,
Өзиме бер, ата, ықтыярымды.

Сауыт кийип, белге садақ байласам,
Шәмен болып халық ишинде сайрасам,
Таң қалғандай тулпар минип астыма,
Халықтың жауын дүркиретип айдасам.

Уайранлап талқыласам жердиң алабын,
Дүркиретип айдап халықтың жауларын,
Қыйын жерде ханлар менен қарысып,
Жау жеңгеймен - мақсет пенен талабым.

Қәтелескен жерим болса қайтайын,
Қуаныш гүзарын мен молайтайын,
Қыйын жерден жаушы келсе қызыңа,
Хабар бер, қалыңын өзим айтайын.

Ядына соны салайын,
Жолында қорған болайын,
Екинши бир мақсетим,
Атажан, сеннен сорайын.

Кетпесин қолдан намыс-ар,
Батырлық бизиң белли кәр,
Аңлайсыз ба, жан ата,
Қызыңа жети журт қардар.

Биринширден, тилегим,
Қызыңа қарыу-жарақ дәркар,
Жолым узақ, мәнзил жырақ,
Қарсы жау етпесин қарап,
Күн шағылысқан кескир қырақ,
Лақабыма ылайықлы,
Әнжамлап бер қарыу-жарақ.

Ылайықлы сарыжайға,
Қарсы жаудан қорғанарға,
Батырлардың шын әсбабы,
Керек шарайна, дуулыға.
Сөзимнен шықпасам ялған,
Батырлық ертеден қалған,
Қыйын жерге қорғанарға,

Бизге дәркар беллик қалқан.
Сол болмаса жүдә қәуип,
Қарсыласар қайтпай шауып,
Қаусырмалы сәккиз бәнтли,
Тапып бер бадана сауыт.

Ҳазарынан қолың талмас,
Дарыған жерде жан қалмас,
Қызыңызға жүдә дәркар,
Туткасы дәндан ақ алмас.

Қорғанар қыйынлық жайда,
Излесем дәреги қайда,
Жүдә дәркар қызыңызға,
Уңғысы пәрең ақ найза.

Көп тутынған батыр Қамбар,
Қушакласса белли қандар,
Қолай келсе шалыспаға,
Керек қарға тилли қанжар.

Халайық ушын сиясат,
Әйлейди мәртебеңди зыят,
Жау қуралға ылайықлы,
Тауып берсең бир жүйрик ат.

Әламды шалқып орайын,
Айтқанлар белли ураным,
Әнжамлап берсең соларды,
Атажан, сеннен мурадым.

Жасырмай айтайын, ата, аухалым,
Атажан, қызыңның тилегин алың,
Қулақ салың қызыңыздың сөзине,
Үшинши тилегим және сауалым.

Жүдә қыйын, көрсем алдымды барлап,
Душпанды жығарман сөз бенен қарнап,
Қорған қылып Саратаудай атауға,
Қала салдырып бер атыма арнап.

Ҳәр бир журттан шебер уста алдырсам,
Душпанымның ишин отқа жандырсам,
Қорған етип Қаратаудың бауырын,
Атыма ылайық қала салдырсам.

Дәруазасын арайыслап сайласам,
Алдына айтыулы тулпар байласам,
Атыма ылайық қала салдырып,
Еркин жасап, түрли ойын ойнасам.

Көмек берсең қайтарғандай мен жауды,
Ықлас еттим дүнья гезип жайлауды,
Ата, сеннен бир әрмансыз болайын,
Бағыш етсең Сарқоп деген атауды.

Мақсетимди айттым, атым Гүлайым,
Сүйген досларымның басын қурайын,
Қызыңның атына қала салдырсаң,
Атажан, елимди жаўдан қорғайын.

Мына сөзди еситип,
Буўрабайдай атасы,
Не болғанын билмеди,
Буўырқанып, буўсанып,
Денесин ашыў кернеди,
Оттай жайнап көзлери,
Тынып жерди көрмеди,
Ашыў қаплап денесин,
Ақылға жол бермеди,
Өзин-өзи басалмай,
Арақ-арақ терледи,
Перзентиниң сөзине,
Кеўил бөлип ермеди,
Гүлайымның сөзлери,
Қулағына кирмеди,
Аш жолбарыстай ақырып,
Буўрабай турып сөйледи:

— Тарийхта жоқ сөз айтып,
Басыма салдың уўайым,
Ырас болса сөзлериң,
Қайғы салды-аў қудайым.
Жағаласып айқасып,
Алдың атаңның айын,
Туўмай кеткир, терис туўғыр,
Салдың дуньяның ғайын,
Ырас болса сол сөзиң,
Кетти мениң қолайым,
Сөзлериңниң салмағы,
Жаман батты Гүлайым,
Тилим, аўзым болғай таска,
Жалғыз едиң, шырағым,
Тайын болғай үлес пайың.
Ойлап ақыл тапқанбекен?
Ойлап мылтық атқанбекен?
Талап қылып алыс жолға,
Ол заманнан бул заманға,
Нашар атлар шапқанбекен?
Қанатлы менен қағысып,
Туяқлы менен тарысып,
Ханлар менен қарсыласып,
Қатын дәлил айтқанбекен?
Халайық сөзине аўып,
Қурал, найза ақыл таўып,
Халықтың абыройын жаўып,
Қатын жаў қайтарғанбекен?
Кеўил жиберме ондайға,
Динди бузып шаппа айға,
Халық ишинде ермек болып,
Шерменде болма қудайға.

Бул дүньяға келип ем,
Мүтәж қылды зүрриятқа,
Мендей ғәрип атаңды,
Салдың ғаўлап жанған отқа.
Толы журтты күлдирип,
Қалдырар болдың уятқа,
Туўмай кеткир, перзентим,
Тоқсан туўар мал әперип,
Жеткермедиң муратқа.
Кеўлиңе жаман ой алма,
Халыққа шерменде болма,
Шайтанның соқпағына салып,
Атаңды дозаққа салма.

Мына сөзди еситип,
Гүлайымдай перийзат,
Қәҳәрленип сөйлейди,
Сазан балықтай туўлап,
Хаслы нашар демесең,
Ақылы бар мыңнан зыят,
Атасына ақырды,
Қуйқа түклери жуўлап:

— Ондай сөзди сөйлеме,
Ол сөзлериң қатты уят,
Аңламайсаң бағыңды,
Табылмас мендей зүрият.

Өссе мениң абыройым,
Солды мақсетли мурат,
Қарғаса қудай бендесин,
Дүньядан өтер биймурат.

Арқасында қызыңның,
Қарсы жаўыңды қыйрат,
Изине ерип қызыңның,
Дүньяда мақсетиңди орнат.

Сөз мәнисин тексерип,
Барлық мағызын қурап,
Саўалым бар, сорайман,
Мәнисин таўып бер жуўап.

Төрт тәрепке бақлап қарап,
Мерекеде ишип шарап,
Китап мәселеден сорап,
Сөзге қулақ салмадың ба?

Хабар сезбей хеш парықтан,
Хал сорамай аш-арықтан,
Жол-жоба көрип тарийхтан,
Өткенлерди аңбадың ба?

Әдалатлы журты абат,
Тегин еткен қантыў-набат,

Самның қызы Тәрмар набат,
Халыққа қорған болмады ма?

Мысырды сорап Балхия,
Китап айткан Шахрухия,
Теңге қағып Анафия,
Аты машғул болмады ма?

Қарсылық қылған хан, патша,
Ғайрат салды елге қанша,
Ат шаўып өтти Айпарша,
Халыққа машғул болмады ма?

Жер жүзине аты мәлим,
Нешше ханға берген тәлим,
Журт сорап Төребек ханум,
Халыққа мәлим болмады ма?

Алға басып талабым,
Қарсыға тийгей тоқпағым,
Қызыр баба жылаўлап,
Ашылғайсаң сокпағым.
Жарамас сөзлерди айтып,
Байлама, ата, бағымды,
Ашыўымды келтирип,
Аштырма сөз булағымды.
Жақпайтуғын сөз айтып,
Сарсылдырма қулағымды,
Жылаўыма асылып,
Тойтарманыз шабытымды.
Қайғы-ғамды ылақтыр,
Тайынла алтын тағымды,
Пәтия бер қызына,
Көриң қара-ағымды.
Әрманым жоқ ат шаўып,
Өткерсем қыз шағымды,
Жылаўыма асылып,
Өсирме кеўил дағымды.
Қара шалып бағыма,
Бийкар өткерме ўағымды.
Қызыңызға таярла,
Жүйрик тулпар атыңды.
Жақпайтуғын сөз айтып,
Қайтарманыз пәтимди,
Ойлап көрсең, атажан,
Мен көзинде қырағыңды.
Узақ жолға шаппаға,
Шаршамас пырағыңды,
Исимди шебине таўлап,
Қырсықтырма талабымды,
Қызым дийип кеўил берсең,
Таярла ат-жарағымды.

Әлқысса, оны еситип,
Буўрабай деген байыңыз,
Өксип-өксип жылады,
Не болғанын билалмай,
Көзде жасын булады,
Бай дәлилден утылып,
Ақша жүзи солады,
Сөз айтыўға баталмай,
Иши дәртке толады,
Онда-мунда теңселип,
Ақылы хайран болады,
Қызына қарап Буўрабай,
Мынадай етип толғады:

— Ашылған гүлдей солайын,
Жалынсам да зар жылап,
Таптырмадың қолайын,
Қабыл алдым сөзиңди,
Жалғыз қызым Гүлайым,
Ықтыярым сеники,
Ҳәмирине қайыл болайын.
Ақылым болды мениң лал,
Көп екен сенде қыйлы қал,
Әрманымды мен айтайын,
Сөзлериме қулақ сал.
Қара таўды жайлаған,
Тоғыз түлик мал айдаған,
Мыңнан тулпар байлаған,
Лақабым халықты жайлаған,
Мен атақлы бай едим,
Не керегим табылған,
Төрт түлигим сай едим,
Ежеспеге келгенде,
Мың кисиге тай едим,
Қастым тиккен жериме,
Жүдә пейли тар едим,
Қарсыласқан жериме,
Қайтпайтуғын нар едим,
Бир тырнақтың жоғынан,
Қара жуман тай едим,
Қыз да болсаң қуўатым,
Саған кеўлим жай едим,
Тилек тилеп жақын-жатым,
Қап таўындай еди пәтим,
Бир тырнаққа өтпейди,
Атаң тулып, алтыным,
Бир тырнаққа нийетлеп,
Алып едим алты қатын.
Тилегим қабыл болмады,
Қылған исим оңбады,
Алты арыў қушақлап,
Алпыс жасым толғанша,
Бир нышаным болмады.
Дәўлети-ығбалыма қарап,
Бир қудадан перзент сорап,
Батыр балам болар деп,
Жыйнаған едим жаў-жарақ.
Қуўаныш кеўлим аттай шаўып,
Жақсы нийет мақсет таўып,
Батыр уллы боларман деп,

Токлытым бадана саўыт.
Егиз зәлел менен пайда,
Алтын, гүмис көпдур байда,
Жақсылықты ядыма алып,
Соқтырдым пәрени найза.
Арнап соқтырдым алтын ер,
Түрин көргенлер тулпар дер,
Батыр балам минер деп,
Еки мың жылқыдан таңлап,
Бақтырдым суўсар Қарагер.
Мақсет пенен бағышлап,
Сыншыларға таптырдым,
Ер-абзалын қуймалап,
Алтын-гүмис шаптырдым,
Узақ жолға талмасын деп,
Жылында алты ай кәстерлеп,
Мүженеге бақтырдым,
Көзленер деп күтинип,
Қасасыл дуўа тақтырдым,
Көрсетпедим жақын-жатқа,
Мақсет пенен бақтырып,
Жетирдим он еки жасқа.
Ул туўар деп бағып ем,
Жете алмадым мұратқа,
Барлығына ийе бол,
Жеткерер сени мақсетке.
Атаның малы мийрасты,
Изинде қалған зүриятқа,
Көргенде кеўлим тасарым,
Барғанда есик ашарым,
Ат-абзалына ийе бол,
Улдан зыят қайсарым.
Шепке кеткен исимди,
Айналдырдың оңына,
Әшиямды тапсырдым,
Шырағым, өз қолыңа.
Қутлы болсын, шырағым,
Бес қурал менен Қарагер,
Бағышладым жолыңа.

Тәселле берип өзине,
Жас толып еки көзине,
Саркоптан қала салыўға,
Керек затларын алыўға,
Буўрабайдай байыңыз,
Урықсат қылды қызына:

— Алтыннан болсын тарағың,
Дәрманым сенсең қарағым,
Бағышладым жолыңа,
Бес қурал менен жарағын.
Ырас болса айтқаның,
Алла берсин дадыңды,
Усы болса шабысың,
Жаман көрдим пәтиңди,
Жылаўыңда қарысын,
Мин Қарагер атыңды,
Жақын болсын узақ қыя,
Мехнетиң болмағай зая.
Қол көтерип атасы,
Қызына берди пәтия:
— Мен жолыңа аямай,
Бағыш еттим барымды,
Ашық болсын талайың,
Душпаннан ал арыңды,
Қызым саған урықсат,
Исле мақсет кәриңди,
Халқыңа мақсетиң орнат,
Жаў-қуралын асынып,
Астыңа мин жүйрик ат.
Саркоптан қала салыўға,
Қызына етти урықсат.

Әлқысса, соңда Гүлайым,
Қолаң шашын түйеди,
Бадана көзли ақ саўыт,
Оң ийнинен кийеди,
Көкиректиң ақлығы,
Қызына дуўа тийеди,
Қаршығадай қағынып,
Атқа қарғып минеди,
Азар келип қол талмас,
Дарыған жерде жан қалмас,
Алмасты белге иледи,
Аттың басын оңғарып,
Гүлайымдай перийзат,
Алдына қарай дөнеди.
Қара таўды жағалай,
Баса қонған ел еди,
Гүлайымның жеделин,
Барлық халқы биледи,
Гүлайымдай перийзат,
Өз күшине сенеди,
Айдағанда Қарагер,
Қустай көкке енеди,
Бир нешелер қуўанып,
Бир қаншалар күледи.
Қайғы етпей дүнья-малдан,
Белли рухсатын алған,
Қарагер атын ойнатып,
Гүлайымдай перийзат,
Елатын етти тас-талқан.
Шуғыл сөзге ермеди,
Атасына ерк бермеди,
Аш жолбарыстай шабынап,
Денесин күш кернеди,
Атағынан сескенип,
Ханды көзге илмеди.
Жүз басы менен найыбын,
Шопаныңдай көрмеди,
Азатлыққа жол излеп,
Тил менен қылыш сермеди.

Душпанның тилин алмады,
Сөзине қулақ салмады,
Жалынса да не беглер,
Хызметине бармады,
Ерси-ерси ис қылып,
Билгенинен қалмады,
Сәрдарлардың жүрегин,
Өткир көз бенен қармады,
Азатлықтың жолына,
Барлық күшин арнады.
Хат жоллады биразға,
Пикири алысқан сазға,
Мақсетлеп жағымлы жазға,
Сатылған қызлар келиң деп,
Салды халыққа дағаза.
Бир қыялды ойлады,
Батырға өзин сайлады,
Белине садақ байлады,
Қыйынға өзин жайлады,
Ақыл берип жарлыға,
Бүлбилдей тили сайрады,
Қырын қарап бәрхама,
Ханға тисин қайрады,
Аты шыққан қызды сорап,
Еллерди тинтип барлады.
Шыбын жанын қыйнады,
Жас қызларды нәсиятлап,
Қызыл тилин тыймады,
Ҳаллас урып жүреги,
Қанасына сыймады.
Жансыз жоллап халықтан,
Малға ерксиз сатылған,
Айы мезгилсиз батқан,
Әрманлы қызды жыйнады,
Сатылған қызлар қуралып,
Әтирапына сыймады.
Ат шапқан майдан тақыры,
Өсек айтып лап урды,
Дәртли болсаң кел дейип,
Қапталына шақырды,
Белине садақ орады,
Жаўған қардай борады,
Тай келгендей өзине,
Қырық қыздың басын қурады.
Сарыжайын оқлады,
Азатлық заманды жоқлады,
Аш-арықтың балларын,
Әтирапына топлады.
Қыйынға өзин арнады,
Байлардың бетин тырнады.
Ханды көрсе қырынлап,
Ықлас пенен ат салып,
Аштың жырын жырлады.
Ықлас пенен тақ турды,
Тум-тусқа атты шаптырды,
Не әрманлы қызларды,
Жоқ жеринен таптырды.
Қарагер аты астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Әйне жигирма жасында,
Басына ерки жетпеген,
Қырық қыз келди қасына.
Байдың өкпесин басады,
Талқан етип елатын,
Қырық қыздың басын қосады,
Азатлықтың жолы деп,
Гүлайым қайнап йошады.
Ханлар менен қас болып,
Жылаған менен дос болып,
Түрли ақыл табады,
Гүлайым сулыў бас болып,
Қара шашын тарады,
Қырық қызын ертип Гүлайым,
Сары атаўға барады.
Не тамаша жумысқа,
Қызлардың бети қарады.
Киристи жедел қарыўға,
Абат болды қаласы,
Сулыў менен арыўға,
Мақсет қылды Гүлайым,
Сары атаўдың бойына,
Атына қала салыўға.
Халықты хабарландырды,
Адам арнап халықтан,
Шебер уста алдырды,
Атын атап «Қырық қыз» деп,
Гүлайымдай перийзат,
Атына қала салдырды.
Көргенди қайыл қалдырды,
Душпанның ишин жандырды,
Айтқанына көнбеген,
Нешшени естен тандырды.
Шийрин жанын қыйнады,
Жылаған көрсе сыйлады,
Халық ишинде атақлы,
Уста қоймай жыйнады.
Басын жыйнап устаның,
Гүлайым хызмет буйырды,
Қырық қызына бас болып,
Зәребесин үйирди.
Пақшаларын оймалап,
Ақ шойыннан қуйдырды,
Тас гербиш пенен лалыны,
Қырман менен үйдирди,
Басын қурап қырық қызды,
Дәлилине турғызды.
Өрнек болып халыққа,
Көрмегенин көргизди,
Тамашалы жол баслап,
Тәртибине жүргизди,
Бенде болған қызларға,
Шаллы дәўран сүргизди.

Қаласының қорғанын,
Он аршыннан ойғызды,
Абат болсын аш-арық деп,
Топарлап мал сойғызды,
Гүлайым сәрдар бас болып,
Сапасын истиң жүргизди,
Сиясатлап көргенди,
Жумысын алға ендирди.
Қыңыр менен бузықты,
Маман қылып көндирди,
Талқан етип үстинде,
Қарагер атын желгизди,
Дәрўазаның жақлаўын,
Шын полаттан қуйғызды,
Маңлайшасын оймалап,
Мәрўерт тастан қойғызды,
Бийиклиги жүз аршын,
Пақшалары жети аршын,
Тас гербиштен өргизди,
Он мың адам жай болар,
Иргесин кеңнен қурғызды,
Саратаў деген даладан,
«Қырық қыз» деп қала турғызды,
Қарғалығын қанатлап,
Жуп шамшырақ қойғызды,
Келбети оның соңындай,
Таң қалдырды көрген көзди,
«Қырық қыз» деп оның лақабын,
Алдына сәне қойғызды,
Кемис жерин, кәтесин,
Арайыслап жоңғызды,
Гүлайым деп алдына,
Алтыннан атын ойғызды.
Төрт ҳәддине қаланың,
Әткеншекти қурғызды.

Әлқисса, атасы Буўрабай,
Сексенге шығып ҳарыды,
Жасы жетти, қарыды,
Аттың жалын таллап өрди,
Боз орданың артын түрди,
Сәрсенби күни сәҳәрде,
Жатыр еди ордада,
Бир әжайып түс көрди.
Түсинен қатты сескенди,
Ядынан сирә қалмады,
Қариялардың басын қурап айтыўға,
Ҳеш бир батылы бармады,
Көрген түсинин бағдары,
Иши баўырын қарнады,
Тәўекел қызын шақырып,
Көрген түсин баянлап,
Атасы турып толғады:

— Атымның басын тартайын,
Кәтеге кетсем қайтайын,
Әрман, шерим молайтайын,
Айып көрме, перзентим,
Түсимди саған айтайын.
Тереңнен алып ойлайын,
Душпан алар ма қолайым,
Әжептәўир түс көрдим,
Қулағың салың Гүлайым.
Солмекен әзелде кәўил,
Әйне сәске ўағында,
Қубладан ести бир даўыл,
Елимди тегис қыйратты,
От тийгендей болды аўыл,
Бул не болар жалғызым?
Тенселдирди қара жерди,
Оған дуўшар қылмағай,
Халық әйлеген гүнақарды,
Тенселдирди аяғым,
Қолымда бар тал таяғым,
Жүр екенмен мал қайтарып,
Қарсылап шықты алдымнан,
Баўыры шубар ала шер.
Айбат шегип ақырды,
Жүрген жерим тақырды,
Қашыўға имкан болмады,
Қақ басымнан жалмады,
Бул не болар, жалғызым?
Қатара питкен ақ сөкит,
Шабынып жан-жаққа өтип,
Тур екенмен абайсыз,
Ғайыптан келди аш бүркит,
Тайдырмады табаным,
Бермеди, заңғар, ҳамалым,
Асылсам күшим жетпеди,
Өтти басымнан заманым,
Бул не болар жалғызым?
Жаздың сары күни екен,
Миндим Қара жалымды,
Қақ жарып қыя қалыңды,
Аралап көлде жүр едим,
Тоғыз түлик малымды.
Тилеги жәнжелмен урыс,
Қанаты желли, кеўли хош,
Сарқып келди қубладан,
Қанаты қулаш Қара қус.
Айбынбастан нәзер салды,
Қаст әйледи шыбын жанды,
Айқассам күшим жетпеди,
Ерксиз төкти қызыл қанды,
Қақ басымнан пәнже урды,
Қыямет базарын қурды,
Заманамды қуўырды,
Жалынсам тилим алмады,
Гейдемнен басып омырды,
Бул не болар, жалғызым?
Гүмбирлесип дағы-дашы,
Мысал көзи жанған паныс,
Арба көкирек, билек арыс,

Қарсы алдымнан дус келди,
Куткармады бир аш жолбарыс.
Мүшкил болды мениң ҳалым,
Улы-шуў болды кара малым,
Айкассам күшим жетпеди,
Елди ўайран етти залым,
Бул не болар, жалғызым?
Өтти басымнан заманым,
Түсти қаранғы думаным,
Қаранғыда туншығып,
Көринди өлим бийгуман,
Бул не болар, жалғызым?

Әлқысса бул сөзди еситип Гүлайым, атасына алдында болажақ ислерди айтып, алдын болжап, бир қаншасын арнап, атасына қарап не айтады екен толғап:

— Халық әйлеген болғай, ата, сизге яр,
Қызыңыздың жети журтқа даңқы бар,
Ақыбети не боларын билмеймен,
Небир душпанларым сыртымнан қардар.

Ҳеш бир жерге сөзи өтпейди каллаш,
Бир нешшениң сыртымыздан бағры даш,
Билмей турман ақыр жағын, не болур,
Қызың ушың ҳәрким сыртыңнан талас.

Дабылың ҳәр жаққа түскен сиз байсыз,
Ойласаң, душпаның есапсыз, сансыз,
Ойлап көрсең, бурынғыдан қалған жол,
Қызы бардың басы болмас ғаўғасыз.

Алдында көринди кайғылы заман,
Байланбағайдағы аққан бул саған,
Ақыбети не боларын билмеймен,
Қызың ушын сансыз қалмақ таламан.

Ишиме сыймай тур мениң пушманым,
Аңладым душпаным сырым ашқанын,
Ақыбети не боларын билмеймен,
Ата, сениң досыңнан көп душпаның.

Аңламай турыппан қарасын, ағын,
Ашкай халық әйлеген қызыңның бағын,
Үш жыл болды калмақ бизге таламан,
Қызыңды алыў максет билен талабы.

Басы, аяғын жыйнап құрады басын,
Ғамланып жыйнады урарлық тасын,
Таярланып бизиң елге шабыўға,
Мәкан басты Аштарханның жағасын.

Күшин жыйнап алды-артыңнан орады,
Аўҳалыңды ҳәр бир жерден сорады,
Таярланып бизге Елексан қалмақ,
Күшин жәмлеп бәри басын қурады.

Күшлери өркенлеп ҳәддинен асты,
Мусылман әўладын саўлаты басты,
Жети жылдан бери қуралын жыйнап,
Максет пен мурады - қызыңда касты.

Бизиң ушын тәнде бағры кәбапты,
Ҳеш бир жерден табалмай жүр себепти,
Шын максети - бизиң елди қыйратыў,
Елексан хан күни-түни ат шапты.

Көринеди қыйыры жоқ ала шаң,
Қызыңның лақабы жетти журтқа даң,
Еки жылдан саўаш майданы қызып,
Үстиңиз болады үлкен топалаң.

Сарлап ағар қызыл қанның дәрьясы,
Ойран болар дин мусылман қаласы,
Аш жолбарыс жалмаса сениң басыңды,
Сарсаңлыққа салар қалмақ патшасы.

Аққан сағанды байлағаны,
Елине жаў айдағаны,
Арқаңнан ескен қатты жел,
Қалмақ елинди жайлағаны,
Даўыл соғып қыйратса,
Басшыларыңды өлтирип,
Жаўдан елиң қыйрағаны.
Мал қайтарып жүргенде,
Қарсылап шыққан ала шер,
Елександай залымның,
Сени ийтше талағаны.
Ойран етип залым шүршит,
Ғайыптан келген аш бүркит,
Залым жаўдың айбаты.
Күўырылса заманың,
Басыңа түскен думаның,
Арадан өтер еки жыл,
Бузылар тыныш жатқан ел,
Қубладан ескен қатты жел,
Қалмақлардың айбаты.
Сөзлеримнен шықпас ялған,
Басып турған сени солдур,
Ким өледи, ким қалады, билмеймен,
Жериңде сел болар халықтың ханы.
Қайғыланба, атажан,
Ислей бер максетли кәриң,
Көринип тур саңлағы,
Душпан төгер намыс-арың,
Мен аңладым, жан ата,
Алдыңызда не боларын.
Тисин қайрап залым калмақ,
Тарткан бир нешениң зарын,
Еки жылдан калмақ келип,

Ойран етер мүлки-малын,
Халық әйлеген оңғармаса,
Аңлап турман жолың тарын,
Арын кетпес душпанында,
Қуўат берсе қара нарын,
Жолында қылыш шапарман мен,
Бийзар әйлеп тәңде барым,
Ар жолында жаннан кешиў,
Мақсетим менен талабым,
Хаўлықпаңыз, қорқпаңыз,
Саў болсын мендей сәрдарың,
Қызың ушын хәр жерде,
Кепти сениң қандарың,
Түс - түлкиниң боғы деген,
Сөзи бар ата-бабаның,
Жүрегиме түсирме,
Жаханның қайғы-салдарын,
Ядыңызға түсирмен,
Жаханның суўық хабарын,
Мен тегислеп жол саларман,
Небир аспа бийик жарын,
Ғайрат етип бузарман,
Шар түспеген қалың қарын,
Елди бүлдирип шуўлатқан,
Көрмегеймен мен хазарын,
Жаўдан қайтып саспа жүрек,
Көрермиз тәғдир жазғанын,
Тыңламаспан иншалла,
Қарап мойнын созғанын,
Опат қылып сындырарман,
Таслаған илгир қармағын,
Хәр бир жерде сеземен,
Симсиклердиң айғағын,
Бир айқасып көрсем деп,
Мудам тислеўли бармағым.

Яманның сырын ашайық,
Қәте жерин таслайық,
Енди сөзди, досларым,
Гүлайымнан баслайық.
Жылағанды күлгизди,
Халқына дабыл таратты,
Жыйнатып қайтпас полатты,
Қорғанын тезден питсин деп,
Атасынын малынын,
Еки есесин жаратты,
Қаласына Гүлайым,
Көргенди ерксиз қаратты,
Халайықтың жолына,
Берди күшли дәраматты,
Халықтың тилегин тилеп,
Берди күшлер, кәраматты,
Жөн билмеген наданлар,
Жапты бираз гәраматты,
Керегин халқы жыйдырды,
Шын дослығын билдирди.

Тайынлатып керегин,
Хәдден зыят үйдирди.
Күтинип душпанның ғайын,
Таярлап қуралы-шайын,
Питкерип «Қырық қыз» қаланы,
Жетти мақсетке Гүлайым.
Тайынды бәрше жақын-жат,
Айтты қызларға рахмет,
Орынланып хәмири халқынан,
Тийди иске шарапат,
Қырық қызын ертип изине,
Гүлайым қурды салтанат.
Ойланып исти ядынан,
Қаласының әтирапынан,
Бағманларды жыйдырып,
Тарттырады қыяман,
Жәрдем берди хәр адам,
Гүл бақшалар еккизди,
Таққа турып көп бағман,
Гүл бағшалар көгерип,
Жетиледи ай-айдан,
Әне-мине дегенше,
Үш жыл өтти арадан,
Әтирапы бағ болып,
Қаласы болды абадан,
Бағларының арасы,
Болды неше сарайман,
Бағы-бақшасы жетилип,
Шәхәри толды миййуадан,
Не кереги табылып,
Тум-тустан бүлбил сайраған,
Бахыт қонып басына,
Абат болды кең майдан.
Ашылды бағдың лаласы,
Аллаға жетти наласы,
Не керегиң тапылып,
Атанды «Қырық қыз» қаласы,
Бөденелер сайрасып,
Күлисти халықтың баласы,
Ойлап тапқан Гүлайым,
Адамзаттың данасы,
Ырғалысып Миййуалының,
Әламға түсти шоласы.
Келди тумлы-тустан адам,
Қорқып қашты неше ладан,
Атанып «Қырық қыз» қаласы,
Айтарлық болды абадан.
Қырағылық етти жастан,
Аты жүйрик ушқан қустан,
Миййуа писип, гүл ашылып,
«Қырық қыз» болды бағы бостан.
Ойын-күлки, күнде базар,
Жәбри-зулым жоқ, бийхазар,
Бүлбил қуслар сайраған,
Қаласы болды лалазар.
Тарттырып нешшеге зарын,

A'jiniyaz atindag'i' N...
Informaciyali'q resurs ...
INVENTAR № 106 2...
«___» ________ 20

Қоллап гедейдиң уранын,
Қырық қызына таярлады,
Аты әсбап, жаў-қуралын.
Тум-тусқа бедеў байлады,
Батырлық қурал сайлады,
Тәртип берип қызларына,
Бағында ойын ойнады.
Қапалы кеўлин хошлады,
Таныды душпан, досларын,
Батырлық өнер үйретип,
Бағында өнер баслады.
Хәр түрли кәрин үлетти,
Қылыш алып шабысып,
Батырлық өнер үйретти,
Қарсыласып, айқасып,
Жаўға найза түйретти.
Оқып саўатларын ашты,
Жақынлатты алысты,
Пәрени найза қолға алып,
Майданда атлар шабысты.
Кем-кем өнерлери асып,
Бири қуўып, бири қашып,
Өзин-өзи шынықтырды,
Бир-бирине найза басып.
Жаў қуралларын жыйдырды,
Мақсетин халыққа сыйдырды,
Батыр қылып қырық қызды,
Бадана саўыт кийдирди.
Болағойса қыйын заман,
Үйретти оқ атпақ хамал,
Шынықтырып қырық қызды,
Оқ атыўға етти маман.
Талқан етип атлар шаўып,
Хәр түринен өнер таўып,
Қызларына кийиндирди,
Ақ гиреўке, тилла саўыт.
Кеўили әламды жайлады,
Белине садақ байлады,
Батыр қылып қырық қызды,
Қарсы жаўға таярлады.
Ат шабысты бәлент таўға,
Излегени жәнжел, ғаўға,
Маман етти қырық қызларын,
Атысыўға, шабысыўға.
Әлқысса, алдым болжайын,
Жаўдан елимди қорғайын деп,
Қырық қызына бас болып,
Атланды батыр Гүлайым.
Гәўҳарлар шашып бет алды,
Душпан тутып патша, ханды,
Азат жолын ашыў ушын,
Гүлайым сулыў атланды.
Талан етти намыс-арын,
Мақсет қылып қардарын,
Гүлайым сулыў атланып,
Аралады жердиң бәрин.

Айналғай исим оңына,
Қырық қызды ертип соңына,
Басын қурбан етеди,
Халайықтың жолына.
Жарасқан соналы ғазлар,
Ат, әсбап, қуралы сазлар,
Көргенлерди таңландырды,
Гилең жаңа өспирим қызлар.
Мәртлик пенен белин байлап,
Астында бедеўлери ойнап,
Билиў ушын дос-душпанын,
Киятыр елди аралап.
Хеш кимде жоқдур шатағы,
Гилең он сәккиздиң шағы,
Гүл-гүл жайнап ийнинде,
Додағы менен шашағы.
Бедеўлери қустай ушар,
Жүзин көрген қайнап йошар,
Қуўанысып бир жасайды,
Қарсыласып болған дуўшар.
Еситкен хәўес атына,
Көрген жетер мурадына,
Көп душпанлар естен танар,
Қолда жәўхар полатына.
Жигиттиң тилегин алмай,
Ханлар менен хәмдам болмай,
Ат басындай әрманы,
Кеўлиндеги табылмай.
Ақыл шығар деген жастан,
Жәрдем жетти ярыў-достан,
Лақабыны еситкенлер,
Айбатынан қатты сасқан.
Бәлент таўдың басы ғаўдан,
Жүреги өскин Қара таўдан,
Қарай ғойса бети алды,
Қайтағоймас қырық мың жаўдан.
Хәр қайсысы хәр урыўдан,
Ўатан ушын жаны қурбан,
Қарсы келсе тай келалмас,
Буның менен отыз мың жан.
Дабылы ен жайып өсти,
Талайдың өкпесин осты,
Қарсы жаў менен атысқанда,
Түтинлерге түтин қосты.
Түрли жаққа қолын созды,
Жаманлардың жолын бузды,
Услап желкелерин қыйды,
Уры менен ала көзди.
Ханларға қарсы оқ атты,
Гедейдиң тобын қуўантты,
Бай, ийшанға үстем болып,
Есигинде ат ойнатты.
Аралап жәнлер сорасты,
Иштен тексерип сыр ашты,
Сөйлеткеннен айырды,
Өтирик пенен ырасты.

Яманлардың гөрин казды,
Менмен менен болмай сазы,
Нәсият айтып дүзетти,
Әзели қыйсық бирazды.
Қарагер аты астында,
Қыйғыр алмасы дәстинде,
Елди тинтип киятыр,
Шуғыллардың қастында.
Кисиниң ҳаққын алғанның,
Дәпинип үстем болғанның,
Тухымын қуртып сап етти,
Қылап пенен ялғанның.
Әламды шалқып орады,
Жәбиркештен ҳал сорады,
Зорлық көрип жылаған,
Қаллаштың басын қурады.
Қурылды далаға шатыр,
Гүлайым деген қас батыр,
Ойлап көриң, яранлар,
Иси нәтийже аңлатар.
Жолығысты үлкен данға,
Азар бермес шыбын жанға,
Гүлайым деген дабылы,
Машқул болды Ўайсын ханға.
Жаў қурал менен сайланып,
Саўашларға қолайланып,
Қырық қыз деген дабылы,
Кетти дүньяны айналып.
Халықтың тилеги қабылды,
Бес қуралын тағынды,
Машқул болды дүньяға,
Гүлайым деген дабылы.
Қатарынан аты озды,
Тумлы-тусқа қолын созды,
Гүлайымдай батырды,
Аңлады дүньяның жүзи.
Халықтың қурышын қандырды,
Ханлардың ишин жандырды,
Ел бузыўшы саяқты,
Ақыл-естен тандырды.
Талқан етти дағы-дашты,
Жас жигитлер кеўли тасты,
Салтанатын көрген душпан,
Сүли-сатын таслап қашты.
Жолын изледи анықтың,
Ғамы ушын аш халықтың,
Тухымын қуртыў мақсети,
Нағайбыл менен қылаптың.
Билиў ушын пейли тарды,
Қулатпақшы қанлы дарды,
Услап алып жоқ қылыўшы,
Таўып уры менен ғарды.
Азатлық деп ат шабысқан,
Гилең жас қыз сүмбил шашлы,
Азатлыққа жоллар ашты,
Қурбан қылды ессиз лашты,

Хан, патшаға қарсы турып,
Гүлайым қыз атын шапты.
Дос тутты ерлердиң ерин,
Талқан етип ишки сырын,
Түсиндирип жолға салды,
Бет алды қарайған жерин.
Қыйратпақ темир қамалын,
Яр-дос тутып биймәлалын,
Ғайрат салып жас қызлар,
Сағынып еркин заманын.
Душпан тутып патша, ханды,
Ишке толтырып әрманды,
Яр тутыўға Гүлайым қыз,
Табалмады қаҳарманды.
Халықтан керек затын алды,
Аш-жарлыға ылайықлы,
Атырмақшы жарық таңды.
Ашықлық түсип ядына,
Пәрмана болып халқына,
Ашық болып нешше ханлар,
Хат жазды бунын атына.
Қустан жүйрик әреби атлар,
Әттең, заманасы тар,
Азатлық деп ат шабысқан,
Гүлайымның батырлары.
Өткир найза, кескир алмас,
Жаўдан қорқып ҳарып, талмас.
Ат шабысқан гилең жас қыз,
Ғайрат-күши ада болмас.
Бирди жыққан онды жығар,
Түрли хасыл елден шығар,
Зейинине тийгенлерди,
Қазық қылып жерге қағар.
Нешшелер тартып сазасын,
Қуртып елдиң биймазасын,
Жер жүзине жайлатты,
Гүлайым қыз дағазасын.
Еситкен ҳәўес атына,
Илаж табалмай патына,
Дабылын елге жайлатып,
Жетисипти мурадына.
Нешше менен хабар таўып,
Абыройы аттай шаўып,
Гүлайымның лақабына,
Кетти халықтың бәри аўып.
Әлқысса, сөзди еситиң,
Белине кәмар ораған,
Аш бөридей жалақлап,
Жән-жағына қараған,
Хорезмниң қол астын,
Қатты қысып сораған,
Саўал сорап шыбын жаннан,
Әйне сексен жасында,
Сөз еситиң Ўайсын ханнан.
Көзлеринен от шашып,
Тилин кесе шайнаған,

Жеткенлер менен урысып,
Әбден соры кайнаған,
Әйне сексен жасында,
Белине қылыш байлаған,
Аш-жарлыны қорқытып,
Қойдай қылып айдаған,
Уятсыз жүдә кара бет,
Ишсе канға тоймаған,
Мал орнына қумартып,
Адамнан басқа соймаған,
Жарлы менен гедейди,
Қоян киби аўлаған,
Жантасып кетсең қасына,
Бәлеси оттай ғаўлаған,
Тели менен тентектиң,
Қулағын катты таўлаған,
Гедей халқын күнбе-күн,
Хүжим жасап жаўлаған,
Зейнине тийгенди,
Жоңышқадай баўлаған,
Каламулла сөзине,
Хәргиз құлақ салмаған,
Аш-жарлыны адам деп,
Хеш есапқа алмаған,
Аўыз салып тум-тусына,
Еки ийнин жалмаған,
Етип жүрген ислери,
Хеш бир нырққа сыймаған,
Сексен жасына толғанша,
Тартып лепсин тыймаған,
Жүдә гөркаў, лепсикаў,
Ондай залым болмаған.
Гелдеси бар тандырдай,
Сақалы узын салпыйған,
Мурты жайын кармақтай,
Аўзын көрсең лапыйған,
Оғаш-оғаш келбетли,
Кемедей мурны қаңқыйған,
Түр-бейнеси қап-қара,
Маңлайы бар тайпайған,
Сексен жасқа шықса да,
Өзиң жасқа арнаған,
Көбик шашып аўзынан,
Көпек ийттей харлаған,
Есик-төрди көрмейди,
Белине қылыш байлаған,
Сексен жасы толса да,
Нашар деп соры қайнаған,
Нан бергенди қаст етип,
Көп жаманлық ойлаған,
Қайым келсе хәр жерде,
Қызынан да таймаған,
Ойлағаны жаманлық,
Сескенбейди алладан,
Дүнья менен мал көрсе,
Тайынбайды ол ладан,

Толып кайнап қазаны,
Үйине адам тоймаған,
Атың ким деп сорасаң,
Хорезмде Ўайсын хан.
Ашық болып сыртынан,
Гүлайымдай сулыўға,
Мақсетли сөзин арнаған.
Қайта-қайта хат жоллап,
Изинен сирә қалмаған,
Түрин көрсең өртендей,
Билмейди, кудай карғаған,
Гүлайымдай перийзат,
Тилегин қабыл алмаған,
Қайтыўшыға хат жазып,
Гүлайымдай перийзат,
Түрли жуўап торлаған:

— Бул дүньяның соңы пәний,
Ер болсаң жолыңды таны,
Ашық болсаң Гүлайымға,
Қулақ сал Хорезм ханы.

Сөзимнин салмағын ойлан,
Айнымаңыз туўры жолдан,
Қазығыма әкеп байла,
Жүйрик жигирма бес ғунан.

Дүгиссем деп жүдә қуштар,
Соңын ойла, ақыл дослар,
Қазығыма әкеп байла,
Жигирма бес дөнен қошқар.

Ақыл болсаң соңын қайғыр,
Минип шапсаң қурышың қанар,
Қазығыма әкеп байла,
Ер-абзаллы отыз айғыр.

Босаға бәлент бир боз орда,
Жеткергендей мықлы зорға,
Гүлайымға ашық болсаң,
Байласын отыз бес жорға,

Жарасық алтын аршаға,
Бөз тең болмайды паршаға,
Аўға шығып таярласын,
Алғырпаздан қырық қаршыға.

Хәжети табылады мут,
Мәнисин аңлап ядта тут,
Гүлайымға қумар болсаң,
Таярла қырық қыран бүркит.

Алды бәлент, жоллары тар,
Бермеңиз қолдан намыс-ар,
Бизиң ушын таярласын,
Керек елли қара нар.

Бежерилген жолы тахта,
Ылайықлы бизиң баққа,
Қазығыма бек байласын,
Әкелип алтмыш ақта.

Сол айтқанды жыйнап тақла,
Бәрине сал беккем ноқта,
Әкеп соларды байласаң,
Жолыңда биз турмыз таққа.

Аржағында бар ма, жоқ па,
Билсең соның менен тоқта,
Асаўына ноқта салып,
Аржағына бизге оқла.

Мениң қалың малым солды,
Соны тапсаң бахам толды,
Соны әкеп қолға берсең,
Аржағы саған кең жолды.

Халыққа болсын жәрия,
Ойлансын жетик қария,
Соны таплап болғаннан соң,
Аржағына өзиңди арна.

Әлқысса соны айтып Гүлайым,
Халықтан асқан ақыл дана,
Ишлеринен күйип-жана,
Астар байлап сөзлер жазып,
Жәрдем берсин ата-ана,
Түсиндирип дара-дара,
Қалың айтты үш жүз қара,
Гүлайым сөзлерине барбаз байлап,
Хат қайтарды ханға арнап.

Әне, хан ақылгөйлерин жыйнап:

— Гүлайымнан хат келди, оқып бериң халыққа жарлап, — деди.

Диййўаны бүркит пенен қаршығасын, айғыр менен ақтасын, қошқар менен қара нарын оқып берди зарлатып.

Ўайсан хан сонда қуўанды:

— Жәми жүз қараға жетпейди, оның несине қыйналаман. Ерте бастан ойланайын, салтанат тутып барайын, айдап берип қалың малын, сулыў қызға яр болайын, — деп, хәмелдарларын жыйнап, асығыста атланбақ болды. Аш жолбарыстай ақырды, хәмелдарларын шақырды.

Шынтек ўәзир деген ақылгөй гәп мәнисин аңлап, ханға қарап:

— Таксыр, ханым, бир сөзлер бар, айтпаға баталмаймыз, — деди. — Бир қасық қанымыздан кешсең, айтып берейик, — деди.

— Айт, кештим, — деди хан.

— Бул айтқан қалыңы сизге үлкен сын екен, — деди ўәзир. Көринип тур қара, ағы, салыпты кеўлине дағы, таллап-таллап шешсеңиз, мынадай гәптиң тымсалы:

— Өтипти өмириңиз бир талай,
Есаплап көрсем бир мың ай,
Жигирма жаста адамзат,
Секирген тай ғунандай,
Өкиниште өттиң бе,
Сонда пайыңды алалмай,
Деген гәптиң тымсалы.
Кеўлиң мысал ушқан құстай,
Қыз қыдырып күн-түн удай,
Жигирма бесте адамзат,
Қумарытар қошқардай,
Бунда боска өтиппең,
Кеўлиңниң дәрти табылмай,
Деген сөздиң тымсалы.
Тилегиңди берип қудай,
Жуўырып-желер яр деп удай,
Жигирма бес-отызда,
Кеўлиң қыран сұңқардай,
Қайда қалдың сол ўақта,
Құмар-шериң тарқамай,
Деген сөздиң тымсалы.
Қырға, өрге атың шаппай,
Қатарыңа қустай қаппай,
Отыз бесте адамзат,
Ертлеўли айғыр аттай,
Қайда қалдың дегени,
Сол ўақта мийириңиз қанбай,
Деген сөздиң тымсалы.
Жоны толар жедел руҳқа,
Шығады сөзлери нырққа,
Қаршығадай қанат қағып,
Жигит жуўырып-желер қырықта,
Бунда мийриң қанбаған ба,
Деген сөздиң тымсалы.
Кәҳәрленер даўыллы жут,
Жалын шашып бир жанған от,
Қырық бес жаста адамзат,
Мысалы бир қыран бүркит,
Бунда мийириң қанбаған ба,
Деген сөздиң тымсалы.
Тасып толып қайтты кәҳәр,
Саратанмен өтти бәҳәр,
Елли жаста адамзат,
Мысалы жүкли қара нар,
Жасың толды дегени,
Ойласаң сөздиң тымсалы.
Шүкир әйле ығбал баққа,
Нәзер салмаңыз жән-жаққа,

Алпыс жаста адамзат,
Тымсалы бир ақта,
«Шукир ет» деген тымсалы.
Сабыр әйле, токта, токта,
Сораса жетмиш нокта,
Өз-өзиңди ноқталап,
Сыйынсаң бойма бәрхаққа,
Жасың жетписке жетти,
Деген сөздиң тымсалы.
Сораса сексен бес серке,
Сәлле орап басына,
Сыйынсаң бойма бир пирге,
Сексенге шыққан сәрсең,
Басын киреди гөрге,
Деген сөздиң тымсалы.
Аңла, аңла, жолың таны,
Сөзимниң жоқдур жалғаны,
Жасың жетти сексенге,
Маған күшиң жетпейди,
Деген сөздиң тымсалы.
Гүлайымның сөзиниң,
Сол менен тамам болғаны.

Әлқысса, Гүлайым,
Ақылға сондай бай еди,
Көрген жигит дийдарын,
Канша қапа болса да,
Жүдә кеўли жай еди,
Қәдирин шын билгенге,
Мың кисиге тай еди,
Түрин бақлап қарасаң,
Он төрттен туўған ай еди,
Саркоп пенен сыбайлас,
Тәртиби бир, жабы бир,
Шегаралас жер еди,
Гүлайым менен заманлас,
Бир сыбайлас ел еди,
Ашық болып Гүлайымға,
Нешшелер әрман шерледи,
Халық ишинде айрықша,
Аты мәлим сорлы еди,
Халыққа мәлим Сайымбет,
Бириниң аты Әширбай,
Бириниң аты Сарыбай,
Қулбай лаққы дер еди,
Аты мәлим халыққа,
Гүлайымның теңи еди,
Сыры мәлим халыққа,
Қайсарлардың бири еди,
Сулыў көрсе сөз салыў,
Төртеўиниң де кәри еди,
Гүлайымның соңында,
Әўел бастан бар еди,
Яр қылғайман сени деп,
Өлгейлиден қардар еди,
Қупыяда сөйлесиў,
Кеўилинде бар еди,
Бир көрсем деп дийдарын,
Кеше-күндиз зар еди,
Қолайына келтиралмай,
Ат басындай әрман еди,
Гүлайым деп сыйынып,
Сырттан сәўер яр еди,
Биринен бири қызғанып,
Иши толы ар еди,
Мақсетин туўры айталмай,
Айбатынан баталмай,
Гүлайымдай сулыўды,
Бир көрмеге зар еди,
Төртеўиниң әдети,
Толы журтқа жары еди.
Ашық болып Гүлайымға,
Оттай бағры қамылды,
Өзин-өзи барламай,
Сөзлеринен жаңылды,
Атын айтып зар болып,
Аш бууўрадай сабылды,
Үй-жайы жоқ саяқ деп,
Жаман атлар тағылды,
Ел бузыўшы ғар деген,
Қара күйе жағылды,
Сыр билдирмей ашықлар,
Бирин бири аңлыды,
Гүлайым деп ах урып,
Тәўбе қылып табынды,
Жантасалмай қасына,
Сыртта жүрип сағынды.
Кеше күндиз яд етип,
Аш бүркиттей шабынды,
Ядыңа алсаң бизлерди,
Айтқан сөзин қабылды,
Ашық болып сыртынан,
Кеўли аттай шабылды.
Жантасалмай қасына,
Лақабына бағынды,
«Хақ яратқан бар болсаң,
Гүлайым еткей ярымды,
Бир көрсетсең дийдарын,
Алғайсаң шыбын жанымды,
Бағыш еттим жолыңа,
Бир қасықтай қанымды,
Бағышлайман жолыңа,
Писентимде барымды,
Өлгениме ырзаман,
Мен яр қылсам Гүлайымды».
Ишлери оттай жанады,
Сулыўлығы Гүлайымның,
Ақыл-есин алады,
Дабылына, атына,
Мынаў турған жигитлердиң,
Жүдә мийри қанады.
Бирин бири қутқармай,

Жәмлесип басып курады,
Шынты менен табынып,
Ашыкқа өзин санады,
Бир-биринен жасырмай,
Аўлакта ашыклар,
Бир бирине айтады.
Ҳәр кайсысы өзли-өзин,
Гүлайымға арнады,
Сыртынан зарын тартады,
Мәннети артады,
Гүлайым деп ах урып,
Тартыслы сөзин баслады.
Гилең жарлы гедей тобы,
Шегаралас шерик жабы,
Гүлайымды яр тутыў,
Төртеўинин де талабы.
Ышкы отына күйип-жанып,
Жүзин көрсе естен танып,
Лап урады майданда,
Гүлайымдай сулыўды,
Бир-биринен кызғанып.
Әшир сәрдар не дейди,
Гүлайым деп зарланып:

— Түссе келбетиң ойыма,
Жаным курбандур жолына,
Гүлайым, сени яр кылсам,
Писентимде барымды,
Сарп еткеймен тойына,
Алтын-гәўхардан жүзигин,
Болмағай максет үзигим,
Шыбын жаным жолыңа,
Гүлайым, көрсем кызығын.

Аўлакта басын курады,
Гүлайымнын хабарын,
Жолаўшыдан сорады,
Соны алмай неси бар деп,
Кулбай лаккы лап урады.
Сарыбай олардың кеўлин барлап,
Пикирин алыў ушын ортада жарлап,
Аўзын бағып, жигитлердиң аңлып,
Айткан сөзи екен сулыўды хорлап:

— Налыс кылып сөз айтасыз майданда,
Бахтыңнан көрерсен тийисли жайда,
Майданда лап урып әўере болмаң,
Мен турғанда сизге Гүлайым кайда?
Көрген ўакта ядка салар,
Куда берсе бахыт конар,
Хәлек болман сен жоралар,
Гүлайымды дәкең алар.

Көргенлик ашыклык көзимди,
Сарғайтпаң акша жүзинди,
Алтынға каплар Гүлайым,
Еситсе, мениң сөзимди.
Мына сөзди еситип,
Не дейди сонда Сайымбет,
Айрылмастай шын досты,
Гүлайымға басын косты,
Мына сөзлердин салмағы,
Сайымнын өкпесин осты.
Аш жолбарыстай ақырды,
Бир-бирине айтып сырын,
Бирин-бири састырды:

— Алайын ба басынды,
Жаңлатпа жаўдай тасынды,
Гүлайым кыз меники,
Кыскарт, занғар, налысынды,
Тәўбеге кел, ырайдан кайт,
Тилге баспа, баска сөз айт,
Мен аламан, мен аламан,
Ынкылдынды сенлер азайт.

Бирин бири састырып,
Қуўып атка бастырып,
Азабы жаман артады,
Бир-биринен коркады,
Бир-биринин сырын билип,
Әрман, шерди молайтады,
Биринин сөзи бирине,
Октан бетер катады,
Кулбайдың айткан жуўабы,
Сайымбетке батады,
Қыя майдан далада,
Қара канлар жутады,
Бир-биринин сөзлери,
Сүйегинен өтеди,
Биринен бири кәўип етип,
Басларына жетеди,
Максетине жете алмай,
Гүлайымды көре алмай,
Гүлайымнын жолында,
Бәри дүньядан өтеди.

Оны көрген әрман жокты,
Көрген жаннын кеўли токты,
Айткан сөзи әжел окты,
Гүлайымнын жолында,
Ашык жигит жүдә көпти.
Әлкысса, сондай Гүлайым,
Көргеннин алып айын,
Жибермей үлестен пайын,
Не керек болса сол тайын,
Тутынып шекери-шайын,
Дәўран сүрди бағында,
Яд етип кәдир кудайын.
Қатарлас тени табылмай,
Кеўлине түсти уўайым,
Қатар-теңим табылғай деп,

Тилек тиледи күн сайын.
Айтқан тилеги болмай,
Ашықлық кернеп иш сарайын,
Көкиреги қара таўдай,
Бир каншаға берип саўға,
Қулақ салды Гүлайым,
Қаякта бар жәнжел ғаўға.
Бир яр дийип гүрсинип,
Жас жүреги дүрсиллеп,
Иши жанып, аҳ урып,
Жатыр еди атаўда,
Әйне сәҳәр ўағында.
Бир әжайып түс көрди:
Қара тулпар астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Дуўлығасы басында,
Жүргенлиги белгили,
Гүлайымның қастында,
Жигирма бестиң шамасында,
Мың рахмет айтса болар,
Оны тапқан анасына.
Қап таўындай тулғасы,
Кимлерде екен жалғасы,
Қырық адамға тай келер,
Бир өзиниң бахасы,
Көринип тур жүзинде,
Ашықлықтың шоласы,
Қалқаны бар қолында,
Жаў қайтарыў ықласы,
Түрли нышана аңлатар,
Ғайраты қырық мыңға татыр,
Гүлайымның түсине,
Аян берди,
Сол сыяқлы бир батыр.
Қызға қарап не дейди,
Қәҳәрленип арысландай ақырды,
Қызықлы сөзлерин айтып лап урды,
Есигине тайын болып бир қайсар,
Гүлайым қыз, бармысаң деп шақырды.

Астында ылайық қара көк аты,
Бендеге нәмәлим жақыны, жаты,
Нәзеринде жанлы бенде туралмас,
Әлийден кем емес сыны-сымбаты.

Көзиң түссе қапа кеўлиң болар жай,
Қарсыласса қырық мың жаўға болар тай,
Тайын болды таң қалғандай бир батыр.
Жай қуралы турпатына сайма-сай.

Жатқызбады мени ышқы жамалың,
Қутлы болсын қорғаныңыз-қамалың,
Лақабына қырық күн сергиздан болдым,
Гүлайымжан, еситип сениң хабарың.

Дийдарыңа болдым сениң интизар,
Душпан болса талқан етиў бизиң кәр,
Қырық күн болды сергизданман жолыңда,
Түсиме енип бир ышқылы сәўер яр.

Түсимде көргеннен бийне-нышаның,
Ашық болдым, ишке түсти пушманым,
Кеше-күндиз жолыңдаман сергиздан,
Шық майданға, көрсет жүзиң-рәўшаның.

Сени излеп қырық күн гездим удайы,
Табылмас дүньяда оның теңи-тайы,
Ышқылы перийзат түсиме енди,
Сол сулыўдың атын айтсам Гүлайым.

Туўған жерим мениң алыста қалды,
Тәрк еттим жолыңа көп дүнья-малды,
Дийдарыңа ашық болдым озалдан,
Сулыўлық бийнеси жанымды алды.

Гүзар жоллар салдым неше адырдан,
Қалмақтың жаўыман таўда жатырған,
Қырық күн болды излеп атқа мингели,
Ҳасыл кәрим ел қорғаған батырман.

Тилла саўыт қуралым бар қолымда,
Ядымнан қалмадың оңлы-солымда,
Жаным алды жарқыраған жамалың,
Шын ашықпан сәргизданман жолыңда.

Әлқысса, Гүлайым шоршып оянса түси екен. Не болғанын билмеди, көзи жерди көрмеди. Ояқ-буяққа таңланып қарап, ҳайран болды Гүлайым.

Әлқысса, кеўил хошлайық,
Дәми жоқ жерин таслайық,
Бирин-бирине қоспайық,
Жасырын сырын ашайық,
Сол заманда көп болған,
Дуўагөй менен масайық,
Қойын баққан Буўрабайдың,
Шалабайдан сөз баслайық.
Аллаўшының кең заманы,
Орын алған хәр жерде,
Өтирикшиниң ҳамалы,
Тастай қамал қараңғы,
Қаласы ҳәм жабаны,
Дизесин жаўып баспаған,
Ийниндеги шапаны,
Гүлайымға ашық болды,
Буўрабайдай байынның,
Қарсақлы таўда қой баққан,
Шалабай деген шопаны.
Ерки болмаған қысы-жаз,
Байдың оған пайдасы аз,
Еки аяқлы адамға,

Сөйлесиўге жүдә саз.
Сөз айтады жантассаң,
Жанлыға жүдә жағымпаз,
Атын сорсаң Шалабай,
Көзи қыйсық, кийме таз,
Гүлайымды алыўға,
Ақыл ойлап етти ўаз.
Еки ийнин жалмаған,
Он жыл удай қой бағып,
Буўрабайдай байыңнан,
Бес тийин ҳақы алмаған,
Қырман алып, жер егип,
Қабы дөнге толмаған,
Он еки жылғы талабы,
Жалғыз ылақ болмаған,
Өмирде кейни жабылып,
Талабы бир оңбаған,
Түрли ақыл ойланып,
Гүлайымды алыўға,
Ҳәр түрли хийле торлаған.
Қарақшы ийттей жалақлап,
Тумлы-тусын қармады,
Талап етти ҳәр жақтан,
Түрли хийле қурыўға,
Ҳеш бир жасқа табалмай,
Қасына жақын барыўға,
Утылмайды қуў тазын,
Тилге келсе қарыўға,
Үгит салды ҳәр жақтан,
Қорғанына дарыўға.
Өлгейлиден шын ашық,
Гүлайымдай арыўға,
Аш бүркиттей шабынды,
Дийдарына қаныўға.
Гедейдиң бағы байланып,
Дәлил оқыды торланып,
Гүлайымға барыўдың,
Ҳәмелин таппай ойланып.
Гә түргелип, гә жатады,
Силеси әбден қатады,
Даланы басқа көтерип,
Шалабай дәрдин айтады:

— Кетип тур жаман қолайым,
Келмес пе есиз оңайың,
Шын ашықпан сыртыңнан,
Инсап бергей Гүлайым.
Он бес жыл бақтым малыңды,
Бир сорамадың ҳалымды,
Шын ашықпан жолыңа,
Бағыш еттим жанымды.
Он бес жыл бақтым қойыңды,
Шадландым көрип бойыңды,
Шынымды айтып хат жазсам,
Жиберемисең ойыңды.
Ҳайранман таппай жолыңды,
Төкпес едим мен толыңды,
Шын ашықпан озалдан,
Қарсыласып Гүлайым,
Бир услатсаң қолыңды.
Сени аламан келсе қолдан,
Шықпас едим әдил жолдан,
Берман қара Гүлайым қыз,
Ашықпан саған озалдан.
Ойыңа ал мениң жайым,
Тайынлайман үлес пайың,
Айтып болдым сөзимди,
Инсап бергей қудайың.

Әлқысса, айтқан менен баталмады,
Жантасып сөз қаталмады,
Туўры барып Гүлайымға,
Ашықлығын айталмады,
Буның сырын бир нешшелер,
Гүлайымға хабарлады.
Қойын жуўып ағын суўға,
Семиреди уллы дуўға,
Таланып ҳәр түрли жаўға,
Қойын жайып кең жайлаўға,
Көбинесе мәкан етти,
Шалабай Қарсақлы таўға.
Қой қамаған қорасына,
Тақан салып дорбасына,
Қуртлар ойнап таз басында,
Өгиз жегип арбасына,
Қосын тигип жар басына,
Көбинесе арпа тақан,
Ишетуғыны асына,
Қойын топлап отыр еди,
Бәлент таўдың жамбасына.
Қарап турып қойы үркип,
Саўда түсти басына,
Ырғып турып қуў тазша,
Нәзер салды жән-жағына,
Бир әжайып жалғыз адам,
Ат қойып келди қасына,
Зәрре жаны қалмады,
Жылай берди қуў тазша,
Налыс қылып алласына.
Қадди бойы қалтырап,
Еки қолы жағасында,
Қорыққанынан бас урып,
Табынады ағасына.
Шам мәзгили қуў тазша,
Жүрегин басып, нәзер салды,
Батырдың пешанасына,
Аңлай, аңлай қараса,
Еки ийини қапыдай,
Ашыўы бораған қардай,
Келбетине қарасаң,
Мысалы жараған нардай,
Жудырығы тоқпақтай,
Айбатын оның көргенде,
Арыслан да қорққандай,

Қарсыласқан душпанды,
Қазық қылып қаққандай,
Көзлери бар гәўҳардай,
Айшылық жолды аңлаған,
Қанат қаққан суңқардай,
Тасқа тийсе от шығар,
Туяқлары жәўҳардай,
Қайшыланған қулағы,
Астында бар қара аты,
Рахыш пенен тулпардай,
Кеўлинде ярдың дағы,
Мысал жигирма бестиң шағы,
Қайсы журтта жасаған,
Қандай мәрттиң зүрияды.
Әлий минген Дүлдүлдей,
Астында Қара тулпары,
Белине шынжыр байлаған,
Гәўҳардай көзи жайнаған,
Ашыўланса денеси,
Қорғасындай қайнаған,
Мен-мен деген батырдың,
Желкесин қыймай коймаған,
Пирден шарап ишкендей,
Илахийдан пишкендей,
Шийе қылып байласаң,
Шеп қолымен шешкендей,
Дарға асқан гүналыны,
Бир аўыз сөзи кескендей,
Айбат етип умтылса,
Таўдың тасын тескендей.
Батырды көрип қуў тазша,
Аттан жерге таслады,
Сол батырға жалынып,
Қуўқыл сөзин баслады,
Тарылтып жаҳан әламын,
Сорап пайдалы талабын,
Қол қаўсырып батырға,
Берди тәңири саламын.

— Бахыт қус қонбай басыма,
Емин-еркин шаш шақпай,
Қурт ийелеп басыма,
Бийжай ўақта дус келдиң,
Ат ойнатып, жан аға,
Келе қалдың қасыма.
Ишинде көп намыс-арың,
Турқына ылайық тулпарың,
Ҳаслыңнан хабар бер,
Қайсы журттың қайсары,
Белиңе садақ орадың,
Шопаннан сен жөн сорадың,
Қайсы журттың қайсарысаң,
Сөйлей бер мақсет-мурадың.
Дус келдиң қыя майданда,
Көрмедим сизди ҳеш жайда,
Ийниңде бар жаў-куралың,
Ағажан, мәканың қайда?
Бул елде жоқ теңи-тайың,
Сазланыпсаң курал-сайың,
Қандай жаўға баратырсаң,
Қайда болур мәкан жайың?
Шопанман он жыл толғаны,
Жоқдур сөзимниң ялғаны,
Айтың, аға, мақсетиңди,
Болдың қай журттың палўаны?
Ақыл берсең мен ерейин,
Мен шөпшегиңди терейин,
Келеғалдың ат ойнатып,
Болсаң қой сойып берейин.

Ядқа салып қыйлы қалды,
Батырға кәўендер болды,
Шыннан қәдирдан болып,
Батырдың кеўлин алды.
Шопанның қуўқылын билип,
Батыр ғарқылдап күлди,
Ойласа, гәптен утылды,
Минген аты шаппады,
Батырға сапар жақпады,
Дәлил айтпай кетиўди,
Батыр ылайық таппады,
Сөзден батыр утылып,
Шопанға сөзин баслады:

— Сен әжайып көрдиң мениң түримди,
Айтпасам болмады ишки сырымды,
Шопан жора, түсиндирип айтайын,
Әўел баста шыққан жерим Қырымды.
Залым қалмақ ат салып,
Постырғанды елимди,
Тум-тустан салып пәнжесин,
Қайыстырды белимди,
Түни-күни ат шаўып,
Төктим маңлай теримди,
Әйне үш жыл толғаны,
Алмадым аттан еримди,
Жаўдан қорғап келемен,
Ноғайлыдай елимди,
Қайда барса елатым,
Кейинине еремен,
Басына күн туўғанда,
Көмегимди беремен,
Шыққан жерим сорасаң,
Мен Қырымнан келемен,
Елим ушын аянбай,
Тулпарымды желемен.
Бастан өткердим сыранды,
Қоллайман өзимниң уранды,
Халықтың жаўына қарсы,
Жолым мениң гүзарды,
Жердиң ҳәддин билмеймен,
Танымайман булманды,
Қарсыласып сөйлесип,

Көргеним жоқ бир жанды,
Түрли байлық, жериң шалғын,
Әлемде дабылым, даңқым,
Талабым халықтың батыры,
Танымайман ел-халқыңды.
Айтпайман ялған озалдан,
Сапар тартқан мен алыстан,
Сарқопты излеп киятырман,
Атымды сорасаң Қыранды.

Тутыныпты таң қалғандай салтанат,
Пешенесин ядта туттым атма-ат,
Қырық күн болды, жүрегиме шер салды,
Түсиме енип таң қалғандай перийзат.

Бир көргенде дозақ оты өшкендей,
Жүзин көрип қандым шарап ишкендей,
Қырық күн болды, түсиме енип бир сулыў,
Ашық болдым шийрин жаннан кешкендей.

Бир жағым Аскардур, бир жағым Балқан,
Пешенеси мениң ақылым алған,
Әжайып бир сулыў түсиме енип,
Таппадым дүньяны етип тас-талқан.

Қылышымды өткир қылып таппадым,
Қайда бар деп сулыў қызды жақладым,
Қырық күн болды ат белине мингели
Талқан етип хеш бир жерден таппадым.

Өзиңдей мәрт алар мәртлердин арын,
Дүньяда сол болды мениң қардарым,
Соны билсең екеўимиз дос болайық,
Көрсең, билсең айтың кәне хабарын.

Билсең сениң кейинине ерейин,
Барлығынан сени зыят көрейин,
Сол сулыўдың маған жолын силтесең,
Не мақсетиң болса соны берейин.

Әлқысса, сөзди еситип,
Аңлады оны қуўқылын,
Ақылын хайран етеди,
Ойлап көрсең, салмағы,
Сүйегинен өтеди,
Не қыларын билалмай,
Дәрти алдына үледи,
Айқасарға шама жоқ,
Таз қыйналды, жүдеди.
Жипектен нәзик торқады,
Ойлап тазың қараса,
Дәрти ғаўлап артады,
Атысарға қарсыласып,
Батырлыққа шорқады,
Гәптиң салмағы басып,
Қалтырап қатты қорқады,
«Ашықпан» деген сөзлери,
Найзадан бетер батады,
«Көрсет» деген ўағында,
Шыбын жаны шарқ етип,
Шығып кете жазлады.
Гүлайымды жасырып,
Алдына пана тартады.
Батырға қарап қуўқыл таз,
Мынадай сөз айтады:

— Ар-намысқа болар, аға, кеўлиң тоқ,
Қараңғылық думан алдыңыз туйық,
Айтқан сөзим айып көрме, жан аға,
Бизиң халықта ол айтқаның сирә жоқ.

Саў демейди түске кеўил бергенди,
Шайтан иси түсиңизге киргенди,
Түс-түлкиниң боғы деген нақыл бар.
Жинли деймиз ондай сөзге ергенди.

Сулыўдың қызығы хәммеге пайық,
Сөзиңиз кетпесин халыққа жайылып,
Ол айтқаның бизиң елде сирә жоқ,
Түриңизге болмас ол сөз ылайық.

Жән-жаққа ат шаўып сен харып-талма,
Ондай сөзди бизиң халыққа салма,
Ермек болып халыққа күлки боларсаң.
Нерайбылды излеп жолыннан қалма.

Ашылған бағынның гүли солмасын,
Жәрия боп бизиң елге толмасын,
Түсиңди айтып халыққа әўере болма,
Күлисип халайық ермек қылмасын.

Қыз баланың жүретуғын жолы тар,
Оны айтып төгип жүрме намыс-ар,
Оны излеп хасла әўере болма,
Түс - түлкиниң боғы деген нақыл бар.

Иш-тысың толмасын намыс пен арға,
Тығыпсаң өзиңди айдап кеп тарға,
Ол айтқан қыз бизиң елде сирә жоқ,
Болмасын пикириң халыққа жәрия.

Шер салмағыл жүрегиңниң отына,
Уят сөз қарамас пуллы-мутына,
Ондай қызлар бизиң елде сирә жоқ,
Еглендбестен қайта бериң журтына.

Әлқысса, соны еситип,
Излеп келген батырдың,
Зығырданы қайнады,
Өзли-өзинен уялып,
Көзи оттай жайнады,
Шамырқанып шатнайып,
Беллин беккем байлады,
Дизден қайтып жүреги,

Өлимге өзин арнады,
Таздың айткан сөзлери,
Ишин есип карнады.
Үдете алмай кәспи-кәрин,
Тазша төгип намыс-арын,
Талақ етти турған жерден,
Излеп жүрген қарыйдарын.
Умытгырды қуў тазша,
Сағынышлы сәўер ярын,
Излемеске кәсем айтты,
Атының басын тартты,
Әрманыў-шерин молайтты.
Батыр аңқаў, ер лалан,
Инанып таздың сөзине,
Сол жерден изине қайтты.

* * *

Әлқисса, сөз тазшадан басланады.
Қызыл тилин жалдады,
Гүлайымға қардарды,
Сонындай қылып алдады.
Батырдың кеўлин билди,
Қайтып кеткенин,
Зейнине илди,
Ушып-ушып қуўанып,
Ғарқылдап күлди.
Батыр қайтып кеткен соң,
Мынадай ойға келди:
Ийншалла таала,
Ҳийлемди жүдә асырдым,
Арасына суў қуйып,
Берекетин қашырдым,
Шын ашығынан,
Гүлайымды алжастырдым,
Ойлап турсам,
Үлкен жасқа шаптым,
Ашық едим озалдан,
Бар ғайратым салайын,
Гүлайымдай сулыўдың,
Қорғанына барайын,
Сулыў қызға көз шарлап,
Дийдарына тояйын,
Ашық едим озалдан,
Жаңа таптым қолайын,
Биймезгил ўақта жатқанда,
Барып шаўқым салайын.
Қәҳәр етип өлсем де,
Әмирге ырза болайын,
Қарсыласып гәплессе,
Шын кеўилим айтайын.
Бас кеспек бар,
Тил кеспек жоқ,
Иштен дебдиў шығарайын,
Алдыма тутып батырды,
Бир бағымды сынайын,
Түрли себеп табылды,
Жаман көрсем сылайын,
Дәлиллеп сол батырды,
Сөзин айтып қутылайын.
Әңгимениң аяғын.
Сондай қылып шешеди,
Енеғардың тазының,
Кеўли кем-кем өседи,
Қарамай өз ҳалына,
Қарамастан алдында,
Бағып жүрген малына,
Жолға түсти қуў тазың,
Таяғын алып қолына,
Узақ еди арасы,
Жете алмады жолына,
Ашықлықтың дәртинен,
Егеў түсип жанына,
Түни менен тоңқайып,
Тоңып шықты қыраўға,
Адам таппай биймезгил,
Жөн-жосақ, ақыл сораўға,
Талап етти қуў тазың,
«Қырық қыз» деген қалаға,
Ашылмаған лалаға,
Сыйынып аллатаалаға,
Таң жақынлап келгенде,
Тайын болды қуў тазша,
«Қырық қыз» атлы қалаға,
Сер салып еки жағына,
Шер салып көңил дағына,
Кирди дейди қуў тазша,
Гүлайымның бағына.

Әлқисса, Гүлайым,
Тутынып теңинен шайын,
Түсинде көрген ашықтың,
Жолын тосып күн сайын,
Бедеў аттай бой таслап,
Шығып майданға хәрдайым,
Аш жолбарыстай шабынып,
Оттай бағры қамылып,
Түрли ҳасыл тағынып,
Түсинде көрген жигитин,
Төсегинде сағынып,
Жаратқанға зар жылап,
Ғайыбына бағынып,
Жанлы жанға билдирмей,
Тәўекел сырттан табынып,
Жатыр еди отаўда,
Ҳасыл парша жамылып.
Тусына барды қуўқыл таз,
Қарақшы ийттей аңлып,
Асырылып түсти қорғаннан,
Батыр қусап лап урып,
Не айтады қуў тазша,
Хабарлас деп бақырып:
— Бәлент таўларда барды пәс,
Көзимнен аққан қанлы жас,

Алыс жолдан келгенмен,
Гүлайым, шығып хабарлас.

Әнар болды ма әлўанын,
Бес жыл өтти арадан,
Сағынып интизар болғанын,
Гүлайым шығып хабарлас,
Келди баҳадыр палўанын.

Сенсең мениң интизарым,
Батырлықдур кәспи-кәрим,
Түсиңизде кеўил берген,
Келди излеп сәўер ярың.

Сонда қыздың жеңгеси,
Буған қарап сөйлейди:

— Биймезгил ярым ақшамда,
Не қылып жүрсиз булманда,
Хабарласар адам жоқ,
Келерсең таңлар атқанда.

Бул ўақта бийкешим турмайды,
Биймезгил кеўил бурмайды,
Уйқысын бузба, аўлақ қаш,
Сөзиңе қулақ салмайды.

Сонда тазың сөйлейди:

— Оят, жеңгежан, қызыңды,
Айтайын мәнили сөзимди,
Узақ жолдан излеп келдим,
Көрмеге арыў жүзиңди.

Таймағай бастан дәўраның,
Ишимде көпдур әрманым,
Көрсет, хә, жеңге, қызыңды,
Тарқасын шерим, қумарым.

Жеңгеси сонда сөйлейди:

— Дәрья киби толып-таспа,
Қызымның абыройын шашпа,
Әсте-әсте, неткен жансаң,
Халықты аяққа баспа.

Гүмансыз байлайды қолыңды,
Талқанлар сениң жолыңды.
Менменлик етип сөйлеме,
Бәнт етер қызым қолыңды.

Тазша сонда сөйлейди:

— Сөзинен муның сескенди,
Шыбын жаннан кешкенди,
Қызыңды оят жеңгежан,
Билерсең мени көрискенде.

Шыннан кеўил жибергени,
Бағында бирге жүргени,
Оят, ха, жеңге, қызыңды,
Келди түсинде көргени.

Әлқысса, сонда Гүлайым,
Нешшени естен таңдырып,
Керегин елден алдырып,
Көргенниң мийрин қандырып,
Талайдың ишин жандырып,
Гүлайымдай перийзат,
Жатыр еди арқайын.
Қулақ салса жеңгеси,
Теңселдирген қалың желди,
Дабылынан жер теңселди,
Майданнан сондай сес келди,
Шийрин жаны сескенди,
Гүлайымдай сулыўдың,
Жеңгеси қасына келди.
Ырайынан қайтады,
Қуўанышын молайтады,
Аты шыққан атақлы,
Батыр дийип ойлады,
Алды-артын барлады,
Бийжай шыққан даўыстың,
Түр-бийнесин айтады:

— Аңғармадым ғаррысына, жасына,
Шақ келалмас ҳешким өлшеў тасына,
Уйқыңды аш, тур жайыңнан әдиўлим,
Бир баҳадыр келди ҳәзир қасыңа.

Сағынып болыпты жүрек-бағры қан,
Буннан былай жүдә мүшкилиң асан,
Бир қайсар келип тур атыңды сорап,
Шық майданға, көринис бер, бийкешжан.

Табылмас сөзинен қәте бир ялған,
Ашықлықтан ишлерине дәрт толған,
Тезирек тур бийкешжан, айып болмасын,
Излеп келди сени атақлы палўан.

Айтқан гәпи түрли тымсал аңлатар,
Пешенеси көргенлерди жаңлатар,
Есигиңде жер тепсинип турыпты,
Қыял етсем, таң қалғандай бир батыр.

Ойласам көринбес кеўлиниң хошы,
Айрылды сөзинен айбаты, йошы,
Есигиңе ат ойнатып келип тур,
Қыял етсең, сениң айрылмас досың.

Көринип тур айбатынан менмени,
Адам деп көзине илмеди мени,
Узақ жерден келген атыңды сорап,
Жүдә ықлас пенен сорайды сени.

Кеўили шалқыған әламды орап,
Көрсетпеди түрин бир туўры қарап,
Тур жайыңнан, көринис бер бийкешжан,
Бир палўан келип тур атыңды сорап.

Мәрт жигитлер минген атын тусаған,
Сөз салмағы саған жүдә босанған,
Түр-бийнесин көре алмадым анықлап,
Сөз тымсалы аса батыр қусаған.

Тум-тусына жаў қуралын тағынған,
Ақ гиреўке, ақ саўытын жамылған,
Атыңызды сорап батыр келип тур,
Дийдарыңды сениң аса сағынған.

Не болса да түрин көрген пайдады,
Көринди ишинде әрманлы дағы,
Анаў-мынаў адам емес, ойласам,
Бассынғандай әжайып сөз айтады.

Әлқысса, айтып женгеси,
Саз даўысқа салады,
Гүлайымдай перийзаттың,
Жүдә мийри қанады,
Жас жүреги дүрсилдеп,
Жаны қурбан болады,
Ашықлықтың хәсери,
Кеўлине дәрт салады,
Сөз мәнисин шеше алмай,
Кеўли хайран болады,
Қуўанышлы кеўлине,
Асығыслық салады,
Ғайыбана батырды,
Көрген еди түсинде,
Ядына соны алады.
Тилек тилеп алладан,
Сол шығар деп ойлады,
Ашықлықтың дағына,
Жүреги оттай қайнады,
Қуўанышқа шыдамай,
Шашырап жайдан турады,
Хәўес болып көрмеге,
Жүзи гүллей жайнады.
Талдай бойын бурады,
Қара шашын тарады,
Ара берип өзине,
Сүрме жағып көзине,
Тал шыбықтай таўланып,
Аўзынан шыққан демлери,
Сары алтындай пүўланып,
Қалың питкен қара шаш,
Мойнына оралып,
Сымдай беллери буралып,
Кешше-күндиз ах урып,
Шын ашығын ядына алып,
Кеўлине қыйлы қал салып,

Отаўда турып керилип,
Не айтады екен екен Гүлайым,
Ол майданға сүрен салып:

— Ат шаўып арқасы қозған,
Сағынышта мойнын созған,
Айтың аты-жөниңди,
Кимсең уйқымды бузған?

Аңламай оңлы-солыңды,
Сермеп бунша мама қолыңды,
Не себеп келген адамсаң,
Айтың аты-жөниңди.

Жырақ едим жаманаттан,
Тынбай бедеў атын шапқан.
Айтың аты-жөниңди,
Кимсең маған қустай қапқан.

Төкпеңиз бизден намыс-ар,
Болып жүрмеңиз гүнакар,
Кимсең уйқымды бузған,
Ҳасылыңнан бериң хабар.

Мазалы сөзиңди молайт,
Белгили мақсетиңди айт,
Биймезгил ўақ неге келдиң?
Ким болсаң да кейниңе қайт.

Бир нышан бар ғой өзиңде,
Айтың мазалы сөзиңди,
Ермек қылып жүрген болсаң,
Оярман еки көзиңди.

Баўырыңды тилдирермен,
Үш ағашқа илдирермен,
Сөзлериңнен ялған шықса,
Азап берип өлтирермен.
Шыдамайман ойыныңа,
Қанлар толар қойныңа,
Ермек қылып турған болсаң,
Арқан түсер мойныңа.

Жарақ-алыпсаң қолыңа,
Кесек таслама жолыма,
Арт жағың күшли болмаса,
Түсе бер келген жолыңа.
Қайғы түспесин басыңа,
Ғарға қонбасын лашыңа,
Сүйгеним болсаң иркилмей,
Неге келмейсең қасыма?

Анық болсаң бизге қардар,
Өзиң болсаң елге сәрдар,
Иркилмей неге келмейсең,
Шыннан болсаң бизге қардар?

Әлқысса, еситип буны қуў тазың,
Кеўилин жүдә тасырып,
Қуўқыллығын асырып,
Оқыранып күледи,
Аяғы бирден жер илип,
Айтылған сөзге ерип,
Нар текедей керилип,
Тәўекелге бел байлап,
Кеўили әламды жайлап,
Сөзлеринен мәни анлап,
Бай улындай байпаңлап,
Ийтелгидей жайтаңлап,
Майданға шықты Гүлайым,
Ашықтың хабарын аңлап.
Қара шашын тарады,
Нар түйедей жарады,
Гүлайымдай перийзат,
Тумлы-туска қарады,
Келисип турған қаяғы,
Қолында тал таяғы,
Қызыл шақа қол-аяғы,
Ашыўланып Гүлайым,
Жойтты кеўилди баяғы,
Аты мәлим хәммеге,
Қой баққан белли саяғы.
Анлай-анлай қарады,
Жоқты сирә уйқасы,
Жайлаўдан кеткен жағасы,
Жоққәўендер ағасы,
Майқабактай жалтырап,
Жумыры кийген таз басы,
Күни менен сол екен,
Жер теңселткен сазасы.
Сүйенип тур ағашқа,
Қуў тазшаны көреди,
Пикирине түсинип,
Гүлайымдай перийзат,
Мыйығын тартып күледи.
Гүлайымға қарсылап,
Таз қушағын кереди,
Қол қаўсырып сулыўға,
Тәңир сәлем береди,
Гүлайымға көз шарлап,
Кәдди муздай ериди,
Дийдарына берилип,
Қайта-қайта қарады,
Сулыўдың айдай жүзине,
Жүдә мийри қанады.
Сулыўлығы соншелли,
Ақыл-есин алады,
Бийхуш болып қуў тазшаң,
Ерки кетип талады,
Бул дүньяға шыққанына,
Тазың ырза болады,
Гүлайымдай перийзат,
Сырына жүдә қанады.
Асқан бир ақыл данасаң,
Сөз тымсалына қарасам,
Қулақ салың Гүлайым,
Меннен саўал сорасаң.
Гүлайым сонда сөйледи:

— Қандай күшке исенесең,
Рухсатсыз биймезгил,
Қалама неге киресең — деп,
Таздан саўал сорады:
— Сер салып еки жағына,
Ким түсинбес ығламыңа,
Шаўқым салып биймезгил,
Не деп кирдиң бағыма?

Еситип оны қуў тазша,
Айтарға белли дәлил аз,
Дәлил торлап жүдә саз,
Қутылалмады алғәрез.
Қызлар тутып анталап,
Тумлы-тусынан сабалап,
Айтарына дәлил жоқ,
Қәдди бойы қалтырап,
Шаш шықпаған таз басы,
Майқабақтай жалтырап,
Батыр қыранды паналап,
Түрли жақтан дәлил қурап,
Келген жумысын жайлап,
Мәнислерин тал-таллап,
Гүлайымды алдап-арбап,
Тазша не айтып турғаны:

— Басыма түсирдиң хәр түрли саўда.
Қойымды ийирдим Қарсақлы таўға.
Алып келдим атақлы батырдың сөзин,
Гүлайым тилеймен жанымды саўға.

Отыр едим Қарсақлының басында,
Таң қалғандай Қара тулпар астында,
Қосық айтып Гүлайым деп ах урып,
Атақлы бир батыр келди қасыма.

Әлий менен Гәрўешиниң ураны,
Мыңға тай келгендей ат пен қуралы,
Ат ойнатып саўда салып басыма.
Тезден айт деп Гүлайымның хабарын.

Лақабың сорады меннен атма-ат,
Пешенеси Әлий шерден де зыят.
Нала шекип сыртыңыздан интизар.
Қайда болур Гүлайымдай перийзат.

Ғайыбана бағшаңыздан гүл терипти,
Данқыңды еситип жанын берипти,

Сениң ашықлығың, сулыўлық бейнең,
Алты ай бурын түсине аян берипти.

Ашық болып сыртыңыздан бағры қан,
Қосылсаң болады мүшкилиң асан,
Алыс жолдан излеп келди бир батыр,
Көриў ушын жолыңызда сергиздан.

Сениң ашықлығың ақылын алған,
Яр жолында болып бир жаны қурбан,
Гүлайымға барып кел деп жиберди,
Излеп келди сени атақлы палўан.

Батырлық бейнесин түринен танып,
Сөйлестим анықлап сырына қанып,
Келип едим сеннен сүйинши алмаға,
Атақлы батырдың сәлемин алып.

Аңламадың елдиң жақын-қашығын,
Жолыңызда қурбан әйлепти басын,
Жолына етсеңиз жанымды саўға,
Қорқытып жиберди мени ашығың.

Қорққанымнан өзим соқлықтым жарға,
Сени пана билип камалдым тарға,
Қуўаныш пенен сениң бағыңа кирдим,
Гүлайымжан, гә жарылқа, гә қарға.

Көк тулпарын салтанат пен желеди,
Көрсең қурбан, жолларыңа өледи,
Керек болса әнжамың же Гүлайым,
Ертең биреў бағыңызға келеди.

Әлқысса, Гүлайым арыў буны еситип,
Ойлап көрип мақул сөзге не қарыў,
Ҳаслы нашар, шашы узын,
Қуўанышқа жайлады,
Жолына өзин сайлады,
Жақсы сөзге семирип,
Белин толтырып байлады,
Енағардың тазшасы,
Ялған сөз бенен байлады.
Қуўаныш кернеп денесин,
Ашылған гүлдей жайнады,
Ҳәр нәрсе салып есине,
Түсинбей ерте-кешине,
Таңланып пешенесине,
Онбес күн өтти арадан,
Таң қалғандай бир батыр,
Енген еди түсине.
Жуп үстине жуп болды,
Сол шығар деп ойлады,
Ҳаслы нашар алдағанға инанып,
Тазды азат әйледи.
Тазша қыздың сөзин барлап,
Мейри қанып, көз шарлап,
Өтирик хабарды жарлап,
Алдынан зорға қутылды,
Қайтты қойына қарап.

Сөзди Гүлайымнан еситиң.
Ылайықлы бир яр деп,
Ат басындай әрманы,
Қуўаныш хабар еситип,
Ышқынып тур шыбын жаны,
Атландырып қырық қызды,
Тумлы-тусқа арнады,
Ашықтан хабар еситип,
Жүректиң оты қайнады,
Жолын күтип ағысып,
Жән-жағына қарады,
Ара берип өзине,
Сүрме жағып көзине,
Ярға өзин қолайлады.
Сескенип дабыл даңқынан,
Жандар өте алмай қасынан,
Ярдың жолына қарап,
Барлық ис шықты ядынан.

Күтине берсин Гүлайым,
Тазшадан сөз баслайық.
Ишине сыймады әрманы,
Жантасалмай Гүлайымға,
Кетти диңке-дәрманы,
Малға жығып алыўға,
Жетпейди қуўат-пәрманы,
Тумлы-тустан көбейип,
Гүлайым қыздың қардары,
Сабап, қуўып салса да,
Ашықлығын қоймады,
Гүлайымды алыўға,
Түрли хәмел торлады.

Әлқысса, сөзди Буўрабайдан еситиң.
Буўрабайдай байыңыз,
Сексенге шығып қарыды,
Таслады дүнья ушын ғайды,
Есап етип қараса,
Бастан өткерди мың айды.
Күннен-күнге жас басып,
Басынан дәўраны тайды,
Талақ етип барлығын,
Яд етип қәдир қудайды,
Төкти маңлайынан терди,
Ийшанның жолынан жүрди,
Излеп таппай кәмбил пирди,
Қырық қара қудайы айтып,
Ғыждуўан пирге қол берди.

Пириниң айтқан нәсияты:

— Суўпылық гүзар жол болады,
Суўпы-ийшанға қул болады,

Кеўилине қылап келсе,
Мынапық деген сол болады.

Түскениңиз узақ жолға,
Такқа турасаң бәрқулла,
Пирдиң сеннен кеўли қалса,
Жайың жәҳәннемдур олла.

Жол табалмас хан, патшалар.
Мәкайылда қырық қыл жанар,
Пирге ялған сөз айтқанлар,
Жәҳәннемге отын болар.

Алдында бар узақ жоллар,
Дузиў болсаң пириң қоллар,
Ҳәддиясы көп суўпылар,
Ушпаққа иркилмей барар.

Түспе ҳәргиз бундай жолға,
Болалмассаң белли тулға,
Күшли болмаса ҳәддиян,
Бул жерде иркилип қалма,-дейди.

Еситип оны байың,
Аяғына бас урып,
Қәсем айтып сөйлейди:

— Исим айланғай онға,
Туўры нәзер сал мен қулға,
Мүридликке қабыл алсаң,
Жолыңды бузбайман олла.

Жақын болғай саған ара,
Қабыл алғай аллатала,
Ғайыбана пир тутындым,
Жолыңа бақыш қырық қара.

Қабыл алғай ер еренлер,
Басшы болғай қырық шилтенлер,
Шынт пенен сизге табындым,
Қабыл алыңыз улық пир.

Шийрин жанымнан кешемен,
Кепин тонымды пишемен,
Зейинине тиймесликке,
Қәсем айтып ант ишемен.

Әне сол сөзди айтып,
Пирге мүрид болды.
Ал сөз тазлан басланады.

Тазша ҳарып талмады,
Ықлас пенен зейинин,
Гүлайымға арнады,
Себеп таўып белгили,
Қасына мунын бармады,
Бир-бир ушып көзинен,
Қыя шөлде зарлады.
Қарсақ таўдың басында,
Жән-жағына қарады,
Қаңғалап соқлығып жарға,
Айталмай сырын адамға,
Бәрхама түсип табанға,
Қойды бағып жүр еди,
Қыя дала жабанда.
Жердиң жүзи тар еди,
Кәспи халыққа жар еди,
Кәспи менен кәр еди,
Ел аралап пал ашыў,
Ҳасыл кәри дуўахан,
Зайырлығы бар еди,
Халық аўзына жайылған,
Пәстек молла дер еди.
Мәканы жоқ, үйи жоқ,
Аўыл коймай хақлаған,
Сәлем берип үйме-үй,
Ҳәркимниң аўзын бақлаған,
Еки адам урысса,
Әзиз бетин жақлаған,
Алып бәрха оныңды,
Кеўилиңди бақлаған,
Қорлық көрген бар ма деп,
Қарақшы ийттей жалақлаған,
Изине түссе биреўдиң,
Қудайынан таптырған,
Ҳәр жерге салған алғула,
Еки адам урысса,
Есигин жақлар бәрқулла,
Ҳасасын алған қолға,
Талабы мегзер шуғылға,
Белгили кәри дуўахан,
Атағын сорасаң Пәстек молла,
Таздан хабардар еди,
Майданға излеп барады,
Тазшаны таўып алады,
Қыя шөлде азғырып,
Мынадай сөз айтады:

— Алыңды ҳәркимнен айың,
Сегбир тарттым сениң ғайың,
Ҳалыңнан хабардар едим,
Жақсылық хабар айтайын.

Силтеймен саррас жолыңды,
Жасырмай айтсаң ойыңды,
Атым мени Пәстек молла,
Маған берсең қолыңды.

Айтқаныма ерермисең,
Бир қудадан көрермисең,
Гүлайымды алып берсем,
Еки йүз қой берермисең?

Мениң ғайратыма қансаң,
Ҳақыйқат пириң таныcаң,
Гүлайымды әпперемен,
Пир билип маған сыйынсаң.

Болсаң анықтан таламан,
Атың тутып келдим саған,
Гүлайымды әпперемен,
Еки йүз қой берсең маған.

Дабылыңды ядтан билдим,
Батыры атақлы елдиң,
Шығып қасасыл дуўасын,
Үстине сораўсыз келдим.

Саған көп көрсди бақыйыл,
Сөзлеримде жоқдур дақыл,
Тартынбай сөзиме ерсең,
Айтайын хәр түрли ақыл.

Тәртип үйретиў ағадан,
Ала кетпесең жағадан,
Мәртлик етип сен табынсаң,
Бахтың ашылар сағадан.

Тазша оны еситип,
Жақсы сөз-жарым ырыс, деген,
Таздың ақылын алады,
Кеўил берип аўаланды,
Палкердиң сөзин еситип,
Ушып-ушып қуўанды,
Зығырданы қайнады,
Еситип мына аўхалды,
Керегиң сениң қой болса,
Ал жора деп қозғалды,
Ҳасылыңды айт дейип,
Жуўырып келип қол алды,
Қуўқыллығын асырып,
Түрли ҳийле қолланды,
Айырылмас достым сен дийип,
Тексерип ақыл сорады:

— Кейинине еремен,
Болар истиң барлығын,
Мен қудадан көремен,
Ырас болса айтқаның,
Не тилесең беремен.
Не қылсаң да жоражан,
Гүлайымға қостар ет,
Ештеме келмей қолыңнан,
Болып жүрме қара бет,
Керек болса саған қой,
Әне хәзир айдап кет,
Ондай иске жетсе ҳалың,
Саз болса хәр түр қуралың,
Айрылмастай дос болдым,
Қызғанбайман бай малын.
Көп болса сенде ақыл-ой,
Мен берейин тамаша той,
Гүлайымды сүйдирсең,
Жүдә берейин еки йүз қой.
Аттың басын тартпай шап,
Жора, хәр түрли ақыл тап,
Еки йүз қой берейин,
Гүлайымдай сулыўға,
Тез барыўдың ғамын ет.
Еркимди бердим қолыңа,
Илдирме душпан торына,
Сениң менен дос болдым,
Еки жүз қой жолыңа.
Алдым бийик, артым жар,
Айналарға жерим тар,
Жасырмай айт, жоражан,
Қандай ақыл сөзиң бар?

Әлқысса, оны еситип,
Пәстек молла не деди:

— Қыйын екен сендеги хал,
Сезбесин сырыңды көкжал,
Сырымды саған айтайын,
Шалабай достым қулақ сал.
Мақсетиңе жетерсең,
Сөзлеримди қабыл ал,
Бурын сенде қастым жоқ,
Шыны доспан биймәлел,
Қайыры жоқ, зәкат жоқ,
Байдың малы бизге ҳалал,
Иске асыр ойыңды,
Айтқан нәсиятымды ал.
Күни-түни сен бақлап,
Буўрабайдан хабар ал,
Бай бийғапыл жатқанда,
Мынадай етип ҳийле сал.
Сезбесин хеш ким сырыңды,
Әзирайылға мегзет түриңди,
Айыў тырнақ қолғап кий,
Айбатлы қыл қолыңды,
Әзирайылман саған деп,
Байға көрсет қырыңды.
Ақ сәллели, ақсақаллы,
Еки дүньядан хабарлы,
Атыңды қой пайғамбар,
Бай бийғапыл жатқанда,
Сен қапталдан жетип бар,
Көргенде есинен таныπ,
Масаладай көзиң жанып,
Зеребенди үйирип,
Қолына жылан қамшы алып,
Батырлығыңды байыт,
Күшлериңди жүдә молайт,
О дүньядан келдим деп,

Бай бабаңа гүррин айт,
Абай қылып қорқытып,
Байға зәхәриңди молайт.
Сыр билдирме халыққа,
Хаўлықпа, сирә қорқпа,
Бендеге түриң танытпа,
Сағасы ялған болса да,
Исиңди шығар аныққа,
Пәнди айтар нәсийҳатым,
Өзиңди сирә танытпа.
Орынласаң ақылым,
Шығасаң бир жарыққа,
Өрнек болып ислериң,
Атың қалар тарийхта,
Қорқақ пенен уялшақ,
Хәр жерде қалар артта,
Пәнди-пәнди нәсиятым,
Қасыңа адам жолатпа,
Бир яман сезип исиңди,
Қалмағайсаң уятқа,
Ийшалла сөзиң жол табар деп,
Тазға берди пәтия.
Тапқан күниң қолайың,
Мен бағайын қойыңды,
Адамзатқа көрсетпе,
Ебирейген бойыңды,
Иске асса аламан,
Мен еки йүз қойыңды,
Ғайрат салың, жоражан,
Иске асыр ойыңды.
Әлқысса, мына сөзди еситип,
Қуў тазша турып жубанды,
Гәп соңына түсинип,
Ушып-ушып қуўанды,
Көргенниң көзин байлаған,
Қасасыл дуўасын алды,
Әбирейин жабады,
Еситип зейни қабады,
Айтқан сөзин бағдарлап,
Тазың ақыл табады,
Хәр қыялды ойлады,
Жүни өсик бир қарыс,
Бес ақ ешки сояды,
Керип-созып терисин,
Түрли реңге бояды,
Бет-аўзына орын қойып,
Қылқа тигип алады.
Төгилдирип кирпик-қасын,
Зиңкийтип мурнын қояды,
Сақалы бар бир дәсте,
Муртларын таўлап бурады,
Масаладай жайнатып,
Қызылға көзин бояды,
Түклери бар тебендей,
Тассыз қоңыраў тағады,
Етегин жерге сүйретип,
Тазың кийип алады.
Тум-тусынан асынып,
Әзирейлиниң қуралын,
Мысал тәжжалға ылайық,
Көргенниң ақылын алады,
Көрген қорқып жан берген,
Мысал тәжжал болады.
Белине жылан байлаған,
Көзлери оттай жайнаған,
Мысал Әзирейил болады,
Айыў тырнақ қолғабын,
Қолына кийип алады,
Ақ сәллеси басында,
Буўрабайды азғырыў,
Белли мақсет-мурады,
Жылға менен, сай менен,
Аўылға адым урады,
Жанлы жанға сездирмей,
Жасырынып жүрип барады,
Зейин салып жолына,
Жоламай мешит қаўымға,
Бир күн удай жол жүрип,
Намазшамның ўағында,
Жасырынып кирди аўылға.
Желине қулын сайлаған,
Ерекке қоныс сайлаған,
Қымыз уйтып ишиўге,
Тиккен еди ақ үйди,
Қолтық көл деген жайлаўға.
Аўлақшылық әжеп жай,
Мәдеткер болғай бир қудай,
Үйин тигип жайлаўға,
Хеш нәрседен хабарсыз,
Жатырған екен Буўрабай,
Оранып хасыл торқаға,
Қулыны жайғаспай қораға,
Дизден төсек салдырып,
Жайлаўға қурған ордаға,
Қалың салып төсегин,
Әйне сәҳәр ўағында,
Жатқан екен бай баба.
Қайда бар деп жәнжел-ғаўға,
Түри мегзеп қарсы жаўға,
Әйне сәҳәр ўақтында,
Жақынлап барды отаўға.
Күнлер еди ыссы жаз,
Аңлыўда турды бираз,
Уйқыға бай кирген соң,
Билдирмей үйге кирди таз.
Ақ сәллеси басында,
Азғырыўдың қастында,
Қараңғыда қармалап,
Келди байдың қасына,
Қанжарын алып дәстине,
Хабар тапқызбай достына,
Шырт уйқыда жатқанда,

Минди байдың үстине.
Ушкындырып хүрресин,
Өкпесин осып қуў тазың,
Шала жансар қылды геўдесин,
Байдың сестин шығармай,
Алкымына салады,
Айыў тырнақ пәнжесин.
Акыретке жолланды,
Шала жан болып қорланды,
Хазар жетип жанына,
Бай сескенип оянды,
Жабайы ийттей талады,
Бир бәлени аңлады,
Көзин ашып бай баба,
Келбетине карады.
Айдархадай келбети,
Басында ақ сәллеси,
Гүмбездей бар геллеси,
Ақ айыўдай геўдеси,
Бүркит янлы пәнжеси,
Отыр екен бир бәле,
Хайран болды бай баба,
Бу қай динниң бендеси,
Сақалы бар бир кушак,
Хәр мурты бар жебедей,
Саўдыраған бәри пушқақ,
Жалбыраған түклери,
Үсти-басы қоңыраў шашақ,
Жыртқышқа мегзер өзлери,
Пискен теридей жүзлери,
Түри жүдә әжайып,
Курдай кызарған көзлери,
Белине қанжар байлаған,
Аўзын көрсең жырадай,
Көзи оттай жайнаған,
Байланбаған көп жалғаўы,
Кудайдың силтеген жаўы,
Тартса, ғарға иркилмес,
Шапшақтай бар танаўы,
Хәр түрли нәрсе аңлатыр,
Карсыласалмас қас батыр,
Айыў янлы тырнағы,
Өкпесин сығып баратыр.
Бай көкирегин басады,
Өкпеси тығып осады,
Я өңим бе, я түсим бе деп,
Туўлап көзин ашады.
Тәғдирге қайыл болады,
Акыл-естен айырылып,
Қызыл жүзи солады,
Жаздыр, хәмирине кайылман деп,
Ким екенин сорады.
Дәлилине ылайық,
Тазың сөзин баслады:

— Жөн билмейсең, хаслың жахыл,
Жолланасаң дарыл-паныл,
Ўақтың толды, излеп келдим,
Атым мениң Әзирайыл.
Бир құдайды етиңиз яда,
Келдим жаныңды алмаға,
Излеп келген Әзирайылман,
Өмириң сениң болды ада.

Айт ийманыңды, тайынлан,
Буйрық келди илахийдан,
Жаныңды сениң алмаға,
Қуўып келген Әзирайылман.

Жуттың ба тутып қунаба,
Жыйғаның түсти таланға,
Қыдырдым жети күн удай,
Жаныңды сениң алмаға.

Хәмелиң болса тайынлан,
Усла жағаңды, қайымлан,
Буўрабайдың жанын ал деп,
Буйрық болды құдайымнан.

Шәңгел салмаға лашыңа,
Саўда салмаға басыңа,
Жети күн удай қыдырып,
Арнап келдим мен қасыңа.

Саған құдай кеўил бурды,
Заманым мениң қуўырды,
Буўрабайдың жанын ал деп,
Қудайым мени буйырды.

Жолыңызда болдым қурбан,
Сени излеп адым урған,
Излеп келген Әзирайылман,
Қутылалмассаң қурығымнан.
Жолыңда болдым таламан,
Тәўбе тастиқ еткил, ғамлан,
Тамырыңа шаңғыл урып,
Хәзир жаныңды аламан,-деп,
Жаўдырлатып коныраўын,
Аңлатады белли жаўын,
Көрсетип айыў тырнағын,
Қаттырақ салды аўырын.

Әлкысса, Әзирайылдың сөзлерин,
Еситип байдың қулағы,
Әжелдиң хабары суўық,
Төгилди жастан булағы,
Шығып кете жазлады,
Қаўсырылып еки жағы.
— Ядландым бәрха удайын,
Анламадым мен мундайын,
Зәребесин үйирип,
Мунша қыстапты кудайым,
Шыбын жанымды алмай тур,

Арзымды айтып калайын,
Токта, токта Әзирайыл.
Бийжай ўакта келипсең,
Неден болды екен гүнайым,
Токта, токта Әзирайыл,
Бир әрмансыз болайын.
Не гүнайым болды екен,
Бир-еки аўыз сорайын,
Қыса берме өкпемди,
Мен жайымнан турайын.

Мына сөзди еситип,
Тазың жаман азғырды,
Жаны шығып кетер деп,
Зәрре қолын жаздырды,
Хабар айтып хәр жерден,
Қорқытып сөз бенен азғырды:

— Алынды, билсеңиз, айың,
Тут ақырет сайма-сайын,
Кулақ салып тыңласаң,
Гүнайыңды мен айтайын.
Таланды сеннен дүнья-мал,
Алма кеўлиңе қыйлы қал,
Гүнайыңызды айтайын,
Ашыўланбай мойнына ал.
Динди көзге илмедиң,
Дин жолының қудайы,
Пайғамбарым демедиң,
Алты айда, жылында,
Бир ғамыңды жемедиң,
Тоғыз түлик малыңнан,
Үсир, зәкат бермедиң,
Жасым узақ болғай деп,
Бир қудайы бермедиң,
Дүнья ушын жуўырып,
Жан-жаққа қолың сермедиң,
Қудай менен пайғамбарды,
Буўрабай, көзге илмедиң,
Ден саўлықтың, байлықтың,
Хеш кәдирин билмедиң,
Жесир, жетимди ядлап,
Көзде жасын көрмедиң,
Нешше аян берсем де,
Бир тәўбеге келмедиң,
Көрсетсем де жол силтеп,
Кейиниме ермедиң,
Айтқаныма инанбай,
Кеўилимди жерледиң.
Пайғамбарды умытып,
Қарсылап алға өрледиң,
Бир жан атап жылында,
Әрўақларды көрмедиң.
Пайғамбарды, қуданы,
Есигиңе қараттың,
Жылдағы малдың зәкатын,

Өз пайдаңа жараттың,
Не қылады қудай деп,
Халыққа өсек тараттың,
Берер деп үмит етсек те,
Диңкемизди қурыттың,
Исенип малдың көбине,
Пайғамбарды умыттың,
Өрнек болып халыққа,
Айғағы болдың журттың.
Умытқан соң атыны,
Саған қудай жиберди,
Зәкат берип малыңнан,
Ядлайсаң ба пиринди,
Шынтың менен сыйынып,
Шығарып кеўил кириңди,
Шының менен табынып,
Аңлайын сениң сырыңды,
Силтеў менен Әзирайыл,
Келди сениң қасыңа,
Қарамайман қулласы,
Тоғың менен ашыңа,
Тутып тамырыңның бәнтин,
Саламан саўда басыңа,-деп,
Мыжғыңқырап басады.

— Я аламан малыңды,
Я аламан жаныңды,
Айтқаныма жүрмесең,
Шашаман суўдай қаныңды,
Сегбир тарттым еки ай,
Қудайдан келдим, Буўрабай,
Атым мениң Әзирайыл,
Болың меннен хабардар,
Аламан хәзир жаныңды,
Түрли апат дарытып,
Қыраман сениң малыңды.

Соны айтып қуў тазың,
Бугирлетип басады,
Жаны қалмай байыңның,
Ақылынан сасады,
Ақыл-естен айрылып,
Қуўанышты қорқыныш басады.
Албыратып қорқытып,
Байыңның сырын ашады.
Жипектен нәзик торқады,
Батырлыққа шорқады,
Жаны қалмай байыңыз,
Қалтырап қатты қорқады.
Айы әбден алынып,
Шын кеўилден бағынып,
Хәлсиреди бай баба,
Әзирайылға жалынып:

— Ата тегим мениң жаҳыл,
Не десең болайын маҳыл,
Шыбын жаным шығармасаң,
Жолыңа он қой, Әзирайыл.

Әрмансыз алынды айым,
Ғапылда келтирдиң қайым,
Он қой берсем жолына,
Жарылқамас па қудайым?

Жолында сайыл болайын,
Ядлайын атың күн сайын,
Бир сапарға кеширин,
Жолына он қой жоллайын.

Гүнамды мениң өтиниз,
Сөзимди әпиў етиңиз,
Саған еркимди берейин,
Қарсақлы деген атаўдан,
Он қой алып кетиниз.

Әлқысса, еситип сөзин қуў тазың,
Берген қойын азсынып,
Айбат қылып тепсинип,
Мынадай сөз айтады:

— Атаңа нәлет көргенсиз,
Анламайсаң ойымды,
Жасыл таслап үстине,
Шығарайын ба тоз-тозыңды,
Шеңгел салып жонына,
Үзейин бе мойныңды,
Найза салып қақ маңлайдан,
Қан қылайын ба қойныңды,
Сен бәледен қутылып,
Мықлап берсең тойыңды,
Пайғамбардың жолына,
Дүзиў жибер ойыңды,
Бир сапар таслап кетейин,
Қудайыға айта бер,
Сен еки йүз қойыңды.
Мен бир мәртлик етейин,
Бир қуда деп жыласаң,
Мен кеўлиңе жетейин,
Еки жүз қой атасаң,
Жаныңды таслап кетейин,
Ықласыңды, муңыңды,
Қудайға хабар етейин,
Бул айтқаным тыңласаң,
Мақсетиңди беремиз,
Умытпаймыз атыңды,
Бәрха жақсы көремиз,
Сениң менен қосылып,
Бейиште дәўран сүремиз,
Қапталдан сени қалдырмай,
Бәрха ертип жүремиз,
Ҳәптеде бир жәннеттиң,
Бағынан гүллер теремиз,
Тыңламасаң бул айтқанды,
Және қайтып келемиз.
Жаныңды тәннен аламан,
Жолында болдым таламан,

Алып барып жаныңды,
Саққар дозаққа саламан,
Иркилместен басыңа,
Отлы гүрси ураман,
Таң қыямет базарын,
Ҳәзир басыңда қураман.

Еситип оны бай баба.
Қаны қашып қабарып,
Еки көзи аларып,
Не дейди екен бай баба,
Әзирейилге жалынып.
Әлқысса, жыланып байың сөйлейди,
Кеўил дәрди уўланып,
Өксип-өксип жылайды,
Астында жатып таўланып:

— Айналайын Әзирайыл,
Қозғама жанымды жайдан,
Қорқтым енди қудайдан,
Қайтайын жүдә ырайдан,
Шығармасаң жанымды,
Мен жүрейин жолыңнан,
Садақа әкет қолымнан.
Мен садақа берейин,
Қутқарсаң сум өлимнен,
Үсир, зәкат берейин,
Қырықтан бирин малымнан,
Жанымды алып тенемнен,
Айырма қуйрық-жалымнан,
Сеннен басқа панам жоқ,
Хабар алып тур халымнан,
Мени аман сақлайгөр,
Шайтан деген залымнан,
Маған дуўа дус болғай,
Аты шыққан алымнан,
Айра түсирмегейсең,
Сарқоп деген жеримнен,
Аман қалса шыбын жан,
Еки йүз қой садақа,
Шалабай баққан қойымнан.

Мына сөзди еситип,
Тазша сонда не деди:

— Ҳа, Буўрабай, Буўрабай,
Ҳалыңнан хабардарман улай,
Қулақ салып қуп тыңла,
Тапсырмам бар және мундай.
Және бир айтар сөзим бар,
Шалабайдай шопаныңа,
Етип жүрме пейли тар,
Шалабайдай баламның,
Ҳалынан болғыл хабардар,
Зейнине тийип баламның,
Болып жүрме қара бет,
Не тилеги болса да,

Шалабайды қабыл ет,
Өстириң оның жүрегин,
Ийни келген жеринде,
Жақын қылың ерегин,
Нәрсеге мүтәж болмасын,
Пәнди-пәнди нәсиятым,
Тайын етип тур керегин.
Айтар саған тапсырма,
Шалабайдай шопаныңның,
Қабыл алың тилегин,
Бул дүньяда ойлаған,
Мақсетине жетиссин,
Қандай гүнаң болса да,
Гүнаңды әпиў етейин,
Тилегин бер баламның,
Мени сени таслап кетейин.

Әлқысса, сөзди еситип,
Бай баба сөйлей береди:

— Рейим етсең бойыма,
Салмасаң шәңгел сойыма,
Шығармай кетсең жанымды,
Хызметкермен жолыңда.
Жөн билмеген биз бир сада,
Етпениз өмиримди ада,
Шығармай кетсең жанымды,
Еки йүз қой садақа.
Мен берейин өз қолымнан,
Шалабай баққан қойымнан,
Шығармасаң жанымды,
Қабыллайман тилегиңди,
Олла шықпайын жолыңнан.
Сыйынып еремен кейнине,
Тиймейин олла зейнине,
Нағыз пирим сен болсаң,
Мен бағындым динине.
Ат қуйрығын өремен,
Болған истиң барлығын,
Мен қудадан көремен,
Шығармай кетсең жанымды,
Мың қойымнан ықтыярын,
Мен тазшаға беремен.
Зыят көремен жанымнан,
Керегиңди алың соннан,
Шынасанда пир болсаң,
Хабар алып тур халымнан.
Жырақ әйле басымды,
Әзәзүл деген залымнан,
Жанымды қой, Әзирайыл,
Не десең соған қайылман.

Әлқысса, тазын еситип,
Ықтыярын алады,
Буўрабайдың мойнына,
Не керегин салады,
Шын кеўилден табынып,
Ол да қайыл болады,
Сыр билдирмей ишинен,
Ушып-ушып қуўанды.
Тазша турып сөйлейди:
— Айналайын жап балам,
Рейим салдым тәўекел,
Қабыл алғай ләўҳи қәлем,
Тәўекел таслап кетейин,
Әпиў еткей бир аллаң.
Усы пикириңнен қайтпа,
Ғәрип-қәсерди муңайтпа,
Өмириңе кес болады,
Бул сырды адамға айтпа.
Ҳаққыңа хызмет етемен,
Бағыш еткен қойыңды,
Тазыңнан алып кетемен,
Тозарын бузбай апарып,
Пайғамбар, қудаға жетемен,
Қудай менен пайғамбарға,
Ўаспыңды баян етемен.
Арнап саған келдим қастан,
Кәҳәрим қатты қара тастан,
Берген еки жүз қойыңды,
Аламан Шалабай таздан.
Арылмас гүнаға қалма,
Қәҳәрленип зулым болма,
Қойды мен айдап кеткен соң,
Баламның мазасын алма.
Сол сырды кисиге айтсаң,
Динди бузып, пикирден қайтсаң,
Қойды неге бердиң деп,
Шалабайды муңайтсаң,
Елде жүрген мен сайылман,
Халыққа белли Әзирайылман,
Халыққа сырды алдырсаң,
Қасыңа сол боп тайынман.
Жаҳан маған бир қәдем жер,
Мен ушын есик пенен төр,
Шалабайға жәнжел салма,
Болған исти қудадан көр.
Ҳәрне десең мен қайылман.
Хабардарман хал-жайыңнан.
Шалабайға азап берсең,
Айырыласаң сен жаныңнан.
Минип пырағым желемен,
Усы жолдан айнысаң,
Қасыңа солўақ келемен,
Ықтыярың қолымда,
Мәттал жаныңды аламан.
Сол сөзлерди бир айтып,
Суў қуйғандай сөнели,
«Қуллық аға, қуллық»-деп,
Шала жан жатқан Буўрабай,
Ҳәмирине көнеди.

Әлкысса иси байының,
Енди насырға дөнеди,
Сыр билдирмей байыңа,
Енеғардың тазшасы,
Үйден шығып жөнеди,
Орынланып мақсети,
Ақырын тазың күледи.
Жанлы-жандар жантаспас,
Ай қараңғы түн еди,
Бай жүреги жарылып,
Не екенин билмеди,
Ерте тура таң атты,
Жән-жағына қараса,
Хеш бир нәрсе көрмеди.
Хәр қыял дөнип ойына,
Иши жанып көп қойына,
Хешкимге сырын айталмай,
Қулай кетти жайына.

Әлкысса, тазың етер исин етти, байдың басына жетти, ғайрат салып таң атпай таз қойына жетти. Пәстек молла қуўанышы қойнына сыймай, қойдан керегин алып, жайына кетти.

Әлкысса, таз қуўанышы қойнына сыймай таярлана берди тойына.

Әлкысса, Буўрабай ишки сырын адамға айталмай, пирдиң жолынан қайталмай, қорлық ядынан қалмай, әрманы ишине сыймай, бир жыл арадан өтти.

Қыйын ис түсип басына,
Бир жыл өтти арадан,
Жасырын салмақ басып,
Иши толды жарадан.
Карсы келип ғаррылық,
Салдардан жүреги жарылып,
Заманасы тарылып,
Буўрабай қатты аўырған,
Өнешинен ас өтпей,
Алкымынан буўылған.
Тойып тамақ ишалмай,
Басларына күн туўған,
Қабағын қайғы ашырмай,
Палшыға пал салдырған,
Жети журтқа ат жоллап,
Дәри-дәрмақ алдырған,
Өлмеўге илаж бар ма деп,
Қалаға жар салдырған,
Садақа айтып жолына,
Туўлаған туўлар шалдырған,
Ерси әдет ислер ислеп,
Көргенди қайыл қалдырған,
Дүнья-малын шаштырып,
Тәуиплерге бақтырған,
Жаздың сары күнинде,
Алдына от жақтырған,
Урғашы мал сойдырып,
Өкпе менен қақтырған.
Тилек тилеп алладан,
Қанша малын шашса да,
Хаяллары тақ турған.
Хеш шыпасы болмаған,
Әтирапы көл болып,
Көзден аққан жасына,
Қара шыбын басын қурап,
Ийе болды лашына,
Гүлайымдай жалғыз қызы,
Кетпеди сирә қасынан.
Жетпеди хаққа наласы,
Қан болды көздиң қарасы,
Өтер болды дүньядан,
Нәзер салмай алласы,
Келип кеткен Әзирайылдың,
Тиймеди сирә пайдасы,
Күннен-күнге жүдеп бай,
Өлиўге қарады басы.
Табылмас сирә ялғаны,
Яд етти кәдир алланы,
Тум-тусынан сүйейди,
Еки бирдей алғаны,
Байдың басын көтерип,
Бир қуда деп зарлады,
Жан-жағына көз салып,
Тум-тусын бай барлады,
Ойланып бай қараса,
Қудайы жүдә қорлады,
Жан айбат пенен байыңыз,
Бир мақсетти ойлады.
Таяғына сүйенип,
Ырғып жайдан турады,
Жедел берип өзине,
Белин тартып байлады.
Ермек болдым жақын-жатқа,
Дақыл болғайман кәраматқа,
Барып қайтсам кәйтеди,
Шайқы баба Буўраханға,
Таппаспан ба бир шыпа,
Барып қайтсам зияратқа,
Қараткан ер қарап қалмас,
Дус қылмас па дәраматқа,
Қабыл болса зияратым,
Шықпаспан ба саламатқа.
Хасылдан кийим кийейин,
Қара нарға минейин,
Пайғамбарға сыйынып,
Буўраханның басына,
Барып басым ийейин,
Қудай деген бар болса,
Кәраматын көрейин,
Аяғына бас урып,

Буўрахан атамнан,
Узақ өмир тилейин.
Кеткен еки жүз қойдың,
Нәтийжесин билейин,-деп,
Тентиреклеп теңселип,
Байың жайдан турады.
Қара нарын жазлайын,
Беккем ерлеп алады,
Азық, әнжам, хәддиясын,
Нарға теңлеп таңады,
Мәнети артты,
Нардың айылын бек тартты,
Мойнына потасын салып,
Қара нарға минип алып,
Зиярат етип қайтыўға,
Буўрабайдай ағаңыз,
Буўрахан бабаға жол тартты.
Нарға минип алады,
Пайғамбардың қәбирин,
Излеп кетип барады,
Адам ертпей қасына,
Жалғыз кетип барады,
Шын кеўилден жүр излеп,
Жылап кетип барады,
Арзы-аўхалын айтпаға,
Бәле-қадасын сатпаға,
Ғыждуўаний пайғамбарға,
Зиярат етип қайтпаға.
Барғанша қыйыр шөл еди,
Асқар кесе бел еди,
Буўрахандай бабаңыз,
Ешеклиге, атлыға,
Жети күнлик жол еди,
Шын кеўилден пир излеп,
Алдына қарай дөнеди,
Кете берсин бай баба,
Гезек тазға жетеди.
Зияратқа шыққанын,
Пәстек молла биледи,
Шалабайдың қасына,
Жуўырысы менен келеди.
Шалабайдай тазына,
Шынасанда пир еди:

— Енеғардың тазшасы,
Ийни келди исиңнин,
Хәмелиң болса қыл енди,
Ашық болсаң иске асыр,
Айттырмастан бил енди,
Жер астында нәрсе жоқ,
Соны ойлап бил енди.
Аяғына шарық бүр,
Дийўананың тонын кий.
Ғула кийип басына,
Қәлендер бол белгили,
Егленбей жолға шық енди.
Буўрабай түсти жолына,
Кейнинен изин қуў енди.
Бурын бармақтың ғамын қыл,
Баратуғын жерине,
Басқа жағын айтпайман,
Саған айтар сол енди,
Усы сөзди жайласаң,
Табағың асқа толды енди.

Асығыста қуў тазын,
Шопанның кийип липасын,
Басына кийип ғуласын,
Жолға рәўан болады.
Дузын хақлап тазынның,
Қойын бағып қалады,
Сыр билдирмей адамға,
Шалабайдай шопанлар,
Төтесин жолдың алады,
Буўрабайдың кейнинен,
Жаздырмай қуўып барады.
Жанлы жанға таныстпай,
Бабаның изин алады,
Сегбир салып пияда,
Бар ғайратын салады,
Алдындағы бабаны,
Ғайы көзи шалады,
Ғайы жетип барады.
Тутып пирлерди ядына,
Уғынып ердиң атына,
Жети күн тынбай жол жүрип,
Жақын келди бай баба,
Әўлийениң қасына.
Шыдамай хеш ким патына,
Шер салып көңил жадына,
Енеғардың тазшасы,
Билдирмей келди артына.
Тартып кем-кем өзине,
Пайғамбар деп зар жылап,
Жас қаплаған көзине,
Сырын алып қуў тазың,
Тайын болды жасырынып,
Буўрабайдың изинен.
Харып-талып байың жетти,
Мақсет еткен жерине,
Хазар жетти бийшара,
Шомылып қара терине,
Қара көрим жер қалды,
Пайғамбардың қәбирине.
Ақылынан сасады,
Көкирегин басады,
Ел гезген дийўана болып,
Енеғардың тазшасы,
Қәўимге араласады.
Барлап шықты ық-өрине,
Сыйынып кәмбил пирине,
Келместен бурын Буўрабай,
Жасырынып кирди қуў тазың,
Буўрабайдай байыңның,

Түнейтуғын гөрине,
Гилең аққа оранып,
Енеғардын тазшасы,
Жата берди төринде.
Әлқысса, сонда Буўрабай,
Әўлийенин сыртына,
Нарынан түсип байлады,
Мөхмингс өзин сайлады,
Бир қудаға зар жылап,
Еки қатлап потасын,
Дал мойнына салады,
Қалған қаза намазын,
Қалдырмай оқып алады,
Қол қаўсырып зар жылап,
Қәбирге жақын барады,
Басын ийип бийшара,
Атап барған пайғамбардын,
Басына тайын болады,
Салып зейин ықласын,
Өксип-өксип жылады.
Үш айналып сыртынан,
Жолында қурбан болады,
Басында саққа жүгинип,
Қушақлап гөрди қулады,
Мумиядай ерип,
Қуйқа түги жуўлады,
Аят коймай оқып,
Хаққына дуўа қылады,
Қулақ салып тум-туска.
Әсте-әсте барлады,
Еки йүз қойдың саўабын,
Пайғамбарға арнады,
Бир қуда деп зар жылап,
Өмир тилеп зарлады:

— Алдым бийик, артым жар,
Кең дүнья болды-аў маған тар,
Сыртыңнан саған сыйындым,
Мәдет бер Ғыждыўан пайғамбар.

Зейнимди берип бағындым,
Әлеп-үрпинди сағындым,
Жолына бираз мал айтып,
Пайғамбар, саған табындым.

Атынды туттым калыстан,
Зорға таптым жолынды,
Қыйсық пенен шалыстан,
Шарапат бер мен қулына,
Арнап келдим алыстан.

Артылды жаман мийнетим,
Зая кетпесин зийнетим,
Алыстан арнап келгенмен,
Пайғамбар, дейгөр үмметим.

Табынып сырттан барладым,
Исминди айтып зарладым,
Арнап адам жиберипсен,
Ғайыбана жолына,
Еки йүз қой арнадым.
Көп астым шөлдиң қыйырын,
Билдим кәраматтың барын,
Еки йүз қой айдаттым,
Корсет бүгин қайырын.

Көзимнен ағып қызыл қан,
Алқымымнан буўылып,
Қыстаў тапты-аў шыбын жан,
Еки йүз қой алған атам,
Көрсет балаңа бир нышан.

Буўынып жүриппен талып,
Ислерим өзине қанық,
Балаң жәрдем сорап келди,
Пайғамбар, берин шыпалық.

Айттым кәлийме шаадет,
Ойлан ата, бизди яд ет,
Ўәкил балаң излеп келди,
Нәзер әйлен, бергил мәдет.

Дағланып шықты көмирим,
Әрманда баратыр өмирим,
Еки йүз қой алған ата,
Мүрийдиңниң дәртин көрин.

Арнап келгенмен басыңа,
Көнейин қысы-жазыңа,
Хаққыма менин дуўа қыл,
Берекет бергей жасыма.
Әрмансыз бир таңым атпай,
Жыл бойы парахат жатпай,
Аўыр кеселге шатылдым,
Хешбир жәрдем шыпа таппай.

Адам жибердиң малыма,
Қарасқан едим халыңа,
Қарасаман деген ўәдең барды,
Еки йүз қой бергенде жолына.

Шынлап сора хал-жайымнан,
Даўа табылғай қолайдан,
Ата, өзиң әзиз келсең,
Сорайгөриң қудайыңнан.

Алынып тур жүдә айым.
Мал десеңиз менде тайын,
Өз аўзыңнан хабар етин,
Қараса кеткей қудайым.

Кел десеңиз мен ерейин,
Мудам жолыңда жүрейин.

Дуньяға келер күн болса,
Не десең тауып берейин.

Кетпесин иште әрманым,
Келтир бойыма дәрманым,
Сум әжелден сен қутқарсан,
Бағыш етемен барым.

Сол ишимде пикирим, зарым,
Мурат-максетим болғаным,
Қабыл алың пайғамбарым,
Сырымды айтып болғаным.

Әлқысса, бай соны айтып,
Өксип-өксип жылады,
Көзде жасын булады,
Пайғамбардың қәбирин,
Кушақлай берип қулады,
Хабар берермекен деп,
Кулағын салып тыңлады.
Сол ўақытта қуў тазын,
Гөр ишинде отырып,
Куўқыллық сөзин торлады,
Пири болып бул байдың,
Сөзине жуўап қайтарып,
Қәўендер болып ашынып,
Гүңирент зарлады:

— Орынланды ойға алған нийетиң,
Жахыл болып жайлағансаң ел шетин,
Хаўлықпаңыз, сөзлериме қулақ сал,
Аман болсаң шынасанда хүрметим.

Әўел баста айтқаныма жүрмедиң,
Өз пикириңнен қәдиримди билмедиң,
Аўырғалы бағыш етип жолымда,
Зарлай-зарлай бир уйқымды бермедиң.

Еки йүз қой қудайы айттың малыңнан,
Қутылғансаң шайтан деген залымнан,
Мен болмасам қашшан өлетуғын ең,
Мойным созып хабардарман ҳалыңнан.

Қой бергеннен абыройың жабылды,
Дәртлериме хәр бир даўа табылды,
Мен болмасам әлле қашан өлер-ең,
Мен себепли зияратың қабылды.

Зыянлы дәрдиңниң алдын орадым,
Сениң тилегиңди тилеп зарладым,
Үш ай болды мен қудайға қатнап,
Балам, саған узақ өмир сорадым.

Бейиштиң бағынан гүллер тересең,
Зәкатсыз малына жуўап бересең,
Ашыўлансаң мениң айтқан сөзиме,
Хеш гүман жоқ, ертең бир күн өлесең.

Минген атың таўлы жерге жайылар,
Пайғамбарың жолыңызда тақ турар,
Қабыл алсаң пайғамбардың тилегин,
Кеселиңе бизден даўа табылар.
Айтқан нәсиятыма мениң көнесең,
Қарсыласып бул ис қандай демейсең,
Ашыўланып айтқан сөзимди алмасаң,
Қайырқом жоқ, еки күннен өлесең.

Ер жигитте болар дейди намыс-ар,
Пири менен қарсыласқан гүнәкар,
Сыртыңнан пириңиз ылайық көрип,
Мойнына бир парыз артты пайғамбар.

Бейиштен тайынлап үлестен пайың,
Дүньяның түринен түлиги сайын,
Ойласып сыртыңнан ылайық таўып,
Мойныңа бир парыз артты қудайың.

Көрерсең, жан балам, таңның атқанын,
Жақсы болмас айың-күниң батқаны,
Жаным аман қалсын десең дүньяда,
Мақул дейсең қудайыңның айтқанын.

Әлқысса, оны еситип,
Буўрабай ақылсыз,
Билалмады сөз салмағын,
Аңламады наданын,
Тикени менен қармағын,
Келте ақылы илмей,
Әңгимениң салмағын,
Үлги салып билмеди,
Жудә бағын байлағанын,
Қысқа ақыл билмеди,
Қуллық айтып сөйледи:

—Алдымды кесе орадың,
Перзентиңди қорқытып,
Жамғырдай бәле бораттың,
Ғапыл жатқан ўағымда,
Мойнымды мениң бураттың,
Есабы жоқ малымнан,
Үсир-зәкат сораттың.
Таршылық исти еттим бе?
Топарлап қой айдатып,
Мақсетиңе жеттим бе?
Айтқаныңды тыңламай,
Өз басыма кеттим бе?
Төсекте ғапыл жатқанда,
Минип қалдың үстиме,
Кеўлиме дық еттим бе?
Буўып алқымымды ездиң,
Болажақ исти мен сездим,
Неге қыстың дедим бе?
Кеўилиме пирди алып,
Ҳәмирине белли қанып,

Есапсыз жатқан малымнан,
Сүриўлеп зәкат шығардым,
Мен нәмәртлик еттим бе?
Шашпасаң қызыл қанымды,
Қалдырсаң аман жанымды,
Тәрк етпеймен хәмиринди,
Тилегиң тилей бер,
Қайтармайман тилегинди,
Сенсең белли тирегим,
Сорайбер қандай керегиң,
Қолымнан келе билгенше,
Қабыллайман тилегиң.

Болды сыры жүдә пайық,
Сөзлерине ылайық,
Гөр ишинде отырып,
Яратқан деп ялбарып,
Байды алдап,
Қызыл тилин жалдап,
Пайғамбар болып,
Аўыр салмақлы сөз қурып,
Қапа кеўлин хошлады,
Қорқынышты таслады,
Енеғардың тазшасы,
Атын сатып қудайдың,
Мынадай сөзин баслады:

— Айтқанына уйқаслайын,
Қапа кеўлинди хошлайын,
Қулақ салың мүрийдим,
Мағаналы сөз баслайын.
Бенделикке тайлаған,
Мал орнына айдаған,
Бир мөхминди атаңыз,
Өлгенше бағын байлаған,
Шалабайдың атасын,
Қой бақтырып атаңыз,
Ийттен бетер қорлаған.
Қойын бағып атаңның,
Өмиринше қор болған,
Ерки жетпей басына,
Ишлерине дәрт толған,
Айдаса жүрген айдаўда,
Байласа турған байлаўда,
Шалабайдың әкесин,
Өткерген екен жылаўда.
Қыстың күни қой бағып,
Өмири өткен қыйында,
Ағарған көзлиң қарасы,
Ишине толып жарасы,
Өлтирген екен атаңыз,
Тыңламай хеш бир шарасын,
Байлаған белге потасын,
Нәзер салмай көзде жасын,
Әрманда атаң өлтирген,
Шалабайдың атасын,
Жәбири хеш бир сораўсыз,
Шалабай таздың атасын,
Азаплаған гүнасыз,
Сол пақырдың дәртинен,
Атаңыз өлген иймансыз.
Ашыўланып атаңыз,
Табанынан тилдирген,
Отқа қалап арқасын,
Үш ағашқа илдирген,
Көп малына исенип,
Қарыўлылығын билдирген,
Шалабайдың атасын,
Бийгүна атаң өлтирген.
Бермей тәңирим заўалын,
Хешким сорамай саўалын,
Атаңыздың мойнында,
Кеткен екен обалы.
Гүнасы жүдә ири екен,
Гүнаның жолы тири екен,
Сениң атаң, шырағым,
Сол пақырдың гүнасын,
Мойнына жүклеп жүр екен,
Дәртке иши тоқ екен,
Иши толған шоқ екен,
Атаңызға пақырдың,
Хеш гүнасы жоқ екен,
Халынан хабардар екен,
Иши толы ар екен,
Көзиниң жасы тамыпты,
Хаққа қудай бар екен.
Периштелер жыйылып,
Барған екен қасына,
Туўры нәзер салыпты,
Көзден аққан жасына,
Аўыр кепти жәбири,
Теңликтиң өлшеў тасына.
Рехим етип пайғамбар,
Шалабайдың атасын,
Алдырған екен қасына,
Қундыз телпек кийгизген,
Жумыры кийген басына,
Еки хүрди әкелип,
Жупты қылды қасына,
Шәрбет пенен пал қойып,
Ишетуғын асына,
Гәўхар менен гүл қойыпты,
Таздың еки жағына,
Еки хүрди қосыпты,
Соннан бери қасына,
Өз қолынан пайғамбар,
Киргизди бейиш бағына,
Шалабайдың атасын,
Жеткерген сондай жақсатқа,
Атаң сениң Бууўрабай,
Болған халайыққа батқа,
Шалабай таздың әкесин,

Жеткерген қудай максетке,
Атан сениң бассынып,
Жеткерген екен жерине,
Ийманның шықты өрине,
Шалабайдың әкесин,
Пайғамбары жарылқап,
Шығарған бейиштиң төрине.
Қолдан келсе жата ма,
Қатты кетип хатаға,
Әкең дозаққа кетти,
Шалабайдың әкеси,
Нәлет айтып атаңа.
Әкеңди шайтан көтерип,
Алып кетти узаққа,
Қырғаўылдай қылтыйтып,
Мойнын салды дузаққа,
Қайтып шығып жүрмесин деп,
Таслады саққар дозаққа,
Өткен екен тоғыз жыл,
Әкен жатыр азапта.
Периштелер жыйылып,
Қараған көздиң жасына,
Еки хүрди әкелип,
Жупты қылып қасына,
Сол шығар әзел жазықта,
Шығалмас хеш бир жарыққа.
Сол қуданың қәўили,
Бүўрабай, оған тарықпа.
Адамды қойдай айдаған,
Пайғамбар тилин алмаған,
Жалынса да зар жылап,
Динге қулақ салмаған,
Өз пейлинен әкеңниң,
Қара жағылған жүзине,
Қатты кетип асқынлап,
Қан толған еки көзине,
Жоқ болады әкеңиз,
Өз обалы өзине.
Баянлайман, балам, соны,
Анықлап бер кеўлиңизди,
Аңла-аңла, умытпа,
Барлығының мазмуны.
Әлқысса, балам қулақ сал,
Болмаңыз пирге гүнакар,
Буйырғаны қудайымның,
Бир мазмунлы сөзлерим бар,
Ашыўланбай, жан балам,
Қуллық айтып мойныңа ал.
Шалқып қайнап йошқанбыз,
Перишге менен қосылып,
Қанат байлап ушқанбыз,
Онын ушын қыйналма,
Гүлайымдай қызыңды,
Шалабайжанға косқанбыз.
Жолында интизар удайы,
Нешше жыл тутылды айы,
Гүлайымдай қызыңды,
Шалабай менен екеўин,
Жупты әйледи қудайы.
Қолиңнен ушқан ғазыңды,
Айтқанына көнбесең,
Қыс етеди жазыңды,
Шүкир әйле қудайға,
Көп етеди азыңды,
Керек болса шыбын жан,
Шалабайжанға бересең,
Гүлайым атлы қызыңды.
Кеше-күндиз Шалабай таз,
Бир қуда деп яд еткен,
Ғәрип пенен қәсердиң,
Бәрха кеўлин шад еткен,
Гүлайымдай қызыңды,
Шалабайға жупты етип,
Тастыйықлады халық еткен.
Ат қуйрығын өресең,
Талайыңнан көресең,
Назырқанбай шопан деп,
Гүлайым атлы қызыңды,
Шалабай тазға бересең,
Шақырып алып қасыңа,
Гүлайымның отаўын,
Тойлар берип тигесең,
Кийиндирип хасылдан,
Шалабайдай шопанның,
Не керегин бересең,
Шалабай таз не десе,
Кейнине ересең,
Алғәрез, сөздиң салмағы,
Шопан демей, таз демей,
Сансыз жатқан малыңның,
Шалабайдай шопанға,
Ықтыярын бересең,
Кеўил берсең усыған,
Гүлайымның ашылған,
Бағынан гүл тересең,
Тазша деп қырын қарасаң,
Тыңламасаң айтқанды,
Гүман жоқ, ертең өлесең.
Тыңламасаң бул сөзди,
Айтқан сөзиңди алмайды,
Сөзиңе қулақ салмайды,
Тыңламасаң сөзлерин,
Тилегиң қабыл болмайды,
Қәҳәри шоқтай қарыйды,
Исиң насырға шаўып,
Өзиңниң жети пуштыңа,
Түрли апат дарыйды,
Сол ўақта өкинип билерсең.
Тазға берсең қызыңды,
Ҳәр шарапат көрерсең,
Жетер жериңди жайлап,
Әрмансыз ойнап күлесең,

Көп жыл жасап дүньяда,
Әрмансыз дәўран сүресең,
Усы айтқаным тыңласаң,
Қуданың досты Мухаммед,
Кейинине ересең,
Бейиштиң ашық қапысы,
Иркилмей барып киресең.
Шалабайдай тазыңның,
Жарылқаған қудайы,
Қанша төгип шашса да,
Таўсылмас бахты удайы.
Хызметинде жүреди,
Хызметинде удайы,
Бейиштиң арғы төринде,
Салыўлы тур сарайы.
Шалабайдың бир қудай,
Мақсетине жетеди,
Қанщелли гүна етсе де,
Сораўшы әпиў етеди,
Қыямет күн болғанда,
Қыл көпирдиң аўзында,
Сораўшы аңсат етеди,
Қыл көпирден аман-саў.
Тазың шалқып өтеди,
Тазға тийсе Гүлайым,
Мурадына жетеди,
Периште келип алдына,
Хызметлерин етеди.
О дүньяга барғанда,
Көрмегенин көреди,
Қызыңыздың басынан,
Барлық қырсық кетеди,
Халық әйлеген қудайы,
Барлық гүнасын өтеди,
Ырза болып қудайға,
Қызыңның кеўли питеди,
Бул сөзлерден қорқпасаң,
Изине түсип қудайым,
Жер менен жексен етеди,
Түрли апат дарытып,
Басларына жетеди,
Қуда деген енбегиң,
Бәри күйип кетеди,
Соның менен, мүрийдим,
Мақсетли сөзим питеди.
Басқа салсаң ойыңды,
Ийшаллаҳы тағала,
Жазалмассаң бойыңды.
Қызыңды оған бермесең,
Жүдә халың қыйынды,
Отырмас сөзиң орынға,
Себеп табылар сорыңа,
Қызыңды оған бермесең,
Айналар исиң қырынға,
Малың түседи таланға,
Улғаяр хәр түр жараң да,

Телеке болып ашияң,
Лашың қалар далада,
Ақыл-ҳуўшың болар хайран,
Ете алмассаң бир күн сайран,
Кемең түсип терең сайға,
Малы-мүлкиң болар ўайран,
Қызыңды оған бермесең,
Питиўажаға кирмесең,
Айтқанына ермесең,
Пайың сениң о дүньядан.
Есиң болса кейнине ер,
Қалдырмай шығар әрман шер,
Ақылың болса Буўрабай,
Шалабайға қызыңды бер.
Буўрабайжан, болма талан,
Қуда менен қарсылассаң,
Қашық боп араңы ашсаң,
Тыңламайман сөзиңди,
Оңдырмайман исиңди,
Ояман еки көзиңди,
Буўрабайым, аңлан, аңлан.
Еки көзиңди оямыз,
Қарқыратып соямыз,
Сабан тығып терине,
Дозаққа әкеп қоямыз.
Түрли азап дарытып,
Аўлағыңды жоямыз.
Төрт периге айдатып,
Дозаққа әкеп саламыз,
Қара кийип үстиме,
Қылыш алып қолыма.
Алдыңда қатар турамыз,
Аяўсыздан басыңа,
Отлы гүрси урамыз,
Үйиңде бир жан қоймастан,
Бир түнде әкеп қырамыз,
Қырып бәрин болған соң,
Өзиң жатқан дозаққа,
Шуўлатып әкеп саламыз.
Қарайтпағыл көзиңди,
Көп ўақ турып басымда,
Сарғайтпағыл жүзимди,
Гә қулақ сал, гә салма,
Айтып болдым сөзимди,-деп,
Қайтып үни шықпады.

Әлқысса, байың еситип,
Зәрре жаны қалмады,
Шыбын жаны шырқ етип,
Шығып кете жазлады.
Гә қуўанды, гә суўалды,
Гәхи қорқып, гәхи талды.
Ойлап көрсе салмағы,
Өзегине от салды,
Илаж бар ма, бийшара,
Қорыққанынан қабыл алды,

Пайғамбардың тилин алды,
Ҳақыйқат сөзине инанды,
Ишлеринен күйип-жанды,
Пайғамбары, қуда деп,
Шын кеўлинен инанды.
Өзли-өзинен ойланып,
Түрли жақтан торланды,
— Аттың жалын өремен,
Беремен, ата, беремен, — деп,
Қайта-қайта бақырды.
Атасы даўыс бермеди,
Қуллық ата, қуллық деп,
Басын жерге ийеди,
Ақылына жуўыртса,
Жүдә кеўли жерленди,
Қайтыўына қолайлап,
Кейинине тез жүрди.
Салдар түсип басына,
Буршақ-буршақ терледи.
Қорыққанынан бийшара,
Шын кеўилден берилди,
Жән-жағына қарады,
Ҳеш бир нәрсе көрмеди,
Түсип шуғылдың қолына,
Жүклеп гүнаны мойнына,
Көз жасы толды қойнына,
Ҳеш сумлық алмай ойына,
Сыйынып қәдир қудайға,
Өзи менен өз ҳалына,
Ҳеш нәрседен хабарсыз,
Минип қара нарына,
Ҳәр бәлеге жолығып,
Қанып қайғының зарына,
Қайтты байың атланып,
Түсип келген жолына,
Қуўанып кетип баратыр,
Қарамастан артына.

Әлқысса, таздан сөз еситин.
Туўды басына кең жайлық,
О не деген кетти байлық,
Ойлап қараң, яранлар,
Даўа сүрди қудайлық,
Жерлерден алтын өндирди,
Залымның отын сөндирди,
Ладан байды азғырып,
Ҳәмирине көндирди,
Не боларын билмейди,
Қыйын жерлерге көндирди,
Қуўанышы сыймай қойнына,
Тазың солай дәўран сүрди.
Аўыр салмақты салдырды,
Ялған сөзине нандырды,
Қайғы ғамын таслады,
Қапа кеўлин хошлады,
Гүлайымды алыўға,
Жаңа жолды баслады.
Жумысы анық питкен соң,
Егер исти еткен соң,
Зыяратшы бай кеткен соң,
Шомылды қара терине,
Жеткерди байды жерине,
Сыр билдирмей ҳеш кимге,
Енеғардың тазшасы,
Шықты кирген гөринен.
Аўлағын алады,
Өзин жолға салады,
Бүлбилдей тили сайрады,
Кеўили өсип жайнады,
Кеўилин хошлап Шалабай,
Мынадай сөзлер айтады:

— Қалмағайман мен табаға,
Жеткен шығарсаң тобаға,
Алыс жолдан арнап келип,
Ушырастың пайғамбарға.

Пирдиң әңгимесин уқтың,
Шарапатқа сен жолықтың,
Мақсет пенен излеп келип,
Ҳақыйқат пирге жолықтың.

Узақ жолға ат шаўыпсаң,
Пирге қарай сен аўыпсаң,
Әўлийеде көп зарланып,
Қайырқомды сен таўыпсаң.

Өмиримше баққаным қой,
Жол тапты бизиң ақыл-ой,
Пайғамбардан жуўап алдың,
Сол сыйың менен барағой.

Айтқан сөзлериме қандым,
Пир қыдырып ғайрат салдың,
Өз обалың өзине, бай,
Сөзлеримди қабыл алдың.

Душпан иши дәртке толсын,
Бақ айланып бизге қонсын,
Ықтыярды бердиң бизге,
Қызың бизге қутлы болсын.

Жақын болды есик-төрин,
Талқанларман саға-өриң,
Айтқан сөзди уққан болсаң,
Гүлайымды бермей көриң.

Қабыл болғай маңлай терим,
Қалмағай әрманым, шерим,
Усы жолың қутлы болсын,
Жаңа таптың нағыз пириң.

Алған шығарман айынды,
Сазладың курал сайынды,
Зыяратың қабыл болсын,
Таптың сен шын кудайынды.

Қабыллайын шын сөзинди,
Ериттим саз бенен музынды,
Сыйына бер нақ пирине,
Алғанда көр Шалабай,
Гүлайым арыў кызынды.

Әлкысса, сумлығын,
Тастан өткизли,
Енағардың тазшасы,
Жерине байдың жеткизди,
Халықтан өзин жасырды,
Куўкыллыкты асырды,
Кеўилин әсип тасырды,
Байдың изинен аңлып,
Гәхи озып, гәхи калып,
Ишки сырын байға айтты,
Кудайман деп аткарып,
Аман қойына жетти,
Жети күнде айналып,
Максетине жетисти,
Байдың ықтыярын алып.

Әлқысса, сөзли Буўрабайдан баслайық.
Буўрабайдай байыңыз,
Әўлийеге жол тарткан,
Хәр бәлеге жолықты,
Гәп аңламай терис қайткан.
Кудайым деп алданып,
Шопанына арыз айткан,
Пайғамбар деп зар жылап,
Әрман, шерин молайткан.
Аңламастан снеғар,
Тазға кеўилин қараткан,
Кеўилине бийшаранын,
Сол болды өзин жараткан.
Аўылына барады,
Корқыныш акылын алады,
Ядына хәр ис салады,
Өз кеўилине бийшара,
Саўалғандай болады.
Дәртке толған кеўили,
Әтирапты шолады,
Бүлбил тили сайрады,
Хаяллары түсирип,
Нарын тутып байлады,
Үлкен үйге киргизип,
Дизеден төсек салады.
Еки хаялы көтерип,
Төсегине жайлады,
Бир қанша ўақ отырып.
Ғарры демин алады,

Харып келген бийшара,
Көк шайын ишип канады,
Абы-әўладын жыйнап,
Гүлайымдай жалғызын,
Алдына шақырып алады,
Қызына сөзин айталмай,
Айтпаслығына болмай,
Өксип-өксип жылады.

Гүлайымдай перзенти,
Кулақ салып тыңлады,
Әўлийеге барғанын,
Пайғамбардың айтқанын,
Не дегенин мойнына алып,
Қайыл болып қайтқанын,
Гүлайымға баянлап,
Буўрабай бир сөз айтканды:

— Саркырап аққан булағым,
Сөзден сарсылды кулағым,
Атаңның айтар сөзи бар,
Кулағың салғыл қарағым.

Геўдем аўыр кара тас,
Жәрдем берин, маған карас,
Бир жыл өтти арадан,
Атаңа жолықты бир наўқас.

Шыпа болмады тобамнан,
Корыкпады ата-бабамнан,
Бир жыл өтти бир наўкас,
Жаздырмады тутып жағамнан.

Қызбайды берген малыма,
Қаратпайды өз халыма,
Аўыр наўқасқа жолығып,
Салдары батты жаныма.

Нәзер салдым талай жерге,
Сыйындым атақлы ерге,
Қорыққанымнан жанымнан,
Суўпы болдым улық пирге.

Қамалдым кысылып тарға,
Ойласып ем ақылы барға,
Түсиме енип қоймаған сон,
Қол берип ем пайғамбарға.

Ашылған гүлдей солғанман,
Жолында пидә болғанман,
Шыпа тилеп бир кудайдан,
Әўлийеге мен барғанман.

Мен сыйындым хабар салып,
Саза берди анық-анық,
Барғаннан соң мен сыйынып,
Берди кудайым шыпалық.

Жас қаплап еки көзиме,
Нәзерин салды өзиме,
Кеселимнен шыпа таптым,
Қуўатлап айтқан сөзине.

Қайтарғанман мен шахадат,
Тыңласаңыз сөзден бағыт,
Арнап жылап барғаннан соң,
Кеселимнен етти сақыт.

Қарасам истиң соңына,
Қуўанышым сыймады қойныма,
Тилегимди қабыл етип,
Үш парыз салды мойныма.

Өкпемди мениң осыпты,
Жолымда қайнап йошыпты,
Озал бастан бир қудайым,
Жалғыз қызым Гүлайым,
Шалабайдай шопаныма,
Жуптылыққа қосыпты.

Сорамай мениң ҳал-жайым,
Жыйналып пирлер толайым,
Руўҳыңды Шалабайға,
Жупты қылған бир қудайым.

Қашсаңыз излеп табады,
Мың жыл дозаққа жағады,
Айтқанына сен жүрмесең,
Исиң насырға шабады.

Ойла туўры жол бурынғы,
Сөзин келтириң орынға,
Қарсы болсаң сен қудайға,
Кетеди исиң қырынға.

Барасаң түбинде ерге,
Қарсы қылма улық пирге.
Айтқан сөзин қабыл алдым,
Айналайын Гүлайым,
Атаңды қылма шерменде.

Жетиң алланың дедигине,
Түбинде барасыз бир ерге,
Шалабайды қабыл алсаң,
Барасаң бейиштиң төрине.

Оған кеўил бермесең,
Сен жеркенип тазша десең,
Қарсы болып пайғамбарға,
Ертең-бир күн сен өлесең.

Перзентим тилегимди алшы,
Атаңның уятын аршы,
Бул дүньяда жасамайсаң,
Болсаң қудайға қарсы.
Тыңласаң асығың алшы,

Қулың болар шопан-жалшы,
Тазшаны сен қабыл алсаң,
Боласаң халыққа басшы,
Аўыр көрме айтқанымды,
Атаңа кеўилиң ашшы.

Арзымды қабыл алмасаң,
Алып кетеди узаққа,
Түсесең қақпан дузаққа,
Пириштелер айдап барып,
Салады саққар дозаққа.

Қорлық-азапқа қанасаң,
Ҳалымыз қыйын, ойласаң,
Қудайдың ҳәмирин бузсаң,
Дозақта мың жыл жанасаң.

Дүньяның жүзин шолайын,
Таппадым, қызым, қолайын,
Қосыл, балам, Шалабайға,
Шырағым ырза болайын.

Таймасын бағым қолымнан,
Адастырма, қызым, жолымнан,
Ақ отаў сайлап тиктирип,
Енши берейин көп малымнан.

Сенсең кеўилимниң тоғы,
Тиймегейсең әжел оғы,
Айып көрме, перзентим,
Ерли-зайып бурыннан,
Бабамыздан қалған жолы.

Керегиң етейин тайын,
Түрли бәлеңнен қорғайын,
Атаң келип басын ийди,
Не қыласаң Гүлайым?

Әлқысса, соны баянлап, әжелге өзин таярлап, қызының кеўилин аўлап, Буўрабай бир заман ўай-ўай салды. Гүлайым буны еситип, зар-зар жылап, көзиниң жасын булап, атасының сөзинен жүреги суўлап, мийи айналып, түклери дуўлап, не қылса да атасының кеўилин аўлап, жылай берди Гүлайым атасына сөзин толғап:

— Дәўлетиң тасқан бай един,
Төрт түлигиң сай един,
Мениң ушын қуўанып,
Кеўилиң тасқан жай един,

Мен дүньяға келгенде,
Қонақ сыйлап қой бердиң,
Ат шаўып мәнзил қыяға,
Улдан бетер әдиўлеп,
Көрдиң он улдан зияда,
Халыққа дабыл тараттың,
Жыйнап аўзына қараттың,
Толы журтқа той берип,
Жолыма мениң арнаттың,
Бунда әрманым қалған жоқ.
Уллы тойды басладың,
Толтырып табақ шашладың,
Халайықты жыйдырып,
Бәриниң кеўлин хошладың,
Бәленттен дар қурдырып,
Алтын қабақ аттырдың,
Жорға байлап жолына,
Алысқа ат шаптырдың,
Қолға алып қолма-қол,
Әширепидей бақтырдың,
Буннан әрманым қалмады.
Улыққа сарпай жаптырдың,
Жарасықлы болсын деп,
Басыма гәўҳар тақтырдың,
Бети айдай болсын деп,
Дүрден шырақ жақтырдың,
Халықтан зыят болсын деп,
Атымды қойдың Гүлайым,
Буннан әрманым қалмады.
Жас қызларды жыйдырып,
Отырғыздың қасыма,
Алтыннан ай соқтырып,
Илдиргиздиң тусыма,
Тәним жерге тийгизбей,
Жеткердиң жети жасыма,
Буннан әрманым қалмады.
Әйне онбир жасымда,
Жаўған қардай борадым,
Кеўилимди жиберип,
Әламды шалқып орадым,
Он алтыға шыққанда,
Саркоптан қала салыўды,
Алдыңа келип сорадым,
Ықтыяр бердиң өзиме,
Ел ишинен қыдырып,
Қырық қыздың басын қурадым,
Мақсетиме жеткердиң,
Буннан әрманым қалмады.
Шәмен гүлим жайнаттың,
Душпанның ишин қайнаттым,
Қырық қыз жыйнап қасыма,
Бағ ишинде ойнаттым,
Буннан әрманым қалмады.
Ойлап соңғыға турағым,
Жыйнап бердиң өз ураным,
Қызым батыр болсын деп,
Әнжам еттиң ат-жарағым,
Буннан әрманым қалмады.
Он сәккизге шыққанда,
Жүйрик атқа миндирдиң,
Жүреги өскин болсын деп,
Қашқан жаўды қуўдырдың,
Мойнын созған байлардың,
Жанған отын сөндирдиң,
Буннан әрманым қалмады.
От тоғызға шыққанда,
Дүнья-малға қызбадың,
Жая менен пал қойдың,
Ишетуғын асыма,
Неше байлар ат салды,
Жолатпадың қасыма,
Дүнья-малға қызығып,
Салмадың саўда басыма,
Буннан әрманым қалмады.
Әрманыў, шерге торландым,
Қатты кетгим бе, қәйтейин,
Сағағымнан байландым,
Ырза емеспен қудайыңа,
Ийттен бетер қорландым.
Сөз бенен ишим қарнадың,
Мәнисин создиң барладым,
Болар ислер болыпты,
Ығбалымды аңладым.
Озалдан ғамын жеппедиң,
Ақыл сорап хеш ўақта,
Алдыма сирә кеппедиң,
Қорқып келдиң алдыма,
Шопан түўе патшаға,
Берейин мени деппедиң?
Қызыл жүзим солыпты,
Өмирликте ядта жоқ,
Болмас ислер болыпты,
Бизге дослар зар жылап,
Душпан болған күлипти,
Алды-артын байқасам,
Пайманамыз толыпты,
Бир иймансыз зар жылап,
Халық еткенге сайыпты,
Бийликти алып душпаным,
Халайыққа жайыпты.
Аса кеткен бай едим,
Басымнан бағым тайыпты,
Душпаныңа билдирме,
Басып кеткен изиңди,
Ата хәмири, қуда хәмири,
Төмен қылдың жүзиңди,
Ығбалыма қайылман,
Өзи өлим болса да,
Қабыл алдым сөзиңди,
Еркимди бердим қолыңа,
Ушыраттың, жан ата,
Қайғылы шердиң молына,

Жүзиң төмен болмасын,
Өмиримди сарп еттим,
Бағыш еттим жолына,
Кеўилимди пәске бурдым,
Гүл едим, ашылмай солдым,
Перзентиңмен, қайылман,
Дәртиңе сениң тақ турдым.

Гәптиң кейни улғайып,
Кетти халыққа ен жайып,
Атасына ўәде берип,
Кетти бағына Гүлайым.
Әлқысса, жоламай алтын тағына,
Жалын шарпып ығбалына,
Не екенин биле алмай,
Гүлайым сыймады бағына.
Еситип қызының сөзин,
Буўрабайдай ладанын,
Қуўанышы сыймады қойнына,
Қудайдан келген парызды,
Қойды қызының мойнына.
Қарсы болмай Гүлайым,
Шықты байдың оңына,
Шалабайдай шопанын,
Жүреди қарап соңына.
Адам арнап алдырды,
Ядына оның салдырды,
Өз алдына ат жоллап,
Буўрабайдай байыңыз,
Шопанын хабарландырды.
Болмай хеш бир жәнжел-ғаўға,
Қой бағып Қарсақлы таўда,
Хабаршы барды ат салып,
Тазшаға хабар айтып,
Мынаны айтады екен:

— Кеўлиңе алма қыйлы қал,
Минген атым Қаражал,
Атаңның атқан оғыман,
Шопан жора, қулақ сал.

Намәлимдур тоғың, ашың,
Дәўран еткен қара басың,
Шопан жора, тез ғамланың,
Қабыл болды көзде жасың.

Қой бақтың шөлде удайың,
Жарқырап туўды күн, айың,
Изиме ер, тезден жүр,
Жарылқады қудайың.

Тасла химайы қабағың,
Жыйна шобыт пен жабағың,
Бахытлы айыңыз туўды,
Көзиңди аш, гүлленди бағың.

Нешше жыл жәбир тартқаның,
Умыттыр суўыққа қатқаның,
Тур ха, заңғар, тез ғамлан,
Орынланды айтқаның.

Халайық кейниңе ерди,
Бағман бағыңнан гүл терди,
Тур ха, тур ха, енеғар,
Мақсетиңди қуда берди.

Бедеўдиң жалын тарады,
Мақсетиң дәртке жарады,
Тур ха, тур ха, Шалабай,
Қудайың туўра қарады.

Тартылды арнаўлы пайың,
Турыпты жолыңда тайың,
Ашық болды сыртыңнан,
Байдың қызы Гүлайым.

Аттың жалын өресең,
Ақ мойнына қол салып,
Ашықлық дәўран сүресең,
Тур ха, тур ха, енеғар,
Кейниме ересең,
Тезден барып атаңа,
Ўәкилиңди бересең.

Арнап келдим мен Мәтен бий,
Қызға күйеў боласаң,
Ҳасылдан таўып кийим кий,
Ашық болды Гүлайым,
Буўрабайдай атаңа,
Тезден барып басыңды ий.

Әлқысса, тазың еситип,
Көкиреги таспады,
Ҳеш бир қуўаныш баспады,
Кеўил бурып сөзине,
Ҳеш бир кеўил қоспады.
Анықлап қулақ салмады,
Қаршығадай қылғынып,
Сулыў қыздың хабарына,
Сирә тилек болмады.
Көкиректе қайғы жоқ,
Табан тиреп, кеўили жоқ,
Ушып-ушып қуўанбайды,
Сөз айтады кек пенен дық мынадай:

— Он бес жыл қулман бул байға,
Өмирлик шопанман қойға,
Нағып қызын береди екен,
Гүналы болғанды қудайға.

Қылған иси ядтан қалмас,
Адам есебине алмас,

Маған неғып қыз береди,
Анықламай барып болмас.

Өткинши болсаң өте бер,
Мен байына шын гүнакар,
Дәрдиме тиймей кете бер,
Шәртин көрмей барып болмас.

Жанымды көзим қыймайды,
Басымнан өткен ислерим,
Ишиме сирә сыймайды,
Ҳәр бир қылған ислери,
Жүрегимди тырнайды,
Шәртин көрмей бармайман,
Маған берген азабы,
Ҳеш бир нырққа сыймайды.

Ашыған ишип тур тулыбынан,
Қуртлары тамшылап қойнынан,
Хабарын қыздың еситип,
Қозғалмады орнынан.

Қылмысым көп мениң байға,
Ылайықпан ба ондайға,
Нағып ашық болып жүр,
Елди тоздырған бийхая.

Әлқисса, Мәтен бий катты ашыўы келип изине қайтты. Сол мәҳәл келип, таздың кеўлиндеги әндийшени билип, Бүўрабайға не жуўап айтты:

— Ишиме толтырды мениң намыс-ар,
Алдына барып ем, болдым гүнакар,
Сөзинди арнап барып едим тазына,
Шопаныңның аўыр, аўыр сөзи бар.

Атқа тақтым тилла маржан сәдепти,
Аңлап турман бир жағынан күш пәтти,
Сөзиң арнап барып едим тазына,
Алдыма жуўырып көпектей қапты.

Сен жүрипсең кеше-күндиз алла деп,
Келсе бойма өзи сәламын берип,
Хабар айтып барып едим қасына,
Көпектей талады атаңа нәлет.

Мийиме халық еткен бәле салмаса,
Тапқан шығар қолайлы бир тамаша,
Сасқынлап, ағажан, қорқпасаң бойма,
Бәлеси бар зейиним шириген болмаса.

Хабар салып сорасайық қыр-ойға,
Жуўыртайық күшти салып ақыл мен ойға,
Нәсиятым, қудайдан болған ис емес,
Сол пикириннен, аға, қорқпасаң бойма.

Жыраў жырлар тамашалы термесин,
Қорқып ушқынбасын ақыл мен есиң,
Ойласам қудайдан болған ис емес,
Залым тазша ҳийле қылып жүрмесин.

Әлқисса, алжыған бай еситип:

—Ядына алғаның сол ма,
Ойыңа ҳеш нәрсе алма,
Пайдан болса басыңа жақ,
Егленбей кет, жолдан қалма,
Ақылгөй деп буйырғанда,
Тапқан базарлығың сол ма?
Мениң исим қудайға пайық,
Пирдиң жолы қупыя жабық,
Әзәзүл жолына салып,
Қылмақшымысаң мынапық?

Жақын келди өлер шағым,
Мәлим мениң қара-ағым,
Кетир кеўлиңнен дағын,
Қудайымның сазасын,
Еситкен анық қулағым,
Шетинен қудай көринбейди,
Жүдә күшли кәраматым,
Пайдаң сениң өзиндики,
Аўлақтан жүр, шырағым.

Дейгөр бир қудайым бенде,
Жайылып кетпесин елге,
Ҳа, шырағым аўлақ жүр,
Боларсаң қудайға шерменде.

Бәршеңизден үлкен жолы,
Кәраматы елге толы,
Тил тийдирип ҳәси болма,
Таз қудайдың сүйген қулы.

Айбатланып ақырды,
Қәҳәрленип лап урды,
Адам арнап Бүўрабай,
Киши хаялын шақырды,
Ашыўланып Бүўрабай,
Хаялына айтқаны:

— Көтердим мен басқа Алла салғанын,
Аңламадым ырас пенен ялғанын,
Шалабайды әкеп берсин алдыма,
Гүлайымға хабар жибер, алғаным.

Сыртымыздан күлки қылды барлық ел,
Бетимди қағып тур мениң суўық жел,
Қызыма айт, әкеп берсин тазшаны,
Сәўри жаным, Гүлайымға барып кел.

Өлер болдым шырмап таққан парыздан,
Қутқарғай қудайым кешикпей таздан,
Гүлайымжан әкеп берсин алдыма,
Қутылайын ўәде берген қарыздан.

Қәсем айтқан едим мен кәмбил пирге,
Ойласам, қосылдым шын гүнакарге,
Шалабайды әкеп берсин алдыма,
Мени қылмай бир қудаға шерменде.

Аўхалымды қызым салсын ядына,
Тезден минсин ол Қарагер атына,
Ықлас пенен ақ пәтиям беремен,
Қарасар халық еткен оның ҳалына.

Әлқысса, Сәрўибийке байдың сөзин еситип қуллық айтты, хасыл липасын кийинип, шын кеўилден берилип, жер гүниренген наласына, зорға сыйып қанасына, жетип барды сол мәҳәл Гүлайымның қасына. Ендиги сөзди еситиң Гүлайымдай сулыўдан.

Гүлайымдай перийзат,
Кеўилин дәрт жайлаған,
Ары келип арланып,
Ҳәр қыялды ойлаған,
Қырық қызына бас болып,
Шөлге ылағып кетиўге,
Жудә белин байлаған.
Күнде үш ўақ жем берип,
Бедеўлерин байлаған,
Қанша қуўып излесе де,
Хеш кәўендер таппаған,
Шөлде ылағып өлиўге,
Мақул көрип ойлаған,
Ҳәр ис түсип ядына,
Шыдамай истиң соңына,
Қайыл болды өлимге,
Келмеди әжел алладан.
Жаў-жарағын асынып,
Қырық қызына бас болып,
Атланыўға қолайлаған.
Сол ўақта қыздың анасы,
Алдына тайын болады,
Кеўиллерин шолады,
Қушақлап сүйип бетинен,
Ядына ҳәрне салады,
Жуўхалық пенен қызына,
Мынадай сөз баслады:

— Айналайын андызым,
Маңлайымда жулдызым,
Атаңның айтар арзы бар,
Қулағың салың жалғызым.

Көзимнен ақты қызыл қан,
Болмады мүшкилим асан,
Зәрре тоқта, шырағым,
Таўып турман бир нышан.

Көллерге питкен қурағым,
Қараңғыда қырағым,
Ашыўыңды тилеймен,
Жалғыз нышаным, қарағым.

Сайдақланып бөлинипсең,
Ишиңнен жаныл-күйипсең,
Гүзар жолға сайланып,
Туўған жерден түңилипсең.

Ашыўдың шыңына жетип,
Қара бағрыңды қан етип,
Қаяқларға барасаң,
Туўған мәканыңнан кешип.
Мәлел алыпсаң ядыңа,
Ким шыдайды бул дадыңа,
Баданадан саўыт кийип,
Өңгерип қалқан алдыңа.

Атаңды етпе қара бет,
Анаң ушын бир мәртлик ет,
Жолың болсын, шырақларым,
Барар жериңиз айта кет.

Әлқысса, сөзди еситип,
Гүлайымдай перийзат,
Көзиниң жасын булады,
Қалша қарап турады,
Анасына зар жылап,
Гүлайым гүррин урады:
— Көрдим қуўатың, пәрманың,
Кеўилиндеги қыял, ғамың,
Анасына қыз айтады,
Ишинде толы әрманың.

Ақылым хайран мениң лал,
Талан болғай дүнья-мал,
Әрманымды айтайын,
Сөзлериме қулақ сал.

Күлки болар болдым халыққа,
Қыйын болды бизиң хал,
Ўақтыхошлық болмаса,
Неге керек дүнья-мал?
Ойланып көр, анажан,
Қалай болды бул аўхал?

Пейлине қарай табынып,
Жолбарысты көпек аңлып,
Теңим шопан болып па,
Дүньяда адам қапылып?

Көлден ушқан ғазбекен,
Қыс күнлер бизге жазбекен,
Дүньяда еркек қапылып,
Қатарым мениң тазбекен?
Бул дүньяға шыққанда,
Салт-салтанат тутқанда,
Мийўалыда жатқанда,
Батырлық еди мақсетим.
Шаппай желмей майрылдым,
Қанатымнан қайрылдым,
Ата болса кәйтейин,
Жағаласып, айқасып,
Жигеримнен айрылдым,
Әрман менен ақсадым.
Бир жағымнан Сыран патша,
Мойнын созған жаў бир қанша,
Арыс батыр, Елек патша,
Әскер жыйнап қурсады.
Қайымлап жүр сай-саламды,
Шуўлатпақ Қырым даламды,
Тийип-тийип қашады,
Шегарадан ары еди,
Журтын талап алсам деп,
Сыртынан интизар еди,
Неше жылдан душпаным,
Менде қасты бар еди,
Тийип-тийип қашады.
Не қылайын, кәйтейин,
Қайтардың жаман таўымды,
Жағаласып, айқасып,
Үздим бекем жалғаўымды,
Талқан етип ўайранлап,
Жықтын бийик таўымды,
Жоқ қылыў еди талабым,
Шүршит, қалмақ жаўымды.
Қасыма ертип қырық қызды,
Салып душпанға тозғынды,
Елге орнатып сиз, бизди,
Жайнатарман деп едим.
Талқан етип Қыран таўды,
Дос тутынып дени саўды,
Ойран етип халықтың жаўын,
Қыйратарман деп едим.
Жалаў байлап дәрўазаға,
Саўыт кийип полат жаға,
Дәўир-дәўран сүрип бағда,
Ойнатарман деп едим.
Душпанымды етип сарсаң,
Мүшкилимди етип асан,
Опат қылып жаўды қырсам,
Қанын шашсам деп жүр едим.
Мәнетим отқа жанып,
Қозғалмай бағым байланып,
Шопаныма мен қул болып,
Байланаман деппедим?
Кирге былғанып ақыбетим,
Гүлайымға бай боп жетим,
Қарап болып ақыбетим,
Жоқ болады деппедим?

Әлқисса сонда шешеси,
Қара сөзден байытады,
Нарға буўра қайытады,
Алдап-арбап Гүлайымға,
Мынадай нәсият айтады:

— Жасында белиңе буўған панаңыз,
Қулақ салсам, сөзинде жоқ хатаңыз.
Тыңласаң, атаңның атқан оғыман,
Қызым деп буйырды сизге атаңыз.

Қәсийети далаға кетпес батаның,
Шақалап өрбимес кейни хатаның,
Бул дүньяда ойлағаны болмайды,
Айтқан сөзи тыңланбаса атаның.

Ойлап көрсең бурыннғыдан қалған сыр,
Өз баласын үш сатыўға ҳаққы бар,
Тазды қызым әкелсин деп жиберди,
Қыйналма шырағым, оңға айналар.

Ҳәр себеп табылып, түсирер сая,
Мәрт болып перзентим, атаңды ая,
Сөз сындырма, сол тазыңды әкеп бер,
Ықлас пенен атаң берди пәтия.

Атаңызда ақыл мен мий мол емес,
Ойлап көрсем, хеш ылайық жол емес,
Қудай, пайғамбарға не шара.
Байыў, патша, ханлар саған тең емес.

Алдырып өз өзиңнен ах урма,
Алдырып басыңа зимистан қурма,
Иншалла, кешикпей оңға айналар,
Пәндим, атаңыздың сөзин сындырма.

Атаның сынса сазасы,
Айтқан сөзи болмайды,
Жарға соғып бәрқулла,
Қылған иси оңбайды,
Нарийза болса атасы,
Тилек қабыл болмайды.
Ырза болса атасы,
Қырық шилтерлер қоллайды,
Жолға сал деп пендесин,
Төрт периште жоллайды,
Қырсыққан талабын оңлап,
Қәте жерин оңлайды,
Деген сөз бар бурыннан.
Сен атаңды сыйласаң,
Исиңди қудай оңлайды,
Алғыс алған перзентлер,
Суўыққа сирә тоңбайды,

Ашыўланба шырағым,
Сениң акырың сондайды.
Әлқысса сөзди еситип,
Қыя шөллер жанлайды,
Шын перзентим болсаңа-я,
Басына түседи сая,
Әкелип бер шопаның,
Ал дарақтай пәтия,
Қыйыннан аман өтесең,
Истегениңди етесең,
Мунайтпасаң атаңды,
Мурадыңа жетесең,
Тазды алып тезден қайт,
Барып атаңның алдына,
Ақша жүзиңди сарғайт,
Ырза емеспен ата деп,
Алдында жылап сөзиңди айт.
Мунаймаңыз перзентим,
Себеп таўып болар қолғайт,—деди анасы.

Әлқысса, оны еситип,
Гүлайымдай перийзат,
Кеўил дәрти уўланады,
Қолғайт болар деген сөзге,
Ушып-ушып қуўанады.
Белине пота буўғандай,
Телезиди, жубанады,
Таздың атын айтқанда,
Зығырданы қайнады,
Барсам барып қайтайын деп,
Гүлайым қайыл болады.
Ашыўланып арланып,
 Иши дәртке толады,
Қырық қызын таслап бағына,
Гүлайым қыз атланады,
Жылан баўыр қамшысын,
Оң қолына алады,
Қарагерин қамшылап,
Жолға рәўан болады.
Қаршығадай қайқайып,
Шөлдиң танабын тартады,
Қарагерин ойнатып,
Бир мезгил жоллар тартады.
Майданлы жердиң алабын,
Шыдатпады жолларды,
Тартып майданның танабын,
Қызыл қумда жәниўар,
Таслады керип аяғын.
Барып ерте қайтыўға,
Қарыў күшин салады,
Омыраўы жазылды,
Қызыл жүзин солдырды,
Ишине дәртлер толтырды,
Тынбай бир мезгил жол жүрди,
Қыя майдан далада,
Ишине дәртлер толтырды,

Жылға, сайды аралап,
Ҳарып-шаршап болдырды.
Жанлы жанға көриналмай,
Атасы айтқанын қылмай,
Өз еркине кеталмай,
Мақсетине жеталмай,
Мәнети арылмай,
Жаратқан деп зар жылап,
Ары келип арланып,
Муңын айтып зарланып,
Аўлақта иштен лебдиў шығарып,
Бөлек таўдың басында,
Гүлайым йығлап турған қусайды:

— Салыстырсам ақыл-ойға,
Құртлар түсти жигер-сойға,
Ығбалыма қара шалған,
Ырза емеспен бир қудайға.

Халық әйлеген, усы саз ба,
Шығалмадым жайнап жазға,
Қудайтаала, ойланып көр,
Мениң теңим усы таз ба?

Жарасықлы гүлге қондым,
Қазан урып гүлдей солдым,
Залым қудай, сен бақламай,
Шағым жетпей зая болдым.

Отқа түсип шыбын жаным,
Теңиме бас қосалмадым,
Қандай ҳийле тапты екен,
Өз жайыма кеталмадым.

Қалып турман бир бәлеге,
Жастан шықты сергизданым,
Бағышлап шашты өргеним,
Сыйынып кеўил бергеним,
Ол да хабар алалмады,
Түсимде анық көргеним.

Аңланбады саға, әрим,
Ҳеш ким билмей есик-төрин,
Қудай, жағаласып туттың,
Бу не сумлық, бу не гөрим?

Дәрдесерге түсти басым,
Бул не азап, не қыласың,
Сондай пейлим жаманбекен,
Ийтлер тартқай есиз лашым.

Нәзер салмай хан, патшалар,
Табылмай тур жәбир коллар,
Бул корлыққа нәзер салың,
Мәдет бер ата-бабалар.

Зая кетти әрман, шерлер,
Гүлайымға талапкерлер,
Бул бәленнен азам әйле,
Аты белли кәмбил пирлер.

Бағымның гүли солмай ма,
Ишим дәртлерге толмай ма,
Тазға мени қаратқанша,
Қудайым алсаң болмай ма?!

Сайран еталмай ҳәр жаққа,
Қазан урды бизиң бағқа,
Әй, халайық, ойлап қара,
Тазың маған ылайық па?

Күш бермеди намыс-арым,
Жоқпекен теңлес қатарым,
Қудай, туўрылықты гөзле,
Шалабаймекен қатарым?
Мысал бейиштен ғулманым,
Көпдур бул таздан гүманым,
Ат көтермес әрман менен,
Кетти кеўилимде әрманым.

Аты шыққан мен Гүлайым,
Алды заңғар таз қолайым,
Усыған зая қылғанша,
Алсаң бойма бир қудайым.

Әлқысса, сол сөзди айтып аҳ урып, иштен дебдиў шығарып, қайғылы шерин туўарып, кеўилди сөзден суўғарып, кәҳәрленип атланып, қалың қопаны қақ жарып, тоғайлы көллерге дарып, келе берди Гүлайым көпес деген тоғайға аттың басын қаратып.

Ат салып келди тоғайға,
Көз жиберип қараса,
Көзи түсти Гүлайым,
Үркип шыққан көп қойға.
Ашыўлы қасқырдай жарап,
Арқа мойнын отқа қалап,
Қойларға узақтан қарап,
Жумыры кийип басына,
Ҳиймай қабағы қасында,
Жумыры торы жамбасында,
Отыр еди кәбап ислеп,
Бир төбениң басында.
Мыстай майдан тақырды,
Ат ойнатқан кимсең деп,
Гүлайымды шақырды.
Жер теңселтип наласына,
Ат ойнатып Гүлайым,
Жетип келди қасына.
Қыздың ашыўын билип,
Пәрмана болып ушып турып,
Қыздың алдын орап,
Келген жумысын сорап,
Тез не айтып тур қызға қарап:

— Аямай ажарды берген қудайың,
Айбатыңнан қорқып алынды айым,
Түрине қарасам зорлық көргендей,
Ат ойнатып келе қалдың Гүлайым.

Жигитке жарасар алтын гүдары,
Түриң көрип кетти мениң мәдарым,
Түрине қарасам зорлық көргендей,
Неге келдиң қырық ханымның сәрдары?

Жаз күнинде бағман терер мийўаны,
Гәп аңғармас жигитлердиң аўаны,
Аўлағында излеп келе қалыпсаң,
Қайыр болсын қырық ханымның палўаны.

Бедеўге салыпсаң алтын ериңди,
Бедеўиңнен шығарыпсаң териңди,
Аўлағында излеп келдиң қасыма,
Жасырмай айт баратуғын жериңди.

Жарқыраған сәўкелеңниң моншағы,
Жүзиңде көринер ашықтың дағы,
Қыя шөлде нени излеп келгенсең,
Маған туўры ашармысаң қушағын?

Әрман менен сарғайтыпсаң жүзиңди,
Бизге ашармысаң гәўхар көзиңди,
Гүлайымжан, қандай жерге барасаң,
Айтсаң бойма бир мазалы сөзиңди?

Астыңа минипсең сайлап Қарагер,
Кеўлиңе шер салыпты қандай ер,
Ат ойнатып излеп келдиң қасыма,
Гүлайымжан саўалыма жуўап бер.

Әлқысса мәккарлық тазың етеди,
Гүлайымның дийдары,
Жүрек-баўырын қан етип,
Ықтыяры кетеди.
Сырын билип Гүлайым,
Мыйығын тартып күледи,
Диңкесин қуртып тазының,
Сүйегинен өтеди,
Жайтаңлатып көзлерин,
Қасын қағып Гүлайым,
Баслады дәлкек сөзлерин.
Көрсетип тазшаға өзин,
Баян етип айтады,
Тазшаға мақсетли сөзин:

— Қарагер атымды желдим,
Сениң қыялыңды билдим,

Әўел бастан ашық болып,
Алыс жолдан арнап келдим.

Ат баққан салар ақырды,
Жек көрмеймен сен пақырды,
Тезден мингесиң артыма,
Атаңыз тойға шақырды.

Еситип тазың сөйледи:
—Ханлар қурады ақ шатырды,
Сөзди таныйды қас батыр,
Қаяқтан ығлам болыпты,
Бай нағып мени шақырды.

Еситип оны Гүлайым:
— Бийик болды шыққан таўын,
Оралысты бек жалғаўын,
Жалғыз қызын саған арнап,
Тикти атам ақ отаўын.

Тазша:
— Кәддимнен суў иштимекен,
Тонын мықлап пиштимекен,
Қәдиримнен биле қаппа,
Бир жақтан күш түстимекен.

Гүлайым:
— Пәтиўаңа басқан сөзине,
Зар болдым басқан изине,
Көп сөзди қой, артыма мин,
Арнап келдим мен өзине.

Тазша:
— Он бес жыл жуўырдым қойға,
Не жақсылық салған ойға,
Қаяқлардан күш түсти екен,
Өзи шақырғандай тойға.

Гүлайым:
— Ядына сирә алмайсаң,
Айтқан сөзлерге нанбайсаң,
Ашық болып излеп келдик,
Өз аяғыңнан бармайсаң.

Тазша:
— Биреўди қайсардың сөзи,
Жантақлар шыққай жүзине,
Миллетли қыз керек емес,
Жоғал ха, заңғардың қызы.

Гүлайым:
— Ишимде толы намыс-ар,
Болдым сыртыңнан интизар,
Тур жайдан, елге қайтайық,
Арнаўлы саған қызық бар.

Тазша:
— Сөзиңе қулақ салмайман,
Миллетиң сениң алмайман,
Жоғал ха, заңғардың қызы.
Миллетли тойға бармайманқ

Гүлайым:
— Екеўимиз атқа минейик,
Аўыз бирликке келейик,
Ашықлық пенен бас қосып,
Әрмансыз дәўран сүрейик.

Тазша:
— Кейнине сениң ермеймен,
Тириде еркимди бермеймен,
Неше жыл азап берген жоқ,
Атаңның жүзин көрмеймен.

Гүлайым:
— Сыр шашпағыл жақын-жатқа,
Қалма халайыққа батқа,
Қутылайын мен қарыздан,
Егленбестен миниң атқа.

Тазша:
— Ашық етиңиз араңды,
Қыздырма заңғар жараңды,
Қайтсаңа, заңғардың қызы,
Көрсетпе бизге қараңды.

Мына сөзди еситип,
Гүлайымдай перийзат,
Қатты келди кәҳәри,
Тайды басынан бәҳәри,
Ашыўын жаман келтирип,
Келди намыс билен ары.
Таздың айтқан сөзлери,
Жанына жаман батады,
Тойдырды қызды қанына,
Жолықтырды тазыңды,
Замананың тарына.
Тыңламады Гүлайым,
Жылап айтқан зарына,
Қыйын-қыстаў жердеги,
Түсти белли көрына,
Жолығысты қуў тазын,
Дегендей қардарына.
Ашыў кернеп арланды,
Жайтаңлаған көзлери,
Жанған оттай жайнады,
Жүрегиниң жедели,
Қазанлы астай қайнады,
Қарсыласып Шалабай,
Әжеп ғана ойнады.
Арнаўлы күшин баслады,
Ат жылаўын бослады,

Батырдың кеўлин хошлады,
Еки көзи аларып,
Аш бүркиттей пәнжесин,
Тазға керип таслады,
Көкмар қылған серкедей,
Тақымына басады,
Қыя майдан далада,
Ылақ қылып қашады,
Қара шашын таратты,
Көргенниң қуршын қайнатты,
Саркопке қарап ылағып,
Аттын басын қаратты.
Маңлайы қара тазыңның,
Көзинин жасын булатты.
Қыя майдан далада,
Қарагерин ойнатты,
Еркин бермей тазыңның,
Енгезесин қурытты.
Қуў тазшаға ашыўын,
Жаўған қардай боратты.
Тамашаға тазшаның,
Хал-жағдайын сорапты,
Гүлайымға жалынып,
Тазың сөзин баслапты:

— Ағыздың көзде жасымды,
Ақыл-естен айырып,
Жойттым гәўхар тасымды,
Жаным саўға сорайман,
Жулып таслама басымды.

Ерксиз байладың қолымды,
Батыл қылдың кең жолымды,
Жаным барда жерге тасла,
Раўа қылма өлимди.

Бүлдирди қандай зыяным,
Зая кетпесин қыялым,
Тарта берме басымды,
Ийесиз таслама малымды.

Басқа екен ақыл-ойың,
Себиллер қалмасын тойың,
Жаным барда жерге тасла,
Үзбе Гүлайым мойыным.

Қуўанып тасып толайын,
Жолыңда құрбан болайын,
Өлер болдым тақымыңда,
Мәрхамат етиң Гүлайым.

Ериксиз тақымыңа бастың,
Ылақ қылып алып қаштың.
Таста мени, шықты жаным,
Бурыннан қалыппеди қаның.

Әлқысса, сөзлерди айтады,
Гүлайым перийзат,
Ырайынан қайтады,
Қызыл жүзин қубартады,
Қапа кеўлин хошлады,
Еки қолын услады,
Мысал көкмар текедей,
Сәске ўақта әкелип,
Буўрабайдың алдына,
Шалабайдай тазыңды,
Ылақтырып таслады.
Буўрабайдай байыңыз,
Қуўаныш сыймай қойнына ,
Ырза болып қызына,
Ўақтын хошлап жубанды,
Қапа кеўлин хошлады,
Белдеўге бедеў байлады,
Ақ отаўды сайлады,
Алып келип тазыңды,
Өз кеўлинен Буўрабай,
Ықырар келип аўзынан,
Шалабайдың жолына,
Қызын бағыш әйледи,
Қутылып қудай қарзынан,
Кеўилин шад әйледи.
Аўылдың қатын, баласын,
Нәрсе қоймай жыйнады,
Баса-басты салады,
Шалабайдай тазды қатынлар,
Дәл ортаға алады,
Қуўанышқа мийри қанады,
Бас күйеўге санады.
Ақ кийизге салады,
Тумлы-тустан көтерип,
Қол ушына алады,
Шын мехрибан болады.
Қатарына ергизди,
Қолынан кәде бергизди,
Көримлик берип көргизди,
Шаллы дәўран сүргизди,
Есик ашып қатынлар,
Ақ отаўға киргизди,
Басын жерге ийгизди,
Урып-соғып қатынлар,
Босағаға тийгизди.
Жаўып жипек шапанын,
Басына қундыз кийгизди,
Ақ қылқасын қатынлар,
Теберик етип бөлисти,
Тамашагөй қатынлар,
Шақалақлап күлисти,
Неше аўан қатынлар,
Қушақласып көристи,
Уллы, киши жәм болып,
Тоғыз кәде үлести.

Сыртынан көрип Буўрабай,
Жүдә кеўили өсти,
Қарызынан қутылып,
Төрт түлиги сай болды,
Көзи толып жәмине,
Дағазалап аўылына,
Ақылы жетпей соңына,
Анбай истиң қопалына,
Асықтырып өз топарына,
Түсинбей намыс-арына,
Көз салмай қыздың зарына,
Байың ғайрат салп атыр,
Гүлайымды тазша менен,
Бир қоспақтың ғамына.
Жыйнатады басшы аға,
Басқа күн туўып асыға,
Қарамай жағдай жағына,
Бир қаншаны жағып майға,
Хабар шашып өз орайға,
Хабарландырып уллы тойға,
Буўрабайдай байыңыз,
Тарқатты елге дағаза.
Гүлайымдай перийзат,
Бул хабарды еситип,
Қара байлап, тутты аза,
Жүдә қайыл өлимге,
Себепсиз жетпеди қаза,
Үлкен зәўлим салып атыр,
Асықтырып бай баба,
Салады көпке биймаза.
Елин толық жыйнатты,
Тум-тусқа атлар ойнатты,
Тамашалы дабыл қақты,
Аңғармай қараны-ақты,
Дүнья-малын тарқатып,
Тумлы-тусқа ат шапты.
Тутты үлкен салтанат,
Буўрабай хош болып ўақты.
Елди толық жыйдырды,
Топарлап мал сойдырды,
Төрт қырлап ошақ ойдырды,
Керсенлеп табақ қойдырды,
Жасуллының басын қурап,
Хизмет пенен қондырды.
Ат шаптырып,
Нақыра сырнай тарттырып,
Ўақты хошлық еттирди.
Умыт болар соңға деп,
Дүрден шыра жақтырды,
Соңғыға ядта қалсын деп,
Алтын қазық қақтырды.
Сарқоптың елин қоймай жыйып,
Толтырып табақ шашлады,
Елдиң ўақтын хошлады,
Ылақ берип үш жерден,
Түрли өрнек баслады,
Әўели рениш болса да,
Тазың кеўлин хошлады.
Хәзирги ўақта жубанып,
Болар иске жүдә қанып,
Ойлай-ойлай қараса,
Ақыбети жүдә анық,
Тумлы-тусқа көзин салып,
Қол урмаға сулыўға,
Қыдырып жүр хәр жерден,
Қыздың қолай жерин алып.
Бир көре алмай күйип жанып,
Салтанатқа мейри қанып,
Ақыл-есин жыймаға,
Ақ некесин қыймаға,
Булғары оймақ оймаға,
Хәўес болып тур тазың,
Гүлайымдай арыўдың,
Ақ жүзинен сүймеге.

Қара бағры болып қан,
Басына түсип зимистан,
Тар көринип кең жаҳан,
Енди хабар айтаман,
Әўел бастан наырза,
Гүлайымдай сулыўдан.
Кетип қалып бағына,
«Қыйын болды арзыў-хал,
Тазға зая қылған қудай,
Аманатың келип ал»-деп,
Гүлайым бағында жылап жүрген қусайды:

— Шыдадың, залым бай, намысқа, арға,
Қараттың қызыңды ийттен де қорға,
Ата болып нәтийжеңиз усы ма,
Тазыңды ийт талап, шоқығай ғарға.

Зая болды мақсет пенен ойларым,
Ийтлер тислеп әдира қалған бойларым,
Сорамадың қызыңыздың халынан,
Асқа дөңгей берип атқан тойларың.

Бир пул еттиң мың туўарлық бул баҳам,
Шешилместен шийе байладың сағам,
Бүгин өлсем ыразыман қудайға,
Бул дүньядан усы болса сыбағам.

Нәзер салар шын пендениң алласы,
Қозар болды кеўлимниң жарасы,
Усы болса, ата, сеннен нәтийжем,
Кешке жетпей хәзир өлгеним жақсы.

Бар болсаң қудайым бир туўры қара,
Сағадан байландым мен бахты қара,
Түп атамыз, дәртлериме нәзер сал,
Ырасты, харамды көз бенен барла.

Жаманлық қылғанның шырасы сөнсин,
Ҳәр ким сүйгенимен ойнасын, күлсин,
Қарамадың қызыныздың көўлине,
Тойың тазыңыздың асына дөнсин.

Әлқысса, соны айтып Гүлайым,
Өксип-өксип жылады.
Еситкен бираз мөҳминниң,
Қуйқа-түги жуўлады.
Мақул сөзге мал маңырар,
Айтқан сөздиң салмағына,
Биябанлар шуўлады.
Көўилин ашып Гүлайым,
Жәрдем тилеп бәрхақтан,
Көўил берип түрли жақтан,
Алға басып баратыр,
Жаздырылмай түскен қақпан,
Суўға кеткен шөп кармар,
Тәме қылды Гүлайым,
Қатарлас жигит, жан-жақтан.
Ақыл шашып қыдырды,
Қатарын ел-елаттан,
Ығбалы ызғар тап алып,
Жан шығарға келип тур,
Темир торға қамалып,
Гүлайымдай сулыўға,
Түрли ғарамат жамалып,
Отыр еди бағында,
Аш бүркиттей шабынып,
Хеш жерден жәрдем табалмай,
Отыр еди тазға арналып,
Батыл болып туўған айы,
Жарылқамай бир қудайы,
Хеш бир сөзи тыңланбай,
Атадан алынып айы,
Жамбас урмай бир жақтан,
Бир қатарлық теңи-тайы,
Ақыл-естен айырылып,
Кетип жаман қолайы.
Атасының көўилин жықпай,
Тайын болды бир қардары,
Ашығынан хабар таппай,
Отыр еди ҳайранда,
Үш рет шақыртыўшыға бармай,
Хеш кимниң айтқанын қылмай,
Отыр еди Гүлайым.
Қас қарайып күн батты,
Халайық шыра жақты,
Биреўди биреў бақты,
Ашықтың жүрер ўақты,
Әрман шерин молайтты,
Уялғаннан Гүлайым,
Бетине пердесин шалып,
Ҳәр түрли мақсет ойланып,
Жеңгесин алдына салып,
Отаўға қарап жол тартты.

Қырық қызына бас болып,
Баўыры қара тас болып,
Әйне жатар ўағында,
Ақ отаўға киреди,
Гүлайым сулыў бас болып.
Бул хабарды еситип,
Не әрманлы жигитлер,
Ғаўлап үйге толады.
Гернай-сырнай тартылған,
Қыз-келиншек жыйналып,
Сан тартып тәреп тутылған.
Қызады мейлис майданы,
Қара шашын тарайды,
Пинҳамы көзлер қарайды,
Гүлайымға көз шарлап,
Не әрманлы жигитлер,
Бийиқтыяр қулайды,
Не әрманлы жигитлер,
Еслеринен танады,
Батырға өзин санады,
Гүлайымның келбетине,
Тәсийин қалып турады,
Әрман, шерин тарқатып,
Қайта-қайта қарайды.
Сөйлескенди бир аўыз,
Ериксиз тартып барады.
Бети айдай жарқырап,
Иркалмай өзин албырап,
Көзи түскен ўағында,
Жигит түўе алдында,
Ғарры туралмас қалтырап.
Йошландырар көрген көзди,
Жүзи түскен жеринен,
Қәстелер табар саламат.
Қарай ғойса бет алды,
Ашыққа берер дарамат.
Сусы басып бәршени,
Гүлайымдай перийзат,
Ҳақыйқат зардың заманы,
Ызғыған түрли бәламат.
Басланып қызықлы дәўир,
Биреўден биреўи тәўир,
Қатарымен кесе алысқан,
Сүрилген қызықлы дәўир,
Отырыспа тарқамай,
Түн жарпысы болады,
Шайыў-шекер қанады.
Қатарында нар еди,
Иши толы ар еди,
Гүлайымға таламан,
Жасынан-ақ бир жағында бар еди,
Өлгейлиден жүдә қардар,
Ишине келсе тилла сардар,
Ҳадалдан жоқ таўығы,
Ҳарамнан жоқ пышығы,
Өлгейлиден жарлы еди,
Маңлайда жоқ, тилге бай,

Аты шыққан сорлы еди,
Гүлайымның ҳалынан,
Жүдә хабардар еди.
Сары таўдың даласы,
Баса қонған ел еди,
Бууўрабайдың аўылына,
Түн жарпында келеди,
Аты ким деп сорасаң,
Есенбек шайыр дер еди,
Айтқаны ҳеш жерде болмай,
Кеўли әрман, шерли еди.
Болып атқан исти билип,
Өзин иркип тура алмай,
Хабар алған сол еди.
Жабықты түрип сығалап,
Гүлайымнан ҳал сорап,
Ҳәўжар намасына салып,
Есенбек шайыр не деди:

— Есенбек ғайың ғайлап келип турған,
Сениң ушын жолында жаным қурбан,
Атаңыз салтанатлы той берипти,
Дәўраның қутлы болсын Гүлайымжан.

Тарийх үстем боп па шопан, малай,
Қосылса еки ашық шекер-палдай,
Сыртыңнан хабардарман мен удайы,
Сырыңды бир еситтир, ҳалың қалай?

Гүлайым:
— Қамады залым атам қыйын торға,
Қамалдым, қоршаландым, соқтым жарға,
Сен едиң шын сүйгеним әўел баста,
Тазшадан қутылғандай күшиң бар ма?

Жигит:
— Жығында тас бузады байдың сөзи,
Ишиме дәртлер салды-аў қумар көзиң,
Ғайрат салып тазыңнан мен қутқарсам,
Еркинди берермисең, байдың қызы?

Гүлайым:
— Нешше жыллар қолымды создым айға,
Қармалап қулаш урдым тереӊ сайға,
Мениң ушын тазшаға ҳийле тапсаң,
Келтирейин умытпай мен қолайға.

Жигит:
— Дәрдиңнен жүрек-бағрым жүз мың пара,
Күлки сөз батады екен бара-бара,
Бай, патшаны кәлемей таңлап жүрип,
Қатарың таз болды ма, бахты қара?

Гүлайым:
— Кеше-күни жыласам да кәдири ҳаққа,
Бақламады қудайым қара-аққа,
Тазшаның желкесин мен көрермедим,
Атам қара тикти ғой бизиң баққа.

Жигит:
— Киси ушын қаласаң ба бек байланып,
Тигиңнен отқа жанба, көр айланып,
Ҳәркимниң минген таўы бийик болсын,
Отқа жанба басыңа саўда салып.

Гүлайым:
— Есенбек, ақылың болса айтшы билсең,
Ықтыярды берейин сен не десең,
Тазшаны жер соқтырса болар еди,
Сорлы атам аяғыма салды кисен.

Жигит:
— Бул иске қайыл болма, аўыр ойлан,
Атам дийип жаманатқа болдың сен дақ,
Айтқаным, сүйгениңе қолыңды бер,
Отқа тири салыпты залым атаң.

Гүлайым:
— Дос болмас кеўил ашып қатар-қурдас,
Шыны дос қолай келсе алдап урмас,
Халайыққа билдирмей ҳәмел тапсаң,
Шын сүйип сениң менен болдым жолдас.

Жигит:
— Атаңыз айыралмай нырық-бақасы,
Суғанақ ийт жалаған есиз лашың,
Атаңның айтқанына кеўил қойма,
Сол тазды бай қылғаннан өлген жақсы.

Гүлайым:
— Есенбек, атыңды сен аямай шап,
Некесин ишпей турып әбирейим жап,
Атаға көнбесликке илаж бар ма,
Тазшадан қутылыўға бир ҳәмел тап.

Жигит:
— Жаным ашып қармалап келип турман,
Жолыңда талан еттим жаным қурбан,
Шынтың мен сен маған кеўил берсең,
Жаўыңды қорғамаға мен жуп зорман.

Гүлайым:
— Әрмансыз бул дүньяда арыў қушқан,
Қыйында пайда тийер шыны достан,
Жүрек етип қасыма келалмадың,
Сүйген досым сен едиң әўел бастан.

Жигит:
— Шуғыл сөзге нанғанды соры қайнап,
Алданып о дүньяның ғамын ойлап,
Жағаласып жибермей өз еркине,
Сени отқа таслаған бағың байлап.

Гүлайым:
— Айтқанынңа көнейин, алдым жаз ба,
Айқассаң жығатуғын күшиң аз ба,
Ер дийип етегиңе асылайын,
Өлгендей хийле тапсаң усы тазға.

Жигит:
— Алмай ма ертең-бир күн неке қыйып,
Хазар тауып өлерсең ишиң күйип,
Оған қайыл болғаннан өлген жақсы,
Жүргенше таздың қотыр басын сүйип.

Гүлайым:
— Билдирмей хеш адамға ғайрат салсаң,
Тәғдирдиң жазған исин қабыл алсаң,
Сыйынып шынтым менен пир билемен,
Сездирмей усы таздың жанын алсаң.

Жигит:
— Әрманым жоқ усласам сениң қолын,
Қайыр болғай мақсетли жүрген жолың,
Гүлайымға қосылып дәуран сүрсем,
Ырзаман арғы түби болса өлим.

Әлқысса, сонда сөзди айтып,
Жасырын пикирлерин аңлады,
Кеўлине салып алғула,
Айнымасқа айтысып олла,
Жүзин көрип бир бириниң,
Қудайына болды ырза.
Әрман менен кешикпей,
Нурын шашып атты таң да,
Бир-бири сыртынан қуўанысып,
Кеўиллери шағласып,
Уллы сәске ўағында,
Есенбектиң сөзлерин,
Анықлап сулыў тыңлады,
Айтқан сөзин еситип,
Ақылы хайран болды,
Салмағына сөзиниң,
Шай ишкендей қуўанды.
Кеўлин бурып бир жаққа,
Тәўекел бир ис баслады,
Бир қудайға сыйынып,
Белин бекем байлады,
Есенбектиң айтқанын,
Дурыс дийип ойлады,
Сөз айтыўға тереңнен,
Өзин сөзге сайлады.
Ашылған гүлдей солайын,
Әрмансыз тасып толайын,
Айырыўға тазшадан,
Таба кеткеймен қолайын,
Жақсы сөз айтып тербетип,
Шын мийрибан болайын,
Еки ғарға урысса,
Оқшыға оң түседи,
Қырыла кеткей толайым,
Нәсият айтып тербетип,
Шын кеўилин шолайын,
Майданға шығып ен жайып,
Халайыққа көз болып,
Есенбектей батырдың,
Қасына жақын барайын,
Хошеметлеп тербетип,
Бар ғайратымды салайын,
Зәрре бағыш деген бар,
Ашыла кеткей талайым,
Ғайраты менен жеделин,
Түрин көрип аңлайын,
Ондай-мундай ис болса,
Қандай екен келбети,
Түр-бийнесин аңлайын,
Мен сөйлетип қарайын,
Келиспесе келбети,
Қәҳәримди салайын,— деп,
Жедел қылды Гүлайым.
Сол қыялды ойлады,
Сөз айтыўға тереңнен,
Өзин сөзге сайлады,
Тал шыбықтай таўланып,
Таўыс киби сайланып,
Аўзынан шыққан демлери,
Сары алтындай пуўланып,
Қалың питкен қара шаш,
Мойынына оралып,
Қәҳәрленип қуйланып,
Хәр түрли қыял ойланып,
Қаршығадай қыялланып,
Жүзлери гүл-гүл жанып,
Көргенлердиң сырын танып,
Майданға шықты Гүлайым,
Халайықтың ақылын алып.
Алып бир нешшениң айын,
Тутынып хәр түрли шайын,
Ислерди келдирип қайым,
Сәўле шашар жүзлери,
Жүрди шалқайып Гүлайым.
Сүрме шалып шашына,
Ара берип қасына,
Саўда салып Гүлайым,
Бир нешшениң басына,
Толықсып сөйлей береди,
Есенбектиң қасында.
Кеўили дәрьядай тасып,
Бир нешшени сусы басып,
Жигиттиң берекети қашты,
Ақылынан айра түшип,
Көзин жумып, гәҳи ашты,
Гүлайымның сусы басты,
Жеңил кеп қыздың қасына.
Минажат қып алласына,

Көпшиликтиң ишинде,
Саўда түсип басына,
Сусына шыдап туралмай,
Өзин-өзи иркалмай,
Таслады жерге лашыны.
Кеўлин алып Гүлайым,
Сырын шашпай халыққа,
Есенбектей шайырға,
Былай деп сөзин баслады:

— Таслады̆ң жерге лашынды,
Қабыл алдым көз жасынды,
Өз қолымнан қәдирлеймен,
Алтынға тенеп басыңды.

Көтер қәддинди өзинди,
Қабыл алайын сөзинди,
Мүлгий берме бийхуш болып,
Нәзер салың, аш көзинди.

Қабыл алсаң көп дүнья-мал,
Төкпе бизден намыс-ар,
Көтер басың, нәзериң сал,
Алма кеўлиңе қыйлы қал.

Тыңладым жазған хатыңды,
Билейин хаслы-затыңды,
Мәлим сырың озал бастан,
Умытпайман мен атыңды.

Шықпайсаң сирә ядымнан,
Суўлар ишкенмен қәддиңнен,
Кеўилим сүйип озал бастан,
Сүйгенменди атыңнан.

Заманам мениң тар еди,
Нешшелер интизар еди.
Келбетиңе сүйинип,
Кеўилим сенде бар еди.

Озалда ойда ис еди,
Сен десем бирим бес еди,
Көзим кирсе уйқыға,
Бирге жүремен түсимде.

Сыпайы қызады параға,
Соқпасын исиң жараға,
Жигит болсаң жәрдем көрсет,
Бизиндей бахты қараға.

Тенимнен кетти дәрманым,
Не болар екен әрманым,
Усы таздан қутқарсаңыз,
Сенсең сәүгили ярым.

Әлқысса, соны айтады,
Отаўға қайтып киреди,
Сол ўақтында Есенбек,
Кеўили қайнап йошады,
Кеўилине бийшара,
Ярға кеўил қосады,
Қуўанышы сыймай қойнына,
Қанат байлап ушады.
Қайдан жүрер екен деп,
Таздың жолын тосады.
Гүлайым менен гәплесип,
Қап таўындай күш алды,
Ғәрип кеўили халласлап,
Қас душпаннан өш алды,
Көтермелеп өзин-өзи,
Қап таўындай пәт алды,
Таздың изин қыдырып,
Қарады заңғар бет алды.
Хәр қыялды ойлады,
Батырға өзин сайлады,
Қадди бойы калтырап,
Аўылды тинтип аралап,
Бир қанша жерди жайлады.
Әне-мине дегенше,
Бир қанша тойлар тойлады,
Той-тамаша тарқады,
Қас қарайды, күнлер батты,
Ким қыдырып, кимлер жатты,
Той-тойлаған көп қонақ,
Тумлы-тусқа тарқасты.
Қырық қыздың бәри тум-тустан,
Жеңгелери қасында,
Дүржаханы басында,
Алып тойдан үлес пайын,
Ойлап түрли истиң жайын,
Ишип нәшели көк шайын,
Яд етип қәдир қудайын,
Бақлап истиң қолайын,
Есенбекке тилеклес,
Боз орданың ишинде,
Отырыпты Гүлайым.
Соңын бақлап ислердиң,
Яр болғай қәдир қудайым,
Бағының гүли шайланып,
Хәр жағынан қолайланып,
Есенбек шайыр жүрипти,
Соңында таздың жолланып,
Шалабайды табалмай,
Жүр аўылды айналып,
Онда-мунда жуўырып жүр.
Хеш қолайын табалмай,
Ўәдесине байланып,
Қуўыс-қолтықты тинтип,
Жәҳән жерди жайланып,
Керек затын таклады,
Гүлайымға сыйынып,

Мәккерлигин жақлады,
Жатқан жерин тазшаның,
Есенбек шайыр баклады.
Сулыўлығы Гүлайымның,
Жүрек бағрын дағлады.
Тәўекел етип ғөш жигит,
Белин беккем байлады,
Батырға өзин сайлады,
Еки жүзли пышағын,
Қонышына салады.
Сорасаңыз яранлар,
Ойлаған оның мақсетин:

— Бир тәўекел қылайын,
Гүлайымдай сулыўдың,
Жолында курбан болайын,
Қарсы турып жаўына,
Бар ғайратым салайын,
Таўып алып тазшаны,
Қарқыратып шалайын,
Гүлайымдай сулыўды,
Неке қыйып алайын,
Ақ денели арыўдың,
Сүйген яры болайын.
Ашық едим көп жылдан,
Жаңа таптым қолайын.
Жолына өзин арнады,
Әсте басып аңлады:
Қулағын салып тыңлады.
Шалабайдай тазыңыз,
Аўлағын алыпты,
Жән-жаққа қулақ салыпты,
Гүлайымның жолына,
Жаны қурбан болыпты,
Үш күн улай селигип,
Уйқыдан жүдә қалыпты,
Гүлайым деп аҳ урып,
Жанына сегбир салыпты,
Ақ сарайдың төринде,
Аўлағын алыпты,
Ҳасылдан төсек салыпты,
Үш күн тамам селигип,
Жанына жаман батыпты,
Сейил қурған ер жигит.
Бәлент таслап көпшикти,
Шалқасына жатыпты,
Күни менен ат шаўып,
Қайғысын әбден жойыпты,
Түрли-түрли жемистен,
Мейлинше жеп тойыпты.
Жарық қылып жатқан жерин,
Басына дүр қойыпты,
Кеўили өсип ладанның,
Уўайымды қойыпты.
Әжел ҳийле таптырмас,
Ҳәр иске қайыл болыпты,

Еплеп басып аяғын,
Барлап ояқ-буяғын,
Беккем услап қолына,
Келте-келтек таяғын,
Келтирип исти қолайға,
Сыйынып қәдир қудайға,
Өлемен деген ойда жоқ,
Әйне таңның алдында,
Есенбектей шайырың,
Жетип барды сарайға.
Саўда түсип басына,
Буны көрер адам жоқ,
Еки жүзли пышағын,
Услап беккем қолына,
Қарамай оңлы-солына,
Тайын болды енеғар,
Қуў тазының қасына.
Ҳеш нәрседен хабарсыз,
Жатқан екен шалқасына,
Келтирип сондай қолайға,
Сыйынып қәдир қудайға,
Қорқып қарап турмады,
Мойнын сирә бурмады,
Ҳеш бир гүман қылмады,
Барлап алып еки жақты,
Жайған керип қушақты,
Сом жүректиң баўы деп,
Ғапыл жатқан тазыңа,
Есенбектей батырың,
Керилип урды пышақты.
Әжелге ҳеш бир шара жоқ,
Ойласаң, таз жүдә састы,
Ырғып турды орнынан,
Есенбектиң қолынан,
Жулып алды пышақты.
Тапжылмастан бир тартты,
Еки қолын кең услап,
Жәнәўли менен тазыңыз,
Керип урды пышақты.
Жатқызып барлық елди,
Қызыл қанлар сел-селди,
Қорқыныш шамасын билди,
Уры көти қуўысты,
Есенбекке зор келди,
Саўда түсти басына,
Келди адам қасына,
Кушақлап турған батыры,
Тарпа басты астына,
Жанәўли менен енеғар,
Керилип тепти басына.
Есенбек ақылдан састы,
Есенбектиң қолынан,
Жулып алды пышақты,
Еки көзи аларып,
Есенбектиң алқымына,
Керилип тазың бир тартты,

Саркырап қызыл қан акты.
Ҳәлсиреди тазыңыз,
Ақылынан адасты,
Қызыл жүзин қубартты,
Сол ўақытта тазың,
Өлерин енди аңлады,
Басын шайқап Есенге,
Екки көзин алартты,
Аўзы-басын қобартты,
Дәрманы кетип дизинен.
Бийлей алмай геўдесин,
Узынына қулапты.
Әжел хийле таптырмас,
Бәлени айдап аппарды,
Ғапыллықта бийшара,
Айталмай калды ғаппарды,
Буўрабайдай байына,
Бералмады хабарды,
Етер исин еталмай,
Мақсетине жеталмай,
Көралмай теңлес қатарды,
Сарғайып таңлар атарда,
Әрман менен бийшара,
Тартты узаққа сапарды.
Нешше жыллар жуўырып жортты,
Халайық оны хор тутты,
Питкере алмай мақсетин,
Тухым шашып бийшара,
Калдыра алмай зүриятты,
Гүлайым деп зар жылап,
Жәбри-жапалары артты.
Ғапыллықта бийшара,
Душпан түсип араға,
Әрманы-шерин молайтты,
Етер исин ете алмай,
Мақсетине жете алмай,
Әрман менен бийшара,
Ақыретке жол тартты.
Еткен ислер болды пайық,
Кетти заманасы тайып,
Сөзге ылайық тәрийпин жайып,
Кете берсин тазыңыз,
Есенбектен сөз баслайық.

Шалабайдың Есенбек,
Хаққынан аман шығыпты.
Жан айбат пенен,
Зорға-зорға жығыпты.
Тар жерге басын тығыпты,
Тырп еткизбей енеғар,
Өкпеге пышақ суғыпты,
Жан айбат пенен енеғар,
Алкымынан буўыпты,
Өкпесин жүдә сығыпты,
Күшине шыдам бералмай,
Есенбектиң көзлери,
Парта-парта шығыпты.
Ашық болып зар жылап,
Гүлайымға етип талап,
Сулыўдың жолында шағлап,
Гүлайым жүзин көрсетип,
Мәккарлық пенен байлап,
Басларына жетипти,
Қанына батып карқырап,
Пышақ пенен кегирдек,
Салма жаптай сарқырап,
Гүлайымды аламан деп,
Өз-өзин әжелге байлап,
Тек шықпаған жаны бар,
Өлимге жүдә таярлап,
Күн шығардың алдында,
Есенбек те болды сап.
Өлимде жоқ хеш бир ялған,
Я шопан бол, я патша бол,
Әжел қурығын салған,
Әўел баслап сум әжел,
Абыл, Қабылды алған,
Сум әжелдиң дәстинен,
Кимлердиң гүли солмаған.
Нешше жыллар жер шолып,
Рейими болмаған,
Ойлап көриң, яранлар,
Бар ма сум әжелден қалған?!
Әрманда акты қызыл қан,
Ғапыллықта шықты жан,
Етер исин ете алмай,
Мақсетине жете алмай,
Гүлайымдай сулыўға,
Ырзашылық бере алмай,
Қуў тазшаның кейнинен,
Ол да кетти дүньядан,
Булардың бундай болғанын,
Сезбей қалған бир адам,
Күлкиге жүдә батыпты,
Майдандағы көп ладан.
Буўрабайдай байыңыз,
Жатыр еди уйқыда,
Тазша шығып ядынан,
Әйне намаз ўағында,
Басын қосып қатынлар,
Хабар алды тазшадан.
Болған исти аңлады,
Зәрре жаны қалмады,
Ядынан алып саяғын,
Сүйеп қойып тал таяғын,
Таң намаздан кейинирек,
Жатыр еди бай баба,
Көтерип көкке аяғын,
Барлап ояқ-буяғын,
Сөзге түрип қулағын.
Жуўырып келди қасына,
Баян етти байына,

Таздың аўхал баянын,
Есенбектиң келгенин,
Көргени хәм билгенин,
Еки бирдей батырдың,
Қушакласып өлгенин.
Еситип оны байыңыз,
Жаман сөзге жан секирер,
Дәрманы кетип жонынан,
Ышкынып жаны қоңынан,
Қаны қашып өңинен,
Не екенин биле алмай,
Ырғып турды орнынан.
Жалын қаплап денесин,
Қан атылды мурнынан,
Өлим деген саўданы,
Көрмеген хеш бир бурыннан,
Қаны қашып қалтырап,
Кийимин киймей албырап,
Жуўырды есикке қарап,
Зордан келди өзине,
Қаны бойына тарап.
Қыямет базарын қурды,
Аңламады есик-төрди,
Пышағын қынан суўырды,
Жалаң аяқ, жалаң бас,
Арданлады, жуўырды,
Жер танабын қуўырды,
Жығылып талай урағa,
Хәр жерде соғып қорағa,
Адам таппай сораўға,
Жолығып жасырын жаўға,
Түсти басына жәнжел ғаўға,
Зорға жетти байыңыз,
Тазша жатқан ордаға.
Албырады, алады,
Жән-жағына қарады.
Қызыл қанлар ағыпты,
Басына саўда салыпты,
Бирин бири аямай,
Аўлақта батырлар,
Қарқыратып шалыпты,
Буўрабайың өлигин,
Зордан-зорға таныпты.
Ойлап турса байыңыз,
Үлкен жалаға қалыпты,
Көрип оны байыңыз,
Зәрре жаны қалмады,
Не болғанын билмеди,
Көзи жерди көрмеди,
Не қыларын билалмай,
Жарылып тек те өлмеди,
Қорққанынан бийшара,
Өзин-өзи иркалмай,
Гә қорқып, гә талады,
Еки өлиниң басында,
Байың ўай-ўай салады.

Бул шаўқымды еситип,
Ел-елат хәм жәм болады,
Еси барлар жәм болып,
Ғаўлап үйге толады,
Буўрабайдың басына,
Ақырзаман болады,
Не қыларын билалмай,
Иши дәртке толады.
Өлейин десе өлалмай,
Жипсиз болып байланады.
Өрден ыққа жуўырып,
Жүдә мийи айналады,
Айналайын Шалабай таз,
Бағың солай болды ма деп,
Аза тутып қыйналады.
Әйне түстиң алдында,
Кәткудалар жыйналады,
Гүнасы менен саўабын,
Билгенлерден сорады.
Халайық басын қурады,
Бирин бири өлтиргени,
Халыққа машқул болады,
Буўрабайдай бийшара,
Хаўлыққанын қояды,
Хеш кимниң шатағы жоқ,
Бәршеге аян болады,
Тумлы-тустан нәсиятлап,
Байдың кеўилин шолады,
Кеўилин алып әдиўлеп,
Халайықлар жубатады.
Халықтың сөзин еситип,
Ушып-ушып қуўанады,
Көп жабырлап турған соң,
Кеўил дәрти уўланады.
Гүнасы жоғын билип,
Хаўлыққанын қояды,
Буўрабайың қуўанып,
Шалабай таздың жолына,
Он бес қара сояды.
Ғарры-картаң топланып,
Екисин теңнен көтерип,
Ортаға әкеп қояды.
Ақ жаўып, арыў кепинлеп,
Сорпасына тояды,
Қорасанның таўында,
Гөрин тастан ояды,
Әйне пешин ўағында,
Екеўин теңнен көтерип,
Қәбирине қояды,
Аят қоймай хаққына,
Тийе берсин айтады,
Жайғастырып пақырларды,
Халайықлар тарады.
Нешше жыллар Гүлайымның,
Жүреклерин жарады,
Хийлелик пенен Гүлайым,

Зордан азат болады.
Гүлайымдай қызыны,
Буўрабайдай байыңыз,
Алдына шақырып алады,
Бурынғы күйден қайтады,
Қызына қарап зар жылап,
Байын алғыс айтады,
Хеш нәрсеге қосылмай,
Атынын басын тартады:
— Басына салдым уўайым,
Көтердиң назымды удайын,
Енди сеннен ырзаман,
Алдың ашылсын Гүлайым.

Тийген жоқ саған нәлетим,
Сыйлап сөзимди яд еттиң,
Қызым, саған ырзаман,
Жолың болсын перзентим.

Қараңғыда қарағым,
Қармар қолым, шырағым,
Көңдиң түрли бөлеге,
Ырзаман саған зүриядым.

Айналайын аңдызым,
Аспанда гәўхар жулдызым,
Енди саған ырзаман,
Жолың болсын жалғызым.

Сарқырап аққай булағың,
Сарсылды сөзден қулағым,
Көңлиң түрли бөлеге,
Қолыңды көтер қарағым.

Басыңнан өтти зимистан,
Болмағайсаң сергиздан,
Көңдиң түрли бөлеге,
Перзентим саған ырзаман.

Пешененде барды хат,
Болмағайсаң биймурат,
Қайда барсаң оңда бар,
Қызым саған рухсат,
Дабылың жетсин қияға,
Болсын мәртебең зияда,
Шырағым жолың болсын, — деп,
Буўрабайдай атасы,
Қызына берди пәтия.
Қырық қыздың төртинши бабы,
Соның менен болыпты ада.
Қызық нәрсе тутсаң яда,
Өткен сондай нешше сада,
Дәстанның төртинши бабы,
Болды соның менен ада.
Арасын сөздиң ашайық,
О манға топырақ шашайық,

Таммам болды шуғыллар,
Гүлайымнан баслайық.

* * *

Шуғыллардың жүзи солды,
Тамам болды, бәри өлди,
Қабыл болып хақ тилеклер,
Барлық душпан опат болды.
Аты шаршады, харыды,
Ойлап көриң, яранлар,
Ырасқа нәтийже барды,
Қабыл болды тилеги,
Душпанға бәле дарыды.
Хийлесинен утылды,
Сағағынан тутылды,
Гүлайымдай перийзат,
Жағаласқан душпаның,
Биразынан қутылды.
Бир ярым ай дем алып,
Гүлайым есин жыйнады,
Уўайымнан қутылып,
Кеўилин қуўаныш жайлады,
Ашықлық түсип ядына,
Жан-жағына қарады,
Күнде үш ўақ жем берип,
Бедеўдиң жалын тарады.
Ылайықлы бир батыр,
Жүдә дәркар болады,
Түсинде көрген батырдан,
Хеш бир хабар болмады,
Айбаты менен сымбаты,
Ядынан сирә қалмады,
Анаў-мынаў батырды,
Алам деп есапқа алмады,
Аса батыр болмаса,
Оған кеўли толмады,
Кеше-күндиз ах урып,
Ядынан сирә қалмады,
Түсинде көрген батырға,
Өзин өзи арнады,
Сол батырды излеўге,
Өзин өзи қамлады.
Түрли бөлеге тақланды,
Жолларға өзин шақлады,
Қырық қызына бас болып,
Аралаўға таўларды,
Гүлайым жүдә тақланды,
Таклана берсин Гүлайым.

Елши тынбай атын шабар,
Хабар алғай қәдир жаббар,
Қарақшы ийттей қанхор заңғар,
Елександай залым қалмақ,
Әўел бастан еди қандар,
Гүлайымның жолын аңлып,
Елшиден берипти хабар,

Гүлайымдай сулыўға,
Тийди қорқынышлы хабар.
Жолы-жобасын болжайды,
Тыңламайды бир қудайды,
Қалмақтың ханы Елексан,
Алыстан елши жоллайды:

— Мени ким деп сорасаң,
Буўдыр таўын жайлаған,
Лақабым Елексан залым,
Кеўил берип қарасам,
Қалмақлардың патшасы,
Хабарың босын, көзинди аш,
Мениң ислейтуғын кәрим.
Аўҳалымды сорасаң,
Сенсең сәўгили ярым.
Тыңламасаң айтқанды,
Тайын арнаўлы сапарым,
Күшим жерге сыймайды,
Болсын соннан хабарың.
Күшимди жумсап толайын,
Барсам бермеспен қолайын,
Шын кеўилден бизге табын,
Байдың қызы Гүлайым.
Ишиме толды әрманым,
Тасаддықдур шыбын жаным,
Атым мениң Елексан хан,
Гүлайым қыз, қолайланың.
Лақабына мен таныспан,
Көргеним жоқ жер шалыстан,
Шын кеўилден яр тутып,
Хабар айттым алыстан,
Тапа-тайын еки жағым,
Таў бузады ығбал бағым,
Гүлайым қыз, қарсыласпа,
Кеўилинди аш бизге тайын.
Қарсыласып сөз айтсаңыз,
Талқан болар дашың-дағың,
Әскер айдап барғаннан соң,
Сен билерсең қара-ағын.
Тығылмаға қуўыс таппай,
Қаўсырылар еки жағың.
Ўатанынды ўайран қылмай,
Ертерек әбирейиң жабың,
Бизиң менен жарасқандай,
Күшли-күшли ақыл табың.
Қолламаса қәдир жаббар,
Әскер барар топар-топар,
Қарсыласса хәр ким бизге,
Қылышым жүз мынды шапар,
Хәр ким бизге қарсы турған,
Белли қудайынан тапар.
Гүлайымдай перийзатқа,
Сондай болып келди хабар,
—Ақылың болса Гүлайым,
Жақсылықтан айтың хабар,
Ашыўыма тийип алып,
Үстиңе тарттырма сапар.
Қанға боялар майданың,
Әскер айдап етсем қәҳәр,
Қарсыласып дат келалмай,
Жоқ боларсаң, ҳаслың нашар,
Гүлайым қыз тезден бағын,
Қәҳәриме болма дуўшар,
Мен иркилмей барағойсам,
Нешшелердиң қанын шашар,
Айтқан нәтийжени күтип,
Алты ай сениң жолың тосар.
Астымда бар Боз тарланым,
Қаратқанда қустай ушар.
Әлқысса, сонда Гүлайым,
Дәртине дәртлер уласып,
Сөздиң булағын ашып,
Айтқан сөзине жарасық,
Қорықпай, саспай жырақ қашып,
Қалмақтан келген елшиге,
Мынаны айтқан:

— Буйрығы ўәжип патшаның,
Ойлап шешсин муны ханың,
Халқында нашар қапылып па,
Билемиз хаяллары санын.

Бул дүньяның соңы пәний,
Шаштың нешше мәрттиң қанын,
Сайыр еттиң пәний дүньяны,
Қайда шыққан мүйизиң?

Искендер Мағлуўбы дарап,
Қаст еткенди еттиң қарап,
Иштиң хамай менен шарап,
Қайда шыққан мүйизиң?

Бул дүньяның соңы пәний,
Қолында нешшениң жаны,
Хайран еттиң бул дүньяны,
Қайда шыққан мүйизиң?

Қәдирин билиң яру-досын,
Гезип қанат байлап уштың,
Сайлап алпыс арыў қуштың,
Қайда шыққан мүйизиң?

Халайыққа атым нашар,
Саўлатым халықты басар,
Жүрер жолларын билмеген,
Бул дүньяда көпдур аўсар.

Жақсы жигит қыз аңлымас,
Шешен сөзлерин жаңылмас,
Кеўилинди бизден тартың,
Мақсетиң бизден тапылмас.

Болар усы жақсы атыңыз,
Дәрьядан күшли пәтиңиз,
Гүлайымнан сәлем сизге,
Мақсетиң бизден тапылмас.

Буйрығы солдур қудайдың,
Нуры басқа күн мен айдың,
Ханың оған арланбасын,
Мен патшасы бир орайдың.
Хәр түрли дәртлерим молайды,
Ханың билсин бизиң жайды,
Кисиге еркти бериўди,
Шәриятыма жайғаспайды.

Әйне он тоққызда жасым,
Қанға ылайық дигри дашым,
Саған айтар дәлилим сол,
Халық ушын байлаўлы басым.

Бизге күшиңди тайлама,
Пәнжеңди салып ойнама,
Мен бир журттың патшасыман:
Маған күшиңди сайлама.

Кәрамат бизде есапсыз,
Қорқынышлы сөз айтыпсыз,
«Хан деген халықтың атасы»
Болмаңыз ондай инсапсыз.

Алыс шәхәр қалаңыз,
Көп екен кемлик, шалаңыз,
Тәниң бағыш етсин деп,
Бизге адам жоллапсыз.

Айбат шекпей, ақырма,
Халық сизиң балаңыз,
Қатты кетпең хан аға,
Ойла тәңир аллаңыз.
Халық ханның баласы,
Жолдан шықса әдиллик,
Апат жиберер алласы,
Әдил сораса ханы,
Түседи оның саясы,
Әдил болса хан, патша,
Абадан еки дүньясы.
Ақылың болса, хан аға,
Сөз мәнисин аңлашы,
Шеше алмаған дәлилди,
Адамзаттың оңбасы,
Усы сөзимди тыңласаң,
Ырза болады қол астың,
Түсинбесе сөзиме,
Қуры өткергени жасын,
Алға басып талабы,
Тийер халықтың дуўасы,
Тыңламаса бул сөзимди,
Опат болар ордасы,
Ашыўланса сөзиме,
Ақыл еске, шаласы,
Меннен сөзиң тыңланбайды,
Әдил болсаң қоллашы,
Меннен саған пайда жоқ,
Әңгимемниң қулласы,
Сөз салмағын тыңлап шеш,
Қалмақлардың патшасы,
Пәнди-пәнди нәсиятым,
Жылатпа халықтың баласын.

Әлқысса, сөзди еситиң,
Гүлайымдай сулыўдан.
Тәўекелге бел байлады,
Батырға өзин сайлады,
Жердиң жүзин танысыўға,
Жүдә белин байлады.
Қырық қызына бас болып,
Бир тәўекел қылады,
Жердиң жүзин аралап,
Ким бар, ким жоқ деп барлап,
Түсинде көрген батырдың,
Бийнесин халыққа жарлап,
Ықлас пенен өзин арнап,
Хабарлаў болып мақсети,
Кетиўге белин байлады.
Истиң түрин жек көрип,
Асығыста ғайлады,
Мәртлик етип Гүлайым,
Жолға өзин сайлады,
Ақ саўытын кийдирип,
Қырық батырын тайлады,
Айналып журтты гезиўге,
Гүлайым өзин арнады.
Борбослаў жерге аўнатып,
Жаўырынларын сыйпалап,
Бедегеден белликлеп,
Ушығадан терликлеп,
Саўаш ерин салады,
Еки жерден айыллап,
Узақ жолға қайымлап,
Атларын ертлеп алады.
Мәрт қабағын үйеди,
Ат қуйрығын түйеди,
Бадана көзли саўытларын,
Оң ийнинен кийеди.
Қалқанын байлап белине,
Туқтыйын алып қолына,
Батырлар атқа минеди,
Гүлайым батыр бас болып,
Атларды жолға салады,
Жердиң жүзин аралап,
Кийик атыў талабы,
Қалмақ пенен қас болып,
Қапа кеўили хош болып,

Ярын табыў мақсети,
Шөллерге сапар тартады,
Гүлайым сулыў бас болып.
Мәртликке өзин тайлады,
Белине садақ байлады,
Қырық қызына бас болып,
Гүлайымдай перийзат,
Майданда сапар әйледи.
Аттың жалын тарады,
Жән-жағына қарады,
Қырық қызына бас болып,
Түсинде көрген ашығын,
Излеп кетип барады.
Қарагер аты астында,
Өр қояндай ойнады,
Қос қулағын қайшылап,
Тас төбеге алады,
Атланғалы батырлар,
Үш күн тамам болады.
Омыраўында ақ көбик,
Арқадан жаўған қардайын,
Бөлек-бөлек қалады,
Ақ кийиктей жалтаңлап,
Жән-жағына қарады,
Қыя майдан далада,
Ат ойнатып барады,
Сарғаяды солады,
Жети күн тамам болады.
Сегбир етип батырлар,
Ҳарып-шаршап талады,
Қатар теңи табылмай,
Нар түйедей жарады,
Батыр жигит қайда бар деп,
Билгенлерден сорады.
Узаққа бедеў шаппады,
Мәртлерге сапар жақпады,
Сораў салды не елге,
Батырдан дәрек таппады,
Биябанларды сахралап,
Қалың еллерди аралап,
Шөллерде сайран етеди,
Небир жәҳәнди ақтарды,
Хорезм менен Бухарды,
Отыз күн сергиздан болып,
Артыў деген жерге барды.
Яд етип батырлық көрин,
Аралап жерлердиң бәрин,
Қырық күн сергиздан болып,
Табалмады Гүлайым,
Излеген мәрт сәрдарын.
Қаратаў, Кесеетек, Балқан,
Нешшени етип күл-талқан,
Батырдан дерек болмады,
Сорасып хәртүр адамнан.
Талқан етти асқар, белин,
Шағалалы ақ керменин,
Үш ай жүрип сайран етти,
Балқаныў, қызылбас шөлин.
Сегбир тартып күн удайын,
Аралап көрмеген жайын,
Алты ай сергиздан болып,
Аралады Нәдир сайын.
Сайран етти қырды, сайды,
Қыйыншылық заман тарды,
Жети ай сергиздан болып,
Сегбир тартты сол бийнеде.
Кеўили дәрьядай тасты,
Көргенди қарасы басты,
Айбатлыға қарсыласып,
Таў-таслаққа қослар басты.
Сайран етти еки араны,
Қалмақ пенен шегараны,
Ат ойнатып талқан етти,
Қарасай менен Сырдәрьяны.
Сайран етти сахра дала,
Бәри бирдей ақыл дана,
Таў-теңизин талқан етип,
Барсакелмес, Қарақала,
Узақ қалды туўған елге,
Жаза берди гүнакерге,
Жердиң жүзин толық гезип,
Көре алмады хеш бир жерде.
Бағлардың гүлин шайланып,
Яры ушын таярланып,
Тоғыз айда келди дейди,
Туўған таўына айналып.
Бир нешшеге берип саўға,
Хеш тапылмай жәнжел-ғаўға,
Ҳарып-шаршап аттан түсти,
Батыр қызлар Порлытаўда.
Аралап таўды жайлады,
Хәр қыялды ойлады,
Бәлент таўдың етегине,
Ҳарып келген қырық батыр,
Атларын қатар байлады.
Аттың жалын таллап өрди,
Таўды жайлап гүллер терди,
Жән-жағына қараса,
Көздиң шолар ушында,
Жылтылдаған от көрди.
Атларға терлер қатады,
Нешше күнлер ат қағып,
Ҳазары жаман батады.
Атларын дараққа қантарып,
Жаў-жарағын илдирип,
Ҳарып барған батыр қызлар,
Шатыр қурып жатады.

Әлқисса, енди сөзди еситиң,
Ғайыбана батырдан.
Сол заманда яранлар,
Жылап барса алдынан,

Хешким кулак салмаған,
Еки аяклы адамға,
Алладан жәрдем болмаған,
Көргенди еркснз қаратқан,
Ашқа нәсият тараткан,
Пайда болған бир батыр,
Хаслы оның ноғайдан.
Баян етсем ўаспыны,
Харып-шаршап талмаған,
Белине шынжыр байлаған,
Таўлы жерди жайлаған,
Жигер күшин сайлаған,
Қалмакты қойдай айдаған,
Кара тулпар астында,
Дуньяны гезип шарлаған,
Қайда барса халықтың,
Бир жағынан калмаған.
Найзасын қайрап таплаған,
Өмиринше ерлик пенен,
Елдиң ғамын ойлаған,
Түрли жәрдем көрсетип,
Исенимин хақлаған,
Қалмак пенен урысып,
Тұқымын қуртып саплаған,
Қолында бар сәмсери,
Алтын менен қаплаған,
Дөнип келсе алдына,
Жумысқа хәргиз тоймаған,
Қарсыласқан жаўларды,
Деңгенелеп туўраған,
Қалың елди айналып,
Қалмаклардан қорғаған,
Ежеспеге келгенде,
Кудайынан таптырған,
Арадағы жыртқышты,
Қазық қылып қақтырған.
Тастан қайтпас жәўланы,
Қара таўдай бойлары,
Тулғалы жигер сойлары,
Жарасықлы жаў куралы,
Қалың елдин бек қорғаны.
Халықтың жаўын сап қылыў,
Ақыл менен ойлары,
Хасыл кәрин сорасаң,
Бүлген елдин палўаны.
Қыйратып торын, аўларын,
Тас-талқан еткен таўларын,
Майданлы жердин алабы,
Батырлық үлкен талабы,
Көргеннин қурышы қанады,
Ийини келген жеринде,
Карсы жаўды атады,
Харып-шаршап келгенде,
Силеси әбден қатады,
Хәр айында алты күн,
Алш уйкыда жатады.

Парк емес күндиз-кешеси,
Арысландай пешенеси,
Таўды-тасты жайлаған,
Сондай екен пешеси.
Қырантаў белли қонысы,
Қыран атанған соңысын,
Хәр айында тәрк емес,
Алты күн алп уйкысы.
Қалмақларға жасап қәўип,
Былағай көп, сыран даўыл,
Байлап халықтың жат жаўын,
Соннан Қыран атанған,
Көбинесе мәкан еткен,
Қусхана менен Қырантаўын.
Мынға татыр йошы бар,
Хәр бир жерде досы бар,
Қырық мын жаўды қайтарғандай,
Таң қаларлық күши бар,
Не кереги табылған,
Кара тулпары шабылған,
Көрген жаў еркснз бағынған,
Жаў куралын тағынған,
Көрген ўақта душпанлар,
Ағажан деп жалынған.
Азатлық максетти ойланып,
Халқым дейип қайғыланып,
Көбинесе мәканы,
Хорезм менен Арал бойын,
Жүрер еди айналып.
Қара тулпары астында,
Қоныраўлы найза дәстинде,
Жигирма сегиз жасында,
Максет пенен талабы,
Қалмақлардың қастында.
Қарсы жаўдың жолын тосты,
Ашық болып қайнап йошты,
Лақабына ашық болып,
Гүлайымдай сулыў қызға,
Ғайыбана басын қосты.
Сол жер қалмақтын жери еди,
Ерлиги асқан ер еди,
Ноғайлының батыры,
Аташ батыр дер еди.
Әлқысса сөзди еситин,
Сол сықыллы батырдан.
Асарлық кесе бел еди,
Көзинде жасы сел еди,
Қәўендерсиз, қостарсыз,
Лақабын сорсаң Ноғайлы,
Посып жүрген ел еди.
Тум-тустан тийген әжел жоқ,
Еркин жүрер ашық жоқ,
Қайғылы ғамға кеўили жоқ,
Тумлы-тустан аўлаған,
Жан ашыйтуғын басшы жоқ,
Анталаған көп саяғын,

Керип басалмай аяғын,
Хәр кимниң жеген таяғын,
Аўзын ашқан көп душпан,
Ояқ пенен буяғын,
Бийлетпейди мүлки-малын.
Тинтип қалмақ деген залым,
Сорайтуғын басшы жоқ,
Бүлген елди арзыў-ҳалын,
Қайда барса ашық жоқ,
Кутылалмай ғаўғадан,
Тумлы-тустан қамалап,
Қулағын қатты таўлаған,
Посып жүрген елатты,
Қалмақ залым.
Пишеннен бетер баўлаған,
Шым-шырқадай жас баллар,
Жалынып қойдай шуўлаған.
Ата менен анасы,
Көзде жасын тыймаған,
Отқа жағып жас балларды,
Рейимин салмаған,
Залым қалмақ тум-тустан,
Айдарҳадай жалмаған,
Минәр салып өлимтиктен,
Бабамызды қорлаған,
Сондай болған елатты,
Усы батырлар қорғаған.
Мақсетли әрманы питеди,
Сондай болған халқына,
Көп хызметлер етеди,
Жылағанды жубатып,
Мақсетине жетеди.
Көбинесе сол батыр,
Қусхана менен Қыран таўын,
Бул да мәкан етеди.
Буннан жети күн бурын,
Марал, кийик атпаға,
Сахраға шығып кетеди,
Қара тулпар атын безеп,
Батырлық салтанат дүзеп,
Ашықтан хабар сезип,
Асығыста ойланып,
Мәканына келеди.
Бир жети күн сахра гезип.
Аттың жалын тарады,
Нар түйедей жарады,
Бәлент таўдың үстинде,
Гезип келген батырың,
Жән-жағына қарады.
Көрген жанларды таңлатыр,
Дус келсең ериксиз қаратыр,
Тум-тусына қараса,
Көринеди төменде,
Қатара тиккен ақ шатыр.
Ҳайран болып батырың,
Оннан да арман қарады,
Көрмеген әжайып ислер,
Айдынланар уллы күшлер,
Қатара тур басында,
Балдағы алтын қылышлар.
Адам дарымастай жайда,
Қандай күштен болған пайда,
Қапталында қатар тур,
Уңғысы пәрең ақ найза.
Нағыз батырдың ураны,
Билмеймен, қайда турады,
Илиўли тур қапталында,
Батырлардың бес қуралы.
Оннан да ары қарады,
Көргенлер болар аҳыў-зар,
Оймақтан сулыў аўзы бар,
Күн десеңиз көзи бар,
Байқас етип қараса,
Шатырда қатара жатыр,
Ақ денели арыўлар.
Түрли ашық шер айтқан,
Әрман-шерин молайтқан,
Аян берип түсинде,
Түрли ашық сөз айтқан,
Интизары ашығы,
Гүлайымның өзи бар.
Аңлай-аңлай қараса,
Тереңнен шыққан қундыздай,
Көзлери бар гәўхардай,
Ақ бетиниң ажары,
Қағазға қан тамғандай,
Алдын байқап қарасаң,
Мысал он төртлик айдай,
Тал шыбықтай таўланған,
Бели тартылған жайдай,
Көзлериниң гәўҳары,
Ат болатуғын тайдай,
Жанын жағар көргенниң,
Қанат қаққан суңқардай,
Бийнесине қарасаң,
Таўға шыққан шынардай,
Қырық қызды көрип,
Ақылын алдырды.
Оннан да арман қарады,
Шалқылап дүньяны гезген,
Нәзери асманды гөзлеген,
Қатар-қатар безенген,
Күшлери таўдың булағы,
Тас төбеге алынған,
Қайшыланған қулағы,
Қара тасқа тийгенде,
Отлар шашқан туяғы,
Билмеймен қайда турағы,
Ашылған бағдың гүлзары,
Қатар-қатар байлаған,
Қантарыўлы тулпарлары.
Ҳайран болды батырың,

Қалыўсыз саўлаты басты,
Ақылынан састы,
Берекети қашты,
Аяғын ғаз-ғаз басты,
Өлемен деп ойламай,
Шатырға жақынласты.
Жақынлап барып қараса,
Қаст әйлесе дүнья тарды,
Айбаты жүрегин жарды,
Қашыўға илаж болмады,
Жақынлап қасына барды.
Белине кәмар орады,
Сулыўлығы қызлардың,
Ақыл-есин алады,
Еки көзин айырмай,
Қызларға туўры қарады,
Саўлатына, яранлар,
Көрген қайыл қалады,
Сулыўлығы, бийнеси,
Батырдың ақылын алады,
Хәр ис түсип ядына,
Қуўанышқа кеўили толады.
Қанатлы ушқан пери ме?
Еренлердиң бири ме?
Шайтанбекен я жин бе?
Бул дүньяның жүзи кең,
Атағы асқан бир ер ме?-деп,
Қайғы, шерге молайды,
Түрли жағын болжайды,
Зейин тутып қарайды,
Тәўекел майданда турып,
Сүрен салып ойтып,
Батыр сөзин баслайды:

— Таў басында қатар тиккен ақ шатырлар,
Душпан болсаң туўры келдим, атыңлар,
Шық майданға, сорасайық сиз билән,
Жүреклери ат басындай батырлар.

Еситкен тең болмас көрген көз билән,
Топарласып алдымыздан гез келген,
Шық майданға, көрсетиңлер түриңди,
Бир-еки аўыз гәплесейик сиз билән.

Аңлап турман сизиң кәспи-кәриң,
Кимде кетип еди намыс пен арың,
Шық майданға гәплесейик сиз билән,
Хаслыңыз қайсы журттың жандары.

Түриңди көргенлер ақылдан сасқан,
Саўлатыңыз қарсы жаўларды басқан,
Шық майданға, көрсетиңиз түриңди,
Хаслың нашар қайсы журттан адасқан?

Қарсы болсаң көрсет бизлерге халың,
Айт хаслыңды, қайсы жаўдыр қандарың,
Баян әйле, хаслыңнан сен хабар бер,
Айтың тезден басыңдағы аўхалың.

Көрип қайыл қалдым қыя қасыңды,
Ақылым кетти көрип қара шашыңды,
Шатыр қурып қатар жатқан жас қызлар,
Шық майданға, бир көрейин асыңды.

Келбетиң көргенниң ақылын алған,
Бойың көрсем, тал шыбықтай таўланған,
Тур жайыңнан, бир көрсетсең жүзиңди,
Жолыңда таланды әшиям дәрхан.

Сөзиңди еситип тасып толайын,
Яр қылыўға келе кеткей қолайың,
Шық майданға, бир көрсетиң жүзиңди,
Алдымда қатар тур, пендең болайын.

Бизге дәркар сизлер жатқан бул таўлар,
Таң қалғандай сизде күшлер, қарыўлар,
Жүзиңди бир көрсет, бендең болайын,
Баян етиң мағаналы сөзлериң.

Нәзери түскенниң жанына жаққан,
Мен батырман бир яр дийип зар қаққан,
Несип болса белгили дос боламан,
Сергизданың менмен сыртыңнан баққан.

Қуўанғаннан кетти дицке-дәрманым,
Келгейдағы мениң еркин заманым,
Гәплесели ақ денели арыўлар,
Қабыл алсаң қалмас еди әрманым.

Әлқысса, соны еситип,
Қойнына сыймай қуўанышы,
Жер жаңғыртқан наласы,
Халласлап кеўил қаласы,
Душпанбекен, доспекен,
Болмағай исим шаласы деп,
Хабарсыз жатқан қырық батырды,
Сескендирди даўысы.
Алдырып жүдә айын,
Сескендирди дабысы,
Қурды қыямет қайымын.
Айбатынан сескенди,
Ерден ердиң кәўпи бар,
Уйқыда жатқан Гүлайым.
Айбаты, сусы басады,
Ким екенин билмегенше,
Берекети қашады,
Уйқыдан турып Гүлайым.
Көрип көзин ашады,
Серпип таслап желегин,
Гәўхардай нурын шашады,
Үстиме жаў келди деп,
Ақылынан сасады.

Қызларды тезден оятып,
Мәслахатты қурады,
Ақылына, ойына,
Қыйынға кеўили бурады,
Қылышларын қолға алып,
Шабысыўға таярланып,
Қатар тутып ғамланып,
Салтанат тутып шығады,
Қаҳәрленип жәмленип,
Алдында қатар турады.
Тум-тусқа нәзер салады,
Тутқан салтанатына,
Батырдың мийири қанады,
Я өним бе, түсим бе,
Ақылы хайран болады.
Ишин билип Гүлайым,
Ат шапқан тақырды,
Етти ойын дақылды,
Бийнесинен, түринен,
Өткен исти аңлады,
Алдындағы батырды,
Қапталына шақырды.
Батыр турып ойланды,
Өткен жылдың ишинде,
Пийшемби күни кешинде,
Гүлайымдай сулыўды,
Қол алысып, қуўанысып,
Көрген еди түсинде.
Дийларына қанады,
Жүзлериниң рәўшаны,
Шоқтан бетер қарыды,
Гүлайымдай сулыўды,
Көрген жерден таныды.
Сол ўақтында Гүлайым,
Ишки сырын биледи,
Жүзлериниң ысығы,
Жүрек бағрын тиледи,
Ақыл-есин алдырып,
Мыйығын тартып күледи,
Ирке алмай көзин батырың,
Гүлайымдай сулыўға,
Сәлем берип сөйледи:

— Жүзиңнен жарқырап жайнады жаҳан,
Қабыл алғай сизди бир лаўқы қалам,
Несип айдап бул жайларға жетипсең,
Шын жүректен бердим тәңири салам.

Сүйген дослар сырыңды етпес жәрия,
Буйымның түспегей симлик арсызға,
Бизиң ушын қайыр болсын қәдемиң,
Қыз палўанлар аман-есин барсыз ба?

Жүрегимде толы әрман-шерлерим,
Муратқа жеткизер сыйынсаң ерлерим,
Жөн сораспақ пайғамбардан сүннетти,
Гүлайымжан, шынты менен қол берин.

Майданға қурыпсыз қатар шатырлар,
Сүйеў болар заманлас пен қатарлар,
Бизиң ушын қайыр болсын қәдемиң,
Амансыз ба бир туўысқан батырлар.

Узаққа ат шабар ердиң ерлери,
Ядтан қалмас нәкаслардың дәртлери,
Несип айдап бир-биреўге дус келдик,
Амансыз ба Түркистанның мәртлери.
Ойласам сөзимниң жоқдур ялғаны,
Үш жыл болды жолыңда себил болғалы,
Бизиң ушын қайыр болсын қәдемиң,
Амансыз ба Түркистанның палўаны.

Басларыма түсти хәр түрли ғаўға,
Қыйын дәртлерине болмай ма даўа,
Несип айдап тақ үстине келипсен,
Ўақтың хош, бәрше денициз саў ма?

Үш жыл болды еситкели хабарың,
Сергиздан жолыңда сүйген қардарың,
Себил болдым туўры жолың табалмай,
Көрдим, шүкир, бүгин айдай дийдарың.

Сол ўақтында Гүлайым,
Шын ашығын аңлады,
Өзгине от салды,
Сөзлериниң салмағы,
Интизар боп жүр еди,
Алласы исин оңлады,
Ақыл-естен айырылып,
Түрли жақтан болжады,
Интизары табылып,
Болар исти аңлады.
Қырық қызынан иба сақлап,
Пинҳәмы көзин салады,
Барлық ашыўы тарқап,
Қаны қайнап тарады,
Нурын төгип әламға,
Батырға нур шашады,
Балқып барлық тенеси,
Жүзи гүлдей жанады,
Неше жылғы интизарын,
Көрип мийри қанады.
Жүзин көрип бир-бириниң,
Қыран қустай қабады,
Өткен күн түсип ядына,
Әрманлы сөзин торлады,
Таўдан аққан булақтай,
Әрманлар тасып толады,
Дәртин айтып кеўлиндеги,
Гүлайымдай перийзат,
Батырынан сорады.
Қыран батыр айланып,

Сөз бенен алдын орады,
Бир-бирине туўры карап,
Яглы-бәҳәр сөз айтады.

Гүлайым:
— Қызыклы мәҳәллер әрманда өткен,
Келбетиниз жүрек бағрым шад еткен,
Ашыклыкта үш жыл мойын создырып,
Сизбединиз неше ай дәрдесер еткен?
Батыр:
— Түсинде ышкылы сәўбет курғаным,
Ашык болып шын кеўилим бурғаным,
Тириликте дийдарынды көрдим бе,
Биз боламыз шыны жаны қурбаным.

Гүлайым:
— Жүре алмадым ат көтермес дабылдан,
Түрин көрмей ғайыбана бағынған,
Жолында нешше ай сергиздан болған,
Ҳәўесликте бир көрсем деп сыйынған.

Батыр:
— Қызығынды көрип тасып толайын,
Түрли ғазабына қайыл болайын,
Себеп таўып өзиң излеп келдиң бе,
Қандай жаўың болса карсы турайын.

Гүлайым:
— Түринди көрсетпей келтирдиң арым,
Хабарын билдирип тарттырдын зарын,
Үш жыл удай карап жолынды тостым,
Бул дүньяда тиримединң кардарым?

Батыр:
— Саўлатынды көрип мен бәҳәр алмай,
Сулыўлық пешенен ядымнан калмай,
Үш жыл бойы сергизданман удайы,
Гирян едим дәрегинди табалмай.

Гүлайым:
— Айткан хабарларың ишимде жатыр,
Жолыңызда көрдим лайлатул қәдир,
Анлағанман ишиндеги сырынды,
Сергизданман сени излеп кас батыр.

Батыр:
— Сегбир тартып мен келемен алыстан,
Жолынды табалмай кыйын шалыстан,
Шын ашығым, сергизданым сенбедин,
Излеп таппай әйне үш жыл адасқан.

Гүлайым:
— Халкымызға данк билдирген хәр жерден,
Зияда көринип Әлийдей шерден,
Ашык болсаң шын кеўилден кол бердим,
Кас батыр сен болсан түсимде көрген.

Батыр:
— Ықлас пенен алды-артынды болжайын,
Несип болса жаңа таптым қолайын,
Бул дүньяда мақсетиме жетирдин,
Қосылдым ба шын ашығым Гүлайым.

Гүлайым:
— Аңламадым жолын жырақ-кашығын,
Сыртыннан гәўҳарға теңгердим басын,
Бул дүньяда шын максетке жеткердиң,
Абырайлы бас костык па ашығым.

Батыр:
— Жанымды еритти небир сөзлериң,
Ақылымды алып гәўҳар көзлерин,
Келбетин жанымды сергиздан етти,
Кәдир алла көрсетти ме жүзлериң.

Гүлайым:
— Шын пенде умытпас кәдир жаббарын,
Нешше жыл адасып тарттырдын зарын,
Бир-биреўди аман-есен көрдик пе,
Бағыш еттим саған айдай жамалым.

Батыр:
— Атгың жалын әрман менен өрдин бе,
Шынтын менен бизге кеўлиң бердиң бе,
Енди өлсем рыйзаман кудайға,
Гүлайым кыз, дийдарынды көрдим бе.

Гүлайым:
— Ойласан шынында мен гүнәкериң,
Ишимнен таркады әрманым, шерим,
Бир-биреўге абыройлы косылдық,
Ашық болсаң шынтын менен кол берин.

Әлкысса, еки ашык косылып,
Гәплерин тамам етеди,
Шын пикирин айтысып,
Бир-бирин бийхал етеди,
Қарағанда көзлери,
Өкпесинен өтеди,
Кеўлинде әрман, шер қалмай,
Максетине жетеди.
Еки ашык табысып,
Ат басындай жүреги,
Қанаға сыймай шабысып,
Бир-бирине күш берип,
Көзи менен жанысып,
Бир-бирине кол берди,
Кеўил менен табысып.
Артық-кемин айтысты,
Сөз бенен мийри каныcты,
Көрисе алмай бир-бирин,
Дәртлери жүдә ғаўлады,
Кол урмаға тигнинен,

Қызлардан ийбе қылады.
Таўланып қыз наз етип,
Қасына оның бармады,
Ийтелгидей жайтаңлап,
Шапаатын салады,
Көўили алып қашса да,
Гүлайым сыр бермеди,
Қушақ ашып керилип,
Қасына жуўырып келмеди.
Аман-ессен сорасып,
Басқа сырын билдирмеди,
Өткен исти басынан,
Бир қатар айтып береди.
Қушақлап кеўил бермеди деп,
Батырды ашыў кернеди,
Келмеген соң батырың,
Келди қыздың қасына,
Сүйиў ушын қаслады,
Өз ўақтын өзи йошлады,
Кеўил берип шын менен,
Арыўдың қолын услады,
Қызға қарап ынтығып,
Батыр дәртин баслады:

— Қуўанып тасып-толайын,
Кеўил қуўанышың шолайын,
Жүзинди бир туўры қарат,
Мәрхамат етин Гүлайым.

Бир көрсет айдай жүзинди,
Өтирик пе, ырас па?
Үш жылда көрдим өзинди,
Мәрхамат етиң Гүлайым,
Бир қарат наркис көзинди.

Көргеним ядымнан қалмай,
Еркин жамалыңа қанбай,
Сергизданман мен жолыңда,
Жайлаўын сениң табалмай.

Сөзимниң шындур аяны,
Яд еттим өмирбаянныны,
Гүлайым қыз, мәрҳамат ет,
Жамалынды бир тут қәни.

Жолына бақыш қарыўым,
Ериттиң жүрек-баўырым,
Жолында мен сергизданман,
Еркин бир сүйдир арыўым.

Жайлаўынды мен билмедим,
Жолында қанша терледим,
Бир сүйгиз арыў жүзинди,
Ашығым аман жүрмедин.

Кеўилим шыдап туралмай,
Келалмаспан кәддиме,
Бир шырмалап оралмай,
Әрманда өтти өмирим,
Сен менен дәўран сүралмай.

Ғалма-ғал жолы бурынғы,
Дәртлериннен Гүлайым,
Жуттым қарағурымды,
Шынтың менен қолыңды бер,
Көрсет тамаша түринди.

Сен де мениңдей зармедиң,
Халқыңа гүнакермедиң,
Бир көрсет айдай жүзинди,
Өтирик пе, ырас па,
Бул дүньяда бармедиң.

Отқа салдырғансаң жаным,
Талан еттиң дүнья-малым,
Егленбей қушағыма кир,
Халыққа әдиўли палўаным.

Дәртиңнен жанып күйгеним,
Ышқынды жыйнап түйгеним,
Мәрҳамат ет Гүлайым,
Опадарым, сүйгеним.

Ашықпан әзел бурыннан,
Таппадым хәр түрли орыннан,
Таппадым хәр түрли орыннан,
Бир әрмансыз болайын,
Шер тарқатың өз қолыңнан.

Бийик болғай минген таўым,
Қаст етермен қарсы жаўын,
Шынтың менен кеўлинди бер,
Опадарым, шын сүйгеним.

Әлқысса, сөз етти дәртин Гүлайым,
Белгили сыры хәр жайдың,
Жүзлери шалқар көл айдын,
Келбетине қарасаң,
Түри он төртлик айдын.
Түссе хәр кимге назары,
Жаўар рахматы қудайдың,
Не кереги қолда тайын,
Шеп көрер оның қаяғын,
Барлап ояқ-буяғын,
Әсте басып аяғын,
Ойлап сөздиң салмағын,
Қалайыдай қалқып,
Полаттай балқып,
Сегизлик айдай шалқып,
Кеўили аламды жайлап,
Ашыққа өзин тайлап,
Шынты менен қолайлап,
Түрли сөзлерди арнап,

Хәр сөзине бәрбаз байлап,
Пәрең орамал басында,
Сүрме салып шашына,
Қәлем урып қасына,
Қал таслап пешанасына,
Зорға сыйып қанасына,
Мәдет тилеп алласына,
Шер сап кеўил қаласына.
Батырдың сөзине қанып,
Жанын алып қасын қағып,
Маңлайға хасыл дүр тағып,
Қыялланып қыя бақып,
Көргенлердин ишин жақып,
Жүзлеринен нур шашып,
Көргеннин жигери тасып,
Батырдың мийирин қасып,
Шыны менен кеўилин ашып,
Батырға жақынласып,
Қуўанышы кем-кем шоласып,
Тутып бабамыздын жолын,
Көрсетип әдептиң молын,
Байқас етип оңлы-солын,
Ықлас пенен ашып кеўлин,
Арқан менен ийилип,
Берди батырға оң қолын.

Әлқысса, батыр,
Қаны қызып қайнады,
Көзлери оттай жайнады,
Жигитшилик қумары тутып,
Сүймекши болып ойлады.
Көрип хәр түрден шашағын,
Гәўхар таққан тулымшағын,
Күш бермей ашықлық ағын,
Кеўилин ашып қарсылап,
Ашты батыр қушағын.
Кеўилдеги мақсет пенен,
Усынады Гүлайымға,
Сормақ болып ләбинен,
Ашық оты күш бермей,
Сүймекши болды бетинен,
Оттай ысық ашық жоллары,
Парша ушыға тонлары,
Аш сұңқардай шабынып,
Ынтығып тутты қолларын.
Сағынышлы ах урып,
Ақыл естен айырылып,
Сүймекши болды бетинен,
Аўға илген сұңқардай,
Қыздың мойынын қайырып.
Жүзин көрип бийықтыяр болады,
Кеўили өсип әтирапты шолады,
Сұңқар илген ақ мамықтай уўқалап,
Ақ бетинен жуп-жуп поса алады.
Әлқысса, сонда Гүлайым,
Анықлап кеўил бермеди,
Тенесин ашыў кернеди,
Қырық қызынан уялып,
Ақ маңлайы терледи,
Айбатланып ақырып,
Батырға сермеди,
Интизар болған батырға,
Айбатланып сөйледи,
Аўыр-аўыр сөз айтып,
Батырдың кеўилин жерледи,
Тартып еди қолынан,
Шыбық шелли көрмеди,
Сазан балықтай туўлап,
Қушағына кирмеди.
Қызыл жүзин қубартып,
Күши тасып өрледи,
Қырық қызынан уялып,
Қуўарады келбети,
Тәселле айтып батырға,
Гүлайым сулыў сөйледи:

— Орынсыз гүнаны қуда өтер ме,
Жөнсиз жаманлықлар ядтан кетер ме,
Батыр емес, таў жайлаған ладансаң,
Нағыз батыр сондай исти етер ме?

Аты шығып басын қосқан қатарға,
Жалғыз өзи қыя шөлде жатар ма,
Көп ишинде ғарры өгиздей төп берип,
Сондай ислер ылайық па батырға?

Батыр адам естен аўып тала ма,
Ақыл адам жанға зыян сала ма,
Шаңқай түсте қушақ ашып умтылып,
Ондай ис батырға ылайық бола ма?

Қыя шөлде қара басын қорғаған,
Ойлап көрсең ылайық па сол саған?
Ылайық па көпшиликтиң ишинде,
Қушақ ашып хайўан исин жумсаған?

Ақыллы биледи хәр истиң жайын,
Адам болсаң болсын үлестен пайың,
Сөз арқалы билдирген соң кеўилди,
Орынлы жеринде биз саған тайын.

Озалдан белгили батырлық кәриң,
Айтыўдан түсиндим иште не барын,
Қушақ ашып қырық батырдың көзинше,
Халыққа күлки етип, төктиң абырайым.

Қулақ салдым нешше жыллар изиңе,
Ашық болдым гүлдей жанған жүзиңе,
Көрген жерде хайўандай бас салғаның,
Лақабыңа ылайық па өзиңе?

Ақыл болсаң құлақ салың,
Бул күнде қыйын бизиң хал,
Жорасын излеп жүр деген,
Алдырдың халықтан көп мәлел.

Суңқар едим қонған тауға,
Сорағандай хәр ким сауға,
Қыстап мени ауға жықтың,
Қайтармай бара ма ауға.
Елинен адасқан мен суңқар,
Ауға емеспен мен қуштар,
Кеўилиндегини табағойса,
Тилин билген ауға жығар.

Өтирик емес, шын ашықпан,
Бул күнде арам қашықпан,
Бул жүристе керек емес,
Жырақ қашаман сарсықтан.

Алдың бийик шыға алмайтын жар ма,
Бир баралмай кеўил қосқан ярыңа,
Көп ишинде жабық сырды жумсаған,
Адамзатқа оннан айып ис бар ма?

Қайғы-дәрти жандырып тур ишимди,
Қалмақлардан мен алғайман өшимди,
Сеннен басқа кеўил қосқан ярым жоқ,
Душпаныма ат сал, көрсет күшиңди.

Албырап адастың жүрген жолыңды,
Залым қалмақ шайқамағай толымды,
Анық бизде кеўлиң болса ер жигит,
Қыйын жерде бериң маған қолыңды.

Анықлап көрсетиң мақсет-нийетиң,
Мен сынайын нәмәртиңди, мәртиңди,
Ашық болсаң қалмай изиме ериң,
Қарадан ағартар болсаң бетиңди.

Әлқысса, сол батыр,
Не болғанын билмеди,
Көзи жерди көрмеди,
Дәлилинен утылып,
Тенесин ашыў кернеди,
Қысынғаны соншелли,
Арақ-арақ терледи,
Айтар дәлил табалмай,
Қапалық кеўилин жерледи,
Гүлайымның сөзлери,
Алдына бөгет кереди.
Ерлик етип гәп урып,
Ықтыярын бермеди,
Қайғы ғамды таслады,
Ашыўланып арланып,
Қыздың қолын услады.
Нешше түрли сөз айтып,
Қыран деген батырың,
Қызға сөзин баслады:

— Туўды оң жағымнан айым,
Сенсең мениң теңи-тайым,
Дәлилиңе дәлил мынаў,
Қулақ салың Гүлайым.

Келтирмеңиз мениң арым,
Кеўилимде жоқ гийне-кәрим,
Мынаў айтқан сөзлериме,
Зейин берип қулақ салың.

Көргенниң болар кеўли тоқ,
Ашықлық деген қызыл шоқ,
Адамзаттың сағасы,
Сиз-бизден қызық нәрсе жоқ.

Ата-бабадан қалған жол,
Ашықлық деген қызыл гүл,
Аманласыў айып емес,
Кеўил қоссаң ойна, күл.

Жоқдур хеш жеринде ялған,
Қыз-жигиттиң ақылын алған.
Қызға жигит қол салмақлық,
Пайғамбардан сүннет болған.

Ашыўлансаң дейди долы,
Шарапаты елге толы,
Жигит қызға қол салмақлық,
Бабамыздың уллы жолы.

Сайрап тур кеўилим қаласы,
Адамгерлик нышанасы,
Хүрмет еткен айыппекен,
Анасына жас баласы.

Туўып өскен мәнзил хана,
Сағынышлы адамына,
Құшақ ашып көрискенлик,
Айрылмас дослық нышана.

Жоқ еди арамда қашықлық,
Аманласыў билмеген,
Жаманлық пенен жақсылық,
Құшақ ашып көрискеним,
Дослығым менен ашықлық.

Дусластық табаным тайып,
Көрген жүрсин елге жайып,
Шын достым деп сүйип едим,
Гүлайымжан етпе айып.

Зорлығыңды маған билдирме,
Кеўлиме шер салып,
Жүрек бағрымды тилдирме,
Гүналы етип ашығыңды,
Маған қылыш көтерме.

Ишиңе сумлық жайлама,
Қаңғымай деп сен ойлама,
Еңбегиңди зая етип,
Келген бағыңды байлама.

Көрдик ислердиң талайын,
Қайда буйырсаң мен тайын,
Мәлел салма араға,
Мәлел таппаңыз Гүлайым.

Ашықлық деген жақсы ат,
Бағынады жақын мен жат,
Екеўимиз шын дос болсақ,
Душпанға болар сиясат.

Майдалық хеш ўақ оңбайды,
Менменниң кеўили тоймайды,
Нашар менен сүйискенлик,
Хеш жерде айып болмайды.

Сағынып түстиң қолыма,
Қайылман ашыў-тоғыңа,
Курдасым деп бир сүйдим,
Жалатай деп алма ойға.

Душпаның басын жалмасын,
Ишиңе дәртлер толмасын,
Жолға салып тегисле,
Кеўилиниң қаласын.

Хәмдам болсаң биз бенен,
Оған кеўилиң қалмасын.
Буннан былай исиңди.
Қырық шилтерлер қолласын.

Айып көрме Гүлайым,
Толы жыйын ишинде,
Хәр ким сүйер баласын,
Отқа салып өртейик,
Сарсық сөз бен жаласын.

Неше жылдан бермаған,
Қурбан қылдым бир басым,
Биреў-биреўди зорға көрдик,
Буннан былай оңласын.

Енди өлсем ырзаман,
Жолыңызда Гүлайым,
Қурбан болсын бул басым.
Гәп мәнисин аңласаң,
Ярыңа кеўлиңди ашың.

Әлқысса сөзди еситип,
Гүлайымдай перийзат,
Мақул сөзге не қарыў,
Қайғыны жойытып, жубанып,
Кеўил дәрди уўланып,
Дәлилине мийири қанып,
Тал шыбықтай таўланып,
Аўзынан шыққан пуўлары,
Сары алтындай пуўланып,
Қалың питкен қарашаш.
Мойнына оралып,
Ийтелгидей жайтаңлап,
Бели сымдай буралып,
Шептен оңға оңғарылып,
Ашықлық лепсин тыялмай,
Шын ашығын қыялмай,
Дәлилден қатты утылып.
Жолдан шығып кеталмай,
Батырға ила жеталмай,
Сөзине дәлил айталмай,
Үстинен басып өталмай,
Түрли жақтан утылып,
Хәр жағынан тутылып,
Батырға қарап жутынып,
Қыймыжыңлап күлип,
Хәмирине қайыл болып,
Ықлас пенен кеўил бурып,
Кәдди қорғасындай ерип,
Батырға қушағын керип,
Кеўили әбден жай болып,
Батырға қарап Гүлайым,
Мынадай сөзди айтады:

— Саўаш күни әреби атқа жем бердим,
Ақыл ма деп, ақмақ па деп сын бердим,
Жигит болсаң аз ғана күн сабыр ет,

Белиме толтырып садақ өрайман,
Ат ойнатып әтирапыма қарайман,
Аман-есен парахатқа шыққанша,
Достым сеннен ықтыярым сорайман.

Не десем сөзимди қабыл аласаң,
Узақта жаўым бар, сапар тартпасаң,
Зарымыз бар да, зорымыз жоқ,
Жан достым қалай көресең.

Астыма минип ем сайлап Қарагер,
Қалмақ залым бизиң ушын талапкер,
Сол залымнан қутқарыўға жан достым,
Дос болсаңыз ашығыңа жәрдем бер.

Майданда төкпениз намыс пен арым,
Көрсеткейли хәр ким иште не барын,
Мен ер билип шалғайыңа асылдым,
Ашығыңа көмек бериң қайсарым.

Шын кеўилден бердим саған зейнимди,
Қашыў тарттым билмекши боп мейлиңди,
Достыңызға аз ғана күн мәўлет бер,
Жолыңызға бағышладым тенимди.

Асығыста ҳәзир елге қайтамыз,
Шөлистанда қырық күн сапар тартамыз,
Шын дос болсаң кейиниме ересең,
Ҳаққыңызға дуўа қылсын атамыз.

Саркоп атаў дейди туўған елимди,
Айта бер, жан достым, өкпе гийнеңди,
Қабыл алып сениң менен бас қостым,
Көрсет маған ғайратыңды, күшиңди.

Гийнең болса айтып қалың аўлақта,
Мен сени тапсырдым халық еткен ҳаққа,
Мен тенимди бағыш еттим жолыңа,
Ҳәзиринше қоймаң мени уятқа.

Әлқысса соны айтқан соң,
Батырдың кеўили жай болды,
Төрт түлиги сай болды,
Ырза болып ярына,
Кеўили қуўанышқа толды.
Адасып жүрген сорлы еди,
Тартып батыр кең жолды,
Еки ашық сол жерде,
Артық-кемин айтысып,
Бир-бирине қол берди.
Ҳәм урысты, ҳәм тарысты,
Шынты менен кеўил ашты,
Пикирлерин айтысып,
Күши дәрья киби тасты,
Қабыл алып бир-биреўин,
Ўәделесип басын қосты,
Шын дос болып батырлар,
Мәргиядай қайнап йошты.
Ат шапқан майдан тақырды,
Етти ойын дақылды,
Тәртип берип қызларға,
Биреўлерди алдырды.
Асығыста албырап,
Атларға ерлер салдырды.
Белгили сырлар айтпаға,
Шөлде сапар тартпаға,
Асығады Гүлайым,
Елатына қайтпаға.
Қайғы-ғамды жойтады,
Қуўанышы кем-кем артады,
Асығыста атланып,
Он еки айда айналып,
Гүлайымдай перийзат,
Елатына қайтады.
Қапалы кеўили хош болып,
Кеўиллери йош болып,
Нешше жылғы интизары,
Ашығы менен дос болып,
Түркстанға қайтады,
Гүлайым батыр бас болып.
Алла, алла, алла деп,
Дәскирлик еткил пана деп,
Еренлер жолым жолла деп,
Атларды жолға салады,
Туўған елин сағынып,
Асығыста атланып,
Жолларға рәўан болады.
Ел сағынған бедеўлер,
Артқы аяғын тиреди,
Алдыңғысын кереди,
Өр қояндай ойнады,
Қуба үйректей қалқыды,
Сарыбас қуўдай сарқыды.
Жер танабын тартады,
Қызлардың бели талады,
Секиргенде бедеў атлар,
Бир танап жерлер алады.
Аттың жоны қызған соң,
Полаттан суўлық шайнады,
Сағрысы тасып қайнады,
Гәўҳардай көзи жайнады,
Бир бирине жарысып,
Астындағы бедеўлер,
Онтөрт жасар қызлардай,
Жылўа таслап ойнады,
Сол бийнеде қырық батыр,
Он күн жоллар тартады.
Байқас етип жолларын,
Кеўилине жайлады,
Тажына шегип тулпарға,
Егленбей сапар тартады.
Күши тасып елеслеп,
Мезгилме-мезгил артады.
Ийни келген жерлерде,
Дәрьяларға бойлады,
Қулан жортпас қыйырдан,
Сарыбас қуўдай сарқады,
Жол жүрип мейри қанады,
Сарғаяды, солады,
Атланғалы батырлар,
Жигирма бес күн толады.
Гәҳи шаўып, гә желеди,
Асарлық жатқан бел еди,
Жигирма бес күн толғанда,
Жәдде дағына келеди.
Майданды жердиң алабы,
Астындағы бедеўлер,
Тартты жердиң танабын,
Есап етип қараса,
Хорезмниң ойына,
Он күнлик жол қалады,
Қыран батыр сол жерде,
Гүлайымдай батырдан,
Мәўлет сорап қалады.
Ат шапқан таўдың қыяғы,
Сақтыяндай бар сыяғы,
Тасқа тийип осылып,
Тулпарлардың туяғы,

Каршығадай қанатлап,
Майданда сегбир салады,
Тапсырған ерлер аманат,
Жақсылықты етип яд,
Күн көрмеген батыр қызлар,
Майданда қурып салтанат,
Аман-есен киятыр,
Болмады хэргиз биймурат.
Алдынан гүўлеп жел есип,
Елатым деп жаннан кешип,
Қалеген мийўасын жесип,
Ат шабысып киятыр,
Майданда ойнап-күлисип.
Асыр-асыр таўдың қары,
Талқан етти жердиң жүзи,
Есап етсе Гүлайым,
Қырық күн тамам болады.
Алдына серлеп қараса,
Байдақ, санжақ көринди,
Хорезмниң минары.
Ала болмас шөл еди,
Қырық күн удай сегбир тартып,
Түйе таўына келеди.
Алла бағын ашады,
Түрли дәртке шоласады,
Аман-есен Гүлайым,
Елине араласады.
Ашылған бағда лалаға,
Налыс қылып бир аллаға,
Сәхәр ўақты келип кирди,
Саркоп деген қалаға.
Қыры менен ойына,
Қайғысы толып қойнына,
Талқан етип жаханды,
Ат ойнатып келеди,
Жанадәрьяның бойына.
Әлқысса қатарында нар еди,
Гүлайымға баталмай,
Сыртынан интизар еди,
Қалмақлардың патшасы,
Елексан деген бар еди,
Өлгейлиден шын ашық,
Гүлайымға карыйдар еди,
Ғуббатил деген қалада,
Хеш қолайын табалмай,
Мойнын созып алыстан,
Сыртынан хабардар еди,
Елши салып араға,
Гүлайым елден кеткеннен,
Залым хабардар еди.
Арадан бир ай өтпей-ақ,
Он бес мың нөкерин айдап,
Ноғайлының елине,
Сапар тартып келипти,
Айбынарға басшы жоқ,
Қолайын елдиң алыпты,
Қаплап алып Саркопты,
Қайтпай урыс салыпты,
Қаласын бузып жол етип,
Қақпасын бузып гүм етип,
Керегин талап алыпты,
Қаст еткенин өлтирип,
Хәмирине көндирип,
Аўлағында қутырған,
Жүдә қурышы қаныпты,
Арқайынлап қутырған,
Он күн бир ай жатыпты,
Зәўлим салып басына,
Рейим етпей көз жасына,
Халықты салып алдына,
Он еки мың адамды,
Мал айдатып кетипти.
Таўып хәр жақтан қолтасын,
Опат қылып ордасын,
Саўдаға салып саў басын,
Буўрабайдай атасын,
Түрли бөлеген шатыпты,
Боз ордасын қулатыпты,
Қулақ салмай наласына,
Қақ манлайдан атыпты,
Кепини жоқ, гөри жоқ,
Шаңлағында қалыпты.
Оны көрип Гүлайым,
Атасының ҳаққына,
Беш-алты аўыз толғапты:

— Қарай алмай оңға, солға,
Торпақ шашып қырық мың қолға,
Шайдай таласып бәрқулла,
Әрман менен өлген атам.

Көпшиликти сусы басып,
Душпан менен қарсыласып,
Қас душпан менен атысып,
Зорлық көрип өлген атам.

Кескир қылыш қолға алған,
Жаўға қайтпай самар урған,
Он күн удай урыс салған,
Зорын таўып өлген атам.

Майданды еткен тас-талқан,
Қарсы душпаным төккен қан,
Ғапылда берген шыбын жан,
Әрман менен өлген атам.

Қызының күшин көралмай,
Қол қанатың бир қуралмай,
Душпанға қылыш уралмай,
Ғапыллықта өлген атам.

Душпан менен қарсыласып,
Тайсалмастан оқ атысып,

Хәм гүресип, хәм айқасып,
Ғайрат салып өлген атам.

Жеккелик келип жаўрадың,
Питпеди мақсет-мурадың,
Жәрдемши болмай әўладың,
Әрман менен өлген атам.
Суғанаклар колын салып,
Ғапылда қамаўда қалып,
Жәрдем таппай күйип-жанып,
Зорын таўып өлген атам.

Қуўып душпанларды шаншып,
Қарсыласып найза басып,
Елиң ушын жаның ашып,
Жанын қурбан еткен атам.

Көзге илмей сыны-салын,
Талап етип дүнья-малын,
Халқы ушын шашып қанын,
Жаны қурбан болған атам.

Арылмай бастан ғаўғасы,
Қалмаққа жүклеп гүнасын,
Көре алмай бала-шағасын,
Әрманлықта өлген атам.

Атымды қойдың Гүлайым,
Душпанлар тапып қолайын,
Алған қалмақлар айын,
Әрман менен өлген атам.

Нешше күн айқасып удай,
Абырайлы етпей бир қудай,
Ақыры болыпты мундай,
Ғапыллықта өлген атам.

Перишге алдыңды шолғай,
Халық еткеним нөзер салғай,
Руўхың жәннети болғай,
Иманлы бол, ғәрип атам.

Соны айтып Гүлайым,
Әңгимесин туўарып,
Иштен дебдиў шығарып,
Әрман менен таўланып,
Қалмақлардың қорлығы,
Жүрегин жаман тырнады,
Өзин өзи өлтириўге,
Хеш бир илаж болмады.
Қалада атлар ойнатты,
Қырық қыздың басын қурапты,
Жайдай бели қайысты,
Нәзик бели майысты,
Басын қурап қызлардың,
Түрли ақыл ойласты.

Ары келип арланып,
Бөлинген қойдай шуўласты.
Ақылына жуўыртса,
Не қыларын билалмай,
Ақылынан адасты,
Астындағы бедеўлер,
Көкке қарап туўласты.
Үдети алға талапты,
Тумлы-тусқа ат шапты,
Көшелерде дабыл қақты,
Шыбын жанын отқа жақты,
Яд етти қуда бәрҳақты,
Таярланды Гүлайым,
Қуўмақшы болып қалмақты,
Елатына жеткермей,
Кеги-өшин алмақты.
Дүнья-малын етип талан,
Опат етип келсе қолдан,
Қуўып жетип жары жолдан,
Желкелерин қыйғайман,
Басшыларын қырып, жойып,
Шалып қанларына тойып,
Елек ханның көзин ойып,
Геллесин кесип алғайман.
Қарсыласса урып жығып,
Қуўып өкпелерин сығып,
Қамап тар жерине тығып,
Елине ўайран салғайман.
Усы айтқаным болмаса,
Қара жерге киргеймен,-деп,
Шәрт айтып Гүлайым,
Қарагер атқа минеди,
Қырық қыздың бәрин жыйнатып,
Қатара басын қурапты,
Жақсылыққа нийетлеп,
Ойлады мақсет-муратты,
Көтергенше қызларға,
Белине садақ оратты,
Ғазап етип тум-тусқа,
Дабылын қардай боратты,
Қалмақлардың түр-түсин,
Бир нешшеден сорапты.
Азық әнжамын тақлап,
Көтергенше оқ артты,
Қамал қылып қаласын,
Беккем қылып бәнтлепти,
Елатым деп зар жылап,
Кеткен жаўды қуўмаға,
Гүлайым етти талапты.
Батырлардың дүбири,
Елдиң ишин жаңлатты,
Таярланды Гүлайым,
Тутты жүдә салтанатты.
Ғайып ерен қырық шилтер,
Салың бизге шарапатты.
Қырық батырлар жәмлесип,

Жаў қуралын жәмлетти,
Қалмакларды қуўмаға,
Гүлайым сапар әйлепти,
Таярланып урысқа,
Қара туўын жайнатты.
Жети күн сегбир тартады,
Жеталмады кейнинен,
Қалмақтың ели жырақты,
Атларының туяғы,
Қайтпас жәўхар полатты,
Тас төбеге алады,
Қайшылап еки қулақты,
Қалмакларға жете алмай,
Майданда атлары ылықты,
Қарсыласқан нешшеге,
Өлимнен хабар аңлатты,
Тулпарлардың дүбири,
Баябанды жаңлатты.
Салтанаты батырлардың,
Көрген жанды таңлантты.
Майданда қурып салтанат,
Жасыл туўын жайнатты,
Алдынан кесе өткенниң,
Өзине қолын байлатты.
Үш мезгилде ат жемлеп,
Қуйрық жалын таратты,
Қалмақлардың кейнинен,
Атлардың басын қаратты.
Аттың басын тартады,
Гәҳи желип, гә жортады,
Әзиз жанға зор етип,
Изин қуўып қалмақтың,
Он бес күн сапар тартады.
Атларға тумар тақпады,
Қайсарға сапар жақпады,
Он алты күн ат шаўып,
Жаўлардан дәрек таппады.
Ат шомылды терлерге,
Бәс бармекен, халайық,
Соңдай батыр ерлерге,
Жигирма бес күнде барады,
Даракды деген жерлерге.
Атларға терлер қатады,
Шаршаған жерде жатады,
Алып шыққан азық жоқ,
Таўлы-таслы жерлерден,
Марал, кийик атады,
Дәрек таппай жаўлардан,
Армаған сапар тартады.
Басына күнлер туўады,
Атларының терлери,
Жердиң бетин жуўады,
Дәрек таппай отыз күн,
Жаўлардың изин қуўады.
Кете берсин Гүлайым,
Жаўлардан сөз басланады.

* * *

Әлқысса, сөзди еситиң,
Елексан деген қалмақтан,
Ноғайдың елин шуўлатқан,
Хабарсыз жатқан халықтың,
Үстинде ат ойнатқан,
Сарқоптың қалың елине,
Түрли апат дарытқан,
Қанға бояп майданын,
Шашып бийгүнадан қанын,
Азаплап сан мың адамын,
Он тоғыз мың олжа малын,
Өзли-өзине айдатқан,
Ғуббат деген шәҳәрге,
Ғәзеп етип жол тартқан.
Сол кеткеннен кетеди,
Гүлайымға жеткизбей,
Шөллерди сегбир етеди,
Әйне үш ай жол жүрип,
Қаласына жетеди.
Бас-аяғын жыйнатып,
Нешшениң қолын байлатып,
Қаласын бәлент салдырып,
Қәндегин терең қаздырып,
Бенде болған халықты,
Ақыл-естен састырып,
Қаласын камал етеди.
Қабыл етпей көз жасын,
Сыйындырмай алласын,
Отқа жағып жас баласын,
Қадаған етти қаласын.
Қарсыларын аттырды,
Нешшесин тири шаптырды,
Тамашаға нешшесин,
Ийтлерге таслап тарттырды,
Он-онбесин қосақлап,
Дарытты хәр түр апатты,
Қайғыға қайғы жаматты.
Қатарында нар еди,
Қарсы келген жеринде,
Душпанға дүнья тар еди,
Ноғайлыға аты мәлим.
Ертуўған батыр бар еди,
Елексан деген залымын,
Соннан хабардар еди.
Сол батырды алдырып,
Арқасына ер салып,
Жүдә зәрресин алып,
Узақ жолға жүк артты,
Гүнасыз берди азапты,
Көрсетти хәр түр ғазапты.
Нәлет болғыр қутырған,
Жылап барған халыққа,
Арандай аўзын ашады.
Сиясаты басады.

Жылап жүрген халыққа,
Аўзын ашып ақырып,
Уў-зәҳәрин шашады,
Жас келиншек, қызлардың,
Өкпелерин осады,
Көпшиликтиң ишинде,
Көпектей тарпа басады,
Дәлил айтсаң бир аўыз,
Тенене от басады.
Зардабынан таяқтың,
Нешшелер қан қусады,
Жуптан-жуптан қосақлап,
Аяғын беккем тусады,
Он-онбестен қосақлап,
Майданда қосқа қосады.
Көзде жасын көрмеди,
Залым сөзге илмеди,
Зар жыласа, мезгилли,
Азық-аўқат бермеди.
Ертуўған деген батырдың,
Бети өртен шалғандай,
Дүзде умыт қалғандай,
Дозаққа тири салғандай,
Биймезгил қазан урғандай,
Шын дозақы болғандай,
Еки қап жүкти артады,
Жонына терлер қатады.
Нар түйедей байпаңлап,
Көшеде жоллар тартады,
Хешким көзге илмейди,
Мына болған ўайқанды,
Бир қудайым көрмеди.
Түринен хан сескенип,
Ертуўғандай батырды,
Ортаға сүйреп шығартып,
Елек хан турып сөйлейди:

— Тегиң маған душпан деп,
Мынаны көпке қоспаң деп,
Жутым берип жүрегөрмен,
Ертерек өлсин аштан,-деп,
Жасаўылға ақырды.
Бурынғы күнлери аздай,
Сондай жаза қоллатты,
Елге ойран салар деп,
Ертуўғандай батырды,
Тереңликке таслатты.

Сол ўақытта Ертуўған,
Қатты ашыўы келеди,
Күш бермей жети жаллатқа,
Бир тасты алып дәстине,
Жуўырып кирди Ертуўған,
Абайсызда отырған,
Елек ханның үстине.
Ертуўғанды көргенде,

Елександай ханыңыз,
Тасбақадай азнады,
Түрин көрип батырдың,
Қара жерге қазықтай,
Кирип кете жазлады.
Ҳаўлыққаны соншелли,
Елександай залым хан,
Ашыўлы шердей ақырды,
Тамағын кернеп бақырды,
Көпек ийттей бақырып,
«Жәллад» дийип шақырды.
Суп-сур болды жүзлери,
Аларып еки көзлери,
Шағаўық қара жыландай,
Жалақлап қызыл тиллери,
Ысқырып көзин алартып,
Бақадай болды түрлери,
Қызыл жүзин солдырды,
Ғамға кеўлин толтырды,
Бийлей алмай геўдесин,
Гә турып, гә отырды.
Хеш жәрдемши табалмай,
Жыландай тили жалақлап,
Жалтаңлады, қарады,
Қарап турың, халайық,
Батырға нәўбет жетеди,
Ертуўған сөйлей береди:

— Ха, қутырған, қутырған,
Ашып қара көзиңди,
Сораса жуўап бермейсең,
Сен киммен дейсең өзиңди?
Ҳәзиринше асықпа,
Сарғайтарман жүзиңди,
Барғанында Саркопқа,
Қара шалдың бағыма.
Ийнедей гүнам жоқ еди,
От жибердиң тағыма,
Пенде қылып айдадың,
Урып-соғып азаплап,
Нелер айттың халқыма?
Екситермен жысыңды,
Жуларман бир-бир шашыңды,
Жас қуўрай қурақым көрмей,
Омырайын ба басыңды?
Қайрақ тастай қайрайын,
Қырайын ба тисиңди?
Ойран қылып шебине,
Айдайын ба исиңди?
Мени ким деп билесең,
Басына кий телпектей,
Ақыры меннен өлесең,
Көзиңди ашып анықлап,
Неге мени көрмейсең?
Үш айшылық жоллардан,
Баслап келдим халқымды,

Нәсиятлап жубатып,
Ертип келдим журтымды,
Олжа кылып түсирдиң,
Он алты мың малымды,
Неге кәдирим билмейсен,
Тал бураўға буратып,
Қыйратайын ба саныңды?
Қара тигип басына,
Шашайын ба қаныңды?
Ха, қутырған, қутырған.
Ойла соңғы халыңды,
Шаба берме батпақтан,
Байқап сөйле соңыңды,
Айы-күним батқанша,
Умытпастан сөзиңди.
Сен де бир ийт қутырған,
Тах деп алдап халықты,
Салға минип отырған,
Түбириме найза урма,
Писип турған егинимниң,
Ярым белинен орма.
Гезек келип есин жыяр.
Ойланып көз жасын тыяр,
Әламды тутып елеслеп,
Кейнимнен келер ақ сұңқар,
Қашарына жер таппай,
«Неге тийдим» күн туўар,
Балларының ары ушын,
Ақ сұңқарым ийшалла,
Қәхәр менен пәнже урар,
Сендей ақмақ қутырған,
Бир пәнжеде жоқ болар.
Нәўбет бизге айналып,
Аңла соны қутырған,
Айы-күниң тез батар,
Шаба берме батпақтан,
Бизге жарық таң атар.
Бийик таўың қулатып,
Шәәриңди қыйратып,
Аты шыққан нәрўаныңды,
Балта салып қулатар,
Улың менен қызыңды,
Әрман менен жылатар.
Сескенбеймен айбатыңнан,
Тилимди сеннен тартпайман,
Жалынып сөз айтпайман,
Жандыр мени отыңа,
Ҳақ хеш жерден харымас,
Аңла, мен саған ҳақпан,
Еки жүзли кескир алмас.
Ҳаслы кәри гүнасыз,
Ҳеш бир жерде жыламас,
Жөнсиз еткен жаманлық,
Ҳеш жерде ядыңнан қалмас,
Полат найза урғанда,
Қара тас та тоқтамас,
Қәдирли адам қалың жаўда,
Қапаланып жүзи солмас,
Қалың жаўда жүрсе де,
Несийбеси арылмас,
Қайда барса жол ашық,
Ҳеш жерде жолы тарылмас,
Ғайратымды көрген халқым,
Маған нарыйза болмас,
Жақсылық қылсаң жигитке,
Ҳеш бир жерде умытпас,
Мына қылған қысымың,
Ҳеш ўақта ядымнан қалмас,
Ақмаққа нәсият айтсаң,
Сөз мәнисин аңламас.

Әлқысса, сонда Елек хан,
Айбалтасы жарқырап,
Шалған малдай қарқырап,
Аш көпектей барқырап,
"Жәллат» дийип шақырды:
—Қыйың оның желкесин,
Қулақ, мурнын кесиң,
Алың ақыл менен есин,
Пәнди-пәнди нәсиятым,
Алдыма қайтып келмесин:
Тезме-тезден әпкетиң,
Екинши көзим көрмесин,
Ертеректен апарып,
Уў жайлатың денесин.
Тайын болып сәккиз жәллат,
Еркин бермей урып айдап,
Тумлы-тустан анталап,
Зулымлығын баслап,
Қырық қулаш тереӊ зинданға,
Апарып таслатты.

Әлқысса, залым қалмақтың,
Таўан жықты пәрманы,
Алға басты дәўраны,
Кеўлине келгенин ислеп,
Ишинен шықты әрманы,
Қамал қылып қаласын,
Қадаған етип даласын,
Жата берсин Елек хан.

Әлқысса жүз түйеге жүк артты,
Танап пенен бек тартты,
Сол шәҳәрде бир байдың,
Түйе тартқан кәрўаны,
Түркистанға жол тартты.
Кәрўанға сырын айтады,
Әрман, шерин молайтады,
Бенде болған халықтан,
Бир әжайып ғош жигит,
Түйесин тартып кәрўанның,
Қашып елге қайтады.

Елек хандай залым хан,
Байқап көрсе алды-арты тар,
Есапсыз жатқан бенде бар,
Нешшесин етти өлимдар,
Қуўғыншы жаў келер деген,
Елек ханныңқәўпи бар.
Өз-өзинен ханыңның,
Жүреклери хәўлирип,
Өзин өзи ирке алмай,
Әжептәўир түс көрип,
Көзине жаны көринди,
Өз-өзинен басына,
Зимистаны қурылды,
Әлемди етип тас-талқан,
Шетте адам киргизбей,
Қаласын етти қадаған.
Арадан қырық күн өткенде,
Өз-өзинен хаўлығып,
Саўда түсти басына,
Қарамады халықтың,
Көзден аққан жасына,
Буйрық берип жыйнатты,
Он еки мың аламан.
Алдына түсти басшыға,
Жаў жарағын жыйнатып,
Шыбын жанын қыйнатып,
Бесеў ара бекаўыл,
Онаў ара жасаўыл,
Жасаўыллап айдатып,
Саўда салып басына,
Шыбын жанын қыйнатты,
Бедеўлерин ойнатты,
Полаттан суўлық шайнатты,
Әскерине бас болып,
Елексан хан жол тартты.
Ат шапқан дағлар пәс болып,
Баўыры қара тас болып,
Асығыста жол тартады,
Он мың нөкерге бас болып.
Дағы-дашлардан жол салып,
Көргенди ериксиз қаратып,
Қаласына жар салып,
Ишине әрман шер толып,
Кеўиллерин суў алып,
Қолына жасыл туў алып,
Дабылынан жер қозғалып,
Күн-түн демей ғайрат салып,
Елек залым жол тартады,
Ерте бастан алдын алып,
Халқына сөз айтады,
Елек ханың дабыл қағып:

— Әскерлерим, қулақ сал,
Басыңа түспесин ғалма-ғал,
Пәнди-пәнди нәсиятым,
Қашып-пушып қалмақлар.

Бул кеткеннен кетесең,
Зарандып таўға жетесең,
Оннан да арман өтесең,
Аштарханның бойына,
Барып мәкан етесең,
Ар жағынан жаў келсе,
Қарсыласып атасаң,
Мусылман мен урыс салып,
Әрман-шерин тарқатасаң,
Атларыңды тағалап,
Жәдде таўын жағалап,
Қырық күн жолға қарайсаң,
Киятырған жаў көрсең,
Ғалаба атлар саласаң,
Қайтпай урыс саласаң,
Алдаў сөзге инанып,
Душпанға бенде болмайсаң.
Күш бермесе қарсы жаў,
Аяманыз жаныңды,
Қырғын болып жолында,
Апарманыз қалаға,
Мен шыны дос сенлерге,
Қашып бармаң қалаға,
Лашыңды ийтке тарттырып,
Шығарарман жаныңды.
Қашқанлар болса ермеңиз,
Абыройды қолдан бермеңиз,
Шыбын жаның шыққанша,
Жаўға қылыш сермеңиз,
Нәмәрт болып алдыма,
Қашып келип жүрмеңиз,
Қолдан келсе өлтириң,
Тегинликке өлмеңиз,
Арың ушын, мәртлерим,
Душпанларды жерлеңиз,
Қыстай берсе қарсы жаў,
Маған хабар бериңиз.

Сондай сөзди тапсырып,
Қанық сөзлер айтады.
Он мың әскер кейнинде,
Сапар тартып барады,
Буйрық берип әскерине,
Хан кейнине қайтады.
Әскербасы еситип,
Хан хәмирине көнеди,
Қайыл болып хәмирине,
Хан кейнинен жөнеди.
Әскербасы бас болып,
Таўға қарап дөнеди,
Думан басып күн жүзин,
Қараңғыға дөнеди,
Он еки күн жол жүрип,
Сол таўларға келеди.
Әлам жүзи қараңғылық,
Жанған отлар сөнеди,

Он бес күн жүзи толғанда,
Жәлде деген тауына,
Бас аяғы құралды,
Аттың жалын тарады,
Он мың әскер жыйналып,
Қатар-қатар сап тутып,
Талып барған көп әскер,
Үш күн турмай жатады.
Күшин белге жыйнады,
Сарғайып таңлар атады,
Жәлде деген тауында,
Елек ханның әскери,
Қарауыл болып жатады.
Жата берсин қалмақлар,
Әлқысса сөзди еситиң,
Гүлайым, Қыран батырдан.

* * *

Гүлайымдай батырын,
Армиянның шөлинде,
Атларын жолға салады,
Изин қуўып қалмақтың,
Майданда сапар тартады,
Шаршаған жерде жатады,
Атларға терлер қатады,
Қыя майдан далада,
Ақбөкен, марал атады,
Аш болғанда әреп атлар,
Таўдан ғаўдан шалады,
Қалмақлардың кейнинен,
Майданда сегбир тартады.
Сарғаяды, солады,
Ерте турып, кеш жатып,
Отыз алты күн қонады.
Ат шабысып майданда,
Қызлар сапар тартады,
Харып-шаршап талады,
Терекдәрья бойында,
Он күн атлар шабады.
Салқын менен жол жүрди,
Қыйынға өзин көндирди,
Жоллар таппай адасып,
Бир ярым күн жол жүрди,
Рахмет жигит сойына,
Түсип сарсаңлық ойына,
Еки айда жетеди,
Аштарханның бойына.
Бир өзи бир мыңға татыр,
Алдында көп әскер жатыр,
Гүлайымның аўҳалын,
Еситкенди Қыран батыр.
Кийинип бадана саўытты,
Мәдет әйлеп пири Даўытты,
Он сәккиз күн хәлек болып,
Қыйын жерден жоллар таўып,
Аштарханның бойында,
Қыран батыр жетеди,
Кейнинен ат шаўып,
Гүлайымдай достына,
Саў-саламат қосылды,
Қыран батыр қустай қаўып.
Туўған жерлер қалды қашық,
Тымсал менен ат шабысып,
Саў-саламат қосылады,
Кеўил қосқан еки ашық.
Дабылы елге даң болды,
Айырылысып бир биринен,
Қара бағры қан болды,
Хабарсыз қалып ашығы,
Кеўилине әрман болды,
Қыйын жерде қосылып,
Еки батыр кеўиллери жәм болды.
Қалмақ пенен қас болып,
Кеўили тасып мәс болып,
Аштарханның бойында,
Үш күн жатып дем алды,
Еки ашық кеўил қосып,
Қара шашын тарады,
Аштан өлген өлини,
Топар-топар көреди,
Тисин қайрап батырлар,
Қәҳәр менен келди,
Аштарханның бойында,
Жол таба алмай жүрели.
Хеш жерден туўры жол таппай,
Не қыларын биле алмай,
Ашшы-душшы татады,
Аштарханнан өте алмай.
Әйне бир ай жатады,
Тоқсанның айы туўған соң,
Тас болып теңиз қатады,
Қыран батыр бас болып,
Муз бенен жоллар тартады,
Қырқы бирден атқа артып,
Музларға топырақ шашады,
Кем-кемнен хийлеси асып,
Қәўипли жерлеринен қашып,
Көк тайғаққа қум шашып,
Белеўлер пәрманлап басып,
Аштархандай теңизден,
Пияда он күн жол асып,
Көрди түрли әламатты,
Еренлер берип дәрамат,
Жағылмай жаман кәрамат,
Хеш жерден жетиспей апат,
Он алты күн сегбир қағып,
Аман-саў қырық қыз өтеди,
Аштарханнан саламат.
Теңизден аман өтеди,
Ендиги жолы тәтеди,
Кеше-күндиз жол жүрип,
Бир бөлек таўға жетеди,
Урысқа жүдә шақланып,
Жаў жарағын тақланып,
Асығыста киятыр,
Қалаға қарап ат салып.

Елес-елес арасы,
Бир күнлик жол таласы,
Қалмақтың мәнзил ханасы,
Хәм басшысы, хәм батыры,
Қыран батыр данасы,
Жақынлап келди шамасы,
Жарланған таўдың дарасы,
Яр болғай қәдир алласы,
Елес-елес көринди,
Бир топ кәрўанның карасы.
Оны көрип қырық батыр,
Атқа қамшы басады,
Кеўили толып тасады,
Топарын бузбай ат қойып,
Кәрўанға хүжим жасады.
Узағырақ еди арасы,
Тум-тусынан топылып,
Есик-төрли келеди,
Екеўинин шамасы.
Кәрўанбасы булардан,
Хаўлықпады, қорқпады,
Жасқанып көзин тартпады,
Жүдә әжайып көринди,
Жас қызлардың сымбаты.
Жас қызларды көрген соң,
Ан-таң болып кәрўанлар,
Ақыл-есин алдырып,
Жуўырысып шығып алдына,
Қасты бардай қарасты,
Алағададан нәрсе жоқ,
Жүдә кеўили тасты.

Қәхәрленип Гүлайым,
Қарасқанын ар билип,
Ашыўы кәддинен асты,
Хаслың қайдан кәрўан деп,
Тезден-тезден жөн сорасты:

— Нешик болыр қәхәр менен найза урсам,
Қазан урған қызыл гүлдей солдырсам,
Жаның барда хаслыңды айтың кәрўанлар,
Диниң қайдан, елиң қайдан боларсаң?

Қарсыласып жаў қайтармақ бизиң кәр,
Қылыш урсам заманыңыз болар тар,
Жасырмастан хаслыңды тезден айт,
Қайсы журтқа баратырған саўдагер?

Түсирейин жаманлықтың қуяшын,
Мен бузаман жаманлардың уясын,
Қайсы журттан қайсы журтқа барасаң,
Артқаныңыз қандай ханның дүньясы?

Сексен нарға алтын, гүмис артыпсыз,
Аўмасын деп шыжым менен тартыпсыз,
Қайдан шықтың, қандай журтқа барасаң,
Сегбир тартып узақ жолға шығыпсыз?

Биз билмеймиз тегис пенен тикжарын,
Бағыш әйле бизге сиз хәрне барын,
Қайсы елден қайсы журтқа барасаң,
Жасырмай айт туўры бергил хабарың.

Әлқысса, саўдагерлер бунын жаў екенин билмей, түрки тилине түсинбей, таңырқанып-таңланып, қумартқан көзлерине, сәўле шашқан жүзлерине таңлай-таңлай қарады, ермек қылыңқырап шақалақлап күледи.

Сол ўақтында Гүлайымның,
Сүйегинен өтеди,
Алғыр қустай шабынып,
Гүлайымдай батырдан,
Қызлар жуўап күтеди.
Аңлай-аңлай Гүлайым,
Кәрўанның сырын аңлады,
Сөз бағдарын сорады,
Қалмақтың кәрўаны екенин,
Сөзлеринен байқады,
Ашыўланып Гүлайым,
Жаўған қардай борады,
Семсер урып басына,
Ақырзаман қурады.
Душпан екенин аңлады,
Күши тасып қайнады,
Тәртип берип қырық қызға,
Жығып кәрўан басыны,
Узынына салады,
Еки жүзли пышағын,
Оң қолына алады,

Сиз бе ермек қылған деп,
Қарқыратып шалады.
Қызлардың қурышы қанады,
Түйе тартқан кәрўанларды,
Тұқымқурт қылып қырады,
Сексен түйе хасылын,
Тегин олжа қылады,
Қылыш қанлаў кәдеси,
Қарсы алдынан шығады.
Әлқысса, бир қудайы яр еди,
Елим деп интизар еди,
Кәрўанлардың қасында,
От жағыў кәспи-кәри еди,
Бенде болған мусылманнан,
Жасырынып жан сақлаған,
Кәрўанлардың қасында,
Артық деген бар еди.
Жасы алпыстан асқан,
Сақал-мурты шубалып,
Аяғына басылған,
Елек ханның қысымынан,

Өкпелери осылған,
Кәрўанларға жалынып,
Түркистанның шәхәрине,
Қайтыў ушын қосылған,
Сақал-шашы жумақтай,
Қалмаққа берген қорлықтан,
Ерегиректе тур еди.
Қызлардың түрин бир көрип,
Жуўырып келди бийшара,
Гүлайымның қасына,
Аяғына бас урып,
Буған қарап сөйледи:

— Басымда түрли уўайым,
Қырымды алып бир қудайым,
Мен әрманым айтайын,
Қулағың сал Гүлайым.
Жас төктим көзден жасымнан,
Айрылмай мийнет басымнан,
Елексан деген қалмаққа,
Пенде болдым жасымнан.
Туўды-питти бул мәнет,
Айрылмады басымнан,
Хабар сора Гүлайым,
Мен ғәриптиң хаслынан,
Саған хабар айтайын,
Пенде болған халқымнан,-деп,
Гүлайымға хабар айтып,
Мынадай сөз айтады:

— Тарыққаннан көзден ақты қанлы жас,
Қайғыдан жарылды қалың қара тас,
Бүлген елден саған хабар айтайын,
Қулақ салып қуп тыңлаңыз қарындас.

Басыма түскенди хәр түр уўайым,
Батыл болған абыройды қуўайын,
Қулақ салып тыңла мениң аўхалым,
Қыйын аўхал өтти бизден Гүлайым.

Бүлген елдиң қыйын мушкил халы,
Залым қалмақ тайдырғанды дәўраны,
Сорасаң хаслым мениң мусылман,
Хал сорасаң бүгин бизден дәрманым.

Қуўанышында сениң өсип жайнайын,
Алдыңызда мен баслайын қарағым,
Буннан былай жылаўыңды жетеклеп,
Қалмақтың шәхәрине алып барайын.

Қалмақтың азабы өтти жаныма,
Пенде болып Елек ханның торында,
Үш жыл бойы болды халымыз мушкил,
Қалмақ сабап қан толтырды қойныма.

Қарсылассаң қыйды оның желкесин,
Қырылды халқыңыз таппай ийесин,
Гүлайымжан, қайсы бирин айтайын,
Ойлап көрсең мен сыяқлы хәммеси.

Елатымда аты шыққан ер едим.
Сыйынғанда қол бергендей пир едим,
Кеше-күндиз сениң тилегиңди тилеп,
Кәрўан менен жанымды сақлап жүр едим.

Мына сөзди еситип,
Гүлайымдай перийзат,
Бенде екенин аңлады,
Азат қылды өлимнен,
Алдына соны салады,
Тәўекелге бел байлап,
Олжа қылып кәрўанды,
Жолға рәўан болады.
Қапа кеўлин хошлады,
Қайғылы ғамды таслады,
Қуўанышта Артықбай,
Гүлайымға жол баслады.
Батырлар қылыш қанлады,
Жолға рәўан болады,
Аштарханды жағалап,
Үш күн жоллар тартады.
Атлардың жоны қызады,
Қуўдай мойнын созады,
Қыя шөлде жарысып,
Биринен бири озады,
Қазандай қара тасларды,
Талқан етип бузады,
Аштарханды жағалап,
Жети күн жол тартады.
Себеп болып жалғаўына,
Баслап баратыр ғарры,
Қырық қыздың қарсы жаўына,
Намазшамда жетеди,
Қараспан деген таўына.
Аттың жалын тарады,
Ғарры күнге жарады,
Бәлент таўдың басында,
Қатара турып қырық батыр,
Төрт тәрепке қарады.
Аттың жалын өреди,
Аш болғанда әреби атлар,
Тащдан жуўсан тереди,
Кеўилин басып қараса,
Жәдде деген таўында,
Көп жығынды көреди.
Қалмақтың қайсар ерлери,
Өзине мәлим жерлери,
Жәдде деген таўында,
Жатыр еди ен жайып,
Елек ханның әскери.
Алды-арты бийик жар,
Елес-елес жаўды қар,
Қиятырған батырлардан,

Елек ханның әскери,
Бәршеси болды хабардар.
Аңлып жатқан көп әскер,
Тайсалмай атлар қояды,
Қайғы-ғамды жояды,
Бир бирине қарсыласып,
Еки таўдың арасы,
Ақырзаман болады.
Ҳийлеси әбден асады,
Күшлери ғаўлап тасады,
Қарсыласып қалмақлар,
Тум-тустан найза басады.
Қарсыласып Қыран батыр,
Оннан-солдан ат салып,
Қайтпай қушақласады,
Мен-мен деген батырына,
Қапталлап ат қосады,
Гәҳи озып, гәҳи қалып,
Қалмақлардың батырын,
Тап жаўырынынан шаншады.
Ҳаўлықпады, қорқпады,
Аттың басын тартпады,
Қырандайын батырға,
Отызы бирден топылса,
Саўытынан баталмай,
Қамыр янлы батпады.
Көбинше қылыш жумсады,
Бири қуўып, бири қашады,
Қалмақлардың әскери,
Тум-тустан ҳүжим жасады,
Тенеси қайнап йошады,
Ийини келсе Қыран батыр,
Он бесин бүклеп басады,
Қалмақлардың әскерин,
Қанын суўдай шашады.
Ат кекилин өреди,
Арадан үш күн өткенде,
Қалмақлардың әскери,
Түрин жаман көреди,
Гүлайымның батырынан,
Сол жерде бес қыз өледи.
Қарсыласқан елине,
Қайтпай найза басады,
Ийни келген жеринде,
Анаў-мынаў палўанын,
Ылақ қылып қашады,
Арадан бес күн өткенде,
Қалмақтың қалған әскери,
Кейнине қарап қашады.
Қурт ойыны қурылды,
Астындағы бедеўлер,
Қанға тайып сүринди,
Қалмақлардың әскеринен,
Алты мыңы қырылды.
Саўыт кийип сайланды,
Әбден бағы байланды,

Гүлайымға бата алмай,
Қалмақтыңқалған батыры,
Шегинип кейнине айналды.
Оғын атып байығады,
Ақыл-хуўшын жойытады,
Гүлайымға бата алмай,
Қалмақлардың әскери,
Серпилип кейин қайтады.
Бағларда гүллер шайдады,
Бабаңа алғыс айтады,
Қыран батыр, Гүлайым,
Қалмақтың қалған әскерин,
Қойдай қылып айдады.
Бағдың гүли солады,
Қуўанышқа кеўли толады,
Қыран батыр, Гүлайым,
Қалмақлардың әскерине,
Мысал тәжжал болады.
Басына күн туўады,
Белине садақ буўады,
Әзирайылдай топылып,
Қырық қыз бенен Гүлайым,
Қалмақларды қуўады.
Қан толды терең сайлары,
Кетти ақыл мен ойлары,
Тум-тусқа шықты қалмақлар,
Тирилик болып ғайлары.
Кирерге тесик табалмай,
Қараңғы болып күн мен ай,
Ҳәр ким басы менен ғай,
Қараңғы болды майданы.
Тым-тырақтай тозады,
Қыран деген батырға,
Он күн қарсыласалмай,
Харып-шаршап талмады,
Гүлайымның қырық қызы,
Айдарҳалай жалмады,
Барғанынша қалаға,
Елек ханның әскеринен,
Бир тири жан қалмады.
Минген аты шабылмай,
Қарсыласып дабыл қағылмай.
Қалаға жақын барғанша,
Ныпқырт болды қалмақлар,
Батырға қарсыласарға,
Бир тири жан табылмай.
Қылыш қаннан тап алды,
Өлимнен айралық жаманды,
Дүбиринен сескенип,
Ғуббат деген қаласына,
Тас қорған етип қамалды.
Қырық қыз ғайрат салады,
Қалмақлар сетем алады,
Барғанын билип Гүлайымның,
Қалмақлардың шәҳәринде,
Ақырзаман болады.

Әлқысса, кәхәринен булардың,
Бурқасынлап жаўды қар,
Минарланып турыпты,
Қаласында қанлы дар,
Жаўдай жаснап анталап,
Қалмақлардың шәҳәрине,
Барды дейди батырлар.
Ашылған бағда лалаға,
Сыйынып қудайталаға,
Анталап келди қырық батыр,
Ғуббат деген қалаға.
Шықпай ақыл данасы,
Ойран боп жигер санасы,
Оннан-мүннан ат қойды,
Киралмады қырық батыр,
Қамал еди қаласы.
Жазылып атын шабалмай,
Абырайын жабалмай,
Ҳайран болды Гүлайым қыз,
Қаланың аўзын табалмай.
Сарғайып танлар атады,
Әжел шарабын татады,
Жанлы адам табалмай,
Шаршап барған батырлар,
Шатырын қурып жатады.

Әлқысса, сөзди еситиң,
Елек деген залымнан.
Әскер қашып келген соң,
Истиң түрин аңлаған,
Ақыл-естен айрылып,
Тумлы-тусын барлаған,
Бурынырақ ғамын жеп,
Қаласын еткен қадаған,
Не қыларын биле алмай,
Қолындағы пендеге,
Қатты зулымлық қылған.
Шыбын жанын қыйнады,
Елек хандай залым хан,
Аламанын жыйнады,
Қарсы турып буларға,
Түрли ҳийле жасады,
Қаласын бөлент салдырып,
Қәндегин терең ояды,
Отқа жағып нешшесин,
Нешшесин тири сояды,
Мусылманның әўладын,
Тирилей жерге қағады,
Қосақлап қойдай сабалап,
Қайғыға қайғы жамады,
Жети жасар балларын,
Шай отын қылып жағады.
Зулымлығын арттырды,
Бөлинген қойдай шуўлатты,
Қаласына киргизбеди,
Гүлайымдай перизатты.

Майданда жүрип тыңлапты,
Мысқа айналды гәўҳар тасы,
Қабыл болмай көзде жасы,
Иште жанып шуўлайды,
Бүлген елдиң ғарры-жасы.
Еситип оны Гүлайым,
Қаласына кире алмай,
Ат басындай жүреги,
Сарайында туўлайды,
Саңлақ таппай ҳәр жерден,
Жан-жағына қарады.
Асығыста атланып,
Дәрўазаға келеди,
Нәзер етип қараса,
Пақшасының кепсери,
Қола менен қуйылған,
Қара тас пенен көмилген,
Бийиклигин сорасаң,
Ушқан қуслар өте алмас,
Қарасы жүдә шойылған,
Атқанда оқ өтпейди,
Тойтарылмас қарыўлар,
Байқас етип қараса,
Узақ-узақ тараўлар,
Саңлақ таппай кириўге,
Ҳайран болды арыўлар.
Ат басындай қулп урған,
Сәккиз қабат бек қорған,
Әскер толған ишине,
Жүдә тамашалы дәўран.
Ерден ердиңкәўпи бар,
Қаласында отлар сөнген,
Ислери насырға дөнген,
Жанлы жанлар хабар алмай,
Ҳайран болды Гүлайым,
Ҳеш илажын таба алмай.
Қалмақлар хабар табысты,
Тум-тусқа ат шабысты,
Иш-тыстан оқ атысты.
Гүлайым қайнап күйеди,
Қалмақтың хабарласпағаны,
Жулынына тийеди,
Ат шабысып батырлар,
Жол таба алмай бүледи,
Қыран батыр сол ўақта,
Гүлайымдай батырға,
Қарап сөйлей береди:

— Басыма салма уўайым,
Баслағай оңға қудайым,
Оның ушын сарсылма,
Шын ашығым Гүлайым.

Мәрт болғанлар ўақтын хошлар,
Душпан өкпеси осылар,

Асықпаңыз Гүлайым қыз,
Жаўларың меннен басылар.

Беккем байлаңыз белиңди,
Солдырма бағда гүлиңди,
Азғана ўақ сабыр ет,
Азат қылarман елиңди.
Тақлай бериң күш-қарыўың,
Басыңа келди дәўириң,
Өз-өзиңди алдырмаңыз,
Сиясат етиң арыўым.

Душпан сағасын тыярман,
Бас-аяғымды жыярман,
Қайғыланба Гүлайым қыз,
Ханыңның желкесин қыярман.

Соны айтып батырың,
Қыздың кеўилин алады,
Гүлайымның белине,
Пота буўғандай болады,
Мына сөзди еситип,
Беллин беккем байлады,
Саўашқа өзин сайлады,
Жағалап шеттен айналып,
Қайым жерлер барлады.

— Қалаға атлар салайық,
Жаўдан өшти алайық,
Я өлейик, я қалайық,
Бүйтип жатқан болмайды,
Қолдан келе билгенше,
Тум-тусқа ат салайық,
Душпанлардан өш алсақ,
Сол болар бизге ылайық,
Айтқанымды тыңласаңыз,
Атланың тезден халайық.
Гүлайымдай перийзатқа,
Сондай гәпти айтады.
Сол ўақтында Гүлайым,
Қыран деген батырға,
Мынадай сөз айтады:

— Көрген жанның қурышы қанды,
Талап еттиң беги, ханды,
Сениң менен бизлерге,
Дус қылғай алла аңсанды.
Бирин бири қуўатлады батырлар,
Таслайық қайғы-қапаны,
Көп шектирди халыққа,
Жәбир менен жапаны.
Хәр ким ғайрат салғайлы,
Душпанларды жоқ қылып,
Сүрейик заўқы-сапаны.
Тум-тусқа атлар шабайық,
Қаланың аўзын табайық,
Сапластырып душпанды,
Елимизге қайтайық.
Түйинин таўып шешейик,
Қалмақтың қанын ишейик,
Ойран салып ордасын,
Кепин тонын пишейик,
Ғайрат салың, жан достым,
Бүлген елдиң ғамы ушын,
Шыбын жаннан кешейик.

Қыран батыр еситип,
Жүдә мақул көреди,
Жабырласып қырық батыр,
Усы сөздиң хаққына,
Барлығы ўәде береди,
Жақсылық пенен жаманлық,
Бир қудадан көреди.
Гүлайым сәрдар бас болып,
Батырлар атқа минеди.
Кейнинен ғаўлап ереди.
Көзлери оттай жайнады,
Полаттан суўлық шайнады,
Жәҳәнди кеўили жайлады,
Қәҳәрленип қырық батыр,
Жаўларға өзин сайлады.
Минип атларын жөнеди,
Өз-өзинен тартысып,
Шамасын өлшеп көреди,
Жедел берип өз-өзине,
Күшлерине сенеди,
Тум-тусынан ат айдап,
Дәрўазаға келеди.
Атқа тумар тағады,
Кими атып, кими шабады,
Алмас қылыш кеспеди,
Қанша қарыў салса да,
Батырлар дады жетпеди.
Қыяға бедеў шаппады,
Тумлы-тусын бақлады,
Бул қалаға киргендей,
Батырлар жасқа таппады.
Жигер-ғайрат күши толған,
Халқы ушын қорған болған,
Сол қаланы айналып,
Етти батырлар тас-талқан.
Жигер-күши тасады,
Тум-тустан хүжим жасады,
Я алалмай, я кеталмай,
Бир ярым ай жатады.

Әлқисса, сөзди еситиң,
Елек хан деген қалмақтан.
Әрманлы таңлар атырған,
Ай менен күнин батырған,
Он мың бенде бар еди,
Қалмақлардың қолында,

Бенде болып жатырған.
Зейин танып иледи,
Гүлайымның келгенин,
Солар иште биледи.
Ата-теги батыр еди,
Кәҳәр еткен жеринде,
Қырық адамға татыр еди,
Сол халықтың ишинде,
Қараңғы жайда жатырған,
Акшолпан деген бар еди,
Гүлайымның келгенин,
Иште жатып бийшара,
Ол да хабардар еди.
Гүлайымға бағышлап,
Көпшиликке хабарлап,
Мынадай сөз айтқан екен:
—Минип бедеў желгенди,
Намыстан күйип өлгенди,
Аңлап турман бир нышан,
Гүлайымдай арысланым,
Кейнимнен қуўып келгенди?
Қаланың аўзын таба алмай,
Онда-мунда соқлығып,
Жол табалмай жүргенди,
Еркин атын шаба алмай,
Әбирейин халықтың жаба алмай,
Қаңғалап жүрген болмасын,
Кирер саңлақ таба алмай.
Жақсылығын келтирин,
Қаст еткенди өлтирин,
Мен аңлайман бир сырды,
Қалмақларға сездирмей,
Мениң айтқан сөзимди,
Гүлайымға билдириң.
Бағының гүли солмасын,
Пайманасы толмасын,
Мына залым қалмақтың,
Сегиз жерде хоры бар,
Қурып қойған айтыўлы,
Қырық бес жерде торы бар,
Гүлайымдай жалғызым,
Соларға дус болмасын.
Узақ бийик таўы бар,
Есапсыз жатқан жаўы бар,
Қаланың арқа шетинде,
Күнниң шығар астында,
Бир мезгиллик жолы бар,
Бийик таўдың астында,
Қаласының аўзы бар,
Анық көзим көрген жоқ,
Халқының айтқан сөзи бар.
Жоқдур оның көп-азы,
Мудам қамал қысы-жазы,
Керек емес күш-қарыў,
Мынадай оның илажы:
Хабар алсаң сол жерден,
Бир адамды көресең,
Сақалы узын салалы,
Күн-түн отыр сол жерде,
Ерксиз тартар сыйқы-салы.
Байқап оған қарасаң,
Қолында зийруў-зәбары,
Соны қолға түсирсең,
Талабың оң болғаны.
Соны қолға түсирсең,
Қаланың аўзын табасаң,
Қарсыласып айқасып,
Жаўына қылыш тартасаң,
Аўҳалың жүдә қыйынды,
Соны излеп таппасаң,
Ашылады етегиң,
Өзиң қымтап жаппасаң,
Мақсетиңе жетпейсең,
Ўақтында тухым шашпасаң,
Малың кетер басына,
Басына бас жип тақпасаң,
Дедигиңе жете алмайсаң,
Бурын атың шаппасаң.
Қазаның сирә писпейди,
Астына от жақпасаң,
Қатының кетер басына,
Қазық қылып қақпасаң.
Жете алмайсаң елиңе,
Усыны ойлап таппасаң.
Жазып бәржай келтириң,
Адамзатқа билдирмей,
Гүлайымжанға жеткериң.
Минген аты шабылар,
Мойнында ҳасыл тағылар,
Орынланса усы сөз,
Излегени табылар.
Аңлай қойса кешикпей,
Әбирейин жабылар,
Күш-күшине уласып,
Аш бүркиттей шабылар.
Мақсетине жетисип,
Ойнап-күлип шад болар,
Усы хабарды жеткизсек,
Батырлар бизди баҳалар,
Не болса да мен айттым,
Яр болғай ата-бабалар.
Соны айтып Ақшолпан,
Көпшиликке тығылды.
Еситип оны халайық,
Бөлинген қойдай шуўлады.
Ақшолпандай арыўды,
Ортасына алады,
Айтқан сөзин қайтарып,
Бир-бирлеп хатқа салады,
Майданға шығыў илаж жоқ,
Көпшилик ақыл табағы,
Ҳайран болып турады,
Бир биринен сорады,

Айтылған сөзди хат етип,
Мушгай тасқа орады.
Кеш болып күнлер батады,
Төсекте хәр ким жатады,
Әйне түнниң жарпында,
Сәлем хатка тас орап,
Сақпанға салып бир жигит,
Қаладан сыртка атады.
Кемпирге хәмме бас урды,
Еки қолын қуўсырды,
Сақпан менен сәлем хатты,
Әйне түнниң жарпында,
Тәўекел сыртка асырды.

Әлқысса, сөзди еситиң,
Майдандағы қырық қыздан.
Ишлери толы намыс-ар,
Қаланың аўзын табалмай,
Алды бийик, арты жар,
Хайран болып жүр еди,
Бул қалаға киралмай,
Әйне түнниң жарпында,
Найзасына сүйенип,
Тур еди сыртта батырлар.
Әрманлық пенен таң атты,
Таң шолпаны бирге атты,
Жарық түсип әлемге,
Тум-тусына қарады.
Нешше қыйыр, нешше адыр,
Көргенди ерксиз қаратар,
Көринеди ағарып,
Жанында бир нәрсе жатыр.
Қағазды жерден алады,
Асығыста батырлар,
Тарқатып оқып қарады,
Мәнисин оның аңласа,
Гүлайымның ядына,
Түрли хабар салады.
Көзи толы жасына,
Нур толды пешанасына,
Айтқан гәпке түсинип,
Асығыс пенен атланды,
Гүлайымдай перийзат,
Қызларын ертип қасына,
Күн шығарға жол тартты,
Қызларды ертип артына,
Хатқа бәри түсинип,
Жетисти батыр шыңына.
Қәхәр менен пәтленип,
Қуўанып кеўили шадланып,
Қарағай найзасын өңгерип,
Жүрди шығысқа жолланып.
Қалаға кириў мақсети,
Шыңты менен қолланып,
Бир мезгил жүрип қараса,
Қаланың шығыс астында,

Бир тас көрди минарланып,
Жетип барды ат айдап,
Гүлайым батыр сайланып,
Салтанат тутып киятыр,
Сом темирге қурсанып,
Нәзер салып қарады,
Дәрўазада байқады,
Өмиринше белли кәри,
Еситкен бурын кардары,
Отыр екен бир ғарры,
Жасы жүзден де ары,
Айтқандай қараса,
Қолында зийриў-зәбары.
Туўры келди мама айтқан,
Бир жарым ай жолын жойтқан,
Қуўанысып батырлар,
Мүшкили болды аңсан.
Әлқысса батыр сөйлейди:
— Бәлент дағларда барды пәс,
Ақпағай көзден селли жас,
Жан өзиңде турғанда,
Дәрўазадан аўлақ қаш.

Неге отырыпсаң жолда,
Батырмысаң сен озалда,
Абырай барда қапыңды аш,
Жан өзиңде турғанда.

Кетпесин душпанда арың,
Батырман мен белли кәрим,
Дәрўазабан есик аш,
Келди Гүлайым қандарың.

Батыр болсаң қылма налыс,
Сапар тарттым жолым алыс,
Арнап келдим қалаңа,
Келиң бәрман, биз бенен таныс.

Еситип оны Елексан,
Не қыларын биле алмай,
Кейнине қарап қаша алмай,
Басты қыздың сиясаты,
Батырлардың сиясаты,
Қалмақты жаман басады,
Не қыларын биле алмай,
Ақылынан сасады.
Ўәзирлерин шақырып,
Елександай залым хан,
Мынадай сөз айтады:

— Минип бедеў желипти,
Нешшеси шөлде өлипти,
Түркистанның халқынан,
Атақлы батырлар келипти.
Алғандай үлестен пайын,
Қарсылассаң алар пайын,

Дәрўазаны тез ашыңлар,
Мәртлик пенен болың тайын.
Аркайынлықты қояйық,
Байлап алып барлығыңды,
Жаўларға олжа болмайық,
Басқы таўып өз-өзиннен,
Қызыл гүлдей солмайық,
Шақырып турған душпаннан,
Ертерек хабар алайық.
Қолдан келсе киргизбей,
Тегис геллесин алайық,
Тезирек атлан батырлар,
Бар ғайратты салайық.
Бир бирине билдирмей,
Қолдан келсе жаўлардың,
Тегислеп көзин ояйық.
Атлан-атлан, батырлар,
Қаламызға киргизбей,
Тухымқурт қылып жояйық.
Әлқысса, сөзин еситип,
Қалмақлардың әскери,
Аттың жалын тарады,
Урыспаға қолайлап,
Белин беккем байлады.
Жолығып хабарласыўға,
Айтыўлы ҳәмелдарынан,
Жаў қуралын сайланды,
Гүлайымның алдына,
Отыз адам барады.
Ерден ердин кәўпи бар,
Қәдди бойы қалтырап,
Не дерин билмей албырап,
Сыр билдирип жаўларға,
Сынаптайын титиреп,
Тенелерин қорқыныш кернеп,
Албыраклап, сасқалақлап,
Отыз адам таптырып,
Дәрўазаны ашады.
Анық көрип батырларды,
Қалмақлардың бийлери,
Ақылынан сасады.
Жасаған жаўдай жасанып,
Жаў қуралын асынып,
Халыққа салтанатын салып,
Сом темирге қурсанып,
Тәпинип тур батырлар,
Бәри бирден атланып.
Иеси болмай булар менен,
Қыран батыр, Гүлайым,
Бул қалаға ат айдап,
Алла деп атлар қояды.
Ақ жалаўдан туў алып,
Шақмақтан қуў алып,
Мөтиреден суў алып,
Қалаға атлар қояды,
Батырлардың саўлаты,
Көргенниң ақлын алады,
Не қыларын билалмай,
Қалмақлар естен танады.
Қарсыласып туралмай,
Тумлы-тусқа қашады,
Топылысқа шыдамай,
Дәрўазасы қулады.
Улы-шуў болған сеслери,
Дағы-дашқа толады.
Бир шәҳәрге қырық адам,
Қырық мың жандай болады,
Айбатынан сескенип,
Нешшелер ерксиз қулады,
Ат басындай жүреги,
Сарайында туўлады.
Тумлы-тусқа ат қойып,
Қалмақлар жол баслады,
Қарсыласқан нешениң,
Қанын суўдай шашады,
Ғарры менен баланың,
Қара көзин жаслады,
Батыл қылып оң-солын,
Ғайрат етип қырық батыр,
Қурсап алды тум-тустан,
Қашатуғын жолларын.
Журт сеники аға деп,
Көтерди қалмақ қолларын,
Әсте басып аңлады,
Қулақ салып тыңлады,
Улы-шуў болған дыбыстан,
Қаланың иши жаңлады,
Сыйынып қәдир аллаға,
Яд етип кәмбил панаға,
Бирин шығармай далаға,
Тумлы-тусқа ат қойып,
Ойран етти қырық батыр,
Ғуббат деген қалада.
Аттың жалын тарады,
Нар түйедей жарады,
Тумлы-тусына қарады,
Кимниң қолы шабылған,
Кими аштан сабылған,
Кими тили байланған,
Кимин көрсең зарланған,
Кимниң иши қарналған,
Есабы жоқ пенде болған,
Мусылманды көреди,
Оны көрип Гүлайым,
Азмаз кеўил бөледи.
Ҳаўадан ушар аласар,
Әлхаўаға жарасар,
Адамды ийтше өлтириў,
Елек ханға жарасар,
Аман-есен барсыз ба,
Аға-ини, қарындаслар.
Азғана ўақ сабыр ет.

Атқа тумар тағайық,
Ким гүналы, ким гүнасыз,
Соның парқын аңлайық,
Қайда екен Елек хан,
Әўелха соны табайық,
Бир-еки аўыз гәплетип,
Сенлерди азат қылайық,
Қарсыласып ат шапса,
Билгенимизден қалмайық,
Аты-жөнин тыңламай,
Айдарҳадай жалмайық,
Бизге қарап бағынса,
Керегимизди алайық.
Қарсы урыс салмайық,
Өшти алып өшлиден,
Кекти алып кеклиден,
Азат қылып бендени,
Елимизге қайтайық,
Қасындағы батырға,
Нәсият айтты Гүлайым:

— Көрген жерде бас салып,
Халықтың зәрресин алмайық,
Сол болур бизге ылайық,
Алым тутар тәбәрди,
Найып сөзге шеберди,
Хабарлассын тезден деп,
Қалмақлардың ханына,
Гүлайым адам жиберди.
Беккем тутып ядына,
Шер толып көңил шадына,
Жуўырып барды найыбы,
Елек ханның алдына.
Жипектен нәзик торқады,
Батырлыққа шорқады,
Келгеннен соң найыбы,
Қалмақлардың патшасы,
Қалтырап қатты қорқады.
Не қыларын биле алмай,
Елек хандай ол залым,
Аш жолбарыстай ақырды,
Ищи жанып қамылды,
Ала туўын жамылды,
Бийжай көрип найыбын,
Жүреги қорқып жарылды.
Ыңыранып турып жайынан,
Жүрек бағры болып қан,
Не қыларын биле алмай,
Шықпады теннен шийрин жан.
Кеўилине қарамай,
Ат қойып келди есикке,
Аты шыққан батыр Қыран,
Есикте турып тәпинип,
Қалмақлардың ханына,
Мына сөзди айтады:

— Бәлент дағларда барды пәс,
Әрманда ағар көзиңнен жас,
Хабарың бар ма келгеннен,
Қалмақлардың патшасы,
Шығып биз бенен хабарлас.

Сөз айтаман мықлы қанша,
Көринбейсең алдымда,
Ислериң сениң қалайша,
Қандарың келди үстиңе,
Ҳәддиң болса ойланбай,
Майданға шық залым патша.

Батырлықдур белли кәрим,
Неге келмейди намыс-арың,
Қандарың келди есикке,
Болсын муннан хабарың.

Көзиңе көринди жаның,
Ағар сениң қызыл қаның,
Мәрт болсаң кел майданға шық,
Өтти басыңнан заманың.

Талқан етеди таў-тасыңды,
Билсен әзелий қастыңды,
Келди қандарың есикке,
Мәрт болсаң көрсет басыңды.

Айт мәмиле сөзиңди,
Көрсет алдыма өзиңди,
Ерлерден асқан ер болсаң,
Берман қара, аш көзиңди.

Қәдир қудайыңды яд ет,
Зулымлығыңды ада ет,
Келди қандарың үстиңе.
Не жуўап айтасаң, қара бет?

Соны айтып Қыран батыр,
Ханға қарап тәпинди,
Еситип қалмақтың патшасы,
Қаны қызып қайнады,
Жуўырып шығып майданға,
Жан-жағына қарады,
Қара түсин суўытып,
Нар түйедей жарады.
Батырға қарсы баталмай,
Аш бөридей жалақлап,
Ҳайран болып турады.
Саўда түсип басына,
Қарап етер қарғыны,
Түсеғойсам дәстиңе,
Аш көпектей ырылдап,
Сәр жығасы басында,
Тәўекел ханың келеди,
Гүлайымның қасына.

Қалмақлардың патшасы,
Ыныранып сөйлей береди:

— Хә, Гүлайым, Гүлайым,
Бунша мойның созасаң,
Хаслың нашар енеғар,
Бизден қалай озасаң?
Ат ойнатып үстиме,
Мени ким деп ойлайсаң,
Аямайсаң шыбын жаның,
Төгилмесин жерге қаның,
Бунша неге жалақлайсаң?
Неше пуллық барды ҳалың.
Өткен күнниң жоқдур сәни,
Кешпегей бенденин жаны.
Умтыласаң тисиң қайрап,
Анла, сен ериңди таны.

Соны айтып залым хан,
Зығырданы қайнады,
Көзи оттай жайнады,
Гүреске адам сайлады.
Залым ханның сөзлери,
Буўынба-буўын жайлады,
Алысыўға қалмақ пенен,
Қыран батыр сайланды.
Буған қарап Қыран батыр.
Қәҳәрленип сөйлейди:

— Хә, қутырған, қутырған,
Қубартпаңыз жүзиңди,
Алартпаңыз көзиңди,
Менменге сирә жол жоқдур,
Пәске тутың өзиңди.

Көрсет бизге лалаңды,
Ақылың болса, енеғар,
Ойран етпе қаланды,
Ғамын ойла елиңниң,
Жылатпа қатын-баланды.

Кәҳәр етсем, енеғар,
Былғарман қанға даланды,
Ҳәддиң болса кел бери,
Бул теңликтиң майданы,
Көрсет бизге шамаңды,
Ермек ушын қырдырма,
Елиң менен баланды.

Өзиңди мынға тайлайсаң,
Ишсең қанға тоймайсаң,
Бунша ерлик етесең,
Мени ким деп ойлайсаң?

Қулақ салдым сөзиңе,
Көриндим келип көзиңе,
Не қылсаң да еркиң бар,
Қыйынға урма өзиңди.
Қаның ағып болар сел,
Сенде не бар ашық ел,
Ҳәддиң болса кел-келме,
Айтып болдым, өзиң бил.

Мен халыққа бийҳазар,
Жаман әдет тарпа басар,
Көрген жерде шабысыў,
Сендейлерге жарасар.
Нар болыпты әлўаның,
Аңладың гүлиң солғаның,
Ҳәддиң болса гүреске шық,
Бизлер ноғайдың палўаны.

Ишимде толы намыс-ар,
Қәдигим зор, кәўпим бар,
Келди ноғайдың палўаны,
Көрейин қанша күшиң бар.

Қалаңызға урың жар,
Ҳалымнан болың хабардар,
Бизлер ноғайдың палўаны,
Аңлаймысаң геллеғар?

Бедеўиң майданға шабар.
Тилегимди бергей жаббар,
Ел керек пе, жан керек пе?
Тезме-тезден бер хабар.

Соны айтып палўаның,
Шегинип турды кейнине,
Еситип қалмақтың ханы,
Маңлайдан төкти қара тер,
Туўры сүңгип кирмеге.
Жарылмады қара жер.
Қаны қашты бетинен,
Қатты қорқып келбетинен.
Түклери дүўлап етинен,
Жүрек бағрын тырнады.
Не қыларын билалмай.
Қанасына сыймады,
Ақылгөйин, ҳәмелдарын,
Ели-халқын топар-топар жыйнады.
Анда-мында ат шаўып,
Саўда түсип басына,
Ҳәмелдарын, найыбын,
Шақырып алды қасына,
Жигирма бес сәрдарын,
Басын қурап алдына,
Қалмақлардың патшасы,
Мынадай сөзлер айтады:

— Ақыл дана шын дослар,
Ҳәр ким өзиниң ўақтын хошлар,

Анлайсыз ба бизиң ҳалды,
Болдым қыйынлыққа дуўшар.

Көк теңизге батыл болдық,
Батып-шүмип бизиң баслар,
Шәҳәриме толып кирди,
Есапсыз қалың душпанлар.

Атымды сорап келипти,
Гүлайым деген бир қайсар,
Болар исти билип турман,
Ақыл бериңизлер дослар.

Еситип оның найыбы,
Патшаға қарап сөйлейди:

— Ҳа, патшайым, патшайым,
Қорқып ақылыңды алдырма,
Ҳеш нәрсени ойлама,
Басыңды тартып қорлама,
Ҳаслы оның қатынды,
Оның ушын қыйналма,
Зорлық, қорлық көрмей,
Еркиңизди бермеңиз,
Ҳаслы оның қатынды,
Шопан шелли көрмеңиз,
Қарсыласып айқасып,
Кеўлин жүдә жерлеңиз,
Қолға алың қылышты,
Оңға-солға сермеңиз,
Тегинликте жол берме,
Қатынға бағынып, қол берме,
Айтқан сөзди билиңиз.

Еситип оны залым хан,
Ушып-ушып қуўанды,
Кеўил дәрти уўланды,
Қорқып турған ханыңыз,
Кеўли тасып жубанды,
Сол ўақтында Елек хан,
Сырын айтып көпшиликке,
Мынадай сөз айтады:

— Қайттымекен дәўлетим,
Қырық күн тынбай жаўды қар,
Үш жыл болды бир жағымда,
Гүлайым сулыў деген бар.
Көзим түсее көзине,
Қара жерге қазықтай,
Кирип кете жазлайман,
Ҳәр бир ўақта әжелим,
Соннан ба деген кәўпим бар.
Үш күн болды ойласам,
Заманам мениң тарылды,
Өз-өзинен ҳаўлығып,
Жүрегим қорқып жарылды,
Неғыларым биле алмай,
Ақыл-естен айырылдым,
Ҳеш бир иләж ете алмай,
Өз-өзимнен майрылдым.
Жипектен нәзик торқаман,
Батырлыққа шорқаман,
Гүлайымнан әжелим,
Жетер ме деген кәўпим бар,
Қарсыласып келгенде,
Қалтырап қатты қорқаман.
Найыбы нәсият айтады:

— Ҳаўлықпаңыз ханымыз,
Қайыл болың ҳәр иске,
Қайғының ашып қақпағын,
Салма өзиңди кәпеске.
Кисиге еткен жаманлық,
Ойлап көрсең өткен исти,
Халайыққа қанықты,
Өтирик емес анықты.
Өткен иске өкинбе,
Душпаның сениң таныпты,
Уўайым-қайғы қояйық,
Қолдан келе билгенше,
Қанын ишип тояйық,
Қамап алып көп душпанды,
Еки көзин ояйық.
Ғайратыңды сала бер,
Еплеп қолға түсирип,
Гүлайымдай сулыўын,
Қарқыратып шалайық,
Бенде болған халқының,
Бир шетинен қырайық,
Қызыл жүзин солдырып,
Ишине әрман толтырып,
Ертуўған деген батыры бар,
Ертерек отқа жағайық,
Қолдан келсе досларым,
Гүлайымдай сулыўын,
Еплеп услап алайық.

Насырға иси шабады,
Қалмақлардың бийлери,
Сондай ақыл табады.
Әлқысса сондай ҳәмел етеди,
Бул сапары егленбей,
Гүлайымға жетеди.
Етин қырқып Гүлайымның,
Сүйегинен өтеди.
Қаршығадай қайқайып,
Гүлайым атқа минеди,
Қыран батыр қасында,
Елек ханның алдына,
Ат ойнатып келеди.
Айбатланып ақырып,
Қыран сөйлей береди:

— Ақылым болды мениң лал.
Олжа болғай жыйған мал,
Айтатуғын арзым бар,
Ханымыз буған қулақ сал.
Қатарда барды қара нар,
Ишимде толы намыс-ар,
Бенде қылып қойыпсаң,
Шәҳәринде қамаўлы,
Он еки мың халқым бар.
Ойла, бизиң мақсетке жет,
Урысып болма қара бет,
Бизиң менен ел болсаң,
Он алты мың малымды,
Он еки мың халқымды,
Қолыма бер азат азат ет.
Ат кекилин өресең,
Өзиңе өзиң төресең,
Бизиң менен ел болсаң,
Он алты мың малымды,
Тезме-тез әкеп бересең,
Айтқан гәпке турмасаң,
Таң азанға ийшалла,
Өз басынды өзиңиз,
Найза ушында көресең.
Майданың боялар қанға,
Басыңа түспесин саўда,
Айтқан гәпке турмасаң,
Егленбей шығың саўашқа.

Сол гәплерди бир айтып,
Белине садақ орады,
Жаўған қардай борады,
Жаў куралын тағынып,
Барлығы бирден атланып,
Хан үстине тәпинип,
Қыран менен Гүлайым,
Саўашқа таяр болады.
Зеребесин үйирди,
Қалмақлардың ханына,
Қатты хызмет буйырды,
Бенде болған халайық,
Ат астында қалмасын деп,
Бая-аяғын жыйнап,
Қол көтерип турсын деп,
Гүлайымдай перийзат,
Қырық қызды соған буйырды.
Әлқысса батыр Гүлайым,
Жараған нардай ыңыранып,
Муздай темир қурсанып,
Қан саўашқа қумарланып,
Ақ семсерин қолға алып,
Урыс жайға қаратып,
Аттың басын оңғарып,
Тәжине шегип тулпарға,
Келе берди Гүлайым.

Әлқысса, сөзди еситиң,
Елексан деген залымнан.
Ашық еди арасы,
Толып жүрекке жарасы,
Еки батыр күтип турса,
Салтанат тутып киятыр.
Көринди қалмақтың қарасы.
Гүлайымды көргенде,
Тарылады заманасы,
Тесик таппай кирерге,
Сыр билдирмей Елексан,
Гүлайымға ақырып,
Мынадай сөз айтады:

— Әй, батырлар, батырлар,
Мийман дийип мен сыйлап,
Дәрпенбейин жатырман,
Аңла, аңла енағар,
Атынның басын тартынлар,
Себеп пен келдиң елиме,
Ҳәддиң билмей енеғар,
Пәнже саласаң белиме,
Ҳәддиң болса кел бери,
Қайыл болсаң өлимге.
Мийманлығынды сыйлайық,
Қайт адаспай кейниңе,
Өзиң әззи нашарсаң,
Мийманлығың және бар,
Мен тиймеймен зейниңе.
Уят болар жеңилсең,
Не келеди қолыңнан,
Мениң менен айқассаң,
Парша-парша боларсаң,
Қайт кейниңе енеғар,
Түсерсең жаллат қолына,
Әскер шаншып тум-тусыңнан,
Жеталмай жүрме елиңе,
Бизиң әскер жол бермес,
Келмесин ҳеш кеўлиңе,
Абырай барда нашарым,
Тезден қайтың кейниңе.

Соны айтып залым хан,
Айбат шегип қарады.
Мына сөзди еситип,
Гүлайымдай перийзат,
Буған қарап не деди:

— Шығар болсаң атар таңға,
Зимистандур қутырғанға,
Ойлап сөз айт бәдирек,
Алдындағы турғанның,
Ким екенин сен аңла.
Тасып-тасып толғанынды,
Сандырақлап майданда,
Билмейсең не болғанынды,

Сен анламай турсаң ба,
Қазан урып солғанынды?
Талқан етип қаланды,
Қанға былғап даланды,
Ядла кеткен ата-ананды,
Анла, анла енеғар,
Танымайсаң ағанды.
Байлаған белге потамды,
Кеширилмес көп хатанды,
Өзим анға кеткенде,
Буўрабай атлы атамды,
Байлап атқан сенбедиң?
Мынға басын тайлаған,
Белдеўге бедеў байлаған,
Жаңадәрья жағасын,
Еркин жүрип жайлаған.
Толы ноғай елатын,
Сүриўлеп малдай айдаған,
Елексан залым сенбедиң?
Халқыма тисин қайраған,
Саркоптың толы елатын,
Қосақлап өзин байлаған,
Жалынса да зар жылап,
Ҳәргиз тилин алмаған,
Залым душпан сенбедиң?
Дүньясы болса алағой,
Бийгуна жатқан халықты,
Қарқыратып шалғандай,
Не қылып едим мен саған?
Кеширейин мен қыйлы қал,
Ел болайық хан аға,
Гүнаңызды мойныңа ал,
Аўыр көрме сөзимди,
Бир аўыздан қабыл ал.
Саркоп деген қаламды,
Өзиң барып бузыпсаң,
Бириншиден, айтарым,
Тезден барып соны сал,
Он мың адам қырыпсаң,
Он бир мыңын айдапсаң,
Өлген кудайдың мүлки,
Тири жағын жыйнап-терип,
Түркстандай шәҳәриме,
Қайтыў ушын жолға сал.
Өлтирипсең гүнасыз,
Тартар сени де қара жер,
Ериксиз айдап келипсең,
Он еки мың жанымды,
Он алты мың малымды,
Мың алтыннан қунын бер.
Өзгертпе қыйлы қалымды,
Айтқаныма жүрмесең,
Жиберемен жалынды.
Алай-пылай сөз айтсаң,
Шашаман қызыл қаныңды,
Айтқанымды етпесең,
Аламан тенде жаныңды,
Тал бураўға тислетип,
Қыйратаман саныңды.
Оған қайыл болмасаң,
Әскерлериңди топла,
Әйне таңның атыўына,
Шығың тезден саўашқа.

Еситип оны Елексан,
Мынадай сөз айтады:
— Тыңламайман наланды,
Ойран қылып сай-саланды,
Көргеним жоқ қаланды,
Әдил болсаң Гүлайым,
Жаппа маған жаланды,
Туўрысынан келе бер,
Жуқтырма, заңғар, қаранды.
Малыңды сениң алмадым,
Оқ тийди атаңыз өлди,
Көргеним жоқ ананды,
Елинде сениң ат шаптым,
Былғадым шаңға даланды,
Жала жапсаң Гүлайым,
Қәне айтың олланды.
Мен динимнен қайтпайман,
Ялған сөзди айтпайман,
Барған жерде жол таппай,
Сендей үш ай жатпайман,
Қарсыласып жаў келсе,
Атымның басын тартпайман,
Алдым шаўып малыңды,
Төлеймен деп айтпайман,
Жаба бер қәни жаланды,
Гүлайым сеннен қорықпайман.
Тыңламайсаң жағдай-жайды,
Түп сағасы бир кудайды,
Бурынғының нақылы бар,
Күш атасын тыңламайды.
Ғайратың болса сал дейди,
Ҳақың болса ал дейди,
Күшли жалынып турмас,
Күшиң болса Гүлайым,
Меннен өшиңди ал дейди.
Жолатпа мени саяңа,
Нардан туўған мая ма,
Аспаның болса тасла маған,
Қолыңнан келсе аяма,
Айттым мықлап төресин,
Кимди әззи көресең,
Мен астында қалайын,
Тайдыр аспанның өресин.
Тезегиңди термеймен,
Басым кетпей геўдемнен,
Саған бир пул бермеймен.
Заманам боп тур жүдә тар,
Болмасын жигит сөзи ғар,
Қолыңнан келсе аянба,
Не қылсаң да еркиң бар.

Еситип оны Гүлайым,
Асығыста албырап,
Айбатынан сескенип,
Қаны қашып қалтырап,
Қаршығадай қағынды,
Урысқа өзин қолайлап,
Алғыр қустай жайтаңлап,
Қыран менен Гүлайым,
Ат шаўып шықты ортаға,
Қарағай найза өңгерип,
Әреби атқа жем берип,
Атланып шықты батырлар,
Басын мыңға теңгерип.
Көк ала қалқан жамылып,
Аш буўрадай сабылып,
Ат шаўып шықты Гүлайым,
Оттай бағры қамылып.
Қанхор ердиң бири екен,
Ерлерден асқан ер екен,
Бенделерди ийирип,
Басын қурап қырық батыр,
Гүлайым менен Қыранның,
Жолын тосып тур екен.
Ат кекили есилди,
Душпанның бағры кесилди,
Басын қурап қырық батыр,
Урыс жайға қосылды.
Ат шапқан дағлар пәс болып,
Айра түскенлер дус болып,
Урысқа кирди батырлар,
Гүлайым, Қыран бас болып.
Ялған сөзге ермеди,
Урық шелли көрмеди,
Алға басып батырлар,
Қалмаққа қылыш сермеди.
Белине садақ орады,
Жаўған қардай борады,
Есабы жоқ қалмаққа,
Қайтпай қылыш урады,
Ғуббат деген қалада,
Ақырзаман болады.
Қарсыласса жастады,
Шегинип хәргиз қашпады,
Қалмақлардың басына,
Керилип семсер таслады.
Мәрттиң кеўли тасады,
Қанларын суўдай шашады,
Қақ жаўрынның тусы деп,
Ныклап найзалар басады.
Қаласын тинтип жайнатты,
Тум-тусқа атлар ойнатты,
Нешшениң жанын қыйнатты,
Кемпир менен ғаррының,
Жүреклерин суўлатты.
Жоқ қылды қарсы жаўларын,
Тумлы-тусқа ат қойып,
Талқан етти таўларын,
Қалмақлардың әскери,
Қара шыбындай ғаўлады,
Арадан үш күн өткенде,
Қалмақлардың елаты,
Бөлинген қойдай шуўлады.
Арқадан ести суўық жел,
Айдархадай тымсалы,
Теңселдирди әламды,
Таўлардың күшли шамалы,
Айдап келди Елексан,
Таң қалғандай неше палўан,
Саўыты полат жағалы,
Қудиреттен кем емес,
Елексанның қамалы.
Күни-түни уйықлап,
Ашылмады думаны,
Хәркимниң өз ойына,
Тирилиги гүманды.
Қорыққанынан нешшелер,
О дүньядай тымсалы,
Жер теңселтип наласы,
Бузылып кеўил қаласы,
Көп жығынға бас болып,
Аш жолбарыстай ақырып,
Және тайын болады,
Қалмақлардың патшасы.
Енди нәўбет жетисти,
Қалмақлардың сапары,
Келипти қатты кәхәри,
Туў түбинде тур еди,
Болып атқан саўаштан,
Бар еди оның хабары,
Хәмелдары, найыбы,
Жетпис еки палўаны,
Әтирапына қорған болып,
Хан ортаға шығады,
Тоқсан болып топары,
Патша сөйлей береди,
Гүлайымға лап урып:

— Гүлайым атлы бийхая,
Алдың, заңғар, айымды,
Оңнан, солдан ат қойып,
Жүдә алдың оңайын,
Асықпаңыз келлеғар,
Тутылар күн менен айың,
Албырама, асықпа,
Аларман сеннен үлес пайым,
Бийгүна журтты шаптым деп,
Шаплыға берме нашарым,
Батыр сендей болмайды,
Журтқа жәбир салмайды,
Хабарласпай, гәплеспей,
Кисиниң ўәжин алмайды.
Батыр болған сөйлейди тым,

Кеширер он-онбесин,
Батырлардан қалған нақыл,
Алман бүлгеннин бүлдиргисин.
Сени батыр демеймен,
Ықрарыңа сенбеймен,
Сонша әскерим қырыпсаң,
Шыбын шелли көрмеймен.
Керилип қылыш урыпсаң,
Өз кеўлиңе баратырман деп,
Қурыштың қанып турыпсаң,
Хабарласпай, гәплеспей,
Рухсатсыз енеғар,
Ләшкеримди қырыпсаң.
Мен де жағалы ел деди,
Әскерим еле кән деди,
Ҳәддиң боса Гүлайым,
Енди бұннан буяғы,
Жеккеме-жекке кел деди,
Қара шашыңды өр деди,
Айтқаныма ер деди,
Ҳәддиң боса Гүлайым,
Оқ атысып көр деди.
Аттың жалын өрейик,
Бир биреўдиң ҳәмелин,
Қандай екен билейик,
Енди бұннан буяғы,
Мына майдан далада,
Оқ атысып көрейик.
Қолдан келсе мени жалма,
Қас батыр болсаң тайсалма,
Оқ атысып көрейик,
Ҳәддиң боса Гүлайым,
Бир жерде тур, қозғалма.
Ишиңде толы намыс-ар,
Сениң менен айқаспай,
Ат басындай әрман бар,
Ҳәддиң болса кел бери,
Тутасайық геллеғар.

Әлқысса, сонда Гүлайым ,
Қалмаққа қарап не дейди:

— Қарсылассаң белли ҳалың,
Қалмасын ишиңде қыйлы қалың,
Ҳәддиң болса, қутырған,
Тезме-тезден таярланың.
Ҳә, қутырған, қутырған,
Көтер сәл-пәл кеўлиңди,
Қәҳәрленсем ийшалла,
Сындырарман белиңди,
Күшиң жыйна ғайрат сал,
Айырып ал елиңди,
Қолдан келсе аянба,
Оярман сениң көзиңди.
Ләшкериң меннен қырылды,
Оған себеп өзиңди,

Албырақлап топрпақ шашпа,
Ойлап айтың сөзиңди.
Қақпан қапқан қасқырдай,
Урынбағыл жән-жаққа,
Питкергенменди исиңди,
Айдарҳадай ақырып,
Қубартпаңыз жүзиңди,
Ҳалың болса хан аға,
Алың меннен өшиңди,
Жеккеме-жекке кел маған,
Жыйна белге күшиңди,
Зимистан қурып басыңа,
Түсирейин кешиңди,
Өз-өзиңнен өкинип,
Жандырайын ишиңди,
Ийттей талап батырлар,
Карнамаспекен төсиңди,
Келтирейин алдына,
Көрген сениң түсиңди,
Жаңа таптың енеғар,
Қорқатуғын кисиңди,
Бирим-бирим қашаўлап,
Омырайын ба тисиңди?!

Мына сөзди еситип,
Елександай залым хан,
Айбатланып ақырды,
Жақынлады қасына,
Зорға сыйып қанасына,
Өз тилинен енеғар,
Саўда түсип басына,
Гүлайымға ақырып,
Мынадай сөз айтады:

— Ҳә, Гүлайым, Гүлайым,
Қоя берме табаға,
Мәрт болсаң шық майданға,
Урыс жайға, гүрес жайға,
Адамгерлик нышаны,
Палўан шықты ортаға,
Опат қылар нәрўаныңды,
Түтип нешше әлўаныңды.
Көп сөзди қой нашарым,
Жибериң мәрт палўаныңды.
Лап урасаң соншама,
Таныймысаң ағаңды,
Ат шабысып партаўдан,
Танымай жол-жобаңды,
Нешше пуллық күшиң бар,
Шақырып аллаталаңды,
Бизиң әскер жылатыр,
Ғарры-қартаң анаңды,
Ҳаслың сениң урғашы,
Көрсет жигер санаңды.
Жасадым қырық бес жасымды,
Гүлайым деп он бес жыл,

Қурбан қылып ем басымды,
Белли душпан табылдың,
Жаўдыр маған тасыңды.

Ашырқаған бүркиттей,
Қанатынан қайрылды,
Узаққа шапқан жүйриктей,
Туяғынан майрылды.
Ойлап көрсең, ханының,
Заманасы тарылды.
Бул хабарды еситип,
Аты шаққын палўанлар,
Гүлайымнан қорққаннан,
Қашып жыйыннан айрылды,
Гүрес жайға қолайлап,
Еки жақтың әскери,
Еки жаққа айрылды.
Нешшесин урып жығады,
Өкпелерин сығады,
Таңлаўлы ири палўанлары,
Топарласып шығады.
Еки жақтың әскери,
Еки тәреп болады,
Аты шыққан палўанларын,
Қыран деген батыры,
Бир-бирден урып жығады.
Аттың жалын тарады,
Белине қайыс орады,
Жүреги өскин қайсарың,
Қарсы алдына қарады.
Белине қайыс байлаған,
Көк темирдей денеси,
Қорғасындай қайнаған,
Түсетойса қолына,
Опат қылмай қоймаған,
Қарсы алдынан қарасаң,
Көзи оттай жайнаған,
Алдынан шыққан адамды,
Жүз де болса жалмаған,
Уўлағаны адамзат,
Ишсе қанға тоймаған,
Буўынлары босаған,
Нақ бәлеге қусаған,
Қай шәхәрде туўылып,
Қандай таўда жасаған,
Хаддиң болса келиң деп,
Жайқалып шықты бир палўан.
Хеш бир харып талмаған,
Қайтқан емес хеш ўақта,
Атыс пенен шабыстан,
Анаў-мынаў палўанға,
Аспан жери қабысқан,
Қыйын-қыстаў жер болса,
Залым хан менен шабысқан.
Оны көрип Гүлайым,
Жерине жаман жетеди,
Қалмақтың айтқан сөзлери,
Сүйегинен өтеди,
Мәнети артылды,
Қаңырқаған бүркиттей,
Қаны ишине тартылды,
Гүлайымдай перийзат,
Жаўған булттай қурсады,
Қалмақтың айтқан сөзлери,
Жүрегин жаман осады,
Ашыўланып, арланып,
Уңғысы пәрең найзасын,
Оң қолына алады,
Таслап басқа жарағын,
Дәўге қарсы барады,
Қурт ойынын қурады,
Қайтпас қыран бүркиттей,
Гә оңға, гә солына,
Дәўлерге найза урады,
Тасқа тийген секилли,
Қармақ болып қайрылды,
Бизден себил қалдың деп,
Оны атып таслады.
Еки батыр қарсыласты,
Турпатларын көргенлер,
Қорқып ақылдан састы,
Таўдай тасып батырлар,
Бир-бирин саўлаты басты,
Қолай жерин туттырмай,
Бири қуўып, бири қашты,
Бир-бирине жуўырып,
Жағадан беккем усладьі,
Қолдан келсе бир-бирин,
Өлтириўге қаслады,
Еки батыр қарсыласып,
Жағадан беккем услады,
Бири арман тартады,
Бири берман тартады,
Бири бирин жығалдай,
Күшлери кем-кем артады.
Еки батырдың күши,
Тең келеди турады.
Алдырды ақыл мен ести,
Таңламады бәлент, пәсти,
Кеўиллери дәрьядай тасты.
Жығалмады бир-бирин,
Текедейин тирести,
Айғырдайын шайнасты,
Қоразлайын жулысты,
Кейин-кейин шегинип,
Қошқардай гелле дүгисти,
Аш жолбарыстай ыңыранып,
Жарылған муздай гүнирениp,
Батырлар жамбас урысты.
Жедел берип өзине,
Гүлайым батыр көтерди,
Еки аяғын жуп тутып,

Алғыр кустай пәнжесин,
Омыраўынан өтирди,
Қолайын алып Гүлайым,
Қалмақтың исин питирди,
Шырмады ояқ-буяғын,
Ядына салып баяғын,
Жуплап тутып екки аяғын,
Гүжирейтип еңсесин,
Бүркиттей салып пәнжесин,
Илдирмей жерге өкшесин,
Миндиреди омыраўға,
Хан алдына апарып,
Тас төбеден таслады,
Ләўсердей қылып геўдесин.
Өкпеси анық осылды,
Мурнынан қаны жосылды,
Жан тәслим етип сөйерде,
Аяғын душпан кәсилди.
Оны көрип қысынып,
Ханыңның түри бузылды,
Салмағына шыдамай,
Палўанның мойны үзилди.
Көзде жасын булатты,
Ханның қуйқасын жуўлатты,
Жүреклерин суўлатты,
Енди қалғанларына,
Өлимнен хабар аңлатты,
Қалмақлар соңын соңлатты,
Гүлайым исин аңғартты,
Сол сыяқлы батырынан,
Гүлайымдай перийзат,
Он бесин анық қулатты.
Арығ келип көп қалмақ,
Бәри қалмай хабар тапты,
Қарап турың халайық,
Және бир палўан киятыр,
Сақалы узын салалы,
Хәр бармағы бир гездей,
Буўынлары қыналы,
Жүз адамға тай келер,
Сөздиң туўры ҳадалы,
Жаратқан қудайың сезгей,
Қарсы алдынан қарасаң,
Геллеси бар гүмбездей,
Гүрек тисин байқасаң,
Хәр қайсысы бир гездей,
Турпаты бар азбандай,
Қәхәр етсе бир өзи,
Бир арнаны қазғандай,
Түрин көрген халайық,
Қырық мың да болса тозғандай,
Пәнже урса таўларға,
Шыдап туралмас қозғалмай,
Шунатайы заңғардың,
Алты қарыс сазандай,
Қарсы алдынан қарасаң,
Қаралығы қазандай,
Ишсе қанға тоймаған,
Ийнинде қара шекпени,
Торқа менен торлаған,
Түсеғойса қолына,
Желкенди қыймай қоймаған,
Балалы ғаздай байпаңлап,
Орын алды ортадан,
Халыққа мәлим атағы,
Жайлаған Зараңдип дағы,
Абыл Харыс деген палўан,
Көргенлер ақылдан сасқан,
Гүлайымдай сулыўға,
Арнап келген билқастан.
Оны көрип Гүлайымның,
Қайғысы толысып тасқан,
Аўыр мың батпан тастан,
Асып кетти қайғы-шери,
Қатты қорқып Гүлайым,
Хабар келди өлим жайдан,
Аңлап сырын Гүлайымның,
Қағып таслап қайғы шерин,
Қарсыласып шықты Қыран.
Етеди ҳаққа налысты,
Ядлап қыйсық шалысты,
Хазар берип қол талмас,
Дарыған жерде жан қалмас,
Қолға алып Қыран батыр,
Алтын балдақ ақ алмас,
Айбат шегип бир-бирине,
Шағылысып сәўле шашып,
Бир-бириниң сусы басып,
Кескир қылыш жалақласып,
Еки батыр қарсыласып,
Геллеме-гелле шабысты,
Қаймығысып қағытты,
Алмасқа алмас тийгенде,
Жылдырымнан от шығып,
Ғаўдан жерлер алысты,
Ырза болып бир нешшелер,
Жүдә мийри қанысты.
Тасқа тийген секилли,
Шарланып жүзи жетилди,
Қолындағы алмаслар,
Күшлерине шыдамай,
Хәр жеринен кетилди.
Ашыўланып батырлар,
Оларды атып таслады,
Бир-бирине ат айдап,
Ат үстинен алысты,
Жағаға қоллар салысты,
Аттың бели қайысты,
Алалмады бир-бирин,
Қәхәрленип қолайлап,
Керип урды қулашты,
Қозғалталмай бир бирин,

Сазан балықтай туўласты,
Ғайратына екеўинин,
Халайықлар шуўласты.
Анық көзи көргеннин,
Жүреклери суўласты.
Айғыр киби таласты,
Терлери жерге буўласты,
Ыңыранып батырлар,
Әйне бир күн айқасты,
Өлтириўдиң қастында,
Нар түйедей таласты,
Аш жолбарыстай ақырды,
Харыс батыр қудайын,
Өз тилинде шақырды,
Азбурайы хәмбил деп,
Жердиң пийри адамы Хап,
Мәдет берер күнинди,
Искендеру, Сама сап,
Я гәрдәшып отпараз деп,
Ыңыранып жамбас салады.
Қап таўындай йошады,
Қатты қәҳәри келеди,
Қандай ғайрат салса да,
Бир бирине кәр етпеди,
Нәўбети дәўдиң өтеди.
Нәзер салын, қолла деп,
Мәдет берер күнинди,
Пирим рәсиўли алла деп,
Қыран деген батырың,
Харыс деген батырға,
Қос пәнжесин салады.
Зорлығын батыр билдирди,
Дәўдиң күшин меңгерди,
Басын тығып омыраўына,
Және бир силкип көтерди,
Дедигине жеткерди,
Және бир хүжим жасады,
Белбеўликтен өткерди,
Және бир силкип көтерди,
Екки ийнине миндирди,
Еки қолын жуп тутып,
Ат алдына өңгерди,
Харыс деген палўанды,
Ҳәмирине көндирди,
Көп жығынды айналып,
Қыран деген батырың,
Халыққа өзин сендирди.
Бир айналып жығынды,
Әкелип ханның алдына,
Палўанлық жолын баслады,
Мине, тақсыр, саўға деп,
Харыс батырдың геўдесин,
Тас төбеден таслады.
Қылышын қолға алады,
Бар ғайратын салады,
Сақалынан бир таўлап,
Қарқыратып шалады,
Суўқабақтай геллесин,
Найзаға илип алады.
Сол ўақтында Гүлайым,
Жүдә қурышы қанады,
Ат айдап келип ортаға,
Қыран деген батырдың,
Мойнына қол салады,
Арыслaндай ақырып,
Жүз мың ырза болады,
Кеўил бөлип аныклап,
Әбден кеўили толады,
Соннан баслап,
Қыран менен Гүлайым,
Аныклап дос болады,
Көп жығынды айналып,
Мәзи-майрам болады,
Қуўанышқа кеўли толады,
Кеўиллери ҳалласлап,
Әламди шалқып орады,
Түркистанға қайтыўға,
Асығыста албырап,
Бас аяғын қурады.
Гүлайымдай батырың,
Жан-жағына қарады,
Қарсы алдына нәзерлеп,
Және бир палўан киятыр.
Турпатын көрип палўаннын,
Ақыл естен танады,
Әлқысса endиги сөз,
Сол палўаннан басланады.
Қарсы алдынан қарасаң,
Ядыңа хәр ис салғандай,
Айбатын оның көргенде,
Қырық мың жығын қорққандай.
Бурын көзи түспеген,
Қорқып естен таңғандай,
Мурынының шалғайы,
Қысымланған талқандай.
Турпатына қарасаң,
Таўда турған төбедей,
Балтырының бәри жүн,
Муртлары бар жебедей,
Айбатынан ер қорққан,
Тепсингенде жер қорққан,
Жүдә мықлы болмасаң,
Анаў-мынаў палўанның,
Онбесин тири жутқандай,
Қабақлары жабылған,
Ала түгин жамылған,
Балтырының түгине,
Ҳинжи маржан тағылған,
Күнниң жүзин көрсетпей,
Жыл он еки ай бағылған,
Патшалықтан бағылған,
Атын сорсаң Сергиздан.

Жараған шердей ақырып,
Хәддиң болса келиң деп,
Гүлайымдай батырды,
Шақырады қолпылдап.
Айбаты жүрегин жарды,
Әззи болсаң заман тарды,
Шамырқанып Елек хан,
Гүлайымға ақырып,
Дәўди ортаға шығарды.
Оны көрип Гүлайым,
Хайран болып турады,
Хеш бир илажын табалмай,
Жән-жаққа мойнын бурады.
Батыр еди озалдан,
Ишине әрман, шер толған,
Халайықтың ишинде,
Бир батыры бар еди,
Атын айтсам Ертуўған.
Күтти батыр намыс-арды,
Қалмақлар жүрегин жарды,
Көтермелеп Гүлайым,
Ертуўғандай батырын,
Дәўге қарсы шығарды.
Еки жақтың батыры,
Еки жақтан шығады,
Көргенлердиң көўили тасты,
Еки батыр ортада,
Бир-бирине қарсыласты,
Бири қашып, бири қуўып,
Хийлелери хәдден асты,
Ертуўған менен Сергиздан,
Қарсыласып айқасты.
Жағаға қоллар салысты,
Гәхи оңды, гәхи солды,
Басларына күнлер туўды,
Қыямет базарын қурды,
Қолай келсе аянбай,
Аш бүркиттей пәнже урды.
Алалмады бир-бирин,
Қошқар киби бәсип турды,
Қәхәрленип Сергиздан,
Қолайлы жерин дуслады,
Ертуўғандай батырын,
Шеп жағадан услады,
Бир-бирине аянбай,
Керилип жанбас таслады,
Қайтаралмай бир-бирин,
Хайран болып турады,
Жығалмасын биледи,
Сергиздандай алыбын,
Қатты ашыўы келеди,
Ыңыранып сөйлей береди:

Бурыннан усы жол ма деп,
Өтпараз хәмбәл қолла деп,
Шаппаттайын мусылман,
Ырас-ақ меннен зор ма деп,
Қәхәрленип топылды,
Ертуўғандай батырға,
Ашыў менен пәнже урды,
Бир урғанда пәнжесин,
Ертуўғанның геллесин,
Салғам киби омырды,
Талдай мойнын бурады,
Ертуўғанның басына,
Қыямет қайым қурады,
Ғапыллықта батырды,
Дүньядан жуда қылады.
Қапа көўилин хошлады,
Пышағын алып қолына,
Ертуўғандай батырдың,
Қулағынан услады,
Кесип алып геллесин,
Залым ханның алдына,
Ылақтырып таслады.

Әлқысса, сонда Елексан,
Қуўанышы сыймай қойнына,
Айбат шегип Гүлайымға,
Елек патша сөйледи:

— Хә, Гүлайым, Гүлайым,
Шыдайсаң ба ойыныма,
Ашылған гүлдей сола ма,
Жаманлық ядтан қала ма,
Ойлап қара сен заңғар,
Байтал шаўып бәйги ала ма?

Қылған жаманлығың сол ма,
Еки батыр өлтирдим деп,
Мақтанасаң халқыңа,
Қолыңнан келсе аяма,
Ийни келген жеринде,
Батыр қарап тура ма?

Үмитиң жоқ халқыңнан,
Қорқпайсаң сен хақ қаннан,
Халың билмей қарсы шаўып,
Қорқпаймысаң жаныңнан?

Болма ашыўыма дуўшар,
Халың белли, хаслың нашар,
Сергизданның қолына түспе,
Қызыл қаның суўдай шашар.

Қарсы турма, аўлақ қашың,
Егленбей араны ашың,
Ядыңда тут Гүлайым,
Сергизданның қолына түссең,
Мың пара болар лашың.

Гүмбирлесер дағы-дашың,
Майда-майда болар басың,

Сергизданға қарсыласпа,
Гүлайым қыз, аўлақ қашың.

Мына сөзди еситип,
Гүлайымдай перийзат,
Қадди бойы қалтырап,
Гүлайымдай батырың,
Не дейди патшаға карап:

— Ким қорқады налысына,
Шек қойма өлшеў тасыңа,
Ерге қусап лап урасаң,
Хә, қутырған, қутырған,
Хәддиң болса кел қасыма.
Асқынламай нәзериң сал,
Қарсылассаң биз бенен,
Заманаңыз сениң тар,
Айбат шегип қорқытпа,
Берреғирек келе бер,
Хәддиң болса енеғар.

Аттың жалын өрейик,
Қолдан келсе ортада,
Батырлық дәўран сүрейик,
Бад урмастан келе бер,
Халайықтың алдында,
Бир айқасып көрейик.

Соны айтқан ўағында,
Қалмақлардың Сергиздаы,
Ардалады жуўырды,
Жер танабын қуўырды,
Қыздың келип қасына,
Қақ жаўырнынан пәнже урды.
Ашыўланып Гүлайым,
Алдында мәрдана турды,
Хеш бир илаж қылалмай,
Қыйын жерде зор зорды,
Бирин бири тартқанда,
Қара жерлер теңселди.
Ҳасыл көри қарсы жаўды,
Батырлар тең-теңин таўды,
Бир-бирине арсылдап,
Қайтпай салды қарыўды.
Сергиздандай батырың,
Бир ғайратын салса да,
Дәрпендире билмеди,
Гүлайымдай арыўды.
Кеўили дәрьядай тасты,
Бирин бири өлтириўге,
Күштиң булағын ашты.
Жығыса алмай батырлар,
Күн ярым күн айқасты,
Жығыса алмай еки батыр,
Батырлар асып-састы.
Күни-түни жулқысып,
Жыйрықлары жазылды,
Биреў-биреўин бақлап,
Қуўдай мойны созылды,
Сапта турған халайық,
Кеўиллери бузылды,
Тыныш таппай тепсинип,
Таслар тизден қазылды,
Күш ғайраты тең келип,
Гә алысып, гә жаздырылды,
Күшлерин салып керилди,
Абырай қолдан берилди,
Ғайратына шыдамай,
Сергиздандай палўанын,
Қара тасқа сүринди,
Жыға алмадым қатынды деп,
Намыс пенен енеғар,
Көзине жаны көринди.
Ашыўланып қалмақтың,
Жүрегине шер қатты,
Жедел күшин тарқатты,
Ыңыранып Гүлайым,
Жуп жағадан бек тутып,
Сергиздандай батырды,
Қағып ийнине сапты,
Ойлап турсақ, халайық,
Қалмақтың дәўлети қайтты,
Сергиздандай палўанды,
Қақ жаўырыннан таслапты,
Гүлайымдай перийзат,
Сергиздандай палўанды,
Ғарры әнардай қулатты.
Аўырлығы соншелли,
Сергизданның геўдеси,
Қара тасқа ғарқ болып,
Мысалы дизден батты.

Әлқысса, Гүлайым,
Қайғы ғамды таслады,
Қанжарды қолға услады,
Қалмақлардың палўанын,
Басын кесип алады,
Көп жығынды айналып,
Асқабақтай геллени,
Мине сизге саўға деп,
Патшасының алдына,
Ылақтырып таслады.
Қуўанышқа кеўли толады,
Шаҳимардан пийрим деп,
Гүлайым қыйқыў салады,
Бир-бирине исенип,
Қыран батыр, Гүлайым,
Белгили дос болады,
Әбден қурышы қанады,
Кеўили тасып шағлады,
Бас-аяғын таклады,
Өз кеўилине Гүлайым,

Қалмақты қуртып саплады.
Оны көрип Елексан,
Исенимли палўанын,
Көз алдында шалған соң,
Қуйқа түги жуўлады,
Жүреги қатаң суўлады,
Ақыл-естен айрылып,
Шекеси жаман ғаўлады.
Гүлайымдай перийзат,
Ныпқырт қылды жаўларды,
Азайыўға қарады,
Қалмақлардың әўлады,
Не қыларын билалмай,
Ханың ийттей жаўрады,
Тум-тусына ат шаўып,
Қатты келди намыс-ары,
Айбатланып ақырып,
Қатты келди қәхәри,
Қарғып минип боз тарланға,
Қолын салып полатқа,
Жек көриниш көринип,
Басқы болды елатқа.
Ары келип арланып,
Түсти ханың жанған отқа.
Боз тарланға жем берип,
Қарағай найза өңгерип,
Басын мыңға теңгерип,
Уңғысы пәрең ақ найза,
Ақ найзаны қолға алып,
Ары келип күйип-жанып,
Қайғы-шерге жүдә қанып,
Саўыт кийди полат жаға,
Жамылып пекен дуўлыға.
Басын пайлап Елексан хан,
Бурқырап шапты ортада.
Өлим хақтың буйрығы,
Ўақтың толған ўағында,
Хәр нәрсениң жүйриги,
Жедел берип айдаған,
Сум әжелдиң қурығы.
Қызыл-жасыл тағынып,
Ақ қалқанды жамылып,
Шаўып шықты Елек хан,
Аш жолбарыстай шабынып.
Ат шапқан майдан тақырды,
Қақты ортада дабылды,
Еки жақтан жарқырап,
Полат семсер шағылды.
Қалмақлар жүдә сарсылды,
Жойтты хуўшы, ақылды,
Гүлайым батыр тез кел деп,
Енеғардың патшасы,
Шабысыўға шақырды.
Көп тәсир етти мундайын,
Яд етип қәдир қудайын,
Шақырған соң бармасын ба,

Ақ семсерин қолға алып,
Ат шаўып келди Гүлайым.
Сом жүреги ҳалласлап,
Ханды өлтириўге қаслап,
Қарагер атын ойнатып,
Гүлайым келди қарсылап.
Қалмаққа сөйледи.
Гүлайымдай батырың:

— Таймағай бастан бахтымыз,
Зая етпегей шақтымыз,
Атысамыз ба, шабысамыз ба?
Қайсысы мақул ханымыз?
Ғапыл қалмаң ханымыз,
Ғайратың болса салыңыз,
Хәмелиң болса етип бақ,
Жолың уллы патшамыз,
Ықтыярды саған бердим,
Атасаң ба, шабасаң ба,
Хәмелиңди алыңыз.

Мына сөзди еситип,
Ханың сонда ойланды,
Он сегиз батпан сарыжай,
Өз турқына сайма-сай,
Ықтыяр бердим деген соң,
Атпақты көрди қатты оңай.
Қуўаныш қойнына сыймай,
Он сегиз батпан сарыжай,
Хан қолына алады,
Кепше масақ оғының,
Биреўин жулып алады,
Жебелигин толтырып,
Орап гезге шалады,
Қәхәрленип тартқанда,
Еки басын қосады,
Қалай болса ол солай,
Гүлайымдай сулыўға,
Қос өкпениң тусы деп,
Ыңыранып жайын тартады,
Залым ханның атқан оғы,
Ийттей қансып барады.
Қарғын суўдай сарқырап,
Туўрылап жол тартады,
Сарқыраған сестинен,
Жанлы-жанлар қорқады.
Гүлайымның тулпары,
Жер табанлап жатады,
Оқ үстинен өтеди,
Қара тасқа қарқ болып,
Қамырдайын батады.
Шамырқанды залым хан,
Қатты әрман болады,
Анғарды залым бул исти,
Әнжемлеп жедел қурыжды,
Оң қолына алады.

Испихан жәўхар қылышты.
Қолымнан кетти намыс-ар,
Ойлап турсам қәйтейин,
Замана болды бизге тар,
Хәддин болса тайсалма,
Туўры турғыл геллеғар деп,
Ханың атлар қояды,
Көк желкениң тусы деп,
Гүлайымдай батырға,
Керилип семсер урады.
Гүлайымдай перийзат,
Бул да семсер урады,
Алмасқа алмас тийген соң,
Жылдырым киби от шықты,
Таў гүңирлеп сес берди,
Мәрт күшине шыдамай,
Саўытлары сөтилди,
Ийнинде алмас саўытлар,
Сай-сайланып сөтилди.
Хәр жеринен кетилди,
Хәмеллери батырлардың,
Бир-биринен зор келди.
Қаҳәрленип Гүлайым,
Көзи оттай жанады,
Жигери тасып қайнады,
Бунның менен ханыңыз,
Әжеп ғана ойнады.
Тәжина шегип ат айдап,
Еки батыр қарсыласты,
Ат үстинде алысты,
Күшлерин салып шайқасты,
Гүлайымдай перийзат,
Аш жолбарыстай жулқылап,
Омыраўдан қол салды,
Көрген жанның қуршы қанды,
Мәрт күшине шыдамай,
Ханыңыздың бели талды.
Гүлайым қыз онайын алды,
Бир пәнжени бастан алды,
Бир пәнжени белден салды,
Елександай патшаны,
Ат үстинен жулып алды.
Қарагер атын желдирди,
Батырлығын билдирди,
Гүлайымдай батырын,
Дәўдиң күшин меңгерди,
Жети жылғы азабын,
Сол күн алдына келтирди,
Қызыл жүзин солдырды.
Көкмар шелли көрмеди,
Ат алдына өңгерди,
Ашыўланып Гүлайым,
Қалмақтың басын омырды,
Сондай етип азаплап,
Елександы өлтирди,
Кесип алып геллесин,
Ақ найзаға илдирди,
Қапа кеўлин хошлады,
Қайғы-ғамды таслады,
Қолына туўды услады,
Елексанның геўдесин,
Ылақтырып таслады.
Буннан былай Гүлайым,
Азатлық жолды баслады,
Көзи оттай жайнады,
Мәртликке белин байлады,
Таўда-таста тоқтамас,
Гүлайым қыздың ғайраты.
Көргенлерди тастырды,
Аш жолбарыстай айбаты,
Таўда-таста тоқтамас,
Қолында өткир найзасы.
Қырық қызын ертип толайым,
Бас болып Қыран, Гүлайым,
Қурт ойынын қурады,
Шәҳәрлерин аралап,
Бенде болсаң келиң деп,
Түркистанның елине,
Қайтыўшы болсаң келиң деп,
Шындаўыл жарды урады.
Дәўдиң басын көтерип,
Гүлайым баслап барады,
Ақ жалаўдан туў алып,
Гүлайым ғайрат салады,
Халайыққа көрсетип,
Ақыл-есин алады,
Бенде болған халықты,
Әтирапына топлады.
Заман соған айналып,
Басына бахыт қонады,
Ханның басын көрген соң,
Азап көрген халықтың,
Әбден мийри қанады,
Нешше жылғы ашыўдың,
Гүлайымдай перийзат,
Есесин сол күн алады,
Қашып қалған бийлеринин,
Басына саўда салады.
Тумлы-тусқа ат шапты,
Шыбын жанын қыйнатты,
Қалада атлар ойнатты,
Ашырқап жатқан халыққа,
Қалмақтың шәҳәрин талатты,
Тыныш жатқан бир нешениң,
Жүреклерин суўлатты.
Ғуббат деген қалада,
Ақырзаман қурады,
Үскенесин аралап,
Керек затын алады,
Күн көрмеген бийкесин,
Жүреклерин жарады,
Жаңа өспирим шазадалар,

Күн тиймеген азадалар,
Терезеден карады,
Ханның басын көрген соң,
Не бир байдың баллары,
Журт сеники деп жылады.
Гүлайым менен кырық батыр,
Бенденин бәрин жыйнады,
Бахыт келгенин анлады,
Қалмактың уллы шәхәринде,
Жанлы жанлар коймады,
Ат басындай жүреклер,
Сарайында туўлады,
Гүлайымның ғайратына,
Ырза болып халайық,
Рахмет айтып шуўлады.
Гүлайымдай батырға,
Қыран батыр саўал қояды:
— Жесир-жетимин қоллайық,
Жолында курбан болайық,
Қалаларын аралап,
Өз аўзынан сорайық,
Питкерип максет-мурадын,
Қарсы душпан бар болса,
Қазық қылып қағайық,
Питкерип максет-мурадын,
Астымда Қара тулпарым,
Буйығып жаткан бар болса,
Көрсетейин ғайратым.
Белимде тилла кәмарым,
Табылмады өз карларым,
Енди жаў көрсең маған бер,
Таркамай калды қумарым.

Әлқысса, сонда Гүлайым,
Батырға ўәде береди,
Ықрар айтып сөйлейди:

— Жақын болсын серегин,
Халлас урсын мәрт жүрегин,
Алды-артың бек қорған,
Мықлы болсын тирегиң,
Енди жаў көрсем сеники,
Қабыл еттим тилегин.

Мына сөзди еситип,
Қыран деген батырдың,
Жүреги өсти Қара таўдай,
Қайтар емес кырық мың жаўдан,
Рухсат алып сулыўдан,
Қырық кызын ертип кейнине,
Калмактың шәхәрин уўлай,
Ат ойнатты калада,
Айналыш, төте, бурыўдан,
Хәр кайсысы хәр урыўдан,
Он адамнан кайтпайды,
Күшке келсе карыўдан,

Талқанлады каланы,
Қырық қызды ертип Қыран батыр,
Рухсат алып арыўдан.
Қалған-қутқан жаў бар ма деп,
Қадағалады мәрт палўан.
Минген бедеў шаппады,
Мәртлик пенен дабыл қақпады,
Талкан кылып жетер жерди,
Буған карсыласып шыққандай,
Жанлы жандар таппады.
Шақырып алып Қыранды,
Гүлайым сөйлей береди:

— Батырдың болар қалканы,
Сөзиннин шыкпасын жалғаны,
Енди мынаған ғайрат сал,
Ноғайдың Қыран палўаны.

Көлиннен ушар қоныр ғаз,
Шадланып еттиң бир пәрўаз,
Ғайрат салың кайтыўға,
Сөйлемен хасла жалған сөз.

Белиңе кәмар ораңыз,
Алдыннан шыкса карсы жаў,
Жаўған кардай бораңыз,
Қайтыў жағын халыктың,
Өз аўзынан сораңыз.

Кеўлинде кетпесин кыйлы кал,
Жолына талан дүнья-мал,
Қайтыў жағын елиңнин,
Ықтыярын өзине сал.

Нийетимиз уллы ғазат,
Тайын турың қырық азамат,
Қайтаман десе өзлери,
Рухсат қыл, етиң азат.

Тарийхлық ғайрат салайық,
Жолында қурбан болайық,
Нарийза болса елатын,
Ғайрат салың батырым,
Өзимиз ертип қайтайық.

Қалдырмай малын айдайық,
Бәримиз бир бас косайық,
Ғайрат салың батырым,
Қалмақтың малын айдатып,
Тезден елге қайтайық.

Мына сөзди еситип,
Қыран деген батырын,
Жаў-жарағын асынып,
Астына минди әреби ат,
Халайықтың жолында,

Беккем услады дыққат,
Көпшиликке жар салып,
Өз бетине қайтыўға,
Қылды батыр руқсат.
Тумлы-туска шаптырды ат,
Ат ойнатып батырлар,
Қалада қурды салтанат,
Бенде болған тез қайт деп,
Тумлы-туска жазды хат,
Асығып атқан халайықлар,
Жетисти мақсетли-мурат.
Елин тинтип аўлатты,
Ерик берип жаўлатты,
Узақ жерге қайтыўға,
Қалмақтың журтын аўлатты.
Аты шыққан байлардың,
Ғәзийнесин талатты,
Ашылмаған жерлерин,
Балта салып қулатты,
Асаўларын туўлатты,
Өкпелерин осырып,
Жүреклерин суўлатты,
Қалада атлар ойнатты,
Бир неше мың аламан,
Азық-аўқатын жәмлеп,
Елатына жол тартты.
Бағындырып қалмақты,
Дунья-малын жыйнатты,
Қарсыласқан зорларын,
Дәри менен уўлатты,
Не бир кәтта байларын,
Бөлинген қойдай шуўлатты.
Жалынғанын жубатып,
Кеўиллерин аўлатты,
Жаманлысын таптырып,
Өзли-өзине байлатты,
Қалмақлардың шәҳәринде,
Қурды үлкен сиясатты.
Қашып жүрген нешшеге,
Дарыттылар апатты,
Елатына қайтыўшыға,
Берди хәр түр шарапатты,
Кеўилин ашып бағынғанға,
Берди батыр саламатты.
Нешше бийик, нешше алаң,
Шәҳәри болды далан-далаң,
Қыран батыр, Гүлайым,
Қалмаққа тийгизди топалаң.
Өли затын жайнатып,
Үш жүз нарға жүк артты,
Аўмасын деп жолларда,
Танап пенен бек тартты.
Қалмақлардың малларын,
Тумлы-тусты айдатты,
Сен қылғанға мен қылдым,
Сеннен артық не қылдым,
Жыйнап үш жүз қалмақты,
Түркистанның шәәрине,
Барлық малын айдатты.
Салып елине әламат,
Көргизип хәр түр бәламат,
Алты айда аман-саў,
Гүлайым, Қыран бас болып,
Қайтыўға қолайласады,
Елине аман саламат.
Шығып азатлық жағына,
Шер салмай көңил дағына,
Душпанларын қыйратып,
Көштиң басын қаратты,
Қайтыўшы болып халқына,
Қуўанышын молайтты,
Елге сиясат таратты,
Тоғыз айда аман-саў,
Елатына қайтыўға,
Аттың басын қаратты.
Қурылып тамашалы базар,
Душпанларын қыйратты,
Көрди тамашалы базар,
Кеўили болды лалазар,
Саў-саламат қайтыпты,
Ишинен шығып әрманлар,
Қырық қызын ертип кейнине,
Қайтты дейди батырлар.
Ишинен шығып әрманы,
Дөнип шадлыққа дәўраны,
Есап алып өзли-өзинен,
Ким бар, ким жоқ барлады.
Таўысып қалмақ саўдасын,
Жәмлеп кеўилдиң қаласын,
Басын жәмлеп батырлар,
Қолайлады қайтпаққа,
Жолға салып аттың басын.
Еркинлик хаўаз таратты,
Халыққа исин жаратты,
Алты ай жатып, ат бағып,
Қайтыў ушын елине,
Қыран менен Гүлайым,
Атының басын қаратты,
Халқын ертип изине,
Гүзар менен жол тартты.
Ат кекили өрилди,
Абырай қолдан берилди,
Шыққан ўақта қаладан,
Әжеп тәўир түрлери,
Бир топ әскер көринди.
Ойлап турсаң тамаша,
Абайсызда дус келди,
Қарсы алдынан қараса,
Көпшилик тарқап кеткенде,
Шыға келди оңаша.
Ўәделескен Қыранның,
Қайтпай кирди саўашқа,

Қарсыласса харып-талмас,
Көзиң түссе естен қалмас,
Тандыр сыяр пәнжесине,
Дуўшар қылмаған дәстине,
Уйқың шайдай ашылар,
Енеғойса түсине,
Қақ жарылар жүрегиң,
Қарсылассаң күшине,
Теңеўге тандыр табылмас,
Зангардың пешенесине.
Баталмаған хеш бир жан,
Жол сорамас хеш ким оннан,
Тили тартып жүрер зордан,
Тунгус халықтың патшасы,
Атын сорасаң Қараша хан,
Хаўлықпастан, қорқпастан,
Саўал сорады Гүлайымнан:
— Қарсыласып қайтпай оқ атқан,
Қалмақтың елин қыйратқан,
Шәхәринде алты ай жатқан,
Есабы жоқ халықтың,
Әрман-шерин молайтқан,
Қаласын бузып жоқ еткен,
Гүлайым батыр сенбисең?
Тарылттың жер менен аспан,
Күшинде жоқдур есап-сан,
Қарсыласса айбынып,
Қырық мың ақылдан сасқан,
Зая болды қолында,
Серке, Харыс, Абыл, Хасан,
Бир қолыңнан өлтирген,
Қыз палўан деген сенбисең?
Ўайран етип Сар жағасын,
Ўайсан хандай ел ағасын,
Услап алып қолынан,
Салғамдай омырған басын,
Көкмар қылып ойнаған,
Қалмақтың әдил патшасын,
Гүлайым-Қыран сенбисең?
Тәртибин халыққа жаратқан,
Бағындырып елимди,
Өз аўзына қаратқан,
Әрман-шериңди тарқатып,
Журтына қайтып баратқан,
Қыран батыр сенбисең?
Шер салған қыйлы қалыма,
Ойранлап мүлки-малыма,
Қан ағызған сай-салама,
Гүлайым батыр сенбисең?
Сарандепте жатырған,
Менменниң күнин батырған,
Гәрденгешен әўлады,
Қараша батыр мен деди,
Хәддиң болса атысайық,
Қайылмысаң сен деди,
Ақыл дәне сен бир даныш,
Мен алдыңа келдим қалыс,
Қараша батыр мен деди,
Хәддиң болса кел алыс,
Бир әрмансыз болайын,
Ғайратың болса сал деди,
Сендей қыздың жолында,
Арнаўлы батыр мен деди,
Қарсыласса биз бенен,
Көзде жасың сел деди,
Қатты ойлан, нашарсаң,
Өз халыңды бил деди,
Айтқанымды тыңласаң,
Ықтыярың қолыңда,
Еркиңди маған бер деди.

Мына сөзди еситип,
Ерден ердиңқәўпи бар,
Гүлайымдай батырдың,
Шийрин жаны сескенди,
Қайталап гүрриң урғанша,
Басқа сөзге қаратпай,
Жасқанып, жасырынып жатпай,
Батырлығы соншелли,
Алмаста тартқан полаттай,
Қыран батыр ат қойып,
Ыңыранып сөйлей берди:

— Егленбей жолыңнан қалма,
Билген батырлығың сол ма,
Хәддиң болса кел берман,
Қаймықпа заңғар, тайсалма.
Сапарым бар узаққа,
Еглеп жолдан қалдырма,
Шықпағай тәннен шыбын жан,
Мүшкил исим әйле аңсаң,
Қәўип етсең қайтың кейнине,
Күшиң болса көрсет маған.

Мына сөзди еситип,
Қараша батыр сөйледи:

— Атым сүриңген қыядаш,
Мен жантассам қасыңа,
Басыңнан тоқпақ арылмас,
Ақылың болса мусылман,
Жантаспастан аўлақ қаш,
Бағынады маған патша,
Тал боларсаң оқ атсам,
Жантасса тири жутарман,
Бет алдым туўры қараса,
Ақылың болса араны аш,
Қәхәриме дус болма,
Алдымнан мениң аўлақ қаш,
Жантасып кетсең қасыма,
Гейдеңизден кетер бас.

Мына сөзди еситип,
Қырандайын батырың,
Аш жолбарыстай ақырды:

— Опат болды тас қорғанлар,
Сен бе биз бен шыны қандар,
Гәп мәнисин аңласаң,
Дүзде қалар гәп урғанлар.
Жаўда қарап турыс бар ма,
Босат-ә жолды геллеғар.
Насийхатқа кеўил бурың,
Туўрысынан дәлил урың,
Мениң алдым тезден босат,
Басыңыз кетпестен бурын.

Еситип соны Қараша,
Жарылған муздай гүңиренип,
Жаўған булттай қурсанып,
Айдарҳадай ақырып,
Арандай аўзын ашады,
Қәҳәри таўдай тасады,
Аўзынан отлар шашады.
Айбатынан заңғардың,
Халайықлар сасады,
Қайысын қолға орады,
Ерден ердиңқәўпи бар,
Қырандайын батырға,
Ақырзаман қурады.
Гәҳи оңнан, гә солдан,
Keриле жамбас урады.
Сыр бермейди батырың,
Дәрпенбейин турады,
Ырғып шығып солына,
Қарашадай геллеғар,
Гүржи-паррал урады.
Қалқаны менен қорғанып,
Батыр туўлап қарады,
Ат кекилин өреди,
Кәраматын көреди.
Гүлайымдай қайсарың,
Сылайын жаман биледи,
Азмаз көмек береди.
Сол ўағында Қыран батыр,
Қарап сөйлей береди:

— Хә, Гүлайым, Гүлайым,
Исти аўыр ойланың,
Тәғдирге қайыл болайын,
Көмек берме сен маған,
Екеўлеп шықты деген сөз,
Жақсы ат болмас Гүлайым,
Өз өзиңди ирке тур,
Мен бағымды сынайын.
Мақул сөзге не қарыў,
Гүлайым атын тартады.
Қайсарыңның пәнжеси,
Дарыған жерин осады,
Аш бөридей алысып,
Күшке күшлер қарысады,
Еки мықлы тартысып,
Ҳәмеллери асады.
Сескенгендей адам жандар,
Жан алысқан белли қандар,
Испиҳанлы ақ сәмсер,
Оң қолына алады,
Ҳүжим жасап жантасып,
Қараша дәўдиң басына,
Керип сәмсер урады,
Тасқа тийген секилли,
Серпип кейин қайтады.
Сом жүректиң тусы деп,
Жан шығарың усы деп,
Керип қанжар урады,
Полат саўыт күш бермей,
Серпип кейин қайтады.
Урған сәмсер кәр етпеди,
Бир-бирине дады жетпеди,
Батырлар хайран болады.
Жарақларды таслады,
Бир-бирине ат айдап,
Ат үстинде батырлар,
Жағадан беккем усллады.
Бири арман тартады,
Бири берман тартады,
Бирин бири тартысты,
Аўзынан жалын шоласты,
Бирин бири өлтирмек,
Керип урды қулашты,
Қыран деген батырың,
Салды қатты ықласты.
Ала алмады бир-бирин,
Ат шаўып дағдың пәстине,
Қара таслар теңселди,
Екисиниң күшине,
Астындағы пиллери,
Дизинен ғарқ болады,
Қара тастың үстине,
Қандай екен енеғар,
Оны туўған шешеси,
Тийген жерин шыдатпас,
Жулып таслар пәнжеси.
Қурыжланды Қыран батыр,
Ақшам, күндиз-кешеси,
Қараша деген батырдың,
Алынды жүдә есеси,
Зор келип мурнын қанатты,
Қарашадай батырдың,
Жүдә бели талады,
Күн-түн тынбай айқасып,
Қыран үстем болады,
Көкирегин басқан соң,
Қыран деген батырдың,

Таўдай күши толады.
Қарашадай заңғардың,
Қолайын жүдә алады.
Ақша жүзин солдырды,
Шыдам бермей күшине,
Караша батыр болдырды,
Қыран деген батырын,
Қолайға жүдә келтирди,
Тәжна шекип тулпарға,
Қарашадай батырды,
Өзине тартып меңгерди.
Жулып алып пилинен,
Алдына кесе өңгерди.
Көргенлер қайыл қалады,
Қарашадай батырды,
Алдына өңгерип алады,
Есекке тандыр артқандай,
Өңгерип кетип барады.
Душпанның отын сөндирди,
Ҳәмирине көндирди,
Пышағын алып қолына,
Қарашадай батырдың,
Салғамдай басын омырды.
Батырлығын билдирип,
Ақ найзаға илдирип,
Ийнине батыр салады,
Қас душпанын өлтирип,
Абыройлы болады.
Халайықлар қуўанып,
Көп алғысын айтады,
Гүлайым да достының,
Жүдә кеўлин табады,
Ырза болып батырға,
Қуллық айтып алдында,
Гүлайым сөйлей береди:

— Қас еди бизге озалдан,
Басына түсирдиң думан,
Бағышладым тенимди,
Қыран саған ырзаман.
Мен билмеймен кәспи-кәрин,
Аңладың кеўлиниң тарын,
Қас душпаннан қутқардың,
Сенсең сәўгили ярым.
Лалазар бағы бостаным,
Соңғыға тарийх дәстаным,
Жойылмас бийик асқарым,
Қыран батыр ырзаман,
Сенсең тәғдир қосқаным.
Қәўипли жағымда қорғаным,
Қас душпаным өлтирдиң,
Шығардың иштен әрманым,
Өширдиң залымның бахтын,
Батыр деген атақ тақтың,
Буннан былай бағыш болсын,
Басымыз ҳәм малы бахтым.
Азат қылдың қамал елим,
Сайрады бағда бүлбилим.
Душпанларымды сап еттиң,
Бағышладым саған теним.
Барлығынан өнди арым,
Саў болғайсаң опадарым,
Сениң менен басым қостым,
Шадлықта өткей дәўраным.
Еситип оны Қыранның,
Нардай күши толады,
Еки ашық қосылып,
Мәзи-майрам болады,
Қызыл гүллер лалазар,
Бағына бүлбил қонады,
Соннан баслап Гүлайым,
Қыранға неке болады.
Айландырып басынан,
Қарашаның геллесин,
Таўдың қара тасына,
Тас төбеден урады.
Әрманда жүреги жара,
Әжел қойған бахды қара,
Салмағы менен қара дәўдиң,
Геллеси болды мың пара.
Қараша дәўди өлтирди,
Мәнисине келтирди,
Бағының гүлин солдырды,
Қалмай арын өндирди,
Қайтыў ушын таярланып,
Гүлайым алға жол жүрди.
Қатарда қара нар еди,
Қыйын жерде таяр еди,
Қараша дәўдиң қорғаны,
Қырық батыр бар еди.
Жыйналып басын қурады,
Мәсләхәтын салады,
Мынаў иске енеғар,
Иши оттай жанады,
Патшамызды өлтирип,
Ақша жүзин солдырып,
Қаласынан көрип турып,
Бизлер қарап қаламыз ба?
Геллемизди кесип берип,
Душпанның кейнине ерип,
Хорлық азабына жерип,
Айдаўында барамыз ба?
Саў басыма саўда салып,
Кейнинде тыныш қалып,
Қорқақ атын аламыз ба?
Жолында қурбан болайық,
Душпаннан өшин алайық,
Қайтпай қырған салайық,
Болса жигер санамызда.
Еркинди сениң бүкпейди,
Айтқан сөзине ермейди,
Хаялыңа жибермейди,
Тири бала-шағаңызға,

Жан турғанда қол салайық,
Мына сансыз бәлемызға.
Сол сөзлерди бир айтып,
Қарашаның әскери,
Көзи канға толады,
Қарашаның арын қуўып,
Тум-тустан хүжим жасады.
Гүлайымға ат айдап,
Жигер күшин салады,
Халын билмей заңғарлар,
Керип найза урады.
Кимниң мойны үзилип,
Кимнин қолы талады,
Тамаша қылып Қыран батыр,
Ортада қыйқыў салады,
Бир каншасын заңғардың,
Тири тутып алады,
Оннан, солдан топылып,
Қыйқыўды батыр салады.
Урыс болып шәпиресте,
Қылыш қыйрап дәсте-дәсте,
Урып жықты он-онбесте,
Қырғынды майдан ишинде.
Көрди хәр ким ат маңлайдан,
Қыз бахтынан, ер талайдан,
Ғапыллықта он қыз өлди,
Найза тийип қақ маңлайдан.
Қайғыдан болды кеўли жоқ,
Жүректен тийип жалғыз оқ,
Өлимтигин қараса,
Жети қыз бар, үш қыз жоқ,
Қырғынды майдан ишинде.
Жойылмайды тәғдир иси,
Тумлы-тустан салып күшти,
Әлеп-желеп қылыш сести,
Шапылып майдан ишинде.
Дүркин-дүркин ат шабысып,
Зәңгиге зәңги қағысып,
Қарсыласып оқ атысып,
Қан төкти майдан ишинде.
Батырлардын кеўили шағлар,
Зая болды не жананлар,
Ат шабысқан бәлент дағлар,
Гүмбирлер майдан ишинде.
Қанға толды бул кең жахан,
Ат баўырынан ақтылар қан,
Кимлер өли, ким шала жан,
Қырғынды майдан ишинде.
Ишине толтырып әрман,
Гелле деген қырман-қырман,
Қарашаның қырық батыры,
Жети қызды өлтирип,
Олар да өтти дүньядан.
Ким есапқа алады,
Кимлер хатқа салады,
Жети қыздың сүйегин,
Тинтип таўып алады,
Ағла шейит ат қойып,
Жайғастырып қояды.
Бенде болсаң кел дийип,
Жаршы жарын урады.
Елатына қайтыўшы,
Бәршеси таяр болады,
Гүлайым сәрдар бас болып,
Атты жолға салады.
Азатлық деп урды жар,
Елатына қайтыўға,
Өзине берди ықтыяр,
Келди басқа еркин заман,
Қол көтердилер әл-аман,
Қуўанысып халайық,
Тарқады қараңғы думан,
Алакөзлик сапласып,
Душпанларды етти тамам.
Душпанның үни өшеди,
Кепин тонын пишеди,
Мусылманның әўлады,
Түркистанға көшеди.
Ақ жалаўдан туў алып,
Шақмақданнан қуў алып,
Душпанларын сап етип,
Урыс отын туўарып,
Жолға рәўан болады.
Елатым деп жол тартып,
Аттың жалын таратты,
Орнатып тең парахатты,
Сағынышлы батырлар,
Алты айда аман-саў,
Түркистанға жол тартты.
Сексен нарға жүк артып,
Елександы өлтирип,
Қутылды шердиң дағынан,
Қәўендер болды Гүлайым,
Халқының сорап халынан,
Елине көшти аман-саў,
Залым душпан журтынан.
Қалмақ пенен қас болып,
Қапа кеўили хош болып,
Жолға түсти қайтыўға,
Гүлайым сәрдар бас болып.
Жол жүрип мийри қанады,
Үш ай тынбай жол жүрип,
Мәдеминниң шөлинде,
Нешшелер естен танады,
Алды көшкен жерине,
Инирлетип, жатарлатып,
Кейни зорға қонады.
Қамшылап аттың қоңынан,
Самалы есип оңынан,
Қыя шөлде көп қырылды,
Азық-аўқаттың жоғынан.
Жерге, көкке сыймады,

Бир-бириниң соңынан,
Елге қайтты аман-саў,
Гүлайымдай батырдын,
Айбатының зорынан.
Төрт ай дүзде қонады,
Сарғаяды, солады,
Ажаллы дүзде қалады,
Төрт ай тынбай жол жүрип,
Гүлайымдай арыўың,
Түркистанға қулады.
Батырлар кеўлин басады,
Ашықлық кеўилин осады,
Ҳасыл кийип жайнасып,
Ашықлар ойын баслады.
Мәнети арылды,
Тынбай жүрип сарылды,
Қырық қызын ертип кейнине,
Қыран менен Гүлайым,
Жәдде деген таўында,
Көп жығыннан айрылды.
Сапласты қайғы-аламат,
Елатына қулады,
Батырлар сағыў-саламат,
Асығыс түрде киятыр,
Ата-анасын етип яд,
Қырық батыры кейнинде,
Майданда қурды салтанат,
Жетисип ҳәр түр дәрамат,
Төрт ай тынбай жол жүрип,
Түркстанның халқына,
Гүлайымдай перийзат,
Қуўысты сағыў-саламат.
Ашылған гүли солмады,
Қайта бастан айналып,
Басына бахыт қонады,
Көрмек болып атасын,
Еки батыр атланып,
Қарғалы сайға барады.
Батырын ертип қасына,
Зорға сыйып қанасына,
Ат ойнатып келеди,
Елексан залым өлтирген,
Атасының басына.
Әне, атасының басында,
Зар-зар йиғлап,
Атасын жоқлап,
Гүлайым қыз бир зат айтып тур:

— Қарай алмай оңға, солға,
Торпақ шашып қырық мың қолға,
Шайдай таласып бәрқулла,
Дадын жетпей өлген атам.

Ғапылда иследим хата,
Белимде кашмирли пота,
Келди перзентиң қасыңа,
Бар ма рууҳың жан ата.

Көпшиликти сусы басып,
Түрин көрген аўлақ қашып,
Душпанлар менен айқасып,
Зорын таўып өлген атам.
Жалғыз қызыңды көре алмай,
Күш-ғайратымды биле алмай,
Қайғысыз дәўран сүре алмай,
Ғапыллықта өлген атам.

Жеккелик келип жаўрадың,
Қалмады изинде әўладың,
Душпаның қырып жаўладым,
Разы бол бизге атам.
Суғанақ қолларын салып,
Ғапылда қамаўда қалып,
Жәрдем таппай күйип-жанып,
Жаў қолында өлген атам.

Душпанлардың қанын шашып,
Қарсыласып найза басып,
Халайыққа жаны ашып,
Жанын қурбан еткен атам.

Атамды қойдың Гүлайым,
Табалмай душпанның қолайын,
Қызың болды ҳәзир тайын,
Алғыс айтың бизге ата,

Әлқысса, Гүлайымдай перийзат,
Халыққа жар салдырды,
Елатын хабарландырды,
Қалдырмай толық жыйдырды,
Жетпис орда қурдырды,
Топарлап маллар сойдырды,
Төрт қырлап ошақ ойдырды,
Халайықты жәм етип,
Дарадан табақ қойдырды.
Халықты аўзына қаратты,
Атасының ҳаққына,
Жүз сарпай таратты,
Атам ырза болсын деп,
Бары-жоғын арнатты.
Нешшениң ўақтын хошлады,
Дүнья-малын шад етип,
Атасының жолына,
Жети күн табақ тарқатты.
Адалап бәрин сап етти,
Жети күнде Гүлайым,
Бул жағын да ада етти.

Әлқысса, атлар шапты бәлент таўға,
Ҳеш жерде жоқ жәнжел-ғаўға,
Гүлайымдай батыр қыз,
Бир қаншаға берди саўға,
Қырық қызының басын қурап,
Халайықтың алдында,

Ықтыяр берди таркаўға.
Шақырып хаттан атма-ат,
Кеўли-ўақтын етип шад,
Халайықтың алдында,
Қырық қызға берди рухсат.
Даркан болды мәнзил-қыя,
Душпан жоғалып зым-зыя,
Ўақты хош боп халайық,
Еки бирдей батырға,
Шуўласып берди пәтия.
Ырзалық берди арыўға,
Хайран болды көргенлер,
Жедел менен карыўға,
Мақсет қылды Гүлайым,
Мийўалы атаўға барыўға.
Қуўанышы күн-күннен артты,
Ерте турып кеш жатты,
Еки ашық қосылып,
Мийўалыға жол тартты.
Ашылды бағда лала да,
Еки батыр жол тартты,
Сайран етип далада,
Салтанат пенен барады,
Мийўалы деген атаўда,
«Қырық қыз» деген қалаға.
Алты жыл гезип посады,
Душпан жүрегин осады,
Еки ашық қосылып,
Кеўиллери йошады,
Бир-бирине қуўанып,
Дәрьядай кеўили тасады,
Халайықты шақырып,
Қаланың аўзын ашады,
Қаласын тинтип аралап,
Дүри-маржан шашады,
Халқын толық шақырып,
Той-тамаша баслады,
Хәр кимлерге ылайық,
Толтырып табақ шашлады,
Халайықты күлдирип,
Жүдә ўақтын хошлады,
Соннан баслап өмири,
Қуўанышқа баслады.
Қара шашын өреди,
Көп тамаша көреди,
Гүлайым, Қыран қосылып,
Опалы дәўран сүреди.
Кеўили тасып йошады,
Азатлық жолын ашады,
Еки батыр бас қосып,
«Қырық қыз»да еркин жасады.
Белине кәмар байлады,
Ашылған гүлдей жайнады,
Бирин бири әдиўлеп,
Ышқылы бағман әйледи.
Еки батыр бағында,
Түрли қызық ойнады,
Кеўиллери бир болып,
Қазанлы астай қайнады,
Бағда алма атысты,
Түрли мийўа татысты,
Ақ төсекте жатысты,
Үстемлик жоқ, жәбир жоқ,
Көп қызыққа батысты,
Айшы-әширет, заўқы-сапа,
Жорғадан бетер шабысты,
Бурқыды жигит шағында,
Қалмады хәсирет дағында,
Мийри қанып бир-бирине,
Минди алтын тағына,
Дәўран сүрди опалы,
«Қырық қыз» деген бағында,
Истегени тайын болды,
Қараса төрт жағында,
Дүньяда әрман қалдырмай,
Қыран батыр, Гүлайым,
Жетисипти мурадына.
Бир-бирине қурбанды,
Батырлардың ураныды,
Душпанды қурткан пәрманыды,
Усы менен сап болады,
Гүлайымның дәўраны.
Минген Қарагер атқа,
Пәрмана болған елатқа,
Қалмақ пенен қарсыласып,
Қылыш урып өтти жатқа.
Истегени табылып,
Гүлайымдай батыр қыз,
Жетисипти муратқа,
Буны тыңлаған халайық,
Сиз де жетиң муратқа.

* * *

Жүре алмаған қарсы жаўдан,
Кеткен теңизлерден, таўдан,
Бул дәстанның әўел басы,
Қалыпты Жийен жыраўдан.
Патша, ханлар қабыл алмай,
Бул қырық қыздың дәстанын,
Қарақалпақ халқында,
Жырлаған екен Даўылбай,
Оннан берман сорасаң,
Үш жүз жыл өтти азында,
Болғанлар көп баязында,
Умытылмай халық аўзында,
Бир қаншасы қалған екен.
Қарақалпақ алты сан-аў,
Барласаң мәканы анаў,
Бир неше жыл жырлапты,
Қытайда Айтымбет жыраў.
Жетиспеди қолдан қолға,

Ел гезип өтти бәрқулла,
Бул дәстанды жырлаған,
Аты Әбдирасүўли,
Лақабын сорсаң «Кәл бала»,
Оннан берман сорасаң,
Мәпленди адам-адамнан,
Шәкирт болып үйрендим,
Устазым Әбдир жыраўдан,
Қырық бир жыл өтти арадан,
Шыққан жоқ жигер-санамнан,
Халыққа отыз бес жыл айттым,
Тыңлады халқым толайым,
Бул қырық қыз дәстанын,
Халыққа толық жараттым.
Өмирликке талабы,
Қосықтың жолын барлаған,
Қырық бес жыллық өмирин,
Қосық ушын арнаған,
Қарақалпақты аралап,
Отыз алты жыл жырлаған,
Қарақалпақ кең жайлаўы,
Майлыбалта-қыпшақ санаўы,
Қарақалпақтың жыраўы,
Қыяс жыраў торлаған.
Шашқан халайыққа дабыл,
Излегени дәстан, нақыл,
Жазып алған «Қырық қыз»ды,
Билимпаз Мақсетов Қабыл.
Шын жүректен ғайрат салды,
Жумысына мийрим қанды,
Билимпаз Мақсетов Қабыл,
Өз аўзымнан жазып алды.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

15-том



# ЕР ШОРА

Өтенияз жыраў Ийимбетов варианты

*Жазып алған: Нийетбай Өтениязов*



Ертеги әййем заманда, ноғайдың толы журтында, Әжемдәрья бойында, Соралының ойында, ол Султаны Санжар Ўәлий ханның дәўиринде, Алатана жайында, ағар суўдың бойында, азғана үйли тамада Нәрик бай деген бар еди,төрт түлиги сай еди, өзи хәм бағы-дәўлетли, хәм бийперзент, ғаный бай еди. Өлериниң шағында, сақалының ағында, үни тарғыл, сақалы бууръл болғанда, төринен гөри жууық келгенде, әўлийеге ат айтып, қорасанға қой айтып, шайықларына тай айтып, әўлийе коймай түнеп, мәсайық коймай жылап, ботадай бозлап жүргенде, Құдай берип бир уллы, бир қызлы болды.

Әне, енди Нәрик бай елатын жыйып той бермекши болып, моллаларды жыйдырып, сырлатып хатты жаздырды, узағына хат жоллап, жақынына ат жоллап, төрткүллеп ошақ қаздырды, бақсы өгизден сойдырды, елиндеги мүсәпирди наны, гөшке тойдырды. Ат шаптырды, палўан туттырды, алтынқабақ атырды, нақыра, сырнай тарттырды, дуўтар, ситар, тамбур, гиржек, отыз еки сазларды бир қулақтан дүзетип, той-тамашаға шерттирди.

Әне, той тарқаған соң Нәрик бай: — Баламның атын қойың, — деди. Сол ўақытта ғайыптан бир қәлендер келип: — Улдың аты Шора, қыздың аты Гүмисай болсын, — деп атын қойды. Әне, баллар бирге шықты, бирден екиге шықты, төрттен беске келди, жети жасына келген соң қолын хадаллады. Енди төрт нәрсе атаға ўажып — сүннет парыз екен, әне, атын қойдырмақ хәм ўажып екен, қолын хадалламақ хәм атаға сүннет екен. Әне, енди ата баланы мектепке бермек хәм парыз екен, баланы үйлендирмек хәм атаға парыз екен, астына ат, үстине тон бермек хәм атаға ўажып екен. Нәрик бай турып ойланды, ат басындай жүреги, қанаға сыймай туўлады, жалғыз балаға ат табылмас, ат табылса да қалыс алла дос табылмас, мениң жылқым мыңға жетти. Бурынғының нақылы еди, «жүзден жүйрик, мыңнан тулпар, қырықта Қызыр, мыңда ўәлий» деген нақыл бар еди. Мен жылқыға барайын, жылқымда балама ылайық ат бармекен деп, Нәрик бай жылқыға келди. Нәрик байдың тоқсан қулы бар, тоқсан қулдың басшысы Ғодар дер еди.

— Кәне, жылқыларымды алдымнан бирим-бирим өткер, — деди бай.

Хызметкерлери жылқыны Нәрик байдың алдынан биримлеп өткерди. Жылжыған жорға, жылмыйған жүйрик Нәрик байдың алдынан өтти. Нәрик бай нәзер-көзин салмады. Жылқылар да алдынан өтип болды.

— Және жылқы бар ма, жоқ па? — деп сорады бай.

Онда хызметкерлер айтты:

— Үш жылқы қалды, — деди.

— Сол жылқыларды да қуўып алып кел, — деп әмир етти Нәрик бай.

Әне, биреўи кетти, үш жылқыны айдап алып келеди. Нәрик бай нәзер етип қарады. Еки байталдың кейнинде бир Шубар қотыр тай киятыр. Тайдың тәрийпи соншелли, бәрбазы муншелли, көзин ириң басқан, путын кене тескен, мойны толғап жонған таяқтай, қурсағы суўқабақтай, аяқлары топышақ, жаллары бар бир қушақ, бир Шубар тайды көрди. Нәрик бай:

— Шубар тайды тут, — деп әмир етти.

Ғодар күлислик етип:

— Бай ақыллы болады дегенге бул хәм поққын жеди-аў, жылжыған жорға, жылмыйған жүйрикти баласына миясар көрмей, бир Шубар қотыр тайды миясар көрди-аў, — деп күлислик етти.

Нәрикбайдың ашыўы келип, «тут» деп әмир қылды. Әне, қырқы қурық салды, асманы пәлек самаға қырқын көтерип алып ушты, сексени буғалық таслап, Шубарды услап алды. Әне, енди Шубарды Шораға еншиге берди, Шораны Ғодарға бала етип берди. Енди Шора Ғодардың тәрбиясында болды, Ғодар қул атасы болды. Шубарды Ғодар бағып жүре берди. Әне, енди Шора да қырық балаға бас болып, алтыннан сақа, гүмистен гентай қолында, асық ойнап бул да жүре берди. Әне, сол ўақта Әлий бий деген бир бий бар еди. Әлийбий кәлпелери менен қусқа шығады. Қайтып киятырғанда еки кәлпе адасып қалады. Бул екеўи адасып жүрип Нәрик байдың аўылына шықты. Киятырған бир шәшмеден ат суўғарып турған бир адамды Әлий бийдиң адамлары қарап еди, атты көрип булар қыял етти. — Бул ат әўели Султан Санжар ханға ылайық ат екен, оннан қалса, Әлий бийдей бадалғы бийге ылайық ат екен. Буннан бәрайық, Шубарды қамшыгерлик пенен қолынан алайық, сөйтип Әлий бийге апарып берейик, — деди. Әне, ат ийесине қарап Әлий бийдиң адамларының айтқан сөзи:

— Араларман қыя дәш,
Ағызарман көзиңнен яш,
Қораға сыяр мал емес,
Шубарды бер, қызылбаш.
Дағларда барды бәлент пәс,
Батыр ерде болыр саўаш,
Қораға сыяр мал емес,
Шубарды бер, қызылбаш.
Бедеў минип желесең,
Сөзимди мақул көресең,
Қораға сыяр мал емес,
Астыңдағы Шубарды,
Дәрриў маған бересең, —

деп Шубарды зорлық пенен алмақшы болды. Сонда Ғодар ойланып турып: — Мен булардан қорқып Шубарды берсем, Нәрик бай ағам алдымнан шықса, «атың қайда?» дегенде не деп жуўап беремен, — деди. Әне, сол ўақта Ғодар бийлерге қарап мына сөзди айтса керек:

— Есик алды теректи,
Пәсең қылма жүректи,
Саған атты бергенше,
Қулларға өлим керекти.
Қарыс сүйем пышағын,
Қул суўырып алады,
Дәйегиң болса келиңлер,
Ат меники, жол сеники,
Дәйегиң болса келиңлер, — деп,
Жолға раўан болады.

Әне, сол ўақта бийлер ойланды: — Бул дә дегенде бай бабасына жетер, «қулдан өлгенниң қуны жоқ» деп еди, бизлердиң хасыл сүйегимиз қаба турыклы персиянның қолында жоқлаўсыз ғана кетер, буннан кетейик, Әлий бий ағамды көрип, Шубарды қамшыгерлик пенен алайық, — деп қыял етти. Әне, сейтип нөкерлер кейнине қайтты. Булар таўларды, қумларды аралап Әлий бийдиң қаласына келди. Атын байлап, Әлий бийдиң мәйханасына барды. Нөкерлердиң хаўлыққаны соншелли, хешнәрсе айталмай хаплығып қалды. Әне, нөкерлерге қарап Әлий бийдиң айтып турғаны:

— Урып қазан, қызыл гүлиң солды ма?
Әжел жетпей шул пайманаң толды ма?
Хаўлығып, хаплығып келдиң бәргама,
Жетер-жетпеслердиң тили тийди ме?
Минип бедеў дағыстанда желдиң бе?
Жалғызлығың қурсын, ақлың алды ма?
Айталмайсаң кеўлиндеги сырыңды,
Жетер-жетпеслердиң тили тийди ме?
Дүнья тапқан ол мары,
Жаталмайды ининде,
Адам өлтирген ол инсан,
Айталмайды кеўлиндеги сырыны.

Әлий бий айтады:
— Қәне, сизлер адам өлтирип келдиңлер ме, я болмаса бир мәмлекет ақша таўып келдиңлер ме, не бунша хаўлығып сөйлей алмайсыз, — деди.
Сонда нөкерлер:
— Аға, бизлер ат көрип келдик, — деди.
— Қайда көрдиң? — деп сорады.
— Тоққыз тамада көрдик. әўели Султан Санжар ханға ылайық ат екен, оннан қалса сениңдей бадалғы бийге ылайық ат екен.
Сонда Әлий бий айтты:
— Қудадан тилеп алған перзенти Шораға бағып атырған ат ол, сен билген атты мен де билемен, — деди.
— Бий аға, бизлер сол атты Әлий бий ағама барып алдыраман деп ўәде етип киятыр едик, бизлердиң де сөзимиз өлмесин, аға, сол атты бүгин алдырсаң, ертең қайтып берсең қалай болар екен? — деди.
Сонда бий нөкерлерге қарап:
— Бедеў минип желмесең, бизлерди жолдан шығарсаң, таңла қыяметте қуда дийдарын көрмесең. Сизлер буннан кетиң, Нәрик бай ағама барың, бир байталдың қулыны, бир айғырдың сидиги, Шубарды тилеймен Нәрик бай ағамнан. Адамлар бир мың тилла берсе, мен жети мың тилла беремен, басқалар жети мың тилла берсе, мен он төрт мың тилла беремен, он төрт күн писенти менен берсин, егер аты жақса, аламан, жақпаса, қайтып өзине беремен, усыдан артықмаш бир аўыз гәплемен, — деди.
Нөкерлер айтты:
— Аға, бизлер таманның таўығына төт демейик, пышығына пыш демейик, ийтине де жит демейик, сениң айтқан сөзиңнен баска бир аўыз гәплемейик, — деди.
Нөкерлер Әлий бийден жуўап алып, азғана емес мол жүрип, Нәрик байдың бәргасына келди. Арқадан даўыл турды, нөкерлерди қуда урды. Ата-бабасынан қалған гөне биликлерди жыйнастырып алды. Әне, сонда нөкерлер Нәрик байға қарап айтты:

— Аралап келдим қыя-даш,
Ағызарман көзден яш,
Бул үйде жандар бар болсаң,
Шығып майданға хабарлаш.
Ой бармекен ойласқандай,
Бой бармекен бойласқандай,
Бул үйде адам бармекен
Бизлер менен тиллескендей.
Дағларда барды бәлент-пәс,
Батыр ерде болар саўаш,
Бай баба, үйде бар болсаң,
Шығып майданға хабарлас.
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Әлий бий бизди жиберди,
Дәўледеги Шубарды,
Нәрик бай, дәрриў бересең.

Әне, сол ўақта бай майданға шықты. Бай айтады: — Кудайдан тилеп алған балам ушын бағып атырман, — деди. Әне, сонда нөкерлерге карап Нәрик байдың айткан сөзи:

— Бағдан гүллер тересен,
Сөзимди макул көресен,
Мен балама бараман,
Баламнан жуўап аламан,
Балам берсе, беремен,
Балам атты бермесе,
Геллем кетсе гөр болсын,
Өзим өлмей атларды,
Нетип саған берейин.

Нөкерлердиң ашыўы келип, Нәрик байдың аркасына жигирма дүрре урды.
— Балаң кайда? — деп сорады.
Сонда бай айтты:
— Балам баллар менен асық ойнап жүрипти, — дейди.
— Ондай болса, баланды дәрриў алып кел, — деди.

Әне, соннан кейин Нәрик бай,
Секирип жайдан турады,
Пешин белге шалады,
Таяғын колға алады,
Әрме кумды өрмелеп,
Еспе кумды еспелеп,
Жалғыз баласын шакырып,
Нәрик бай жылай береди.
Жалғыз бала ат шапса,
Жаны қалмас атаның,
Жалғыз бала жыласа,
Жаны калмас ененин,
Атаның кеўни балада,
Баланың кеўни далада,
Жалғыз бала болғанда,
Атаға таяқ тийгенде,
Турармеди аянып,
Баласыны шақырып,
Нәрик бай жылай береди,
Бағдан гүллер тереди,
Атасының даўысын еситип,
Мәрт Шора сонда келеди.

Әне сол ўақта баласы атасына карап:

— Урып қазан, қызыл гүлиң солды ма?
Әжел жетпей шул пайманаң толды ма?
Шақырасаң, сен жылайсаң жан ата,
Елиңизге ғайыптан душпан келди ме?

Сонда атасы баласына:
— Әлий бий Шубарды соратып жиберипти. — Адамлар мың тилла берсе, мен жети мың тилла беремен. Басқалар жети мың тилла берсе, мен он төрт мың тилла беремен. Он төрт күн писенти менен берсин. Жакса аламан, жақпаса қайтып өзине беремен, — депти. Бир байталдың қулыны, бир айғырдың сидиги. Әлий бийге бере қояйық, Шубарды, балам, — дейди.
Сонда Шора:
— Ата, келген нөкерлердиң жақсы сөзи болса, онда Шубарды берейик. Егер қамшыгерлик сөзи болса, геллем кетсе, гөр болсын, атты бермеймен, — деди.
Әне, Шора атасынан бул гәпти еситип, енди атасына қарамай кете берди. Шора Шубардың дәбледе турған жерине жақын келди. Әне, енди нөкерлер де Шубарды дәбледен шығарып алып, биреўи жетелеп, биреўи кейнинен айдап кете берди. Әне, енди нөкерлерге қарап Шораның жалбарынып айтып турғаны:

— Айнанайын хан аға,
Жаным сеннен садаға,
Тоғай толған қойымның,
Төрттен бирин берейин,
Шубарды бер, жан аға,
Өрис толған малымның,
Бестен бирин берейин,
Шубарды бер, жан аға,
Атаў толған жылқымның,
Кырықтан бирин берейин,
Шубарды бер, жан аға,
Игри мойын түйемнин,
Жүзден бирин берейин,
Шубарды бер, жан аға,
Ғәзийнеде пулымның,
Мыңнан бирин берейин,
Шубарды бер, жан аға.
Төрт жүз тоқсан қулымны,
Муны саған берейин,
Шубарды бер, жан аға.

Әне, енди нөкерлер мәрт Шораға карап мына сөзди айтты:

— Тоғай толған қойыңыз,
Жети асыңа сойылсын,
Өрис толған малыңыз,
Қырық асыңа сойылсын,
Атаў толған жылқыңыз,
Жүз асыңа сойылсын,
Игри мойын түйеңиз,
Жыл асыңа сойылсын,

Ғәзийнеде пулыңыз,
Ысқатыңа қойылсын,
Төрт жүз тоқсан қулыңыз,
Жаназаңа жыйылсын,
Өзим өлмей Шубарды,
Бере алмайман мен, — деди.

Әне, енди Шора бул сөзди еситип, көзи аларып, жүзи қубарып, Шубарды жетелеген, нөкерлердиң кейнинен жуўырды. Кейнинен жетип, биреўин услап алып өлтирди. Бунын атын минип, Шубар атты жетелеген нөкердиң кейнинен қуўды. Бул нөкер қорыққанынан көлге қашқан екен, жүрмегине жол таппай, қамысқа оратылып турған екен. Шора да кейнинен қуўып келди. Буны да услап алды. Қулақ-мурнын дужырып кесип, өзине жегизди. Атқа терис мингизди. Әне, енди Шора Әлий бийге сәлемлеме жазды. Жазып айтқан сөзи:

Қырпыўдан қағаз алады,
Қамыстан қәлем жонады,
Мурнынан аққан қызыл қанды,
Сыя қылып ақ қағазға жазады:
— Қамыстың басы қәлем де,
Дуўай-дуўай айтып бар,
Әлий бийге сәлем де,
Бизлер арқа, ол қубла,
Арқаға қарап сиймесин,
Баяғы тама демесин,
Қысқартсын сөзин Әлий бий.

Әне, солай етип Шора нөкерлердиң биреўин өлтирип, биреўин атына терис миндирип, Әлий бийдиң қаласына қайтарып қоя берди. Бул нөкер атына терис минип, бирнеше қумды аралап жол жүрип, қулақ-мурнынан айрылып Әлий бийдиң бәргасына келеди. Келип Әлий бийге жылай берди. Сонда Әлий бий:

— Хәй, заңғарлар, сизлер қалған гөне биликлерди жыйнастырып алып шегирткениң айғырындай шиңгирлеп барған шығарсыз, — деди.

— Аға, бизлер таманың таўығына төт дегенимиз жоқпыз, пышығына пыш дегенимиз жоқпыз, ийтине жит дегенимиз жоқпыз. Сениң айтқан сөзиңнен басқа бир аўыз да гәплегенимиз жоқпыз. «Әлий бий ағам Шубарды берип жиберсин деди» дегенимизди билемиз, жолдасымды өлтирди. Мине, мениң қулақ-мурнымды кесип, өзиме жегизди, — деди. -Мине саған жазған қағазы,-деп қағазды алдына атып урды.

Қағазды оқып көрип, Әлий бий:

— Бул тама қутырған екен, көзиниң ети өскен екен, жалғыз баласын өлтирип Нәрик байды қой кейнине салайық. Қәне, үйге бир адамнан жүриң, таманың үстине барайық, — деп әмир етти.

Ол да атланды қаладан,
Бул да атланды қаладан,
Қатыны өлген бахтықара,
Тул да атланды қаладан.
Тай минген де қалмады,
Бийе минген де қалмады.
Мына енди әскердиң,
Есабы-саны болмады.
Шыға берди қаладан,
Әбеший қара сыяқлы.
Қолы игри таяқлы,
Қойды баққан шопанлар,
Бул да атланды қаладан.
Дийўан хатқа салады,
Шот қағып санын,
Ол тамаға бармаға,
Әлий бийдей бийлерден,
Тоғыз жүз адам,
Жолға рәўан болады.

Әне, енди Нәрик бай «Әлий бий киятыр» деген хабарды еситип, бул ис жаман болды, елге келер, мийнетли бүлер, әжелли өлер. Жалғыз баламды өлтирип, мени қой кейнине салар. «Сыпайының ашыўы дүнья менен дағыйды» деген бир сөз бар еди. Еки түйе қызылды дәрбентке апарып төгейин, дүньяны алып кейин қайтса, перзентим қасыма қалар, деген қыял пайда болды. Еки түйе қызылды жүклеп түни менен дәрбентке апарып таслаттырды. Әне, ақшам өтти. Бул саўдадан Ғодардың хабары бар еди. Баласы Шораны шақырып алды.

— Балам, атаң Нәрик бай Әлий бийден қорқып, еки түйе қызылды дәрбентке апарып түни менен шөктирип келди. Өзи өлмей ер жигиттиң малы сиңе ме, балам, Шубардың белине минсең, сол дәрбентке барсаң, дүньяны көрип, сол дәрбенттиң бир тәрепинде аттан түсип отырсаң, дүньяны алып қайтса, қайта берсин, дүньяны алмай берман жүрис етсе, бир күн туўыпсаң, бир күн өлипсең, не салғанын ығбалыңнан көресең. Нешик болар екен, улым, — деди.

Әне, Шора бул сөзди еситип, алтын егер, тилла жаббы, зершашақлы көйлекшелерди алып, дәблеге келип Шубарды дәбледен шығарып алды.

Мақпалдан сайлап дорба илди,
Кишмиштен сайлап жем берди,
Бөтекеден белликли,
Ушығадан терликли,

Сауашлы ерин салады,
Жуптан айыл шалады,
Жаў қуралы - беш қурал,
Бәрин қуршай шалады,
Ат ақылсыз болыр деп,
Жалын тартпай минеди,
Шарайнасы жалтырап,
Дуўлығасы қалтырап,

Әне, енди Шора Ғодардан жуўап алып, дүньяны қойған жерге ат ойнатып келеди.

Ат кекилин тарады,
Мәртлер күнге жарады,
Дүнья жатқан жерлерге,
Ат ойнатып келеди.
Әйледи хакка мүнажат,
Болды пирден шарапат,
Ғодардың айтқан жерине,
Келди сағыў саламат.

Әне, енди Шора дүньяны көрип, ырас екенин билди. Дәрбенттиң күнбатар тәрепине барып аттан түсип отыра берди. Әне, енди Әлий бий әскерин ертип дәрбентке келди:

Жер қайысқан қол менен,
Мүтиреде суў менен,
Саразмалы жай менен,
Неше мың қара топ пенен,
Лаўы-ләшкер көп пенен,
Бедеў минип желеди,
Аламан айдап Әлий бий,
Дәрбентке ат ойнатып келеди.

Әне, Әлий бий дәрбентке келип тоқтап турды. Алдына нәзер етип қараса, еки түйе қызылдың жатқанын көрди. — Бай ақыллы болады дегенге Нәрик бай боққын жеген екен, адамлар, — деди бий. — Сыпайының ашыўы дүнья менен дағыйды дегенди биледи екен, бул еки түйе қызылды алып қайта берсе, перзентим жаныма қалар, деп ойлаған екен, нәзер көзиңизди де салмаң, бир пулын алмаң. Нәрик байдың жети өжире қызылы бар, деп еситиўим бар. Қап-қажағыңыз бар ма? — деди.

Биреўлери айтады:

— Қап түўе, аға, бизлерде қанар да бар, — десип атыр.

Шораны өлтирип, Нәрик байды қой кейнине салайық, деп дүньяға қарамай гүўлеп өте берди. Шора буны көрди. Атының белине минип, атына бир тәнзире қамшы урды, жарым мезгил жол алды. Бир бөлек дағны аралап, Әлий бийдиң алдына ат ойнатып шықты. Әне, Әлий бий қарады. Қараса Ер Шораны көрди. Ер Шораны көргенде берекети қашады, әрўағы жаман ушады, атының басын тартып, қалша қарап турады. Әне, енди мәрт Шораға қарап Әлий бийдиң айтқаны:

— Бедеў минип дағыстаңды желесең,
Ҳақтың салған саўдасына көнесең,
Астыңда атың, үстиңде тоның,
Қайсы елден, қай шәхәрге барасаң?
Қайсы бағдың гүлисең?
Қай шәменниң бүлбилисең?
Қайраўшадан ушасаң,
Қай шақаға қонасаң?
Бедеў минип желесең,
Сөзимди мақул көресең,
Аўлар салып шикарлап,
Шығып едик шөллерге,
Қуслар салып дағыстаңда,
Балам, енди келемиз.

Сонда Шора сөйледи:

— Бай баласы бозбала,
Алдайман деп арбама,
Сизлер жылқы, биз қулан,
Қулан тамға кире ме?
Өтирик сөзге инанып,
Ықтыярын бере ме?

Мәрттиң ашыўы келди,
Ол турғанға бул турған,
Жаман дейди, бий баба,
Қатты қашып қутырған,
Я дәскири пана деп,
Я бир шери дарға деп,
Я Яраткан Кәдир Алла,
Мен жалғызды қолла деп,
Аллалады Ер Шора.
Ертең менен болды урыс,
Урыста жоқты хеш турыс,
Билегинде жалтырар,
Испихан соққан қылышы,
Рүстемнен кейин емес,
Мәрт Шораның урысы,
Силтегенде онды, бести,
Туйдырмай кести алмасы.
Қырғын етти мәрт Шора.
«Алла!», «Алла!» салады,
Жер де «Алла!» салады,
Көк те «Алла!» салады,
Бир өзиниң «Алла!»сы,
Санмың қолдай болады.
Қырғын етти мәрт Шора,
Жасыл туўын жайнатты,
Қызыл туўын қыйратты,
Ақ шадырын, көк шадырын,
Түйектей қосып айдатты,

Қырғын етти мәрт Шора,
Қылыш кесер әлеп-жәлеп,
Истер кеўни буның тилеп,
Жетти кесе гүлгин шарап,
Ишилди майдан ишинде,
Мусылманның қызыл қаны,
Төгилди майдан ишинде,
Қылыш қылышқа қақылды,
Найза найзаға соқылды,
Қылыш кесер шәпиресте,
Өлик болды дәсте-дәсте.
Жасаў тартты бәлент-пәсте,
Қырғын болды, майды.
Адам өлди, ат жығылды,
Сайлар өликке толды,
Қолда найза табалды,
Айралық дәрти жаманды,
Шыққан тоғыз жүз әскердин,
Сегиз жүзи қырылды,
Қалған енди бир жүзи,
Әлий бий салған қалаға,
Әл аман, әл аман деп,
Қашып барып тығылды.

Әне, енди Шора Әлий бийди қуўып қалаға келди. Шора турып ойланды. -Әлий бий қалаға кирсе, гүнасын өтейин, егер қалаға кирмесе онда көкирегинде менменлигиниң қалмағаны, Әлий бийдиң де геллесин алайын,-деген қыял пайда болды. Әлий бийдиң корыкқаны соншелли, қалаға кирмей айланып каша берди.

Шора буны көреди,
Көзгененнен Шубарға,
Сонда өкше береди,
Әлий бийдей бийлердиң,
Қасына жетип келеди,
Қынабында қылт еткен,
Суўырып алса жылт еткен,
Таўға салға тас кескен,
Силтегенде бас кескен,
Алмас қылыш қолға алып,
Әлий бийдей бийлердин,
Басын қағып алады,
Әлий бийди өлтирип,
Мәнисине келтирип,
Дәрўазаға мәрт Шора,
Ат ойнатып келеди.
Сонда Шора сөйледи:

-Ағаның дузын ишкенлер,
Ағаға хызмет еткенлер,
Әлий бийдей ағаңның,
Геўдеси қалды ол жерде,
Геллеси келди бул жерге,
Әлий бийдей ағаңды,
Ақ жуўып, арыў кепинлеп,
Жайластырып қойың,-деп,
Әлий бийдиң геллесин,
Дәрўазаға қояды.

Әне, әжелли өлди, мийнетли бүлди. Мәрт Шора Әлий бийди өлтирип, Ғодар атасының қасына келди. Ақшам жатты, «Шора Әлий бийди өлтирди» деген хабар тамаға түсти. Хәмме Шораны жек көрди. Нәрик бай Шораны шақырып алды. Баласына қарап Нәрик байдын айткан сөзи:

— Қараңғыда қарағым,
Қармал қолым шырағым,
Белимниң мәдады, балам,
Диземниң қуўаты, балам.
Болмас ис енди болыпты,
Сөзимди есит, перзентим.

«Жаманнын қойнында болғанша, жақсынын көзинде бол» деген нақыл бар. «Жаманның алдында турғанша, жақсының сыртында бол» деген сөз бар.

Биреўдиң жалын өресең,
Қаранғыда, қарағым,
Сөзимди мақул көресен,
Үш айшылық жолы бар,
Үш айшылық жолларда,
Мусырманнын патшасы,
Қазан деген шәҳәрде,
Әдил ханнын ели бар,
Қарағым, соған барасаң,
Аты болса, бағасаң,
Оты болса, жағасаң,
Хан сыйласа, боласаң,
Хан сыйламаса, перзентим,
Арба айдап, қой бағып,
Мәскепши болып суў тасып,
Аўқатынды көресен,
Султаны Санжар Ўәлий хан,
Кераматлы уллы хан,
Егер бир жанынан,
Жети жаның болса да,
Қоймайды, балам, өзинди.

— Балам, сен мунда турма, әдил ханнын журтына бар. Сениң барыңды, жоғыңды кәрўаннан еситип турарман, — дейди.

Шора айтты:

— Ата хаққы - қуда хаққы, ене хаққы - пайғамбер хаққы. Ата разы болмаса қуда ыразы емес, қуда

ыразы болмаса, ата ыразы емес». Ене ыразы болмаса, Кәабаға жүз мың тәўбе қыл, тәўбең қабыл болмайды, деген нақыл бар дейди. Мен Султаны Санжар болмақ түўе және бир Султаны Санжар болса да елден шықпас едим. Сениң әмириң тәрк болмасын, ата, сөзиң өлмесин, гәпиң жерде қалмасын,-деп енди Шора Қазан шәхәрине кететуғын болды. «Шора Қазан шәхәрине кетейин деп атыр» деген хабарды қарындасы Гүмисай еситти. Қарындасы Гүмисай жайынан турып, ағасының кететуғынын билип, «ағамды елден шығарып салайын» деп, Шораның кететуғын жолына қарап Гүмисай кете берди. «Шора кетейин деп атыр» деген хабарды еситип жоралары да келеди. Әне, енди мәрт Шора жоралары менен хәм атасы Ғодар менен хошласты. Енди Нәрик бай баласына қарап:

— Жортқанда жолың болсын,
Жолдасың Қызыр болсын,
Қырық шилтен ғайып еренлер,
Жылаўында жүрсин,
Душпанларың пәс болсын,
Ўақтың шандан хош болсын,
Излеген елиң табылсын,-деп,
Пәтия берди атасы.
— Ашылған бағда гүлим,
Бағымда шәмен бүлбилим,
Әўсел қуда, қалды пирге,
Тапсырдым сени, қулыным.

Әне, енди атасы пәтиясын берип қала берди.

Батыр туўған Ер Шора,
Аттың басын бурады,
Жолға рәўан болады,
Бир мезгил жол жүреди,
Ели-халықтан,
Толы журттан айырылып,
Көзде жасы көл болып,
Жағалары сел болып,
Бедеў минип желеди,
Ал, алдына қарады,
Ал, алдына қараса,
Қаналасы Гүмисайды,
Мәртлер енди көреди.

Әне, енди қарындасы Гүмисай ағасын көрип атының басын иркип, «жолың болсын, аға» деп, ағасына қарап бир-еки аўыз айтып турғаны:

— Сени көрип мен жылайман зар-зар,
Нашарлықтан ғәрип кеўним бийқарар,
Сал қулағың, есит мениң сөзимди,
Қаналасың Гүмисайдың айтар саған сөзи бар.
Тоғай толған қойыңды,
Муны кимге тапсырдың?
Өрис толған малыңды,
Муны кимге тапсырдың?
Атаў толған жылқыңды,
Муны кимге тапсырдың?
Игри мойын түйеңди,
Муны кимге тапсырдың?
Ғәзийнеде пулыңды,
Буны кимге тапсырдың:
Төрт жүз тоқсан қулыңды,
Муны кимге тапсырдың?
Алла, Алла, Алла айтқан,
Алла ядын көп айтқан,
Айрысақал атаңды,
Муны кимге тапсырдың?
Аялы қолдан май берген,
Тар қурсақтан жай берген,
Қан айырып сүт берген,
Қублагәйи анаңды,
Муны кимге тапсырдың?
Таласып емшек емискен,
Тай қулындай тебискен,
Тар қурсақта жатысқан,
Қаналасың Гүмисайды,
Муны кимге тапсырдың?

Әне, мәрт Шораның қарындасы Гүмисайға айтқаны:

— Тоғай толған қойымды,
Аш бөриге тапсырдым,
Өрис толған малымды,
Аш жолбарысқа тапсырдым,
Атаў толған жылқымды,
Жылқыманға тапсырдым,
Игри мойын түйемди,
Керўаныма тапсырдым,
Ғәзийнемде пулымды,
Дәўлетиме тапсырдым,
Төрт жүз тоқсан қулымды,
Ығбалыма тапсырдым,
Алла, Алла, Алла айтқан,
Алла ядын көп айтқан,
Айрысақал атамды,
Яратқанға тапсырдым,
Аялы қолдан май берген,
Тар қурсақтан жай берген,
Қан айырып, сүт берген,
Қублагәйы анамды,
Ол Патмаға тапсырдым,
Белгенемниң медаты,
Дизгенемниң қуўаты,
Алдымда жүрсе айбатым,
Кейнимде жүрсе қуўатым,
Таласып емшек емискен,
Тай қулындай тебискен,

Қаналасым Гүмисай,
Сени ҳаққа тапсырдым,
Ашылған бағда сен гүлим,
Бағымда шәмен бүлбилим,
Әўел қуда, қалды пирге,
Тапсырдым сени қулыным.

Әне, енди Шора қарындасы менен хошласып, Қазан шәҳәрине кетти. Гүмисай кейнине қайтты. Енди Шора атынан жерге түсип, Шубарды сылап-сыйпап, алтын игәр саўашлы ерин аттың үстине салып қайтадан ертлеп алды.

Ат белине минеди,
Белине садақ иледи,
Я дәскири пана деп,
Я бир шийри дарға деп,
Яраткан Қәдир Алла деп,
Мен жалғызды қолла деп,
Аттың басын бурады,
Айдап жолға салады,
Гә бәлентте, гә пәсте,
Ели-халықтан,
Толы журттан айырылып,
Жолға рәўан болады.
Көзгененнен Шубар ат,
Баланың кеўни өссин деп,
Дойнақым тасты тессин деп,
Қуба үйректей қуныспп,
Аққан суўдай жылысып,
Күни-түнин бир етип,
Уйқыға көзин үйретип,
Қарағай найза сүйретип,
Жолға рәўан болады.
— Мен Қазанға барғанша,
Қар жаўмағай, нур жаўғай,
Мен Қазанға барған соң,
Қар жаўмақтан, қан жаўсын,
Қақпағы менен бир жаўсын, — деп,
Жолға рәўан болады.
Көзгененнен Шубар ат,
Баланың кеўни өссин деп,
Дойнақым тасты тессин деп,
Ойпаң жерде ойнады,
Борбослаў жерде карғыды,
Он төрт яшар қыз киби,
Жилўа қылып ойнады,
Азыўлығы еки ели,
Дорбалығы төрт ели,
Қурымына қарасаң,
Қашқан таўшан мүшели,
Таўдан арқар қуўыпты,
Тартып баўырын суўытты,
Бунындайын жүйрикти,
Қайсындай бийе туўыпты?!
Жуптан дизгин үзеди,
Полаттан дойнақ қызады,
Жерге урған дойнақы,
От орнындай қазылып,
Дойнақтан шыққан гәртлери,
Жылдырым испет атылып,
Атлар ығал әйледи.
Ол заманда сөз бенен,
Бул заманда саз бенен,
Келтиртели бул гәпти,
Минген аты жуўырды,
Жер танабын қуўырды,
Дойнақтан шаңын суўырды,
Аттың жалы жатқанда,
Қабақлары қатқанда,
Атқа салған тилла ер,
Ат қапталға батқанда,
Ат жиберип қолатқа,
Шыдай алмай ғайратқа,
Үш ай тамам жол жүрип,
Ат ойнатып келеди,
Әдил хан жатқан елатқа.
Әйледи ҳаққа минажат,
Болды пирден шарапат,
Үш ай тамам жол жүрип,
Әдил ханның елине,
Ат ойнатып ер жигит,
Келди сағыў-саламат.
Ат кекилин тарады,
Мәртлер күнге жарады,
Мезгилхана барма деп,
Көзлер тастап қарады.

Әне, енди Шора көз жиберип алдына қарады, қараса, бәлент таўдың баўрайында келалы көп түйениң қасында үни тарғыл, сақалы буўрыл, төринен гөри жуўық, жақын келген бир бабаны көреди. Әне, енди мәрт ойланды: — Мен бабаға барайын, барып сәлем берейин, сәлемимди әлик алса, «мал кимдики, журт кимдики» деп бабадан жол силтеўин алайын, — деген Шораның көкирегине бир қыял пайда болды. Енди бабаға жақын келип «Ассалаўма-әлейкум!» деп бабаға сәлем берди. «Ўа әлейкум әссалам!» деп сәлемин әлик алды. Сәлемин алған менен «жолың болсын балам, қаяққа барасаң, қаяқтан келесең?» деп баладан жол болсын сорамады. Батыр турып ойлады. — Жасүлкенниң қасында жас киши гәп айтса, оники күстанышылық болады деп еди, күстанышылық болса кәйтейин, баба-ю менен жол болын сорамады. өзим-ақ сорап кетейин, — деген қыял пайда болды. Енди бабаға қарап Шора мынадай деди:

— Сени көрип мен жылайман зар-зар,
Жалғызлықтан гәрип кеўним бийқарар,
Сал қулағын, еситт мениң сөзимди,
Бир келийма сорар сеннен гәпим бар.

Бедеў минип бул майданда желемен,
Хақтың салған саўдасына көнемен,
Сал қулағын, есит мениң сөзимди,
Ол бир келген мен жаўшы баламан.

Ашылған бағлардың түрли лаласы,
Дәрўишлердин болыр тилде сәнасы,
Мал кимдики, журт кимдики, бабажан,
Ким болады бул түйениң игасы.

Түйе баққан карт баба,
Тентегирек ғарры екен,
Өжетирек ғарры екен,
Шораның айткан сөзлерин,
Шыбын шелли көрмеди,
Мәртти көзге илмеди,
Талтаяғын жетелеп,
Көп түйесин аралап,
Кете берди жөнине.

Шора турып, «ах» шекип, ағзынан жасыл от шықты, жеккелик басына келип, басын шайқап, бармағын тислеп, бир-еки аўыз гәплей берди:

— Таныған жерде бой сыйлы,
Танымаған жерде тон сыйлы,
Таўшанның туўған путасы,
Ысық көринер көзине,
Хәрким елинен айырылса,
Жеккелер келер өзине,
Басқа журтта хан болып,
Таққа минип,
Арыз сорап отқаннан,
өз журтымда,
Арба айдап, қой бағып,
Мәскепши болып суў тасып,
Аўқат еткен жақсы екен.
Неге шықтым елимнен,
Шықлаўым екен халқымнан,
Өз елимде болғанда,
Заманласым, басласым,
Бирге жүрген теңлесим,
Қойды баққан қойшым,
Түйе баққан сәрўаншым,
Барсам оның үстине,
«Бир ақшам, аға, қонып кет,
Қонбасаң, түсленип кет» деп,
Жибермес еди өзимди,
Бул пәлектиң гәрдиши,
Танымаған жат елде,
Жаратқан кәдир Алла,
Сарғайттың ақша мезгимди, — деп,

базарға өкпелеген адамдай гә бәлентте, гә пәсте, қыр қырлап баратыр еди, бәлент таўдың баўрайында келали көп қойдың кейнинде, алдын қайтарса кейнине күши жетпей, кейнин қайтарса алдына күши жетпей, көзде жасы көл болып, көзинен аққан жасына жағалары сел болып, я тоғызында, я онында, бир улан қулаға нала қылған, кәкилине өткергени Хәзирети Шаҳымардан зумырады лалы маржан, жүзиниң ағы Хәзарыстың шарық алмасындай, ағы ақ, қызылы басымырық, шийин-шийин, мәлеки мәлақ, қой кейнинде ботадай бозлап жүрген нәресийде баланы көрди шул заман. Әне, енди бала Шораны көрди. Шораны көриўи менен бала баққан қойын ташлап, ғәрип кеўлин хошлап, таяғын белине шалып, жүўырып-жортып Шораның қасына келди. «Ассалаўма әлейкум!» деп сәлем берди. «Ўа әлейкум әссалам!» деп сәлемин әлик алды.

— Аға, ғайры есим көринесең, өзиңе ғайры есим дегенге қалмақы ғайры дин деп қәхәриң келмесин, аға, — деди. — Минген атың, кийген тоныңды ғайры есим көремен, — деди.

Енди Шораның балаға қарап гәплегени:

— Хаўа жаўсын, айдын көлиң хәл болсын,
Жылдан жылға аз дәўлетиң мол болсын,
Қайсы елден, қайсы журтқа барасаң,
Шубар атлы аға, сөйле, жол болсын!

Бедеў минип бул майданда желесең,
Тәңир сәлемини әлик аласаң,
Астында атыңыз, үстинде тоның,
Шубар атлы аға, нелли боласыз?

Он төртиннен шалқып туўған айынды,
Көрип қуўанғанман кәдди бойыңды,
Астында арғымақ қуштан қанатлы,
Шубар атлы төрем, айтқыл жөниңди.

Ашылған бағлардың таза гүлисең,
Халық еткиўши бир Алланың қулысаң,
Астында арқымақ қуштан қанатлы,
Елатында ким дегенниң улысаң?

Бедеў минип бул майданда желесең,
Хақтың сәнасыны яда билесең,
Астында атыңыз, үстинде тоның,
Шубар атлы аға, қайдан келесең?

Молладан үйрендим илим-әдепти,
Кәба барған хаж етерлер таўапты,
Сизлер менен ат сорасып қалмақлық,
Сораспақлық мусырманға әдетти.

Лалы маржан бул майданда сәдепти,
Хызмет ушын тәнде бағрым кәбапты,
Сизлер менен жол сорасып қалмақлық,
Сораспақлық периштеден себепти.

Бағ ишинде ларзан урған қызыл гүл,
Қудирет пенен бул алдында,
Сөйлеп турған қызыл тил.

Гәйи айтқыл, гәйи айтма жөнинди,
Сен жолаўшы, бизлер қойшы,
Гәпти ада еттим, аға, өзиң бил.

Енди Шора ойланып: -Пай, заңғардың баласы, бәшшағардың шағасы, ақылы пүтин, еси тынық, ләби жупқа, гәпке уста, көп бир шаққан, жедебелли бала екен, қайлардан қайға қашсам да қутқармас өзимди. Бул балаға атымды айтсам, сырымды баян етсем, бул бала болмаса, бир түрли бәле болса, тана буғадай шаң берип көтере турса, жағамнан алып, гөттерип жерге урса, буның еткен зорлығы ялғаншы түўе қыяметте ҳәм көкирегимнен шықпас. «Досқа дуўры, душмана игри» деген, бул баланы алдап өтип кете берейин,-деп мәрттиң көкирегине бир қыял пайда болды. Әне, енди Шора балаға қарап:

— Мени көрип сен жылайсаң зары-зар,
Қой кейнинде зар жылатқан бириўбар,
Сал қулағың, есит мениң сөзимди,
Саўдагермен, айтар саған сөзим бар.

Бедеў минип бул майданда желермен,
Ҳақтың салған саўдасына көнермен,
Қумнан қумға түйе тартқан саўдагер,
Ақ бәзирген, мен саўдагер болырман.

Бақалар шарқ урыр шәшме көлинде,
Ғош жигиттиң сәнасы бар тилинде,
Бизлер жүрген ақ бәзирген саўдагер,
Нелер арзан, нелер қымбат елинде?

Кийген липасларым жетпес диземе,
Бул шөллерде сепкил түсти жүзиме,
Бизлер жүрген ақ бәзирген саўдагер,
Қалаңыздың ырқын айтың өзиме.

Ашылғай ма он гүлиңнен бир гүлиң,
Саған келген душманға келгей шум өлим,
Бизлер жүрген ақ бәзирген саўдагер,
Қалаңыздың нырқын айтың, жан иним.

Әне, сол ўақтында бала Шораға қарап:

— Айнанайын хан аға,
Жаным сеннен садаға,
Саўдагер сендей болмайды,
Бәзирген сендей болмайды,
Ашылған бағдың гүли емес,
Мына келген дағыстаның,
Саўдагердиң жолы емес,
Сен «саўдагермен» деп,
Мени айдап қашалақла,
Мендей бала сеники,
Ҳаслынды сорамай,
Ҳасла кейниңнен қала ма,
Алдама аға сен дейди,
Қарсы алдыңа қарайман,
Қабылан ерге қусайсаң,
Туў сыртыңа қарасам,
Сәҳәти менен дөреген,
Туўған ерге қусайсаң,
Оң ийниңе қарайман,
Он мың қолға барабар,
Шеп ийниңе қарасам,
Ҳәзирети Сулайман,
Нәзер еткен, ағажан,
Қас батырға мегзейсең,
Арбадан кең көкирегиң,
Арыстан жуўан билегиң,
Тепсингенде ер қорққандай,
Дәрья қатып муз болғандай,
Айбатыңа киргенде,
Лалаўласқан қалмақтың,
Тоқсанға шыққан кемпири,
Қорққанынан қыз болғандай,
Саўлатлы ерге мезгейсен,
Келисиңе қарайман,
Барарыңа ел таппай,
Батарыңа көл таппай,
Қашып шыққан, ағажан,
Қашқын ерге мегзейсең,
Аўзы қанлы бөриге,
Қолы қанлы урыға,
Мегзетемен өзинди,
Алдама, аға, сен деди,
Ырасыңнан кел деди.

Минген бедеў дағыстанда пәс болсын, душпан менен мусырманлар қас болсын, сен де мусырмансаң, мен де мусырман, алдағанлар қас-кирпиктен айырылсын да пес болсын.

Әне, енди Шора ойланды: -Пай, заңғардың баласы, бәшшағардың шағасы, қайлардан қайға қашсам да қутқармас өзимди. Бир кишиге бир киши жолықтырған тәңириси, муннан қорқып атымды айтпай кеткеним ол ҳәм бир нәмәрттиң иси. Әжел жетсе өлермен, не салғанын ығбалымнан, талайымнан көрермен. Қорқа-қорқа балаға қарап, енди ҳаслы-затын айтып, балаға қарап гәпледи:

-Ашылғай ма он гүлиңнен бир гүлиң,
Саған келген душпанға келгей шум өлим,
Сал қулағың, есит мениң сөзимди,
Көзгенеңнен, қойды баққан жан иним.

Шыққан журтым айтайын,
Желген жөним айтайын,
Әжемдәрья бойынан,
Соралының ойынан,

Ол Султаны Санжар,
Ўәлий ханның ләўиринен,
Алатана жайында,
Ағар суўдың бойында,
Азғана үйли тамада,
Нәрик байдың улыман,
Еки дүнья сәрўєри,
Акырзаман пайғамбери,
Мухамметтиң динимен,
Бир куданың қулыман,
Нәрик байдың перзенти,
Батыр Шора мендурман.
Айтқаның ырас, жан иним,
Он төрт жаска келгенде,
Ханға болдым гүнакар,
Қостар таппай елимнен,
Ғамкор таппай халкымнан,
Киятырман, жан иним,
Аўзы канлы бөримен,
Қолы канлы урыман,
Мынаў турған кара ағашты,
Пана билип келемен,
Мөмини мусырманларды,
Аға билип келемен,
Қостар таппай халкымнан,
Ғамкор таппай елимнен,
Туўысқан излеп келемен,
Несип болса, жан иним,
Әдил ханға бараман,
Барып ханын көремен,
«Хош келдиң, балам!» десе,
Ханға хызмет етемен,
«Хош келдиң балам!» демесе,
Ким биледи қәдиримни,
Бизлер келген күнликши,
Арба айдап, қой бағып,
Мәскепши болып суў тасып,
Аўқатымды көремен.
Қәдимнен калған сөз еди,
Бурынғының нақылы:
«Дәртли менен дәртлессең,
Дәртиң қалмай төгилер,
Бийдәрт билен дәртлессең,
Қабырғалы қолың сөгилер»,
Деген бир сөз бар,
Сен де дәртли кушайсаң,
Мен де дәртли кушайман,
Мен де айттым атымды,
Сен хәм айтқыл хаслыңды,
Қойды баққан жан иним.

Әне, сол ўақтында Айдар төрениң кеўни бузылып, бағры езилип, көзинен аққан яшлары катире-катире якасына дизилип, енди Шораға қарап, неше жерлерден тымсал келтирип:

— Ашылмаған талайым,
Он емес екен сапарым,
Қойды бағып жүргенде,
Жолыктырды бизлерге,
Сизлерди яраткан кәдир кудайым.
Қамсығып шыкқан халкыннан,
Өкирип шыктым алдыннан,
Қайсы бирин айтайын,
Айтпай, аға, кәйтейин,
Көрген кысыўметимди,
Жәбир жапамды,
Саған баян етейин.
Саўытқа туткан кыяқ ем,
Сункардан калған палапан,
Якшыдан калған туяқ ем,
Сорама менин дәртимди,
Сөнбей қалған шырақ ем,
Ағып аткан дәрья едим,
Сағамды байлап шөл етти,
Мәўжирген мен бир дарақ ем,
Шақамды шаўып куўратты,
Ағып аткан салма едим,
Сағамды байлап жол етти,
Ераны перси нәслинде,
Рүстем-Залның әўлады,
Он тоғыз коркыдаңға,
Тактыраўан курып минген,
Жәмшидтен калған,
Өзине мураз айланған,
Жети жүз жетпис батпан,
Хәмуўды гүрзи гәррамды,
Көтерип пәлекке аткан,
Қылжалаўдың шәхаринде,
Султаны Темир, Карахан,
Қараханның иниси,
Көзи қатты Көзмәмбет,
Қаламды бузды, кул етти,
Қақпағын бузып, ун етти,
Айдарлымды кул етти,
Тулымлымды күң етти,
Сорама мениң дәртимди,
Мендей хаслы төрелерди,
Қой кейнинде жылатты,
Хан атамның ўақтында,
Мақпал менен паршаны,
Кийгиўши едим күнликке,
Дәўлет тайып басымнан,
Шыдамай жүрмен, ағажан.
Лалаўласкан калмаққа,
Қойларды баққыш куллыкка,
Мақпал менен паршаны,
Кийип енди жүргенде,
Ғәрип пенен кәсерге,
Күлиўши едим мен,-деди,
Күлгениме курсын, бап болды,
Алдыма келип сап болды,

Мендей хаслы төрелер,
Қой кейнине тап болды.
Жылқыда шаңқан бозыман,
Ағзына алған сөзимен,
Сорама мениң дәрдимди,
Әдил ханның баласы,
Айдар төрең өзиммен.
Бизлер лашын, сен сунқар,
Ушышалы, кел,-деди,
Сен қара нар, биз бота,
Бозлашалы, кел,-деди,
Сизлер қошқар, биз қозы,
Маңырашалы, кел,-деди,
Сизлер тама, биз ноғай,
Танысайық, кел,-деди,
Көрисейик, кел,-деди,
Атасынан тири айырылған,
Тири ғайып сен болсаң,
Атасынан өли айырылған,
Жетимегиң мен,-деди,
Дос — қуданың атыды,
Дос болалы, кел,-деди,

Әне, аттан жерге түсти, үстиндеги липасын шешти. Қылышты ортаға қойып, қуданы араға салып, екеўи қыя майдан шөллерде қушақласып дос болды. Дослықты бәржай келтирди. Мәрттиң көкирегинде бир ғыжалат пайда болды, «баланың кеўлин алайын, денсе беш, деңбесе он беш, жылама иним» деп нәсият етип көрейин деген қыял пайда болды. Әне, Шора балаға қарап айтқан сөзи:

— Бир кемликке бир қамал,
Барды, иним, жылама,
Менменликке бар заўал,
Жылама иним, сен мунша,
Қасас қалмас қырық жылға,
Қырық жыл түўе қырық күнге,
Бармай қайтар барымта,
Барымтаңды алырман,
Жылама төрем, сен,-деди.
Шағалалы шалқар көл,
Шаңсыз болыр деймисең,
Көк алаңлы қуўлы көл,
Қуўсыз болыр деймисең,
Жекенли көл, желли көл,
Желсиз болыр деймисең,
Ғайыбың - ағаң саў болса,
Ғамқорың ағаң бар болса,
Лалаўласқан қалмақтың,
Сап-саў турған басыны,
Ғаўғасыз болар деймисең.
Бедеў минип желермен,
«Алла!» дейип қалмаққа,
Қайтпай қылыш урырман,
Өшлиден өшим алырман,
Кеклиден кегиң алырман,
Көзмәмбет дәўди өлтирип,
Атаңның тахтына миндирип,
Мурадың ҳасыл етермен,
Жылама төрем, сен мунша,
Атым арық, өзим аш,
Ат ыраңлап, ер тыраңлап,
Бес-алты күн дем алғандай,
Жайың бар ма, Айдаржан?

Сонда бала сөйледи:
— Жоқ емес, аға, барырақ,
Үлкен емес, тарырақ,
Ылашығым бар,-деди,
Бараман десең,
Сен басшы, биз қосшы,
Саған хызмет етемен,
Алдыма түс сен, — деди.

Әне, енди Айдар төре Шораны ертип қумның алдындағы ылашыққа алып келди. Шораны түсирип, Шубарды таза жерге байлады. Енди буны нәрлендирейин деп қой сойды. Асқанын асты, аспағанын кәбап етип берди. Сол хызмет пенен жетти күн бақты, сегизленши күнинде Айдар төрени шақырып алды.

— Қәне, Айдар төре, мында кел, гәпиме қулақ сал, — деди. — Иним, қалада ким өлди, ким қалды, хабарыңды бер, — деди.

Сонда Айдар сөйледи:

— Аға, әжелли өлди, мийнетли бүлди. Атамның жети жүз бий, жүз басы аман қалды.

Сонда Шора сорады.

— Бул кимниң өкиминде? — деди.

Бала айтты:

— Қудадан қорққаны, саққар дозақны билген мөмини-мусылманлар қолында китабы, қуданың өкиминде, қудадан қорқмағаны — Көзмәмбеттиң атын минген, сарпайын кийген геўек бийлер Көзмәмбеттиң өкиминде, аға, — деди Айдар.

Онда:

— Айдар төре, — деди. — Буннан кет, мусылман тайпасына бар, — деди. Шәршемби күни сәскеде мен тийемен даладан, ноғай тийсин қаладан, хабардар болсын жеңгелер, көшедеги ойнап жүрген нәресийде де балалар. Мениң келгенлигимди мусырман тайпасына баян етсең, нешик болар екен, иним, — деди.

— Аға, — деди. — Буннан барсам, сениң келгенлигиңди мусырман тайпасына баян қылсам, қарамас

жүзиме, инанбас сөзиме, дәўлети қайтқан, иси келиспеген мен бахтықараның өзине, мен бармайын, аға,- деди.

Шора айтты:

— Жоқ, иним, бара бер, — деди.

— Аға, сениң сөзиң өлгеннен, шайтанның мойны сынсын. Бир шыбын жаным, бир қасық қаным сениң жолыңда тәсаддық болсын, — деди.

Секирип жайдан турады,
Пешин белге шалады,
Таяғын қолға алады,
Жолға рәўан болады,
Өрме қумды өрмелеп,
Еспе қумды еспелеп,
Жолға рәўан болады.
Сарғаяды солады,
Бағры оттай күйеди,
Көзмәмбет жатқан қалаға,
Бала жылап келеди,
Дәрўазадан киреди,
Бәлент көше, пәс көше,
Беглер жүрген тар көше,
Айланыс көше,
Кең көшелерди,
Аралап бала келеди,
Ойран болған мүлким деп,
Себил қалған журтым деп,
Көзде яшы көл болып,
Жағалары сел болып,
Көңили бузылып,
Бағры езилип,
Мусырманы тайпасына,
Бала енди келеди,
Уллысынан кишисин,
Бәршесин жыйып алады.
Бир сарайға қамады.

—Айнанайын, жан аға,
Жаным сеннен садаға,
Бир гәпим бар, айтаман,
Айтаман да қайтаман,
Жаманлық емес, жақсылық,
Тыңласаң, баян етемен.

Мусырманлар сорады:

— Не гәпиң бар Айдаржан,
Айта бергил сен, — деди.

Сонда бала сөйледи:
— Қойды бағып қыяда,
Мен жүр едим зар жылап,
Шубар аты астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Қундыз соппасы басында,
Әйне он төрт яшында,
Пайда болды бир адам,
Олар менен таныстық,
Биз сорасып көристик,
Әжемдәрья бойында,
Соралының ойында,
Ол Султаны Санжар,
Ўәлий ханның дәўиринде,
Ала тана жайында,
Ағар суўдың бойында,
Азғана үйли тамада,
Нәрик бай деген бар екен,
Нәрик байдың баласы,
Батыр Шора сол екен.
Олар менен таныстық,
Биз сорастық, көристик,
Жети күн жатып дем алды,
Сегизленши күнинде,
Бизди саған жиберди,
Өлисине салаўат,
Тирисине сәлем айт.
Шәршемби күни сәскеде,
Мен тийемен даладан,
Ноғай тийсин қаладан,
Хабардар болсын жеңгелер,
Көшедеги ойнап жүрген
Нәресийде балалар,
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Кимиң балта аласаң,
Кимиң найза аласаң,
Ғайыптан келген батырға,
Ағалар, көмек бересең,
Буны қалай көресең?

Әне, мөмини мусылман жедел етти. Усы ўақтында:

— Балтаны сала берейик пе, болмаса Шора келгенше toқтап турайық па? — деди.

Көзмәмбеттиң атын минген, сарпайын кийген геўек бийлер айтты:

— Хәй, ноғайлы, сизлер сабыр етиң. Көзмәмбет дегенге атса мылтық өтпейди, шапса қылыш кеспейди, алланың дады жетпесе, бенедениң күши жетпейди. Көзмәмбетти дүнья қыражы мәмлекет зор палўан. Шора даладан келсе, Көзмәмбет қаладан шықса, «Дәйт!» дегенде қашып кететуғын, жер сатқан жалампаз, қарақшы қумарпаз, ата билен енеден қатыбезер алған, қашып елинен шыққан, жалатай болса, «Шораң қашып кетти» деп бизлердиң саў басымызды саўдагерге салар, екиленши бул сөзди айтпа, бала, — деп, бийлердиң хәркайсысы баланы бир урды, келлесин қумдай қылды. Әне, бала бийлерден қысыўмет

көрип, жеккелик өзине келип, баланың айтқаны:

— Жалғыз өлсе ким жуўар,
Абылайсаң сел жуўар,
Жалғыз өлсе ким көмер,
Еспе-еспе қум көмер,
Я атамның алғысы,
Я душманның ғарғысы,
Жекке едим, қудайым,
Атадан алтаў туўғаннын,
Атқан оғы жойылмас,
Атадан жекке сорлының,
Атқан жайы қайтып барса табылмас,
Жалғыз аттың шаңы шықпас,
Жалғыздын үни билинбес,
Жекке едим, қудайым,
Атадан яратсаң бешлерди ярат,
Жалғызды яратқанша,
Ташларны ярат,
Бири өлсе, төрти келир басына,
Жалғыз өлсе ким келеди қасына,
Ол шөллерде қонар ғарға лашына,
Атадан болмаҒай едим,
Енеден туўмағай едим,
Ялғаншы пәний дуньяға,
Келмағай едим мен қашка,
Яратқан кәдир Алла.

Ялғаншыға шикаят келтирип, өзиниң жетимлигине жылап кейин қайтты. Әне, изине қайтып қаладан шықты. Әне, Шора қарады, кеўни бузылып, бағры езилип, көзинен аққан жаслар қәтире-қәтире яқасына дизилип, жылап киятырған Айдар төрени көрди. Мәрт жайынан турды, баланың алдына келди. Енди балаға қарап кимнен зорлық көрдиң, деп баладан мәрт сорай берди:

— Сен жылайсаң бул жерлерде зары-зар,
Жалғызлықтан ғәрип кеўни бийқарар,
Барып кимнен көрип келдиң зорлық,
Бир кәлийма сорар сеннен сөзим бар.

Ашылғай ма он гүлиннен бир гүлин,
Саған келген душпанға келгей шум өлим,
Урған душпаныңның тезирек түрин айт,
Жылай берме, Айдар атлы жан иним,

Буўған беллерине тилла кәмарың,
Тилегиңди душ қылғай ма қудайым,
Урған душманыңның түрин тезирек айт,
Жылай берме, Айдар атлы жан иним.

Белеў минип бул майданда желейин,
Ҳақтын салған саўдасына көнейин,
Өлтирсең қазыман, өлсем шейитпен,
Не салғанын душман менен көрейин.

Таққан бул майданда тилла тумарды,
Саўаш болса тарқатарман қумарды,
Урған душпаныңның түрин тезирек айт,
Мен ертлейин көзгененнен Шубарды.

Бала айтты:
— Буннан бардым, сениң келгенлигиңди мусырман тайпасына баян қылдым. Қарамады жүзиме, инанбады сөзиме, хәркайсысы бир урды, келлемди қумдай қылды. Атадан неге болдым, енеден неге туўдым, жалғаншыға неге келдим, деп өзимниң жеккелигиме жылап киятырман аға, — деди.
Шора сорады:
— Қалада әскер көп пе, аз ба? — деди.
Бала айтты:
— Аға, несин сорайсаң. Шөпте-шарда есап бар, әскерде есап жоқ, — деди.
Шора айтты:
— Айдар төре, сеннен ыбырсыған қара салдатты сорап турғаным жоқпан. Қылышма қылыш, найзама найза дуўры келгендей баҳадар-палўанын сорап турман.
Әне, бала айтады:
— Ал, есе, атса мылтық өтпеген, шапса қылыш кеспеген, Алланың дады жетпесе, бендениң күши жетпеген, атамды өлтирген, тахтына ийелик еткен, көзи қатты Көзмәмбет деген мәмлекет зор палўаны бар, — деди.
Шора айтты:
— Бул күнлери ол найсап қайда екен? — деди.
Бала айтты:
— Ноғайлы айтады, бир уйқылағанда жети күн, жети түн уйқылайды, деп айтысады. Бүгин жатқанына үш күн болды, енди төрт күннен оянады деп лап урады.
Шора айтады:
— Жаў санасып урыспас деген, онда жата бер, иним, — деди.

Ендиги сөзди қаладағы бийлерден еситиң.

Бийлерге ғалаўыт пайда болды. «Ағайын бизики, «сыпайының ал тили, арбаў гәпи, ширели сөзи. Буннан барайық, Шораны алдап-арбап, қызыл тилимизди жалдап, өз колын өзине байлатып, Көзмәмбетке алып келип берсек, алымларымыз да көбейер, сарпайларымыз да узаяр. Кәткудашылығымыз бурыңғыдан сал-пал қыялдай үлкейер» деп қаладан жети жүз бий атланды. Әне, енди Шора қарады. Бир бөлек тозды көрди. Тоз тейине қарады, бир бөлек гәртти көрди. Гәрт тийине қараса, байдақ-байдақ, санжақ-санжақ, ақылдан жарлы, киятырған геўек сада бийлерди көрди.

— Айдар төре кел, — деди,
Гәпиме қулақ сал, — деди,
Ақылдан жарлы,
Геўек сада бийлерим,
Киятыр екен, Айдаржан,
Ким деген бийиң бул? — деди.
Ел ме, жаў ма,
Хабарыңды бер, — деди.
Айдар төре қарады,
Киятырған ол бийлерди көреди.
— Аға, келер елден шыға жаў,
Қолынан келсе сизлерди,
Көзмәмбеттей дәўлерге,
Тирилей тутып бермектин,
Хаққында киятыр деди,
Алдыпа, аға, сен деди,
Мәрдана тур, жан аға!
— Олар жаў болса,
Мениң Шубар атымды,
Ертлеп алып кел, — деди.
— Әжеп болар, аға, — деп,
Бала жайдан турады,
Атқа жақын келеди,
Көзгенениен Шубарға,
Маклададан сайлап дорба илди,
Кишмиштен сайлап жем берди,
Бөтекеден белликлеп,
Ушыкадан терликлеп,
Тилла жәббы, алтын ер,
Зар шашақлы,
Саўашлы ерин салады,
Жуптан айыл шалады,
Батыр жаўға барғанда,
Жаўға қылыш урғанда,
Дөнмелеспе келгенде,
Ер алдына кетер деп,
Атты кулаў етер деп,
Жуп куйысқан салады,
Өрмелеспе болғанда,
Ер кейнине кетер деп,
Атты майып етер деп,
Жуп сийнемет салады,
Атты алып келеди,
Шора буны көреди,
Бадана көзли ақсаўытын,
Жаў келди деп оянып,
Қағып-силкип ер жигит,
Оң ийнинен кийеди,
Бәнт-бәнтинен иледи,
Дуўлыға, шарайна,
Беллик, дизлик, қалқанды,
Буўыстырып алады,
Шарайнасы жалтырап,
Дуўлығасы қалтырап,
Ат ақылсыз болыр деп,
Жалын тартпай минеди,
Атқулақ найза салып,
Найза аўала қылып,
Кийятырған бийлердиң,
Алдыларына мәрт Шора
Ат ойнатып келеди.
Бул бийлердиң ишинде,
Бир жағдайпазы бар еди,
Атларыны сорасаң,
Есенаман дер еди,
Есенаман тақылдақ,
Азыў тиси шақылдап,
Ғарғадайын ғақылдап,
Ағайыншылығын ортаға салып,
Келди мәртке жақынлап.

Әне, енди Шораға қарап Есенаманның айтқан сөзи:

— Қараңғыда қарағым,
Қармал қолым, шырағым,
Асқар таўым, айбатым,
Нәрик бай ағам баласы,
Шорамедиң сен дейди,
Танысайық перзентим,
Көрисейик кел деди,
Буўған белге кәмарым,
Аяғай кәдир кудайым,
Танымайсаң бизлерди,
Танысайық, жан иним,
«Саяк жүрген - таяқ жер,
Гелле үйткен қулақ жер»,
Саяқ жүрген ел едиң,
Саяқлықтың дәртинен,
Таяқ жеп бунда келдиң бе?
Танысайық, кел деди,
Көрисейик, кел деди.
Қараңғыда бақырса,
Қарындас үни белгили,
Өз туўғаның ат салар,
Өз туўғаның болмаса,
Бир атадан болғаннан,
Бир енеден туўғаннан,

Танымайсаң сен деди,
Көрисейик, кел деди.
Нәрик бай ағам аман ба,
Акдәулет жеңгем аман ба,
Танымайсаң сен деди,
Көрисейик, кел деди,
Нәрик байдың арғы атасы,
Алымбай деген бай еди.
Алымбайдан арғы атасын,
Көгис тама дер еди,
Сизлер тама, биз ноғай,
Көрисейик, кел деди,
Айдар барды калаға,
Барып хабар берипти,
Көшедеги ойнап жүрген
Нәресийде балаға,
Анаўдан мынаў еситип,
Дәўге хабар жетисип,
Айдап атыр ноғайды,
Байлап атыр ноғайды,
Лабақ деген жайында,
Қыйнап атыр ноғайды.
Өз қолыңды байлайсаң,
Сен алдыма түсесен,
Менин менен қосылып,
Бирге жатып, бирге тур,
Дәў алдына барасаң,
Дәў алдына барған соң,
Дәўдиң көзине көрсетип,
Дәў әмири питкен соң,
Сенин қолыңды босатып,
Сен де атқа минесен,
Мен де атқа минемен,
Ғайыптан келген перзентим,
Саған көмек беремен,
Буны қалай көресен?

Әне, Шора айтады:

— Ағайын бир өлиде, бир тириде. Өлиде өли жайында керек, тириде тири жайында керек. Сондай да болса, бай баласы бозбала, аллайман деп арбама, сизлер жылқы, биз кулан, қырық жылға дейин қуўала. Қулан тамға кире ме, өзи болған ер жигит, өзи өлмей душманға колын байлап бере ме, аға?-деди. -Ағалар, сизлерден бир кәлийма сөз сорайман, — деди.

— Иним, не сорайсаң? — деди.

— Ат шапқан қай жерден оздырыпты? — деди.

— Булар атты ат шапқан аўылдан оздырыпты, — деди.

Шора және сорады:

— Аўылдан озған озыпты, жүйрик қайдан озыпты? Елден озыпты, елден озған жүйрик қайдан озыпты, толы жұрттан озыпты. Шул гәп ырас па еди?

Бийлер айтты:

— Ырас, — деди.

Шора және сорады:

— Ҳақ па? — деди.

— Ҳақ, — деди бийлер.

Және Шора:

— Ат тайлығында аўылдан озса, дөненинде елден озса, ат күшине киргенде толы жұрттан озса, ол белгили жүйрик болады. Батыршылық, палўаншылық, кәткудашылық үшеўи бир тақылетте болады, — деди. — Қалада той болса, ол барып гүресе, ол жығылса, оның жора-жолдасы болса, майданда аўзын жаппас, мерекеде бирин таппас деген. Көшеде гүресесен, мерекеде гүрес, деп апарып жорасы гүреске салса, қуда дәс берип, бир адамды жықса, ол жигит палўан атын көтереди. Кәтқуда болмақтың мәниси — көшеде еки адам урысса, урысқан тентекти жарастырса, сөзи ширели, аўзы дуўалы болып, ол да кәтқуда болып, хәр жерден пайын алады. Батыршылық та соған тәкаббил болады. Сизлер сап тартың, ләңгер төгиң, менин саўашымды көриң, қылышым зейнине жақса, кейниңе ерип бара берейин. Қылышым зейнине жақпаса, «көтин қысқан бай болады» деген, ғырра кейниме қайта берейин, — деп, келген бийлерге қарап, Шора ат қойды.

Ол турғанға, бул турған,
Жаман дейди, бий баба,
Қатты қашып кутырған,
Я дәскири пана,
Я бир ширий дарға,
Яраткан қәдир Алла,
Мен жалғызды колла деп,
Аллалады Ер Шора.
Ертең менен болды урыс,
Урыста жокты хеш турыс,
Айдархадай дем шекеди,
Балдағы алтын ақ қылыш,
Билекинде жалтырар,
Испиханы соққан қылыш,
Рустемнен кейин емес,
Ер Шораның урысы.
Силтегенде онды, бести.
Туйдырмай кести алмасы,
Қырғын етти Ер Шора,
Қылыш қылышқа қақылды,

Найза найзаға соқылды,
Қылыш кесер әлеп-жәлеп,
Истер көңли мунын тәлеп,
Жети кесе гүлгин шарап,
Ишилди майдан ишинде,
Ғош жигиттин шийрин жаны,
Үзилди майдан ишинде,
«Алла», «Алла» салады,
Жер де «Алла» салады,
Көк те «Алла» салады,
Бир өзинин «Алла»сы,
Сан мың қолдай болады,
Қырғын етти Ер Шора,
Алдын қырдым дегенше,
Кейни гүўлеп толады,
Кейнин қырдым дегенше,
Алд ы нурлап толады.
Ат мойнына тумар тақты,
Ер жолдасы — қәдир хақты,
Үсти-үстине дәбил қақты,
Бул бийлердиң қызыл қаны,
Сай, сай менен шарлап ақты.
Қырғын етти Ер Шора,
Адам өлди, ат жығылды,
Сайлар өликке толды,
Қырғын болды майданда,
Най үстине най шекилди,
Дәўлети тайды ноғайдың,
Тиккен туўы жығылды,
Қолда найза табалды,
Айралық дәрти жаманды,
Келген жети жүз бийлердиң,
Алты жүзи қырылып,
Қалған енди бир жүзи,
Көзмәмбет жатқан қалаға,
«Әл, аман, «Әл, аман!» деп,
Қашып барып тығылды.

Енди ноғайлы ойланды. — Буннан барайық, Көзмәмбет дәўди оятып алып, Шораны өлтирип, ар-намысымызды алайық, — деди. Ноғайлы гүўлеп-саўлап Көзмәмбеттиң уйқылап атқан жерине келди. Азанда барып турды, дәў оянар деп тәме қылды. Сәске болды, дәў оянбады, түс болды, оянбады, пешин де болды, дәў оянбады, дәўдиң оянбасын билди, кими қанжарын алды, кими теберин алды. Ноғайлы бир қыйқыў салды «Көзмәмбет аға!» деп. Көзи қатты Көзмәмбет тостағандай толы көзин төңкере берип қарады. Киминиң қолында қанжар, киминиң қолында тебер турғанлығын көрди.

— Хәй, ноғайлы, не қылайын деп атырсыз? — деди.

— Бизлер қырылып келдик, Көзмәмбет аға, — деди.

— Қырылсаң гөр бол, мың сан ноғайдан бир саат уйқым жақсы, уйқымды неге бузасаң? Көзиме көринбе, кет, — деди.

Ноғайлы сорады:

— Аға, ким ушын қырылды деп ойлайсаң? — деди.

Оннан кейин Көзмәмбет сорады:

— Ал, есе, ким ушын қырылып келдиң?

Ноғайлы айтады:

— Сениң мыстан шәрьяр, буттан пайғамбер, латыманат Нарынур, сениң қудайыңның хаққы ушын қырылып келдик, — деди.

— Ырас па? — деди.

— Ырас, — деди.

— Онда, ноғайлы, келген әскер көп пе, аз ба? — деди.

— Аға, несин сорайсаң. Он емес, он бес емес, өзи бир адам, — деди.

Көзмәмбет ғарқылдап күлди:

— Ноғайлы, ел емессең, халық емессең, бир адам көринсе ақырептиң қыраў жеген шегирткесиндей жапырылып өле қаласыз. Аманатшы отырған бир елсең, өлимди базаршыдан сорап отырған бир халықсаң, сизлерди ел деп, елат деп болмас. Мениң кәркиданымды ерлеп тайынла. Ердиң басына қырық қулаш арқанымды да байла. Көшенди хәм қайымла. Балларыңды да ойнамаға тайынла. Мен Шораны қаўыншының көпегиндей диңкилдетип, зирилдетип қуўып әкеп берейин, — деп кәркиданға минди. Мийзанның бултындай болып, телпеги бултты жарып, ләләйини айтып, кәркиданын секиртип атланып қаладан шықты. Әне, енди Шора қарады. Бир бөлек дағның сәңгириндей болып киятырған бир әпети бәлени көрди. Ерден ердиң қәўпи бар. Көзмәмбетти көргенде тенине калтыратпа тийип, Айдар төрени шақырып алып, енди балаға қарап Шораның айтқан сөзи:

— Жаз болса мәўжирген таўда булағым,
Сенсең мениң гәўҳарымсаң, қарағым,
Көз жиберип қарап едим қалаға,
Көринеди бул көзиме бир қара,
Бул қараны таныдың ба, қарағым?
Сонда бала қарады,
Көзмәмбетти көреди,
Көзмәмбетти көргенде,
Шашын жулып, жүзин тырнап,
Аўнап-аўнап жылады:

— Ашылмаған талайым,
Оң емес екен сапарым,
Қойды бағып жүрсем де,
Дым билмеген кәпирден.
Қуткармады бизлерди,
Яратқан кәдир кудайым,
Ол атамды өлтирген,
Тахтына ийелик еткен,
Көзи катты Көзмәмбет,
Киятыр екен, жан аға,
Бир жанынан жети жаның,
Болса да коймайды,
Қәдимнен калған сөз еди,
Бурынғының накылы,
«Айлана жағың жаў болсын.
Отынның басы саў болсын»,
Қырық күн шейитликтен,
Бир күн тирилик,
Өли арысланнан, тири тышкан,
Душпаннан бир күн соңырақ,
Соңырақ деген бир сөз бар,
Бас ғамыңды ет,-дейди,
Аға, кейин қайт,-дейди,
Сениң өли күйигинди көргенше,
Тири күйигинди көрейин,
Дәўге жаманлы болмайын, аға, — деди.
Бас ғамың ет, — деди,
Аға кейин кайт, — деди.
Сонда Шора сөйледи:
— Жаман айтпай жақсы сөз,
Келмейди, деген бир сөз бар,
Олар кәпир, биз мусылман,
Тилеклес бол Айдаржан,
Екиленши бундай сөзди,
Айтагөрме сен,-деди.
Мениң Шубар атымды,
Ертлеп алып кел, — деди.
— Әжеп болар, аға, — деп,
Шубардың қасына келеди,
Саўашлы ерин салады,
Көзгененнен Шубарды,
Ертлеп алып келеди,
Шора буны көреди,
Атқа жақын барады,
Дуўлыға, шарайна,
Беллик, дизлик, калқанды,
Таңыстырып алады,
Жаў куралы - бес курал,
Бәрин куршай шалады,
Көк ала қалкан жамылып,
Көкиреги оттай қамылып,
Ат белине минеди,
Өткенлерге сыйынып,
Көзмәмбеттиң алдына,
Ат ойнатып келеди.
Ерден ердиң кәўпи бар,
Рүстем киби ай курып,
Киятырған Көзмәмбет,
Ер Шораны көргенде,
Тенине калтыратпа тийип,
Керкиданның басын шекип,
Қалша қарап турады.

Әне, енди Көзмәмбет Шораға карап бадабат сиясат етип сөйледи:

— Ашық оты лалазар,
Болдың баған дуўшакер,
Қайтпай дуўры киятырсаң,
Батырмедиң сен?-дейди.
Хабарын бер бизлерге,
Шубар атлы енеғар.
Алайын, бала, жаныңды,
Ағызайын қаныңды.
Көшедеги гүржиге,
Талатайын гөшиңди,
Қабырғаңды бүгейин,
Қармап өтиңди алайын,
Жалғаншыға бәтшағар,
Келмегендей қылайын,
Батыл диннен дөн деди,
Мыстан еди шәрьяр,
Буттан еди пайғамбер,
Ол мейлисте мен сизлерди,
Мен кәсадар етермен,
Диниңди бер сен деди.

Анда айтады Шорахан:
— Сөз сөйлеймен, кара, бек,
Меннен саған сөз керек,
Әсте сөйле, бад етме,
Тарт тилиңди бәдирек.
Араларман қыя даш,
Ағызарман көзиңнен яш,
Әсте сөйле, бад етме,
Тарт тилиңди, қызылбаш.
Бедеў минип желирмен,
Хақтың салған саўдасына,
Мен бир кайыл болырман,
Әсте сөйле, бад етме,
Ялғаншыға, енеғар,
Келмегендей қылырман.
Ошбы демнен, енеғар,
Яне ошбы дем деме,
Жасым он төртимдетур,
Бәлки өзиңсең бәрзенки,
Мен баланы кем деме.

Анда айтады Көзмәмбет:
— Палўан келди дегенге,
Батыр келди дегенге,
Аяғы менен шаң гүреп,
Төбеси менен булт тиреп,

Қәуип етип қорқып келип ем,
Телеген жүрмес журтыма,
Тергеў салған ким? — деди,
Қодалақ жүрмес журтыма.
Қозғаў салған ким? — деди,
Алты жүз бийим өлтирген,
Қандай қабылан ер? — деди.
Шубар атлы қурымсақ,
Билесең бе, сен? — деди,
Хабарынды бер, — деди,
Батыл диннен дөн,-деди.
Мыстан еди шәрьяр,
Буттан еди пайғамбер,
Ол мейлисте сизлерди,
Кәсадарлық етермен,
Латыманат қудайыма,
Диниңди бер сен, — деди.

Анда айтады Шорахан:
— Телеген жүрмес журтыңа,
Тергеў салған биз,— дейди,
Қодалақ жүрмес журтыңа,
Қозғаў салған өзимиз,
Алты жүз бийиң өлтирген,
Қандарың Шора мен, — деди,
Лалаўлама, сен қалмақ,
Қанымды алсаң, кел, — деди,
Батыл диннен дөн, — деди,
Бәрҳақ динге ен, — деди,
Ийман арзы келтирип,
Тез мусылман бол, — деди.

Анда айтады Көзмәмбет:
— Кәлийма деген, енеғар,
Қай ханының аты еди?
Ийман деген, қурымсақ,
Қай ханының журты еди?
Сер, сермисең, сермисең,
Менмен деген ермисең,
Бир ақшам қорек етейин,
Әўесек асым, боз қойым,
Жемисим Шора сенбисең?

Мәрттиң қатты қәҳәри келеди,
Унғысы алтын ақ найзаны,
Аллалап қолға алады,
Сүринер болсам бириўбар,
Таянар болсам ҳақ Жаббар,
Он бир Ахмет, жети султан,
Ҳалымнан бол хабардар,-деп,
Дәўге жақын келеди.
Қайтпай келип найза урды,
Ол да найза қолға алды,
Бул да найза қолға алды,
Найзапазлық етеди,
Қудайымның қудиретине,
Пириниң кәраматына,
Шубар аттың пәтине,
Ер Шораның күшине,
Шыдай алмай Көзмәмбет,
Бөктериўге түседи.
Аттан жерге қонады,
Еки батыр ортада,
Енди гүрес қурады,
Ол да жанбас урады,
Бул да жанбас урады,
Бир бирини жығалмай,
Жығалмай ҳайран болады.
Айғыр киби таласты,
Буўра киби ғайзасты,
Теке киби тирести,
Бир бирини жығалмай,
Жығалмай ҳайран болады.
Мәрттиң қәҳәри келеди,
Өткенлерге сыйынып,
Дым билмеген дәўлердиң,
Белинен тарақ алады,
Бир мәртебе зор қылып,
Дизесине миндирди,
Еки мәртебе зор қылып,
Белбеўликке миндирди.
Үш мәртебе зор қылып,
Қол ушына шығады,
Көзмәмбеттей дәўлерди,
Айландырып, таўландырып,
Тартып жерге урады,
Батыр туўған Ер Шора,
Көзмәмбеттей дәўлердиң,
Геўдесине минеди.

Шора сақалыны тутады, қус гезликти қолға алып, шалмаққа мойыл болады. Сол ўақтында Көзмәмбет ғарқылдап күлди. Күлгенине Шораның ашыўы келди.

— Әй, атаңа нәлет Көзмәмбет, я еси кеткен күледи, я қуўанған күледи. «Жылағанды сорма, күлгенди сор» деген нақыл бар. Сен өлейин деп атырсаң, мен шалайын деп атырман, өлим саўдасында Көзмәмбет, сен неге күлесең?

Көзмәмбет айтады:

— Сениң балалығыңа күлемен, шалалығыңа күлемен, садалығыңа күлемен, — деди.

Шора сорады:

— Мениң балалығым, шалалығым, садалығым қайда? — деди.

Сонда Көзмәмбет айтты:

— Балалық емей немене, шалалық емей немене, садалық емей немене, сеннен бурынғы батырлар

келеди, келдим деп хабар береди. Оннан соңғы күнинде атмай берип, найза урып, дашнамласып қайтады. Оннан соңғы күнинде қайсысы өлсе, өлгени өлмегенге динин береди. Сен келдим демедиң, келип хабар бермедиң. Асылдың, жықтың, тана буға сыйырдың басынан да артылар, артынан да артылар, деген айып сөзди сүнли өзиңе келтирдиң, — деди.

Шора айтты:

— Бизики онда айып болды ма? — деди.

Көзмәмбет айтты:

— Айып деген жақсы-ғо, сен масқара болып қалдың-ғо.

Шора айтты:

— Ал, есе, кеўниңде не мүддәха бар? — деди.

Көзмәмбет айтты:

— Кеўнимдеги мүддәхам — нәмәрт болсам шаласаң, мәрт болсам турасаң, маған бүгинше мәўлет бересең, таңның атыўына келемен, ноғайды саған беремен, кәпирди өзим аламан,-деди. -Егер сен мени өлтирсең, сениң ноғайың мақтансын, мен сени өлтирсем, бизиң кәпир мақтансын. Беле ў минип желмес шаппаттай бала Көзмәмбетти өлтирди, деп айта ғойса кәпир түўе мусырман да көрмегенше инанбас, — деди.

Батыр аңқаў, ер гөдек, алдаған сөзге инанды.

— Қашан келесең? — деди.

— Таңның атыўына келемен, — деди.

— Келесең бе?

— Келемен,-деп үш мәртебе айттырды. Әне, «Батыр аңқаў, ер гөдек» алдаў сөзге инанды. Көзмәмбетти босатты, қамқайысты уўалап қала берди Шора.

Дәў жайынан турады,
Ол гүбелек қаңғыўы,
Хәкке енди ырғыўы,
Қуйысқанға берекет,
Үзеңгиге хүммет,
Бул жерде турғанның,
Атасына жүз нәлет деп,
Керкиданға өкше берип,
Жөней берди Көзмәмбет,
Керкиданын секиретип,
Ләлейини айтып,
Мийзанның бултындай болып,
Телпеги бултты жарып,
Қалаға жақын келеди.
-Мен қалаға барсам,
Ноғайлы шықса алдымнан,
Қәнекей Шора? дегенде,
Жығылып келдим деп,
Ырасымды мен айтсам,
Ол да маған жаў болар,
Бул да маған жаў болар,
Қатыны өлген бахтықара,
Тул да маған жаў болар,
Баярынан азат шықпай,
Қул да маған жаў болар,
Ноғайлыны алдайын,-деген,
Қыял пайда болады.
Көзмәмбет келди қалаға,
Ноғайлы шықты алдынан,
Сонда дәўлер алдады,
Қызыл тилин жаллады:

—Атаңа нәлет ноғайлы,
Енеңе нәлет ноғайлы,
Шора деген нәмәрсең,
Жерлер сатқан жалаппаз,
Қарақалшы қумарпаз,
Ата менен қаты безер алған,
Қашып елинен шыққан,
Ол жалатай неме екен,
Табалмадым Шораңды,
Қыдырмаған көлим жоқ,
Қыдырмаған шөлим жоқ,
Қабағым жаман қатып тур,
Алпы уйқым тутып тур,
Жети күн анық уйқылайын,
Сегизленши күнинде,
Керкиданға минемен,
Аспанға ушса сүллиниң,
Аяғынан тартаман,
Жерге кирсе сүллиниң,
Қулағынан тартаман,
Ялғаншыда қоймайман,
Сөйтип арыңды аламан.
Ноғайлы буған нанады,
Нанады да қалады.
Көзи қатты Көзмәмбет,
Ол қалмаққа келеди.

— Мен Шорадан жығылып келдим, Шубар атлы бир баланы көрсең дәрўазаны тарт, ишине гилтин сал, таслар менен көм, — деди. — Мени бир жайдан шығармай, он төрт күн сақлаң, — деп қалмаққа ырасын айтты. Көзмәмбеттиң Шорадан қорққанлығы соншелли жети өжиреге тәмби басты, сегизленши қат жайда қамаўда қалды.

Әне, енди дәў бола берсин, сөзди Шорадан еситиң.

Атының белине минди, белине садағын урды, баяғы таўларды, қумды аралап, Айдар төре менен болған ылашыққа келди. Көз жиберип қараса, адам түўе нәрсе жоқ, отқа жағар жыңғыл жоқ, байыўлыдан басқа ғыйқуўлап турған жандар жоқ. Енди Шора Айдар төрени табалмады. Айдар төре бийшара бунин өли куйигин көргенше, тири күйигин көрейин, дәўге жаманлы болмайын, деп қойын қуўалап бир қыяны асып кеткен екен.

Шора жайдан турады,
Аттың басын бурады,
Тоғайды, қумды аралап,
Бир жерлерге келеди,
Қойдың сүрдеўин көреди,
Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан.
Муннан да өтип келеди,
Өрме қумды өрмелеп,
Еспе қумды еспелеп,
Бир жерлерге келеди.
Ол алдына қарады,
Ал, алдына қараса,
Тал таяғы қолында,
Қой кейнинде ботадай,
Бозлап жүрген,
Ол баланы көреди.
Бала сонда қарады,
Мәрт Шораны көреди,
Шораны көрген ўақтында,
Баққан қойын ташлап,
Ғәрип кеўлин хошлап,
Мәртке жақын келеди,
Сонда бала сөйледи:

— Айнанайын хан аға,
Жаным сеннен садаға,
Дым билмеген дәўлерден,
Нетип, аға, қутылдың,
Мен сорлыға хабарыңды бер, аға.

Сонда Шора сөйледи:
— Ашылған бағда гүлим,
Сайрар шәмен бүлбилим,
Көзмәмбеттей дәўлерди,
Жығып едим мен,-дейди,
Ертең келемен деп,
Мәўлет алды бизлерден,
Жылай берме, Айдар атлы қулыным.

Бала буны еситип,
Ақша жүзи солады,
Ғамға көңли толады,
Шашын жулып,
Бала мәртке жылады:

— Ашылмаған талайым,
Оң емес екен сапарым,
Дым билмеген дәўлерди,
Неге тири жибердиң,
Айнанайын султаным?
Дәў саған әзզи келипти,
Сен дәўге зор келипсен,
Сен әзиз келгенде,
Жаныңды жәҳәннемниң,
Базарында көрер едиң, ағажан.
Дәўлер сени алдап,
Қызыл тилин жалдапты,
Аға, саған қамқайысты,
Уўалатып кетипти.
Жети күннен хабар ал,
Жети күннен болмаса,
Жети айдан хабар ал,
Жети айдан болмаса,
Жети жылдан хабар ал,
Көргениң шайтан болмаса,
Пирлер алдап жүрмесе,
Енди он төрт күннен,
Я саған, я маған,
Я Шубарға қәтер, аға, — деди.

— Жақ, иним, келеди, — деди Шора.
Бала:
— Келмейди, аға, — деди.

Әне, Шора қосына қайтты. Бала қой бағып қала берди. Ақшам жатты, таң атты, таң шолпаны бирге атты, дәў келер деп жатты. Дәўден хабар болмаған соң еки күн арадан өтти. Дәўден хабар болмады, дәўлер ўәде бергели арадан сегиз күн өтти. Дәўден хабар болмады. Баланың айтқаны келди. Дәўдиң келмесин билди.

Тоғызланшы күнинде,
Мәрт жайынан турады,
Атқа жақын келеди,
Жезден ҳасыл тырнағы,
Пиште киби бармағы,
Алтын егер, тилла жаббы,
Саўашлы ерин салады.
Аллалап атқа минеди,
Бадана көзли ақсаўытын,
Жаў келди деп оятып,
Қағып, силкип ер жигит,
Оң ийнинен кийеди,
Көгала қалқан жамылып,
Атқулаққа найза салып,

Өткенлерге сыйынып,
Қалаға жөней береди,
Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Бунnan да өтип мәрт Шора,
Қалаға жақын келеди,
Қарап турған шындаўыл,
Мәрт Шораны көреди,
Дәрўазаны тартады,
Ишинен гилтин салады,
Ташлар менен көмеди,
Қамаўда қалмақ қалады,
Ат кекилин тарады,
Мәртлер күнге жарады,
Көзмәмбет жатқан қаланың,
Дәрўазасына келеди.
Дәрўазаны тартыпты,
Ишинен гилтин салыпты,
Ташлар менен көмипти,
Шора муны көреди,
Ат куйрығын өрмеди,
Мәртке абырай бермеди.
Кирейин десе қаланың,
Хеш жерде аўзын көрмеди.
Мәрт болып дабыл қақпады,
Мәртке сапар жақпады,
Кирейин десе қаланың,
Я жазлаўдан хеш жерден
Аўызыны таппады.
Шамырқанып шадланды,
Буўырқанып, буўсанды,
Балдағынан бал тамған,
Ол жүзинен қан тамған,
Балдағы алтын қылышты,
Суўырып алды қынаптан,
Аллалап барды Ер Шора,
Қойды баққан қойшыға,
Малды баққан падашы,
Түйе баққан сәрўенши,
Жылқы баққан бозайшыға,
Аллалап келди Ер Шора.
Оң келгенин оң тутты,
Шеп келген сулайтты,
Қашалмаған жаманды,
Бир шапқанда кулатты,
Қырғын етти Ер Шора,
Адам өлди, ат жығылды,
Сайлар өликке толды,
Бул қаланың сыртында,
Бес күн саўаш етеди,
Ана сегиз күн,
Бул бес күн,
Дәўлер ўәде бергели,
Арадан өтти он үш күн,
Қырмағына Ер Шора,
Майданда адам көрмеди.

Әне, енди сөзди ноғайлыдан еситиң. Ноғайлы жайынан турды. -Бул заңғар кеше Шораны табалмай келдим деп еди. Бул табалмаған емес екен, қорққан екен, қорқса журтын берсин, ер болса, алдына шықсын. Бизлер сасық қамалда жата бермейик,-деп, енди ноғайлы гүўлеп-саўлап Көзмәмбеттиң бәргасына келди. Бир өжирени ашты, дәў жоқ. Еки өжирени ашты, дәў жоқ. Жетиленши өжиреден өтип, сегизленши қат жайға келди, келип қараса, жатып уйқысы келмей, отырып тақаты болмай, ушып-қонып отырған көзи катты Көзмәмбетти көрди.

— Аға, бурын жети күн жататуғын един-ю. Кешеги қыдырып келгеннен бермаған он төрт күн уйықлайтуғын бөлеге ушырадың-ю. Аға, сен Шораны табалмай келдим, деп един. Сен табалмаған емес, қорққан екенсең. Қорықсаң журтыңды бер, ер болсаң алдына шық, бизлерди он үш күннен бери шығармай қамап атыр, бизлердиң сасық қамалда жататуғын жағдайымыз жоқ, аға, — деди.

— Ноғайлы, ырасымды айтайын ба? — деди.

— Айт ырасыңды, — деди.

— Ырасымды айтсам, батырдың қыйқыўынан қулағым жаңылдап атыр, Шубардың дүбиринен жер солқылдап, мен қатты қорқып атырман, — деди.

—Қорқсаң, журтыңды бер, ер болсаң, алдына шық, — деди.

— Ноғайлы! — деди Көзмәмбет, — көп дузымды иштиң, аз хызметимди еттиң, — деди. — Саған берген дузыма ыразы болайын. Маған бүгиншге мәўлет бер, — деди.

Әне, күшигинде таланған ийттиң үлкейгенде үрсе де хаўазы шықпайды деген бурыңғының нақылы бар. Әзелден көзиниң оты алынған ноғайлы бир күн мәўлет берди. Әне, бул заңғар он төрт күнге дейин өзин ашқа қыстап атыр еди, өзин ашқа қыстаған сайын көзи шарлаған алмас янлы болыр еди. Дүрбийн менен қарағанда жети күншилик жолдағы қыймылдаған жанларды атадан болмағандай, енеден туўмағандай етер еди, турған жеринен түйелей шөгирер еди. Сол себепли «көзи катты Көзмәмбет» деп ат берер еди. Әне, шул күн жатты, таң атты, таң шолпаны бирге атты. Мәрт Шора жайынан турды, таза дәретин алды, еки рәкат намазын оқып, кудайтаалаға салаўат айтты, өткенлерди яд етип, Шубардың белине минип, Шубардың гә жорғасына, гә жүрисине жиберип, Шора да қаланы жағалап келе берди. Әне, Көзмәмбет енди жайынан турды. Қабағын қамыс пенен тартып байлап, шапанды ыйығына бүркенип, қаланың иреўине шығып көз жиберип қараса, Шубар аты астында, қоңыраўлы найза дәстинде, қундыз сопас басында, әйне он төрт жасында, Шубарды гә жорғасына, гә жүрисине жиберип киятырған

Шораны көрди. Көзмәмбет Шораға қарап, көзин қадап бир-еки ауыз гәпледи:

— Ноғайлы мында кел, деди.
Гәпиме қулақ сал деди,
Пай, зәңгардың баласы,
Бәшшағардың шағасы,
Аты өзине миясар,
Өзи атына миясар,
Болсаң гөрге атадан,
Туўсаң гөрге енеден,
Әне сымбат, әне күш,
Әне шырай, әне жүз,
Шамшырақтай жаўдырап,
Көринеди қара көз,
Қандай хаял туўды екен,
Қандай ерден болды екен,
Айыбы енди суллиниң,
Әзиз диннен шығыпты,
Латманаттан шыққанда,
Жекке кәлем болыр еди қурғымсақ, — деп,
Алғыр көз бенен қарады,
Қудыў, қудыў жуўырған,
Қудыян сынлы епкини,
Қудыянды қутқармас,
Буўдайықтай шамалы деп,
Алғыр көз бенен қарады,
Мусылманның алғысы,
Көзмәмбеттиң ғарғысын,
Ентелетип, тентелетип,
Жантастырмады Шораға.
Қадады, көзи өтпеди,
Ғарғысы мәртке жетпеди.

Көзмәмбет айтты:

— Ноғайлы, мусылманның дуўасында бир дуўа бар екен. Сол дуўаны оқыса, хәситтен аман болады, деген сөз бар екен. Бул зәңгар сол дуўаны оқып баратыр екен. Егер, астындағы атын атып өлтирсем-әм, өзин өлтиргеним емес пе, — деди.

Ноғайлы айтты:

— Аға, сол атты атып өлтирсен-әм, өзин өлтиргениң, — деди. — Шубар ат дүньяда жекке кәлем бир ат еди. Ат болғанына, қымбатбаҳа зат болғанына, — деди. — Азыўлығы еки ели, дорбалығы төрт ели, қурымына қарасаң, қашқан таўшан мүшели, Шубардың жорғасы, жүриси өзине минәсип, әбирс-әбирс, шын-шын, тал-тал, Шубардың қуйрығы, жалы он төртке шыққан қызлардың мойдар шашындай деди. Шубардың кәкили он төртке шыққан қызлардың мойдар зулпындай, — деп еди, ат секирип барып жығты.

Енди Шора ойланды:

— Тулпардың қырық күн сәгбири болса, бир күн алпы уйқысы болады деп еди. Бунын қырық күнин, сексен күнин де билмедим-аў мен. Хәттерщиниң ешегиндей зиңкилдетип миндим жүрдим, атымның уйқысы келген екен-аў, — деп, бул хәм әнейи жигит екен, пешин Шубардың аржағына өткерип алды. Шубарды қолтықлап таўларды, дағларды, қумларды аралап үш күн жол жүрди, сөйтип, бир булақтың бойына келди. Әне, енди атты жерге қойып қарады. Атты жерге қойып қараса, астына минген хайўаны аллаға жетисип дады, тилин айкыра тислеп харам өлип қалыпты. Мәрттиң минген Шубары аттың өлгенин көрди. Шийрин жаннан әл үзди, аўыр кийимин шешти. Енди ат мойнынан қушақлап қайта-қайта сүйди, өлип қалған Шубарға мийрими қанбай барады. Әне енди Шубарға қарап, Шораның сөйлегени:

— Мойнына тақтым қос тумар,
Сеннен басқа кимим бар?
Мени жаўға қалдырдың,
Көзгененнен БайШубар.
Әйледим хаққа минажат,
Ете алмадым мен мурат,
Мени жаўда қалдырдың,
Көзгененнен Шубар ат,-деп,
Пешин белге шалады,
Найзаны қолға алады.
Таўды, қумды аралап,
Жолға рәўан болады.
Едил қайда, ел қайда,
Елге жетер күн қайда,
Жайық қайда, жай қайда,
Жайылып атар мал қайда.
Жаланаяқ гәрипке,
Тикенексиз жол қайда,
Аты өлген гәрипке,
Және Шубар ат қайда,
Ат басына күн туўса,
Аўызлық пенен суў ишер,
Ер басына күн туўса,
Етиги менен суў кешер.
Ат басына күн туўып,
Аўызлық пенен суў ишти,
Ер басына күн туўып,
Етиги менен суў кешти,
Жар жағалай жар кешти,
Басына күнлер туўған сон,
Айдаржанға қарамай,
Қайда қалың сыбаққа,
Батыр пияда қашты,
Сарғаяды, солады,
Бағры оттай күйеди.
Бул пәлектиң гәрдиши,

Кап таўында барды неше мың дәўи,
Қолында тилладан барды кесеўи,
Мен жалғызға кол жеткизер күн бүгин.
Түрктиң пири, я, Хожамет Яссаўий.

Қаптаўын тутқанда мийрими думан,
Қумбыздың пирисең я Мири Гүлал,
Мен жалғызға кол жеткизер күн бүгин.
Ноғайдың бабасы Хожайы Жәҳан.
Атын Кызыр, Нуратдиниң баласы,
Уранынңнан айнанайын
Ҳәзирети Қызыр бабажан,
Қыямет болды күним,
Ҳеш яра дөнди күндизим,
Я, яраткан қәдир Алла,
Өз пазылына сыйынып тур,
Мендей жалғыз қулының,-деп,
Аспаны пәлек самаға бақып,
Өткенлерге сыйынып,
Арзы аллаға жетти.

Мәрттиң көкирегине бир йош пайда болды. өлтирсем, өлсем шейитпен, дастығымды алып өлейин деген мәрттиң көкирегине бир йош пайда болды. Енди қалмаққа карап: -Жүриңлер дикке-дикке, жаныңыз шықсын пәлекке, сизлер көплик, биз жекке, сизлер атлы, биз жаяў, урысалы келин, саўашалы келин,-деп, әне, мәрт қалмаққа жүрис етти.

Я дәскири пана деп,
Я бир шери дарға деп,
Яраткан қәдир Алла,
Мен жалғызды қолла деп,
Сүринер болсам бириўбар,
Таянар болсам Хақ Жаббар,
Он бир Ахмет, жети султан,
Халымнан болғай хабардар.
Алла, Алла салады,
Жер де Алла салады,
Көк те Алла салады,
Бир өзиниң алласы,
Сан мың қолдай болады,
Алла болды ураны,
Ақ найза болды қураны,
Қылыш дәркар жеринде,
Қылышқа хызмет буйырды,
Найза дәркар жеринде,
Найзаға хызмет буйырды.
Қылыш кесер әлеп-жәлеп,
Истер көңли мунын тәлеп,
Жети кесе гүлгин шарап,
Ишилди майдан ишинде,
Қалмақлардың қызыл қаны,
Төгилди майдан ишинде.
Ай жағына шығады,
Айқайлап сүрен салады,
Күн жағына шығады,
Қыйқыўлап сүрен салады.
Бир өзиниң алласы,
Сан мың қолдай болады.
Қырғын етти Ер Шора,
Қылыш кесер шәпиресте,
Өлик болды дәсте-дәсте,
Жасаў тартты бәлент-пәсте,
Қырғын етти мәрт Шора,
Ақ шадыр, аппақ шадыр,
Ләк-ләк, топ-топ
Гүўлеп қалмақ киятыр,
Жайға таққан гиришти,
Алла оңарғай бул исти,
Ыбырсыған әскер менен,
Ер Шора етти урысты.
Дәли көңили тасады,
Ер жигит қайнап йошады,
Қалмақлардың келлелерин,
Салғам яңлы майданда,
Домалатып кеседи,
Шөллегенде қызыл қанды,
Суў орнына ишеди.
Қырғын етти Ер Шора,
Алдын қырдым дегенше,
Кейни гүўлеп толады.
Кейнин қырдым дегенше,
Алды нурлап толады,
Бир өлсе қалмақтың,
Мыңы таяр болады.
Қайтпа, қайтпа сүлли деп,
Топарласып келеди,
Қырғын етти мәрт Шора.
Ат мойнына тумар тақты,
Мәрт жолдасы қәдир ҳақты,
Үсти-үстине дабыл қақты,
Қалмақлардың қанлары,
Сай-сай менен шарлап ақты.
Қырғын етти мәрт Шора.
Күнниң көзин думан алды,
Жердиң жүзин ғубар алды,
Адам өлди, ат жығылды,
Топаланнан жаман болды,
Сайлар өликке толды,
Қырғын етти мәрт Шора.
Ақ найзаның қуны деп,
Етеклеп үйип барады,
Үстиндеги саўыттың,
Көзи сайын бир келле,
Шубар аттың қуны деп,
Қырманлап үйип келеди,
Келлеминар етеди,
Жети мерген қалады,
Жерден ақым қазады,
Үстине Шора келеди,
Жети мерген оқ атты,

Телмирип мәртлерге жетти.
Жети жерден оқ өтти,
Бедени қанға боялып,
Ялғаншы меннен қалдың,
Ессиз өмирим, өттиң деп,
Ер жигит ортада жатты.

Әне енди қалмаққа шадыманлық жетти.

— Қырық мың палўан келин, Шораның келлесин алып келсеңиз, сизлерди сыпа салар етермен, — деди, бул хәм бир әмели еди беретуғын.

Палўанлар қыйғырады:

— Сыпа салар етпектен, гүңгиралы хәўлиңе миндирсең де баратуғын киси жоқ, — деди.

— Себеп не? — деди Көзмәмбет.

— Мусырман хийлеси, Бухар жөгиси, бул хәм бир урысының тәлими, көрдиң бе, жолбарыстай шабынып атыр, бәшшеңди урып, талайыңды апаңа көристиргендей халы бар еле, — деди.

— Онда, қырық мың мерген, келин, Шораның гелпесин алып келсеңиз, сизлерге пул берип хәр жұртқа саўдагер етемен, — деди.

Мергенлер бақырды:

— Аға, пулың менен өзиң бай бола бер, — деди. — Бизлер баралмаймыз, — деди.

Мың кәлпезе бир өли жыланды алалмас, мың шағал бир шердиң баласын алалмас, мың қорқақ бир ер жигиттиң саўлатынан қорқып, үстине баралмас деген. Кәпир көплигине буўсаныш үстине баралмады. Ал есе, қол усласып барайық, деп Шораның үстине жүрис етти. Әне, ийттиң ийеси болса, бөриниң құдайы бар деген, Шораның пири ғайыптан хәзир болды. Енди пири Шораға қарап:

— Ашылғай ма он гүлиңнен бир гүлиң,
Саған келген душманға келгей шум өлим,
Қәўендериң, атаң келди қасыңа,
Тур жайыңнан, тәбиренгил қулыным.

Буўған беллерине тилла кәмарың,
Тилегиңди душ қылғай ма құдайым,
Қәўендериң атаң келди қасыңа,
Тур жайыңнан, тәбиренгил, биймарым.

Жаз болса мәўжирген таўда булағым,
Сенсең мениң гәўҳарымсаң, қарағым,
Қәўендериң атаң келди қасыңа,
Тур жайыңнан, тәбиренгил, шырағым.

Қайғы менен баска салған ғулпетим,
Бул мийнеттен азат еткей құдиретим,
Қәўендериң атаң келди қасыңа,
Тур жайыңнан, тәбиренгил, перзентим.

Ырғып жайдан турарға,
Пирге сәлем берерге,
Зиярат етип қаларға,
Жетпей атыр аўхалы,
Қыймылдап атқан халы бар,
Тек шықлаған жаны бар,
Ағызып көзден жасыны,
Алла оңғарғай исини,
Тар қолтықтан оқ тийгенде,
Ким сүйейди басыны.
Пири буны көреди,
Қәлендер қәддин қояды,
Қарақус болып турады,
Перзентине бабасы,
Бүркиттей пәнже салады,
Шаппай, желмей майрылды,
Жез қанаттан қайрылды,
Жаў-жарақтан, Шубар аттан,
Бәршесинен айрылып,
Жети жерден оқ өтип,
Бедени қанға боялып,
Қарақустың пәнжесинде,
Шейтилла тартып ол кетти,
Көзи қатты Көзмәмбет,
Анда кетти ноғайлы,
Мында кетти ноғайлы деп,
Еңсеси қатқанша қарап жатты.

Әне, енди қырық күншилик жолларда Ақбулақ деген бар еди. Ол бұлақтың кәсийети — аллаһдин дуўры келген әжелге шарасы жоқ, жүрими бар бендеге, жети жерден оқ өтпектен, қырық жеринен оқ өтсе де бұлақтан суў ишсе, жарасы жулдыз көрим қурлым қәддине келер еди. Бул бұлақ жүрими бар бендеге суў болып ағатуғын еди, жүрими жоқ адамға ылай болып туратуғын еди. Бир кәсийетли бұлақ еди. «Еки дүнья бир қәдемдур әўлийениң алдында» деген нақыл бар. Қырық күншилик жолларды жети саатта алды, әйне сәхәр ўақтында баласы Шораны бұлақтың бойына билдирмей қойып кетти. Шора бұлақта қала берсин.

Ендиги сөзди Көзмәмбеттен еситиң. Дәрини төкти, өликти үстине үйди, дәриге от берди, өликти өртеди, отқа баўырын берди.

— Латыманат Нары Нур, Шораны қайда жоқ еттиң, мени аташ дозағына қаплама, Шораны қайда жоқ еттиң? Мениң құдайым болсаң, тез хабарыңды бер, — деди.

Оттың ишинен әзәзул шайтаннан хабар келди:

— Мениң үмметим, Көзмәмбеттей перзентим, Шорадан ғам жеме, Шораны өз қудиретим менен жоқ етим, — деп әзәзил шайтаннан хабар келди. Көзмәмбетке шадыманлық келди. Бизиң қудай — жақсы қудай, пухара пәрўейи көкирегинде, менменлиги жоқ, тарыққаныңды билеғойса, сендей, мендей болып сөйлесе қояды, пухараға жайлы қудай, — деп сырнай шертип, гернай шегип, топ атып, шадыманлық етип қаласына қайтты.

Әне, енди сөзди Шорадан еситиң. әне, әжеллиге тийер оқ, хақ сақласа бәле жоқ, пирден болды шарапат, әўлийеден кәрамат, хүўшына келип, дөгерегине қарады. Қараса, жылтылдап ағып турған бир суўдың сағымын көрди. Аўнап-қуўнап суўдың ләбине келди. Суўға аўзын қойды, бир мәртебе суў жутты, жарақат сәт тапты.

Бедеў минип желеди,
Хақтың салған саўдасына,
Мәртлер қайыл болады,
Жарасы тәўир болған соң,
Шүкир етип аллаға,
Мәрт жайынан турады,
Дөгерегине қарады,
Дөгерегине қараса,
Адам түўе нәрсе жоқ,
Отқа жағар жыңғыл жоқ,
Байыўлыдан басқа,
Қыйқыўлап турған жандар жоқ.
Көзмәмбет пенен саўашып,
Жети жерден оқ өтип,
Жығылып қалғанында,
Көп өликтиң ортасында,
Қалып еди мәрт Шора.
Адам түўе нәрсе жоқ,
Буны Шора көреди,
Жүримим болса,
Ат та, тон да табылар,
Өз журтымда талап етейин,
Деген қыял пайда болады.
Ақша жүзи солады,
Ғамға көңли толады,
Я арқадан, я қубладан,
Я күншығыс, я күнбатыстан,
Келгенлигин билмеди,
Хайран болып турады,
Арқа менен күншығысты,
Жүзине тутып,
Жолға рәўан болады.
Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Бөктерғили адырдан,
Қызыл қыя қумларды аралап,
Жолға рәўан болады.
Бир күн жүзи толады,
Еки күн жүзи толады,
Жети күн жүзи толады,
Күни-түнин бир етип,
Уйқыға көзин үйретип,
Жолға рәўан болады.
Пияда базар бармаған,
Қаттышылық зәхметини,
Енеден туўып көрмеген,
Аяқларын тас қақты,
Маңлайларын күн алды,
Жүрмеге халы келмеди,
Аўнап-аўнап жүреди,
Еки сегиз, он алты,
Және сегиз, және алты,
Отыз күн тамам жол жүрди,
Жалғаншы меннен қалдың,
Ессиз өмирим өттиң деп,
Бир төбеге минеди,
Дөгерегине қарады,
Дөгерегине қараса,
Ғарға ушса қанаты,
Күйетуғын шөллерде,
Қулан жүрсе дойнақы,
Күйетуғын таўларда,
Қызыл қыя қумларда,
Қызыллы, жасыллы жети бирдей,
Гүмбези гүзираны көреди.
Енди Шора ойланды,
Кәпирдиң қойымшылығы болғанда,
Әлем байлап, жалаўлап,
Көмер еди өлисин,
Өликлерди хүрметлеп,
Жақсыларды иззетлеп,
Үстине гүмбез салыпты.

— Мусырманның қойымшылығына уқсайды. Буннан барсам, әўлийеде жан тәслим етсем, атасы өлген бийшара, ботасы өлген муптала, әўлийеге келип ясийинниң жетти нумийин оқып, мөмини мусылманның хаққына тийе берсин айтса, шул дуўаның берекети маған да тийе кеткей. Лашым шөлде қалғаннан, ғарғаға жем болғаннан, гүмбезде қалса абзал болмас па екен, — деп қыял етти мәрт Шора.

— Қыямет болды күним,
Ашыра дөнди күндизим,
Жаратқан қәдир Алла,
Шул гүмбези гүзираға,
Тәўекел етти жалғызың, — деп,
Аўнап, аўнап жүреди.

Аўнап-қуўнап, мәрт Шора ол гүмбезге келеди. Бир гүмбезден өтеди, ортаншы гүмбезге келсе, сипсе урыўлы, суў себиўли, арестиў пәрестe жаңа шығып кеткендей, азада бир қоңыр салқын жайды көрди.

Ҳарып-шаршап келген ер жигит жамбаслап жатты. Ғәплет уйқы тартты. Көкиреги ояў, көзи уйқыда еди, басында гүла, ийнинде жәнде, сырлы хаса қолында, бир қәлендер «хүў» деп шийдилла тартып ғайыптан ҳәзир болды. Енди қәлендер Шораға қарап, «аш жоқта тиленши қыстайды» деген, өзи өлейин деп атырған Шорадан нан сорап, қәлендер сөйлей берди:

— Қәлендер келди, «хүў» деди,
Бийғапыл қалма, перзентим.
Бир пул бергил қайыр қуда,
Жан балам, жайдан тур,-дейди.
Араладым қыя даш,
Ағызыпсаң көзиннен яш,
Келди қәлендер қапына,
Бийғапыл қалма, перзентим,
Турып жайыннан хабарлаш.
Ашылған бағда лаланды,
Бузбасын душпан қаланды,
Бир пул бергил қайыр қуда,
Таныдың ба, перзентим,
Пул тилей келген бабаңды?
Кәшмири белде потаңды,
Кеширгей Аллам қатаңды,
Бир пул бергил қайыр қуда,
Таныдың ба перзентим,
Пул тилей келген атаңды?
Я таланда дүнья мал,
Тассадық болғай шийрин жан,
Бир пул бергил қайыр қуда,
Гүмбезде жатқан жан балам.
Алладан келген пәрман,
Өлер бенде бийгүман.
Бир пул бергил қайыр қуда,
Гүмбезде жатқан тамажан.
Он төрттен туўған айыңды,
Көрип қуўандым бойыңды,
Бир пул бергил қайыр қуда,
Таныдың ба перзентим,
Пул тилей келген сайылды?
Қадимнен қалған сөз еди,
Бурынғының нақылы:
«Жаўын менен жер көгерер,
Дуўа менен ер көгерер»,
«Алтын алма, дуўа ал,
Дуўа алтын емес пе»,
Дуўа алсаң кел дейди,
Мөминниң дуўасы мөминге қабыл,
Бийғапыл қалма перзентим,
Жан балам, жайдан тур дейди.
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Гәҳи бергил бир пулды,
Гәҳи берме бир пулды,
Сен мүсәпир, бизлер сайыл,
Гәпти ада етели,
Перзентим, өзиң билесең.

Ырғып жайдан турарға,
Зиярат етип қаларға,
Пирге сәлем берерге,
Жетпей атыр аўҳалы,
Қыймылдап атқан ҳалы бар,
Тек шықлаған жаны бар,
Ағызып көзден жасыны,
Алла оңғарғай исини,
Ол дийўалға мәрт Шора,
Урды таўлап басыны.

Сонда Шора сөйледи:

— Баба мында кел деди,
Гәпиме қулақ сал деди,
Әжемдәрья бойында,
Соралының ойында,
Ол Султаны Санжар,
Ўәлий ханның дәўиринде,
Ала тана жайында,
Ағар суўдың бойында,
Алтыннан сақа қуйдырып,
Гүмистен гентай соқтырып,
Қырық балаға бас болып,
Асық ойнап жүргенде,
«Бай баласы — мырза улы»,
Мен атанып жүргенде,
Барсаң мениң елиме,
Пул тилесең қой берип,
Қой тилесең мал берип,
Мал тилесең ат берип,
Ат тилесең нар берип,
Нар тилесең зер берип,
Жиберер едим өзиңди.
Кисемде пул жоғында,
Сарғайтпа ақша мегзимди,
Санап берер пулым жоқ,
Айдап берер малым жоқ,
Көринип турған ҳәзирги,
Геллемнен басқа олжам жоқ,
Сеннен аяр жаным жоқ,
Бийтлер тояр қаным жоқ.
Дүньясы қурысын, нетейин,
Беў, садаған кетейин,
Дәркар болса геллемди,
Кесип ал да кете бер,
Қыяметте шарапаты,
Тийе кеткей,
Аяп баба нетейин,
Я таланда дүнья мал,
Тассадық болғай шийрин жан,
Дәркар болса геллемди,
Кесип ал да кете бер,
Қыяметте шарапаты,
Тийе кеткей өзиме,
Қыйнай берме, баба, сен,-деди.

Ҳарып-шаршап келген ер жигит жамбаслап жатты. Ғәплет уйқы тартты. Көкиреги ояў, көзи уйқыда еди, басында гүла, ийнинде жәнде, сырлы хаса қолында, бир қәлендер «хүў» деп шийдилла тартып ғайыптан хәзир болды. Енди қәлендер Шораға қарап, «аш жоқта тиленши қыстайды» деген, өзи өлейин деп атырған Шорадан нан сорап, қәлендер сөйлей берди:

— Қәлендер келди, «хүў» деди,
Бийғапыл қалма, перзентим.
Бир пул бергил қайыр қуда,
Жан балам, жайдан тур,-дейди.
Араладым қыя даш,
Ағызыпсаң көзиңнен яш,
Келди қәлендер қапына,
Бийғапыл қалма, перзентим,
Турып жайыңнан хабарлаш.
Ашылған бағда лаланды,
Бузбасын душпан қаланды,
Бир пул бергил қайыр қуда,
Таныдың ба, перзентим,
Пул тилей келген бабанды?
Көшмири белде потанды,
Кеширгей Аллам қатанды,
Бир пул бергил қайыр қуда,
Таныдың ба перзентим,
Пул тилей келген атаңды?
Я таланда дүнья мал,
Тассадық болғай шийрин жан,
Бир пул бергил қайыр қуда,
Гүмбезде жатқан жан балам.
Алладан келген пәрман,
Өлер бенде бийгүман.
Бир пул бергил қайыр қуда,
Гүмбезде жатқан тамажан.
Он төрттен туўған айынды,
Көрип қуўандым бойынды,
Бир пул бергил қайыр қуда,
Таныдың ба перзентим,
Пул тилей келген сайылды?
Қәдимнен қалған сөз еди,
Бурынғының нақылы:
«Жаўын менен жер көгерер,
Дуўа менен ер көгерер»,
«Алтын алма, дуўа ал,
Дуўа алтын емес пе»,
Дуўа алсаң кел дейди,
Мөминниң дуўасы мөминге қабыл,
Бийғапыл қалма перзентим,
Жан балам, жайдан тур дейди.
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Гәҳи бергил бир пулды,
Гәҳи берме бир пулды,
Сен мүсәпир, бизлер сайыл,
Гәпти ала етели,
Перзентим, өзиң билесең.

Ырғып жайдан турарға,
Зиярат етип қаларға,
Пирге сәлем берерге,
Жетпей атыр аўҳалы,
Қыймылдап атқан ҳалы бар,
Тек шықпаған жаны бар,
Ағызып көзден жасыны,
Алла оңғарғай исини,
Ол дийўалға мәрт Шора,
Урды таўлап басыны.

Сонда Шора сөйледи:

— Баба мында кел деди,
Гәпиме қулақ сал деди,
Әжемдәрья бойында,
Соралының ойында,
Ол Султаны Санжар,
Ўәлий ханның дәўиринде,
Ала тана жайында,
Ағар суўдың бойында,
Алтыннан сақа қуйдырып,
Гүмистен гентай соқтырып,
Қырық балаға бас болып,
Асық ойнап жүргенде,
«Бай баласы — мырза улы»,
Мен атанып жүргенде,
Барсаң мениң елиме,
Пул тилесең қой берип,
Қой тилесең мал берип,
Мал тилесең ат берип,
Ат тилесең нар берип,
Нар тилесең зер берип,
Жиберер едим өзиңди.
Кисемде пул жоғында,
Сарғайтпа ақша мегзимди,
Санап берер пулым жоқ,
Айдап берер малым жоқ,
Көринип турған хәзирги,
Геллемнен басқа олжам жоқ,
Сеннен аяр жаным жоқ,
Бийтлер тояр қаным жоқ,
Дүньясы қурысын, нетейин,
Беў, садаған кетейин,
Дәркар болса геллемди,
Кесип ал да кете бер,
Қыяметте шарапаты,
Тийе кеткей,
Аяп баба нетейин,
Я таланда дүнья мал,
Тассадық болғай шийрин жан,
Дәркар болса геллемди,
Кесип ал да кете бер,
Қыяметте шарапаты,
Тийе кеткей өзиме,
Қыйнай берме, баба, сен,-деди.

Сонда баба сөйледи:

— Балам, бул йерлер не йерлер, ғарға ушса қанаты күйетуғын шөллерде, кулан жүрсе дойнақы күйетуғын қумларда, сениң, мениң келлемди алса, кырманлап үйип койса, бул не келле демес, хешким көзин салмас, апарып базарға салғанда аббазы шайыға да адам сорамас. Бурынғыдай хан бар ма, жаўгершилик заман бар ма, хәр келлеге он тилла берип атырған инақ бар ма, балам? — деди. — Сениң келленди алсам, хақ қанына қалсам, апарып базарға салсам, «бул келлеге қарыйдар бар ма?» десем, жилли деп мени ол қалада қоймас, келлең маған дәркар емес, пул болмаса тәхәм бер, — деди.

Шора айтады:

— Баба, сениң есиң тынығырақ, ләбиң жуўкерирекке кусайды ғо, — деди. — Тәхәм дегениң не? — деди.

Баба айтты:

— Балам, қайнап турған дүмше жоқ, демлеўли турған қазанша жоқ, болғанда сенде нан болады, шаппаттай нан берсең, қәлендер сениң жети пуштына дуўа қылады.

— Ата, сен нанның атын билесең-ғо, үлгиси қай тақылетте болады? Нан үлгиси мынаў, деп қара жерди сызып көрсет баба, — деп, нан көрмеген күнине белгисин айтып, неше жерлерден тымсал келтирип, мәрттиң бабаға қарап гәплегени:

—Баба бунда кел, — деди,
Гәпиме қулақ сал, — деди,
Айтпақ меннен,
Еситпек сеннен.
Әжемдәрья бойында,
Соралының ойында,
Ол Султаны Санжар,
Ўәлий ханның дәўиринде,
Әгер гойы булырның,
Туткасы болса айландырмай,
Неси бар деп,
Менменлик еттим елимде,
Менменлиги қурысын,
Менменлик жетти басыма,
Менменликтен мен таптым,
Бүгин қырық күн болғаны,
Шубар атым өлгени.
Ялғаншының тақамы,
Дандаңға тиймей жүргени,
Шаппай-желмей майрылдым,
Жез қанааттан қайрылдым,
Бүгин қырық күн болғаны,
Жаў-жарақтан, Шубар аттан,
Тур-туўлас болып,
Бәршесинен айрылдым,
Бир майдан болды,
Гүмбези гузираға келдим,
Шайнарыма наным жоқ,
Уртларыма суўым жоқ,
Жамыларға жабыў жоқ,
Төсенерге төсек жоқ,
Қәдимнен қалған сөз еди,
Бурынғының нақылы,
Ләйли-мәжнүн бендеге,
Ақылы жарым инсанға,
Нәрессийде балаға,
Парыз емес бес намаз, деген,
Жатқан бойра, жүрген дәрья,
Сизлер дәрья, биз бойра,
Жақын жерде ел бар ма?
Жақын жерде суў бар ма?
Хабарыңды бер, баба.

Сонда баба сөйледи:

— Қараңғыда қарағым,
Қармал қолым шырағым,
Асқар таўым айбатым,
Сал кулағын гәп тыңла,
Қапа болма перзентим.
Жетти күнлик жолы бар,
Жетти күнлик жолларда,
Қаласын бийик салдырған,
Қәндегин терең қаздырған,
Атына теңге қақтырған,
Урыўыны қәлем билен,
Жети ықлымға жеткерген,
Мусырманның патшасы,
Омарханның ели бар,
Ноғайлының халқы бар,
Шүкир етсең аллаға,
Аттан, тон да перзентим,
Омар хандай хан да бар.

Сонда Шора сөйледи:

— Жети күнлик жоллардың,
Сен тымсалын айтасаң,
Жети күнлик жол түўе,
Ырғып жайдан турарға,
Зыярат етип қаларға,
Саған сәлем берерге,
Жетпей атыр аўхалым,
Жети күнлик жолларға,
Нетип барар бабажан,
Ғәрип болған перзентиң,
Қайсы бағдың гүлисең,
Қай шәменниң гүлзарысаң,
Қай патшаның халқында,
Қайсындай мәрттиң пирисең,
Хабарыңды бер баба.

Баба айтады:

— Балам, мен нан жемейтуғын, суў ишпейтуғын, ел қарасын көрмейтуғын бир сайылман, — деди ата.

— Нан жемей, суў ишпей, ел қарасын көрмей де адам жүремекен, баба? — деди.

Сонда баба Шораға қарап, нешше жерлерден тымсал келтирип, гәплей берди:

— Мен бабаңман, бабаңман,
Атаң сениң Нәрик бай,
Әўлийеге ат айтып,
Қорасанға қой айтып,
Шайықларына тай айтып,
Ботадай бозлап жүргенде,
Яры берген бабаңман,
Енең сениң Ақдәўлет,
Тоғыз ай курсақ көтерип,
Омыртқасы бүтилип,
Қабырғасы сөгилип,
Алтыннан бақан көмдирип,
Тилла жүўен келтирип,
Толғаққа мейил болғанда,
Жаўырнына пәнже урып,
Куўат берген бабаңман.
Атаң сениң Нәрик бай,
Жамалыңды көрген соң,
Алысына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Төрткүллеп ошақ қаздырып,
Баққы өгизден сойдырды,
Елинлеги мүсәпирди,
Наны, гөшке тойдырды,
Улығларды жыйдырып,
Атын қойың дегенде,
Атыңды қойған ким еди,
Сениң атың Шора деп,
Қарындасың Гүмисай деп,
Атаңды қойған қарағым,
Ол Султаны Санжар,
Қарағым Ўәлий хан еди,
Бийхабармедиң сен деди.
Мен хабардар атаңман,
Бир жасыңа келгенде,
Мен еңбеклес бабаңман,
Үш жасыңа барғанда,
Мен хабардар атаңман,
Төрт жасыңнан бес жасыңа барғанда,
Бес ўақлы намазды,
Тәкирар етип көксиңе,
Жазып кеткен бабаңман.
Алты жасқа барғанда,
Ақылы дана болсын деп,
Ақыл берген бабаңман.
Жети жасқа келгенде,
Атаң ғәрип бийшара,
Оң қолыңнан жетелеп,
Туўры жолды төтелеп,
«Ети, молла, сеники,
Ол дәнданы меники» деп,
Мектепке, балам, бергенде,
«Бисмилла»ны айттырған,
Әлипбеден үйреткен,
Устазың, балам, ким еди?
Бийхабармедиң сен дейди,
Мен хабардар атаңман.
Он төрт жасқа келгенде,
Алтыннан сақа қуйдырып,
Гүмистен гентай соқтырып,
Қырық балаға бас болып,
Асық ойнап жүргенде,
Қырық баланың бири едим,
Бийхабармедиң жан балам?
Мен хабардар атаңман,
«Қырықта кызыр, мыңда ўәлий,
Жүзден жүйрик, мыңнан тулпар» деген сөз бар,
Қырық баланың бири едим,
Бийхабармедиң сен деди,
Мен хабардар бабаңман.
Он төрт жасқа келгенде,
Ханға болдың гүнакар,
Ақташының Әлий бийин өлтирип,
Үш жүз нөкерди қырып,
Аўзы қанлы бөри болып,
Қолы қанлы уры болып,
Қостар таппай елиңнен,
Ғамкор таппай халқыңнан,
Сен журтыңнан шыққанда,
Адасып кетер балам деп,
Қазан дийин шәхәрге,
Баслап барған бабаңман.
Түйе баққан қарт бабаң,
Қарт бабаңман мен дейди.
Қойды баққан балаға,
Анаў Шубар атлыға,
«Сорас» деген бабаңман.
Баллар менен сорастың,
Сен таныстың, көристиң,
Қылышты қойдың ортаға,
Қуданы салып араға,
Кушақласып дос болғанда,
Мен себепкер бабаңман,
Қаладан бийлер келгенде,
Алдайман деп турғанда,
Алдатпаған бабаңман,
Көзи қатты Көзмәмбет,
Ол да урды найзаны,
Сен де урдың найзаны,
Сениң урған найзаңды,
Нықтап басқан бабаңман,
Дәўдиң урған найзасын,
Қағаберди еткен,
Қырық шилтен ғайып еренлерден,

Бийхабармедиң персентим?
Мен хабардар атанман.
Көзмәмбетти сен жықтың,
Батыр анкаў, ер гөдек,
Алдаған сөзге сен нандың,
Көзмәмбетти босаттың,
Енбегимди куйдирдиң,
Көзи катты Көзмәмбет,
Айтса сөзи өтпеди,
Айкасса күши жетпеди:
Атыңды атып өлтирди,
Балам пияда қалдың,
Жети жерден оқ өтип,
Белениң канға боялып,
Сен ортада қалғанда,
Қаракус болып пәнже урып,
Алып ушкан бабаңман.

Акбулактан суў бердим,
Сен булакта калғанда,
Атанның көп жылкысында,
Кешеги өлген Шубардың,
Бир иниси бар еди,
Шул атларды жетелеп,
Туўры жолды төтелеп,
Сениң ушын Омарханның қаласына,
Апарып келген бабаңман.
Таўдан тарлан ушканда,
Таралып пәри қалмай ма?
Суўдан суқсыр ушқанда,
Суўрылып жүни қалмай ма?
Өлген атың болмаса,
Өлген аттың иниси,
Бул Шубар ат болмай ма?
Перзентим буған кеўниң толмай ма?

Шора айтады:

— Ата, жокдур сөзиңде қата, ол атты өзиме алып келе бермей Омарханның елине неге апардың баба, — деди.

Баба айтты:

— Балам, Омарханның елине апардым, — деди.

Шора айтты:

— Апарғаныңнан миниң жоқ, өзим келгенше атты баға бер деп өз қолың менен тапсырып кеттиң бе, болмаса, әўлийениң кәдеси, өзиңди билдирмей бир жайға қойып кеттиң бе? — деди.

— Балам, әўлийениң кәдеси, өзимди билдирмей атты бир жерге қойып кеттим, — деди.

Шора айтты:

— Кайда койдың ата? — деди.

— Ханның тилла сарайына қойдым, — деди.

— Ата, кимниң хабары бар? — деди.

Шораға баба айтты:

— Сейистиң хабары бар, — деди.

Шора айтты:

— Аллатаала жол берсе, әўлийелер қол берсе, бизди Омарханның елине жеткерсе, биз Омарханның елине барсақ, барып ханға арыз етсек, хан әдиллик етсе, бизди шәриятка қосса, санап беретуғын пул жоқ, айдап беретуғын мал жоқ, ат бизики, шуған гүўа өтиўге биз ғәрипте қостар жоқ, кимниң қәдирин ким биледи, танымаған жат елде кимлер көзге иледи, ийтписең, кисимисең дей ме, бағып атырған сейислер Шубарды бизге бере ме, баба? — дейди. — Бул исти кам етипсең-ғо, баба, — деди.

— Балам, қай жери кам? — деп, Шораға қарап бабаның айтқан сөзи:

— Омарханға мен барсам,
Тәрийпиңди ханға айтсам,
Барбазыңды жеткерсем,
Кәтерден кар анар берер,
Ғәзийнеден пул берер,
Жегендейиң нан берер,

Кийгендейиң тон берер,
Тилладан сазың,
Айттырса бермес назың,
Омархан саған бағыш етер,
Карлығаш айым қызын.

Шора айтты:

— Оның не себеби бар? Себебин айт, баба, — деди.

— Балам, себебин айтайын, — деди баба. — Себеби мынаў, — деп, Шораға қарап бир-еки аўыз гәплей берди:

— Ераны перси нәслинде,
Рүстеми-Залдың әўлады,
Он тоғыз кәркиданға,
Тақтырәўан курып минген,
Жәмшидтен калған,

Өзине мураз айланған,
Жети жүз жетпис батпан,
Ҳамуды, гүрзи, гәрремды,
Көтерип пәлекке аткан,
Қылжалаўдың шәхәринде,

Султан Темир Қарахан,
Қарахан деген жаўы бар,
Дым билмеген қалмаққа,
Күни ушын қул тасып,
Жизия берип жан саклап,
Отырған Омарханның ҳалы бар.
Жақында келди бир хабар,
Жылда хәлек болмайман,
Жизиясын алмайман,
Мен жақында бараман,
Малы-мүлкин, тажы-тахтын,
Барсам олжа қыламан,
Жалғыз қызы Қарлығашты,
Қараханлай ағама,
Мен саўғатқа беремен деген,
Темирханның сөзи бар.
Шул бир хатлар келгели,
Көзи яшта, көкиреги қайғыда,
Ел ишинде молланың,
Қол көтерген хожаның,
Ақсақ пенен майыптың,
Мүсәпир менен ғәриптиң,
Солардың ҳақ қаны,
Патшалықта мойныма,
Қалар ма деген,
Омарханның қәўпи бар.
Араларсаң қыя даш,
Ағызба бунша көзден яш,
Омархан саған қыз берер,
Қапа болма, перзентим,
Ярының аты Қарлығаш,-деп,
Бул сөзди ада қылып,
Қәлендер кететуғын болды.

Бабаның кететуғынлығын билип, диийўалға сүйенип, жайынан турып, енди қәлендерге қарап Шораның айтқан сөзи:

— Сени көрип мен жылайман зары-зар,
Жалғызлықтан ғәрип кеўним бийқарар,
Сал қулағың, есит мениң сөзимди,
Перзентиңниң сорар сеннен гәпи бар.

Бедеў минип бул майданда желерсең,
Ҳақтың салған саўдасына көнерсең,
Сен кетесең, мен қаламан гүмбезде,
Буннан кетсең неше күнде келерсең?

Жуўырарсаң бәлент таўдың тозына,
Сизлер кетсең сепкил түсер жүзиме,
Сен кетесең, мен қаламан гүмбезде,
Неше күнде айланарсаң изине?

Қәлендер сонда сөйледи:

— Қайғы менен басқа салған ғулпетим,
Бул мийнеттен азат еткей қудиретим,
Жети күнлер ўәде болсын сизлерге,
Шүкир етип жата бергил перзентим.

Бедеў минип майданда желлирсең,
Ҳақтың берген саўдасына көнерсең,
Жети күнлер ўәде болсын сизлерге,
Жети күнде сен Шубарға минерсең.

Таққан тилла бул майданда тумарды,
Саўаш болса тарқатарсаң қумарды,
Жети күнлер ўәде болсын сизлерге,
Иншалла, минерсең, балам, Шубарды, —

деп, Шораның көзинен ғайып болды. «Еки дүнья бир қәдемдур әўлийениң алдында» деген нақыл бар. Жети күншилик жолды жети саатта алды. Қәлендер Омарханның елине келди. Дәрўазаға барды. Етек-пешин кесип, мысалы қәлендер болды. Енди «ҳуў» деп шийдилла тартып, бәлент көше, пәс көше, беглер жүрген тар көше, айланыш көше, кең көшени аралап, шийдилла тартып, қәлендер келе берди. Қәлендердиң тартқан шийдилласы, хош хаўазы, ширин сөзи тахтың үстинде отырған Омарханның қулағына келди. Омархандай ханлардың Қараханы кәпирдиң салдары басы-жүзи төмен, талайы ашақ көринип, жер шуқылап, мұңайып отыр еди. Сол ўақтында бир хош хаўазлы, шийрин сөзли бир қәлендердиң хаўазы қулағына келди. Патша ойлады: -Буннан барайын, қәлендерди көрейин, «жатқан билмес, жортқан билер» деген нақыл бар. Султан Темир Қараханға дады-мәмиле айтқандай бир батырдың хабарын биле кеткен, билмесе де қәлендерди көрип, бес-алты аўыз сөз айттырып, кеўнимди көтерип қайтайын,-деген қыял пайда болды. Жағасы алтын, жени зер, қарагежи ҳасыл тонын жамылып, жайынан турып, датқажайға келди. Қәлендер хәм датқажайға келди. Патшаға сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Енди патша қәлендерге қарап:

— Хаўа жаўсын, айдын көлиң хөл болсын,
Жылдан-жылға аз дәўлетиң мол болсын,
Басыңда гүла бар, ийниңде жәнде,
Қайсы журттан келдиң ўәлий, жол болсын?

Бедеў минип бул майданда желмедим,
Қайғысыз бәргада дәўран сүрмедим,
Басыңда гүла бар, ийниңде жәнде,
Өмирим туўып бул шәхәрде көрмедим.

Бедеў минип бул майданда желесең,
Ҳақтың сәнасыны ядтан билесең,
Басында гүла бар, ийнинде жәнде,
Себеп недур, қай қаладан келесең.
Он төртиннен шалқып туўған айынды,
Көрип қуўанғанман қадди бойынды,
Басында гүла бар, ийнинде жәнде,
Дәрўиш, баян әйле келген елинди.

Лалы маржан бул майданда сәдепти,
Хызмет ушын тәнде бағрым кәбапты,
Сизлер менен жол сорасып қалмақлық,
Атам ата, Ҳаўа енеден қалған жол,
Сораспақлық мусылманға әдетти,
Молладан үйрендим илми-әдепти,
Кәба барған хаж етерлер таўапты,
Сизлер менен жол сорасып қалмақлық,
Сораспақлық периштеден себепти.
Бағ ишинде ларзан урған қызыл гүл,
Қудирет пенен бул алдында,
Сөйлеп турған қызыл тил,
Гәҳи айтқыл, гәҳи айтпа жөнинди,
Омархан дер, гәпти ада еттим,
Ендигисин пирим өзиң бил.

Әне, сол ўақтында қәлендер Омархан патшаға қарап:

— Тахты үстинде Омархан,
Айбатынан титиреп,
Қорқады екен тәнде жан,
Сал қулағын, гәп тыңла,
Арзым бар саған, Омархан.
Бедеўдин жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Тилеп келдим дәўлетинди,
Дәбледеги Шубарды,
Омархан, маған бересең.
Таққан тилла тумарды,
Тарқатайын қумарды,
Тилеп келдим дәўлетинде,
Дәбледе ҳәмдам Шубарды.
Атлар берсең бизлерге,
Қыяметте қудайым,
Ыразы болғай сизлерге,
Тилла жаббы, зер шашақлы,
Көйлекшени бересең,
Шул үпшинге миясар,
Қундыз соппас, тилла кәмар,
Көксаўыр етик,
Енсепостын бересең,
Шул кийимге миясар,
Қынабында қылт еткен,
Суўырып алса жылт еткен,
Таўға салса тас кескен,
Силтегенде бас кескен,
Кескир қылыш бересең.
Бәриси ердиң жарағы,
Гелле кесип қан төккенде,
Саўашлы күни керег и,
Бәршесин тайын қыласаң.
Сизлер ғаный, биз сайыл,
Гәйи бергил, гә берме,
Омархан, өзиң билесең.

Әне, сол ўақтында Омархан бийҳуш болып жығылды. Бир майдан жатып өз ҳуўшына келди. Енди сол ўақтында қәлендердиң аяғына бас урып, қәлендерге қарап, патшаның айтқан сөзи:

— Баба мында кел, — деди,
Гәпиме қулақ сал, — деди,
Айтпақ меннен,
Еситпек сеннен,
Қайсы бирин айтайын,
Көрген қысыўметимди,
Жәбир жапамды,
Саған баян етейин.
Ераны перси нәслинде,
Рүстеми-Залдың әўлады,
Он тоғыз көркиданға,
Тақтыраўан қурып минген,
Жәмшидтен қалған,
Өзине мураз айланған,
Жети жүз жетпиш батман,
Хамуди, гүрзи, гаррамды,
Көтерип пәлекке атқан,
Қылжалаўдин шәҳәринде,
Султан Темир Қарахан,
Қарахан деген жаўым бар,
Дым билмеген қалмаққа,
Күним ушын күл тасып,
Жизия берип жан сақлап,
Отырған, баба, ҳалым бар.
Жақында келди бир хабар,
Жылда хәлек болмайман.
Жизиясын алмайман,
Мен жақында бараман,
Малы мүлкин, тажы-тақтын,
Барсам олжа қыламан,
Жалғыз қызы Қарлығашты,
Қарахандай ағама,
Мен саўғатқа беремен деген,
Темирханнның сөзи бар.
Шул бир хатлар келгели,
Көзим жаста, көкирегим қайғыда,
Ел ишинде молланың,
Қол көтерген хожаның,
Ақсақ пенен майыптың,
Мүсәпир менен ғәриптин,
Солардың хақ қаны,
Патшалыққа мойныма,
Қалар ма деген, бабажан,

Жети күнде келесең,
Он төрт күнде перзентимниң,
Сен дийдарын көресең,
Биз айтқыўшы, сен тыңлаўшы,
Гәйи барғыл, гә барма,
Омархан өзиң билесең,-

деп көлендер Омархан патшаның көзинен ғайып болды. Патша еси аўып, көзи тынып, жығылып қалды. Бир майдан жатып өз хуўшына келди. Енди хуўшына келген соң, көз жиберип қараса, адам түўе нәрсе жоқ, отқа жағар жыңғыл жоқ. Байыўлыдан басқа қыйқыўлап турған жандар жоқ, кәдимнен қалған сөз еди, «ханда қырық кисиниң ақылы болады» деген нақыл бар еди. — Дәблеме Шубар ат түўе, ала ябы да келмеди. Дәблемде Шубар ат болағойса, буның хәзирети Қызыр болғаны, дәбледе Шубар ат болмаса, Қызыр емес, бир Қынзыр әжийне жин болғаны. Бул енди сейислерден шешилсин, — деген қыял пайда болды. Сейислерге қос жасаўылды буйырды. Қуўалап ханның алдына алып келди. Ханға сәлем берди. Сәлемин әлик алды.

— Тақсыр, бизлерден не хызмет болды сизге? — деди сейислер.

Хан айтты:

— Хызметиң әри, — деди. — Дәбледе ат неше, иренкин, үрейин айтың, маған, — деди хан.

Сейислер айтты:

— Ат қырық бир, тақсыр, — деди.

Патша айтты:

— Анаў күни бардым, атты санап көрдим, қырық еди, қырық бир қайдан болды ол, — деди.

Сонда сейислер айтты:

— Тақсыр, бүгин қырық күн болды. Көзин ирин басқан, путын кене тескен, мойны толғап жонған таяқтай, қурсағы суўқабақтай, аяқлары топышақ, жаллары бар бир қушақ, бир қыллықөт шуңқер Шубар ябының киснеп келгенине бүгин қырық күн болғаны, я басында ноқта жоқ, я жетелеп келген адам жоқ, айдадық, кетпеди, айтқанымызды етпеди. Тилла сарайға барды, атлардың қатарында турды. От жеди, жем жеди, жетилип кемалға келди. Бизлер сейис болсақ аңладық, қырық тулпарың бир төбе, оның өзи қырық төбе қушайды, тақсыр. Аттың тәрийпин айтайын. Тәрийпи соншелли, барбазы муншелли, тәрийпин айтсам түгемес, ўаспын айтпай инанбассыз, сағырсы қайнап ташқан, көргенниң бағрын ашқан, екиден қосылған буўдан-буўдан дегеним хәм ялған, алты ай минсең арымас, арқасының төрт жеринен зәңгиликке дейин кесип алсаң да жаўырмас, көргенниң ақылы жетпес, айтса бахасы питпес, мәмлекет пулыны бергенде кәдиринен белген жигит сатпақ түўе, жабыўын алып бөтенге сыйпатып болмас, оныңдай жылқы дүньяға хал-хал келмесе келмес, екеў болса биреўи, биреў болса бир өзи, — деп аттың тәрийпин ханға жеткерди.

Патша сейислерге мың тилла пул берди, Шубарды сатынға алды. — Атты алып кел, — деп патша хәмир етти. Шубар атты дәбледен шығарды, әне, патшаның алдына алып келди. Патша Шубар атқа қарады. Айтқанынан жети есе зыят көринди. Патша жайынан турды. Аттың қасына келди. Ат мойнынан қушақлап, көзиниң жасы моншақлап, қайта-қайта сүйеди. Қандай мәрттиң аты едиң, деп аттан сорай береди:

—Мойныңа тақтым қос тумар,
Мингенлер тарқатсын қумар,
Өзиң келдиң,
Иген сениң қайда қалды?
Сөйлөс, сөйле, байШубар.
Әйледим хаққа минажат,
Еталмады ол мурат,
Өзиң келдиң,
Иген сениң қайда қалды?
Тилиң болса сөйле-сөйле,
Көзгенеңнен хәмдем ат.
Араладым қыя даш,
Ағызба бунша көзден яш,
Өзиң келдиң,
Игең сениң қайда қалды?
Тилиң болса сөйле-сөйле,
Көзгенеңнен Шубар ат.

Ҳаслы хайўан демесең,
Ақылы адамнан зыят,
Сөйлерине тили жоқ,
Ғылжың-ғылжың ойнады,
Суўлықты ғарша шайнады,
Патша муны көреди,
Тилла жаббы, зер шашақлы,
Алтын игер, қундыз соппас,
Енсепостын, тилла кәмар,
Бәршесин тайын етеди.

Әне, енди патша еки ўәзир шақырып алды. Ўәзирлерге қарап:

— Ўәзирлер, мунда кел, — деди,
Гәпиме қулақ сал, — деди,
Султан Темир Қараханға,
Дады-мәмиле айтқандай,
Бир батырдың хабарын,
Бир майдан болды, мен,
Хәзирети Қызырдан еситтим.
Жети күнде барасаң,

Жети күнде келесең,
Он төрт күнде келмектиң,
Сен илажын етесең,
Мал жүзине карама,
Өлсе ат кудайдики,
Өлмесе хандики,
Атыў-камшы барып келесең,-деп,
Ўәзирлерге буйырды.

Ўәзирлер жайынан турды, енди атларына минди, Шубарды жетекке алды. Ханнан жуўап алып жолға раўана болды.

Аттың басын бурады,
Айдап жолға салады,
Гә бәлентте, гә пәсте,
Жолға рәўан болады,
Ойыл менен Қыйылдан,
Өрме кумды өрмелеп,
Еспе қумды еспелеп,
Жолға рәўан болады.
Түлки жүрмес түнейден,
Түнде кетип барады,
Қарсақ жүрмес калыңнан,
Муннан да өтип келеди.
Терең жылға, терең сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Көгершинли көп тоғайды,
Аралап жөней береди,
Көзгенеңнен Шубар ат,
Бир нәрсени биледи,
Артқы аяғын тигеди,
Алдыңғы аяғын бүгеди,
Куба үйректей қуныcып,
Аққан суўдай жылысып,
Ол жетекте жөниўар,
Шапты бедеў толықсып,
Азыўлығы еки ели,
Дорбалығы төрт ели,
Курымына қарасаң,
Қашқан таўшан мүшели,
Атлар ылғал әйледи,
Салқын менен жол жүрди,
Сағым менен өндирди,
Аз ғана емес, мол жүрди,
Төрт күн анық жол жүрди,
Арадан төрт күн өткен соң,
Арқадан даўыл турады,
Мына еки ўәзирдиң,
Биреўин кудай урады.

Анаўсына қарап: — Усы жерден қайта берейик, аға, — деп ирeж берип гәпледи. — «Дәўлети қайтқан адамды ол да алдайды, бул да алдайды, әжийне, шайтан, жин де алдайды» деген нақыл бар. Омарханның дәўлети қайтқан, шайтанның тилине инанған, бизлерди барсакелмеске буйырған. «Барып едик гүмбезге, табалмадық Шораңды» деп ханды алдайық, аға, усы жерден қайта берейик, — деди.
Анаўсы турып сөйледи:

— Ол сөзине бок жепсең,
Бок жесең де көп жепсең,
Хан әмири ўажыпты,
Пир өмири ўажыпты,
Алла әмири парызды,
Ўажып пенен парызды,
Бузған адам оңбайды,
Кудайымның дийдарын,
Қыяметтиң күнинде,
Шул бир адам көрмейди,
Деген нақылларды бул,
Умыттың ба сен?-деди.
Бедеў минип желемен,
Хақтың салған саўдасына,
Мен бир қайыл боламан,
Мунда өтирик сөйлегенде,
Қыяметте кудайыма,
Не деп жуўап беремен?
Есик алды теректи,
Пәсең қылма жүректи,
Изайы мөмин харамды,
Мунда ханды алдасаң,
Қыяметте жаратқанға,
Бералмаспыз жуўапты,
Қайтсаң өзиң қайта бер.

Мен ханның айтқан жерине бармай қайтпайман,-деп, Шубар атты жетелеп кете берди жөнине. Баяғы бийдәўлет қайтайын десе ханнан қорықты, барайын десе жолдың салдары басты. Не қыларын билмеди. Жолаўшының көпегиндей кейнине ерип келе берди.

Ат кекилин тарады,
Ўәзирлер күнге жарады,
Бул пәлектиң гәрдиши,
Гүмбези гузираға ат,
Ат ойнатып келеди.

Әне, сөйтип гүмбезге жақын келип, бир гүмбезден өтип, ортаншы гүмбезге келип нәзер етип қараса, берекети қашқан, әрўағы ушқан, қазанның күйеси бәлки оннан ағырақ, жыландай таўланып, ыңырсып атырған бир жигитти көрди. Сол ўақтында баяғы бийдәўлет күлислик етти:
— Аға, бундай да өжет боламекен, айтқан сөзди тыңламайсаң, буған ат берген оңбас, тон берген

берекет таппас, жегизген нанның обал-саўабынан да қутылалмас, жатысы анаў, турысы анаў. Турысы менен зәхри қатыл, не келеди қолынан? Султан Темир Қараханның хызметкериниң хызметкерине дыды жетпес. Өлсе гөр болсын, еле ҳәм хабарласпай қайта берейик, аға, — деди.

Анаўсы турып айтады:

— Қәдимнен қалған сөз еди, бурынғының нақылы: «Қулан қуйыға жығылса, қулағына қурбақа үймелейди» деген. Қуда билсин, бул жигиттин бул жерде нешше күннен бери жатырғанын. Буны сынайын, барластырып көрейин. «Атаң Омархан саўғатқа нан берди» деп көрейин, «нан» дегенде өрре турса, «кәнекей наның» десе, онда бир аш-арық ғәрип болғаны. Мунда ҳәм қозғалмаса, «атаң Омархан саўғатқа тон берди» деп көрейин. «Тон» дегенде өрре турса, «кәнекей тоның» десе, онда кийимнин қәдири өткен бир аш-арық ғәрип болғаны, мунда да қозғалмаса, «атаң Омархан саўғатқа қыз берди» деп көрейин, «қыз» дегенде өрре турса, «қәнекей қызың» десе, ашықлықтың дәртинен үйинен шығып, я ярына жеталмай, я үйине қайталмай, еки ортада маңлайы қурып атырған бир сор болғаны. Бунда ҳәм қозғалмаса, «Омархан атаң саўғатқа ат берди» деп көрейин, «ат» дегенде өрре турса, онда қәлендердин айтқан батырынын өзи болғаны. Қолында сазы болмаса ҳәм дилинде сөзи, Шораға қарап, нешше жерлерден тымсал келтирип, бир-еки аўыз орсақы айтып, гәплей берди келген ўәзирлердин өзи:

— Ағызмағыл бунша көзден селли яш,
Хан Омархан нан жиберди сизлерге,
Тама беги, тур жайыңнан, хабарлас.

Бедеў минип майдан үзире желсин деп,
Айткан бул сөзинди мақул көрсин деп,
Хан Омархан тон жиберди саўлатқа,
Тонсыз болса тама беги кийсин деп.

«Нан» дегенде турмады,
Нәзер көзин салмады,
«Тон» дегенде турмады,
«Қәнекей тон» демеди,
Көсилген енди аяғын,
Батыр Шора жыймады.

— Патшамыздың ат көтермес назы бар,
Әдиўлеген сәржығалы қызы бар,
Араласаң бул майданда қыядаш,
Ағызмағыл мунша көзден селли яш,
Хан Омархан қызын берди сизлерге,
Ярыңыздын атын сорсаң Қарлығаш.

«Қыз» дегенде қызбады.
«Қәнекей қызың» демеди,
Көсилген енди аяғын,
Батыр Шора жыймады.

— Бедеў минип майдан үзире желсин деп,
Айткан бул сөзимди мақул көрсин деп,
Хан Омархан ат жиберди саўғатқа,
Атсыз болса тама беги минсин деп.
Таққан тилла бул майданда тумарды,
Саўаш болса тарқатарсаң қумарды,
Хан Омархан ат жиберди саўғатқа,
Минсин деди көзгенеңнен Шубарды.

«Нан» дегенде турмаған,
«Тон» дегенде ер жигит,
Нәзер көзин салмаған,
«Қыз» дегенде қызбаған,
«Шубар ат» деген ўақтында.
Артқы етеги басылып,
Душпанның бақты кесилип,
«Шубар ат» деген ўақтында,
Өкирип турды орнынан.
Ол дийўалға асылып,
Сонда Шора сөйледи:

— Ханнан келген хан аға,
Бийден келген бег аға,
Белиме киргей ме мәдат,
Дизиме киргей ме қуўат,
Хан берген Шубар атлардың,
Дийдарын маған тез көрсет.

Өзи хайўан демесең,
Адам киби ақылы еди Шубар ат,
Ғылжың-ғылжың ойнады,
Суўлықты ғарша шайнады,
Мәртке жақын келеди,
Батыр туўған Ер Шора,
Атқа жақын келеди,
Шубар атты көреди,
Ат мойнынан қушақлап,
Көзиниң жасы моншақлап,
Аяғына бас урып,
Қайта-қайта сүйеди,
Мийри қанбай барады,
Кешеги өлген Шубардың,
Ағасы ма, иниси ме, я өзи ме,
Айыра алмай қайыл қалады,
Атқа қарап мәрт Шора,
Аттан сорай береди:

— Мойнына тақтым қос тумар,
Сеннен басқа кимим бар,
Мен кеткенде тай едиң,
Ат болыпсаң жаныўар.
Әйледим ҳаққа минәжат,
Еталмадым мен мурат,

Көзмәмбет пенен саўашта,
Бар болғанда қолымда,
Алмаспедим өлген Шубар қуныны,
Мен жалғызды хайран етип,
Қайлардан қайда жүр едиң,
Көзгенеңнен Шубар ат.
Көзгенеңнен Шубардың,
Сөйлерине тили жоқ,
Илхам берип ғылжың-ғылжың ойнады,
Батыр туўған Ер Шора,
Бөктериўге қарады,
Хан берген қундыз соппас,
Көк саўры етик,
Еңсепостын, тилла кәмар,
Жаў қуралы - бес қуралды,
Бөктериўде көреди.
Батыр туўған Ер Шора,
Аламан ертип қасына,
Хан берген қундыз соппасты,
Жулып алды бөктериўден,
Тәўекел тартты басына,
Ол басына сыймады,
Қақ айырып кийеди,
Аламан ертип қасына,
«Алла!» дейип ат шапқанда,
Ким шыдайды дәстине,
Хан берген еңсепостынды,
Жулып алды бөктериўден,
Тәўекел тартты үстине,
Жаўырынына сыймады,
Қақ айырып буны кийип алады,
Тилла енди кәмарды,
Ол белине буўады,
Мына енди етикти,
Аяғына тартады,
Аяғына сыймады,
Туў сыртынан сөгеди,
Муны кийип алады.
Дуўлыға менен шарайна,
Беллик, дизлик, қалқанды,
Бәршесин муны кийип алады,
Шубардың белине минди,
Қылўесине қарасаң,
Ийшаннан қашқан жиллиден,
Бир пул кейин болмады.
Келген енди ўәзирлерге,
Шора сөйлей береди:

— Ханнан келген хан аға,
Ат берген Омарханыңның,
Аты болса бағайын,
Оты болса жағайын,
Даўы болса даўлайын,
Жаўы болса жаўлайын,
Басым жерге киргенше,
Тенимнен жан кеткенше,
Ханға хызмет етейин,
Ат берген Омарханыңның,
Журтына басла аға,— деп,

Шубардың белине минип турды. Әне, ўәзирлер Шораны ертип, енди жолға рәўана болды. Шора атына минип, ўәзирлердиң кейнине ерди. Шораның көкирегинде бир қыял пайда болды. Кешеги өлген Шубардан қалай екен бул Шубар деп,

Аттың басын бурады,
Айдап жолға салады,
Гә бәлентте, гә пәсте,
Жолға рәўан болады,
Көзгенеңнен Шубар ат,
Баланың кеўни өссин деп,
Дойнақым тасты тессин деп,
Арты аяғын тигеди,
Алдынғы аяғын бүгеди,
Қуба үйректей қунысып,
Аққан суўдай жылысып,
Жүз тоқсанлық жорғадай,
Жуўырды бедеў толықсып.
Терең жылға, терең сай,
Сыңсып питкен қарағай,
Көгершинли көп тоғайды,
Аралап жөней береди,
Түлки жүрмес түнейден,
Түнде кетип барады,
Қарсақ жүрмес қалыңнан,
Муннан да өтип келеди,
Салқын менен жол жүрди,
Көзгенеңнен Шубар ат,
Гә аспанға ушады,
Гәйи жерге түседи,
Азыўлығы еки ели,
Дорбалығы төр ели,
Қурымына қарасаң,
Қашқан таўшан мүшели,
Күни, түнин бир етип,
Уйқыға көзин үйретип,
Қарағай найза сүйретип,
Аш жолбарыстай ыңыранып,
Жарылған муздай гүңиренип,
Таўдан арқар қуўыпты,
Тартып баўрын суўытты,
Мунындайын жүйрикти,
Қайсындай бийе туўыпты?
Жуптан дизгин үзеди,
Полаттан дойнақ қызады,
Азыў тиси шақылдап,
Табаны тасқа тақылдап,
Қайтқан ғаздай ғарқылдап,
Қуйысқаны бөктериўге,
Үсти-үстине шарпылдап,
Аттан аққан терлери,
Абылайсаң жаўындай,

Қара жерге сиркиреп,
Атлар ылғал әйледи.
Минген аты жуўырды,
Жер танабы қуўырылды,
Дойнақтың шаңын суўырды,
Ол заманда саз бенен,
Бу заманда сөз бенен,
Жеткерели бул сөзди.
Аттын жалы жатқанда,
Қабақлары қатқанда,
Атқа салған тиллалы ер,
Ат қапталға батқанда,
Ат жиберип қолатқа,
Шыдай алмай ғайратқа,

Арадан алты күн өтип,
Жети күнге қарағанда,
Ат ойнатып келе қалды,
Омархан жатқан елатқа.
Ат кәкилин тарады,
Мәртлер күнге жарады,
Жетиленши күнинде,
Омарханның қаласына,
Ат ойнатып келеди,
Әйледи ҳаққа минажат,
Болды пирден кәрамат,
Омарханның қаласына,
Ат ойнатып мәрт Шора,
Келди сағыў саламат.

Әне, енди сөзди Омарханнан еситиң. Омархан патша «Турың беглер, Шоранын иззетин тутайық» деп, алтмыш еки әмелдар, отыз еки мөҳирдар, қусбеги, инақ, жасаўылбасыларды ертип қаладан атланып шықты. Патша еки қыялда атланды. Қыялы қайсы. Әгер Шора келсе, қосылып қайта берейин, Шора келмесе, қалмақ бул жақтан келип, ат алдында айдаўда, еки қолым байлаўда, қалмаққа олжа болғаннан, «жақсы ийт өлимтигин аўлаққа таслайды» деген, өзимниң өлимтигимди аўлаққа алып өлейин, деп алтмыш еки әмелдарға сыр берместен атланып, Омархан патша қаладан шықты.

Әне, енди Омархан патша дәрўазаға келди. Дүрмийнин алып қолына, қырқар туўдан қырқа-қырқа дүрмийн менен қарады.

Дүрмин менен қараса,
Шубар аты астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Қундыз соппасы басында,
Әйне он төрт жасында,

Бир уғлан,
Қулаға нала қылған,
Кәкилине өткергени,
Ҳәзирети Шаҳымардан,
Зумырады лалы маржан,

Жүзиниң ағы ҳәзарыстың шарық алмасындай, ағы ақ, қызылы басымырақ, шийин-шийин, мәлаки мәлек, терлеген Бақыштың териндей болып киятырған он төрт жасар Шораны көрди. Омархан ойланды, кешеги кәлендердиң айтқан батыры усы екен, мунуң иззетин тутайын деп, патша аттан жерге түсти. Хан түскен соң алтмыш еки әмелдер, булар да аттан түсти. Жигирмасы оңында, жигирмасы шебинде, жигирмасы кейнинде, ханды ортаға алып тура берди. Әне, Шора қарады, қараса, қатарласып турған тамамы бегди көрди. Булардың турғанын бурын көрмесе де, патшалыққа мегзетти. Шора да аттан жерге түсти. Әлиплам қолын қаўсырып, атын жетелеп, патшанын нәзерине келди, «Ассаламу әлейкум!» деп тәңир сәлемин берди. Патша «Ўа әлейкум ассалам!» деп сәлемин әлик алды. Шора келип патшаның қолынан алды, қолынан алған соң патшанын ўақты хош болды. Айланып атыр, үйрилип атыр. Сонша ықтықатын берип атыр. «Аман-есен бармысаң, балам» деп патша ықтықатын берип сорап атыр, «Күншиге күн туўмас» деген нақыл, алтмыш еки әмелдар сыртында күлислик етип атыр. Күлислиги қайсы: - Арқадан даўыл турды, ханды қудай урды. Ессиз айып патшалық отқа салған жигердей парлады, жанды кетти. Жер сатқан жалаппаз, қарақалшы қумарпаз, ата менен енеден катыбезер алған, қашып елинен шыққан бир жалатайдың ерлигин, шерлигин билмеди, хан ықтықатын берди. «Қайтқан дәўлеттиң алдынан өтпе, басар да өтер, кетер сени сарсаң етер» деген. Мунуң қасында турып болмас,-деп алтмыш еки әмелдар ғырлап кейин қайтты. Әне, мәрт Шора бийлердиң күлислик еткенин билди. Енди мәрт Шора Омархан патшаға қарап, гийне етип, Шораның айтқан сөзи:

— Тахт үстинде хан ата,
Сөзимди мақул тыңла,
Әдалатлы жан ата,
Қайсы бирин айтайын,
Айтпай саған кәйтейин,
Еситкен мына сөзимди,
Саған баян етейин.
Келейин деген елиммес,
Жүрейин деген жолыммес,

Өзимнин деним саўлықта,
Еситейин деген сөзиммес.
Ат тилесе нар берген,
Нар тилесе зер берген,
Белгили қайсар сор едим,
Танымаған жат елде,
Мен «жалатай» атанып,
Сирә аўқатым кешпес,
Ерлер туўған жерине,

Ийтлер тойған жерине,
Ийт емеспен хан ата,
Тойған жерде жүрмекке,
Кеўним таўлас етип тур,
Несип болса Султаны
Санжар ханды көрмекке,
Көкирегим жарый бермейди.
Мухаллес пенен жүрмекке,
Жақсы адамнан тилесең,
Қайтармайды буйымды,
Жаман түскен жумысың,
Питкермейди қайтпағын,
Өлимнен жаман қыйынды,
Кимниң қәдирин ким билер,
Хан қасында буралқы,
Ата, бийжай жыйынды,
Кимнен кимниң иси бар,
Бизлер келген сыйынды,
Себеп пенен, хан ата,
Келип едим елиңе,
Жесин дедиң, нан бердиң,
Кийсин дедиң, тон бердиң,
Минсин дедиң, ат бердиң,
Кисиниң аты тершилди,
Киси кийими киршилди,
Тершил атты минбеймен,
Киршил көйлек киймеймен,
«Ер мойнында қыл арқан,
Ширимейди» деген нақыл бар,
Күйер десең атыңды да, тонынды да,
Сыйырып меннен ал да қал,
Күймес десең атыңды бер,
Жуўап берсең, хан ата,
Мен қайтаман елиме.

Әне, сол ўақтында патшаның жан ийнине от түсти. — Балам, көп жаманның өзи недур, сөзи не, гийне қылма, от басылсын муханнестиң жүзине, сен болсаң аспандағы ай, олар болса жердеги ийт ғо, улым. Аспандағы айға жердеги ийттиң не дады жетеди? Мен берейин, сен қабыл етип ала бер, улым,- деп, енди Шораға қарап Омархан патшаның айтқан сөзи:

— Қараңғыда қарағым,
Қармал қолым шырағым,
Асқар таўым, айбатым,
Мен берейин, сен ала бер,
Көзгененнен перзентим.
Ел ишинде жақсының,
Жаман билмес қәдирин,
Ел ишинде пир болса,
Ҳарамы билмес ҳалыны,
Ел ишинде жақсыны,
Жаман адам көпсинер,
Ел ишинде бир болса,
Дозақы билмес ҳалыны,
Мен билермен қәдириңни,
Алла ашқай, балам, сениң бахтыңды.
Заманыңда ғайрат етер ўақтыңды,
Бул жалғаншы өтер бир күн басымнан,
Тириликти бағыш әйлейин,
Балам, алтын тахтымды,
Тоғай толған қойымды,
Бағыш әйледим мен саған,
Өрис толған малымды,
Атаў толған жылқымды,
Бағыш әйледим мен саған,
Игри мойын түйемди,
Ғәзийнеде пулымды,
Бағыш әйледим мен саған,
Төрт жүз қулымды,
Бисетимде барымды,
Бағыш әйледим мен саған,
Узақта болса сорарым,
Жақында болса барарым,
Барсам, келсем базарым,
Жоқты оннан азарым,
Тилладан биткен сазым,
Айттырса бермес назым,
Оған күйсе, маған писсин,
Сеники болсын жалғызым,
Қарлығаштай нашарым,
Баламды алған балам ғо,
Жаў жағыма қала бол,
Жел жағыма пана бол.

Мына сөзи еситип,
Мәрт жайынан турады,
Ат белине минеди,
Белине садақ иледи,
Гийне қылған бийлердиң,
Ал, алдына келеди,
Сонда Шора сөйледи:
— Хан қасында бөрилер,
Бөримен деп жүргенлер,
Түўе бөри көп болыр,
Көп бөриниң ишинде,
Аң алары бир болыр,
Аң алырдан айрылса,
Ҳәр қайсысы күнинде,
Бир бөриге жем болыр.
Алтын тахтың нетейин,
Малы-мүлкиң нетейин,
Толы журтың нетейин,
Сен сыйласаң бир киси,
Сен сыйламасаң бизлерди,
Ким биледи қәдиримн?
Арба айдап, қой бағып,
Мәскепши болып суў тасып,
Тентиреп жүрген күнликши,
Бизлер ушын Омарханға.
Гийне қылман, қайтың, аға,-деп,
Тәўелле қылды мәрт Шора.

Беглер ойлады:

—Пай, заңғардың баласы, бәшшеғардың шағасы, ақылы пүтин, еси нық, ләби жупқа, гәпке уста, көп бир шаққан жеделбелли бала екен-ю,-деп айтады. -«Хан қасында бөрилер, бөримен деп жүргенлер, түўе бөри көп болыр, көп бөриниң ишинде, аң алары бир болыр, аң алырдан айырылса, хәр қайсысы күнинде, бир бөриге жем болыр» дейди. Омархан патша болса, әмири Аллатаала болса, Омархан мажазы уллы патша, бизлер бөри болсақ, жолбарысқа ушырармыз,-деп Шораның кейнине ерди. Шора буларды ертип Омархан патшаның алдына алып келди. Әне, булар атыдан жерге түсти. Ат қазығын жерге басып, Омархан патшаның аяғына бас урды. Бийлердиң гүлли гүнайыны Шора ханнан тилеп алды. Алтмыш еки әмелдарды ханнан айырмай, ханды алтмыш еки әмелдардан айырмай, мәрт Шора буларды биймалал етип жарастырып көристирди. Омархан патша бул саўдаларды көрип ўақты зияда хош болды. «Сөзиңди биреў сөйлесе, тилиң қышып барама, исиңди биреў ислесе, қолың қышып бара ма» деген бурынғының нақылы. Әне, енди Омархан патшаның алды малға, кейни шанға толып, баласы Шора менен қосылып қалаға қайтты, дәрўазаға келеди.

Бәлент көше, пәс көше,
Беглер жүрген тар көше,
Көшелерди аралап,
Хан есиги латқажай,
Тар қапылы кең сарай,
Перзентин ертип Омархан,
Бәргасына келе қалды жақынлай.
Патшалығын билдирди,
Усталарды жыйдырды,
Шаңарағы дәнданнан,
Уўығы бар гүмистен,
Босағасын борлатқан,
Керегесин сырлатқан,
Ақ әнжим менен тақтырған,
Ушыға менен жаптырған,
Мақпалдан туўырлық туттырған,
Үйине тутқан шийлерни,
Жарасықлы болсын деп.
Алтын менен гүмистен,
Иреңбе-ирең хәл қылып,
Айқастырып байлатқан,
Ақ орданың аўзыны,
Дәл қублаға қаратқан.

Сайыбқыран мәрт Шораның үстине жүзде тоқсан баслы отаў қурды. Әне, Шораны отаўға алып барды. «Ерге етсең хызметти, ер жеткерер мақсетке, пирге етсең хызметти, пир жеткерер муратқа» деген нақыл бар. Шораның пири себепкер болып Шубарды ғайыптан жетирди. Шора Шубардың белине минип, Омарханның елине келди. Омархан Шораны көрип, ўақты зияда хош болды. Енди Шора патша инам еткен жүз де тоқсан баслы отаўда бола берди.

Енди сөзди Омархан патшадан еситиң.

Алысына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Төрткүллеп ошақ ойдырды,
Елиндеги мүсәпирди,
Наны-гөшке тойдырды,
Ат шаптырды,
Палўан туттырды,
Алтын қабақ аттырды,
Нақыра, сырнай тарттырды,
Дуўтар, сийтар,
Тамбур, гиржек,
Отыз еки сазларды,
Бир қулақтан дүзетип,
Патшалықтан шерттирди.

Әне, енди той да бола берсин. Сөзди алтмыш еки әмелдарлардан еситиң.

Арқадан даўыл турды, ханды қуда урды, ессиз айып патшалық, отқа салған жиңердей парлады, жанды кетти. Жер сатқан жалаппаз, қарақалшы қумарпаз, ата менен енеден қатыбезер алған, қашып елинен шыққан бир жалатайға малы-мүлкин, тажы-тахтын, толы журтын берди, оның шерлигин билмеди. Хан ықтықатын берди. — Ханға айтсақ сөзимиз өтпейди, арызымыз сирә питпейди, бизлердин сөзимиз тыңланатуғын есик бар ма? — деп биреў-биреўинен сорады.

Биреўи турып айтады:

— Аға, бурынғының нақылы — «жолбарыстың еркеги де мал алады, урғашысы да мал алады» деген бар. Буннан кетсек, ханның қызы шахзада Қарлығаш айымға барсақ, Шораны жаманласақ, айнытсақ, оны бир қуўса Қарлығаш қуўар, — деди.

Хәммесине усы сөз мақул болды. Әне енди беглер Қарлығаштың бәргасына қарап жөней берди. Сөйтип, беглер Қарлығаштың үйине келди. Келип сәлем берди, сәлемин әлик алды.

— Ағалар, жолыңыз болсын, қаяққа барасыз? — деп Қарлығаш айым сорады.

Беглер айтты:

— Жол болса, әлей болсын, бир кәлийма сөз сорамаға келдик, — деди.

— Ағалар, не сорайсыз? — деди.

Беглер айтты:

— Қарлығашжан, ябы менен бедеўдиң өңиниң бир болғаны, якшы менен яманның көңилиниң тең болғаны, таўықның қаны менен таўыстың қаны қосылып рәңбәрең хәл болғаныны, патшаның гәдайдан, гәдайдың патшадан үйленген жерин сорамаға келдик,-деди.

Қарлығаш айым айтты:

— Ағалар, ябы менен бедеўдиң өңиниң бир болғаны, якшы менен яманның көңлиниң тең болғаны, таўықның қаны менен таўыстың қаны қосылып рәңбәрең хәл болғаны, патшаның гәдайдан, гәдайдың патшазададан үйленген жерин бизлер де көргенимиз жоқпыз ағалар, — деди.

Беглер айтты:

— Қарлығашжан, бизлер соны көрдик, — деди.

Қарлығаш айтты:

— Қайда көрдиңиз?

Беглер айтты:

— Сениң атаң Омарханда көрдик, көрдик те күйдик, — деди. — Муннан Қарлығашжанға айтпасақ, ертең уялтып жүре ме деп, атаннан қорқа-қорқа, үрке-үрке усы жерге өлейик деп зордан келдик, — деди.

— Ағалар, — деди,-ханда қырық кисиниң ақылы болады деп еди. Атамда қырық кисиниң ақылы болмаса да, өзине боларлық ақылы барды. Ол жигиттиң бир жеринде болмаса, бир жеринде кәсийети барды. Атам мени әнейи жигитке үш сазыўар етпес, хәлек болмаң, қайта бериңлер, — деди.

Сонда бәри беглер айтты:

— Қарлығашжан, оның не кәсийетин сорайсаң? — деди.

Қыз айтты:

— Оның не кәсийети бар? — деди.

Беглер айтты:

— Оның-ғо сөйлейтуғыны өтирик, ететуғыны урлық, гүўалыққа отыр десең, олла-билла деген сөзден қайтпайды, басқа кәсийети жоқ оның, — деди.

Қарлығаш айым айтты:

— Ағалар, қәдимнен қалған сөз, бурынғының нақылы — «ата ҳаққы - қуда ҳаққы, ене ҳаққы - пайғамбер ҳаққы, ата ыразы болмаса қуда ыразы емес, қуда ыразы болмаса ата ыразы емес, енең ыразы болмаса Кәбаға жүз мың тәўбе қыл, тәўбең қабыл емес» деген бар. Ата-енем ыразы болса, оларды еталмаспан наразы. Қулға берсе кетермен, қулдың қосын жетермен, бийге берсе кетермен, бий хызметин етермен, сартқа хәм берсе кетермен, сарттың қосын хәм жетермен, ата-енем мени ыразы болып берген болса, шаны ша, геданы геда демеспен. Ата-енем ыразы болып берген болса, мен соны қабыл еткеним, соның менен кетермен, хәлек болмаң, кете бериң, — деди.

Бийлер айтады:

— Атасы емес, қызын да қудай урған, емешеси қурып, ет асқан үйдиң көпегиндей үңилип, қашан Шораның дийдарын көремен деп, отырыпты-ғо силеси қатып, маңлайы қурып, — деп, қыздан да сөзи сынып, ғырлап кейнине қайтты.

Әне, енди сөзди Қарлығаш айымнан еситиң. Қарлығаштың иши улы-ғулпылды болды. Кәнизлерди жыйнап алды, кәнизлерге қарап Қарлығаш айым гәплей берди:

— Жәм болыңлар, хәммең мында келиңлер, айтқан бул сөзиме қулақ салыңлар. Атам мениң Омархан ғайыптан жигит алып келипти, бәлент пе екен, пәс пе екен, жақсымекен, жаманбекен, жақсы болса баралы, жаман болса, айтып кел, дәрриў елден қуўалы.

Бул кәниздиң ишинде бир кәнизи бар еди, узын бойлы, тереӊ ойлы, ақылы пүтин, еси тыныш, лаби жуқа, гәпке уста, атларыны сорасаң Ләгзен айым дер еди. Ләгзен айым арыз етти, айтып сөзин баршаға етти:

— «Адам бир көрингенде жылан, еки көрингенде ысық көринеди» деген, Бийбижан. Бир көрип, «жақсы» деп келсем, жылан шықса, «жаман» деп келсем, жақсы шықса қәнекей, жаман дегениң жақсы шықты, деп гүржилерге тартырарсаң өзим. Бәлентин, пәсин биле алмайман, апажан, — деп арыз етти.

Қарлығаш айым айтты:

— Ақылың болса аңла, қулағың салып гәп пәмле, айтпақ меннен, еситпек сеннен.

Жақсыларға гәп айтсаң,
Гәп мәнисин аңлайды,
Ақымаққа гәп айтсаң,
Түсинбейди гәпине,
Өлимнен жаман қыйнайды,
Төрт аяғы тең жорға,

Сүдигарда бузбайды,
Аяғында кем жорғаның,
Тегис жолға салып сүрсең де,
Сүдигардағы жорғадай болмайды,
Ал, анайы артық жигитти,
Мың сүринтемен десең де,

Бир сөзинен танбайды.
Алакайым әлденки,
Ләтепәм, келте қоныпқа,
Мың костарлық етсең де,
Сениң айткан сөзинди,
Күни-күни келгенде,

Ызылдап турған шыбын шелли көрмейди,
Жақсының өзи де жақсы,
Сөйлегенде сөзи хәм жақсы,
Қарағанда көзи хәм жақсы,
Сиз, биз деп айткан,
Хошмулақат гүрриңи де жақсы.

Жақсы менен сөйлессең, қамырдан тартқан қылдай, зергерлер тартқан сымдай, аўзы жаманның сөзи жаман, жени жаманның қолы жаман, әзели жаманның өзи жаман, деген. Жаман менен сөйлессең, шигинниң қамырындай гәпиниң басы бирикпейди, «жүўермек ары отыр, бери отыр» деген сөзи көп болады. Буйеринен аңламаймысаң, заңғардың қызы? — деди Қарлығаш айым.

Сонда кәнизек:

— Әжеп, бийбим, билсем биле қояйын, қуда дәс берсе, көре қояйын, — деп, бул да бир хәкери құрғыр екен, секирип жайынан турды, шаштәрездей акты, қызылды әлем байлағандай орастырып алды. Тилла кесени алды, гүлгин шарапты қуйды, он еки қылық пенен, үш жүз алтмыш наз менен, қырық-елиў жилўа билен оратылып-шырматылып, Шораның отырған отаўына келди. Әне, енди бир бармағы менен есикти ашып кесени қолына алып, Шораға қарап кесени узатып, әне, Ләгзен айымның Шораға қарап айтқан сөзи:

— Яппар игем қайғы дәртке салдырды,
Жамалгенең ақыл-есим алдырды,
Мәй бермеге ир-ирадам жетпей тур,
Алтын кесе оң қолымды талдырды.

Ашық болған дәрья киби тассын деп,
Тама беги жиңишке белден қушсын деп,
Базарлыққа ярың шарап келтирди,
Қумар болса өзи алып ишсин деп.

Минген бедеў дағыстанда желдирди,
Нашарлығым қурсын, ақлым алдырды,
Мәй бермеге ир-ирадам жетпей тур,
Тилла кесе оң қолымды сындырды.

Бедеў минип бул майданда желсеңе,
Айтқан бул сөзимди мақул көрсеңе,
Мәй бермеге ир-ирадам жетпей тур,
Алтын кесе тезирек қолдан алсаңа.

Енди Шора тостағандай толы көзин төңкере берип қарады, ызылдап тур бир кәнизекти көрди. Мәрт ашыўы келип, кәнизекке қарап бир-еки аўыз сөйледи:

— Қоржайға салғанман Хәўдектиң ғазы,
Ғош жигит қолында тилладан сазы,
Хәйел турып ери хызмет етер ме,
Әдепсиз, ийкамсыз, көргенсиз қызы.

Бедеў минип бул майданда желмеспен,
Сендей бийопаны ярым демеспен,
Аштан өлип усы жерде қалсам да,
Өзлигимнен барып кесе алмаспан,
Көсилген аяғым саған жыймаспан.

Садағыма санап салдым сексен оқ,
Шүкир, яратқаннан мениң қарным тоқ,
Хәйел турып ери хызмет етпеклик,
Бизиң елде ондай сирә дәстүр жоқ.

Сөз сөйлеймен бу йерлерде қара бек,
Бизлерден сизлерге, заңғар, сөз керек,
Миллетли шарабың маған дәркар ма?,
Көп сөйлеме, қайт кейниңе бийдәрек.

Сол ўақтында Ләгзен айым Шораға қарап деди:

— Бедеўге ярашқан алтыннан таға,
Ғош жигит басында барды жүн жыға,
Отырған орныннан түргелме, бегим,
Мендей кәниз болсын сеннен садаға.
Минген бедеў дағыстанда шайлансын,
Саған душпанлардың қолы байлансын,
Отырған орныннан түргелме, төрем,

Мендей кәниз жамалыңнан айналсын.
Бедеў минип бул майданда желейин,
Хақтың салған саўдасына көнейин,
Отырған орныннан түргелме, бегим,
Алтын кесе өзим алып барайын.
Гүлгин шарап мен ләбиңе қуйайын,
Өлгенше сипсекеш болып жүрейин.

Енди есикти көтерип қараса, Рүстем киби айбатлы, суймурықтан сымбатлы, арбадан кең көкиреги, арыстан жуўан билеги, тепсингенде ер қорыққандай, дәрья қатып муз болғандай, айбатына келгенде дәлеўлескен қалмақтың тоқсанға шыққан кемпири қорыққанынан қыз болғандай, керегениң шуңақ басынан болып отырған бир жигитти көрди. «Адам қысынғанда терлейди» деген нақыл ырас екен. Бул заңғар терден хәм өтисти, дөгереги суўғарған янлы болды, қолындағы кесени я Шораға бергенин, я жерге төккенлигин хәм билмеди, гәрип кеўнин хошлап, аяғын шерек танаптан ташлап, каттырақ жүрейин десе, екки емшегин меккемирек устап, жуўырып-жортып, қызара бөртип, Қарлығаш айымның қасына

келди. Қарлығаш айым сорады:

— Қәне, бийбим, бардың ба? — деди.

— Бардым? — деди.

— Көрдиң бе? — деди.

— Көрдим, — деди.

Қарлығаш айтты:

— Қалай жигит екен? — деди.

Ләгзен айым айтты:

— Несин сорайсаң, кудай шебер сени оған қосқан, оны саған қосқан. Көп хоширей, бәрна бир якшы жигит екен, апа, — деди.

Қарлығаш айым айтты:

— Заңғардың қызы, аўзыңды бухары шәккидей соза берме, сөзим менен сөзимдей, өзим менен өзиңдей, ол не гәп айтты, сен не гәп айттың? Екеўиңнен айтқан сөзиңди яғлы бери алдымнан өткер, — деди. — Жүгирек аттың, якшы жигиттиң қәдиринен сен не билесең, сен якшы деген менен, мен якшы демеспен, заңғардың қызы, — деди.

Ләгзен айым сорады:

— Апа, ырас айтасаң ба? — деди.

Қарлығаш айым айтты:

— Ырас айтаман, — деди.

Ләгзен айым және сөйледи:

— Шораның тәрийпин айтсам я қуўанып кете ме, я бийтақат бола ма, оғада болмаса жүреги жарылып өле кала ма, деп қорқып отыр едим, өзиңе инсап берсин. Керегеге асыл, ләңгер төк, мен айтып болмастан бурып жуўырып кете берме, апа, — деп, әўели сүйинши сорап, соңынан мақтап, енди Қарлығаш айымға қарап Ләгзен айымның айтқан сөзи:

— Он гүлиң бар, бир гүлиңнен гүлғумша,
Тақатың болмайды оны көргенше,
Тама бегди көрдик, апа, биз тойдық,
Хызметкерге бере бериң сүйинши.

Қәтерге ярашқан жүк билен нарша,
Тақатың болмайды аны көргенше,
Тама бегди көрдик, апа, биз тойдық,
Хызметкерге бере бергил сүйинши.

Ақ жүзине жарасады кәкили.
Хешкимлерге питмес оның қылығы,
Адам уғлы бул инсанға мегземес,
Бийиштеги хүри ғулман қулыны.

Алтыннанды ақсаўыттың қыяғы,
Тас қақса айрылар бедеў дойнақы,
Адам уғлы бул инсанға мегземес,
Йүсиби кәланға мегзер сыяғы.

Таза тарлан талпынарлар уяда,
Хеш мусырман сарғаймасын қыяда,
Аны көрсең хәрбир жериң мой берер,
Кимди якшы десең шундын зияда.

Беллеринде барды тилла кәмары,
Көргенлердин кетер ақыл дәрманы,
Қырықтың бири болып жүрсем кейнинде,
Ләгзен айым дерлер, жоқты әрманы.

Сол ўақтында ханның қызы Қарлығаш айым секирип жайынан турды, орамалын қыя шалды, жуўырып-жортып енесиниң қасына келди.

— Қәне, ене, бул не саз, бу не шәўкет, бул не хаўаз? — деди.

Енеси сорады:

— Балам, бийхабармедиң? — деди.

Қарлығаш айтты:

— Кудай сақласын, хабарым жоқ, — деди.

— Хабарың болмаса, балам, — деди, — атаң Омархан ғайыптан бир жигит алып келип, соған сени берейин деп атыр, сениң парыз тойың деп еситемен, балам, — деди.

— Онда, ене, атама бар, — деди. — Сол жигитке мени бергенлигин, я бермегенлигин билип кел, — деди.

— Әжеп болыр, балам, — деп, енеси жайынан турды, он еки қылық билен, үш жүз алтмыш наз билен, қырық-елиў жылўа билен Омархан патшаның алдына келди. Келип ханға сәлем берди, сәлемин әлик алды. Сол ўақтында ханым патшаға қарап:

— Еси кеткен Омархан! Я еси кеткен күледи, я қуўанған күледи. «Жылағанды сорма, күлгенди сор» деген нақыл бар. Бул тойды нене мәс болып берип атырсаң? — дейди.

— Ўақтыхошлыққа берип атырман, — дейди.

Ханым айтады:

— Ўақтың шәндан хош болып, улыннын тойы бармеди, қызыннның тойыбар меди, неңе мәс боласаң сен?

Омархан айтады:

— Ғайыптан бир жигит алып келип, сол жигиттиң ўақтыхошлығына берип атырман тойды, — деди.

Ханым турып айтты:

— Бизиң хәм хабарымыз бар, — деди. — Ол жигитке ат берипсен, тон берипсен, жегендей нан берипсен, жолаўшының көпегиндей қыйсанлап ере берди ме, я болмаса оннан да басқа бир нәрсе беремен деп өтлеткен жағдайың бар ма? — деди.

Омархан айтты:

— Жалғыз қызымды беремен, деп ўәде қылдым, — деди.

Ханым айтты:

— Қараман ағаш — қатты ағаш, ийилгени сынғаны, патша еки сөйлесе, ол патшаның өлгени, журты қарап болғаны. Ертең бул жақтан Қарахан жаўың келсе, я берген малың жоқ, я берген пулың жоқ, я берген қызың хәм жоқ, хешкимнин тастай алмай жүрген жаны жоқ. Неңе қызып урсады, сениң беретуғын қызың болса, бер, — деди.

Омархан айтады:

— Саған айтпаға баталмай отыр едим. Сен хәм ыразы болсаң, мен хәм ыразы. Моллалар, турың, некайы мусырманшылық пенен Қарлығашты Шораға берин, — деди.

Моллалар жайынан турды, хат қәлемин алып, кеўишлери сылпылдасып, көшелерди аралап келе берди, бир айланба көшеде ханның қызы алдынан шыға келди.

— Кәне, молла ағалар, жолыңыз болсын, қаяққа барасыз? — деди.

Моллалар айтты:

— Сени некайы мусылманшылық пенен Шораға бермеге киятырмыз, — деди.

Қарлығаш айтты:

— Еси кеткен моллалар, некең болса қыя бер, қайлардан қайда жүр един? — деди. — Мен ўәкил ықтыярымды кешегиниң алдындағы күни берип қойып едим, хәлек болман, қайта берин, — деди.

Моллалар жасаўыл хаққынан қуры қалды, гүпбаў пулына ийе болды. Ол жақ, бул жаққа жуғырып жүргенге, алағайым, әлденки, ләттепәм, келтеқоныш, деп отырған шығарсызлар, бас емес, аяқ емес, жаўырынлары қақпақтай, бурымлары тоқпақтай, ақ жүзине қал қойған, ләблерине бал қойған, қылығы менен күйдирген, назы менен сүйдирген, мәширеп түрме оранған, еки жүзи гүл-гүл жанған, айға «сен пәкиземисең, жоқесе мен пәкиземен бе?» деп қарағанда, айдың жүзин булт алып, маңлайы қурып, пияда қалған, бәлки ай менен де даўагер болған, айдай бети мақтадан да ақ көринер, имансыз найсаптың ети, көшеде жүрген жигитти күйдиреди қылығы менен хызмети, бәдениниң ақлығы, өзиниң бәрналығы, жутқан асы тамағынан, дәрейи көйлек сыртынан жылдыр-жылдыр болып теңгедей болып көринген, қарағай бармақ, жез тырнақ, дәли көңли көз ойнақ, ап-аппақ, йупқа додақ, бир әлўан тәўир қыз еди. Бул заманның дәстүри ол заманда хәм бар еди. Күйеў иште болса, қыз сыртта, қыз иште болса, күйеў сыртта, жеңгелери қол устатар қәдени алатуғын ол заманда да бар еди. Оннан келди, буннан келди, Айхан, Гүлхан жеңгелери жәм болды. Сонда Қарлығаш айым:

— Айхан жеңге, Гүлхан женге, келинлер,
Оның сүйең оңымнан,
Оның сүйең шебимнен,
Жүрмеге халым келмей тур,
Тартың дәрриў қолымнан,
Айхан жеңге, Гүлхан жеңге,
Сеннен басқа ким бар өңге.
Салып шашбаўын ләгенге,
Салланып айым жөнеди.
-Жүргенде жаным күйеди,
Күйгени жанға тийеди,
Қайырып тасла зулпымды,
Өйбей, бетиме бийжай тийеди,
Гейўшимди қағып қой,
Пәтеги шаң болмасын,
Ғайыптан келген төремниң,
Тәбзи-ырайы қайтпасын,
Көшеге суў септирегөр,
Жүзиме шаң урмасын.
Кимселер пош-пошлап жүрген,
Кимселер сипсекеш болған,
Қарлығашты көрмек ушын,
Не пәкизе жигитлер,
Мудам хызметте жүрген,
Сарғаяды, солады,
Бағры оттай күйеди,
Өйбей, өлдим, женге, деп,
Шықты мениң жаным деп.
Қызлар кетип барады,
Келтертели бу сөзди,
Артқы етеги басылып,
Душпанның бахты кесилип,
Арасы жоқты қырық адым,

Шығып еди куптанда,
Әйне таңның алдында,
Өйбей, өлдим, жеңге, деп,
Шықты мениң жаным, деп,
Шора отырған отаўдың,
Босағасына асылды.

Қарлығаштың жүзиниң аклығы, өзиниң бәрналығы, он төрттен туўған айдың жақтысындай отаўдың ишкерисине түсти, мысалы күндизгидей болды. Баяғы Ләгзен айым барғанда қозғалмаған Шора секирип жайынан турды. Енди ханның қызы Қарлығаш айымға қарап өзиниң миймандаршылығын айтып Ер Шора гәплей берди:

— Бедеў минип дағыстанда желгенмен,
Хақтың салған саўдасына көнгенмен,
Узақ жолдан келген енди биз мийман,
Несип айдап мийман болып келгенмен.
Ашылғанда бағда гүллер тергенмен,
Бедеў минип дағыстанда желгенмен,
Узақ жолдан келген енди биз мийман,
Мийман болып бул үлкеге келгенмен.

Сонда Қарлығаш айымнан еситиң сөзди:

— Келен мийман, болан мийман,
Мийман келсе қал үстине,
Ақ сийнени қоша нар үстине.

Сонда Шора Қарлығаш айымға қарап:

— Қызыл жегде, ақ жегде,
Жүзиң гүл-гүл жанады,
Хәр жүзиңнен поса бер,
Өпкенде мийрим қанады.
Шийўели қара көзлим,
Әреми ярым кел бери,
Күншығардан бир ай туўды,
Көрдим ярының ямалыны.
Аш, гөззел, көкси бәнтини,
Көксиң жәннет маўайыды,
Жүзиң айдын, жылўалыды.
Қойның жәннет шамалыды,-

деп, Шора қызға жақын келди. Қаршыға мәкийен қырғаўылды қапқандай, шырп етип белден қушты, сыпсыңласып сөйлести, Қарлығашты қулатты, сыңсыллатты-жылатты, шашбаўым арқама батты, қойсаңа төрем, уятты. Әне, Шора менен Қарлығаш айым мәс болып отаўда бола берсин. Ендиги сөзди Қылжалеўдиң шәхәринде Султан Темир Қараханнан еситиң.Анда айтады Қарахан:

— Темирхан мында кел деди,
Гәпиме қулақ сал деди,
Омарханға бар деди,
Батыл диннен дөнсин,
Мыстан еди шәрьяр.
Буттан еди пайғамбер,
Латыманат кудайыма,
Ноғай динин берсин,
Жалғыз қызы Қарлығашты,
Саўғатқа әкеп бер деди.
-Әжеп болыр, ханым деп,
Темирхан жайдан турады,
Сырлатып хатты жаздырды,
Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Сораған халқын жыйдырды,
Көриң хақтың әмирини,
Ат шаўып, бәлент пәсине,
Қайыл қалың патшалықтың исине,
Ол түтинге бир кисини айдады,
Темирхан қалмақ Омарханның үстине.
Екеў-ара бекаўыл,
Үшеў-ара жасаўыл,
Төртеў-ара қараўыл,
Қараўыл қойып айдатты,
Ол да атланды қаладан,
Бул да атланды қаладан,
Қатыны өлген бахтықара,
Тул да айланды қаладан,
Баярынан азат шықпай,
Қул да атланды қаладан,
Тай минген де қалмады,
Бийе минген де қалмады,
Кәрик минген, кәркидан минген,
Пил минген әскердиң,
Есабы, саны болмады,
Бийик-бийик нурадан.
Суўлар аққан жырадан,
Түлки жүрмес түнейден,
Түнде кетип барады,
Қарсақ жүрмес қалыннан,
Муннан да өтип келеди,
Айдын-айдын көллердиң,
Суўын ишип барады,
Бөлек-бөлек суўлардың,
Балығын алып келеди,
Аламанның көплиги ме, азлығы ма,
Алды қонған жерине кейни келип,
Үш жарым күнде қонады,
Салқын менен жол жүрди,
Сағым менен өндирди,
Азғана емес, мол жүрди,
Қырық күн анық жол жүрди,
Бедеўдиң жалын тарады,
Қалмақ күнге жарады,
Қырқар туўдан қырқа-қырқа,

Дурмийн билен қарады,
Дурмийн билен қараса,
Бир пақшасы гүмистен,
Бир пақшасы алтыннан,
Бир пақшасы яқыттан,
Бир пақшасы зәрбарақ,
Бир пақшасы шамшырақ,
Және қырық гез ғарғалық,
Омарханның қаласын,
Қалмақ сонда көреди.

Әне, Темирхан қалмақ әскерлерин усы жерге қойып, ақ қағазға хат жазып, араға елши салады. Елшиге қарап Темирханның айткан сөзи:

— Буннан енди бар деди,
Омарханды көр деди,
Батыл диннен дөнсин,
Мыстан еди Шәрьяр,
Буттан еди пайғамбер,
Латыманат қудайыма,
Ноғай динин берсин,
Жалғыз қызы Қарлығашты,
Қарахандай ағама,
Әкелип сауғатқа берсин.
Батыл диннен дөнбесе,
Мыстан еди шәрьяр,
Буттан еди пайғамбер,
Латыманат қудайыма,
Ноғай елин бермесе,
Ақсақ атын емлетсин,
Бийғапыл қалып жүрмесин,
Семиз атын таплатсын,
Бузық тобын дүзетсин,
Кетик тобын қуйдырып,
Қарағай найзасын саплатып,
Урыс жайын гөзлесин,-деп,
Ақ қағазға хат жазды.
Темирханның елшиси,
Қолына қағаз алады,
Кәркиданын секиртип,
Лалайыны айтып,
Рүстем киби айбат етип,
Омархандай ханлардың,
Қаласының дәрўазасына келеди.
Дәрўазадан киреди,
Бәлент көше, пәс көше,
Беглер жүрген тар көше,
Айланыш көше,
Кең көшени аралап,
Хан есиги датқажай,
Тар қапылы кең сарай,
Омархандай ханлардың,
Бәргасына келеди.
Омархан енди қарады,
Кәркиданды көреди,
Ол жайынан турады,
Мына енди олқалмақ,
Қолындағы қағазды,
Омарханға береди,
Омархан муны көреди,
Қағазды қолға алады,
Хатты көрип қуўанды,
Оқый келип суў алды,

Омархан сонда сөйледи:

— Атана нәлет Темирхан,
Урмасын қара тобыны,
Билдирмесин көбини,
Исенбесин тобына,
Буўсанбасын көбине,
Топ та бизден табылар,
Көп те бизден табылар,
Аламаным жыяйын,
Бузық тобым қуяйын,
Ақсақ атым емлетип,
Өзим өлмей қалмаққа,
Нетип диним берейин,-деп,
Хат қайтарды Омархан.
Әне, Омархандай уллы хан,
Уллылығын билдирди,
Моллаларды жыйды,
Сырлатып хатты жаздырды,
Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Сораған халқын жыйдырды,
Ат шаўып бәлент-пәсине,
Қайыл қалың патшалықтың исине,
Ол түтинге бир кисини айдады,
Омархан патша Темирхан қалмақ үстине.
Екеў-ара бекаўыл,
Үшеў-ара жасаўыл,
Төртеў-ара қараўыл,
Шыңдаўыл қойып айдады.
Ол да атланды қаладан,
Бул да атланды қаладан,
Қатыны өлген бахтықара,
Тул да атланды қаладан,
Тай минген де қалмады,
Бийе минген де қалмады,
Пияда жүрген ноғайдың,
Есабы-саны болмады,
Ким ағаға хошласып,
Ким инигe хошласып,
Ким балаға хошласып,
Шыға берди қаладан.
Бедеўдиң жалын тарады,
Омархан күнге жарады,
Аламан айдап, топ сүйреп,
Темирхандай қалмақтың,
Оң жағына келеди,
Келип туўын тигеди,
Ол бәргасын қурады.

Әне, аламанын токтатып, Омархан патша дем алып турады. Ол заманның урысы, усы заманның гүреси такылетте болар ермиш.

Омарханнан бир палўан,
Темирханнан бир палўан,
Ортаға шыкты шул заман,
Омарханнын палўаны,
Берекети кашады,
Әрўағы жаман ушады,
Залел еткен адамдай,
Еки ийнин кысып,
Ол ортаға шығады.
Темирханның палўаны,
Омарханнын палўанын,
Оң келгенин оң тутты,
Шеп келгенин сулатты,
Кашалмаған жаманды,
Бир шапканда кулатты,
Карсы келген адамды,
Как манлайдан шабады,
Дуўры келген адамды,
Түйреп шаншып келеди,
Менмен деген ерлерин,
Кайтпай шапкан нарларын,
Қолы мөрли бийлерин,
Бир шапканда кулатып,
Қырғын етип келеди.
Жасыл туўын жайнатты,
Кызыл туўын кыйратты,
Ак шадырын, көк шадырын,
Түйектей косып айдатты,
Қырғын етти бул калмак,
Қылыш дәркар жеринде,
Қылышка хызмет буйырды,
Найза дәркар жеринде,
Найзаға хызмет буйырды,
Қылыш кесер әлеп-жәлеп,
Истер көңли мунық тәлеп,
Жети кесе гүлгин шарап,
Ишилди майдан ишинде,
Ғош жигиттин шийрин жаны,
Үзилди майдан ишинде,
Мусылманнын кызыл ханы,
Төкилди майдан ишинде.
Дәли көңли ташады,
Қалмак кайнап йошады,
Мусылманның геллелерин,
Салғам янлы майданда,
Домалатып кеседи,
Шөллегенде кызыл канды,
Суў орнына ишеди,
Қырғын етип барады,
Он төрт күн урыс болады,
Он төрт күн урыс болғанда,
Өлген өлик көп болды,
Дийўан хатка салады,
Шот қағып санап алады,
Мусырманнан он бир жүз палўан,
Пәнийдин дәрул-бакыға,
Шейит ағла болады,
Шейитлердин шарапатынан,
Бейиштиң капысы ашылып,
Мүшиги әмбердин иси,
Ялғаншыға урады,
Көктеги масайыклар,
Тамаша әйлеп турады.

Әне, Омархан ҳәм бола берсин. Ендиги сөзди алтмыш еки әмелдардан еситиң. Алтмыш еки әмелдар иши күйди, бағры янды, аркадан даўыл турды. «Омарханды кудай урды, Шораға нан берди. Наннан соңыра тон берди, астына ат берди, жалғыз кызын да берди. Шораны Омархан урыска алып келмей калада саклай берип, енесине ер кыла ма» деген гийне сөзлер де көп болды. Омархан патшаның еси-дәрти болмады. Енди алтмыш еки әмелдар «Омархан-ғо козғалмады, өзлеримиз-ак адам жиберейик» деп калаға қуптан ўақтында Шораға кос жасаўылды жиберди. Жасаўыллар калаға келди. Дәрўазаманға хабар берди. Дәрўазаман түнкатарына хабар берди. Түнкатары есикағасына хабар берди. Есикағасы мәхремине хабар берди. Мәхреми танның алдында ханның кызы Қарлығаш айымға хабар берди. Хийўалынын өтелек тартып казған казыўы янлы етип, Қарлығаш айым жайынан турып, намаздың парыз ўақтында Шораның үстине келди. Келип карады. Он төрт жасар бир уғлан кудаға нала кылған, ғәплет уйкыда жаткан, кәкилине өткергени Ҳәзирети Шаҳымардан зумырады лалымаржан, жүзиниң ағы Ҳазарыстын шарк алмасындай, ағы ак, кызылы басымырак, шийин-шийин, мәлеки-мәлак, терлеген бақыштың шериндей болып уйыклап атырған Ер Шораны көрди. Қыз кыял етти. «Бунық уйкысын бузған оңбас, берекет таппас. Бундай жигитти өлимге миясар көрген адам куда дийдарын ҳәм көрмес. Тамамы ноғай кырылса да өзи жайынан турмай, буған түргелип болмас» деп кыз шегинишлеп кейин кайтып турды. Келген ханнан жасаўыл «оят!» деп ҳәргиз коймады. Қыз кайтып оятарының есебин билмеди. Ол заманның кызы усы заманның кызындай ма, бул заманның кызы болғанда «атам шакырып атыр», деп айтар еди, бу заңғардың кызы кеўни бузылып, бағры езилип, көзинен аккан жаслары кәтире-кәтире якасына дизилип, енди мәрт Шораға карап:

— Патша болған сорайды екен арызты,
Мусылманға бес ўақлы намаз парызды,
Таңлар атып, күнлер шығып баратыр,
Бес намаздың бири калса, бири карызды.

Яппар егем қайғы-дәртке салмасын,
Жеккелигиң қурысын, ақылың алмасын,
Таңлар атып, күнлер шығып баратыр,
Турғыл төрем, намаз қаза болмасын.

Минген бедеў бул майданда желсеңе,
Айтқан бул сөзимди мақул көрсеңе,
Таңлар атып, күнлер шығып баратыр,
Таң намазың, төрем, тәкирар қылсаңа.

Әне, сол ўақтында мәрт Шора тостағандай толы көзин төңкере берип қарады. Қараса, көңли бузылып, бағры езилип, көзинен аққан жаслары қәтире-қәтире яқасына дизилип, жылап турған ханның қызы Қарлығаш айымды көрди. Шораның бейишке барып иманлы болғаны емес қыздың қайғысы, атасының әзиз тартып, душманның зор келгенин көзиниң жасынан билди. Енди мәрт Шора жайынан турып, ханның қызы Қарлығаш айымға қарап мәрттиң айтқан сөзи:

– Араларман бул майданда қыя даш,
Душман көрсем ағызаман көзден яш,
Елге душман келсе тәнҳа барайын,
Сылап-сыйпап Шубар атқа ерди салш.

Ҳәмирайым, бас жолдасым Қарлығаш,
Мойнына ярашқан тилладан тумар,
Сәўгил ярым, сеннен басқа кимим бар,
Елге душпан келсе тәнҳа барайын,
Сылап-сыйпап Шубар атқа ерди салшы.

Бедеў минип бул майданда желейин,
Ҳақтың салған саўдасына көнейин,
Өлтирсем қазыман, өлсем шейитпен,
Не салғанын душман менен көрейин.

Мына сөзди еситип,
Қыз жайынан турады,
Ол дәблеге келеди,
Көзгеңеңнен Шубарды,
Айылын алды, аўнатты,
Шийрин шөпти шайнатты,
Алтын егер, тилла жаббы,
Зершашақлы көйлекшени,
Ат үстине салады,
Төс айылын бек тартты,
Батыр жаўға барғанда,
Жаўға қылыш урғанда,
Дөнмелеспе келгенде,
Ер алдына кетерден,
Атты қолаў етер деп,
Жуп қуйысқан салады,
Батыр жаўға барғанда,
Жаўға найза салғанда,
Өрмелеспе келгенде,
Ер кейнине кетер деп,
Атты майып етер деп,
Жуп сийнемент салады,
Жуптан айылын шалады,
Таққан тилла тумарды,
Алып шықты ойнатып,
Ол дәбледен,
Көзгеңеңнен Шубарды,
Шора буны көреди,
Бадана көзли ақсаўытын,
«Жаў келди» деп оятып,
Қағып-силкип Ер Шора,
Оң ийнинен кийеди,
Бәнт-бәнтинен иледи,
Дуўлыға, шарайна,
Беллик, дизлик, қалқанды,
Таңыстырып алады,
Шарайнасы жалтырап,
Дуўлығасы қалтырап,
Ат ақылсыз болыр деп,
Жалын тартпай минеди,
Көгала қалқан жамылып,
Көкиреги оттан қамылып,
Ат қулаққа найза салып,
Найза ҳаўала қылып,
Енди саўашпаққа,
Мәрт Шора кететуғын болды.

Ханның қызы Қарлығаш ойлады. Шораны сынайын, барластырып көрейин, ақылмекен, ақмақпекен, батырмекен, қорқақпекен, «кетегөрме төрем» деп аттың жылаўынан алып бир-еки аўыз гәп айтып көрейин, деген нашардың көкирегине бир қыял пайда болды. Енди жайынан турды. Шораның алдына келди. Шубардың танапын алды. Әне, мәрт Шораға қарап, Қарлығаш айымның айтқан сөзи:

– Сени көрип мен жылайман зары-зар,
Нашарлықтан ғәрип кеўлим бийқарар,
Сал қулағың, еситмениң сөзимди,
Алғаныңның айтар саған арзы бар.

Кийген липасларым жетпес дизиме,
Нашарлықтан сепкил түсер жүзиме,
Өлген өлсин, қалған қалсын, қайғырма,
Ким кәўендер болар мениң өзиме?

Шаппай-желмей бул майданда майырар,
Ушпай-желмей қанатымнан қайырар,
Сен қайғырма ол ноғайлы елимди,
Душман көрсе сени меннен,
Мени сеннен айырар.

Араларсаң бул майданда қыя даш,
Батыр өлсе зая болыр нардай күш,
Өлген өлсин, қалған қалсын қайғырма,
Кетегөрме, төрем, дәрриў аттан түс,-

деп бул сөзди ала кылды. Әне, сол ўақтында мәрттиң ашыўы келди. Түклери тебендей шаншылып, ханның қызы Қарлығаш айымға қарап ашыўы келип мәрт Шораның айткан сөзи:

— Араларман бул майданда кыя даш,
Душпан көрсем ағызарман көзден яш,
Атланбастан бурын айтсаң болмай ма,
Атланған соң ирež берме,
Шашың узын ақылың келте,
Ақмақ туўған Қарлығаш.

Бедеў минип бул майданда желирмен,
Хақтың салған саўдасына көнирмен,
Өлтирсем қазыман, өлсем шейитпен,
Не салғанын душман менен көрермен,

Мойнына ярашқан тилладан тумар,
Сәўгил ярым, сеннен баска кимим бар,
Атланбастан бурын айтсаң болмай ма,
Атланған соң ирež берме,
Шашың узын, акылың келте,
Ақмақ туўған енеғар.

Қараман ағаш — қатты ағаш,
Ийилгени сынғаны,
Хаялдың тилин алғаны,
Ғош жигиттиң өлгени,
Астымдағы Шубарды,
«Табытым» деп мингенмен,
Қолымдағы ақ найзаны,
«Сайғағым» деп алғанман,
Үстимдеги саўытымды,
«Кепиним» деп кийгенмен,

Ол атадан болғалы,
Ал енеден туўғалы,
Ялғаншыға келгели,
Өлеримди билгенмен, — деп,
Қарамады жүзине,
Инанбады сөзине,
Атының басын бурып,
Кете берди жөнине.
Бәлент көше пәс көше,
Беглер жүрген тар көше,
Тар көшени аралап,
Дәрўазаға келеди,
Дәрўазадан өтеди,
Ол майданға шығады,
Ат қуйрығын өреди,
Ол қаладан шығады,
Тәнирге тәўекел етип,
Қалмақ пенен мусылман,
Саўаш еткен жерлерге,
Ат ойнатып келеди,
Ат кәкилин тарады,
Ер Шора күнге жарады,
Мусырманның әскерлерин аралап,
Омарханның шадырына,
Ат ойнатып келеди,
Қараны қара демеди,
Бегин көзге илмеди,
Өлимини Ер Шора,
Шыбын шелли көрмеди.

Әне, Ер Шора Омархан патшаның мәйханасына келди. Әне, Омархан патша Шораны көрди. Мәрттиң алдына келди. Мәрт Шора патшаға сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Омархан Шораға:

— Ҳәй, балам, адамлар сени «курт» деди. Мен курт емес, шер дедим. Олар ақмақ деди. Ақмақ емес, ақыл дедим. Олар жаман деди, жаман емес, жақсы дедим. Сөйткен бийлердиң халын көрейин деп атыр едим. Болмаса умытқаным жоқ едим мен сени. Мениң тилимди алсаң, ғырлап кейниңе қайтсаң, балаң жайыңа барсаң, сол жайыңда бола берсең, нешик болар екен уғлым? — деди. — Әўели өзим өлейин, мениң соңымнан өлсин, деп, өли күйигин көргенше, тири күйигин көрейин,— деп саған хабарласпай атыр едим балам. — Болмаса умытқаным жоқ едим сени.

Сол ўақтында мәрт Шора Омархан патшаға қарап:

— Қуда берген дәўлет меннен тая ма,
Деним саўда ким келеди саяма,
Ақ пәтиян бер де мени қоя бер,
Мен жалғызды, ата, жаўдан аяма.

Қуда берген ат басындай жүрегим,
Ақ найзаға жумыры питкен билегим,
Ақ пәтиян бер де, мени қоя бер,
Урыс еди жаратқаннан тилегим.

Қамшы урса ойнар, ата, тарланым,
Жаўды көрсе ғурыжланар палўаным,
Ақ пәтияң бер де, мени қоя бер,
Айдарҳадай дем шекип тур қылышым.
Қамшы урса ойнар, ата, тарланкөк,
Хаялдың әбирейи көйлек мен желек,
Ақ пәтияң бер де, мени қоя бер,
Ондай саўаш мендей жалғызға керек.

Өзиң берген Шубар аттың оңында,
Ер жигитке оны недур, бес недур,
Өзиң берген Шубар аттың оңында,
Ер жигитке елли недур, жүз недур,
Өзиң берген Шубар аттың оңында,
Ер жигитке төбе недур, дүз недур,-

деп кете берди жөнине.

Әне, енди Омархан патша Шораның мәрт екенлигин аңлады. Сыртынан ғайбана болып, перзенти Шораны әўел куда, қалды пирге тапсырып, патша гәплей берди:

— Мен жылайман бу жерлерде зары-зар,
Жалғызлықтан ғәрип кеўним бийкарар,
Барғыл, мийманымды саған тапсырдым,
Уранынңан айнанайын бирубар.

Арылғай басымнан күн-күннен думан,
Қайтып көреримнен көрмесим гуман,
Барғыл, мийманымды саған тапсырдым,
Ноғайдың бабасы Хожайы Жәхан.

Атын Қызыр, Нуратдинниң перзенти,
Уранынңан айнанайын,
Ҳәзирети Қызыр бабажан,
Қап таўын тутканды мийрими думан,
Қумбыздың пирисең я Мири Гүлал,
Барғыл, мийманымды саған тапсырдым,
Уранынңан айнанайын бабажан.

Қап таўында барды нешше мың дәўи,
Қолында тилладан барды кесеўи,
Барғыл, мийманымды саған тапсырдым,
Түркнин пири, я Хожахмет Яссаўий.

Беллерине буўған көшмири пота,
Бу сөзимде жоқты мениң ҳеш қата,
Барғыл, мийманымды саған тапсырдым,
Уранынңан айнанайын жан ата.

Қыяўмет болды күним,
Ашыра дөнди гүндизим,
Яраткан кәдир Алла,
Тапсырдым саған жалғызым,-
деп ақ пәтиясын берди.

Әне, мәрт Шора саўаштпаққа,
Аллалап ортаға шықты,
Я дәскири пана деп,
Я бир шери дарға деп,
Яраткан кәдир Алла,
Мен жалғызды колла деп,
Сүринер болсам бирубар,
Таянар болсам хақ жаббар,
Он бир ахмет, жетти султан,
Ҳалымнан болғай хабардар,
«Алла», «Алла» салады,
Жер де «Алла» салады,
Көк те «Алла» салады,
Бир өзинин «Алла»сы,
Сан мың қоллай болады,
Алла болды ураны,
Ақ найза болды кураны,
Аллалап сүрен салады,
Алдын кырдым дегенше,
Кейни нурлап толады,
Кейнин қырдым дегенше,
Алды гүўлеп толады,
Бири өлсе қалмақтың,
Мыңы таяр болады.
Қайтма, қайтма, сүлли деп,
Паналасып келеди,
Қырғын етти Ер Шора,
Қара лашын ушар болса,
Уша дағның басын көзлер,
Ғош жигит кирсе саўашқа,
Бесин шаншып, оның гөзлер,
Алма көзли дал бедеў,
Шабылды майдан ишинде,
Қалмақлардың қызыл қаны,
Төгилди майдан ишинде.
Қылыш кесер шәпиресте,
Өлик болды дәсте-дәсте,
Жасаў тартты бәлент-пәсте,
Қырғын болды майданда,
Қылыш кесер әлеп-жәлеп,
Истер көнили муның тәлеп,
Алтын кесе гүлгин шарап,
Ишилди майдан ишинде,
Ғош жигиттиң ширин жаны,
Үзилди майдан ишинде,
Қылыш қылышқа қақылды,
Найза найзаға соқылды,
Қылыштан шыққан отлары,
Жылдырым киби атылды,
Қырғын етти Ер Шора.
Ат мойнына тумар тақты,
Ер жолдасы - Кәдир ҳақты,
Үсти-үстине дабыл қақты,
Қалмақлардың қанлары,
Сай-сай менен шарлап ақты,
Қырғын етти Ер Шора.
Ертең менен болды урыс,
Урыста жоқты хәм турыс,
Айдархадай дем шегеди,
Балдағы алтын ақ қылыш,
Билегинде жалтырар,
Испиҳан соққан қылышы,
Рүстемнен кейин емес,
Мәрт Шораның урысы,
Силтегенде оңды, бести,
Туйдырмай кести алмасы,
Қырғын етти мәрт Шора.
Дәли көнили тасады,
Мәрт Шора қайнап йошады,
Қалмақлардың геллелерин,
Салғам янлы майданда,
Домалатып кеседи,
Шөллегенде қызыл қанды,
Суў орнына ишеди,

Адам өлди ат жығылды,
Сайлар өликке толды,
Қырғын етти Ер Шора.
Ақ шадыр, аппақ шадыр,
Ақ шадырда бег жатыр,
Лақ-лақ, топ-топ,
Аламан бийжай киятыр,
Мылтық деген патыр-патыр,
Үсти-үстине атылып атыр,
Қайтпа сүлли, қайтпа, деп,
Паналасып киятыр,
Жайға жаққан гиришти,
Алла оңарғай бул исти,
Ыбырсыған әскерге,
Мәрт Шора етти урысты,
Най үстине най шекилди,
Дәўлети тайып қалмақтың,
Тиккен туўы жығылды,
Қолда найза табалды,
Айралық дәрти жаманды,
Әжелли өлди, мийнетли бүлди,
Қылыштан аман қалғанлары,
«Әл аман», «Әл аман» деп,
Қаласына қашып барып тығылды.
Қашқан жаўға қатын ер,
Қуўмады мәрт кейнинен.

Әне, енди мәрт атының басын бурды. Атына қамшы урып, тоққыз күн урыс етип, Омархан патшаның алдына саў-саламат келди. Әне, Омархан патша перзенти Шораны көрди, ўақты зияда хош болды. «Әне ғайрат, әне күш, әне палўан, әне ис» деп мәрттиң ҳаққына Омархан патша қол көтерип, дуўа қылды. Әне, шул күн жатты, таң атты. Қараша жайынан турды, Темирханның алдына келди. Енди Қараша Темирханға қарап гәплей берди:

— Айнанайын хан аға,
Жаным сеннен садаға,
Телеген жүрмес журтыңа,
Тергеў салды бир сүнни,
Қодалақ жүрмес журтыңа,
Қозғаў салды бир сүнни,
Әжеллини өлтирди,
Мийнетлиниң бүлдирди,
Қырғын етти бир сүнни,
Аппазыхан, Тиллахан,
Тоқтаханыў, Полатхан,
Палўаныңды өлтирди,
Қырғынды қалды, ағажан,
Жатасаң ба, Темирхан?

Анда айтады Темирхан:

— Ҳа, Қараша, Қараша,
Еткен исим тамаша,
Бурын хабар бермейсен,
Етейин бе тараша?
Бурыннан хабар бергенде,
Етер едим тамаша.
Мениң керкиданымды,
Ертлеп келтир, Қараша.

— Әжеп болыр, ханым, — деп,
Қараша жайынан турады.
Керкаданын секиртип,
Алып келди Қараша.
Темирхан жайдан турады,
Керкиданға минеди,
Керкиданын секиртип,
Ләлалайыны айтып,
Урыс жайына келди.
Енди Шора қарады,
Темирханды көреди,
Темирхан сонда қарады,
Мәрт Шораны көреди,
Бадабат етип Темирхан,
Мәртке қарап сөйледи:

— Телеген жүрмес журтыма,
Тергеў салған ким? — деди,
Қодалақ жүрмес журтыма,
Қозғаў салған ким? — деди,
Тахтаханыў, Полатхан,
Аппазыхан, Тиллахан,
Палўанымды өлтирген,
Қандай қабылан ер? — деди,
Шубар атлы қурғымсақ,
Билесең бе, сен? — деди,
Хабарыңды бер, — деди,
Батыл диннен дөн, — деди,
Мыстан еди шәрьяр,
Путтан еди пайғамбер,
Кеседарлық етермен,
Латыманат қудайыма,
Диниңди бер енеғар.

Анда айтады Шорахан:
— Телеген жүрмес журтыңа,
Тергеў салған биз, — деди,
Қодалақ жүрмес журтыңа,
Қозғаў салған биз, — деди,
Тахтаханыў, Полатхан,
Аппазыхан, Тиллахан,
Палўаныңды өлтирген,
Қандарың Шора мен, — деди,
Ләлеўлемей сен қалмақ,
Қаныңды алсаң кел, — деди,
Ошбы демнен, енеғар,

Және ошбы дем деме,
Яшым он төртимледур,
Бәлки өзиннен сен бәрзенки,
Мен баланы кем көрме.

Анда айтады Темирхан:
– Сер-сермисен, сермисен?
Мен-мен деген ермисең?
Бир акшам корек етейин,
Әўсеек асым, боз қойым,
Жемисим Шора сенбисең?
Қабырғаңды бүгейин,
Кармап өтиңди алайын,
Яғаншыға, бәшшеғар,
Келмегендей қылайын,
Алайын бала жаныңды,
Ағызайын каныңды,
Көшедеги гүржиге,
Талатайын гөшиңди.

Анда айтады Шорахан:

— Араларман қыядаш,
Ағызарман көзиңнен яш,
Кимниң енди өлерин,
Кимниң аман қаларын,
Алла билер, қызылбаш,
Сөз сөйлеймен кара бек,
Меннен саған сөз керек,
Кимниң енди өлерин,
Кимниң аман каларын,
Алла билер, бәдирек,
Батыл диннен дөн,-деди,
Бәрхақ динге ен,-деди,
Ийман арзы сен келтирип,
Тез мусылман бол,-деди.
Сақалыңның ағы бар,
Өзиң кәпир болсаң да,
Жасуллылығың тағы бар,
Атыспағың керек пе?
Шабыспағың керек пе?
Жокесе алысмағың керек пе?
Әмелиң болса ал,-деди.

Әне, Темирхан ойлады. — Сүнни менен атыссам, мен атсам бир окты, сүнниниң пири кайтарса. Сүнли атса, бир окты мениң көкирегимнен өткерсе, мен әрманлы кетермен, — деди.

— Алыспақ, шабыспақ алты атаңның басына болсын, енеғар, — деди. — Бабамнан қалған, өзиме мураз айланған үш жүз алтмыш батман хамуўты гүрзи-гәррам шокмарым бар. Асманы пәлек самадан тастайман, үш мәртебе ураман, гүрзиниң зарпыдын қорықсаң, батыл диннен дөн. Мыстан еди шәрьяр, буттан еди пайғамбер, латыманат қудайыма диниңди бер, енеғар.

Әне, мәрт Шора дәўге үш мәртебе гезек берди. Дуўлыға, шарайна, беллик, дизлик, калқанды тутып алып, мәрт мәрдана турады. Дәўдиң кәхәри келеди.

Мына енди шокмардың,
Тутқасынан услады,
Ғәрип кеўнин хошлады,
Асманы пәлек самадан,
Айландырып, таўландырып,
Енди шокпар таслады,
Урған шокпар жуп тийди,
Дағы-таслар, каткан музлар,
Шигин көмген урадай,
Жерлер ләрзана келди,
Сарғайды мәрттиң гүл жүзи,
Таңлайында татыды,
Жаслыкта емген қам сүти,
Алладан болды керамат,
Болды пирден шарапат,
Муннан аман калады,
Нәрик байдың перзенти,
Батыр Шора азамат.
Дәўдиң кәхәри келеди,
Мына енди шокпардың,
Тутқасынан услады,
Ғәрип кеўлин хошлады,
Күшин билекке жыйнап,
Және шокпар таслады,
Урған шокпар жуп тийди,

Дағы-таслар, каткан музлар,
Шигин көмген урадай,
Жерлер ләрзана келди,
Сарғайды мәрттиң гүл жүзи,
Таңлайында татыды,
Жаслыкта емген қам сүти,
Муннан аман калады.
Дәўдиң кәхәри келеди,
Сынғыр колым, сындың ба,
Тынғыр күшим, тындың ба,
Латыманат Нары нур,
Меннен жуда болдың ба деп,
Айбат пенен Темирхан,
Және шокпар алады,
Тутқасынан услады,
Ғәрип кеўнин хошлады,
Асманы пәлек самадан,
Айландырып, таўландырып,
Және шокпар таслады,
Урған шокпар жуп тийди,
Дағы-таслар, каткан музлар,
Шигин көмген урадай,
Жерлер ләрзана берди,
Сарғайды мәрттиң гүл жүзи,
Таңлайында татыды,

Ингәлап емген қам сүти,
Басына туткаң қалқаны,
Жүй-жүйинен сөгилди,
Мыйықлары саўлап енди,
Тарыдай жерге төгилди,
Алладан болды керамат,
Болды пирден шарапат,
Муннан аман қалады,
Батыр туўған азамат.
Және шокпар қолға алды,
Сонда Шора сөйледи:
-Ер қәдеси үш деди,
Үштен соң пуш деди,
Нәўбет сеннен өткенди,
Бизге гезек жеткенди,
Нәўбетимди бер деди.

Анда айтады Темирхан:
— Ертең менен болды урыс,
Урыста жоқдур турыс,
Гезек дигирманда болады,
Сүлли, бермеймен арам-тыныш деп,
Және гүрзи қолға алды,
Шораның кәхәри келеди,
Сайыбы қыран мәрт Шора,
Балдаққа қолды созады,
Қынабында қыл еткен,
Суўырып алса жылт еткен.
Таўға салса тас кескен,
Силтегенде бас кескен,
Балдағынан бал тамған,
Ол-жүзинен қан тамған,
Балдағы алтын ақ алмасты,
Суўырып алды қынаптан.
Қалмаққа жақын келеди,
Сүринер болсам бирубар,
Таянар болсам хақ жаппар,
Он бир Ахмет, жетти Султан.
Халымнан бол хабардар деп,
Аллалап қылыш тартады.
Кескирлиги соншелли,
Ойыстырмай ояды,
Қыйыстырмай қыяды,
Астындағы қара жерге,
Ғәмзесинен ғарқ болды,
Дәўлер билмей қалады.

Сонда қалмақ сөйледи:

— Сүлли мында кел деди.
Гәпке қулақ сал деди,
Елли урма, жүзди ур,
Әмелиң болса ал деди,
Болғыл сүлли сен деди.

Анда айтады Шорахан:
— Әй, заңғар, қозғалып мәй бер, — деди.
— «Мәй бер» дегениң, бала, тепсин дегениң бе? — деди.
— «Тепсин дегеним», — деди.

Темирхан кәрқиданға өкше берди, актеректей қулады, қарамандай сулады, жайдай бели бүгилди, көзинен жасы төгилди, еки айырылып Темирхан, пардақ таслап жығылды. Шора буны көреди, шүкир етип аллаға ғәрип кеўнин хошлады Темирханның жарты өлигине бүркиттей пәнже салады. гәрип кеўнин хошлады, аспаны пәлек самадан айландырып, таўландырып мусырман әскериниң ортасына таслады, мөмини мусырман буны көрди, ўақты шәндан хош болды. Әне ғайрат, әне күш, әне палўан, әне ис, деп алтмыш еки әмелдер хәм әпәрин қайыл қалды.

Батыр туўған Ер Шора,
Атының басын бурады,
Саўашмаққа қайтаўыллап,
Қалмаққа жақын келеди,
Өткенлерди яд етип,
Қолға қылыш алады,
«Алла», «Алла» дегенде.
Жер де «Алла» салады,
Көк те «Алла» салады,
Бир өзиниң «Алла»сы,
Сан мың қолдай болады.
Күнниң көзин думан алды,
Жердиң жүзин ғубар алды,
Адам өлди, ат жығылды,
Сайлар өликке толды.
Қырғын етти Ер Шора.
Қара лашын ушар болса,
Уша дағның басын гөзлер,
Ғош жигит кирсе саўашқа,
Бесин шаншып, оның гөзлер,
Алма көзли дал бедеўлер,
Шабылды майдан ишинде,
Ағзы кәтте әшире дүпен,
Атылды майдан ишинде,
Қылыш дәркар жеринде,
Қылышқа хызмет буйырды,
Найза дәркар жеринде,
Найзаға хызмет буйырды.
Қылыш кесер әлеп-жәлеп,
Истер көңли буның тәлеп,
Жетти кесе гүлгин шарап,
Ишилди майдан ишинде,
Ғош жигиттиң шийрин жаны.
Үзилди майдан ишинде,

Кимсе өлди, ким қалды,
Сайлар өликке толды.
Өлген өлди, қалған қалды,
Қырғын етти мәрт Шора.
Най үстине най шекилди,
Дәўлети тайып қалмақтың,
Тиккен туўы жығылды,
Қолда найза табалды,

Айралық дәрти жаманды,
Темирхан патша өлген соң,
Қылыштан аман қалғаны,
Қазған мына қаласына
«Әл аман», «Әл аман» деп,
Қашып барып қамалды,
Қашқан жаўға қатын ер,
Қуўмады Шора кейнинен.

Әне, мәрт Шора әстелик пенен, ийбалық пенен қалмақтың қазған қаласына келди. Мәрт Шора қалмақлардың жасуллысын, жаскишисин жыйып алды, батыл диннен дөндирди, бәрҳақ динге ендирди, келийма-шәдет үйретип, мусырман етип, мәрт Шора Омархан патшаға әкелип саўғатқа берди. Әне, Омарханың өшлиден өшин алды, кеклиден кегин алды. Омархан патшаның алды малға толды, кейни шаңға толды, мәрт әбирейли болды. Темирхан дәўди өлтирип, Омархан патшаның қаласына келди. Әне, күнлерден күн өтти, нешше күн арадан өтип кетти, Омархан патшаның жатып уйқысы келмеди, отырып тақаты болмады, Қарахан қалмақтың салдары басып, енди перзенти Шораны шақырып алды. Мәрт Шора патшаның алдына келди. Шораға қарап кеўниндеги сөзин айтып, патша гәплей берди:

— Буўған белге кәмарым,
Мәдат бергей бир қудайым,
Сал қулақын, гәпимди есит,
Ғайыптан келген мийманым.
Қайсы бирин айтайын,
Айтпай, балам, қайтейин,
Қатарде қара нар болса,
Жүги қалмас кәрўанның,
Қолында қыран қус болса,
Кеўни өсер кәлпенин,
Қолында жүйрик ат болғанда,
Кеўни өсер сейистиң,
Қатарде қара нар едиң,
Жүклер салғым келип тур,
Туғырда тарлан қус едиң,
Кәлпешлик мен етип,
Аўыңды алғым келип тур,
Қолымдағы жүйрик ең,
Сейисшилик мен етип,
Пәйгеден, балам, келтирип,
Байрағың алғым келип тур,
Ақ жалаўдан туў алып,
Мүтиреден суў алып,
Шақмақханнан қуў алып,
Он сәккиз қара топ алып,
Көтте топны сүйретип,
Кимди улдан айырып,
Кимди қыздан айырып,

Қарахандай қалмақтың,
Ол үстине бармаққа,
Барып урыс салмаққа,
Кеўним талўас етип тур,
Журт алғым, балам, келип тур,
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Айтпақ меннен,
Еситпек сеннен,
Атаңның айтқан сөзини,
Перзентим, қалай көресең?

Анда айтады Шорахан:

— Тахты үстинде Хан ата,
Бул сөзимди мақул тыңла,
Әдалатлы жан ата,
Күнликшиниң күни питпей,
Көнегин қолдан берер ме,
Баяры хызмет буйырғанда,
Бармайман деп айтпағына,
Ерки өзинде болыр ма,
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең,
Сизлер тахтта, бизлер пәсте,
Бизлер келген күнликши,
Қайлардан қайда буйырсаң да барамыз,
Хан ата, өзиң билесең.

Әне, Омархан патша Шораның гийне етип айтқанын билди. Билсе де билмеген адам қусап,

Сырлатып хатты жаздырды,
Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Сораған халқын жыйдырды.
Ат шаўып бәлент-пәсине,
Қайыл қалың патшалықтың,
Ол түгинге бир кисини,
Айдады Омархан патша,
Қарахан қалмақ үстине,

Көриң ҳақтың әмирини,
Ким ағаға хошласты,
Ким иниге хошласты,
Ол қаладан шығарды,
Ол қаладан шыққан соң,
Мәрт Шораның хызметине,
Қырық жигитти береди,
Қырық жигитти қосшы қылды,
Мәрт Шораны басшы қылды,

Әне, Омархан патша,
Екеў-ара бекаўыл,
Үшеў-ара жасаўыл,
Төртеў-ара қараўыл,
Қараўыл менен айдады,
Ал қаладан шығады,
Жолға рәўан болады,
Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Буннан да өтип барады,
Түлки жүрмес түнейден,
Түнде кетип барады,
Қарсақ жүрмес қалыңнан,
Муннан да өтип келеди,
Терең жылға, терең сай,
Сынсып питкен қарағай,
Көгершинли көп тоғайды,
Аралап жөней береди,
Айдын-айдын көллердиң,
Суўын ишип келеди,
Бөлек-бөлек суўлардың,
Балығын алып барады.
Аламанның көплиги ме, азлығы ма,
Алды қонған жерине, кейни келип,
Күн ярым күнде қонады,
Күни-түнин бир етти,
Әзиз жанға зор етти.

Еки сегиз - он алты,
Және сегиз және алты,
Отыз күн тамам жол алды,
Ел қарасын көре-билмей келеди,
Қырық бес күн жүзи болады,
Ат кәкилин тарады,
Мәртлер күнге жарады,
Ол алдына мәрт Шора,
Қырық артыўдан,
Қырқа-қырқа қарады,
Ал, алдына қараса,
Айлар менен қағылысқан,
Күнлер менен шағылысқан,
Бир пақшасы гүмистен,
Бир пақшасы қоладан,
Бир пақшасы алтыннан,
Бир пақшасы зербарақ,
Гүңгирасы шамшырақ,
Көринеди жарқырап,
Хәр тақтасы он алты,
Отыз еки батпан дәрўазаны,
Мәртлер енди көреди.
Батыр туўған Ер Шора,
Дөгерегине қарады,
Дөгерегине қараса,
Көп бир қойдың кейнинде,
Қойды баққан бир шопанды көреди.

Әне, қырық жигитти бул жерде қойып, өзи шопанның қасына келди. Сонда Шора шопаннан бир еки аўыз сөз сорап турған қусайды.

— Бала мында кел деди,
Гәпиме қулақ сал деди,
Мал кимдики,
Журт кимдики,
Дин кимдикми,
Хабарыңды бер деди.

Сонда шопан сөйледи:
— Айнанайын хан аға,
Жаным сеннен садаға,
Мына малды сорасаң,
Қарахандай хандики,
Оннан қалса мына мал,
Темирхандай хандики,
Оннан қалса мына мал,
Қараша алптай дәўдики,
Оннан қалса мына мал,
Қылышынан қан тамған,
Сендей қабылан ердики,-

деп шопан Шораға жуўап берди. Шора буны еситип, Қарахан қалмақтың журтына келгенлигин билди. Әне, бул қаланы сорасаң Қараханның иниси Қараша алптың қаласы Қарадәрбент деген жер еди. Әне, мәрт Шора қырық жигиттиң қасына келди, хәр тақтасы он алты, отыз еки батпан дәрўазаны көрди. Енди мәрт қырық жигитке қарап ғыжалат пенен гәплей берди:

— Жәм болыңлар, хәммең мында келиңлер,
Айтқан бул сөзимди мақул көриңлер,
Алла дийип мен тийемен қалаға,
Көйлегиңди кепиним деп кийиңлер.
Астымдағы Шубарды,
«Табытым» деп мингенмен,
Қолымдағы ақ найзаны,
«Сайғағым» деп алғанман,
Үстимдеги саўытты,
«Кепиним» деп кийгенмен.
Ол атадан болғалы,
Ал енеден туўғалы,
Өлеримди билгенмен, — деп,
Шамырқанып шатланды,
Буўырқанды, буўсанды,
Булттан темир қурсанып,
Жолбарыс қиби ыңыранып,
Жарылған муздай гүңиренип,
Өткенлерге сыйынып,
Хәр тақтасы он алты,
Отыз еки батпан дәрўазаға,
Бүркиттей пәнже салады.

«Биссимилла!» деп кол урып,
Дəрўазаны ғопарып,
Атты самыў самаға,
Ғəрип кеўнин хошлады.
Дəрўазаны ғопарып,
Асманға атып таслады.
Аламан буны көреди,
Əнəрин кайыл калады.
Дəрўазаны бош етти,
Ғəрип кеўнин хош етти,
Аламан келди кейнинен,
Дəрўазаны алады,
Мəрт калаға киреди,
Бəлент көше, пəс көшени,
Аралап мəртлер келеди.
Ал алдына караса,

Бир бөлек дағдың сəнгириндей болып уйқылап атқан əпети бир бəлени көреди. Мəртлер жақын келеди, келип шабайын десе мəртликке миясар көрмеди. Қолға найза алады, оятайын деп кəпирди найзаға салмақ салады. Найза жанына өткен сон Қараша алп оянып, көз жиберип карады. Қараса, мəрт Шораны көреди. Қараша алп буны адам екен демей, Шораға карап:

— Койды баккан шопан,
Шопанбысаң сен деди,
Малды баккан падашы,
Падашымысаң сен деди.
Жылкы баккан бозайшы,
Бозайшымысаң сен деди.
Түйе баккан сəрўенши,
Сəрўеншимисең сен деди,
Темирхандай ол ағам,
Ак жалаўдан туў алып,
Мүтиреден суў алып,
Шакмакданнан куў алып,
Он сегиз кара топ алып,
Кетти топты сүйретип,
Кимди улдан айырып,
Кимди қыздан айырып,
Омарханның қаласына,
Кетип еди ол күни,
«Өлипти» деген бир хабар,
Кулағыма келеди,
Көзим яшта, көкирегим қайғыда,
Жатырман енди мен жылап,
Ермеклеме, енеғар,
Сен жөнине бол, — деди.

Гүркиреп жайдан турады.
Əтирапына карады,
Шубар атлы бир баланы көреди,
Сонда қалмақ сөйледи:

— Қабырғанды бүгейин,
Кармап өтинди алайын,
Ялтаншыға, бəшшеғар,
Келмегендей кылайын,
Алайын сениң жанынды,
Ағызайын қанынды,
Көшедеги гүржиге,
Талатайын гөшинди,-деп,
Жуп жағадан алады,
Караша алп пенен мəрт Шора,
Мына енди қалада,
Екеўи гүрес салады,
Текедейин тирести,
Айғыр киби таласты,
Бууўра киби ғайғасты,
Еки батыр ортада,
Гүрес курып турады,
Бир күн жүзи болады,
Бир-бирини жығалмай,
Жығалмай хайран болады,
Еки күн жүзи толады,
Бир-бирини жығалмай,
Жығалмай ҳайран болады,
Үш күн жүзи толғанда,
Батыр туўған Ер Шора,
Кəддин тиклеп алады,
Өткенлер түсип ядына,
Дым билмеген дəўлердиң,
Белинен тарақ алады,
Жолбарыс киби ыныранып,
Жарылған муздай гүниренип,
Бир мəртебе зор қылып,
Дизесине миндирди,
Еки мəртебе зор қылып,
Белбеўликке келтирди,
Үш мəртебе зор қылып,
Қол ушына шығарды,
Сүринер болсам бириўбар,

Сонда Шора сөйлейди:

— Қойды баккан койшын,
Қойшын емес мен дейди,
Малды баккан падашын,
Падашың емес мен дейди,
Жылқы баккан бозайшын,
Бозайшы емес мен дейди.
Түйе баккан сəрўеншиң,
Сəрўеншиң емес мен дейди.
Темирхандай ағанды,
Қаркыратып шалған,
Кармап өтин алған,
Қандарынман мен дейди.
Бийғапыл калма, енеғар,
Қанынды алсаң тур, — дейди.

Сол ўақлары болғанда,
Караша алптай мына дəў,

Таянар болсам Хақ Жаббар,
Он бир Ахмет, жетти султан,
Ҳалымнан бол хабардар деп,
Қараша алпгай дәўлерди,
Тартып жерге урады,
Геўдесине минеди,
Қарқыратып шалады,
Қармап өтин алады,
Мәрт жайынан турады,
Шубар атқа минеди,
Қараша алпты өлтирип,
Мына енди қалада,
Қалмақ пенен мәрт Шора,
Енди урыс салады.
Ай жағына шығады,
Айҳайлап сүрен салады,
Күн жағына шығады,
Қыйқыўлап сүрен салады,
Бир өзиниң алласы,
Сан мың қолдай болады.
Жасыл туўын жайратты,
Қызыл туўын қыйратты,
Ақ шадырын, көк шадырын,
Түйектей етип айдатып,
Қырғын етти Ер Шора.
Қылыш кесер әлеп-жәлеп,
Истер көнли буның тәлеп,
Жетти кесе гүлгин шарап,
Ишилди майдан ишинде,
Қалмақлардың қызыл қаны,
Төгилди майдан ишинде.
Ал алдына қарады,
Шаңарағы дәнданнан,
Уўығы бар гүмистен,
Босағасын борлатқан,
Керегесин сырлатқан,
Ақ өнжим менен тақтырған,
Ушыға менен жаптырған,
Мақпалдан туўырлық туттырған,
Үйине тутқан шийлерди,
Жарасықлы болсын деп,
Алтын менен гүмистен,
Иреңбе-ирең ҳәл қылып,
Айқастырып байлатқан,
Пияда бармас ақ үйди,
Адам бармас ақ үйди,
Буны Шора көреди,
Адам бармас ақ үйге,
Ат ойнатып барады,
Жабықты түрип қарады,
Жабықты түрип қараса,
Алтын гүрси үстинде,
Алтыннан шәны қолында,
Шашын жуўып, тарап отырған,
Периниң қызы Ақдәўлет,
Шашын жуўып, тарап отырғанлығын,
Буны Шора көреди.
Сонда Шора сөйледи:

-Батыл диннен дөн, деди,
Бәрҳақ динге ен, деди,
Сен кәлийма қайтарып,
Тез мусырман бол деди.
Кеттиң заңғар сен деди.
Индемеди Ақдәўлет.
Инанбады сөзине,
Қарамады жүзине,
Жөнли жуўап бермеди,
Мәрт жигиттиң өзине.
Мәрттиң ашыўы келеди,
Жабықтан қолын созады,
Қатты ашыўы келеди,
Ақдаўлеттей перийзаттың,
Ол шашынан тутады,
Сүйреп алып шашынан,
Ал, далаға шығады,
Қылышты алды қолына,
-Батыл диннен дөн деди,
Бәрҳақ динге ен деди,
Ол кәлийма қайтарып,
Тез мусылман бол деди,
Кеттиң заңғар сен деди.

Мәрт екенин биледи,
Есин жыйып алады,
Анық өлерин билип,
Кәлиймаңды үйрет деп,
Қайта-қайта айтады.
Буны Шора көреди.
Ханның қызы Ақдәўлетти,
Батыл диннен дөндирди,
Барҳақ динге ендирди,
Ийман арзы келтирип,
Мусылман етип турады,
Ат кәкилин тарады,
Мәртлер күнге жарады,
Ханның қызы Ақдәўлетти,
Мусылман етип мәрт Шора,
Омарханның алдына,
Ер Шора алып келеди.
Алма мениң нарым деп,
Ҳәрне колда барым деп,
Саўғат ата, саўғат, деп,
Омархандай ханларға,
Саўғатқа берди Ер Шора.
Атымды шаптым мен таўға,
Урдым қылышымды жаўға,
Ақдәўлеттей перийзатты,
Алып келдим саўғатқа.

Шора:

— Ата, жоқты сөзинде қата, перинин қызы Ақдәўлет, ханның қызы Ақдәўлет жүзи қансыз, өзи иймансызырақ көринеди, хан ата. Дуўахан болып жүрмесин, жаду болып жүрмесин, әўлийеге сен қонба, қуў сырық көрсең түнеме, ол қалаға барғанша бунын айтқан сөзине қулақ қойма, хан ата. әўлийеге сен қонсаң, ойран қылар өзиңди, қуў сырыққа түнесең, аламаннан айрылып қаларсаң енди, хан ата. Ийесиз жатқан мал бар ма, ийесиз жатқан журт бар ма, он төрт күн болсын, ўәде жолың болсын, хан ата,-деп қала берди мәрт Шора.

Омархандай ханлардың,
Алды малға толады,
Кейини шаңға толады,
Барған жерин тындырып,
Қарағай найза сындырып,
Перинин қызы Ақдәўлетти,
Гүмистен күйме соқтырып,
Шул күймеге миндирип,
Алды толған мал менен,
Кейни толған шаң менен,
Ол айдарлы қул менен,
Ол тулымлы күң менен,
Арығын жолда қалдырмай,
Бууазын иш тастаттырмай,
Семизин қамытпай,
Ол кейнине қайтады.

Әне, Омархан патша да қайтып кете берсин. Енди сөзди қаладағы әскерден еситиң. Ким ағадан айырылды, ким иниден айырылды, ким атадан, ким баладан айырылды, ким қулақтан айырылды, ким ининен шабылды, қаладан қашып шыққан адамлар Мәскеў шәҳәрине келди.

Бедеўдиң жалын тарады,
Қалмақлар күнге жарады,
Қарадәрбенттен шығып,
Мәскеў шәхәрине келип,
Ағасы Қараханды көрип,
Ийесин көрген көпектей,
Еркелеп жылай береди.
Қарахан сонда сөйледи:

— Кимнен көрдиң зорлықты,
Кимнен көрдиң қорлықты,
Мендей патша алтын тахта барлықты,
Хабарыңды бер маған, — деп,
Қарахан сорай береди.

Булар турып арыз етти:
— Айнанайын хан аға,
Жаным сеннен садаға,
Қайсы бирин айтайын,
Айтпай саған қәйтейин,
Телеген жүрмес журтына,
Тергеў салды бир сүлли,
Қодалақ жүрмес журтына,
Қозғаў салды бир сүлли,
Әжеллини өлтирип,
Мийнетлини бүлдирип,
Себил қалған қалаға,
Қырғын салды бир сүлли,
Пияда бармас ақ үйге,
Атлы барды бир сүлли,
Ақдәўлеттей қызыңның,
Ҳалал аўзын харамлап,
Кәлийма деген немесин,
Қайта-қайта айттырып,
Омархандай көпекке,
Саўғатқа берди бир сүлли.

Сол ўақтында Қарахан қалмақтың қәҳәри келди. Тоқсан мың әскерди Омархан патшаның кейнинен жиберди. Сырнай шертип, гернай шекип, шадыяна қақып, шәўкет етип, тоқсан мың әскер Омархан патшаның кейнинен кетти. Әне, енди Қарахан қалмақ он тоғыз керкиданға тақтырәўан қурып минди. Бабасы Жәмшидтен қалған, өзине мураз айланған, жетти жүз жетмиш батман ҳамути гүрзи геррамы шоқмарын керкиданның үстине салды. Бес жүз алтмыш батман сарыжайды хәм салды. Үш жүз елиў батман ақ найзаны хәм салды. Әне, Қарахан патша керкиданның үстине минди. Мийзанның бултындай болып, телпеги бултты жарып, керкиданын секиртип, ләлайыны айтып, жаў шапқан қалаға қарап жөней берди. Әне, Қарахан қалмақ қайғылы Қарадәрбентке келди. Әне, «Жаў шапқан қаладай» деген бурынғының нақылы. Қарахан қалмақ қарады. Ойран-талқан болған бул қаланы көрди.

Көзлер тастап қараса,
Кереге жатыр бир жерде,
Уўық жатыр бир жерде,
Гөне арба жатыр бир жерде,
Қарахан қалмақ көреди,
Ақша жүзи солады,
Ғамға көңли толады,
Ели-халқы, толы журты,
Ядына түсип,
Қарахан толғай береди:

— Атам күйеў болған жер,
Енем келин болған жер,
Сазандайын тиркесип,
Сап азамат өскен жер,
Салпаң құйрық ғунан қой,

Шүленде қайнап пискен жер,
Сен не болдың меннен соң,
Мен не болдым сеннен соң,
Болған жериң усы ма,
Қарахандай ханнан соң,
Жалғыз туўған меннен соң.
Суўы менен жары тең,
Ашы менен байы тең,
Жабағы билен тайы тең,
Туўалақ пенен жеги тең,
Елим сеннен айрылдым,
Көлим сеннен айрылдым,
Сен не болдың меннен соң,
Мен не болдым сеннен соң,
Үстиңнен дәўлет тайғанда,
Шаңғытып боз болырсаң,
Қарахандай ханнан соң,
Жалғыз туўған меннен соң.

Ақша жүзи солады,
Ғамға көңли толады,
Дәрўазадан ол келип,
Көшелерди аралап,
Қарахан қалмақ келеди,
Және алдына қараса,
Шубар тайы астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Қундыз сеппас басында,
Әйне он төрт жасында,
Өзини мәрт билип,
Шораны нәмәрт билип,
Бадабат етип,
Шораға қарап гәплей берди:

— Сүлли, мында кел деди,
Гәпке қулақ сал деди,
Қойды баққан қойшы,
Қойшымысаң сен деди,
Малды баққан падашы,
Падашымысаң сен деди,
Жылқы баққан бозайшы,
Бозайшымысаң сен деди,
Қараша алптай инимди,
Қарқыратып шалған,
Қармап өтин алған,
Қандай қабылан ер деди,
Шубар атлы яш уғлан,
Билесең бе сен деди,
Хабарыңды бер деди,
Телеген жүрмес журтыма,
Тергеў салған ким деди,
Қодалақ жүрмес журтыма,
Қозғаў салған ким деди,
Пияда бармас ақ үйге,
Атлы барған ким деди,
Ақдәўлеттей қызымның,
Халал аўзын харамлап,
Кәлийма деген немесин,
Қайта-қайта айттырып,
Омархандай көпекке,
Саўғатқа берген ким деди,
Шубар атлы яш палўан,
Билесең бе сен деди,
Хабарыңды бер, деди.

Анда айтады Шорахан:

— Қойды баққан қойшың,
Қойшың емес мен деди,
Малды баққан падашың,
Падашың емес мен деди,
Жылқы баққан бозайшың,
Бозайшың емес мен деди,
Түйе баққан сәрўенши,
Сәрўеншиң емес мен деди,
Қараша алптай иниңди,
Қарқыратып шалған,
Қармап өтин алған,
Қандарың Шора мен деди,
Ләлеўлеме сен бийзат,
Қаныңды алсаң кел деди,
Телеген жүрмес журтыңа,
Тергеў салған өзимиз,
Қодалақ жүрмес журтыңа,
Қозғаў салған мен деди,
Пияда бармас ақ үйге,
Атлы барған өзимиз,
Ақдәўлеттей қызыңды,
Харам аўзын ҳадаллап,
Кәлийманы үйретип,
Қайта-қайта айттырып,
Омархандай хан атама,
Саўғатқа берген мен деди,
Аралармаң қыя даш,
Ағызармаң көзиңнен яш,
Кимниң енди өлерин,
Кимниң аман қаларын,
Әсте сөйле, бад етпе,
Тарт тилиңди қызылбаш.

Анда айтады Қарахан:

— Сер, сермисең, сермисең,
Менмен деген ермисең,
Бир ақшам корек етейин,
Әўесек асым - боз қойым,
Жемисим Шора сенбисең,
Батыл диннен дөн деди,
Мыстан еди шәрьяр,
Буттан еди пайғамбер,
Ал мейлисте сизлерди,
Кеседарлық етейин,
Латыманат қудайыма,

Сөжне қыл заңғар сен деди,
Қабырғанды бүгейин,
Кармап өтинди алайын,
Ялғанштыға, бәшшеғар,
Келмегендей қылайын.

Анда айтады Шорахан:

— Ошбы демнен енеғар,
Және ошбы дем деме,
Яшым он төртимдедур,
Балки өзиннен сен бәрзенки,
Мен баланы кем көрме,
Сөз сөйлеймен кара бек,
Меннен саған сөз керек,
Кимниң енди өлерин,
Кимниң аман қаларын,
Дәлеўлей берме сен дейди,
Алла билер, бәдирек.
Аралрман кыя даш,
Ағызарман көзиннен яш,
Кимниң енди өлерин,
Кимнин аман қаларын,

Алла билер, кызылбаш,
Батыл диннен дөн деди,
Бәрҳақ динге ен деди,
Ийман арзы сен келтирип,
Тез мусылман бол деди.

Анда айтады Қарахан:
— Кәлийма деген, енеғар,
Қай ханыңның аты еди,
Ийман деген, курымсак,
Қай ханыңның журты еди,
Мен урайын мусылманның анасын деп,
Қақалақлап күледи.

Анда айтады Шорахан:

— Сақалыңның ағы бар,
Өзиң кәпир болсаң да,
Жасыуллығын тағы бар,
Атыспағың керек пе,
Шабыспағың керек пе,
Жокесе, алыспағын керек пе,
Әмелиң болса ал, — деди.

Анда айтады Қарахан:

— Сен атыспак, шабыспактың басында жүрсен ғо, бала, — деди. — Менин үш әмелим бар. Биринши бирсуи — бабамнан қалған, өзиме мураз айланған жети жүз жети батпан хамуты гүрзи-геррам шокмарым бар, екинши — бес жүз алтмыш батман сарыжайым бар. Сарыжай менен оқ атаман, тайсалмай турсаң корыклай, үшинши әмелим — үш жүз елли батман ақ найзам бар, буны үстиңе тастайман, рет етип үстиннен өткерсем, оннан соң сениң айтқаның менен боламан. Муның зарпыдын корыксаң, батыл диннен дөн, мыстан еди шәрьяр, буттан еди пайғамбер, латыманат қудайыма диниңди бер, енеғар.

Мәрт Қараханның үш әмелине ыразы болды. Әне, мәрт Шора беллик, дизлик, қалқан, дуўлыға, шарайна, бәршесин таңыстырып алды. Тәңирига тәўекел етип, мәрт-мәрдана турды.

Дәўдин қәҳәри келеди,
Жетти жүз жетмиш батман,
Хамуты гүрзи геррам,
Шокмарын қолға алады,
Ғәрип кеўлин хошлады,
Асманы пәлек самадан,
Айландырып, таўландырып,
Енди шокмар таслады.
Шокмар жакын келеди,
Муны Шора көреди,
Я дәскири пана деп,
Я бир шири дарға деп,
Мына енди шокмардың,
Тутқасынан устады.
Сүринер болсаң бириўбар,
Таянар болсам хақ яппар деп,
Мына келген шокмарды,
Айландырып, таўландырып,
Қайтып дәўге тастады.
Қарахан муны көреди.
Бес жүз алтыш батман,
Сарыжайды қолға алды,
Табанын таска тиреди,

Арыстан кылған окларын,
Сарыжайға салады,
Ақбаслы ердиң қасы деп,
Жан шығарың усы деп,
Ыңыранып жай тартады,
Оклар жақын келеди,
Қараханның оғына,
Қырық шилтен ғайып еренлер,
Қалқан болып турады.
Қарахан қалмақ қарады,
Мәрт екенин биледи,
Мәрт Шора мунан аман қалады.
Дәўдин қәҳәри келеди,
Сынғыр қолым сындың ба,
Тынғыр күшим тыңдың ба,
Латыманат Нары-Нур,
Меннен жуда болдың ба, деп,
Күшин жыйып алады,
Үш жүз елиў батман ақ найзаны,
Және қолға алады,
Мәрт үстине тастады,
Мына келген найзаны,
Ирет етип үстинен,
Енди Шора өткерди.

Сүлли, сениң устазыңа деп, Қарахан әпәрин кайыл калды. Енди үстиндеги липасын шешти. Шора да липасын шешти, гүрес жайына шықты.

Дәў де алды жағадан,
Мәрт те алды жағадан,
Теке киби тирести,
Қошкар киби дүгисти,
Қораз киби жулысты,
Бир-бирини жығалмай,
Жығалмай ҳайран болады,
Еки күн жүзи толады,
Бир-бирини жығалмай,
Жығалмай ҳайран болады,
Үш күн жүзи толады,
Бес күн жүзи болады.
Сонда Шора сөйледи:
—Сақалыңның ағы бар,
Өзиң кәпир болсаң ҳәм,
Жасуллығың тағы бар,
Әмелиң болса ет, — деди.
— Әжеп болыр, бала, — деп,
Қарахандай бул қайсар,
Кәментке қолды салады,
Айланып жамбас урады,
Дәрпенбесе қара жер,
Дәрпенбей Шора турады,
Дәўден гезек өтеди,
Мәртке нәўбет жетеди,
Кәментке қолды салады,
Батыр туўған Ер Шора,
Жуп жағадан алады,
«Ҳақ!» деп жамбас урады,
Дәрпенбесе қара жер,
Дәрпенбей қалмақ турады,
Алты күн жүзи өтеди,
Жети күн жүзи болады,
Жети күн жүзи болғанда,
Қалмақ әзиз келеди,
Сайыбы қыран мәрт Шора,
Қалмаққа зор келеди,
Дәўлер әзиз келеди,

Сонда қалмақ алдады,
Қызыл тилин жалдады,
Шораға қарап сөйледи:

— Бала мында кел деди,
Жети күн болды гүрестик,
Бул гүрести қояйық,
Тамақларымыз аш болды,
Өзлеримиз ҳарыдық,
Ал, нәрленип алайық,
Арақ ишип, кәбап жеп,
Қайтадан гүрес қурайық.

Сонда Шора сөйледи:

— Қосым да жоқ, қосшым жоқ,
Қудадан басқа достым жоқ.

Анда айтады Қарахан:

— Бизиң қосқа барайық.

Анда айтады Шорахан:
— Мен қосыңа бармайман,
Арағыңды ишпеймен,
Доңыз ети кәбабың,
Кәбабыңды жемеймен,
Бар кетебер, заңғар,-деп,
Гүресжайда қалады.
Қарахандай бул қалмақ,
Шорадан жуўап алады,
Керкиданға минеди,
Ол қосына келеди,
Арқадан даўыл турады,
Қараханды бул ўақтында,
Енди қуда урады,
Өзине-өзи ойласып,
Қалмақ сөйлей береди:

— Қашқан адам қутылар, турған адам тутылар, гүбелек қаңғыўы, ҳәкке ырғыўы, қуйысқанға берекет, үзеңгиге ҳүммет, бул жерде турғанның атасына жүз нәлет, — деп, қайдасаң Мәскеў деп, жолға раўан болады.

Қарахан айтқан ўәдели ўақты келмеди. Мәрт Шора Қарахан қалмақтың қашқанлығын билип,

Ат белине минеди,
Белине садақ иледи,
Жаў қуралы бес қурал,
Бәрин қуршай шалады,
Аттың басын бурады,
Қарахандай қалмақтың,
Ол қосына келеди,
Келип қосқа қараса,
Адам түўе нәрсе жоқ,

Отқа жағар жыңғыл жоқ,
Байыўлыдан басқа қыйқыўлап,
Турған жандар жоқ,
Буны Шора көреди.
Дәўдиң қашқанын билди,
Көзгенеңнен Шубарға,
Шүў жаныўар шүў деди,
Шүў дегенде гүўледи.
Толықсып аққан дәрьядай,

Жүз тоқсанлық жорғадай,
Табаны тасқа тақылдап,
Қайтқан ғаздай ғарқылдап,
Қуйысқаны бөктериўге,
Үсти-үстине шарпылдап,
Аттан аққан терлери,
Абылайсаң жамғырдай,
Қара жерге сиркиреп,
Атлар ылғал әйледи.
Сарғаяды, солады,
Бағры оттай күйеди,
Көз жиберип ол алдына қараса,
Ели-халқын, толы журтын қайғырып,
Қашып баратырған Қарахан қалмақты көреди.

Енди сөзди Шорадан еситиң.
Дали кеўни ташады,
Ер жигит қайнап йошады,
Қарахандай қалмақтың,
Ол кейнинен жетеди,
Қынабында қылт еткен,
Суўырып алса жылт еткен,
Таўға салса тас кескен,
Силтегенде бас кескен,
Балдағынан бал тамған,
Ол жүзинен қан тамған,
Балдағы алтын ақ алмасты,
Суўырып алды қынаптан,
Қалмаққа жақын келеди,
Аллалап қылыш тартады,
Таўға салса өтеди,
Тасқа урса кеседи,
Кәр етпеди дәўлерге,
Муны Шора көреди.
Унғысы алтын ақ найзаны,
Ол қолына алады,
Келип дәўге урады,
Таўға урса өтеди,
Тасқа урса өтеди,
Кәр етпеди дәўлерге,
Қармақ болып қайысты,
Унғысынан парт кетип,
Бул-әм себил қалады,
Муны Шора көреди,
Ат қуйрығын өрмеди,
Мәртке абырай бермеди.

Әне, енди сөзди Қараханнан еситиң. Қараханның даўы жүрди, кейнине мойнын бурды. Қылыш урып, найза урып киятырған Ер Шораны көрди. Кейнине қолын созады, Шораның мойнынан беккем услап алады, Шубар аттан айырып, тақымына басады. өз қудайына бад етип, керкиданын секиртип, қосығын айтып, Қарахан қалмақ келе берди. Қараханның насыбай ататуғын бир нөшеси бар еди. Алты батпан шақшаны қолына алды, насыбайды қағады, насыбайы түспеди. Ердиң қасына урайын деп алдына таслады. Ердиң қасы дегени Шораның басы екен. Тақымында бир нәрсе қыймылдады. Қарахан қалмақ қарады. Қараса, ақшамғы гүрескен Ер Шораны тақымында көреди. Керкиданның басын тартып иркилди, турды. Қарахан кейнине қараса, Шубар ат та ерип киятыр екен. Буны Қарахан көрди. Шораны әсте-ақырын жерге қойды. Сонда Қарахан Шораға қарап гәпледи:

— Бала, кеше зор келип едиң, бүгин әзиз келдиң, бала, — деди. — Әзиз келдиң деп, сени өлтире қойғанда, ол бир нәмарттиң иси, — деди. — Сен өлген менен жер толмас, өлмеген менен көбеймес, — деди. — Өлмегенде қолыңнан не келеди, енеғар, — деди. — Бул жерде сен өлди не, ийт өлди не, Омарханның алдында қарқыратып шалмасам, қаныңды суўдай ишпесем, тарқамас мениң қумарым. Алты ай ўәде бердим, бар кете бер, сүлли, — деди.

Әне, алты ай ўәде алып, Шора кейнине қайтты. Қарахан Мәскеў шәхәрине қайтты. Әне, мәрт Шубардың белине минди, белине садағын илди, Қараша алптың қаласының көшелерин аралап, жолға рәўан болады.

Дәрўазадан өтеди,
Отыз еки батпан дәрўазаны,
Палекке атқан жерине,
Мәртлер енди жетеди.
Келген жолға түседи,
Жолға рәўан болады,
Ярым ақшам аўған соң,
Мәрти уйқы алады,
Бир шынарды көреди,
Аттан жерге қонады.
Атты дараққа тартып байлап,
Уйқыға мойыл болады,
Еки саат арам алады.
Бул қуданың қудирети.
Басында бар гүласы,
Ийнинде бар жәндеси,
Қолында сырлы хасасы,
Ғайыптан хәзир болды Шораға,
Бир қәлендер бабасы.

Енди бабасы Шораға қарап бир-еки аўыз гәплей берди:

— Ашылғай ма он гүлиңнен бир гүлиң,
Саған келген душманға келгей шум өлим,
Қәўендериң атаң келди қасыңа,
Тур жайыңнан, тәбиренгил, қулыным.
Қайғы менен басқа салған ғулпетим,
Бул мийнеттен азат еткей қудиретим,
Жәдиў дәўлет аламанға от берди,
Жатарсаң ба бу ғәплетте перзентим?

Буўған беллерине тилла кәмарын,
Тилегинди бергей кәдир кудайым,
Кәуендериң атаң келди касына,
Жатарсаң ба бу гәплетте, биймарым?

Жаз болса мәўжирген таўда булағым,
Сенсең мениң гәўхарымсаң, карағым,
Жәдиў дәўлет аламанға от берди,
Жатарсаң ба бу гәплетте шырағым,-

деп кәлендер көзинен ғайып болды. Шора уйкысынан оянып, өз хуўшына келди, дөгерегине карады. Караса, адам түўе нәрсе жоқ, отка жағар жыңғыл жок. Шора буны көреди. Бир саўданың барын сол ўактында биледи. Перинин кызы Акдәўлет, ханның кызы Акдәўлет Омарханды айландырып-үйирилдирип, бир куў сырыкты таўып алып, сол куў сырыкка кондырып еди, Акдәўлеттиң дуўасы мустажап болып, дуўасы жүрип кетипти. Қарахан кашып еди, әне, периниң кызы Акдәўлет мусылманды отка өртеп атыр еди, әне, Шораның пири отка кетип еди, Шора пирсиз калып еди, Қарахнның такымында кеткенинин себеби бул еди. Енди Шора хуўшына келип жайынан турды. Бир саўданың барын билип, Шубардың белине минди. өткенлерге сыйынып, атқа бир тәнзире камшы урды.

Мәртлер минген Шубар ат,
Гә аспанға ушады,
Гәйи жерге түседи,
Ғазлар менен қағысып,
Бултлар менен жарысып,
Жолға рәўан болады,
Сарғаяды солады,
Бағры оттай күйеди,
Намаздын парыз ўактында,
Жанып-сөнип турған отлардын,
Сағымын Шора көреди,
Қурға жакын келеди,
Онда барды, мунда барды,
Мәрт тенселди жүрди.

Аламанның көплиги де соншелли, төрт аяклы хайўан, еки аяклы инсан ортаға шыкатуғын илаж жок, аламан жайсыз толыпты, мусырман ортада калыпты, мусырманның сыртынан, калмак тоқсан кабат курсап алыпты. Муны Шора көреди, ортаға шығалмай, енди пирлерин яд етип, Шора гәплей берди:

— Мен жылайман бул жерлерде зары-зар,
Жалғызлыктан гәрип кеўлим бийкарар,
Отка күйген бенделерге кол жеткер,
Уранынан айнанайын бириўбар.

Арылғай басымнан күн-күннен думан,
Жаны каларынан калмасы гүман,
Отқа күйген бенделерге кол жеткер,
Уранынан айнанайын,
Хәзирети Қызыр бабажан.
Қаўыс-Қыяс атың әлама толы,
Қызыр менен жүргениң ол халыкка белли,
Отка күйген бенделерге кол жеткер,
Қуданың шерисең я, Хәзирети Әлий.

Буўған беллерине кәшмири пота,
Бул сөзимде жоқты мениң хеш қата,
Отка күйген бенделерге кол жеткер,
Тарыкканда келемен деп ўәде берген жан ата.

Қап таўын туткан мийрими думан,
Қумбыздын пирисен я Мири Гүлал,
Отка күйген бенделерге кол жеткер,
Ноғайдың бабасы Хожайы Жәхан.

Қап таўында барды неше мын дәўи,
Қолында тилладан барды кесеўи,
Отка күйген бенделерге кол жеткер,
Түрктиң пири, я Хожахмет Яссаўий.

Қыямет болды күним,
Ашыяра дөнди гүндизим,
Я жараткан кәдир алла,
Өз назлыңа сыйынып тур,
Мендей жалғыз кулының,-деп,
Асманы пәлек самаға бакып,
Өткенлерге сыйынды.
Әжеллиге тийер ок,
Хақ сакласа бәле жок,
Қабыл болды көз жасы,
Асан болды бул иси,
Аллатаалла бир нешеге мал берди,
Шубар атқа Алла тала йош берди,
Ханның ярашығы пайтак ел менен,
Көлнин ярашығы акша куў менен,
Аллатаала жоллар берди тулпарға,
Жүрди Шубар табан соқпак жол менен.
Қабыл болды көз жасы,
Асан болды бул иси.
Әйледи хакка минажат,
Болды пирден шарапат,
Сәске ўақта ат ойнатып,
Ол ортаға мәрт Шора,
Келди сағыў саламат.

Әне, ортаға келди, дөгерегине карады. Перинин кызы Акдәўлет, ханнын кызы Акдәўлет жерден бир кысым топырак алады. Топыракка дем урып, дуўасын оқып, мусылманның үстине топыракты шашады. Топырағы түскен жерден от болып жана береди. Шора буны көреди, Омархандай атасына сонда Шора айтты: — Жигитлер, ғарры киси жас қыз алғанда кандай болады, — деди. Ет аскан үйдин көпегиндей

үңилип, Акдәўлеттиң бетине карап отырған атасы Омарханды көреди.

Мәрттиң кәхәри келеди,
Балдакка колды салады,
Испиханы кылышты,
Ол кынаптан алады,
Атка өкше береди,
Акдәўлеттей жәдиўдиң,
Туў сыртынан келеди.
Сонда Шора сөйледи:
— Батыл диннен дөн деди,
Бәрхақ динге ен деди,
Батыл диннен дөнбесең,
Бәрхақ динге енбесең,
Сен дуўаңды коймасаң,
Кеттиң заңғар сен деди.
Акдәўлеттей перийзат,
Қарамады жүзине,
Инанбады сөзине,
Мәрт Шораның енди ашыўы келеди.
Ак алмасты колға алып,
Ла илаҳа илалла,
Мухаммад Расулулла, деп,
Аллалап кылыш тартады.
Акдәўлеттей перийзаттың,
Қағып алды геллесин,
Аккан канын мәрт Шора,
Қосуўыслап алады,
Жанған отка шашады,
Қаны отка түскен соң,
Турған жерден сөнеди.

Әне, мусылманның сол ўакта көзи ашылып, мәрт Шораны көреди. Енди Шора мусылманның отка жанып-күйгенин көрип, мәртке бир ғыжалат пайда болады.

Шора буны көреди,
Шамырканып шадланды,
Буўырканып, бурсанды,
Булаттан темир курсанды,
Шарайнасы жалтырап,
Дуўлығасы калтырап,
Ат кулакка найза салып,
Найза хаўала кылып,
Аллалап шыкты ортаға,
Сүриер болсам бириўбар,
Таянар болсам Хақ Жаббар,
Он бир Ахмет, жетти султан,
Ҳалымнан болғыл хабардар.
«Алла!», «Алла!» салады,
Жер де «Алла!» салады,
Көк те «Алла!» салады,
Бир өзиниң «Алла!»сы,
Сан мың колдай болады,
Қылыш дәркар жеринде,
Кылышка хызмет буйырды,
Найза дәркар жеринде,
Найзаға хызмет буйырды,
Кылыш кесер әлеп-жәлеп,
Истер көңли бунын тәлеп,
Жети кесе гүлгин шарап,
Ишилди майдан ишинде,
Калмақлардың кызыл қаны,
Төгилди майдан ишинде,
Қырғын етти Ер Шора.
Қылыш кесер шәпиресте,
Өлик болды дәсте-дәсте,
Жасаў тартты бәлент-пәсте,
Кырғын болды майданда,
Көрмегенге лап болды,
Қалмаклардың ханлары,
Шарлап аккан жап болды,
Дәли кеўни тасады,
Ер жигит кайнап йошады,
Калмақлардың келлерин,
Салғам яңлы майданда,
Домалатып кеседи,
Шөллегенде кызыл қанды,
Суў орнына ишеди,
Кырғын етти мәрт Шора.
Қылыш кылышка какылды,
Найза-найзаға сокылды,
Қылыштан шыққан отлары,
Жылдырым киби атылды,
Қырғын етти мәрт Шора.
Қолда найза табалды,
Айралық дәрти жаманды,
Әжелли өлди, мийнетли бүлди,
Өлимнен аман калғанлары,
Кол көтерип мусылман болды.

Әне, мәрт Шора мусылман болғанлардың барлығын алып келип Омархан патшаға саўғатка берди. Әне, Омархан патша сол ўакта хуўшына келди, перзенти Шораны көрди. Омархан караса, калмақ аман калыпты. Мусылман жанып болыпты. Омархан жер шукылап муңайып отыра берди. Енди Омархан патшаға карап мәрт Шораның айткан сөзи:

— Сени көрип каўсыраман колымды,
Рәўа көрмейсең мына өлимди,
Ким атадан, ким баладан айырылып,
Бек болмапсаң, ата, зәрре жерине.
Атты шаўып бәлент дағдың сыртына,
Күн суўытып, кыраў турып муртына,
Ким ағадан, ким баладан айырылып,
Шыдамапсаң, хан ата, болар-болмас куртына,
Әне мезгил, мине енди, атажан,
Ким атадан, ким баладан айырылып,
Себил калды небир көшки-сарайлар.

Ат шаўыпсаң бәлент таўдың өрине,
Қатырып алыпсаң майданда бедеў терини,
Ким атадан, ким баладан айырылып,
Ата, жете алмапсаң шыққан жерине, —

деп бул сөзди мәрт ада қылды.

Әне, Омархан патша жер шуқылап муңайып отыра берди. Омархан патша потасын мойнына салды.

— Әй, перзентим, атаңның кеўнин тап, өз қолыңнан шап. Атаңның кеўлин таўып кет, өз қолыңнан шаўып кет, жайғастырып көмип кет, ыразыман мен, — деди.

Мунnan елге мен барсам,
Биреў келсе ағам деп,
Биреў келсе иним деп,
Не деп жуўап берермен,
Бедеўдиң жалын өрермен.
Ҳаққа тәўекел қыларман,
Биреў келсе ағам деп,
Биреў келсе иним деп,
Қыяметте жаратқанға,
Не деп жуўап беремен?-
Деп ойлады Омархан.

Патша сөзин ада етти. Сонда мәрт Шора атасына қарап: — Ата, сөзиң өлмесин, гәпиң жерде қалмасын, әмириң тәрк болмасын, — деп, Омархан патшаның шөгирмесин қылыш пенен шапты, геллесин алған менен барабар болды. Мәрт Шора Омарханға қарап және бир-еки аўыз гәплей берди:

— Тахты үстинде хан ата,
Сөзимди мақул тыңла,
Әдалатлы жан ата,
Қайсы бирин айтайын,
Ежелги душпан ел болмас,
Етекти кессең жең болмас,
Өлген өлик — күйген күйик,
Сынған сынық — өткен ис,
Өкинсең орнына келмес.
Өкинбе деймен, хан ата,
Ат қуйрығын өрермиз,
Тәңирге тәўекел етип,
Биз қалаға барармыз,
Узағына хат жоллап.
Жақынына ат жоллап,
Төрткүллеп ошақ қаздырып,
Туў бийеден сойдырып,
Елге тойды берермиз,
Ҳешким келмес ағам деп,
Ҳешким келмес иним деп.
Өкинбе деймен хан ата, — деп,
мәрт Шора бул сөзди ада қылды.

Омархан патшаның ўақты хош болды. Әне, дабылын қағып, сырнайын тартып, гернайын шертип, шадыяна қағып, Омархан патша журтына қайтты.

Екеў-ара бекаўыл,
Үшеў-ара қараўыл,
Төртеў-ара жасаўыл,
Қараўыл қойып айдатты,
Алды малға толады,
Кейни шаңға толады,
Алды толған мал менен,
Кейни толған шаң менен,
Ал, айдарлы қул менен,
Ол тулымлы күң билен,
Арығын жолда қалдырмай,
Буўазын иш тастатпай,
Семизин қамытпай,
Омархан кейнине қайтты.
Айдын, айдын көллердиң,
Суўын ишип келеди,
Бөлек-бөлек суўлардың,
Балығын алып барады,
Салқын менен жол жүрди,
Сағым менен өндирди,
Ол заманда саз менен,
Бу заманда сөз менен,
Жеткерели бу гәпти,
Ат кекилин тарады,
Мәрт Шора күнге жарады.
Аламанын айдап, тобын сүйреп,
Аман-есен, саў-саламат,
Омарханның қаласына келеди.
Ат шаптырды далаға,
Жар урдырды қалаға,
Омарханның тойы бар деп,
Хабар берди бәршесине,
Көшедеги ойнап жүрген,
Нәресийде балаға.

Енди Омархан тойды берип жата берсин. Сөзди Жайхундәрья бойында Султаны Санжар Ўәлийханнан еситиң. Султаны Санжар жасаўылды шақырды. Жасаўыл келди. Султаны Санжар жасаўылға мына сөзди айтты:

— Бедеў минип желесең,
Сөзимди мақул көресең,
Әжемдәрья бойында,
Соралының ойында,
Азғана үйли тамада,
Нәрик бай деген бар еди,
Буннан соған барасаң,
Шақырып алып келесең,
Нөкерлер қалай көресең?

— Әжеп болыр, — деп ўәзирлер жайынан турды. Әне, енди Султаны Санжар хан пәтек қағазын берди. Еки ўәзир жайынан турды, ат белине минди, патшадан жуўап алып, жолға рәўана болды.

Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Буннан да өтип келеди,
Түлки жүрмес түнейден,
Түнде кетип барады,
Қарсақ жүрмес қолыннан,
Муннан да өтип келеди,
Салқын менен жол жүрди,
Сағым менен өндирди,
Он бир күн анық жол жүрди,
Бедеў минип желеди,
Он бир күн анық жол жүрип,
Әжемдәрья бойына,
Соралының ойына,
Азғана үйли тамаға,
Саў-саламат келеди.
Байдың үйин сорады,
Силтеўин адамлар береди,
Кешки енди мезгилге,
Нәрик байдың дәргасына,
Ўәзирлер сонда келеди.
Бир ақшам мийман болады,
Ақшам жатты, таң атты,
Таң шолпаны бирге атты.

Әне, азанда отырып, Нәрик бай ўәзирлерден жол болсын сорады. Ўәзирлер пәтек қағазын Нәрик байдың алдына қойды. Нәрикбай муны көрди. Әне, «хан шақыртыпты» деп үйине айтып келген ўәзирлердиң кейнине ерди. Ўәзирлер менен қосылып Султаны Санжардың бәргасына келди. Ўәзирлер жайына жатты. Нәрик бай Султаны Санжардың бәргасына келди. Келип патшаға қол қаўсырып сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Султаны Санжар Нәрик байға қарап:

— Бедеў минип желесең,
Сөзимди мақул көресең,
Бир қудадан тилеп алған,
Балаң қайда Нәрик бай?
Хабарыңды бересең.
Әўлийеге ат айтып,
Қорасанға қой айтып,
Әўлийе қоймай түнеп,
Масаяқ қоймай жылап,
Тилеп алған қудадан,
Перзентиң қайда Нәрик бай?
Хабарыңды бересең,
Белгенеңниң мәдаты,
Дизгенеңниң қуўаты,
Алдында жүрсе айбатың,
Кейнинде жүрсе қуўатың,
Ҳәм қанаатың, қуйрығың,
Балаң қайда Нәрик бай?
Бағ ишинде ларзан урған қызыл гүл,
Қудирет пенен бул алдыңда,
Сөйлеп турған қызыл тил.
Гәйи тыңла, сөзди ада етели,
Гә тыңлама, бай баба,
Ендигисин өзиң бил.

Әне, сол ўақтында Нәрик бай жайынан турды. Қол қаўсырып патшаға жуўап берди:

— Баламның бир аты бар еди. Әлий бий атты соратып жиберипти. Келген жасаўыллар қамшыгерлик етип Шубарды алып кетти, кейнинен балам барып, келген еки жасаўылдың биреўин өлтирип, биреўиниң қулақ-мурнын кесип, атты алып қалып, атына терис миндирип қайтарып жиберди, өзиниң атын алып қалды. Қайтып барған жасаўыл Әлий бийге ғыжалат берип, Әлий бий келип Шора менен урыс етти. Бул урыста Әлий бий өлди. Әне, Шора өзиниң жайына келди. Сениң айбатыңнан баталмай, саўлатыңнан өте алмай, әўел қуда, қалды сениң қәҳәриңнен қорқып, Қазан шәҳәрине кетти. Соннан бери мениң Шорадан хабарым жоқ, таксыр, — деп Нәрик бай ханға қол қаўсырып арыз етти.

Ал енди сөзди Султаны Санжардан еситиң. Султаны Санжар Нәрик байға қарап:

— Нәрик бай мында кел деди,
Гәпиме қулақ сал деди,
«Қус ушса қанаты менен,
Қонса қуйрығы менен»,
Деген нақыл бар.
Қатарде қара нар еди,
Жүкти биреў салады,
Мен хәзинен бос қалдым,
Балаң қайда, Нәрик бай?
Залым ханбедим мен?-деди.
Қолымдағы жүйрикти,
Пайгеге биреў шабады,
Байрағын биреў алады,
Хәзин биреў көреди,
Байрағынан бос қалдым,
Залым ханбедим мен?-деди.
Ондай батыр Шорадан,
Мың Әлий бий садаға,
Балаң қайда Нәрик бай?
Баланды әпкел, Нәрик бай,
Қолыңдағы сунқардың,
Аўын биреў алады,
Мен аўынан бос қалдым,
Хәзин биреў көреди,
Мен хәзинен бос қалдым,
Мен аўынан бос қалдым,
Балаң қайда Нәрик бай?
Алтын тахтым беремен,

Толы журтым беремен,
Малы-мүлким беремен,
Узақта болса сорарым,
Жақында болса барарым,
Барсам, келсем базарым,
Жоқты оннан азарым,
Тилладан питкен сазым,
Айттырса бермес назым,
Жалғыз қызым беремен,
Балаң қайда Нәрик бай?
Баланды әпкел Нәрик бай,
Өзим Кәбаға,
Хаж етпеге кетемен деди.
Бәрин хатқа салады,
Жығалы мөрин басады,
Нәрик байдың қолына,
Султаны Санжар жығалы,
Мөрин басып хат берди.
Нәрик бай муны алады,
Баланды әпкел деген соң,
Ўақты шәндан хош болып,
Ханға құллық етеди.

Әне, Нәрик бай ханнан жуўап алып, елине қайтты.

Пешин белге шалады,
Таяғын қолға алады,
Султаны Санжардан жуўап алып,
Жолға рәўан болады.
Ал қаладан шығады,
Бийик-бийик нурадан,
Суўлар аққан жырадан,
Муннан да өтип келеди,
Түлки жүрмес түнейден,
Түнде кетип барады,
Қарсақ жүрмес қалыңнан,
Муннан да өтип келеди.
Терең жылға, терең сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Көгершинли көп тоғайды,
Аралап жөней береди.
Салқын менен жол жүрди,
Сағым менен өндирди,
Бир неше күн жол жүрип,
Әжемдәрья бойына келеди.
Әне, Нәрик бай жайына барды,
Қыял етип ойлады,
Туў бийеден сояйын,
Төрткүллеп ошақ ояйын,
Азғана үйли таманың,
Бәрин жыйып алайын деп,
Нәрик бай турып ойлады,
Азғана үйли таманың,
Бәрине хатты жазады,
Хат жайылып тамаға,
Бәршеси тайын болады.

Тама келгеннен соң Нәрик байдың ўақты шәддан хош болды. Нәрик бай мал семизин сойып, бир ақшам мийман қылды. Әне, мийманлар ақшам жатты, таң атты, таң шолпаны бирге атты. Нәрик бай азғана хызметин етип, енди Нәрик бай келген мийманларға жайынан турып сөз етти:

— Жас үлкениң ағалар,
Жасы кишиң инисең,
Сөзиме қулақ салыңлар,
Султаны Санжар шақырды,
Шақырығына мен бардым,
Бедеўдиң жалын өресең,
Сөзимди мақул көресең.

Сизлерди шақырғанымның мәниси, Султаны Санжар шақырып алып бизлерди, «Баланды алып кел, Нәрикбай» деп хат жазды. Соның менен, ағайын, шақырып алып сизлерди, ойласығым усы, «баланды алып кел» деп буйырды, ағайын, қалай көресиз?

Тама турып ойлады:

— Арқадан даўыл турыпты, Нәрик байды қудай урыпты, бир тыныш болып киятыр едик, «баланды алып кел» деп хан айтты деп, Нәрик байды бир қыял сүрипти. Мунын сөзине қулақ салмайық, айтқан сөзин де тыңламайық, — деп сөзине қулақ қоймады. Биреўи «быйыл малым арық еди» деди, биреўи «қой-сыйырым туўайын деп жүрип еди» деди, биреўи «малымның оты жоқ еди» деп, таманың бәршеси үйден шығып болды. Нәрик байдың бир өзи қалды. Нәрик байдың басына жеккелик келди. Себил қалған ордада көзде жасы көл болып, жағалары сел болып, кеўни бузылып, бағры езилип, көзинен аққан жаслары қатире-қатире жағасына дизилип, баласын алып ядына, гүниренип толғай береди:

-Белгенемнин мәдаты,
Мәдатым балам қайдасаң,
Дизгенемнин қуўаты,
Қуўатым балам қайдасаң,
Алдында аға жоқ еди,
Кейнинде ини кем еди,
Излеп барар кейниннен,
Сенде қостар жоқ еди.
Қуўатым балам қайдасаң,
Жалғыз бала ат шапса,
Жаны қалмас атанын,
Жалғыз бала жыласа,
Жаны қалмас ененин,
Атаның кеўни балада,
Баланың кеўни далада,

Жалғыз бала болғанда,
Атаға кемлик келгенде,
Турармеди ойланып,-деп,
Нәрик бай толғай береди.

Әне, Нәрик байдың перзенти Гүмисай атасының жылап отығанын еситти. Турып ордаға келди. Келсе, атасының жылап отырғанлығын билди. Енди Гүмисай атасына қарап бир сөз айтты:

– Ашылғанда бағың гүли солды ма,
Әжел жетпей шул пайманаң толды ма,
Себеп недур, сен жылайсаң ордада,
Жетер-жетпеслерден зәлел келди ме?
Сени көрип қаўсыраман қолымды,
Раба көрмейсен мына өлимди,
Себеп недур, сен жылайсаң ордада,
Ата, баян әйле маған жөнинди.

Анда атасы қызына қарап:

–Белимниң мәдаты балам, дизимниң қуўаты балам, еситкен мына сөзимди саған баян етейин. Султаны Санжар шақырып алды өзимди, хат жазды, «малы-мүлким беремен, алтын тахтым беремен, толы журтым беремен, жалғыз қызымды беремен, ондай батыр Шорадан мың Әлий бий садаға, баланды әкел Нәрик бай» деп хат берди, — деп, хатты Гүмисайдың қолына берди. Гүмисай хаты оқып көрсе, Султаны Санжардың хаты екенлигин билди. Гүмисайдың ўақты шәндан хош болды, «ағамды излеймен» деп талап етти. Нәрик байдың да ўақты хош болды. Шораның минген Шубарының иниси бар еди, сол аты жылқыдан устатып алды. Атты алып келди. Алтын ер, тилла жаббы, зер шашақлы көйлекшелерди тайын етти. Аксаўыт, қундыз соппас, тилла кәмар, бәршесин Нәрик бай тайын етип, Гүмисайға алып келип берди. Гүмисай муны көрди. Жаў қуралы — бес қурал, бәрин қуршай шалды, атасынан жуўап алды, Шубардың белине минди. -Жортқанда жолың болсын, жолдасың Қызыр болсын, қырық шилтен ғайып еренлер жылаўында жүрсин, душпанларың пәс болсын, ўақтың шәндан хош болсын. Ғайыбың, аған табылсын, жолың болсын балам,-деп атасы пәтиясын берип қала берди.

Гүмисай жайдан турады,
Ат белине минеди,
Белине салақ иледи,
Қаналасы ақасын,
Дунья-малын тәрк етип,
Қара шашын бөрк етип,
Қундыз соппас кийеди,
Аттың басын бурады,
Айдап жолға салады,
Гә бәленте, гә пәсте,
Жолға рәўан болады.
Арадан еки күн өтеди,
Ол Ғодардың баласы,
Бул Шораның иниси,
Гүмисай кетти деген соң,
Бул да жайдан турады,
Ат белине минеди,
Атасы Ғодардан жуўап алып,
Гүмисайдың кейнинен,
Қуўғыншы болып жөнеди.
Мамытжан минген әреби ат,
Жайды жуптан қос қанат,
Арткы аяғын тигеди,
Алдыңғы аяғын бүгеди.
Қуўдай мойнын созады,
Ушқан қустан озады,
Қуба үйректей қунысып,
Аққан суўдай жылысып,
Жолға рәўан болады.
Минген аты жуўырды,
Жер танабын қуўырды,
Дойнақтан шаңын суўырды,
Белеўдиң жалын тарады,
Мамытжан күнге жарады.
Жеккелик ҳаққа ярашқан,
«Ағам» дейип зар қағып,
Жылап енди баратырған,
Қарындасы Гүмисайды,
Мамытжан муны көреди.
Гүмисайдың кейнинен,
Мамытжан жетип келеди,
Гүмисай муны көреди.
Қуллық етип Мамытжанға,
Тәңир сәлем береди,
Сәлемин әлик алады,
Екеўлери қосылып,
Тал жипектей есилип,
Жолға рәўан болады.
Ғарға ушса қанаты,
Күйетуғын шөллерде,
Қулан жүрсе дойнақы,
Күйетуғын таўларда,
Қызыл қыя қумларда,
«Ағам» дейип зар қағып,
Гүмисай жөней береди.
Қуба үйректей қунысып,
Аққан суўдай жылысып,
Гүмисай минген әреби ат,
Туяғын жерге тийдирмей,
Шапты бедеў толықсып,
Салқын менен жол жүрди,
Сағым менен өндирди,
Еки сегиз - он алты,
Және сегиз, және алты,
Отыз күн анық жол алды.
Бийик-бийик нурадан,

Суўлар аққан жырадан,
Муннан да өтип келеди,
Булар жолдан адасты,
Адасқанын билмеди,
Султаны Санжар Ўәлий хан,
Кәраматлы уллы хан,
Пешин белге шалады,
Ҳасасын қолға алады,
Мамытжан менен,
Гүмисайдың алдына,
Қәлендер тайын болады,
Ҳасасын жерге урады,
Ҳасасын шаншып көгертти,
Уллы дарақ болады,
Мамытжан менен Гүмисайдың,
Ол қарасын көреди,
Қыркарлап баба күледи,
Гүмисай енди қарады,
Басында бар гүласы,
Ийнинде бар жәндеси,
Өзи ҳақтың жолында,
Шийдилла тартып киятырған,
Бир бабаны көреди,
Баба жақын келеди,
Гүмисай сәлем береди,
Сәлемин баба алады,
Гүмисайға қарап баба,
Бир-еки аўыз «жолболсын» сорай берди:

— Ҳаўа жаўсын, айдын көлиң ҳөл болсын,
Жылдан-жылға кем дәўлетиң мол болсын,
Қайсы елден қайсы журтқа барасаң?
Тулпар минген уғлым, сөйле, жол болсын!

Он төртиңнен шалқып туўған айыңды,
Көрип қуўанғанман қадди-бойыңды,
Қайсы елден қайсы журтқа барасаң?
Уғлым баян әйле шыққан елинди.

Бедеў минип бул майданда желесең,
Ҳақтың сәнасыны яда билесең,
Астында атыңыз, үстинде тоның,
Қайсы елден қайсы журтқа барасаң?

Ақша жүзиң запырандай сарғайып,
Мудам ат үстинде пирге қол жайып,
Астында атыңыз, үстинде тоның,
Нағып жүрсең дағыстанда сомпайып?

«Сомпайып» дегенге Гүмисайдың ашыўы келди. Енди бабаға қарап Гүмисайдың айтқаны:

— Бедеў минип дағыстанда желемен,
Бул ҳақтың исине қайыл боламан,
Шүкир алла, астымызда атымыз,
Дағыстанда ат ойнатып келемиз.

Жерди, көкни халық әйлегей илайым,
Зар жыласа төгилгей ме гүнайым,
Шүкир алла, астымызда атымыз,
Нетип жүрсең дағыстанда жандарым?

Таза тарлан талпынарлар уяда,
Ҳеш мусырман сарғаймасын қыяда,
Шүкир алла, астымызда атымыз,
Нетип жүрсең бул шөллерде пияда?

Ақша жүзиң зәпирендей сарғайып,
Мен жүриппен мудам пирге қол жайып,
Шүкир алла, астымызда атымыз,
Нетип жүрсең дағыстанда сарғайып?

«Сарғайып» дегенге бабаның да ашыўы келди.
— Балам,астындағы ат кимдики? — деди.
Гүмисай айтты:
— Ат өзимиздики, — деди.
Баба және айтты:
— Үстиндеги тон кимдики, балам? — деди. — Балам, сол сөзди өзиңше айтасаң ба, я болмаса басқа бир дәлилиң бар ма? — деди.
Баба айтты:
— Балам, астындағы ат ҳәм меники, үстиндеги тон да меники, — деди.
Ат-тонына баба белли даўагер болды. Булар қашатуғын болды. Баба «тут» деп әмир қылды. Аты жерге киргендей болды. Гүмисай ҳәм Мамытжан екеўинин қол-аяғы сынып қалғандай болды. Әне, булар көзинен яш алып жылаў менен болды. Баба булардың ҳақына бир дуўа қылды. Буларға тил пайда болып, хуўшына келди. Хуўшына келгеннен соң:
— Қәне, балларым, — деди. — Төрелесесең бе, я болмаса ат-тонды бересең бе, балларым? — деди.
— Ата, бул жерде төрелесиўге адам жоқ-ғо, — деди.
Баба айтты:
— Балам, сизлер атлысыз, мен пиядаман. Дөгерегиңизге қаран, дөгерегиңизде не көринеди, балам, — деди.
Мамытжан менен Гүмисай қарады. Уллы бир нәрўан дарақты көрди.
— Баба, — деди, — бир дарақ көринеди, — деди.

— Онда, балларым, сол даракқа барып жүгиниссек қайтер екен? — деди.
Баба және айтты:
— Даракқа барып арыз етейик, ат баллардики десе, атты саған берейин, ат бабаники десе, атты бересең, балларым, — деди.
— Берейик, ата, — деди.
Баба пияда, булар атлы, даракқа жақын келди. Дарақтың қасына барды.
— Қәне, балларым, арзыңызды өзлериңиз айтасыз ба, болмаса мен айтайын ба? — деди.
Баллар айтты:
— Баба, айтабер сен, — деди.
Баба:
— Ассалаўма әлейкум, дарақ, — деди.
«Ўа алейкум ас салам» деген дарақтан саза болды. Баба айтты:
— Қәне, дарақ, — деди. — Мениң атыма, тоныма мына баллар зорлық етти, — деди. —Соннан соң даракқа жүгинейик деп, сениң төрешилигиңе алып келдик, — деди. —Ат, тон баллардики десең атты, тонды балларға беремен. Як, ат, тон бабаники десең, атты, тонды алып каламан. Дуўры төрешилигиңди бер, — деди.
«Ат, тон бабаники» деген дарақтан бир саза пайда болды. Әне, Гүмисай менен Мамытжан бул сести еситти. Аттан жерге түсти. Аттың танабын бабаның қолына берди. Баба қолына алды. Гүмисай менен Мамытжанды шақырды.

-Балларым, мында кел,-деди,
Гәпиме қулақ сал,-деди,
Пияда калма, балларым,
Атлы болып жүр,-деди,
Сен атыңа мин,-деди,
Сизлер жолдан адасып едиңиз,
Сизлерди жолға салайын,
Жол силтеўин ал,-деди.

Әне, Гүмисай менен Мамытжанның ўақты хош болып атларына минди. Енди баба Гүмисай менен Мамытжанға қарап бир-еки аўыз гәплей берди:

— Мени көрип қаўсырасаң қолыңды,
Раба көрмеймен мына өлимди,
Сал қулақын, есит мениң сөзимди,
Айтайын сизлерге енди жөнимди.

Отыр едим бәргамда, сизлердиң адасканыңды билдим, сөйтип жайымнан турдым, ҳәзир алдыңа келдим. Балам, атыңа даўагер болдым, ҳасамды шаныштым, көгерттим, дарақ етип жүгиндим, астыңнан атымды алдым. Қапа болыр балам деп, және атыңды өзиңе бердим, сениң ағаң Шораны Омархан тахтында көрдим, Қарахан дәстиңде көрдим. Сениң ағаң Шораны пияда ўақтында көрдим. Азаңда ол жерден шығып, бир майдан болды, ҳәзир бул жерге келдим. Ағаң Шораны ҳәзир усы ўақтында көрдим, — деди.
«Ҳәзир усы ўақтында көрдим» дегенге Гүмисай қатты қуўанып кетти.
— Онда, ата, Омарханның қаласы жақын ба? — деди.
— Балларым, сизлер асықпаң, ҳаўлықпаң, еле де қырық күн жол жүрип барасыз, — деди. — Мына жол менен кетсең Омарханның елине барасаң балам, — деди.
Әне, енди Гүмисайды жолға салып, баба көзден ғайып болды.

Гүмисай менен Мамытжан,
Атының басын бурады,
Жол силтеўин алады,
Булар минген әреби ат,
Жайды жуптан қос қанаат,
Баллардың кеўни өссин деп,
Дойнағы тасты тессин деп,
Ойпаң жерде ойнады,
Борбослаў жерде ғарғыды,
Он төрт яшар қыз киби,
Жилўа қылып ойнады,
Арткы аяғын тигеди,
Алдыңғы аяғын бүгеди,
Қуўдай мойнын созады,
Ушқан кустан озады,
Табаны тасқа тақылдап,
Қайткан ғаздай ғарқылдап,
Қуйысқаны бөктериўге,
Үсти-үстине шарпылдап,
Аттан аққан терлери,
Абылайсаң жамғырдай,
Қара жерге сиркирип,
Атлар ылғал әйледи.
Азыўлығы еки ели,
Дорбалығы төрт ели,
Қурымына қарасаң,
Қашқан таўшан мүшели,
Таўдан арқар қуўыпты,
Тартып баўрын суўытты,
Буныңдайын жүйрикти,
Қайсыңдай бийе туўыпты.

Әне, булар келе берсин. Енди сөзди Омархан патшадан еситиң.

Омархандай уллы хан,
Сырлатып хатты жазады,
Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Төрткүллеп ошақ қаздырды,
Туў бийеден сойдырды,
Елиндеги мүсәпирди,
Наны, гөшке тойдырды,
Ат шаптырды,
Палўан туттырды,
Алтынқабақ аттырды,
Нақыра, сырнай тарттырды,
Дуўтар, сийтар, тамбур, гиржек,
Отыз еки сазларды,
Бир қулақтан дүзетип,
Патшалықтан шерттирди.

Омархан елатына уллы байрам той берди. Хешким ағам деп, хешким иним деп Омархан патшаның алдына келмеди. Енди Шораны да оң тәрепине қойып, екинши патша қылды. Енди сөзди Гүмисайдан еситиң.

Гүмисай менен Мамытжан,
Күни-түнин бир етти,
Уйқыға көзин үйретти,
Қарағай найза сүйретти,
Сарғаяды-солады,
Бағры оттай күйеди,
Мезгилхана бар ма деп,
Көз жиберип қараса,
Бир пақшасы қоладан,
Бир пақшасы гүмистен,
Бир пақшасы алтыннан,
Бир пақшасы зәрбарақ,
Гүнгирасы шамшырақ,
Және қырық гез ғарғалық,
Гүмисай менен Мамытжан,
Омархандай ханлардың,
Ол қаласын көреди.
Аттың жалы жатқанда,
Қабақлары қатқанда,
Атқа салған тиллалы ер,
Ат қапталға батқанда,
Ат жиберип қолатқа,
Шыдай алмай ғайратқа,
Арадан жетпис күн өткенде,
Ат ойнатып келе қалды,
Омархан жатқан елатқа.
Бедеўдиң жалын тарады,
Гүмисай күнге жарады.
Арадан жетпис күн өткен соң,
«Ағам» дейип зар қағып,
Омарханның елатына,
Келди сағыў-саламат.

Әне, қалаға келди. Дәрўазаға жақын барды, алдына қарады. Гүмисай пайғамбер яшына барған, үни тарғыл, сақалы буўрыл болған, төринен гөри жуўық-жақын келген, қолында балтасы, белинде арқаны, бир бабаны көрди. Баба буларды көрди. Булардың минген атын, кийген тонының ғайрысын билди. Енди баба буларға қарап «жол болсын» сорап, бир-еки аўыз гәплей берди:

— Хаўа жаўсын, айдын көлиң сел болсын,
Жылдан-жылға кем дәўлетиң мол болсын,
Қайсы елден қайсы журтқа барасаң,
Балларым, хабар бер, сөйле, жол болсын.

Бедеў минип бул майданда желесең,
Хақтың сәнасыны яда билесең.
Астында атыныз, үстиңде тоның,
Хабар бер, жан балам, қайда барасаң?

Он төртиннен шалқып туўған айыңды,
Мен билмеймен сениң қандай халыңды,
Астында арғымақ қустан қанатлы,
Уғлым, баян әйле шыққан елиңди.

Бағ ишинде ларзан урған қызыл гүл,
Қудирет пенен бул алдында,
Сөйлеп турған қызыл тил,
Гәйи айтқыл, гәйи айтпа жөниңди,
Сен жолаўшы, биз отыншы,
Гәпти ада еттим, балам, өзиң бил.

Анда Гүмисай бабаға қарап:
— Баба мында кел деди,
Гәпиме қулақ сал деди,
Айтпақ меннен,
Еситпек сеннен,
Сабыр ет, баба, сен деди.
Әжемдәрья бойынан,
Соралының ойынан,
Ол султаны Санжар,
Ўәлий ханның халқынан,
Ала тана жайында,
Шарўа өскен халқынан,
Мен бир келген,
Жоқ қыдырған баламан,
Несип болса бабажан,
Мен қалаға киремен.
Ханы кимди бу йердиң,
Султаны ким шу елдиң,
Мал кимдики, журт кимдики,
Дин кимдики, хабарыңды бер,
Жолаўшыман мен деди,
Ирикпе баба сен деди.

Бу сөзди бабаға баян етти. Енди баба Гүмисайға карап бир-еки аўыз гәпледи:

— Белгенемниң мәдаты,
Дизгенемниң куўаты,
Сал кулағын, гәп тыңла,
Каласын бийик салдырған,
Кәндегин терең каздырған,
Атына теңге қактырған,
Рыўыны кәлем билен,
Жети ықлымға жетирген,
Мусылманның патшасы,
Омарханның ели бар,
Ноғайлының халқы бар,
Балам, муннан барарсаң,
Барып тойды көрерсең,
Алтын тахтың үстинде,
Омарханды көрерсең,
Омарханның оңында,
Оң жағында жайы бар,
Ханнан алар пайы бар,
Есик алды байтерек,
Бели жуўан, түби бир,
Алтын кәса, бурыныш дүмше,
Қатар-қатар демлеўли тур,
Патшалықтан жез шайнек,
Шахсыпаның үстинде.
Қундыз соппасы басында,
Әйне он төрт жасында,
Екинши ханды көрерсең,
Арзыңды соған айта бер,
Перзентим өзиң билерсең, —

деп баба сөзди ада етти. Гүмисай муны еситип ҳайран болып турады.

— Елиим кайда, ел кайда,
Елиме жетер күн кайда,
Жайығым кайда, жай кайда,
Жайылып атар мал кайда,
Жаланаяқ жүрипке,
Тикенексиз жол кайда,
Тентиреп турған гедайға,
Қашып шыққан кашқыншыға,
Алтын тахтан жай қайда.
Ханнан алар пай кайда,
Ағам мениң мәрт Шора,
Бар екен усы калада,
Бар болғаны курысын,
Душманы зор болғансоң,
Ол елине баралмай,
Елинен хабар алалмай,
Арба айдап, кой бағып,
Мәскепши болып суў тасып,
Күниниң өткенин билип,
Аўкат етип жүр екен, — деп,
Қыял етип Гүмисай,
Калаға енди келеди.
Бәлент көше, пәс көше,
Аралап жөней береди,
Дүнья-малын тәрк етип,
Қарашашын бөрк етип,
Шашын меккем түйеди,
Қундыз соппас кийеди,
«Ағам» дейип зар жылап,
Гүмисай жөней береди,
Ол алдына карады,
Ол алдына караса,
Үйлерди катар курыпты,
Аламан сыртынан,
Бийжай курсап толыпты,
Ортаға дар қурдырып,
Ат шаптырып,
Палўан туттырып,
Алтынқабақ аттырып,
Нақыра, сырнай тарттырып,
Дуўтар, сийтар, тамбур, гиржек,
Отыз еки сазларды,
Бир кулақтан дүзетип,
Патшалықтан шерттирип,
Ақ шадыр, аппақ шадыр,
Ақ шадырда бек жатыр,
Мылтық деген патыр-патыр,
Үсти-үстине атылып жатыр,
Омарханның елатында,
Уллы тойды,
Гүмисай енди көреди.
Анда барды, мында барды,
Гүмисай менен Мамытжан,
Екеўи теңселди турды.
Ол атаның баласы,
Ол ағаның иниси,
Көз жиберип карады.
«Ағам» дейип зар қағып,
Жылап турған еки бирдей,
Жас балаларды көреди,
Ол атаның баласы,
Ол ағаның иниси,
Турып қыйқыў салады:
— Бала емес екен, бәле екен,
Жанбайтуғын шала екен,
Булар елге келген мийман екен.

Мийманды сыйламақ орын изайы мөмин, қапа кылма, мийманға жол бериң, — деп қыйқыў салды шул заман.

Гүмисай минген ареби ат,
Хаслы тулпар канат,
Табан соқпақ бир жолларды көреди,
Өзин жолға урады,

Мамытжан ерди кейнинен,
Бул жығынды аралап,
«Ағам» дейип зар қағып,
Гүмисай енди келеди,
Әйледи ҳаққа минажат,
Болды пирден шарапат,
Әйне песин ўақтында,
Гүмисай менен Мамытжан,
Ол ортаға песин ўақта,
Шықты сағыў саламат.
Бедеўдиң жалын тарады,
Гүмисай күнге жарады,
Ханы қайда бунын деп,
Беги қайда мунын деп,
Дөгерегине қарады,
Алтын тахтың үстинде,
Жуп жығасы басында,
Қусбеги, метер қасында,
Үни тарғыл,
Сақалы буўрыл болған,
Төринен гөри жуўық,
Жақын келген,
Тахты үстинде отырған,
Омарханды көреди.
Омарханның оңында,
Оң жағында жайы бар,
Ханнан алар пайы бар,
Қундыз соппасы басында,
Әйне он төрт жасында,
Буўдай иренли, қой көзли,
Рақнай дилли, пал сөзли,
Ийман пешаналы,
Өзи хоширей нур жүзли,
Омарханның оң тәрепинде отырған,
Екинши киши ханды көреди.

Гүмисай сонда ойлады:

— Ағам мениң мәрт Шора, үлкен ханның дәскасынан таптырмас мениң өзимди. Киши ханға барайын, қәдимнен қалған сөз еди, бурынғының нақылы - «Тең теңи менен, тезек қабы менен» деген нақыл бар еди. Арзымды киши ханға айтайын, «жылқыдан, түйеден, қойдан жоқшыман» деп хан алдында ўаз етип, ханға қарап толғайын. Айтқан сөзимнен аңлап, қулағын салып ол пәмлеп, ханаласым Гүмисаймедиң деп ким қушақлап жыласа, соны ағам билейин, — деп қыял етти Гүмисай.

Аттың басын бурды,
Атына қамшы урды,
Гүмисай менен Мамытжан,
«Ағам» дейип зар қағып,
Пияда бармас жерлерге,
Атлы жөней береди,
Хан қасында бөрилер,
Бөримен деп жүргенлер,
Бири метер, бири дайўан,
Қусбеги, инақ, ўәзирлер,
Турып енди қарады,
Атлы түўе, пияда,
Баралмастай жерлерге,
Атлы киятырған еки бирдей,
Яш уғланды көреди.
Кими қанжар алады,
Кими тебер алады,
Еки бирдей баллардың,
Ол алдына келеди,
Дашнам етип сөйледи:
— Пай, заңғардың баласы,
Бәшшеғардың шағасы,
Қараны қара демейсең,
Бегди көзге илмейсең,
Өлиминди, гөдек сен,
Шыбын шелли көрмейсең,
Қайдан келген садасаң,
Атыңның басын тарт,-деди,
Бир шыбындай жаныңа,
Бир қасықтай қаныңа,
Рейимиң келмеди ме,
Бала, кейин қайт, — деди.

Гүмисай сонда сөйледи:
— Қарамайман жүзиңе,
Инанбайман сөзиңе,
Сениң менен исим жоқ,
Бараман ханның өзине, — деп,
Мамытжан менен Гүмисай,
Кете берди жөнине.

Әне, булар қорықпады, үркпеди, екинши ханның алдына келди. Келип, ат үстинен қол қаўсырып сәлем берди. Сәлемин әлик алды. Сол ўақтында Гүмисай қолын көксине қойып, киши ханға арыз айтып, гәплей берди:

— Сени көрип қаўсыраман қолымды,
Раба көрмейсең мына өлимди,
Мен бир келген, жоқ қыдырған жоқшыман,
Айтайын сизлерге келген жөнимди.

Ылғаллы күн ат кәкилин тарадым,
Атадан жалғыз ем, неге жарадым,
Мен бир келген жоқ қыдырған жоқшыман,
Сүйинши айтып, мен жоғымды
ҳәр жерлерден сорадым,
Узақта жоллар бар мезгилден жырақ,
Жоғым ушын жапа шектим көп жылап,
Мен бир келген жоқ қыдырған жоқшыман,
Дәўлетли қапыңа келдим сорағлап.

Қайғы менен көлден ушқан сонаман,
Гәйи тасып, гәйи шөлде жанаман,

Сал қулағын, есит мениң сөзимди,
Жоқ қыдырған мен сергиздан баламан.

Жерди-көкти, халық әйлеген илайым,
Бәршени халық еткен қәдир қудайым,
Мен бир келген жоқ қыдырған жоқшыман,
Көрсең, билсең хабарың бер,
тахт үстинде патшайым,-

деп сөзди ада етти.

Сол ўақтында екинши хан сорады:

— Әй, балларым, жойылтқан жоғың қара ма, торы ма, я сары ма, — деди хан.

Сол ўақтында Гүмисай екинши ханға қарап, жойылтқан жоғының иреңки-ырайын айтып, Гүмисайдың айтып турғаны:

— Тахты үстинде хан ийем,
Журт сораған патшайым,
Қайсы бирин айтайын,
Айтпай саған кәйтейин,
Гәптиң келген жайында,
Жойылтқан мына жоғымды,
Саған баян етейин.
Мақ-мақ басқан, мақ басқан,
Төрт аяғын тең басқан,
Шуўдаларын шаң басқан,
Өркешлерин май басқан,
Қабырға узын, қарны кең,
Қара нарым жойылтып,
Муны излей келермен,
Көрген, билген бармысаң?
Алдынғы өркеш ол еди,
Кейинги өркеш мен едим,
Мен жоқшыман, жоқшыман,
Жоқ қыдырған жоқшыман,
Жылқыма саяқ келтирмес,
Тоқлақ жаллы қара айғырым,
Жойылтып муны излей келермен,
Көрген, билген бармысаң?
Ат кәкили ол еди,
Ат қуйрығы мен едим,
Көрген, билген бармысаң?
Буны излей келемен.
Әжемдәрья бойында,
Соралының ойында,
Ол Султаны Санжар,
Ўәлий ханның елинен,
Ақшатаўны жайлаған,
Кекире басын керт отлап,
Кетмен қуйрық қойымнан,
Мүйизлери шығыршық,
Қуйрықлары дигиршик,
Қойыма қасқыр шаптырмас,
Өлдимекен, хан аға,
Излеп қыдырсам да,
Дәреги маған таптырмас,
Ай мүйизли ақ қошқарым жойылттым,
Муны излей келермен,
Көрген, билген бармысаң?
Аласып кетти атасы,
Сорлы енесин көралмай,
Хәр саўлықты бир тутып,
Жалтаң болып маңырай қалды.
Ол кейнинде қошантай жетим баласы,
Бир саўлықтан жуп қозы,
Бири ол да, бири мен,
Еки ортада тел қозы,
Тел қозыман мен деди,
Я таланда дүнья мал,
Тасаддық болғай шийрин жан,
Әмири Аллатаала басы,
Сиз мажазы уллы патша,
Көрсең, билсең хабарың бер,
Хан қасында, аға, — деп,
Ханға қарап арзын айтып,
Толғады, жалғыз шул заман.

Сол ўақтында мәрт Шора жайынан турды. Енди Гүмисайға қарап мәрт те толғай берди:

-Қараңғыда қарағым,
Қармал қолым, шырағым,
Сал қулағын, гәп тыңла,
Сөзимди есит, еки бирдей балларым.
Маң-маң басқан, маң басқан,
Төрт аяғын тең басқан,
Шуўдаларын шаң басқан,
Өркешлерин май басқан,
Қабырғы узын, қарны кең,
Қара нарын жойылтқан,
Жоғын есе, мен дейди.
Алдынғы өркеш сен болсаң,
Кейинги өркеш мен дейди,
Бозласалы кел дейди,
Ғылжын-ғылжың киснеген,
Қуўып жалдан тистеген,
Жылқына саяқ келтирмес,
Қулыншағын атасы,
Тоқлақ жаллы қара айғырың жойылтсаң,
Жойылтқан жоғын мен деди,
Ат қуйрығы сен болсаң,
Ат кәкили мен деди,
Мен кеткенде киснеп қалған,
Қулыншақпедиң сен деди,
Әжемдәрья бойында,
Соралының ойында,
Ол Султаны Санжар,
Ўәлий ханның елинде.

Акшатаўны жайлаған,
Кекире басын керт отлап,
Кетмен қуйрық қойыннан,
Муйизлери шыйыршық,
Қуйрықлары дигиршик,
Ай муйизли ақ қошқарың жойылтсаң,
Жойылтқан жоғың мен деди,
Бир саўлықта жуп қозы,
Бири сен де, бири мен,
Маңырасалы кел деди,
Кемем қырға тийгенде,
Қырлатып ескен жалғызым,
Салым сайға тийгенде,
Сорлатып ескен жалғызым,
Алдымда жүрсе айбатым,
Кейнимде жүрсе қуўатым,
Ҳәм қанатым, қуйрығым,
Таласып емшек емискен,
Тай-қулындай тебискен,
Тар қурсақта жатысқан,
Қаналасым Гүмисаймедиң сен деди.

Гүмисай деген ўақтында,
Ҳуўшы бастан кетеди,
Не болғанын билмеди,
Жайдай бели бүгилди,
Көзинен яшы төгилди,
Қаналасым ялғыз ағам сенбедиң деп,
Пардақ тастап жығылды.
Шул мийнетин күйдирмей,
Қарындасы Гүмисайды,
Мәрт Шора жерге тийдирмей,
Қушақлап аттан түсирди.

Екеўи боталы түйедей бозласты, қозылы қойдай маңырасты. Мамытжан аттан түседи, саўытың баўын шешеди, мәртке жақын келеди, иниси Мамытжан екенин сол ўақтында Шора биледи. Әне, қолтығына қысады, баўырына басады, қайта-қайта сүйеди. Мамытжанды көрген соң мәрт Шораның ўақты зыяда хош болды. Қарындасы Гүмисай есин жыйып алды. Үш ноғайдың баласы Омарханның халқында танысып көристи. Мамытжанды, қарындасы Гүмисайды көрген соң мәрт Шора дарды жықтырды, «той дағыды» деп халыққа дағаза салды. Әне, тойдағы адамлар дағыды. Шора Гүмисай менен Мамытжанды ертип, өзиниң жайына келди. Енди үшеўи бола берди. Арадан бес күн өтти. Жети күнниң жүзи толды. Енди Гүмисай жайынан турып, Султаны Санжардың жығалы мөри басылған сырланған қағазын ағасы Шораның алдына қойды. Шора Султаны Санжардың мөри басқан қағазын көрип, иззет етип жайынан турып қолына алды. Әне, Шора бул хатты оқып көрип, не саўданың барын билди. Жайынан турып, Шубардың қасына келди. Шубарды сылап-сыйпап, мақпалдан сайлап дорба илди, кишмиштен сайлап жем берди. Алтын ер, тилла жаббы, зер шашақлы көйлекшелерди қондырып, жуптан айылын шалды. Енди мәрт Шора таза дәретин алып, еки рәкат намазын оқып, ели-халқы, толы журты, ата-енеси, Султаны Санжар ядына түсип, Шубардың белине минди. Гүмисай да атына минди. Ғодардың улы Мамытжан, бул да атына минди. әне енди үшеўлери қосылып, тал жипектей есилип, мәрт Шора алдында, Гүмисай ортада, Мамытжан кейнинде, бәлент көше пәс көше, беглер жүрген тар көше, айланыш көше, кең көшелерди аралап келе берди. Хан есиги датқажай, тар қапылы кең сарай, әйне арыз ўақтында, еки мийманды ертип, Омарханның нәзерине мәрт Шора келди жақынлай. Хан алдына келеди, «Ассалаўма әлейкум» деп ханға сәлем береди, сәлемин әлик алады. Қол қаўсырып ханға қарап мәрт Шора сөйлей береди:

Тахты үстинде хан ата,
Бул сөзимди мақул тыңла,
Әдалатлы жан ата,
Қайсы бирин айтайын,
Айтпай саған қәйтейин,
Сал қулағың, гәп тыңла,
Келген мына хызметимди,
Хан ата, баян етейин.
Күнликшиниң күни питпей,
Көнегин қолдан берер ме,
Баяры хызмет буйырғанда,
Бармайман деп айтпағына,
Ерк өзинде болыр ма,
Күни питкен күнликши,
Көнегин сырттан сорайды,
Алты айға дийқан турғанлар,
Бай хызметин еткенлер,
Кендир қағып, гүз болғаны,
Перзентинниң алдыңа,
Жуўап тилей келгени,
Киси есиги тоң тезек,
Еритпеге ер керек,
Ерлер туўған жерине,
Ийтлер тойған жерине,
Ийт емеспен хан ата,
Тойған жерде жүрмекке,
Кеўним талўас етип тур,
Несип болса Султаны
Санжар ханды көрмекке,
Көкирегим жарый бермейди,

Муқаннес пенен жүрмекке,
Несип болса қайтаман,
Жуўап берсең бизлерге,
Ата-енемди көрмеге.

Омархан патшаға қарап және мәрт Шораның айтқан сөзи:

— Бедеў минип дағыстанда желемен,
Ҳақтың салған саўдасына көнемен,
Султаны Санжар Ўәлий ханнан хат келди,
Жуўап берсең мен елимди көремен.

Атлар шаптым бәлент таўдың өрине,
Жалғызлықтан сепкил түсти жүзиме,
Султаны Санжар Ўәлий ханнан хат келди,
Жуўап берсең, мен қайтаман елиме.

Ашылғанда таза бағның гүлимен,
Халық еткиўши бир алланың қулыман,
Ҳаслы затым саған баян етейин,
Ол тамада Нәрик байдың улыман.

Арылғай басымнан күн-күннен думан,
Енди көрериңнен көрмесиң гүман,
Мен кетемен, сен қаласаң қалада,
Ойнап-күлип пәтияң бер, атажан.

Енди Шора бул сөзди ада қылғаннан кейин Омархан патша бир хызметкерди буйырды. Хызметкер Омарханның тулпарын ертлеп алып келди. Омархан патша атына минди. Алтмыш еки әмелдар, бул да атланды. Омархан алдында, Ер Шора кейнинде, Мамытжан менен Гүмисай - булар Шораның кейнинде, алтмыш еки әмелдар буларды ортаға алып, иззет етип келе берди. Әне, бәлент көше, пәс көше, беглер жүрген тар көшени аралап, Шораны ертип Омархан тоққыз күн жол жүрди. Әне, өзиниң торпағынан шығарды. Енди патша Шораға:

— Әй, перзентим, пушты панайым, жигербентим, шамшырағым, алты ай берген ўәдеңе айланып келегөр, қарағым, — деп патша бул сөзди ада қылды.

Султаны Санжардың жығалы мөр басқан қағазын Шора Омарханның қолына берди. Әне, Омархан қағазды көрди. Айтыпты: -Енди уллы хан малы-мүлким беремен, толы журтты беремен, тажы-тахтым беремен. Белимнен мадатым кетти диземнен қуўат кетти. Ийелик етсин журтына өзим Кәбаға ҳаж етпекке кетемен,-депти. Муны Омархан көрип, енди мәрт Шораға пәтия берди: — Жортқанда жолың болсын, жолдасың Қызыр болсын, қырық шилтен ғайып еренлер жылаўында жүрсин, душпанларың пәс болсын, ўақтың шәддан хош болсын, бедеў минип желегөр, сөзимди мақул көрегөр. Умытып кетпе атаңды, алты ай берген ўәдеңе, балам, қайтып келегөр, — деп Омархан патша сөзин ада қылды. Сөйтип Омархан патша алтмыш еки әмелдары менен кейнине қайтты. Шора елине қайтты, үшеўлери қосылып, тал жипектей есилип. Енди мәрт Шора Гүмисайға қарап,

Бедеўдиң жалын тарады,
Мәртлер күнге жарады,
Қуўанышы сыймай қойнына,
Ели-халқын, толы журтын,
Ата-енесин,
Үшеўи қалғаннан соң,
Гүмисайдан сорады:

— Жаз болса мәўжирген таўда булағым,
Сенсең мениң гәўҳарымсаң, қарағым,
Ели-халқым, толы журтым сорайман,
Хабарың бер, көзгенеңнен шығарым.

Буўған беллерине тилла кәмарың,
Тилегинди душ қылғай ма қудайым,
Ели-халқым, толы журтым сорайман,
Сорлы ағаңа хабарың бер шырағым.

Қарағым алты ай жазлар аман ба,
Алты ай қыслар аман ба?
Жайхун дәрья аман ба?
— Аман, — деди Гүмисай.
— Азғана үйли ол тама,
Қарағым, елим аман ба?
Аялы қолдан май берген,
Тар қурсақтан жай берген,
Қан айырып сүт берген,
Тоғыз ай қурсақ көтерген,
Омыртқасы бүгилип,
Мен ғәрипке хызмет еткен,
Қарағым енем аман ба?
— Аман, — деди Гүмисай.
Алла, Алла, Алла айтқан,
Алла ядын көп айтқан,
Айрысақал ол атам,
Қарағым, атам аман ба?
Суў сорасам сүт берген,
Сүт сорасам пал берген,
Мени арқалап кәмалға келтирген,
Жылқы баққан Ғодар атам,
Бәргасында аман ба?
— Аман, — деди Гүмисай.

Сайыбы қыран мәрт Шора бу сөзди ада қылып, ели-халқынын, толы журтының аманлығын билип,

ўақты хош болды. Енди Жайхундәрья бойына бармаққа атының басын бурды.

Аттың басын бурады,
Айдап жолға салады,
Гә бәлентте, гә пәсте,
Жолға рәўан болады.
Үшеўлери қосылып,
Тал жипектей есилип,
Мәртлер минген Шубар ат,
Гүмисай минген қоңыр ат,
Мамытжан минген буўрыл ат,
Үшеўлери қосылып,
Атты жолға салады,
Таўдан аркар қуўыпты,
Тартып баўрын суўытты,
Мунындайын тулпарларды,
Қайсындай бийе туўыпты?
Полаттан дойнақ қызады,
Қуўдай мойнын созады,
Ҳә дегенде әреби ат,
Ушқан қустан озады,
Қуба үйректей қунысып,
Аққан суўдай жылысып,
Жүз тоқсанлық жорғадай,
Шапты бедеў толықсып,
Түлки жүрмес түнейден,
Түн ле кетип барады,
Қарсақ жүрмес қалыңнан,
Мунnан да өтип келеди.

Терең жылға, терең сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Көгершинли көп тоғайды,
Аралап жөней береди,
Ол заманда саз менен,
Бул заманда сөз менен,
Жеткерели бул гәпти,
Минген аты жуўырды,
Дойнақтан шаңын суўырды,
Аллатаала жол берди,
Әўлийелер қол берди,
Аттың жалы жатқанда,
Қабақлары қатқанда,
Атқа салған тиллалы ер,
Ат қапталға батқанда,
Ат жиберип қолатқа,
Шыдай алмай ғайратқа,
Арадан жетпис күн өткен соң,
Ат ойнатып келеғалды,
Ол Султаны Санжар,
Ўәлий хан жатқан елатқа.
Әйледи ҳаққа минажат,
Болды пирден шарапат,
Жетпис күн тамам жол жүрди,
Үшеўлери қосылып,
Жайхундәрья бойына,
Келди сағыў-саламат.

Әне, енди мәрт Шора Жайхундәрья бойына келди. Енди Шора Султаны Санжардың мәйханасына келди. «Нәрик байдың баласы Шора келди», деген ғалаўыт болды. Гүмисай менен Мамытжанды бир жерге қойды. Султаны Санжар «Шора келди» деген соң иззет етейин деп қыял етти. Алтмыш еки әмелдар, отыз еки мөҳирдар, бәршелери қосылып енди тилла сарайға келди. Шора да тилла сарайға барды, Султаны Санжарға сәлем берип келип қолынан алды. Султаны Санжардың ўақты шондан хош болып, енди мәртке қарап бир-еки аўыз сөйлей берди:

— Ашылғай ма оң гүлиннен бир гүлин,
Саған келген душманға келгей шум өлим,
Тири бенде ялғаншыда көрисер,
Көрисейик, келгил бери қулыным.

Қайғыў билен басқа салған гүлпетим,
Бу мийнеттен азат еткей қудиретим,
Аман-есен, саў-саламат келдиң бе,
Көзгенеңнен айнанайын перзентим.

Буўған беллерине тилла кәмарың,
Тилегиңди душ қылғай ма қудайым,
Аман-есен, саў-саламат келдиң бе,
Көзгенеңнен айнанайын перзентим.

Жаз болса мәўжирген таўда булағым,
Сенсең мениң гәўҳарымсаң қарағым,
Тири бенде ялғаншыда көрисер,
Көрисейик келгил бери шырағым.

Султаны Санжар бу сөзди ада қылды. Және мәртке қарап патша гәплей берди:

— Ел ишинде жақсының,
Жаман билмес қәдирини,
Ел ишинде пир болса,
Ҳарамы билмес халыны,

Ел ишинде жақсыны,
Жаман адам көпсинер,
Ел ишинде пир болса,
Дозақы адам көпсинер,

Мен билермен қәдриңни,
Алла ашқай, балам, сениң бахтыңды,
Заманында ғайрат етер ўақтыңды,
Бу ялғаншы өтер бир күн басымнан,
Тириликте бағыш әйлейин,
Саған алтын тахтымды.
Малы-мүлким берейин,
Толы журтым берейин,
Малы менен мүлкиңе,
Ийелик ет, перзентим,
Кәбаға хаж етпекке,
Бир қуда деп кетейин,
Баламды алған балам бол,
Жаў жағыма қала бол,
Жел жағыма пана бол,
Малы менен мүлкиңе,
Ийелик ет перзентим.
Ҳәзирети Кәбаға,
Ҳажире болып кетейин.

Сол ўақтында мәрт Шора әлипләм қолын қаўсырып, қуллық етип жайынан турды. Енди Султаны Санжар Шораның иззет еткенине ўақты хош болып, Шораның қасына келип,

Дал мойнынан қушақлап,
Көзиниң яшы моншақлап,
Қайта-қайта сүйеди,
Мийри қанбай барады,
— Тири бенде көрисер,
Қарағым, аман бармысаң,
Белгенемниң мәдаты,
Дизгенемниң қуўаты,
Шырағым, аман бармысаң,
Ҳәм қанатым, қуйрығым,
Перзентим, аман бармысаң.

— Балам, — деди, — кейниме ер, — деди. Шора: — Әжеп, ата! — деди. Султаны Санжар басшы болады, баласы кейнине ерди. Енди Шораны ертип қызы Султаны Сарайдың бәргасына келди. Әне, атасы қызына қарап:

-Әй перзентим!
Бедеў минип желесең,
Сөзимди мақул көресең,
Шақыртып алдым Шораны,
Малы-мүлкимди бердим,
Толы журтымды бердим,
Алтын тахтымды бердим,
Жалғыз қызым беремен,
Деп ўәде қылдым.
Сени Шораға инам еттим,
Жалғызым қалай көресең?

— Ата, — деди. — Мен Шораға тиймеймен, — деди. — Шора қашқыншы жалаңаяқ, — деди. — Жалаңаяқ қашқыншыға тиймеймен, — деди.

Атасы айтты:

— Балам, — деди. — Қәдимнен қалған сөз еди, бурынғының нақылы, «Ата ҳаққы - қуда ҳаққы, ене ҳаққы - пайғамбер ҳаққы, ата ыразы болмаса, қуда ыразы емес, қуда ыразы болмаса, ата ыразы емес. Енең ыразы болмаса, Кәбаға жүз мың тәўбе қыл, тәўбең қабыл емес» деген нақыл бар. Сен не ушын мениң әмиримди тәрк етесең? — деди. — Балам, дуз бол сен, — деди.

— Ата, жекке қаламан-ғо, — деди.

— Балам, — деди. — Нәрге көп салса ашшы болма, аз салса татымай қалма, — деди. — Балам, жекке қалмасаң, үстиң базар болыр, — деди.

Әне, Султаны Санжардың қызы Султаны Сарай дуз болды. Шораны алтмыш еки әмелдардың қасына алып келди. Шора бул алтмыш еки әмелдар менен көрисип танысты. Шора патша ҳәм алтмыш еки әмелдар менен бир ақшам мийман болды. Әне, енди Султаны Санжар алтын тахтын Шораға берип, Шорадан жуўап алып, өзи алтмыш еки әмелдар менен Кәбаға хаж етмекке кетти. Әне, мәрт Шора шул күни жатты, таң атты, таң шолпаны бирге атты. Шора жайынан турып, таң намазын оқып, күн шықты, әлем минаўар болды. Тахтқа минип Шора хан болып отырды.

Ат шаптырды далаға,
Жар урдырды қалаға,
Заман кимниң заманы,
Шораханның заманы,
Дәўир кимниң дәўири,
Шора ханның дәўири деп,

Шора хан болды. Ҳәмме мәслаҳат пенен алтмыш еки әмелдарды ҳәм саз қылды. Шора хан болды, Мамытжан палўан болды. Енди Шорахан, Мамытжан, алтмыш еки әмелдар - ҳәммеси сораған халқын қыдырып, Султаны Йүсип бабаға бир ақшам зиярат етти. Ақшам жатты, таң атты, енди Шорахан алтмыш еки әмелдары менен тама елатына келди. Әне, Шора әўел атасын көрди, екинши енесин көрди, үшинши бабасы Ғоларды көрди. Енди бул елинде Шорахан бир ақшам мийман болды. Таң атты, таң намазыны оқыды. Енди Шорахан, Мамытжан, алтмыш еки әмелдар, ҳәммеллери қайтып қалаға келди. Шора келип тахтына минди. Қарындасы Гүмисай атасының қасында қалды.

Узағына хат жоллап, жақынына ат жоллап, сораған халқын жыйдырды, патшалықтан уллы қала салдырды. Әне, қаланы питирип, алтын тахтты қаланың ишине, арзыханаға апарып орналастырды. Әне, енди Шорахан ели-халқын жыйдырып, уллы байрам той берди.

Ат шаптырды далаға,
Жар урдырды қалаға,
Заман кимниң заманы,
Шораханның заманы,
Дәўир кимниң дәўири,
Шораханның дәўири деп,

әне, Шора Султаны Санжардың тахтына минип, Шора хан болып, қайғысыз дәўран сүрип, мақсет-мурадына жетти.



# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

16-том



# БӘЗИРГЕН

## («Гөруғлы» дәстанының шақапшасы)

Ешан бақсы Қосполатов варианты

*Жазып алған: Камал Абибуллаев*
*(1950-жыл)*

Бурынғы өткен заманда Шәбистан шәхәриниң патшасы еситти: Шәмбилде Гөруғлыбек деген бир ер пайда болыпты деп. Ол қызылбасларға ғазатқа шығар екен. Бәлким бул баҳадыр өз журтыма келер деп кәуипленип, өзиниң елиндеги Салсал улы Бәзиргенди шақырып алып айтты:

– Әй, Бәзирген улым, Шәмбилде Гөруғлыбек деген бир баҳадыр бар, соннан көп қәупимиз хәм бар. Сол келместен бурын оны елге келтирмей, соның ылажын көрмесең болмас, — деди.

Бәзирген муны мақул көрип, әжеп болар деп, патшаға қарап, бир ғәззел айтты:

– Несип болса, гөззал шахым,
Сол жигитти қор әйлерем,
Мәдет берсе бир қудайым,
Ақыретке ой әйлерем.

Барсам берермен дадыны,
Қырып ели-әўладыны,
Сүйикли перийзатыны,
Сизге хызметкер әйлерем.

Төкермен ақызып қаныны,
Олжа етермен қыз-жәўанны,
Қассап улы Әўезханны,
Сизге кәсадар әйлерем.

Барып алсам қаласыны,
Қырып пушты-панасыны,
Ата менен анасыны,
Бир көрмеге зар әйлерем.

Шахым, сизге келди дәўран,
Егленбесең саат заман,
Аман болса бул Бәзирген,
Жер мен жексен әйлерем.

Әлқысса, оннан соң патша ат-жарақларын таяр етип берди. Бәзирген Гөруғлыбектиң үстине кетер болды. Бәзиргенниң бир сиңлиси бар еди, атын Айсултан дер еди. Айсултан сол ақшамы түс көрди. Түсинде ағасының көзин бир қус ойыпты. Айсултан бул аўхалды көрип, ағамды бул бәледен сақлаўғайсаң деп, қапа болып, көшкиниң үстине шықты. Қараса, ағасының қырық жигит пенен атланып турғанын көрип, ағасына қарап бул сөзди айтты:

– Буннан кетер болсаң, аға Бәзирген,
Дийдар қыяметке қалсаң нәйлермен,
Сен келгенше жылап, тутарман матам,
Сениң лашың шөлде қалса нәйлермен?

Қуран келмиш оның пайғамбарына,
Сыйынып ол заман күшли пирине,
Барма дермен, аға, Шәмбил елине,
Ер пирлери мәдет берсе нәйлермен?

Мәдет берсе оған Кәәба қудайы,
Мухаммедлур оның пушты-панайы,
Әлий ермиш мудам оның хәмирайы,
Шери қуда мәдет берсе нәйлермен?

Тәўеллемди алмай кетсең, жан ағам,
Мениң жүрегимде қоярсаң әлам,
Пири еди оның Әлий мукаррам,
Ер пирлери мәдет берсе нәйлермен?

Барғаннан соң ол хәм келсе үстиңе,
Қылыш урса сениң нәзик белиңе,
Ҳазар келер сениң ширин жаныңа,
Бахтымызға қара салса нәйлермен?

Мен жыларман жалғыз еди бул басың,
Түс көрип-ем, жаман екен аҳўалың,
Ағажан, кетпегил, қойғыл сапарың,
Айсултанға қысмет болса нәйлермен?

Әлқысса, Бәзирген Айсултанның сөзине қулақ салмай жолға раўана болдылар. Бир неше күн жол жүрип, Шамлыбелге жетисти. Араз дәрьясының бойына қосын түсирип, үш күн жаттылар. Гөруғлыбектен хеш хабар болмады, себеби Гөруғлыбек басқа журтқа шикарға кеткен еди. Оннан соң Бәзиргенниң өзи тәнҳа барып, Гөруғлыбектиң бағларын аралап жүр еди. Онда Гөруғлыбектиң хаялы Аға Юнис перийниң бир кәнизи Бәзиргенди көрип, ашығыў-бийқарар болып, Аға Юнис перийге Бәзиргенди тәрийип етип, бир сөз айтты:

– Қулақ салып арзым есит, перийзат,
Көзиме бир мәхийтабан көринди,
Ақыл болсаң, пәхим әйлегил сөзиме,
Гөя бир Юсуби жанан көринди.

Оныңдай мәрт жигит жаханға келмес,
Жүзин көрген адамның қарары болмас,
Ўаслына жеткенниң әрманы болмас,
Гүл жүзлери мәхийтабан көринди.

Оны көрип бүгин болдым гириптар,
Тенимде қалмады зәрре ықтияр,
Жүзиниң шуғласы әлемге урар,
Бүлбилдейин сайрап, нышан көринди

Ол не халдур, қайсы бағда екилмиш,
Тилла кәкиллери хәр ян төкилмиш,
Кирпиги қанжардур, жаңа шекилмиш.
Көргенлердиң ақылы хайран көринди.

Ашық болдым оны көрип, перийзат,
Ышқында мен енди әйлермен пәряд,
Яқып улы ол Султаны шахызат,
Жамалы табылмас рәўшан көринди.

Әлкысса, оннан соң Аға Юнис пери айтты:

— Бунша тәрийип етерсең, сарайға алып келип түсиргил. Егерде сениң тәрийпиңе ылайық болмаса, териңди сойдырып, гөшиңди гүржилерге тастайман, — деп әсте қапыға келип нәзер салды. Көрсе, кәнизиниң айтқанына ылайық екен. Аға Юнис пери ашығыў-бийқарар болып, кәнизекке ишарат қылды Бәзиргенди сарайға түсир деп. Кәнизек Бәзиргенди сарайға алып келди. Аға Юнис пери өзине ара берип, жүз мың жылўа менен Бәзиргенниң алдына келип, қайсы бағдың гүлисең деп, бир сөз айтты:

— Қурбаның болайын гүл жүзли жанан,
Хош келипсең бизиң мәнзил-мәкана,
Шырайың уқшайды гүлли гүлзара,
Хош келипсиз бизиң мәнзил-мәкана.

Қанжар шекип қара баўрым тилдирдиң,
Көрип мениң ақлы-хуўшым алдырдың,
Ғамзаң менен назлы дилбар өлтирдиң,
Хош келипсиз бизиң мәнзил-мәкана.

Хаслым перийзатдур, булдур нышаным,
Әшкара әйлесем саған сырны, не халым,
Қәлесеңиз булдур мениң мәканым,
Хош келипсиз бизиң мәнзил-мәкана.

Аға Юнис айтар, болғыл мийманым,
Бизиң менен дәўран сүргил, жананым,
Жолыңызға қурбан болсын бул жаным,
Хош келипсиз бизиң мәнзил-мәкана.

Әлкысса, Бәзирген Аға Юнистен бул сөзди еситип: — Әй, перийзат, уялмайсаң ба, Гөруғлыбектей мәрт жигиттиң хаялысаң, қайт райдан, — деп, Аға Юниске қарап бир сөз деди:

— Гүл жүзиңнен көтерме перде,
Пәрийзадым, бийнекени сүймеспен,
Бийопалық етпе аныңдай мәртке,
Пәрийзадым, бийнекени сүймеспен.

Кеўлиңе алмағыл шайтан қыялын,
Анда салар харамының жанины,
Дүньяда тилермен ярдың хадалын,
Пәрийзадым, бийнекени сүймеспен.

Инанбағыл хеш шайтанның сөзине,
Хәрким бақса намәхрамның жүзине,
Қорғасынлар қуяр еки көзине,
Мәрт уғлыман, бийнекени сүймеспен.

Зинакердиң хәргиз болмас ийманы,
Жүзинде нуры жоқ, билмес қуданы,
Азап тартар онда неше заманы,
Мәрт уғлыман, бийнекени сүймеспен.

Зинакар хаялды онда асарлар,
Харамлық қылғанның аўзын ашарлар,
Аўзына, мурнына от май қуярлар,
Мәрт уғлыман, бийнеканы сәўмеспен.

Бизди көрип турар аллаху жаббар,
Жәханнемде түшер ермиш зинакар,
Еки ийнимизде гүўалықта налы бар,
Пәрийзадым, бийнекены сүймеспен.

Салсалдың улыман, атым Бәзирген,
Жасым онтөртимде, талабым майдан,
Гөруғлыны излеп келдим бийгүман,
Пәрийзадым, бийханыны сүймеспен.

Әлкысса, Бәзирген бул сөзди тамам етип, Гөруғлының қапысына хат жазып, мөр басып, изине қайтты. Аға Юнис пәрийзат айтқанына пушайман жеп, бул хәм үйине қайтты. Ендиги сөзди Гөруғлыдан еситиң. Әлкысса, Гөруғлыбек шикардан қайтты. Үйине келип, Аға Юнис пәрийге қарап, өзин-өзи тәрийп қылып мақтанып, бир сөз деди:

— Он сегиз аршын ат миндим,
Аттан әрманым қалмады.
Зерли жастықта жаттым,
Жаттым, әрманым қалмады.

Ылғал етип жол басладым,
Дәрбентке ылғал тасладым,
Миндим әреп ат, қошладым.
Аттан әрманым қалмады.

Саўаш күни қушақластым,
Душман менен көп таластым,
Кәпир менен қылышластым.
Шаптым, әрманым қалмады.

Қудай ядым, мен мәс едим,
Ғаным көрсем зәбердес-ем,
Қызыл бастың басын кестим.
Шаптым, әрманым қалмады.

Майдан меники деп жүрдим,
Жигитлик мәўсимин көрдим,
Дәўлерди дағытып қуўдым,
Дәўден әрманым қалмады.

Өтер өмирим, қалмас бақый,
Гөшт етип жақын-жырағы,
Гезбесем шырўан шабақы,
Буздым, әрманым қалмады.

Қан ағызып ат дизинен,
Қуўалап душман изинен,
Қырып кәпирди язийдан,
Шаныштым, әрманым қалмады.

Сүрдим бирнеше дәўраны,
Көўлимде қалмады әрманы,
Қызыл тыйығынан қызыл қаны,
Төктим, әрманым қалмады.

Тилла жыға, қылқалысын,
Қара сыпырма телпеклесин,
Гөруғлы айтар, ғулпаклысын,
Көрдим, әрманым қалмады.

Әлқысса, Аға Юнис пәрий бул сөзди еситип айтты:
– Сен хәм жәхәнде мәртлик қылып жүрипсең. Бир жигит сени излеп келип, сени таппай, қапына хат жазып, мөр басып кетти.
Гөруғлыбек бул хаттағы мазмунды оқып көрип, қырық жигити менен Бәзиргенниң үстине жүрис қылды. Гөруғлыбек көшеден шығып Бәзиргенниң үстине келип қараса, еки аяғын дәрьяның еки жағына қойып, талтайып турып, түйелерди жүги менен өткерип атырғанын көрди. Пиллердиң үстине тахтыны бекитип қойған. Гөруғлыбек буны көрип хайран қалды. Гөруғлы айтты:
– Әй, жигитлер, сизлер бул жерде тура-турың, мен өзим барып көрейин, — деп оқжайды қолына алып, Бәзиргенниң жанына барды.
Бәзирген алдынан шығып айтты:
– Сен не қылып жүрген адамсаң?
Гөруғлыбек айтты:
– Мен Гөруғлыбектиң хызметкеримен, мени саған «Бәзирген зәкат пулын берип өтсин, болмаса өзим барып малы-мүлкин талан-тараж қыларман» деп жиберди, — деди.
Бәзирген айтты:
– Өзи мында келсин, мен саған зәкат бермеспен, — деди.
Гөруғлыбек айтты:
– Ол сениң айтқан кисиң емес, зәкатыңды беребер, егер ол келсе, жаман болар. Бул оқжай ағамның оқжайыдур. Усыны сен тартып көр, билсең билгениң. Егер тарта билмесең, мәртлик лап урмағыл, зәкатыңды бергил, — деди.
Бәзирген «ағаңның оқжайын әкел» деп қолынан алып жайды тартып еди, жай бүкленип сынбақшы болды. Гөруғлы буны көрип кәўипленип, «жайымды сындырмаса жақсы» деп көўлине гүман пайда болды. Бәзирген қолына оқ жайды алып, өз қосына кетер болды. Гөруғлыбек ҳеш илаж ете алмай:
– Әй, Бәзирген, жайды берип кеткил. Гөруғлы ағам «жай қәне?» деп сорағанда не деп жуўап беремен, Гөруғлы ғәззап адам, мени өлтирер, мениң нахақ қаныма қаларсаң, — деп, бул хийле менен Бәзиргеннен жайды алды. Гөруғлыбектиң жигитлери алдынан шығып, Бәзиргенди сорады. Гөруғлыбек «көргенлеримди сизлерге сөз бенен баян қылайын» деп бир сөз айтты:

– Билиң, беглер, бул майданда,
Мен Бәзиргена ушырадым,
Бийсаат сапар айында,
Зор Бәзиргена ушырадым.

Аразлан атлап аяғы,
Қалқанға мегзер қулағы,
Дәўге мегзеп тур сыяғы,
Қурт Бәзиргена ушырадым.

Нарын дәрьядан өткерген,
Арқасына қалқан туткан,
Ақлы-хуўшымды шаштырған,
Зор Бәзиргена ушырадым.

Биле-билмедим жайыны,
Жетирдим ақлы-ойымды,
Сындырды мениң жайымды,
Мен Бәзиргена ушырадым.

Бәзирген алды айымды,
Тартып сындырды жайымды,
Яд етейин қудайымды,
Зор Бәзиргена ушырадым.

Сорағын билә-билмедим,
Қолымнан алды жарағым,
Қорқытып жарды жүрегим,
Зор Бәзиргена ушырадым.

Бир мәсләхәт еткен жақсы,
Абырай менен кеткен жақсы,
Гөруғлы айтар, қайтқан жақсы,
Зор Бәзиргена ушырадым.

Әлқысса, бул сөзди Сапар мәхирем еситип:
– Әй, Гөруғлыбек, Бәзиргеннен көзиң қорққан екен, оны өлтирип, бизлер малын алармыз, — деди.
Қырық жигит Гөруғлыбекти өз еркине коймай атланып, Бәзиргенниң үстине жүрис қылды. Гөруғлыбек Бәзиргеннен жайын алып қайтқаннан соң Бәзирген қыял қылды. — Ол жигит Гөруғлыбекке барып айтар, оннан соң Гөруғлыбек үстиме келер, Гөруғлыбекти тири услап патшаға хызметкер етип алып барсам, патшаның ўақты шаңдан хош болар, — деп қарап отырар еди. Гөруғлыбек келип, узақтан сиясат қылып, бир сөз айтты:

— Не жаханнан ушырадың жолға,
Қайт-ха, Бәзирген, жол мунда,
Әўезжанның тажы бардур,
Үлкеден қыражы бардур,
Жети жыллық бажы бардур,
Қайт-ха, Бәзирген, жол мунда.

Бул жерден жибермеймен сени,
Танымай турсаң сен мени,
Бажыңды бер, қул ара мени,
Қайт-ха, Бәзирген, жол мунда.
Бул майдада төгилер қаның,
Оқығыл енди иймаңың,
Бажыны бергил Әўезжанның,
Қайт-ха, Бәзирген, жол мунда.

Гөруғлының журты шоқтур,
Әўезжанға келген жуқдур,
Араздың жоллары бекдур,
Қайт-ха, Бәзирген, жол мунда.

Әлқысса, бул сөзди айтып Гөруғлыбек Бәзиргеннинүстине жетип барды. Гөруғлы айтты:
— Әй, Бәзирген, зәкатыңды бергил, болмаса қаның төгилер, — деди.
Бәзирген айтты:
— Сен кимсең?
Гөруғлы айтты:
— Сен кимди сорайсаң?
Бәзирген айтты:
— Мен Гөруғлыны сорайман, Гөруғлы деген сенбисең? — деди.
Гөруғлыбек:
— Аўа, мен боларман.
Бәзирген айтты:
— Ондай болса мениң қасыма келгил, сени патшаның алдына апарып, гүнаңды тилеп, беклерге бек қылайын, — деди. — Болмаса өлтирип я тири тутып, үлкелериңди қарап етип, перийзатыңды патшаға саўғат етип, Әўезиңди кәсадар етермен, — деди.
Анда Гөруғлыбектиң ашыўы келип, қолына сазын алып, Бәзиргенге сиясатлық пенен бир сөз айтты, Бәзирген жаўап қайтарды.

Гөруғлы:
— Уша дағдан енип келдим жанына,
Зәкатыңды берип өткил Бәзирген,
Өзиң себеп болма бүгин қанына,
Зәкатыңды берип өткил Бәзирген.

Гөруғлы:
— Аларман отыңды еки көзиңнен,
Пәхим әйлегил ер жигиттиң сөзинен,
Таўлар ләрзем етер Ғыйрат зарпына,
Зәкатыңды берип кеткил Бәзирген.

Бәзирген:
— Мен бүгин келиппен Шәмбил елине,
Енди сени аман қоймас Бәзирген,
Перийзадың саўғат етип патшаға,
Журтың қарап етпей кетпес Бәзирген.

Бәзирген:
— Мен нәмәртпен сениң қаның төкпесем,
Басың алып, журтың қарап етпесем,
Әўезиңди шаға кәсадар етпесем,
Жоқса Шәбистана қайтпас Бәзирген.

Гөруғлы:
— Бүгин мениң кимлигимди билмедиң,
Ер жигиттиң ерлигини билмедиң,
Өзиң өлип лашың қалар, билмедиң,
Өлер болдың, енди билгил Бәзирген.

Гөруғлы:
— Гөруғлы айтар, пирим хәзирети Әлий,
Ҳақтың дәргайында сөўер қулыдур,
Үмитим ийшалла тәңири бизиңдур,
Зәкатыңды берип өткил Бәзирген.

Бәзирген:
— Хақтан пәрман болмағанша өлмеспен,
Сениңдей нешшени көзге илмеспен,
Бүгин сениң кимлигиңди билмеспен,
Өзи өлмей зәкат бермес Бәзирген.

Бәзирген:
— Сениң менен мәрт болыбан саўашпай,
Найза салып, бир-бир қылыш урыспай,
Талас етип мурадыма жетиспей,
Гелле кетпей зәкат бермес Бәзирген.

Әлқысса, Гөруғлыбек жигитлерине ишарат қылды, бәршеси бирден алла деп ат қойдылар, Бәзиргенниң үстине найза хаўала қылдылар. Бәзирген хәм найзасын қолына алып, найзапазлық пенен бир нешесин жерге көтерип урды. Гөруғлыбек буны көрип, тақат ете билмей, Бәзиргенге бул хәм умтылды. Бәзирген Гөруғлыбекти көтерип жерге урды. Қырқын бир жерге үйип, Гөруғлыбекти үстине қойып, Бәзирген хәммесиниң үстине минип отырды. Сөйтип, Гөруғлыбекти өлтирер болды. Бираздан соң Гөруғлыбек көзин ашып қараса, үстинде Бәзиргенди көрип, анық өлерин билип, хәзирети Әлийди яд етип, ийесиз қалар болды дүнья-малым деп, жәхән көзине қараңғы көринип, бир сөз айтты:

— Өтер болдым бүгин паный дүньядан,
Көзиме жүз түрли әрман көринди,
Үмит үздим енди бары-жоғымнан,
Жыйған малы-мүлким ойран көринди.

Гүлшанда бостанның гүли болмаса,
Ғош жигит атланса, жолы болмаса,
Изинде қаларға улы болмаса,
Билиң, оның руўхы ойран көринди.

Ғәнимлер алғанды жоғы-барымнан,
Үмит үздим енди Әўезжанымнан,
Шахимардан, хабар алғыл халымнан,
Нәпес улың бүгин ҳайран көринди.

Пәлектиң елинен артар пәрядым,
Сыйындым аллаға, сенсең панайым,
Изимде қалмады мениң зүрядым,
Руўхы геда болып ҳайран көринди.

Сыйындым мен саған, я, пийри Яздан,
Мени бул бәледе қойма сәргардан,
Изимде қалмады бир намыў-нышан,
Малы-мүлким ойран болып көринди.

Бүгин маған дүнья болып тур қәпес,
Қуйын киби дәрьялар болып тур пәс,
Гөруғлыға керек пийри Зәбердес,
Көзлерим жолында гирян көринди.

Әлқысса, Гөруғлыбек бул сөзди айтқаннан ийманға машқул болды. Бәзирген қанжарды қолына алып, Гөруғлыбекти өлтирер болған ўақтында Ҳәзирети Әлий Шахымардан таяр болып:

— Әй, Бәзирген, Жамшит урысында бабаң Салсал бизиң менен шынжыр тартып, әзиз болып еди, биз оларға еки қурма берип едик, сениң әўладыңнан еки перзент болар. Бири ул, бири қыз болар. Улыңның атын Бәзирген, қызыңның атын Айсултан қойғыл деп, едим, сен бизиң нәпес улымыз боларсаң, енди сен ҳәм мусылман болып, бизге дослықты бәржай келтирип, Гөруғлыбек пенен аға-ини болғыл, — деп көзинен ғайып болды.

Анда Бәзиргенниң кеўлине дослықтың муҳаббаты түсип, Гөруғлыбектиң үстинен түсип, бийықтияр болып, Гөруғлыбекке айтты:

— Маған ийман арзы қыл, менен мусылман болайын, — деди. — Және сениң менен қыяметлик аға-ини болайық.

Анда Гөруғлыбектиң кеўли хош болып, Бәзиргенге кәлийма үйретти, кәлийма үйренип, Бәзирген мусылман болды. Екеўи қыяметлик аға-ини болдылар.

Оннан соң, Бәзирген мусылман болғанына ўақты хош болып, Гөруғлыбекке үш ғашыр зер берди ҳәм жигитлерине де бир қатар сарпай берди. Бир неше күн Гөруғлыбектиң қаласында болып, оннан соң Гөруғлыбек ағасынан рухсат алып, жолға раўана болдылар.

Ендиги сөзди Гөруғлыбектиң жигитлеринен еситиң. Олар мәсләҳат қылып, бир мәстан кемпирди табып алып, көп инамлар берип, Бәзирген менен Гөруғлыбек екеўиниң дос болғанлығын мамаға баян қылып:

— Әй, мама, сен бизлерге мамалық қылып, Гөруғлыбекти жолдан шығарып берсең, Бәзиргенди өлтиргизсең, саған көп инамлар беремиз, — деп, ҳәркайсысы тапқанын берди.

Маманың ўақты хош болып, инамларды алып, Гөруғлыбектиң алдына шығып отырды. Бәзиргенди бул тәрептен шығарып салып, Гөруғлы келер еди. Гөруғлыбектен мама сорады:

— Әй, Гөруғлыбек иним, қай жерден келерсең? — деди.

Гөруғлыбек айтты:

— Елимизге Бәзирген деген зор палўан жигит келген еди, оның менен мен қыяметлик аға-ини болып, ол өз журтына қайтты. Соны шығарып салып келермен, — деди.

Анда мама айтты:

— Әй, Гөруғлыбек улым, кәпирдиң ықырары болмас, оның ҳәм мусылман болғаны жалған турар, не ушын өлтирмей жибердиң? — деп бир неше әпсана оқыды.

Әне, «батыр аңқаў, ер гөдек» деген ырасдур, ырас болмағанда Гөруғлыбек айтса керек еди: «ол Бәзирген мениң достым, өзи әзиз болып мусылман болды, жалған болса болған шығар, өзи зор, ҳәм өз ықтыяры менен мусылман болды, ол қалай?» деп, Гөруғлы хеш қандай жаманлық ойламады. Әне, сонда «ақылға ишарат, ақмаққа таяқ» деп, Гөруғлыбекке қарап мама бир сөз деди:

— Кәпирлердиң ҳәргиз ықырары болмас,
Келсе, журтың ойран етер Бәзирген,
Бир сөзинде оның турары болмас,
Өзи өлип, аты қалсын Бәзирген.

Шамлыбелге келсе болар қыямат,
Басына жеткерер түрли әламат,
Жибермегил оны сағыў-саламат,
Келсе перийзадың алар Бәзирген.

Ол күн келип түсти шаҳрияна,
Перийзатың ашық болды ғайбана,
Аман жибермегил оны журтына,
Келсе журтың ойран етер Бәзирген.

Итибар емесдур кәпирдиң сөзи,
Инанба-инанба келгенде өзи,
Қум қуйылсын, иним, оның көзине,
Заты ҳарам, ҳалал болмас Бәзирген.

Зийнеп кемпир дерлер мениң атымды,
Қоймағыл язитте кеўил шадыны,
Жайдың оғы жетер оның дадына,
Лашы өлип шөллерде қалсын Бәзирген.

Әлқисса, Гөруғлыбек мамадан бул сөзди еситип еди, шайтан ўасўаса етип жолдан шығарды. Гөруғлыбекти қудай урып, дарғазап болып, оқ жайды қолына алып, Бәзиргенниң изинен раўана болды. Барып бир таўдың дәрбентин алып жатты. Бул тәрептен Бәзирген қудаға шүкир етип келер еди. Нағыз сәҳәр ўақты барлық ағзаларына қалтыратпа түсип, жигитлерине қарап: — Мен дүньядан өтер болдым, малы-мүлким ийесиз қалар болды, — деп бир сөз айтты:

— Ашылмайын гүлим қазан урғанды,
Өмир бағым қазан урды, яранлар,
Ҳақтан бүгин маған әжел келгенди,
Мәгар, пайманамыз толды, яранлар.

Енди өшер болды жанған шырағым,
Сийнемде көп қалды мениң әрманым,
Ашылмайын қазан урды бул бағым,
Бүгин қазан урып, солды, яранлар.

Әжел келип, мениң жағам тутқанды,
Бүгин билдим мениң жағам тутқанды,
Тыңламадым сиңлим нәсият еткенде,
Дийдар қыяметке қалды, яранлар.

Яд етермен, хақ зикирини тилеймен,
Бүлбүллер сайрамас болды гүлимнен,
Зурриядым қалмады мениң изимнен,
Руўхым гәда болып қалды, яранлар.

Пәлектиң гәрдиши қыйлы қалғанды,
Бүлбүл хәсирет пенен ғумша гүл деди,
Сиңлим жылап, еки көзи жолда еди,
Баўрым қанға толып қалды яранлар.

Бәзирген дер, өтер болдым дүньядан,
Қайры инсан еттиң мениң малымнан,
Разыласпай кетер болдым сиңлим мен,
Кеўлимде көп әрман қалды, яранлар.

Әлқисса, бул сөзди тамам етип болғаннан соң, таң атқан ўақтында дәрбентке келди. Сол ўақтында Гөруғлыбек Бәзиргенниң сийнесин нышана етип еки оқ атты, екқиси хәм Бәзиргенниң сийнесинен өтип, арқасынан шықты. Бәзиргенниң жигитлери буны көрип, өз журтына қашып кетти. Сонда Бәзирген: —Ўа, дарийх, бул аўҳалды Гөруғлы ағам көрсе оқ атқан адамды дүньяға келместей қылар еди, — деп бийҳуш болып жығылды. Сонда Гөруғлыбек бул сөзди еситип, Бәзиргенди аттан сүйеп алып, басын дизесиниң үстине қойып, еткен исине пушайман жеп, аттан жығылды. Бәзирген бир заманнан соң ҳүўшына келип, Гөруғлы ағасын танымай, бир гәззел айтты:

— Жерди көкти халық әйлеген қудайым,
Бир басқа бир өлим барды.
Ақыр тутар мениң қаным,
Жалғыз басқа зулым барды.

Урыста мыңға тай болған,
Маҳбублар ишинде ай болған,
Аты-әсбабы сай болған,
Айсултандай сиңлим барды.

Жанәдил шәҳрине барған,
Кәпирлерге қылыш урған,
Ахтем ушын шөлде қалған,
Ҳәзирети Әлий пийрим барды.

Бизиң менен ықырар еткен,
Пирим алла деп бәс еткен,
Язиттиң дадына жеткен,
Гөруғлыбек ағам барды.

Майданға атлар салмаға,
Душманға қарсы турмаға,
Мениң қанымды алмаға,
Гөруғлыбек ағам барды.

Арызлыдур пәрийлери,
Ҳаққа аяндур сөзлери,
Ҳәмме периниң султаны,
Аға Юнис апам барды.

Дүньядан өтти Бәзирген,
Дуўры келсең өтермен хан,
Пайғамбары ақыр заман,
Үлкен пайғамбарым барды.

Әлқисса, Бәзирген бул сөзди айтып болғаннан соң айтты:
—Әй, жигит, расыңды айтқыл, мени атқан сен бе? Қуда разылығы ушын қанымды өтемен, — деди.
Ол ўақта Гөруғлы зар жылап айтты:
— Әй, иним, қанхор ағаң мен, — деди.
Бәзирген айтты:
— Әй, жаным аға, не қыял менен бундай ислерди қылдың? — деди.
Сонда Гөруғлыбек:
— Мен шайтанның дәстине кирдим. Қуданың тәғдири бундай екен, алла мени урды, енди орнына

келмес, бул дүнья, о дүнья қандарың мен болдым,-деп, жүз мың пушайманлық пенен бир гәззел айтты:

– Кирмишем душпан сөзине,
Қандар Гөруғлы мен болдым,
Қарай билмен дос жүзине,
Нәмәрт Гөруғлы мен болдым.

Қыяметлик ўәде еткен,
Ўәдесине қылап еткен,
Қырмызы қанға бояған,
Қанхор Гөруғлы мен болдым.

Бул ислер қысмет қудадур,
Нәйлейин, руўхым сиядур,
Әзелден саған қазадур,
Себепкер Гөруғлы мен болдым.

Буздым ғош жигит шаныны,
Төкмишем нахақ қаныны.
Бағышласын ийманыңды,
Қандар Гөруғлы мен болдым.

Гөруғлы келди қастына,
Иним, жәбир еттим жанына,
Боядым қызыл қанына,
Залым Гөруғлы мен болдым.

Әлқисса, Бәзирген Гөруғлы екенин билип:

– Әй, аға, мениң бундай болғаным қуданың тәғдири шығар, қанымды өттим, мен саған разы болайын. Мени усы жерге дәпин қыл, асларымды берип, қалған малларымды Айсултан қарындасыма берип жибер. Ал мениң бундай болғанымды еситип, қанымды талап қылып келсе, оның менен хәм қыяметлик аға-инили болғайсаң, — деди.

Гөруғлыбек бул сөзди еситип, еткен ислерине пушайман жеп, зар-зар жылап, бир сөз айтты:

– Қурбан болай көзден аққан жасына,
Жаныма көп отлар түсти, Бәзирген,
Душпан сөзи менен келдим қастына,
Болмас ислер бүгин болды, Бәзирген.

Ҳижранды қойдылар сийнем үстине,
Инанып мен келдим душман сөзине,
Ат ойнатып келдим, достым, үстине,
Маған ақыр заман болды, Бәзирген.

Таўсылмас истанат маған қалғанды,
Жүрегиме дағы хижран толғанды,
Қыяметлик ағаң қандар болғанды,
Қудадан бул ислер болды, Бәзирген.

Әжел баўы менен теңлик кесилди,
Жүрек баўрым пара болып езилди,
Ғумшалықта бундай қысмет жазылды,
Әжелдин самалы ести, Бәзирген.

Гөруғлы дер, мен хәм кештим жанымнан,
Қылыш урғыл, дәрья ақсын қанымнан,
Шығарғыл жанымды шийрин тәнимнен,
Мен хәм шейит болай енди, Бәзирген.

Әлқисса, Гөруғлыбек бул сөзди тамам еткеннен соң, Бәзирген айтты:

– Әй, аға, бизге бул қысыўмет қудадан болған шығар, пушайман еткениң менен хеш пайдасы жоқ, бул оқлар мениң жаныма көп азар берип тур. Мен разы болсам, куда хәм разы болар, — деди. Оннан соң Гөруғлыбектиң басынан хуўшы кетип, оқларды тартып алды. Бәзирген «ўах» деп жан берди. Оннан соң Гөруғлыбек пәлектен шикаят етип, бир сөз айтты:

– Жалғаншы дүньясаң, ақырың паный,
Баяны жоқ әлемли паный дүньясаң,
Нәйледиң сен адам менен хаўаны,
Қайғылы әлемли паный дүньясаң.

Кимлерди жылаттың, кимди күлдирдиң,
Бирнешени жетимликте өлтирдиң,
Даўыттың қырық улын сәждеде алдың,
Хәр кимге бир әлам салған дүньясаң.

Кимлерди шад етип берипсең дәўран,
Жүзик билен жаны-тәни Сулайман,
Журтына жетпестен бурын Бәзирген,
Лашын бул шөллерде қойған дүньясаң.

Шамлыбелге келди көп әрман менен,
Ағайини болдық Бәзирген менен,
Көрисе билмедим Айсултан менен,
Дийдар қыяметке қойған дүньясаң.

Енди жылап мениң ишим жанадур,
Бәзиргеним ушын жаным пидәдур,
Ҳәсиретинде жүрек-баўрым жарадур,
Хәр кимге бир қуда салған салған дүньясаң.

Пәлектен әйлерем енди шикаят,
Хақ әйлесин ийманыңды саламат,
Бунда қоймай алар жаның аманат,
Хәр кимге бир ғаўға салған дүньясаң.

Дүньядан өттилер ол жақты жәхән,
Үммет ушын көп жылады сол заман,
Нешше жыллар бул дүньяда болубан,
Ақыр жер қойнына салған дүньясаң.

Гөруғлы айтар, енди бақтым қарадур,
Оның ушын мениң сийнем жарадур,
Әжел қоймай, бир-бир алып барадур,
Ғош жигитке хижран салған дүньясаң.

Әлкысса, Гөруғлыбек бул сөзди айтып болғаннан соң бийхуш болып жығылды. Әлкысса, бул аўхалды Аға Юнис пәрий еситип келип, «ўа, дарийх, шейит өлген Бәзирген» деп, басын дизесинин үстине қойып отырды. Оннан соң Гөруғлыбек хуўшына келип, көзин ашып караса, Аға Юнис пәрийдиң зар жылап отырғанын көрди. Сонда Аға Юнис айтты:

— Бундай мәрт жигиттен саған дүнья жақсы, бундай мәрт жигитти неге зая қылдың? Саған мәслик етпеге мал жақсы екен, — деди.

Анда Гөруғлыбек айтты:

— Әй, перийзат, душманның сөзине кирдим, бундай ислерди қылдым, бул хәм қуданың тәғдирилур, енди пушайманның пайдасы жоқдур, — деп, екеўи жыласып пәрийшан болды

Алғәрез, солай етип, Бәзирgeнниң намасын оқып, адам жыйнап, дәпин қылды. Оннан соң маманы таўып алып, еки қолын бир қолы, еки аяғын бир қолы менен устап, маманы тең айырып, маманың жанын жәҳәннем базарына дуз сатпаға жиберди.

Буннан кейин қай жерде хөнерли усталар болса таўып алып, жәм етип, Бәзиргенниң үстине гүмбез салдылар, алтыннан туў тигип қойды, жигирма қарыйды әкелип басында қуран оқытып қойды. Бәзиргенди усы рәўиште қойып, ас-абатларын берип, қалған малларын пақырларға қайры инсан етип, оннан қалған малларыны он бес киси менен Сапар мәхремге берип, «Айсултанға тапсырып қайтыңлар» деп жиберди. Булар жолға раўана болдылар.

Ендиги сөзди Бәзиргенниң жигитлеринен еситиң. Булар Бәзиргенге оқ тийгеннен соң қашып, Шәбистан шәҳәрине барды. Бәзиргенниң синлиси жигитлердиң алдынан ишығып, жалғыз ағамды нәйледиңиз деп, бир сөз айтты:

— Бирге кеткен Бәзиргенди,
Ғош жигитлер нәйледиңиз?
Шекерим ахыў-пығанды,
Растын айтың, нәйледиңиз?

Ашылмай гүлим солды ма?
Я әжел жетип өлди ме?
Душман қолында қалды ма?
Жалғыз ағамды нәйледиңиз?

Бунда бос қалды қаласы,
Көзге сүрме халқы пасы,
Атам дерге жоқ баласы,
Зүриятсызды нәйледиңиз?

Жалғыз ат жоқ болса изи жоқ,
Майдан ишинде тозы жоқ,
Пасды бәхәр хәм жазы жоқ,
Бәзиргенди нәйледиңиз?

Тартарым ахыў-пығанды,
Көзинен ағызып қызыл қанды,
Көп жылатпа Айсултанды,
Бәзиргенди нәйледиңиз?

Әлқысса, Айсултан бул сөзди айтып болғаннан соң, жигитлер айтты:

— Көп жылама, ағаң аман келер. Бизлерди он бес күн бурын жиберди.

Айсултан бул сөзге наныл, өз жайына келип жатты. Арадан он бес күн өткеннен соң, он бес адам Бәзиргенниң түйелерин жетелеп келе берди. — Бәзирген ағам киятыр екен, — деп ўақты хош болып еди, көрсе, булардың арасында Бәзирген жоқ. Айсултан сорады:

— Әй, жигитлер, көзимниң рәўшаны, белимниң қуўаты, жалғыз Бәзирген ағамды көрдиңиз бе? – деди.

Анда Сапар көсе:

— Бәзирген ағаң Шамлыбелге барып, Гөруғлыбек пенен қыяметлик аға-ини болып, он бес күн мийман болды. Он алтыншы күнинде, қайтар ўақтында пәлек хижры менен Бәзиргенге кесел тийип, дүньядан өтти. Ағамның пәнди нәсияты менен сол жерге дәпин қылып, басына қырық қарыйды қуран оқытып қойды. Қалған малларды сизге жиберди.

Айсултан бул сөзди еситип, бийхуш болып жығылды. Бир сааттан соң хуўшына келип, зары-гриян жылап, малларын қаласына киргизип, бул жигитлерди хәр бирине сарпай инамлар берип, бир неше күн сақлап, өз журтына қайтарды. Булар бир неше күн жол жүрип, өз журтына келди. Алғәрез, Айсултан бир күни үйинде отырып еди, Бәзиргенниң жигитлериниң арасында Таймасбек деген бир жигит бар еди, сол жигит Айсултанның қасына келип, Бәзиргенди Гөруғлыбектиң өлтиргенин бир-бир баян қылды. — Бурын саған кеўлиң пәрийшан болып турған соң айтқанымыз жоқ еди, — деди. Айсултан бул сөзлерди еситип: — Ондай болса, мени басла қандарымның елине, — деп бир сөз айтты:

—Таймасбегим, бүгин болғыл сәрдарым,
Басла мени қандарымның елине,
Мен таследым намыс пенен арымды,
Басла мени Гөруғлыбек елине.

Бисмилла деп бүгин ғыйрат минели,
Неше өзек, дәрьялардан өтели,
Соның менен қан шарабын ишели,
Басла мени Гөруғлыбек елине.

Ғыйрат минип, шапсақ майданы белден,
Сорасам саўдагер кәрўаны билен,
Шамлыбел үлкеси Қунқарша билен,
Басла мени қандарымның елине.

Оқ атарлар сағы-солы қаладан,
Басла мени дәрбент билән жырадан,
Мен қайтпайман ханың менен төреден.
Басла мени қандарымның елине.

Айсултан дер, бүгин кештим сырымнан,
Өлермен жолында қайтпай жолымнан,
Ағам ушын қанлар ағар көзимнен,
Басла мени қандарымның елине.

— Әй, Таймасбегим, Гөруғлыбектен ағамның қанын алмасам, бул мәнзил маған ҳарам, я ағам жолында бул шийрин жанымды бермесем, — деп, еркек липасын кийип, Таймас пенен Шамлыбелге қарай раўана болды. Бирнеше күн жол жүрип келер еди. Бул тәрептен Гөруғлыбек ҳәм қырық жигити менен шикар етип, аў аўлап жүрер еди. Сол ўақтында Айсултанға дуўшар болды. Гөруғлыбек буны әбеший көрип:
— Әй, жақсы жигит, қайлардан келип, қайларға барасаң? — деди.
Сонда Айсултан айтты:
— Гөруғлыбек деген ағамды өлтирген екен. Гөруғлыбектен ағамның қанын алмаға киятырман, — деп бир сөз айтты:

— Жолым алып турған жигит,
Қандарымды билермисең?
Арзым есит бегиў жигит,
Гөруғлыны билермисең?

Жанған шырағымды өширген,
Жалғыз ағамды өлтирген,
Дийдарын қыяметке қойған,
Гөруғлыны билермисең?

Ишимди зәҳәрге толтырған,
Шийрин жанға отлар салған,
Қызыл гүлимди солдырған.
Гөруғлыбекти билермисең?

Саўаш майданына кирсем,
Қанларымнан қанымды алсам,
Я өлтирсем, я өлсем,
Гөруғлыбекти билермисең?

Ғош жигиттиң басын тутсам,
Душманымды тутып алсам,
Гөруғлыны мен өлтирсем,
Жақсы жигит, билермисең?

Айсултан дер мениң атым,
Өлтирсем, я шықса жаным,
Гөруғлыда бардур қаным,
Гөруғлыны билермисең?

Әлқысса, Гөруғлыбек айттылар:
— Бәзиргенди өлтирген жигитти билермен. Гөруғлыбек көп зор турыр. Сениң күшиң ол жигитке жетпес. Гөруғлыбек пенен екеўимиз анадан бир күнде дүньяға келген екенбиз. Оның менен гүрес тутсақ, бирде ол жықса, бирде мен жығаман. Әўел сен мениң менен гүресип, ҳалыңды сынап көр. Оннан кейин Гөруғлының жанына барғыл, болмаса зая боларсаң, мен қаладан шыққанда ол ҳәм шығып еди.
Айсултанға бунның сөзи мақул түсип:
— Әй, жигит, гүресермисең? — деди.
Гөруғлыбек:
— Белли гүресермен, — деди.
Айсултан келип Гөруғлыбектиң белинен тутып, Гөруғлы ҳәм оның белинен тутып айқасты. Әлқысса, Айсултан зор берип Гөруғлыбекти қол ушына көтерип, басынан үш мәртебе айландырып атып жиберди. Ол қырық гез жерге барып түсти. Гөруғлы топыраққа былғанып, уйқыдан жаңа турған адамдай ҳайран болып турды. Айсултан қол қаўсырып, қуллық етип турып еди.
Айсултан:
— Әй, жигит, және гүресермисең? — деди.
Гөруғлы айтты:
— Енди гүреспеймен, — деди.
—Ондай болса маған Гөруғлыны таўып бер, оннан қанымды аларман, — деди Айсултан.
Гөруғлы ойланды, бул көп зор екен, буннан нешик қутыларман деген пикир менен турды.
Анда Айсултан:
— Көп турмағыл, өзиңниң басыңды аларман, — деди.
Гөруғлы бийилаж болып, Айсултанның алдына түсип жүре берди. Узақтан бир гүмбез көринди алтыннан пуў берилген. Айсултан:
— Ол көринген жай кимниң жайы болар? — деп сорады.
Гөруғлы:

— Ол Бəзиргеннин жайы, — деди.
Айсултаннның пырақы таза болып, ағасын жоқлап, бир сөз айтты:

— Түмен мусийбетлер түсти басыма,
Ағам топырақ болған жайға жетистим.
Қазан жели ести ғамша гүлиме,
Ашылмайын солған жайға жетистим.

Сен кеткели кеше-күндиз күлмедим,
Қызыл қанын төгилгенин билмедим,
Басыңнан не ислер өтти, билмедим,
Әрман менен өлген жайға жетистим.

Әўел менин тиллеримди алмадын,
Зары-гирян еттим, қулақ салмадын,
Жалғаншыда уғыл зүрияд көрмедин,
Руўхын гада болған жайға жетистим.

Мүсəпир жерлерде ғəрип болдын ба?
Имамлардай ташне болып өлдин бе?
Ашылған гүлзарым, бүгин солдын ба?
Қазан урып солған жайға жетистим.

Сыйындым мен саған кəба қудайа,
Бейиш болар шейит өлгеннин жайы,
Имам Үсен болар дайым ҳамирайын,
Әрман менен өлген жайға жетистим.

Айсултан дер, бул бир паный дүнья,
Қəни саған келген Искендер дара,
Мен хəм айттым илахи-иллалла,
Шахадет үйренген жайға жетистим.

Әлқысса, оннан соң, Айсултан гүмбездиң алдына келип, атынан түсип, гумбездиң ишине кирип, ағасынын оң жағында отырып ағасынын хаққына қуран оқыды. Оннан соң, Айсултан жəне де зар-зар жылап, бир сөз айтты:

— Жаман күнлер түсти баска,
Яд етермен, ағам, сени,
Бир баска бир өлим барды,
Яд етермен, ағам, сени.

Ғаным мискинде гезилди,
Жүрек баўырым езилди,
Билмем, не ис жазылды,
Яд етермен, ағам, сени.

Зар жыласам исим питпес,
Ҳеш ким менин пəндим алмас,
Мен нашарман, сөзим питпес,
Яд етермен, ағам, сени.

Шəрияттың жолын тутқан,
Ҳақ буйрығын бəржай еткен,
Пақырларға қайыр еткен,
Яд етермен, ағам, сени.

Жығылыпты менин көшким,
Неден қара болды бахтым,
Айсултан дер, болмас ўақтым,
Яд етермен, ағам, сени.

Әлқысса, бул сөзден соң Айсултан:
— Бул гүмбезди ким салдырған? — деди.
Гөруғлыбек айтты:
— Бул гумбезди Гөруғлыбек салдырған, — деди. — Бул қарыйлардың хəм ўазыйпасын Гөруғлыбек берди, — деди.
Айсултан айтты:
— Гөруғлыбек бундай ислерди етсе, не себептен ағамды өлтирген екен? — деп, зар-зар жылап бир сөз айтты:

— Енди өлсем, болмас менин сорағым,
Себеп недур, жалғыз ағам өлтирди?
Көзимнин раўшаны, бағы-шырағым,
Себеп недур, жалғыз ағам өлтирди?

Оның ушын мен етермен парияды,
Жалғыз жигит өлсе, жоқ болар аты.
Изинде қалмады оның зүрияды,
Себеп недур, жалғыз ағам өлтирди?

Бəрзенки яғым бар, қашар жерим жоқ,
Ушай десем қанат хəм де пəрим жоқ,
Ағам деп жылаўдан басқа кəрим жоқ,
Себеп недур, жалғыз ағам өлтирди?

Бул ислер тəғдири қуда əйледи,
Нəмəртлер ағамнан жуда əйледи,
Шейит етип, ийман ата əйледи,
Себеп недур, жалғыз ағам өлтирди?

Бийопа дүньяда жалғыз ағам жоқ,
Хақ жолында онда зәрре гүман жоқ,
Айсултан дер, хақтан басқа панам жоқ,
Себеп недур, жалғыз ағам өлтирди?

Әлқысса, Гөруғлыбек Айсултаннан бул сөзди еситип, бауыры езилип, Айсултанға қарап:
— Қандар Гөруғлы мен болдым. Өлтирип, қанынды ал, — деп қылышын шығарып алдына қойды, хәм Гөруғлы зар-зар жылап бир сөз айтты:

— Айсултан еситкил сөзим,
Қанлар Гөруғлы мен болдым,
Қара әйледим жүзимди,
Қанлар Гөруғлы мен болдым.

Азғырып мен жолдан шықтым,
Сәхәрлерде жолын тостым,
Азғырған кисилерде қастым,
Себеп Гөруғлы мен болдым.

Шамлы белден ат қашырдым,
Беплерге шарап иширдим,
Жети белден оқ көширдим,
Нәмәрт Гөруғлы мен болдым.

Дәрбентте мен оны аттым,
Қурбанны мен мойныма алдым,
Нәмәрт жолына кирдим,
Себеп Гөруғлы мен болдым.

Әлқысса, оннан соң Айсултан айтты:
— Әй, жигит, мениң ағамның тәғдири қысмет екен, сен мәртлик етип растыңды айттың, мен хәм ағамның қаныны өттим. Мениң қыяметлик ағам болғыл, — деп зар-зар жылай берди.
Гөруғлыбек хәм еткен ислерине пушайман болып айтты:
— Әй, Айсултан, көп жыламағыл. Бәзирген ағанның орнына мен ағаң болайын, — деп зар-зар жылалы хәм Айсултанға қарап бир сөз айтты:

— Қурбаның болайын гүл жүзли жанан,
Көп жылама, сениң ағаң болайын,
Мениң көўлимде көп қалды әрман,
Көп жылама, сениң ағаң болайын.

Билмейин өлтирип, еттим пушайман,
Көп жылама, сениң ағаң болайын.

Шәрт үстинде сениң ағаң өлтирдим,
Әрман менен көзим жасқа толтырдым,
Алтын туўлар тигип, гүмбез салдырдым,
Көп жылама, сениң ағаң болайын.

Бул дүньяның ақыры-соны жалғандур,
Кимсе өлмей бул дүньяда қалғандур,
Себеп пенен жалғыз ағаң өлгендур,
Көп жылама, сениң ағаң болайын.

Гөруғлы дер, алғыл шийрин жанымды,
Жерлерге ағызғыл мениң қанымды,
Саламат әйлесин хақ иймаnыңды,
Көп жылама, сениң ағаң болайын.

Өлимниң дәстинен таппадым аман,
Нәпсимниң уғрына кеттим, алдады шайтан,

Әлқысса, оннан соң күн кеш болды, Айсултан ол кеше ағасының қәбирин қушақлап жатты. Сәхәр ўақтында түс көрди. Ертеңине көрген түсин Гөруғлыбекке баян етип, бир сөз айтты:

— Түсимде көринди тоғыз пәлеклер,
Көзиме бир маҳитабан көринди,
Пиримдур махдаш көкте пәлеклер,
Көзиме бир мәхийтабан көринди.

Жәм болып келдилер бирнеше яран,
Олар аўдарарлар парайы қуран,
Әбиўбакир, Сыдық, Омары, Оспан,
Хәзирети Әлий, Шахымардан көринди.

Қарнымды жардылар ақтарып мениң,
Сол заман көринди сәрўийи гүлшан,
Маған үйреттилер сүрейи қуранды,
Пайғамбары ақыр заман көринди.

Соңра келди қара тонлы бир киси,
Қайғы менен өткен жаз бенен қысы,
Хаслы үммет ушын ағарлар жасы,
Пайғамбары ақыр заман көринди.

Бийбипатпа келди маған мархаба,
Бийбиажар менен Зухрейи Патпа,
Бири Қамбар ене, бириси Хаўа,
Көзиме бир мәхийтабан көринди.

Жигитлер ишинде гүлдей ашылған,
Қолларында шамыў-шарап ишилген,
Басларына тилла жыға шаншылған,
Мениң ағам, сол Бәзирген көринди.

Ағам маған жылап қылды нәсият,
Дини Мухамметке қылма ақырет,
Бәржай әйлегейсең парызы сүннет,
Тиллеринде нуры ийман көринди.

Айсултан дер, кеше болдым мусылман,
Хақ пенен расулиге келтирдим ийман,
Маған көп жылады хожа Бәзирген,
Бул дүньяның соңы ойран көринди.

Әлқысса, Айсултан бул сөзди тамам етип, Бәзиргенге абы-аслар бериңлер деп буйырды. Оннан соң Айсултан айтты:

— Әй, Гөруғлы аға, хинди ўәлаятында Қарахан зәңги деген бир душпан бар. Мен нашар болармаи, соған сиз барып, соның кәрин қылсаңыз нешик болар екен? — деди.

Гөруғлыбек «куп, әжеп болар» деп, жигитлерин шақырып алып айтты:

— Айсултанның Қарахан зәңги деген бир душманы бар екен, соған барсақ нешик екен? — деди:

— Мунан барсақ Шабыстана,
Қырық бес күнлик жолы бардур,
Ат сүрип кирсек майдана,
Он бир күнлик шөли бардур,

Хәмме бендеси алланың,
Кеўли ушын Айсултанның,
Хиндистанда Қараханның,
Билмен, не қыялы бардур.

Сүрели бедеў мәстана,
Атланып кирсек майдана,
Муннан барсақ Шабыстана,
Қырық мың үйли ели бардур.

Гөруғлы айтар, ғапыл жатпаң,
Нәмәртлик жолына кетпең,
Ғош жигитлер, ўайым етпең,
Хәзирети Әлий пирим бардур.

Әлқысса, Гөруғлыбек қырық жигитлерине кеўил берип, хәммеси Шабыстанға раўана болдылар. Бир неше күн жол жүрип, Шабыстан шәхәрине жақын келди. Дағдың үстине шығып әтрапларына қараса, еки бала көринди. Гөруғлыбек ол балалардан хабар сорады. Ол балалар айтты:

— Айсултан Бәзирген ағасының қанын алмаққа кеткеннен соң Қарахан зәңги деген келип, қызы, жесир, улды олжа етип алып кетти. Айсултан келгеннен соң, ләшкер тартып келемен деген сөзи бар, Айсултанның өзин алармыш. Айсултан келсе, ол Қарахан зәңги келермиш.

Әне, Айсултан бул сөзди еситип, пырақы таза болып, Бәзирген ағасын жоқлап, бир сөз деди:

— Ағалар, еситиң мениң зарымды,
Таза от жаныма түсти, нәйлейин,
Енди хесап етмен бары-жоғымды,
Үлкелерим ойран болды, нәйлейин.

Ағажан, сен өлгели қайғы-ғам болды,
Кеше-күндиз жылап көзим жас болды,
Жана-жана жүрек-баўрым дәрт болды,
Күйип енди ада болды, нәйлейин.

Хеш бир адам мениндейин болмасын,
Өзи өлип, лашы шөлде қалмасын,
Зуриядсызлық Бәзиргендей болмасын,
Руўхы геда болып қалды, нәйлейин.

Бир көрместен қалдым, ағам, жүзинди,
Алтын халқа қылар едим сөзинди,
Мәртлик пенен өтер едим исинди,
Бийопа дүньядан өтти, нәйлейин.

Айсултан дер, менде тақат қалмады,
Хешким келип мунда қарар алмады,
Бул дүньяда жақсы-жаман қалмады,
Ғунша гүлим қазан урды, нәйлейин.

Әлқысса, Гөруғлыбек Айсултаннан бул сөзди еситип, Айсултанға қарап, бир сөз айтты:

— Дәблесинде әреби аты болғанның,
Кеўли оның қайнап-қайнап йош болар,
Тапжылымда шашы қайтқан елаттың,
Әреби атын топан қылар ел болар.

Муханнеслер хәргиз урыса билмес,
Урысқа киргенде хешнеме билмес,
Уўайым сақлаўшы жалғаны болмас,
Нәмәрт қыялы қайғы менен жаз қылар.

Бир мүшкил ис түссе жигит сайдине,
Муханнеслер қорқыў берер бирине,
Қайғы келмес ғош жигиттиң кеўлине,
Жүреги қаплаңдек қападар болар.

Гөруғлы айтар мен бир қудая бенде,
Ғош жигитлер саўаш қылар майданда,
Пийрим Шахимардан мудам жанымда,
Геллелер кесилип, қанлар сел болар.

Әлқисса, Гөруғлы бул сөзди айтып болғаннан соң, Айсултанға кеўилин берип, көшип жолға раўана болды. Шабистанға кирип, Қарахан зәңгиниң қойған адамларын өлтирип, парахатта болып отырдылар.

Ендиги сөзди Қарахан зәңгиден еситиң. Алғәрез, Қарахан зәңгиге Айсултан келип, қойған адамларыңды өлтирди деген хабар жетистилер.Қарахан зәңги дарғазап болып, жүз мың ләшкери менен атланып, Шабыстанға келип түсти. Айсултан бул ләшкерлерди көрип, Гөруғлыбекке айтты:

— Мунның менен урысып барабар келип болмас, — деди.

Гөруғлыбек айтты:

— Әй, Айсултан, бул зәңгилерге ҳийле етпек керек, оның ушын жигитлерди дәрўазада қоямыз. Майхананы әресте етип, шарапларды саранжам етип, кәсаларды жанына қоймақ керек. Сен ҳәм сарайыңы әресте қылып, өзиңе ара берип отырғыл. Мен бир жайда өзимди пинҳамы қылсам, бәрзәңгилер менен хеш ким хабарласпаса, ақыры зәңгилер мәсләҳат қылар, мен өзим барып хабар алайын деп сениң қасыңа келер, сонда сен бир сөз бенен мени яд етсең, мен барып оның исин тамам етермен, — деди.

Анда Айсултан «әжеп болар» деп Гөруғлыбектиң айтқанындай етип отырды. Алғәрез, бул тәрептен Қарахан зәңги, «өзим барып хабар алмасам, мениң баҳадарлығыма ылайық болмас» деп жанына қырық баҳадыр жигит алып, Айсултанның үстине жүрис қылды. Оннан соң Гөруғлының жигитлери Қарахан зәңгини көрип, ҳәр қайсысы ҳәр тәрепке кетип, дәрўазаға келип кирди. Хеш ким хабарласпады, дәрҳал майханаға келип кирди. Онда ҳәм хеш ким жоқ. Оннан соң Қарахан зәңги жигитлерин майханаға қойып, өзи Айсултанның жанына барды, Қарахан барса, өзине ара берип отырған Айсултанды көрди. Қарахан зәңги Айсултанды көргенде басынан ҳуўшы кетип, ақылы бийғана болып:

— Әй Айсултан, мен жети мәртебе ләшкер тартып келдим. Бәзирген ағаң мениң ләшкеримди қырып әпкелмеди, сегизинши мәртебе және келдим, сен жоқ екенсең, енди сениң менен мурады ҳасыл қыларман, — деди.

Айсултан айтты:

— Мен ағамның жылын бергенше хешкимге кеўил бермеспен, — деди.

Анда Қарахан зәңги Айсултанның сөзин қабыл қылмады, зорлық қылар болды. Анда Айсултан Гөруғлыны яд етип, бир сөз айтты:

— Саўаш майданында атлар ойнатқан,
Әреби атлы ғош жигиттиң күнидур,
Бедеўин ҳарлатып майданға кирген,
Жаўды қырып кеўил қошлар күнидур.

Ғош жигитлер сап-сап болып келгенде,
Урыс майданында оқлар атқанда,
Ат жығылып өзи жаўда қалғанда,
Алмас пышақ, сары жайдың күнидур.

Ғош жигитлер кирсе шер киби майдан,
Ҳуммет берер күни ҳәзирети Сулайман,
Шабистанды алды бар зәңги душман,
Ҳәзирети Әлий, пийри Жаббар күнидур.

Ғаным менен қарсыласып турмаға,
Шикаста нашардың кеўлин алмаға,
Алла дейип төбесине урмаға,
Айбалталы шаббаз ердиң күнидур.

Көз жасы төгилип, сел болып кетсе,
Налышым бул заман аллаға жетсе,
Айсултан нашарға ағалық етсе,
Ғыйрат пенен Гөруғлының күнидур.

Әлқисса, Қарахан зәңги айтты:

— Ҳәй, Айсултан, мен сениң бул түрки тилиңе түсинбеспен,-деди. -Әлбетте, мениң мақсетимди ҳасыл қыларсаң, болмаса зорлық пенен мурадымды ҳасыл қыларман және қаланды ойран етип кетермен, — деп зорлық қылар болды, Айсултанның ышқырына асылды.

Айсултан билди: бул кәпир зорлық қылар болды деп, ҳәм бир ҳийле менен:

— Ҳәй, Қарахан зәңги, мениң үстимнен турғыл, мениң менен сәўбет қылмастан әўел суўға түскил, жуўынып сасықларыңды кетиргил. Соннан соң сениң менен сәўбет қылайын, — деди.

Қарахан зәңги бул сөзди еситип ўақты хош болып, Айсултанның үстинен шашырап турып, липасларын шығарып, ғусыл етпек ушын кетти. Гөруғлы ҳәм бул сөзлерден хабардар еди. Қарахан суўға түсип турған ўақтында Гөруғлы үстине жылдырымдай жетип барды. Қарахан «ҳәй-ҳәй» дегенше алмас қылыш пенен бир урды. Қараханның жаны жәҳәннем базарына дуз сатпаға кетти. Гөруғлыбек майханаға барып көрселер, зәңгилердиң қырық жигити шарап ишип, мәс болып жатқан екен. Гөруғлыбек оларды ҳәм өлтирди. Оннан соң жигитлерин шақырды, хешбир хабар таппады. Сәҳәр ўақты еди, бир бәлент төбеге шығып, Гөруғлыбек қолына сазын алып, жигитлерин шақырып, бир сөз айтты:

— Келиң беглер тамашаға,
Бул кеше саўаш үстинде.
Кирип мен майдан араға,
Қылыш урың бас үстине.

Бир зәңгиниң ханын жықтым,
Қылыш урып қанын төктим,
Қырық жигит деп нағыра шектим,
Бас кесилип лаш үстинде.

Қарахан шаны өлтирдим,
Қараханға дуўры турдым,
Қырмызы қанға боядым,
Басын кесип лаш үстинде.

Шарап ишип мәс болдым,
Турдым ғанымға ушырадым,
Гөруғлы дер, мен саўаштым,
Айсултан ғардаш үстине.

Әлқысса, хәр қайсысы Гөруғлыбектиң хаўазын еситип, хәр тәрептен келе берди. Бир нешшелери жыйналып келип, хәммеси жәм болып, Қарахан ханның ләшкерин қашырып, Айсултанныңели атынан Шабыстан шәхәрин босатып, бенде болған қыз-жигитлерин алып, булар мақсет-мурадына жеттилер.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

17-том



# БОЗУҒЛАН

Қайыпназар жыраў Қәлимбетов варианты

*Жазып алғанлар: Қабыл Мақсетов, Қалбай Мәмбетназаров*
*(1960-жыл)*



Әне, өткен әййем заманында, ноғайдың халқында, Бабахан патшаның журтында Дәрўиш бай деген бай бар еди. Жасы алпысқа келгенше бир пәрзентке нәзери түспеди. — Эгасыз дүньяны жыйнап нетейин, етек-женимди кесип қәлендер болып кетейин, алла-тааладан бир пәрзент талап етейин, — деп әўлийе излеп кете берди.

Әне, әўлийе қоймай түнеди, машайық қоймай жылады. Ҳеш бир нышан болмады. Қайтып киятырса, алдынан бир шопан шықты.

— Әй, бай аға, қайдан киятырсыз? — деди.

— Бир пәрзенттиң дағы ушын әўлийелерди зияратлап киятырман, — деди. — Ҳеш бир нышан болмады, — деди.

— Бүгин үш күнликте мениң қойыма топалаң араласты, — деди шопан. — Сол бәлент таўдың баўырында бир шоқ шеңгел бар еди, соннан қойларымды айландырып едим, қойларым топалаңнан арылды. Сол шоқ шеңгелди сен ҳәм айланып көр, бай аға, — деди.

Әне, сол шоқ шеңгелди ерли-зайыплы еккиси зиярат етти. Түс көрди. Түсинде:

— Бир ул, бир қыз бердим, — деди. — Балларың жети яшына келгенде жаныңды аламан, — деди.

— Әне, бизлер перзентли болсақ, той берсек, алла-таала аманатын алса, биз ырзамыз, — деди.

Әне халқына келди. Ҳаялы жүкли болды. Ай жарылқап күн туўды, ат басындай ул туўды. Әне, балаға той-тамаша берди. Халқын жыйнап, баланың атын қойды.

— Әй, аға, уғлың ерге ылайық туўған екен, төменги ерни салпы екен, аты ер Бозуғлан бола қойсын, — деди халық.

Арадан үш жыл өткен соң бир қыз туўды. Қызының атын Қарлығаш айым қойды. Ул жетти яшына келди, қыз төрт яшына келди. Ата-енеси өлди. Байдың дүнья-малы еки нәрестениң қолында қалды. — Бул еки бала дүнья-малға ийелик ете алмайды, — деп, Бабахан патша залымлық етип алып қойды. Және қаласына жар салды: — Сол еки нәрестеге ким бир қасық ас берсе, бир тислем нан берсе, малы талаўда, өзи өлимдар, — деди. — Еки пуқарам кемис-ақ болсын, бул екеўи аштан өлсин, — деп ғазап етти патша. Баллардың барарына жери жоқ, батарына көли жоқ, сүйсинип ишер асы жоқ, ғәрип кеўлиниң хошы жоқ, ағайын, кәўми-қарындас, досы жоқ. Асманға қараса асман, төменге қараса жахан көринди көзине зиндан, қайда барарын билмей болды ҳайран.

Көлди жағалап кетип баратыр еди, көлдиң ләбинде, шөлдиң тийинде өзи арықлаў, қарны суў қабақтай бир тайды услап алды. Бул тай атамның аўыр дәўлетинен қалған тай екен деп, жүрген жерде жетелеп, жүрмеген жерде ийтелеп, отаўдың алдына алып келди. Отаўдың алдына алып келип, баланың жеккелик-жетимлик ядына түсип, көңли бузылып, бағры езилип, көзинен яшы маржандай тизилип, зар-зар нәўпәри йығлап, ботадай бозлап, қарындасына қарап толғап, бир сөз деди:

— Келмей дәўран бул басымнан өткенди,
Жетимликтиң жәбри сарсаң еткенди,
Атасы өлген, кәбасы өлген жетимниң,
Ағайыны-туўысқаны қайда кеткенди?

Сен шашыңды үштен таллап өресең,
Яш та болсаң себил үйге төресең,
Атасы өлген, кәбасы өлген жетимге,
Уяласым, не деп кеңес бересең?

Ашылар ма бәхәр бағда бир гүлиң,
Аға деп сайранар сөйлесең тилиң,
Атасы өлген, кәбасы өлген жетимниң,
Ағайыны, ғамхоры қайда, муңлығым?

Гәўҳарымсаң, сенсең көзде қарарым,
Сеннен жоқдур өзге ҳалдан сорарым,
Атасы өлген, кәбасы өлген жетимниң,
Ағәйини, туўысқаны болмай ма екен шырағым,-

деп сөзин ада қылды.Сол ўақта қарындасы Қарлығаш айым ағасына бир кемликтиң келгенин билип, зар-зар нәўпәри йығлап, ағасына қарап толғап турғаны:

— Мәрт болғанлар белге кәмар буўар ма,
Батыр болған мунша ладан туўар ма,
Батыр аңқаў, ер бир ладан болмасаң,
Бул залым хан алды дүнья-малыңды,
Енди қорқаман алар ма деп жалғыз жаныңды.

Кийип саўыт әрман билән шайлайық,
Алла әмирине шешип беллер байлайық,
Малыңды алған басыңды алар, жан аға,
Басқа журтқа барып мәкан әйлейик.

Кемлик билән сия-шашым өрейин,
Ҳақтың салған саўдасына көнейин,
Малыңды алған басыңды алар, жан аға,
Басқа журтқа барып мәкан әйлейик.
Ҳалым келсе мен де изине ерейин,
Нашар едим, не деп кеңес берейин,-

деп сөзин ада қылды.

Енди булар патшадан қорқып, журттан шығып қашмақшы болды. Елдиң алды жатқанда, от қызылы батқанда жети яшар бала, төрт яшар қыз жайынан турды. Ат ертлементи не билсин, азық-ат жемисин

тайдың белине салды, аркан менен бек тартты.

Булар жайдан турады,
Алды шөлге карады,
Қашканымды билер деп,
Кейнимнен душпан келер деп,
Уядашым өлер деп,
Бала басын жетейди,
Қыз кейнинен қуўады,
Мәртликке беллер байлады,
Қыз сумлықты ойлады,
Қашканымды билер деп,
Қыстаў берип сары тайды айдады.
Сағым менен жол жүрди,
Сарғаяды күн жүрди,
Салқын менен өндирди,
Қумлы жолда адасты,
Акша жүзди шаң басты,
Адасты турған жолынан,
Айрылып туўған елинен,
Қула майдан шөллерде,
Жетимлер шөлде йығлашты.
Адыр-атыр, адыр таў,
Адыр таўларға келеди,
Өрмелеп таўға минеди,
Аяқлары аўырды,
Табанлары жаўырды,
Тобығынан тас қақты,
Табанынан қан акты,
Ашылмаған қыздың бахты,
Жүрерге келмей мәдары,
Қалдым дейип зар қакты.
Кемликтен беллер бүгилди,
Қанлы жас көзден төгилди,
Мийирбаным, қалдым деп,
Қара тасты қушаклап,
Бет алдынан жығылды.

Жағалары сел болды,
Бозуғланның көз яшына,
Айланып келди Бозуғлан,
Төрт яшар қыздың қасына,
Минбе тайын желдирди,
Қайсарлығын билдирди,
Қарындасын көтерип,
Ала тайға миндирди.
Пешин белге шалады,
Тайды алдына салады,
Айдап тайын барады,
Узын жылға, терең сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Қарағайды аралай,
Болдырмады ала тай,
Тилегин берди бир қудай,
Тулпар шыкты сары тай.
Қыялап таўдан жортады,
Күн-күннен жүрис артады,
Жол танабын тартады,
Берейин деген қулына,
Шығарып қояр жолына,
Бермейин деген кулына,
Табылмайды пулына,
Минди тайдың белине,
Мингесип алып ол тайға,
Шықты майдан шөлине,
Адыр, адыр дағ ашты,
Бөктергили қум ашты,
Тай шомылды терлерге,
Сыйынды пирлерге,
Арадан қырық күн өткенде,
Жетимлер таяр болады,
Бозбулақ деген шөллерде.

Әне, қараса, таўдың басынан шайнектей, кәсадай атлығып турған булақты көрди.

— Әй, аға, усы йерге түсейик, — деди карындасы. — Булақтан суў ишейик, бес күн, он күн жатып дем алып көшейик, — деди.

Әне, булар булақтың басына түсти, булақтан суў ишти. Игри ағаштан жай етти, туўры ағаштан оқ етти. Суўға келген сүйлин, таўшанларды байлап атты, әне, кем-кем жайын есейтип алып кийикти хәм атты, куланды хәм атты. Әне, сол булақтың үсти үлкен гүзар жол екен. Жыйнаған аңлардың терилери менен гөшин кәрўанларға сатты. Әне, кәрўанларға бир тәәжип отаўға пул берди. Әне, кәрўанлар хәм әкелип берди. Сол отаўды усы булақтың басына тикти. Әне, сол бала әне көшемиз, мине көшемиз бенен усы булақтың басында жетти жыл отырды. Әне, жетти жылда бала он төрт яшына келди, нардай күшине толды. Қарындасы он бир яшына келди. Әне, сары тай жетти яшына келди. Кийик, қуланлардың изинен қуўып жетти, тулпар еди. Енди баланың көкирегине Рустемниң ғайраты кирди. «Усы сары ала атым астымда болса, кескир қылышым болса, дәңгир мылтығым болса, көп әскер үстиме келсе, биреўин аман жибермес едим-аў» деген баланың көкирегине Рустемниң ғайраты кирди дейди.

Сөйтип бул бала шикарға шықты. Төбеси қуўдай ағарған, көзи қурдай қызарған, турып-жығылған, таска сүринген, таўға өрмелеп баратырған бир ғарры бабаны көрди дейди. Әне жети жылдан бери елди көрмеген бала атты шаўып бабаның қасына келди. Әне, бабадан жол болсын сорады:

— Хаўа жаўып, айдын көллер сел болсын,
Қуда берип, аз дәўлетиң мол болсын,
Әрман билән паю-пияда жол жүрип,
Баба, баян әйле, саған жол болсын.

Пирге дәхил болып сәлле орайсаң,
Картайыпсаң, не мүшкилге жарайсаң,
Әрман билән пают-пияда жол жүрип,
Не жоғың бар, баба, таўдан карайсаң?

Соннан соң ғарры балаға қарап бир сөз деди:

— Мени көрип, балам, бердиң бир салам,
Такатым көрмейин жокты дәмма-дәм,
Астындағы сары тайды излеген жокшы едим,
Сары тайды қайдан алдың, жан балам?

Белиңе илгениң сары жайыңды,
Жоқ жойытып алдырғанман айымды,
Бир үйир жылкы менен
жойытыпем бул тайымды,
Ат қылып минипсең арық тайымды.

Биз атландық бийик кумның сағында,
Бүлбиллер сайрасын жәннет бағында,
Әрман билән пают-пияда жол жүрип,
Не излейсең әйне өлер шағында?

Мәртликтен буўғаның белге кәмарды,
Усталар алғанды қолға теберди,
Бир үйир жылкы менен
жойтып едим бул тайды,
Басқасынан, балам, бериң хабарды.

— Әй баба, жаппа жаланды, тийгизбе каранды. Жетти яшыма келгенде атам, енем өлди, патша залымлық етип дүнья-малымды алды. Бул арық сары ат атамның аўыр дәўлетинен калды. Жетти жыллардан бери таңда мәкан етип жүрмен патшадан қорқып, — дейди.

— Әй балам, уры-каракшы шөлде жүрмей, елде жүре ме, каракшы болған соң шөлде жүргениң, — деди.

— Бул бабадан кашқан кутылар, турған тутылар, — деп бала аттың басын бура берди. Бул баба да шапик баба екен, бара сала аттың жылаўынан тутты.

— Әй балам, сен болсаң жас жигит, мен болсам ғарры киси, айқассам күшим жетпес, сөйлесем сөзим өтпес. Сениң менен бул жерде төрелескендей хан жок, төрелескендей бий жоқ. Сол көринген таўдың басында бир кара тас бар, арба янлы жотасы бар, услағандай тутқасы бар, сол тасты көтерген адам тайды алсын, көтере алмаған адам қуры қалсын, нешиксең балам? — деди.

Сонда бала ойланды, «бул бабаның жоғында «қураўлы жығын үстине келсе, биреўин аман жибермеспен» дейтуғын едим, бул бабаның айтқанынан коркып калғаным нәмерттиң иси болар». — Жүр, баба, тасына, — деди.

Әне, баба таска келди. Бала тасты көрди. Қублаға қарай шөккен тас екен, адам көтере алар емес.

— Әй, баба, басыңызда сәлле, ийниңизде мөлле, пайғамбар яшына барған адам екенсиз, алды менен тасты сиз көтериңиз, —деди.

Сол ўакта бала бул сөзди айтып болғаннан кейин баба:

— Әй, бала, бул бабаның жети жылдан бери көтерген тасы, әрманлы кетерсең, тайдан айрылып қаларсаң, алды менен халыңды сени көрсең, — деди.

Бала ойлады: — «Бузаўды бир яшынан көтерсе, өгиз болғанда да көтереди» деген, бул ғарры көтерсе көтере кояр, — деп бала тастың қасына келди.

Бала тасты көтерди. Бул тасты көтерип алып қойды. Бул қорғанның аўзы екен. Бир ер-түзиўди көрди. Ер-түзиўди алып караса, ақ баслы ердиң басы алтын, жүйениниң касы алтын, қуйысқаны қуйма алтын, тебингиси терме алтын, ал бул ер-түзиўди алып койды. Бунын тийине караса, бир жаў-жарақты көрди. Испаханлы сары жай, садақтың аўзы шапшақтай, садаққа салған оқлары алмастан кескир пышақтай, бәри ердин жарағы, жаўлы күни кереги, шарайна калқан, жаў куралы, бес қуралы, беллик, қоллық, туўылға — бәршеси таяр екен. Сол жерде усылардың хәммесин алды Бозуғлан.

Сол ўакта баяғы баба:

— Әй, балам, өли емеспен, тирimен, қырық шилтенниң биримен, Қызыр Ильяс пиринмен, тарыққан жерде тайынман, — деп көзинен ғайып болды дейди баба.

* * *

Ал, ендиги гәпти кимнен еситиң, баяғы малын алған Бабахан патшадан еситиң. Патша қырық кәлпесине:

— Қуска шығыўға таярланың, мен де ертең сенлер менен шығаман, —деди.

Әне, қырық кәлпе аңға шықты. Аркадан даўыл турды, кәлпени қудай урды, Кәлпелер акылдан састы, аўға қарамай куслары хәр тәрепке қашты. Қырық кәлпе кустан айырылып, патшаның алдына барды. Патша дарғазап болды. Ақтарлан кус патшаның кусы еди, сол кусты патша «табасаң» деди кәлпелерине.

— Әне, әгер Ақтарлан кусты таппай келсеңлер, дарға асаман, — деди.

Тақты маржан сәдепти,
Хәсиретте бағры кәбапты,
Қырық кәлпеге бас болып,
Асан кәлпе алды жуўапты.
Патшадан жуўап алады,
Атларын жолға салады,
Адыр, адыр, адыр таў,
Қусым мунда келер деп,
Адыр таўларға барады,
Айланады таўларды,
Далбайын қолға алады,
Дағларда шаўқым салады.
Узақтан бедеў шаппады,
Кәлпеге сапар жақпады,
Айланады таўлардан,
Ақтарлан қусты таппады.
Узын жылға, терең сай,
Куйгелекли көп тоғай,
Қусым мунда келер деп,
Көк тоғайларға келеди,
Далбайын қолға алады,
Тоғайда шаўқым салады,
Ақтарлан қусты табалмай,
Муннан да өтип барады.
Сағым менен жол жүрди,
Салқын менен өндирди,
Азғана емес, мол жүрди,
Әйне қырық күн жол жүрди,
Ат шапқан жолдың пәсине,
Ким шыдар кәлпе дәстине,
Арадан қырық күн өткенде,
Шаўып шықты кәлпелер,
Бир бәлент таўдың үстине.
Бәлент таўға шығады,
Дөгерекке көзлер таслап қарады,
Бедеўдиң жалы өрилди,
Абырай қолға берилди,
Сол шөлистан ишинде,
Тәәжип отаў үстинде,
Ақтарлан қус көринди,
Шабысып кәлпе келеди,
Ақтарлан қусты көреди,
Келип сөйлей береди:
— Аралап келдим қиядаш,
Неше күн қусты жойытып,
Ағызып көзден селли яш,
Ақ үйде жандар бар болсаң,
Шығып майданға хабарлас.
Ушты бүлбилим гүлимнен,
Жан қарар таппас жаппас тәнимнен,
Бар болсаң ақ үйдиң ийеси,
Шығып хабарлас үйиңнен,
Алып бер қусымды қолыңнан.
Алтыннан саўыттың жағасы,
Қабылды көзимниң жасы,
Шығып майданға хабарлас,
Бар болсаң отаўдың ағасы.

Бозуғлан үйде жоқ еди,
Бозуғланның уядасы,
Ақыллы туўған сиңлиси,
Отыр еди ол тәнха,
Ол жайынан турады,
Жабықты түрип қарады,
Жабықты түрип қараса,
Асан кәлпени қыз таныды,
Әне, кәлпелерге ол қарап,
Қыз турып сонда сөйледи:

— Мен жылайман айралықтан, есим жоқ,
Бир жалғыз нашарман, шөлде досым жоқ,
Қусыңды алып кете бериң кәлпелер,
Саған хызмет қылар үйде киси жоқ.

Мәканым бар қула майдан түзлерде,
Тәнде бағрым ерир жақсы сөзлерге,
Аттан түсип қусыңды өзиң алмасаң,
Хызмет етер адам жоқ үйде сизлерге.

Атты шаўып келдиң кәлпе түз бенен,
Ериди бағрымыз жақсы сөз бенен,
Қусты алып берер үйде адам жоқ,
Қусыңды алып қайта бериң жол менен.

Сонда Асан кәлпе турып: — Ханнан келгенди хан десе болар, бектен келгенди бек десе болар, бизге бул гәпти айтып турған ким десе болар, — деди. — Буның аты-жөнин сорап кетпегенде ат басындай әрман болар, — деп жабықты түрди. Қызға көзи түсти, көргенниң аңы ушты, биразлары бийхуш болды. Қандай қыз дейсең: мойны бир гез, сағрысы гүмбез, мунындай қыз аламға шеңде-шеңде болмаса, келген емес. Назы менен куйдирген, қылығы менен сүйдирген, есерсоқлаў жигитти ыштанына сийдирген. Әне, қардай ети, нурдай бети, оннан артық хеш болмас Бийпатманың үммети, жүзин көрген жигитке жаўар қуданың рәхмети. Ақ-аппақ, жуқа додақ, жүзиниң қызылынан ағы басымырақ, нартекедей керилген, басарына ерингеи, ишкен шайы тамағынан көринген, бедениниң жуқалығы соншелли, киндигиниң тусына барғанда ишкен шайы жылдыр-жылдыр көринген. Әне, Асан кәлпе қыздың хаслы-затынан сорап, бир сөз деди:

— Питкерген тилладан зерли сазысаң,
Айттырғанда сен бир берген назысаң,
Пәриймисең, инс-жинсписең, не жансаң,
Қандай бегдиң, қандай шаның қызысаң?

Далқардиңа қойған сия бул шашың,
Себеп не, отаўда жалғызды башың,
Айналайын, айтқыл, бизден уялма,
Отаўда ким болар ғәрип йолдашың?

Он төртинде талдай өскен бойыңды,
Бир пәрийге мегзеттим ҳаслы-сойыңды,
Айналайын, айтқыл, бизден уялма,
Қандай жигит алып берди бойыңды?

Дүнья курсын, енди меннен өтеди,
Жамалыңыз көрип мени өртеди,
Аты-жөниң баян әйле бизлерге,
Сен ҳаслыңды айтсаң бизге нетеди.

Әне, кәлпелерге ашыў етип, қыз бир нәрсе айтып тур екен:

— Көкермей ме бәҳәр бағдың гиясы,
Жуўсанға жайылған шарўа түйеси,
Қусыңды алып тезирек атлан кәлпелер,
Бийжай адам бул отаўдың ийеси.

Абырай барда тезирек атлан қәлпелер,
Мойныма жүклерсен наҳақ қаныңды.

Ушып бағдың бүлбил қонар басына,
Уядашым шықты он төрт яшына,
Дәўлет қусы жақында қонды басына,
Буйерлерден ағам келмей кетпесең,
Ақ ендирер, кәлпе, сениң шашыңа,
Ғарға-қузғын уялайды лашыңа.

Ашылмаған бәҳәр бағдың ласы,
Себил болсын Бабаханның қаласы,
Абырай барда тезирек кеткин бул жерден,
Шөлдеги отаў эгасы өз журтыныңның баласы.

Келсе ағам бермес имкан-ҳалыңды,
Саўғатқа бермейди шийрин жаныңды,

Алла еситкенди мунның зарыны,
Қәтебинен қарақшы алған нарыны,
Залым ханың алды дүнья малыны
Уядашым шықты он төрт жасына,
Усы быйыл ханыңнан алар арыны.

Әне, соннан соң қәлпелер қусларын алып жолға раўан болды. Бул кеткеннен кетти, жолды мәскан етти, мүддет жол жүрип қалаға жетти. Қалаға жақын келген соң ҳәрқайсысы қыял етти. Ҳәркимге берген бир қыял, сум геллеге шум қыял, ҳәр қайсысы бир қыял етти. Буннан кетейин, барып патшаға хабар етейин, қусты таптық дейин, бир сулыў қыз көрдик дейин, сүйиншисин хеш кимге билдирмей өзим ғана алайын деген көкирегиндеги сол еди. Әне, кәлпелер жайынан турып, бир-бирине қарамай қалаға қарай қаша берди дейди.

Ашылған бағда лалаға,
Кәлпелер қалды бәлаға,
Әйне песин болғанда,
Шабысып кәлпелер келеди,
Бабахан салған қалаға.
Узақтан бедеў шаппады,
Кәлпеге сапар жақпады,
Қарқының қолын қараса,

Ақтарлан қусты таппады.
Гүл бағларда солыпты,
Кеўли ғамға толыпты,
Ақтарлан қусты уйқылы көзимен,
Қамшы қылып урыпты,
Биреўиниң қолында,
Аяқ-баўы зорға қалыпты,
Патшаға белгили өлимдар болыпты.

Енди қырық кәлпениң басшысы Асан кәлпе бир ақыл тапты дейди:
— Әй жигитлер, сол баяғы қызды мен патшаға тәрип қылайын, сол ўақта патшаның ядынан Ақтарна қус шығып кетер, ат-тон сарпайы өзиме несип етер, — дейди.
— Әй, аға,-деди жигитлер,-ат хәм өзиңдики, абырай хәм өзиңдики, бизлердиң жалғыз жанымыз қалса болар, аға, барағой — деди.
Әне, Асан кәлпе патшаның алдына барды. Сол қусты сорамастан патшаға Бозуғланның қарындасын тәрийп қылды.

— Бәҳәр күни бағдың гүлин тергенбиз,
Қусты таппай нешше күн излеп жүргенбиз,
Биз шөллерде тәәжип отаў көргенбиз.

Сол қызды көргенде тамаша етесең,
Тотыға мегзеген еки көзлери.

Ушырған көллерде қубалар ғазы,
Ғош жигит қолында тиллалан сазы,
Жақса сизге, бир ылайық қыз көрдим,
Ылайық сизлерге пәрийдиң қызы.

Тазы тарлан талпынбай ма уяда,
Ҳеш мусылман сарғаймасын кияда,
Мунындай бир қыз көрмедим дүньяда,
Кимди яқшы десең, соннан зияда.

Китаптан мәни екен айтқан сөзлери,
Ақ қағаздан бәлки пәрең жүзлери,

Алма, әнар қайсы бағда екилмиш,
Тилла кәкили бар ҳәр ян төкилмиш,
Кирпиги қанжардей болып шекилмиш.

Әне, усындай етип патшаға тәрийп етти. Патшаның ядынан тарна қус шығып кетти. Патша турып Асан кәлпеге айтты:

— Әй, Асан кәлпе, бул гәпти айтқан да өзиң, сол қызды көрген де өзиң, аз бенен бар, көп пенен бар, жалғыз адам дейсең-ғо, не ҳалы бар, ағасын өлтир де, жесир қыл да, алып келеғой. Я болмаса ғәзийнеде пул көп ғой, бедеўдиң белине зерди жүкле, пулға келсе, тең өлше де ал.

Әне, Асан кәлпе зерди өлшеп алып, атының белине салып, қырық жигит пенен Бозуғланның үйине барыўға жолға раўан болды. Бунннан кетти, нешше мүддетлерди тай қылып, Бозуғлан жатқан ордаға жетти.

Әне, Бозуғлан үш күн болған екен, қалайыдан қазықты ҳәм каққан екен, аттың мойнына жипектен ҳәм таққан екен, гүмистен ақырды ҳәм соққан екен. Үш күн болған екен, сары ала атты байлап баққан екен. Пириси берген ақ найзаны жарасыққа ериниң басына қыстырып қойған екен. Ат ойнап от жеп турған екен. Сол найзаны, атты көрди кәлпелер. Атқа көзи түсти, көргенниң аңы ушты. — Ана атты астына минген адам, ана найзаны дәстине алған адам саў киси емес ғой, аңлайсыз ба жигитлер? Патшаның қыз алғанынан бизлерге пайда жоқ, жанымыз пайда, қайтамыз кейнимизге, — деди жигитлер. Жигитлер бузылыщты, қайтамыз деп турғанда Асан кәлпе жигитлерге ақыл берди.

— Әй жигитлер, атыңды кейин бастырма, ақылымды састырма, көзимди тыңдырма, ҳайран-сарашма қылма. Буннан Бозуғланға бараман, кудайы қонақ болып қонаман, нәмәрт болса, турған жеринде шаламан. Мен өлтирдим демеймен, патшаның берген улапасын тең бөлисип аламан.

Әне, олар Бозуғланның есигиниң алдына қатар келди. Есигиниң алдына келип: — Хабарлас! — деди. Бозуғлан жатыр еди, көйлекшең тақияшаң, жалаң аяқ майданға жуўырып шықты. Әне, қараса, еллиге, жүзге тай келгендей қырық баҳадыр жигитти көрди. Үйге кирип қарыў-жарақ алып шығыўды мәртликке миясар көрмей, сол жерде турып абай қурды Бозуғлан.

Әне, «достың ҳәм болса сиясат, душпаның ҳәм болса сиясат» деген, буған сиясат етип көрейин деди Бозуғлан сол ўақта жигитлерге қарап:

— Қаршығам ғаз илмес айдын көлинен,
Қашқан менен қутылмайсаң қолымнан,
Аттан түсип өз қолларыңды байлай бер,
Хабар келди мың бир атлы өлимнен.

Талаўға қоярман дүнья-малыңды,
Абырай барда аты-жөниңди баян ет,
Саўғатқа бермеспен шийрин жаныңды,
Аты-жөниң баян әйле, енеғар,
Нахақтан жүклерсең мойныма ҳақ қаныңды.

Қазан урған бағда ашылған гүлинди,
Мәгар адастың ба жүрген жолыңды,
Қайсы елден, қайсы журтқа барасыз,
Беглер, баян әйле маған жөниңди,
Егленсең аларман тәңде жаныңды.

Бәҳәр күни бағда гүллер термеген,
Сизлер кимсиз, аш бөўралай серменген,
Аты-жөниң баян әйле бизлерге,
Не қарасаң өмирим туўып көрмеген.

Сол ўақтында Асан кәлпе балаға қарап, баланы алдамақшы болып, жалбарынып сөйледи:

— Ашылар ма бәҳәр бағда бир гүлиң,
Сөйлесең сайраған мусылман тилиң,
Қуда тәрепинен келген мийманбыз,
Абай етпе, жасың киши, жолың уллы,жан иним.
Несиз алып миндим ябы белине,
Жоқшылық от салды ғәрип тәниме,
Өз журтымда аўқатым кеше билмеди,
Биз барамыз Қызылбастың елине.

Кисең саўыт әрман билен шайлайсаң,
Ғазап етсең, иним, қолды байлайсаң,
Қуда тәрепинен келген биз бир мийманбыз,
Аясаң бир ақшам мийман әйлейсең.

Ашылмай ма бәҳәр таўда қызыл гүл,
Бедеўге салғаның алтын жипек жул,
Қуда тәрепинен келген мийманбыз,
Гәхи өлтир, гәхи қондыр, өзиң бил.

Сорасаң сөзимде жоқдур жалған,
Қуда тәрепинен келген биз мийман,
Гәхи өлтир, гәхи қондыр, Бозуғлан.

Әне, сол ўақларында Бозуғлан жигитлерге қарап:

— Әй, жигитлер, мениң үйде қарындасым бар, сол қондыр десе қондыраман, қондырма десе биреўиңди ҳәм қоймай өлтиремен, — деди.

Әне, ишкериге кирип, қарындасына ойласты.

— Қырық жигит келип тур қудайы қонақпан деп, соны қондырсақ па екен, я биреўин де қоймай өлтирсек пе екен? — деди.

Қарындасы айтты:

— Аға, қырыққа қызыр, қырық шилтен ғайыбана болып жүрмесин, қондырғанда нең кетер, хаққыңа дуўа етер, мийман жөнине кетер, қондырағой, аға, — деди.

Бозуғлан қырық жигитке:

— Атларыңды байлап келеғойын, — деди.

Әне, қырық кәлпелер жығылып-сүринип кирди отаўға тығылып. Ишкериге кирип, илиўли турған қурал-жарақты көрип, «а, маңлайымыз қурысын, төрдеги жатқанды өлтирип атырғанда, есиктеги қашып кетер» деп, хәр қайсысы да ойланып есикке қарай ығыса берди. Әне, көзлери уйқыға барар-бармастан бирим-бирим қашып атыр. Асан кәлпе қараса, өзинен басқа хеш ким жоқ, хәммеси де қашып кетипти. Әне, Асан кәлпе де қашты дейди. Асан кәлпе қашып сәскеге шекем жол жүрди. Биринен-бири өтпеди, үзип таслап кетпеди, қырық кәлпе бир жерге қосылды. Асан кәлпе келди, хәр қайсысының көкирегине Рустемниң ғайраты кирип, сен қашқан соң мен қаштым деп, бир-бирине жала жапты. Изинен қуўған Бозуғлан жоқ, Асан кәлпе кеңес берди:

— Әй, жигитлер, буйерге келип лап урмаң, кимиңнен саўыт қалды, кимиңизден қылыш қалды. Мен көрген Бозуғлан болса, бәршеңизди гелле етер, көзиңниң ағын мелле етер, сақалыңды жулып алып хәр бир қусларға желлетер. Патшаның жумысын билдиремен де қашаман, сизлер кете бериң, атым жүйрик ғой, кейинлерине жетермен, — деди.

Асан кәлпе сол жерден қайтып, Бозуғланның есигиниң алдына барып, Бабахан патшадан келген жаўшы екенин билдирип, бир сөйледи:

— Дағларны гезген дағшыман,
Қусымды салған аўшыман,
Жиберген бизди Бабахан,
Үйиңде жалғыз сиңлиңди,
Айттырып келген жаўшыман.
Бағлардан сайлап гүл терди,
Патша мәхрем деп билдирди,
Үйиңдеги жалғыз сиңлиңди,
Бабахан берсин деп жиберди.
Ойласам дүньяны ялғанды,
Айралық кимлер салғанды,
Арада жаўшы жүрмеклик,
Бизлерден емес, жан иним,
Бурынғылардан қалғанды.
Бизлер келген атқан оқ,
Арада жүрген елшиге,
Елшилер менен жаўшыға,
Бурыннан соңғы өлим жоқ.
Сенлер темир, мен көмир,
Еритмеге келгенмен,
Енеси өлген қуланның,
Кейнинде қалған қодығын,
Теллетпеге келгенмен,
Көзи ойнаған бек саўыт,
Сеплемеге келгенмен,
Еки мүсәпир ғәлимди,
Еплемеге келгенмен,
Ашылған бағда қызыл гүл,
Арада жүрген бизлер қул,
Хан жиберди, биз келдик,
Гәхи бергил, гә берме,
Ендигисин өзиң бил.

Сөйтип айлана берип қашады.

Сол ўақта қайсар Бозуғлан,
Мына сөзди еситип,
Ашыўы жаман келеди,
Бек саўытты кийгенше,
Бәнт-бәнтинен илгенше,
— Атты ертле қарағым, — деп,
Қарлығашқа буйырды,
Алтын ерди қушақлап,
Көзде жасы моншақлап,
Ат қасына барады,
Жаланашлап жел берди,
Дорбаны қағып жем берди,
Бетекеден белликлеп,
Ушығадан терликлеп,
Алтын ерди салады,
Алтын қаплы айылды,
Ат белине тағады,
Мөтирече суў қуйып,
Ер басына шалады,
Бийик таўлар келгенде,
Ери кейин кетер деп,
Қос сийдемет салады,
Сийдеметтиң бәнтине,
Ғуббалы алтын тағады,
Бийиктен төмен түскенде,
Ер алдына кетер деп,
Жуп қуйысқан салады,
Мине, аға, атың деп,
Қымбат баха затың деп,
Атын кесе тартады.

Әне, ат белине минди. Сол ўақларында Қарлығаш айым, жылай қалсам ер жолына кес болар деп, ишкериге кирип хаққына дуўа қылды.

Нашар сонда ах урды,
Жалғызын хаққа тапсырды,
Ат саўрына тилла қалқан жапсарды,
Минди бедеў белине,
Шықты майдан шөлине,

Ғазап етип түсти Бозуғлан,
Қырық кәлпениң кейнине.
Астындағы сары ала атқа,
Шүў деп қамшы урды,
Қамшы тийген шағында,

Батыр минген сары ала ат,
Ҳаўлығып жайды қос қанат,
Ҳаўлыққаны бедеўдиң,
Тер қыстаўы болады,
Қулаққа терлер алады,
Қуйрығын сыртқа салады,
Ғайы, ғайы, ғайы таўларға,
Ғарғадай қайып қонады,
Ҳа дегенде жәниўар,
Мезгиллик жоллар алады,
Бәлент таўға шыққанда,
Ташлап көзлер қарады,
Көриң бедеўдиң шабысын,
Жетип аллағаналысын,
Әйне сәске болғанда,
Еситеди Бозуғлан,
Қыйқыў салған таўларда,
Қәлпелердиң даўысын.
Дәлидей кеўли ташады,
Майданда қайнап йошады,
Әне-мине дегенше,
Барып аралашады.
Аты қуўып жеткенди,
Бес-бестен қойып шаншады,
Найза тийген жарадар қәлпе,
Дағларда ўайўайласады.
Минди бедеў, желдирди,
Қайсарлығын билдирди,
Жаңағы келген қәлпениң,
Биреўин қоймай өлтирди.

Мәрт Бозуғлан ер еди, есепли ердиң бири еди, ақшам табақ есабында қырық еди, есеплеп гелле қараса, бир гелле кем келеди. Ақшам табақ есабында қырық еди, биреўи қайда деп қараса, қашып баратырған Асан қәлпени көреди, қашса қутылмасын биледи. Асан қәлпе садағын мойнына алды, батырдан өз жанын саўғаға сорады.

— Саўғаға не аласаң? — деди Бозуғлан.

— Аман жаным қалса болар, — деди.

— Артық жериң болса ала берейин бе? — деди Бозуғлан.

— Әй, иним, артық жерим болса, айтпай-ақ ала берсеңо, — деди.

Алдына шықты.

— Жоқарысы көз, асты аўыз, ортасында мурның таўдың сеңгириндей сынынды бузып тур екен, — деди.

— Әй, иним, бизиң елде ушық та көп, пушық та көп, жалғыз жаным қалса болды, кесип ала бер, иним, — деди.

Мурнын айтпастан бурын-ақ кесип алды. Енди туў сыртына шықты.

— Қулағың көп сынынды бузып жүр екен, — деди.

— Бастан қулақ садақа, аўыртпай алағой, жан аға, — деди.

Айтып аўзын жыймастан қулағын да кесип алды. Басы шапқан гелтектей зиңилдеди де қалды.

Әне, Бозуғлан Асан қәлпени атынын жиби менен атының үстине байлап жолға салды. Бозуғлан Асан қәлпеден патшаға сәлем айтты:

— Жаслығымда алдым қолға қәләмды,
Айтып тарқатайын тәннен ҳалымды,
Бул ислерге ханыңның ары келмесин,
Айныған ханына айтқыл сәлемди.

Бул ислерге ханыңның ары келмесин,
Әскер тартып және келип жүрмесин,
Пухараның көп қанына қалмасын,
Енди маған тиймесин,
Маған қарап сиймесин,
Алжыған ғаррын және келип жүрмесин.

Сол ўақлары Асан қәлпе,
Урарына қолы жоқ,
Тепсинерге аяқ жоқ,
Асан минген хайўанат,
Жол бойында селеўди,
Шалып отлап барады,
Ашылған бағда лалаға,
Асан қалды бәлаға,
Әрманлық пенен келеди,
Бабахан салған қалаға.
Қалаға жақын келген соң,
Оңнан келди он ғарға,
Шептен келди бес ғарға,
Тумсығы узын зоң ғарға,
Қаладан келди қырық ғарға,
Көлден келди көк ғарға,
Ҳәкке менен мың ғарға,
Керилип тумсық урғанда,
Асан ўай-ўай салады.
Ҳәкке жаман жаў екен,
Шықылықлап турады,
Қан шыққан жерге қонады,
Бир шүңдикти урғанда,
Шаппаттай гөшин алады,
Муны көрген адамлар,
Жылқы баққан жылқыманлар,
Түйе баққан сәрўанлар,
Қойды баққан шопанлар,
Бул не деген бәле деп,
Қалаға қашып барады,

Қала камал болады,
Ес билгендей жигитлер,
Ғарғалықтан қарады,
Әўели атты таныды,
Соңынан Асан қәлпени таныды,
Патшаға алып барады.

Асан қәлпе барғаннан кейин баян етти болған ишти, Асан қәлпе дүньядан кешти. Патшаның ашыўы келип бул иске, «мениң кетик тобыма, сансыз көбиме дәдиман айтқандай қандай шер екен» деп, жети жасар баладан жетпис жасар ғаррыға шекем адам жыйнап, әскер әнжам қылды.

Ат шаптырды далаға,
Жар урдырды қалаға,
Қазатым бер деп Бабахан,
Қаўасат салды араға,
Мөтиреден суў салды,
Шақмақтан қуў алды,
Отыз гез қазы жон алды,
Сансыз әскер көп алды,
Ала байрам туў менен,
Баслап жортар ер менен,
Тайға минген қалмады,
Танаға минген қалмады,
Бул әскердиң көплигинен,
Есабы-саны болмады,
Екеў-ара жасаўыл,
Дараў-ара бекаўыл,
Жасаўыл қойып айдады.
Ол да атланды қаладан,
Бул да атланды қаладан,
Азат шығып қосылған,
Қул да атланды қаладан,
Жесир қатын, жетим ул,
Тул да атланды қаладан,
Хан атланды, ким қалды,
Мингер бедеўкар еди,
Ильяс жылаўдар еди,
Кенесгери патшаның,
Мүсәпир ғарры дер еди,
Шақырып алып Мүсәпир ғаррыдан,
Патша кенес сорады,
Мүсәпир ғарры патшаға,
Алдында турып арыз етти:
— Я, талаўға қойдым бүгин дүнья-мал,
Бир тассадық болсын меннен шийрин жан,
Мүсәпирмен, айтар сизге арзым бар,
Ешит арзым, тахт үстинде Бабахан.

Ашылмаған бәхәр таўдың лаласы,
Себил болар сендей ханның қаласы,
Жаў дегендей жаўды қаяқтан таптың,
Жаўлайтуғының өз журтыңның баласы.

Пухараңның жарпын сорсаң қыятты,
Дәўлетиңиз бәрше адамнан зиятты,
Пухарасын, өз перзентин жаўламақ,
Биле-билсең, ол өзине уятты.

Башқа түскен ялғаншының ғулментин,
Бенде болған көрер қуда қудиретин,
Жаў дегендей жаўды нийерден таптың,
Биле-билсең, ол өзиңнин перзентиң.

Әне, сол ўақтында Мүсәпир ғарры:

— Ара шөлде минсең бедеў белине,
Отлар салсаң сол баланың тәнине,
Алсаң нәсиятым мениң, Бабахан,
Ғазап етип атлан Көбикли дәўдиң елине.

Ашылмаған бәхәр бағда лаланы,
Басына сен салсаң түрли бәланы,
Алсаң мениң нәсиятым, Бабахан,
Дәўлерге буйырғыл жалғыз баланы.

Қазан урып бағының гүли солмай ма?
Әжел жетип пайманасы толмай ма?
Дәўлерге буйырсаң жалғыз баланы,
Көбиклиден бала шейит болмай ма?

— Әй баба, аз бенен бар, көп пенен бар, тилиңниң ағы бар, сол жүўермекти көмекке өзиң шақырып кел, — деди патша.

Әне, Мүсәпир ғарры бес жигитке бас болып, Бозуғланды излеп тағлардан қарай берди. Әне, қарап киятыр еди, сәске ўақтында сары ала атқа кийик қулан артып киятырған Бозуғланды көрди. Көк темирге ғарқ болған, бес жигитке бас болған Мүсәпир ғарры Бозуғланға қарсы соқты. Әне, бул ғаррының қартайған шағында көк темирге ғарқ болып киятырғанын Бозуғлан көрип, қатты ашыўы келди. Ашыўы келип, бабаға кейип сөйлеп тур:

— Атадан ул туўмас деппең қыялсыз,
Мен қалмаспан бул басыңа зыянсыз,
Қартайғанда көк темирге ғарқ болып,
Ара шөлден не излейсең, иймансыз?

Таланға қоярман дүнья-малыңды,
Тасаддық әйлермен шийрин жаныңды,
Аты-жөниң баян әйле бизлерге,
Тәниңнен төкермен қызыл қаныңды.

Қазан урған бағда ашылған гүлиңди,
Мәгар адаштың ба жүрген жолыңды,
Бизге баян әйле шыққан елиңди,
Егленсең аларман тәнде жаныңды.

Пирге дәхил болып сәлле орарсаң,
Қартайыпсаң, не мүшкилге жарарсаң,
Қартайғанда көк темирге ғарқ болып,
Айт, алжыған, қай жерлерге барарсаң?

Атланыпсаң бийик қумның сағында,
Бүлбиллер сайрасар жәннет бағында,
Әрман менен дағыстанда, жан бабам,
Не излейсең әйне өлер шағында?

Баба қорқты, жалынды балаға, өтирик сөйлеп, баланы алдап, қызыл тилин жалдап, зар еңиреп жылап, не деп тур екен толғап:

— Ақ жүзиңе хәм жарасқан тулымың,
Көрдик, балам, душпанлардың зулымын,
Шөлди таппай жүрген бабаң айналсын,
Абай етпе, қайсар турған қулыным.

Бетер болды күнме-күннен бул дәртим,
Душпан жапа салып артты мийнетим,
Шөлде таппай жүрген бабаң тасаддық,
Аманбедин, журт ийеси перзентим.

Я тауларға түсти бүгин дүнья-мал,
Бир тасаддық болсын сеннен ширин жан,
Шөлде таппай жүрген бабаң тасаддық,
Аманбедин, қайсар туўған Бозуғлан.

Қазан урып бағда гүлим солып тур,
Қуўанған кеўлиме ғамлар толып тур,
Бизиң елди Көбикли дәў алып тур,
Күн тиймеген хәрбир байдың қызлары,
Ғәнимлерге тири олжа болып тур.

Бедеў минген ара шөлде желмей ме?
Арлы жигит намыс пенен өлмей ме?
Елатыңды душпан олжа қылғанда,
Бул ислерге, балам, арың келмей ме?

Узақта жоллар бар мәнзилден жырақ,
Елатың кетти душманның қолында жылап,
Душпанлардан, балам, арың алмасаң,
Киймешекли хаял сеннен жақсырақ.

Мәрт болған нәмәртке сырын айтар ма?
Мәрт болғанлар жаўдан қорқып қайтар ма?
Елатыңды душман олжа қылғанда,
Сендей қайсар дағ ишинде жатар ма?

Әне, батыр аңқаў, ер надан, ялған сөзге иланды қайсар туўған Бозуғлан. Бармағын тислеп, басын шайқап, көңли бузылып, баўыры эзилип, көзиниң жасы маржандай төгилип, бабаның сөзине инанып:

— Бизиң елди Көбикли дәў алған болса, елатым душпанға олжа болған болса, еңкейген ғаррылардың, еңбеклеген жаслардың не халы кешеди екен, баба. Әй, баба, көктен танабы жоқ, жерден сүйеўи жоқ жалғыз қарындасым бар еди, рухсат алып бараман, кете бер, — деди. Әне, баба қайтты сол жерде.

Әне, Бозуғлан кийик-қуланың артып үйине келди. Әне, үйине келип, қарындасы майданға шықты. Әне, кийик-қуланды байлаған қанжығаға шешиўге асығып пышақты салды Бозуғлан, қыйып-қыйып ташлады.

— Ал, қарындасым, бизиң елди Көбикли дәў алған екен, елатым душпанға олжа болған екен, — деди. — Мүсәпир ғарры атам хабар берди, — деди. — Әне, елатым душпанлардың қолында бенде болып кеткен екен, Бабахан патша соған шақырған екен, мен соған бараман, хош аман бол, қарындасым, — деди. Аттың басын бура берди, қыз бармағын тислеп, басын шайқап, ағасының ладанлығына жылап, әне, қыз толғап тур екен:

— Атлар шаўған бәлент жоллар пәс болсын,
Бул дүньяда дурыс тилегим дус болсын,
Батыр аңқаў, ер бир ладан болмасаң,
Әжел душпан, қорықпай неге дос болсын.

Мәрт болғанлар белге кәмар буўар ма?
Батыр аңқаў, ер бир ладан бола ма?
Батыр аңқаў, ер бир ладан болмасаң,
Әжел душпан, қорықпай дос бола ма.

Бәхәр күни шайлап бағдан гүл терди,
Хан жақында душпанлығын билдирди,
Залым ханың сениң менен дос болса,
Қырық кәлпесин неге бизге жиберди?

Аскар таўдаймекен, аға, жүрегиң,
Қос найзаға палўан питкен билегиң,
Сен кеткенде қазам жетип мен өлсем,
Бул дағларда көмиўсиз қалар сүйегим.

Ат шабасаң бәлент таўдың пәсине,
Кимлер рәҳим әйлер көзде яшыма,
Сен кеткенде қазам жетип мен өлсем,
Ғарға-қузғын қонбайма, аға, лашыма?

Кемлик пенен сия шашым өрейин,
Ҳақтың салған саўдасына көнейин,
Мени алып бар залым ханның халқына,
Залым ханның дос болғанын билейин.

Залым ханың сениң менен дос болса,
Сол қаладан саған жуўап берейин.
Минген жүйрик тойдан тойға шабылар,
Жаўға тийген батыр қалқан жамылар,
Залым ханың сениң менен дос болса,
Сен келгенше сол қаладан бизге ғамхор табылар.

Әне, Бозуғлан сары ала атқа карындасын мингестирип, Бабаханның халқына келди. Атам деген, ботам деген адам жоқ, халықтың абат болып турғанын көрди. Неғып жүрген адамсаң, қайдан жүрген адамсаң, қайда барасаң, қайдан келдиң, деген адам болмады. Әне, Бозуғлан хешким сорамаған соң қорғанына қайтты.

Әне, киятыр еди, алдынан уллы сарай шықты.

— Бул сарай кимнин сарайы? — деди Бозуғлан.

— Шийхы әмели деген Шийыхтын жайы, — деди сораған адамы.

Жас жигитлик етмейин, хатаға кетмейин, Шийыхты зиярατсыз өтмейин деди. Ишкери кирди Шийхы әмели Шийыхты көрди, сәлем берди, қолынан алды.

— Ата, арзым бар, — деди.

— Не арзың бар, балам, — деди.

— Көктен танабы жоқ, жерден сүйсүи жоқ бир карындасым бар еди, мен Бабаханның урысына ўәде берип едим, мен соннан келгенше аманат сақлап турасыз ба? — деди.

— Қайсы журтқа балам? — деди.

— Көбикли дәўдин халқына кетемен, — деди.

— Балам, карындасың неше яшына келген? —деди.

— Он бир яшына келген, — деди.

— Бай-бай, балам, бәлағатқа жетип қалған екен ғой, — деди. — Көбикли дәўдиң журты узақ, мәканы жырақ, аманатты аман сақламақ бизге де қыйынырақ. Буннан көре болса яшырақ, елтилердиң қасында бола берер еди. Еле ҳәм болса, балам, со ана шетки өжирег барсаң, ортадан аўызды ойсаң, алты айға болғанша азықты жыйсаң, карындасыңды ишине салсаң, аўызына меккем қулыпты урсаң, сыртынан хабардар болып турар едим, балам, — деди.

— Талапкер бармысаң? — деди Бозуғлан аўыз қаздырыўға.

Әне, ортадан аўыз ойдырды, алты айға болғанша ишине азықты жыйдырды. Карындасын ишине салды, аўзына меккем етип қулыпты урды, бала атының башыны бурап кетпекши болды, қыз жылап, қапының аўзына келди.

— Бүлбилдиң мәканы қызыл гүлмеди, хәр сәхәр сайраған түрли тилмеди, уядашым, жан аға, уядашлықта үмитим сеннен солмеди, —деди. — Әй, аға, өзиңнин салған сарайында бир акшам мийман бол, — деди. — Акшамы менен атыңды гездиртейин, — деди.

Әне, Бозуғлан сарайында бир акшам мийман болды. Әне, атты минип қыз суўына тийди. Суўына тийип гездирди. Сәхәрдиң шағы еди, ат үстинде қалғып түс көрди, көрген түсинен сескенди. Әне, көрген түсиниң тәкбирин айтып, қыз зар-зар нәўпири жылап тур екен:

— Зәрли кәмар ярашқанды белиңе,
Айралықтың тыйығы тийди тәниме,
Бүгин сәхәр ўақта бийжай түс көрдим,
Нашар деп сен инанбассаң тилиме.

Келмей думан бул башыма жаўды қар,
Нашарлықтан зәрре кеўлим бийқарар,
Ийшан дедиң, сен тапсырдың, жан аға,
Ийшаныңнан, бул атаңнан қәўпим бар.

Ат шабарсаң бәлент таўдың пәсине,
Сен кеткенсоң аклар түсер шашыма,
Ийшан дедиң, сен тапсырдың, жан аға,
Ақырсында ийшан жетер басыма.

Узақта жоллар бар мезгилден жырақ,
Сен кетсең қалармыз, аға, зар жылап,
Тири таслап бул ийшанға кеткеннен,
Өз қолыңнан шаўып кетсең жақсырақ.

Кеше-күндиз мен жыладым ах урып,
Сен кетерсең бедеў атқа қамшы урып,
Ийшан дедиң, сен тапсырдың жан аға,
Жаман кеттиң бул ийшанға тапсырып.

Әне, Бозуғлан карындасының сөзин еситип, көңли бузылып, баўыры езилип, карындасына карап тәселле берип сөйледи:

— Ашылмаған бәхәр бағда бир гүлим,
Саған келген душпанға келсин сум өлим,
Сен жыласаң арыслан күшим бөлинер,
Жылай берме, мехрибаным, мұңлығым.

Жылай берме қарап жолдың түзине,
Көп жыласаң түсер сепкил жүзиңе,
Жалғыздың панасы халық еткен алла,
Тарықсаң сыйынғыл хақтың өзине.

Алма жүзли наз бедеўлер сүзилер,
Өлмегенлер ақыр бир күн көрисер,
Жылай берме, мехрибаным, муңласым,
Сен жыласаң, бүтин баўырым езилер.

Жаслықтан үйрендим илим-әдепти,
Сен жыласаң тәңде бағрым кәбапты,
Жылай берсең ер жолыма кес болар,
Жыламайын муңлығым бер жуўапты.

Әне, қыз ағасына жолдың паянын айтты:

— Бул кеткеннен, жаным аға, кетерсең,
Үш күн жүрсең Әўлийе тауға жетерсен,
Нәсиятым бул ядында сақласаң,
Сол жақларды бир ақшам зиярат етерсең.

Шапқанда бедеўдиң шыққан жерлери,
Сениңдей ялғыздың кәмбил пирлери,
Әўлийе тауды бир ақшам зиярат әйле,
Шилтенлердиң шарап ишкен жерлери.

Оннан шығып, жаным аға, кеткенде,
Жүрип қырық күн Ақдәрьяға жеткенде,
Нәсиятым бул ядында сакласаң,
Не көрсең әйне қырық күн ишинде.

Бир ғош жигит көрдим Рустем сыпатлы,
Көзиме көринди арыслан айбатлы,
Намаз ўақта барсаң сай жол үстине,
Күн тыйық тарқанша турғыл со йерде.
Шаң тийинен келер жекке боз атлы,

Алла талан салды дүнья-малыма,
Мен қарайдым тәнде қызыл қаныма,
Намаз ўақта барсаң сай жол жанына,
Хабардар бол боз атлының ҳалына.

Шапсаң бедеўди тағдың басына,
Аллам рәхим еткей көзде жасына,
Намаз ўақта барсаң сай жол қасына,
Күн тыйық тартқанша турғыл со йерде,
Өтип кетип ақ ендирме шашына.

Талап етип, аға, миндиң сары ала атқа,
Кетемен деп мине бердиң ғайратқа,
Шаң тийинен келген жекке боз атлы,
Дослық етсе сол жеткерер муратқа.

Мен жылайман айралыққа зар-зар,
Ғамхорсыз нашарман, көўлим бийқарар,
Иншалла, ол жұрттан аман келесең,
Уядашым, бердим жуўап, аллияр.

Тақты маржан сәдепти,
Ҳәсиретте бағрым кәбапты,
Уядашы Қарлығаштан,
Алды бала жаўапты.
Муңлықтан жуўап алады,
Атын жолға салады,
Қула майдан шөллерде,
Шаўып атын барады.
Әўлийе тауға келеди,
Бала қыял қылады,
Мәртликке беллер байлады,
Уядашымның айтқан жери деп,
Әўлийе тауды бир ақшам зиярат әйледи.
Оннан шығып жол жүрди,
Сарғаяды, күн жүрди,
Салқын менен өндирди,
Әйне қырық күн жол жүрди,
Шомылды бедеў терлерге,
Сыйынды улық пирлерге,
Арадан қырық күн өткенде,
Келди қайсар Бозуғлан,
Уядашы ол айтқан,
Сай жол деген көллерге.

Әне, Бозуғлан күн тыйық тартқан ўақытта сай жолдың басына келди. Ҳәр тәрепке көз тутып турды, ҳәр тәрепке көз тутып турса,

Атлар шапқан бөлент дағдың пәстине,
Қайыл қалың халық еткен ишине,
Дағлар гүмбирлесип, жер саза берди,
Дағ ишинде бир бедеўдиң,
Тақларда дойнақ урған сесине.
Сол шаң шықты,
Шаңның астына қараса,
Бир жигит көринди,
Арыслан айбатлы,
Көзине көринди,
Рустем сымбатлы,
Көзлер тутып турса қайсар Бозуғлан,
Шаң тийинен,
Келди жекке боз атлы.
Мәрт Бозуғлан ер еди,
Боз атлыны узақтан сынап көреди,
Қарсы алдынан сынайды,
Қаплан ерге мегзейди,
Туў сыртынан сыйнайды,
Туўған ерге мегзейди,
Қарсы алдынан қараса,
Қас батырдың сусы бар,
Оң ийninен сынаса,
Қырқ палўанның күши бар,
Жаў-жараққа қараса,
Испиханлы сары жай,
Садақтың ағзы шапшақтай,
Садаққа салған оқлары,
Алмастан кескир пышақтай,
Жаўырынлары қақпақтай,
Кекили бар тоқпақтай,
Қас пенен көздиң арасы,
Жаман қарда мергенлер,
Жарып салған соқпақтай.

Сол киятырған батырдың салтанатын өзинен зият көрди. Зиятырақ көрип, қорыққан бурын жалбырақлар деген, Бозуғлан абай етип бул сөйледи. Әне, боз атлыға қарап, қаяқтан киятырсаң деп, бала не деп турған қусайды:

— Хаўа жаўып, айдын көллер сел болсын,
Қула берип, аз дәўлетиң мол болсын,
Қайсы елден қайсы журтқа барасаң?
Бала, баян әйле, саған жол болсын.

Бәхәр күни бағдан гүллер термеген,
Аш бүргедей етек-жеңин сермеген,
Қайсы елден, қайсы журтқа барасаң,
Не қарасаң өмириң туўып көрмеген?

Таза ашылған бәҳәр бағдың гүлисең,
Диниң бархақ, ан ҳәзиретиниң динисең,
Қайсы елден, қайсы журтқа барасаң,
Бала, баян әйле, кимниң улысаң?

Мен билмеймен сениң ҳаслы-затыңды,
Оқып көрсем пешенеңде хатыңды,
Ким де болсаң, сен халыңнан бер хабар,
Бизге баян әйле ҳаслы-затыңды,
Ким де болсаң, айтқыл бизге атыңды.

Қаршығам ғаз илмес айдын көлинен,
Қашқан билен қутылмассаң қолымнан,
Аттан түс те, қолыңды өзиң байлай бер,
Мың бир атлы хабар келди өлимнен.

Таланда қоярман дүнья малыңды,
Саўғатқа бермеспен шийрин жаныңды,
Аттан түс те, қолыңды өзиң байлай бер,
Еглесең аларман сениң жаныңды.

Сол ўақытта боз атлы сөйледи:

— Он төртимде нардай толған күшимди,
Абай менен солдырмассаң түсимди,
Қорқар дейип абай етме бег жигит,
Жаңа таптың абай етер кисиңди.

Соналар ғарқ болур шәшме көлинде,
Хәрким султан болур туўған елинде
Қорқар дейип абай етме, бег жигит,
Қорқар балаң атасының белинде.

Кийип саўыт, әрман билен шайлаған,
Ҳақ әмирине шекип беллер байлаған,
Динимиз мусылман, ҳаслымыз ноғай,
Қыяметлик Бозуғланның достыман,
Бизиң еллер Ақдәрьяны жайлаған.

Алтыннан илмели ханның тонлары,
Қылдан ҳәм жиңишке ашық жоллары,
Көрсең, билсең Бозуғланнан хабар бер,
Қайда болур жан достымның еллери?

Сол ўақлары Бозуғлан айтып атыр боз атлыға:

— Несип айдап бу йерлерде дус болдың,
Ялғаншыда бир-биреўге ес болдың,
Ялған гәпти себеп не айттың боз йигит,
Бозуғлан менен қайда йурип дос болдың?

— Бозуғлан менен дос болғанымды айтайын. Бозуғланның әкесин Дәрўишбай дейди екен, бизиң әкемизди Токмағыт дейди екен, екеўиниң ҳәм перзенти жоқ екен. Дүнья-малларын тасаддық етип, бир перзенттиң дағынан қәлендер болып кеткен екен. Әне, алла-таалаға налып жүргенде көзиниң жасын қабыл етип, бизиң атамызға бир ул берген екен. Бозуғланның әкесине бир ул, бир қыз берген екен. Яне түсинде айтқан екен, балларын жети жасына келгенде аманатты аламан деген екен. Жети жасыма келгенде атам өлди, енем ҳәм өлди. Маған атам өлмесинен бурын нәсият қылды, — деди. — Биз Бабахан журтының адам едик, балам, — деди. Әне, пәлек айланып деди, теңиз шайпалып деди, әне, бул журтқа келдик, — деди. Сол Бабахан журтында Бозуғлан деген достың бар, балам, — деди. Сол Бозуғланды таўып алсаң, әкеси менен дос едим. Сол бала менен дос болмасаң разы емеспен,-деп еди атам, — деди. Сол достымды излеп Бабаханның халқына жетти мәртебе бардым, — деди. Хеш дәрегин таппадым, — деди. Бүгин сәҳәр ўақта түс көрдим, — деди. Достың Бозуғланды күн тыйық тартқан ўақытта сай жол үстинде көресең, — деди. Егер сай жол үстинде көре алмасаң, қыяметте көрисесең, — деди. Достыңды еглеме, жолдан қалмасын, душпаның еглеме, сырың алмасын, — деди. Жол берсең, үстиңнен өтер едим, — деди. Достым Бозуғланды излеп кетер едим, — деди. Көрген түсиниң тәдбири өтип баратыр, — деди.

Сол ўақытта Бозуғлан аттан өзин жерге таслап жиберди. Ерсултан ҳәм келип үстине таслады. Қуданы ораға салды. Қылышты ортаға шанышты, қушақласып көристи, қыяметлик екеўи дос болды. Ал, боз атлы жол болсын сорады. Әне, Бозуғлан:

— Көбикли дәўдиң журтына Бабаханға көмек бериўге бараман, — деди.

Ерсултан айтты:

— Мен ҳәм сол жолдан өтетуғын едим, көпке илаж еталмай кететуғын едим. Ер егиз дөрер деген, мийнетли жалғыз дөрер деген, аллатаала сениң менен бизди егиз дөретипти. Әне, биз ҳәм саған жолдас, көмекшимиз, — деди.

Жас сорасты. Ерсултан Бозуғланнан көре зәрре сумырақ еди, жумсамаға қолайлырақ болсын деп, он бестемен деди, Бозуғлан он төртгемен деди. Әне, булар жолға кирди, жолға киргенсон:

— Мундай майдан табылмас, ат шабысып көрейик, бедеўдиң жалын өрейик, әрмансыз дәўран сүрейик, ат ярышсаң, кел иним, ярышып атты көрейик, — деди.

—Атларды шапсаң түз менен,
Телмирип шала көз менен,
Ат ярышсаң, кел иним,
Ярышың бар ма биз менен.

Атларға тумар тағылмас,
Мәрт болмай дәбил кағылмас,
Ат табылар жигитке,
Мунындай майдан табылмас.

Ашылған бағларда гүлим,
Бағымда шәмен бүлбилим,
Кел ярышсаң, жан иним.
Қатарлы бағларда нәрўан,
Ойласаң дүнья ялға-ан,
Ат ярышсаң, кел иним,
Қайсар туўған Бозуғлан.

Долы кеўли ташады,
Майданда қайнап йошады,
Бозуғландай баланы,
Айлана берип қашады.
Еки тулпар жарысты,
Табан жолға тарысты,
Зәнгиге зәнги қағысты,
Зәнгиден шыққан отларға,
Ғаўданлы көллер алысты.
Биринен-бири өтпейди,
Үзип ташлап кетпейди,
Таласып жолға бедеўлер,
Бермейди қолдан намысты.
Үш күнниң жүзи толғанда,
Ерсултан минген ол Боз ат,
Полаттан дойнақ қызады,
Жибер деп суўлық созады,
Ат қызғанын биледи,
Ат жылаўын төгеди,
Ғайып болып жөнеди.
Алдында кеткен достының,
Кеткенин қайда билмеди,
Я қарасын көрмеди,
Астындағы сары ала атқа,
Хаўлығып қамшы сермеди,
Қамшы тийген шағында,
Батыр минген сары ала ат,
Хаўлығып жайды қос қанат,
Хаўлыққаны бедеўдиң,
Тер қыстаўы болады,
Қулаққа терлер алады,
Қуйрығын сыртқа салады,
Ғайы, ғайы тағларда,
Ғарғадай қайып қонады,
Алдына серлеп қарады,
Қайда кетти достым деп,
Гә қарасын көрмейди,
Қумлардан изин алады,

Гәҳи шөлде мәсканы,
Гәҳи көлде мәсканы,
Қыял етти Бозуғлан.
Сары ала атқа жуптан,
Қамшыны мен урсам,
Ақ булытты мәканы деп,
Сарыбас қуўдай сарқыды,
Қуба үйректей қалқыды,
Аншелли бедеў жуўырды,
Жер танабын қуўырды,
Дойнақтан шаңды суўырды,
Қуўдай мойнын созады,
Ушқан қустан озады,
Туяғы тийген қара тас,
Төрт тәрре болып тозады
Узын жылға, терен сай,
Жүз тоқсанлық жорғадай,
Толықсып аққан дәрьядай,
Аншелли бедеў жүгирди,
Көриң бедеўдиң шабысын,
Аллаға еткен налысын,
Әйне пешин болғанда,
Еситеди достының тағларда,
«Алла» салған даўысын.
Ести даўыл оңынан,
Әйне песин болғанда,
Қуўып жетти соңынан,
Ашыў етти сары ала ат,
Ерсултан минген боз аттың,
Аўыз салды қоңынан.
Дәли көңли ташады,
Бала қайнап йошады,
Кейиниңнен жаў жетсе,
Қылатуғын иши мынаў деп,
Ерсултан атлы досының,
Саўытын түйнеп шаншады,
Ол етине тийдирмей.
Шул ўақлары Ерсултанның,
Ашыўы жаман келеди,
Ат үстинен бүркиттей,
Пәнже енди урады,
Көтерип аттан алады,
Я алдынан келтирди,
Гә артына миндирди,
Сол ўақлары болғанда,
Бозуғландай баланың,
Ашыўы жаман келеди.
Жумылды еки көзлери,
Қубарып ақша жүзлери,
— Палўанлық сеннен өзгеде,
Йоқпа енди, аға, — деп,
Кәмарынан бек тутты,
Ат үстинен көтерди,
Гә атына миндирди,
Гә алдына келтирди,
Гә аўдарып ол алса,
Гә аўдарып бул алды.

Ендиги сөзди патша Бабаханнан еситиң. Бабахан әскери менен Көбикли дәўдиң журтына келди. Қаракөл деген жерде Көбиклиниң мал бағып жүрген шопанлары, қуллары бар еди. Бирсеўин тутып алып қулағын кести, мурнын ҳәм кести, сөйтип қолына хат берди. — Әне, бизиң нәслимиз ноғай, патшамыз Бабахан. Ертең сәске ўақтында урыс майданына шықсын, урыспаға қорықса, халқын жиберсин, — деди. Сөйтип қолына хат берип, Көбиклиге бер деп, баяғы қулағын кескен қулды жиберди. Әне, адам қулақтан, мурыннан айырылса әбеший болады екен. Көбикли көрип шоршып кетти. Сол ўақта хатты қолына берди. — Қаракөл деген жерде жатқан көп бир хызметкериңиз едик, шөпте-шарда есап бар, әскерде есап жоқ, көп бир әскер келди, патшам, — деди. — Әжелли өлди, мийнетли бүлди, усы хатты маған берди. Ертең күн тыйық тартпай, әскери менен әнжам болсын Көбикли дәў деп, хат та берди, — деди

Әне, ертенине сәскеде қаладан әскерлер пайтақ-пайтақ, шанжақ-жанжақ, шоқ-шоқ болып шыға берди. Әне, еки жақ сап тартты.

Келди әскер дәсте-дәсте,
Жасаў шекти бәлент-пәсте,
Атылып мылтық шәпиресте,
Күн тутылды, думан болды,
Топаланнан жаман болды,
Гуя ақыр заман болды.
Ноғайда батыр көп еди,
Бир нешшесин қыйратты,
Әскерлерин жаўратты,
Тайынбай қылды ғайратты,
Қарағай найза табалды,
Айралық оты жаманды,
Басқы тапты гәнимлер,
Бийик таўларға қамалды.
Сол ўақлары Көбикли,
Әскеринен муншелли,
Қырылғанын көреди,
Сапта турған ноғайды,
Бир шоқмарды урғанда,
Бир нешшесин қулатты,
Бедеў минип желдирди,
Сол ўақлары Көбикли,
Қайсарлығын билдирди,
Сапта турған ноғайдың,
Бир нешшесин өлтирди.
Шаппай қылыш табалды,
Айралық оты жаманды,
Көрди ақырзаманды,
Қашып барып ноғайлы,
Бийик таўға қамалды.
Бир сынар шертти Көбикли,
Әскерлери кейин қайтты,
Қашқан жаўды қуўмаслық,
Көбиклиден қалғанды,
Еки жақтың адамы,
Өликлерин жыйнады.

Есап етип қараса, Бабаханның әскеринен бес жүз палўанының басы кесилген екен. Бабахан Мүсәпир ғаррыны шақырып алды.

— Әй, Мүсәпир ғарры, Көбикли деген көрейин деген дәўим емес еди, урысайын деген жаўым емес еди, еситиўим бар еди, атқанның оғы өтпейди, шапқанның қылышы кеспейди, айқасқанның күши жетпейди деп. Ертең усындай урыс болса, аламанның аман қалыўы гүман. Баяғы батырың қайда сениң? Ертең урыс ўақтынан бурын тапсаң тапқаның, егер таппасаң геллеңди кесемен, баба, — деди.

Баба айтты:

— Әй, тақсыр, өлтирсең өлтиресең дә, сеннен аяйтуғын жанымыз жоқ, ер тойғандай малымыз жоқ. Бозуғлан еле де елге келген шығар, әскердиң бир шетинде жүрген шығар, патша тарыққан ўақта бир шетинен тийейин деп бойын бәнелеп турған шығар. Еки сөйлеген ер хеш дәртине жарамас, еле де Бозуғлан келген шығар, әскер арасынан сорастырсаң, қарастырсаң, еле де бар болса, шығар, тақсыр, — деди.

Әскердиң арасын қарап келиўге бес жигит жиберди патша. Ол жигитлер излеп жүрип Бозуғланды тауып келди. Барып патшаға айтты. Патша бес жигит жиберди, келмеди. Он жигит жиберди, келмеди. Он бес жигит жиберди, сол ўақтында Ерсултан:

— Қой, болмас, патша тарыққан екен, барайық, ақ пәтиясын алайық, — деди.

Әне, екеўи келди патшаның алдына. Бул екеўи патшаға арыз қылды.

— Биз екеўмиз дәўге де, жаўға да шығамыз, аламанлар жата берсин, — деди.

Әне, патшадан жуўап алып бул екеўи шықты. Бул екеўи киятыр еди, Көбикли дәў де әскери менен қарсы алдынан келе берди. Әне, ол дәўди көрип Ерсултан, «әне дәў, әне жаў» десем бурын урыс көрмеген жас бала, қорқып кетер деп, ерлигин, шерлигин, қорқақлығын билсем деп, сынасам, қамыстай қалтырап, жарпақтай титиреп, дәўине де, жаўына да өзим шықсам деди, сөйтип Бозуғланды сынады:

— Атлар шаптың қула майдан таўларда,
Иним, шүкир әйлейгөр гелле саўларда,
Бул душманды пайласалы еккимиз,
Көриппедиң Көбиклидей дәўлерди?

Сениң өзиң он төрт яшар баласаң,
Ладанлықтан ҳәр гәп айтсам нанасаң,
Көп те болса, ғәним болсын бир төбе,
Аз да болса, тәнҳа дәүлер бир төбе,
Кел пайлассаң, қайсын, иним, аласаң.

Ашылар ма бәҳәр бағда бир гүлиң,
Аға деп сайранар сөйлесе тилиң,
Көп те болса ғәним болсын бир төбе,
Аз да болса тәнҳа дәүлер бир төбе,
Кел пайлассаң, қайсар туўған жан иним.

Әне, Бозуғлан ағасының сынағанын билди.
Ағасының сынағанын биледи,
Ағасына енди сөйлей береди:

— Кеше-күндиз ҳақтан мәдат тилегим,
Әўлийе көргендей жатып түнедим,
Өзинди мәрт, мени нәмәрт билдиң бе,
Жаным аға, мунша неге сынадың?

Қол қаўсырып, аға, қылсам хызметти,
Айтқан гәпиң тәнде жанға миннетти,
Яшың уллы, қәлегениң ал, аға,
Яшуллыны сыйламақлық сүннетти.

Атлар шапқан бәлент таўлар пәс болар,
Бул дүньяда дурыс тилегим дус болар,
Жасың уллы, қәлегениң сен ал, аға,
Бизлер алсақ бул сапарға кес болар.

Бәҳәр болмай бағдан гүллер тер дейди,
Жаным аға, тамашамды көр дейди,
Көп те болса ғәним өзиң ал дейди,
Аз да болса дәўди маған бер дейди.

Сол ўақта Ерсултан ах урды. Душманың зор еди деп, қол көтерип Бозуғланды әўел пирге тапсырды.

Саўыт киийип әрман билен шайлады,
Ғазап етип душманның қолын байлады,
Бар кете бер, жолың болсын иним деп,
Қол көтерип ҳаққына дуўа әйледи.

Ендиги сөзди Бозуғланнан еситиң. Ағасына өшлесип дәўди алса да, дәўге жақынлап, кеселеп жорта-жорта, дәўдиң айбатынан қорқа-қорқа алдына жақын барды. Қараса, дәўдиң қәдди минардай, қолы шынардай, геллеси гүмбези даўардай, қашпақты ар көрди. Қос найзаға сүйенип, ер таламанын қурып, аллаға тәўекел етип турды. Сол ўақларында Көбикли дәў алдында қаўырсыны қайпаған, балақ жүни өспеген, аўзының сарысы кетпеген он төрт яшар баланы көрди. Әне, Көбикли дәў балаға қарап сөйледи:

— Қайсы бағдың гүлисең,
Қай шәменниң бүлбилисең,
Атыңды айтта, жөниңди айт,
Сөйле не елли боласаң?
Сеннен маған душман болмас,
Пилге пешше жаў болмас,
Сени өлтирген мәп болмас,
Сени адам демеймен,
Бәлки көзге илмеймен,
Өлимиңди байғус-аў,
Қара шыбынша көрмеймен,
Қол қаўсырып кел деймен,
Келип бойың ий деймен,
Отыз бегим, қырық төрем бар,
Ортасында жас бала,
Арақ шарап сен бер де,
Кеседар болып жүр деймен.

Сонда бала сөйледи:

— Олай деме, өйдеме,
Намақул гәпти сөйлеме,
Бағ ишинде қызыл гүл,
Сөйлер шешен шайыр тил,
Муншама лапты урасаң,
Не боларың билерсең,
Қара таў қайдан жол берсин,
Қарлар борап турған соң,
Атасын сорап нетесең,
Ердиң өзи турған соң,
Мен-мендурман, мендурман,
Мен де өзиңдей ердурман.
Достымның отын жандырма,
Душманым отын сөндирме,
Қарағай найза өңгерген,
Өзин көпке теңгерген,
Тәжжал балаң мен дейди.
Лапыра берме бадайбат,
Әмелиңе мукит бол,
Ҳийлең болса қыл деймен.

— Әжеп болар бала деп,
Болмағай исиң шала деп,
Бир аманат беремен,
Аңламай қалдым демейсен,
Билмей қалдым демейсең.
Жайын қолға алады,
Кепше машақ оқ алды,
Орай гезге шалады,
Бәлентте турған бәдайбат,
Пәстеги турған баланды,
Әдил байлап жүрегин,
Шыжғанды еки билегин,
Алтын ердиң басы деп,
Жүрегиңниң тусы деп,
Жан шығарың усы деп,

Кериле берип жай тартты.
Оқ кейнинен сес берди,
Мәртлигинди билейин,
Тайынбай турған бала деп,
Шарлап оқлар келгенде,
Оққа калкан услады,
Дәўлер атқан селки оқты,
Бала кармап услады,
Аманатын мине деп,
Өзине қайтып атады.
Дәў ашыўы келеди,
Келип найза урады,
Тоғыз кат кыяқ саўыттын,
Тийди сонда пайдасы,
Қармақ болып кайысты,
Дәўдин урған найзасы.
Сол ўақлары Көбикли,
Амутын алып қолына,
Мениң атым Көбикли палўан,
Аламда жоқ мендей султан,
Бир амут ураман,
Болсаң жерде жексан,
Тәнинде болса он мың жан,
Биреўин коймайман аман.
Тийине қәлбир тут деди,
Тут қәлбирди тийине,
Атан-енең бар болса,
Елеп тапса сүйегиң,
Тотия кылсын көзине.
Шокмарын таўлап қолға алады,
Таўлап гүрси келеди,
Кайсар туўған Бозуғлан,
Төбеге көтерди калкан,
Урды гүрси пәраўан,
Я калканнан шыққан от,
Я гүрсиден шыққан от,
Тымсал шақпақ шаққандай,
Астындағы сары ала ат,
Ат шашбаўдан ғарқ болды,
Тымсалы қазық қаққандай,
Төбеге тутқан калқандай,
Төрт жүйеси сөгилди,
Ғаўлап жылқы төгилди,
Дәў зарына шыдамай,
Аўып аттан жығылды.
Дәў ғағырлап күледи:
— Болғаның ба ноғайлы,
Бир таяққа шыдамай,
Өлгениң бе ноғайым.
Дәў сырымды алар деп,
Кәдимн тиклеп турады,
Минген бедеўкәр еди,
Ильяс жылаўдар еди,
Үш нәўбет өтти дәўлерден,
Балаға нәўбет қарады,
Испиханлы сары жай,
Садаққа салған оқлары,
Алмастан кескир пышақтай,
Таза пәрли оғынан,
Екеўин алды суўырып,
Бир оғын ләбине камды,
Бир оғын гириске илдирди,
Оқты гезге толтырды,
Бийе саўым ол турды,
Қалмақы ердиң басы деп,
Журегиниң тусы деп,
Жан шығарың усы деп,
Керилип жайды тартады,
Керилип жайды тартқанда,
Жайдың басын ийеди,
Өтпесе де сары жай,
Бир-бирине тийеди,
Асмандағы сары ала ат,
Шашаған жерге келеди,
Кериле берип жай тартты,
Гиристен шығып оқ кетти,
Аткан топтай гүрп етти,
Көбикли дәўге оқ жетти,
Әйне таўға тийгендей,
Жокса тасқа тийгендей,
Оқ серпилип кейин қайтты.
Қарағай найза калтырап,
Тобылғысы жалтырап,
Көбиклидей дәўлерге,
Урды найза аллалап,
Минди бедеў, желдирди,
Кайсарлығын билдирди,
Көбиклидей дәўлерди,
Бөктергиге миндирди,
Ер күшине шыдамай,
Ак найзасын сындырды,
Қынапқа салса қылт еткен,
Суўырып алса жылт еткен,
Ташқа салса таш кескен,
Қарқаралы баш кескен,
Пири берген ақ алмас,
Тағып жайға гиристи,
Алла оңғарсын хәр исти,
Қынабынан суўырды,
Бала алмас қылышты.
Бир мәртебе зарп урды,
Тасларды кескен ақ алмас,
Жапырылып қайта береди,
Көбикли дәўге өтпеди.
Хайбат қайтты, жан татлы,
Жағадан барып қол қатты,
Көбиклидей дәўлердиң,
Кәмарынан берк тутты,
Ат үстинен зор етти,
Сол ўақлары Көбикли,
Жарылған муздай гүркиреп,
Бул да урды пәнжени,

Ат үстинен тартысты,
Бирин-бири алалмай,
Бирине ҳийле қылалмай,
Батыр минген ала ала ат,
Жығылды дейди майданда,
Тумсығы менен жер тиреп.
Бир-бирге семсер салады,
Семсери қалды майрылып,
Бир-биреўге қанжар урғанда,
Қанжарлар қалды қайрылып,
Үстине кийген саўытлар,
Жағадан кетти айрылып,
Айғыр киби шайнасты,
Бууўра киби ғайзасты,
Екеўиниң күшине,
Атлар шыдам бере алмай,
Атлардың бели қайысты.
Аттан жерге түседи,
Саўытларын шешеди,
Екиси тойда палўандай,
Қылды дейди гүрести.
Аттан жерге түскен соң,
Билекке зорды қылады,
Жыйнап барып баланың,
Белинен тарақ алады,
Белинен кетип мәдети,
Таңлайы кеўип шөлледи,
Көзи жерди көрмеди,
Не болғанын билмеди,
Айландырып басынан,
Урар жерге келгенде,
Кийели еди жағасы,
Қабыл болып көз яшы,
Ғайыптан ҳәзир болады,
Шашлы Әзиз әўлийе бабасы,
«Қайтма балам, қайтма» деп,
Жаўрына пәнже урады,
Ашып көзин қараса,
Аспанда өзин көреди,
Ҳақ деп ләнгер төгеди,
Дәўдиң көзи жанады,
Көтерген қолы тынады,
Жықтым деди баланы,
Әсте сүйеп қояды.
Аяғы жерге тийгенсоң,
Бабасынан кәрамат келгенсоң,
Қайрылып жамбаш урғанда,
Көбиклидей дәўлерин,
Аўдарылы-ып барады,
Ишкирмешек салғанда,
Төбеси жерге тийгенде,
Зорға-зорға қалады,
Енди әмелин алады,
Бир мәртебе зор әйлеп,
Дизеликке миндирди,
Еки мәртебе зар әйлеп,
Белбеўликке келтирди,
Үш мәртебе зор әйлеп,
Қол ушына шығарды,
Айландырып басынан,
Дәл төбеден урады,
Ыңыранып қулады,
Геллесин кесип алады,
Геллесин алып мәрт палўан,
Бабаханға барады,
Бала кеўлин хошлады,
Бадабатын башлады,
Апарып ғана патшаның,
Алдына геллени қояды,
Буны көрген ноғайлар,
Афаринлер қылады,
Әне ғайрат, әне күш,
Әне ерлик, әне иш,
Сени туўған анаңнан деп,
Ноғайлының бәршеси,
Қол көтерип ҳәммеси,
Ҳаққына дуўа қылады.

Енди Бозуғлан Ерсултаннан хабар алайын деп изинен барды.

Бек саўытын кийипти,
Ат қуйрығын түйипти,
Душпанлардың геллесин,
Қырман яңлы ҳәр жерге,
Төбе қылып үйипти,
Қашып барып душпанлар,
Ол қалаға кирипти,
Дәрўазаны илипти,
Беккем етип көмипти,
Паллақ таслап,
Алдырмайын турыпты.

Әне, Бозуғлан Ерсултанға барып саўға сорады. Бозуғлан ашыўы келип дәрўазаны қопарып көкке атты. Қалаға кирди қайсар Бозуғлан, халық «аламан, аламан», «биз бағындық» деп қара жерден ҳәўаз шықты. Ерсултанды Бозуғлан Көбикли дәўдиң тағына миндирди. Ерсултанға Көбикли дәўдиң журтын берди. Көбикли дәўдиң ғәзийнесин үш бөлди, бир бөлимин пуқараларға берди, бир бөлимин досты Ерсултанға берди, бир бөлимин ноғайлы Бабаханның халқына берди, өзи ҳеш нәрсе алмады дейди Бозуғлан. Әне, сөйтип Бабахан қорықса да, сыйласа да, малды да берейин, тахты да берейин, мен өзим хажыға кетейин деп тахтын берди.

— Алмайман, тахтың керек емес, — деди Бозуғлан.

Анда патша айтады:

— Қустаныщылық менде болды, малынды-дүньянды алдым колыннан, бир қәлпениң тили менен карындасыңа да жаўшы жибердим. Бул гүнайым хәм бар, — деди. — Сени Көбикли дәүдин қолында өлсин деп жаман нийет пенен келдим, балам, — деди. Бул шайтан пейиллеримнен қайттым, балам, — деди. – Өл десең өлейин, қал десең қалайын, мен бул дүньяның талабын койдым, — деди.

Ал, Бозуғлан тахтына минбеймен деп ашыўынан таймады.

– Шырағым, ноғайлыға сен керексең, сенсиз ноғайлының күни өтпейди, патшаның гүнасын кеш, журтқа ийе бол деди, — деп халкы пәтия берди. Бозуғлан Бабаханның қыяметлик баласы болды.

* * *

Ендиги сөзди баяғы Бозуғланның таслап кеткен қарындасынан еситиң. Әне, жети шайтан мәсләхәт етти. Сол әмели Шайхты азғырып болмас па еди дейди. Муны азғырмағымыз аңсат деди. Ийшанның сарайына жети мөхирдары болып атты байлаймыз деди. Жети мөхирдар бийдиң сүўретине келемиз деди. Патшаның қапталында кеткен белгили жети мөхирдар бий боламыз деди. Ийшан бизлерди көрер, жети мөхирдар бий деп бизден Бозуғланды сорар. Сораса Бозуғланды өлди деймиз деди. Қолындағы қызды өзи алсын ямаса бизге берсин, оны өзи билсин деди. Ол Бабаханға бермес өзи алар, ертең Бозуғлан келгенде шерменде болар, әне азғырмақтың жөни усылайынша болар деди. Әне, жетпис мөхирдар бий жети мөхирдар шайтан болып, ийшанның сарайына атланды.

Әне, ийшан майданға шықты, жети мөхирдар бийди көрди. Кеўли бузылды, баўыры езилди, көзиниң жасы маржандай тизилди, жигербенти Бозуғлан ядына түсти. Әне бийлерден Бозуғланды сорады.

– Ашылмаған бәхәр бағда ламамнан,
Бир сунқарым ушып кетти қаламнан,
Сенлер келдиң неге уғлым келмеди,
Жоқпа хабар кеткен жалғыз баламнан.

Келмей думан бул басыма жаўды қар,
Имам ағзам пирим болғай мәдеткер,
Сенлер келдиң, неге уғлым келмеди,
Аман-саў келдиң бе кеткен мөхирдар?

Қазан урып өмирим гүли солғанды,
Хақтан тилеп едим қабыл болмады,
Сенлер келдиң неге улым келмеди,
Келип неге аманатын алмады?

Қазан урмай бағда гүлим солды ма?
Қуўанған кеўлиме дәртлер толды ма?
Сенлер келдиң уғлым неге келмеди?
Жигербентим дәўден шейит болды ма?

Мөхирдарлар бөктерипсең дәбилди,
Уғлым келмей, анша көрдим жәбирди,
Сенлер келдиң, уғлым неге келмеди?
Жигербентим, уғлымнан бер хабарды.

Әне, сол ўақта шайтан мөхирдардай болып, Бозуғланды өлди деп толғады дейди:

– Атыннан шығар таза тер,
Кеўлимде жоқты хийлекер,
Айтпайын десем болмайды,
Айтпаға аўзым бармайды,
Арзымды ешит улық пир.
Тағып жайға гиристи,
Алла оңғармай бул исти,
Палўан еди Бозуғлан,
Көбиклидей дәў менен,
Тайынбай қурды гүресті,
Дәў менен урыс қурғанда,
Ортада уғлын қалғанда,
Ағайын-ғамкор жоғынан,
Душпанлар найза салғанда,
Душпанлар көплеп алғанда,
Атланыпты Бозуғлан,
Бул қаланың шетинен,
Урысқа кирсе Бозуғлан,
Душман қорқты деминен,
Шейит болды Бозуғлан,
Ағайын-ғамкор кеминен.
Бағларда шайлап гүл терди,
Патша мәхрем деп билдирди,
Қолында қалған аманат қызды,
Бабахан берсин деп жиберди.
Гәхи жанға бересең,
Гәхи өзиң аласаң,
Ендигисин өзиң бил.

Сонда ийшанның қатты қәхәри келип, мөхирдарларға қарап бир сөз дейди:

– Бәхәр болмай бағдан гүллер термеспен,
Өжиреде ийшанлық дәўран сүрмеспен,
Ханы келип зорлық етип алмаса,
Геллем кетпей, аманатты бермеспен.

Мен қарап жылайман жолдын түзине,
Уғлым ушын сепкил түскен жүзиме,
Кет аўлакқа, наймыт өлгир мөхирдар,
Мундай сөзди еситтирме өзиме.

Атадан туўмаспа деппең қыялсыз,
Мундай сөзди еситтирме өзиме,
Кет аўлакқа наймыт өлгир ийимансыз.

Узақта жоллар бар мәнзилден жырақ,
Жолында турғанман, келгей деп жылап,
Аманатты тири қолдан бергеннен,
Ханын менен жаў болғаным жақсырақ.

Әне, шайтанлар азғыралмай кетти. Барып және мәсләхәт етти.

— Бул бийдәўлетти азғыра алмадық ғой, енди қалай азғырады екенбиз? Бул кисиниң Қараман деген пири бар еди, биримиз Қараман пири болсақ, Қараман пири қара ат минеди, биреўимиз қара ат болсақ, Қараман пири қара сәлле кийеди, биримиз қара сәлле болсақ, сөйтип ийшанның есигиниң алдына барсақ, «шық бийдәўлет» деп сүренди салсақ, шыққан ўақлары сәллени жаздырып жиберип мойнына ғана салсақ, аттың омыраўына бир майдан сүйретип алсақ, — деди. «Не гүнайым бар» десе, гүнайың сол десек, қолында жақсы қыз қалды, я өзиң алмайсаң, я Бабаханға бермейсеӊ десек. Бабаханға бермес, өзи алар. Қараман пири Бабахан патша хәм Бозуғлан менен жүрген адам, пирим ғой деп инанар, азғырмақтың жөни мундайынша болар, — деди.

Ал, сол ўақта ийшанның есигиниң алдына келди. «Шық майданға» деп сүренди салды. Шығып майданға, Қараман пирин көрди. Пирим деп қолынан алды, сәллени жазып жиберип мойнына салды, аттың омыраўына бир майдан сүйретип алды.

— Тақсыр, не гүнайым бар, —деди.

— Гүнайың сол, бийдәўлет, қолыңдағы қызды я өзиң алмайсаң, я Бабаханға бермейсең, — деди.

— Тақсыр, бир майдан маған мәўлет бер, мешитиме барайын, суўпыларым бар еди, суўпыларым менен ойласық салып көрейин, патшаға бер десе, патшаға берейин, өзиң ал десе, өзим алайын, — деди.

Ийшан мешитке барды, мешитке барып еди, көп суўпы, биразының кеўлинде алла жоқ суўпы. Әне, моллалары менен суўпыларына кеңеслик етти. Суўпы менен моллалар өз алдына кеңес салды: — Бабахан алса алар да кетер, жол узақ, көлигимиз жоқ, пияда бармағымыз қатты қыйынырақ. Ийшан бул қызды алса, семиз қойларды сойса, қарнымыз тойса, «жарлының бир тойғаны, шала байығаны», хәм жақын жерден тамаша көрсек, ийшанға ала ғой десек, — деп жуўмаққа келди.

— Тақсыр, алсаң ала ғой, картайған шағыңда үйленип қалғаның жақсы ғой, қолыңызға себеп пенен түскен нашар еди, — деди.

Ийшан дәрриў еки молланы жиберди, қыздың ўәкиллигин алып келиўге. Моллалар жуўырып есиктиң аўзына барғанда, қыз киятырған дүсирлини еситип, ағам келген екен ғой деп бул да есиктиң аўзына жылап келди дейди. Жылап келген қызды моллалар көрип, хеш нәрсе айталмай, неше ўақ отырды дейди қапының аўзында үңилип, тили аўзына тығылып. Бир молла гәпке уста, тилге шешенлеў еди, ойерден-буйерден гәп қозғап, қыздың ўәкилин сорап турған қусайды:

— Он төртинде талдай өскен бойыңды,
Бир пәрийге мегзетемен сойыңды,
Айтпаға да аўзымыз бармай егрендик,
Ийшан атаң берди сениң тойыңды.

Сия шашың таллап бештен өресең,
Несип болса ийшан мен дәўран сүресең,
Ийшан атаң берип атыр тойыңды,
Бул ийшанға ўәкилиңди бересең.

Ашылмаған бәхәрде бағда бир гүлиң,
Өжиреде болған сениң мәнзилиң,
Айтпаға да аўзымыз бармай егленип,
Ўәкилиңди сорап келдик, муңлығым.

Ат сүринген тағ ишинде қыядаш,
Ағам дейип ағызасаң көзден яш,
Айтпаға аўзымыз бармай еглендик,
Ўәкилиңди сорап келдик, Қарлығаш.

Ешители моллалардың сөзини,
Қанлы жасы қыздың жуўды жүзини,
«Ийшан атам маған башлап той берсе,
Уядашым дәўден шейит болғаны» деп,
Сол нахшаға ура берди өзини.

Кемлик пенен жайдай беллер бүгилди,
Жылайды, қанлы яш көзден төгилди,
Уядашым дәўден шейит болған деп,
Қара жерди қушақлады жығылды.

Көгергенди бәхәр бағдың уясы,
Нашардың қалмады ақылы, еси,
Жылаўдан келмейди кеўилдиң хошы,
Кеше-күндиз бир қуда деп сейилмен,
Кел етти пир, мәнет берсең тайынман,
Бул ийшанмен беш күн дәўран сүргеннен,
Қыз атымнан жанымды алсаң қайылман.

Аржы үстинде он еки мың мухаррер,
Бир жигирма төрт мың өткен пайғамбер,
Өлсе ағам, мени қоймаң бозлатып,
Мағрыпты, Машырықты гезген еренлер.

Қатыра суўдан халық әйлеген илайым,
Шор бендеңмен, ашқын бүгин талайым,
Өлсе ағам, мени қойма бозлатып,
Бәршени халық еткен қәдир қудайым.

Дуўасы тәңиримниң мөхминге қабыл,
Халық еткен көз жасты көрмейди мақбул,
Тамам ғайыплардың арўақларына,
Халық еткен барың деп әйледи хәмир.
Хақ пәрман әйледи, ўәлийлер келди,
Мөхминниң хаққына дуўа әйледи,

Атлар шапқан бәлент таўлар пәс болып,
Бир күлмели қыздың ўақты хош болып,
Қайыл қалың халық еткенниң исине,
Қыз сүўрети қалды қара тас болып.

Сол ўақта шайтан ғайыптан келди. Қарлығаш перинин дәл өзи болды. Келген моллаларға ўәкилини берди. Ўәкилин берди деп моллалар ийшанға барды. Ийшан хәм сәллени бәленттен орап, сақалын тарап, намазлыгер ўақларында қыз отырған өжирениң ишине кирди. Кирип еди, қыз болған шайтанды көрди. Йүз жилўа мен, йүз наз қараш менен ийшанның әдебин тутып турды. Ийшан хәм туўры кире бериўдиң есабын таппай, бир жуўап урды:

— Мойнында тилла тумарым, көрсем таркар қумарым, ғарры киси қараңғыда сүринип-қабынып жүрмейик деп, ертеректен келип-ек, айып көрме, нашарым.

— Келсең, келгениң яқшы, бир-биреўдиң қәдирини билгениң яқшы, беш күн ялғаншыда ойнап-күлгениң яқшы, келеғойың, ийшаным, — деп мулақат етти.

Ийшан, шайтан қосылды, сайы-сәўбет етти, сол күнги таң намаз хәм қаза кетти. Әне, ертең сәскеде турды. Беш бир, он бир моллалар мәсләхәт етип жүргенлигини көрди.

— Бийдәўлетлер, не мәсләхатыңыз бар? — деди.

— Манлайы қара, сен ол бийдәўлет, — деди бир супысы. — Өлип баратырмединң қарындасын алып, Бозуғлан келди деп сүйинши сорап жүр, соның мәсләхаты, — деди.

Караман пирди излеп жуўырды дейди ийшан. Жуўырып кетип баратыр еди, бир көшениң бәндиргисинен бир шайтан Караман пир болып алдынан шықты.

— Қайда барасаң, бийдәўлет, — деди.

— Хаў, тақсыр, мен сизди излеп баратырман. Тақсыр, Бозуғланды өлди деп едиңиз, Бозуғлан қалаға келди дейди, бул не гәп?

— Буннан кеттик, Көбикли дәўдиң журтына жеттик, барып урыс еттик. Ким атадан, ким баладан айрылып, басқы таўып қаштық. Бизлер қайтып киятырсақ, алдымыздан Бозуғлан шықты. Бозуғланға «қайда барасаң?» дедик. «Көбикли дәўдиң журтына бараман» деп айтты. «Бизлер сонша әскер менен, лаўы-ләшкер менен басқы таўып қаштық, сен де өлерсең, қайт» дедик. Қайтпай кетип еди. Барғаннан-ақ өлген шығар деп едим. Өлмей келсе, ийттиң қабаат болғаны-дә, — деди.

— Дад,тақсыр, өзиңиздиң жаққан отыңыз, бир илажын етиң, мен не қыламан, — деди.

Ийшанға айтты:

— Ақшамғы ойыннан бир ойын умытылып қалған екен деп айт қызға. «Не ойын?» десе, қолдузақ деген ойын деп, қолын байлап ал, бурымын жаздырып мойнына сал, буў да өлтир, сағанасын сырлатып уқшатып қой. Бозуғлан келсе, «мине, қарындасың өлди» де. Жер баўыры суўық. Бир күн жылар, еки күн жылар, өзи-ақ қояр.

Ийшан: — Ақшамғы ойыннан бир ойын умытып қалған екенмен, — деп қыздың қасына келди. Қыз: — Не ойын? — деди. — Қолдузақ, — деди ийшан. Қолын байлап алды қыздың, бурымын жаздырып мойнына салды, шайтан узынына ғана жатты, демин ишине тартты, мың жыллық өликтей сеспейден қатты. Ийшан қуўаны-ып кетти. Еки қолын бир қолы менен, еки аяғын бир қолы менен тутты. Солай-мулайы менен сағанаға жықты. Ийшан устаны жыйнады. Сағананы сырлатып, ухшаты-ып адам инанғандай етип қойды. Әне, соның арасында Бозуғлан хәм келди. Келип ийшанды көрди. Зиярат етип қолынан алды. Ийшан төмен қарайды, жоқары қарамайды. Сол ўақытта Бозуғлан ийшаннан қарындасын сорап былай деди:

— Шапса шығар бул атыңнан таза тер,
Пирмен дедиң, жоқ кеўлиңде хийлекер,
Жылап қалған ол муңлымнан бер хабар,
Не себептен қарайсаң жерге, улық пир?

Қазан урып өмирим гүли солды ма?
Қуўанған көңлиме дәртлер толды ма?
Ийшан ата, неге төмен қарайсаң,
Йоқса аманатқа бир иш болды ма?

Мен жыладым айралыққа зары-зар,
Сиңлим ушын зәрре кеўлим бийқарар,
Ийшан ата, неге төмен қарайсаң?
Жылап қалған муңлығымнан бер хабар.

Әрман менен басқа сәлле байлады,
Төмен қарап ийшан сумлық ойлады,
«Аманатың өлди, иним Бозуғлан» деп,
Қол көтерип хаққына дуўа әйледи.

Бәхәр күни сайлап бағдан гүл терди,
Йығламақтан ақша жүзи сарғайды,
Пәтияң менен өзиң бай бол, аға, деп,
Пәтия берген қолын қағып жиберди.

Жылай-жылай сағанаға келеди,
Сағананы айланып жылай береди,
Сел болып жағасы көздиң яшына,
Қайыл болып хақтың еткен ишине,

Жылағанын қойды қайсар Бозуғлан,
Аят оқып отырды қыздың басында,
Шыдамады, сақанаға қол урды,
Сақананың тахталарын суўырды,
Сақананы бузды қайсар Бозуғлан,

Көзлер ташлап ол ишине үңилди.
Сол майданда дәўран баштан өтипти,
Бул шайтан ийшанды сарсаң етипти,
Пери шайтан сақанада жата ма,
Питкергенсоң шығып қашып кетипти.

Әне Бозуғлан сақанадан қарындасының сүйегин тапмай:

— Оң емес екен сапарым,
Тилекти бермей қудайым,
Өлген болса синлимниң,
Сақанада жатпай ма сүйеги,
Сүйегин кимнен сорайын,
Келмейин дәўран өткенди,
Айралық сарсаң еткенди,
Өлди дейди халайық,
Өлген болса синлимниң,
Ақ сүйеги қайлардан,
Қайларға енди кеткенди?
Қолыма хаса алайын,
Темирден геўиш кийейин,
Ғайып болған синлимди,
Сораўлар салып сорайын,
Өлип кетсем жолында,
Қыяметте, қудайым,
Көргеймен-дә хүрейин,
Қызынып тур сүйегим,
Басылмайды жүрегим,
Ғайып болған синлимниң,
Сорайын кимнен жерегин,
Пешенемде барды хат,
Ғәрип көнлим болмай шад,
Өлди дейди қалайық,
Өлген болса синлимниң,
Ақ сүйеги қайлардан,

Қайларға енди кеткенди,
Жолдасым един сары ала ат.
Сары ала атты қушақлап,
Көзде яшы моншақлап,
Жылай берди Бозуғлан.
Ер жолдасы сары ала ат,
Адамнан ақылы зыят,
Мойнын созып еснейди,
Ишин тартып пыснайды,
Қыз қалған өжиреге қарап,
Алам берип киснейди,
Сары ала атты жетелеп,
Жылай-жылай келеди,
Уядашымның жылап,
Қалған жери еди, деп,
Ишкериге киреди.
Адам сүўрет қара таштан,
Жылаған саза келеди.
Саўытқа тутылған алтын жағам деп,
Бедеўге қақтырған полат тағам деп,
Тас ишинде муңлы нашар жылайды,
Әрман менен шейит өлген ағам деп.
Аңлап қайсар қараса,
Қарындасы Қарлығаш,
Сүўрети болған қара таш,
Жүзиниң алмасына қатыпты,
Көзинен аққан қанлы яш.

Қарындасын көрип бала, я бурынғы кәддин бер, я жанын ал, деп алла-таалаға жалбарынып жылады

Сел болды жағасы көздиң жасына,
Хақ рәхим әйлепти буның исине,
Хақ пәрман әйледи, ўәлийлер келди,
Жетти ғайып рәхим келди қасына.
Хақ пәрман әйледи, ўәлийлер келди,
Мөхминниң хаққына дуўа әйледи,
Әўелинде жетти пирден кәрамат,
Ўәлийлерден жетип буған шапахат,
Сүўрети суў болып ағып,
Тас ишинен сағыў шықты саламат.
Кемлик пенен жайдай беллер бүгилди,
Жылайды, қанлы жас көзден төгилди,
Ағасын көрди сонда Қарлығаш,
Ағасының аяғына жығылды.
Көгермей ме бәлент дағдың гиясы,
Ағасын көриўден қалмады еси,

Ағасын көрди нашар Қарлығаш,
Шек мезгилде есин жыйнап алады,
Есин жыйнап бир өзине келеди,
Ағасына саламыны береди.
Кийип сарпай әрман менен шайланып,
Жылай берди қыздың бахты байланып.
Мехирбаным көрер күнлер бар екен деп,
Жылай берди ағажан деп айланып.
Улықлар алғанды қолға қәламын,
Жылап тарқатады тәңде аламын,
Жылағанын қойды сонда Қарлығаш,
Ағасына берди тәңир саламын.
Әўелинде жетти пирден кәрамат,
Улық пирден жетип буған шапахат,
Ғәриплер қосылды сағыў-саламат.

— Қәне, ийшанды таўып кел,-деди.
Ийшанды таўып келди, Бозуғланның алдына алып келди.
— Мойнына қараны илдирин, қаланы үш мәртебе айландырып урың, «хәр ким аманат қыз сақлаған,

киянат кылғай, сазай-сазай» деп айттыра бериң, өлгенше ура бериң, — деди.

Әне, қаланы үш мәртебе айландырып урып, сазай айттырып, ийшанды Бозуғланның алдына алып келди дейди. Әне, көрсе, өлер ҳәлетке келген екен. — Бул дүньяда жазасын мен бердим, арғы дүньяда алла-таала бергей жазасын. Өлсе ҳәм өлер, өлмесе ҳәм өлер, бар, жиберe бериң, — деп Бозуғлан мәртлик етти.

Әне, ендиги гәпти Бозуғланнан еситиң. Қарындасына сайлап бир отаў тигип берди. Қасына қырық қыз қойды. Қырық қыз бенен сейил етип жүрди. Әне, Бозуғланның жаўларға жаўы жоқ, аўларға аўы көп. Қасына қырық жигит алды. Аўға шықты.

Бедеў минип дағыстаннан желдирип,
Мәртилигини толы журтқа билдирип,
Неше күнлер аў аўлады Бозуғлан,
Актарна қушларға тарен илдирип.

Узақ жолға минген бедеў шаппады,
Кеткен сапар хош жигитке жақпады,
Неше күнлер аўлар аўлап Бозуғлан,
Жетти күн шөллерден тарен таппады.

Шомыллы бедеўи таза терлерге,
Сыйынады жети ғайып пирлерге,
Жетти күнлер аўлап таппай Бозуғлан,
Келди дейди Алатаў деген жерлерге.

Бедеўине батыр қамшы сермеди,
Мәрт Бозуғлан жол шамасын билмеди,
Ат пыскырып, елге қарай киснеди,
Шағыр таўға қарап бедеў жүрмеди.

Ишин тартып сонда бедеў киснеди,
Жез суўлығын беккем бедеў тиследи,
Шуў-шуўлесе сары ала аты жүрмеди,
Мойнын созды елге қарай киснеди.

Ҳәмме таўдан Алан таўлар бийикти,
Анлар таппай күйип жүрген Бозуғлан,
Таў үстинде көрди алтын кийикти.
Мәрт Бозуғлан өзи қайсар ер еди,
Тамам халыққа аты шыққан шер еди,
Қырық жигитин шақырады Бозуғлан,
Қырық жигити ат шабысып келеди.
— Қырқ жигитим бәршеңиз мунда келиңлер,
Таў басында турған кийикти көриңлер,
Сол кийикти қамаймыз,
Ким төбеден ушырса,
Ким қапталдан қашырса,
Малы болсын талаў,
Өзи болсын өлимдар деп,
Қысым етти Бозуғлан.
Қырқы қырық жақтан келеди,
Бул қайерден кетер деп,
Қазасы кимниң жетер деп,
Кимниң үстинен өтер деп,
Ырзаласты қырық жигит.
Алтын баслы ол кийик,
Шашырап жайдан турады,
Ҳақтың пәрманы бул еди,
Бозуғланның төбесинен,
Қарғып кийик жөнеди.

Қырық жигиттиң ишинде узын бойлы, ақылға ойлы бир дана жигит бар еди, деди:

– Әй, Бозуғлан, өз тилиң өзиңе гуўа, кийик сениң үстиңнен өтти, қазаң жетти, енди сени өлтиремиз, – деди.

Бозуғлан мәртлик етти, ўәдесинде турды, ал, өлтирегойың деп, мойнын усынып турды. Бир қолына қылыш алды, бир қолына найза алды, даўыс жетим жерге барды. Бозуғланның тусына келген ўақтында шигирмесин қағып таслап өте берди. Айланып келди.

– Сениңдей жигиттиң басынан телпеги түскени өлгени болса керек. Тур Бозуғлан, шәртиң питти, – деди.

Бозуғлан жайынан турды, қатты ашыўы келди кийикке.

Астындағы сары ала атты,
Ерин алды, аўнатты,
Жүўенин алып қуўнатты,
Таўға питкен жуўсанды,
Гүпирлетип шайнатты,
Жаланашлап жел берди,
Дорбаны қақты, жем берди,
Бөтекседен белликлеп,
Ушығадан терликлеп,
Алтын ерди салады,
Тилладан айыл шалады,
Қуйысқанды келтертти,
Үзеңгисин узайтты,
Шамайылын бек тартты.

Ол патаҳуммналла,
Минди атқа жас бала,
Минди бедеў белине,
Ғазап етти Бозуғлан,
Түсти кийиктиң кейнине,
Ат шаўып майдан шөлине,
Қумлардан изин алады,
Шул кийикти қуўғалы,
Әйне он күн болады,
Он күнниң жүзи толғанда,
Бағдан гүллер терилди,
Мәртке абырай берилди,
Бәлент таўдың үстине,
Уйқылап жатқан бир кийик,

Мәрт көзине көринди,
Шаршаған екен заңғар деп,
Атын байлап бир сайға,
Жеңилленип Бозуғлан,
Саўыт кийимин қойып бир жайға,
Қара ағашты панаалап,
Ол кийикке көринбей,
Келе берди жағалап,
Жақынлап келди сығалап.
Арап атын байлады,
Қапа кеўлин хошлады,
Уйқылап жатқан кийикке,
Бала кәман ташлады,
Кийикти кәман илмеди,
Құда абырай бермеди,
Қарғып турды жайынан,
Алтын баслы ол кийик,
Адам киби сөйледи:

— Хәй, Бозуғлан, бул келгенлериң нәмәрттиң иси ғой, атың жүйрик болса, кейнимнен қуўып жетсеңо, — деди. Әне, кийик Бозуғланға шаң берип қашты дейди.

Шаң берип кийик жөнеди,
Астындағы бедеўге,
Хошамет бала береди:

— Төрт аяғын қаққан қазық,
Ырғырыңды мен билемен,
Сыртын сулыў, баўрың жазық,
Арқанда алты ай азық,
Әлий минген дүлдүлдиң,
Сағырсында қалы бар,
Рустем минген рақыштың,
Бир қылығы сенде бар,
Сол кийиктиң кейнинен,
Бизди жеткер жәниўар.
Бала минген сары ала ат,
Артқы аяғын тиреди,
Хошамет сөзге ереди,
Қаршығадай қанатлап,
Ғайы-ғайы таўларға,
Ғарғадай қайып қонады,
Дах дегенше жәниўар,
Мезгиллик жолды алады,
Сол кийикти қуўғалы,
Қырық күнниң жүзи толады.

Ат ырранлап, ер тырранлап, таўға шықты тырманлап. Дем алып таўдың төбесинде шамаллап жүрди. Сол ўақлары болғанда алтын баслы сол кийик айланып сол жерге келди дейди. Алтын баслы ол кийик Бозуғланға келип не деп тур екен:

— Ашылмаған бәхәр бағда лаламан,
Көрген бенделердиң ақлын аламан,
Кийик дейип мени қуўма Бозуғлан,
Мен бир гезген дағ ишинде бәламан.

Зәрли кәмар хәм ярашқан белиңнен,
Қырық күн тынбай сегбир еттиң изимнен,
Мен бир гезген дағ ишинде бәламен,
Қуўа берсең айрыларсаң елиңнен.

Шапқансаң бедеўди жолдың пәсине,
Көрген қайыл қалар кәдди-дәстиңе,
Мен бир гезген дағ ишинде бәламан,
Қуўа берсең ғарға уялар лашыңа.

Ат басындаймекен сениң жүрегиң,
Қос найзаға палўан питкен билегиң,
Қуўа берсең шөлде қалар сүйегиң,
Әне, Бозуғлан сөйледи:

— Кийген саўыт жеткен қара тизиме,
Хақ сәнесин берген айдек жүзиме,
Қайда бәле болса бәлекардаман,
Бәле болсаң көринип қаш көзиме.

Мәртлик етип белге кәмар буўғанман,
Нәмәрт болсам неге атамнан туўғанман,
Бәле болсаң көринип қаш көзиме,
Бәлени излеген бәлекардаман.

Атлар шаптым мына майдан түз бенен,
Ериди бағрымыз жақсы сөз бенен,
Излеген бәлени бәлекардаман,
Бәле болсаң көринип қаш жол менен.

Әне, сол ўақытта ғүўлесип қырық жигити келди. Қырық жигитке Бозуғлан сөйледи дейти:

— Қырық та бирдей азамат,
Қырық палўаным елге қанат,
Туўмаса да туўғандай,
Атам еди Бабахан,
Бабаханға сәлем айт,
Бүлбиллер ушып қонады,
Қызыл бақша гүллерге,
Жарықтан шығып бараман,
Қараңғы думан түнлерге,
Бул кийик бизге я дәўлет, я мийнет,
Төрт аяқлы мақлуқатта,
Жандар мақлуқ сөйлер ме.
Туўмаса да туўғандай,
Енем еди Ақдәўлет,
Ақдәўлетке сәлам айт,
Саламат барсаң еллерге.
Таласып емшек емискен,
Тай қулындай тебискен,

Жүгирип шықса алдына,
Мениң менен туўысқан,
Уялашым Қарлығаш,
Ағам қайда дегенде,
Не деп жуўап бересең?
Бул кеткеннен кеттик деп,
Алатаўға жеттик деп,
Журттың жаўын көрдик деп,
Бозуғлан алған ақ алмас,
Тийип ташқа кетилди,
Шормекен, жүзи житилди,
Қайраўда қалды дегейсең,
Қашан келер дегенде,
Жылында келер дегейсең,
Ол жылында келмесе,
Қарындасым Қарлығаштың,
Қара шашын жыйдырсын,
Үстине қара кийдирсин.
Туўмаса да туўғандай,
Енем еди Ақләўлет,
Жүўырып шықса алдына,
Асылса келип мойнына,
Жалғызым қайда дегенде,
Бозуғлан алған ақ найза,
Уңғыдан сынды майысып,
Саплай қалды дегейсең.
Туўмаса да туўғандай,
Атам еди Бабахан,
Жалғызым қайда дегенде,
Не деп жуўап бересең?
Бозуғлан кийген бек саўыт,
Жағадан кетип сөтилди,
Сеплей қалды дегейсең,
Қашан келер дегенде,
Бүгин келер дегейсең,
Ертең келер дегейсең,
Ол ертеңине келмесе,
Жылында келер дегейсең,
Ол жылында келмесе,
Жыл асымды бир берсин,
Қара асымды бир берсин.
Ол жыл асым өткен соң,
Тоғыз дүркин ат пенен,
Тоқсан бөлек хат пенен,
Ақдәрьяны жайлаған,
Ерсултан деген достым бар,
Шақырып алып келтирсин.
Мал семизин сойдырсын,
Төрткүлли ошақ ойдырсын,
Узақтан атлар шаптырсын,
Алтын қабақ аттырсын,
Сыбызғы-сырнай тарттырсын,
Қызықтан-қызықты арттырсын,
Хожа, молла жыйдырсын,
Ерсултан атлы достыма,
Қарындасым Қарлығашты,
Ҳалалдан неке қыйдырсын.

Ал, жигитлер, қайта бер деди енди. Жигитлердиң Бозуғланды таслап кеткиси келмей:

— Бозуғлан менен өлсек бир шукыр, қалмаймыз,—деди жигитлер. Бозуғланға қарап жигитлер сөйледи:

— Бозуғлан атлы төремиз,
Алты айлық журттан серемиз,
Ким ағадан айрылып,
Ким иниден айрылып,
Изиңе бизлер еремиз,
Өли болсақ бир шукыр,
Тири болсақ бир төбе,
Жан аға, сениң менен бирге жүремиз, — деди.

Әне, қырық жигитлер қалмады. Әне, басы қарлы Адыр таў, Адыр таўға өрмеледи. Бозуғлан шығып кетти, қырық жигиттиң кими атларының алдыңғы я артқы аяқларынан айрылып, таўға мине алмады. Әне, қырық жигит оның менен жолдас бола алмайтуғынын билди. Қол көтерип Бозуғланның ҳаққына дуўа қылды. Әне, қырық жигит қайтатуғын болды. Сойерден қырқ жигит қайтып кетти. Қайсар туўған Бозуғлан сол алтын баслы кийиктиң кейнине жөнеп түсти.

Астындағы бедеўге,
Шүў деп қамшы урады,
Қамшы санын тарады,
Бедеў күнге жарады,
Гә қарасын көреди,
Алтын баслы кийиктиң,
Гәҳи, гәҳи жерлерде,
Найза салым барады,
Енди жеттим дегенде,
Көзинен ғайып болады.
Сол кийикти қуўғалы,
Және қырық күн болады,
Сексен күнлик сәгбирге,
Жандар мақлуқ шыдар ма,
Өз-өзинен урынды,
Қыя ташқа сүринди,
Муғаллақ атып жығылды,
Айдаса бедеў турмады,
Қамшы урса дәрпенбеди.

Аттың басын дизине қондырып, жүзине телмирип, көзинен яшы маржандек тизилип, ўах, дарийғ, жолда қалды сүйегим деп, Бозуғлан турып жылады. Сол ўақта алтын баслы кийик келди.

— Әй, қой Бозуғлан, — деди. — Жыламақ нәмэрттиң иси, мәрт адам жылаймекен? —деди.

— Ашылмаған бәхәр бағдың лаласы,
Саған узақ қалды ноғай каласы,
Қал деген жерде қалмадың,
Ноғайдың гөдек баласы.

Ашылмаған бәхәр бағда лаласаң,
Күйген жанға мунша отлар саласаң,
Көз яшыннан мен болғайман тасаддық,
Не себептен көзден яшлар аласаң?

Бәхәр болмай бағдан гүллер тергенде,
Нешше йыл шөллерде йығлап жүргенде,
Шын хасыллы мәрт екен деп кетип ем,
Қызыр Ильяс жаў-жарақты бергенде,

Минген бедеў арап шөлде кәр едим,
Бир көрмеге, бегим, сени зар едим,
Көбикли дәў менен гүрес қурғанда,
Сонда, бегим, сеннен хабардар едим.

Питкерген тилладан зерли саз едим,
Айттырғанда мен бермеген наз едим,
Аранай деген патшаның,
Шолпанай деген қызы едим.

Кийген сарпай ярашып еди дизиме,
Хақ санасын берип еди жүзиме,
Мен нәйлейин, бегим, өзиң билесен,
Булт дәў бизиң ашық екен өзиме.

Бәхәр болмай бағдан гүллер тереди,
Бенде болған хақ хәмирине көнеди,
Мен нәйлейин, бегим, өзиң билесен,
Халқы ушын атам дәўге береди.

Мен жылайман айралыққа зар-зар,
Нашарлықтан зәрре кеўлим бийқарар,
Сол дәўди өлтирип, бегим, алмасаң,
Мәхшер күни мен боламан даўагер.

Кийип саўыт әрман билен шайлаған,
Хақ хәмирине шекип беллер байлаған,
Динимиз мусылман, ҳаслымыз ноғай,
Аранай деген патшаның,
Шолпанай деген қызыман.
Бизиң еллер Гөхиқапты жайлаған.

Бийик-бийик бизиң елдиң таўлары,
Сапта мерген болар шүршит жаўлары,
Батыр болсаң бизиң елге барасаң,
Қорқсаң әгер усыйерде қаласаң.
Бизиң елдиң Булт дәў дейди дәўлерин.

Әне, буны айтты да, кийик кетти. Әне, сөйтип, айдаса аты жүрмеди, қамшы урса дәрпенбеди. Баланы жүрмеген соң ғәплетке кетти, капа болып жатты, көзи илинип кетти. Түс көрди, түсинде айтты:

— Хәй, балам, жайыңнан тур, — деди. — Атың жууўырар, ығбалың асар, қылышың кесер, — деди. — Алдыңнан бир бағ салып қойыппан, әнжир, әнар, истегениң сол бағда таяр, мийўалар писип турған, томпылдап жерге түсип турған. Ат отысы хәм тайын, ат жемеге кайым, жоңышқалар дизге келип турған. Сол бағда он бес күн жатасаң, балам, атың тайғунандағы хәлине жетеди. Соннан шығып қырқ күн жол жүрсең, балам, Гөхиқаптың таўына түсесең, — деди.

Әне, жайынан турды Бозуғлан. Сары атты жетелеп, жүрмеген жерде ийтелеп, түсинде көрген бағқа кирди. Әнжир, әнар, не керек болса, сол ўақта таяр, хәр шақалары минаўар, сәрхәўизи бар екен, ша сыпасы бар екен, сәрхәўиздиң бойында, ша сыпаның үстинде он бес күн жатты. Атты бағдың ишине айдап жиберди. Аты он бес күнде тай ғунан қәддине келди. Атты хәўизге басып, жууўып, мустакам теңме-тең ерглеп, қаланың иреўине келди. Тоғырткадан жаңа ғана қашып шыққан кийиктиң изин көрди. Әне, Бозуғлан бағдан шығып қырық күн жол жүрди.

Шомылды бедеў таза терлерге,
Бәс жоқ майданда қайтпай шапқан ерлерге,
Қырық күн тынбай атты шапты Бозуғлан,
Келди дейди есабы жоқ еллерге.

Қазан урса гүли бағдың солғандай,
Көрмегенге өткен ислер ялғандай,
Бәри бирдей қаўсырыўлы үйлердиң,
Тымсал етсе биреў шаўып алғандай.

Узақ жолдан бедеў атты шаппады,
Ат саўырға тилла қалқан жаппады,
Бәри бирдей қаўсырыўлы үйлерден,
Хабарласар жандар бенде таппады.

Бәхәр болмай бағдар гүллер терилди,
Шаппай арабы аты ташқа сүринди,
Хабарласар жандар таппай жүрсе Бозуғлан,
Ылашықтан бир мама шықты шул заман.

Мама көрип Бозуғланды жылады:

— Мени көрип, балам, бердиң бир салам,
Тақатым көрмесем болмас даңма-даң,
Мендей мамаң жамалыңнан айналсын,
Аманбедиң журтыма керек жан балам.

Ақ жүзине хәм ярашқан тулымын,
Бизлер көрдик душманлардың зулымын,
Сорлы мамаң жамалыңнан айналсын,
Аманбедиң журтыма керек жан балам.

Бетер болды күннен-күннен бул дәртим,
Душман жапа салып артты мийнетим,
Мендей маман тасаддық болсын өзиңнен,
Аманбедиң, журтыма керек перзентим.

Талаўға түсип тур пүткил дүнья-мал,
Тасаддық әйледим сеннен шийрин жан,
Мендей мамаң тасаддық болсын өзиңнен,
Аманбедиң қайсар туўған Бозуғлан.

Бедеў минип ара шөлде желдиң бе?
Қапта душман барын, балам, билдиң бе?
Шолпанайға ашық болып келдиң бе?

Әне, Бозуғлан айтты кемпирге:

— Жинбисең, шайтанбысаң, жадыўмысаң? мениң атымды қайдан билесең, мени қайда көрдиң? — деди.

— Балам, сөзиме қулақ сал. Бизлер Бабахан журтының адамы едик, сениң сағыйра халыңда жаў келди, журт еки бөлинди. Бир бөлими қашып Гөхикапқа келди, ишимизде бир жигит ғайратлы болды, соны азғана журтқа патша қылдық. Ғайратының зорынан Гөхикаптан пәрийнин қызын алды. Пәрийден қыз алған перзентке кем болады екен, көзиниң ағы-қарасындай жалғыз ғана қызлы болды. Қыз он төрт яшына келди. Айтыўлы қыз болды. Сол қыздың даңқы Гөхикаптағы Булыт дәўге түсти. Сол Гөхикаптың патшасы қызға ашық болып, «мен жузиясын алмайман, қызын аламан» деди. Сөйтип патша қорққанынан дәўге қызын беретуғын болыпты дейди. Алты айға мәўлет алыпты, алты айдың хәм бес айы өтти, балам. Бул аўылда адамның жоқ болғаны, сол тойдың әнжамында. Сени Бозуғлан деп танығаным, сени туўғанда, атыңды қойғанда ишинде бар едим, шырағым. Сен ер Бозуғлан емессең бе, алты айдан бери Аранай патшаның қызы жоқ деп еситемен. Сол қыз пәрий болғаннан кейин сени хәр түрли маклукта болып ертип келген шығар деп тахминан айтып турман ғой, сол Бозуғлан емессең бе, шырағым? — деди.

— Сол айтқан Бозуғланман, шеше, — деди.

— Сол Бозуғлан болсаң, мениң үйимде бир ақшам мийман болып кет, — деди. — Азанда жол азығын беремен, мен жалғыз өзиммен, отырған ақмазарман, — деди.

Ертең азан болды, Бозуғлан кететуғын болды.

— Әй, балам, ашық-машығыңды көрмегенше көңлиң қарар таппайды. Ашықлықты хәм көрдик, машықлықты хәм көрдик. Бир пақсасы алтын, бир пақсасы гүмис, ғарғалығы зербарак, көринбей ме көзиңе жарқырап, сол қыздың қаласы, балам, — деди. — Мына жол менен патшаның қаласына барасаң, қайсысына барасаң, өзиң билесең, — деди.

— Әй, мама, қыздың қаласына бараман, — деди.

— Балам, астыңда атың, қолыңда жарағың менен, дәрўазаның аўзында жәллат бар, жибермейди, — деди.

* * *

Әне, Шолпанай қырық кәнизлери менен отырып түс көрди. Түсиниң тәғбирин айтты:

— Кәнизлер, кәнизлер,
Кәнизлер, берман келиңлер,
Бүгин жатып түс көрдим,
Әжептәўир ис көрдим,
Жатыр едим уйқылап,
Қапа пәрли қара қус,
Ғарқылдап келди қасыма,
Бул қасыма қонады,
Сиясаты зиңғардың,
Жанымды алып барады,
Несийбең дәўлен болды деп,
Елатым шуўлап жылады.
Және бир уйқылап кеткенде,
Қубладан келди ақ суңқар,
Жаратқан болғай мәдаткар,
Бул қасыма қонады,
Шоғы киши болса да,
Бул кеўлиме унады,
Яратқан бизге панады,
Соңғы келген ақ суңқар,
Әдеп келген қара қусқа,
Барып пәнже салады,
Қара қустың гәллесин,
Ақ суңқар үзип алады,
Бул не болар кәнизлер?
Жақсы болса жорыңыз,
Уллы, киши журтыма,
Жаман болса жорыңыз,
Өзимниң қара басыма.
Және бир уйқылап кеткенде,
Әкем салған ақ орда,
Бузылыңқы көринди,
Алма көзли наз бедеў,
Сүзилиңки көринди,
Қолымдағы ақ найза,
Сыбылыңқы көринди,
Басқан жерим бай шукыр,

Отырған жерим ой шуқыр,
Үйдиң арты шоқ қамыс,
Есиктиң алды жар қамыс,
Оң қолымда тақ қайыс,
Шеп қолымда жуп қайыс.
Қырық кәниздиң ишинде,
Тилге шешен, гәпке уста,
Ләби жупқа бир кәнизи бар еди:
— Мен жорыйын бул түсинди айымым,
Бул түсинди нәйлейин,
Жорымаға қайымын,
Түсиң жақсы түс екен,
Әжеп жақсы ис екен,
Жатырсаңыз уйқылап,
Орамалың түйықлап,
Ғарқылдап келсе қасыңа,
Қапа пәрли қара қус,
Ол қара қус Дәў Булыт,
Қубладан келген ақ суңқар,
Дәрегиңди еситкенди,
Мусырманнан бир қайсар,
Шоғы киши болса да,
Қара қустың гәллесин,
Ақ суңқар үзип алса,
Алладан болған мәдаткар,
Дәў Булыттың өлгени,
Ескен самал тынғанша,
Көзди ашып жумғанша,
Басыңдағы тақияң,
Жерлерге түсип ол қалса,
Тақияны таслармыз,
Келиншек жолын баслармыз,
Бийбижан буған көринди,
Алма көзли наз бедеў,
Сүзилинки көринсе,
Ат шабыс қылып тойыңды,
Узақтан атты шапқаны,
Атаң салған ақ орда,
Бузылыңқы көринсе,
Жалаңашлап үйлерди,
Сыбызғы-сырнай тарттырып,
Қызықтан-қызық арттырып,
Әкең салған ақ ордада,
Жыраў бақсы айтқаны.

Түсин жорыған кәнизге тоғызды бир деп жағасы алтын, жеңи зер сарпай жапты, кәниздиң көўлин тапты, қыз сөйтип көшкиниң басына минди.

Әне, Бозуғлан баяғы қыздың қаласына бараман деп келе берди. Қыздың жарқыраған қаласын көрген соң, жигиттиң қылығы мәлим, бир қумның басындағы шөпшекти үйди, қарыў-жарағын ишине салды, атының жиби менен бууды. Сөйтип қалаға кирди. Қадаған қыздың бағының ишине кирип, бағын аралап, шақаларын қайырды. Шолпанай көшкиниң басында турып бағдың ишине көз жиберди. Султанымның келер ўақты болып еди ғо деп, көз жиберди. Бағдың ишинде жүрген Бозуғланды көрди, мәс болып шақақ урып күлди. Кәнизлер арзы етти:

— Бийбим, арзым бар, — деди.

— Не арзың бар, — деди Шолпанай.

— Атаң Аранай бизге айтып қойып еди. Атам берди Булт дәўге деп бир күлсе, күлгенин айтып келсеңиз көп инам беремен деп қойып еди. Бизлер соншама күлдиремиз десек те күлмейтуғын един, бүгин өзиңнен-өзиң күлдиң, жылағанды сорма, күлгенди сор деген, өзиңнен өзиң не себеп күлдиң? — деди.

— Бир адамның ладанлығына күлип турман, — деди Шолпанай. — Жәллаттан қорықпай қадаған бағқа кирипти, бағлардың шақасын қайырып жүр, соны алып кел, — деди. — Атын бир жайға салайық, өзин бир жайға салайық, ертең жәллатқа тутып берип, тамаша қылып өлтирейик, — деди.

Баяғы жағасы алтын, жеңи зер, сарпай алған кәниз еки қолына еки қанжар алып шаплығып келе берди. Келип:

— Неғып жүрген адамсаң, неғып жүрген ладансаң, патшаны патша демейсең, қараны көзге илмейсең, өлимиңди, байғус-аў, қара шыбынша көрмейсең, қорқпайсаң ба жаныңнан, қалар дүнья-малыңнан, тахт үстинде ханыңнан? Не себептен алма жедиң қадаған мениң бағымнан? — деп хайбат етип келеди.

Бозуғлан сонда сөйледи:

— Телеген арба жүрместей,
Тергеўлимеди елиңиз?
Ғодалақ арба жүрместей,
Томарлымеди жериңиз?
Ғәрип-кәсер жеместей,
Қалағанбеди бағыңыз?
Қалаңа адам келместей,
Залымбеди ханыңыз?
Ашыў етип жүгирди,
Қынаптан қылыш суўырды,
Пайманасын қуўырды,
Шабайын ба, шоры деп,
Испиханды жалаңлатып суўырды.
Кәнизден әрўақ қашады,
Баланың сусы басады,
Хаўлыққаны соншелли,
Қолындағы қанжарын,
Кәниз жерге таслады,
Жалбарынып жылады,
Сен бир ерсең, бир ерсең,

Душпанға табан тирерсең,
Жылағанды жубатқан,
Жайма-шуўақ бир ерсең,
Балқан таўдай балқыған,
Ийиси мүңкип аңқыған,
Акбөкен қустай бир ерсең,
Қабағың жаман, қар жаўған,
Палўан, өзиң билерсең.
Бағымнан гүллер терсеңе,
Бизиң менен жүрсеңе,
Қәлбим ашық өзиңе,
Барып бийбимди көрсеңе,
Бийбимен дәўран сүрсеңе,
Жылаўыңды берсеңе.
Сары ала атты жетелеп,
Дуўры жолдан төтелеп,
Келе берди екеўи.

Атын бир жайға салды, өзин бир жайға салды, қызларды ойынға айландырды, шатыраш ойып, шашбаў салды, хәр түрли ойын қылды, ярым ақшамда қызларға жуўап берди. Бәри уйқыдан қалған қызлар, хәр қайсысы бир жерде уйқылап қалды. Әне, Шолпанай жайынан турды, ақ йүзине қал қойды, ләблерине пал қойды. Саллана басып, мәрдана кешип, әне, Бозуғланға көринишке үстине келди.

Қыя басын таўланып,
Айтынар сөзин ойланып,
Кирди үстине салланып,
Хасылдан сарпай кийинип,
Оттай бағры күйинип,
Салам берди Шолпанай,
Үш мәртебе ийилип.

Әне, Шолпанайды көрип Бозуғланның табы-тақаты қалмады. — Назлы дилбарым, мойнында тилла тумарың, не себептен кешиктиң мунша назли нигарым, — деп ол мойнына қолды салды, ақ йүзинен поса алды. Сол ўақта Шолпанай арзы етти:

— Атлар шапқан бәлент жоллар пәс болар,
Бул дүньяда дус тилегиң душ болар,
Неке қыймай қол узатып ойнама,
Қазатың бар, ер, жолыңа кес болар.
Таза сайлап бағыңнан гүллер терейин,
Несип болса халқыңда дәўран сүрейин,
Өлтирип келсең Булыт дәўдей бийзатты,
Та өлгенше хызметиңде жүрейин.

Әне, Бозуғлан хатаға кеткен екенмен деп отырды. Молланы әкелип некесин қыйдырды. Әне, булар бир неше күн дәўранны сүрди. Енди патша Аранайға сәлемге барды. Бары-ып турды, сәлем берди. Патша Аранай нәзеркарда киси еди, баланы нәзерлеп көрди. Қарсы алдынан сынады, Қоблан ерге мегзетти, туў сыртынан сынады, туўған ерге мегзетти, шеп ийнинен сынады, қырық палўанның күши бар. Патша Аранай тахтан түсти, «Мен көктен тилеп едим, жерден берди қудайым» деп тахты ишарат етти. Таққа минсе, арыслан, шер шығар деди. Таққа минбесе бул хәм қуры сымбат қара жер шығар деди. Бала сұңқардай сымпыйып таққа минди. Бала таққа минген соң, бала тахтта, Аранай төменде, жөн-жосағын сорады:

— Бәхәр болса бағдан гүллер термедик,
Алтын тахтта қайғысыз дәўран сүрмедик,
Сақалың жоқ, муртың жоқ,
Қол томпайған уртың жоқ,
Бийдайық сынлы қулыным,
Сораған журтта көрмедик,
Атыңның жалы жатыпты,
Узақ жоллардан жортқандай,
Қабағың, балам, қатыпты,
Жол жүрип түнлер қайтқандай,
Залдың улы Рустемдей,
Қулыным, саған жол болсын.
Ол-ол болсын, ол болсын,
Жол айлана қол болсын,
Қудайым берсе, мол болсын,
Қолында бар ойполат,
Астында бар сары ала ат,
Бийдайық сынлы азамат,
Қулыным, саған жол болсын.
Әне, бала сол ўақта патшаға қарап:
— Айрылған көлимнен мен бир сонаман,
Гәхи ушсам, гә шөллерге қонаман,
Алты ай он күн болды халқымнан мен шыққалы,
Атымды сорасаң қайсар Бозуғлан,
Бабахан халқынан келген баламан,
Аңласаң сөзди, хан ата,
Булыт дәўге бизлер келген талабан.
Дәўың болса даўлайман,
Жаўың болса жаўлайман,
Аўың болса аўлайман,
Буйырсаңыз бир ишке,
Бармайман деп турмайман.

Әне, Бозуғланды, он бесинши кеше дәўдиң келетуғын күни еди, он төрт кешеге дейин бақты. Әне, он төртинши кешеде баланы Аранай патша шақырып алды.
— Ой, балам! Атаның улы, ағаның иниси, батыр жигитлерден қасыңа жигит ал, — деди.
Әне, Бозуғлан атасының айтқанын қылмады. Тәнха өзи Булыт дәўдиң алдынан шығып кете берди.

Душпанға табан тирерсең,
Жылағанды жубатқан,
Жайма-шуўақ бир ерсең,
Балқан таўдай балқыған,
Ийиси мүнкип аңқыған,
Ақбөкен қустай бир ерсең,
Қабағын жаман, қар жаўған,
Палўан, өзиң билерсең.
Бағымнан гүллер терсеңе,
Бизиң менен жүрсеңе,
Қәлбим ашық өзиңе,
Барып бийбимди көрсеңе,
Бийбимен дәўран сүрсеңе,
Жылаўыңды берсеңе.
Сары ала атты жетелеп,
Дуўры жолдан төтелеп,
Келе берди екеўи.

Атын бир жайға салды, өзин бир жайға салды, қызларды ойынға айландырды, шатыраш ойын, шашбаў салды, хәр түрли ойын қылды, ярым ақшамда қызларға жуўап берди. Бәри уйқыдан қалған қызлар, хәр қайсысы бир жерде уйқылап қалды. Әне, Шолпанай жайынан турды, ақ йүзине қал қойды, ләблерине қал қойды. Саллана басып, мәрдана кешип, әне, Бозуғланға көринишке үстине келди.

Қыя басын таўланып,
Айтынар сөзин ойланып,
Кирди үстине салланып,
Ҳасылдан сарпай кийинип,
Оттай бағры күйинип,
Салам берди Шолпанай,
Үш мәртебе ийилип.

Әне, Шолпанайды көрип Бозуғланның табы-тақаты қалмады. — Назлы дилбарым, мойнында тилла тумарын, не себептен кешиктиң мунша назли нигарым, — деп ол мойнына қолды салды, ақ йүзинен поса алды. Сол ўақта Шолпанай арзы етти:

— Атлар шапқан бәлент жоллар пәс болар,
Бул дүньяда дус тилегин душ болар,
Неке қыймай қол узатып ойнама,
Қазатың бар, ер, жолыңа кес болар.
Таза сайлап бағыңнан гүллер терейин,
Несип болса халқыңда дәўран сүрейин,
Өлтирип келсең Булыт дәўдей бийзатты,
Та өлгенше хызметиңде жүрейин.

Әне, Бозуғлан хатаға кеткен екенмен деп отырды. Молланы әкелип некесин қыйдырды. Әне, булар бир нешше күн дәўранны сүрди. Енди патша Аранайға сәлемге барды. Барып турды, сәлем берди. Патша Аранай нәзеркарда киси еди, баланы нәзерлеп көрди. Қарсы алдынан сынады, Қоблан ерге мегзетти, туў сыртынан сынады, туўған ерге мегзетти, шеп ийнинен сынады, қырық палўанның күши бар. Патша Аранай тахтан түсти, «Мен көктен тилеп едим, жерден берди қудайым» деп тахты ишарат етти. Тахқа минсе, арыслан, шер шығар деди. Тахқа минбесе бул хәм қуры сымбат қара жер шығар деди. Бала сұңқардай сымпыйып тахқа минди. Бала тахқа минген соң, бала тахтта, Аранай төменде, жөн-жосағын сорады:

— Бәхәр болса бағдан гүллер термедик,
Алтын тахтта қайғысыз дәўран сүрмедик,
Сақалың жоқ, муртың жоқ,
Қоп томпайған уртың жоқ,
Бийдайық сынлы қулыным,
Сораған журтта көрмедик,
Атыңның жалы жатыпты,
Узақ жоллардан жортқандай,
Қабағың, балам, қатыпты,
Жол жүрип түнлер қайтқандай,
Залдың улы Рустемдей,
Қулыным, саған жол болсын.
Ол-ол болсын, ол болсын,
Жол айлана қол болсын,
Қудайым берсе, мол болсын,
Қолыңда бар ойполат,
Астыңда бар сары ала ат,
Бийдайық сынлы азамат,
Қулыным, саған жол болсын.
Әне, бала сол ўақта патшаға қарап:
— Айрылған көлимнен мен бир сонаман,
Гәҳи ушсам, гә шөллерге қонаман,
Алты ай он күн болды халқымнан мен шыққалы,
Атымды сорасаң қайсар Бозуғлан,
Бабахан халқынан келген баламан,
Аңласаң сөзди, хан ата,
Булыт дәўге бизлер келген талабан.
Дәўың болса даўлайман,
Жаўың болса жаўлайман,
Аўың болса аўлайман,
Буйырсаңыз бир ишке,
Бармайман деп турмайман.

Әне, Бозуғланды, он бесинши кеше дәўдиң келетуғын күни еди, он төрт кешеге дейин бақты. Әне, он төртинши кешеде баланы Аранай патша шақырып алды.

— Әй, балам! Атаның улы, ағаның иниси, батыр жигитлерден қасыңа жигит ал, — деди.

Әне, Бозуғлан атасының айтқанын қылмады. Тәнҳа өзи Булыт дәўдиң алдынан шығып кете берди.

Әне, Булыт дәў де пилге минген палўанлары менен келе берди. Алдында буққы таслап жатып Бозуғлан Булыт дәўдин қырық палўанын атып өлтирди. Патша Аранай хәм әскерин сап тутып келе берди. Булыт дәў қыял етти:

Атаңа нәлет ийт ноғай,
Жериң қалың көп тоғай,
Күшигинде таланған,
Ийт ноғай хайўан дем алдың,
Хәр тәрепке қарады,
Хәр тәрепке қараса,
Уллы сайдың ишинде,
Аш жолбарыстай шабынған,
Ғуббалы қалқан жамылған,
Оттай бағры қамылған,
Асынғаны ердики,
Жамылғаны ердики,
Бәри ердин жарағы,
Әне Булт дәў Ер Бозуғланды көрди. Бозуғланды көрип, атын айдап Бозуғланның үстине келди:
— Әй, ноғайым, ноғайым,
Тәннен жаныңды алайын,
Қырық палўанды өлтирдиң,
Дәртиңе қәйтип шыдайын,
Мен де сени өлтирип,
Бир әрмансыз болайын.
Жайын қолға алады,
Оғын орай, гезге шалады,
Бәлентте турған бәдайбат,
Пәстеги турған баланың,
Әдил бойлап жүрегин,
Кериле берип жай тартты,
— Мәртлигиңди билейин,
Тайынбай турғыл, бала, — деп.
Шарлап оқлар келеди,
Шарлап оқлар келгенде,
Ер жолдасы сары ала ат,
Оққа көзин тигеди,
Ағасының тайынбасын биледи,
Нар түйе янлы шөгеди,
Жоқарыдан оқ өтти,
Зәлел етмей ол кетти,
Жаңағы атқан оқларым,
Жоқарырақ кетти деп,
Зәлел етмей өтти деп,
Әдил байлап тағы атты,
Батырдың минген атлары,
Тайынып жолдан кетеди,
Оқ қапталдан өтеди,
Хийлепаз екен аты деп,
Атты байлап тағы атты,
Ат жоқары кетеди,
Оқ төменнен өтеди,
Үш гезек өтти дәўлерден,
Балаға нәўбет жетеди.
Нәўбетимди бер деди,
Мениң де ойным көр деди.
Булыт дәў сонда сөйледи:
— Нәўбет суўда болады,
Урыста турыс болмайды,
Нәўбет деген нең деди,
Қол тартпайман мен деди,
Бозуғландай баланың,
Жумылып еки көзлери,
Қубарып ақша йүзлери,
Жайды қолға алады,
Туқтыйды белге шалады,
Қалмақы ердиң басы деп,
Жүрегиниң тусы деп,

әне, бир оқты керили-ип тартты дейди, жақыннан атқан селки оқ жүректен қырқып бул өтти дейди. Жүректен қырқып оқ өтти, сол ўақытта Булыт дәў айтты: — Атқан оғың шыбын шаққан қурақым кәр етмеди, — дейди,

Тақты жайға гиришти,
Алла оңғарсын хәр ишти,
Қынабынан суўырды,
Бала алмас қылышты.
Пири берген ақ алмас,
Силтегенде жан қалмас,
Шаппай қалса маған мерт,
Кеспей қалса саған жерт,
Бир мәртебе зарп урды,
Рустем янлы ол күши,
Булт дәўди тең бөлип,
Кәбзесинен қақ бөлди,
Бозуғланның қылышы.

Сол ўақытта Булыт дәў: — Сениң шапқан қылышың маған шыбын шаққан қурақым кәр еткен жоқ, — деди. — Ухшатқанман мен астыңдағы атыңа, өкше берип көр, —деди.

— Өкше бер дегениңди билмеймен, тазияна ур дегениң бе? —деди. Сөйтип қолын көтерди, келлеси бир жаққа, гәўдеси бир жаққа түсти. Палўанларын байлап алды, дәўдиң геллесин алды, минди бедеў, желдирди, қайсарлығын билдирди, жүрмегенин өлтирди, гелле менен қосып қалғанларын патша Аранайдың алдына бала айдап келтирди. Әне, Бозуғлан геллени патшаның алдына әкеп қойды.

Ноғайлының бәршеси,
Жетпис жасар қарыясы,
Жетти жасар баласы,
Бәрекелла қулыным,
Әне кайрат, әне күш,
Әне ерлик, әне иш,
Батыр болсаң сондай бол,
Сени туўған анаңнан,—деп,
Халықтың бәри жыйылып,
Балаға пәтия береди.

Әне, бир неше күн ойын берди, бир неше күн жыйын берди, Бозуғланға Аранай патша қызын берди. Той тамаша қылып, ашығы менен қосылып, хәўирлери басылып, ойнай-ойнай жипекшаш баўлар өсилип, булар айшы-әширетин қурды.

Бир неше күнлер Бозуғлан мында болды. Көп дүнья менен Шолпанайды әкеси узатты дейди. Бозуғлан айтты:

— Мен арба менен қашан жетемен, атым менен озып кетемен, — деди. Сөйтип Бозуғлан озды, бир мезгиллерди тай қылып, журтына жетти. Журтына барса, көп бир түри бөтен әскерлерди көрди. Бизиң елди душман алған екен, елатым олжа болған екен деп шетинен қыра берди. Ол адамлар Ерсултанның әскери екен. Ерсултан келип, қарындасын алып, соның тойын берип атыр екен. Әне, Ерсултанға хабар барды. Ерсултан келип буның сазайын алды. Бозуғлан Ерсултанды көрип уялып қалды. — Билмеген уў ишеди, — деди Ерсултан, — қуда кеширсе, мен кеширдим, уялма достым, — дейди. Досты менен көристи, тойды үлкейтти, нар семизин сойды, төрткүллеп ошақ ойды, халық кемиссиз тойды, алтын қабақ атырды, сыбызғы-сырнай тарттырды. Досты Ерсултанға қарындасын берди. Әне, булар мурат-мақсетине жетти.

Енди сөзди Шолпанайдан еситиң. Шолпанайдың хызметкер кәнизи, маңлайы қара, Бозуғланға ашық екен. Әне, жолда киятырып қалаға жақын келген соң: — Бийбим, арзым бар, — деди. — Жолдың тозаңы менен етиңиз кирлеп, шаң басып кетипти. Келиншек болып түскен жер хәм сын болады, суўға шомыл, — деди.

Шолпанай:

— Мен суўдан қорқаман, жүзиўди билмеймен, — деди.

Кәнизек:

— Өзим услап тураман, — деди.

Әне, кәнизек Шолпанайды шешиндирди, қолынан услады, тереңирек жерге барған ўақытта арман ийтерип жиберди. Сөйтип, кәнизек Шолпанайдың липасларын кийди, Шолпанай болып отыра берди. Сөйтип халқына барды. Кәнизек Шолпанайдың орнына келиншек болып түсти. Алдынан шығып, қыз-келиншеклер жаңа түскен келиншекти көрди. Соның арасынша қыз-келиншеклер шығып, екеў-ара, үшеў-ара сыпсың-сыпсың сөз болды. Бозуғланның жеңгелери айтты: — Бизиң Бозуғланның алып келген қызы оңлы емес ғой, көзлери дуздай, мурны биздей, журт ақтарып алған қызы ма, «жигит көзи менен қыз алма» деген,-деди. Бозуғлан буны еситип қапа болды.

Бозуғланның бир ағалары бар еди, мерген еди, бир таранып отырған қуўды көрди. Атайын деп сол қуўды паналап келе берди. Келе берип, енди аттым дегенде, қуў: — Атпа бизди, қайнаға, — деп қоя берди.

— Кийип сарпай әрман билен шайлайын,
Мен хаслымды саған баян әйлейин,
Қойда бағлан қозы едим,
Жылқыда шаңқым боз едим,
Айтырса бермес наз едим,
Әкем менен анамның,
Асыранды ғазы едим,
Аранай деген патшаның,
Шолпанай деген қызы едим,
Қосылмадым сүрекке,
Тикпедим отаў ерекке,
Шалыңды жедим қорекке,
Қайнаға, сен елге қайт,
Бозуғланға усыны айт, —

деп гәпин тамам қылды Шолпанай.

Ендиги гәпти Бозуғланнан еситиң. Бозуғлан шорының қасына барды, қараса, бурынғы Шолпанай емес.

— Хаў, саған не болды? — деди Бозуғлан.

— Жол узақ екен, қарай-қарай көзим дуздай болды, мурным биздей болды, — деди кәниз.

Бозуғлан хайран болды. Усы ўақытта баяғы мерген жигит келди. Бозуғланға қуўдың айтқанларын баян етти. Соннан Бозуғлан көп болып барды, ол қуў услатпады, ушып кетти, ақыры киятырып жолда, ул туўған екен, баланы апарып қойды, балаға қуў келермекен деп. Қуў балаға айланып келди. Баланың қасына түсти, түсти де ушып кетти. — Балаға шорының ийиси сиңип қалған екен, — деди. Бозуғлан сол

ўақта хәммеге жуўап берип, өзи калды. Сол ўақытта қуў Бозуғланның қасына келди. Шолпанай Бозуғланға: — Мениң кийимимди әкеп бер, — деди. Бозуғлан келип қырық арба отын жыйнатты, үстинен липасты шешип алып, отынның басына миндирди, отты берди. Липасты апарып Шолпанайға кийдирди.

Әне, Бозуғлан алтын-гүмислерди ҳаялының қасына үйдирди, келиншекти узатып киятырман деп хабар берди. Сөйтип узатып келди, кәде-кәўметин берди, кәде-кәўметин бермеклик Шолпанайдан калды. Әне Бозуғлан мураду-максетине жетти.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

18-том



# ГҮЛНӘҲӘР

Бабанияз жыраў Ешимбетов варианты

*1969-жылы жазып алынған*



Белгили емес тарийхта,
Өткен заман биринде,
Ертек болып қалыпты,
Хәр миллеттиң тилинде,
Балхы-Бадақшан деген,
Араплардың жеринде,
Қулман деген хан болып,
Кәнизликке алыпты,
Барлық қызды қалдырмай,
Сорап жатқан жеринде.
Гүлнәхәр деген бир сулыў,
Жетилипти буралып.
Беллери сымдай жиңишке,
Қалғандай өзи-ақ оралып,
Қызыл гүлдей жайнаған,
Алтын айдан нур алып,
Алпыс шайыр бас қосып,
Гүлнәхәрдин тәрийпин,
Жаза алмапты қуралып.
Аржағынан Қап таўдың,
Келгендей ушқан хүр алып,
Хүрден де сулыў пәрийзат,
Адамзаттан туўыпты,
Илахийдан жаралып.
Атасы еди Мәткерим,
Анасы қыздың Хәнийпа,
Екеўиниң көргени,
Жалғаншыда сол ғана.
Еки ғәрип мөхминлер,
Алып кетер қызды деп,
Хәр бир күни басынан,
Жыл болып өтти толғанып.
Күнлердиң күни болғанда,
Қыз он төртке толғанда,
Қулман ханнан еки адам,
Келеди қызды сорап.

— Мәткерим аға, биз келдик,
Биз келсек те тез келдик,
Еситкен соң қызыңды,
Есигиңе кез келдик,
Берсең де қызды бересең,
Бермесең де бересең,
Қарсы болып қарыссаң,
Көрмесиңди көресең,
Салып турмыз алдыңа,
Хасыл сөздиң төресин,
Барамыз ханға қызды алып.

Мәткеримдей ғәриптиң,
Еки қасқыр алдында,
Умтылып тур анталап,
Бүлдиргиси темирден,
Жылан тилли қамшы алып,
Ғарры-кемпир екеўи,
Не деп жаўап бериўге,
Тиллери қалды байланып,
Бир-бирине қарайды,
Бежирейип тамсанып,
Иши-баўры өртенди,
Кетемиз деген сөзине,
Қолындағы қызды алып,
Көтере алмай бойын да,
Жер таянып тырбанып,
Бойын тиклеп алды да,
Арысландай ыңыранып.
Мәткеримдей ғәрибиң,
Жәлладларға қарады,
Қарады да жылады,
Сөйлейин деп оқталды,
Сөйлей алмай бийшара,
Бир неше сапар тоқталды,
Көзден ағып қанлы жас,
Жаға-жеңин жуўады.
—Неге турсаң үндемей? —
Деп жалладлар қышқырып,
Бас көзине қарамай,
Қамшы менен сабады.
Сол ўақлары болғанда,
Мәткеримдей бийшара:
— Өлим, өлим, бир өлим,
Ханнан келген қанхорлар,
Қолларыңда өлместен,
Қызымды саған бермеспен,
Жалғызымнан айрылып,
Жер құшақлап өлмеспен,
Тахтта отырған хан харам,
Хан жәллады сиз де харам,
Харамларды жоймасақ,
Басыңды кесип сизлердиң,
Көзлериңди оймасақ,
Териңизди сыйырып,
Түлкидей қылып соймасақ,
Тынышлық жоқ бизге, — деп,
Арысландай жулқынды,
Әждархадай булқынды,
Шымшыққа шапқан қырғыйдай,
Қағып алды қолынан.
Бир жәлладтың қамшысын,
Қамшы қолға тийген соң,
Бас-көзине қарамай,
Еки ийтти сабады.
Екеўиниң басынан,
Қызыл қан жосып ағады.
Өлим алды жан айбат,
Олар да салды ғайратты.
Бир мезгиллер өткенде,
Мәткеримдей ғәрипке,
Екеўи зорлық қылады.
Шыдай алмай майданда,
Ет бетинен қулады.
Сол ўақтында болғанда,

Гүлнәҳәр көрип қалады,
Қолына алып балтаны,
Өткир жүзин қаратып,
Ханнан келген жаўыздың,
Желкесинен шабады,
Және бирин және урып,
Шаққанлық етип Гүлнәҳәр,
Екеўин бирден қулатып,
Қырылдап жатқан қабанның,
Баўызлаўын шалады,
Гүлнәҳәрдей батыр қыз,
Өзине келген душпаннан,
Ашыўын сөйтип алады,
Қолындағы пышақтың,
Басылсын деп жүрегим,
Тамған қанын жалады.
Сол ўақтында болғанда,
Көзин ашып Мәткерим,
Қызыл қанға боялып,
Еки қасқыр қанлы аўыз,
Бул жалғаншы дүньядан,
Тартылыпты танабы.
Буны көрип, Мәткерим,
Ушып турып орнынан,
Қушақлап алып жалғызын,
Маңлайынан сүйеди,
Ҳаслы нашар болса да,
Гүлнәҳәрди Мәткерим,
Арысланға санады,
Қызының ерлик исине,
Атаның мийри қанады,
Еки ҳарам қасқырдың,
Аяғына жип тағып,
Бир ешекке сүйретип,
Шуқанаққа салады.
Соннан кейин Мәткерим,
Ҳаялы менен қызына,
Кеңеспеге бурылып,
Бузылып түри, қарады:
— Оң алты жыл қосласым,
Басымды қосқан басласым,
Ҳәнийпажандай сүйгеним,
Жақынырақ сен де кел,
Жалғыз қызым Гүлнәҳәр,
Жас та болсаң, қарағым,
Ақылыңды сен де бер,
Ханға барса бул хабар,
Төгилмей ме қанымыз?
Залым ханның қолында
Қорланбай ма жанымыз?
Еки бирдей баўырым,
Қалай болар халымыз?
Ақыллы кеңес берегөр,
Саў турғанда жанымыз, —
Деген ўақта Гүлнәҳәр,
Атасына қарады,
Анасын да шақырып,
Жанына жақын алады,
Оң қолы менен атасын,
Сол қолы менен анасын,
Қатты услап алады,
Сөйтип турып Гүлнәҳәр,
Тилинен шықты санасы:
— Алла болғай ҳәр жерде,
Биздей гедей панасы,
Бизге ҳарам көринди,
Туўып-өсип, ер жеткен,
Бадақшан-Балхы қаласы,
Нәсип еткен биз болдық,
Шөлистанның даласы,
Табылар бизге, ата-ана,
Сексеўил, жыңғыл панасы,
Бул жерден гүдер кетейик,
Елди талақ етейик,
Қула дүздиң баўрында,
Өмир сүрип өтейик,
Менин тапқан ақылым,
Буны қалай көресиз?
Меҳрибан ғәрип ата-ана,
Өсирдиңиз екеўиң,
Уяда жалғыз палапан.
Қанат қағып ушарда,
Не көрдиңиз баладан?
Басыңызға түсип тур,
Мен себепли қара аспан.
Себил болар болдыңыз,
Себебинен мениндей,
Ашылмай бахты қарадан,
Жасымда неге өлмедим,
Жуттырғанша сизлерге,
Жалғаншыда қара қан, —
Дедидағы Гүлнәҳәр,
Атасы менен анасы,
Ғәрип болған панасы,
Бузылып баўыр қанасы,
Екеўине қарады.

Гүлнәҳәрдиң бул сөзин,
Булар да мақул табады.
Туўып өскен қаласын,
Егин еккен атызын,
Бағы менен бақшасын,
Ат шабысқан даласын,
Ҳәммесинен қымбатлы,
Киндик қан тамған қара жер,
Туўған жерди қыялмай,
Залым ханның журтында,
Бир төлеге сыялмай,
Халық пенен қатары,
Ғәрип-қәсер байғуслар
Тамақ таўып жей алмай,
Жаңартып кийим кийалмай,

Ар-сар болып жүргенде,
Басына түсти уўайым,
Аңсат қылғай алдыңды,
Жаратқан өзи қудайым.
Жетелесип үшеўи,
Жер төлеге келеди.
Жер төлесин қыялмай,
Үшеўи бирден үн салып,
Ўай-ўай салып жылады.
Бул даўысты еситип,
Кетегинде жатырған,
Еки мәкиш таўығы,
Таўсылғандай дүньяда,
Шоқыйтуғын қаўығы,
Ғурқ-ғурқ етип ғурқылдап,
Шөжелерин ийертип,
Олар да жақын келеди,
Сары ала пышық мияўлап,
Ол да жақын келеди,
Қара күшик қаңсылап,
Босағадан киреди.
Тилсиз хайўан болса да,
Бир бөлениң болғанын,
Барлығы да биледи.
Мырылдап турған пышығын,
Көзи қыймай Гүлнәхәр,
Қолына алып сүйеди,
Қаласаң енди менинсиз деп,
Айрылдым мен де сеннен деп,
Өксип-өксип жылады.
Булардың көрип көз жасын,
Аспандағы алтын күн,
Жүзине ғубар алады,
Тәбийғат та өзгерип,
Аспанды бүркеп қара булт,
Гүлдирмама гүлдиреп,
Шақмақ оты шағылып,
Сел болып жаңбыр жаўады,
Сол ўақтында болғанда,
Ғәрип болған үшеўи,
Керек затын арқалап,
Таўықты берип қоңсыға,
Гүлнәхәрдей пәрийзат,
Пышықты алып қолына,
Күшикти ертип изине,
Жаўын менен аралас,
Жолға раўан болады.
Ағайин-туўған, қоңсысы,
Көрген жанлар барлығы,
Қушақласып көрисип,
Ырзаласып жыласып,
Үлкен жолға салады,
Көрген жанлар буларды,
Мейрими келип изинен,
Көз жаслатып қалады,
Бул кеткеннен кетеди,
Бир талай таўдан өтеди,
Адам билмес, жан жүрмес,
Дәрьяға жақын бир таўдың,
Үңгирине жетеди,
Өзлерине қолайлап,
Бул жерди мәкан етеди,
Дузақ қурып тоғайға,
Қырғаўыл, қоян услайды,
Қармақ ислеп ийнеден,
Дәрьядан балық аўлайды,
Патшасы жоқ, ҳәким жоқ,
Еркин жазық кең дала,
Байлығы сансыз, таўсылмас,
Барлығын көрди айнала.
— Қутқарған болса қутылдық,
Қулман хандай жаўыздан,-
Деп еркинше далада,
Аяғын басып арқайын,
Қолларын жазып алдына,
Бахытлы турмыс етеди,
Ай менен күнниң жарығы,
Усы майдан далада,
Басына еркин жетеди,
Басларын ийип ырғалған,
Сулыў сынлы жапырақлы,
Түрли гүллер ийиси,
Жупар аңқып кетеди,
Түрли құслар күн сайын,
Ҳәр намаға сайрайды,
Буларды көрип Гүлнәхәр,
Гүлдей болып ашылып,
Басына бахыт жетеди.
Анасын алып қасына,
Күшикти ертип изине,
Тоғайдың терип миййўесин,
Кептирип күнге жақсылап,
Қыс азыққа жетерли,
Отыз-қырқ қап етеди.
Жүрекке қатқан қайғы шер,
Есинен шығып кетеди.

Ендиги сөзди еситиң,
Балхы-Бадақшандағы,
Зулым ханнан, Қулманнан.
Бул хабарды еситип,
Әждарҳадай пуўланды,
Оқ жыландай уўланды,
Алпыс еки ҳәмелдар,
Отыз еки мөхирдар,
Барлығын жыйнап алдырды,
Пәрман берди оларға,
Жети күнниң ишинде.
Пашшапларды өлтирген,
Ҳасылы Дәў болса да,
Я әждаҳар болса да,
Жин менен шайтан болса да,

Жерге кирсе ин қазып,
Аспанға ушса қол жазып,
Қап тауынан асса да,
Батырларым, табасаң,
Қайдан тапсаң, соннан тап,
Тауып алып келесиз,
Табылмаса сол душпан,
Зорлығымда қыйналып,
Дар астында өлесиз,
Тауып келген адамды,
Оң жақта уәзир қыламан,
Генже қызым Қунқарша,
Артық туўған суңқарша,
Қунқаршадай арыўды,
Жарлы болсын, бай болсын,
Ғарры болсын, жас болсын,
Жуп-жупыны кийинген,
Үсти басы лас болсын,
Қойнына саламан,
Күйеў қылып өзиме,
Алтын қабақ аттырып,
Нақыра-сырнай тарттырып,
Удайы қырқ күн той қылып,
Некасын қыйып беремен.

Ендиги сөзди еситиң,
Қол астында халықтан.
— Қутыламыз деп хан салған,
Аўыр налог-салықтан,
Ақ жарылқап бақ қонса,
Ханның қызын аламыз,
Ханға күйеў боламыз.
Қартайып келген шағында,
Тахтын берсе Қулман хан,
Уллы Балхы-Бадақшан,
Халқына патша боламыз,-
Деп қуўанып, масайрап,
Ақсақал, болыс, аталық,
Келле кесип үйренген,
Жәлладлар менен қалтаман,
Қарыў-жарақ қолға алып,
Қаладан шықты тоқсан сан,
Қуўыс пенен қолтықты,
Үш ай бойы аралап,
Қайтып кетти изине,
Сексен сегиз аламан.
— Шайтан болып кетсе де,
Гөхи Қаптан өтсе де,
Оларды таппай қатпайман,-
Деп серт етти, өзине,
Салдар деген қарақшы.
Ол Салдарға қосылып,
Бирге кетти қан ишер,
Мийиримсизлер баслығы.
Қалдар деген тарақшы.
Бул екеўи тынбастан,
Гезди майдан даласын,
Бес ай тынбай гезсе де,
Көрмеди де, билмеди,
Булардың барған қаласын.
Күн-түн демей жол жүрип,
Баспаған шөли қалмады,
Аспаған бели қалмады,
Кешпеген көли қалмады,
Бармаған ели қалмады,
Көрингеннен сорап жүр,
Хабарын берген болмады.
Алты күн болды, адасып,
Уллы тауға келгели,
Жолдан-изден дерек жоқ,
Бағдар алып жүргели,
Ашлықтан кетти дәрманы,
Сонындай күтә қор болды,
Өлер халға келгенде,
Әйне песин ўағында,
Жетип келди екеўи,
Булар жатқан үңгирге.
Тимискенип сағалдай,
Үңгирге кирип келеди,
Бес ай бойы табалмай,
Излеп жүрген адамды,
Үңгирде көзи көреди,
Қаплаўлы алтын тапқандай,
Екеўи бирден мәс болып,
Кеўли де тасып, халласлап,
Сәлем берип сораспай,
Аманлықты билместен,
Айбат менен бақырып,
Өлетуғын қораздай,
Песин ўақта шақырып,
Пәтленип сөйлей береди:

— Ханның еки пашшабын,
Екеўин бирден өлтирип,
Елден қашқан сизлер ме?
Балығымды үркитип,
Көлден қашқан сизлер ме?
Жылқыларды қорқытып,
Желден қашқан сизлер ме?
Хан сарайын қулатып,
Ханның қызын жылатып,
Шөлге қашқан сизлер ме?
Шағал қусап ин қазып,
Гөрден қашқан сизлер ме?
Жанларың аман турғанда,
Бер жаўабын бизлерге,
Ханнан келген батырмыз,
Екеўмиз де арыслан,
Жүз адамға татырмыз.
Қысқартып айтсам сөзимди,
Жаныңызды алатуғын,
Әзирейлимиз сизлерге,-

Дедидағын қынаптан,
Суўырып алды қанжарын,
Аларып қарап ҳарамлар,
Бадырайған көз бенен,
Баўрын тилип баратыр,
Ашшы-ашшы сөз бенен.
Аўырып жатқан Мәткерим,
Өлер ҳалға келгенде,
Ийтлерге дуўшар болдым деп,
Төсекте жатып еңиреди.
Сол ўақлары болғанда,
Қан жалаўшы залымлар,
Сандырақлап турғанда,
Шаққанлық пенен Гүлнәхәр,
Садақты қолға алады,
Гириске қолы барады,
Қақ жүректен қосарлап,
Қандарды гөзлеп урады,
Гүлнәхәр атқан ақ масақ,
Гөзлеген жерден шығады,
Түбин ескен теректей,
Теңселип жерге қулады.

Сол ўақлары болғанда,
Батыр туўған Гүлнәхәр,
Екинши оқты гезеди,
Ҳайяр залым Салдар да,
Өлерин қатты сезеди,
Күле шырай жүз бенен,
Қызға қарап қыңқ етти,
Еки қолын көтерип,
— Бағындым, — деп мыңқ етти.
— Бағынған болсаң атпайын,
Тасла, — деди, — пышақты.
Сол ўақтында жалмажан,
Ылақтырып таслады,
Қасына түскен пышақты,
Гүлнәхәр қолға алады,
Жарқыраған жәўҳарды,
Қынабына салады,
Соннан кейин Гүлнәҳәр,
Атасын бери шақырды,
-Мынаў турған ҳайўанның,
Қолын беккем байла,-деп,
Атаға берди буйрықты.
Мәткерим барып иргеден,
Есилген қызыл кендирден,
Арқанды қолға алады,
Салдарға жақын барады,
Буны көрип Салдардың,
Өлери көзге көринди,
Өлимге таппай хеш шара,
Қоян қусап қалтырап,
-Буйтип өлип кеткеннен,
Табылар ма пайда,-деп,
Өлим-өлим, бир өлим,
Асылысып өлейин,
Қолларымды байлатпай,
Шығарайын жанымды,
Еки қолды байлатып,
Ғапыл қалып соңында,
Ағызбайын қанымды,-
Деген мақсет-ой менен,
Өрре ушып турады.
Байлайман деп барғанда,
Мәткеримдей ғаррыны,
Қапсыра берип қушақлап,
Асырма жамбас салады,
Түбин кескен ағаштай,
Мәткерим жерге қулады.
Буны көрип Гүлнәхәр,
Ертип елден әкелген.
Кишкентай қара күшиги,
Ийт болған ели қасқырдай,
«Қара қус» деп қышқырды,
Арысландай «Қара қус»,
Оқтай атып жайынан,
Қара жүрек Салдардың,
Сыйрағынан алады,
Ийт сыйрақтан алғанда,
Өзи де жетип барады,
Анасы да көмекке,
Олда келип қалады,
Ҳәр қайсысы тум-тустан,
Салдарға күшти салады,
Өлдим-талдым дегенде,
Төртеўи зорға жығады,
Ашыў менен Гүлнәхәр,
Көзине қанжар суғады,
Пышақтың тийген зарпынан,
Атлығып көзи шығады,
Көзин ойып Салдардың,
Қолын да беким байлады,
Оннан кейин Гүлнәхәр,
Ҳүрметиңе ҳүрмет деп,
Зийнетиңе зийнет деп,
Сен қусаған залымға,
Лайық сондай хызмет деп,
Хош келипсиз, қонақлар,
Деп жол болсын сорады,
Айт жөниңди сен, деди,
Қулман атлы ханыңыз,
Халыққа жөнсиз болса да,
Сиздейлерге жөн, деди,
Жаманлық қылған аламның,
Жаманлығын алдына,
Келтиремен мен, деди,
Сөйле батыр, сөйлеңиз,
Ҳал жайыңнан хабар бер,
Не деп келдиң бул жерге,
Арзың болса айтабер,
Балхы-Бадақшандағы,

Қулман ханнан хабар бер,
Қол астында қорланған,
Барлық жаннан хабар бер,
Үмитиң болса жаныңнан,
Көргениңди көргендей,
Билгениңди билгендей,
Бирин қоймай айта бер,
Айта бер, батыр, айтабер.

— Айтар едим қалдырмай,
Саў турғанда көзлерим,
Ел бүлдирген байталша,
Сендей болған ҳарамы,
Айғырдан қашқан байталға,
Айтарлық сөз менде жоқ.
Енди мени аяма,
Басымды да кесе бер,
Жерик болсаң, баўызлап,
Қанымды да ишебер,
Аяма енди сен мени,
Ылайықлап бойыма,
Кепиними пише бер,-
Деген ўақта Гүлнәҳәр,
Жанына жақын барады,
Пәнже урып ҳарамның,
Булшық етин бурады,
Азап берип жанына,
Гүлнәҳәр саўал сорады.
Шыдай алмай Салдарың,
Қайыл болып айтпаға,
Қызға мойын бурады,
Гүлнәҳәрдиң алдында,
Кесилмеген қызыл тил,
Бүлбүлдей сайрап турады.

— Не деп келдиң бул жерге,
Мақсетиңди айтасаң,
Расыңды сөйлесең,
Тирилей елге қайтасаң,
Егер рас айтпасаң,
Қара жердиң топрағын,
Баўырыңа тартасаң.
Қулман ханнан хабар бер,
Сөйлей бер сөздиң дурысын.

Сол ўақлары Салдарың:
— Сорама Қулман ханыңды,
Хан болмай өлсин, қурысын,
Исенимли алдында,
Еки адамы өлген соң,
Қол астында бағыныўшылы,
Халқынан қорлық көрген соң,
Пәрман берди бизлерге,
Шығарды қуўып дүзлерге.
Бес ай бойы табалмай,
Излеп келген себебим,
Атаңа нәлет Қулман хан,
Жарлық нама жаздырды.
Таўып келген адамға,
Беремен деп қызымды,
Кеўлимизди аздырды.
Шайтан салып ғалаўыт,
От жоқ жерде жүрекке,
Муҳаббат отын жандырды,
Уллы ханға күйеў боп,
Жетесең деген тилекке,
Сөйтип жүрген басымыз,
Өзи келип илинди,
Жипсиз келип шеңгекке.
Кеўлиңе мәлал келмесе,
Бир аўыз сорар сөзим бар.
Оннан соң мени өлтирсең,
Өзиңде, — деди, — ықтияр.
Деген ўақта Гүлнәҳәр:
— Айт сөзиңди, ақжан,
Қандай сораў сөзиң бар?
Бул сораўға Саладарың,
Қайрылып мойнын бурады,
— Ханның еки батырын,
Өлтирген батыр сиз бе? — деп,
Қыздан саўал сорады.
Шақақлап күлип Гүлнәҳәр,
Салдарға қарсы қарады:
— Егер өлтирдим десем,
Не қылар едиң бизге? — деп,
Қыз Салдардан сорады.

— Биреў жылап турғанда,
Күлмесин деген нақыл бар,
Ҳаслыңа тартып күлесең,
Егер еркек болғанда,
Күлмес едиң, Гүлнәҳәр,
Қолыңа түстим ғапылда,
Ғапылда қалып қурыдым,
Еки көзден айрылып,
Бир көзим аман болғанда,
Мен-мен деген батырдың,
Биреўи едим ғажжағар.
Жығылса қулан қудыққа,
Қуласына үймелеп,
Уя салар бақалар,
Деген сөзи келип тур,
Бурынғы өткен заманда,
Айтып кеткен аталар,
Ата менен бабаның,
Сөзинде жоқты қаталар.
Қара көзим болғанда,
Қолыңда бүйтип турмас-ем,
Бир байталлық қатыңға,
Тирилей олжа болмас-ем,
Пышықты тышқан жыртқандай,
Теримди алып турыпсаң,

Не дейин саған Гүлнәхәр.
Тәғдирим сениң қолында,
Сол себептен Гүлнәхәр,
Және сеннен сорайман,
Күлки қылып сен мени,
Ыржақлама шайтандай,
Оқыранып киснеме,
Айғырға келген байталдай,
Мениң сорап турғаным,
Айт расын Гүлнәхәр.
Қандай адам қолында,
Турғанлығым билейин,
Қандай қанхор қолында,
Қурбанлыққа шалынып,
Турғанлығым билейин,-
Деген ўақта Гүлнәхәр,
Ашыўы қатты келеди.
Кирпигине муз қатып,
Қабағынан қар жаўып,
Салдарға қарап сөйледи:

— Атаңа нәлет зоң ғарға,
Хаслың сениң харамды.
Жүндиги узын қузғындай,
Өз хаслыңа тартасаң,
Ата-анам алдында,
Хайўанға теңеп сен мени,
Қандай сөзлер айтасаң?
Қай қыздың тойында,
Байраққа минип шапқансаң,
Мойныма дорба илип,
Қайсы ақырда баққансаң?
Басыма салып ноқтаңды,
Қандай арқан таққансаң?
Я болмаса, нәлетий,
Мойныма салып жүўенин,
Байраққа минип шапқанды,
Көзиң менен көрдиң бе?
Який, аға-инине,
Жүўен салып бердиң бе?
Келмеген соң қолыңнан,
Ерлердиң қылар жумысы,
Күшиктей болып талайсаң,
Пышықтай болып тырнайсаң,
Есер болған түйедей,
Жиниңди шашып аўзыңнан,
Қатыннан жаман қарғайсаң.
Бул ерликтиң иси емес,
Ойланып қара исине,
Алып қара, әй жаўыз,
Сөзлериңди есине,
Харамының туўысы,
Жоқ қатынша хуўышы.
Ер болғанда түспес-ең,
Урғашының қолына,
Айғыр да болсаң қарақшы.

Байталшаның қолында,
Турғаныңды көрдиң бе?
Қатын да болсам абайла,
Сен қусаған асаўдың,
Мойнына буғаў салғанман,
Полат суўлық шайнатып,
Ерлигимди билдирип,
Үстиңе минип алғанман,
Әйне он төрт жасымда,
Ханның еки қошқарын,
Қурбанлыққа шалғанман,
Мен-мен деген ерлердиң,
Таўықтай мойнын жулғанман,
Атымды айтсам Гүлнәхәр,
Қатыннан шыққан палўанман,
Исенбесең сен оған,
Көзиң барда көрдиң ғой,
Қасындағы палўанның,
Маңлайынан урғанман,
Әне, сендей батырдың,
Сырт терисин сыйырып,
Томағаға қондырып,
Қустай қылып сайратып,
Гелдирип қолда турғанман,
Ашылмаған гүлиңди,
Ғумшасынан жулғанман.
Тирилик тиң рәўшаны,
Көзлериңди ойғанман,
Қандай Арыслан болсаң да,
Қандай Қоблан болсаңда,
Өмириңди жойғанман,
А, Салдаржан, Салдаржан,
Қатын болмай, ер болсаң,
Неге ерлик қылмадың?
Мен қусаған байталдың,
Аўзына салып суўлықты,
Үстиме минип алмадың?
Қулман хандай ханына,
Неге алып бармадың?
Абырой алып патшадан,
Оң жағында Қулманның,
Неге ўәзир болмадың?
Қунқаршадай хан қызын,
Атағы асқан сулыўды,
Қатынлыққа сен алып,
Ханға күйеў болмадың?, —
Деген ўақта Салдарың:

— Сендей батыр қолынан,
Өлсем енди ырзаман,
Ҳақ жаратқан қудайға,
Өлтир мени, батыр,-деп,
Гүлнәхәрдей нашардың,
Аяғына жығылды,
Аўзы-басы салдардың,
Топыраққа тығылды.

Буны көрип Гүлнәҳәр,
Райынан қайтады,
Бурылып ата-анаға,
Мынаў сөзди айтады:

—Ақ сүт берген меҳрибан,
Атам менен жан анам,
Өлтирмей-ақ қояйық,
Тири болып жаў болмас,
Өлтирген менен жер толмас,
Кетер болса, қолын шеш,
Азар бермей, ата-ана,
Қайтарайық елине, —
Деген ўақта Мәткерим:

— Ханға барса шәткерим,
Бул күнлерден айырар,
Жаманнан тийер кесапат,
Және баска келмесин,
Қулман ханнан мусаллат,
Жиберсегөрме, жан балам,
Сокыр да болса елине,
— Өлтир, — деди, — жаўызды.
— Тисин қайрап шошкадай,
Бир күн салар аўызды,
Жиберме жаўды елине,
Ўақты жетпей, жалғызым,
Қазан урар гүлинди.

Сол ўақлары болғанда,
Акыллы ҳайўан «Қара қус»,
Сыйпаңлатып қуйрығын,
Тили менен жалап тур,
Тамақ ишер жалағын,
Буны көрип Ҳәнийпа,
Бир аўыз да сөз қоспай,
Қызы менен ерине,
Ошағына от жақты,
Азанда услап әкелген,
Қазанға салып шабағын,
Уйқылап жатқан пышығы,
Балықтын алып ийисин,
Орнынан турды мияўлап,
Отка таман киятыр,
Шаққан басып аяғын.

Салдар турып сол жерде,
Және тағы сөйледи,
Жазыңқырап қабағын,
Бир неше рет қылқынып,
Қырыңқырап тамағын:

— Мени тири жиберме,
Зулымханның елине,
Гүлнәҳәржан қарағым,
Зинҳар сеннен сорарым,
Өз қолыңнан өлтирип,
Өз қолыңнан көмегөр,
Усы таўдың даласы,
Мәкан еткен жериңе.

Буны еситип Гүлнәҳәр,
Атасына қарады,
— Не қыламыз, ата? — деп,
Атадан кеңес сорады.

— Не қылсаң да, қарағым,
Ықтияры өзиңде, —
Дегеннен соң Гүлнәҳәр,
Салдарға жақын барады,
Қолын шешип алады.
Қан саўлаған көзинен,
Ийт тислеген аяғын,
Жалбырап турған қулағын,
Жыллы суў менен жуўады,
Сондай жақсы тазартып,
Дәри сеўип жараға,
Шүберек пенен танады,
Усындай меҳрибанлыққа,
Еңиреп Салдар жылады.
Қыздың мынаў исине,
Сондай ырза болады,
— Кеширегөр, қарағым,
Жаныңа қатты тийгендей,
Жан ашыўға шыдамай,
Бир еки аўыз сөзимди, —
Деп кеширим сорады.
— Өлтирмедиң, аядың,
Қарындасым, жанымды,
Төкпедиң жерге қанымды,
Өзиң нашар болсаң да,
Ерден зыят ерлигиң,
Ерлигиңди көрдим мен,
Сонлықтан да қарағым,
Ата-анаң алдында,
Бир алланың атынан,
Ант-суў ишип айтайын,
Айырсаң да көзимнен,
Ҳеш жаманлық қылмасқа,
Шайтан жолға азғырып,
Сум нәпсимнен жазбасқа,
Гүлнәҳәржан, қарағым,
Қыямети күнгеше,
Туўысқан ағаң болайын,
Егерде етсем жаманлық,
Яратқанның алдында,
Көткеншеклеп барайын.
Мени енди санама,
Бурынғыдай ҳарамға,
Кәлле кесип, қан төгер,
Минези бузық адамға,
Мәткерим менен Ҳәнийпа,

Гүлнәхәрдей батырдың,
Мехрибан ақ сүт бергени,
Ойыңызға келтирме,
Қызыма қолын салар деп.
Алдағы ўақта қызымның,
Бахтына қара болар деп,
Ашылмаған ғумшасы,
Ашылмай суўық шалар деп,
Менде болмас хеш қашан,
Онындай жаман бийәдеп,
Бийәдеплик ис қылсам,
Оллаҳый замийин болайын.

Бул сөзди айтып болғанша,
Балық та писип қалады,
Тас табақты толтырып,
Төртеў болып табақты,
Ортасына алады.
Нешше күнлер аш жүрген,
Арқайын жеп балықты,
Сорпасына қанады,
Ийт пенен пышық булар да,
Сыбағасын алады.

Бүгинги күнди батырып,
Ертеңги таңды атырып,
Анасы менен қыз кетти,
Қармағын алып балыққа.
Салдар соқыр, ғарры аўырыў,
Екеўи үйде қалады,
Бир неше айлар ҳәм жыллар,
Усы таўдың баўрында,
Төртеўи бирге қалады,
Азық-түлик мол жыйнап,
Таўдың өрип тасынан,
Жатқан үңгир қасынан,
Жақсылап бир жай салады,
Сермеленип Салдар да,
Аянбай көмек қылады.
Жайды салып болған соң,
Жип ийирип кендирден,
Аў да тоқып береди,
Қызыл кендир торқасын,
Өрмекке салып ийирип,
Кийим тигип кийеди,
Аяққа тикен кирместей,
Аң терисин бүреди.
«Робинзон Крузо»дай,
Көп жыл дәўран сүреди.
Күнлердиң күни болғанда,
Ғаррылық жетип басына,
Төсекте жатып Мәткерим,
Әрман менен өледи.
Гүлнәхәрдей жалғызы,
Ақ жаўып арыў кепинлеп,
Жаназасын оқытып,

Жылап еңиреп илажсыз,
Жайғастырды атасын.
Арадан көп күн өтпей-ақ,
Ай өтип жылға жетпей-ақ,
Анасы да өледи.
Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Басына түсип жетимлик,
Жүзин жыртып, қан жутып,
Жер тепсинип жылайды.
Жылап-еңиреп бийшара,
Ақ сүт берген анасын,
Мехрибан баўыр қанасын,
Қолы менен тазалап,
Анасының денесин,
Ақ кепинде орайды.
Атасының қасына,
Алып барып анасын,
Атасын қалай жерлесе,
Анасын солай жерлейди.
Атасы өлген ўағында,
Көмек берген ағасы,
Анасы енди өлген соң,
Өлди ме, баўырым, анаң деп,
Қыяметлик ағасы,
Жанына жақын бармайды.
Гүлнәхәрдей парийзат,
«Қара қус»тан басқаны,
Достым деп енди билмейди,
«Қара қус»ты ол ертип,
Қос моланы қушақлап,
Бурынғы жылаў жылаў ма,
Шашларын жулып бийшара
Жоқлап ата-анасын,
Айтып жылай береди:

— Ах, ата-ана, ата-ана,
Кеўлиңди бәржай ете алмай,
Мақсетиңе жете алмай,
Өмириңде көрген жалғызды,
Қондыра алмай уяға,
Сизлер де қалдың, мен қалдым,
Елсиз, күнсиз қыяда,
Жүреклерге шер болды.
Бәринен де зыяда,
Бул жалғаншы дүньяда,
Бизлердей болған барма екен?
Залым ханның дәрдинен,
Бүлгин түсип басына,
Басын урған барма екен?
Таўдың қара тасына,
Баласы ушын дүньяда,
Зәҳәр жутқан барма екен?
Палдай болған асына,
Баўрым атам, жан анам,
Күлки болып кеттиңиз,
Душпан менен достыңа,

Дүнья-дүнья болғалы,
Мола салған барма екен,
Усындай таўдың басына?
Мендей болып жылаған,
Бул дүньяда барма екен?
Қос молаға асыла,
Мени неге шақырып,
Алмайсызлар, ата-ана,
Үшеў болып жатпаға,
Жалғызыңды қасына?
Аясайшы, ата-ана,
Жалғыз қалдым жапанда,
Енди қайда бараман,
Аяғым жоқ, қолым жоқ,
Қутылғандай мүшкилден,
Жол танып жүрер көзим жоқ,
Аўылым жоқ, елим жоқ,
Ғаздай қонар көлим жоқ,
Апа да жоқ, сиңли жоқ,
Жалғыз ийтимнен басқа,
Аға да жоқ, ини жоқ,
Жабайы таўдың басында,
Басыма түсер күним жоқ,
Сизлерге келген сум өлим,
Сизлерге келди, маған жоқ.
Әзирайыл жан алғыш,
Жаныма пәнже салған жоқ,
Жүрегимниң басынан,
Суўырып жаным алған жоқ,
Сизлер түскен қәбирге,
Мени де қоса салған жоқ,
Қараң қалғыр дүньяда,
Сум пайманам толған жоқ,
Ашылмаған гүллерим,
Жапырағынан солса да,
Тамырынан солған жоқ,
Шала-жансар жаным бар,
Қуўрайдай қуўрап қалған жоқ,
Ақ жаўып, арыў кепинлеп,
Сизлерди салдым қәбирге,
Егер, өлсем ертеңи,
Топырақ салар үстиме,
Бул тоғайда адам жоқ,
Ғарға менен қузғынға,
Жем боларға гуман жоқ,
Әй, яратқан қудайым,
Залым ханның дәрдинен,
Ойнап өскен аўылдан,
Қәўендер болар дослар жоқ,
Жаныма ортақ болғандай,
Қәўендер жоқ, қостар жоқ.
Аясында әлпешлеп,
Әў-әўлетип күлдирген,
Қолларымнан жетелеп,
Ғаз-ғаз басып жүрдирген,
Тилим шыққан ўағында,
Шүлдирлетип сөйлетип,
Жыйналысып күлисип,
Жүзиме қызыл ендирген,
Жақсы менен жаманды,
Жаслығымда билдирген,
Маңлайымнан жуп сүйген,
Алламурат, Кәримбай,
Еки бирдей дайым жоқ,
Усындай болған халымды,
Мехрибанлар билген жоқ.
Бизлер елден кеткенде,
Бизлерди олар көрген жоқ.
Олар қайда, мен қайда,
Әй, жаратқан қудайым,
Оларды меннен айырдың,
Мени бундай еткендей,
Қай пейлимнен жаңылдым?
Қайсы жолдан адасып,
Не қылдым, қудай, не қылдым?
Бул жалғаншы дүньяда,
Пәрлеримди шығартпай,
Қызыл қанат болғанда,
Қанатымды қайырдың,
Қулмандай харам ханлардың,
Харам мойнын қайырмай,
Бизлердей жетим-жесирдиң,
Қайырдың мойнын, қайырдың.
Анасынан айрылған,
Ылағындай кийиктиң,
Айрылып ата-анадан,
Шөлистанның дашында,
Бийик таўдың басында,
Тилсиз, ессиз жәниўар,
«Қара қус»ымнан басқа,
Қәўендер жоқ, қостар жоқ,
Жалғыз қалып жылайман,
Елсиз шөлистанларда,
Ийтти қылып, жолдасым,
Не қылдым, қудай, не қылдым,-
Деп Гүлнәхәр бийшара,
Гә қәбирди қушақлап,
Жанымда қалған жапакеш,
Қуў басымның жолдасы,
Мехрибан «Қара қус»ым деп,
Гәхи ийтти қушақлап,
Гүлнәхәр өксип жылады.
Хаслы хайўан болса да,
Көзлерине жас алып,
Көтермей басын жәниўар,
Көзден аққан жас пенен,
Қыз етегин булады,
Буны көрип Гүлнәхәр,
Есинен танып қалады,
Гүлнәхәр естен кеткен соң,
Гүлнәхәрди өлди деп,
Енди жалғыз қалдым деп,

Гүлнәхәрди ийискеп,
Қаңсылап, сыңсып жәниўар,
Гүлнәхәрдиң үстине,
Қушағын жая қулады.
Бир неше ўақыт өткенде,
Есине келип Гүлнәхәр,
Гүрсинип демин алады.
Көзин ашып қарады,
Көзин ашып қараса,
Тумсығын тиреп ийискеп,
Басын қойып төсине,
Жатырған ийтти көреди,
Ийттиң басын көтерип,
Қарағанда Гүлнәхәр,
Жас орнына қан аққан,
Көзлеринен жәниўар,
Ийттиң опа екенин,
Усы жерде Гүлнәхәр,
Хақыйқаттан биледи.
Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Жапакешим, жапам деп,
Опакешим, опам деп,
Ҳарам деп те жийренбей,
Аўзынан сүйип алады,
Және де басын құшақлап,
Дизесиниң үстине,
Ийттиң басын салады.
Гүлнәхәрдей пәрийзат,
Ийтине ырза болады.
Буны көрип «Қара қус»,
Көзин ашып жәниўар,
Гүлнәхәрге қарады,
Усы жерде «қара қус»,
Қуўанышын билдирип,
Бир неше үрип алады.
Көп жылаған себепли,
Гүлнәхәрдей сулыўдың,
Жылаўға да үн шықпай,
Қарлығады тамағы,
Екеўиниң көзинен,
Аққан қанлы жасына,
Астындағы қара жер,
Суўғарылып қанады,
Зәхәрдей ашып барады,
Көзлериниң қабағы,
Қанша жылаған менен,
Әжел келмей өлмек жоқ,
Таўсылмаса алар дем,
Тирилей гөрге кирмек жоқ,
Көзиниң жасын тоқтатып,
Шүкир етип аллаға,
Таўдың тасын жыяды,
Екеўиниң үстине,
Естелик гүмбез салады,
Азықларын әкелип,
Бир ай бойы тынбастан,
Сол гүмбезди салады,
Түрли жапырақ гүллерден,
Түрли бояў қылады,
Өз қолынан Гүлнәхәр,
Жақсылап нақыш салады.
Өлиге гүмбез салмақлық,
Кейингиге жол болып,
Гүлнәхәрден қалады.
Куслар келип қонсын деп,
Гүмбезге сая болсын деп,
Бас жағына гүмбездиң,
Қараман, гүжим нәлшесин,
Көтерип әкеп қадады,
Күн-түн тынбай Гүлнәхәр,
Күши кетип жадады,
Бул ислерди питирип,
Мәрресине жетирип,
«Қара қус»ты ийертип,
Жайына қайтып келеди.
Қайтып келсе жайына,
Салдарды сонда көреди,
Бурынғыдай аға деп,
Гүлнәхәр сәлем береди.
Сол ўақта Салдар ағасы,
Мени таслап үңгирге,
Қайда кетип қалдың деп,
Қандай жерге бардың деп,
Писент етпей сен мени,
Қайсы ханның журтынан,
Жигит таңлап алдың деп,
Ашыўланып сөйледи:

— Ҳәй, ағажан, ағажан,
Ақыллы ма деп едим.
Бул жәҳанда сениңдей,
Жоқ екен сирә ҳеш ладан,
Билмейсең бе, ағажан.
Атам менен анамның
Өткенлигин дүньядан?
Жерлеў ушын анамды,
Сеннен көмек сорадым,
Көтериўге табытын,
Маған көмек бермедиң,
«Қара қус»ты мен ертип,
Жалғыз өзим табытты,
Атамды қойған қәбирдиң,
Қасына шекем сүйредим,
Екеўин қойып бир жерге,
Таўдың жыйнап тасынан,
Ылай қылып ийледим,
Көзимниң аққан жасынан,
Тамағымнан өтпеди,
Нешше күнлер ас-у-нан,
Сөйтип жүрген басыма,
Таяқ пенен урғандай,
Қандай сөзлер айтасаң?

Мениндей болған қаралы,
Қара маңлай сорлыға,
Халымды билмей хеш кашан,
Ийт етектен алғанда,
Сен аласаң жағадан,
Ондай ашыў еткендей,
Не қылып едим ағажан? —
Деген ўақта ағасы,
Қасыма жақын кел деди,
Бир айдан аса күн болды,
Аўырғалы мен деди,
Аясаң мени, қарағым,
Мениң емим сен деди.
Тәғдирине алланың,
Тәўбе етип көн деди.
Аға деген сөзиңди,
Бүгиннен баслап, Гүлнәхәр,
Еситпейин мен деди.
Енди мени аға деп,
Айтыўыңды қой деди,
Маңлайына жазылған,
Өмири шерик жолдасың,
Гүлнәхәр сулыў, мен деди,
Қутлы болсын сен айтып,
Сүйдирмеге жүзиңнен,
Керилип, жаным, кел деди,
Бул дүньяда көрмеген,
Түрли ойын-қызықты,
Енди меннен көр деди,
Қудай айдап келгенди,
Сениң менен жасаўға,
Усы таўдың басында,
Екеўимизди бир деди,
Керек емес маған да,
Өзиңнен басқа хүр деди,
Үстиндеги кийимди,
Шешип таслап Гүлнәхәр,
Қушағыма кир деди.
Сендей хасылзаданың,
Гүл жүзине жарасқан,
Болайын гәўхар нур деди,
Қайғы-дәртиң тарқасын,
Қабағыңды жайнатып,
Гүл жүзиңди бур деди,
Өлеринин алдында,
Айтқан еди атаң да,
Атаның сөзи сол деди,
Жасың да келди, Гүлнәхәр,
Он тоғызға доланып,
Бир жигитти қушақлап,
Жататуғын ўақытың,
Қыпша белиң буралып,
Екеўимизден басқа хеш,
Бул таўларда адам жоқ,
Турманыз қашып уялып,
Зарапшан жипек шашыңды,
Орайың жумыр билекке,
Жүрекке қойып жүректи,
Жеткерейин, Гүлнәхәр,
Ойыңдағы тилекке,
Жығылмассаң хеш ўақыт,
Тиресең беккем арқаңды,
Биздей нәрўан терекке.

Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Салдарға қарап сөйледи,
Сөйлегенде не деди:

— Атаңа нәлет, гөрдемше,
Өз хаслыңды билмейсең,
Батыр деп мақтап өзиңди,
Аш бүркиттей талпынып,
Шығалмас таўға өрлейсең,
Алатуғын арысландай,
Ыңыранасаң, гүнирейсең,
Сермеленип отырып,
Айтар сөзди билмейсең,
Аспандағы жулдызға,
Қуйыда жатып қолыңды,
Услайман деп сермейсең,
Ай қасында :ркерге,
Гөрде жатып терлейсең,
Шошқадай болып қорсылдап,
Есиктен төрге көлбейсең,
Машрыптағы қымызға,
Мағрыпта турып шөллейсең,
Шолпанды көрип шалығып,
Хәмириме көн дейсең,
Қолыңды былғап аспанға,
Кир қойныма, кел дейсең,
Суў астында қундызды,
Сыйпаланып отырып,
Аламан услап мен дейсең,
Алдағы ўақта қалайша,
Тиришилик етиўди,
Залым Салдар, билмейсең,
Бүртик шықпас шақаңа,
Қай жақлардан гүллейсең,
Атаң берди маған деп,
Сөзиңди және түрлейсең,
Усы мынаў халыңа,
Жанып турған шамыңды,
Өширемен деп үрлейсең,
Жалғыз қалып жапанда,
Өз күниңди көргейсең,
Сермеленип зат таппай,
Сандалып аштан өлгейсең,
Әжелиң жетип ертерек,
Қара жерге киргейсең,
Атам-анам үшеўмиз,
Мийнет етип дүзеткен,
Усы сарайханада,

Жалғыз өмир сүргейсең,
Енди буннан кетейин,
Нәсийп еткен даланың,
Мийўесин терип өтейин.
Маған жуўап бергейсең.

Еситкенде бул сөзди,
Хаслы жаман харамы,
Ғарқыллап күлип алады,
Ашылып та түнерип,
Еки көздин қабағы,
Жан-жағына бурылса,
Еки ийнин жабады,
Ешектей салпы қулағы,
Мурыны да иймейген,
Мысалға алып қарасаң,
Араплардың орағы,
Аўызына қарасаң,
Әпшерлиги соныңдай,
Ас қуяр ийттиң жалағы,
Өне бойын қарасаң,
Адам қусар сыйқы жоқ,
Отыз еки мүшениң,
Өз бойына жарасар,
Харамыда бәри жоқ,
Гүлнәхәрдей қыз түўе,
Ийт те сүйер түри жоқ,
Гөрден шыққан гөрбардай,
Гүлнәхәрге қарады,
Жалбыраклап жалынып:

— Ойнап айттым, қарағым,
Гәўхар ма деп, тас па деп,
Сынап айттым бул сөзди,
Ақыллы ма ямаса,
Ақылсыз ба, бий әдеп,
Қыяметлик туўысқан,
Қарындасым сен десем,
Мени де сондай туўысқан,
Мехрибан ағам дермекен?
Я болмаса Гүлнәхәр,
Жүрегинде кеги бар,
Душпаным един дермекен,
Деп қарағым, Гүлнәхәр,
Сынап айттым бул сөзди,
Аўыр тийсе сөзлерим,
Кеширe гөр қарағым,-
Деп кеширим сорады.
— Батыр туўған қарағым,
Таслаўыңды сорайман,
Буныңдай шортақ минезди,
Хеш кеўлиңе келтирме,
Ағам қолын салар деп,
Бурыннан соңға көрдиң бе,
Қарындасын алғанды?
Я болмаса, қарағым,

Еситтиң бе ертеде,
Ағасына сиңлиси,
Қаралы қатын болғанды?
Мениң ойын сөзимди,
Рас көрип, қарағым,
Мени таслап кетпегил.
Сөйтип мени зарлатып,
Қара таўдың баўрында,
Қаны ойран етпегил,
Ақыллы адам сүйегин,
Қорламайды деген бар,
Соқыр қалған ағаңды,
Қорлайтғөрме, Гүлнәхәр.
Егер болса қумарың
Қосылмаға еллерге,
Киндик қаның тамшылап,
Туўып өскен жерлерге,
Бирге жүрип кетейик,
Аға-сиңли, ексўимиз,
Елге аман жетейик,
Күйеўге өзим берейин,
Жүректен сүйген жигитке,
Мениң де теңим табылар,
Буйырған биреў еллерде,
Қондырайық, қарағым,
Тырналарды көллерге,
Сен де бир гүлсең, қарағым,
Ўақтың келди ашылар,
Сен де бир писken мийўесең,
Урығың жерге шашылар,
Ўақтынан өтсе қызыл гүл,
Түси оңып солмай ма?
Жерге түсип қалмай ма?
Сарғайып пискен қаўын да,
Өз ўағында жемесең,
Қарайып сырты өзгерип,
Ишин ләрзем алмай ма?
Танабын тартып қыс келсе,
Жапырақ ашып гүллеген,
Жасыл гия шөплердиң,
Басын қыраў шалмай ма?
Хәзир келди, қарағым,
Ашылған гүлдей заманың,
Батырға даўа болғандай,
Басып өткен табаның,
Өмирди босқа өткерип,
Қуў далада қор болма,
Шөбин термей даланың,
Нәлет айтып кетейик,
Мынаў майдан шөллерге,
Гүлнәхәржан, қарағым.
Өзиң нашар болсаң да,
Ердей көрип мен сени,
Алатуғын арыслан,
Шердей көрип мен сени,
Жасың киши болса да,

Пирдей көрип мен сени,
Хәзирети Әлий менен,
Бирдей көрип мен сени,
Көкрегимниң сарайын,
Көлдей көрип мен сени,
Өзиңе салып отырман,
Бул сөзлердиң төресин,
Жарқылдап жанған басымда,
Гәўхардан нурлы шырағым.

Сол ўақтында Гүлнәхәр:

— Не айтасаң сен, аға,
Қулман ханның елине,
Жақсылық пенен мен, аға,
Бараман деп жүрмеймен,
Қулмандай харам көпектиң,
Қаншығы болып күлмеймен,
Өзим де ерден кем емес,
Керек емес маған ер,
Өзимдей палўан болмаса,
Қалың малдың орнына,
Мени жығып алмаса,
Өзимнен жаман пасықтың,
Мен қойнына кирмеймен,
Қызыл гүлдей қойнымды,
Мен наданға бермеймен,
Сабағындай алманың,
Жарасқан сулыў мойнымды,
Өлсем дағын бурмайман,
Муҳаббаттың ойынын,
Жаманлар менен қурмайман,
Усы таўдың бетинде,
Ерсиз өмир сүрсем де,
Өлшеп берген алланың,
Таўсылмаса рысқы,
Қай жерден таўып, шайнайман,
Ағайин излеп, мал излеп,
Я болмаса, яр излеп,
Ханлар сорап отырған,
Қаралы елге бармайман,
Кәнизек болып ханларға,
Қанатымнан қайрылып,
Туяғымнан майрылып,
Жаралы сұңқар болмайман.

Салдар турып сол ўақта,
Гүлнәхәрге сөйледи,
Сөйлегенде бүйдеди:

— Әй, қарағым, Гүлнәхәр,
Палўанман деп мақтанба,
Батырман деп мақтанба,
Кеспейтуғын қылышсаң,
Кесемен деп тапланба,
Жүргенинде мақтанып,
Қуў ағашқа қапланба,
Суў көрмей турып, қарағым,
Етик шешип шақланба,
Тулпарман деп талпынып,
Бәйгини көрмей тапланба,
Палўанлардың бири мен,
Мениң менен гүресип,
Күшиңди сынап көресең,
Палўанлығың ҳақыйқый,
Болса егер, Гүлнәхәр,
Айтайын мен де палўан деп,
Оннан берги жеринде,
Мақтанғаның жалған деп,
Хеш ўақытта көрмедим,
Қатынлардан палўан деп,
Аға-сиңли болсақ та,
Кел, сынасып көрейик,
Уяламыз демеге,
Көретуғын жандар жоқ,
Минекей, жақсы майдан, — деп,
Гүреспеге екеўи,
Усы майдан далада,
Гүлнәхәрден сорады.

Сол ўақтында Гүлнәхәр:

— Аға, мени сен жықсаң,
Ол ерликтиң белгиси,
Егерде меннен жығылсаң,
Ол неликтиң белгиси?
Қатынлардан жығылсаң,
Келмей ме ердиң өлгиси?

— Ондай деме Гүлнәхәр,
Жықса егер қуўанып,
Жығылса меннен жылар деп.
Кемлик келип ерликке,
Басын тасқа урар деп,
Ойлама, баўырым, Гүлнәхәр,
Оннан да бетер кеўлим хош, —
Деген ўақта Гүлнәхәр,
Қабыл етти гүрести,
Ағасы менен сиңлиси,
Жабайы таўдың баўрында,
Қошқардайын тирести,
Бир бирине салып күш,
Гейде оттай тутасып,
Гейде муздай сирести,
Бир биреўин жығалмай,
Үш күнге шекем созылды,
Гүресине булардың,
Түсинбестен «Қара қус»,
Бир неше рет умтылды,
Үрпейтип жүнин жәниўар,
Ширенип талай булқынды,
«Қой» дегенсоң Гүлнәхәр,

Илажсыздан жәниўар,
Тарқата алмай қумарын,
Шегине барып артына,
Бес адымдай алыста,
Шоңкайып қарап отырды.
Төртинши күни болғанда,
Зорлық қылды ағасы,
Аға болмай қурысын,
Налетийдиң баласы,
Гүлнәхәрдей арыўды,
Шаршата берип қушақлап,
Көтерип жерге урады,
Ансары аўып жүргенде,
Түсире алмай қолына,
Қудайым шыннан берди деп,
Жаўырға қонған қузғындай,
Қыз үстине қонады,
Гүл жүзинен сүйеди,
Ашығым қолға түсти деп,
Бунындай жақсы қыларман,
Бүгингидей исти деп,
Гүлнәхәрдей пәрийзат,
Маған қатын болмаса,
Кимге қатын болады?
Түсирмеге сулыўдың,
Диз кийимин сол жерде,
Қуўана қолын салады.
Сол ўақтында Гүлнәхәр,
«Қара қус» - деп қышқырды,
Зордан турған жәниўар,
Хаслы хайўан «Қара қус»,
Бойға жыйнап бар күшин,
Жылдырымдай зуўылдап,
Үстине қарап Салдардың,
Турған жерден умтылды,
Ашыўы менен арсылдап,
Желкесинен бүркиттей,
Бүрип алды «Қара қус»,
Қулағын, мурнын харамның,
Жулып алды «Қара қус»,
Кегирдектен ғылқынтып,
Аўызды салды «Қара қус»,
Көзди ашып жумғанша,
Гүлнәхәрден Салдарды,
Айырып алды «Қара қус».
Ушып турып Гүлнәхәр,
Түсип қалған жаўлығын,
Басына тезден орады,
Қаны қайнап кекленип,
Қәхәр менен Гүлнәхәр,
Ағасының қасына,
Пышағын ала барады,
— Қыяметлик жан аға,
Бул не қылған исиң деп,
Бири қалмай төгилсин,
Аўызыңда отыз тисиң деп,
Ханның қызы мен емес,
Услап берип душпаның,
Саўғаға алар сен емес,
Сениң мынаў қылғаның,
Өзиңе дурыс болса да,
Салдар, маған тең емес.
Қәне, енди қарақшы,
Не болса да ойыңда,
Мақсетиңди айт, — деди.
Келтирейин орнына,
Жаманлық алмай ойыма.
Қандай ислер болса да,
Жақсылық пенен болады,
Жақсылық пенен болған ис,
Жүзиктиң қонған қасындай,
Жарасықлы қонады,
Зорлық қылмақ адамға
Наданның иси болады.
Қайта берип қәхәрден,
Ҳийлелик пенен Салдардың,
Ойындағын сорады.

Сол ўақта Салдар сөйлейди:

— Әй, қарағым, Гүлнәхәр,
Ашылған гүлим нәўбахар,
Ашықлық деген дүньяда,
Соныңдай жаман әжлахар,
Шын ашықпан мен саған,
Гүлнәхәр, оны билмейсең,
Жылап турман алдыңда,
Көзиң болса, Гүлнәхәр,
Мени неге көрмейсең?
Жанымды хәзир алсаң да,
Қурбанлық қылып шалсаң да,
Тилегим мениң сен, деди.
Мени отқа жағыўшы,
Ақ көксиңде қос анар,
Мухаббатым сен,-деди.
Мени, жаным, аясаң,
Ынтық етпей көп аса,
Тилегимди бер, — деди.
Мухаббат билсең көл-дәрья,
Жаслық дәўир мол дәрья,
Бейиш пенен жәннетиң,
Ҳақыйқатта сол дәрья,
Бал менен шербет мазасын,
Татпағанша билмейсең.
Жалғаншының ләззетин,
Еркек пенен қосылып,
Татпағанша билмейсең,
Еркекке дениң қосылса,
Бәхәрде шыққан гиядай,
Жасыл дөнип гүллейсең,
Бир татыссаң шарабын,
Ишкен сайын шөллейсең,

Шығарғың келмей қойныңнан,
Болған сайын бол дейсең.
Ақ мамыққа бөленип,
Ләззет алып жүрегиң,
Қурышын қанып көлбейсең,
Қорғасындай балқыйсаң,
Гүл ашылып қойнында,
Шалқыған суўдай шалқыйсаң,
Усындай уллы бахытты,
Гүлнәхәр, неге билмейсең?
Домаланып жумақтай,
Қойныма неге кирмейсең?
Өз еркинди, Гүлнәхәр,
Өзиң неге бермейсең?
Күркеден үрккен танадай,
Үркесең де қашасаң,
Жақсылық етсем мен саған,
Өлтиремен Салдар деп,
Аўзыңнан өлим шашасаң,
Адамнан адам қаша ма,
Қашпа меннен, Гүлнәхәр
Бул жалғаншы дүньяда,
Әрмансыз дәўран сүрейик,
Жутқанынша, сәрўиназ,
Қара жер деген әждахәр,
Өмир гүлин егейик,
Мен бир туқым, сен бәхәр,
Усылайынша басланып,
Усылайынша ашылар,
Өмирдиң гүли, Гүлнәхәр.

— Енди билдим мен сениң,
Қара жүрек, сырыңды,
Буннан ары айтпаңыз,
Қулаққа жақпас жырыңды,
Және айтсаң қайтарып,
Ишиңнен өтер қырыңды.
Ишиңдеги жараға,
Жазарман өртеп қурымды,
Бизиң арап елинде,
Сендей жүзи қараны,
Өлтиреди, билдиң бе?
Билмесең, саған айтайын,
Ишимдеги сырымды.
Халық ишине бәрхама,
Салып жүрген бүлдирги,
Хан алдында жалпылдап,
Бөрк ол десе, бас алып,
Калле кесип, қан төккен,
Ҳарамы ханның адамы.
Саған тийген қолымды,
Кескеним жақсы билдиң бе?
Сениң менен жүргенше,
Ойнағанша күлгенше,
Мухаббаттың ләззетин,
Ҳарамыдан көргенше,
Өлгеним жақсы билдиң бе?
Мухаббаттың шырағы,
Теңим менен жанбаса,
Сөнгеним жақсы билдиң бе?
Қарсы болып сизлерге,
Шөлистанда жүремен,
Шөлистан бир күн бағ болса,
Мен де гүлин теремен.
Ашылмаған бахтымды,
Жаўызлар, сизден көремен,
Бүгин болса күн думан,
Исенемен, ертең ашылар,
Мынаў тақыр шөллерге,
Дегиши урып дәрьяның,
Суўға қанып бир күни,
Бахыттың нуры шашылар.
Күшигенлер шаңқылдап,
Ғазлар қонып ғаңқылдап,
Қулмандай харам ханыңыз,
Биз жүрген мынаў даладан,
Жемтик таппай боқ шоқып,
Зоңғарғадай ғарқылдап,
Күн жүзин көрмес Ҳәнийпа,
Басынан бахыт кеткен күн,
Байын қарғап тоңқылдар.
Ашыўлы халық ғалаба,
Ғазапқа шығып бир күни,
Ҳүжим еткен күнинде,
Қулмандайын ханыңның,
Салтанатлы сарайы,
Тажы-тахты қосылып,
Титиренип солқылдар.
Зинданларда жатырған,
Кәнизлер болып отырған,
Азат болып барлығы,
Азатлықтың таңында,
Нур суўына жуўынып,
Таза кийим кийинип,
Тоты қустай таранып,
Ҳүр қызындай үлпиллер,
Басындағы орамал,
Алтын шаштың үстинде,
Самал менен желкилдер.
Сондай заман болмаса,
Қара думан заманда,
Ашылмайман, күлмеймен.
Сен түўе, сеннен зор болсын,
Оллахий, дәўран сүрмеймен.

Деген ўақта Гүлнәхәр,
Ғарқылдап келип күледи.
Күледи де сөйлейди:

— Назыңа қурбан болайын,
Гүлнәхәрдей назлы яр,
Ҳәр бир аўыз сөзине,

Ашылғандай гүл-бәҳәр,
Қызлардың болса қырқ назы,
Сенде жүзи бар шығар.
Мынаў айтқан сөзине,
Тахтынан түсип бергендей,
Қулмандай неше патшалар,
Ашық болып сен өзиң,
Жүргениңди назланып,
Енди билдим, ғәжжағар.
Көп ойнама ойныңды,
Аш жаным, жәннет қойныңды,
Қушағыңда мен сениң,
Көрсетейин ойнымды, —
Деп қуўанып сыйпалап,
Есикти беккем бекитти,
Хәр бир түрли сөз айтып,
Жалынып сөйлей береди.
Сорлы болған Гүлнәҳәр,
Енди қашып кетпесе,
Я өлтирип жаўыздан,
Өзин азат етпесе,
Қутылмасын биледи,
Ийтин ертип изине,
Шығаман деп ойланып,
Есикке жақын келеди,
Есикке таман барғанын,
Қыз кетермен болғанын,
Сол жерде Салдар сезеди,
Жүгире келди есикке,
Екеўи бирге таласты,
Шығатуғын тесикке.
Таласып жүрген ўақтында,
Қыз қолынан тутады,
Бир қолы менен сулыўдың,
Тутаман деп шашынан,
Бир бурымын жулады,
Ўай-ўай залым өлдим, деп,
Гүлнәҳәр ерксиз қулады.
Сол ўақтында «Қара қус»,
Барлық күшин салады,
Тиси тийген жерлерин,
Пәкидей кесип барады,
Көзди ашып жумғанша,
Салдардайын қайсарды,
Қасқыр алған қозыдай,
Тамақлаўдан алады.
Салдар енди бул жерде,
Таслай берип сулыўды,
Ийт менен урыс қылады,
Сол ўақтында болғанда,
Шаққанлық пенен Гүлнәҳәр,
Садақты қолға алады,
Мине саған қойным деп,
Шыдай билсең сен буған,
Көрсетейин ойным деп,
Өлтирмейин деп едим,
Өлтирмеске болмадың,
Енди сендей ағаны,
Жерге жексен етпесем,
Жүрек пенен баўрыңды,
Ийтиме кәбаб етпесем,
Ойымдағы мақсетке,
Тириликте жетпеспен,
Дедидағын садақты,
Зырлатып тартып жиберди,
Садақ атып бурыннан,
Үйренип қалған Гүлнәҳәр,
Садақты сондай атпаға,
Хәр батырдан шеберди,
Усы жерде Гүлнәҳәр,
Қыяметлик ағасын,
Жәҳәннемге жиберди.
Ата-анадан айрылып,
Душпанынан қутылып,
Усы таўдың баўрында,
Ийти менен екеўи,
Мәкан етип қалады.
Күнлердиң күни, Гүлнәҳәр,
Сондай қапа болады,
Қапа болмай не қылсын,
Гүлдей болып ашылып,
Жайнар ўақты болған соң,
Гүлге қонған бүлбүлдей,
Сайрар ўақты болған соң,
Қыз-жигитке қосылып,
Халық ишинде доланып,
Тойлар ўақты болғансоң,
Отқа қойған қумандай,
Қайнар ўақты болған соң,
Сүйгенине бас қосып,
Қушақласып сүйисип,
Ойнар ўақты болған соң,
Жеккелигин ядқа алып,
Гүлнәҳәр сулыў жылады,
Он сегизден өткенде,
Он тоғызға жеткенде,
Шамшырақтай нурланған,
Еки көзи нур жанған,
Соқыр болып қалады.
Өзи батыр болса да,
Сабырлы суўдай болса да,
Жүзлеринен қан тамған,
Тиллеринен пал тамған,
Денеси қуўдай болса да,
Суўық шалған жапырақтай,
Қуўарып солып қалады.
Барарыма базар жоқ,
Кирериме мазар жоқ,
Бундай болып жүргенше,
Өлтиремен деп өзин,
Ғазап бенен Гүлнәҳәр,
Қанжарды қолға алады,

Өткерейин сеннен деп,
Қақ жүректиң басынан,
Урайын деп оқталды,
Буўынлары қалтырап,
Қанжары түсип қолынан,
Бир неше сапар тоқталды.
Кәмалыңа келтирген,
Атаңнан жаным артық па?
Ақ сүти менен өсирген,
Анаңнан жаным артық па?
Салдарға тийген ақ тыйық,
Маған неге тиймейсең,
Саллардан жаным артық па?
Батыр едим бир заман,
Бүгин қолым тартық па?
Жылап турып Гүлнәҳәр,
Қолындағы пышағын,
Жалаңлатып турғанын,
Пышақ пенен өз өзин,
Өлтирмекши болғанын,
Өзи ҳайўан болса да,
«Қара қус» буны биледи,
Гүлнәҳәрдиң изинде,
Қалмайман жалғыз таўда деп,
Көзинен ағып қанлы жас,
Гүлнәҳәрге келеди,
Алды менен Гүлнәҳәр,
Өлтир деп мени «Қара қус»,
Тамағын таяп пышаққа,
Кеселеп тура береди.
Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
«Қара қус»ты қыялмай,
Қушақлай берип баўрына,
Мурны менен аўзынан,
Ийттиң сүйип алады,
Сол ўақтында «Қара қус»,
Көтерилсин көўли деп,
Еркелегендей болады,
Буны көрип Гүлнәҳәр,
Оннан да бетер жылады.
— Әй, жаратқан қудайым,
Айдын шалқар көлимди,
Қуў тақырдай қептирдиң,
Заманымды тарылтып,
Маңлайымнан тептирдиң,
Жаўын жаўмас, суў шықпас,
Таўдың бийик шыңына,
Урығымды септирдиң,
Жаратқаның шын болса,
Жанды берген сен болсаң,
Берген әзиз жанымды,
Ерғеңге қоймай, қудайым,
Бүгин алың меннен,-деп,
Нальш етип аллаға,
Берегөр тезден өлим деп,
Көтерип, кәне, қолым деп,
Қанжарды беккем тутты да,
Қайда жүрсем адасып,
Табалмай мени өлим деп,
Сабағындай алманың,
Тамағына Гүлнәҳәр,
Ақырғы рет таяды.
Сол ўақтында болғанда,
Шөлди гезген еренлер,
Ҳәзирети ол Қыяс.
«Тоқта» деген даўысы,
Қулағына келеди.
Қайдан шықты даўыс деп,
Ушып турып жайынан,
Жан-жағына қарады.
Соқыр болған көзлери,
Ашылып жайнап қалады.
Сол ўақтында ол Қыяс,
Қандай мүшкил басыңа,
Түсти, қызым, сениң деп,
Гүлнәҳәрден сорады.
Қуўанғаннан Гүлнәҳәр,
Таслай берип пышағын,
Секирип барып кийиктей,
Қайдан келдиң баба деп,
Ақ сақаллы бабаға,
Сәлемин берип Гүлнәҳәр,
Қолынан барып алады.
Не тилейсең балам деп,
Тилегиңди айта бер,
Гүлнәҳәрдей нашардың,
Услап турып қолынан,
Бабасы қыздан сорады.
Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Алам ба деп ойласам,
Пирим екен, алла деп
Пирим болсаң, жан баба,
Енди өзиң қолла деп,
Гүлнәҳәр сулыў сорады.
Әне, енди ол Қыяс,
Гүлнәҳәрге не деди:

— Сабыр түби сары алтын,
Сабыр ет қызым сабыр ет,
Мақсетиңе жетерсең,
Орынланар тилегиң,
Енди бұннан кет,-деди.
Қара таўға жет,-деди,
Қара таўдың баўрында,
Ақ таңлақта бир тас бар,
Ақ таңлақтың қасында,
Салынған нурдан бир жай бар,
Иркилмей сол жайға бар.
Ибраҳим халилден,
Қалған кийим, жарақ бар,
Кийимди кийип үстиңе,
Жарақты қолға ал, — деди.

Әждаһардың тилинен,
Исленген тилип кәмар бар,
Кәмарды белге шал,-деди.
Қазан толы тамақ бар,
Самар толы айран бар,
Бир гүзеде шарап бар,
Бир гүзеде арақ бар,
Қазандағы тамақтан,
Тойғаныңша же, — деди,
Самардағы айраннан,
Қанғаныңша иш, — деди,
Тийсгөрме, жан қызым,
Арақ пенен шарапқа,
Егер тийсең, перзентим,
Арақ пенен шарапқа,
Ушырарсаң дүньяда,
Басың шықпас азапқа,
Ал, перзентим Гүлнәхәр,
Батысқа қарай жүр, — деди,
Оннан ары өткен соң,
Шубар таўдың баўрында,
Хәзирети Әлийдиң,
Дүлдүлинен дөреген,
Буның баққан сейиси,
Ақсақ улы Сәтемир,
Сәтемирдиң бабасы,
Көзи қатты Көреген,
Усы жайға сен барсаң,
Бунда да сондай қазан бар,
Писиўли турған тамақтың,
Арасында, перзентим,
Тири жүрген сазан бар,
Бир гүзеде арақ бар,
Бир гүзеде шарап бар,
Бир самарда айран бар,
Бир самарда шарап бар,
Бир самарда қымыз бар,
Бир табақта уўыз бар,
Сол қазанның басында,
Жайпарахат тойып ал,
Қымыз, айран, уўыздан,
Қанғаныңша ишип ал.
Арақ пенен шарапқа,
Тийсгөрме, Гүлнәхәр.
Сеннен басқа ийеси,
Жолығар жаман кийеси,
Усы писken аўқаттан,
Жол кәрежет ал, — деди.
Мынаў тири балықты,
Қоржыныңа сал,-деди.
Оң жақтағы ақырда,
Байлаўлы турған тулпар бар,
Усы турған тулпардың,
Сол жағынан айланбай,
Оң жағынан бар,-деди.
Жибин шешип тулпардың,
Үстине ер сал, — деди.
Жүўенин салып аўзына,
Айылды бекем шал,-деди.
Жуўырғанда жәниўар,
Желден жүйрик ушады.
Жығылып қалма үстинен,
Беккемирек бол, — деди.
Жети таўдың баўрынан,
Жети күнде өтерсең,
Оннан ары өткен соң,
Алдыңда алты дәрья бар,
Ат қарғытып өтерсең,
Алтыншы дәрья бойында,
Үстинде бар мәллеси,
Басында бар сәллеси,
Жаратқанның ең жақын,
Сүйетуғын бәндеси,
Ақ бойрасы астында,
Жазыў жазып отырған,
Ақ сақаллы қария бар,
Сол бабаға сен барып,
Қол қаўсырып алдында,
Тәңири сәлем бер, — деди.
Көтермесе ол басын,
Балықты тасла алдына,
Балыққа көзи түскенде,
Шақырып алар қасына,
Оннан ары бахтыңды,
Сол бабадан көр, — деди.
Сол бабаға жеткенше,
Өзине беккем бол, — деди.
Хәр бир жерде жолығар,
Адым сайын тор, — деди.
Хәр бир жерде қазылған,
Жолығар терең ор, — деди.
Хеш нәрседен қорқпастан,
Тәўекел етип көр,- деди.
Сөзин айтып болғанша,
Ескен самал тынғанша,
Ашып көзди жумғанша,
Сөйлесип турған бабасы,
Көзинен ғайып болады,
Гүлнәхәрдиң қолында,
Бир айна менен бир тарақ,
Ақ орамал қалады.
Ҳайран болды Гүлнәхәр,
«Астапырылла» жүз айтып,
Қуўанышын кеўлине,
Алады сөйтип молайтып,
Айна менен Гүлнәхәр,
Гүл жүзине қарады,
Тарақ пенен тал-таллап,
Сүмбил шашын тарады,
Өз өзине қараса,
Пәрийден сулыў болады,
Өз көзине исенбей,

Сонындай хайран калады,
Орамалды басына,
Шатыраш салып орады,
Басындағы орамал,
Патшалардың тажындай,
Оннан да бетер жарасып,
Басына қыздың қонады,
Кеўли тасып дәрьядай,
«Қара қус»ты ол ертип,
Бабасы айткан жол менен,
Жолға рәўан болады.
Бир таўлардан өткенде,
Және бир таўға жеткенде,
Қас қарайған мәхәли,
Арасынан тоғайдың,
Шөп пенен шарда есап бар,
Қумырысқадай қайнаған,
Есабы жоқ, саны жоқ,
Сансыз бөри көреди.
Анталасып аш бөри,
Қуўанысып буларды,
Жеймиз деп жақын келеди.
Буны көрип Гүлнәхәр,
Енди исим питти деп,
Әжелим бүгин жетти деп,
Еки көзге жас алды.
Байлап берген қозыдай,
Өзимди жемтик етпейин,
Қасқырларға жем болып,
Әрманда өлип кетпейин,
Деген усы ой менен,
Қолына жерден тас алды.
Ирилиги ешектей,
Көк қасқырға дуўрылап,
Тасты атып жиберди,
Қасқырдың тийип басына,
Маңлайдан еки бөледи,
Усы жерде көк қасқыр,
Сеспестен қатып өледи.
Бул жерде де арттырды,
Гүлнәхәр батыр хөнерди,
Түн ортасы болғанша,
Қасқырлардың талайын,
Жәҳәннемге жиберди.
«Қара қус» та жәниўар,
Ол да ғайрат салады.
Түн ортасы өткенде,
Абайсыздан «Қара қус»,
Зор жарадар болады,
Қаны ағып қансырап,
«Қара қус» жерге қулады.
Қан жалаған қасқырлар,
Жығылған ўақта «Қара қус»,
Тумсықларын салады,
«Қара қус»ты жеп алып,
Жалғыз қызға қарады,
Гүлнәхәрдей жалғызды,
Хәммеси қоршап алады,
Әне, алдық дегенде,
Алар жерге келгенде,
Гүлнәхәрдей бийшара,
Я, пийрим,-деп жылады.
Сол ўақлары болғанда,
Қудиретли қус келип,
Қасқырларды урады,
Саған жалған маған шын,
Қасқырлардың өлиги,
Таўдай қырман болады,
Тан да атты саз берип,
Алалмай аўын қасқырлар,
Жан-жағына тарады.
Таң атып күн шыққанда,
Жолдасынан айрылып,
Зар-зар жылап Гүлнәхәр,
Жалғыз кетип барады.
Бул кеткеннен кетеди,
Жолды мәскан етеди.
Күндиз тынбай, түн жатпай,
Кирпик жумып қас қақпай,
Актаңлактың қарасын,
Әне көрдим дегенде,
Күтпеген жерден алдынан,
Еки айыў тап болды,
Гүлнәхәрдиң басына,
Тағы да бәла тап болды.
Гүлнәхәр менен айыўдың,
Усы жерде урысы,
Көргенлерге хақыйкат,
Көрмегенге лап болды.
Бир-бирине тас атып,
Үш күн, үш түн урысты,
Үш күн жүзи толғанда,
Қас қарайып, күн батып,
Алагеўгим болғанда,
Еки айыўдың биреўин,
Гүлнәхәр урып өлтирди.
Төртинши күни болғанда,
Гүреске түскен палўандай,
Бир-бири менен алысты,
Гүлнәхәрдиң қолына,
Айыўдың тутар жери жоқ,
Айыўдың тийген қоллары,
Үстиндеги кийимин,
Жулып-жулып алады,
Тырнақлары айыўдың,
Етине жара салады.
Денесинен сулыўдың,
Қызыл қан саўлап ағады,
Ет териси жулынып,
Сары ала қойдай болады.
Гүлнәхәр де қалыспай,
Түрли хәмел қылады,

Әйне песин ўақтында,
Гүлнәхәрдей палўанның,
Талабы шепке шалысты,
Шалысқанын буннан бил,
Өзинен кетти дәрманы,
Дәрманы енди кеткен соң,
Қап таўындай болады,
Жүректеги әрманы,
Енди өлер болдым деп,
Өлер жерге келдим деп,
Маған көмек бермесе,
Жетиспесе бабамның,
Қудиретли пәрманы,
Деген ўақта Гүлнәхәр, —
Көктен қара көреди,
Қанатын жайып қара қус,
Гүрлеп ушып келеди,
Тас төбесинен айыўдың,
Дигирмандай бир тасты,
Қара қус атып таслады,
Қара тас келип айыўдың,
Төбесинен гүрс етти.
Қолдан түскен мәйектей,
Айыў жерге былш етти,
Қудиретли бабасы,
Гүлнәхәрдей жалғызға,
Қудиретин көрсетти.
Қутылып айыў қолынан,
Ақтанлаққа барады.
Ақтанлақ тастың қасында,
Көктен перде жабылған,
Жайды көзи көреди,
Қапысын ашып есиктен,
Сәлем берип бос жайға,
«Бисмилла» деп аяғын,
Оннан басып киреди.
Усы жайдың ишинде,
Баяғы баба айтқандай,
Барлығын көзи көреди,
Харып-шаршап келген,
Гүлнәхәрдей палўан қыз,
Қазанның келип қасына,
Писип турған аўқаттан,
Жейин деп кеўил бөледи.
«Бисмилла» деп Гүлнәхәр,
Қазанға қолды салады,
Сол ўақтында болғанда,
Қара бултты айырып,
Ала бултты қайырып,
Тереклерди шайқалтып,
Топырақты суўырып,
Жер танабын қуўырып,
Боранлатып, шаңлатып,
Гүркирей берип киятқан,
Бир бәлени көреди,
Асты таслап жанба-жан,

Қылышты услап қолына,
Гүлнәхәрдей палўан қыз,
Қарсы шығып алдынан,
Талтайып тура береди.
Еки көзи от жанып,
Бақырып келген Қара дәў,
Үш мың жылдан көбирек,
Атадан бала аўысып,
Сақлап жүрген қылышты,
Қыз қолында көреди,
Сол ўақтында Қара дәў,
Гүлнәхәр батыр сиз бе деп,
Хош келдиңиз бизге деп,
Усы кийим жарақты,
Үш мың жылдан көбирек,
Атадан бала сақлаймыз,
Әдалатлы патшамыз,
Гүлнәхәр палўан сизге деп,
Еки қолын қаўсырып,
Гүлнәхәрдей нашарға,
Бас ийип сәлем береди.
Буны көрип Гүлнәхәр,
Мыйығын тартып күледи,
Күлгендеги себеби,
Усындай Қайсар қара дәў,
Неге сәлем береди?
Гүлнәхәр деген атымды,
Оны қайдан биледи?
Мүмкин мени нашар деп,
Нашарлығым билген соң,
Әдалатлы патшам деп,
Дәлкек етип күледи,
Хаслын сорап көрейин,
Бунын өзи ким еди,-
Делидағын Гүлнәхәр,
Қайдан билдиң сен мениң,
Хаслым менен затымды,
Гүлнәхәр деген атымды?-
Деген ўақта Қара дәў,
Гүлнәхәрге тил қатпай,
Жети қабат аршаның,
Жети қулпын ашады,
Жетинши арша ишинен,
Қызыл менен сырланған,
Бир қутыны алады,
Ол қутының ишинен,
Және бир қуты алады,
Ол қутының ишинен,
Көк жипекке оралған,
Кийиктиң шақын алады,
Кийиктиң шақы ишинен,
Көк жийекли ақ қағаз,
Ақ қағазға оралған,
Бир тумарды алады,
Ол тумардың ишинен,
Ақ қағазға жазылған,

Хатты алып Қара дәў,
— Сизге арнап жазылған,
Аманат усы хат, — деди.
Ата-бабадан бери,
Усы хатты Гүлнәҳәр,
Сизге сақлап келемиз.
Усы жайдың қасынан,
Аяқлы жандар жүрген жоқ,
Усы жайдың үстинен,
Керек десең, Гүлнәҳәр,
Қус та ушып өткен жоқ.
Жерди тесип бул жайға,
Қурт-қумырсқа кирген жоқ,
Аманатты беремен,
Гүлнәҳәр қыз, қолыңа.

Дәў қолынан хатты алып,
Гүлнәҳәр оқып көреди,
Ибираҳим халилдиң,
Қолы менен жазылып,
Басып кеткен мөҳри еди,
Әй, ағалар, ағалар,
Қулақ салып тыңлаңыз,
Хатты оқып көрейик,
Қызығына қараңыз.

— Балхы-Балақшан деген,
Араптың уллы қаласы.
Заманнан заман өткенде,
Сол қалада жасайды,
Мәткерим деген бир адам,
Сонындай гедей баласы.
Хаялы оның Ҳәнийпа,
Екеўинен дөрейди,
Гүлнәҳәр деген жалғыз қыз.
Он төрт жасқа келгеннен,
Он тоғызға жеткенше,
Гүлнәҳәрдей сулыўдың,
Мәканы майдан-далады,
Көз жасынан сел болып,
Толады жылға-саласы.
Сөйтип жылап жүргенде,
Көп қыйынлық көргенде,
Дағларды жарар сол қыздың,
«Алла» деген наласы.
Сөйтип зарлап жүргенде,
Жолығады майданда,
Қырқ шилтерли ереңлер,
Қаўыс Қыяс бабасы,
Ҳәзирети Қыястың,
Баслаўы менен келеди,
Адамзат келмес далаға,
Сол инсанның баласы,
Өзи нашар болса да,
Адамның асқан данасы,
Гүл жүзлери ашылып,
Жайнаған жәннет лаласы.
Көзлеринен көринер,
Шамшырақтың шырасы.
Гүлнәҳәрдей батыр қыз,
Көк сағымнан жол салып,
Усы жайға келеди,
Полаттан тулға денеси,
Усы кийим, жаў-жарақ,
Басындағы тажы-тақ,
Сол қызға бағыш етилди.
Кийип алса кийимди,
Қолға алса жарағын,
Алмаған жери қалмайды,
Оны ҳәр бир жерлерде,
Қаўыс Қыяс бабасы,
Ҳәм қолдағы жаў-жарақ,
Бәрҳама қызды қоллайды,
Жүрип барған халқына,
Айрылмас бахыт орнайды,
Зорлық пенен зомбылық,
Биреўге биреў қылмайды,
Ғәрип пенен кәсердиң,
Жыйнаған-терген мүлкине,
Ҳеш ким қолын урмайды,
Гүлнәҳәрдей патшаның,
Сорап турған халқының,
Ҳеш әрманы қалмайды,-
Деп жазылған қағазды,
Гүлнәҳәр оқып болады.
Қуўанышлы екеўи,
Қазанының басында,
Тамаққа тойып алады.
Гүлнәҳәрдей палўан қыз,
Көрген жәбир-жапасын,
Усы жерде жояды.
Айран ишип азырақ,
Шөллеген шөли қанады.
Аўқатқа жақсы тойған соң,
Қайғысыз жатып төсекте,
Уйқыға әбден тояды.
Қасында отыр Қара дәў,
Жүзине шыбын қондырмай,
Сол жатыстан Гүлнәҳәр,
Үш күн, үш түн жатады.
Үш күн, үш түн өткен соң,
Таң сарғайып атқанда,
Жасыл дөнген далалар,
Өскен түрли гиялар,
Нәҳәр алып ҳаўадан,
Ҳасыл нурға батады.
Сондай сулыў далаға,
Сайран етип келмеге,
Орнынан турып Гүлнәҳәр,
Жайдан шықты далаға,
Ҳеш бир жерде көрмеген,
Ҳәр бир сулыў гүллерди,
Усы жерде көреди.

Ҳасыл-ҳасыл гүллерден,
Қызығып терип алады,
Бир дәсте гүлди қушақлап,
Қара дәўдиң алдына,
Гүлнәҳәр алып барады.
— Қутлы болсын Гүлнәҳәр,
Жарасқан қолда гүлиң, деп ,
Бүлбүлдей болып сайрасын.
Қосылып гүлге тилиң деп,
Күле шырай жүз бенен,
Балдан шийрин сөз бенен,
Тостағандай аларған,
Ала шубар көз бенен,
Гүлнәҳәрге қарады.

— Ал, Қара дәў, Қара дәў,
Мен сапарға жүремен,
Алдымдағы барлықты,
Маңлайымнан көремен.
Әжелим жетсе өлмен,
Мийнетим болса көнемен,
Жаным шығып кетпесе,
Сум әжелим жетпесе,
Бул қосына айналып,
Тезден қайтып келемен.
Келгенимде, дәў аға,
Сорасып таўып алыўға,
Үй-жайыңды айт, — деди.

— Ҳа, Гүлнәҳәр, Гүлнәҳәр,
Алалмай жүрген жаўым бар,
Шығалмай жүрген таўым бар.
Алалмай жүрген жаўымды,
Алып келип бересең,
Шығалмай жүрген таўыма,
Сен шығарып бересең,
Он жыл болды, қарағым,
Атана нәлет Қарахан,
Сүйгиликли ярымды,
Өзиңдей зулфы тарымды,
Қарахан дәўдиң қолында,
Зубайда атлы ярым бар,
Ярымды алып бересең,
Айдап кеткен көлимнен,
Малымды алып келесең, —
Деген ўақта Гүлнәҳәр:

—Сен дәў болсаң, мен адам,
Сен қәҳәрли әждаҳар,
Мен қасыңда қыл жылан,
Сен бир бүркит, ағажан,
Мен қасыңда палапан,
Сениң күшиң жетпесе,
Мен барып қалай аламан?
Шығалмаған таўыңа,
Қумырысқадай өрмелеп,
Басына қалай шығаман?
Қарахандай қайсардың,
Барған менен қасына,
Оны қалай жығаман?
Сондай ханның қолынан,
Қалайынша мен барып,
Ярыңды алып шығаман?
Деген сөзге Қара дәў:

— Гүлнәҳәр сен бир адамсаң,
Мен-мен деген дәўлердиң,
Басына қара думансаң,
Қәҳәриң келип урыссаң,
Жаздың күни борансаң,
Қыстың күни сырансаң,
Қәҳәри күшли әждарҳар,
Дәўлерди тутар жылансаң,
Қолыңдағы найзаны,
Я, Ибраҳим халил деп,
Алға қарап соз, — деди.
Отыз бес гез созылар,
Алтын саплы қылышты,
Силтегенде «пийрим» деп,
Қырқ алты гез жазылар.
Қарсыласқан душпанға,
Кирмеге гөр қазылар,
Қарсы келген душпанның,
Бири қалмай қырылар,
«Алла» деген сестиңе,
Қаратаў қақ жарылар.
Пыт-шыт болып таў тасы,
Топыраққа қарылар,
Қандай патша болсада,
Сени көрген ўағында,
Қол қаўсырып алдыңда,
Тахтынан түсип бағынар, —
Деген ўақта Гүлнәҳәр,
Найзаны алға созады,
Отыз бес гез созылып,
Қанатын найза жазады,
Кейин қарап тартқанда,
Қәлпине түсип турады.
Қолындағы қылышты,
Силтеген еди алдына,
Бир бөлек турған тоғайдың,
Терегин жайпап қырады,
Қолын кейин тартқанда,
Баяғы турған қәлпине,
Қылыш та келип турады.

— Бул жарақты қолға алып,
Өзиң неге бармадың?
Душпаныңды өлтирип,
Ярыңды неге алмадың? —
Деп Гүлнәҳәр қыз турып,
Қара дәўден сорады.

Сол ўақтында қара дәў:

— Сеннен басқа жанлардың,
Найза менен бул қылыш,
Ҳеш ўақтында созылмас,
Қанатын жайып жазылмас.

Буны еситип Гүлнәҳәр.
Дәрьядай тасып толады.
Ҳәм сапарға жүрмеге,
Қара дәўден сорады,
Дәў менен батыр хошласып,
Жолға журып барады.
Бир неше күнлер жол жүрип,
Аттың турған жерине,
Гүлнәҳәр жетип қалады,
Есигин ашып ол жайдың,
Айналасын қарады,
Қазанның барып басына,
Аўқатқа тойып алады,
Қымыз бенен уўыздан,
Оннан да ишип қанады,
Шайтан кеўлин аздырып,
Қыялы кетти араққа,
Қандай душпан болса да,
Келе алмас қолдағы,
Айбаты күшли жараққа,
Арақ деген нәрседен,
Азғана ишип көрейин,
Ийеси бунынң ким екен,
Әждаҳар ма, дәўмекен,
Не екенин билейин,
Қандай нәрсе болса да,
Ақ найзаға илейин,
Қылыш бенен айырып,
Көк желкеден тилейин,-
Деген сондай ой менен,
Арақты ишип алады,
Арақты ишкен ўағында,
Өзинен басқа барлық зат,
Турған-турған жеринде,
Тас болып қатып қалады.
Қозғалмайды найзасы,
Қозғалмайды қылышы,
Ашайын десе есикти,
Ашылмастан қалады.
Кирерине тесик жоқ,
Шығарына есик жоқ,
Қыямети зәмийинниң,
Ишинде жалғыз қалады.
-Жаңылдым, жолдан адастым,
Жолға салған жан баба,
Және де жолға салагөр,
Қыямети зәмийиннин,
Ишинен аман алагөр,
Шықпаған мынаў жаныма,
Себепши өзиң болагөр.
Зар-зар жылап Гүлнәҳәр,
Қара тастың үстине,
Баўрын төсеп жатады,
Жейин десе, тамақ жоқ.
Ишейин десе, суўы жоқ,
Суў орнына ишиўге,
Адыра қалғыр уў да жоқ.
Сондай азып бийшара,
Қармаққа тартар ет қалмай,
Сүйегине териси,
Гүлнәҳәрдиң қатады,
Сол жатстан бийшара,
Үш ай он күн жатады,
Көзден аққан жасына,
Белбуўардан батады.
Күнлердиң күни болғанда,
Жүз күнниң жүзи толғанда,
Ашыўланды аллаға,
Ашыўланды пирине,
Сөйтип жатып Гүлнәҳәр,
Көзи кетти уйқыға.
Уйқылап жатқан жеринен,
Периштелер көтерип,
Тереңлиги алпыс гез,
Зинданға қызды таслайды,
Көзин ашып қараса,
Усындай жерде жатқанын,
Гүлнәҳәр сулыў биледи,
Дөгерегине қараса,
Жуўанлығы арыстай,
Узыны отыз қарыстай,
Жыланларды көреди,
Булардан және сескенип,
Талып қалып бир нешше,
Қәддине қайта келеди,
Ақырында Гүлнәҳәр,
Маңлайына жазғанға,
Сабыр етип көнеди.
Ақ жылан менен көк жылан,
Сары жылан, сур жылан,
Қара жылан, қур жылан,
Есабы жоқ көп жылан,
Ийретилген жыланлар,
Гүлнәҳәрдей нашардың,
Аяғы менен қолына,
Көкирегиниң үстинде,
Бирин-бири қуўалап,
Ары-бери жүреди.
Бир неше күнлер болғанда,
Үйренисти жыланға,
Ҳәммесинен ириси,
Ақ жыланды қушақлап,
Жылап турып Гүлнәҳәр,
Маңлайы менен көзинен,
Сол жыланның сүйеди,

Шағылысып күн менен,
Жайдан сыртқа шашылды.
Сол ўақтында бабасы,
Бар қызым, жайға кир, — деди.
Ғапыл болмай перзентим,
Мениң айтқан жериме,
Тулпарды минип жүр, — деди.
Усы сөзди айтты да,
Көзден ғайып болады.
Көзин ашып Гүлнәҳәр,
Жан жағына қарады,
Жаман жерден шыққанға,
Шад кеўилли болады,
«Бисмилла»ны үш айтып,
Кәлийманы қайтарып,
Босағадан әўели,
Оң аяғын салады.
Кирип жайдың ишине,
Қазанның барды қасына,
Барқырап урып қазаны,
Бурынғыдай қайнап тур,
Баяғы көрген балығы,
Қанатын жазып ойнап жүр.
Қазандағы аўқаттан,
Әўеле тойып алады,
Тамаққа тойып алған соң,
Қымыздан ишип қанады,
Түсип қалған айнасын,
Таўып алып Гүлнәҳәр,
Гүл жүзине қарайды,
Тарақты алып тағы да,
Алтын шашын тарайды,
Орамалды басына,
Жақсылап қайта орайды,
Денесинде ғайраты,
Бурынғыдан да зорайды,
Найза менен қылышты,
Беккем байлап белине,
Қоржынға салып балықты,
Жол азығын алды да,
Оң жағынан тулпардың,
Жибин шешип алады,
Жипек пенен торқадан,
Пара менен паршадан,
Жасалған терлик, тоқымды,
Алтын қасды бул ийерди,
Көк тулпарға салады,
Үзеңгиден өткерип,
Жуптан айыл шалады,
Азық салған қоржынды,
Қанжығаға байлайды,
Маңлай, көзин сыйпалап,
Шығарып атты далаға.
Үстине минип алады,
Телбесин қағып тулпардың,
Басын жолға салады,
Жүйриклигин буннан бил,
Туяғының астынан,
Қанатлы қус та ушалмай,
Жүйрик қоян қашалмай,
Орнында өлип қалады.
Шыңы бийик алдында,
Жети таўдан өтеди,
Буркырап аққан суўлары,
Алты бирдей дәрьядан,
Ат қарғытып өтеди,
Сол жүристе Гүлнәҳәр,
Үш күн жүзи толғанда,
Сәске ўақты болғанда,
Аман есен саламат,
Жетип келген қусайды,
Пийри айтқан қарияға.
Аттан түсип Гүлнәҳәр,
Бабаға сәлем береди,
Сәлемин баба алса да,
Нетип жүрген жанларсаң,
Қайдан келдиң? демеди.
Сорамақ түўе бабасы,
Жазып отырған қағаздан,
Көтермеди басын да,
Бир майдан турды дәме етип,
Бабасының қасында.
Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Алып келген балықты,
Дәўетиниң қасына,
Ылақтырып таслады.
Сол ўақтында бабаның,
Көзи түсти балыққа,
Жазыўдан өзин бослады,
Тыпырлап жатқан балықты,
Қолы менен услады,
Балықты алып қолына,
Гүлнәҳәрге бабасы,
«Отырың» деп гүрсини,
Қолы менен нусқады.
«Бисмилла» деп Гүлнәҳәр,
Гүрсиге келип отырды.
Отырған ўақта бабасы,
Гүлнәҳәрге тәғдирде,
Жазылғанын тәғбирлеп,
Не боларын алдында,
Қалдырмай айта баслады.

— Алдында сениң, Гүлнәҳәр,
Талай жерде мийнет бар,
Талай жерде зийнет бар,
Мийнет келсе қыйланба,
Зийнет келсе қуўанба,
Барлығына бирдей бол,
Жаз бенен қыстың бәрине,
Ашылған таза гүлдей бол.
Мүшкил түссе басыңа,

Ҳәр бир жерде сабыр ет,
Ыссы менен суўықты,
Екеўин бирдей қабыл ет,
Ыссы болса күймес бол,
Суўық болса тоңбас бол,
Сонда балам, Гүлнәҳәр,
Мақсетиңе жетерсең,
Жаманлық пенен ҳарамлық,
Тәкаббырлық, менменлик,
Ҳәр жерде қарап етеди,
Ақылдан азған адамлар,
Әжелинен ертерек,
Гөрине түсип кетеди.
Не деген менен, Гүлнәҳәр,
Турмыстың ең аўыры,
Өтти сениң басыңнан,
Жүзге жасың жеткенше,
Патша болып өтерсең,
Жигирма төрт жасыңнан,
Қолыңдағы жаў жарақ,
Астыңдағы арғымақ,
Тәғдириңе жазылған,
Бул кеткеннен кет, — деди,
Жолды мәскан ет, — деди.
Қус қонбас деген бийик таў,
Таўдан ары өт, — деди.
Кештирмес деген дәрья бар.
Ат кеширип өт, — деди.
Дәрьяның қубла бетинде,
Жан келмес деген тоғай бар,
Сол тоғайға кир, — деди.
Жеңдирмес деген патшаға,
Жеңис бермей тоғайда,
Жолдасың жалғыз жүр, — деди,
Сол жигитке бас қосып,
Жеңдирмес деген патшаға,
Тәўекел етип көр, — деди.
Жер жүзинде патшаның,
Барлығынан зор, — деди,
Зорлығына буўсанып,
Өз күшине мақтанып,
Халқын күтә қыйнап жүр,
Жетим менен жесирди,
Ғәрип пенен ғәсерди,
Аяғынан жип тағып,
Дар астында ойнап жүр.
Қаны менен халықтың,
Өзиниң тойын тойлап жүр,
Ҳәдден асып кеткенин,
Гүлнәҳәр қызым, соннан бил.
Жер жүзиниң сол залым,
Қудайы мен деп ойлап жүр.
Бейиш пенен дозақты,
Өз қолынан дүзетип,
Жақсы көрген адамын,
Сол жақтағы бейишке,
Жаман көрген адамын,
Оң жақтағы дозаққа,
Дүркиретип айдап жүр.
Ол залымды өлтирип,
Тажы-тахтын қыйратып,
Азат етип халықты,
Бас қосқаның-жолдасың,
Әниўарбекке алып бер,
Ҳадал нийет, ҳақ жүрек,
Қасына қойып хызметкер.
Кешеги шыққан зинданың,
Сол зинданға бар, — деди.
Жақсылық еткен жыланның,
Басына мүшкил түсип тур,
Әждаҳардың аўзынан,
Жыланларды ал, — деди.
Үшинши сениң сапарың,
Гүңгир таўдың оңында,
Жалтыр теңиз солында,
Қарахан деген патшаның,
Зинданында сүйикли,
Қара дәўдиң жолдасы,
Қара дәўдей ағаңа,
Жолдасын алып бер, — деди.
Оннан кейин айналып,
Қасыма мениң кел, — деди.
Бир ақшам мениң қасымда,
Нәзеримде бол, — деди.
Оннан соңғы сапарың,
Балхы-Бадақшан, — деди.
Қолыңа жасыл туў алып,
Қулман ханның үстине,
Ат ойнатып бар, — деди.
Халықты жөнсиз жылатқан,
Қулман ханның басына,
Ақырзаман сал, — деди.
Алты мыңдай кәнизди,
Азат етип қуллықтан,
Тахтына минип Қулманның,
Ибраҳим халил әўлады,
Якуптың улы Юсуптей,
Әдил патша қой,-деди,
Тәғдириңе жазылған,
Гүлнәҳәр, сениң сол, — деди.

Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Бабасына сөйледи:

—Ҳәзирети пийримиз!
Қарахан менен Қулманға,
Жеңдирместей палўанға,
Ат ойнатып бар дейсең.
Тахтын жығып ал дейсең.
Қарқыратып оларды,
Қойдай қылып шал дейсең.
Жазықсыз қан төгилсе,

Ол мойныма қалмай ма?
Таңла мәхшер күнинде,
Бир алланың алдында,
Жағама қолын салмай ма?
Ондай исти қылмайман,
Жанларға қылыш урмайман,
Яратқанның алдында,
Жаўабын берип турмайман.
Бул жалғаншы дүньяда,
Қанхор атын алмайман,
Қан төгип патша болғаннан,
Мал бағып шопан болғаным,
Жақсы болар, бабажан,
Қылыш услап қолыма,
Бас кеспеге бармайман.

— Ха, Гүлнәхәр, Гүлнәхәр,
Жабайы шөпти жулмасаң,
Егиниң жақсы өспейди,
Қорымаса шошқадан,
Еккен егин писпейди,
Мийнет етпей аўзына,
Нан келип өзи түспейди.
Қызыл гүлдиң үстине,
Шеңгел шықса, Гүлнәхәр,
Ашылмайды қызыл гүл,
Шеңгелден жаман, тикенек,
Өсирмес халқын патша бар,
Күнниң жүзин көрсетпей,
Өсирсең гүлди саяда,
Тамырын жайып, бой тиклеп,
Жапырағын жая ма?
Сарғайып солып қалады,
Көгерген менен саяда,
Өмир бойы, Гүлнәхәр,
Кәниз болып Қулманға,
Өткенде қалай болар-ең,
Ашылмай-ақ гүллерин,
Жапырақламай солар-ең,
Сен қусаған мың-мыңлап,
Сулыўлар гүлдей солып жүр.
Сел-сел аққан жасына,
Дәрья-тениз толып жүр,
Азап пенен нешенин,
Пайманасы толып жүр.
Сен солардың, Гүлнәхәр,
Үстине түсер қуяшы,
Саратандағы ыссыда,
Басына түсер саясы,
Жылағанның панасы,
Жетимлердиң анасы,
Езилгенниң гиясы,
Үйсизлердиң уясы,
Тұншыққанның дүньясы.
Соңлықтан, балам Гүлнәхәр,
Шошқадай болып қутырып,
Халыққа зыян тийдирген,
Жазықсыздың денесин,
Отқа таплап күйдирген,
Тирилейин нешшеге,
Кепинин пишип кийдирген,
Нешшелерди зарлатып,
Қызыл қанлар сийдирген,
Адамзаттың геллесин,
Қырман қылып үйдирген,
Қарахан менен Қулмандай,
Патшаларды аяма?

Жаўап алып пийринен,
Кетеберсин Гүлнәхәр.
Әниўар ярын таппаға,
Әнўар менен қосылып,
Жеңдирмес ханды шаппаға.
Ендиги сөзди еситиң,
Жер астында жасаўшы,
Ақ жыланның елинен.

Гүлнәхәр шығып кеткен соң,
Үш күн өтти арадан,
Бир әждахар келеди,
Келип дөхмет салады,
Ақ жыланға жаладан:
— Жасырып бағып жатырған,
Адамзатты табасаң,
Таўып маған бермесең,
Бәрин де ойран боласаң,
Сол адамды тапқанша,
Хәр күни жеймен бес жылан, —
Дедидағын әждахар,
Бес жыланнан жеп жатыр,
Ақ жыланның қол астын,
Күн-күннен қуртып баратыр.

Ендиги сөзди еситиң,
Тоғайда жүрген Әниўардан,
Бир күни Әниўар түс көрди,
Түсинде қызық ис көрди,
Түби жуўан, бойы узын,
Жапыраклары алтыннан,
Шақалары гүмистен,
Бийик шынар көреди,
Сол шынардың басында,
Қанаты бар, пәри жоқ,
Сондай сулыў денеси,
Алтын, гүмис, яқуттан,
Мәрўер, хинжи, зәбержәт,
Бурләйт пенен гәўхардан,
Соньндай хасыл денеси,
Жарқырап тур нурлары,
Ай менен күнге таласып,
Мойны узын, қара көз,
Жан-жағына қарайды.

Тәрийп етип айтпаға,
Шайырлар да таппас сөз,
Сондай қызық қус көрди.
Бүлбүлдей шийрин тил менен,
Жаханды болжап сайрап тур,
Хәр бир түрли үн менен,
Барлық жанды өзине,
Ынтық етип байлап тур,
Сазшы менен қосықшы,
Усы қусқа сес қосып,
Уллы шынар түбинде,
Қосық айтып, саз шертип,
Ойыншылар ойнап тур.
Узақтан көрип қызықты,
Оған жақын барады,
Көз шағылысқан сәўлениң,
Асты менен Әниўар,
Үйретип көзин қарады,
Қустан көзин айырмай,
Сөйтип қарап турғанда,
Әниўардың басынан,
Телпеги түсип қалады.
Сол ўақлары болғанда,
Әниўарды қус көрип,
Қанатын жайып Әниўардың,
Төбесине қонады,
Төбесине қонғанда,
Қурқылтайдай ала қус,
Бүркиттен үлкен болады,
Қос қанатқа қыстырып,
Әниўарды алады.
Қос қанаттан асырып,
Арқасына салады,
Сарлап ушып аспанға,
Әниўарды алып барады,
Барлық адам шынардың,
Үймелесип астында,
Қарай-қарай қалады,
Ел жоқ, күн жоқ, жөзийра,
Бийик таўдың үстине,
Ушып барып қонады.
Қустың қонған жерине,
Алтын тахлы, қос хаўўан,
Айналасы сарҳаўыз,
Бүлбүлгөя сайраған,
Қумыры қуслар пәм шегип,
Түрли гүллер ашылған,
Әтир суўлар сарқырап,
Ийиси аңқып шашылған,
Илахийда әжайып,
Пақсалары алтыннан,
Қапылары гәўхардан,
Босағасы гүмистен,
Айналары жәўхардан,
Хайўаншаның қасына,
Бул жайда бина болады.

Сол ўақтында қара қус,
Қус кийимин шешеди,
Хеш ўақытта көрмеген,
Бул дүньяға келмеген,
Бир сулыў қыз болады,
Қолынан услап Әниўардың,
Жайға алып барады.
Әниўардың мойнына,
Қос билегин салады.
Қушағына қушақлап,
Жүзинен сүйип алады,
Сулыў сүйген ўағында,
Әниўар естен талады.
Есине келсе бир ўақта,
Қушағында сулыў қыз,
Тыржалаңаш жатырған,
Денесин көрип қалады.
Сол ўақтында Әниўар,
Дүрсилдеп соғып жүреги,
Сулыў қыздың қаттырақ,
Аш белинен қушақлап,
Қысып сүйип алады,
Арғы жағын өзиң бил,
Не болғанын сорама,
Айталмайды бизиң тил,
Қурдасларым болмаса,
Қыз-келиншек балаға.
Усы ўақта Әниўар,
Есигин ашып жәннетке,
Кирген янлы болады.
Бийхуш болып хал кетип,
Есинен танып қалады.
Есине жаңа келгенде.
Қыз орнынан турады,
Кийимин кийип сулыў қыз,
Күлимлеген жүз бенен,
Ойнақшыған көз бенен,
Әниўарға қарады.
Буны көрип Әниўар,
Төсектен қарғып турады.
Сол ўақтында сулыў қыз,
— Атыңыз ким?, — деп сорады.
Әниўар атым,-дегенде,
Әниўардың басына,
Қос жығаны қадады.
-Мениң атым сорасаң,
Гүлнәҳәр сулыў боламан,
Егерде мени излесең,
Балхы-Бадақшан деген,
Қаладан таўып аласаң,
Ашық болсаң сен маған,
Мениң айтқан жериме,
Өзиң излеп барасаң,-
Дедидағын сулыў қыз,
Айтар сөзин айтты да,
Қус липасын кийди де,

Көзинен ғайып болады.
Сескенип турып Әниўар,
Жан-жағына қарады.
Ашық болып сол қызға,
Жүреги ғыжлап жанады,
Көзинен аққан жасына,
Өзи ишип қанады,
Не деген менен сол қызды,
Излеп таўып алмаға,
Атын жолға салады,
Күн-түн тынбай жол жүрип,
Түсинде көрген сулыўды,
Излеп таўып алмаға,
Әниўар кетип барады.
Сөйтип кетип баратса,
Қаратаўдың баўрында,
Қарсы жүрип киятқан,
Бир қараны көреди,
Астындағы көк аты,
Жел менен қоса желеди,
Көзди ашып жумғанша,
Жақынласып келеди.
Қасына жақын келгенде,
Әнўар турып сорады:

—Душпанбысаң, доспысаң,
Қандай жансаң сен? — деди.
Душпан болсаң майданда,
Алысамыз кел, — деди.
Тоғайдан шыққан арыслан,
Арыслан батыр мен, — деди.

Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Қәҳәри қатты келеди,
Қандай батыр болса да,
Шыбын шелли көреди,
Алдында турған Әниўарға,
Еки көзин алартып,
Ақша жүзин қуўартып,
Гүлнәҳәр сөйлей береди:

— Шыбындай болып ызынлап,
Маңлайыма қонбаңыз.
Жаның аман турғанда,
Қулағыма келместей,
Жерге барып ғуңлаңыз, —
Деген сөзге Әниўар да,
Қап таўындай иседи:
— Шыбын деп мени санаған,
Қандай батыр киси еди, —
Деп ашыўлы Әниўар,
Жалаң қылыш қолға алып,
Гүлнәҳәрге қаратты,
Шық майданға батыр, —деп,
Тепсине берди, торы атты.
Өлгиси келген ешкилер,
Пышағына саллақтың,
Сүйкенеди деген бар,
Мениң ғайрат-күшиме,
Тең келмеген әждаҳар,
Әжелиңе асығып,
Қайдан келдиң геллеғар, —
Дедидағын Гүлнәҳәр,
Қолындағы найзаны
Әниўарға созады,
Отыз еки гез созылар,
Созылмайды найзасы,
«Пийрим» деди, сыйынды.
Ҳеш тиймеди пайдасы.
Таслай берип найзаны,
Қылышты қолға алады,
Алласы менен пийрине,
Сыйына берип Гүлнәҳәр,
«Бисмилла» деп қылышты,
Әниўарға силтейди,
Әниўарға тийсе де,
Денесин қылыш кеспейди.
Әниўар да қылышты,
Гүлнәҳәрге урады.
Денесин кеспей қылышы,
Кийимге тийип турады,
Ат үстинде екеўи,
Бир-бирине қылышты,
Ғаршылдатып урады,
Еки батыр айқасып,
Көзлери оттай жанады,
Гүлнәҳәр менен Әниўар,
Үш күн урыс қылады.
Астындағы атлары,
Соныңдай шаршап қалады,
Аттан түсип екеўи,
Жағаға қоллар салады,
Үстиндеги кийимлер,
Парша-парша болады.
Бир-бириниң жағасын,
Тислери менен жулады,
Гүлнәҳәр менен Әниўардың,
Көкиреклери ашылып,
Жаланаш дене қалады,
Шыдай алмай Әниўар,
Гүлнәҳәрдиң күшине,
Тула бойдан ҳал кетип,
Тентиреклеп қулады.
Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Өлтирейин сени деп,
Қыйнадың сонша мени деп,
Қылыш пенен урады,
Қылыш барып сарт етип,
Денени кеспей турады,
Мәдет бер маған, пийрим деп,
Гүлнәҳәр мәдет сорады,
Ҳеш бир саза болмады,

Енди оны тирилей,
Өртемекти ойлады,
Жаққан оты жанбады.
Хәр түрли хийле қылса да,
Ойындағы болмады.

Сол ўақтында болғанда,
Әниўар есин жыйды,
Әниўар есин жыйған соң,
Шайтан ба яки жин бе деп,
Гүлнәхәр жақын барады,
— Шапсам қылыш кеспеген,
Шанышсам найза теспеген,
Алыссам күшим жетпеген,
Сендей жанды көрмедим,
Шайтанбысаң, жинбисең?
Ҳаслыңды айт батыр, — деп,
Әниўардан сорады.

Сол ўақтында Әниўар:
—Үш күн гүрес қылғанда,
Алалмаған әждаҳар,
Әждахарды өлтирип,
Терисин алған батырман.
Жеңдирмес деген патшаға,
Жеңдирмей келип жатырған?
Тоғайдың бөри ийеси,
Әниўардай батырман? —
Деген ўақта Әниўар,
Гүлнәхәр талып қалады.
Хәдийсеге түсинбей,
Хайран болып Әниўар,
Гүлнәхәрге қарады?
Жыртығынан кийимниң,
Қос анары тырсыйып,
Көкрегинде батырдың,
Турғанын көрип қалады.
Сол ўақтында Әниўар,
Талып жатқан батырдың,
Көкирегин сыйпалап,
Қатынлығын ол енди,
Анықлап билип алады.
— Әждахарды жеңсем де,
Жеңе алмадым қатынды.
Енди тири жүргеннен,
Жоқ еткеним жақсыды,
Әниўар батыр атымды,
Қатынның аты ер екен,
Ер де болсаң Әниўар,
Бир қатыннан жығылған,
Ерлигиңе мақтанба,
Сениң де атың қатынды.
Қапаланып Әниўар,
Көп уўайымға қалады.
Қызыл жүзи сарғайып,
Запырандай солады.

Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Уйқыдан турған адамдай,
Есноп демин бир алып,
Әниўарға қарады,
Еки көзи Әниўарды,
Қурт болып жеп барады.

Сол ўақтында Әниўар:
— Келбетиңе қарасам,
Жер жүзиниң көркисең,
Айбатыңа қарасам,
Батырлардың бөркисең,
Саўлатыңа қарасам,
Патшалардың тажысаң,
Сымбатыңа қарасам,
Ашықларға хажысаң,
Маңлайыңа қарасам,
Бақсылардың сазысаң,
Қасларыңа қарасам,
Саратанның жазысаң,
Мойныңа қарасам,
Көллердиң сона, ғазысаң.
Тиллериңе қарасам,
Бағлардағы тотысаң,
Көзлериңе қарасам,
Жәннеттиң жанған отысаң,
Аўызыңа қарасам,
Шенеп соққан оймақсаң,
Ләблериңе қарасам,
Сүттен шыққан қаймақсаң,
Шашларыңа қарасам,
Ақ найзаға сумбисең,
Тислериңе қарасам,
Гәўхар менен хинжисең,
Ҳаслыңды айт, перийзат,
Сын жиберип қарасам,
Әниўардың ярысаң.

Буны еситип Гүлнәхәр,
Және де естен танады,
Ҳәдийсеге түсинбей,
Әниўар хайран қалады.
Екинши турған ўағында,
Атыңыз ким деп сорады,
Гүлнәхәр атым дегенде,
Әниўар естен танады,
Әниўар еске келгенде,
Гүлнәхәр естен танады,
Сөйтип жатқан мәҳәли,
Ақсақаллы бир ғарры,
Ақ түйени жетелеп,
Үстине келип қалады,
Ақ түйеден түсирип,
Ақ шатырды қурады,
Ақ шатырға екеўин,
Киргизеди бабасы,

Некасын кыйып булардың,
Нека суўын береди,
Нека суўын ишкен соң,
Қолын жайып буларға,
Ақ пәтия береди,
«Әўмийин» деген ўағында,
Түйе менен баба жоқ,
Көзден ғайып болады,
Әниўар менен Гүлнәхәр,
Ақ шатырда қалады,
Хәдийсеге түсинбей,
Әниўар қыздан сорады.
Сол ўағында Гүлнәхәр,
Әниўардай ярына,
Барлық көрген билгенин,
Қалдырмай баян қылады,
Гүлнәхәрдиң исине,
Әниўар хайран қалады.
Әниўардың көрген түсине,
Гүлнәхәр хайран қалады,
Алқысса, дослар, бул жерде,
Гүлнәхәр менен Әниўар,
Қырқ күнге шекем екеўи,
Бул шатырда турады,
Еки ашық қосылып,
Айшыў-әширет қурады.
Арадан қырқ күн өткен соң,
Гүлнәхәр шашын тарайды,
Жаў-жарағын асынып,
Тулпар аттың дизгинин,
Билегине орайды,
Жеңдирмес ханның үстине,
Ат ойнатып бармаға,
Тажы-тахтын қулатып,
Жеңдирмести алмаға,
Әниўардай ярынан,
Сапарын сулыў сорайды.

Сол ўақтында Әниўар,
Аяғына бас урып,
«Барма ярым, барма» деп,
Гүлнәхәрге жалынды:
— Айтагөрме Гүлнәхәр,
Жеңдирмес деген залым хан,
Сендей- мендей батырдың,
Талайын жаннан айырған,
Дәўлер менен гүресип,
Қарқара деген дәўлердиң,
Омыртқасын омырып,
Қабырғасын қайырған.
Кетегөрме Гүлнәхәр,
Отын менен суўға да,
Бир адым атып жанымнан,
Жазым болып, Гүлнәхәр,
Айрыларсаң жанымнан.
— Әй, Әниўар, Әниўар,
Батыр ма екен деп едим,
Қорқақлығың көринди,
Хеш ўақытта батырлар,
Писент етпес өлимди.
Қорқа берме Әниўар,
Әўселе алла яр болса,
Қаўыс Қыяс пирлерим,
Хәр жерде мәдеткар болса,
Қалмаспан жеңбей, сүйгеним.
Бәлки әждахар болса,
Хәр бир жерде, Әниўар,
Пирлерим мени қоллайды.
Пир қоллаған бендеге,
Қәўип-қәтер болмайды.
Қолымдағы найзадан,
Дәўлер қашып кеталмас,
Мынаў жәўхар қылышқа,
Әждахар әмел еталмас,
Астымдағы тулпарға,
Қуўған қуўып, жеталмас,
Ушқан қуслар болса да,
Қутылып оннан кеталмас.
Жеңдирместей жаўызды,
Жерге жексен етермен,
Миндирип сени, сүйгеним,
Жеңдирместиң тахтына,
Мақсетиңе жетермен,
Қайта ертлеп тулпарды,
Қараханға бараман,
Қарахандай дәўлердиң,
Басына ойран саламан,
Дар астына апарып,
Қой орнына шаламан,
Қара дәўдиң хаялын,
Азат етип залымнан,
Дәўге алып бараман.
Оннан соңғы сапарым,
Жер астында әждахар,
Әждахарды өлтирип,
Жыланларды зулымнан,
Сөйтип азат қыламан,
Оның менен турмастан,
Қулманға қылыш урмастан,
Алты мыңдай кәниздиң,
Барлығын азат қылмастан,
Жаталмаспан тыншыма,
Сениң менен қосылып,
Бир төсекте Әниўаржан,
Жата алмайман бир заман.

— Олай болса Гүлнәхәр,
Мен де бирге барайын,
Найзаны қолға сен алсаң,
Қылышты мен де аламан,
Сениң менен қосылып,
Атана нәлет душпанға,

Курт ойынын курайын,
Қан дәрьясын ағызып,
Үстине көпир салайын,
Қайда барсаң, Гүлнәҳәр,
Зәңгилессин болайын,
Қабыл ет мени қасына,
Манлайыма жаркылдап,
Сәўлеси түскен нур айым,
Уллы саўаш майданда,
Қызығына карайын,
Баска мүшкил ис түссе,
Сыйынып мен де аллаға,
Пирлерден мәдет сорайын.

Сол ўактында Гүлнәҳәр:
— Егерде жаўдан коркпасаң,
Мин атына жүр,-деди.
Койға тийген қасқырдай,
Тийген ўақта душпанға,
Тамашамды көр,-деди.
Үстем болып душпан жақ,
Күшим жетпей баратса,
Сен де жәрдем бер,-деди.
Саўашка кирген ўағымда,
Қызығыма карасаң,
Максетим мениң сол,-деди.
Бир силтесем қылышты,
Қырарман мың сан кол, — деди.

Усы сөзди айтканша,
Әниўар атка минеди,
Желбиретип колына,
Ақтан байрақ иледи.
Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Орамалдың ушына,
Шатырды жығып байлады.
Түйиншикти жақсылап,
Кисесине жайлады,
Желбиретип байрағын,
Еки батыр ат койып,
Жендирмес ханның елине,
Ат ойнатып келеди.
Қаланың келип шетине,
Орамалдан шығарып,
Ак шатырын тигеди,
Ақ шатырдын басына,
Ак байракты илген соң,
Ханға хабар береди,
Жендирмес деген залымның,
Тоғыз жүз дәўи бар еди.

— Алдырмас тири ўағында,
Аламан деп ат койып,
Келген батыр ким еди,
Адам түўе, бул жерге,
Мыңсан болып умтылып,
Келседағын әждаҳар,
Қырылып бәри өледи,
Әжелине асығып,
Аласып келген болсаңыз,
Акылың барда кейин кайт,
Жақынлассаң бул жерге,
Жанған шамың сөнеди,
Бизлер сондай батырмыз.
Жеңдирместей патшаның,
Қаласын қорып атырмыз,
Хәр кайсымыз бизлердиң,
Сиз кусаған коянның,
Он мыңына татырмыз, —
Дедидағын биреўи,
Буларға келип гүрледи.

Буны көрип Әниўардың,
Тула бойы дирледи,
Қолын жылан шаққандай,
Қалтыраңып зирледи:

— Түси жаман әбеший,
Қозғалмастан табанда,
Тутып алып өлтирер,
Жүр кейинге қайтайық,
Жанымыз тәнде аманда,
Жазым жерде, Гүлнәҳәр,
Гезлеспейик жаманға.
Тийсгөрме, Гүлнәҳәр,
Күллей ушып кетермиз,
Көрип турып, сүйгеним,
Ишегөрме уў-зәҳәр,
Дүньядан наймыт өтермиз,-
Деп сорап тур Әниўар,
Гүлнәҳәрге жалынып,
Көзинен ағып қанлы жас.

Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Әниўарға сөйледи:

— Қалтырайсаң Әниўар,
Алты жасар баладай,
Еки көзиң аларған,
Қасқыр көрген танадай,
Алысар жерге келгенде,
Найзаны жерге таслайсаң,
Батырым, сениң бул қалай,
Өлемен деп қорқасаң,
Қолыңдағы кылышты,
Қара тасқа жанамай,
Келгенди дәў деп санайсаң,
Өзиңди дәўге санамай,
Сен қайтсаң да Әниўар,
Мен кайтпайман кейнинге,
Жендирмес ханның әскерин,
Аш касқырдай таламай,

Қумарым менин канбайды.
Қылыштын қанын жаламай,
Өзим жаўға тийемен,
Қорксаң отыр шатырда,
Емшек бер деп сорамай, —
Дедидағын Гүлнәҳәр,
Найзаны алды қолына,
Қылышты байлап белине.
Жетип келди ат қойып,
Соғысар майдан жерине.

Сол ўақлары болғанда,
Қолын баслап Жендирмес,
Ол да келип калады,
Урыспаға екеўи,
Ортаға туўды қалады,
Шағылысады күн менен,
Көп әскердиң жарағы,
Төрт тәрептен айналып,
Ортаға қызды алады,
Көп әскерге Гүлнәҳәр,
Тәўекел етип турады,
Ертип келген батыры,
Ер болса да Әниўар,
Қатын шелли болалмай.
Гүлнәҳәрге қосылып,
Жаўға қылыш салалмай,
Қорққанынан бой тартып,
Шатырда жатып қалады.
Ортада турған найзалы,
Жалғызды көрип Жендирмес,
— Атаңа нәлет ҳарамлар,
Келген душпан усы ма?
Елге душпан келди деп,
Хабар берген қайсыңыз?
Душпаннан бурын мен сениң,
Жетейин, —деп, — басына,
Хабар берген палўанын,
Жалаң қылыш көтерип,
Қойып қалды басына.
Оннан кейин Жендирмес,
Еки палўан жиберди.
— Ортада турған қоңызды,
Астындағы ат пенен,
Найзасын да түсирмей,
Жылжыттырмай табанын,
Алақанға көтерип,
Алып келин қасыма,
Ойыншық етип апарың,
Балларымның қасына.
Мойнына жип тағып,
Ойнап жүрсин балалар, —
Деген ўақта Жендирмес,
Пиядалап еки дәў,
Баратыр қызға жүгирип,
Сол ўақтында Гүлнәҳәр,

Еки дәўди найзаның,
Ушы менен илдирип,
Шишке шанышқан шабақтай,
Күнге қарап усынды,
Буны көрип Жендирмес,
Ушыратуғын бөле ме,
Бастағы бахыт қусымды,
Бәриң бирден басың деп,
Услап алып тезирек,
Қанлы дарға асың деп,
Әскерге қылды қысымды.
Буйрық алған әскерлер,
Ортаға қарап умтылды,
Келатырған әскерге,
Қылышты алып қолына,
Бир-ақ сермеп қалғанда,
Жендирместиң әскери,
Байланған суўдай қуртылды,
Қызыл қанлар сарқырап,
Ойға ағып сырқылды,
Буны көрип патшаның,
:н шанашы жыртылды,
Жендирмес сондай сасады.
Үстиме қудай келди деп,
Изине қарап қашады,
Жендирмес ханның изинен,
Тулпарға қамшы басады,
Жеткерместен Жендирмес,
Бир талай жерге асады.
Қалаға жақын келгенде,
Қуўып жетип изинен,
Ойын балық шанышқандай,
Жендирместей залымның,
Өткерди найза көзинен,
Соқыр қылып сол көзин,
Сарайына басла, — деп,
Киятыр айдап изинен.
Хан сарайға келеди,
Тажы-тахтын көрсетип,
Жендирмес патша күледи.
— Өлейин деп турғанда,
Күлгениң сениң не? — деди.

Сол ўақтында Жендирмес:
— Күлгенимниң себеби,
Ҳақыйқатта бул,-деди.
Жер жүзиниң патшасы,
Жендирмес қудай мен еди,
Жер жүзинде меннен де,
Күшли қудай бар екен,
Қайдан келген қудайсаң,
Атыңды айт та тахқа мин.
Мынаў турған алтын тах,
Меники емес, сеники,
Басымдағы дәўлет бах,
Меники емес, сеники,

Дәбледеги арғымақ,
-Меники емес, сеники,
Сарайлар толы кәнизек,
Барлығы болсын сеники,
Қартайып келген шағымда,
Гүнамды кешсең сен қудай,
Шыбын жаным меники,
Егерде әниў етпесең,
Аманат ол да сеники.

Жендирместей залым хан,
Гүлнәхәрди қудай деп,
Аяғын сүйе жығылды.
Жумыр басы жумалап,
Гүлнәхәр турған жердеги,
Топыраққа тығылды.

Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Алдына ханды салады,
Зинданларын аштырып,
Зиндандағы адамның,
Барлығын азат қылады.
Азат болған адамнан,
Жарақ берип қолына,
Хан сарайы алдына,
Сақшыларын қояды.
Соннан кейин Гүлнәхәр,
Жендирмес ханға бүй деди:

— Атаңа нәлет, залым хан,
Неге халықты қыйнайсаң?
Аяғына жип тағып,
Тышқандай тислеп ойнайсаң?
Танаўыңды көтерип,
Ақ теректей бойлайсаң?
Алмастан бурын жаныңды,
Қозғал жаның аманда,
Жыйна барлық халықты,
Қалдырмастан хеш жерде,
Қайыршы, гедей-арықты,
Падашы-шопан қалмасын,
Жумыры кийип басына,
Аяққа бүрген шарықты.
Қырқ күн ойын қыласаң,
Қырқ күн тойын қыласаң,
Хан сайлаўын халықтың,
Ортасына саласаң,
Көпшиликтиң сөзине,
Залым хан, қайыл боласаң,
Мал баксын десе көпшилик,
Тоғайда мал бағасаң,
От жақсын десе көпшилик,
Базардағы аспаздың,
Отжағары боласаң,
Қайда қуўса көпшилик,
Қаңбақтай ушып барасаң.

Усы мениң хәмиримди,
Орынлайсаң ўақтында,
Орынламасаң сөзимди,
Турған жерде залым хан,
Жер менен жексен боласаң.
Екинши айтар бир сөзим,
Басшы болып сен өзиң.
Қоста қалған қосшымды,
Қосы менен көтерип,
Әкелесең тахтыма,
Ол да саған хыметкер,
Ис қылатуғын халқыңа, —
Деген ўақта жендирмес,
Қуллық қылып, бас ийип,
Гүлнәхәрдей батырдың,
Хәр аяғын жуп сүйип,
Гүлнәхәрдиң алдында,
Орынлаўға хәмирин,
Мәсләхәтқа жыяды,
Қалдырмай хәким ўәзирин,
Қышлақма-қышлақ жоллады,
Жаздырып жарлық хәр бирин.
Тоқсан тоғыз бөгенек,
Арбаны таяр қылады,
Арбашылар басшысы,
Ханның өзи болады,
Ойыншысын ойнатып,
Сазшыларын сайратып,
Гүлнәхәрдиң қостағы,
Қосшысын алып келмеге,
Барлығы кетип барады.

Ендиги сөзди еситиң,
Әниўардай батырдан.
Буларды көрип Әниўар,
— Гүлнәхәрди өлтирип,
Киятыр маған әждахар,
Мени де енди тутпақшы,
Услап алып залым хан.
Тар зинданға атпақшы,
Я болмаса апарып,
Қанлы дарға тартпақшы,
Кепин болғыр көйлегим,
Өз қаныма батпақшы, —
Деп ойланып, Әниўар,
Ат-тонына қарамай,
Жалаң аяқ, жалаң бас,
Шатырдан шыға қашады.

Гүздиң соңғы айының,
Күнлериниң бири еди,
Аязлаў суўық жел менен,
Қар да жаўып тур еди,
Қар үстинде ғарғадай,
Әниўардай батырың,
Еки аяғын басалмай,

Сыпырық желдиң дәрдинен,
Көзлерин оңлы ашалмай,
Ийнин қысып бүкшийип,
Қашса да узап қашалмай,
Қатты қорлық көреди,
Сол ўақтында адамлар,
Шатырға кирип келеди.
Шатырда ҳеш бир адам жоқ,
— Жаңағы қашқан бийшара,
Атқосшысы болмасын,
Таўып алың тез ара,
Аязға тоңлап қалмасын, —
Дедидағын Жеңдирмес,
Арбалардан туўартып,
Тоқсан тоғыз ат пенен,
Ат қосшысын излетти,
Қар үстинен из кесип,
Табыўдың жолын тезлетти.
Атты шаўып адамлар,
Өр менен ықты қарады,
Сөйтип жүрип бир адам,
Қарасын көрип қалады.
Қашып барып Әниўар,
Бир тесикке тығылды,
Шаўқымды салып, мунда деп,
Атты шаўып ол адам,
Жақынлап бара бергенде,
Ат үстинен жығылды.
Адамлар көрип алыстан,
Атларын бәри шабады,
Баяғы кирген үңгирден,
Әниўар бекти табады.
Қайдан келген батыр деп,
Қояндай инде жатыр деп,
Күлисип бәри қарады,
Күлисип турған ўағында,
Әниўарды бир адам,
Сер салып танып алады,
— Қашып жүрген баяғы,
Гүналы болған адамың,
Әниўар усы болады, — деп,
Жеңдирмес ханның сол жерде,
Қулағына шалады.
Батырға қалай түсти деп,
Олда хайран қалады.
— Батырыңды билмеймен,
Ондай адам көрмедим,-
Деп Әниўар сол жерде,
Ант уў ишип бийшара,
Қос тепкини салады,
Ат қосшысы мен емес,
Меннен басқа болады,
Әниўар да мен емес,
Ҳеш гүнасыз адамман,
Өлтирегөрме, ағалар, —
Деп өтинип жылады.

— Басқа болса қосшысы,
Шатырға неге киресең?
Урлық етип жүрмисең?
Не болса да биз сени,
Батырға алып барамыз, —
Деген ўақта Әниўар:

— Өлтирегөрмең ағалар,
Мен ханыңа бармайман, —
Деген ўақта Әниўар,
Қолын байлап артына,
Шатырға қарап айдады,
Шатырды жығып, Әниўарды,
Арбаға беккем байлады,
Жалаң аяқ, жалаң бас,
Еки қолы байланған,
Усы ма деп қосшыңыз,
Гүлнәҳәрден сорады.

Қәҳәрге минди Гүлнәҳәр,
Әниўарды көргеннен,
Иши оттай жанады,
Бул адамның барлығын,
Душпаным деп санады,
Қалдырмастан бирин де,
Тар зинданға қамады,
Сөйтип болып Гүлнәҳәр,
Әниўардай батырдан,
Бул аўҳалды сорады:

— Әниўар батыр, сүйгеним,
Нешше жыллар ашық боп,
Ышқы отына күйгеним,
Неге бүйтип жүресең,
Жалаң аяқ, жалаң бас?
Душпанлардың алдында,
Кимге күлки бересең?
Бул ислердиң, Әниўар,
Себебин дурыс айтпасаң,
Өлтиремен, өлесең.

Өлтиремен деген соң,
Қорыққанынан бийшара,
Барлық көрген билгенин,
Қалай инге киргенин,
Сандыраклап есердей,
Қалдырмай айтып береди.
Соннан кейин Гүлнәҳәр,
Жалғыз ханнан басқасын,
Азатлыққа шығарды,
Барлық халық қалмастан,
Жыйналып келген сарайға,
Хан сайлаймыз деген соң,
Қуўанышлы хабарға.
Жыйналып келген халықты,
Гүлнәҳәр қарсы алады,

Гүлнәхәрдиң қасында,
Қамқа тоннан кийинген,
Әниўар батыр турады.
Көрген адам таң қалды,
Мынаў еки азамат,
Қайсы елдиң адамы,
Әсиресе анаўы ,
Гүлден де сулыў көринер,
Периден сулыў ажары.
Сөйлеген сөзи жағымлы,
Шекерден шийрин мазалы,
Болса еди азамат,
Усы бизиң ханымыз,
Разымыз бәримиз,
Усындай патша қолынан,
Шықса да тәннен жанымыз, —
Деген даўыс хәр жерден,
Минберде турған булардың,
Қулағына келеди.

Сол ўақтында Гүлнәхәр:
— Кимди ханға сайлайсыз? —
Деген сөзге халайық,
— Сайлаймыз сизди, султаным,
Сиз боласыз ханымыз.
Сондай уран сөз бенен,
Ғалаба дабыл қағады.
Минберине гүл таслап,
Минберди гүлден көмеди,
Бесиктеги баладай,
Гүлнәхәр менен Әниўарды,
Түрли гүлге бөледи.
Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Алдындағы мақсетин,
Көпшиликке салады,
Асып кетсе еки жыл,
Рухсат халықтан сорады.
— Мен келгенше сизлерге,
Әниўар патша болады.
Гүлнәхәрдиң бул сөзин,
Көпшилик мақул алады.
Жеңлирмес ханды өлтирип,
Патша болып халқына,
Әниўар тахтта қалады.
Ертеңги таңды атырып,
Гүлнәхәрдей батыр қыз,
Жасыл туўын қолға алып,
Тулпарын жолға салады,
Қустай ушып қулдырап,
Сағымдай болып сылдырап,
Суўсыз қыя шөллерден,
Неше дәрья көллерден,
Көлбеп кетип барады,
Үсти бийик таўлардан,
Ырғып кетип барады,
Күндиз тынбай, түн жатпай,
Көзин жумып қас қақпай,
Қаңғып кетип барады,
Дүбелейли қуйындай,
Шаңғып кетип барады,
Гей ўақытлар болғанда,
Ат үстинде Гүлнәхәр,
Қалғып кетип барады.
Бир неше күнлер жол жүрип,
Жетип келди жақынлап,
Тас болған қорған қасына,
Ат та жаман болдырды,
Өзи де сондай шаршады,
Гезлести таўдың тасына,
Қас қарайып, күн батып,
Баратырған мәхәли.
Қонады қорған қасына,
Ертеңги таңды атырып,
Гүлнәхәрдей батыр қыз,
Атын отқа жиберип,
Жаў-жарағын асынып,
Ушып келген ол қустың,
Арқасына минеди,
Көзди ашып жумғанша,
Ескен самал тынғанша,
Гүлнәхәр кирип келеди.
Баяғы шыққан тесикке.
Өзине жәрдем көрсеткен,
Жыланларға келеди,
Алды менен ақ жылан,
Гүлнәхәрди көреди,
Қуўанғаны соныңдай,
Жүгире келип жәниўар,
Гүлнәхәрди сүйеди,
Жайылып жылан зәхәри,
Жүзинен азмаз күйеди,
Билдирместен жыланға,
Ол жарасын Гүлнәхәр,
Дәри сүртип дүзеди.
Соннан кейин Гүлнәхәр:
— Қай жерде, — деп сорады,
Душпаныңыз әждахар?
Хәр күни бестен жылан жеп,
Семирген шығар геллеғар.
Жақынлап келди зулхуджә,
Қурбанлыққа шалынар.
Жақсылыққа-жақсылық,
Соныңдай жаўыз душпаннан,
Сизлерди азат қылмаға,
Айналып келди Гүлнәхәр.
Гүлнәхәрдиң қолында,
Қырқ алты гез зулфуқар,
Минс енди, дусларым,
Сизлерди жеген жаўыздың,
Тарттырайын сазайын, —
Деген ўақта Гүлнәхәр,
Ақ жылан турып сөйледи:

— Айтагөрме қарағым,
Бир емес, жүз мың адамды,
Бир демине тартады.
Егер көрсе, ол сени,
Мийнетимиз тағы да,
Жүз мәртебе артады.
Жети күнниң ишинде,
Бәримизди қуртады, —
Деп жылады ақ жылан.

— Жүз болса да айтабер,
Мен олардан қорқпайман, —
Деп турғанда Гүлнәҳәр,
Әждаҳар жетип келеди,
Буны көрип, Гүлнәҳәр,
Қылышты услап қолына,
Әждахарға жөнеди,
Демине тартқан ўақтында,
Еки бөлген ғарбыздай,
Тең ортадан бөледи.
Қызыл қанға боялып,
Сум әждаҳар өледи,
Әждаҳардың өлгенин,
Батырдың еки бөлгенин,
Барлық жылан көреди,
Досты болған ақ жылан,
Қушағын ашып жүгирип,
Көз айдын айтып келеди,
Қуўанышлы түр менен,
Гүлнәҳәрдей батырдан,
«Патшамыз бол» деп тиледи.
Бул сораўға Гүлнәҳәр,
Мыйығын тартып күледи:

— Жоқ, жан достым, ақ жылан,
Ҳүрметиңе рахмет,
Патша болып бул жерде,
Қалыўыма болмайды,
Айта берсем себебин,
Ҳасла ада болмайды,
Дәстан-дәстан сөз болар,
Сирә тамам болмайды,
Рухсат болса қайтаман, —
Деп рухсат сорайды.

Сол ўақтында ақ жылан:
— Жанымда үш күн боласаң,
Бағы менен бақшам бар,
Тамашалап қыдырып,
Қызығына қанасаң,
Ондай бақша, Гүлнәҳәр,
Жер үстинде болмаған,
Тәрийпин саған айтайын,
Қулағыңды сал маған.
Жер үстине шықпаған,
Түрли гүллер онда бар,
Тоты менен бүлбүллер,
Есапсиз-сансыз онда бар,
Жапырақлары зәбержәт,
Ақ тереклер онда бар,
Лағлы-маржан яқуттан,
Көктереклер онда бар,
Есабы жоқ, саны жоқ,
Көп тереклер онда бар,
Гәўҳардан болған ажары,
Түрли мийўе онда бар,
Қурма, писте, бадамнан,
Ийлеп жапқан нан да бар,
Ҳәр адымда жанып тур,
Гәўҳар деген шам да бар,
Сәўлеси түскен жарқырап,
Нур сәўлели күн де бар,
Қара тонын жамылған,
Сағымы сулыў түн де бар,
Түнниң көрки ай-жулдыз,
Ай жулдызлар сонда бар,
Минемен десең алтын тахт,
Тахт қасында жорға бар,
Үстине кийсең жарасар,
Қундызы гәўҳар тон да бар,
Шомылыўға сарҳаўыз,
Суў ҳасылы онда бар,
Шыпасы тийген қастаға,
Абыҳаят онда бар,
Ишсең сирә қанбайсаң,
Абызәмзем суў да бар,
Жер жүзине өрмеген,
Түрли аңлар онда бар,
Жер жүзинде соқпаған,
Сулыў тамлар онда бар,
Үстинде жүни зерапшан,
Мал ҳасылы онда бар,
Дәндәнадан исленген,
Бөгенек арба онда бар,
Тулпарға жем бермеге,
Қундызы дорба онда бар,
Ортасында бақшаның,
Гүмистен салған жол да бар,
Жаныңа не керектиң,
Барлығы да сонда бар,
Жер жүзинде, Гүлнәҳәр,
Ондай қызық қайда бар?
Бир аралап көргенге,
Өмири бойы пайда бар.

— Достым болған ақ жылан,
Ондай затлар ҳеш ўақта,
Жер үстинде болмаса,
Жер астында болмаған,
Ҳәзил етип айтасаң,
Билемен оны, сен маған,
Айтпасаң да буныңдай,

Өтирикти лап қылып,
Алдыма мениң қойсаң,
Мақтанасаң жоқ жерден,
Хәр нәрсени тап қылып.
Үш күн емес, жети күн,
Достым, қонақ боламан,
Өтирик шықса сөзлериң,
Қандай достым болсаң да,
Басыңды қағып аламан,
Жер жүзинде адам жоқ,
Мен қусаған ашыўшақ,
Сағым менен атар таң,
Атқан таңға таласып,
Өрип шығар барлық жан,
Сен жылан да, мен адам,
Жылан менен адамзат,
Хеш ўақта дос болмаған,
Өзим адам болсам да,
Дос болғанман мен саған,
Күлки қылып бул сөзди,
Кимге айтасаң, қуў жылан,
Жер астында жасайды,
Қурт-қумырысқа, кесиртке,
Бузаўбас, шаян, суў жылан.
Еситкениң болмаса,
Көргениң жоқ хеш ўақта,
Абызәмзем суў, жылан,
Ертеклерден еситип,
Айтасаң қурап сен маған,
Басла мени сол жерге,
Көрсетпесең сондай жер,
Басыңа түсер сум заман,
Есиңе салып қояман,
Ерте бастан мен саған.
Деген ўақта Гүлнәҳәр,
Ақ жылан турып сөйледи:

— Айтқаным шын болмаса,
Көзлеримди ой, — деди.
Қылышың менен қолдағы,
Адамлар қой сойғандай,
Тамағымнан сой, — деди.
Көрсетемен көзиңе,
Соныңдай қызық той, — деди.
Адамзатта болады.
Көрмегенше көз бенен,
Хәр түрли бузық ой, — деди.
Жалған болсын, шын болсын,
Оныңдай жаман минезди,
Адамзат достым, жой, — деди.
Деп сораныпақ жылан,
Жыланларға буйырды,
Арба жегип келиң, — деп,
Басына күн түспесин,
Қолына зонтик бериң, — деп,
Жыланларға буйырды.

Буйрықты алып көп жылан,
Арбаны сүйреп келеди,
Ушығадан исленген,
Қолына зонтик береди,
Зонтикти услап қолына,
Арбаға қарап келеди,
Қудиретли арбаны,
Гүлнәҳәр көзи көреди,
Буны көрип Гүлнәҳәр,
Ҳайран болып қалады,
Алды-артына арбаның,
Айнала көзин салады.
Алтын менен гүмистен,
Дегершигин соқтырған,
Жақсылатып дәнданнан,
Кегейлерин қақтырған,
Кеште салып мәрўерттен,
Мәнжересин шаптырған,
Ҳинжи менен жәўҳардан,
Алтақтасын соқтырған.
Лағыя менен лағметтен,
Жан тақтасын жаптырған,
Арысы менен көшерин,
Сынбасын деп хеш қашан,
Сом полаттан соқтырған.
Айталмайман атын да,
Сондай сулыў бир тастан,
Мәргенек шүйин қақтырған,
Бояў қылып сыртынан,
Нур сәўлесин жақтырған,
Үстинде бар алтын тах,
Сондай сулыў тасларды,
Қайдан таўып соқтырған.
Ондай сулыў арбаны,
Көрмек түўе дүньяда,
Еситпеген Гүлнәҳәр,
Көрип ҳайран қалады,
Қуўанышлы кеўли шад,
Ақ жылан менен екеўи,
Арбаға минип барады,
Айтқан бағы айтқандай,
Сондай қызық болады,
Бағ ишине киргенде,
Гүлнәҳәрдей адамзат,
Есинен талып қалады,
Тентиреклеп ах урып,
Кулашын жая қулады.
Абызәмзем суў менен,
Гүлнәҳәрдей достының,
Ақ жылан жүзин жуўады,
Бурынғы сулыў сулыў ма,
Оннан да сулыў болады.
Есин жыйып, Гүлнәҳәр,
Гүл жүзине қарады,
Өз көзине исенбей,
Жәнe де хайран қалады,

Хайран болып Гүлнәхәр,
Жылан деген дуўахан,
Дуўалаўлы зат па деп,
Исенбей турған Гүлнәхәр,
Ақ жыланнан сорады.
Сол ўақтында ақ жылан:

— Айтылмайтуғын зат еди,
Айтпасам саған болмады,
Бурынғы ўақта адамнан,
Сулайман патша болыпты,
Жердиң жүзин сораған,
Сораса да жер жүзин,
Оған көзи тоймастан,
Әрман етип жер астын,
Сорасам деп ойлаған.
Қара қус сизди әкелген,
Жолды салған Сулайман,
Қара қустың өзи де,
Сулайманның жел аты,
Анаў жайда байлаўлы,
Жулдыздан туўған суў аты,
Суў атының, Гүлнәхәр,
Алпыс еки қанаты,
Лақ-лақ дәўге жаралық,
Сол атының қуўаты,
Жылаўын да услатпас,
Жақынлатпас хеш жанды,
Сондай жаман туў аты.
Усы мынаў бақша да,
Сулайманның бақшасы,
Ләк-ләк болған жыланға,
Ғазабын тигип қаздырған,
Абыхаят дәрьясы,
Сонша мийнет етсе де,
Сулайманға тиймеген.
Ийне қурлым пайдасы.
Сол ўақтында Гүлнахар,
Ақ жыландай достынан,
—Суў атты бер, — деп сорайды.
— Берер едим суў атты,
Жер үстинде жүриўге,
Суў ат пенен болмайды,
Туяғы тийген жерине,
Алты гез суў орнайды,
Жер жүзин суў алмаған,
Бир табан жер қалмайды, —
Деседағы ақ жылан,
Гүлнәхәр қайыл болмайды,
Айтқан менен не пайда,
— Усы атты алмасам,
Көрдим, кеўлим толмайды.
Атты бер, — деп, — жан достым,
Гүлнәхәр турып зарлайды,
Еки көзден аққан жас,
Тас булақтай парлайды.

— Хаслың сениң адамзат,
Көргенге хәўес боласаң,
Егер саған бермесем,
Бермеди деп, жан достым,
Маған ашыў қыласаң.
Жер үстине әламат,
Қутылмас сойқан саласаң,
Бир жерлерге барғанда,
Аспанға ушып кетеди,
Үстинен түсип қаласаң,
Дағыстан майдан шөллерде,
Теңизде, мүмкин көллерде,
Жалғыз басың қаласаң,
Қап таўынан арыда,
Қалып қойсаң, Гүлнәхәр,
Елди қалай табасаң?
Дәў перинин ишинде,
Қәбир қазып өзиңе,
Жан достым, мола саласаң.

Сондай зарлап айтса да,
Қулақ салмас сөзине,
Сулайманның суў аты,
Қурт болып түсти көзине.
Жер баўырлап жылады,
Сарғыш енип жүзине.
Буны көрип ақ жылан,
Рәхими келеди,
Егерде атты бермесем,
Гүлнәхәр сөзсиз өледи.
Деп ойланып ақ жылан,
Гүлнәхәр достым, ал,-дейди.
Нашарлығың сездирмей,
Оң жақтан ерди сал,-дейди,
Үстинен түсип қалмастай,
Айыллы беккем шал, — дейди,
Усласа да Сулайман,
Миналмаған мал, — дейди.

Әне, енди Гүлнәхәр,
Атқа жақын барады,
Нашарлығын сездирмей,
Ер-жүўенин салады.
Дәрўазадан шығарып,
Үстине минип алады,
Гүлнәхәр қыз сыпырып,
Ушып келген жол менен,
Ушып кетип барады.
Жер үстине шыққанда,
Астындағы суў аты,
Астынан ғайып болады,
Жалғыз өзи теңиздиң,
Ортасында қалады,
Гүлнәхәр қалған бул теңиз,
Хәзирги ўақта, ағалар,
Муз теңизи болады.

Сулайманның суў аты,
Биринши демин алғанда,
Усындай теңиз болады,
Екинши демин алғанда,
Муз болып тоңлап қалады,
Үшинши демин алғанда,
Гүлнәхәр түсип қалады,
Төртинши демин алғанда,
Хаўаға шығып гүлдиреп,
Гүлдирмама болады,
Туяқтан шыққан ушқыннан,
Жылдырым пайда болады,
Шақмақ оты шағылып,
Гүлдирмама гүлдиреп,
Жерге жаўын жаўмақлық,
Соннан пайда болады.
Қара теңиз, ақ теңиз,
Сары теңиз, көк теңиз,
Арал, Каспий көп теңиз,
Есабы, саны жоқ теңиз,
Жаўыннан пайда болды,
Усындай қызық көп ислер,
Сол заманнан қалады.

Ендиги сөзди еситиң,
Суў атынан айрылып,
Муз теңизде жатырған,
Гүлнәхәрдей батырдан.
Гүлнәхәрдей батыр қыз,
Бийхуш болып қалыпты,
Есине келип қараса,
Ушы да жоқ, шеги жоқ,
Шийшедей болып тоңлаған,
Көк тайғақтың үстинде,
Ҳайран болып турады,
Көк тайғақтың үстине,
Қайдан бина болғанын,
Қайдан келип қалғанын,
Билалмай хайран қалады.
Бир ўақытлар болғанда,
Суў атынан айрылып,
Қалғаны түсип ядына,
Жамбасына урады,
Тамақ жемей, дуз татпай,
Жети күн бойы удайы,
Көтермей басын көк муздан,
Гүлнәхәр сулыў жылады.
Жети күн толып өткенде,
Сегизинши күни жеткенде,
Сарлап ушып қара қус,
Гүлнәхәрдиң қасына,
Қанатын жайып қонады,
«Мин үстиме, батыр» деп,
Қустан зибан болады.
Сол ўақлары Гүлнәхәр,
Қара қустың үстине,
Талтайып минип алады,
Өткир қылыш белинде,
Ақ найзасы қолында,
Тулпар қалған майданға,
Қара қус келип қонады,
Атын көрип Гүлнәхәр,
Кеўили бәржай болады,
Атын минип Гүлнәхәр,
Тас болған жайға барады.
Атты байлап ақырға,
Қазанның барып қасына,
Тамаққа тойып алады,
Сабардағы қымызды,
Бир көтерип басына,
Шөли де әбден қанады.
Дем алайын азмаз деп,
Жапсардағы төсекке,
Шешинип жатып қалады.
Тоғыз күнде, тоғыз түн,
Арадан өткен ўақтында,
Гүлнәхәрдей батырдың,
Тула бойы жазылып,
Уйқысынан қанады,
Ағын суўға шомылып,
Тазалап кийим кийинип,
Шашын өрип тарады,
Айнасын алып қолына,
Ақ жүзине қарады,
Ойнақшып тур көзлери,
Гүлден көркем жүзлери,
Кеўлине сондай унады.
Тойдырып алып тамағын,
Қылышты байлап белине,
Кәмарын қатты қынады,
Найзаны қолға алады,
Қаршығадай керилип,
Тулпарының қасына,
Гүлнәхәр жетип барады,
Жолдасы болған тулпардан,
Ҳал-аўҳалын сорады.
Көрсетейин қызықты,
Мин үстиме батыр деп,
Жолдасына көк тулпар,
Киснеп мойнын бурады,
Гүлнәхәрдей батыр қыз,
Кеўли толып атына,
Оң жағынан буралып,
Дизгинине тулпардың,
Қоллары барды оралып,
Мәдет бер деп, пиринен,
Зәңгиге қойып аяғын,
Тулпарға минип алады,
Қарахан дәўдиң елине,
Сапар тартып бармаға,
Тулпарды жолға салады.
Өзине белли көк тулпар,

Гейбир тауда ушады,
Гейбир тауға қонады,
Аспан менен таласкан,
Жети таў жолда калады,
Алты дәрья арада,
Ийретилген жыландай,
Ийрелип жолда калады,
Бир нешше күнлер жол жүрип,
Гүлнәхәрдей батыр кыз,
Карахан дәўдиң елине,
Тез күнде жетип барады.
Калаға келип караса,
Аспанға тийген төбеси,
Дәўлерден баска жандар жок,
Сондай дәўлер ишинде,
Гүлнәхәрдей батыр кыз,
Кумырыскадай болады.
— Урыспаға келдим елине,
Урыска шығың дәўлер, — деп,
Қышкырғаны дәўлердиң,
Кулағына барады.
Ҳайран болған көп дәўлер,
Жан-жағына карады.
Караса да хеш дәўдиң,
Көринбеди көзине,
Ҳайран болды көп дәўлер,
«Урысамыз» деп бир жанның,
Мынаў айткан сөзине.
Бир ўақлары болғанда,
Бир кумырыска көринди,
Шүңирек дәўдиң көзине.
— Қайдан келген бул жерге,
Биз көрмеген зат, — деди.
Кумырыскадай болса да,
Астында бир ат, — деди.
Апарамыз ханға деп,
Аты менен екеўин,
Алаканға көтерип,
Патшаға алып барады.
— Әдалатлы патшамыз,
Көргенсиз бе дүньяда,
Бул кандай зат? — деп сорады.
Буны көрип патшасы,
— Хеш көрмеген затым, — деп,
Ол да хайран болады,
Ўәзири менен султаны,
Ҳәкими менен болысы,
Аксакалы, жүз басы,
Елиў басы, он басы,
Катыны менен баласы,
Тамашаға кызығып,
Бәриси келип карады,
Ҳәр кайсысы бир-бирлеп,
Алаканға алады,
Алаканнан түсирип,
Тах үстине кояды.

Сол ўақтында Гүлнәхәр,
— Урыспаға келдим, — деп,
Тахта турып ат пенен
Және де сүрен салады,
Шаўқымды салып Гүлнәхәр,
Атын айтып пирлердиң,
Қылышты колға алады,
Бир шетинен дәўлердиң,
Жайратып кылыш урады,
Мынаў келген дәўлердиң,
Биреўин жайдан шығармай,
Барлығын да кырады,
Хан сарайы кан сасып,
Өлик пенен толады,
Қызыкка келген дәўлерге,
Сондай кызық болады,
Саркырап аккан кызыл кан,
Дизеге жетип калады,
Ханға жакын дәўлердиң,
Бири тири калмастан,
Ханы менен қосылып,
Барлығы гүлдей солады,
Күтпеген жерде дәўлердиң,
Пайманасы толады.
Далаға шығып Гүлнәхәр,
Көшеге кыйкыў салады,
Қарсы турған дәўлердиң,
Басларын кылыш шабады,
Кумырыскадан кырылып,
Дәўлер бүлгин табады,
Көшесинен дәўлердиң,
Қан дәрьясы ағады,
Бир ўақытлар болғанда,
«Бағындык» деген дәўлердиң,
Ҳәр жерден даўысы шығады.
Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Жасыл туўын жығады,
Байрағын жыққан себеби,
Бағындық деген халыкты,
Жәбирлеўге болмайды,
Шакырып барлық халыкты,
Жыйналысты курады,
Жыйналып келген сансыз дәў,
Кудайымыз усы деп,
Дәстүринше сыйынып,
Минардың түбин орады.
Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Барлық халыкка карады,
— Ҳақ нийетли бир дәўди,
Көтериң, — деп, — ханлыкка,
Өтиниш етип сорады.
Сол ўақтында: — Патшамыз,
Сиз боласыз, — деген сөз,
Гүлнәхәрдиң үстине,
Жаўған кардай борады.
Алдындағы максетин,

Дәўлерге айтып береди,
Гүлнәҳәрдин бул сөзин,
Дәўлер де мақул көреди.
— Оқымыслы, билимли,
Шығысы гедей баласы,
Жигирма бес-отыздың,
Арасында бир дәўди,
Патшалыққа кәлеймиз, —
Деген сөздин жуўабын,
Гүлнәҳәрге береди.
Шақырып алып ол дәўди,
Көзи менен көреди,
Бурынғы хандай болмасқа,
Халыққа жәбир салмасқа,
Гүлнәҳәрдиң алдында,
Халқына ўәде береди.
Қырқ күн, қырқ түн хан тойы,
Сондай қызық болады,
Сазшы, күйши, ойыншы,
Көп тамаша береди.
Палўанлары гүресип,
Байраққа атлар шабысып,
Алтын қабақ аттырып,
Жетим менен жесирден,
Ғәрип пенен кәсерден,
Хеш биреўин қалдырмай,
Дара табақ тарттырды.
Қара дәўдин хаялы,
Зубайданы Гүлнәҳәр,
Алып барып береди,
Бир ақшам жатып бул жерде,
Оннан да қызық көреди.
Ерте турып Гүлнәҳәр,
Тулпарға ерди салады,
Қара дәў менен Зубайда,
Дослары менен хошласып,
Қарыў-жарақ асынып,
Байрағын қолға алады,
Қулман хандай патшаның,
Барып тахтын алмаға,
Туўып-өскен елатын,
Алты мыңдай кәнизди,
Барлығын азат қылмаға,
Дәў ағасы Қара дәў,
Дәў апасы Зубайда,
Күлип ойнап екеўи,
Усы жайда қалады,
Баяғы келген жол менен,
Гүлнәҳәр кетип барады.
Бир неше майдан жол жүрди.
Жол жүрсе де мол жүрди,
Сәске түстиң ўағында,
Ийти өлген жерине,
Келип бир дем алады,
Усы жерде дем алып,
Ийтин еске салады,
Келешекке естелик,
Болып қалсын меннен деп,
Усы жердиң атағын,
«Ийт өлген» дала қояды,
Ҳәзирги ўақта, ағалар,
Қабул менен Балхтың,
Арасында «Ийт өлген»,
Деген жазық дала бар,
Усы майдан даланың,
Атын қойған Гүлнәҳәр,
Усы майдан даладан,
Және де өтип барады,
Неше күн де неше ай,
Атасы менен анасы,
Өмир сүрген майданға,
Үңгирге келип қарады,
Алды-артын айналып,
Ата менен ананың,
Қос қәбирин қушақлап,
Бас жағының топырағын,
Сүйип-сүйип алады,
Усы жердиң атағы,
«Қос мола» болып қалады.
Усы жерден Гүлнәҳәр,
Ғәзеп пенен атланып,
Көк тулпардың үстинде,
Бүркиттей болып барады,
Жақын келип қалаға,
Ханға хабар салады,
Ханға салған хабары,
Гүлнәҳәрдиң бул еди,
Қәлем менен хат жазып,
Қулман ханға жиберди:

— Салтанатлы Қулман хан,
Сизге төре беремиз,
Жаманлы болып бир гезде,
Қашып кеткен қыз едим,
Әмириңе бойсынбай,
Ўәзирлерге бағынбай,
Кәнизек турар сарайға,
Кәнизек болып алынбай,
Мойныңызға қол салып,
«Хан ата» деп жалынбай,
Жиберген еки ўәзирдиң,
Екеўин де өлтирген,
Қайтып келди айналып,
Гүлнәҳәр сулыў үстиңе.
Тарқамаса ашыўың,
Егерде жетсе күшиңиз,
Кәниз қылып алыңыз,
Тарқамаса ашыўың,
Қарқыратып шалыңыз,
Баяғы қалған кегиңди,
Хан ата, келип алыңыз.
Асаў майдан, кең дала,

Кең даланың баўрында,
Қурайық саўаш, кел ата,
Батырың болса урысқа,
Қалдырмай алып келиңиз.
Сол ўақтында хан ата,
Уллы топтың алдында,
Ақ көксиме миниңиз,
Рәўшан гүлдей ашылдым,
Өз қолыңнан териңиз,
Қойным жәннет сарайы,
Қолыңнан келсе, хан ата,
Есигин ашып кириңиз,
Жаңа писken алма нар,
Ортасынан тилиңиз,
Қандай да болса, хан ата,
:стине келген олжаман,
Олжа менен олжаның,
Бас аяғы көп болар,
Мазалы болса нешеси,
Нешесиниң, хан ата,
Ҳеш мазасы жоқ болар,
Нешеси болса қызыл гүл,
Нешеси қолды күйдирген,
Шарпыўы күшли шоқ болар,
Нешеси болса, бал-шекер,
Нешеси басқа тийетин,
Шоқпар менен шот болар,
Қыз да болсам, хан ата,
Мен солардың биреўи,
Урысыўға келдим үстиңе,
Шаманды байқап көриңиз,
Гүреске келдим мен, ата,
Күшимди шайқап көриңиз.
Қыз келди деп қуўанба,
Тоғайдан келген бөримен,
Патшалыққа шадланба,
Көринип тур көзиңе,
Хан ата, кирер гөриңиз,
Мазарың болар ол сениң,
Алтын тахтлы төриңиз,
Егерде қорқсаң, залым хан,
Гүлнәҳәрдей патшаға,
Тахтыңды түсип бериңиз,
Қорқпайман деп қатыннан,
Ерлигиңе мақтансаң,
Сиз еркек те, мен қатын,
Кел гүресип көриңиз,
Бундай қызық көрмеген,
Халыққа қызық берейик,
Хан ата, қорқпай келиңиз.

Усы сөзди Гүлнәҳәр,
Хатқа жазып жиберди.
Хатты оқып Қулман хан:

— Қатыннан батыр бола ма?
Жүз мың шымшық жыйналып,
Бүркитке зыян қыла ма?
Қандай қатын, көрейик,
Ат шаўып келген қалама,
Ийелик етип жатырған,
Сораўсыз келип далама,
Уйқысын бермей ырылдап,
Қатын менен балама,
Жүриң, беглер, көрейик.
Таўыма келген қандай нар,
Айбатыма шыдамас,
Дәў болмақ түўе әждаҳар,
Атланың, кәне, майданға,
Атағы шыққан палўанлар,-
Деп шақырып бир неше,
Батырларын ийертип,
Ҳәм қолына қус алып,
Аңға шыққан адамдай,
Қус қашырып алыстан,
Келди батыр үстиңе.
Қызды көрип Қулман хан,
Қудайым маған берди деп,
Қап таўынан хүр қызын,
Өзи айдап келди деп,
Жүреги тасып Қулман хан,
Ширенип турып зәңгиге,
Ат үстинен сөйледи:

— Назлы сулыў, назланбай,
Хан алдына келиңиз,
Қулман атлы патшаман,
Ийилип сәлем бериңиз,
Еситип сениң атыңды,
Тахттан түсип хан келди,
Ҳүрмет етип алдыңа,
Салтанатлы жан келди.
Хан сарайға жүриңиз,
Хан менен ойнап күлиңиз,
Толып аққан дәрьядай,
Толқынлап дәўран сүриңиз,
Бул дүньяда көрмеген,
Алтын, гүмис, гәўҳар бар,
Лағлы маржан, жәўҳар бар,
Усындай қымбат таслардың,
Барлығы биздей ханда бар,
Алты мыңдай кәниздиң,
Бәршесине бас болып,
Ханшасы болып жүриңиз.
Ийермесең изимнен,
Жас ағар еки көзиңнен,
Қәҳәрленсем, ғәжжағар,
Жаныңды алмай қоймаспан,
Ханға қарсы жан болмас,

Ханда болар канлы дар,
Қанлы дардың астында,
Өлип кетер әждахар,
Сулыў да болсаң мен сениң,
Аямайман жаныңды,
Дуз қуярман тилдирип,
Ашытарман саныңды,
Өзиңде ая, Гүлнәҳәр,
Жалғыз шыбын жаныңды.
Мениң атым Қулман хан,
Талайдың басын жулған хан,
Айыў, арыслан, қапланды,
Керилип таска урған хан,
Мойнының шыққан жеринен,
Әждахардың жулған хан,
Абайлап кара, көз ашып,
Алдыңа келип турған хан.

Сол ўақтында Гүлнәҳәр:
— Хакқа шүкир етейин,
Саўалтып жүрек жарасын,
Мақсетиме жетейин,
Шық майданға, Қулман хан,
Гүреспеге кең майдан,
Маған деген ойыңды,
Өз басыңа келтирип,
Әрмансыз болып дүньядан,
Көзимди жумып кетейин,
Шыбын жаным аманда,
Сен қусаған харамнан,
Халқымды азат етейин.
Деген ўақта Қулман хан,
Еки аламды жиберди,
— Услап алып шайтанның,
Қолын байлап ал, — деди.
— Тахт алдына жаяўлап,
Атлы қуўып бар, —деди.
Сол ўақтында еки алам,
Тебендей қадап муртын да,
Қабақтан кар жаўдырып,
Томпайтып еки уртын да,
Шаш ал десе, бас алып,
Үйренип калған журтында,
Ишемиз қыздың қанын,-деп,
Қызға жақын келеди,
Өкиртип малдай соймаға,
Өзлерине сенеди,
Арысланнан айбатлы,
Қыз үстине дөнеди.

Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Ақ найзаның ушына,
Қос батырды иледи,
Күнге тутып екеўин,
Кимге керек кәбап деп,
Бул кәбапты хан жесе,
Көп болады саўап деп,
Ханға қарап күледи.
Буны көрген Қулман хан,
Атына камшы басады,
Қусын таслап далаға,
Қалаға қарап қашады,
Сол қашыўдан Қулман хан,
Бираз жерге асады,
Изинен жетип туптаға,
Гүлнәҳәрдей батыр қыз,
Тулпарды изден қосады,
Қуўып жетип изинен,
Мойнына шынжыр байлайды,
Ат алдында жаяўлап,
Қалаға қарап айдайды,
Ат алдында Қулманның,
Сөйтип, соры қайнайды,
Өлтире гөрме қызым деп,
Гүлнәҳәрдей батырға,
Адымы сайын зарлайды,
Халыққа берген азабы,
Алдына келип соңында,
Көзиниң жасы парлайды.
Хан сарайы датқа жай,
Датқа жайдың алдына,
Алып келди Қулманды,
Әждархадай ысқырған,
Арыслаңдай пысқырған,
Қәҳәри күшли палўанды,
Алып келип Гүлнәҳәр,
Аяқ қолын шынжырлап,
Бағанаға байлады,
Сақшы қойды қасына,
Зинданда ғы жанларды,
Көгеннен шешкен қозыдай,
Азатлық деп айдады,
Ҳәр бәндирги қасына,
Исенимли адамнан,
Қараўыллар сайлады.
Барлық жерди бәнт етип,
Өз қолына алған соң,
Хан сарайға киреди,
Алты мыңдай кәниздиң,
Барлығын азат етеди,
Оннан кейин Гүлнәҳәр,
Жар қышқыртты қалаға,
Барлық халықты шақырып,
Уллы бир той етеди,
Салтанатлы тойына,
Сарайдағы алтынның,
Жарпысын сарп етеди.
Алламурат, Кәримбай,
Еки бирдей дайысын,
Шақырып алып қасына,
Оң жағынан жай берип,
Отырыўын сорады.

Еки бирдей дайысы,
Отырғаннан соң қасында,
Орнынан турып Гүлнәхәр,
Көпшиликке қарады,
Жыйналып келген халықтан,
Хал-аўхаллар сорады.
— Жәбир көрген Қулманнан,
Халайықлар келиңиз,
Барлығын да қалдырмай,
Алдымда айтып бериңиз, —
Деген сөзге тум-тустан,
Бала-шаға шуўласып,
Қол көтерип турады,
Арыз үстине арызлар,
Қулман ханның үстинен,
Жаўған қардай борады.
Қарап турсақ, халайық,
Кимди улдан айырған,
Кимди қыздан айырған,
Кимди ата-анадан,
Кимди аға-иниден,
Кимди апа-сиңлиден,
Кимди қатар қурдастан,
Кимди жора-жолдастан,
Қулман хан залым айырған,
Жазықсызды ол қыйнап,
Қол-қанатын қайырған,
Асаў-асаў тулпардың,
Туяқларын майырған.
Нәлет өлгир, наймыт хан,
Халықтың жыйнап тапқанын,
Көзин жумып, харамы,
Шошқадай болып асаған,
Жыйнап халықтың қызларын,
Харамлық қылып жасаған,
Жаманлығы қалмаған,
Пуқараға қылмаған,
Қайсы бирин айтамыз,
Нәлет жаўғыр Қулманның,
Қорлығы жоқ, қарағым,
Ол бизлерге қылмаған,-
Деген ўақта бир кемпир,
Кәримбай турды жайынан:
— Солардың бирин, қарағым,
Алдында мен де айтайын,
Жалғыз жийеним бар еди,
Гүлнәхәр дер атын да,
Он төрт жасқа келгенде,
Хүрдей сулыў қыз еди,
Мәткеримдей жездемнен,
Жалғыз қызын алмаға,
Еки жәллад келеди,
Өзи шаққан қыз еди,
Ашыўы сондай тез еди,
Алып кетер болғанда,
Қайымын таўып жәлладтын,
Балта менен Гүлнәхәр,
Екеўин де өлтирип,
Түн ишинде билдирмей,
Ата-анасын ийертип,
Елден шығып кетеди,
Соннан бери көрмедим,
Көп жыллар өтти арадан,
Атаңа нәлет, Қулман хан,
Жалғыз ғана жийеним,
Гүлнәхәрден айырды,
Жалғызынан айрылып,
Жер тислегир хайўан хан.
Жалғызымнан айырды,
Қол қанатым қайырды, —
Деп Кәримбай бийшара,
Еңк-еңк етип жылады.

Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Кәримбайға қарады,
Аўыр халда гүрсинип,
Ишинен демин алады,
Билдирмейин деп еди,
Сездирмейин деп еди,
Баўыр деген жаманғой,
Ериксиз еңиреп жиберди,
Еңирей берип Гүлнәхәр,
— Айналайын баўырым,
Саў-саламат барсыз ба,
Еки ғәрип дайым, —деп,
Қушақлай берип қулады.
— Ўай, жийеним, сен бе, — деп,
Еки бирдей дайысы,
Естен танып қалады,
Хәр бир жерден сес шығып,
Айналайын баўрым деп,
Бир нешеси қызым деп,
Бир нешеси бийкеш деп,
Бир нешеси апа деп,
Бир нешеси сиңлим деп,
Хәр қайсысы таласып:
— Кемликтиң келди кәмалы,
Кәмалға жетти елимиз,
Менменликтиң заўалын,
Қулман ханға бериңиз,
Балхы-Бадақшан ели,
Бәхәриңнен нур алып,
Көгерди жайнап гүлимиз,
Нурлы сәўлең астында,
Абат болсын елимиз,
Көтерилсин, перзентим,
Бүкирейген белимиз,
Бүлбүл болып сайрасын,
Байлаўдағы тилимиз,
Көк байлыққа бөленсин,
Бағ көгерип жеримиз,
Сүйрик шығып жасарсын,

Тақыр болған көлимиз, —
Деп бабалар-мамалар,
Ата менен аналар,
Ини менен ағалар,
Сиңли менен апалар,
Еңбеклеген балалар,
— Хан орнына хан бол, — деп,
Гүлнәҳәрден сорайды.

Сол ўақтында Гүлнәҳәр,
Солығын басып алады,
Туўып-өскен халқына,
Ол да разы болады.
Гүлнәҳәрдей батырдан,
Сорағанлар көп болды,
— Ғәрип атаң аман ба?
Муңлы анаң аман ба?
Қартайғанда олардың,
Қалай кешер халлары?

Сораўларға Гүлнәҳәр,
Атасы менен анасы,
Қайсы жерде өлгенин,
Еки ғәрип кәбасын,
Қалай етип көмгенин,
Батыр болып бақ қонып,
Бунда қалай келгенин,
Жылағанның көз жасын,
Яратқанның көргенин,
Қаўыс Қыяс бабасы,
Қолына жарақ бергенин,
Жеңдирмес ханды алғанын,
Сүйген яры Әниўар,
Жеңдирместиң орнына,
Патша болып қалғанын,
Одан да басқа ханлардың,
Басына ўайран салғанын,
Қалдырмай айтып береди.
Соннан кейин халайық,
— Өз қолыңнан хан қой, — деп,
Гүлнәҳәрден тиледи.

— Хан сайлаўын халайық,
Ортаңызға салайық,
Көпшилик кимди сайласа,
Сол болар елге ылайық,
Жетим менен жесирдиң,
Ғәрип пенен кәсердиң,
Сыйпағандай басынан,
Ҳақ нийетли, ақ жүрек,
Адамнан сайлап алайық, —
Деген сөзге көпшилик,
Кәримбайды көрсетти,
Хызмет қылар ер бизге,
Халқымызға ылайық.
Бир аўыздан бул сөзди,
Ҳәммеси мақул қылады,
Қулман ханның орнына,
Ақ жүрекли,ҳақ нийет,
Кәримбай хан болады,
Бас ўәзири қасында,
Алламурат қалады.
Сораўы менен халықтың,
Қулман ханның мойнына,
Қыл шылбырды салады,
Үш ағашқа илдирип,
Халқына залым не қылса,
Оған да соны қылады,
Қулман хандай зулымнан,
Батыр туўған Гүлнәҳәр,
Халқының арын алады,
Қыйнаўдағы халықты,
Сөйтип азат қылады.
Қараңғы думан серпилип,
Туңғыйыққа жоғалды,
Қуўарған гүллер ашылып,
Жазық майдан далаға,
Түрли тухым шашылып,
Қазаны халықтың қаспақлап,
Сыйырлары баспақлап,
Боз интенлер тайлақлап,
Қулын тайлар ойнақлап,
Қой-қозылар маңырап,
Ешки-ылақлар жамырап,
Қатық-қаймақ исилип,
Гүбили май писилип,
Қымыз, шубат ишилип,
Ел абадан болады.
Қулман ханның еки қызы,
Уллысы еди Мыңларша,
Кишиси еди Қуңкарша,
Еки бирдей гөззелди,
Еки бирдей дайысы,
Некасын қыйып алады.
Усы тойда жийени,
Гүлнәҳәрдей палўан қыз,
Тақ турып хызмет қылады.
«Жүйрик алмас, ағалар,
Буйырған алар» деген сөз,
Кәримбайдай патшадан,
Келешекли халыққа,
Нәсийҳат болып қалады.
Усы жазы Гүлнәҳәр,
Туўып-өскен елинде,
Бағларды сайран етеди,
Тулпарды минип астына,
Гейде аңға кетеди,
Салқын самал ескенде,
Қаўын, ғарбыз, алмалар,
Әнжир, жүзим, қурмалар,
Барлығы тегис пискенде,
Сабағынан үзилип,

Торсылдап жерге түскенде,
Сол күнлери Гүлнәхәр,
Кетпекши болды сүйгени,
Әниўар патша елине.
Қылыш пенен найзаны,
Жаркыратып қолға алып,
Минди батыр Гүлнәхәр,
Тулпарының белине.
Гүлнәхәрдей батыр кыз,
Кетеди деген хабарды,
Еситкен қалмай келеди,
Баба менен мамалар,
Ата менен аналар,
Жасы уллы ағалар,
Жасы киши инилер,
Алдындағы апалар,
Изиндеги сиңлилер,
Тотыдайын таранып,
Мың қубылған жеңгелер,
Күнниң жүзин көрмеген,
Қәдем баспас келинлер,
Қәдем басып келеди,
— Кетпе батыр, кетпе, — деп,
Сапарын қыздың тиледи.

Сол ўақтында Гүлнәхәр,
Ашылғандай гүлбәхәр,
Жайнап күлип халықтан:
— Кетпесем, халқым, болмайды,
Жылап қалар Әниўар,
Ер жылатқан қатынлар,
Хеш ўақтында оңбайды,
Дуўа бериң қариялар.

Барлық халық қол жайып,
Ақ пәтия береди,
Жыраўларды жырлатып,
Ойыншыны ойнатып,
Нақыра-сырнай тарттырып,
Ҳәр жерде мылтық аттырып,
Үш күншилик майданға,
Шығарып салып хошласып,
Алламурат, Кәримбай,
Еки бирдей дайысы,
Усы жерде қалады.

Баяғы келген жол менен,
Гүлнәхәр жүрди гүзлетип,
Тулпарды айдап барады,
Жылдырымнан тезлетип,
Бийик таўдан карғытты,
Дәрьялардан ырғытты,
Тақаты болмай бир заман,
Әниўарды көргенше,
Астындағы тулпарды,
Қыстап айдап барады.
Сол жүристен Гүлнәхәр,
Бир неше күнлер жол жүрди,
Азғана емес мол жүрди,
Аты менен екеўи,
Узақ жолдан болдырды.
Гүлнәхәр батыр киятыр,
Деген хабар еситип,
Узақтан ат шаптырып,
Дағарасын қақтырып,
Ҳәр жерде от жақтырып,
Гүмбирлетип дағларды,
Майданда топлар аттырып,
Уллы салтанат пенен,
Ўәзирлерин ийертип,
Әниўардай сүйгени,
Киятыр шығып алдынан.
Еситкен жан қалмастан,
Көремиз деп батырды,
Бир-бири менен жарысып,
Узын-шубай шаң қылып,
Киятыр ханның артынан.
Бир-бирине бой таслап,
Ағын суўдай ҳалласлап,
Бир-бири менен сүйисти,
Ғәрип ашық яр қусап.
Қалаға келип Әниўар,
Барлық халықты жыйдырды,
Мал дүньясын қалдырмай,
Ортаға бәрин үйдирди,
Алпыс өгиз, қырқ сыйыр,
Жүз елиў қой сойдырды,
Дара табақ тарттырып,
Жасы уллыға сый қылып,
Малдың басын қойдырды,
Түрли-түрли тамақтан,
Арақ пенен шараптан,
Жетим менен жесирди,
Той үстинде тойдырды,
Алтын қабақ аттырды,
Нақыра-сырнай тарттырды.
Палўан гүрес туттырып,
Узаққа ат шаптырды,
Ойыншыны ойнатып,
Жыршыларды жырлатып,
Қырқ күн тойын береди,
Әниўар менен Гүлнәхәр,
Жетип мақсет-муратқа,
Әрмансыз дәўран сүреди.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

19-том



# ДӘЎЛЕТИЯРБЕК

Нарбай бақсы Қошекенов варианты

*Жазып алғанлар: Қабыл Мақсетов, Жалғас Хошниязов*
*(1969-жыл)*



Әлқысса, Қоңырат журтында, балғалы урыўында Ешмурат найыптың улы Дәўлетиярбек дүньяға келди. Өзи жалғыз бала, бир қарындасы болды. Атасы жас ўақтында баласына арнап бир сары тайға белги салып, үйинде саклады. Күнлерден бир күни атасы Ешмурат найып тай ат болып жетилген соң баласын мингизип той-тамашаларға апарып көрсетти. Халық Дәўлетиярдын атынын шабатуғынлығын билип топлымға қосты. Қоңырат журтында хешкимге байрак бермеди. Буннан кейин Дәўлетияр атты сейишлеп үлкен атқа қосты. Дәўлетиярбектин Саркушы деген атақ алды. Түркмен арасына барып ат шапты. Бунда да аты әйладурға байрак бермеди. Хийўа сорамынан атын оздырды. Хаўазасы әлемге түшти. Бир күнлери бир атчабар сейиш Хийўаның ханы Испандиярға барып, Дәўлетиярдын Саркуш атынын жүйриклигин мақтады:

— Ол тулпар, — деди. — Бул ат пухараға ылайық ат емес, сизге миясар, — деди.

Анда хан диййўанын чакырып, Қоңырат хәкимине хат жаздырды:

— Қоңырат хәкимине дуўай-дуўай салам, қоныратлы Ешмурат найыптың уғлы Дәўлетиярбектен Саркуш атын алып, тезлик билен барған адамнан қалдырмай берип жибериң,-деди. Бул хатты бир ўәзийрине берип атландырды. Ўәзир бирнеше күн жүрип, Қоңыратқа келди. Қоңырат хәкимине хабар берип, келген ишин билдирди. Хәким Ешмурат найыптың уғлы Дәўлетиярбекти жасаўыл жиберип алдырды. Дәўлетиярбек Саркушты минип, Қоңырат қаласына келди. Атын байлап, хәким алдына кирди, салам берди. Анда хәким Дәўлетиярбекке:

— Балам, бахтың, мәртебең қутлы болсын, — деди.

Анда Дәўлетиярбек:

— Тақсыр, түшинмедим, бул не бахыт, не мәртебе, — деди.

Анда хәким:

— Сиз ханға белгили жақын адам болдыныз, хан қашынан орныңыз болды, — деди.

Дәўлетияр: — Не себепли?

Хәким: — Ат себепли.

Дәўлетияр: — Не ат?

Хәким: — Сизиң астыңыздағы Саркуш ат. Соны патша соратып жиберипти.

Анда Дәўлетиярбек: — Менин атым өзимниң башыма тең, өзим өлмей ат берилмейди, — деди.

Ол ўақытта ханнан келген хәким:

— Хәй, Дәўлетияр бул күчти қайдан таптың, хан атын түўе, каст етсе башыңды алады. Көп болса Қоңырат журтынын он мың үйли ели бар шығар, ханды билесең ме? — деди.

Анда Дәўлетиярбеке көзлери пияладай болып орнынан турды. Қонышынан қанжар пычағын алып, ўәзирдин қашына келгенин билмей қалды.

— Жаңағы сөзинди қайта айт, — деди.

Ўәзирдиң сақалы селтиллеп, ләби қыбырлады. Шул ўақ Дәўлетиярбек ўәзирдиң сақалынан ушлап, қанжарды тамағынан тартып жиберди. Бәрганың ичи қан болды, ўәзир тыпырламай жан берди. Анда Қоңырат хәкими:

— Балам Дәўлетияр, яман иш болды, Қоңырат халқы бүлетуғын болды, — деди.

Дәўлетиярбек «Не болса шул болсын» деп далаға чығып кетти. Келип атына минип, елине қайтты. Дәўлетиярдың анасы, хаялы, қарындашы алдына чығып қарап тур еди. Дәўлетиярдың жүзинде қайғынын барын билип, анасы Ертуўған баласы Дәўлетиярбекке: — Бул жерде жүрме, түркмен елинде атаннын досты Ийталмас улы Маматжан сәрдарға барып, башыңды панала, — деп бир сөз деди:

— Көптин мәслахаты ханның ярлығы,
Башыма түшип тур жахан тарлығы,
Бизге қылған Хийўа ханнын зорлығы,
Иркилмегил, балам, мунда турмағыл.

Пәнди-нәсийхатым, перзентим, саңа,
Сырыңды алдырма хәргиз душмана,
Сана келген бәле келсинлер маңа,
Кетегәргил жаным, мунда турмағыл.

Шахымардан болсын, балам, жолдашың,
Жаттан жақын қыяметлик ғардашың,
Бизни қайғырмағыл, сақла бир башың,
Ол достыңдур, өзге йерге бармағыл.

Зинхар, улым, пухараны йығлатма,
Жетим уғлан, тул қатынны ағлатма,
Қулағыңда турсын, бийжай иш етме,
Мөхминлерге хәргиз қылыч урмағыл.

Буннан барсаң тамамы журт жыйналар,
Өзбеклер, түркменлер бәри жәм болар,
Сыйлашар сиз билен, қәдириңи билер,
Ол достыңнан башқа йерге бармағыл.

Муханнәстиң инанмағыл сөзине,
Бақагөрме нәмәхремниң жүзине,
Душманлардың қум қуйылсын көзине,
Өлтирмес деп, балам, туғры бармағыл.

Алла ярың болсын сениң, пәрзентим,
Аллаға тапшырдым, көпдур зулматым,
Нәсийхатым тыңла, сен жигербентим,
Хақ зикирин, балам, тилден коймағыл.

Аллаяр, Кудияр, балам Дәўлетияр,
Алла ярың болсын, пийриң мәдаткар,
Ийталмастың уғлы Маматжан сәрдар,
Атаңның достыдур, балам, шуған бар.

Бир ғәрип ананман алтмыш үч жашар,
Ер жигит башына көп ишлер түшер,
Аман болсаң жүзиң жүзиме түшер,
Хош, бар енди, жаным, қайғыланмағыл.

Әлқысса, Дәўлетиярбек анасының сөзин қабыл алды. Шул ақшам мийман болды. Қырқ жигитлери жыйналып келди. Жигитлер хәм бирге кетмекчи болып, тамам ат сазлап, қоңшылары келди. Ерте турып, атына минип, сазын қолына алып, анасына қарап бир сөз деди:

— Пәлек бизни айралыққа башлады,
Жылама, жан анам, кәбам, қал енди,
Нәсийбим көр, не йерлерге ташлады.
Йығлама, жан анам, кәбам, қал енди.

Чықсын жаным, йығлағаның көрмесин,
Хешбир адам айралықтыа қалмасын,
Достым йығлап, душманларым күлмесин,
Жылама, жан анам, кәбам, қал енди.

Дәўлетияр деп айтар жалғызың менам,
Пырақың отына күйдирме тәнан,
Аман болсам яне бир қайтып келам,
Көзи яшлы анажаным, қал енди.

Әлқысса, Дәўлетиярбек хаялы Сәрўиге қарап бир сөз деди:

—Мойның бурып малул болып йығлама,
Арзыў-әрман билен алған сәўдигим,
Бул жанған жигерим отқа дағлама,
Ышқы отын жанға салған сәўдигим.

Бүлбүлниң қымбаты қызыл гүл билен,
Яхшы йигит қәдири мудам ел билен,
Сен хәм мениң билен, мен сениң билен,
Қәдир алла қоша яне сәўдигим.

Гөззаллар ичинде сенсең қараман,
Көрген арзыў чекер, көрмеген әрман,
Пырақың отына осалың берман,
Ләйли-Мәжнүн киби болан сәўдигим.

Умытмасман, кәдириңни билермен,
Қапалықта қара бағрым тилермен,
Аман болсам бир күн қайтып келермен,
Кетсем де келермен аман, сәўдигим.

Рақыплар жәм болып жыйналып келан,
Ашық-машуғыға жудалық салан,
Ким жетти муратқа, бәриси ялан,
Сенин, мениң каби болан сәўдигим.

Бахтым ганж болды сыймай ханама,
Еки улым ушын баўрым жанмай ма,
Картайғанда ақ сүт берген анама,
Бары-жоғым билдирмегил сәўдигим.

Пәлектиң жәбиринен халым қарапдур,
Ялғызлықтан қара бағрым кәбапдур,
Шийрин-Фархад дерлер, Шасәнем лапдур,
Бәриси жанында ялған сәўдигим.

Дәўлетияр дер көрдим әжеп аўхалда,
Қысметим язылан ол әзел күнда,
Нәйлейин, тәғдирге мен болдым бәнда,
Иншалла, келермен қайтып сәўдигим.

Әлқысса, Дәўлетиярдың бул сөзинен кейин хаялы Сәрўи-Қараман еки улын атасының алдына алып келип, айралықта Дәўлетиярға қарап бир сөз деди:

— Пәлек бүгин айралыққа башлады,
Ярды меннен, мени ярдан айырды,
Ышқ отына бизди қылып гириптар,
Алла бизди Дәўлетиярдан айырды.

Ат үстинен улын алып сүйалмай,
Мийри қанып дийдарына тоялмай,
Аллаяр, Кудияр улын көралмай,
Бизди бүгин сүйген ярдан айырды.

Ат болмады, бизге түшти қайғы-дәрт,
Кәбап болып жүрек-баўрым болды парт,
Ел-журтынан айра түшти бүгин мәрт,
Рәхим етиўши ғамхорымнан айырды.

Сайраса бүлбүлдин шығар наласы,
Еки бирдей жылап қалды баласы,
Қартайғанда дәртли болды анасы,
Алтмыш жашар анасынан айырды.

Бир майдан көрмесе ахыў-зар болған,
Ышқы оты билен бизге яр болған,
Бир басына кең жаханлар тар болған,
Алла бизди сүйген ярдан айырды.

Әлқысса, Дәўлетиярбек хаялының кеўлин алып бир сөз деди:

— Жүзиңнен сүйейин сениң сәўдигим,
Аман болсам бир күн қайтып келермен,
Пырағың отына жанды бул жаным,
Айралық өлимнен жаман, сәўдигим.

Мениндейин хечким малул болмасын,
Қайғыланып қызыл жүзи солмасын,
Қадир алла кыяметке коймасын,
Иншалла көргеймиз аман, сәўдигим.

Сеннен башқа гөззал түшмес көзиме,
Дунья-малын алман хәрбир сөзиңе,
Зийнетли, бал тамған шийрин жүзиңе,
Карап мийрим қанбас бәрха, сәўдигим.

Көзлериң, қашларың куралмыш кәман,
Ләблерин шийриндур, тишлериң маржан,
Қойнын жәннет киби, әй, мәхитабан,
Жоқдур бул сөзимде ялан, сәўдигим.

Шийрин-Фархад дерлер, Ўамық-Узра,
Бахрамы-Диларам, Юсуп-Зулайха,
Ғәрип-Шасәнем дер, ашық Муртаза,
Сен Ләйли, мен Мәжнүн болан сәўдигим.

Дәўлетияр дер, пикирим,зикирим даўама,
От чықар ағзымнан чеккен ахыма,
Қашларың мийратдур хәжде башыма,
Арзыўлыкта табыскаймыз сәўдигим.

Әлкысса, бул сөзден соң анасы баласын аллаға тапшырып бир сөз деди:

–Жалғыздың ярысаң алла,
Жалғызым саңа тапшырдым,
Сенәм болғыл пушты пана,
Жалғызым саңа тапсырдым.

Тәнимнен чықты бул жаным,
Қалмады сабрыў-қарарым,
Жалғыз улым Дәўлетиярым,
Яраткан, саңа тапшырдым.

Бир беш күн ойнап күлдиргил,
Ким яхшы, ким яман, билгил,
Бир инсаным, бәндем дегил,
Жалғызым саңа тапшырдым.

Қарығанда хасыл еткен,
Нихалым камалға жеткен,
Бағыма бир сашырап питкен,
Бир улым саңа тапшырдым.

Кеча турып оянурдым,
Суянурдым, таянурдым,
Қуўатым деп инандурдым,
Баламны саңа тапшырдым.

Атаңыз бағры бирянын,
Жолында жисми гирянын,
Анаңның жаны курбанын,
Сени аллаға тапшырдым.

Әлкысса, Дәўлетиярбек анасы, хаялы, карындашына қарап кеўиллерин алып, бир сөз деди:

– Қазанның қарасы, пәләкниң йүзи,
Пырқаты хижраны маңа тапшырды,
Жаныма батып тур рахыбтың сөзи,
Бүлбүлди ушырып гүлден айырды.

Шум пәлакниң ранж болды раптары,
Аўмалы, дөнмели болған дүнясын,
Мениң хәм өзиңдей қылып бийкарар,
Ярды меннен мени ярдан айырды.

Бәхәрим, әйямым, озал барымды,
Мәжлисим, мәхрамым, сәўбет-сазымды,
Лачыным, шунқарым, бәхәр-жазымды,
Өрдегим қуўыбам көлден айырды.

Дәўлетияр дер, айтып билмен халымды,
Ғазымды учырып, бузып шәнимди,
Пиркатқа салыпсаң жанған жанымды,
Ярды меннен, мени ярдан айырды.

Әлкысса, Дәўлетиярбек елдиң жас үлкенин хәкимге жибермекши болып, елден чығып кетпеси ушын жасы үлкенлерге қарап бир сөз деди:

–Пәлек бизни айралыққа салып тур,
Осал қайсы, хижран қайсы, билманам,
Ығбал нышанасы ғайры дөнип тур,
Пайда кайсы зыян кайсы билманам.

Рахыбтың шиддати тәна жетип тур,
Енди баштан ашып, жана тийип тур,
Дослардан шәпаат, мийрим кетип тур,
Яхшы кайсы, яман кайсы, билманам.

Ол меннен қалмаған, мен оннан қалмас,
Саўашта мухәннес майдана келмес,
Мәртлер ар сақлабан, хеш нәрсе билмес,
Нәмәртлердиң халын билә-билмәдим.

Майдан ичра Рүстем каби хайбатлы,
Шер, филниң куўаты, арыслан сыпаты,
Карындаш ел күнниң дәстүр хүрмети,
Болай дедим, анча бола билмәдим.

Кеўлимди байладым яратқан била,
Ахыры қайыр болсын ығбалым көре,
Алардың сөзине инанман сирә,
Сизиң не қастыңды билә-билмәдим.

Душманым өлтирип жолдан алаштым,
Саркуш учын менам жанымнан кечтим,
Дәўлетияр дер, беш күн өмирим учун,
Нәмәрдниң тонын кийә билмәдим.

Әлкысса, Дәўлетияр қашына кырық жигит алып атланып атырғанда, Махмутжан сәрдар, Амин хан, Қуўаныш баҳадыр, Нияз амин кушаған яхшы йигитлари билән йолға түшип, Махмутжан сәрдарның анасы келип, йигитларга қарап бир сөз деди:

— Баламның достысыз, сиз ҳәм бир балам,
Кутлы болсын сапар еткен жолларың,
Қуўатым, мәдетим, жигерим болған,
Шаҳымардан пийриң болсын қолларың.

Аман-есен барың нәсийбең тартып,
Мәртлик қылычыны урың кубартып,
Әламди тотырсын шәўкетиң артып,
Гөруғлы, Юсипдей дәстан сөзлериң.

Ғапыл болма, жаным, барған жерлерде,
Итияжың қолдан берме шөллерде,
Майданда учрашсаң ханы, беглерге,
Сөзлешкенде өткир болсын сөзлериң.

Башыңнан дәўлетиң кетмесин даўам,
Дуўай қайырыңны берейин мудам,
Қыяметлик углым, сен ҳәм бир балам,
Хазана түшмесин ҳәргиз гүллериң.

Атанияз, Аман, Махмутжан сәрдар,
Алар сениң билән кетмиш бирадар,
Аллаға тапшырдым балам Дәўлетияр,
Бир алла оңласын, хақдур жолларың.

Әлкысса, Дәўлетияр йигитлерин изине ертип кетип барар еди. Ағайин-туўған, дос-ярлары изине ерип келе берди. Дәўлетиярбек атының башын бурып, халық билән хошласып бир сөз деди:

— Бизни көрген тамам жанлар, кайтыңлар,
Көргенче күн яхшы, сизлер хош болың,
Бизден разы болып үмит кылыңлар,
Теңи-душым, кәдирданлар, хош қалың.

Саркуш минип гәзген небир жайларым,
Халқымның муҳаббат көрдим сыйларын,
Сазы-сөҳбет қурып өткен айларым,
Өтти дәўран бизден, сизлер хош қалың.

Қожа Мәңли келди, сәрдар Аманым,
Қожа кетсе кетер башта думаным,
Өтти бизден беш күн дәўран заманым,
Көришгеймиз досты-ярлар, хош қалың.

Кеўил қошып биргә ал шарап ичип,
Ат ойнатып ташқын жайлардан кечип,
Қаршы келген душман билән чаташып,
Бирге өскен кәдирдалар хош калың.

Әлкысса, Дәўлетиярбек йолға түшип, йигитлерин башлап, Кәтенлер қаласының үсти билән Қашқажолдан таўға миндилер. Анда жигитлер артына айналып қарап:

— Әй, Дәўлетияр аға, көриң, Қоңырат бағы узақтан минарланып көринеди. Елде бирнечче жашы уллы, жашы кичи дос-яранлар бар еди. Шуларды еске түширип тәрийп қылың,- деди.

Анда Дәўлетиярбек сазын қолына алып. жашы уллы ҳәм жашы кичилерди яд етип, бир сөз деди:

— Ахунхожа пирим Сайыткамалым,
Аптаптай жақтылы Хуршид раўаным,
Ойнап-өскен досту, ярыў-яраным,
Той-тамаша, хайт-байрамларым калды.

Ағам дейип йығлап жалғыз начарым,
Арзыў әйлеп алған сүйикли ярым,
Ақ сүт берген анам шул мийирбаным,
Ағзы шийрин тили зибанлар калды.

Дәўлетияр дер, сениң хаслы мәканың,
Қоңырат журтында калды Ўатаның,
Айта берсең көпдур сениң дәстаның,
Әрман сенде хырман-хырманлар калды.

Әлкысса, Дәўлетияр елинен айра түшип баратырғаны ядына келип, жигитлерине карап бир сөз деди:

— Әй, яранлар, мусырманлар,
Мен уллы елден айрылдым,
Үмитимди үзип жаннан,
Қатарда саннан айрылдым.

Той-тамаша, сазы-сүхбат,
Таам ашы, назы-неъмат,
Мийманлы-отаўлы шәўкат,
Шаны-шәўкаттен айрылдым.

Мен түшмишам елден жуда,
Бир лачыным чөлден жуда,
Мен бир сона көлден жуда,
Бүлбүләм, гүлден айрылдым.

Мийрибаным, кәбам-анам,
Аклы пәрийшан, кеўлинде ғам,
Айралыкта тутып матам,
Мен ғәрип ярдан айрылдым.

Дәўлетияр дер, Кәрим алла,
Пирим Шаҳымардан, колла,
Көрермен халқым, иншалла,
Таўсылмас каннан айрылдым.

Әлкысса, Дәўлетияр бул сөзден соң таў үсти билән неше майдан жол жүрди. Бир жерлерге келгенде таў үсти думпешик болып, гә жокары, гә төмен түшип, ат жолы өнбеди. Анда бир жигит Дәўлетиярдан сорады. Дәўлетияр сазын қолға алып, бир сөз деди:

— Ғош жигитлер, сүриң беш күн дәўранды,
Көриң не яхшылар өткен жайлары,
Қызы Шаабваздың Шасәнемжанды,
Ғәрип-ашық алып қайтқан жайлары.

Башынан-аяғы тамамы әдап,
Лағлы гәўхар киби тишлари сәдап,
Көчки-әйўанларын тилләдан безап,
Ғоч йигитлер шарап ичкан жайлары.

Мойнын бурып малул болып ағлайып,
Ышкы отына жүрек баўрым дағлайып,
Ашығым деп күнде зар-зар йығлайып,
Ғәрийбин узатып кайткан жайлары.

Алма көз бедеўлер ғоччаклар минген,
Хәрким яры билен ойнаған, күлген,
Сәчы өрим-өрим, қырмызы бәден,
Бәрчесин кара жер жуткан жайлары.

Чырмаян жағасын сайран еттирип,
Ат чаптырып, алтын кабақ аттырып,
Чатыр бәрга курып, ақ үй тугтырып,
Не жигитлер келип кеткен жайлары.

Бүлбүл пыған әйлеп сайрар тағларда,
Қыз-жаўанлар алма атар бағларда,
Сазы-сухбет курып ақ отаўларды,
Ғоч жигитлер сайран еткен жайлары.

Айра түшип неччее жыллар елинен,
Жети жыл аҳ урып рахиб қолынан
Шахымардан мәдет берип белинен,
Айшы-ишрет етип жаткан жайлары.

Нәйлейин, замана пәлек гәрдиши,
Бир дос табалмадым хәмдам бир киши,
Дәўлетиярдың сизлер қәдирдан досты,
Саўлық билен несип тартқан жайлары.

Әлкысса, бул сөзден соң йигитлер: -Әй, Дәўлетиярбек, бизлер далаға чығып, яхшы-яманды көрмедик,- деди. Анда Дәўлетиярбек жигитлерине карап бир сөз деди:

— Пәлек йүз мың әлўан дөнер,
Әжеп замана-замана,
Кеўил берип, сыр алдырман,
Хәргиз ямана, ямана.

Яман хеч ўақ яхшы болмас,
Караны жуўсаң ағармас,
Яхшылардың қәдирин билмес,
Ғыйбат жамана, жамана.

Жай чекип оқлар атканда,
Бедеў терлеп ат шапканда,
Сыр берип, сырың алғанда,
Түшер гумана, гуман.

Яманнан хеч кайыр келмес,
Ашың жер бәд, иштен дөнмес,
Сен дос болсаң, ол дос көрмес,
Қоймас амана, амана.

Дәўлетияр дер, өтти заман,
Не яхшы қалды, не яман,
Қойман душманларды аман,
Нәлет ямана, ямана.

Әлкысса, бул сөзди айтып болғаннан кейин бир йигит: -Әй, Дәўлетиярбек аға, адамның ең жакын досты ким болады,-деп сорады. Анда Дәўлетиярбек турып, йигиттиң саўалына жаўап берип: -Адамның бирминчи досты хаялы, екинчи досты аты болады,-деди. Анда саўал берген йигитке тәрийп етип, Дәўлетиярбек бир сөз деди:

— Тәрийп етсе, дослар, кызы-жаўанды,
Не әжеп жананлар жанынан яхшы,
Ак көкси бейиштей, койны жәннетдур,
Сийнесинде алма нарынан яхшы.

Жигиттиң дәўлети, аты муратдур,
Дүньяда яраткан бир яхшы затдур,
Ат жигитке учар қуйрық, канатдур,
Ол екеўи бир-биринен хәм яхшы.

Бир алмакөз беден таза жаўаны,
Иззет-икрам билен сакласаң аны,
Дүньяда йигиттиң калмас әрманы,
Ол екеўи дүнья-малыңнан яхшы.

Қағаздан ақ коллар, жиңишке беллери,
Истасаң қәдирини таза гүллери,
Шекер езген татлы шийрин тиллери,
Абы-хаят кәўсар суўынан яхшы.

Дәўлетияр дер, мен ямана доланман,
Мың яман келинди бир қыза алман,
Нәкастың ишине кулағым салман,
Парқы бар яхшының, яманнан яхшы.

Әлкысса, бул сөзди тамам етти. Анда алды кеч еди. Йигитлер айтты. Булар калый адам екен дегенде Шахсәнем-Ғәриптин руухлары булардың алдынан салам берип өтти. Анда йигитлер шул йерде мийман болдылар. Атларын жиберип, чай-тамақ хәзирледи. Дәўлетиярбек қоржынынан бирнеше шийше мәй алып куя башлады. Кәсанын бирин өзи ушлап, йигитлерге карап бир сөз деди:

— Қәдир алланың сүннийден,
Келиң беглер, гәшт етали.
Жүрек дәрди жанғанына,
Суний шарап хош етали.

Кәса жужыклар дамбадам,
Не кайғы калсын, не дур ғам,
Алтын кәса гүл-гүлли жам,
Ичип бәзми пуш етели.

Кимлерден калды дер буны,
Кимлер бина кылды аны,
Бизден бурын келген каны,
Кеўил ачып хош етали.

Душман майданда көринсе,
Хәрким ығбалынан көрсе,
Алла бизге абырай берсе,
Атып-чаўып лаш етали.

Дәўлетияр дер, ойнап-күлип,
Дәньяның ялғанын билип,
Халкым учун кылыч урып,
Ийманды йулдаш етали.

Әлкысса, бул сөзди тамам етип, шу акшам мийман болып, ерта билан атка ер салып, жолға раған болдылар. Таў үстинен бир топар кийик чығып, жигитлер ат койды. Бирнечесин айырып ушлап, Саркуш ат кийик алдын орап, көп санда кийик алдылар. Анда Дәўлетиярбек атын мақтап бир сөз деди:

— Хақ әзелден жаратыпдур,
Бир әжайып затдур бедеў,
Жәннетте пырак дейишипдур,
Жалғанчыда атдур бедеў.

Сана бир сыр йүз мың түмен,
Жетти ыклым малына бермен,
Болса да дүньяны саўман,
Бина болған затдур бедеў.

Қақтырсам нәлиң гүмиштен,
Башын артык мәжнүн куштан,
Берсем жемиңди жемиштен,
Жанға рахат атдур бедеў.

Ғош жигит минсе үстиңе,
Жылаўын тутса дәстиңе,
Дәст берсе алла хусныңа,
Бир артыкмаш дәўлет бедеў.

Дәўлетияр дер, жолдаш болған,
Бизге ғошшы, сырдаш болған,
Қыйын күнде мунлаш болған,
Куўса жетер басып бедеў.

Әлкысса, неше күнлер жол жүрип,Орта куйы деген бир жерге түштилер. Анда емранлы халқы, ата халқы жайлашкан еди. Анда бир жигит шул елден ғайбана келип дос болды. Шунда олар Дәўлетиярға кеўил билдирип, оның башынан өткен ўақыяларды еситкеннен кейин бир сөз деди:

— Ер жигит башына көп ишлер келер,
Не ушын кайғыланып ғамғын боларсаң,
Өзи туўған ерге бир ўак күн туўар,
Аман болсаң кайтып елге барарсаң.

Жигиттиң мурады чанчып хәм йықмак,
Нәмәрттиң ишидур бүркенип жатмак,
Халкы учун бир абыройлы иш етмак,
Өлсең шейит, өлтирсең казы боларсаң.

Қайткыл пикириннен, кайғыға батма,
Хийлеге баш кошып доланып жатма,
Ялғанчы дүньяны итибар етма,
Қара жерге бир күн дәпин боларсаң.

Атсызға ат бергил, тонсызға тоның,
Жомартлық иш қылғыл, аяма бәрин,
Әўўалында хәмра болса ийманың,
Мураду-мақсадың хасыл боларсаң.

Дәўлетияр дер, бу дүньяның мурады,
Сениң билән кетсин бир яхшы аты,
Душманға топылып салсаң ғайратты.
Хаўазың аламға толы боларсаң.

Әлкысса, емранлы ата халқы билен танышып-билишти. Халық ичинде бир дәрўиш бар еди. Оны зыярат қылдылар. Дәрўиш оларға кайдан келдиң деп бир сөз деди:

— Кутлы болсын, беглер, сапар-кадамың,
Сорарман, жанларым, кайдан боларсаң,
Алдыңда талабың сапар шегипсең,
Халкың учун нечче кылыч урурсаң.
Балкан таўда үч юз алтмыш әўлийе,
Бурын өткен олар неча әнбия,
Башыңа иш түшса чакырсаң ая,
Менин ата-бабам шунда көрерсең.

Дунья бақый қалмас, яхшы ат қалар,
Бул дуньяға келген бәриси өлер,
Башына, билмессең, көп ишлер келер,
Ямана душ болсаң ғапыл қаларсаң.

Ҳақ зикирин умытпағыл тилиңдин,
Ерлик дәўраныңды берме қолыңдын,
Жети жылда хабар келер елиңдин,
Аман болсаң қайтып елге барарсаң.

Бир адамман, мен ғәрипти де көрсең,
Атымы-шайыхыў бир дәли дерсең,
Ықлас билен мени чөлде чақырсаң,
Истасаң ҳәзирмен анда көрерсең.

Әлқысса, Дәўлетиярбек бул йерден атланып жол тартып барар еди. Узақтан еки қызарған қараны көрди. Анда жигитлер: -Бул көринген қара жолымызға кесе болмасын,- деди. Дәўлетиярбек жигитлерине: - Еки начардан бурын жолды кесип өтиңлер,-деди. Ҳәмме ат қойдылар. Аныклап көринген қараға қараса, бир келин билен бир қыз екен. Олардан бурын жигитлер жолдан өттилер. Дәўлетиярбек атының башын бурып, келиншекниң янына келип, сазын қолға алып, бир сөз деди.

Дәўлетияр:
— Қыз-жаўан қайдан келерсең,
Жанлар паяндоз жолыңа,
Келиң бир жан көришели,
Қолларым берсем қолыңа.

Келин:
— Бийхуўда сөзди билманам,
Биймәни сөзге уйманам,
Нәмәхрем жүзин көрманам,
Жүре бер, турма, жолыңа.

Келин:
— Бул ерда көришмек болмас,
Сиз билен танышмақ болмас,
Мен бир келин, бу бир яш қыз,
Жүре бер, турма, жолыңа.

Дәўлетияр:
— Қызларға алма бералы,
Ол дәли жолға салалы,
Сизлер билен отыралы,
Айтсам ашық жоларыны.

Дәўлетияр:
— Жүзиң айданалар бажы,
Ашықның болмас илажы,
Сизлер кәба, биз бир ҳажы,
Зыярат әйлесем саңа.

Келин:
— Қызлар алманды ада етер,
Ашықлығың бир пул етер,
Туўры жолға жүрсең нетер,
Жүрмең бузық жолларына.

Келин:
— Ҳажы болсаң мунда турма,
Бузық ишге кеўил бурма,
Нәмәхремниң жүзин көрме,
Айналма, өткил жолыңа.

Дәўлетияр:
— Дәўлетияр дер, кетмек болмас,
Сизди ташлап өтмек болмас,
Кеўлим истер қызды талўас,
Салсам қолларың мойныма.

Дәўлетияр:
— Аманат чыққысыз жандур,
Жигитлик беш күн миймандур,
Бу дунья азғана күндур,
Рәхим әйлегил ҳалыма.

Келин:
— Мен бир келин, қыз қуп жамал,
Тәңирим сизге берсин камал,
Нийетиңди айтқыл дәрҳал,
Берейин жәрдем ҳалыңа.

Әлқысса, Дәўлетиярбек келинниң пикирине билип, артына қарап турған қыздың қашына келип, сазын қолына алып бир сөз деди.

Дәўлетияр:
— Қыз бала, қайдан келерсең,
Сөзге шийрин тиллериңнен,
Я малик, хүри, перисең,
Хабар бергил еллериңнен.

Дәўлетияр:
— Әўлад болсаң бизлер хүммет,
Қылалы бир йерде сухбет,
Жигитлик беш күн ғәниймет,
Терсем бағда гүллериңнен.

Қыз:
— Алла салған ахыў-зардан,
Келермен бағыў-гүлзардан,
Ҳәзиретимниң әўладыман,
Хабәр берсем еллеримнен.

Қыз:
— Шахымардан зыяратым,
Шуллур мениң ықтықатым,
Ғучмақ мәнисин уқмадым,
Тартып сөзле тиллериңди.

Дәўлетияр:
— Жилўа билен жол жүргеннин,
Аларсаң аклын көргеннин,
Әрманы жоқдур өлгеннин,
Жастанып ақ қолларыңнан.

Қыз:
— Яхшы-яман көп дүньяда,
Олла кирмен бул пәрядка,
Бийгүна жанарсаң отка,
Жүрмен бузық жолларыңнан.

Дәўлетияр:
— Чөлде гэзген марал каби,
Ҳақылым бийқарар каби,
Көксинде алма нар каби,
Үзсем бағда гүллериңнен.

Қыз:
— Кекилимди жуўдым түйиб,
Душ келдиңиз илми-ғайыб,
Бийпайда сөзди сөйләйиб,
Бермен сизге гүллеримди.

Дәўлетияр:
— Дәўлетияр дер, танымайсаң,
Я танып көзге илмейсең,
Бул сөзинде сен ким дерсең,
Нәсип етсе дийдарыңнан.

Қыз:
— Якшы жигит сахат заман,
Дүнья өтер әрман-әрман,
Атам сизге берман аман,
Үзгил үмит жанларыңнан.

Әлқысса, йигитлер булар менен дықыллашып, атларын ҳайдап жол тартты. Бираздан кейин күн бултлашып, даўыл пайда болды. Изи қараңғы зимистан болып жолды көре алмастай аўҳал болды. Анда жигитлер: -Әй, Дәўлетияр аға, сиз бузық ишге кеўил бурғаныңыздан бундай болды.-деди. Анда Дәўлетияр сазын қолға алып, жигитлерине қарап бир сөз деди:

Ғош жигитлер ғамгүн болар,
Дәўлети бисяр болмаса,
Жүйрик бедеў, кескир қылыч,
Қолында таяр болмаса.

Ер жигитке дәўлет бақар,
Дәўлет келсе суўдай ақар,
Мәрт жигитлер журттан шығар,
Әдалатлы хан болмаса.

Истеген таппай зар болар,
Жетер-жетпеске қор болар,
Бир ғош жигит қаллаш болар,
Қолда дүнья-мал болмаса.

Душман келип ат салалар,
Қылычынан қан тамалар,
Ат салып атым алалар,
Жыйында басшым болмаса.

Әлқысса, бул сөзди айтып тамам етти. Думан ачылды. Алам минәўўар болды. Қараса, түркмен еллерине келгенлигин билип, Ахмеджан сардарны сораштырып таўып алды. Еки үй тигип қонакларды иззетте қойды. Түркмен елиниң жашы үлкен адамлары Дәўлетиярбек билен танышмаға келдилер. Жигитлер төрден орын берип аманлаштылар. Түркмен елиниң яшуллылары керегеде турған дуўтарды көрип: -Әй, жигитлер, дуўтар көринеди, бақшыңыз бар болса, саз шалып айтым айтып бериң, бизлер бурынғының адамларымыз,-деди. Анда Дәўлетиярбек: -Бақшы жоқ, сөзиңиз сынмасын,-деп, қолына сазын алып, нешше йерлерден тымсал келтирип, бир сөз деди:

— Адам уғлы тиш чықарар,
Әўелха бир яша жетсе,
Танып ол ата-анасын,
Ат қойып, көз қаша жетсе.

Үч яшында шийрин тилдур,
Төртинде сайрар бүлбилдур,
Беш-алтыда қызыл гүлдур,
Көз таныш сырдаша жетсе.

Жетти яшта мактабхана,
Оқып хәрип зикри-сана,
Қуўанышып ата-ана,
Шад болып мурада жетсе.

Чықса он үч, он төрт яша,
Ышқ әсери түшер баша,
Мәлим болып тени-душа,
Күн өтип жыл санға жетсе.

Жигирмада ат ойнатып,
Абырай истеп ерлик етип,
Ақ үйде әширетлер тутып,
Мурады-максада жетсе.

Жигирма беш әжап жашдур,
Билсең ғайрат кеўил хошдур,
Ер жигиттиң өмири йошдур,
Ғош жигит қәмала жетсе.

Отыш жашта пил күчинде,
Көтерерлер қол учында,
Туйдырмаслар қылычыны,
Дәрья ағып кана жетсе.

Акылы токтар кырк яшында,
Ул-кызы жүрсе қашында,
Ғапыл адам шул яшында,
Билиң тақыйық жанға жетсе.

Жигитликтиң соңы елли,
Хәрбир ишиң болар белли,
Жамғыры жоқ, қуры желли,
Кеўил бир мийзана жетти.

Алтмыш яшта тиш төкилер,
Жетмиш яшта бел бүкилер,
Көрер көзге ғубар келер,
Ишиң пушаймана жетти.

Сәксен яшта жан айбынар,
Токсан яшта тон жамылар,
Сийрек келер кеўил билер,
Кеўил бир зиндана жетти.

Дәўлетияр дер, адам уғлы,
Йүз жашасаң белли-белли,
Қайсы адам барса иймәнлы,
Жәннетте сайраны жетти.

Әлқысса, бул сөзди тамам еткеннен соң ғаррылар «ғаў айтыян» деп, «айтабер уғлым» деп жақын келе берди. Дәўлетияр сазын қолына алып, бир сөз деди:

– Әўел баста ержигиттиң,
Бир дәўлетли басы керек,
Я қылычы, я қылығы,
Я қазанда ашы керек.

Жигиттиң болса дәўлети,
Мәрт болып туўса зуряды,
Жанында беш-он жигити,
Ағайин-туўғаны керек.

Урыш майданға кирмеге,
Карсы турып оқ урмаға,
Сыр берип, сырын алмаға,
Жүрекли жолдашы керек.

Мәртким, жылаған күлдирсе,
Ерлигин елге билдирсе,
Атып душманын өлтирсе,
Чөл майданда лашы керек.

Дәўлетияр сен хақтан тиле,
Хешкимлерден етпе гийне,
Ялғанчыда абырой биле,
Иймәның жолдашың керек.

Әлқысса, шул ўақытта жашүлкенлер «өз елинде болған бир адам екен» деп шыбырлаштылар. Анда яне Дәўлетиярбек сазын қолына алып, бир сөз деди:

– Бир қудайым дәўлет берсе,
Жигит ығбалы көринер,
Асытнда жүйрик бедеўли,
Үйинде миймане көринер.

Нәмәрт мәртлердей болалмас,
Урыш болса жаўға бармас,
Ат-жарақ көзге көринмес,
Қайғы аңа жан көринер.

Парқы бар нәмәрттиң мәрттен,
Қылыч кесер әреби аттан,
Бир ғош жигит бир жат журттан,
Қорка берсе қош көринер.

Дәўлетияр дер, мәрт өзиме,
Кулақ салсаңлар сөзиме,
Корққан муханнес көзине,
Беш-он киши хан көринер.

Әлқысса, бул сөзден кейин жашүлкенлер яне «бу адам басына бир иш түшип келген, ичинде бир дәрти бар жигит екен» деп шыбырлашты. Анда бул ўақыяны Дәўлетиярбектиң қулағы чалып кетти. Ғаррылар айта бер уғлым деп, тәклибин жутып, тымтырыс қулақ салып отыра бердилер. Анда Дәўлетиярбек сазын қолына алып, бирнешше йерлерден тымсал келтирип, бир сөз деди:

– Бир мәрттиң башына мүшкил иш түшсе,
Тирилиги аның гүман керекти,
Жат келалмас әтирапына, қашына,
Ағайин-ғардашы, туўған керекти.

Ат тарталмай жигит жаўда калғанда,
Жолдаштан айырылып тәнха болғанда,
Душман қоршап әтирапыны алғанда,
Кескир қылыч, атқыр кәман керекти.

Майдан үзре Рүстем киби айбатлы,
Шерлердей ғайратлы, арыслан сыпатлы,
Астына мингени Саркуш ғыйратлы,
Мәрт жигитке Шаҳымардан керекти.
Дүнья-малы көринбесдур көзине,
Достына опалы, бийдур сөзине,
Мәрт ғошшақ жигитлер ерсе изине,
Ер жигитке ақыл, абырой керекти.

Кескир қылыч, тилла пычақ белинде,
Сөйлегенде дүр сачылар тилинде,
Хорезм журтымда, туўған елимде,
Теңи-душым шул күн мәртлер керекти.

Дәўлетияр дер, хижран кана жетипти,
Кем-кем баштан асып жана тийипти,
Дослардан шәпаат, мийрим кетипти,
Бүгин карам паслы субҳан керекти.

Әлкысса, яшуллы адамлар кем-кем сөз мәнисине түшинип, яне «айта бер улым» деди. Анда Дәўлетиярбек өзиниң башындағы ғаўғаларды бир-бир баян етип, «буларға бакшы керек, ал мениң болса қайғы-ғулпетим башымнан ашып атыр" деп, сазын қолына алып бир сөз деди:

— Бүлбүл қуррам болып қалай сайрасын,
Бағын қазан урып, гүлден айрылса,
Бир ержигит ғамгүн болмай нәйлесин,
Пәлек хәсирет билен елден айрылса.

Қоллары мөхирли ханы-беглериң,
Әгер Жамшид өлсе, я Искендериң,
Жарашығы болмас не бир беглердиң,
Қатарынан қалып, саннан айрылса.

Фархадтың қаласы дамудам менде,
Қайғылы саўдагер өсер хәр күнде,
Шөли биянбанда зар чегер жерде,
Өрдек-ғазлар бир күн көлден айрылса.

Хәркимниң дәўлети болса башында,
Ағасы-иниси жүрсе қасында,
Хәрким өз елинде теңи-душында,
Кәдири болмас жигит елден айрылса.

Бул дүнья дегениң өтмели заман,
Бармекен дүньяда өлместен қалған,
Өлим хақ буйрығы, айралық яман,
Жигит қаллаш болур малдан айрылса.

Бириси аўдарып, бири суў қуяр,
Бири саўат етип, бириси уйыр,
Хәркимди апарып бир гөрге қояр,
Әгер патша, гәда жаннан айрылса.

Патша, ханлар минген тахтынан түшер,
Ер жигит ығбалы, бахтынан түшер,
Алма көз бедеўлер рахтынан түшер,
Қуйрығы төкилип, жалдан айрылса.

Дәўлетияр дер, хақыйқаттан майышып,
Хаққа қайыл болып журтыңнан кешип,
Хақыйқый, тарийхый хақ жолға түшип,
Мәрттиң кәдири болмас хардан айрылса.

Әлкысса, бул сөзди тамам еткеннен соң үйдиң сыртында да шыбырлы сес көбейди. Булар келип тыңлап турған бир топар қызлар еди. Алды жигирма бес, кейни он бес жасар қызлар үйдиң есигинен келип кире берди. Ал ғаррылар болса кеўишлерин таўып алып, далаға чыктылар. Қызлар келип отырғаннан кейин олардың ишинен бир бәрна қыз:

— Әй, Дәўлетиярбек аға, бизлер хәм заманымызда қыз болып кәмалға келдик. Сиз яшуллыларға бир канша ўақыт сөз айтып, саз шертип бердиңиз. Енди бизлердиң пайымызға хәм қошық айтып бериң,— деп тилек еттилер.

Дәўлетиярбек сазын қолына алып, қыз болып кемалға жетисkenнен картайғанына шекем баян етип, неше йерлерден тымсал келтирип, бир сөз деди:

— Қыз бала он төрт жашында,
Он төрт күнлик айға мәгзер,
Он төрт-он бес жашларында,
Хайт-мереке, тойға мәгзер.

Алтын, гәўхарлар башында,
Сәранжам иштиң қасында,
Нышан енген соң шашына,
Бир суў түшкен көлге мегзер.

Он алтыда айдан сулыў,
Он жетиде күннен сулыў,
Жилўа менен жолда жүриў,
Хәрбир зулпы тарға мегзер.

Келиндур отыз жашында,
Ул-қыз жүрсе қасында,
Үй ийеси қырқ жашында,
Бир кәйўаны үйге мәгзер.

Жигирмада хүсни кәмил,
Көрген жанлар болып майыл,
Ғош жигитлер болып сайыл,
Мың жорғалы байға мәгзер.

Еллиде зүряттан қалар,
Ғаррылығы басым болар,
Алтмыш-жетмиш жашқа келер,
Гия бермес жерге мәгзер.

Жигирма беш жашқа келди,
Үй-рузғар қәдирин билди,
Көргенлердиң баўырын тилди,
Осмалы қаш жайға мегзер.

Дәўлетияр дер, дүнья ялған,
Өтер кеўиллер бийпаян,
Сексен, токсан, йүзде болан,
Қуры кеўилли жашқа мәгзер.

Әлкысса, бул сөзден соң қызлар уялып далаға шығып кетти. Анда Дәўлетиярбек жигитлери билен шул ақшам мийман, бир жигитин караўыл етип қойып еди. Ол жигит ярым ақшам ўағында хабар берди. «Дәўлетиярбек аға, узақтан бир чаң көринеди», деди. Анда Дәўлетиярбек далаға чығып караса, йүз

чамасындағы атлыларға көзи түшти. Башлап киятырған адамды көрип, оны танып ишке кирип, Маматжан сәрдарға карап, сазын қолға алып бир сөз деди:

– Суйинши бер, шадлық бүгин,
Досты-ярларым келипти,
Бизди излеп Хорезмнен,
Қадирдан мәртлер келипти.

Алтын ер, әреби атлы,
Дубылғы, калкан, сауытлы,
Ҳасыл жипекли, мауытлы,
Бир топар ерлер келипти.

Хәркайсы таўдың бөриси,
Бәршеси журттың өреси,
Жүзинде нурыў сәўлеси,
Нияз уғлы хан келипти.

Яўмыттың белли яхшысы,
Бели кәмандай оқшысы,
Қасында сазенде, бақшысы,
Кеўили хошяр келипти.

Сәркарда әскер башы емиш,
Ашық кеўил, жомарт емиш,
Қыяметлик ғардаш емиш,
Ағайини ер келипти.

Жаў-жарақлы, аты шайлы,
Қолда қылыч, сары жайлы,
Дәўлетияр дер, мыңға тайлы,
Махмуджан сәрдар келипти.

Әлкысса, бул сөзди айтып болғанша Хорезмниң жигитлери кирип келдилер. Буларды аттан түширип, мийман етип алдылар. Махмуджан сәрдар Дәўлетиярға алып келген сауғаларын берип, үч күндей дем алып, елине кайттылар. Алғәрез, булар келген соң Дәўлетиярбек Саркуш атының жанына барып караса, ат көзлеринен жаш төгип, алдына салған отын жемей турған екен. Дәўлетиярбек атына карап:

– Мен сени сүйермен Саркушым жаным,
Сениң йығлағаның көзим көрмесин,
Саңа курбан болсын, бил, хәрне барым,
Яхшы, яман күним сенсиз болмасын.

Хәр сәхәр барар-ем жанына турып,
Шүкир қылар едим жамалың көрип,
Кәкилин жуўдырып, жалыңды өрип,
Айтар едим, бир намәхрам көрмесин.

Өскен бағда гүлим казан солдырып,
Өмирим пайманасын турма қуўырып,
Әжел жамын әкелсе де толтырып,
Тийсе маған тийсин, саңа тиймесин.

Бар еди хәўесим хәрбир ойныңа,
Жарасыклы еди жалың мойныңа,
Сени минсем жетпес душман кейниме,
Әжел маңа болсын, саңа болмасын.

Саңа тийген оқлар мени жайласын,
Саңа учкын түшсе мени отласын,
Мениң жаным сениң курбаның болсын,
Барлық бәле маңа, саңа болмасын.

Дәўлетияр дер, пийрим, я Шаҳымардан,
Мениң бул дәртиме берегөр дәрман,
Саркушты йығлатма, мени хәм гирян,
Достым йығлап, душманларым күлмесин.

Әлқысса йигитлер атты жетелеп, гәздирип, от-жем берип, ат яхшы болды. Ертең азанда қырк жигиттиң биреўи:

– Әй, Дәўлетиярбек аға, бизлер урыш көрмедик. Тосаттан Хийўа ханнан адам келсе, не қыламыз, бизлерге урыш тәртибин түшиндир, — деди.

Анда Дәўлетиярбек жигитлерге карап, сазын алып бир сөз деди:

– Ер жигит башына не ишлер келер,
Неге кайғыланып ғамгун боларсаң,
Өзи туўған ерге бир күн күн туўар,
Аман болсаң қайтып елге барарсаң.

Жигиттиң мурады шаншып хәм жыкмак,
Нәмәрттиң ишидур бүркенип жатмақ,
Халыкка мәлим болып абрайды тутмақ,
Өлсең шейитликте ада боларсаң.

Мәрт болан қыйналып қайғыға батмас,
Ҳийлеге баш қошып бүркенип жатмас,
Ялғаншы дүньяны итибарға алмас,
Бир күн қара жерге дәпин боларсаң.

Атсызға ат берип, тонсызға тонын,
Жомартлық атың бар, аяма бәрин,
Әўелинде хәмре билсе ийманың,
Мурады-мақсетиң ҳасыл боларсаң.

Дәўлетияр дер, бул дүньяның мурады,
Сениң билен кетсин бир яхшы аты,
Душмана топылып салсаң ғайратты,
Ҳаўазаң әлемге толы боларсаң.

Әлқысса, шул ақшам жатып, ерте билен қараўыл қараса, Ахмеджан сәрдар аўылын қоршап киятырған

көп қолды көрдилер. Әне, Дәўлетиярбек жигитлерин шақырып, сазын қолына алып бир сөз деди:

— Ким мәрт болса барып кирер майдана,
Нәмәртлердиң барлығыны истамас,
Иренки ушып, басын тығар панаға,
Жалтақ болып қарап турмақ истамас.

Муханнестиң абрайы жоқ мудамы,
Бағман болан жаға билмес гүлшанды,
Мәрт жигитлер көреғойса душманды,
Саўаш қылар сағат заман истамас.

Нәмәрт киши хасла билмес ишини,
Жаман күнде төкер көзде яшыны,
Мәрт халқы учын қурбан етер башыны,
Нәмәрт адам ҳәргиз майдан истамас.

Әўлийелер машғул болар дуўаға,
Қалқан болар көктен келген бәлаға,
Көзи яшлы, көнли мудам қудаға,
Бийқайғылар ҳәргиз аман истамас.

Қорқақ адам урышмақты истаса,
Душманларды ўайран етер ушласа,
Келип душман тумлы-туштан қыстаса,
Ташлап қачар, қайтып мәкан истамас.

Әлқысса, жигитлер бул сөзден кейин «Әй, Дәўлетиярбек аға, батырлықтан бир ўәсият айтып берин» деп, бир сөз деди:

— Бир мәртке нәмәрттиң йүзи тең келмес,
Нәмәрт турып билмес майдан ичинде,
Муханнес хан көрсе урышқа кирмес,
Мәртке қайғы келмес майдан ичинде.

Муханнестиң абырайы жоқ, аты жоқ,
Ол бәлениң сийнесиниң оты жоқ,
Ер жигиттиң жаныны жоқ, жаўы жоқ,
Жолдашын қалдырмас майдан ичинде.

Беглер ат ойнатып таўлардан ашып,
Халқы учун мәртлер жанынан кечип,
Ел уғрысы душман менен шатақшып,
Урышайық бүгин майдан ишинде.

Алма көз бедеўлер шабыштан терлеп,
Мәрт жигит алдын-артыны серлеп,
Таўларпп саза берсин, көк жүзи гүрлеп,
Ерликке бел байлаң майдан ичинде.

Душман билен қаршыласып уғрашур,
Майдана киргенде жүреклер жошыр,
Сыр берип, сыр алмақ мәртке жарашур,
Муханнес башқармас майдан ичинде.

Дәўлетияр дер, пийрим Әлий жолдашым,
Әндийше кеўлимде, қайғысыз башым,
Халқым учун қалса майданда лашым,
Алла, мен қайтмасман майдан ичинде.

Әлқысса, Дәўлетярбек баш болып жигитлерди изине ертип, Ахмеджан сәрдар да елиниң адамларын жыйнап, урыш майданына чықтылар. Қаршы келген Иран патшасы Ибраҳим хан ләшкери еди. Хийўа ханы он жети ханға хабар жиберип, Дәўлетиярды ушлаў мақсетинде сораў салған еди. Ел четинен Дәўлетиярдың шу йерде барын билип, қоршаў салып атыр еди.

Ендиги сөзди Дәўлетиярдан алың. Дәўлетияр баҳадыр жигитлери менен бирге қылыч, сарыжайларын қолға алып, Иран ләшкерлерине қаршы келдилер. Ат жығылды, адам өлди, ала-пурқан чаң болды, адам адамды көра алмастай заман болды. Арадан үч күн өтти. Жигитлердиң бирнешшеси жарадар болды. Дәўлетиярбек қапа болып бир төбениң башына келди. Ат үстинде чарчап турып еди. Көзи уйқыға кетти. Бир топар қойды бир бөлек қашқыр келип қуўып, қойлар қачып атырған ўақта бир адам келип, қой баққан чопанды тутып алды. Ол адам Дәўлетиярды чақырды. Дәўлетияр келип салам берди. Ол Дәўлетиярбекке бир қуш берди. Дәўлетияр қараса, қуштың аяғында алтмыш үч баўы бар. Дәўлетияр хайран болып сорады. Анда ол адам айтты:

-Әй, Дәўлетиярбек, билгил ўә әгаҳ бол. Қой сениң жигитлериң, қашқыр — Иран ләшкери деди. -Сен болсаң чопан, бул қуш сениң ийманың, аяғындағы алтмыш үч баўы пайғамбар жашы,-деди. -Ҳәзир қолға түшесен, бирнешшелерди чапқаның учун үч жыл зинданға гирипдар боласаң,-деди.

Дәўлетиярбек сескенип оянып кетти. Қараса, жигитлери ҳәр тәрепке қачып кеткен екен. Дәўлетиярбек қылычын қолға алып, қәҳәр билен душманға урыш салды. Қырғын урышлардан соң ортада жалғыз қалған Дәўлетиярды Иран ләшкери қоршап алып, аты билен өзин тирилей қолға түширди. Дәўлетияр тумлы-тушынан зақымдар болды. Иран ләшкери Дәўлетиярбекти алдына салып Иранға алып қайтты. Неше күнлер жол жүрип, патшасына саўғат қылды. Патша Дәўлетиярдан бир неше кәлима сөз сорады. Дәўлетиярбек жаўап бермеди. Патша ҳәмир қылды, зинданға салды. Дәўлетиярдың қырқ жигити елине қайттылар.

Ендиги сөзди Дәўлетиярдың анасынан ешитиң. Анасы Ертуўған бир кече түш көрип, келини билен қызына жорытып, бир сөз деп, баласын аллаға тапшырдым деди:

— Йаратқан жаббарым пәрўардигарым,
Мен бүгин жалғызым саңа тапшырдым.
Халық етип жараттың әўелден жаным,
Көзимнин раўшанын саңа тапшырдым.

Өмиримнин қуўаты, диним хаяты,
Бир ерден көргеним жалғыз зүряды,
Баш жолдашы минген Сарқуш ғыйраты,
Арысланы-шеримди саңа тапшырдым.

Аты жоқ жанында, зейнин бош көрдим,
Башын алып турған қара қуш көрдим,
Хәрне бәле болса өзиме жорыдым,
Шийрин зибанымды саңа тапшырдым.

Бир әжеп саўда бар, балам, башында,
Хақтан өзге хечкимлер жоқ қашында,
Балам быйыл әйне отыз жашында,
Кеўил гүлзарымды саңа тапшырдым.

Бир начар бендемен жолында зағыйып,
Жалғызым әйлеме көзимнен ғайып,
Жигит өлип кетсе дәўлетим тайып,
Кеўил мурадымды саңа тапшырдым.

Хәр күри ертеден жаныма келип,
Қолларын қаўшырып саламын берип,
Не йерде отырып, не ерде турып,
Учырдым шуңқарым, саңа тапсырдым.

Әлқысса, арадан бирнече күн өтти. Дәўлетиярбектин жигитлери аман-есен елине жетти. Дәўлетиярдың қарындашы ағасын сорап, жигитлерге қарап бир сөз деди:

— Әреби атлы ғош жигитлер,
Менин ағам қайда қалды?
Жолдаш болып кеткен жанлар,
Жолбасчыныз қайда қалды?

Жаў-жараклы, темир тонлы,
Ат-жарақ, әсбаплы-шайлы,
Урышта йүзмыңға тайлы,
Менин ағам қайда қалды?

Саўаш күни Хайдар киби,
Хәм Мәлики әждар киби,
Рүстеми, Искандар киби,
Ағажаным қайда қалды?

Келер айлар, өтер жыллар,
Көп йығлаған бир күн күлер,
Бир күн туўған бир күн өлер,
Айтың, ағам қайда қалды?

Қайғысы жоктур сәринде,
Қәдири жоқ өз елинде,
Қарасы жоқ хақ кеўлинде,
Менин ағам қайда қалды?

Тири болса, үмитим бар,
Хаятдур, көрсетсе жаббар,
Көрмеге болдым интизар,
Ағам менин қайда қалды?

Ақылжан ақылын шашырды,
Достын душманнан жашырды,
Суңқарым қолдан учырды,
Айтың, ағам қайда қалды?

Әлқысса, бул сөзден соң Дәўлетиярдың хаялы Сәрўи қараман жүзлерин жыртып, баўырын қан етип, көз жасын көл-дәрья қылып, қалыў себеплерин сорап, бир сөз деди:

— Буннан кешкен боз шуңқарым,
Ағалар, сиз көрдиңлер ме?
Чөл жерлерде ақ маралым,
Ғош жигитлер, билдиңлер ме?

Өрдегим көллерден учырдым,
Ақыл-хуўшымды шашырдым,
Жанған отымды өчирдим,
Жанымды сиз көрдиңлер ме?

Дәрбентти кәпир алғанды,
Алла дейип ат салғанды,
Ат сүринип жығылғанды,
Досларым, сиз көрдиңлер ме?

Урышты ма, талашты ма,
Яки бәленттен учты ма,
Өлди ме, тири түшти ме,
Сизлер оны көрдиңлер ме?

Нечук келдиңиз уялмай,
Мәрт жигитлер жаўға салмай,
Ат жығылып, адам өлмей,
Дәўлетиярды бердиңлер ме?

Әлқысса, жигитлер Дәўлетиярбектиң қалғанын айтты, «өлгенин көргенимиз жоқ» деди.

Ал ендиги сөзди бәнде болып түшкен Дәўлетиярдан ешитиңлер. Нече жыллар зинданда жатты, зиндан қысыўмети хәм жанына батты. Бир күни Дәўлетиярға зинданбашы аўқат алып келе алмай, бир иши болды. Ол үйиндеги қызына «балам, зинданда жатқан бәндеге сен бүгин аўқат апарып бер» деп тапшырды. Қыз аш қылып, гүзеге салып зинданға апарды, Дәўлетиярға узатты. Дәўлетияр қараса, бир қыз келип тур екен. Дәўлетиярбек қызға қарап бир сөз деди:

— Мен нәйлейин бундай ўақты,
Бир дилбардың дад әлинен,
Бәнделикте бул қысметте,
Дад әлиңнен, дад қолыңнан.

Гөззаллардың шаҳымысан,
Шамсиқумар маҳамысан,
Қызлардың пашшайымысан,
Дад әлиңнен, дад қолыңнан.

Гүлдей дөнеди жүзгенен,
Жанымды алды көзгенен,
Өртеди шийрин сөзгенен,
Дад әлиңнен, дад қолыңнан.

Дәўлетияр дер, интизарым,
Қолдан кетип ықтыярым,
Әрман билен қалды ярым,
Дад әлиңнен, дад қолыңнан.

Әлқысса бул сөз айтылып болған соң қыз үйине қайтып кетти. Бәҳәр болып, қушлар узақтан келип атырған ўақ еди. Бир топар тырналар Дәўлетияр жатқан зинданды айналып учар еди. Дәўлетияр туўған жерин сағынып, кеўли қамығып, тырналарға қарап бир сөз деди:

— Қатарлашып тизилишкен тырналар,
Тырнам, салам жеткер бизиң еллере,
Айланып дүньяны еткен сайранлар,
Барсаң салам жеткер бизиң еллере.

Билменем, не болды анамның ҳалы,
Қартайғанда қандай болды аўҳалы,
Көзи яшларының көпти обалы,
Салам жеткер барсаң бизиң еллере.

Ағам дейип йығлап жалғыз начарым,
Арзыў әйлеп алған сүйикли ярым,
Мен болып айтагөр ҳалы-аҳўалым,
Барсаң салам жеткер бизиң еллере.

Неше айлар, неше жыллар мен мунда,
Үстимнен өтесең дамудам жылда,
Дәўлетиярда йүз мың әндийше жанда,
Барсаң салам жеткер бизиң еллере.

Әлқысса, бул сөзден соң тырналар жерге түшти. Дәўлетияр яне тырналарға қарап бир сөз деди:

— Тырнам тәңри учун мениң саламым,
Муннан кетегөргил, енди турмағыл,
Пайғамбар ҳаққы учун қуданы билсең,
Айналмағыл енди, тырнам, турмағыл.

Кимсе мылтық атар, кими жай тутар,
Қушларды салыўчы аўчылар жетер,
Мен себепли сизиң башыңыз кетер,
Кетегөргил тырна, енди турмағыл.

Тез, айналмай, учып чыққыл ҳаўаға,
Бәлентленип көтерилгил самаға,
Гөшлеринди пайлашарлар обаға,
Кетегөргил, жаным, енди турмағыл.

Ҳешбир жан көрген жоқ хабарың сизи,
Қушларны қутқармас, қуўды ҳәм ғазы,
Алғыр лачын, шуңқар, ийтелги, тазы,
Аман қоймас, сизди алар, турмағыл.

Дәўлетияр дер, арыз-ҳалым сизлере,
Муннан учып кетиң бизиң еллере,
Жығаларың алып берер қызлары,
Кетегөргил, тырнам, енди турмағыл.

Әлқысса, бул сөзден соң тырналар учып кеттилер. Ендиги сөзди ешитиң. Хорезм журтында Дәўлетиярдың әкеси Ешмурат найыптың бир ашнасы бар еди. Оның баласын Ҳәбитбек дер еди. Атасынан Дәўлетиярдың Иран журтына бәнде болып түшкенин ешитти. — Әй, балам Ҳәбитжан, мениң ашнам Ешмурат уғлы бәнде болып Иранға барыпты. Сен шуған аш-нан, сарпай елтип бер,—деди. Анда Ҳәбийтбек түрли инамлар алып, түйеге артып Иран журтына кетти. Неше күнлер жол жүрип Иранға келди. Патшадан рухсат алып зинданға келди. Алып келген затларын узатты. Дәўлетиярбек аўҳал сорады. Ҳәбийтбек: ?Хорезмдеги атаңның ашнасының уғлыман, атымды Ҳәбитбек деп атайды,-деди. Анда Дәўлетиярбек Ҳәбитбекке миннетдарлық билдирип, бир сөз деди:

— Неше жыллар жатар едим занданда,
Бүгин бизни келип көрдиң Ҳәбитбек,
Азап билен биз қалыппыз ҳижранда,
Мениң ғәрип ҳалым сордың Ҳәбитбек.

Муханнес бир мәрттиң қәдирини билмес,
Адам мудам жылап, гә мудам күлмес,
Туўғаным, жақшылық хеч жерде қалмас,
Атың, тоның мойнымызда Ҳәбитбек.

Яратқан яр болып қутылсам муннан,
Мал-жаным аяман, туўғаным, сеннен,
Досларым аўдарды йүзлерин меннен,
Пәлекниң гәрдиши бизге Ҳәбитбек.

Дәўлетияр дер, ер басына иш түшер,
Яхшы күнде яман башынан шашар,
Урышқа кирмейин майданнан қачар,
Мәртке майдан келсе қәне Ҳәбитбек.

Әлкысса, Дәўлетияр Хәбийтбек билен хошлашып калды. Бир күни Дәўлетиярбектиң уйқысы келмей, ядына түрли аўҳаллар түшип, пирлеринен истанат тилеп зар-зар йығлап, бир сөз деди:

— Хақ досты Хәбийби Расул Мустапа,
Бизге бир мәдет бер, койма бу зара,
Қайғыда калмышам, чекмишам жапа,
Бизге бир мәдет ет, койма бу зара.

Пирим Шайхы Жалил, я Ўәйис ата,
Не яман ишләрни кылыбман хата,
Хожахмет Яссаўий, я Ҳәким ата,
Бизга бир мәдет бер, койма бу зара.

Ахунбаба пайғамбарды көргенлер,
Баба Қамбар бизге мәдет бергенлер,
Гүнам көпдур, қолым туткыл еренлер,
Бизге бир мәдет бер, қойма бу зара.

Пәлекниң чарықы дөнер йүз әлўан,
Адам бир көрўандур, әжел бир сәрўан,
Хорезмде жаткан хәзирети Палўан,
Бизге бир мәдет бер, койма бу зара.

Дәўлетияр дер, пирим я Шаҳымардан,
Әбиў Мүслим билен Малики Аждан,
Асан-Үсен билен Жатары Имам,
Бизге бир мәдет бер, койма бу зара.

Әлкысса, Дәўлетиярбек еки көзи уйқыға кетти. Түшине бир нече адамлар кирип, көп нәсийхатлар берди. «Балам, капа болма, яне он күннен зинданнан чығарсаң» деген сөзди ешитип, қуўанғанынан уйкыдан оянып кетти. Анда Дәўлетярбек көрген адамларын бир-бир баян етип, нече жерден тымсал келтирип, бир сөз деди:

— Жатыр едим бир түш көрип ояндым,
Бир бөлек жәмәәт келди, яранлар.
Менин учын көзде яшларын төгип,
Бир сәат жанымда турды, яранлар.

Дедилер қайтадан гүнан арылды,
Мәртликтиң нышаны енди таныл ды,
Шадлығың көбейип, қайғың тарылды,
-Қутылдың зинданнан,-деди, яранлар.

Бир киши келибан айттылар керек,
Ол күннен зинданнан шығасаң сен деп,
Аны ким десалар хәзирети Чак-Чак,
Улығ пирлер бәри келди, яранлар.

Бирин дедиләр хәзирети Жәмий,
Мурат ҳасыл болан Махсуди Камий,
Хожахмет Яссаўий султаны Үббий,
Бирин Ҳәким ата деди, яранлар.

Бирини дедиләр хәзирети Палўан,
Бири Сейит ата дөнер йүз әлўан,
Бири Ахун баба қублайы Жаҳан,
Пирлерим жәм болып келди, яранлар.

Жалғыздың ярысаң жаратқан алла,
Сизге көп миннетдар болмыша молла,
Дәўлетияра мәдет берди иншалла,
Руҳий пирлерим келди, яранлар.

Әлқысса, бул сөзден соң зинданбашының қызы Ибраҳим хан қызына қыдырып барып, Дәўлетиярбектиң шайырлығын айтты. Патша кызы бир топар қызларды изине ертип, көп инамлар алып зинданға түширип, Дәўлетиярға қарап бир сөз деди.

Қызлар:
— Келипмиз сизни көрмеге,
Келиң мийман, танышалы,
Сизниң халыңызды билмеге,
Келдик бүгин, танышалы.

Дәўлетияр:
— Келсеңиз бизди көрмеге,
Сизлер билән көришмайман,
Гә яхшы дей, гәхи яман,
Сизлер билән танышмайман.

Қыз:
— Ҳәр кимниң бар опадары,
Кеўил кошқан кәдирданы,
Мен бир келин, кызлар ханы,
Келиң, бүгин танышалы.

Дәўлетияр:
— Қызылбашның қыз-жаўаны,
Кеўлинде бардур әрманы,
Ҳәркимниң бар жанажаны,
Сизлер билән танышмайман.

Қыз:
— Мәртниң башына иш түшер,
Нәмәртлара не иш түшер,
Бу күнлер де бизден кечер,
Келиң жан, бир танышалы.

Дәўлетияр:
— Ырзыман хәрне барына,
Сөз айтман хәрбир келина,
Бәндедурман мен елиңа,
Сизлер билән танышмайман.

Қыз:
— Хан қызы қашына келип,
Алма, гоз, шабдалы терип,
Инам әйлеп, сизге берип,
Мирәтим бар, көришәли

Әлкысса, инамларын зинданға ташлап қайтып кеттилер. Патша қызы зиндандағы бәнденің шайыр екенин патшаға айтты. Патша зинданбашыға Дәўлетиярбекти алып келиўди буйырды. Зинданбашы Дәўлетиярбекти зинданнан чықарып патшаға алып келди. Дәўлетиярбек индамай тура берди. Патша: —Әй, Дәўлетиярбек, нега сиз бизга салам бермейсиз?—деди. Дәўлетияр: —Сиз бизни үч жыл зиндана салдыңыз. Мен сизге не қылдым?—деди. Патша: —Әй, Дәўлетияр, сизиң елдин дәстүр жәмәәти қалай?—деди. Анда Дәўлетиярбек: —Бизга саз алдырып берин, саз хәм сөз билен елимди сизге таныштырайын,—деди. Патша саз алдырды. Дәўлетиярбек қолына саз тийген соң қыйлы-қыйлы қыялға дөнип. нече түрли нама чалып, елин тәрийплеп сөзин баслады:

— Тәрийп етсем, ханым, бизиң мәканды,
Көзиң көрсе әжеп еллерим бардур,
Бүлбил мәскан етер бағы-бакшасын,
Пардус, райхан атлы гүллерим бардур.

Хожасы, Сейити, Шайқы Исламы,
Шайқы Кубра, Мухтар, Аббазы Ўәлий,
Исми Мухмамметдур Үбби Султаны,
Ҳәзирети палўандай пирлерим бардур.

Ата-анамыздың гезген жерлери,
Отырықлы мәкан тутқан еллери,
Ат чаўып, құш салып өткен беглери,
Ийтиниң зәрбарақ жүнлери бардур.

Ләшкерлери бардур дәстеме-дәсте,
Юлдуз каби дерсең белинде писте,
Йүз туманды қарыж әйлеп мәжлисте,
Ҳатамтай Сары атлы беглери бардур.

Келер саўдагерлер хәр тәреп барып,
Ак-қызыл дүньяны нар, мая салып,
Мың туменни қайырына чықарып,
Бийесап дүньялы байлары бардур.

Улығ киши тамашаға шықарлар,
Дәрўаз ойнап, алтын қабақ атарлар,
Ат чаптырып, кәтта кураш тутарлар,
Мың туман байраклы тойлары бардур.

Не гөззал қызлары бадам қабақлы,
Мың түрли қылықлы, писте додақлы,
Лағлы маржан киби ачық дүрдақлы,
Қанттай әсал шийрин тиллери бардур.

Тағы көп тәжиги бийесап ханы,
Бир шәҳәрдиң өзи сексен мың саны,
Алты мың алты йүз боздақ дүканы,
Төрт мың мешит, бес мың тиллери бардур.

Хожалы халқы дер, егер шалыны,
Бийесап көпликтен билмес малыны,
Ғазлар учып, үйрек қонған көлини,
Бир йүз жигирма башлы үйлери бардур.

Сәхәр турған жанлар хақны излеген,
Туғры жүрип, туғры сөзни сөзлеген,
Тәсийн оқып, тәсийн сөзин гөзлеген,
Хақ жаратқан ғәрип пирлери бардур.

Қоңырат деген халқы күнде той болар.
Ата-бабасынан келген бай болар,
Аталыға көпти, ханы, бий болар,
Мәўиж урған дәрьясы, көллери бардур.

Зыяратқа барар Ҳәким атаға,
Нәзир, нияз берип, тилек айтмаға,
Султан Үббий пири Сайыт атаға,
Ықласлы, арзыўлы қуллары бардур.

Ала қайыш турман, бедеўли атлы,
Арыслан айбатлы, Рүстем сыпатлы,
Шарайна, дубылға, гүмиш саўытлы,
Ислам деп шабысқан шерлери бардур.

Дәрьяның бул жүзин маңғыт диярлар,
Атлас тоны, бәкир шекмен кийерләр,
Жорға минип, шикар чығып жүрерләр,
Алғыр лачын, шуңқар қушлары бардур.

Уўытлы шылбырын белине тақар,
Бийесап дүньясы жылқысын бақар,
Дамбалының хәр биринен тон чықар,
Қырқ шаңарақ қалпақ еллерим бардур.

Алты сан алаш дер, бийесап болар,
Шапқан атлы алты айда айланып барар,
Алай, Шулай деген тиллери де бар,
Ғунан, дөнен, тайдай қойлары бардур.

Шөп башын жер олар, хеш нанды билмес,
Өзинен башқаны хеш көзге илмес.
Бир батман май ичер, хеш көрдим демес,
Қурсағы сабадай бийлери бардур.

Қалғаны орысдур, қалмақ, шүршитдур,
Қорқмаслар хешкимнен, қорқыныш жоқдур,
Постыны екидур, тумағы төртдур,
Ат қылынан кийген тонлары бардур.

Диянаты өзгелерден — мусылман,
Некалы, некасыз болған көп инсан,
Атлары Қабанбай, Күшикбай, Тотан,
Сырғасы төрт қарыс қызлары бардур.

Сыркылып жыйналған сары көллери,
Теке яўмыт, Көклен, Асан беглери,
Исламның қуўаты, диниң шерлери,
Катарда шубырған ерлери бардур.

Емиранлы кылычы кара ташлысы,
Дәстурханда шөрек наны, ашлысы,
Ата халкы дәрўиш көзи жаслысы,
Өликти тирилткен жанлары бардур.

Патшасына десем әжеп шазада,
Шырўаны Әдилден көрсең зыяда,
Арыслан айбатлы, Рүстемзада,
Ҳәзирети Юсипбей жанлары бардур.

Дәўлетияр дер, хаслы жайым Қоңыратдур,
Гөруғлы, Юсиптен бөлки зыятдур,
Ығбалы жыракдур, талабы жатдур,
Жүрегинен шыкпас әрманы бардур.

Әлқысса патша: — «Бир күн дуз ишкенге кырқ күн салам» деген, үш жыл бизден тағам жедин. Жеген тағамыңның хаққы ушын сени Асайы-Мусайы менен айтыштырaман, — деди. Сол ўақ патша: — Буларға биз ешитмеген саздан чертиң, биз ешитмеген сөзден айтың, — деди. Анда Асайының саўал сорап, Дәўлетиярдың жуўап бергени.

Асайы:
— Бизиң билен танышыўшының алдында,
Бир жуўап сорайын муннан хабар бер,
Кимдур каранғыда, кимдур айдында,
Якшы пәҳим әйлеп андын хабар бер.

Дәўлетияр:
— Танышсаң майдандур халыкның алдында,
Бизден жаўап сорсаң хбар шундайды,
Сизлер қаранғыда биздер айдында,
Түшинсен бул сөзге, хабар шундайды.

Асайы:
— Нуў пайғамбар кайсы кемеде болды,
Ана сүтин Расул неге еммеди,
Не саҳаба, анын тили лал болды,
Шайыр болсаң бизге шуннан хабар бер.

Дәўлетияр:
— Нуў пайғамбар бир жыл кемеде калды,
Нурдан жаратылды ичине толды,
Жәбирайыл оқыды, тили лал болды,
Ҳәзирети Мусады, хабар шундайды.

Асайы:
— Ол недурким, аның қарнын жуўдылар,
Ол не екен, ичмей-жемей тойдылар,
Ол ким екен постын тири сойдылар,
Шайыр болсаң бизге шуннан хабар бер.

Дәўлетияр:
— Мухаммет Мустафа карнын жуўдылар,
Периштелер ичмей-жемей тойдылар,
Нәсиймаиын табанынан сойдылар,
Бизден жаўап сорсаң, хабар шундайды.

Асайы:
— Ол не кушдур, канат, пәрсиз учадур,
Тилинен не түрли гәўхар сачадур,
Билсәңиз ол кушның пәри нечедур,
Кәмил болсаң, бизге шуннан хабар бер.

Дәўлетияр:
— Кеўил кушы канат, пәрсиз учады,
Шарийхат, тарийкат дүрлер сачады,
Әжел келсе кепиниңди пичәди,
Әжел бир саядур, жаўап шундайды.

Асайы:
— Ол не екен, көктен жерге қонмады,
Ол не екен, ырас сөзи болмады,
Ол не бағдур, өз ийеси көрмеди,
Шайыр болсаң, бизге шуннан хабар бер.

Дәўлетияр:
— Тахты макбул көктен жерге қонмады,
Шайтанлардың ырас сөзи болмады,
Шәддат жапа чекип, бағын көрмеди,
Бизден саўал сорсаң, хабар шундайды.

Асайы:
— Асайы дер хәргиз болмас асасы,
Не зүлматдур, хәргиз болмас саясы,
Ол не кушдур, үч йүз алтмыш уясы,
Жасады бир, исми бештен хабар бер.

Дәўлетияр:
— Дәўлетияр дер, шайтан болар асасың,
Кәпир бир зулматдур, болар саясыз,
Жыл бир кушдур, үч йүз атмыш күн уясы,
Беш ўақ намаз, билсең хабар шундайды.

Әлқысса, патша айтты: — Енди Дәўлетияр саўал берсин, Асайы жуўап берсин, — деди. Шул ўақта Дәўлетярбек сазын қолына алып саўал сорады. Асайы жуўап берди.

Дәўлетияр:
— Ол паслы әлемди карам әйлейип,
Үстиңнен жол салып отыр өзбеклер,
Белеў минип беглер майдана кирип,
Ханы, беглериңди тутар өзбеклер.

Әлқысса, Дәўлетиярбек халық билән көришип, аманлашып, сазын қолға алып, бир сөз деди:

— Биз кеткели нече күнлер өтипти,
Туўып-өскен ели-күним аманмы?
Пәлектиң зулымы башқа түшипти,
Бирге жүрген теңи-дашым аманмы?

Лалазар ичинде чәманлар ойнап,
Сейилгаққа чығып тамаша әйлеп,
Бизиң билән заўқы-сапалар ойнап,
Қатар жүрген яры-дослар аманмы?

Аллаяр алланың ҳүкмин питирмиш,
Пәлек ҳәсирет, не залымлар келтирмиш,
Дәўлетиярбек бошқа өмирин өткермиш,
Ақ сүт берген кәбам анам аманмы?

Дәўлетияр айралықта қудаға жалбарынып, көрген азапларын еске түширип, бир-бир баян қылды:

— Ғам ләшкери келди қоршап жаныма,
Сен кәрамсаң, мени мүтәж әйлеме,
Йүз әндийше, қайғы-ғулпет башымда,
Өзиннен өзгеге мүтәж әйлеме.

Ғардашым, тең-душым, ел-күним билән,
Сырдашым, бир башым, мен сениң билән,
Ғулпетли, қайғылы көз яшым билән,
Кәрамсаң, Рәҳимсаң, мүтәж әйлеме.

Жоқ жерден жараттың қудиретиң билән,
Ғардашым, туўғаным бир сениң билән,
Өмирим өтер мениң ел-күним билән,
Жаббарсаң, Рахимсаң, мүтәж әйлеме.

Қайғы-ғамнан төктим көзимниң жашын,
Жигитлик мәўсимин кечирди башым,
Өзиннен өзгеге түшмесин ишим,
Ҳәр ғайры-кимсеге мүтәж әйлеме.

Ғош жигиттиң иши чепке алмасын,
Бойын сынап бир нәмәртке бармасын,
Нәмәрттиң жүзине көзин салмасын,
Мәртни бир нәмәртке мүтәж әйлеме.

Дәўлетияр дер, мениң достым мәрт болсын,
Дәўлети башында мудамы турсын,
туўған ел, туўған журт бирликте болсын,
Бир көзим бир көзге мүтәж әйлеме.

Дәўлетияр өлген баласы Аллаярды ядына алып, қудаға шүкир қылып, бир сөз деди:

— Сыйындым мен сизге мың шүкир етип,
Кәрамсаң, Рахимсаң, жаратқан алла,
Хатаға түшмишәм ҳақ жолдан кетип,
Туба ыстыпарын халық еткен алла.

Нәпси шайтан мени жолдан азғырып,
Башыма не залым ишни келтирип,
Айралық отыны жаннан өткерип,
Таянышым, мени халқ еткен алла.

Билмедим, қысметим, ығбалым йырақ,
Ол меннен айырса йырақтан йырақ,
Гүнаҳым есапсыз, тағдан уллырақ,
Шүкирим көп мениң жаратқан алла.

Дәўлетияр дер, мениндағы пырағым,
Кетипдур ҳимматым, аты-ярағым,
Кетипдур ийманым, нуры чырағым,
Жеткердиң елиме сен башлап алла.

Әлқысса, Дәўлетиярбек жыйналған халықларға басынан кечирген ишлерин айтып бир-бир баян етип, бир сөз деди:

—Пәлек бизни айралыққа салыпдур,
Осал қайсы, хижран қайсы, билменәм,
Ығбал нышаналы ғайры дөнип тур,
Пайда қайсы, зыян қайсы, билменәм.

Рахыптың шиддәти қанға жетипдур,
Енди бастан ашып, жанға өтипдур,
Дослардан шәпәәт деген кетипдур,
Яқшы қайсы, яман қайсы, билменәм.

Ол меннен қалмаған, мен оннан қалмас,
Саўашта мухәннес майдана бармас,
Мәртлер ар сақласа хештеңе болмас,
Нәмәрттиң ығбалын билә билмәдим.

Майдан ичрә Рүстем киби айбаты,
Шер пилдиң қудирети, Арыслан сыпаты,
Қарындаш ел-күнниң иззет-ҳүрмети,
Болай дедим, анча бола билмәдим.

Көңлимди бағладым жорға ат билә,
Соны қайыр болсын, ығбалым қара,
Аларнын сөзине инанман сирә,
Сизиң не қайғыңыз, билә билмәдим.

Душманым өлтирдим Сарқуш ат учун,
Қылыч урдым дослар учун, жат учун,
Дәўлетияр дер, беш күн аманат учун,
Нәмәрттин тоныны кийе билмәдим.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

20-том



# ЕР ҚОСАЙ

Қурбанбай жыраў Тәжибаев варианты

*Жазып алғанлар: Шәмшет Хожаниязов, Сәдирбай Мәўленов*
*(1939-жыл)*



Бурынғы әййем заманда,
Он мын үйли ноғайдын,
Ар-сар болған ўағында,
Ноғайдың азлаў күнинде,
Қалмаклардын көбинде,
Қалмаклардың Баянлы,
Шыран деген шәхринде,
Қалмаклының патшасы,
Тоқтаполат ханы еди,
Ноғайлыны олжа етип,
Қызын жесир-тул етип,
Улын жумсап қул етип,
Малында бийлик қоймай,
Ноғайлының еллери,
Тоқтаполат патшанын,
Қысқысына шыдамай,
Хорезм елиниң шетине,
Бир қаланы салады,
Бул қаланың атларын,
Енбекшил деп қояды,
Аршахан деген арасынан,
Ноғайлылар ел болып,
Бир патшаны сайлайды.
Сол ноғайдың ишинен,
Ай Көкше хәм Күн Көкше,
Тағы бири Ер Көкше,
Буныңдай батыр дер еди,
Бул ноғайдың елинде,
Бул батырлар бар еди.

Қалмақтың ханы Абахан бул хан менен урысып, Ай Көкше, Күн Көкше өлип, ноғайдан Ер Көкшеге жәрдем келмей, Аршахан патшасынын алдына барып бир сөз айтты:

— Жылап келдим мен алдыңа зар-зар,
Үзилипти тулпарымнан қос тумар,
Мен айырылдым еки бирдей султаннан,
Мен жалғыздың сизге айтар арзы бар.

Ағайиним султан еди Ер Қуўат,
Ерте өлип, душпан кеўли болды шад,
Берсениз қасыма мениң көп әскер,
Басыңнан кетпесин бақ пенен дәўлет.

Абахан залымға болғанман қандар,
Биз бармасақ журтыңды алар залымлар,
Аз ноғайды талаў қылып ол қалмақ,
Қолымыздан кетер барлық дүнья-мал.

Дәўлери бар сол залымның Қабланлы,
Айбатына титиретер тири жанды,
Еки ағамды зар жылатып өлтирди,
Сорап келдим, патша, сеннен жәрдемди.

Ғайраттан сақладым ели-шәхриңди,
Солдырғанды еки ағамның гүлини,
Қарыў-қолым болса мениң қасымда,
Саўаш қылып тарқатайын хәўирди.

Ызғытайын қалмақ дүнья-малларын,
Қайғырмайын патшасының жанларын,
Әрман менен келдим сениң алдыңа,
Еки мың әскер бер, күшейсин халым.

Сонда турып бул Аршахан сөйледи,
Сөйлей берип Ер Көкшеге не деди:

— Сайлап алың тулпарымнан сен атты,
Асынагөр қарыў менен жарақты,
Қайтармайман ғош жигиттиң кеўлини,
Бахтым келсе, ўайран қылың қалмақты,
Билгенлерге батыр жаўға айбатты.
Жылап қылдың, балам, маған арзы-зар,
Аз ноғайдан ғош жигитти сайлап ал,
Келсе қалмақ талаў етер елимди,
Барғыл, балам, кетер болсаң аллияр.

Ағызбасын келип көзимнен жасты,
Қолдан келсе берегөрме намысты,
Руқсатым сол саған, батыр Ер Көкше,
Сайлап алың ноғайлыдан сен күшти.

Келегойса үстиңизге Абахан,
Пақыр елди қылар ол залым ўайран,
Қараўлап жүр аз ноғайдың еллерин,
Өзиң сақла ғайрат пенен қалмақтан,—

Дейип патша күледи,
Көп ноғайдың ишинен,
Бес жүз әскер береди,
Басшы болып Ер Көкше,
Алдында оның жүреди,
Ноғайдан ары шығарда,
Ордасына келеди,
Жигитлерге ол қарап,
Ер Көкше сөйлей береди:

— Айтар саған арзым бар,
Жолдас қылды Аршахан,
Сизлерди маған миясар,
Сеннен, ноғай, тилегим,
Аттың басын тартсаңыз,
Азғантай сорар арзым бар.
Батыр өлген күнинде,
Талаў болар дүнья-мал,
Аўыл-елге бас болған,
Қумар көзин жас қылған,
Тал жипектей өсилген,
Жас күнимнен қосылған,
Әлеўше сулыў ярым бар,
Хошласып буннан кетейин,
Берсениз руқсат, ноғайлар.

Әкем менен қас болған,
Ақыр-түби дос болған,
Мал-дүньяның ийеси,
Арысландай күши бар,
Алпыс үште жасы бар,
Мал-дүньяның ийеси,
Қодар деген бабам бар,
Оннан руқсат алайын,
Жуўап берсең, ноғайлар.
Кейнимдеги айбатым,
Бул дүньяда дәўлетим,
Өзимнен өнген зүриядым,
Айналайын андызым,
Төбемдеги жулдызым,
Алтын айдар басында,
Өзи он еки жасында,
Ер Қосайдай балам бар,
Ол баламды көрейин,
Келмек жоқты бул жолдан,
Нәсийхатым берейин,
Маңлайынан сүйейин,
Дүньяны талақ етейин,
Жалғаншының барынан,
Енди шу күн кешейин,
Бахытым келсе, беглерим,
Ноғайға хызмет етейин,
Ағамның қанын алайын,
Халқыма пана болайын, —
Деп бир сөйлеп турады,
«Қалай көрдиң буны?» деп,
Жигитлерге қарады.

Ноғайлар сонда сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Күшиң болса Ер Көкше,
Жаўдан арды аларсыз,
Үйиңе барып сен хәзир,
Мәзи-майрам қыларсыз,
Бизлер жүре берейик,
Сизиң атлар тулпар ғой,
Кейнимизден бараpсыз.

Тағы да айтты ноғайлар:

— Сениң менен атланғалы болдық шад,
Батыр болар ели-халқына айбат,
Үйге бармақ бурынғыдан муразды,
Ғош жигиттиң жолларына яқшыды,
Тулпарыңнан, батыр Көкше, түспей қайт,

Қара әскер сүйенеди батырға,
Ғош жигиттиң өзи жүрер бахтына,
Муннан барсаң егленбегил қатыңға,
Тилегимиз, барағойсаң тезден қайт.
Бул сөзлерди айтқанда,
Астындағы тулпарға,
Батыр туўған Ер Көкше,
Ашытып қамшы урады,
Көзгенеңнен жәниўар,
Жер табанлап барады,
Зәңгиликке қарады,
Сары ала тулпар жәниўар,
Омыраўынан тер шығады,
Көргенниң ақылын алады,
Күнлер сәске болғанда,
Шаңырағы дәнданнан,
Алтыннан қурған ақ орда,
Жарқырап жақын көринди.
Жақынласып барғанда,
Алтын-гүмис тағынып,
Көргенниң ақылын алып,
Адымын бир-бир басып,
Көзин сүзип, қасын қағып,
Ақ отаўды айланып,
Ғаздай болып таранып,
Әлеўшедей алғаны,
Қағып төсек салғаны,
Батырға енди қарады,
Еки бирдей бүгилип,
Сәлем берип турады,
Ат дизгинге келеди,
Ат дизгинин тутайын деп,
Қолын сермеген ўақтында,
Мәрт Ер Көкше сөйледи,
Ярына қарап не деди:

— Әй алғаным, алғаным,
Қағып төсек салғаным,
Халқым дейип, қостарым,
Пидә болды бул жаным.
Еки ағамнан айрылдым,
Қос қанаттан қайрылдым,
Қалмаққа бердим жанымды,
Талан қылдым малымды,
Бахтым келсе, сәўдигим,
Алсам деген кеўлимде,
Абаханнан қанымды,
Жалғыз жаным тарылды,
Аршахандай ноғайдан,
Алдым күшти, қуралды.
Дүньялық болып бул зиндан,
Әй, алғаным Әлеўше,
Аз ноғайлар елинен,
Қарыў алып бараман,
Қайысар енди қалмаққа,
Тутпа мениң атымды,
Қодар деген бабама,
Сәлем айтың бизлерден,
Айналайын ерменим,
Көз-қуўатым, дәрменим,
Ер Қосайдай перзентим,

Сәлем дейгәр балама,
Мени көрсе перзентим,
Жылап қалар зар-зар,
Дүнья маған тар болар,
Мен бараман қалмаққа,
Еглеңбейди ноғайлар, —
Дейип сөйлей береди.

Анда яры Әлеўше қара шашын жайып, Ер Көкшеге қарап, көрмеңиз деп айып, бир сөз айтты:

– Көрдим-билдим бул дүньяның паянын,
Намыс деп төгерсең дүньяда қанын,
Аңымбайдай қайсар сениң қудаң бар,
Көңли тоқты алты уллы ол залым,
Қалағойсаң сен қалмақта қан жаўып,
Берермекен келинимди ол залым.
Айбатына титиресин қалмақлар,
Сен кеткенде атам деп балаң зар жылар,
Тири жүрсең сенсең мениң айбатым,
Сондай жағдай, сондай мениң қайғым бар.
Аман барып, саў келгейсең султаным,
Саў күнинде кетсин бастан қайғы-зар.
Айрылмасын басыңыздан енди бақ,
Барсаң, батыр, сени енди көрмек жоқ.
Хабар алғын сен енди,
Хабар алып сен келгил.

Дейип енди қалғанда,
Ер Көкше атқа минеди,
Астындағы тулпары,
Жулдыздайын ағады,
Сақтыяндай қапақлы,
Қысыр жылан қурсақлы,
Қайтпай енди жәниўар,
Ура берди туяқты,
Қуўып жетип әскерге,
Енди кетип барады,
Бес күн тамам жол жүрди,
Алтыланшы күнинде,
Қанлы өзектиң алдында,
Әскерлерге сөйледи:

– Бул күнбеди басымызда кемлик тар,
Мендей мәрттиң сизге айтар арзы бар,
Қанлы өзектен барып хабар алайын,
Абаханның Қабланлыдай дәўи бар.

Мен көргенмен Қабланлының күшини,
Көрегине жейди адам гөшини,
Хийле менен ол залымды алмасақ,
Қанлы өзекте қан сасытып лашыны.

Талаў қылдым мен дүньяның барыны,
Халқым дейип пидә қылдым жанымды,
Ат отлатып дем ала бер, ноғайлар,
Билейин залымның барып халыны.
– Әй, Ер Көкше, Ер Көкше,
Ат отына жем берип,
Дем алайық бул кеше,
Ат көтерген арыслансаң,
Билсең қалмақ халыны,
Қалмақлының халынан,

Батыр туўған Ер Көкше,
Тулпарына минеди,
Қанлы өзекке жөнеди,
Күн батардың алдында,
Суўғарса атын булақтан,
«Айда» деген бир даўыс,
«Қайда» деген бир даўыс,
«Сасып жүрген ноғай болса,
Байла» деген бир даўыс,
Еки атлы қалмақ келеди,
Батыр туўған Ер Көкше,
Жән-жағына қарады,
Сары жайды қолға алады,
Келатқан қос қалмаққа,
Байлап тартып қалады,
Аттан енди қосағына,
Қалмақ енди қулады,
Екеўини өлтирип,
Атларын тутып байлады,
Бул бир кеше жатады,
Ертеңги таңлар атады,
Қалмақлының атларын,
Байлап таслап кетеди,
Қалмақлының ендиги,
Қанлы өзек деген дәрбентке,
Шаққан ўақта жетеди.
Сығалай берип қараса,
Бул дәрбентте Ер Көкше,
Қабланлы деген дәўлери,
Қарағай найза қалтырап,
Алтын жыға жалтырап,
Сақалыны ол залым,
Хинжи менен торлаған,
Қара майы қан сасып,
Аўзы-мурнын түк басып,
Қоса бир сырнай тарттырып,
Зәнбиректи аттырып,
Он төрт жүз әскер алдында,
Он төрт жүз әскер кейнинде,
Жығасы ханды қыйнатып,
Әскерлерди ойнатып,
Жүрген екен Қабланлы.
Мунда көрип Ер Көкше
Ат басыны тартады,
Қалмақларды ол көрип,
Еки атты қолға алып,
Кейнине ғырра қайтады,

Еки бирдей тулпарды,
Жетегине алады,
Шаңғытып батыр барады,
Әйне сәске ўақтында,
Жайпап жаткан көп ноғай,
Үстине батыр барғанда,
Хәммеси өрре турады,
Алдына келип батырдың,
Жөн-жосақты сорады:
— Талаў қылып келипсиз,
Қалмаклының сен малын,
Қуўандырып досларын,
Жетелепсең тулпарын,
Батыр туўған Ер Көкше,
Айтқыл бизге хабарын.

Сонда Көкше сөйледи,
Сөйлей берип не деди:
— Бардым калмақ елине,
Солғын еткен гүлини,
Тири адам көрмедим,
Қалмаклының шәхәринде,
Ол калмақтың елинде,
Бизге берип енди бақ,

Қатыннан басқа адам жоқ,
Айралығын салыпты,
Суўханына қаныпты,
Бир хан менен урысып,
Еркеги қырылып қалыпты,
Қалмаклының еллери,
Бәри қатын болыпты.
Қорксаңызлар қаласаң,
Қоркпағаның калмақтан,
Арыў сүйип аласаң,
Қатыннан басқа адам жоқ,
Қатынларды сен алып,
Ноғайлының елине,
Олжалы болып барасаң.

Анда енди ноғайлар,
Бизди ертип келди деп,
Қатыны жоқ саяғы,
Қудай қайдан берди деп,
Ноғайлылар шад болып,
Атларына минеди,
Шийрин жанды қыйнады,
Ақшамы-күндиз айдады,
Жолды баслап Ер Көкше.

Қалмақтың әскерининң аржағына өткерип, бир таўдың үстине шығарып, әскерлерди көрсетти ноғайға. Ноғай сонда Көкшеге қарап бир жуўап айтады:

— Ойын менен бизлер шықтық ғазатқа,
Алып келип, аға, салдың дузакқа,
Қутылмақ жоқ бул қалмақтан, Ер Көкше,
Аз ноғайдың бүгин күни қарапты.

Өтирик сөйлеп, суўсылдатып тилиңди,
Солдырғансаң аз ноғайдың гүлини,
Қашарыма жоқты енди бир пана,
Байлап бердиң көп душпанға қолымды.

Ханлар өлсе зая қалар алтын тақ,
Айрылмасын, батыр, бастан дәўлет-бақ,
Бул қалмаққа қалай хийле қыламыз,
Хәй, жоралар, улы-қызды көрмек жоқ.

Кеўил берип Ер Көкшеси сөйледи,
Ноғайлыға батыр бол деп не деди:
— Астына мингениң ушқыр бир тулпар,
Қатын киби шекпе, ноғай, қайғы-зар,
Қайтпай урың көп қалмақтың тобына,
Нәмәрт болмай, ғайрат салың, ноғайлар.

Ўақтың жетсе солар енди бир күн гүл,
Азбан дейип буздырмағыл сен кеўил,
Қайғым жоқдур бул қалмақтан, жигитлер,
Қыларммыз қалмақты ат қойсақ себил.

Бул гәплерди айтқанда,
Батыр туўған Ер Көкше,

Ноғайлылар берк болды,
Жүрегини берк қылып,
Қалмаққа атты қояды,
Аллалап шаўқым салады,
Сол ўақлары болғанда,
Қалмаклының әскери,
Қәхәрленип шақырып,
Қабланлыдай бул залым,
Нардай болып ақырып,
Қалмақ та атты қояды,
Ноғай да атты қояды,
Апыр-тапыр болады,
Батыр туўған Ер Көкше,
Шийрин жанды қыйнады,
Астындағы тулпары,
Суўлық шайнап ойнады,
Атаңа нәлет Қабланның,
Еки көзи жайнады,
Әрўағы басым келгенсоң,
Ер Көкшедей батырдың,
Қабланлыдай ол залым,
Қашарыны ойлады.
Қашарын батыр биледи,
Ер Көкшедей арыслан,
Билекке күшти үйеди,
Қарағай найза қолында,
Жаўырнына залымның,
Ашыў менен түйреди,
Найзаны тартып аларда,

Жан-жағына қарады,
Ағамыз енди өлгенше,
Бизлер өлейик енди деп,
Ер Көкшени калмаклар,
Ортаға енди алады,
Көкше деген бул батыр,
Көп душпанның ишинде,
Жалғыз өзи қалады.
Ноғайларды қарасаң,
Батырға өлим оңай деп,
Қашпақ бизге қолай деп,
Қалса қалсын Көкше деп,
Ноғайлылар сасады,
Енбекши қала қайда деп,
Алқалап ноғай қашады,
Көргенниң ақлын алады,
Ер Көкшедей батырың,
Жаў ишинде қалады,
Ортасында қалғанда,
Найзаны тартып алғанша,
Залым мойнын бурады,
Қабланлыны шанышты деп,
Он төрт мерген Көкшени,
Оқ пенен байлап атады,
Батыр халдан кетеди,
Жалғызлығын биледи,
Бир тәңир деп жылады,
Лашым жаўда қалмасын деп,
Атқа қамшы урады,
Қабланлы деген дәўлери,
Жарадар болып қалады,
Батыр туўған Ер Көкше,
Он төрт жерден оқ тийип,
Атқа қамшы салады,
Жеткенине түйреди,
Алдына жығылар болса,
Астындағы тулпары,
Жалы менен сүйеди,
Кейнине жығылар болса,
Қуйрығы менен сүйеди,
Күнлер сәске болғанда,
Қашып кеткен әскердиң,
Кейнинен жетип барады,
Қызыл қанға боялып,
Келатқанын көп ноғай,
Сол ўақтында биледи,
Атты тутайын десе,
Астындағы тулпары,
Аўармайды жанына,
Хәр мезгилде киснеди,
Алып қашып ийесин,
«Бес мазар» деген жайларға,
Ай Көкше қалған жерлерге,
Астындағы тулпары,
Жараланған батырды,
Әстерек ғана таслады.

Ийесин таслап кете алмай,
Дөгерегин айналып,
Шыңғырып киснеп береди,
Келатырған ноғайлар,
Ат даўысын биледи,
— Тири болса Ер Көкше,
Муны алып кетели,
Өлген болса Ер Көкше,
Үстине қәбир етели, —
Деп бир ноғай айдады,
Нардай ыңыранған батырды,
«Бес мазар»да көреди,
Химаят болған ноғайды,
Көрип енди Ер Көкше,
Қостарым деп сол ўақта,
Бир-еки аўыз сөйледи:

— Қалмақтан қаным алсам деп,
Шыламады қарарым,
Ырза болың ел меннен,
Қыдырып келген ноғайлар,
Қанлар сасыған сүйегим,
Ыразыман сенлерден,
Қабыл болсын тилегиң,
Батыр едим, қыранлар,
Изимде қалды дүнья-мал,
Мен бир сеннен айрылдым,
Сүйегим излеп келгенлер,
Ыразы болғын, ағалар.
Толғанып өтер ширин жан,
Муннан барсаң еллерге,
Кәўендер болсаң халқыма,
Қорланбассаң, ноғайлы,
Елимди сораған Ақшахан,
Сүйегим излеп келгенлер,
Сизлерден, дослар, ыразыман.
Барсаңыз енди муннан да,
Енбекши деген қалаға,
Шықса алдына жуўырып,
Алтын айдар Ер Қосай,
Өлди атаңыз дейгөрме,
Бел мәдетим балама,
Тийип тур енди бул оқлар,
Жетип мениң жаныма,
Себеп болды қалмақлар,
Ўақытсыз қаза жаныма.
Еңиреп шықса Әлеўше,
Айтпа оған өлди деп,
Алла қосқан ярыма,
Қулақ сал сөзге, жолдаслар,
Өлгенимди еситип,
Төгер яр көзинен жаслар.
Қодар бир атлы ол бабам,
Өлгенимди еситсе,
Шықпасын қалмақ елине,
Баламнан болсын хабардар,

Әрмансыз дәўран сүриңлер,
Есенлер барсаң еллерге,
Баламды сүйеп жүриңлер.
Көринсе қалмақ қаласы,
Алдындағыны шаўып кет,
Ўақтым бир питип болғанды,
Бетлеримди жаўып кет,
Дүнья бизден қалғанды,
Ер Көкшедей ағаңыз,
Әрман менен өлгенди,
Мынаў бир жатқан бес мазар,
Бизге мәкан болғанды, — деп,

Батыр енди өтеди,
Жалғаншы пәний дүньядан.
Ноғайлар сонда қараса,
Тулпар түўе сымбыл жоқ,
Солдырып батыр гүлини,
Қайтты енди ноғайлар,
Саў-саламат елине.
Бул ноғайлар келатса,
Қус көтерип қолына,
Изинде бар тазысы,
Келатыр екен сол ўақта,
Ер Қосай батыр жолында.

Қылышын белине байлап, көзи оттай жайнап, толып келатырған адамнан әкесин сорап не деп тур екен:

— Мингеним болмады майданда тулпар,
Кеўлиме түсип тур мениң қайғы-зар,
Ырасыңнан айта бериң, ағалар,
Асқар таўым, жан атамнан бер хабар.

Ғош жигитке тулпар минбек ар болды,
Жетимлердиң көңли бәрҳа зар болды,
Көринбейди асқар таўым, жан атам,
Мехрибаным, беклер, қайда қалғанды?

Ат қулаққа тақтым алтын сырғалар,
Ашық болған машығым деп зар жылар,
Өлим деген бир алланың буйрығы,
Ырасынды айтағөриң, ағалар.

Көрип сизди қалмас мениң қарарым,
Халқым дейип пидә қылған ол жаным,
Ыразы енди болар едим сенлерден,
Неге тутып келмедиңиз тулпарын.

Сонда турып ноғай сөйлей береди:

— Жақсылардың жүрген жери жаз-бәҳәр,
Балажаның атам дейип зар урар,
Қалмақларды олжа қылдық биз барып,
Алдық оннан барып есапсыз маллар.

Бизлер келдик ел сағынып тезирек,
Сансыз малды айдап атаң киятыр,
Қәўип қылма, атаң аман, кете бер, —

Дейип енди ноғайлар,
Өте берди сол мәҳәл.
Атасының өлгенин,
Ер Қосай батыр биледи,
Жылай берди зар-зар,
Аспанға жайлар атады,
Қазасыз өлим қәйтеди,
Қорлығы келип Ер Қосай,
Ақ ордасына жетеди,
Қумар көзди жаслады,

Тулпарынан таслады,
Енеси болған Әлеўше,
Ал, баласын жықпастан,
Сүйеп енди услады,
Ғамға кеўлин толтырды,
Ол отаўға келтирди,
Бала еске келеди,
Атасы өлгенин биледи,
Жетим болып Ер Қосай,
Енесинен сол ўақта,
Еңиреп кеңес сорады:

— Айналайын анажан,
Болдың маған мийирбан,
Басымнан енди өтипти,
Байбәтшелик сол дәўран,
Өлтирип қалмақ атамды,
Қабланлыдай залым дәў,
Ноғайлының елини,
Енди атам өлген соң,
Бир күн қылмай ма ўайран?
Жетим қалып балаңыз.
Кеўлиме алдым бир әрман,
Атасыз қалған төремен,
Ақыл деп кимге еремен,
Мынаў жатқан көп мал бар,
Тилегимди алсаңыз,
Атама ас беремен.
Қызыл тилди сөйлетип,
Асларда жыраў жырлатып,
Шийрин жанды қыйнатып,
Көкпарыны ойнатып,
Бақсы-жыраў жырлатып,
Алтын қабақ аттырып,
Қостан табақ тарттырып,
Он мың үйли арғын бар,
Он мың үйли қоңырат бар,
Бес мың үйли қыят бар,
Алты жүз үйли саят бар,
Он мың үйли ноғай бар,
Бәрине де айттырып,

Ендиги заман бизики,
Атамның усы асында,
Бәйгиге атты шаптырып,
Буны да енди көремен,
Он бестеги билегим,
Тасты мениң жүрегим,
Нар жигитке табылар,
Атадан да мен калдым,
Бермисен, жан ана,
Сораған мениң тилегим?

Сол ўакları болғанда,
Иши бир оттай жанады,
Акылын көрип баласының,
Анасы болған Әлеўше,
Сөзине куллык кылады,
Қуўанады, күледи,
Бул гәплерди еситип,
Кодар деген бабасы,
Баланың тилине ереди.
Токсан туўша сойдырды,
Ноғайлының елиниң,
Ашы менен арығын,
Батыр енди тойдырды,
Он мың үйли ноғайдан,
Коймай атты жыйдырды,
Ат жиберип бәйгиге,
Анда енди турғанда,
Үш күншилик жоллардан,
Әлмәмбеттиң кара аты,
Қолтығында қанаты,
Байракты келип алады,
Он мың үйли ноғайлар,
Шабысына тулпардың,
Барлығы ҳайран қалады,
Ат арадан өткен соң.
Сөзди кимнен еситиң,
Ер Косайдан еситиң.
Бабасы еди Кодар кул,
Енеси еди Әлеўше,
Келди буның қасына,
Сөз сөйледи Ер Қосай,
Бабасына, анасына:

– Көп күн болды, дүнья болды маған тар,
Көп жылайман, кеўилимде кемлик бар,
Қулақ салсаң әрманымды айтайын,
Атама ас бермек емести кумар,
Ат шаптырдым мен атамның асында,
Ол аста таңладым енди бир тулпар.

Маған берген жигитликтен саўлатты,
Мен жазайын жүректеги көп дәртти,
Кеўлимдегин айтсам саған, жан ене,
Алып бериң Арғындағы кара атты.

Акшам жатсам шыдамайды карарым,
Саўаш болды енди мениң кумарым,
Тилегимди меннен сорсаң, енежан,
Алып бериң ол Арғынның тулпарын.

Еситкил, анажан, мениң бул зарым,
Сол тулпарды минбек мениң қумарым,
Өлтиргенди жан атамды Қабланлы,
Бахтым келсе алайын атамның канын.

Он жетиде болдым енди бәркамал,
Тулпар дүбиринен шыкпас енди шаң,
Маған алып берсең Арғын тулпарын,
Тасты мениң дәрьядайын ғайратым,
Улыксат берсең калмакларға бараман.

Айырады саўаш күни әреби ат,
Кеўлиме алғанман батырлық нийет,
Әскер сорап Арша деген ноғайдан,
Талап кылдым сол канына атамның,
Жан атажан, бергил енди руқсат.

Анда турып бабасы,
Қабыл болғай тобасы,
Бир-еки аўыз сөз сөйледи,
Тыңлап турды баласы:

— Балам, кылдың жақсылыққа бир нийет,
Саўаш күни жарамайды кара ат,
Тулпар емес, карабайыр кара ат,
Саўаш күни болар басыңа мийнет,
Нәсиятым алсаң мениң Ер Қосай,
Тулпар таўып қыларман кеўилиңди шад.

Сен батырсаң, мен изиңе еремен,
Өзим сынап, тәўекелден көремен,
Булағы бар ол тулпардың келетин,
Атаң минген сары ала тулпарды,
Сабыр кылсаң, ҳәзир тутып беремен.

Ҳижран отына күйип-жанаман,
Сениң ушын кара күшти саламан,
Қырық қулаш енди сым аркан менен,
Атаң минген тулпарды тутып аламан.

Батыр туўған айткан сөзге киреди,
Арыў болған бестен зулпын өреди,
Қара атты минеғойсаң, перзентим,
Ҳәр жайларда сени жаўға береди.

Жигит болған жигирмада тасады,
Ашық болған машығына қосады,
Минеғойсаң тулпар таўып, перзентим,
Ҳәр ўакларда жаўдан алып қашады.

Кәрўан болған мезгил таўып көшеди,
Батыр болған кылыштан қан шашады,

Тулпар мингенлердиң қалмас әрманы,
Қыйын күнде көкке қарап ушады.
Әжел жетпей сум пайманаң толмайды,
Қазан урмай бағдың гүли солмайды,
Болса тулпар, астында ол ойнаса,
Тулпар минген, балам, жаўда қалмайды, —

деп баланы жубатты, анда бала уйқылады. Сол ўақтында Әлеўше, Баба менен екеўи ойласып кеңес салады. — Ҳаял деген жигитке дузақ болады, кемпир деген өсекке бузық болады. Сен Ағымбайдың аўылына апарып, балаңа келиниңди көрсет,-деди. -Ол келинди көрсин, ышқына тойсын, бир-бирине ашық болсын, атасының хәўири кетсин, көп күн арадан өтсин, қыз нашарға жигит көнсин, балам күшине минсин, душпаннан намысты алғандай болсын. Сол сөзди айтпасаң, балаң әрманлы, сөзсиз кетер, қалмақтың журтына жетер, қалмақ баланды гелле етер, мениндейин муңлыны қарап етер, — деп уйқыдан турғанша мәсләхәтти қылады.
Тоқсан жасына келген Қодар бабаң дүньядан алды, атқа құратуғын дузақ арқанды ийнине қағып салды, еки өгиздиң қамынан болған қамшысын қыстырып, изине Ер Көкшени ертип, қызды көрсетпекши болып, сыртынан тулпар тутып беремен, балам, деп, Қодар бабаң баласына қарап бир сөз айтты:

— Бабаң тапты усы бүгин шамалды,
Балам, көрдиң жигитликтен кәмалды,
Жүргил, балам, тарқатайық қумарды,
Тутып берейин атаң минген тулпарды.

Сөз қайтарма, айналайын қарағым,
Асынып жүр атаң туткан жарағын,
Дузақ қурып Ақбулақтың басына,
Мен тутайын атаң минген тулпарын.

Көлдин ушқан үйрек пенен ғазына,
Салғыл қулақ бабаңыздың сөзине,
Мен тутайын таңлаған бир тулпарың,
Ерегөриң бабаңыздың изине.

Әне енди Ер Қосай,
Бабасының бул сөзин,
Уйқылы-ояў жатқанда,
Билген екен бул исин,
Қыз емес, атты қумары,
Солды батырдың дийдары,
Ол енди бабасына қарап,
Айтады екен бир-еки аўыз жаўап:

— Баба, инандым айтқан сениң тилиңе,
Мен кетермен залым қалмақ шәхрине,
Ат-тон сорпай маған хәр ўақ табылар,
Алып барма Қансулыўдың елине.

Мен барарман сениң айтқан жериңе,
Қумарым сол, қан алмағым кеўлимде,
Алып барып салма мени саўдаға,
Жетирмегил назлы ярдың елине.

Атадан бир қалған сорлы сонаман,
Тулпар тутып алалмассыз даладан,
Қыз алып берип еглемегил, бабажан,
Болдым енди қалмакларға талабан, —

Деген ўақта Қодар бабаң сөйледи,
Сөйлей берип Ер Қосайға не деди:

— Алдайды деп, балам, мени ойлама,
Шийрин жанды бул майданда қыйнама,
Тутып бермесем атаң минген тулпарды,
Бабам дейип, балам, мени сыйлама.

Мен басында отырып бир сөз аштым,
Қайғылықтан бир ойларға уластым,
Ата-енеңниң пәтиялаған қызы еди,
Ериң, балам, изиме деп сөз айттым.

Инанды бабасының бала сөзине,
Жақсы сарпай кийип ерди изине,
Бул баланың жүзи оттай жанады,
Ардаң басып аяқларын Ер Қосай,
Жуп дузақты енди тағы көтерип,
Көп қырлардан екеўи асып барады,
Бир жайларға баба менен барады.
Жас баланың бели жайдай бүгилди,
Маңлайынан шып-шып тери төгилди,
Булақ дейип баратыр еди Ер Қосай,
Алды беттен бир ақ қудық көринди.
Тумлы-тусқа көп бир жоллар айрылды,
Баба сонда кейинине қайрылды,
Ер Қосайға баба турып сөйледи,
Сөйлей берип бул батырға не деди:

— Мен сөйлейин, балам, саған зар-зар,
Атаңыздың маған айтқан сөзи бар,
Ата деген ғош жигиттиң кәәбасы,
Ата сөзин таслама жерге бахадыр.

Ақылсызлық ғош жигитке мийнетти,
Алды бизден Ағымбай көп дәўлетти,
Пәтия Ағымбайдың қызы Қансулыў,
Ғош жигитке қызды көрмек миннетти.

Сен барасаң тулпарлардың кәнине,
Салғын қулақ бул бабаңның тилине,
Қыздан қашқан жалғаншыда жаманды,
Себеп пенен келдиң ярдың елине.

Бабаң көңлин жүрип қылдың, балам, шад,
Басың жаста сен минерсең әреби ат,

Ярды көрмек ғош жигиттиң мураты,
Жолың болар, сәўдигиңди көрип кет.

Ашылғанды мың гүлиннен бир гүлин,
Аўылына туўра келди бул жолың,
Көрмей кетсең Қансулыўдай ярыңды,
Өкпелейди еситеғойса сәўдигиң.

Қаратаўдың басларында шыңарды,
Ашық болмақ ғош жигитке қыялды,
Себеп пенен келдиң қыздың елине,
Мен берейин женгеңизге хабарды.

Сонда турып мәрт Ер Қосай сөйледи,
Сөйлей берип бул бабаға не деди:

— Баба, саған мениң айтар арзым бар,
Жетим болған кеўилимиз емес тар,
Атам қанын алмай көрмеймен қызды,
Сондай деген мениң, баба, ўәдем бар.

Мен минейин тулпар түўе шубарды,
Атам қанын алмақ маған қумарды,
Тутып берсең, тутып бергил тулпарды,
Сиз бермеңиз женгемизге хабарды.

Сонда турып баба тағы сөйледи:

— Еситеғой, балам, мениң зарымды,
Қыйнай берме тәнде мениң жанымды,
Туўмай кеткир балам, мени қыйнама,
Куйдиресең бе оған берген малыңды?
Қосық айтып жиберемен даўысты,
Ашықлықдур жетпегенге алысты,
Сеннен жаман алып кетсе ярыңды,
Қыз айырған ғош жигитке намысты.

Бабаңызға айралықты салмай ма?
Туўра кетсең қыздың кеўли қалмай ма?
Биреў алса алла қосқан ярыңды,
Батыр, енди саған намыс болмай ма?

Атты миндиң дәўиринде жорғалар,
Сулыў қыз деп не жигитлер қан жылар,
Ашыў менен тийип кетсе сәўдигиң,
Ел ишинде душпаныңыз табалар.

Еске түсип сонда Қосай сөйледи,
Бабасына қарап батыр не деди:

— Кеўилимде қанлар алмақ — сол әрман,
Мурадымды мен тилеймен алладан,
Өзим жалғыз, ким алады арымды,
Қудалыққа барып келиң, бабажан.

Рәхим қылың көзден аққан жасыма,
Надан едим, енди келдим хуўшыма,
Жалғыз турман бул қудықтың үстинде,
Тезирек кел, барып келиң қасына.

Қалды батыр қудықтың,
Арқанды услап қасында,
Қамшысын таўлап бул Қодар,
Алты қулаш бойы бар,
Дөң сыяқлы Қодар қул,
Арданлап басып барады,
Еки қырдан өтеди,
Бабаның бели бүгилди,
Қабырғасы сөгилди,
Қарсы алдына қараса,
Шаңарағы ләнданнан,
Уўықлары жабайыр,
Қуўдай болып таранған,
Жети отаў көринди.
Бабаң қорқа шығады,
Гүрлеп бир иши жанады,
Қуданнан хабар алғыл деп,
Көтере шаўқым салады:

— Ғәрипке болды муңлы ис,
Ашықта болмайды намыс,
Шық майданға, Ағымбай,
Қудаңыз бенен хабарлас.

Ашылған бағда енди гүл,
Ашықлар болар жан себил,
Қудаңыз келди, Ағымбай,
Есикти ашып, үйди түр.
Тойыңда қығып дабылды,
Келтирип сойғыл малыңды,
Қудаңыз келди, Ағымбай,
Айдап келдим малыңды.

Айтарман саған аманды,
Сынадым жақсы-жаманды,
Кеўлиңе алма, Ағымбай,
Алмаға келдим қаранды.

Ағымбай сонда сөйледи,
Ашыўланып не деди:

— Жаманды көрген ўақтымда,
Ишим оттай жанады,
Алты улым бар алдымда,
Суўдай қаның ағады,
Салма маған нәзериң,
Ағымбайман дүньяда,
Күйеў дейип сен маған,
Жетелеп бир келген болма,
Жетим қалған баланы.
Еситпеймен арзыңды,
Көтермеймен назыңды,
Алты улым арысланым,

Мен бермеймен жетимге,
Қансулыў атлы қызымды.
Салма маған айқайды,
Төбениң үстинен даўысты,
Ағызарман көзиңнен,
Сол ўақтында мен жасты.
Ағымбай дер атымды,
Алты түлик малым бар,
Жетимге берген қызларым,
Мендей байға намысты,
Қудалықты сен салып,
Қыла берме шаўқымды.
Айтқан сениң сол балаң,
Кете бергил, ғарры шал,
Қаныңды суўдай ағызар,
Алты арыслан балам бар,
Егер тезирек кетпесең,
Кеўлиңде қалар қыйлы-қал.

Сол ўақлары болғанда,
Тағы Қодар сөйледи,
Ерегисип не деди:

— Жетпис еки жасым бар,
Қыз алмаққа өзим бар,
Сениң малың көп болса,
Сениң балаң көп болса,
Бәриңди урар күшим бар.
Өлим қылып жәханды,
Барған жерим ўайранды,
Ашыўым келген күнимде,
Саларман саған қырғынды.
Мен бул жаққа шығарда,
Қулынлы бийе жеп едим,
Алып кетемен қараңды,
Зар жылатып балаңды,
Алып кетпесем қараңды,
Жеген етим харамды.
Атасы еди Ер Көкше,
Баласы еди Ер Қосай,
Батырлық бар нышаны,
Абыройының барында,
Берегөриң Ағымбай,
Қансулыў атлы қызларды.

Қәхәри келип Ағымбай,
Балларына сөйледи:

— Зыят болды бул дәртим,
Жаманның шектим шәрбәнтин,
Қарсыласса өлтириң,
Баласы менен екеўин,
Қашса қуўың, перзентим,
Саўаш болды қумарым,
Жаман қыйды мәдарым,
Балларым, разы болайын,
Салагөрмең атаңа,
Бул қуллардың дийдарын.

Жүргени шөлдиң даласы,
Ағымбайдай байларға,
Жоқ еди хүким-шарасы,
Қодарға атты қояды,
Байдың алты баласы.
Еситип турған ер Қодар,
Талтайып енди турады,
Жақынластым дегенде,
Қайқая берип бул баба,
Қамшы менен маңлайдан,
Кериле берип урады,
Бул баласы Гүлсайым,
Жүзин басып қулады.
Тағы енди сол ўақта,
Жақын келип Ерсайым,
Бул да жақын барғанда,
Балаға қамшы урады,
Кериле берип салады,
Қурашлары қаўдай боп,
Ерсайым батыр қалады,
Апыр-топыр болады,
Ышқы отына жанады,
Ашыўына қамшының шыдамай,
Алты бирдей баласы,
Бәри қулап қалады.
Ағымбай отырған отаўға,
Қодар кирип барады,
Нардай болып талтаңлап,
Таллай бойын Ағымбай,
Сол ўақтында бурады,
Қудам дейип Ағымбай,
Отырып тағы турады,
Сынап едим сени деп,
Зары-гирян жылады:

— Батырдан енди қалғаның,
Айралықты салғаның,
Қатнасқан қудам сен едиң,
Аман-есен жүрмедиң,
Айналайын султаным.
Кеткениң сениң жырақты,
Атына қойдым турақты,
Хош келипсең, жан қудам,
Қозы сойып, қой сойып,
Жеп кетегөр қулақты.
Талаўлар қылды Ер Көкше,
Қалмақтың себил малыны,
Аршахандай патшаның,
Алды намыс-арыны,
Қудам болған ер Қодар,
Сынап едим мен сени,
Аяйын неге жанымды,—

деп сөзди тамам қылып, жети қара бас қой сойды. Бабаң етке тойды, уйқыламаға мейил болды. Ерсайым орнынан турып келип, қатынларын сабаў менен болды:

– Сөзимди тыңла, хаяллар,
Болғанды батыр бийқарар,
Алтын қудық басынан,
Алмайсызлар сиз хабар,
Күйеўиң келди үстине,
Пәмсиз туўған шаялар,
Бағыңның гүли солмасын,
Тулпарлар рәң шалмасын,
Барыңлар мәрттиң жанына,
Көўлинде әрман қалмасын.

Орнынан турды перилер,
Жүзине қойып қоша қал,
Күйеў бетке барыўға,
Хасылдан орап орамал,
Зыя-зулпын тарады,
Көргенниң ақлын алады,
Алты бирдей жеңгеси,
Ақ отаўдың ишинде,
Отырған еди Қансулыў,
Қансулыўға барады,
Барып бир көрклас жеңгеси,
Әсте-ақырын сөйледи:

– Жеңгеңде қалмады дәрман,
Жеңгеңиз бүгин қуўанған,
Барайық мәрттиң жанына,
Жүриңиз енди, бийкешжан.
Ушты көлинен қуба ғаз,
Күйеўиң келипти жалғыз,
Жүргил күйеўдиң қасына,
Арзымды есит, сәрбиназ.
Мойнына тағып тумарды,
Услап қолына зилалды,
Жеңгеңиз келди жаныңа,
Қызлардың тутып қолынан,
Барайық күйеў қасына,
Тарқатайық қумарды.

Сонда пери сөйледи,
Жеңгесине не деди:
– Бириниң атың Мийирхан,
Бириниң атың Айымхан,
Бармайман күйеў қасына,
Жигит деп саған ким айтқан,
Шық ордадан, жеңгежан,
Ағымбайдың қызыман,
Айтыўлының өзимен,
Қыларман мен бир намысты,
Ер Қосай емес бизлерге,
Еситсеңиз, мыясар,
Турма алдымда, жеңгелер,
Шығың ордадан, шаялар.
Минген жорғалар асаўды,
Зерден жасаған жасаўды,
Ағызба көзден сен жасты,
Жетим қалған Ер Қосай,
Бармақ етермен намысты,
Ашықпан бағдың гүлине,
Бедеўлер шабыў өнине,
Сорлаған атам қурысын,
Берсе болмай ма теңиме.

Бул сөзлерди айтқанда,
Жеңгеси ашыўланады,
Бетлери оттай жанады,
Еки бирдей жеңгеси,
Қансулыў атлы бул қыздың,
Қолынан услап алады.
Шашынан таўлап алады,
Аяғын жерге тийгизбей,
Сүйреп алып барады.
Қансулыў атлы перийзат,
Жеттим бир, жеттим дегенде,
Ер Қосай ерди көреди,
Ер Қосай ерге қараса,
Бадамдай болған қабақлы,
Алтыннан айдар ғулпақлы,
Еки бир бети жанып тур,
Хүрдиң баласы сыяқлы.
Қызлар бир сүрткен сүрмени,
Белине байлап тур екен,
Ер Қосайдай мәрт жигит,
Алты қулаш түрмени,
Отырыпты бир бала,
Еки жүзи гүл-гүл жанған,
Көргенниң мийири қанған,
Қансулыў атлы перийзат,
Көрген ўақта ынтық болған,
Алты мың үйли арғында,
Онындай сулыў көрмеди.
Уятты қойып перийзат,
«Арман турың, жеңге» деп,
Адымын бир-бир басады,
Ашықлық көўлин ашады,
Ер Қосайды көрген соң,
Қыздың бир ақылы сасады,
Жүреги лаўлап барады,
Қыздың бир мийири қанады,
Отырған еди Ер Қосай,
Қушақлап мәрттиң мойнынан,
Алдында отыра қалады,
Жигиттен зыят қумары,
Ер Қосайдай батырдың,
Бетинен сүйип алады.
Үндемейди Ер Қосай,
Дәрьядай лепси халласлап,
Қансулыў атлы перийзат,

Батырдан жағдай сорады,
Сорай берип не деди:

— Пидәлар болды бул жаным,
Көрмек бар екен дийдарын,
Аман-есен жүрсең бе,
Айналайын султаным.
Таўларда жатқан кармедиң?
Кәрўан ишинде нармедиң?
Гүлде болып бир доланып,
Аман-есен жүрмедиң?
Ашық боп жаздым хатымды,
Тазалар қылдың дәртимди...

Сонда Ер Қосай сөйледи,
Қызларға карап не деди:

— Қылмадым талаў малымды,
Атыңды еситип жәҳанда,
Шекпедим сенин дәртинди,
Кеўлимде бардур бир әрман,
Сол әрманға жетпесем,
Сүймеспен ләбиң қандыны,
Ушырып көлде ғазымды,
Еситпеймен ғой арзыңды,
Бул ўәдеме жетпесем,
Қабыл алмаспан сөзиңди.

Сонда перийзат сөйледи:
— Ашқанман саған кеўилди,
Сорсаң, султаным, ләбимди,
Ашықлар едим бойына,
Қалдырма енди кеўлимди,
Айралық күни солғаным,
Пидәлар болғай бул жаным,
Берман қарап отырың,
Муная бермей султаным.
Қолимнен ушты жасыл бас,
Сөйлессек деген кеўил хош,
Сәўдигиң едим дүньяда,
Қапа болмай, кеўлиңди аш.

Сонда Қосай сөйледи
Сөйлей берип не деди:

— Қойсаңыз мени, назлы яр,
Жетимлик барды кеўлимде,
Атамның алмай қанын,
Қызға кеўил бермеймен,
Жетпесем қылған ўәдеме,
Бул дүньяда жүрмеймен,
Шыдамас мениң қарарым,
Ярға кеўил бермеймен,
Алмай мен атамның қанын.
Мени дейип қылма ахыў-зар,
Абахан қалмақта қаным бар,
Қыдырып шықтым тулпарды,

Тезирек жибер бабамды,
Отырма енди, назлы яр,
Атадан қалған сонаман,
Залым қанына қанаман,
Аман келсем калмактан,
Қайтып бир келип аламан,
Алмайман, сәўдигим, тилиң,
Сенсең ғой мениң бүлбилим,
Ўәдеме жетпей алмаспан,
Қалмасын ярым сол кеўлин,—
Деп усы ақшамы жатты,
Мурады хасыл болмай,
Суўық демин алып қайтты.
Ертеңгисин таң атты,
Баласы қалған жерге,
Бабасы шарқ урып жетти,
Баласына қарап,
Бабасы бир сөз айтты:
— Төгилди мениң бул дәртим,
Арыслан-палўан айбатлым,
Келди бабаңыз жанына,
Бағымның гүли Ер Қосай,
Қутлы болсын сәўбетиң,
Жақсылық болғай нийетиң,
Сенсең ғой мениң перзентим,
Келгенди ашығың жанына,
Қутлы болсын перзентим,
Сенсең ғой мениң турағым,
Жәҳанда жанған шырағым,
Көрсеттим ашық дийдарын,
Қутлы болсын қарағым.

Сонда бир батыр сөйледи:

— Көрдим, баба, яр дийдарын,
Тарқаттым ашықлық қумарын,
Мақсетке жетпек болсаңыз,
Таўып бергил тулпарым.

Сорғанман ярдың қандыны,
Қылдыңыз таза дәртимди,
Қудалық түскен атамыз,
Тутып бер мениң атымды.

Ярдан иштим шарапты,
Ашықлық бир жаман дәртти,
Көрдик ғой ярдың дийдарын,
Тутып бергил тулпар атты,

Қызлар келди сораққа,
Жеңгеси келди жуўапқа,
Кеўлимде әрман қалмады,
Баслап жүр, баба, булаққа.

Бабаның кеўли хош болды,
Қумар көзи жас болды,

Бабаның кеўлин йош урды,
Дәртлерин баба қашырды,
Сәскеге дейин жол жүрип,
Ер Қосай атлы батырға,
Булақтан баба суў берди.
Баба бир мойнын бурады,
Булаққа дузақ қурады,
Арқаннан болған дузаққа,
Бес тулпар келип суў ишип,
Биреўи илип қалады.
Арқанды тасқа байлады,
Адам көрмеген тулпарлар,
Көклерге шапшып ойнады,
Атасы минген сары ала тулпар,
Ер Қосайдың ийисинен,
Ийеси екенин аңлады.
Жайларын батыр атады,
Атасы минген тулпарды,
Жалынан таўлап тутады,
Басына нокта салады,
Тулпарды енди жетелеп,
Аўылға таман барады,
Ордасына келтирип,
Сары ала тулпар атларға,
Мақпалдан беллик салады,
Зербаптан терлик салады,
Алтыннан ер қояды,
Саўытын кийип Ер Қосай,
Аттың белине минеди,
Анасы болған Әлеўшеден,
Жылап бир жуўап сорады:

— Таўдан ушты елеслесип мурғызар,
Ноғайдың еллери болды маған тар,
Миндим енди атам минген тулпарға,
Хош қал енди, ғәрип ана, аллияр.

Неше жыллар болдың маған ықтықат,
Намыс болар хош жигитке жаман дәрт,
Мен излеп кетемен атамның қанын,
Жан анажан, маған бергил рухсат.

Он жетиде болдым енди бәркамал,
Қалмақтың елине салайын тозаң,
Барып мен алайын ханның журтыны,
Көргенимше хош қал бизден, анажан.

Сонда турып жан анасы сөйледи,
Сөйлей берип баласына не деди:

— Балам, айтар саған мениң арзым бар,
Сени қыймас хеш жәҳанда ноғайлар,
Аршаханнан әскер алып жаныңа,
Қалмақтың елине қылғайсаң сапар.

Атадан болғансаң, перзентим, жалғыз,
Ғәриптен-кәсерден алагөр алғыс,
Әскер алып атлан қалмақ елине,
Жылаўында болсын балам Түкли Әзиз.

Қалмақта бар жан атаңның ол қаны,
Жаўды шаппақ ғош жигиттиң әрманы,
Нәсийҳатым, Аршаханнан әскер ал,
Жалғыздың шықпайды хеш ўақ тозаңы,—

Деп бир сөзди айтқанда,
Ана сөзин қабыллап,
Қодар баба артында,
Ер Қосайы алдында,
Бир күншилик жол жүрип,
Келди қала қасына,
Аршахандай патшасы,
Алмыш еки әмелдар,
Жетпис еки мөҳирдар,
Булар менен бирликте,
Отырып еди тахтында,
Айдай болған арысланның,
Дийдарыны көреди,
Қуўанып патша кетеди,
Артхожа менен Қартхожа,
Еки ўәзири бар еди,
Бул ўәзирге қарады,
Былайша жуўап сорады:
— Атлары қайшы қулақлы,
Әлий арыслан сыяқлы,
Қабағынан қар жаўып,
Келатқан кимниң баласы?
Айтып бергил, Қартхожа.
Сөзим де бар саңа зар,
Жаўдың болар кеўли тар,
Маңлайының ортасы,
Төре қарыс сере бар,
Палўанлыққа миясар,
Келатқан кимниң баласы?
Ырасын айт билсеңиз,
Бойлары бар бәркамал,
Ақ жүзинде қызыл қан,
Кеўилим толды көргели,
Ким де болса, ўай, муны,
Өзиме бала қыламан,
Буныңдай жигит бир туўар,
Жалғаншыда анадан.

Қартхожа сонда сөйледи:

— Ашылған гүлдиң лаласы,
Бул батырды көргенде,
Залымның болмас шарасы,
Аз ноғайды сақлаған,
Ел қорғаны, арысланың,
Ер Көкшениң баласы.
Өзи туўған енди ай,
Сөзи палдай ҳәм мүләй,
Ҳеш ким тутпас белинен,

Палўанлығы усындай,
Талап қылыпты залымға,
Атасының қанына,
Алмаға келген бул батыр,
Атын сорсаң Ер Қосай.

Сол ўақтында патша,
Орнынан өрре турады,
Атын беглер байлады,
Ер Қосай менен Қодарды,
Патша-ханы сыйлады,
Хызмет қылып батырға,
Үлкени менен кишиси,
Кеўили әбден толады,
Ертеңине таң атты,
Патша енди арысланнан,
Келген исин сорады:

— Алишердей, балам, сениң келбетиң,
Сени көрген ўақта жоқ болды дәртим,
Атаң еди бул күнлерге жеткизген,
Жоллар болсын, бел медетим, перзентим.

Аққан суўат айдын шалқар көл болсын,
Жылдан-жылға аз дәўлетиң мол болсын,
Тойлым, балам, дийдарыңа Ер Қосай,
Жан перзентим, енди сизге жол болсын.

Сонда турып Ер Қосай сөйледи,
Сөйлей берип бул патшаға не деди:

— Мен жылайман, хан атажан, зар-зар,
Жетимликтен кеўилим болды енди тар,
Абахан залымнан мениң аларлық,
Тоқтаполатта хәм мениң қаным бар.

Талаў қылсам залымлардың малларын,
Халқым ушын аямайын мен жаным,
Бир күн келип залым қалмақ үстине,
Руқсат берсең, алсам атамның қанын.

Сайлап миндим ханым дейип әреби ат,
Саўашқа бел байлап кийдим көк полат,
Балам дейип қыла бердиң марапат,
Маған бергил сансыз әскер, күш-қуўат.

Айтқан сөзин мақул көрди Аршахан,
Қақақ урып күле берди сол заман,
Өмирин сонда буның беглер тиледи,
Әскериниң бәрин жыйнап келгенше,
Бул батырды марапатлай береди.
Әскерлерин жыйнап берди Аршахан,
Белбеўин мойнына салды сол заман,
Тилек тилеп Ер Қосайға сол патша,
Аттың қапталында айтты бир сөзди:

— Сен болмасаң зая болар алтын тах,
Қараңғы елиме болыпсаң шырақ,
Қанатыңнан айналайын, перзентим,
Саған берсем қайтпас енди дәўлет-бақ.

Баратырғой жаныңда бир көп әскер,
Атланбаңыз кеше-күндиз биймәлел,
Хабардар бол қалмақтағы мергеннен,
Әзәзул ол, басқа жағын өзиң бил.

Бол өзиңнен саўаш күни хабардар,
Көп әскерге баратырсаң боп сәрдар,
Талаў қылың қалмақлардың шәхәрин,
Жыласа ол жылаўыңа кес болар.

Бара бергил залымлардың жанына,
Ашылғай-дә, балам, сениң ығбалың,
Өзиң кетсең бул жерлерден, шырағым,
Кейниңизде қалар енди Қодарың.
Ықласыма аман келиң, перзентим,
Қысқа ғана мениң айтып болғаным.

Пәтиясын берип қалды Аршахан,
Қодар қалып, әскер менен ол кетти,
Басшы болып жасынан ол Қосайжан.

Ендиги сөзди еситиң. Көзи қыймай кеткенин батыр болған Қосайдың, Қодардың енди жүреги хаплығып ишине сыймай, атын айдап, жанын қыйнап, баяғы қудасы Ағымбайдың ордасының алдына барып, айтты бир жуўап:

— Айналайын қудажан,
Кетти меннен хал-дәрман,
Кешеги көрген Ер Қосай,
Атланды қалмақ елине,
Тынбастан-ақ сол заман,
Әскерлерин шуўлатып,
Атланды қалмақ елине,
Яр болғай-дә балама,
Кетти ғой душпан жерине,
Жаратқан екен бир қудай,
Ақылымды алсаң болмай ма?

Сен оянсаң болмай ма?
Атасы едиң баламның,
Қойың десең болмай ма?

Орнынан сонда турады,
Ағымбайдай байларын,
Барып ўай-ўай салады,
Алты улы келеди,
Алты улына сөйледи:
— Иши бир баўырым жанады,
Қарындасың Қансулыў,

Оның бахыты карады,
Кайтарып алың батырды,
Бес атасы калған жер,
Залым калмак елине,
Ер Қосай кетип барады,
Кеўлине салып әрманды,
Изинен жылап кайтарсын,
Жибер Қансулыў шаянды.

Барарына хешкайсысы,
Ебин булар таппады,
Қодар деген бабасы,
Ал, үйине кайтады,
Кансулыўдай арыў қыз,
Күнлер баткан ўактында,
Ак серкени келтирди,
Жүнлерин жулып алады,
Сырыш сүртип бетине,
Сакал кылып өзине,
Мурт қылып өзине,
Ак сәллени орайды,
Кара шашын төбеге,
Тығып салып арыў кыз,
Ак сәллени кийеди,
Белбеўин белине буўады,
Мәлледен шапан кийеди,
Местей болған мәсиси,
Акырдай болған геўиши,
Қыздың келди ақылы,
Сырлы хасаны қолға алып,
Аксакаллы пир болып,
Тулпарын сайлап минеди,
Жалғыз өзи қыз нашар,
Яры калған жайына,
Ат ойнатып жөнеди,
Сапар қылып беглерге,
Нөзер туткан таўларға,
Әскерлер менен бир болып,
Уйкылап аткан жерлерге,
Жетип барып бул сулыў,
Аты сыртка байлады,
Көзи оттай жайнады,
Шийрин жанды кыйнады,
Ак сакаллы пир болып,
Қосай жаткан төбеге,
Барып енди перийзат,
Ноғайлының бул ўақта,
Картхожадай батыры,
Алтыннан еди шатыры,
Шатыр алдына барады,
Оятып Картхожаны,
Сәлем берип турады.
Қарап турса Картхожа,
Ак сәллеси басында,
Мәлле шапан ийнинде,
Сырлы хаса қолында,

Ғарры пирди көреди,
Қолынан алып Картхожа,
Ҳал-жағдай сорай береди:

— Салма, баба, биз сорлыға қайғы-зар,
Түн ярымы бизге болды миясар,
Пир усайсаң жәхан жүзи шырағы,
Айткыл, баба, бүгин бизге арзы-хал.

Сәлем берип жанын отка саласаң,
Не себептен дийдарыма қанасаң,
Сөйлеместен айткыл маған хабарың,
Қай жерлерден қай еллерге барасаң?

Бабаң болып Қартхожаға сөйледи,
Сөйлей берип, сакал сыйпап не деди:

—Көлден ушты, балам, суксыр-соналар,
Ғош жигитке сәхәр жүрсе жол болар,
Бир баланың ерип барып изине,
Сансыз ноғай қалмаклардан қырылар.

Тыңладым мен дини мусылман зарын,
Кайғырып отырман ноғайдың жанын,
Өлеринди, балам, сениң билген соң,
Билдирип отырман алдыңнан ҳалың.
Қурылмай ма таңла күни бул тараз,
Сыйынсаң боларсаң дәртиңнен қалас,
Шөлде хәзир, көлде хәзир пириңмен,
Атымды сорасаң Қызыры Ильяс.

Ноғай салып кеўилине әрманды,
Басыңнан өтирер бес күн дәўранды,
Ерип кетпе Ер Қосайдың сөзине,
Бурын атасы ҳәм өлип қалғанды.

Батырман деп қылар саған саясат,
Саўлық деген ғош жигитке көп мурат,
Атасы да журтты қырған Ер Көкше,
Бул баладан сирә шыкпас қәсийет.

Сени кыймай келдим енди, балалар,
Дин мусылман өлсе жаным қыйналар,
Сәскеге дейин батыр турмас орнынан,
Абырай барда, көп ноғайлар, қашыңлар.

Пирлигиме бул майданда нанасаң,
Барып турып тири отка жанасаң,
Егер буннан кашпасаңыз, ноғайлар,
Қалмақтың елинде өлип каласаң, —

Деп бул сөзди айтып,
Ғайып болды ғарры шал,
Сақалын сыйпап, нығайтып,
Сол ўақтында бул киси,
Әскерлерди оятып,

Ҳайран болды ноғайлар,
Қара күнге қайғы салып.
Бабаның сөзине мийри қанады,
Өлим жаман, иши оттай жанады,
Сәҳәр ўақта пири хабар берген соң,
Уйқы бузып, булар қашып барады,
Таслап булар уйқы менен саўлатты,
Ойланыңыз, сол ўақтында таң атты,
Аттың жалын әрман менен тарады,
Көзин ашып Ер Қосайын қарады,
Шаң басып Ер Қосай батырдың бетин,
Бурынғыдан бетер молайтты дәртин,
Атын тутып, батыр өзин сынады,
Қолға алып етип жүрген нийетин.
Ғөш жигитиң енди сонда жылады,
Ноғайлар жоқ, арман-берман қарады,
Айрылып ғой кейниндеги әскерден,
Ер Қосайын апыр-топыр болады.
Ҳәсер таўдан залымлары асыпты,
Аттың кеўли дәрья киби тасыпты,
Нәмәрт болған қаладағы ноғайлар,
Батыр көрсе жан қайғырып қашыпты.

Жылай берди мәрт Ер Қосай зар-зар,
Дүнья болды батырларға енди тар,
Кейин қайтыўына арланып батыр,
Жекке атланды қалмақларға баҳадыр.
Жекке атланып Ер Қосай,
Ноғайдан кеўили суўып,
Басларына күнлер туўып,
Аққан көзинен қанлы жас,
Айдай еки бетин жуўып,
Өз-өзине тәселле берип,
Етейин деп таўап,
Өзине айтты тәселле жуўап:

— Ғайрат тасып, болдым енди бийқарар,
Жалғыз болған қыя шөлде зар урар,
Титиресин күшимнен мениң залымлар,
Туўылған елиме өкпелемейин,
Жаратыпты бизди жалғыз бирубар.

Жалғыздың қыялы дүньяда жаман,
Саўаш болар ғөш жигитке бир әрман,
Көзине илмеген ноғайдың ханы,
Жалғызларға ким болады мийирбан?

Мен едим атамның жалғыз шырағы,
Жол жүрсе ашылсын жигиттиң бағы,
Сапар әйлеп мен жүргенде кан ушын,
Яр болғай-дә атамыздың әрўағы.

Кимге сүйенемен айтып енди зар,
Бүгин жүрсем, ертең енди таң атар,
Нийетим бар, бир ис болса алдымда,
Жеткизегөр атам қалған жерлерге,
Көзгенеңнен айналайын, сен тулпар.

Мен солдырсам душпанлардың гүллерин,
Қайтармайын бул жолларда кеўилин,
Ақылың еди, тулпар, адамнан зият,
Таўып бергил қалмақлардың сен елин.

Дейип енди Ер Қосай,
Атқа қамшы басады,
Астындағы тулпары,
Омыраўдан көбик шашады,
Суўдай болып тасады,
Ҳәсер таўдан асады,
Таң атқанша жүреди,
Күн батқанша жүреди,
Жетпедим деп Ер Қосай,
Жылай берди зар-зар.
Табаны таска тарсылдап,
Қуйысқаны шартылдап,
Тер төгеди жәниўар,
Түн жарымы болғанда,
Тап бир күндиз күниндей,
Жарқырап ғана көринди,
Атасы қалған бес мазар,
Бес мазарды айналып,
Қулындай болып жәниўар,
Шыңғырып кисней береди,
Оқыранып сол мәҳәл.
Батыр аттан түсип,
Тилладан кәмарын есип,
Әкемниң мазары бул деп,
Сол мазарға түседи,
Уйқылап бир енди жатады,
Әкесиндей бес адам,
Алдына алып отырып,
Түсинде сөйлей береди:

— Минген атың пырағың,
Жалғызымсаң шырағым,
Жалғызбан деп ойланба,
Саўаш қылғыл қалмаққа,
Сөтип саўыт қыяғын,
Жалғызбан деп ойланып,
Көзиңнен ақты қанлы жас,
Сен әйледиң кемликтен,
Әрўақ дейип бир налыс.
Жалғызбан деп ойланба,
Аларсаң атаң қанын,
Қайтпай қылғыл сен саўаш,
Жигиттиң де нәзери,
Қылдың енди неге зар,
Мынаў жатып сыйынғаның,
Ықласың қойсаң бес мазар,
Жалғызбан деп ойланба,
Қайтпай жаўға қарсы бар,
Әрўағың сеннен хабардар.

Таў үстинде аршанын,
Артық билгил өзиңнен,
Жалғызбан деп ойланып,
Жаслар төгип көзиңнен,
Бир өзим деп ойланып,
Кемлик қылма изинен,
Бизлер саған болдық яр,
Биз көргенбиз жәҳанды,
Қайтырмастан нешшени,
Қанға толтыр душпанның,
Өлик пенен көшесин,
Айтқан сөзим енди сол,
Жәрдеми тийер бизге деп,
Хеш қашан да, жан балам,
Дос тутпағыл патшаны.
Батыр болған жигитлер,
Тәўекелден көреди,
Сыпайысы, ийшаны,
Молла менен хожасы,
Барлығы да қалмастан,
Патша изине ереди.
Бурыннан қалған әдетти,
Сондай батыр дөресе,
Патшалар жек көреди,
Бийшарадан дос тутсаң,
Дуўры кеңес береди,
Ақылынан ерлер айрылса,
Хан сөзине ереди,
Досты болма патшаның,
Инансаң ханның сөзине,
Ийесиз арыслан өледи.
Дүньяда болдың сен султан,
Қалмасын кеўлиңде әрман,
Алдындағы Абахан,
Мәрапат қылған ўақтында,
Қызын берсе алмағыл,
Сөзине қулақ салмағыл,
Исенип ғапыл қалмағыл,
Нәсиятым сол, балам, — деп,
Аўызына түкирип,
Тур,-деп айбат урады.

Орнынан турып бул батыр,
Қарәса таңлар атыпты,
Рәхметке батыр батыпты,
Ўақты шәндан хош болып,
Дәрьядай кеўили тасып,
Минди аттың белине,
Шықты қызыр шөлине,
Атланады ғош жигит,
Қалмақлардың елине.
Бундай дәўран қайдады,
Аттың көзи жайнады,
Астындағы тулпары,
Саўаш деп енди ойнады.
Күн болғанда сәске-түслер,
Батырларға мүшкил түсти,
Песин ўақты болғанда,
Бир шаң пайда болады,
Шаңлар менен араласып,
Жән-жағына қарады,
Асқар таўды көреди,
Таў қасына барғанда,
Қанлы өзекте жай менен,
Ат суўғарып қараса,
«Айда» деген бир даўыс,
«Қайда» деген бир даўыс,
«Сасып жүрген ноғай болса,
Байла» деген бир даўыс,
«Услап алсаң қолыңа,
Шайна» деген бир даўыс,
Ашшы даўыс келеди,
Батыр енди қараса,
Бойы барды алты аршын,
Ени барды еки аршын,
Қаралы қалқан қулақлы,
Айдарҳадай сықлы,
Аўызынан от шашып,
Тулпар атын ойнатып,
Қабланлы деген дәў екен,
Еки жигит қосшысы,
Алты жигит басшысы,
Қуўырмаштай қуўырып,
Жер танабын суўырып,
Айбат пенен келеди,
Найзасын залым қолға алып,
Тымсал етип сөз салып,
Аяғын зәңгиге тиреп,
Атының басын бурып,
Бир жуўап айтты сол ўақыт,
Ер Қосайдың алдында,
Тайсалмай талтайып турып:

— Ашық болған машығым деп зар урар,
Көргенлерге болар енди дүнья тар,
Қайсы елден, қайсы елге барасаң,
Хәй яш бала, сапарыңнан бер хабар?

Солдырғанман нешшелердиң гүллерин,
Арыслан минген көрдим тулпарың сениң,
Адамзаттың жүретуғын жолы емес,
Айтқыл, балам, тезирек сен жол-жөниң.

Бүйиринде ойнайды қолында қамшы,
Аўырлаған сендей ноғайдың басы,
Я бир жүрген сенсең жалғыз қарақшы,
Тезирек айтқыл жол сораған батырға.

Сонда турып мәрт Қосайың сөйледи,
Қәҳәрленип оған қарап не деди:
— Өзим жалғыз, меннен сорайсаң хабар,
Ғош жигитке дүнья болмас енди тар,

Менсинбестен маған сен бир сөйледиң,
Қабланлыдай сол дәўиңнен бер хабар.

Көклерди тутады батырдың шаны,
Саўаш болар ғош жигиттиң әрманы,
Ноғайдың елине таланлар салған,
Қайда болар қан ишетин Қабланлы?

Сен екенсең, аға, енди дәўсымақ,
Мен келемен Қабланлыны қараўлап,
Хабарын олардың тезирек бериң,
Абыройыңның барында сен қалмақ.

Атам атын сорасаңыз Ер Көкше,
Әрман менен дәўден өлген бирнешше,
Баласы едим Ер Көкшениң Ер Қосай,
Мени сорсаң, соннан қалған гүл-ғумша.

Сонда турып Қабланлы дәў сөйледи,
Сөйлей берип яш балаға не деди:

— Батырман деп гүркиремең, енеғар,
Басыңа саларман сениң қайғы-зар,
Билесең әўўеле нәўбет қалмақтан,
Мәртлигиңди көрейин мен, ноғайым,
Өлмек саған мияссар, —
Дейип енди Қабланлы,
Отдай көзи жанады,
Жайды қолға алады,
Полат оқты салады,
Қақ маңлайың сол ма деп,
Таўлап тартып қалады.
Астындағы тулпар ат,
Жер баўырлап жатады,
Оқ үстинен өтеди,
Қайтадан тағы атады,
Тулпар еди жәниўар,
Көкке қарап ырғыйды,
Оқ астынан өтеди,
Дәўдиң атқан оқлары,
Қара жерге батады,
Әрманлы болдың енди деп,
Батыр туўған Ер Қосай,
— Нәўбетимди бер, — деди.
Сыйынды қәдир аллаға,
Нәўбет жетти сол ўақыт,
Ноғайдан келген балаға,
Қоламсаға қол салды,
Бабасынан қалған оқ,
Алмас пенен шүйирген,
Садағына салады,
Түсип аттан ол батыр,
Қақ маңлайың сол ма деп,
Таўлап тартып қалады,
Маңлайдан оғы өтеди,
Дәўден нәўбет кетеди,
Шапшаң болып бул бала,
Тағы оқты алады,
Өлер жерин усы деп,
Өкпеликтиң тусы деп,
Жайға оғын салады,
Омыраўың сол ма деп,
Таўлап тартып қалады.
Дәўден қанлар харлады,
Өкпесинен тийген оқ,
Жаўырнынан парлады,
Басына күнлер туўады,
Атаңа нәлет залымның,
Қызыл гүли солады,
Атының енди үстинен,
Болған жерим усы деп,
Жер қушақлап қулады.
Қасындағы қалмақлар,
Буларға алла салады,
Батыр туўған Ер Қосай,
Қылышты қолға алады,
Балаға енди оқ атты,
Қылыш пенен Ер Қосай,
Оның бәрин қыйратты.
Қалғанлары қашады,
Залымның оғы ушады,
Көргенниң ақлын алады,
Дәўдиң басын кеседи,
Қулағынан теседи,
Үш гелләни бир жағына,
Дәўдиң геллесин бир жағына,
Бөктергиге байлады,
Дәўдиң атын жетелеп,
Абаханның журтлары,
Қайда дейип бул батыр,
Тулпарын қатты айдады,
Өтип батыр дәрбенттен,
Қарсы алдына қараса,
Он төрт мың әскер айдатып,
Әскерлерин шуўлатып,
Қара майы қан сасып,
Аўзы-басын түк басып,
Әзизлерин бүлдирип,
Ермегенин өлтирип,
Қарахан деген дәў екен,
Абаханның султаны,
Қарахан енди қарады,
Атты залым бурады,
Ат кекилин өреди,
Бир баланың жетегинде,
Қабланлы минген қара атты,
Ол Қарахан көреди.
Аш гүзендей жасы бар,
Бөктергини қараса,
Қабланлының басы бар,
Күн туўады қалмаққа,
Дәўдиң атын көрген соң,

Әскерлерге сөйледи,
Қарахан турып не деди:

– Кеўилимде әрманды,
Әй, әскерлер, әскерлер,
Қабланлыдай ағамның,
Лашы шөлде қалғанды,
Ер Қосай деген бар деп еди,
Ноғайлының елинде,
Атасының бул қанын,
Келип енди алғанды,
Қара күнди салғанды,
Ақырзаман болғанды,
Жас бир гөдек ноғайдың,
Күни бир туўып келгенди,
Жалғыз ағам Қабланлы,
Қуплыяда өлгенди,
Таўда көрдим дараны,
Кеўилиме қойдым жараны,
Қайрылмай енди, қалмақлар,
Аллалап атты салалы,
Ортаға енди алайық,
Ер Қосай деген баланы,
Өзи жалғыз ноғайлы,
Қайдан табар пананы, —
Дейип енди Қарахан,
Шуўлап атты қояды,
Батыр туўған Ер Қосай,
Найзаны қолға алады,
Палўан еди геллеғар,
Тап жүректиң аўзы деп,
Қолға алып қылышын,
Керилип турып урады.
Аўдарып аттан таслады,
Нардай болып буўырқанып,
Қарахан деген бул залым,
Аўзынан қан шашады,
Қолында кескир испихан,
Силтеп тартты бул палўан,
Өлтире алмай баланы,
Әрман менен өтеди,
Залым енди Қарахан.
Шуўлап енди қалмақлар,
Қайғырмай атты қояды,
Аллалап қылыш салады,
Хаққа жетти наласы,
Қабыл екен батырдың,
Бул майданда тобасы,
Гүдери қамшы қолында,
Желмаяның үстинде,
Көдар деген бабасы,
«Харма балам, харма» деп,
Жетип келди сол ўақта.
—Жалғаншыда сорағым,
Кескир полат жарағым,
Айналайын бойыңнан,
Ғайрат қылғыл, қарағым, —
Деп бир енди бабасы,
Ашылған гүллер лалады,
Көргенниң ақылын алады,
Алпыс үш жасар бул баба,
Гүдери қамшы қолында,
Кериле берип салады,
Дәўдей еди бул баба,
Домаландырып барады.
Бабаның халын көреди,
Қабланлының қылышы,
Ҳәм тулпарын береди.
Баба атқа минеди,
Қылышты қолға алады,
Аллалап шаўқым салады,
Суўдай қанлар ағады,
Қалмақлардың басына,
Қара күнлер туўады.
Дарыды ма тәжжал деп,
Пана таппай турғанда,
Абахан деген патшасы,
Он мың ләшкер қасында,
Алтын тажы басында,
Жасыл-ала туў алып,
Бул да жетип келеди,
Патша енди қараса,
Ер Қосайдың үстинде,
Қара бас ҳәм жасыл бас,
Ғаз бенен қуў сол ўақыт,
Гә аспанға шығады,
Гә батырға қонады,
Қырғын салған қалмаққа,
Бундай пана болғанын,
Бул Абахан көреди.
Аттан түсип Абахан,
Мойнына пота салады,
Тажысын қолға алады,
Ер Қосайдың алдына барып,
Зары-гирян жылады:

—Патша едим салтанатлы баҳадыр,
Сени көрип, бала, болдым бийқарар,
Саўаш қурыў жоқ еди мениң көңлимде,
Арамызға араз салған залымлар,
Перзентимсең жалғаншыда Ер Қосай,
Хан атаның сизге айтар арзы бар.

Зәкат алмай неше жыллар ноғайдан,
Әкеңди өлтирип залым Қарахан,
Қандар болдым, жазым болып мен саған,
Сендей батыр хеш келмейди дүньяға,
Көңлиңдеги әрманды айт, жан балам.
Ашты алла дәўлет берип бағыңды,
Сен алғансаң атаңыздың қаныны,

Балам, енди саған келип бағындым,
Бердим саған тажы менен тағымды.

Толып-тасты күннен-күнге бул дәртим,
Мен урыссам артар енди мийнетим,
Арыслан менен араз болып нетейин,
Бул журтымның сен ийеси дүньяда,
Қабыл көрдим сениң енди өзине,
Гүлайымдай жалғыз енди перзентим.

Ақты көзден бул майданда қанлы жас,
Кестиң душпаныңнан енди сайлап бас,
Ел дегениң ғош жигиттиң қанаты,
Сорап келдим, балам, сеннен бул саўаш.

Сендей батыр енди мениң керегим,
Саўаш күни тасты сениң жүрегиң,
Гәҳи өлтир, гәҳи күлдир, өзиң бил,
Сораған жериңди қабыл әйледим,
Қойғыл балам, ашыўыңды тиледим, —

Дейип енди бул патша,
Күйип оттай жанады,
Мәрттиң қолын алады,
Әскерлерин ертип,
Батыр туўған Ер Қосайдың,
Атын енди жетелеп,
Иззет қылып батырға,
Тахтына алып барады,
Шадлық кеўлин толтырды,
Алтын таххқа миндирди,
Таслады батыр мийнетти,
Тоғыз күн, тоғыз түн,
Ғайратының астынан,
Абаханның тахтында,
Батыр көрди рәхәтти.

Ендиги сөзди еситиң.
Сараман менен Қараман,
Абахандай патшаның,
Ўәзирлери бар еди,
Батырдың қолынан услап,
Көзин булар жаслап,
Ер Қосай мәртке қарап,
Айтты бир-еки аўыз жаўап:

— Қулақ салың сөзимизге, баҳадыр,
Қуўанғаннан патша саған сөз салар,
Қонақ едиң елимизге, султаным,
Абаханның сизге қылар тойы бар.

Жақсылардан сен туўыпсаң бир назар,
Ашық қызың машығым деп зар урар,
Абаханның бизге айтқан сөзлери,
Сизге көрди жалғыз қызын миясар.
Салтанатлы сен баҳадыр төресең,
Бул сөзлерди енди қалай көресең?

Хан сүйеди сени перзент қылмаға,
Бул сөзимди қалайынша билесең?

Сонда турып Қосай батыр сөйледи,
Сөйлей берип бул адамға не деди:

— Ат мойнына тақтым тилладан тумар,
Кеўилиме түйип жүрген әрман бар,
Берер болса қызын патша бизлерге,
Ер Қодарға көрдим оны миясар.

Қодар өзи дүньядағы бир палўан,
Бақырғанда титирер жер менен аспан,
Үйленбеген арыслан еди дүньяда,
Ер Қодарға той бассасын Абахан.

Илажсыздан патшасы,
Батырдың айтқан бул сөзин,
Мақул ғана көреди,
Ели-журтын жыйдырып,
Үш күн тойды береди.
Ашылған гүллер лалады,
Некесин қыйып ер Қодар,
Гүлайым атлы арыўды,
Енди өзи алады.
Дәўран қылды сәўбетти,
Қыз түўе қатын көрмеген,
Патшаның қызы менен,
Қодар көрди рәхәтти.
Жети күн шәҳәрде болады,
Жети күн өтти арадан,
Батыр туўған Ер Қосай,
Ханнан рухсат сорады:

—Бенде болған бул дүньяда зар урар,
Душпанларға дүнья болды енди тар,
Қулақ салып арзымды есит, хан ата,
Перзентиңниң сизге айтар арзы бар.

Сайлап минди душпан көп дем әреби ат,
Жигит болмас бул жәҳанда нәмурат,
Зәкатыңды берип енди бизлерге,
Тилегим сол, бизге бериң рухсат.

Душпанымды мен жылаттым зар-зар,
Қәҳәр етсем талаў болар қалмақлар,
Бағынғаның ырас болса Абахан,
Бизиң ханға болсын енди миясар.

Деген енди ўақтында,
Патша орнынан турады,
Басына күнлер туўады,
Халықтың жаны салынған,
Өзиниң мөрин басады,
Патшам Аршахан деп,
Шын ўәдесин береди.

Бир мың нардың үстине,
Хасылдан қамка аттырды,
Сары атанның белине,
Тахтырәўан қурдырды.
Гүлайым қызды ол патша,
Сол бир нарға миндирди,
Зәкат пенен малыны,
Тағы да бир мың нарыны,
Патшаның арыў дилбарын,
Қолындағы дәптерин,
Ықтиярын алады,
Бағындырып Ер Қосай,
Сансыз душпан өлтирип,
Палўанлығын билдирип,
Минди аттың белине,
Қайта берди ғош жигит,
Зәкат алып қалмақтан,
Ноғайлының елине.
Анда патша келатқанда,
Қызын узатқан болып,
Атының басын бурып,
Ол қызы атасына қарап,
Айтты бир-еки аўыз жаўап:
— Ата, қулақ салсаң мениң тилиме,
Қазан урсын залымлардың гүлине,
Әрман менен журттан кетип бараман,
Қосыла алмай өмиримде теңиме.

Ўайран болсын сен бир минген алтын тақ,
Басымнан кетти ғой енди бүгин бақ,
Бенде болдым мен ноғайға, жан ата,
Умытпастан бул исинди хеш бир ўақ.

Қайтып көрер бир кеткен соң елим жоқ,
Шәменде ашылған қызыл гүлим жоқ,
Әрман менен кеттим киси елине,
Ойнап-күлер мен сорлының теңи жоқ.

Өзим қызбан ашылмаған бул бәхәр,
Пейлиңизден талаў болды дүнья-мал,
Аз ел дейип зар жылатып ноғайды,
Кесапатыннан мени алды ғарры шал.

Қызлардың кеўили қашан болар шад,
Қалайынша қылайын шалға ықтықат,
Хош аллияр, ийманы жоқ жан ата,
Жас кеўилим болды мениң нәмурат.

Сонда турып бул Абахан сөйледи,
Сөйлей берип жалғызына не деди:

— Жылай берме енди, қызым, зар-зар,
Сениңдейин бенде болар ноғайлар,
Олжа қылып аз ноғайдың еллерин,
Бүлдирерге Тохтаполат ағаң бар.
Кеттим деп баўрымды етпе мениң қан,
Қыларман ноғайдың еллерин талан,
Кеўлиңдегин еле, балам, сүйерсең,
Барғыл балам, кете бергил, хош аман.

Он төртинде болып един бәркамал,
Аман болсаң сен сүрерсең сан дәўран,
Тохтаполат ханды ертип бир күни,
Мен де енди Ер Қосай деп барарман, —
Деп патша қалады.

Батыр туўған Ер Қосай,
Мал-дүньясын ызғытып,
Бул ноғайдың елине,
Енди жөнеп барады,
Бир нешше күн жол жүрди,
Азғана емес мол жүрди,
Ел шетине келеди,
Бабаға қарап Ер Қосай,
Бир-еки аўыз сөйледи:

— Баба, айтар бүгин саған арзым бар,
Көринеди маған енди дүнья тар,
Дәптер менен сансыз зәкатты алып,
Акшаханның енди қасына сен бар.

Ғайратымды көрсин ноғай Аршахан,
Шәхри болсын мал-дүньяға гүлистан,
Дәптер менен зәкат берип қолына,
Қайтқанымды көрсет мениң сол заман.

Рәҳәтимди көрсин мениң көп ноғай,
Етеди деп ойлаппа еди буныңдай,
Тайсалмастан сөйле барып мәрт Қодар,
Саған айтар арзы-халын Ер Қосай.

Мине енди сендей мәрттиң дийдары,
Аллаға жеткенди батырдың зары,
Ғайратымды көрсин енди Аршахан,
Дәртке дәрман денсаўлықтың болғаны.

Маған берди, аман келди қарыўы,
Буны билгил, бармекен қыз арыўы,
Кете бергил әсте-ақырын, бабажан,
Усы тусла бизиң ярдың аўылы.

Мен бир енди мал-дүньяны нетейин,
Досымның кеўилин шад бир етейин,
Сен кушасаң Гүлайымдай арыўды,
Руксат берсең ярды көрип өтейин.

Бул гәплерди сол ўақта,
Қабыл алды бабасы,
Көргенниң ақылын алады,
Сол мезгили болғанда,
Баба кетип барады,
Әне енди Ер Қосай,
Бир аўылға тез барып,

Бир таз баланың тумағын,
Хәмде кийген шапанын,
Етигин хәм алады,
Яр аўылының шетине,
Айнакөл деген жерлерге,
Ер Қосай жетип барады,
Атының хәм үстине,
Жаман бастырық салады,
Батпаққа хәм батырып,
Кендирден айыл шалады,
Өзи де аўнап батпаққа,
Орнынан турады,
Ағымбайдың үйинин,
Тусына жетип Ер Қосай,
Көзин тигип қарады,
Атым батты мениң деп,
Жылқыман едим өзим деп,
Қасында жүрген адамға,
Даўыслап айбарақ урады:

— Мен жылқыман, жүриўши едим далада,
Жетим едим жалғаншыда дүньяда,
Жалғыз атым бар еди ол сор туяқ,
Көлге батып сорлап қалдым, хан аға,
Обалы барды хайўан енди атымнын,
Шығарыўға көмеклесиң, жан аға.

Турып едим Айнакөлден суўғарып,
Өзи арық, дәрман жоқты, ол талып,
Қалды атым Айнакөлде, ағалар,
Алып бериң сол атымды шығарып.

Талдай мойын бурады,
Қай отаўға барарын,
Билмей ғана Ер Қосай,
Қайғыланып турады.
Байдың қызы Қансулыў,
Отаўына барады,
Отаўды ашып қарады,
Көзин жасқа толтырды,
Босағаға сүйенип,
Жымпыйтып кийип тумақты,
Таз бала болып отырды.
Қараса енди Ер Қосай,
Кийгени қыздың ол парша,
Алдында турған Қансулыў,
Сырлы аяққа қымыз қуйып,
Көзин сүзип Қансулыў,
Тоғыз бир жас жигитке,
Хызмет қылғанын көреди,
Қызға мойнын бурады,
Қыланлап енди турады,
Нешше бир жилўа-наз бенен,
Ләбинде паллы сөз бенен,
Қансулыў жигитлерге қарап,
Мәслигинен ысқырып,
Байбәтше жаўап салғанда,
Күледи енди пысқырып.
Таллап бир шашын өреди,
Сырлы енди зеренге,
Қымызлар қуйып береди,
Қыз мойнын бурады,
Таз бала болып Ер Қосай,
Телмиреди турады,
Қайдан келди бул таз деп,
Бай баласы жигитлер,
Қамшы менен әсте-әсте,
Шырт еткизип урады,
Байбәтшелер қанады,
Ақырып турған қымызға,
Шети сынған зеренге,
Қансулыў қымыз салады,
Ол қымызды узатып,
Қосайға таман созады,
Сол ўақтында Ер Қосай,
Суўық демин алады,
Қолына зеренди услайды,
Батыр туўған Ер Қосай,
Қумар көзди жаслады.
Билип қыздың қылығын,
Енди қосық баслады:

— Әй, Қансулыў, Қансулыў,
Қызсаң, сенде барды бақ,
Танымайын мени сен,
Билдиңиз ғой бир саяқ,
Жетим бала сен дедиң,
Маған берип кирли аяқ,
Көрдим сениң қылығынды,
Ойлағаның бул болса,
Басыңнан кетпейди таяқ.
Байбәтшелер қасында,
Байдың улы, олар хан,
Қылўаңызды мен көрдим,
Қутылмағын нагүман,
Танысаң, мен Ер Қосай,
Таз бала болып мен келдим,
Расың менен назлы яр,
Айырылыпсаң ақлыңнан,
Сапар мениң қылғаным,
Патша залым Абахан,
Қараханды өлтирип,
Қабланлыны өлтирип,
Салдым қалмаққа талан,
Зәкатын алып қалмақтан,
Көрмеге келген яр едим,
Он төртимде бәркамал,
Хызметиңди мен көрдим,
Сәўдигим, сеннен ыразыман,
Абаханға мен барып,
Алып келатқан зәкатты,
Қайтып саған келемен,

Бул исинди, перийзат,
Билдим енди сырыңды,
Хош аман бол, Кансулыў,
Питти бизден аманат.

Бул батырың турады,
Талдай мойнын бурады,
Ендиги сөзди еситиң,
Перийзаттан еситиң,
Иши оттай жанады,
— Кесириң тийди, ийтлер, — деп,
Кесеўди алып колына,
Жигитлердиң сол ўақта,
Маңлайына урады,
Байбәшени ийтерди,
Бақан менен сабады,
Талдай мойнын бурады,
— Тәўбе қылдым ярым, — деп,
Зары-гирян кылады.
Қолына аркан алады,
—Гүнайымды кешир, — деп,
Ер Қосайдың изинен,
Қансулыў жылап барады:
— Хәй, Ер Қосай, Ер Қосай,
Хәр сөзиң бар бир талай,
Атаңа нәлет ийтлерди,
Келгеним жоқ шақырып,
Азырғанды бир қудай.
Мийрим қанды көрип сени,
Кеўилиме от салдың,
Сен екенсең мүлайым,
Бул исти кылған қудайым,
Алла қосқан ярымсаң,
Кеширгил мениң гүнайым.

Қарамай батыр барады,
Қыз бир қуўып барады,
Тулпарыны Ер Қосай,
Сол ўақлары көреди.
Шыққан екен жәниўар,
Ол батпақтан сол мәхәл,
Тулпарын тутып алады,
Таз баланың кийимин,
Сарпайларын береди,
Саўытларын кийеди,
Ашылған гүллер лалады,
Ярының сырын алады,
Әйне сәске ўақтында,
Аршаханның алдына,
Барып сәлем береди.
Хан сәлемин алады,
Әйне сәске ўақтында,
Ханның мийри қанады,
Хошўақ болып Аршахан,
— Пидә болсын шийрин жан,
Рахмет, саған Ер Қосай,
Кеўлимде қалмады әрман, —
Деп бир көзин жаслады,
Уллы байрам-тойларды,
Патша турып баслады.
Қуўанғаннан бул патша,
Қырық күн тойды береди.
— Малы-дүньяны алып,
Абаханның басына,
Қайғы-хәсирет салып,
Келген еди Ер Қосай,
Батыр бар ма бунындай,
Еткен иси пәкизе,
Мүлтиги жоқ оң қолдай,
Соның ушын әлеўмет,
Шады-хоррам боларман,
Ўәзирлерим басласын,
Ортаға буны саларман,
Ер Қосайдай батырдың,
Ислерине ылайық,
Қалай кеўлин аларман? —
Деп бир сөзди баслады,
Өзиниң кеўлин хошлады:
— Арзым есит, алтмыш еки хәмелдар,
Ер Қосайдан бурын дүнья маған тар,
Уллар олжа, қызлар жесир-күң еди,
Маған енди ақыл бериң, батырлар.

Бундай исти қылмас қырық мың аламан,
Рәхәт көрдим Ер Қосайдай баладан,
Талқан қылды Абахандай залымды,
Зәкатыны ғәзийнеге саламан.
Сондай бизге көп зийнетлер еткенлер,
Бунын кеўлин қалайынша аламан?

Сонда турып беглери де сөйледи,
Сөйлей берип Аршаханға не деди

— Ашық болған машығым деп зар урар,
Гүлсим деген сениң, патша, қызың бар,
Кеўлин алсаң Ер Қосайдай баланың,
Қостарлықка қызың болсын миясар.

Ер Қосай ғой жер-жәханда айбатың,
Көрип те отырсаң өзиң ғайратын,
Орынларсаң Ер Қосайдың хызметин,
Бере ғойсаң Гүлсим атлы зүриятың.

Бул гәплерди айтқанда,
Патша қағаз жазады,
Перзентине сол ўақта,
Қыз да жаўап жазады,
Қабыл қылып перзенти,
Кетти ханның мийнети,
Тойдан соң оның некасын,
Келип бәри қыяды,
Гүлсим деген қызларды,

Ер Қосайға береди.
Сарайына барады,
Қызға таман жүреди,
Көрди енди ол Гүлсим,
Ер Қосайдай төрени,
Еки ашық қосылып,
Әрмансыз дәўран сүреди.
Көп күн өтти арадан.
Бир күнлери перийзат,
Берди бир кесе шарап,
Ер Қосайдың кеўлине,
Ойындағыдай жарап,
— Басыңнан өткен ислерди,
Көрип едим мен қарап, —
Деп ғана ғой сол ўақта,
— Айтып берсем нетеди, —
Деп айтты бир-еки аўыз жуўап,
Алды меннен руқсат сорап.

Қәҳәрленди сонда батыр,
Кесени урып жерге таслады.
Оны жыйнады перийзат,
Батырдың қәҳәри келип,
Айтты бир сөз кеўилин бөлип:

— Ғош жигиттиң қыздан кеўли қалмайды,
Шын ашықтың айдай көзи жайнайды,
Қурай берме бул кесени, сәўдигим,
Мың қурасаң да енди кесе болмайды.

Бул сөз бенен айралықты санама,
Қыз ойнаса жигит кеўли қала ма,
Хәлек болма бүгин енди, сәўдигим,
Сынған кесең енди кесе бола ма?

Сол ўақлары перийзат,
Мәртке қарап сөйледи:

— Сөзлер айттың далаға,
Тилегим сендей мәрт еди,
Қосқанды сени бир алла,
Қалған кеўил, султаным,
Қайтып өзине келе ме?
Паянсызды бул дүнья,
Мысал әйел кетени,
Кеўилимде әрманды,
Жигит күни жайнаған,
Ашығым, буны ойласам,
Бир қыздан кеўилиң қалыпты,
Сынап турман ийилип,
Сениңдейин султанды.
Жалғаншыда гүлзарың,
Барма еди бурыннан,
Атаннан пәтия қылғаның?
Кеўил қойып алғаның,
Қансулыўдай жананың,
Қансулыўдай жананың,
Сен қалмаққа шыққанда,
Сәлле кийип басына,
Мәлле кийип үстине,
Ақ сақаллы пир болып,
Барып еди кешениң,
Бул ярымы болғанда,
Әскер басы Қартхожа,
Қартхожаның қасына,
— Инанба сөзине баланың,
Барсаң ноғай өлерсең,
Лаш-лаш болып қаларсаң.
Қызыр Ильяс пириңмен,
Мусылманның жанларын,
Қайғырып келдим, — дегенди.
Әскербасы Қартхожа,
Кеўли енди йошқанды,
Ырас-ақ пир екен деп,
Сени таслап қашқанды.
Сен турдың да орныңнан,
Жән-жағыңа қарадың,
Аттың жалын тарадың,
Жалғыз енди атландың,
Қалмақлардың елине.
Атаннан қалған бес мазар,
Жыладың онда зар-зар,
Әрўақ енди хәр жайда,
Сендей мәрттен хабардар,
Руқсат берип яранлар,
Сен қалмаққа барғансаң,
Қарахан менен Қабланлы,
Өлтирип қалмақ палўанын,
Абахандай патшадан,
Зәкатыңды алғансаң.
Рас па еди, султаным,
Абаханның бул қызын,
Атамызға алғаның?
Батырлығың билдирип,
Залымлардың геўдесин,
Найза ушына илдирип,
Сансызыны өлтирип,
Келатырған ўағыңда,
Бир қыялды қылғансаң,
Қансулыўдың үстине,
Таз бала болып барғансаң,
Тоғыз байдың баласы,
Қансулыўдың үстинде,
Отырғанын көргенсең,
Есигинде телмирип,
Тиленши болып турғансаң,
Қымыз ишкенин көрип,
Өзиңди отқа салғансаң,
Минип аттың белине,
Аўыр алып кеўлиңе
Қансулыўдың ислерин,
Бул шәҳәрге келгенсең.

Елшер буны көргенде,
Беглер буны көргенде,
Атам деген мунлы еди,
Ықтыярды бергенди,
Несип болып мен саған,
Өмирликке косылып,
Минекей бүгин, костарым,
Әрмансыз дәўран сүргенди,
Ырас еди бул сөзим?
Көргендей-аў мениң көзим,
Ыраспеди султаным,
Жалғанбеди султаным?
Кесе сынып қалғанды,
Яр гүнакар болғанды,
Нешше күн дәўран мен сүрдим,
Кеўилимди тындырдым,
Сөзди ашпақ ушын мен,
Бул кесени сындырдым,
Яр болғай-дә алла бир,
Болмағайман тәкаббыр,
Кеширгейсен, Ер Қосай,
Қалмасын бизлерден кеўил,
Ашылған мениң талайым,
Жолында қурбан болайын,
Сол себеп сынды бул кесе,
Кешир, батыр, гүнайым,
Перийзатпан, төремен,
Айтқанына жүремен,
Болажақты, болғанды,
Оқыў менен билемен,
Өзим нашар ақылсыз,
Ықлас пенен қулақ қой,
Тағы да кеңес беремен,
Бир кеўилим сенлерде,
Өлгенше дәўран сүремен.

Әмма-лийкин сол ўақта,
Еситип буны Ер Қосай,
— Руқсат бер сен маған,
Айтқаның дурыс соныңдай, —деп,
Айтты бир-еки аўыз жуўап:

— Саўаш күни жараспай ма әреби ат,
Жамалыңа күннен-күнге кеўлим шад,
Душпан болса, қылсам халқыны нышқырт,
Рухсат бергил бүгин маған, перийзат.

Жалғаншы өтеди басымнан дәўран,
Қаст еткен бендени қоймаспан аман,
Мен барайын Ағымбайдың елине,
Рухсат берин көзгененнен, әй жанан, —

Дейип енди бул батыр,
Сары ала тулпарға,
Мақпалдан беллик салады,
Зербаптан терлик салады,
Зәңгилиги бәри алтын,
Ерлери де және алтын,
Ат белине қояды,
Бабасынан қалған саўытты,
Батыр енди кийеди,
Көк полатқа ғарқ болып,
Минип аттың белине,
Шығып қызыр шөлине,
Ғайраты тасып жөнеди,
Ағымбайдың елине.
Батыр кетип баратса,
Қабағынан қар жаўып,
Аўылының тусында,
Әлеўшедей анасы,
Ақ сүт берген кәбасы,
Балам қайдан келатыр деп,
Турғанлығын көреди,
Анасына қарады,
Соған қарап Ер Қосай,
Атының басын бурады,
Анасына бул батыр,
Сәлем берип турады.
Анда турып анасы,
Ашыўланған баласын,
Көрип бир сөз айтады:

— Сени көрмей болар енди кеўлим тар,
Перзентсизлер бул дүньяда муңаяр,
Дийдарыңды көрип болдым бийтақат,
Балам, саған айтар мениң арзым бар.

Ушар таўдан сайрап енди мурғызар,
Сен батырсаң, неге болды кеўлиң тар,
Көк темирге ғарқ болыпсаң перзентим,
Мен ойласам, көңилинде бар бир хабар.

Жақсы менен болған енди сәўбетиң,
Бул келиўде саўаш сениң нийетиң,
Қайсы елден, қайсы елге барасаң?
Айтып кеткил анаңызға, перзентим.

Мен жылайман, батыр, сен деп зар-зар,
Жамалыңды көрсем тарқайды қумар,
Айтар саған арзым енди, перзентим,
Сен деп сарсаң болды бабаңыз Қодар,
Екеўимизге бирдей айтқыл жолыңды,
Қайлардан қайларға әйледиң сапар?

Бул сөзлерди айтқанда,
Ақ сүт берген анасы,
Қамшысын таўлап кереди,
Қодар деген бабасы,
Бабаны көрип батырың,
Ақылынан сасады,
Мәрттиң қәхәри қашады,
Атынан мәрт түседи,

Жетелеп атын сол ўакта,
Қодар деген бабасы,
Батыр туўған Ер Қосай,
Үшеўи бирден қосылып,
Ақ ордаға барады,
Ақ ордаға барған соң,
Үшеўи кенес салады,
Қамшыларын қолға алып,
Қодар кәхәр қылады:

— Мынаны мақул көремен,
Атаның пәтия қылғаны,
Қансулыўдай арыўды,
Саған алып беремен,
Бул дүнья бастан өтер,
Егер алып бермесем,
Көзлерим ашық кетер,
Қулақ салың, жан балам,
Сен алмасаң ол қызды,
Бизиң көп мал күйип кетер, —
Деп ойласып кемпир-шал,
Қәҳәрленип қатланып,
Батырға қарап оқланып,
Анасы менен бабасы,
Баслады мына сөзлерин:

— Арзымды еситкил мениң, жан балам,
Қәсийет шықпас хеш қашан да патшадан,
Сен алыпсаң Аршаханның бул қызын,
Патшаның қызы еди нийети жаман.

Хан, төреде кескир шапқы ол алмас,
Бийшараға патша халқы ел болмас,
Алып келиң Ағымбайдың қызыны,
Сен деп ағар көзлеринен қанлы жас.

Ышқы отына күйип-күйип жанаман,
Тил алмасаң саған қайғы саламан,
Мен тилеймен көңилиңдеги жеделди,
Сениң менен қуда түсип бараман.

Ер Қосайсаң, салтанатлы төресең,
Ашыўыңды атаңызға бересең,
Алты түлик мал жибердик қалыңға,
Ыразы болсаң бабаң менен жүресең.

Сенсең балам бағ ишинде бүлбилим,
Патша солдырады бир күнлер гүлин,
Хан қызы деп айрылмағыл ярыңнан,
Ханның қызы билмес сениң кәдириң.

Деген енди ўақтында,
Батыр енди Ер Қосай,
Инанды баба сөзине,
Ашыўын қойып ереди,
Бабасының изине,
Ашылған бағдың гүлине,
Қодардың ерип кейнине,
Өзи он сегиз жасында,
Алтын айдар басында,
Қырық жигит қосшы болады,
Ер жигиттиң қасына,
Қулақ салды бул батыр,
Бул бабаның тилине,
Баба менен қосылып,
Ер Қосайдай батырың,
Қайнатасы Ағымбайдың,
Елатына барады,
Көргенниң ақлын алады,
Майдан-шөли далады,
Бул батырдың аяғының астына,
Паяндозды салады.
Ақ отаўға киргизди,
Батыр туўған ерлерге,
Қойдан сойып семизди,
Душпан көзин жаслады,
Батыр туўған Ағымбай,
Қуўанышы усы еди,
Уллы тойды баслады.
Бүгинги күн, күн батты,
Түн ярымы болғанда,
Жеңгелери батырға,
Жыйналысып келеди,
Алпыс жерден кәде алды,
Жеңгелери батырға,
Қыздың қолын береди,
Батырдың енди қолынан,
Қыз бир тартып алады,
Өзине тартар ўағында,
Қолын тартып жиберип,
Сөз баслады Ер Қосай:

— Жигит болып сайлап миндим әреби ат,
Жақсы қатын ғош жигитти етер шад,
Кесир болдың баратырып бахтыма
Не гүнайым бардур мениң, перийзат?

Айтайын кеўлимде сөзимди, жанан,
Жүрегиме сен салғансаң дақ, әрман,
Атланғанда Абаханның елине,
Бес жүз әскер алып залым патшадан,
Баратқанда сөйтип қалмақ елине,
Неге әскерлерге болдыңыз зыян?

Ашылғанда мың гүлимнен енди гүл,
Әскерден айырып қылғансаң себил,
Ғарры пирлер болып келип әскерге,
Кесапатлық ушын айттың зыян тил.

Әскерди изине қайтарған ладан,
Өлсин деп ойладың қас болып маған,
Оның менен хеш нәрсем де кеткен жоқ,
Душпанымды қырып келдим мен аман.

Жүрген жерим айдын көлли таў-дала,
Ядымнан кетер ме сен салған шала,
Тоғыз жигит пенен отырғанында,
Қымызларды ишип, сулыў, отаўда.

Жумыры кийип сол ўақытта басыма,
Келдим үстинизге болып таз бала,
Отырғанда сен отаўдың алдында,
Қылықларың жүдә жақты жаныма,
Сынық зерен менен қымызлар берип,
Қостар болып қарадың ғой халыма.

Кеткеним қалмақтың еллери жырақ,
Бул басымнан айрылмаған дәўлет-бақ,
Шарап бердиң байға сырлы ыдыста,
Маған усынғаның бир сынық табақ.
Жигер-баўрым сонда болды мениң қан,
Қоймады, қурысын, көтерди шайтан,
Болар исти айтып кеттим мен саған,
Билемисен сол сыйыңды, перийзат,
Ойлан, өзинизге етип турман уят,
Мениңдей ярыңа азаплар берип,
Ойланыз Қансулыў, болмай ма уят?

Өйбей-өйбей, өй деди,
Сонда турып наз бенен,
Қансулыў қыз сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Арзымды еснт,султаным,
Сен деп пидәды жаным,
Ноғайдан алдың көп әскер,
Маған мәлим, арысланым.
Айтқаныңды қулаққа илдим,
Саған зыянкес не қылдым,
Әскериниз болмаса да,
Қырарыңды жаўды билдим.
Он төртинде бәркамал,
Әскер алдың ноғайдан,
Ол әскер менен барғанда,
Бул бир еткен исиңе,
Инанармеди Аршахан,
Ерлигиңди билсин деп,
Мениң ғана ярымның,
Күш-қуўатын көрсин деп,
Абырой мәрттиң жанына,
Көтерилип дөнсин деп,
Қашырғаным әскерди,
Ырас еди, султаным.
Қайтып келген ўақтында,
Таз бала болып келгениң.
Әўел бастан билгенмен,
Жас жигитлерди шақырып,
Биле тура мен саған,
Бир жақсылық еткенмен.

Атаңның пәтия қылған
Қыямет қосқан яр едим,
Кеше-күндиз Қосайға,
Өзим аҳыў-зар едим.
Айтқаным мениң болады,
Қандай ўақыт болса да,
Мени Қосай алады.
Буны кимлер билмейди,
Душпан жөнге жүрмейди,
Егер тийсем мен ҳәзир,
Ханның қызы тиймейди,
Тиймек түўе жигитти
Нәзерине де илмейди.
Ханның Гүлшин сулыўы
Қатын үстине бармайды,
Әўелден-ақ Қосайым,
Ғамыңды сениң жеп едим,
Ашыўың келип сен маған,
Ханның қызын сол мәҳәл,
Алағойсын деп едим,
Сени жақсы көргеним,
Тилегиңде жүргеним,
Усы еди қымызды
Шети жырық табаққа
Толтырып қуйып бергеним,
Ырас еди,султаным,
Ағып көзимнен жасым,
Қабыл болды налышым,
Аманатың менде бар,
Еки дүнья бир жүрер,
Мениң сенсең жолдасым.
Ер Қосай ҳайран қалады,
Бул сөзлери сулыўдың,
Көңилине қонады,
Мәрттиң мийри қанады,
Алла қосқан ярынан,
Қайырылып поса алады,
Шашын сегиз өреди,
Жамалыны көреди,
Қушақласып қыз бенен,
Арқайын дәўран сүреди.

Ендиги сөзди еситиң,
Қалмақлының елинен.
Баяғы айтқан шәрт пенен,
Абахан менен Тоқтаполат,
Шығыпты байтақ елинен,
Ер Қосайды өлтирип,
Қабланлының қанын алмаға,
Ноғайлыны бүлдирип,
Биразға саўда салмаға,
Саң мың әскер айдатып,
Қара топты сүйретип,
Темир арба қыйратып,
Алыўға Қосайды тутып,
Аўылына барады.

Нешше күнлер жол жүрип, аяғын зәңгиге тиреп, жән-жағына қарап, аўылынан, елинен Ер Қосайды сорап, Қодар жатқан ордаға барып, «хабарлас» деп Абахан айтады бир-еки аўыз жаўап:

— Әўел бардың, ақты көзден қанлы жас,
Ноғайда қоймастан ар билен намыс,
Қашқыншысаң, қарақшысаң Ер Қосай,
Шық майданға, үйде болсаң хабарлас.

Кеўлиме салғансаң қайғыны жаҳан,
Ғапыллықта қылдың халқымды ўайран,
Хабарласқыл, хабар берип Қосайдан,
Жатқан болсаң, аш көзиңди уйқыдан.

Басқаңызды енди мен бир нетемен,
Таўып бермесең елатыңды үйтемен,
Орынлансын патшамыздың буйрығы,
Табағойсам тири алып кетемен.

Әне, Қодар баба, бул сөзди еситип «айшы-әширетте жатқан балларының үстине бармасын, ғапыллықта геллесин алмасын, кәҳәрленип айтып сөзимди, Ер Қосай мен деп айтайын қалмақларға өзимди.

Тири болса арысланым,
Жетип барар изимнен»,
Деп бир енди бул бабаң,
Бир сөз айтты оларға:

— Дүнья болған бизге тар,
Ер еңбеги күймесин,
Аттан түсиң, ағалар,
Өзим жасап бәркамал,
Қараханды өлтирдим,
Қабланлыны өлтирдим,
Қалмады меңде ҳеш әрман,
Байлаң мени Абахан,
Үйге кириң тезирек,
Қанларың Қосай боларман.
Қашпайды батыр қазадан,
Тайсалмай турды үйинде.
Жан алса да сол ўақыт,
Ҳаққа жеткен бул зары,
Тарқаталмай қумарын,
Соғысарға күшим жоқ,
Отлап кеткен тулпарым,
Тутып байла, әй, Абахан,
Қалмасын енди әрманың,
Сениңдейин залымның,
Заўаханды ағасы,
Тилинде ҳақтың санасы,
Шейит өлмек бизлерге,
Бурыннан мийрас болғанды.
Берип един дәптериң,
Сен бир маған бағынып,
Болмайды екен ҳеш ўақыт,
Залымлардың ўәдеси,
Айтқан сөзиңнен айныдың,
Рәҳим қылғай бир қудай,
Не қылайын дүньяда,
Кәйин журтқа келгенде,
Қан жылаттың өзимди,
Мине, мендур Ер Қосай.
Шықты батыр майданға,
Қалмақтың көзи жайнады,
Бул ақшамның ишинде,
Қодар деген бабаны,
Қолын артына байлады,
Таптық дейип Абахан,
Шаўқым салды далаға,
Салбыратып аяғын,
Байлады тартып арбаға,
Еки аяғы салбырап,
Арбасында қалмақтың,
Зары-гирян жылады,
Жылап сөйлей береди,
Сөйлеп не дей береди:

— Болдым енди түн жарпында бийхабар,
Ер Қосайға дүнья болды енди тар,
Елиң-журтың енди қарап болғаны,
Уйқыңыздан оянагөр, ноғайлар.

Қолыңа алғаның пирден сары жай,
Елиңиздиң болар енди алды сай,
Асқар таўың, арысланыңнан айрылдың,
Бенде болды қалмақларға Ер Қосай,
Кеттик бизлер, хош қалыңыз, көп ноғай.
Көргенниң ақылын алады,
Қалмақ кетип барады,
Излегеним табылды,
Абыройым жабылды,-деп,
Ақшамы менен жол жүрди,
Азғана емес, мол жүрди,
Таң атыўға қарады,
Ат қуйрығын өреди,
Арбаны айдап келеди,
Ол арбаның ишинде,
Еки аяғы салбырап,
Сақал-мурты жалбырап,
Жатқан енди Қодарды,
Сол Абахан көреди,
Атының басын бурады,
Ат үстинде Абахан,
Әскерлерге сөйледи:

— Алалмассаң бунның менен сен абырай,
Алдағанды хийлеси көп ол ноғай,

Еки аяғы ол салбырап киятыр,
Арбадағы Қодар, емес Ер Қосай.
Кеўилиме салып тағы әрманды,
Абаханның кеўили енди ўайранды,
Ер Қосай деп таныл берип қолыны,

Излегенин, Тохтаполат, қалғанды.
Арыў сүйип ақ үйинде ол қалды,
Алдап қыйған жаннан мен деп мәдарды,
Қайпағыңыз елге аман гүманды,
Арбадағы қулы оның Қодарды, —

деп сөзин тамам етти.

Ендиги сөзди Ер Қосайдан еситиң. Ерте менен турып, назлы бойын бурып, майданға шығып, Қодар бабасынан хабар алайын деп, ордасының алдына барса, көп аттың изи көринди. Қодардың сести шықпайды.

Буннан кейин ойланып,
Тәнде жаны қыйналып,
Қайда кетти бабам деп,
Бир-еки сөз айтты,
Ер Қосай батыр соранып:

— Жигитимде болдым енди бәркамал,
Қалмақлыдан суўдай ақты енди қан,
Мехрибаным жалғаншыда сен един,
Қайда кеттиң Қодар атлы атажан?

Қабыл еди жалғаншыда көз жасым,
Бирге алдың душпанлардан намысым,
Сансыз аттың ол излери көринер,
Шықпайды ғой, баба, сениң даўысың.

Сол ўақтында Ағымбай бай сөйледи,
Сөйлей берип перзентине не деди:

— Жылай берме, бойғанаңнан, әй, жаным,
Шашларыңнан көп екен ғой душпаның,
Түн жарпында келди енди Абахан,
Талаў қылды мениң бир неше малым.
Жаныма салғанды қалмақ уўайым.

Жаннан тойған Қодар бабаң зулымды,
«Мен Қосай» деп байлап берди өзини,
Ер Қосай деп алып кетти қалмақлар,
Таймай айтқаннан соң бабаң сөзини.

Жылап қалдым мен изинен зар-зар,
Басларына оның қара күн болар,
Ол кеткенде апыр-тапыр болғанды,
Болдың, балам, бул ислерден бийхабар.

Бул гәплерди еситип,
Батыр туўған Ер Қосай,
Қолына алды шын алмас,
«Кеткенимди билмесин,
Қайын журттан ел болмас»,
Дейип енди Ер Қосай,
Жаў-жарағын сай қылып,
Саўытына тай қылып,
Минди аттың белине,
Кәҳәрленип жол тартты,
Қалмақлының елине.
Бағдың гүли шайдады,
Бундай дәўран қайдады,
Астындағы тулпары,
Арлы-намыс күнинде,
Суўлық тайлап ойнады,
Күнлер песин болғанда,
Атты қойып барады,
Көзгененнен дал бедеў,
Көрди алдында қараны,
Келатырса Ер Қосай,
Оны көрип қалмақлар,
Қырық мергенди қояды,
Билип буны тулпар ат,
Өтириктен қулады,
Аттан түсип Ер Қосай,
Енди жолым болды деп,
Саўытын кийип алады,
Шарайнасы тобылғы,
Көктемирге ғарқ болды.
Көзгененнен тулпары,
Суўлығын әбден шайнады,
Мергенлер оқты байлады,
Оқлары кәр қылмады,
Буннан аман өтеди,
Тоқтаполат ханлары,
Батыр еди геллеғар,
Найзаны қолға алады,
Ыңыранып батырға,
Найзасын залым урады,
Қалқан менен найзасын,
Урып енди жиберип,
Бул да найза салады,
Аттан көтерип алады,
Атаңа нәлет қалмақ деп,
Жерге тартып урады.
Жәдигөй еди Абахан,
Хайяр еди Абахан,
Бул батырды көргеннен,
Мойнына белбеў салады,
Арбада жатқан бул баба,
Көрип бунысын патшаның,
«Өлтир балам, өлтир» деп,
Аллалап шаўқым салады,
Кескир қылыш испихан,

Қолға алып ол султан,
Тайяр болған Абахан,
Салды қылыш Ер Қосай,
Бул да өтти дүньядан.
Ҳәсер таўдан асады,
Сайлап гәўирди шаншады,
Залымның қанына қанады,
Бул Қодарға барады,
Жаздырып алып арбадан,
Бир тулпарға мингизип,
Қолына қылыш алады,
Қаст етип барған әскерге,
Аллалап шаўқым салады.
Қалмақлардың сол ўақта,
Патшалары өлген соң,
Әбден ақылы сасады,
Алды-артына қашады,
Батырлар қуўа береди,
Қанлы өзекке келгенде,
Бес мың әскер кейнинде,
Заўық деген патшасы,
Келатқанын көреди.
Көргенниң ақлын алады,
Күйип киятырған әскер,
Сеннен патша болды деп,
Абахан өлип қалды деп,
Тоқтаполат арысланнын,
Лашы шөлде қалды деп,
Кесириң жаман болғанды,
Журтты қарап қылғансаң,
Дейип енди қалмақтын,
Қашып киятқан әскери,
Аллалап тийди патшаға,
Өз әскеринен Заўық хан,
Әрман менен өледи,
Үстине келип Ер Қосай,
Хан өлгенин биледи.
Қалмақлының қаласы,
Алты еди дәрўазасы,
Дәрўазаға киреди,
Әскерлерин қуўалап,
Абахан менен Тоқтаполат,
Заўықханның өлгенин,
Халқы да буны биледи.
Ер Қосайдай батырды,
Ели-халқы жыйналып,
Иззет пенен алады,
Қызыл алтын тағынды,
Ер Қосайдай балаға,
Әдиўли қалмақ еллери,
Арысланым деп бағынды.
Орнынан бийди алады,
Қусбегиси, метеринин,
Ғамға кеўлин толтырып,
Ақша жүзин солдырып,

Жылқы баққан Қодарды,
Алтын тахқа миндирип,
Ер Қосай менен Ер Қодар,
Абаханның тахтында,
Неше күн рәҳәт көреди.
Әмма енди сол ўақта,
Бул патшаның елинде,
Бабасынан Ер Қосай,
Рухсат-жаўап сорады:

— Арзым есит, айналайын жан ата,
Сәўбет қылсаң қызық дейди бул дүнья,
Әй, атажан, қалмақлынын елинен,
Рухсат берсең кетер едим ноғайға.

Көтерилмейди мен барымда залымлар,
Халықтан кеткенди енди қайғы-зар,
Мен барайын ноғай елге, жан ата,
Көргенимше хош бол енди аллияр.

Кеўилимде көп бир мениң әрманды,
Залым патша айралықты салғанды,
Арзыў менен жетип едим сулыўға,
Қалмақ барып, ол әрманлы болғанды.

Сонда турып мәрт Қодары сөйледи:

— Кетер болсаң буннан, балам, аллияр,
Сен саў болсаң баталмайды залымлар,
Жетегиңе жетелеп кет бир мың нар,
Мал-дүньянды көрсе енди Аршахан,
Қалмақ елин алғанына инанар.

Қайнатаңыз, батыр, енди Аршахан,
Сырты пүтин, иши түтин ол болған,
Қайнатам деп инанағөрме сөзине,
Жолығып өт Қансулыўдың елине.

Егер буннан хабарласпай сен өтсең,
Келеди ғой ашығыңның кеўлине,
Нәсийҳатым тыңлап кетсең ыразыман,
Қайнағаңның үлкени еди ер Аман,
Сен жалғызсаң намыс алар душпаннан,
Жалғыз барма Аршаханның шәҳрине,
Меннен өзге жоқты сени қайғырған.

Бул гәплерди еситип,
Батыр Қосай бабадан,
Қырық түйениң үстине,
Алтын-гүмис арттырып,
Шамайылын тарттырып,
Жөнеди ноғай елине,
Саў-саламат бул батыр.
Бир неше күн жүреди,
Қайнатасының аўылының,
Бир шетине келгенде
Қайнағасы ер Аман,

Алғыр қусы қолында,
Шығып мәрттиң алдына,
Аманласып сөйледи:
— Сенсен мениң бағ ишинде бүлбилим,
Батырлықтан таппадым мен ҳеш минин,
Аршаханнан сен хабардар болагөр,
Дос деп кеўил берме оған, жан иним.

Кәмбағалды қан жылатып бүлдирген,
Ай Көкшениң айдай жүзин солдырған,
Аған еди жалғаншыда Ер Көкше,
Ҳийле менен ол муңлыны өлтирген.

Ханлар қурған мунда алтын шатырды,
Аған шаншып еди сайлап гәўирди,
Патшалардың ол бурыннан әдети,
Дос билмейди ҳеш жәҳанда батырды.

Кеўилиңе сен жалғыздың әрманды,
Ҳәм де бизге айралықты салғанды,
Қартқожасы барды оның әмелдар,
Сениң ушын бир ойласық қылғанды.

Жетегиңе тарттырыпсаң бир мың нар,
Қазылған болмасын алдында орлар,
Торға түсип зая болма, жан иним,
Сен өзиңнен болғыл енди хабардар.

Сонда батыр сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Мен жылайман жеккеликтен зар-зар,
Жалғызлықтан менде енди кемлик бар,
Сениңдейин уллы ағам турғанда,
Душпан қыла алмайды бизге ықтыяр.

Кийгенлерим алтын саўыт, зернигар,
Ер Аманбай, Жоламандай ағам бар,
Иним кетти дейип болма бийқайғы,
Жаным аға, сиз изимнен барыңлар.

Бул гәплерди айтқанда,
Түйени батыр жетелеп,
Жолға рәўан болады,
Кеўил қойып жолларда,
Еңбекши деген қалаға,
Батыр жетип барады.
Қарсылдаған топ мылтық,
Сарқылдаған сары жай,
Гүлдирлеген топлардың,
Даўысы енди келеди,
Жаў алғандай болады,
«Өлдим» деген бир даўыс,
«Талдым» деген бир даўыс,
«Аттың енди астында,
Қалдым» деген бир даўыс,

Бул шаўқымды көреди.
Батыр туўған Ер Қосай,
Төбеден даўыл урғандай,
Биз кеткели елиме,
Бир бәле келип қалды ма,
Дейип енди бул батыр,
Ашыўларын таслайды,
Атқа қамшы басады,
Батырдың аңы қашады,
Қалаға жақын барады,
Ол қаланың алдына,
Батыр барған ўақтында,
Күн жайына барады,
Атты қойып жиберди,
Кәндегине қараса,
Тулпар деген жәниўар,
Қәндек екенин биледи,
Қарғып өткен ўағында,
Алдындағы қырық мерген,
Аттың өзин байлады,
Бағдың гүли шайдады,
Бундай дәўран қайдады,
Атқа оқлар тийеди,
Ол кәндекке қулады,
Батыр енди кәндекке,
Түсип ғана қалады.
Жығылғанын биледи,
Залым енди сол ўақта,
Аршаханның әмелдары,
Қиминиң найза қолында,
Қиминиң қылыш қолында,
Қиминиң пышақ қолында,
Баланы ортаға алады,
Ор ишинде Ер Қосай,
Зары-гирян жылады,
Жаў ишинде Ер Қосай,
Жалтаңлайды, барады.
Қайнағасы Ер Аман,
Қылыштан ақты қызыл қан,
Бес инисин ертип,
Атты қойып киреди,
Көрип енди кәндекти,
Кәндексиз жерден ат қойып,
Қалаға енди киреди,
Алты арыслан сол ўақта,
Аллалап атты салады,
Көргенниң ақлын алады,
Залым Арша әскери,
Сол ўақтында қашады,
Ақылынан сасады,
Қайтпағыл деп Жоламан,
Сол ўақтында сөйледи,
Батырға қарап не деди:

— Айналайын иним зар,
Жалғызлығын мәлимди,

Саған болды дүнья тар,
Дос болмайды молла-ийшан,
Дос болмайды енди хан,
Олардың жүзи көринсе,
Күлип бергил сен сәлем,
Атаңның айткан сөзлери,
Ырас болды, шырағым, — деп,
Алып келип арканды,
Таслады ол кәндекке,
Қайнағасы Жоламан,
Аркан таслаған ўақтында,
Өзиң көрген Ер Қосай,
Белинен мыклап байлады.
Өтти дүнья әрманы,
Келгенлери алғаны,
Патшаның енди кызы еди,
Гүлшин деген жананы.
Бул арканға келеди,
Басқаларға билдирмей,
Азмаз таса табады,
Жоламанға билдирмей,
Залымның көңли өседи,
Арканды енди пышақ пенен,
Залым шая кеседи,
Оны көрип Ер Қосай,
Жүрекке дәрти өтеди,
Мәрттиң кеўли қалады,
Үзилип кеткен ўақтында,
Аркан тайын болады,
Қайнағасы тағы да,
Мол қылып жипти таслады,
Қумар көзди жаслады,
Тилеги қабыл болады,
Қайнағасы Жоламан,
Аркан менен алады,
Тартып алған ўақтында,
Назлы яры ол Гүлшин,
Анда енди шыққанын,
Бул батырдың көреди,
Душпанлығын биледи,
Кескир қылыш испихан,
Қолына алды батыр султан,
Терең екен орың деп,
Бул сумлығың сорың деп,
Арканды кесип жиберген,
Назлы ярым, колың деп,
Қумар көзди яшлады,
Керилип қылыш таслады,
Гүлшин деген сулыўды,
Қылышынан өткерди.
Ханға жақын барғанда,
Ер Қосайдай батырын,
Саўлап мылтық атылды,
Хаўалап найза шаншылды,
Көргенниң ақлын алады,
Артхожа менен Қартхожаны,
Тақтан тартып алады,
Батыр енди йошады,
Керилип қылыш салады,
Патша да қашып барады,
Батыр туўған Жоламан,
Барып найза урады,
Патшасыны өлтирди,
Суўлар ағып тынады,
Залымларды қырады,
Бағдың гүли шайдады,
Ийшан менен хожасын,
Қырып енди Ер Қосай,
Кәмбағалын сайлады,
Байларыны жылатты,
Залымларына оқ атты,
Аршахан отырған алтын тақ,
Анда маймыл ойнатты,
Қалаларын қулатты,
Душпан келсе оқ атты,
Ярын алып келтирип,
Алтын отаў қурдырып,
Шаҳәрин қылып абадан,
Журтын қылып гүлистан,
Ноғайдың қуралған ўақтында,
Ер Қосайдай ер жигит,
Турған екен нешше жыл,
Еңбекшил деген қалада.
Бул ислерди көреди,
Нешше жыллар жүреди,
Өзиң көрген Ер Қосай,
Еңбекшил деген жеринде,
Өлгенше дәўран сүреди.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

21-том



# ҚАРАМАН

Қыяс жыраў Қайратдинов варианты

*Жазып алған: Қабылбек Абдижамилов*
*(1962-жыл)*



1-бөлим

Ким-ким өтти, ким өтти,
Қәхәрин салып қыс өтти,
Сағымын салып жаз өтти,
Жер жүзине жемис толып.
Ийе болып бир қус қонып,
Буйырмастан аштан өлип,
Баналжан деген бир қус өтти.
Сағамыз хәзирети адам,
Егиз туўып бир уядан,
Әўел баслап бул дүньядан,
Абыл менен Қабыл өтти.
Нусқалары өнип-өсип,
Атадан балаға көшип,
Жүз сексен жыл айра түсип,
Адам Сапилилла өтти.
Жер жүзине даңқы тарап,
Қаст еткенин етип қарап,
Дүнья жүзин мың жыл сорап,
Даўыт Сулайман өтти.

Искендер мен зами Замшит,
Хәзирети Наў адам сапит,
Салып дүньяға ғалаўыт,
Хаттәрийдай залым өтти,
Дүньяға күшин аңлатып,
Дабыл-даңқы жер жаңлатып,
Көргенлерди таңырқатып,
Таймурас атлы хан өтти.
Ерте әййем заманда,
Арап деген журтында,
Бадыран деген руўда,
Гулапин деген шәхәрде,
Таймурас атлы хан өтти.
Патшалық дәўранын сүрди,
Жер жүзине хүкими жүрди,
Патшаның, ханның қызынан,
Бир жүз қатын алды,
Бес жүз елли жасады,
Ата деген бир тырнағы болмады.

Алты жүз елли жасында периден Зерда пери дегенди алды, қырық жыл қослас болды. Зерда пери жүкли болды, айдарханың жүрегине жерип, он еки жыл қурсақ көтерди. Қырық күн толғатады туўалмай. Ақыл-даналар ишин жарып баланы тири алады, анасы өлип кетеди. Баланың түр-бийнесин тәрийп етейин:

Асқар таўдай бойлары,
Тулғалы жигер сойлары,
Ақылыңды лал етер,
Кекили алтын айдары.

Мақтаўға тәрийпи толмас,
Көзиң түссе зәррең қалмас,
Бойын көрсең минардай,
Хәр қолы мысал қырық қулаш.

Мыңға тай келгендей өзи,
Хәннанийдур айтқан сөзи,
Бийнесине нәзер салсаң,
Тостағандай жалғыз көзи.

Нышанасы жүдә толы,
Сексен гез барды хәр қолы,
Қарриялар байқап көрсе,
Жыныш жағы улды.

Бул дүньяға келген шағы,
Еки қолы, еки аяғы,
Көрген жанды сескендирер,
Қарлы булыттай қабағы.

Турпына қайыл болады,
Көргенлер хуўшын жояды,
Қарриялар ойласып,
Бул баланың атыны,
Қараман қатыл қояды.

Үш күнде отыратуғын болады, жети күнде жүретуғын болады, он төрт күнде тили шығады, қырқы толғанда адамға баш бермей, ата-анасын көзге илмей, үстине кийим киймейди, еркин адамға бермейди, қарсыласқанды қағып салып, үйине айланып келмейди. Мудам таўларда жатып, садақ атып, қыйлықты аяғына басып, аңға мақатил жасайды, аўылға жантаспайды. Таўда зәңгибаран деген ойын ойнап, бәрхама Қаўыс таўын жайлайды. Буның барысын, түр-түсин, атасы Таймурас патша аңғарып, Гәрденкешсен деген дуўаханын патшалықтан керегин берип, Қараман қайда барса сыртынан бақлатып, душпанға көрсетпей, дуўа менен Қараманның жүрген жолын қараңғылық қылып, бағып жүриў ушын, изинен аңлытып қойды.

Әне, Қараман Қубайыс таўын жайлап сегиз жасына толды. Қырық шердиң ғайраты кирди, салмағына жер теңселди, толқын етти көлди-шөлди, айырды күн менен түнди, хеш нәрседен қорықпайды, оттан қорқатуғын болды. Мени жаратқан усы екен деп, отқа табынатуғын болды, отқа табынатуғын әдет усыннан қалатуғын болды. Сегиз жасында уйқы тартатуғын болды, бир жатса жети күнде туратуғын болды. Әне, Қараманы қатылдың сегиз жасындағы көриниси төмендегише болады.

Турпатын көрсең балқандай,
Қулақлары қалқандай,

Қарсыласқан халайық,
Қорқып естен талғандай.

Түскен жери нәзери,
Қарап болып жанғандай,
Дуўшарласқан мақлуқат,
Жаны шоршып талғандай.
Маңлайында жалғыз көз,
Жүрегинди жарғандай,
Балтырының хәр түги,
Сегиз тынлы арқандай.
Қәхәр менен қараса,
Шаншылар түги бақандай,
Айбат шексе алыстан,
Қырық мың жығын қорыққандай.

Байқас етсең хәр мушын,
Мысалы жүз батпандай,
Тамашаға түйени,
Ылақтырар сақпандай,
Дүньяда жан табылмас
Оған туўры баққандай,
Асынлаған бенде ушын,
Илахий арнап соққандай.
Зейинине тийгенди,
Қазық қылып қаққандай,
Қарпығанда пәнжеси,
Бир сарайды жыққандай.

Әне, сол бийнеде Қараман қатыл Қубайыс таўын мәкан етип, аңларға мақатил жасап, зәнгибаран ойнап жүре берди. Гәрденгешен ядыў, үшинши Шәкир батыр, Таймурас ханның хызметкерлери, Қараманның сыртынан бағып, уйқыласа үстине думан турғызып, қорған болып жүре берсин.

## 2-бөлим

Дүньяның шығыс жағында, Аташ деген дағында, Ақүәлий ханның орамында, жети жүз жастың шағында, Хаттәрий патша деген жасады. Сол мынадай қыял ойлады.

Дүньяның жүзи тар еди,
Ғайрат күшин сорасаң,
Қырық мың қолдай бар еди,
Қастың тиккен жерине,
Кең жаханлар тар еди.
Алға басып дәўлети,
Жаўған қардай борады,
Қара жердиң асты-үстин,
Меншигиндей сорады.
Бағындырып өзине,
Дәўлердиң басын қурады,
Дүньяда бар инсанды,
Дүркиретип айдады,
Кеўилине түскенди,
Орынламай қоймады.
Жыйнаса да керегин,
Байлыққа көзи тоймады,
Тамашаға бәркулла.
Адамнан басқа соймады,
Қолы жетти тум-тусқа,
Питпеди мақсет мурады.
Жети жүз жыл ел сорап,
Сонда да лепси толмады,
Өлим қәўпи бар болса,
Қутылыўды ойлады.
Әжел қәўпи қайда деп,
Алды-артын болжады,
Жер жүзинде арнаўлы,
Арыў коймай қушады,

Қарсы турып өлимге,
Бәрха алдын тосады,
Өжетликке, өрликке,
Кем-кем алға басады.
Дүнья жүзин ийелеп,
Жети жүз елиў жасады,
Өлимнен қашып қутылыў,
Мурады менен мақсети,
Хаттәр ядыў деген аты,
Өлмесликке жол ойлап,
Отыз рет жутты яды.
Шарқы пәлекти тындырып,
Әжел хабарын болжады,
Қайғыланды, тутты аза,
Келмегенге салды жаза,
«Палкер болсаң, тез кел» деп,
Халыққа қақты дағаза,
Қәхәринен борады қар,
Келмей қалсанлар өлимдар,
«Палкер болсаң тез келин» деп,
Шәхәрме шәхәр урды жар,
Қорқынышлы хабар баслатты,
Өлимнен қашып қутылмақ,
Мурады менен мақсети.
Жети жүз жыл журт сорап,
Алмады елден жақсы атты,
Әжел қәўпин табың деп,
Қоррашы палкер жыйнатып,
Алдында қорра таслатты.

Әне, қоррашылар ханның алдында қорра таслап, қорраға түскенин жасырмай, Хаттәр патшаға бир сөз айтып турыпты:

— Қыйынға қамалап, соқтырдың жарға,
Қашарға жерим жоқ, қамалдым жарға,
Қорраға түскенин баян әйлейин,
Журт ийеси, я жарылқа, я қарға.

Бендеге түспегей хақтың қәҳәри,
Арап-Мысыр ермиш мәкан жер шары,
Жантасса, гүман жоқ, өртейди нары,
Дүньяға бир қайсар келеди екен.
Пайда болыр ермиш Узақ Шығыстан,
Сегиз жаста күш-ғайраты толысқан,
Күш алып келеди ол тайлақ қустан,
Бир қайсар атыңа келеди екен.
Бина боп шығады Иран елинен,
Ғайраты зияда екен мың шерден,
Илаҳийдан алты аяқлы ат келген,
Бир баҳадур арнап келеди екен.
Он еки жасында ғайраты толған,
Қарсыласса қайтпас сексен мың қолдан,
Алдында илгери жүз отыз жылдан,
Геўденнен жаныңды сол алады екен.
Өзиңнен күш алып байлар бағыңды,
Гүмбирлетер бир күн бәлент таўыңды,
Талқанын шығарар алған тағыңды,
Атын айтсам соның Қараман екен.

Әне, палкердиң сөзи жети жүйресинен өтти. Жасырын сыры ашылды, найзадан бетер шаншылды. Оқ тийгендей далбып, шыбын жаны шоршыды. Патшаның дәрти ғаўлады, жүреклери суўлады, ат басындай жүреги, сарайында туўлады. Ҳаттәрийдай залым мынадай мақсет ойлады. Дүньяға жар салдырайын, алдымда жүз жылдан, ертеден алдын алайын. Ер жеттирмей жүўермекти дәўге урлап келтиртейин. Гәпти солай кешеди, қатарында нар еди, хызметинде таяр еди. Дәўбенди, Самандун, Жулдызша деген ядыўлары бар еди патшаның. Әне, ядыўларының түрин баян етип кетейин.

Уйқыламайды, жатпайды,
Шаршамайды, оқ өтпейди,
Қырық аяғы, қырық көзи бар,
Әзиз келмейди, қорықлайды.

Қудирети қәдир жаббардың,
Санасы сол жаўын-қардың,
Ҳәр қанаты ийелеген,
Ғайраты-күшин мың тулпардың.

Бәри бирдей аспан-жерин,
Боратады қарлы үргин,
Тумлы-тусын болжағанда,
Үш айшылық жолдан көрген.

Самандун, Дәўбенди аты,
Бир сарайдай бар турпаты,
Жерди-көкти бир айланар,
Ҳәр күн сайын әдети.

Жумсамаға жүдә қайым,
Қорқытып алынған айын,
Ҳаттәрийдиң хызметинде,
Бәрҳа турар еди тайын.

Со сықыллы дәўлеринен Дәўбенди атлы ядыўын шақырды. «Мәрҳама» деп дәў тайын болды. Басындағы қорқыныш-қәўпин айтып, дәўге хызмет буйырып, бир зат айтып турыпты:

– Өтпегей бастан бәҳәрим,
Душпаным салды қәҳәрин,
Қорқынышлы хызметим бар,
Дәўбендим, соған барың.

Заўал жетпеген залымнан,
Хабар сорасам мен алдымнан,
Хабар келди әзирайлыдан,
Дүнья бизге тар көринди.

Қуўанышымды қайғы қуўды,
Жуттым зәҳәр менен уўды,
Өлим қәўпи басқа туўды,
Алдым бийик жар көринди.

Бир мыңға тайды бир өзи,
Айым алды ядыў сөзи,
Жалын шашқан ҳәр бир сөзи,
Душпанымыз зор көринди.

Узақ батыс қыр-қыяда,
Енди келермиш дүньяға,
Ғайраты ҳәдден зыяда,
Арнап шыққан ер көринди.

Арап-Мысырдур елаты,
Саҳыпқурыж ҳаслы-заты,
Алты аяқлы минген аты,
Қарамандай ер көринди.

Дослықтан бизге бериң қол,
Еситкели хабарын,
Қорқып турман, қәўпим мол,
Дүньяға енди шығады,
Жер жүзинде бар болса,
Ер жеттирмей таўып кел,
Дәўим, саған хызмет сол.
Абырайды қолдан бермейин,
Күш-ғайратым турғанда,
Тум-тусқа қолды сермейин,
Ер жеттирмей таўып кел,
Не мақсетиң берейин.
Қуўанып тасып-толайын,
Жолыңда қурбан болайын,
Жер жүзинде бар болса,
Душпанымды таўып кел,
Көзим менен бир көрип,
Салғамдай басын жулайын.

Жолыңа барымды арнайын,
Қандай екен жүўермек,
Көзим менен барлайын,
Ер жеттирмей урлап кел,
Күшим жеткендей болса,
Төслигинен қарнайын,
Саған айтар хызмет сол,
Мен тилекте болайын.

Әне, еситип буны дәў «Мәрхама» деп қабыл алды. Буны айтқан ўағы Қараман дүньяға келместен бир жүз жигирма жыл бурын еди. Ал бәнди патшаның сөзин қабыл алып, барлық пәрманын салып, дүньяның жети қойнын талқан қылып, Қараманды жер жүзинен таба алмай, жүз жыл сергиздан болды.

Әне, палкердиң айтқан муғдарында Ҳаттәрийға қорқыныш туўды. Дәўбенди дүнья жүзин талқан етип, Арап-Мысырдың журтында, Қубайыс деген таўында бир шәҳәрде қараңғылықты көрди.

Әне, Қараман анық уйқыда жатыр еди. Гәрденгешен деген Таймурас патшаның ядыўы ғаралат апсусин шашып, Қараманның үстине думан орнатып қойып еди. Өзи арқайын алыстан қарап Гәрденкешен отыр еди.

Дәўбенди бул сырды анық билди, бәнди мушкилатыны яд етип, думанның өр жағынан урды. Дүньяның қубылысын топлап, арқайын отырған Гәрденкешенниң қасына келип, Гәрденкешенниң көзине апсусты бүркип еди, Гәрденкешен қармаланды да қалды. Думан ашылып кетти. Илим-ҳикмет пенен Қараманды бийҳуш етип, Қараманды Дәўбенди алып баратыр. Ҳаттәрийдай залымның тилеги қабыл болады, Қарамандай қайсардың оңайын сол күн алады, бир жүз отыз жыл аңлып, оңға айланды талабы, излегени табылып, иси раўаж болады.

Қараманды әлпешлеп,
Ҳасыл менен орады,
Жанына ҳазар келтирмей,
Көтерип жерден алады.
Баласындай әдиўлеп,
Тақ жаўырынға салады,
Мақсетине жетисип,
Питеди мақсет-мурады.
Нәтийжеде Дәўбенди,
Қараманды урлады,
Ядыўына исенип,
Таймурас патша сорлады,
Жети журттың ийесин,
Бәнди ядыў қорлады.
Баласындай әдиўлеп,
Шарықлап ушып барады,
Қыямыстың шөлинде,
Үш күн сегбир салады.
Уйқысын батыр бузбастан,
Даҳиш деген шәҳәрге,
Дәўиң тайын болады.
Ҳаттәрийдай залымның,
Қайтпаған ҳәргиз ырайы,
Жанлы бенде жантасалмас,
Қадаған камал орайы,
Екилик жоқ, мийрим жоқ,
Әдети жаман турпайы,
Жер астынан орнатқан,
Ақ шойыннан сарайы.
Бес жүз кулаш тереңлик,
Жер астынан орнатқан,
Кирген қайтып шықпақ жоқ,
Жантасқанды дем тартқан,
Қармақ пенен тикенек,
Алмас пенен полаттан,
Қарамандай батырға,
Жүз жыл бурын сазлатқан.
Азап жоқ оған усаған,
Жантассаң ериксиз тусаған,
Тум-тусыңа қарасаң,
Саққар дозақ қусаған,
Қосылалмас қатарға,
Оған кирип босаған,
Қараманға бағышлап,
Ақ шойыннан жасаған.
Жантассаң жетискен апат,
Жуғар жүз түрли кесапат,
Уры алмас мың қабат,
Жасырын торы бар еди,
Қараманды келтирип,
Беккем етип байлатты,
Уйқысын бузбай апарып,
Ҳаттәрийдай залым,
Қарамандай душпанын,
Апарып соған жайлатты,
Мәрхама деп патшаға,
Бәнди дәў куллық айтты.
Шамалы оңынан турды,
Қуўанышы тасқынлап,
Қорқынышы ада болды.

Қарары кескир алмас душпаным қолға түсти, енди бағым тайсалмас, мақсетим орынланды, мың қабат жерди қозғалталмас. Айтқаным болды, енди билегим талмас,-деп, қайғысы ядан кетип, айтқан дедигине жетип, жети күн той берип, халқын жыйнап ўаз етип, сыбызғы, сырнайын шертип, жети күннен соң Қараманды өлтирмеге мақсет етип, жасаўыл, сәрдарыны ертип, Ҳаттәр патша Қараманға келди.

Сырттан сығалап қараса, Қараман уйқыдан айығып, жән-жағына қарап турған жериниң қай ман екенин айыра алмай таңырқап турғанын көрди. Сол ўақта Ассабыл, Беэрам атлы Ҳаттәр патшаның

акылгөйлери айтты:

— Буны өлтирсек өлер қалар, себеп пенен қолға бенде болып түсти, бул сегиз жасар бала, бул торды жарып шыға алмайды. Буны еки жыл бағып қарайық. Бунық не жейди екен, тамағынан сын берейик, зиян берип баратырса, ашырқатып өлтиремиз, тақсыр, — деди. — Қандай кәрамат пайда болар екенин анықлап көз бенен көрип билейик. Сени өлтиретуғын усы болса, ол қәўпин опат болды, саған иттифақ болды.

Әне, Қараманды сынамақ ушын бир туўды сойып таслады. Жуғымдан еди, күн-күннен арттырып, бир жыл бақты.

Баққандағы мәниси, хәр күни отыз туў жейтуғын ҳалға жетти. Әне, буны ойлап, халайық сескенди. Қараман торда турып бир жасады, тоғыз жасына толды. Қараман бир нала шекти, жер ләрзем берди, жасаўыллар қасына келди. Қараман турып шақырып, дәлилге тутты.

— Мениң ата-анам қайда? — деди. —Не себеп мени бу ерге қамап қойыпсаң? — деди. —Мени ҳүрметлеп отырған инсанды шақыр, — деди. — Жайыңның аўзын аш, мени босат, — деди. — Мениң атам қайда, мени өз жайыма жибер, тилегинди сора, — деди.

Адам жантаспаға қорықты. Асабылды шақырып: — Айтқанды неге қылмайсаң? — деди. — Енди жибермесең қаланды астын-үстин қыламан, — деди. Қәҳәр менен керилип еди, қамалы парра-парра сөгилди. Шойын сарайын бир қолына көтерип сандықтай басынан айналдырып, қайтып орнына қойды.

Нәзери түскен жерин өртеп жиберди. Күшин көрип Ҳаттәрдың жүреги суўлады, қаны қашты, ирени ушты, қайтып шықпай үни өшти. Жақсылық ядынан шығып, жаны шала кешти. Ҳаттәрийға Қараманның кериниси:

Гөйи қаптай барды күши,
Әзирейлиден қара жүзи,
Тәбар янлы айтқан сөзи,
Қарағанда опат қылды,
Маңлайында жалғыз көзи.
Бағынғандай ай менен күн,
Қәҳәринен ести үргин,
Тығыларға тесик таппай,
Туўды басларына сүргин.
Кериниси бәлент дағдай,
Туўрылап келген апаттай,
Ғайрат-күши ада болмас,
Нәзер алды Гөйи қаптай.
Билинди қарасы, ағы,
Тоғыз жасқа жеткен шағы,
Геллеси бар қара үйдей,
Төбесинде бар бир шоғы.
Толтырған жаңа тоғыз жас,
Суўыққа қатып-тоңбас,
Бойын көрсең минардай,
Хәр қолы бар қырық қулаш,
Атына арнап жасамаса,
Тулпар жүйрик тарталмас.
Зулымын жаман өтирди,
Қорқыныштан исин питирди.
Ақ шойыннан қаласын,
Бир қолына көтерди.

Әне, таңланып Ҳаттәр патша, диңкесин жаман қуртады, жәбир-жапасы артады, тығыларға жер таппай, қалтырап қатты қорқады. «Дәўбен!»,-дейди шақырып, Дәўбенди «мәрҳама» деп, бир өкшеден айланып қабыл алды. Патша мынадай сөз айтады:

— Қыйын исим түсип тур,
Сокыр менен геренге,
Жарылқаған бендесин,
Жолықтырар бир ерге.
Исим түсип сағатқа,
Қалдым таўсылмас дәрде,
Қыйын жерде өлим жоқ,
Дилўар менен шешенге.
Даўа болмас хеш нәрсе,
Өлетуғын кеселге,
Ойран қылар ийеси,
Қарсы шаппаң әжелге.
Хеш жерде бәле дарымас,
Бийтуўағы әзелге.
Хешбир жерде орын жоқ,
Сокыр менен мешелге.
Оққа қарсы шабамыз,
Ақылы жоқ сор бенде,
Баслап едим бир исти,
Болыппан халыққа шерменде.
Көзим көрип турпатын,
Оқ шаншылды тенеме,
Томар қағар жүйрикти,
Бәле тайын менменге.
Сайсар дарья кешиппен,
Қалар болдым тереңде,
Абайсызда албырап,
Жетер болдым жериме.
Қутқарагөр, Дәўбенди,
Даўа табагөр емге,
Бул бәленнен қутқарсаң,
Саған болайын бенде.
Соны алып кеп жүрген,
Тәсийин еттим, қайсарым,
Ғайратына сениң де,

Керегинди меннен ал,
Апарып сал бәлени,
Әўелде алған жериңе,
Таса қылсаң көзимнен,
Шүкир етейин қалған демге,
Сеннен басқа досым жоқ,
Қыйсық исинди жөнле,
Көз алдымнан алып кет,
Бур күн шығайын кеңге.
Ойран етер апаты,
Тийегөрме зейнине,
Узағыраққа алып кет,
Айланбасын кейнине,
Асығыста тез жоллан,
Апарып тасла елине,
Жеткериўдиң ғамын ет,
Әдепте алған жериңе,
Ғыйбат айтып сыртынан,
Басагөрме тилиңе,
Тамам болғай өмири,
Ертерек киргей гөрине,
Жырақ болғай арамыз,
Батқай дүньяның төрине,
Малы-бахтым жолыңа,
Бул бәледен қутқарсаң,
Саған болайын бенде.

Әне, Дәўбенди «Мәрхама» деп сөзин қайыл алып, сәрсенби күни Қараманның уйқылайтуғын пешеси еди, Хаттардың қошемети менен Қараманның уйқысын анлып, Қараман уйқыға ғарқ болған ўақытта, шайқамай-аўдырмай Қараманды тақ жаўырынға салып, Дәўбенди алып ушты. Жети қат аспанның үсти менен қанатыны парман салып алты күн тынбай ушты. Қараманды аўырлап, Қубайыска жеталмай, жанлы жандар табалмас, оған түскен харымас.

Жети гирдаптың үсти Зәрендик деген таўға түсти. Хәзирети Адам адасып, сол таўда үш жүз жыл жасаған еди. Жанлы жандарға көп қәсийетли мәкан еди. Әне, Қараман шамырқанып оянды. Жақсының шарапатынан Қараманға инсап келди. Таўларға таңырқап, жетпис түр жемиске алданып, Бәнди менен иси болмады. Бәнди дәў жүрегин басып, Бәнди сол жерден басын алып қашпаға қолайланды, Қараман бунық қашатуғынын абайлады. Бәндиге қарап Қараман бир зат айтып тур:

— Менмен болып зығырданың қайнама,
Әжел саўдасына өзинди айдама,
Жары жолда қарпыўыма жолығып,
Халынды бил, бизиң менен ойнама.

Таў-таслақ хәр жерге көшип-қонып па,
Қарғыс алған бенде өсип оңып па,
Мени ойнар мәканыма қосып қайт,
Қырсықтырма, тарпыўыма жолықпа.

Қәхәрленсем хәр ис келер қолымнан,
Ақылың болса шықпа мениң оңымнан,
Алдайман деп талап етсең бизлерге,
Услап алып басғанынды жуларман,

Бир алыссам хешбир ўақта сөнбеймен,
Хаслым пери, сирә өсип-өнбеймен,
Мени өзимниң ураныма қосып қайт,
Анла заңғар, ермегиңе көнбеймен.

Көрген зыяныңыз болса, маған айт,
Сөзим тыңла, тезден ырайыңнан қайт,
Қашағойсаң жер менен жексен қыламан,
Ермек қылма, ураныма қосып қайт.

Саў басыңа өзиң саўдалар салма,
Қарсыласып бизге талабан болма,
Ермек қылма, ураныма қосып қайт,
Елиңе жетисалмай дәрбедер болма.

Алғулаға қашып, кеўлинди берме,
Пери менен адам әўлады тең бе,
Урлап қашып, ермек қылып жүрипсең,
Хаслы ладан, анламайды дейсең бе?

Әне, бул сөзине, маңызына, салмағына Бәнди дәў түсинбеди. Бәнди өзине исенип, «бир көтерилип көкке енип кетсем, мениң қайда кеткенимди қайдан биледи» деп ойлады. Ол Қараманның күшкарыўын деми менен тартып алатуғын сырын байқамады. Оның айтқан сөзине Бәнди қулақ салмады.

Ушқырман деп мақтанып,
Айтқан сөзин алмады,
Таррашланып, қағынып,
Қашпаға дәўиң сазланды,
Айтқан сөзин тыңламай,
Дәў алдына тарбанды.
Көкке енип, шарқ урып,
Қутылыўға ғамланды.
Қанат қағып талпынып,
Тәўекел етип қашады,
Әне-мине дегенше,
Қарасы шөгип асады,
Алға сермеп қанатын,
Арасын майдан ашады.
Көкке енип Бәнди дәў,
Алға қарап дөнеди,
Хабарласпай, хошласпай,
Ушып алып жөнеди,
Әне-мине дегенше,
Ушып көкке енеди.

Қашқанын билди Қараман,
Қаҳәри жаман келеди,
Мына берген ызасы,
Батырдың бауырын тиледи,
Қаҳәринен Қараманның,
Ысырапыл желлер урады,
Тум-тустан даўыл көтерип,
Қараман қуўып жөнеди.
Жер силкинип сес берип,
Әлам ләрзем береди,
Дәўбендиди қуўсырып,
Қараман жақын барады.
Алға басып ғайраты,
Қанатын алға сермеди,
Айдархадай аҳ урып,
Тенесин ашыў бермеди,
Менменликтиң заўалы,
Дәўге абырай бермеди,
Ашыў түгин ысқыртып,
Қараман қолын сермеди,
Дәўбендидей залымға,
Қудай абырай бермеди.
Қутылалмай дәўинниң
Мәнети басынан артады,
Аспан-көкти симирип,
Деми менен тартады,
Аш жолбарыстай ақырып,
Тумлы-тусын қармады,
Аспан-көкти айырып,
Лашын қустай сарқады.
Қарамандай батырдың,
Айланды иси оңына,
Аспан-көкти айырып,
Дуўшарласты жолына,
Дәўиң шыдам бермеди,
Айбатының зорына,
Бәнди дәўдиң аяғы,
Түсеғалды ғапылда,
Сермегенде қолына,
Питти мақсет-мурады,
Күши әламды орады,
Бәнди дәўдиң басына,
Ақырзаман туўады,
Айландырып басынан,
Былғап жерге урады.
Алыс қалды еки ара,
Ишине толтырды жара,
Әламатқа жолығып,
Дәўиң болды мың пара.
Усындай менен әрманда дәўири өтти,
Көз алдыны ғәплет тутты,
Қайғы менен қайғы жутты,
Дәўдиң сырын аңламай,
Бәнди ядыў басына жетти.

3-бөлим

Ал, Қараман не қылады, әне Қараман қатыл атасының атын биледи, түри қандай, танымайды. Өскен, жайлаған таўын биледи, шығыста ма, батыста ма, оны билмейди. Сонша күш-ғайраты менен бул жерге қайдан келгенин, елатын излеп табыўға ақылы жетпейди. Бул әтирапттан кетпейди. Зәрендик таўының жетпис түрли мийўасын жеп, және де өзиниң тапқан ақылы мынадай. Дәў деген жүнли зат болса керек, Дәўбендини гүзеп, бир жүз батпан жүн алды дейди. Мың қулаш арқан ести. Көзи илген жерден басып услайтуғын баспай дүзетип алды. Таўдың арқар қуланын, таўтайлақ қусақанын көзи көрсе, қоян шелли көрмей басып услап, кебап етип жеп, Зәрендик таўында үш жыл тиришилик жасады. Таўдың түсерлиги жети журтқа тараған уллы гүзар еди. Гүзарға қамал қылып, тас қалап, адам өткермей, кәрўан саўдагерди тексерип, мени танытуғын биреў деген мағанада ҳаслы-затын, журтын сорап, қарсыласса қырып, Таймурас патшаның журты қайда деп, дағазалап жата берди. Бунын ҳаслы-затынан билетуғын бир адам дуўшарласпады.

Ал, ендиги сөз Таймурас патшадан. Арабстанда Таймурас патша деген Арабстан, Пакистан, Иран, Ҳиндистан, Қытай, Бадақшан қусаған жетпис бес патшалыққа ҳүкими жүрген Мажазий патша деген еди. Аты айтылған патшалардан үш жылда айланып зәкат өндирип қайтатуғын еди.

Әне, баласының ғалаўыты менен дүньяның жүзин үш жыл талқан етип, Қараманның дәрегин хеш жерден таппай, жүреги шер болып қатып, пәлектиң гәрдиши утып, зәҳәр-заққым жутып, дәрек таппай бес жыл сергиздан болып, бес жыл қылўетте жатты. Енди бул жатқаным болмас, иштен ҳәўиримди шығарайын деп, Ҳиндистаннан, Бадақшаннан зәкат алып қайтыў мақсетинде Ушанша, Заҳақ деген ўәзирлерин басшы қылып, он мың әскер, тоғыз жүз палўанын, отыз тобын сүйретип, Керкиданың ойнатып, аламанға бас болып, баўыры қара тас болып, Таймурас патша Ҳиндистанға сапар тартты. Азана емес, мол жүрип, үш ай тынбай жол жүрип, Зәрендик дағына келди. Жолға төгип қойған тасты көрди. Ушанша сиясат қылып, Қараманға айбат шекти, Қараман кәҳәрленип үш жүз әскерин қырды. — Бизге қарсы турғандай қандай жүрек жутқан, бар, кәрин етиң, — деп айтыўлы отыз палўанын жиберди. Отызын бир пәнже урғанда жоқ қылды.

Сол ўақта бунда гәп барын билип, қатты сескенип, Ушанша Таймурас ханға келип билдирди. Таймурас

айтты:

— Бул Сахыпкурыждың иси, иншалла балам шығар, Сахыпкурыж болса, өз тукымынан бирсү жакынлап дийдарласса, көзи көзине, жүзи-жүзине түссе, кәхәри кайтып калады, — деди.

Рабыл атлы Таймурастың улы бар еди, әне соны буйырды. Рабыл батыр касына жакынлап, арап тилинде сәлем берди. Сынамак ушын тәнир сәлем берди. Сынамақ ушын кол усынды. Караманның кап тауындай кәхәри кайтып, Рабылға ол да сәлем берди. Әне, қол қаусырып Рабыл Караманның хаслын сорап, бир сөз айтып турыпты:

— Хәмдам болған кыя майдан дуз бенен,
Кәхәриңиз қайткан жаксы сөз бенен,
Айып көрмең буны, Сахыпкурыжым,
Шер шығарып дәртлесели сиз бенен.

Бул дуньяның ақыбети паянсыз,
Жолаушы едик, хаслым сизге зыянсыз,
Карап турсам, ислериңиз орынсыз,
Хаслыңызды баян етиң, кайдансыз?

Ишимизде толы бизиң әрман-шер,
Бул дуньядан табылмайды сендей ер,
Сорайтуғын бес-алты ауыз дәртим бар,
Сорасын биз бенен, басыңды көтер.

Бес жыл бойы бузык көуил каласы,
Иши толы әрман-шермен лаласы,
Ғапыллыкта жалғыз улын уры алған,
Бул кияткан Арабстан патшасы.

Сахыпкурыж, байкап көрсем сымбатың,
Аңлайсаң ба ердиң арзан-кымбатын,
Ийегиңнен жаным ерип баратыр,
Баян ет исмиңиз, кандайды атың?

Ғәпилетте жалғыз улын уры алған,
Табалмай, дуньяны тас-талкан еткен,
Жалғызын жойылткан Таймурас патша,
Ғайыбынан дәрек таппай сергиздан.

Сахыпкурыж, хаслы-заты қахарман,
Айра түсип, ишке толтырды әрман,
Сорау салып соны излеп баратыр,
Ғайыбының атын айтсам Караман.

Әне, Караман бул сөзи еситти. Рабылдың бир канша сөзлери Караман батырдың жүйкесин қурытты. Атасының атын еситти, Караман атын еситти, Арап деген журтын еситти. Караман мумлай ерип, кәхәрден түсип, отыз палуанын, үш жүз әскерин өлтиргенине кайысып, «уах» деп, «атамның кол-канатын кыркып, атама карсыласып, куда шермендеси болыппан, буған не бетим менен көринемен. Карсыласып, тыйык сермеп, бәддуаға жолығыппан» деп кашып, танап ярым жерге барып, Караман сәрнүгин болып жығылды. Ал, Ушанша бунын Караман екенин сезип- билип, сыр бермей шатырда жатырған Таймурас патшаға барып сүйинши сорап, бир зат айтып турған кусайды:

— Күшим артылды булактан,
Яр болды Хәким улыкпан,
Жарылкады бир кудай,
Куаныш екен корыккан.
Жарылкаған пендесин,
Саклайды әжел курыктан,
Сендей сорлы жок еди,
Албырап азып зорыккан.
Сүйинши бер, патшайым,
Абырайлы болыппан,
Сүйген пендем сен болдың,
Жаксылыкка жолыккан.
Оң екен шыккан сапарың,
Кайтадан тасып толыппан,
Баслап едим көшиңди,
Абыройлы болыппан,
Тегис басып табанымды,
Күшиме кайтып толыппан,
Ырыс-несийбем арылмас,
Кең жайлауға қоныппан.
Душпанымды қыйратып,
Тамырынан орыппан,
Сүйинши бер, патшайым,
Уры алған балаңнан,
Хабар тауып турыппан.
Минген атым шабылды,
Тилек-тәубең қабылды,
Сүйинши бер, ханымыз,
Жойткан жоғың табылды.
Коллады дауыт ураның,
Жазға айланды бораның,
Таксыр ханым, сүйинши,
Досың шыкты душпаның.
Яр болды кәдир кудайым,
Ғайыбымыз болды тайын,
Алға басты талабың,
Сүйинши бер, патшайым.
Изиме ер, бирге жүриң,
Белгиленди саға өриң,
Ғайыбыңыз карсы келди,
Инанбасаң барып көриң.

Әне, есаплы ердиң бири екен,
Сыйынсам нағыз пир екен,
Әрманы жүрегин даглай,

Алла абыройын жаппай,
Ғайыбынан дерек таппай,
Сайыл болып жүр екен.
Баласын ядыўға алдырып,
Кеўли әрман-шер екен,
Дәрек таппай жалғыздан,
Иши дәртке толы екен,
Ушаншаның сөзлеринен,
Ығлан алып тур екен,
Палўанларын өлтирген,
Қараман қатыл ул екен,
Перзентим деп зарланған,
Таймурас патша сол екен,
Душпан деп қырып жүргени,
Атасының қолы екен,
Қарсыласып турғанлар,
Қараман қатыл ул екен.
Әне, еситпеди патша сөзди,
Делебеси қайнап қозды,
Жас қаплады еки көзди,
Жуўырып Таймурас патша,
Жән-жағына мойнын созды,
Қараманға салды көзди,
Гүнайын мойнына алып,
Атасынан уялып,
Жүзин төмен салып,
Сонда Таймурас патша,
Ишки сырын аңлады,
Баласына анықлап,
Туўры нәзер салады,
Баласының саўлаты,
Патшаның есин алады,
Перзентим деп аҳ урып,
Баўырына басады.
Маңлайдан таўап қылады,
Гүнайыңды өттим деп,
Аяғына бас урып,
Қулыным деп жылады.
Зорға сыйып қанасына,
Налыс қылып алласына,
Кеўил бөлип баласына,
Жер гүңиренип наласына,
Көллер болып көз жасына,
Бир-бирине кеўли аўып,
Шийрин сөзден кеўлин таўып,
Қуўанышлары аттай шаўып,

салам алысып-берискен сипетте атасы менен баласы яғлы-бәрли айтысып турған қусайды:

Патша:
— Таўларда бийик асқарым,
Ашылып еди жапсарым,
Сен един тарийх дәстаным,
Тарийхлы дәстанымбысаң?

Баласы:
— Сақлаған азада жайда,
Басымды теңгерген айға,
Ийе қылған үлес, пайға,
Қәўендер пәрманымбысаң?

Патша:
— Ғәплетте төккен намыс-ар,
Аты шыққан белли сәрдар,
Атаңды еткен интизар,
Тенимде дәрманымбысаң?

Баласы:
— Қуўат берген озал баста,
Зейин берген шебер уста,
Бизлерди әйлеген нусқа,
Түп-тийкарым, сағамбысаң?

Патша:
— Дағлардан пуш алып өскен,
Бина болған нағыз күштен,
Ғапыллықта айра түскен,
Қызықлы базарымбысаң?

Баласы:
— Байқас етип көрип көз бен,
Барма нышаныңыз сезген,
Ығлам берсем шийрин сөз бен,
Налыс қылып йығлармысаң?

Патша:
— Көргенлердиң көзи тойған,
Тепсингенде жерди ойған,
Атыңды еренлер қойған,
Шын Саҳыпқурыжмысаң?

Баласы:
— Билдирсем нағыз атымды,
Таўды жығар турпатымды,
Әпиў етип гүнаҳымды,
Туўры нәзер салармысаң?

Патша:
— Душпан ақылдан састырған,
Дуўахан ғәплет бастырған,
Шарқыпәлек адастырған,
Қашырған суңқарымбысаң?

Баласы:
— Тилегимде шын пәрмана,
Тәрбият еткен уяда,
Бизди шығарған дүньяға,
Қублагәҳим, атамбысаң?

Патша:
— Ҳаўазың көкке дарыған,
Жети сәрўар тең қараған,
Ғәплетте ғайып болған,
Әрманлы арысланымбысаң?

Баласы:
— Жетпис бес миллетке қорған,
Бизиң ушын жаны қурбан,
Матам байлап шын мийирбан,
Шыны қублагәхимбысаң?

Патша:
— Жетилип еркин жасамаған,
Алдымда жол басламаған,
Бир күн кеўлим қошламаған,
Қараман ғайыбымбысаң?

Баласы:
— Бақ болып басыңа қонсам,
Тайсалмастай дәўлет болсам,
Жол баслар сәрдарың болсам,
Гүнәҳимди өтермисең?

Патша:
— Нешше жыл ҳазары өткен,
Көргенниң мақсети питкен,
Абайсызда шығып кеткен,
Гейдемдеги жанымбысаң?

Баласы:
— Даўласам батыл даўымды,
Жайласам бийик таўымды,
Жоқ қылсам қарсы жаўыңды,
Бизге ырза болармысаң?

Патша:
— Тиклендиң тутқа турағым,
Алға бастың ығбал-бағым,
Көрдим бе сениң дийдарың,
Қараман қуўатымбысаң?

Баласы:
— Қабыл етсемналысыңды,
Жақын етсем алысыңды,
Бағыш еттим мен басымды,
Таймурастай атамбысаң?

Әне, сол бийнели сөзлер менен бир-бири менен таныстыы, саламласып қол алысты, сағыў- саламат сорасты, кийимлерин қақ айырып, төсин-төсине басты. Ақ кеўлини ашты, кеўли дәрьядай тасты. Жойтқан жоғы табылып, патшаның иси алға басты. Бес жыл бойы тартты зарын, душпан төкти намыс-арын. Баласы менен күш қосып, қыздырды теңлик базарын, ғәрип пенен қәсерге тийдирмеди азарын, сорап атадан жол-жоба, үдетти батырлық кәрин. Атасынан оқып билди жети журттың жол гүзарын. Атасы Таймурас патша жетпис бес миллетке дарқан еди, баласына қосылып, күши жети есе толды. Толысып жетти батыр азатлыққа, ашыўына тийгенди жолықтырды апатқа. Қараманның дабылын талқанлатты жетпис журтқа.Тилеги қабыл болып, жары жолға келгенде ғайыбына дус болып, жасыл туўын көтерип, Ҳиндистанға жол тартты, Қараман қатыл дус болып.

Питкерди мақсет-муратты,
Арттырды ужым-ғайратты,
Жумыстың ендиги жағын,
Қараманға арттырды.
Душпанға етип сиясат,
Жасыл туўын жайлатты,
Қараманның дабылын,
Жер жүзине таратты.
Минип алтын күймесин,
Ҳиндистанның журтына,
Кәрўанның басын қаратты,
Зорлығын халыққа билдирип,
Қолында қылыш жайнатты,
Жүз жасаўыл бас болып,
Керкиданын ойнатты,
Қыя жолда селигип,
Әскерлерин айдатты.
Сиясатлап Таймурас,
Ҳиндистанға жол тартты,
Қарамандай қайсардың,
Жигер-күшин қайнатты.
Қараманның турпаты,
Ғайры журтты таңырқатты,
Қарсыласқан душпанды,
«Аға» дейип зарлатты,
Испаханы, Пакистанды,
Жол-жөнексей зар жылатты,
Душпанларға сиясат,
Шәҳәрме-шәҳәр топ атты,
Көрмеген жат еллерге,
Ғайрат-күшин аңлатты,
Қараманның дабылы,
Сиясаты жер жаңлатты,
Ғайбаршаның шәҳәрине,
Көрсетеди аламатты,
Үстинен жол бермегенге,
Дарыттылар көп апатты.
Тил билмеген дым билмеске,
Қараман күшин танытты,
Сегбир тартып он сегиз күн,
Дағдырып шөлден арапты,
Бадақшан мен Балықтың,
Шәҳәрине дарыпты,
Талқанлатып кешиўди,

Бийнисабын шуўлатты,
Бағындырды өзине,
Шет жерде көп елатты.
Танысып қыр мен ойына,
Таңырқасты көрмегенлер,
Карамандай кайсардың,
Тулға, жигер, сойына.
Қырық бес күнде пайда болды,
Қыямыс деген уллы таў,
Дәрьяйы гирдаптың бойына.

Әне, қырық бес күн сегбир етип, азабы жолдың батады. Қыямыстың шөлинде сегбири жаман батады, силеси әбден қатады. Талып барған көп жыгын сол гирдаптан суў ишип, жети күн жүрмей жатады. Көптиң басы қуралса, тыныш таўып жата ма, бир ғалаўыт табады. «Сексен қулаш тереңликтен бир маклукат шығып, әскерге хүжим жасайды» деген халықтың ишинен гәп шығады. Халайықта сумырай көп, тумлы-тустан баклайды. Суўдан шығып бир маклукат адамды тышканша көрмей какшып, суўға сүңгип кетеди. Буған хеш адам илаж ете алмайды.

Адамларға көзи үйренип, Таймурастың әскеринен жүз адамын алады. Бул хабар Карманның қулағына тийип, Қараман бунық сырын билип, дәрьяның шстине өлимтик таслап, аңлып, Қараман қурық таслайды. Оның баслап талабы, қурығы омыраўдан сағақлайды. Адамларға, Қараманға хүжим жасап, мың адамға баш бермей, суўдың түбине тартып кетеди, мың адамның күшин шыбын шелли көрмейди.

Қарап турса Таймурас,
Жәбир етти шыбын жанға,
Жүдә тәсир етти ханға,
Күши келмес есап санға,
Суў түбине тартып кетти,
Күш бермей бес мың адамға.
Қатты ашыўы келеди,
Жедел кетти Қараманға,
Көргенниң акылын алады,
Қараған естен танады,
Тартып урып липасын,
Ақ билегин сыбанады,
Адамнның қолынан,
Танаптың ушын алады,
Қарамандай қайсарың,
Ыңыранып күшин салады,
Қуйыдан шекер тартқандай,
Жарылған муздай гүңиренип,
Қайсарың тартып қалады.
Әзелде арнап жасаған,
Мысқал аўыр салмады,
Есабы жоқ әскердиң,
Зәрре жаны калмады.
Қараман ердиң ери еди,
Суў түбинде сақлаған,
Ол құланың шери еди,
Күш-қайраты есапсыз,
Мың тулпарға тең еди,
Қараманның жолына,
Мың жыл бурын арнаған,
«Аты не?» деп сорасаң,
«Хайўаны кап» дер еди.
Жәхәнгери аспин,
Баркия менен тең еди,
Атын сорасаң алты аяқлы,
«Хайўаны кап» дер еди.
Ақ маңлайы терледи,
Күши тасып өрледи,
Туўласа да бас бермей,
Қоян шелли көрмейди,
Суўырып алды гирдаптан,
Ықтыярын бермеди.
Әне, еки көзин уўқалап,
Жаўырынларын сыйпалап,
Зер кайыс пенен ноқталап,
Пилтеден танап тағады,
Түр-бийнесин аңлады,
Мүшелерине қарап,
Жалын таллап өреди,
Гүлше қуйрығын тарап,
Ер-абзалы, жаў-жарағын,
Мың жыл бурын соққан арнап,
Қыямыс батырдың моласында,
Қойған еди таярлап.
Хабар тапқан Ушанша,
Тапты сәнелерин барлап,
Жолын билген япыс ядыў,
Келтирди тезден әнжамлап,
Хәмирине көндирди,
Үпшин менен арқалап,
Саўаш ерин салады,
Жети жерден айыллап,
Үзеңгисин узайтып,
Қуйысқанын келтирип,
Тебингиси термс алтын,
Зербап пенен оймалап,
Сыны-салын келтирди,
Қараманға ылайықлап.
Үш жүз батпан үпшиниң,
Ыңғыршақ илме салады,
Қолайлап узақ саўашқа,
Беккем ерлеп алады,
Мәдет әйле каллаш деп,
Жаңа болдым саррас деп,
Мәдет әйле бизлерге,
Жолымды аш, отпарас деп,
Қараман қарғып минеди.
Жаў-жарағы сайма-сай,
Табылмас оған теңи-тай,
Жети пилге жүк болған,

Масақ шалы, сары жай,
Бөктериуге байлады.
Түп сағасы болсын сал сай,
Дарып кетсе қылар дал-дал,
Үш жүз батпан гүржи паррал,
Тақымына басады,
Туўдырмас басына қәўип,
Тулпардың саўрысын жаўып,
Отыз батпан дуўлыға,
Алпыс батпан ақ саўыт,
Оң ийнинен жабылды,
Яд етип паррас Анжуди,
Сағасы сол күш-қарыўдың,
Ийнине кесе салады,
Үш жүз батпан хәмуди.
Хазар берип қол талмас,
Дарыған жерде жан қаламас,
Белбеўликке байлады,
Отыз батпан ақ алмас.
Пил дәндандур балдағы,
Оғы толы бек садағы,
Алдына кесе өңгерди,
Унғысы пәрең ақ найзаны.
Душпанға төктирмес қанды,
Бермес қолдан шыбын жанды,
Салмағы бар он батпан,
Белине илди қалқанды.
Жәмледи жәўҳар полатын,
Сондай қылып дүзетти,
Қараман ер салатанатын,
Айдап жолға салды,
Алты аяқлы хәмдам атын.
Баўыры керип жазылды,
Қараманды тарталмай,
Қырық қулаш мойны созылды,
Аўырлығын байқас етиң,
Басқан жери майданда,
Белдеўликтен қазылды,
Тутынып сондай салтанат,
Жараған шердей ҳалықлап,
Қара таслар сөгилди,
Басқанында пәрманлап.
Мақсетини алла берди,
Аламан изине ерди,
Бағындырып өзине,
Ҳайўаны ҳақты меңгерди,
Күш-ғайраты толысып,
Басын мыңға теңгерди.

Әне, Қараман кеўли өсип, әскерин ертип, Гирдап дәрьясынан өтип, Ҳиндистанның жолына түсип, нешше гирянны кесип, қырық күн жол жүрип, индис орамына кирди.

Ҳиндистанның шегарасына келип, Таймурас патша кәрўанның басын иркип, аламанын даркан қылып, Таймурас патша шатырын қурды.

Қараманды шақырып, енди буяғына бул салтанат пенен барғанымыз әдилсизлик болар деп, Ҳинди патшасына «бес жылдың зәкатын егленбей мениң алдыма әкелиң, оған көнбесең тезме-тезден елши арқалы хабарыңды бер» деп Таймурас патша Ҳиндистан патшасына елши жоллады.

Ал енди Индирайдың қатаң қәўпи бар еди. Таймурас хан менен Қараманның әскер тартып киятырғанынан хабардар еди.

Индирайдың Сәрўи Қараман атлы жалғыз қызы бар еди. Сахыпқурыж баҳадыр палўан еди, Испандияр хан дегеннен алпыс мың нөкер сатып алып, топ-дәскесин таярлап, Таймурас патшаның дүбиринен урыс майданын ашып отыр еди. Елши барғаннан соң Тахмурат патша қатты сескенип, Сәрўи Қараман атлы қызына қарап, кеңес сорап, бир зат айтты:

— Алды-артым боп тур бийик жар,
Борады басқа қалың қар,
Қыз да болсаң сүйеўим,
Болсаң саған бир лазымлы кеңес бар.

Қәўпи мықлы ердиң ерден,
Апат соқты кесе белден,
Басымызға қәўип туўып тур,
Душпан келип ғайры елден.

Белге жарасықлы потам,
Шегип турман қайғы мен ғам,
Қызым, қандай кеңесиң бар?
Қамалды тамға сорлы атаң.

Жол табалмай соқтым жарға,
Түсер болдым қалың торға,
Ғайры душпан басып келди,
Қамалдым қыйынға, тарға.

Қолланды бизге қанлы дар,
Арап пенен болдым қандар,
Аўыр ләшкер қол келди,
Перзентим, қандай күшиң бар?

Сеннен басқа сүйеўим жоқ,
Алға тутып сыйынар,
Бес жылға зәкат сорап тур,
Таймурас деген бәтшағар.

Тыңламасам айтқанын,
Басыма қыйын күн туўар,
Нашар да болсаң туўымсаң,
Буған қандай күшиң бар?

Әне, бул сөзди еситип, қыздың қәҳәри келип, тенде жаны шоршынды.

Қыз болғанда аты қыз,
Жолын билген түрли жайдың,
Күши таўсылмас көл-айдын,
Пешенесин байқасаң,
Түри он төртлик айдың,
Жүзин көрген адамға,
Рахмети жаўған қудайдын,
Далиллесип қарасаң,
Кени екен ақыл-ойдын,
Адамзаттың шын кереги,
Жарасығы бул дүньянын.
Он сегизге толған жасы,
Сулыўлықтан, арыўлықтан,
Сыйлаған аллатааласы,
Бул дүньяның жүзинен,
Теңеўге жоқдур баҳасы,
Аты Сәрўи Қараман,
Мыңға тайды бир басы,
Дәлиллесип қарасаң,
Тилинде гәўҳары тасы,
Ашық оты лалазар,
Алыстырар шыпасы,
Жигитте шер қалдырмас,
Адамгерлик ықласы,
Ақылыңды лал етер,
Пешенеси, көз-қасы,
Бойын көрсең минардай,
Дәўге ылайық тулғасы,
Гәўҳар шашар тум-тустан,
Тоғыз бурымлы шашы,
Тай келалмас қасына,
Адамзаттың данасы.
Нур шашады жүзиңе,
Жүзлериниң шуғласы,
Сәўбет қурсаң бир ақшам,
Жәннет кеўил қаласы.
Қандай екен бәтшағар,
Оны туўған анасы,
Бул дүньядан табылмаған,
Ылайықлы жолдасы,
Сымбатына қарасаң,
Мәртке ылайық тулғасы.
Таўыс киби урған жәўлан
Бойы бийик ушан таўдан,
Ел ишине қәўип туўса,
Қорықпайды отыз мың жаўдан,
Патша, ханлар тубаласа,
Түрли-түрли ақыл таўған,
Қарсыласқан жерине,
Қудайдың рахмети жаўған.
Мыңға өзин тайлады,
Болар исти аңлады,
Зығырданы қайнады,
Атасының кеўлин алып,
Баҳадыр Сәрўи Қараман,
Мынадай сөзлер айтады:

— Айтқаныма кеўил қойсаң,
Әйлейин мүшкилиңди асан,
Жаўыңа қарсы турайын,
Перзентим деп сыйынсаң.

Шийрин жаным сизге қурбан,
Жаўыңа биз таяр турған,
Атажан, бизге сыйынсаң,
Елиңе болайын қорған.

Қолымдағы гәўҳар алмас,
Қузғын жаўыңнан тайсалмас,
Анық бизди пана билсең,
Шәҳәриң жаўға талан болмас.

Қара шашым өремен,
Әбден нашар атым бар,
Толы журтқа төремен,
Бизге берсең рухсат,
Жаўың менен айқасып,
Не салғанын көремен,
Елди жаўға бергеннен,
Жаў қолында өлемен.

Жолыңда болдым таламан,
Қызыңа берсең руқсат,
Таска айдасаң бараман,
Әттең, нашар атым бар,
Баҳадыр Сәрўи Қараман.

Әне, Сәрўи Қараман атасының алдында усындай мәртлик сөзлер айтып, оның кеўлин алды. Ықырар айтып, асығыста қыз Таймурас патшасына мынадай нама жазды:

— Кеўлиңде бар ма қыйлы қал,
Күш ғайратым мениң ҳалал,
Сәрўи қыздан сәлем болсын,
Араптың ханы, қулақ сал.
Ҳаўадан ушар аласар,
Алғыс алғанлар көп жасар,
Көрген жерден бас салыў,
Көрмедикке жарасар.
Көрмей, билмей табыныў,
Қорқақ ерге жарасар,
Араб Мысырдың ханы,
Әдиллик пенен нәзер сал.
Аттың жалын өрмеймен,
Көрмей, билмей бағынып,
Айтқаныңа ермеймен,
Зорлығыңды мен көрмей,
Қаламнан зәкат бермеймен.
Тулпарыңды желесең,
Ҳәддиң болса, Таймурас,
Әскериңди айдап келесең,

Таңлаў жоқ, бир күн сәрсенби,
Сәрсенби күн сәскеде,
Қаратас деген майданға,
Тартынбай тайын боласаң,
Ҳәддиң болса сол жерде,
Биз бенен гүрес аласаң,
Сәрўи қызға зор келсең,
Журтымнан зәкат аласаң,
Палўанларың жығылса,
Бизге пенде боласаң.
Сап тутсын еки аламан,
Алдыңнан шығып күтемен,
Қаратас деген даламнан,
Палўаның болса тайынла,
Бизиң менен таламан,
Кимсең дейип сорасаң,
Саҳыпқурыж лақабым,
Индирайдың жалғыз қызы,
Атым Сәрўи Қараман.
Қарыўым бар алпыс мың қол,
Ел болсаң шарапатым мол,
Тамам еттим сөзимди,
Миййманым, саған айтар сол.

Әне, Сәрўи Қараман Таймурас патшаға сондай нама жазып, асығыс түрде Таймурас патшаға елши жоллады.

Ал бул хабар Таймурас патшаға жетти. Бул айбатын еситип, Қараманның қатты келди қәҳәри, шамырқанды, шатнады, араптың белли сәрдары.

Байқамастан бары-жоғын,
Елмеди ашы-тоғын,
Тумлы-тустан сүйретти,
Отыз арба дәри-оғын,
Жер тербентип сүйретти,
Үш жүз алпыс қара тобын.
Арнаўлысын айдатты,
Жасыл туўын жайнатты,
Атлы менен пиядасын,
Ақыллы-хушлы зиядасын,
Бөлек-бөлек тайлатты,
Екеў-ара бекаўыл,
Төртеў-ара жасаўыл,
Алдын баслап шындаўыл,
Тум-тусына жаңлатты,
Тартып сырнай, баламанын,
Айқасыўға таламанын,
Жыйнап он мың аламанын,
Қара курттай қайнатты,
Алпыс еки әмелдарын,
Отыз еки мөҳирдарын,
Жасаўыл менен сәрдарын,
Тартты сөзге қардарын,
Жәллат пенен қанқумарын.
Тумлы-тустан қамалатты.
Ҳинди менен қас болып,
Баўыры қара тас болып,
Салтанат пенен жол тартты,
Қараман батыр бас болып,
Күшин қосып арнатты,
Индияның шәҳәрине,
Жығынның алдын қаратты.
Аламанның көплиги,
Жерге-көкке сыймады,
Ҳешбир жерге бийорын,
Ийнедей зыян қылмады,
Ўәде берген жерине,
Бас-аяғын жыйнатты.
Аламанды жарып турады,
Алты аяқлы тулпары,
Дүнья жүзин теңселдирди,
Көриниси, салтанаты.
Мақтаўға тәрийпи толмас,
Бойын көрсең минардай,
Ҳәр қолы бар қырық қулаш,
Уллылығы соншелли,
Тулпар-жүйрик тарталмас,
Күн-түн асып келгенде,
Алпыс шелек суўға қанбас,
Келеғойса қәҳәри,
Тенеси мысал қара тас.
Атсаң оғың өтпейди,
Шойыннан қатты тенеси,
Ялған шықпас сөзимнен,
Қарўидей бар геллеси.
Қыйын-қыстаў жер келсе,
Қара жердиң кемеси,
Қандай екен бәтшағар,
Оны тапқан енеси,
Ала таўдың диниңдей,
Гүжирейген еңсеси,
Нар түйени тышқаннан,
Зыят көрмес пәнжеси,
Жуўырғанда арданлап,
Көкти тирер төбеси,
Ҳәр жылаўы бир қулаш,
Муртларының жебеси.
Бир мыңға тайды есеси,
Өлшегенде сексен гез,
Шығады ҳәр мүшеси,
Уйқыласа тоғыз күнде,
Турады екен пешеси,
Саўаш екен тилеги,
Ақшамы-күндиз, кешеси,
Қырық күн удай толғатып,
Туўалмаған шешеси,
Дүнья жүзин талқанласаң,
Табылмайды теңлеси,

Залымлардын қастында,
Арнап соққан бендеси.
Сондай екен, яранлар,
Қараманның пешенеси.
Әне, көкти қозғайды қәхәри,
Мың тулпарға баспа-бас.
Алты аяқлы тулпары,
Қарап етер дарыса,
Қолындағы зулпыхары.
Мың батпаннан аз емес,
Ийниндеги жаў куралы,
Ериксиз жанынды алғандай,
Қарағанда сыны, салы.

Әлқысса, қыздың силтеў берген жайына қарап үш күн жол тартты удайы. Таймурас патша бас болып, сәрсенби күни сәскеде, әскер айдап болды тайын.

Енди сөзди Сәрўи Қараманнан еситесиз. Сәрўи Қараманның атасы Тахмурат патша халқына уран тартты, әскерлерин жыйнатты, бес жүз пилге оқ артып, ерте турып, кеш жатып, уўайым-қайғыға батып, әскерлерин айдатып, қаладан шығып жол тартты.

Душпанларға сиясат,
Мезгилме-мезгил топ атып,
Тобының аўзын қаратып,
Индирайдың әскери,
Қаладан шықты сап тартып.
Хәр ким көрди ығбал-бақтан,
Әжел қәўпи қәдир хақтан,
Бир-бирине жақынласты,
Еки жығын еки жақтан.
Орталықтан жоллар ашты,
Сиясаттан қорқып састы,
Бир-бирине хәл салысты,
Бир-бирине айбат шегип,
Танап жарым жақынласты,
Еки жақтан еки патша,
Елши арқалы хабарласты.
Хәрким өз лепсине тартты,
Жар салып пикирин айтты.
Керек емес жәнжел-ғаўға,
Тоқтасын мәлелли саўда,
Сиясаттың мысалын,
Мегзеттим мен қарсы жаўға,
Әдил болсаң Таймурас,
Еки жақтан салтанатлы,
Палўанлар шықсын ортаға,
Шешен тили менен айтсын,
Ортада бир-бирин күтсин,
Еки жақтан палўан шығып,
Салтанатлы гүрес тутсын,
Жығылғанын жыққаны,
Әшкара қылып өлтирсин.
Хәрбир елдиң заңы басқа,
Батырлықтан тапсын жасқа,
Соған қайыл болсын басқа.
Гүрес тутып басқалар,
Ортада қурсын тамаша.
Барлығына мақул түсип,
Мақулласты еки патша.
Тәреп болды еки жақ,
Хәркимге берсин ығбал-бақ,
Гүреспеге батырлар,
Жасады сондай иттипақ.
Әне, мына гәпти еситип,
Еки тәреп болды саз,
Етип жетпис түрли пәрўаз,
Ақ билегин сыбанып,
Толықсып шықты ортаға,
Хиндиниң қызы Сәрбиназ.
Мыңнан қайтпас қайсар палўан,
Қызға болып шын таламан,
Таймурас патшаның улы,
Қарсылап шықты Қараман.
Ортада мәрдана турды,
Еки батыр қарсы жүрди,
Хәрким өз оңайын алып,
Бир-бирине пәнже урды.
Ахбер Полаттың әўлады,
Халлас урып кеўил шады,
Сәрбиназды Қараман,
Оңға, солға таўлады.
Еки батыр майданда,
Асаў янлы туўласты,
Бир-бирине ақырып,
Керип урды қулашты.
Қумарытып батырлар,
Күши дәрьядай тасты,
Бир-бирине аянбай,
Керип урды жанбасты,
Жығысалмай батырлар,
Шегинисип тарқасты.
Боялады қызыл қанға,
Жәбир салып шыбын жанға,
Таўға жанбас урғандай,
Кәр етпеди Қараманға.
Жығысалмай асып-састы,
Бир биринен күши асты,
Бир-бирине зор келип,
Аўзынан жалын шоласты,
Екисиниң ғайраты,
Тенселлирди қаратасты.
Гә отырып, гә жүгинди,
Маңлайының терлери,
Жамғыр янлы төгилди.
Күшлерине шыдамай,
Таўдың қара таслары,
Парра-парра сөгилди.
Терлер ағып дәрья селди,
Күш-қарыўлары тең келди,

Тартысқанда батырлар,
Шыдам бермей күшине,
Қара таслар теңселди,
Сәрўи Қарамандур аты,
Таў қозғады деген пәти,
Тең келеди батырдың,
Екеўиниң ғайраты.
Абырайды бермеди қолдан,
Қызға азар жетти молдан,
Тынбай үш күн айқасып,
Майданды етти тас талқан.
Жибермеди намыс-арды,
Үш күн тынбай айқасып,
Екеўи теңнен ҳарыды,
Қараман қайсар зор келип,
Қыздың жүрегин жарды.

Әне, қыз Қараманның зорын билди. Қыз өз қол астынан бойына ылайықлы яр табалмай, дәрти басым еди. Қараманның өзинен зорына көзи жетип, зорын билип, ишинен өзине ылайық билип, ҳаслы нашар Қараман батырдың қурылысына, қарыў-күшине, пешенесине еси аўып, күш алалмады. Негизинде Қараманнан күши зыят еди. Өзиниң соңын ойлап, батырдың ығын шалып, басқа исти қойып, өз дәрдине салып, мәккарлығын күшейтип, налыс қылып батырға:

— Себеп бенен дуўшар келдик. Үш күн тынбай айқасып, қара жердиң баўырын тилдик. Бир-биреўдиң халын билдик. Кеўлиңе салма қыйлы-қал, ойлан батыр, ақылыңа сал. МийМансаң халқыма келген, үш күн рухсат, үш күн жатып демиңди ал. Қарыў-күшиңди жыйна, төртинши күни усы жерге тайын бол. Өзиң шаршасаң, жанындағыны өлди бил, деген нақыл бар. Мен де ҳарып турман, — деди.

Еситип оны Қараман, қайшыдан қайтпас өр еди, аңқаў ладан сол еди, алп уйқысы қысып, себеп таппай тур еди. Қараман қайнады-йошты, қыздың кәтқудалығы батырға жүдә мақул түсти. Айында еки рет алп уйқысы бар еди, жығыларға аз қалып тур еди. Хошласып, қосына барып Қараман уйқыға таслады.

Ал, енди Сәрўи Қараман не қылады? Сахыпқурыж, ҳаслы нашар, Ҳиндистаннан шыққан сәрдар Қараманның сымбатына ғайыбана ашық болып, ышқы тамыры сызлап, лепси күш бермей, қорғасындай ерип, ақылы-ҳуўшын алдырды. Батырлық ғурыж тарқап кетти. Дәрди ғаўлап тасып, бийжағдай жерин қасып, Қараманның турқы басып, өлгейлиден болды ашық. Дәрти тасып ғаўлады, сыртынан өзин арнады, ишки сырын билдирмеге, батыр қыз өзин сайлады, майыппан деп халқына, ялған сөзин жайлады, яр болмаға қолайланып, ишки сырын хатқа салып, ўәдели күн гүрес жайдан хабар алды. «Батыр, келиң» деп сүрен салды. Келмеген соң, Қараманды излеп барды. Барса, Қараман уйқылап атыр, оянбады. Мәккарлығын күшейтип, батырды жулқылап оятқан болып, ояқ-буяғына шығып, сиясат қылып, хатты батырдың қойнына салды да жайына кетти.

Жети күн алп уйқысыз қалды, арсылдап, гүрсилдеп, қушағын керип, Қараман батыр ыңыранып жайдан турады. Қыздың сәлем хаты жерге түсти, таңырқап батыр қағазды алып, тарқатып көрсе, жазылған хатты көрди. Жәрия қылмай оқыса, Сәрўи Қараман мынадай сөз айтыпты:

—Аңлаңыз батыр Қараман,
Адамгерлик жолынан,
Ядыңа хабар саламан,
Я жарылқа, я қарға,
Сәрўи қыз сыртыңнан таламан.

Арап-Мысырдың палўаны,
Сөзимниң шықпас ялғаны,
Сизди сәўер яр қылмақ,
Сәрўи қыздың әрманы.

Тыңлайғойсаң мениң зарым ,
Мен болайын сәўер ярың,
Ақ төсиме мийман болсаң,
Беремен журттың ықтыярын.

Шын кеўлиңди берсең маған,
Жолбасшы болайын саған,
Бул сөзимди қабыл алсаң,
Сәрўи айым сениң саўғаң.

Атамның бағын байлайын,
Кеўлиңе жетип жайлайын,
Мени сәўер ярың қылсаң,
Ели-журтым бағышлайын.
Бул сөзимди беккем усла,
Тайсалма, ўақтымды хошла,
Бул сөзимди қабыл алсаң,
Шәҳәримди өзиң басла.

Егиз турды пайда, зәлел,
Кеўлиңизге алмаң мәлел,
Жақпаса, сырымды шашпа,
Жигит болсаң сен ҳалал.

Хош десеңиз қабыл ал,
Екинши адамнан сөз мынаў,
Қараман достым, қулақ сал,
Душпанларға талатып,
Араға салмаңыз мәлал.
Айтқан сөзим жақпаса,
Қупиялап хабар сал,
Абырайымды паш қылып,
Салып жүрмеңиз зәлел.
Кеўилиңе йош урса,
Ишиңизден қабыл ал,

Қабыл алсаң сөзимди,
Қуўанышлы ғайрат сал.
Айтқан сөзим жақпаса,
Болың бизден биймалал,
Алланыңның белгиси,
Хүжим жаса қалама,
Атамыз бенен урыс сал,
Шәҳәрине бир топ ат,
Атамның ақлы болсын лал,
Шет-шебирде байларын,
Үскенесин қыл дал-дал.
Айбатыннан сескенип,
Атам қорқып бағынар,
Керегинди тайынлап,
Атэсындай сағынар,
Зыян берме оннан соң,
Не тилегин қабыл ал,
Атамның журтын тонама,
Керек емес дүнья-мал.
Тилегин ал атамның,
Үш жыллық зәкатынды ал,
Қаламда салтанатыңды қур,
Атамыздың кеўилин,
Өз көзиңнен сынап көр,
Қарсыласқан душпанға,
Аянбастан қылыш ур,
Қолынан ал оннан соң,
Өз әрманын сорап көр.
Айтқан сөзин қабыл ал,
Қандай мақсетине тур,
Көҳәриңнен жүдә қайт,
Қол қаўсырып қуллық айт.
Ели-халқын жыйнатып,
Бағындырып атама,
Тағына қайтып миндирип,
Патшалық күшлерин нығайт.
Орынласаң бул сөзди,
Абадан болар еки жағың,
Гүлленгени ығбал бағың,
Бағыш етип алтын тағын,
Жай болар кеўли атамның,
Питкени мақсет-мурадың,-

депти жазған хатында.

Әне, Қараман гәп мәнисин аңлады, баҳадур кеўли шадланды. Қыздың сөзин қабыл алды, кеўли халақ урып, талабы оңға айналды. Сәрўи Қараманды яр қылыўға күш салды. Ҳиндистанның шәҳәрине ат салыўға қолайланды. Айырды қара менен ағын, жыйнады палўан ғошшағын, алғыр қустай ынтықты, еситип ярдың хабарын.

Оның алып күнниң ядын,
Енди алла берсин дадын,
Ыңыранып батыр минеди,
Алты аяқлы Ҳайўаны қабын,
Ақырып шықты урысқа,
Келистирип салтанатын,
Тахмуратқа көрсетеди,
Түрли-түрли сиясатын,
Қалаға қарап айдатты,
Атақлы он мың әскерин,
Он сегиз тобын сүйретип,
Жасыл туўын жайнатты,
Қалаға әскер айдатты,
Қара қурттай қайнатты.
Қара туўын көтерип,
Қос сырнайын тарттырды,
Сиясаты жер жарып,
Он мың әскер сап тартты,
Ҳиндистанның шәҳәриниң,
Шетинен барып топ атты.
Махмуд ханнан бина болған,
Көк минарын қулатты,
Көшелерин талқанлап,
Ҳәмдам атын ойнатты,
Дәҳиш деген шәҳәрдиң,
Үштең бирин қыйратты.
Тахмураттай патшасы,
Үш күн кейин хабар тапты,
Жетилген қуйрық, қанаты,
Хүжим менен қарсы шапты,
Ким буяққа, ким ояққа,
Бөлинген қойдай жамыратты.
Әдеп гүрес, соңы урыс,
Урыста жоқ қарап турыс,
Қолларында алмас қылыш,
Шабылды майдан ишинде.
Ҳәмел салып нешше ядыў,
Шабынған қанхор жәллаты,
Алты аяқлы минген аты,
Урынды майдан ишинде.
Тумлы-тустан жаўдылар оқ,
Күш-ғайратқа биййшама тоқ,
Айдарҳадай қара топ,
Ақырды майдан ишинде.
Атлар жүрди қызыл қаннан,
Оқлар жаўды кең майданнан,
Мың о яннан, мың бу яннан,
Қырылды майдан ишинде.
Қаза тапты сансыз ерлер,
Ыңыранды майданда шерлер,
Арнап келген талапкерлер,
Ат қойды майдан ишинде.
Әскерди бақлап удайы,
Табылмады теңи-тайы,
Алпыс батпан сары жайы,
Топ бузды майдан ишинде.
Опат қылып қанлы дарын,
Өндирип кек пенен арын,

—Дәрди ешит, жанажанлар,
Халық сораған бегу, ханлар,
Жол таныған қәдирданлар,
Қызды перзент деўши болма.
Сенин абыройынды ойламас,
Үзилген жубынды байламас,
Атаға басы айланбас,
Қызға сүйениўши болмаң.
Жатқа тенеси бақышлы,
Ақылы қысқа, узын шашлы,
Ата-анасынан жат жақсы,
Аттан айырмасы болмас.
Жаўына қарсы турмайды,
Қарсылап қылыш урмайды,
Ис түскенде басына,
Жан ашып, кеўил бурмайды,
Қызға исениўши болмаң.
Таўсылмас қайғы қапасы,
Ата-анаға жоқ опасы,
Қыз саклағанның тобасы,
Ҳешбир жерде қабыл болмас.
Өкситер өмир жасыңды,
Ийтке ийелетер лашыңды,
Алдырар жаўға басыңды,
Қызға сүйениўши болмаң.
Мулкиңнен ықтыяр кетер,
Душпанның кеўлине жетер,
Қыз баққан жасырынып өтер,
Ийнедей уяты болмас.
Айырады сүйген достан,
Алмас жүрегиңди осқан,
Жоқ қылың өсирмей жастан,
Перзент деп билиўши болмаң.
Жуғар хәр түр ғараўмети,
Шөгирер сени уяты,
Душпанға көп шарапаты,
Қызға сүйениўши болмаң.

Әне, Тахмурат патша қызына теңлик таппай, халқына сондай өсек таратты. Енди сөз Қараманнан.
Қараман қырық күн қылўетте жатты, зәҳәр менен заққым татты, қырық күн жатып ой ойлап, адамға көринбей жатты. Зары-гирянды удайы, хабар таппай хеш жерден, сыйынды қәдир қудая, сәўген ярыны жойтып,болар болды өмири зая, капа болып, қан жутып, ушырады мундайға. Қырық бир күнде сәҳәр ўақта жатырса, Сәрўи Қараман ярынан мынадай келеди саза:

— Көкирегимде ат басындай әрманым,
Қырық бир күн толып тур, кеўилим жарым,
Гөйиқапқа келди Сәрўидей ярың,
Қараман, ядына алсаң не болды?

Аңламай турыппан қайдан келгенин,
Сеннен айра түсти кеўил бергенин,
Ҳаттәрийй ядыўдур кандарың сениң,
Ярыңның хабарын алсаң не болды?

Сизу -бизди жолда ғәпилет басты,
Ажираки ядыўы бизди алып қашты,
Ғәпилетте ярың сизден адасты,
Ашығым, ғайратың салсаң не болды?

Кеседен бир залым қолларын созды,
Ҳаттәрдың хәмели азарды бузды,
Ойы аташтаман, жоқ етсең бизди,
Ашығым, изимди қуўсаң не болды?

Ғапылда мен түстим сайсыз тереңге,
Дозаққа жанармыш гүналы бенде,
Гөйикапта турман буғаў кисенде,
Ашығыңды азат етсең не болды?

Қарсы жаўған булыттай қурсадым,
Атамыздың қарғысына ушырадым,
Бәлеге жолықпай питпей мурадым,
Қарыйдарым, шыпа тапсаң не болды?

Душпанда жиберме намыс пен арың,
Айра түсти сеннен шын қарыйдарың,
Ҳаттәрийй Садыршын ядыў кандарың,
Жолыңда бир ғайрат салсаң не болды?

Әне, дүньяның шығыс жағында,
Аташ деген дағында,
Дүнья жүзинен хабардар,
Жети есеге ҳүкимдар,
Ҳаттәр деген патша бар.
Жети жыл бурын булардан,
Сәрўи Қараман қыздың,
Сыртынан еди сәўер яр,
Ажираки дәўин буйырып,
Қараманды уйқылатып,
Жары жолға келгенде,
Сәрўи Қараман қызды,
Ақ күймеден урлаған екен бәтшағар.
Алла абырайын жаўып,
Қылўетте жатқан ўағың,
Шашырап жайдан турады,
Сүйген ярдан хабар таўып.
Ерледи Хайўаны қабын,
Басына түсип ғалаўыт,
Излемекке сәўдигин,
Талап етти қумарланып,
Қайғы-ғамды таслады,
Батырлық жолды баслады,
Туўмаған ярдың кейнинен,
Күш-қарыўын топлады,
Кийип полат саўытын,

Жаў-жарағын тақлады,
Еситип ярдың хабарын,
Қәхәр менен атланды,
Узақ жолға сазлады,
Алты аяқлы тулпарды,
Ойнатып батыр тулпарын,
Жолға шықты сазланып,
Табыў ушын қандарын,
Яд етип қыямыс уранын,
Алдына кесе өңгерди,
Алмас пенен жәўҳарын,
Ийнине қағып салады,
Жүз батпан гүржи парралын,
Излемекке жоллады,
Шындахиштиң шәҳәрин,
Анжут дейип жолланды,
Колға услап зулпықарын.
Жигери тасып қайнады,
Қолындағы ақ алмас,
Шағылысып күнге жайнады,
Шабысыўға дәў менен,
Тутынып өзин тайлады.
Алты аяқлы хәмдам ат,
Келеплеп жолды тартады,
Баққыдағы тулпары,
Ҳарып-шаршап талмады,
Айлық жолды алты басты,
Қуўырып жолды пәрманы.
Жети нарға жүк болар,
Қолында гүржи парралы,
Белгили жолын табалмай,
Шықты мәрттиң сергизданы,
Жолдың дәрегин таппай,
Ишине толды әрманы,
Дүнья жүзин айналып,
Шығарды жолдың талқанын.
Сегиз айда кесип өтти,
Арийпан деген дәрьяны.
Талқан етип кең даласын,
Сергизданға салып басын,
Көргенлер алып тулғасын,
Сегбир какты тоғыз ай,
Жағалап ҳарып дәрьясын.
Нешшелерге салып саўда,
Дәлил айтып қарсы жаўға,
Дүнья жүзин бир айланып,
Белгили гүзарын таппай,
Ушырасты Қараман,
Яркут деген бәлент таўға.

Әне, дүнья жүзин талқан етип, Гөйиқаптың жолын таппай, бәлент таўдың басында төрт тәрепке қараса, басында отырған бир инсанды көрди. Түрин көрген талғандай, нәзер етип қараса, қызыл шоқ болып жанғандай. Жартысы көмилген тастан, қазаннан қара реңли, тула бойын түк басқан, қуры қалмаған көзи жастан, берекети жаман қашқан, көргенниң зәрреси ушқан, әрманы шерге шоласқан, төбеси көк пенен таласқан, арқаға қарап жол тосқан, бир ажайып инсанның отырғанын көрди. Қараман «Кимсең?» дейип бир зат айтады:

— Тирилей жер жутып, дәрди уласқан,
Не себептен басқа түсти қара аспан,
Шәлистанда киндигиңнен байланып,
Қандай қылмыс кеширип едиңиз бастан?

Еркиңе кете алмай, шығып хайраның,
Бул бийик таў қайсы миллет майданы,
Таў басында киндигиңнен байланып,
Саған тийди қандай мәрттиң зыяны?

Бейишке барармыш құдайы сүйген,
Қандай қылмыс пенен азаптан күйген,
Жалғыз басың таў басында жол тосып,
Ким боласаң тири дозаққа күйген?

Азап пенен өткерипсең күниңди,
Көрип қорқтым шашың менен жүзиңди,
Тилиң бар ма, сөйле маған туўрылап,
Баян етиң тилиңди хәм диниңди.

Тирилей байланып, шыққан қор-зарың,
Түскен жерин өртегендей нәзериң,
Дуўшар келдиң мениң қарсы алдыман,
Маған силте Гөйиқаптың гүзарын.

Әне, Гөйиқап деген ўақта таңырқанып қарады.

— Хә, Гөйиқапқа барғандай кимсең? — деп сорады. — Гөйиқапқа әйтеўир адамға барыў ушын рухсат жоқ еди. Гөйиқапқа бармаға үш нәрсеге рухсат етип еди. Ким деп сорасаң, биринши — Тайла қус, екинши — Сүймурық, үшинши — Сахыпқурыж атақлы. Аты Қараман болса, астында алты аяқлы Нурдан жаралған хайўаны қап аты болса, қолында Шаҳимарилдиң жүзиги болса, сол баратуғын еди. Оннан басқаға халық еткен рухсат етпеген еди. Гөйиқапқа барғандай кимсең? — деди.

Буны еситип Қараман:

— Сол айтқан Қараманың мен, — деди. — Мен Сәрўи атлы ашығымды урлатқан едим. Гөйиқапта Хаттәрий деген патша әкелип тилсиматта қойыпты, деген хабар таптым. Талап етип атланғаныма Арабстаннан он ай толды. Дүнья жүзин айланып, Гөйиқаптың жолын билетуғын инсан табалмадым. Айланып саған дуўшарластым. Атымды билдиң, баратуғынымды билдиң. Мен Гөйиқапқа қандай күш пенен бараман? Ким себеп болады? Бириншиден, хаслы-затыңды айт. Екиншиден, себеплерин айт, заңғар,

— деди.

Буны еситип, ол айтты:

— Ҳаслымды сорасаң, мен Шаҳимарил деген патшаның ядыўы едим. Атым Дабарнуш деген еди. Жасым жети жүз елиўде,-деди. -Дүньяның жүзин күнде жети айланып шыбатуғын едим. Шаркыпалектиң ағынын жағалап ушып, дүньяның қубылысын топлап, қудайдан хабар урлайтуғын едим,-деди. Алдымда қырық жылдан бержағында болатуғын жақсылық, жаманлықты шийшең үйден билетуғын едим. Еки жүз жыл болды, Ысырапия шәҳәринде Ажиракиядыў дегенди сыртынан сатып едим. Илими менен жети есе артық еди. Сыртынан сатқанымды еситкен екен. Усы жерде абайсыз отырғанымда, көзиме мүшкилат апсусин бүркип, гөр қылып кетти. Дуўа менен усы таўға жарты жағымды бәнт қылып кетти. Еки жүз жыл болды, усы таўда күнге күйип отырман. Еки дәртли дуўшарластық, екеўимиздиң мүтәжимиз бир жерге бәнт екен. Енди мен саған жақсылық қылайын, сен маған жақсылық қыл, — деди.

Қараман қабыл алды.

— Сен өз күшиң менен Гөйиқапты табалмайсаң, жеткен менен, Ҳаттәрий жаўды табалмайсаң. Себеби Шаҳимарилдиң жүзиги саған қуўысқан жоқ екен. Енди қырық күнлик жолда Шәкирша патшаның сорамында Дәлшин деген таўы бар, Барқыя деген таўы бар. Оннан ары өтсең, Шар теңиз, Шын теңиз дегенниң изи бар. Екинши теңиздиң ортасында Баталмас атлы дарақ бар. Сонда қудайға шерменде болып, қашып барып отырған сүймурықтың мәканы бар. Гөйиқапқа барыўға қудай рухсат еткен. Соған барсаң, гүман жоқ, сени Гөйиқапқа апарады. Апарағойса, Гөйиқапқа барма, Албурыс деген таў бар. Албурыс таўында Ысырапыл деген шәҳәр бар. Сол шәҳәрдиң астында Ажираки ядыў айдарха болып, Шаҳимарилдиң жүзигин тислеп жатыр. Соны өлтирсең, таңлайынан жүзикти алып, қолына сал, сонда Ҳаттәр патша алдыңа өзи келип бағынады. Бир оймақ қанын ақ пиллаға синирип, маған қуўыстырсаң, сол замат мениң көзим ашылады. Маған қылған жақсылығың сол болады, — деп түсиндирип, кесапат, мәрхамат, мүшкилат, ғарапат, зулмант деген жети түрли апсус түсиндирип, Қараманға берди. Шарапат дуўасын оқып, Қараманға «сүп» деп еди, Қараман бир қара бүркит болды.

Әне, силтеўин алып, сырқып алып өтә кетти. Көз ашып-жумғанша тас түнек теңиздиң ортасында он танап жерге саясы түскен бир дарақќа пайда болды. Әне, дуўаны оқып, Қараман өз ҳаслына келди. Тамашаға дарақтың басында сүймурықтың уясын көрсе, нар түйедей еки палапан көрди. Таңланып турса, теңизден бир қарала айдарха шығып, палапанды жутпаға қолайлады. Палапанлардан еситкен даўысына рейими келип, айдарханы маңлайдан атты. Айдарха ақырып, таўланып, силеси қатты. Арқадан даўыл турды, сүймурықтың кәҳәри екен. Сүймурық пайда болып, Қараманға айбат шегип, пәнже урар болды.

Балалары уў-шуў болып, айдарханы көрсетип, анасына түсиндирди, «бул маклуқты қатты тексер, усы болмағанда айдарха жутып кететуғын еди» деп жалынды. Сүймурық айдарханың өлигин көрип, сағадан түсинди. Сүймурық деген жүз жылда бир балалайды екен. Өмиринде бес рет палапанлады. Бәрин темирқанатында жойтып, не екенин билмей, қара баўыры қан еди. Мениң палапанымды жеген усы айдарха екен-аў, деп түсинип:

— Шын душпанымды таўып берген шыны достым сен болдың. Бул жақсылығыңның есесинен қутылалмаспан, меннен мақсетиң не? — деп сорады.

Буны еситип, Қараман әрманын, сапарын баян етти.

— Дүнья, зер кереги жоқ. Мени ертерек Гөйиқапқа жеткериўге себеп тап, — деди.

Буны еситип сүймурық қатты қайысты.

— Гөйиқапта жетиўге адамзатқа бес жүз жыл керек, перигe төрт жүз жыл керек, қанатлы қусқа қырық жыл керек, мен ушын алты жыл керек. Дос себепли жаныма жапа қыламан. Сен қырық күн қылүет жасайсаң, — дейди. — Жети күнде бир қадақ аўқат ишип, көнесең. Оннан соң жаўырыныма түссең, қырық күн кеселеп ушаман, қырық күн сарқаман, бир жүз жигирма күнде Гөйиқапқа түсемен. Тиклеп ушқанда түсип кетсең обалың өзиңе, қайыл болсаң соған, қырық күн жат, — деди.

Әне, Қараман қайыл болды. Қырық күн қылүетте жатты, қыйынға өзин көндирди. Қырық бир күннен сүймурық Қараманды жаўырнына миндирип, алып ушты. Бир жүз жигирма күнде саламат Гөйиқапқа түсти. Әне, сүймурық сескенип:

— Он алты күннен усы таўдан хабар аламан. Мақсетли жериңе келдиң, хабар аламан. Бу йерден таппасаң, ядыўдың қолына түскениң, сизди қыяметте көремиз, хош, — деп сүймурық келген изине сарқып алып өтә кетти.

Ат шаўып дағдың пәстине,
Төрт ай ушып сүймурық,
Келип түскен секилли,
Бир бәлент таўдың үстине.

Адыр-адыр бийик жар,
Қызыл-жасыл лалазар,
Қулақ салып тыңласа,
Әжептәўир бир сес бар.

Көринеди елеслеп,
Таң қалғандай бир шәҳәр.
Қалаға қарап жол тартты,
Жете алмай ҳайран болады.
Оннан ары қарады,
Парралап тасларды басқан,
Бири қуўған, бири қашқан,
Аўзынан қызыл от шашқан,
Ағу-қара айдарҳалар көреди.
Қулақ салып тыңласа,
Жер тенселтип ғаўырласқан,
Таўды еткен астан-кестен,
Еситкен айрылған естен.
Ғайры есим гәп сөйлескен,
Әжентәўир сес келди.
Еситип оны Қараман,
Қайғылы нала тартады,
Есабы жоқ көп жығын,
Батырды қурсап алады,
Гүүиренген дыбысқа,
Дағы-таслар толады,
Қарамандай қайсардың,
Мийнети жаман артады,
Зилзила болып жер-жәҳән,
Қара таслар борады,
Сахыпқурыж келди деп,
Тум-тустан саза толады,
Ҳәттәр патша қайда деп,
Батыр жарлап сорады,
Таў таўларға қағылды,
Жылдырымнан от жағылды.
Сахыпқурыж келди деп,
Бийбанлар шуўлады.
Сескендирди көрген жанды,
Гүлли ядыў қурсап алды,
Көпшиликке жар салып,
Сәрўи ярдан сораў салды,
Жарасықлы зулпықары,
Қатты келип намыс-ары,
Гөйиқапты талқан етти.
Билип болмас есап-санын,
Нешшениң төктилер қанын,
Қурбан қылып шыбын жанын,
Патшаңыздан хабар бер деп,
Қырды бир нешше палўанын.
Оқ өтпейди атса дейди,
Мени көрсин, күшиң қанша,
Келди истеген қандарын,
Қайдасаң Ҳәттәрий патша.
Ғапылда жүрек асқанын,
Нешше жыл жолын тосқанын,
Саўлатыңды бир көрсет,
Келди Қараман душпанын.
Сиясат қылып бақырды,
Ашыққан шердей ақырды,
Күшиң болса көрсет деп,
Ҳәттәрийдей патшасын,
Гүресиўге шақырды.
Батырлығы болды мәлим,
Көзден шашып отлы жалын,
Ар-намысқа шыдамай,
Ақырып шықты ортаға,
Қарсылап Ҳәттәрий залым.
Берди батыр кеңнен жолды,
Бир-бирине тайын болды.
Бир-бирине жуўырып,
Таўтайлақтай топылды.
Арасынан кең жол ашты,
Бирин-бири сусы басты,
Еки мықлы қарсыласып,
Геллеме-гелле жулысты.
Ҳәттәр деген залымның,
Ҳаўлығып кейин қашпады,
Қарамандай қас батыр,
Аму урып жастады,
Уллылығы соншелли,
Үш жүз батпан амуди,
Батпан шелли көрмедиң,
Керип найза урғанда,
Қараманның найзасы,
Уңғысынан батпады.
Қарамандай қайсарың,
Қаны қайнап йошады.
Қолы тийген жерлерин,
Аяқ демей, қол демей,
Қолы менен жулып таслайды.
Қарап турса Қараман,
Үзилип қалған мүшесин,
Демине тартып қосады.
Билди ядыўлардың жолын,
Заңғардың ҳийлеси молын,
Қарап турса Қараман,
Жутып қайта шығарады,
Үзилип түскен аяқ-қолын,
Ҳайран етер ақыл-есиң,
Ҳәттәрийдей патшаның,
Мың пара қылды денесин.
Жутып қайта шығарады,
Омырылып қалған геллесин,
Шапса кеспеди зулпықар,
Билмеди, қандай пир қоллар,
Басын жулып ылақтырса,
Көз ашқанша қайтып шығар.
Жаны кешип жатпайды,
Уйысып қаны қатпайды,
Қарамандай қас батыр,
Басын жулып ылақтырса,
Басқа жанға услатпайды.

Әне, Қараман урса найза батпады, жаны кешип жатпады, өлтириўге патшаны, Қараман илаж таппады.

Мүшелерин етти пай-пай,
Айқасты жети күн удай,
Ҳайран болды Қараман,
Қоллап турған қандай қудай.
Ҳайран болды қайсарың,
Патшаға ҳийле табалмай.
Әне, ҳайран болып турса.
Түри мегзес толған айға,
Тайын болды гүрес жайға,
Айдарҳа минген бир жас қыз,
Ғайыптан болды пайда.
Түрин көрген қайнап-йошар,
Он тоғыз-жигирма жасар,
Қараманға сәлем берди,
Басын ийип сол нашар.

Көрип кеўни йошады,
Қараманның үстине,
Ҳасыл гәўҳар шашады,
Ишки сырын байқаса,
Нағыз досқа қусады,
Ысық көрип Қараман,
Өзини беккем услады,
Жыллы сөз бенен күлдиреди,
Урыс отын сөндиреди,
Қараманға басын ийип,
Дослық ығлам билдиреди,
Буны ким деп сорасаң,
Ҳаттәр патшаның қызы,
Минаўшар пери еди.

Ҳаттәрий ядыў Сәрўи Қараманды жети қат жер астында, Нурбәҳәр деген бағында азада сақлап қойып еди, Минаўшар қызын хызметинде қойып еди. Сәрўи Қараман үш жылдан берли патшаның сыр-сипетине, жасырын сырларына танысып қалып еди. Өзи ҳәм илимҳал, жетпис күннен бержағындағыны тырнағының жүзинде көрип отырар еди Сәрўи Қараман.

Әне, Қараманның ойқанынан хабардар еди. Әне, патшаны өлтиретуғын жолын Қараманға үйретиў ушын жети түрли дуўасын Қараманға тапсыр деп, қупия Сәрўи Қараман қызға буйырып еди. Әне, патшаны өлтиретуғын жолын Қараманға айтып, қыз бир зат айтып турыпты:

— Жолын билип өзиң тайла,
Қәўипли жери көп, абайла,
Сокпағынды таўып жүр,
Жыққынды сағадан байла.
Көрмей-билмей қарсы шаўып,
Соклықтыңыз бийик жарға,
Қарап етер қарқыны,
Дәўпериге қылыш урма.
Бийгүна халықты бүлдирме,
Басқаға зиян тийдирме,
Патша саған алдырмайды,
Еңбегинди күйдирме.
Қапа болма, күлдирсин,
Исиң оңға дөндирсин,
Атамның жасырын сырын,
Айтып саған билдирейин.
Ҳаттәр деген патшаның,
Жер жүзинен қолы бар,
Қанатлыға қырық күнлик,
Ылғал етер жолы бар.
Албурыс деген таўында,
Ысырапыл деген шәҳәр бар,

Қаплап турған қара думан,
Киргенниң шықпағы гүман.
Бәриниң сағасы сол ман,
Ысырапылдың астында,
Дәўпериниң қоры бар.
Барлық перини баслап,
Жер астында мың жасап,
Албурыстың астында,
Ажираку деген ядыў бар,
Дүнья жүзин байлаған,
Дәў периниң хүкими бар,
Тапсаң мәнзилханасын,
Таўып соны өлтирсең,
Барлығының анасы,
Соны барып өлтирсең,
Ҳаттәр журтын бағышлар,
Тум-тусыңнан ай туўып,
Жолың кеңнен ашылар,
Дәўран саған айланып,
Барлық инсан бағынар.
Ядыўлар жылаўын тутып,
Атасындай сағынар.

Әне, сол сөзди тамам етип, ғарапат, мәрҳамат дуўасын батырға тапсырып қолына берип, қыз рухсат сорады. Қараман қызды жибермей, абай-сиясат қылып бағындырды. Қыз қорыққанынан кәрамат апсусин оқып, батырға «сүп» деди. Бир қара бүркит болды. Өзине «сүп» деди. Қыз турымтай болды.

Әне, турымтай баслап, сарқып алып өтә кетти. Көз ашып-жумғанша бир думанлыққа пайда болды. Көрсетти де, қыз қайтып кетти.

Билди апсусиниң баҳасын,
Тапты ядыўдың ордасын,
Жети шықты Қараман,
Ғарапат деген дуўасын.
Шадырша атлы ядыўдан,

Тиледи мақсет-тобасын,
Баянлады апсусти,
Танып арқа-қубласын.
Айланды оңға талабы,
Сағат тапты дуўасы,

Бәлент кеўли басылды,
Алаш қызыл, жасылды.
Сағат таўып дуўасы,
Қара думан ашылды,
Албурыс деген таўлары,
Қара қум болып шашылды.
Нәзер салса Қараман,
Жүз қулаштай төменде,
Пормасы алтын аршадай,
Минарлы мырамыр орай,
Күнлер менен шағылысып,
Көринеди бир сарай.
Оннан арман қарады,
Көрди тилсимханасын,
Атын тутып яд етти,
Ажираку атлы анасын,
Оқый берди жаңылмай,
Мәрхамат деген дуўасын,
Сағат таўып дуўасы,
Бесик янлы тербелди,
Ысырапыл деген қаласы,
Тарап қашты ядыўлар,
Таппай арқа-қубласын.
Оннан арман қарады,
Көргеннниң зәрреси қалмас,
Жантасқан ерде жан қалмас,
Баян етсем, қырық қулаш,
Жер ишинде орнатқан,
Қат көреди Албурыс,
Басында бар бир жулдыз,
Алтыннан қуйма тақ гүмбез,
Мәрттиң көзи шалады,
Көзи түскен ўағында,
Қызыл шоқ боп жанады,
Сай-сайынан сөгилип,
Өз-өзинен тарады.
Оннан арман қарады,
Сәўле шашқан шамшырақ,
Қыз-келинлер апақ-шапақ,
Ортасына қарасақ,
Қурыўлы тур алтын тақ,
Байқап батыр қараса,
Гәўхар сәне бир қанша,
Әжайып түрли тамаша,
Тақ үстинде тур екен,
Сом алтыннан бир арша.
Батыр байқап қараса,
Еркинше жасап ул алған,
Сәне болып қуралған,
Аршаны жети оралған,
Тислеп жатыр қуйрығын,
Жети қулаш бир жылан.
Көз бенен көрди Қараман,
Сол еди дәўдиң патшасы,
Дус келди сағат санасы,
Оқып көрсе Қараман,
Бир мың бес жүзде жасы.
Дуўасынан алжасты,
Дәўпериниң патшасы,
Билди жасы менен атын,
Отпарасдур қублагәҳим,
Сағатын тап исимниң,
Мәдет әйле Махмут шаҳым.
Жаңылмады Қараман,
Жети шықты мүшкилатын,
Жетти салпы, он сипет,
Сағат тапты дуўасы,
Еркин берди жеңилип,
Ажиракудей анасы,
Барлық күштен айрылды,
Ўақты питип Ажираку,
Заманасы тарылды,
Ерки кетип басынан,
Ажираку қақ жарылды.
Өндирди душпаннан арын,
Қолына алды қанжарын,
Жаны шықпастан бурын,
Алды бир пилла қанын.
Жайлады тенине қанды,
Таңлайынан жүзикти алды,
Қараман қолына салды,
Әлам минаўар ашылды,
Қараманның басына,
Тум-тустан гәўхар шашылды,
Барлық қус баласы келип,
Қырық мың қатар қурсап алып,
Қанатынан басына сая берип.
Көз ашып жумғанша,
Қырық мың ядыў,
Әширепидей әдиўлеп,
Гөйи аташқа тайын қылды.
Әне, Қараман деген дабылы,
Дүнья жүзин шолыпты,
Шындаэштиң шәҳәринде,
Барлық жер дарқан болыпты.
Ажираку жарылған сағат,
Хаттәр да жарылып өлипти,
Қараманды сағынып,
Ядыўлардың әўлады,
Жолын тосып турыпты.
Хаттәрийдиң баққысы,
Қараманға қоныпты,
Қурсап алып батырды,
Қуллық айтып турыпты.
Дәўлети басынан тайып,
Күшли сәрдар жетипти,
Малы менен басынан,
Ықтыяры кетипти.
Болар исти аңғарып,
Сәрўини азат етипти,
Сәрўи Қараман ярына,
Ядыўлар хызмет етипти.

Бес жыл бойы аҳ урып,
Азатлық қәдири өтипти,
Аман-есен ашықлар,
Мақсетине жетипти.
Опатлады қанлы дарын,
Өз тилинде урды жарын,
Сондай қылып тапқан екен,
Айра түскен сәүер ярын.
Алты жыл жолы тосылды,
Душпанның бауыры осылды,
Гәпилетте айра түсип,
Әрман менен еки ашық,
Бес жылда қайта қосылды.
Бир-бирин аныклап көрди,
Ҳаттәр шаны барып көрди,
Өз қолынан Сәрүи айым,
Патшаның басын омырды,
Еки көзин ойдырды,
Тулыплап ғамын сойдырды,
Сабан тығып терисине,
Ҳаттәр дәүдиң басыны,
Аспанға асып қойдырды,
Жүрек бағрын тилдирди,
Халайыққа билдирди,
Қоррашының айтқанын,
Алдына сол күн келтирди.
Бир жүз қырық жыл толғанда,
Көргенин алдына келтирди,
Жоқ қылды қас қандарын,
Аман тапты сәүер ярын,
Бағындырып қалғанларын,
Жер жүзине патша қылды,
Искендер мен Зулқарнайын,
Тамамлады пейли тарын,
Жердиң жүзин тутқан екен,
Сермегенде зулпықарын,
Өз динине бағындырды,
Ядыўлардың қалғанларын.
Дарқаншылық болды заман,
Көбейди мәрҳама, әл-аман,
Душпанды сағадан қуртып,
Урыс отын етти тамам.
Жоқ қылып Ажираку нарын,
Тапты ҳәр түр қарыйдарын,
Душпанларын толық саплап,
Ада қылыпты әрманын.
Тәртибин жайып тум-тусқа,
Узақ жолға жудә уста,
Аман елге қайтқан екен,
Минип сүймурық қусқа.
Еки ашық мийри қанбай,
Жаныпты ашықлық отқа,
Иркилместен қуўысыпты,
Жол силтеген Дабардушқа.
Ажиракудың қанын жағып,
Жәрдем берди батыр досқа,
Минип алып яры менен,
Алты аяқлы ҳәмдам атқа.
Сау-саламат жеткен екен,
Арап деген уллы журтқа.
Ғайрат-күши суўдай тасты,
Раўажланып кетти хошқа,
Сақыпкурыж ат көтерип,
Ҳүким сүрди жети журтқа,
Бәршеге азатлық болып,
Бағыныпты қурт-қумырысқа.
Еки батыр күш қосып,
Жанды ашықлық отқа,
Жер жүзине данқы кетип,
Болған екен халыққа тутқа.
Қараманның заманында,
Керегиң табылды мутқа,
Қараманның салған заңы,
Шоқыныпты халқы бутқа.
Еки жүз жыл патша бопты,
Арап-Мысыр деген журтқа,
Өлгенинше минип өтти,
Алты аяқлы ҳәмдам атқа.
Сыйынғанды ушыратты,
Күшли-күшли дәраматқа,
Соннан берман ушырады,
Адам халқы әдалатқа.
Ғайрат иси суўдай тасты,
Халықтың жолын кеңнен ашты,
Әдалаты өркенлеп,
Жер жүзине қәдем басты.
Еки жүз жыл дәўран сүрип,
Жеткен екен муратқа.
Қайда болды десеңиз,
Гүлапин деген шәҳәри,
Арабстан деген журтта,
Қараманы қатылың,
Арабстанда өтеди,
Еки жүз жыл журт сорап,
Халыққа хызмет етеди.
Таймурас ханның баласы,
Қараман қатыл дер еди,
Әрман-шерин орынлап,
Мурадына жетеди,
Еки жүз жыл ат шаўып,
Бул дүньядан өтеди,
Қараманның аяғы,
Соның менен питеди.

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

22-том



# ҚУРБАНБЕК

Қурбанбай жыраў Тәжибаев варианты

*Жазып алғанлар: Шәмшет Хожаниязов, Сәдирбай Мәўленов (1938-жыл)*



Бурынғы әййем заманда, сол заманның қәдимги ўағында, жетти байтақ ноғайлы елинде, Алаўша деген хан еди. Ел үстинде султан еди, оның елинде Ердара бий деген бий еди. Ердара бийдин еки уғлы бар еди, биринин атыны Қарры бий деп ат берер еди. Карры бий деген баласы Қәндехер деген елде еди, бунын бир баласы бар еди, оның атын Султан батыр деп ат берер еди. Және бир баласының атын Қара бий деп ат берер еди. Қара бий деген ерлердин бир баласы бар еди, аты Курбанбек еди. Курбанбек сондай ер еди, ерлигинин белгиси, атса мылтық өтпеген, шапса кылыш кеспеген, батыр палўан сол еди. Ол Қара бийден хәм патша Курбан батырдан кәуип етип йердиң шетине, жаўдын бетине Емирлан деген жерде жайлайтуғын еди. Ер Курбанбек ерлиги асып, ғайраты тасып, хәр елге батырлығын билдирип, кас еткенин өлтирип, Сейилханның қызы Мәлийка қубба деген пәрийзатны алып, дәуир-дәуранды сүрип жатқанда, көктен кулағына бир даўыс келеди тан мезгили болғанда.

— Әй, Курбанбек, перзентим,
Тур орнынан, тур деймен,
Канатлы кара тулпарға,
Мақпалдан беллик сал деймен,
Алдына дабыл бөктерип,
Ийнине калқан өңгерип,
Дал бедеўге жем берип,
Атаң еди Қара бий,
Қара бийдей атаңнан,
Барып пәтия ал деймен,
Сейилхан деген патша бар,
Өзи қалмақ залым-ды,
Курбанбек деген ерлерди,
Өлтирип оны, журтыны,
Сорасам деген кеўлинде,
Ноғайлының халкыны,
Аламан деген қаҳары бар.
Сен атыңа минегөр,
Ол калмакқа барагөр,
Жекке кеткил, қасыңа,
Жолдас алма жаныңа,
Бир алла сениң жолдасың.

Сөзди енди кимнен еситиң,
Курбанбектен еситиң.
Курбанбектей ғош жигит,
Сескенип орнынан турады,
Таллай бойын бурады,
Канатлы кара тупарға,
Мақпалдан беллик салады,
Зербаптан терлик салады,
Тулпар атын безентип,
Саўытын кийип алады,
Көк полатқа ғарқ болып,
Мәрт орнынан турады,
Турып жүрис қылады,
Атасы еди Қара бий,
Алдына барып ғош жигит,
Бүгилип сәлем береди.
Карап турса Қара бий,
Курбанбектей баласы,
Қабақтан қар жаўыпты,
Жүзлерден қан тамыпты,
Атасы көрип Қара бий,
Бийықтыяр болады,
Курбанбектей баласынан,
Жол болсын деп сорады:

— Ата-анаң, балам, болды интизар,
Перзент дейип сол кәәбаныз зар-зар,
Мен қарасам айдай болған бетине,
Қабағыңнан карлар жаўып бир тамар.

Сәлем бердин, ер, муңайып бизлерге,
Балам, сениң айтатуғын не арзың бар?
Не мәхәллер келдиң мениң қасыма,
Қайсы журтқа, балам, етерсең кәҳәр?

Ялғызымсаң, ялғаншыда бәҳәрим,
Сени көрип кетти мениң қарарым,
Айта бергил әрманыңды, перзентим,
Қайсы ханның шәҳәрине сапарың?

Әне, соңда Курбанбек бул сөзге қарап, атасынан жуўап сорап, былай деп турғаны:

— Ата, болдым онгөртимде бәркамал,
Айбатымнан титирер еди жер-аспан,
Сәхәр ўақта хабар берди әрўақлар,
Сапарымды сорсаң, залым Шейирхан.

Хәр шәҳәрде сайрар еди мурғызар,
Ғайрат тасып, батыр болды бийқарар,
Сапарымыз, залым еди Шейирхан,
Қублагәҳим, хош-кал меннен аллияр.

Мен бармасам, қалмақ қылар маған кас,
Ғош жигитке ана болар жақсы дос,
Мен бараман залым қалмақ елине,
Хош калыңлар та көргенше, яры-дос.

Анда атасы сөйлейди,
Сөйлей берип не дейди:

— Барғыл балам, аллияр,
Алла болсын хабардар,
Сен барасаң калмаққа,
Ялғыз туўып атаннан,
Мени кылып бийқарар,
Кетер болсаң, перзентим,

Аман барып саламат,
Саў келгейсең, перзентим,
Халқымның кеўли болсын шад,-
Деп атасы сол жерде,
Балаға берди рухсат.

Атадан рухсат алған соң, атасы рухсат берген соң, Қурбанбектей батырдың бир айымы бар еди, оның атыны Мәлийка қубба дер еди. Өзи баҳадыр палўан еди, оқыў жағынан өзиниң илими де көп еди. Алдындағы қырық жыллықты, кейниндеги қырық жыллықты оқыў менен билер еди. Қурбанбектиң бир қарындасы бар еди, атыны Мақсым қыз деп берер еди. Пери пинҳайы искер қыз еди. Батыр Қурбанбек ат басын бурады, аяғын тиллә зәңгиге тиреди, Мақсым билен Мәлийка қубба айымға қарап, айтады екен бир-еки сөз жаўап, әўел қарындасы, екинши ярына қарап:

— Ата-анадан бирге туўдың мийирбан,
Сапарым бар залым қалмақ Шейирхан,
Мен бараман сол залымның елине,
Та көргенше хош-аллияр, Мақсым жан.
Аға дейип сол жигерим зарыў-зар,
Сеннен басқа мени кимлер қайғырар,
Мен барарман залым қалмақ елине,
Хош бол, қарындасым, бүгин аллияр.

Сонда турып Қурбанбек ер сөйлейди, және қатынына қарап не дейди:

— Ўа, солмасын мың гүлимнен бир гүлим,
Шекерден мазалы сөйлеген тилиң,
Мен бараман Шейирханның елине,
Хош-аллияр та көргенше, сәўдигим.
Саўаш дийип сайлап минген әреби ат,
Ҳақ жолына қылдым енди ықтықат,
Сапарым бар залым қалмақ елине,
Та көргенше хош-аллияр, пәрийзат.

Ал енди сол гәпти айтқан шағында, Қурбанбекке қарап, сәўдигисиниң сеннен қалмаспан деп, бир жаўап айтқан жери:

— Саған қылдым жалғаншыда ықтықат,
Мәрт өлгенде душпан кеўли болар шад,
Изинде жоқ ата дерге бир перзент,
Өлмей қалмас сеннен мендей пәрийзат.

Сениң енди Мақсым атлы синлиң бар,
Сен өлгенде патша-ханың қуўанар,
Сениң менен өлсем жоқдур сол әрман,
Бирге қылсам залым қалмаққа сапар.

Атым батыр Мәлийкадай қуббаман,
Сапарым бар болса мениң Шейирхан,
Өлсем жаўда бирге енди қосылып,
Еки дүнья қалмас менде ҳеш әрман.

Сол сөзди айтқан мәҳәлинде қарындасы Мақсым қыз «мен де кетермен» деп бир сөз айтты:

— Атым Мақсым, жалғаншыда төремен,
Зыя-зулпым бестен таллап өремен,
Сени батыр, палўан дейди, жан аға,
Сол саўашта ғайратыңды көремен.
Қарындаслы ғош жигиттиң кеўли шад,
Сениң менен сайлап минсем әреби ат,
Алсаң Шейир залым ханның еллерин,
Ғайратыңды көрип, қылайын мурат.

Жигериңмен жалғаншыға ҳәм жаның,
Қыз нашарман, кеўлимде көп әрманым,
Болса сениң менен бирге сапарым,
Ғайратыңды, жан ағажан, көрермен.
Сен кеткенде ағар көзден қанлы жас,
Әрманымды - болсам енди ес-жолдас,
Таслап кетпе жалғыз аға, ўай, мени,
Ғайратыңды көрип болсын кеўлим хош.

Анда бул сөзди айтқан шағында, бириси қарындасым, бириси қатыным, булар қалып болмас мениң жолдасым деп, батыр тәўекел қылып, үш атлы болып Шейирхан қалмақ елине атланды.

Қурбанбектей баҳадыр,
Минди атының белине,
Шықты қызыл шөлине,
Астына минген тулпары,
Сол ўақтында шўў деди,
Шўў дегенде гүўледи,
Толысып аққан дәрьядай,
Мың тоқсанлық жорғадай,
Қубылып ойнап барады.
Бес күн тамам жол жүрди,
Алты күнлик жол жүрди,
Қарсы алдына қараса,
Ол Кәбаның таўындай,
Бир бәлент таў көринди,
Барса таўдың басына,
«Алҳа-ал» деген бир даўыс,
Өз-өзинен шақырды.
«Қайда» деген бир даўыс,
Шаң бурқыды ҳаўаға,
Жәҳән енди қалтырап,
Бир дүбирлер көринди,
Ол топардың алдында,
Алтын баслы ақ кийик,
Ол кийиктиң басында,

Ҳәллесленген ақ суңқар,
Оны көрип Қурбанбек,
Болды енди бийқарар,
Сонда кийик жәниўар,
Мойнын енди бурады,
Пана билип батырды,
Кийик деген жәниўар,
Қурбанбекке урады.

Ал, Қурбанбекке урған соң, батыр қаршығаны қолына алып, мени пана билип кийик өзин урды, мен кийикти азат қылайын деп, Қурбанбек төрт тәрепке көз салды.

Қарсы алдына қараса,
Қарсы алдынан келеди,
Қайтпас темир реңли,
Шекили жоқ, гөр бетли,
Дәў сыяқлы бир жигит,
Аттың басын бурады,
Айбатланып турады,
Қурбанбекке ол қарап,
«Не себеп азат еттиң» деп,
Бул жуўапты сорады.

Бул майданда азат қылып аңымды,
Не билгениң енди барды, геллеғар,
Атым батыр, ялғаншыда бир султан,
Айбатымнан титирер жер билен аспан.
Қан ағызып саўаш күни қыяда,
Азат қылып бул майданда аңымды,
Қутылмағың бул майданда бийгуман,
Ашық болған бул дүньяда зар болар,
Өз-өзинен дүнья болды саңа тар,
Оқып көргил иймаsuccessfulыңды булманда,
Жетпис қазаға себеп болдың енеғар,
Жанында бар еки бирдей сол жанан,
Ҳәддиң кетип сен болыпсаң бийгуман,
Ғайрат болса қуўатыңды ет маған,
Әрманлы өлмегил майданда өзиң,
Қай жерлерден шығып қайда барасаң?

— Ашық болған бул дүньяда зар урар,
Нәмәртлер өзиниң жанын қайғырар,
Бул майданда шөлди гезген жалатай,
Сени нетти бизлер салған ақсуңқар?

Сонда турып мәрт Қурбанбек сөйледи, сөйлей берип ол батырға не деди:

— Нәмәрт айтар кәўпин етип интизар,
Жаманлықтан сен сорарсаң бир хабар,
Ал бетине қарасам,
Әлий пирге мегзерсең,
Туў сыртына қарасам,
Туўған нарға мегзерсең,
Әўелден атыңды айтағөр,
Қайсы бағдың гүлисең?
Қай шәменниң бүлбилисең?
Шахзада адам сениңдей жоқты дүньяда,
Сенсең дәрдиме дәрман,
Жылаўында Шахымәрдан,
Айбат пенен сорадың,
Мениң хаслы-затымды,
Өзиң атыңды айтағөр,
Бийәжел өлме жас уғлан.

Бул сөзди еситип, батыр бала Қурбанбектиң әдебин тутты, атынан түсти. «Мениki кәтелик болған екен. Мен жаман сөз айтсам да, мениң хаслы-затымды жақсы сөз билен сорады» деп, Қурбанбекке қарап бала батыр хаслы-затын баян етип турған жери:

Хаслы затын айтады,
Айта берип сөйлейди,
Сөйлей берип не деди:
— Айналайын ағажан,
Мен әрманда бараман,
Хаслы-затым сорасаң,
Қандехер деген қала бар,
Аспан билен барабар,
Ол қаланың ишинде,
Ғарры бий дейди атамды,
Ғарры бийдей атам бар,
Жетти бәйтақ елинде,
Алаўша ханның халқында,
Емирдан деген жайында,
Қара бий деген бабам бар,
Қара бийдей бабамның,
Оның енди баласы,
Жәргегинде бас кескен,
Қылышы қара тас кескен,
Патшалар менен қас болған,
Пақырлар менен дос болған,
Халыққа мәртлигин билдирген,
Қаст еткенин өлтирген,
Қурбанбек деген ағам бар.
Оны батыр дейдилер,
Тағы палўан дейдилер,
Сол ағама бараман,
Аўы болса аўлайман,
Жаўы болса жаўлайман,
Оты менен киремен,
Күли менен шығаман,
Душпанға отлар жағаман,
Батырлықты, жан аға,
Талаплар қылып бараман,
Урыс илимин үйретип,
Қаст еткеннен көп дүньяны,
Жанына отлар саламан,
Қурбанбектей ағамды,
Излеп енди бараман,
Қурбанбектиң иниси,

Атым Султан Қараман,
Алтын тажы басында,
Екки арыў касында,
Салағың аўзы шапшаклы,
Атыңның мойны қылшақлы,
Салағында салғаның,
Еле жәўхар пышақлы,
Аға қайға барасаң?
Мениң ҳаслым сорайсаң.

Сонда батыр сөйлейди,
Мәрт Қурбанбек не дейди:
— Айланайын, жан иним,
Бағ ишинде бүлбүлим,
Сағынғаным сен гүлим,
Жалғыз едим дүньяда,
Болдым енди аға-инили,
Қурбанбек деген батырың,
Танысаңыз мен, иним.

Аға менен иниси табысып, төрт көз түўел болып: — Иним, мениң сапарым - Шейирхан қалмақтың елине барсам, тахтынан тартып өлтирсем, пақырларын күлдирип, залымларын жылатып, зәкат алып қайтсам, елиме жетсем, деген мақсет пенен баратырман. Сәўдигим менен қарындас, сен де болсаң мениң билен қалмақ журтына жолдас. Ғайратыңды көрейин, қылышыңнан қанлар шаш, батырлық деген жаманды, қумарың болды палўанлық, мениң менен бол жолдас, — деп төртеўи ап-тап болып, тулпардың белине минип, төрт күн тамам жол жүрди, азғана емес мол жүрди. Шейирхан қалмақтың Кешал деген дәрбенти аспан менен таласып, қарсы алдында көринди. Тақыр таў деген таўы бар, ол дәрбенттиң алдында, Тақыр таўға барады, мәрт иркилип турады. — Қарындасым, сәўдигим, сизлер нашарсызлар, бизлер дәрбенттен хабар алайық, сизлер усыманда сабыр қылың, — деп қалмақтың қараўыл-шындаўылы болмасын деп, еки нашарды таслап, Қурбанбек пенен Султан батыр дәрбентке қарап ат қойды. Ат қойып жақын барса, Шейирхан қалмақтың төрт батыры бар еди, дәрбентте қараўыл болып турған. Бириниң аты Қодар, бириниң аты Омар, үшиншисиниң аты Суўдар, және бириниң аты Томар деген еди. Төрт қалмақ батыр сол ўақлары келатырған еки баланы көрди. Анда Қурбанбектиң қанатлы қара тулпарын көрип, Қурбанбекке қарап төртеўи ат қойып, айтады екен бир жаўап:

Сонда қалмақ сөйлейди,
Сөйлегенде не дейди:
— Хәй қара атлы,қара атлы,
Тасла белден полатты,
Тартасаң бизден азапты,
Тасламасаң полатты,
Көрген күниң қарапты.
Хәй, балалар, балалар,
Дал бойыңды көргенде,
Мендей батыр бийқарар,
Атыңнан түс сен ғумша,
Әбирей барда, келлеғар.

Сонда Қурбанбек сөйледи,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Қан ағызып батырды,
Қәхәрленип атланып,
Жәхән беги шадланып,
Жаўды батыр көрген соң,
Жаўға қарап сөйледи,
Сөйлей берип Қурбанбек,
Сол қалмаққа не дейди:

— Атаңа нәлет, ийт қалмақ,
Аўзы қанлы бөрилер,
Несийбемнен көрермен.
Өлсем шейит боларман,
Өлтирсем басың аларман,
Ала шашың матаған,
Аллаҳым жаман жасаған,
Қара шашын қабынып,
Путпарасқа табынып,
Залым, атты қой деймен.

Сол сөзлерди айтқанда,
Найзаны қолға алады,
Гелле қылып салады,
Бийжай тийип найзасы,
Қодар деген ол залым,
Атынан енди қулады.
Султан деген бул батыр,
Оны байлап алады,
Омар деген батырға,
Тағы да найза салады,
Ол да аттан қулады,
Иши оттай жанады,
Султан деген бул батыр,
Оны да байлап алады.
Қалды еки батыры,
Аттан түсип Қурбанбекке,
Ийилип сәлем береди,
Саламын әлик алады,
— Бизди бала билдиң бе?
Узақтан қарап билдиң бе?
Әжелиң жетпей өлдиң бе?
Таныймысаң ағаңды?
Қылармысаң тобаңды?
Байтақ халық елинде,
Алаўша ханның шәҳәринде,
Қурбанбек батыр дейдилер,
Әне мениң атымды,
Мен көрейин шамаңды, — деп,
Байлап алды төртеўин.

Оннан сон: — Шейирхан деген патшаға айт, бизлер Қурбанбек деген, Султанзада деген батырлар боламыз. Тахтынан түссин, патшалығын тасласын, пақырлықты басласын, зәкатын таяр қылсын, ханын менин алдыма келсин, мен үстине бармайын, патшалық хүрмет бар, — деп, төртеўининң қулақ-мурнын кесип, атларын тартып алып, жаяў айдап жиберди. Анда төрт батыр жол жүрди, азғана емес мол жүрди, патшасы еди Шейирхан, алтын тахтың үстинде, алтмыш еки хәмелдар, отыз еки мөхирдар, тилла тажы басында, мөхирдарлары қасында отырып еди. Шейирхан патшаның алдына барып, атланды ноғай беклери деп, бир сөз айтты:

— Атланды ноғайдың беглери,
Жылаўында мен көрдим,
Шахымәрдан пирлери,
Келселер алар қаланды,
Жетим етип баланды,
Жорттырар ғарры ананды,
Зәкатты бермесең, Шейирхан,
Қутылмағың гұманды.
Қаланды жығып гүм қылар,
Қақланды жығып жол қылар,
Жумырықтай кесегин,
Келиге салып уўатар,
Ғәзбирлеринен елетер,
Тахтында маймыл ойнатар,
Тили бир шыққан бәшшенди,
«Дәдем» дейип жылатар,
Төрелеринди аттырар,
Күн көрмеген қызларынды,
Базарма-базар саттырар,
Қайдағыны таптылар,
Закатын таяр қыл деймен,
Тахтыңнан түсип бар деймен,
Тахтыңнан түсип бармасаң,
Жалғаншының тәжжалы,
Қурбанбек деген бул деймен,
Ендигисин Шейирхан,
Султаным, өзиң бил деймен.

Сол ўақтында Шейирхан патша: — Жәллад, — деп бақырды, жети жәллад «ләббай!» деп хәзир болды. Өз-өзинен шоршынып, қәддине келмей тырысып, журтқа басқышылық берип, өтириктен маған жаў келди деп, Қурбанбектей мениң елимде батыр жоқлекен, мениң ханлығымды писент илмей жаў жағымнан елши болып келген залымды өлтирейин деп, төртеўин жети жәлладтың қолына тапсырды.

Сол ўақытта Шейирхан,
Сескенип орнынан турады,
Таллай мойнын бурады,
Саржығасы дирилдеп,
Көпек ийттей гүрилдеп,
Әскерлерге ақырып,
Жар урдырды қалаға,
Ат шаптырды далаға,
«Ел шетине жаў келди»,-деп,
Аласат қосты сол ўақыт,
Қатын билен балаға.
Залым еди Шейирхан,
Шийрин жанын қыйнатты,
Қалада ат ойнатты,
Намазшамның ўақтында,
Қурбанбектиң үстине,
Алты топты сүйретти,
Темир арба қыйратты,
Мергенекти майлатты,
Аўыр иске айдатты,
Алтын бас қара туў менен,
Қос сырнайды тарттырып,
Нағараларын қақтырып,
Жер тербенип толғанып,
Бул әскердиң саны жоқ,
Ақ әлем де, көк әлем,
Ақсақлап қалмақ жол жүрип,

Қурбанбек жатқан таўдың сыртына ат қойып келе бермек болды. Сол ўақтында Қурбанбек бийперзентлигине, анадан жалғыз туўғанына кемлиги келип, әрўақты яд етип, көзинен жас келди. Көзинин жасын Султан да көрип, «ўах, дәрийғ»,-деди. Мен бир батыр излеп келсем, кәпирдиң үстинен шыққан екенмен. Мен буннан рухсат тилейин, мен қалмаққа өзим тийейин, ол жасы үлкенеди деп, Қурбанбекке қарап бир сөз айтты:

— Аға есит мениң айтар зарымды,
Батыр қайғырар ма тәнде жаныны,
Жаўды көрмей қәўип әйлеме, жан аға,
Қәўип әйлеме қатынлардын шетине.
Мунаймағыл жаўды көрип, жан аға,
Қорыққан рухсат бер мендей иниңе.
Пирим деп сыйынып хәм тутып ядқа,
Мен кирейин ақ доланып саўашқа,
Қорқа берме қалмақлардан қылып қәўип,
Урысыма қылғыл, аға, тамаша.
Сонда турып мәрт Қурбанбек сөйлейди:
— Батыр болсаң сыйын жалғыз аллаға,
Жигит болсаң менмен болма дүньяда,
Менмен болған тез жолығар бәлаға,
Қайт пейлиңнен, иним, келгил тобаға.
Менмен болсаң қазан урар гүлиңе,
Сен салмағыл қайғы билен зулымға,
Жаўға урма меннен бурын, сен иним,
Сен билмейсең бул урыстың илимин.

Сол ўақытта бул Султан,
Ушқын оттай жанады,

Арсынып батыр сол жерде,
Залым енди қалмакқа,
Аллалап шаўқым салады.
Алла салды қалмаққа,
Батыр кирди ғайратқа,
Қолын салды полатқа,
Ышқы отына жанады,
Бағдың гүли шайдады,
Көргенниң ақлын алады,
Қалмақ залымның әскерин,
Қойдай қылып айдады.
Таң азаннан ер Султан,
Тозаң салып қалмаққа,
Күн батқанша қырады,
Күнниң батқан ўағында,
Урып туўын жығайын,
Қаласына қамайын деп,
Ақ туўға атын қояды.
Туў түбинде тур еди,
Қырық садақшы қалмақтың,
Қырқ ҳасыл зор мергени,
Султандайын ғош жигит,
Нәмәртлердиң кейнине,
Аллалап атты салады.
Шийрин жанды қыйнайды,
Дәрўазадай сийнеси,
Султан батыр жигитти,
Омыраўдан қырық мерген,
Парлатып окты атады.
Султан атлы батырдың,
Саўытлары сөтилди,
Бели жайдай бүгилди,
Көзинен яшлар төгилди,
Ат мойныны қушақлап,
Көзиниң яшын моншақлап,
Намазшамның ўақтында,
Қурбанбектиң алдына,
Барып енди бул Султан,
Жер қушақлап жығылды.

Жер қушақлап жығылып, өлерин билип, Қурбанбекке қарап толғанып, Султан батыр не деди:

— Бул кеткеннен кетерсең,
Айланайын жан аға,
Қәндехер деген қала бар,
Аспан менен барабар,
Ол қаланың ишинде,
Ғарры бийдей атам бар,
Бозлап шықса алдыңнан,
Батыр қайда дегенде,
Султан өлди дейгөрме.
Аязлы күни айланған,
Сәҳәрлер турып оянған,
Қаракөз атлы анам бар,
Ўай, алғаным-алғаным,
Қағып төсек салғаным,
Алла бир қосқан сәўдигим,
Шийрин деген ярым бар.
Қара шашы алдында,
Бозлап шықса алдына,
Батырым қайда дегенде,
Ертең бир келер дейгөриң,
Султаның өлди дейгөрме.
Әўлийеге ат айтқан,
Айланайын аңдызым,
Маңлайымда қундызым,
Еки дүньяда шырағым,
Өзи бир төрт жасында,
Елгезер хандай балам бар,
Жүгирип келер жаныңа,
Келип кирер қойныңа,
Қолларын салар мойныңа,
Атамыз қайда дегенде,
Атаң өлди дей гөрме.
Маңлайынан сүйгейсең,
Ишгененнен күйгейсең,
Жылатпағыл перзентим,
Қайтты мениң дәўлетим,
Менменлик қылып мен таптым,
Жаўға жаман мен шаптым,
Секесеўилди қалайгөр,
Яранларым, қарай гөр,
Өтер болдым дүньядан,
Разы болғыл, ағажан.

Сол сөзлерди айтып Султан толғанды, толғанған мәҳәлинде Қурбанбек батыр, анадан жеке туўған жалғыз едим, ағайинли болдым деп қуўанып едим, бир адамның жалғызы өлмегейдағы деп, қапа болып жан-жағына қарап, бир сөз айтты:

— Атадан жаратсаң төртлерди жарат,
Бири өлсе үшеў келер қасына,
Жалғызды жаратпа, тасларды жарат,
Жалғыз өлсе, ким келеди қасына.
Он сегиз мың әлемниң сәрўерисең,
Рәхим әйлейгөр көзден аққан жасыма,
Және мениң солмасын дүньяда гүлим,
Ҳәсен-Үсен аллатааланың бүлбили,
Жалғыз иним ялғаншыда өлмесин,
Жигитти қоллаған ҳәзирети Әлий.
Сол сөзди айтып жылай берди зары-зар,
Батыр болды сол ўақытта бийқарар.
Көктен келди тырналар,
Боялып атқан қызыл қан,
Батыр уйқыға кеткенде,
Тартып алды шул заман.
Хабар берген мен едим,
Айтайын жан балам деп,
Қурбанбекке бақырған,
Ҳайбат урады сол жерде,
Ғайыптан келип сол адам.

Бул адамның сестине,
Мәрт Қурбанбек шыдамай,
Тулпарына минеди,
Ер қабағын үйеди.
Атына минип юш жигит,
Қалмаққа алла салады,
Алла салды қалмаққа,
Батыр кирди ғайратқа,
Қолын салды полатқа,
Урыс болды, жанды от,
Сауытына жапқан мауыт,
Жағасы алтын берк сауыт,
Сөтилди майдан ишинде,
Қырмызыдай қызыл қан,
Төкилди майдан ишинде.
Залым енди қалмақлар,
Қара топты жатырды,
Қаза ери, жаза ери,
Алған қолға ақ мылтық,
Қурбанбекке атылды.
Ақ мылтықтың түтининен,
Ай билен күнлер тутылды,
Урыс болды даркаша,
Кирди батыр саўашқа,
Урып туўын жығады,
Көргенниң ақлын алады,
Қалмақты қырып юш жигит,
Алтыланшы күнинде,
Ерик деген қалаға,
Төрт жүз тоқсан төресин,
Әл аман деп қамады,
Күн көрмеген қызлары,
Дарыды ма тәжжал деп,
Терезеден қарады,
Тили шыққан бәшшеси,
Дәде дейип жылады.
Қалмақлының беглери,
Мойныма пота салады,
Қырқ түйени жетелеп,
Шығар мәртниң алдына,
Тахт сеники деп жылады.
Ғайыптан келип бир адам,
Аўзы-мурнын жүн басқан,
Етиги бар ийнинде,
Кисилик жоқ мининде,
Тислери кетик-кетик,
Аўзы-мурны жүн-қотыр,
— Айланайын Қурбанбек,
Тилек ал, — деп жылады.

— Әй, балам Қурбанбек, тилегимди алсаңыз, бул сапары журтыңызға қайтың. Бул сапары журтыңызға қайтыўыңыз кереклигин де айтайын. Бул сапар жолыңыздың болмағанын да айтайын. Қарындасың хәм қатының билен жолдас болып шықтың, жаныңдағы бир қатын жақсы, кеўилли еди. Ал биреўи болса жаман кеўилли еди. Бунын кесири тийди саған. Екинши, жарым жолға келгенде бир мийман адам менен жолдас болдың, бунын кесири тийди саған. Үшинши, қалаға шапқанда кеўлиңе менменлик келди. Оның да кесири тийди саған. Бул журттан олжа алма, дүнья алма, журтыңа қайт, балам, — деп етигин арқалап адамларға араласып кетти. Батыр бул бабаның сөзи менен қырық түйесине қарамай кейнине қайтар болды. Бул ўақта қалмақлар шуўлады.

Жигиттиң мың душпаны болса, мың дос-яры болады. Батырдың барғанынан, келгени болады. Қырық түйени алып кетиң деген төрт тәрептен даўыс келди. Сол ўақта қырық түйени алып, бул бабаның кәсийети бар шығар деп, қайтты дәрбентке. Барса, иниси Султан хабарласпастан елине қайтыпты. Менен соң енди батыр болмасын деп, батырлығына пушайман қылып, ал, Қурбанбек қарындасы билен ярының жанына қырық түйени жетелеп барды. Қурбанбек яры менен қарындасына қарап:

— Әй, қарындасым, қалмақты қырдым, қырық түйени зәкат алдым, беш күнлик уйқым бар, сизлер дәрбентте қараўыл болып турың, қашқыншы, қуўғыншы қалмақ болмасын, сизлер екеўиңиз барып турың, — деди.

Анда Қурбанбектиң қатыны турып айтты:

— Тәнха кетсем кетермен, жалғыз кетсем де кетермен, өзим кетсем де кетермен, бирақ қарындасың билен барып турмайман, — деди.

Анда Қурбанбек айтты:

— Ақшам алты түн, күндиз алты күн болды сениң жаныңнан кеткениме. Бир қашқыншы-қуўғыншы қалмақ табыла қойса, бир өзим кетип дәўран сүрермен деген ойың бар қусайды, — деди.

Сонда Мәлийка қубба айтты:

— Сен топрақсаң, адамзатсаң, мен пәрийзатпан, нурдан жаралған мениң сөзиме инанбайсаң, сениң кеўлиңде шайтан бар, — дейди. — Мен дос болсам да, душпан билесең, ендиги болатуғын ислерди айтпаспан, — деп ант ишкен сөзин айтып, Мәлике қубба пәрийзат Мақсым қызды қасына алып дәрбентке кетти. Дәрбентке сабып Мақсым менен Мәлийкажан жан-жағына қарап бир сааттай турдылар. Анда турып Мақсым айтты:

— Хәй, жеңге бул жерде тура берип не бар, ағамның қырған өликлерин сейил етип қарайық, — деди.

Анда жеңгеси айтты:

— Өлиниң руўхы бар, тириниң руўхы бар, қағып кете қоймасын, — деди.

Анда турып Мақсым айтады:

— Өлиниң руўҳы деген не болады, тириниң руўҳы деген не болады? — деди.

Мәлийка қубба пери айтты:

— Өлиниң руўҳы деген аяғы болады, тириниң руўҳы деген баяғы болады.

Онда Мақсым қыз айтты:

— Мен баяғыны-аяғыны билмеймен. Мен аралайман, — деп атаның белине минип, өликлерди аралап көрип кетип баратыр еди, қараса, бир қалмақтың өликлери жатыпты, мойны гүпшектей, жаўырны қақпақтай болып, еки бети шарқ алмадай жанып. Қалмақлардың жигитлериниң өлигин көрип, иши оттай жанып, Мақсым қыздың жалғыз ағасы жаўдай көринип, буныңдай палўан жигитлерди ағам қырып таслапты, кудая, ағам қурысын, соныңдай жигитлерди зая етипти,деди. «Аўырыў астан, даў қарындастан» деген нақыл соннан қалған екен. Ағасы өлик шелли көринбей, ағасын қарғап, Мақсым бир жаўап айтып баратыр:

— Қазанластай қайнамаға,
Бедеў тутып байламаға,
Мениң менен ойнамаға,
Биргене қалмақ қоймаған,
Жалғыз ағам қурысын.
Бирге баққа кирмеге,
Өлгенше дәўран сүрмеге,
Қолымнан шарап ишпеге,
Жиңишке белден қушмаға,
Бирге ҳәммамға түспеге,
Биргене қалмақ қоймаған,
Жалғыз ағам қурысын.
Мениң менен жатмаға,
Ләбимнен шекер татпаға,
Сәҳәр ўақта оятпаға,
Ақ мәммеме тутпаға,
Биргене қалмақ қоймаған,
Жалғыз ағам қурысын,
Қурбанбек ағам жоқ болсын.
Бул гәплерди айтыўдан,
Мақсым атлы сәрўиназ,
Он төрт жасар бота көз,
Ат ойнатып баратыр,
Сансыз өлик көринди,
Ол өликлер ишинде,
Бир-бирине мингескен,
Алты өлик көринди.
Жақын барып қараса,
Мақсым атлы сәрўиназ,
Алты өликтиң астында,
Көринеди Мақсымға,
Жарқыраған жалғыз көз.
Атынан түсип Мақсым қыз,
Өликлерди қушақлап,
Көзиниң ясын моншақлап,
Өлик астына қараса,
Бир қалмақты көреди,
Ол қалмақтың тәрийпи,
Бойы барды алты аршын,
Ени барды еки аршын,
Ҳәр шекеси жарты аршын,
Сәккизден екен бармағы,
Зәҳәрден еди тырнағы,
Сақалын ғана ол қалмақ,
Инжи менен торланған,
Еки муртын қайтарып,
Тас төбеден сол залым,
Қазық баў салып байлаған.
Өзи қара, мурты ақ,
Жаман жүзли бәдирек,
Шейирхан деген хан екен,
Өликлердиң астында,
Жасырынып атқан сол екен.
Ақыр дүнья бийпаян,
Еңиреди сол жерде шаян,
Истегеним табылды,
Әбирейгенем жабылды,
Қолына қамшы алады,
Мақсым деген залым қыз,
Айландырып залым қыз,
Кериле берип салады.

— Қызыл қанға батыпсаң,
Арзыңды атқа айтыпсаң,
Залым ағамды нетипсең,
Ким боласаң сен? — деди.

Сонда Шейирхан сөйледи:
— Алла сыйлап жас берген,
Бенде сыйлап ас берген,
Шейирхан атаң мен, — деди.

Онда қыз және урады,
Ура берип сөйлейди:
— Аталары қурысын,
Бағда турған байтерек,
Шақасы мың, түби бир,
Ол шөбинен терерсең,
Мақсым аға деп билерсең,
Ырастыңнан кел,—деди.

Сонда Шейирхан сөйледи,
Қызға қарап не деди:
— Сениң менен жатмаға,
Ләбиңниң палын татмаға,
Салланып бағда жүрмеге,
Өлгенше дәўран сүрмеге,
Шейирхан күйеўиң мен,—деди.

Сонда Мақсым сөйледи:
— Излегеним Шейирхан,
Тилегеним сендей хан,

Ақылыңнан айналсам,
Истегениң мен, — деди.

Сонда патша сынайды,
Сынап келип Мақсымнан,
Қайтадан жаўап сорайды:

– Таўдың басы даралар,
Қасларың жүзге жасасар,
Жалғаншы дәркар дүньяда,
Ағаң дәркар ма, мен дәркар ма?

Сонда Мақсым сөйледи:

— Таўдың бас енди қар,
Сениндейин патша деп,
Жасымнан болдым интизар,
Жалғыз ағам қурысын,
Ағам қурсын, сен дәркар.
Көринер тағлардың тасы,
Аққандур көзимниң жасы,
Жалғыз ағам қурысын,
Ағам қурсын, сен жақсы.

Сонда Шейирхан тоқтап, сақалын сыйпап, муртларын бурап:

–Тоқта, пәрийзат, саған бир мен айтайын жаўап, — деди. — Әй, пәрийзат, сениң ағаң палўан, батыр, жетти жыл урыс илимине оқыған султан. Мен қырық шәҳәрди сорайман. Мениндей патшаларның ағаңа қүдирети келмейди. Ағаңның дәўранында сениң менен ҳеш ким сүре алмас дәўран, — деди.

Анда қыз айтты:

– Ялғаншы дүньяда ағамның өлетуғын жери жоқ. Сен хансаң, сенде қырық кисиниң ақылы бар. Ағам қалай, қай жерде өледи, соны айт.

Анда турып хан ойланып, ой жиберип айтты:

– Ағаңның бир өлетуғын жери бар. Алты айлық жолда, барыўы алты ай, келиўи алты ай жерде Зулман деген шәҳәрде үш булақ бар. Ол булақтың бириси Абыҳаят деген, бириси Абызәмзәм деген, бириси Абыпәлек деп ат береди. Үш булақтың үш қәсийети бар. Абыпәлектен ишкен адам узақ жасайды, Абыҳаяттан ишкен адам өзи алтмыш яшар болса да йигирма беш яшар жигит болады, Абызәмземнен ишкен адам өмиринде кесел болмайды. Ол булақты сақлап отырған ҳәзирети Искендердиң бәнт қылып кеткен Қақырап деген дәўи бар, әждарҳасы бар, қара батпағы бар. Оны излеп барған адамды әждарҳасы жутады, дәўлери тутады, яки батпағына батады. Соған ағаңды жиберсең, ағаң сонда өлип кетеди. Мениндей патша менен сениндей қыз, ағаң өлсе, мурадына жетеди.

Сол ўақтында Мақсым суўық демин алып, «ўа дәрийғ» деди. Ағамды не ҳийле менен оған жиберермен деп ойланып отырды. Сол ўақытта патша Мақсымның мойнына қолын салып, бетинен поса алып:

– Ҳәй, сәўдигим оннан қапа болма, мен ҳийлесин билермен. — деди. — Журтында адам қарайтуғын молла бар ма? — деп сорады. — Журтында тилеўши ийшан бар ма, порхан бар ма, адамларға дәри бериўши тәўип бар ма? — деп сорады. — Мине усы төртеўи болса журтында, ағаңның барса келмеске кетиўи оңай, — деди.

Анда Мақсым айтты:

– Булардың бәри де бар, — деди.

Анда турып Шейирхан:

– Сен ағаң менен бул сапар кет, журтыңа жет, барып молла, тәўип, ийшанларға пара бер, ол пара бергенлерге мынаны айт: — Мен аўырарман, сизлерге қаратқанда емди былай буйырың: — Зулман шәҳәринде Абыҳаят, Абызәмзем булағы бар. Соның булағынан суў ишсе, суўына түссе, бул аўрыўынан жақсы болады, болмаса өледи, — деп айттыр. Соннан соң атаң ғарры киси Қара бий инанар, ағаңа анаң жылар, қарындасыңның дәртине даўа болып, сол булақтан суў алып кел деп айтар, атаңның сөзин сындырмай ағаң кетер, алты айда жетер, батпағына батар, дәў периси тутар, әждарҳасы жутар, ағаң өлип кетсе, бир ярым жыл арадан өтер, әскер тартып ноғайлы елге барарман, Алаўша ханды өлтирип, журтыңды арқайын аларман, өз журтыма алып келип арқайын дәўран сүрермен. Қайғы қылма оннан Мақсым қыз, ақылым сол, — деп жүзинен поса алады. Бул сөзлерди еситип қуўанды Мақсым сәрўиназ.

Аҳду-пайманны бир қылып, атына минип, жеңгесиниң жанына ыңқылдап-сыңқылдап жетип келди. Жеңгеси:

– Не болды? — деди.

– Әй..., қағындым өликлердиң ишинде жүрип, — деди.

Жеңгеси айтты:

– Олай дегенше табындым десең болмай ма?

Анда турып Мақсым қыз айтты:

– Өликлерди аралап баратырып, көз уйқыға кетипти. Бир түс көрдим, сол түсимди жорығыл, — деп, жеңгесин сынап, Мақсым бир жаўап айтты:

— Айланайын жеңгежан,
Ат үстинде баратырып,
Әжептәуир түс көрдим,
Уйқыға көзим кеткенде,
Алтын тахтың үстинде,
Бир жапалақ кус көрдим,
Жер жүзинде кан көрдим,
Қанжығада бас көрдим,
Жол үстинде сербезер,
Тау үстинде кара нар,
Бозлап турғанын көрдим,
Бул не болар, жеңгежан?
Алтмыш болар енеси,
Жетмиш болар денеси,
Отыз алты баласы,
Жер жүзинде кан болды,
Топаланлар дарыды,
Бул не болар, жеңгежан?

Сонда турып Мәлийка,
Максым кызға сөйледи,
Түсин жорып не деди:

— Мен айтайын түсиңди,
Алтын тахтың үстинде,
Бир жапалақ кус көрсең,
Ноғайлының тахтына,
Залым ханның мингени,
Қанжығада бас көрсең,
Ноғайлының басына,
Сен шаянның себебинен,
Қара күнниң туўғаны.
Жол үстинде сербезер,
Сен шаянның себебинен,
Журтларыңды жаў алар,
Тау үстинде кара нар,
Қара бийдей кайнатам,
Қалмақлының колында,
Түйеге сәрўан болғаны,
Алтмыш болса енеси;
Алтмыш жасар қайненем,
Қалмақлының колына,
Барып шопан болғаны.
Жетмиш болса денеси,
Журтыңды қалмақ кырғаны,
Бир нешшени өлтирип,
Ғәриптиң гүлин солдырып,
Күн көрмеген кызларды,
Не бир залым қалмақлар,
Мурты аўзына жабылған,
Ат артына миндирип,
Журтыңды алып кеткени,
Қанлар койып халқына,
Мениңдейин жеңгеңиз,
Қамақлының колында,
Қылка постан ийнинде,
Кийиз қалпақ басында,
Тирсегинен, жени жоқ,
Залымлардың алдында,
Пәйекшиси қылғаны,
Сениңдейин Максымды,
Атанның кәдирин билмедиң,
Ағаңның кәдирин билмедиң,
Халқыңның қәдирин билмедиң,
Мениң кәдирим билмейсең деп,
Шейирхандай патшалар,
Еки көзиң ойғаны,
Тоққыз алка бойында,
Тоғыз жолдың бәнтинде,
Сениңдейин Максымды,
Нан тилетип койғаны,
Жақсы екен түсиңиз,
Питкен екен исиңиз,
Мен жорысам, бийкешжан.

Бул сөзлерди айтканда, кыз кулағына аспай, уйкылап жатқан ағасының үстине барып, мен ауырдым деп, бир сөз карындасының айтып турғаны:

— Кеўлиме түсип тур шулгене әрман,
Көзди ашкыл, ўах, уйкыдан ағажан,
Өлик ийиси аңкып енди барады,
Қарындасын сырқатланды Максымжан.

Тайынды бендеге хәр жайда бир дәрт,
Дос емести ғош жигитке катын, жат.
Мен калсам кыя майдан шөллерде,
Душпанларың, аға, болар кеўли шад.

Турғыл аға, бүгин елге қайтайық,
Ата-анамды көрмей болмайын биймурат,
Ол анамның жақсы көрген кызы едим,
Мен болмайын шул күн дийдар кыямет.

Сол ўақлары болғанда,
Батыр туўған Қурбанбек,
Сескенип орнынан турады,
Төрт төрепке карады,
Минип тулпар белине,
Мәлийканы шақырып,
Қырқ түйени жетелеп,
Олжа қылып калмақтан,
Қайтты батыр елине.
Бир нешше күн жол жүрди,
Азғана емес мол жүрди,
Темирландай жайына,
Сау-саламат келеди.
Ели-халқын жыйдырды,
Отыз туўша сойдырды,

Ашы менен арығын,
Нан жегизип тойдырды,
Алып келип дүнья-мал,
Көплик еди халқында,
Қарыны аш кембағал,
Ашы менен арыққа,
Малы менен дүньясын,
Таркатып енди Қурбанбек,
Аты елин шад қылып,
Душпаныны мат қылып,
Халқында енди ғош жигит,
Жатып дәўран сүреди.

Ал бирнеше күн арадан өткен соң, Мақсым бурынғыдан да каттырақ аўырыў болды. Анда тәўип коймай каратты, ийшан коймай бақтырды, молла коймай оқытты, дәртине даўа табалмады. Елиниң ийшаны, молласы, тәўиби, порханы бәри де Абыҳаяттан ишсе, Абызәмземге түссе, жақсы болады, болмаса өледи деп пәтиўа қылды. Қурбанбектиң атасы Қара бий моллалардың сөзине инанып, алдаўына ерип, Қурбанбекти сәҳәр ўақта шақырып алып, атасы зарланып: Мәлика Зулман шәҳәринен Абыҳаят, Абызәмзем қарындасына ем болыпты, — деп бир сөз айтады екен. Бул аўрыўын Қурбанбектиң өзинен көрген шекилли етип айтқанға усайды:

— Балам болдым он төртинде бәркамал,
Сәҳәр ўақты зарланады Мақсымжан,
Шейирхан елине оны апарғанында,
Саўашлықта жалғыз синлиң аўырған.
Алып келгил Абыҳаят суўыны,
Еки дүнья, балам, сеннен разыман,
Мақсым жылар ҳәр сааты зар-зар,
Даўысынан жалғыз атаң бийқарар,
Буйырыпты ийшан билен моллалар,
Зулманның шәҳәрине қылыңыз сапар,
Мақсым өлсе әрман етип дүньяда,
Алып келгил сол Абызәмзем суўыны,
Еки дүнья қолым сениң жағаңда.

Бул сөзди айтқан ўағында Қурбанбек қаны қызып кетип, бул исти меннен көрген екен атам деп, ҳеш кимге хабарсыз тулпарының жанына барып, тулпарын зәртең-зәбертең ерглеп, көк полатқа ғарқ болып, ярым билмей қалсын кеткенимди деп, тулпардың белине минип, бир танаптай жол жүрип кетип баратыр еди. Анасы Гежи султан бул баланың қәҳәр менен кетип баратырғанын билип, анасы бир сөз айтады екен:

— Хаўа жаўса, айдын көллер сел болсын,
Күннен-күнге бул дәўлетиң мол болсын,
Қәҳәрленип миндиң тулпар белине,
Нурыдийдем, жас гөдегим, жол болсын.

Ана йығлар пәрзент дейип зары-зар,
Сен мунайдың, мен болғаймен бийқарар,
Айтып кеттил, сапарыңыз қай шәҳәр,
Сапарыңа мен де, балам, аҳыў-зар.

Сонда турып мәрт Қурбанбек сөйледи:
— Атлар шаптым қалалардың сыртына,
Табылмады даўа Мақсым дәртине,
Жол болсыңды меннен сорсаң, жан ене,
Мен бараман барса келмес журтына.
Атлар шаптым бул майданда далаға,
Перзентим деп жылай берме бийнаўа,
Табылмады ҳеш бир дәрман Мақсымға,
Мен бараман Зулман деген қалаға.

Сонда жылап бул анасы зары-зар,
Кетпе дейип толғанады бийқарар:
— Ол қалаға барған қайтып келмейди,
Анаңыздың сизге айтар арзы бар.
Балам, есит мениң айтқан зарымды,
Бир шаян деп зая қылма жаныңды.
Зулмат дейди ол шәҳәрдиң атыны,
Суўсынына ишер адам қаныны.
Дәўи менен периси бар жолының,
Қалдырмайды адамзаттың жаныны.
Қудай алсын Мақсым қыздың дәртини,
Бир шаян деп қарап қылма журтыңды.
Зулмат дейди қаласының атыны,
Мысқалыны мың тиллаға табылса,
Алып жермиш адамзаттың етини,
Илая қурысын енди Мақсымжан,
Ели-халқын етип кетпе сергиздан.
Нәсиятым айтсам, кетпе, перзентим,
Ата-енеңди қылып кетпе сергиздан.

Сол сөзди айтқан шағында батыр кейнине қараса, атасы кетермекен деп сынап қиятыр екен. Батыр ол атасының сынап қиятырғанын билип, ата разы, алла разы, атамның жаманлық сөзиниң жолында шыбындай жаным тасаддық болсын деп, тулпарын минип Зулмат шәҳәрине қарап атланған жери екен.

Минди аттың белине,
Шықты қызыл шөлине,
Атланады ғош жигит,
Барса келмес елине.
Астына минген бедеўге,
Сол ўақлары шуў деди,
Шуў дегенде гүўледи,
Толықсып аққан дәрьядай,
Жүз тоқсанлық жорғадай,
Астындағы тулпары,
Қубылып ойнап барады.
Он күн тамам жол жүрди,

Ат булақтан суўлады,
Мингенде бедеў туўлады,
Қысыр жылан курсақлы,
Сақтыяндай кабақлы,
Қайтпай урды дойнақты,
Ақшам-күндиз жол жүрди,
Күн жигирма мол болды,
Қарсы алдына қараса,
Аспан билен барабар,
Бир қара таў көринди.
Шықты таўдың үстине,
Бир шәхәр енди көринди,
Он алпдур дәрўазасы,
Он жети анда азасы,
Жигирма төрт тар көшеси,
Аспан билен барабар,
Жарқырап кала көринди.

Жол жүрип кетип баратырса, дәрбентке жақын бир ақ тасқа қызыл хат жазылғанын көрди. Өзи саўатлы жигит, оны оқып көрсе, ол қаланың аты Юнан деген екен. Елини сораған Қумыры төре деген екен. Кумыры төре дегеннин бир кызы бар екен. Ол қыздың тәриийпин айтсақ.

Калпағына дал койған,
Ләбине шекер пал қойған,
Бәри жери ап-аппақ,
Узын бойлы, кең кушақ,
Сәнеше бармақ, жез тырнақ,
Өнирине тақыпты,
Қыз балаға жарасық,
Қәлемпирли моншақлы,
Есигин етип кадаған,
Жуўып шашын тараған,
Емшегинин түймеси,
Буранданың ушындай,
Ийегинин аўзына,
Қайқайып қараңқырап,
Пәриизат пәжайы-аптап,
Ышқы сүўрет қыз екен.

Ол қызға Гүйи Болырдан Алшағыр деген бир гәўирлердиң палўаны келип, алты ай ма болған екен. Ашық болғанлығынан сол қызыңды бересең деп, Кумыры бийге ғазап қылып, өгер бермесең хәр күн бир адамның канын бересен деп талап еткен. Хешким оның күшине шақ келмей, баханасы қыз екен, хәўеси адамнын қаны екен, қайғысы өзинин ғамы екен. Ели-халқын бүлдирип, сол Жулан шәхәрин қамал қылып жатып, ашығы Султан деген қыз екен. Аны көрип Қурбанбек:

— Тилегимди алла берди, ғайраты таскан ер едим, халық талаған щалымды, ишкен адам каныны, бахтым келсе өлтирип, халкын азат етейин, азатлар етип кетейин, — деп атын жиберип, батыр уйқылап қалады.

Ендиги хабарды кимнен еситиң, Алшағырдан еситин. Уйқылап жатқан жеринде Қурбанбекке көзи түсти. — Бул жалғыз уйқылап жатқан ноғайлының үстине қырық бир адам болып барсам, анда нәмәртлик болар, — деди. Сөйтип қырық жигитине қарамай, тулпарын минип ат ойнатып, дәрбентке келди. Қурбанбектиң аты тулпар еди. Ол тулпардың ийисинен аңлап Алшағырдың аты жер табанлап, алға баспай турып алды. Сонда Алшағыр атына қарап мынаны айтады:

— Алдыңда жолбарыс жатыр ма,
Келгенлер бизден батыр ма,
Не көрдиң атым, не көрдиң?
Он төртте тарлан ашпайсаң,
Қамшы урсам кәдем баспайсаң,
Не көрдиң тулпар, не көрдин?
Қолымда тиллә окжайым,
Неге қыласаң уўайым,
Мениң жанымды алмаға,
Келди ме батыр ноғайын?
Кумыры бий деген бийлерди,
Халықты азатлар етип,
Берди ме заңғар абырайын?

Сол ўақта батыр Қурбанбектиң сөз сораң. Бул уйкының арасында сөзин шала еситип еди. -«Ерден ердин кәўпи бар» деген рас екен, меннен кәўип қылып сөз айтты, оның нәмәртлик шәнине бир сөз айтайын,-деп орнынан турып, тулпарына минип, Алшағырға қарап, нешше жерлерден тымсал келтирип, бир-еки аўыз сөз айтып турғаны:

— Әй, сен залым, есит мениң зарымды.
Ашық қайғырар ма тәнде жаныны,
Мени көрмей кәўип әйлепсең Алшағыр,
Сенлер койғыл адам өлтирмек кәрини.

Мени көрмей жыларсаң сен зары-зар,
Жүрген жериң ноғайлыдан бийқарар,
Қайғырмассаң ели-халықтың жаныны,
Қайт қорыксаң сен пейилиннен, әй, кәпир,
Хәр күн ишип адамзаттан енди қан,
Нешшени айырып ата-анадан,
Елге қорлық салып енди Алшағыр,
Ўайым қылма, шыққыл енди бул майдан,
Тилиңе де шул күн ийман келтиргил,
Ноғайлыға бас ий енди сол заман.

Бул гәплерди еситип,
Залым енди Алшағыр,
Булыттайын буйраланып,

Жарадар нардай ыңыранып,
Аўызынан от шашып,
Ғайраты тасып залымның,
Қурбанбектей батырға,
Қайрылып найза салады,
Найзасыны Қурбанбек,
Тартып алып қолынан,
Еки бүклеп сындырып,
Алшағырдай залымға,
Туўлап батыр қарады.
Алшағырдай бул залым,
Қолында шәмшер қылышы,
Қурбанбектей батырға,
Қәҳәрленип урады,
Қалқан менен мәрт жигит,
Еки бүклеп сындырып,
Туўлап тағы қарады.
Алшағырдай залымың,
Жақынлап қанжар урады,
Қанжарын да қолынан,
Тартып алып Қурбанбек,
Еки бөлип сындырып,
Еки туўлап қарады.
Бул мезгилде Қурбанбек,
Алшағырдың жарақтан,
Жуда болғанан биледи,
Нәўбет бизге келди деп,
Қарағай найза қалтырап,
Керилип батыр урады,
Алшағырдай бул залым,
Найзасын тартып алады,
Еки бүклеп сындырып,
Аўызынан от шашып,
Туўлап залым қарады.
Қурбанбектей ғош жигит,
Айландырып басынан,
Қәҳәрленип урғанда,
Қылышын енди Алшағыр,
Еки бүклеп сындырып,
Туўлап тағы қарады,
Қурбанбектей батырың,
Қылыш қолдан кеткен соң,
Қанжарды қолға алады,
Ыңыранып батыр салады.
Қанжарыны қолынан,
Тартып алып сындырып,
Күле шырай береди,
Енди алдым сени деп.
Мәртлер енди сынасып,
Залым аттан түседи,
Залым аттан түскенде,
Қурбанбек аттан түседи,
Саўытыны шешеди,
Мәрт қабағын үйеди,
Қақпа шекпен кийеди.
Маңлайы айдай жалтырап,
Яқалары қалтырап,
Еки палўан дәрбентте,
Қара нардай гүркиреп,
Ал, нәўбет бизден болды,
Алшағыр атты қояды,
Әўўелги нәўбет гәуирге,
Қурбанбектей батырды,
Қос жағадан алады,
Ыңыранып жамбас салады,
Қурбанбектей ғош жигит.
Тағы турып алысты.
Атаңа нәлет Алшағыр,
Қайтадан жамбас урады,
Қайтадан жамбас урғанда,
Қурбанбектей ғош жигит,
Таўдай болып турады,
Қозғалмайды ғош жигит,
Сол ўақлары болғанда,
Алшағырдай залымың,
Әмелим кетти қолдан деп,
Және бир жамбас урады,
Мәрт қозғалмай турады,
Еки арыслан даўына,
Шәҳәрлер келип ләрзеге,
Ғулғула түсти қалаға,
Қумыры бий деген уллы бий,
Беглер менен сол мәхәл,
Шықты майдан далаға,
Не бир шаўқым бар дейип,
Атланады сараға,
Келсе дәрбент үстине,
Еки палўан алысып,
Турғанын олар көреди,
Биреўиниң тилинде,
Латы деген сөзи бар,
Биреўиниң тилинде,
Алла деген сөзи бар.
Алла деген ғош жигит,
Қурбанбек деген ер екен,
Алшағырдай залымды,
Қушақлап бул алыпты,
Тоғанақты салыпты,
Көтермеге мейил боп,
Турғаныны көреди.
Сол ўақытта Қумыры бий,
Зарлана берип сөйлейди,
Сөйлей берип не дейди:

— Көтергил балам жан Қурбан,
Сен бол дәртиме дәрман,
Журтымды қарап қылғанды,
Өлтирсең сеннен разыман, —
Дейип сөзди айтқанда,
Ашыўланып Алшағыр,
Қайтадан келип алысты,
Қурбанбек бермей намысты,

Залым бир жамбас салады,
Курбанбектей батырды,
Козғалтпастай турады.
Ғамға кеўлин толтырып,
Акша жүзин солдырып,
Адамзаттың қанына,
Семирип кеткен Алшағыр,
Көпек ийттей ырылдап,
Көкиреги сырылдап,
Курбанбектиң колында,
Бахты кетип болдырды,
Курбанбектей ғош жигит,
Аш белинен кушаклап,
Көзинен яшы моншаклап,
Алла деп арыслан көтерди,
Ал дизине миндирди,
Аўырлығы анық екен,
Курбанбектей батырды,
Бакайдан таска көмдирди,
Бели жайдай бүгилди,
Көтерип алып ийинге,
Айландырып басынан,
Тартып жерге урады,
Ак сийнеге минеди,
Ак сийнеге мингенде,
Алартып залым көзлерин,
Айтар болды батырға,
Әзәзүлли сөзлерин.
Ол сөзине карамай,
Жан-жағына караса,
Кумыры бийдей енди бий,
Алмас қанжар береди,
Берип, сөйлеп, қанжарды:
— Алма залым тилини,
Солдыр бунын гүлини,
Карап калған елимди,
Өлтир, иним, залымды, — деп,
Жылай берди Кумыры бий.
Курбанбектей ғош жигит,
Басына канжар салады,
Баўдай басын кеседи,
Суўдай канын ишеди,
Келлесин кесип залымның,
Найзаның ушына миндирип,
Залымның атын жетелеп,
Алдында енди Курбанбек,
Кейнинде еди Кумыры бий,
Киятырса қалаға,
Алшағырдай залымның,
Уйқыдан турып беглери,
Ағамның атының изи кетти деп,
Сол жайға енди жетти деп,
Киятырса қырқ жигит,
Қабактай болып басыны,
Ағасының көреди,
Бәри бир шуўлай береди,
Қалмай енди кырк жигит,
Курбанбектей батырға,
Қалма-кал катар сөйледи:

— Жалғыз аға, алыпсан,
Басына саўда салыпсан,
Қаныи ишип ағамның,
Қайғырмай майданда, ноғай,
Аллияр сени деп еди,
Илимпаз сени деп еди,
Дуўахан сени деп еди,
Сени бир мерген деп еди,
Сени бир шайтан деп еди,
Алдаўшы сумлар деп еди,
Абырайынның барында,
Маған да бери кел деди.
Алшағыр деген ағамның,
Он бес ағасы және бар,
Өлсе сениң алдында,
Өлтирер сени Қәтирен,
Жалғыз ноғай енди тур, —
Деп бәри шуўлап калмаклар,
Мәртке атын қояды,
Курбанбектей ғош жигит,
Көзи канға толады,
Оннан-солдан сол ўақта,
Қыйқуўды батыр салады,
Қырғын салды қалмаққа,
Батыр кирди ғайратка,
Қолын салды полатка,
Зилзила болып жер жәҳән,
Ат туяктан акты қан,
Алшағырдын кейнинен,
Әрманлы болдық бизлер деп,
Олар да өтти дуньядан.
Батырлығын билдирип,
Алшағырды өлтирип,
Кумыры бий менен косылып,
Барып кирди Курбанбек,
Юнан деген калаға.

Ал, Кумыры бийдин барып тахтына минди, нешше бек-бекзадалар менен шарап ишип мәс болып, онда дәўран-сапаны сүрип, рәҳәт таўып жата берди. Сол ўақытта алтмыш еки ҳәмелдар беглери келип кенес салып, бул Кумыры бий бийләрўа болды, бунындай ғайрат-күш салған, халықты азат қылған жигитке инам деген болмай ма екен, беси бир, оны бир отырып Кумыры бийге кеңес етти. Кумыры бий буны еситип, Курбанбектей ерге каншелли зер, каншелли мал берсек екен деп беглерине кеңести. Онда турып жүзбасы аталығы айтты:

— Ғош жигитке зер дәркар емес, мал дәркар емес, берсеңиз, дийдар дәркар. Ақылын болса Курбанбекке

қызыңды бер, мүлки-перзент, хешким сеннен гийне қылмас, — деди.

Халқын азат қылған ер болған соң, бул сөз Қумыры бийге қатты мақул түсип, мыйығын тартып күлип: — Той басланлар, — деп, той баслаўдың ықтыярын берди. Бир нешше күнлер той қылып, Қурбанбектиң тойы деген соң, Султан деген Қумыры бийдиң қызы нешше түрли сарпай ишинен апарыў ушын бир сеңсең, еки сарпай жиберди. Жеңгелери сарпайларды алып, Қурбанбектин қасына келип, нешше бир жақсы сөзлер менен, «перийзат келсин деди» деп, арзы-ҳал айтып турған жери екен:

— Арзым есит мениң енди, ғош жигит,
Сизиң ушын той басланды, кеўил шад,
Сарпай кийип бизиң менен жүриниз,
Келсин деп жиберди, сизге сәлем хат.

Аты Султан, Қумыры бийдиң қызы екен,
Арзыў болған сизге енди пәрийзат,
Жағымлы тилинен пал-шекер тамған,
Ашықлық та қыз-жигитке жақсы дәрт,
Жүргил енди перийзаттың жанына,
Арзыў болған сизге Султан пәрийзат.

Бул сөзлерди еситип,
Қурбанбектей ғош жигит,
Орнынан енди турады,
Алтын тажы басында,
Қырқ жеңгеси қасында,
Таўыстай болып таранып,
Көргеннин ақлыны алып,
Әдеп пенен ғаз-ғаз басып,
Жигит кеўли таўдай тасып,
Бир-бирлеп қәдем урады,
Султан қыз турған сарайға.

Анда жеңгелери кейнинде қалды, сарайдың қапысын ашып қараса, отырыпты Султан атлы пәрийзат, пәнжайы-әптап, ышқы сүўрет, көргенлердиң ақлын алып, шайырлықта сөзлер қылып, беллери қылдай буралып, ийегин тислеп, уялған кисиге уқсап, бир тәғзим сәлем қылды. Сәлемин әлик алып, Қурбанбек: — Бирден барып, мойнына қоллар салсам, бетинен поса алсам, журтынан қашқан, малыны сатқан бийабырай жалатай деп айта қоймасын, — деп, пәрийзатқа қарап, қалайыдай қалқытып, ериген полаттай балқытып бир жаўап айтты:

— Шәхәри Юнан дер елиңди,
Терсем бағыннан гүлиңди,
Сәккиз жәннеттиң қапысы дер,
Сендей ярдың қойныны,
Ақлымды алған қыз ғана,
Рухсат болса, пәрийзат,
Алтын сарай, пәр төсек,
Сал қолыңды мойныма,
Алсаң бизди не болды,
Мисли жәннет қойнына.
Сермәсилде сермеслер,
Шашыңыз сәккиз өрмеслер,
Дөгерегине айланып,
Сол ғана сени бир өпсем,
Сирә бир хеш ким көрмеслер,
Ақлым алған қызғана.
Бул гәплерди айтқанда,
Сонда бир қыз сөйледи,
Сөйлей берип не деди:
— Сиз де жеткен жасыңа,
Мен де жеттим жасыма,
Алып барғыл яранлар,
Нека қылған шәрияр,
Алла қосқан қосағым,
Қостарым мениң Қурбаным,
Келгин енди дәрманым,
Жетти жасымнан бери,
Ара бердим өзиме,
Келап урдым жүзиме,
Айдай болған билегим,
Жастық болсын басыңа,
Әстен келиң қасыма, —
Дейип енди перийзат,
Қыз буралып турады,
Барып турып Қурбанбек,
Мойнына қоллар салады,
Айдай болған жүзинен,
Шийрин поса алады,
Басқасын айтып қәйтейин,
Соныңдай қызық болады.

Әне, Қурбанбек бул қалаға пәрийзат билен дәўран-сапаны сүрип, еллер бағынып, айшы-әширетте, дәўран сәўбетте айлардың айлар өткенин, күнлерден күнлер өткенин билмей, бир күни перийзаттың қойнында сәхәр ўағында есап қылса, арадан сегиз ай өтип, тоғыз айға қарапты. Қурбанбек айтты: — Ўа, дарийғ, жақсы менен бир күн жаман менен мың күн деген ырас екен ғой, бул қыз бенен сегиз ай дәўран сүрипмен, сегиз айым сегиз саат шелли болмапты, атамның хызметин ете алмадым, — деп суўық демин алды. Перийзатты ақ жүзиниң үстинде турған зулпы батырдың аўзының «ух» деген демине қозғалып кетти. Перийзат оянып көзин ашып: — Неге суўық демиңди алдың мениң қойнымда жатып, меннен басқа елиңдеги сүйген ярың ядыңа түскен қусайды, — деп, ерте менен турып, нәзик бойын бурып, бир кесе гүл-гүл шарапты қолына алып, Қурбанбекке қарап бир сөз айтты:

— Яр-яр дейип дүньяда,
Жатыр едим қасыңда,
Сәхәр ўақта «ух» дейип,
Қозғадың мениң зулпымды,

Бизге айтың Курбанбек,
Кеўлиндеги дәртинди,
Яр-яр дейип дүньяда,
Бағышладым жамалым,
Жас он беске келгенде,
Айдай болған кәмалым,
Сәхәр ўақта ах урып,
Куйдирдиң мениң румалым,
Таўланасаң қойнымда,
Неге жоқдур карарың?

Курбанбек дейип өзине,
Нешше жыл болдым интизар,
Ак бетиме кал қойып,
Ләбиме қойдым енди пал,
Өз елинде алғаның,
Болып енди тағы да,
Гүлдей болған бул басым,
Болдым ба енди мен токал?
Кеўлиңдеги айт әрманың,
Бизге айтқыл баҳадыр.

Соны еситип, Курбанбек ер кысылып, тулпарын зертен-зәбертен ертлеп, жетти қабат саўытын кийип, көк полатқа ғарқ болып, пәрийзаттан рухсат тилеп, бир сөз айтады екен:

— Арзым есит, кулақ салғыл перийзат,
Күннен-күнге жамалыңыз ғәниймет,
Атам маған бир сөз айтты аманат,
Сапарым бар Барсакелмес қалаға,
Аманатка кылдым енди қыянат.
Мойнымда шул аманаты қалмасын,

Гүл юзли ашығым, бериң рухсат,
Жаздырғанман ақ сийнемниң бәнтини,
Яр сүйгенмен ләблериңниң ққантыны,
Сапарым бар Барсакелмес калаға,
Өлсем сениң жамалыңда назлы яр,
Қойма мени кыяметтиң отына.

Сол ўақлары Султан болды бийтақат, кетерини билди енди пәрийзат, кетерини билип енди перийзат, нешше түрли тағамларды атқа бөктерип, атасының хызметине баратырған жигитке иркиў берип болмас деп, қара шашын алдына салып, сәхәрдиң пайызлы ўақтында тулпарға батырды миндирип, Султан кыз ғош жигиттиң кеўлине әрман болмасын деп, бойымдағы алты айлық хәмлемди айтайын деп, Курбанбекке қарап бир сөз айтады:

—Саған қылдым ялғаншыда ықтыкат,
Перзент дермиш хош кеўилге кеўли шад,
Қайтып кетсең саған әрман болмасын,
Бойымда бар алты айлық аманат.

Он төртимде мен бир болдым бәркамал,
Мурадымды тилеп кәдир-алладан,

Жамалымда сухбет қылдың тоғыз ай,
Бойымда бар алты айлық бир гүман.

Қыз айтпайды ғош жигитке енди шәрт,
Сениң билен армансыз кылдым сухбет,
Сен барасаң Барсакелмес қалаға,
Ығбалыма аман келгил, ғош жигит.

Әне, бул сөзди еситип, Курбанбектиң ўақты сондай хош болып, бир сөз айтады пәрийзатқа қайтарып:

— Бизлер кеттик Барсакелмес қалаға,
Көрсем перзент мен жалғаншы дүньяда,
Келмесимнен бурын болса перзентим,
Атын қойғыл баламыздың Хуршидша.
Бийперзенлик ғош жигитке болар дәрт,
Бул сөзди еситип кеўлим болды шад,
Мен разыман сеннен бүгин, сәўдигим,
Атыны қоямыз баламның Хуршид.
Он төртимде болып едим бәркамал,
Келмесин басыңа душпаннан заўал,
Келмейди деп қәўип әйлеме, перийзат,
Та көргенше, перийзатым, хош аман кал.
Курбанбектей ғош жигит,
Бул гәплерди айтқанда,
Дәрьядай кеўли тасады,
Куўана берип ер жигит,
Ҳәр таўдан да асады.
Атқа қамшы басады,
Астындағы тулпары,
Омыраўдан көбик шашады,
Ат шомылды терлерге,

Сыйынды кәмбил пирлерге,
Бас бермеген майданда,
Дал бедеў шапқан жерлерге,
Он алты күн жол жүрди,
Ада болмас шөллерде,
Сәхәр ўақта келатса,
Қара жерлер тербенип,
Аспан көклер калтырап,
«Токта» көп даўыс,
Шуўлап шықты хаўаға,
«Өлдик» деген бир даўыс,
Шуўлап шықты хаўаға.
«Айда» деген бир даўыс,
Шуўлап шықты хаўаға,
«Бизге панаҳық қылған,
Ел-халықты шад еткен,
Курбанбектей ноғайым,
Қайда?» деген бир даўыс,
«Жете қойсам қалаға,
Тезирек енди жанына,
Ара берип жанıма,

Айда» деген бир даўыс,
«Қаслар қылған Қәтирен,
Қудиретин келсе егер де,
Гәўирдейин басыны,

Шайна» деген бир даўыс,
«Келе бер» деген бир даўыс,
Болды пайда солманда,
Қурбанбектиң қулағына.

Сол даўысты еситип, ат ойнатып, қаласының алдына барғанын билмей қалды. Таң атып, күн шықса, бир шәҳәрдиң алдына өзиниң турғанын көрди, сол шәҳәрди байқап қараса, ол қаланың аты Рат деген шәҳәр екен. Ол қаланың патшасы Ақшахан деген хан екен. Ақшахандай патшаның душпаны Алшағырдың ағасы Қәтирен деген дәў екен. Бабахан деген Ақшаханның ағасы Қәтирен деген дәўдиң ағасын өлтирип, оның қолынан Гүлшин деген пәрийзатын тартып алған екен. Оннан соң Ақшахан хан болған екен. Қәтирен Ақшаханның хан болғанлығын еситип, «атадан жас қалып едим, ақылдан бос қалып едим. Сол Ақшахан дегенди өлтирип, атамның қанын алайын» деп қаласын қамал етти. Көп ўақыт қамалда болып, ел ашырқап отыр еди. Ол Қәтиренниң қашатуғын бир жери бар еди, ол да болса хәр ким от жағыўы керек еди, сол себепли қала сырты от еди. Ол қаланың әдетиниң болғаны, онда сарыжай я мылтық болмас еди. Оны атыўды хеш ким билмес, сол себепли өз-өзинен бүлинип, неше жыллардан бери қоррандозлар қорра таслап, ноғайлының елинен келетуғын палўанды көрип, оның жақын келгенлигин билип, халқының кеўли шад болып, «айда-айда» деген даўыс сол еди. Аны көрип батырдың ўақты хош болып, ол шәҳәрдиң елиниң ашырқағанына қапа болып, ғош жигитке ғайрат енип, атынан түсип, тағам жеп, садағына сексен оқты жай қылып, тулпардың белине минип турса, Ақшахан деген патша қаланың үстинен келип қарап, нур жүзли, қой көзли, әреби атлы, Әлийдей саясатлы баҳадыр палўан жигитти көрип, садағындағы сексен оққа көзи түсип, «бизге келген панналыққа ер болғай-дә, ата душпан залым Қәтирен еди, тәрийп қылып хаслын сорайын бунын» деп Қурбанбекке қарап Ақшахан бир сөз айтты:

— Бизиң шәҳәр алла дейип зар урар,
Дүнья болды мендей ханға енди тар,
Қайсы елден қайсы елге барасаң,
Сәрўанбысаң, кәрўанбысаң, бер хабар.
Садағына салып, балам, сексен оқ,
Сапарың бар енди, балам, қай шәҳәр,
Ийнине жарасар алтыннан қалқан,
Басымнан кетип тур дәўлет-у-дәрман,
Шәҳәримизге бир дәў пайда болыпты,
Көрегине ишип адам қаныны,
Атын айтсам ол залымның Қәтирен.
Талап қылып келди дүнья-малымды,
Ойран қылды сыртта қалған елимди,
Өзиң бала, солдырады гүлиңди,
Айтқыл, балам, енди барар елиңди.
Талаў қылып, талқан қылып жанымa,
Суўсынына ишер адам қаныны,
Айтқыл, балам, енди маған атыңды,
Астыңа минипсең жақсы арғымақ,
Тезирек қылғыл енди басың ғамыны.
Мен көрмедим сениңдейин лаланы,
Сендейлерге залым әрман салады,
Сен болмасаң өзгеннеңнен хабардар,
Сарыжай қолында, жаман қарыўы,
Қандайын болса хәм атып алады,
Айттым сол залымның енди сырыны,
Басымнан қорқаман енди, жан иним,
Ашалмайман саған енди қаланы.

Буны еситип қәҳәрленип Қурбанбек, ханға қарап мәртлигин айтып сөйледи:

— Елимнен айырылған жалғыз сонаман,
Халық дәрдинен күйип-күйип жанаман,
Қурбанбек дейдилер мениң атымды,
Қайтар бала енди туўар анадан.

Жалғаншының соңын сорсам бийпаян,
Саўаш күни ат саўрынан ағар қан,
Қайтармағыл мениң жаным Ақшахан,
Зор қолында өлген мәртке не әрман.

Бахтым келсе солдырарман гүлини,
Абат қылып ғәрип болған елини,
Азат қылып қамал болған шәҳәрди,
Келетуғын жайы бар ма душпанның,
Бахтым келсе солдырарман гүлини, —

деп тулпарын ойнатып, ердиң қаны қызып, хәр түги шапанынан өтип, саўаш қумары келип, еснеп турса, сол Қәтирен дәўдиң келер ўақты болған екен. Сөзди кимнен еситиң, Қәтиреннен еситиң.

Төрт тәрепке оқ атып,
Алтын қалқан басында,
Қазандайын ойнатып,
Гүркиреген даўысы,
Адамзаттың қанына,
Қайғырмаған қан сорғыш,
Қара таўдың ишинен,
Жабағыдай жалғыз бас,
Жанында жоқ хеш жолдас,
Қарағай найза өңгерип,
Дал бедеўге жем берип,
Булттай болып буйралап,
Даўысы ыңырап залымның,
Сынған муздай гүңиренип,

Маңлайында жалғыз көз,
Қан ишер залым жалмаўыз,
Қайғырмай халықтың жаныны,
Талап қылып келеди,
Ақшахандай патшаның,
Ишпеге залым қаныны.

Сол ўақытта Қурбанбек келди, ханды көрип, жүрегин берик тутып, тулпарға тажына шегип, батырлық салтанатын тутып, айбынған нәмәртлик болар деп, ат ойнатып Қәтиренниң алдына қарсы жүрди. Аўзынан от шашып, Қәтирен «мениң баққан елиме келген ким екен» деп ашыўы келип, батырға бир жаўап айтады:

— Ақлым алар арыўлардың көз-қашы,
Палўан болар ондай халықтың хәўеси,
Бетлеп маған қәхәрленип келесең,
Сенсең қайдан шыққан ладан жолаўшы?
Алыстан көринер таўлардың тасы,
Қаст етсем ағадур көзиңниң жасы,
Нағып жүрген ат башлысаң, маған қарап жүресең,
Нағып жүрген, хаслың недир қарақшы?

Сол ўақытта Қурбанбек сөйлейди, атының басын бурып, аяғын тиллә зәңгине тиреп, қанишер Қәтиренге қарап мәртлигин билдирип, сонда бир гәп айтады екен:

— Ашықтың питеди яр дейип жаны,
Қаст етсем талаўлы сеңдейдиң малы,
Алшағырды зар жылатып өлтирген,
Қасты-қандарыңман, билгил, ноғайлы.
Ат мойнына тақтым тиллөдан тумар,
Ат қойғанда зар еңирейди душпанлар,
Билсең душпаныңды, қәне, Қәтирен,
Ат қойып бул майданға келгил, геллеғар.

Он төртимде болдым енди бәркамал,
Қаст әйлесем намыс алдым душпаннан,
Алшағырды зар жылатып өлтирген,
Қандарың Қурбанбек менмен Қәтирен.
Мен жүрермен бул жаханда жалғыз бас,
Қанишерлер қаст етсем көзинен ағар жас,
Алыспақлық мендей мәртке сол мурат,
Қайғырмағыл, шық майданға, кел алыс.

Сол ўақытта Қәтирен «Қурбанбек деген ер деп айтар еди, алыссам, ол ўақытта әрман билен өлтирер, өзим мерген едим, атыспақ қолай болар» деп Қурбанбекке қарап, қәхәр-ғазап билен бир сөз айтқаны:

— Кеўилимде көп әрман,
Маған намыс болмай ма,
Басқы тапсам ноғайдан,
Атыўды көрдим мен оңай,
Әўелги нәўбет бизлерден,
Таўда турған сен шынар,
Көрип болдым бийқарар,
Батырлығын айтайын,
Әўел нәўбет бизлерден,
Туўры турғыл енеғар.
Сол гәплерди айтқан соң,
Залым енди Қәтирен,
Ашылған гүллер лалады,
Көргенниң ақлын алады,
Қара түги тикейип,
Алты батпан сарыжай,
Асып жүрсең бекке жай,
Тартып атқан батырға,
Баўыры қатты полаттай,
Хижри оттай жанады,
Жайға оқты салады,
Қақ маңлайың сол ма деп,
Қурбанбектей батырға,
Залым енди Қәтирен,
Таўлап тартып қалады.
Оқ келеди харылдап,
Аўзынан отлар парыллап,
Батыр минген әреби ат,
Жер таянып жатады,
Оқ үстинен өтеди,
Залымның атқан оқлары,
Қара тасты қақ бөлип,
Мәрўер тасқа тийеди.
Қайрыла берип Қәтирен,
Тағы әрманлы болдым деп,
Ашылған гүллер лалады,
Жайға оқты салады,
Шийрин жанды қыйнайды,
Сом жүректен ол залым,
Ыңыранып оқты байлайды,
Мәрт мойныны бурады,
Ал, қалқан менен оқыны,
Қайырып енди урады.
Қәтирендей залымың,
Тағы әрманлы болады.
Әжелим жетип дүньяда,
Сум пайманам толмасын,
Анадан қалған еки ер,
Мениңдейин жан ағаң,
Енди әрманлы болмасын.
Тура берип Қәтирен,
Қайтадан оқты тартады,
Оқ үстинен өтеди,
Қайғыланып Қәтирен,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Басына күнлер туўады,
Қашайын десе залымға,
Мәртлик жаман, жигитлер,
Талтайып залым турады.

Қурбанбекке келди нәўбет,
Хаққа қылды ықтықат,
Мәрттиң кеўли болды шад,
Алмас оқты алады,
Қурбанбектей жас жигит,
Жай баўрына салады,
Шийрин жанын қыйнайды,
Астындағы тулпары,
Ер күшине шыдамай,
Ыңырсықлап туралмай,
Төрт тәрепке таслады,
Батыр көзди жаслады,
Ышқы оттай жанады,
Байлап тартып қалады,
Қақ маңлайына тийгенде,
Маңлайынан тийген оқ,
Желкесинен парлады.
Қайтадан оқты салады,
Батыр туўған Қурбанбек,
Жүреги енди ойнады,
Шийрин жанды қыйнады,
Жүрегине тийген оқ,
Жаўырынынан шаңлады.
Сол мезгили болғанда,
«Атпа» деген бир даўыс,
«Шаппа» деген бир даўыс,
«Барма» деген бир даўыс,
«Қаның оның сол ўақта,
Ишпе» деген бир даўыс,
«Қаның, балам, сол ўақта,
Шашпа» деген бир даўыс,
«Қайт,хә, балам, қайт» деген,
Шуўлай берди көп даўыс.
Бул даўысқа қарады,
Атқа қамшы басады,
Қамшы басқан ўағында,
Дәл кейнине қараса,
Тозаң пайда болады,
Қырқ қыран дәўдиң бийлери,
Шуўлап атты қояды,
Қурбанбектей жас жигит,
Қайырыла берип қалмаққа,
Қайғысыз алла салады,
Алла салды қалмаққа,
Батыр кирди ғайратқа,
Қолын салды полатқа,
Урыс болды аўыт-аўыт,
Сағалаттан жапқан маўыт,
Жағасы алтын бексаўыт,
Сөтилди майдан ишинде,
Қырмызыдай қызыл қан,
Төгилди майдан ишинде,
Ақ саўыттың қыяғы,
Сөгилди майдан ишинде.
Ышқы оттай жанады,
Айры-дүбир болады,
Қырқ қыраны, қырқ жигитин,
Бир шетинен қырады,
Көрмегендей қылады,
Қайтып келип Қурбанбек,
Ақшахандай патшаның,
Дәрўазасын ашады,
Қурбанбектиң үстине,
Дүрли мәржан шашады.
Азат қылды елини,
Бүлбүл қонды гүлине,
Үш жылдан бери қамалған,
Сарай Рат еллери,
Кирдилер үйли-үйине,
Қутылып латтан халықлары,
Садақа қылып той берди,
Қаласы менен шәҳәрине.

Енди бул сөзди кимнен еситиң, Ақшахан патшадан еситиң. — Ўай, дәрийғ, уўайым ишинде жатқан қаракөз ярыма, он сегиз мың аламды тырнағының юзинде көрген Ақылжан атлы қызыма Қурбанбектиң мәртлигини, ерлигини тәрийп қылып айтпадым, елимниң абат болғанын айтайын, ярымды барып қуўантайын, — деп Қурбанбекти тәрийп етип бир сөз айтқаны:

— Хаққа қылдым кеше-күндиз ықтықат,
Мискин болған халықтың болды кеўли шад,
Зар жылатып кести залым басыны,
Ноғайлы елинен келип бир жигит.
Он төртинде өзи туўған бәркамал,
Айбатынан титирер йер билен аспан,
Зар жылатып кести залым басыны,
Бундай жигит хеш туўмайды анадан.
Қамаўда халқымды шадыман етти,
Пида болсын мәрт жолында шийрин жан,
Қәтирен талан қылды енди шәҳримди,
Талан қылды залым дүнья-малымды,
Зар жылатып душпанымды өлтирди,
Мияссар қылдым аңа жалғыз жанымды. —

деп бул сөзди айтқанда Ақшаханның қызы Ақылжан сескенип орнынан турып:

— Әй, ата, малыны шашқан, журтынан қашқан, ақылсыз ладан, аныңдай қатын үстине мияссармеди мениңдей Ақылжан? — деди.

Бул сөзди Ақылжан айтқанда атасы көп бир қапа болды. Сонда Ақылжан:

— Қапа болма жан ата. Қурбанбек журтынан шығар ўақтында атасы «бар» деди, енеси «қал» деди. Қурбанбек «ата разы, алла разы» деп тәўекел қылып, тулпарын ойнатып шыққан мәҳәлинде «хақ дәреген жигитке сени Ақылжан мияссар қылдым» деген бир даўыс қулағыма пайда болды, сол себеп пенен Қурбанбек маған нәсип болды, — деп атасына қарап күле шырай менен сәлем қылды.

Акшахан патша ўақты шәндан хош болып, кызына тойлар берип, Курбанбектей жигитке неке кылып берди. Курбанбек Акылжан билен айшы-әширетте болды. Акылжанның бир кәспи сол еди, күндиз күни күлип ойнаса хәм, акшамында сөйлемес еди. Сол Курбанбек бир нешше күнлерден соң, бир нешше айлардан соң, Акылыма хош-кал сөзлер менен рухсат сорасам зәлел жеткизбеспекен, байлы-хүким сөзинен сөйлесем зәрер жеткизбеспекен деп, ойланып-ойланып, бирден «пәрийзатым, рухсат» деген сөзди айтып қойды. Сонда:

— Султаным қайда барарсаң, — деп пәрийзаты күлди.

Анда Курбанбек:

— Максым деген карындасым бар еди, узақ аўырыў-кесел болып, Абыхаят булағы ем деген соң баратыр едим, рухсат берсениз екен, — деди пәрийзатқа қарап.

Анда пәрийзат:

— Ол суў емес, басқа бир нәрсениң суўы ем болыпты, — деди.

Қарындасына Курбанбектиң қәхәри келип, қылышын қынабынан тартып алып, даргазап болды. Акылжан қолынан қылышын алып, еки бүклеп сындырып, аспанға атты. Қылыш көз ушынан ғайып болып кетти. Анда Акылжанның қәхәри келип: — Сен адамыйзатсаң, мен пәрийзатпан, жети жыл жер тийинде оқыдым, илимий парайызды билермен, аспанды жерге түсирип, аспанды жерге ынқа қыламан. Меннен басқа адам Барсакелмес илимин билмес, тилсиматының гилти мениң қолымда. Енди инанбасаң сөзиме, қарап турың Курбанбек, тырнағымның жүзине, жалғаншыда қылған исиңди баян етейин, — деди.

Сәрхаўыздың бойында,
Уйқылап жатқан ўағында,
Даўыс келди аспаннан,
Шейирханның елине,
Жалғыз атлан дегени,
Ырасπеди Курбаным?
Атаңнан рухсат алғансаң,
Қарындасың, катының,
Үшеў болып атландың,
Қалмақлының елине,
Ырасπеди Курбаным?
Ярым жолда барғанда,
Султан деген иниңиз,
Төртеў болып атландың,
Султан менен қосылып,
Бардың қалмақ елине,
Ғаўға салдың шәхрине,
Султаныңа оқ тийип,
Қайтты иниң елине,
Менменлик алып кеўлиңе,
Миндиң аттың белине,
Қалмаққа атты қойғансаң,
Нешше күнлер урысып,
Қаласына қамадың,
Қырқ түйе зер алып шығып,
Қалмақ сениң алдыңда,
«Бағындым» деп бозлады.
Распеди Курбаным?
Ғайыптан келип бир баба,
«Қайт елиңе» дегени,
Ырасπеди Курбаным?
Ол бабаны ер билдиң,
Қырқ түйе зерди алдың,
Қайтып дәрбентке бардың,
Қатының менен карындасыңды,
Қараўыл қылып деп жиберип,
Өзиң уйқылап қалғаның,
Ырасπеди Курбаным?
Қарындасың, катының,
Ол дәрбентке барғанда,
Қарындасың ол шаян,
Катыныңды таслап дәрбентке,
Өлип қалған өликлер,
Өликлерди аралап,
Жүрген ўақты Максымжан,
Жети өликтиң астында,
Жасырынып жатырған Шейирхан,
Таўып алды патшаны,
Залым қарындасың Максымжан,
Ашық болып қалмаққа,
Максым деген қарындасың,
Екеўлери бир болып,
Қылғанды ахдыў-пайманын.
Тағы Максым ойланып,
Зар жылады сол заман:
— Ағамның заманында,
Сениңдейин ер менен,
Сүралмайман мен дәўран.
Сонда қалмақ сөйледи:
— Жылама, арыў, зар-зар,
Елиңизде бармеди,
Кесел болса қарайтуғын,
Молла менен ийшанлар?
Сонда Максым сөйледи:
— Ел болған соң ол елден,
Ийшан молла табылар,
Оның қандай хийлеси?
Сонда қалмақ сөйледи:
— Айланайын Максымжан,
Парахор болар молла-ийшан,
Бул кеткеннен кетсеңиз,
Елиңизге барғанда,
Молла менен ийшанға,
Көбирек пара берегөр,

Мен бир аўырыў болғанда,
Абыхаят, Абызәмзем,
Ем болыпты Максымға деп,
Ағам менен атама,
Айтынлар мени тыңлар деп,
Дүньяны сарп қылагөр,
Жылама тағы зары-зар,
Ийшан менен моллалар,
Сол атаңды инандырар,
Атаң деген ол муңлы,
Ағаңа айтар бер дейип,
Абыхаят суўына,
Атаңның сөзин сындырмай,
Ағаң кетер сол ўақта,
Сол зулматтың журтына.
Ағаң енди кеткенде,
Еки жыллар өткенде,
Мен елине барарман,
Журтғаныңды аларман,
Сениңдейин қыз бенен,
Арқайын дәўран сүрермен, —
Деп сөйледи Шейирхан.
Шейирханның сөзине,
Сол инанды Максымжан,
Ўәдени солай қойысып,
Патша менен қарындасын,
Кейнине қайтты ол шаян.
Инанбасаң сөзиме,
Қарап турың Қурбаным,
Тырнағымның жүзине,
Сол ўақлары Максымжан,
Болған енди шадыман,
Аға, қайтайық дейип,
Оятқаны сол жайда,
Ырасседи Қурбаным?
Сен орныңнан турған соң,
Елине қарап қайтқан соң,
Елине аман саў келип,
Уллы майрам той берип,
Тойлар өтти арадан,
Аўырыў болды Максымжан,
Тәўип пенен порханға,
Қаратты атаң Қара бий,
Молла, ийшан залымлар,
Абыхаятты ем дейип,
Аллаш урды атаңды,
Атаң деген ол муңлы,
Абыхаят суўыны,
Алып кел деп зарланды,
Ырасседи Қурбаным?
Атамның сөзи болсын деп,
Миндиң аттың белине,
Шықтың қызыр шөлине,
Бир неше күн жол жүрип,
Келдиң Юнан елине,
Патша еди Қумырыхан,

Алшағырдың дәрдинен,
Журтты етти сәргиздан,
Қайғырдың юнан елини,
Алшағыр менен урысып,
Сол душпаннан иштиң қан,
Алшағырды өлтирип,
Юнан деген еллерди,
Қылдың енди абадан.
Рәҳимленип Қумырхан,
Султан деген қызыны,
Сениңдейин батырға,
Нека қылып бергенде,
Султан деген қыз бенен,
Неше ўақ сүрдиң сен дәўран,
Ол қатыныңнан сол жерде,
Сен рухсат алғансаң,
Сол қатынның бойында,
Питкен екен сол ўақта,
Сегиз айлық бир перзент.
Сен кеткенде атланып,
Қатының деген ол муңлы,
Бала бар деп сен мәрттиң,
Кеўилини қылды енди шад,
Сен оның журтынан кеткен соң,
Көп күн арадан өткен соң,
Султан деген сол қыздан,
Дөрегендур ул перзент,
Атын қойды Хуршид ша,
Инанбасаң сөзиме,
Қарап турғыл Қурбанбек,
Тырнағымның жүзине.
Мениң қалама келдиң,
Қәтиреңди өлтирдиң,
Қамаўдағы шәҳәримди,
Сен бир келип шад қылдың,
Еллеримди абат қылдың.
Елим болды абадан,
Хызметиңниң атынан,
Сеники болды Ақылжан.
Мениңдейин қыз бенен,
Еки жыл сүрдиң сен дәўран,
Еки жыл өтти арадан,
Бойымда бар бир пәрзент,
Тоғыз айлар болғанды,
Оның өзи ул перзент,
Буны көргил Қурбаным.
Және де айтар сөзим бар,
Тыңласаңыз Қурбаным,
Сен журтыңнан кеткели,
Төрт жыл арадан өткенди,
Қазасы жеткен бендениң,
Бағының гүли солғанды,
Сен журтыңнан кеткенде,
Шейирхан деген қалмақлар,
Неше мың әскер айдатып,
Ноғайлы елге келгенде,

Алаўша ханын өлтирип,
Нешшениң гүлин солдырып,
Күн көрмеген кызларыңды,
Мурты аўзына жабылған,
Ат артына миндирип,
Қалмақ көширип кеткенди,
Шейирхан деген патшалар,
Елинди ойран еткенди,
Ноғайдан жанды қоймайын,
Бәрин бенде еткенди,
Атаңыз еди Қара бий,
Түйеге сәрўан еткенди,
Султандайын иниңди,
Қойларға шопан еткенди,
Мәлийкадай катыныңды,
Тирсегинен, жеңи жок,
Қылқа постын ийнинде,
Шейирханның алдында,
Пәйекшиси болғанды,
Шейирхан деген қалмаққа,
Мақсым атлы карындасын,
«Атаңның қәдирин билмедиң,
Енеңниң қәдирин билмедиң,
Қурбанбектей ағаның,
Оның қәдирин билмедиң,
Мениң қәдиримди билесең бе» деп,
Мақсым атлы карындасыңды,
Шейирхандай патшалар,
Еки көзин ойғанды,
Мойнына коғыз алқа салғанды,
Тоғыз жолдың бәнтинде,
Нан тилетип койғанды.
Инанбасаң сөзиме,
Қарап турғыл Қурбанбек,
Тырнағымның жүзине,
Акылжандай перимен,
Он сегиз мың аламда,
Болған исти билермен,
Хақ жаўабын берермен,
Қайғыланба Қурбаным.

Әне, бул ислерди пәрийзаттың тырнағының жүзинде көрип, халқының қарап болғанын билип, жүреклери оттай жанып, журтына қайтпақшы болып, ярына қарап бир жуўап айтады:

— Арзым есит, перийзат,
Қалдырды дүнья кеўлимди,
Берсем енди калмаққа,
Таркатайын шеримди,
Алған болса ол қалмақ,
Жети байтақ елимди,
Сол душпанның гүлини,
Солдырайын мен барып,
Ғайратым асып барады,
Қылайын азат елимди,
Бергил рухсат, перийзат,
Излейин байтақ елимди.

Әне, бул сөзди Қурбанбек айтқаннан, перийзат ойланды, қапа болып қыйналды, батыр кетер болды деп. Қапа болып қыйналды. Бунннан барса, «хызметти бәржай келтирмедиң бе» деп атасы сораса, «Акылжанның сөзи менен қайттым» деп мәрт айтса, Қарабай қәйин атам қыйналып, меннен кеўли қалса, ендиги бахтыма зыян болар. Әмма бул мәртти қайтармай, Абыхаят булағына жиберейин деп, исми ағзамды қолына жазып берип, шашымнан үш тал берейин деп, батырды атына миндирип бир сөз айтады:

— Қурбанбегим еситкил,
Мениң айтқан зарымды,
Бул жолларда боядың,
Көп адамды қанына,
Қылған енди исиңди,
Алғыл, батыр, ядыңа.
Яр деп сәўдиң дүньяда,
Ләблеримниң қантыны,
Қайтараман деп ғош жигит,
Таза калма отыма,
Мен айтайын,әй, батырым,
Тилсиматтың шәртини,
Нәсиятым алсаңыз,
Барып келмей булаққа,
Талап кылмай журтыңа,
Бул кеткеннен кетерсең,
Бес күн тамам жол жүрип,
Алдыңда бар Қаратаў,
Дәрбентине барғанда,
Тартар сени демине,
Қарасур атлы сол әждар.
Садағыңды сексен ат,
Байлап атқыл маңлайдан,
Қылыш урма сол мәхәл,
Тағы үш күн жол жүрсең,
Адамларды танырсаң,
Бал баттаны бир теңге,
Саўдалама ол шәхәрге,
Тағы он күн жүрсең,
Суўы ирин сыяқлы,
Үш уртламың ишкенде,
Муннан аман өтерсең,
Тағы үш күн жол жүрсең,
Күн тийинде бир кала,
Он екидур әндаза,
Алтындай болып жарқырап,
Жақын барып қарасаң,
Өзи оттың үстинде,
Гүўлеп әждар, бир әждар,
Тартса сени демине,
Ким не билсин, қәдир хақ,
Бир атқанда өлтирип,

Бунnан өтерсең аман.
Алдыңнан шығар бир базар,
Атларыны билмессен,
Нан батпаны бир тенге,
Бунnан аман өтерсең,
Алдыңнан шығар Кандәрья,
Сен атыннан ҳәм түсип,
Дәрья жарып жол берер,
Шәрти солдур дәрьяның,
Күн қызарып көринер,
Аспан менен барабар,
Жигирма төрт тар көше,
Көринер жалғыз дәрўаза,
Дәрўазаның алдында,
Қайтпас темир иренли,
Шекили жоқ гөр бетли,
Ал, ени бар еки аршын,
Сақалына ол залым,
Еки муртын қайтарып,
Қазықбаў шалып байлаған,
Аўзы-мурнын түк басып,
Сени көрген ўақтында,
«Қайда» деген бир даўыс,
«Байла» деген бир даўыс,
«Шайна» деген бир даўыс,
Алмас оғың қолға алып,
Шуўлап шығар көп даўыс,
Байлап атқыл маңлайдан,
Алма оның жаныны,
«Өлтир» дейип еленсе,
Рәхим етпе дәўдиң жүзине,
Ағып турған үш булақ,
Үш тасқа аты жазылған,
Абызәмземнен алсаң,
Қырдан шығар ўақтында,
Ал, бойы бар алты аршын,
Ҳәр бармағы бир аршын,
Ҳинжи менен торланған,
Тас төбеде ол залым,
Өзи қара, мурты ақ,
Қара майы посасы,
«Айда» деген бир даўыс,
«Келген енди ноғайлы,
Тутың, беглер, ол ноғайды» дер,
Үшиншисин айттырмай,
Қоламсаққа қол салып,
Байлап атқыл маңлайдан,
Ағызба залым қаныны,
Алма оның жаныны,
«Өлтиргил» деп еленер,
Қулақ салма сөзине,
Қәўип етпей кир қалаға,
Үш булақтың суўы ақ,
Абыхаяттан алғыл,
Өзине мәлим қылып,
Сансыз әскер қуўады,
Атқа қамшы салады,
Бир мезгилдей қашқанда,
Үш тал шашым түтетип,
Ақыл деген арыўдың,
Қайғы қылма бул жолдан,
Сениңдейин батырға,
Атым мениң Ақылжан,
Жақсылық қылсам сен байға,
Таңлады күн жаратқан,
Тилегинде Ақылжан,
Қайғырмай атты урагөр,
Қуўып саған жеткенде,
Тастай көзиң жумагөр,
Айланайын Қурбаным,
Мен жақсылық қылайын,
Ҳәр дәртиңе мен дәрман,
Шапаҳат еткил мен қызға,
Аман барып, саў келгил.

Әне, Қурбанбек тулпардың белине минип, бул сөзге ўақты хош болып кетип баратырып ярына қарап бир сөз айтқаны:

— Сенсең ярым бағ ишинде бүлбүлим,
Ҳеш солмасын мың гүлимнен бир гүлим,
Мен бараман Барсакелмес қалаға,
Та көргенше хош аллияр, сәўдигим,

Жүрген жерим та бир гүллер балашар,
Жамалыңа жети ақлым бийқарар,
Мен бараман Барсакелмес қалаға,
Та көргенше хош қал енди, назлы яр.

Ҳәр сөзиңе болды мениң кеўлим шад,
Сендей арыў қылмас мәртти нәмурат,
Мен бараман Барсакелмес қалаға,
Та көргенше хош қал енди, перийзат.

Қурбанбектей бахадыр,
Минди аттың белине,
Шықты қызыр шөлине,
Астындағы жәниўар,
Қушигендей бүгилип,
Қысыр жылан қурсақлы,
Қайтпай урды дойнақты.
Сағым менен өңдирип,
Бир неше күн жол жүрип,
Таң азанның ўақтында,
Самал пайда болады.
Тербетеди ғош жигит,
Ядына түсип енди мәрт,
Атын жетелеп енди мәрт,
Айтқанындай, сур жылан,

Ыныранып тартты демине.
Дал бедеўди айдады,
Суўлығыны шайнады,
Көзи көкке тигилип,
Сактыяндай қабақлы,
Қараша аты туяқлы,
Салқын менен жол жүрип,
Елесленип таң атты,
Сескенеди астындағы тупары,
Шамаллар пайда болғанда,
Акылдың айткан сөзлери,
Саржайына ок салып,
Дәрбентке қарап жол жүрсе,
Қарасур деген ол әждар,
Қәҳәрленип ол жәниўар,
Өлерин билип бул батыр,
Жайға оқты салады.
Оң көзиң бе сол дейип,
Тартып жайды қалғанда,
Оң көзинен тийген ок,
Шеп көзинен шығады,
Куйрығын жерге урады,
Ердиң мийри канады,
Әрўакларын шад қылып,
Үш таўланып қалғанда,
«Өлтир» деген бир даўыс,
Сонда пайда болады.
Душпанлығын биледи,
Батыр атқа минеди,
Салмай кулак даўысқа,
Батыр енди сол мәҳәл,
Тулпарға қамшы салады.
Буннан арман өткен соң,
Астындағы тулпар ат,
Ақылы адамнан зыят,
Үш күн тағы жол жүрип,
Хаққа қылып енди зар,
Күн-күннен ғайрат табады,
Астындағы сол тулпар,
Таңлар атып келгенде,
Көринди дәрья суўлары,
Ишейин деп жәниўар,
Ат бир ойнай береди,
Барса дәрья бойына,
Ағып турған қызыл кан,
Суўлар ириң сыяклы,
Қол салады бул суўға,
Алып ишсе суўынан,
Балы-шербет шекилли,
Тәҳәрет қылып суўынан,
Кеўлиндеги дәртлери,
Қалмай енди төгилди.
Минди аттың белине,
Ҳижри оттай жанады,
Дәрьяға атты салады,
Я бир енди санынан,
Я бир зәңгиликти алады,
Бир мезгилдей жол жүрип,
Таўып алып жағаны,
Ат бир енди секирди,
Кейинине қараса,
Суў түгил зимбил де жоқ,
Тағы алып ишпедим деп,
Батыр енди өкинди,
Көринеди таўлар лалазар,
Ойнай берди бул тулпар,
Қарсы алдына қараса,
Көринеди бир шәҳәр,
Минекей көрсең бир базар,
Ол базарға киреди,
Ол базарға келгенде,
Адамларды көреди,
Бәри сәлем береди,
Тағы кақақ урып күледи,
Адамларын таныйды,
Атларыны биледи,
Саўдаламай Қурбанбек,
Атқа қамшы басады,
Сескенип алып жәниўар,
Ат бир енди ойнады,
Суўлығыны шайнады,
«Әрманлы болдық» деген,
Даўыс келип кейнинен,
Жылаўды баслап қалады,
Тәўекел қылды ғош жигит,
Бул гәплерди еситип,
Тағы бес күн жолжүрип,
Күн қызарып көринди,
Күн түбинде бир қала,
Он да жалғыз дәрўаза,
Дәрўазаның алдында,
Айтқанындай жалғыз дәў,
Сары жайы қолында,
Акылжан айтқанынан,
Жети есе зыяда.
Қурбанбектей ғош жигит,
Соны көрип сол ўақта,
Аттан түсип жүреди,
Атынын басын жетелеп,
Дәўге қарап пияда,
Қобланды деген дәў екен,
Сөйлетпей муны атайын деп,
Жайға қолын салады.
Полат оққа кол салып,
Жай баўырын толтырып,
Акша жүзин солдырып,
Айтқаның, Акыл, сол ма деп,
Қақ маңлайдан байлады,
Ок өтеди маңлайдан,
Аттан түсти жығылып,
Атынан енди кулады,
«Айда-айда айда» деп,

«Сағалап жүрген ноғайды,
Байла-байла ноғайды» деп,
Жыландайын тауланып,
«Қылмас исти қылдың» деп,
«Мен әрманлы болдым» деп,
«Әрман менен өлдим» деп,
Еңиреніп жылап қалады.
Бул сөзлерди айтқанша,
Дәркар емес сол дейип,
Абыхаяттан алып,
Абызәмземнен алып,
Өзини мәрт беккем қылып,
Минди аттың белине,
Шықты қызыр шөлине,
Жан-жағына қарады,
Атқа қамшы береди,
«Байла» деген бир дауыс,
Изинен заңлап келеди,
Көбиси жылап зар-зар,
Қолларында сары жай,
Алмас қылыш ойнатып,
Есабы жоқ, саны жоқ,
Сансыз әскер қуўады,
Жеттим-жеттим дегенде,
Қолға шашты алады,
Ақылжанның шашыны,
Шақпақ шағып түтетип,
Ийманыны үйирип,
«Дүньяға келип болдым» деп,
Көзини тастай жумады.

Бир мәхәл көзин ашып қарады, көзин ашып қараса, қаңырап турған майданның ишинде өзин көрди. Жан-жағына қараса, жау да жоқ, я көринген жан да жоқ. Шийшеге қараса, Абыхаятты көрди. бунның не қәсийети бар екен деп, бир уртлап ишип көрип еди, өзи отыз жасында еди, он бес жасар бала болды. Бул халларды көрип, жанындағы сәнеге қарады. Ақылжан қыздың жанынан кеткели төрт жыл өтип, бесинши жыл болыпты. Бул жас я дәрьяның суўында, я Айярдың базарында, я Абыхаяттың жолында жасалғанын билмей, мени бул жоллардан узақ жасатып жүрген сол Ақылжан шығар, — деп пәм қылды. — Қайтадан жанына барсам, мен ери болсам, ол қатын болса, сөзимиз бир күни айқасып кетсе, елиме жибермей өмиримди өтирер. Оныңдай әзәзул қатыннан қашқан қутылар, турған тутылар, — деп, Қурбанбек жолды тазалап, өз елине қайтпақ пенен болды.

Ендиги сөзди кимнен еситиң, Ақылжанның еситиң. Ол корра таслап көрсе, бир күни Қурбанбек коррасында жол тазалап, қашып баратырғанын көрди. Меннен неге қашады екен деп кеўлине келип, жақсылығымды билдирип қалайын деди. Өзинен болған баланың атын Әдилша қойып еди, жолдағы Қумыры бийдиң қызынан болған баланың атын Хуршидша қойып еди. Хуршид деген баласыны бир жасқа келгенде Султан деген анасынан айырып, екеўин бир бағайын, бирге өссе, писсе, қайнаса бир-бирине мийирбан болар, ер жигит болған ўақтында, жаўға қылыш урған шағында күш бириктирип, екеўи журт алар, өгейлик араға келиспес, — деп бир жасынан бери Әдил менен Хуршидти бирге саклап, бес-алты жасына келтирген еди. Еки баланың қолынан услап, сизлерди атаңыздың алдына алып шығайын деп, Ақылжан Қурбанбектиң алдына жөнелди. Таң атқан ўақтында еки балаға айтты: — Балларым, атаңыз жақын келди. Сизлер екеўиң қол усласып жыласып алдына бараберин. Атаңыз сизиң алдыңыздан шығып, «Кимниң баласысызлар?» дегенинде: — Қурбанбек батырдың баласымыз. Атамыздың тири болса тирисин, өлген болса қәбирин қыдырып баратырмыз, — деп зарланың. Сол ўақтында атаңыз құшақлар, «ўах, балам» деп құшақлаған мәхәлинде: — Не жаманлық қылған едим саған деп, хәўиримди тарқатып қалайын, — деп, балларына бул сөзди нақыл қылды.

Еки баласын қолынан услап, таң ўақты тауға шығып, балларын атасының алдына жиберди. Еки бала зарланып үн тартып киятыр еди. Қурбанбек қараса, алтын айдар, гүмис кекилли, бес-алты жаслы еки бала жылап киятырған екен. Отыз жасқа келгенше перзент дийдарын көрмеген ғош жигит балалардың зарына шыдамай, балалардың аўхалын сорап, бир сөз айтты:

— Бенденин жоқ бул жоларға шарасы,
Хаққа жетер ғош жигиттиң наласы,
Алдыңызда Барсакелмес қаласы,
Үх тартасыз ата дейип зарланып,
Сиз боласыз қандай мәрттиң уллары?

Кеўлимде бар шилтенлердиң сәўбети,
Жаслығыңнан арткан сениң мийнетиң,
Алдыңызда Дәўпериниң каласы,
Сен боласаң қандай мәрттиң перзенти?

Перзент болар ғош жигиттиң қуўаты,
Аламды титиреткен мәрттиң айбаты,
Алтын айдар сизлер белге доланып,
Сен боласаң қандай мәрттиң зүрияды?

Сонда баллардың кеўиллери езилип, бир сөз айтты:

— Арзымды есит бул майданда, ағажан,
Ата дейип болды мениң баўрым қан,
Биз көрмедик сол атаның дийдарын,
Анамның атын сорсаң енди, Ақылжан.

Атам барған Барсакелмес қалаға,
Қублагәхим, кәәбам излеп бараман,
Ата дейип бизлер қылдық ықтыкат,
Жетимлердиң қандай болсын кеўли шад?

Биз көрмедик сол атаның дийдарын,
Әрмансыз кәбирин қылсақ зыярат,
Қан жылатып мениңдейин жетимди,
Қылма Хуршитшаны, аға, бийтақат.

Ата екен ғош жигиттиң дәўлети,
Жаслығымнан бизлер болдық намурат,
Атаңман деп айтағойсаң не болды,
Кеўлимизди қылып кетиң, аға, шад.

Сонда Қурбанбек атынан түсип, балларын қушақлап, өзини таныттып, бир жуўап айтады екен:

— Жер-аспанды титиреткен айбатым,
Сенсен мениң жалғаншыда зийнетим,
Жетиммен деп жылай берме зар-зар,
Мен боларман сениң атаң, перзентим.

Перзент дейип баўрым болды мениң қан,
Айралық шербети болдым сергиздан,

Жетим дейип сен жыларсаң зар-зар,
Бар ма Ақылжандай анаңыз аман?

Не себептен бундай болдың сергиздан,
Тар болып тур ма-ан жер менен аспан,
Аман бар ма жер жүзинде Ақылжан?
Ата деген тиллериңнен айналсам,
Көристик дийдар несип, есен-саў аман.

Бул сөзлерди айтқанда Ақылжан перзент батырдың мойнынан қушақлап, көзиниң жасын моншақлап, перийзаттың қорлығы келип, «Мен соныңдай жақсылық қылсам, мени қас душпан билип баратырсаң» деп, Қурбанбекке бир сөз айтты:

— Саған қылдым ялғаншыда ықтықат,
Балаларым көрип болды кеўлим шад,
Сақлағанман жетмиш мыңдай бәледен,
Мениң шу күн ғәрип кеўлим қалдырып,
Сени нетти мендей Ақыл перийзат?

Бир күн тар келеди саған бул дүнья,
Балаларды көрип болдың шаҳзада,

Дос жан билип сүйгил мендей ярыңды,
Не себептен мәлел салдың арağа?

Қайғырмадым сендей мәрттен жанымды,
Қалқан болдым саған келген бәлеге,
Сени нетти мендей Ақыл перийзат?
Бағышладым сен батырға жанымды.

Бул сөзин ада еткен ўақтында Қурбанбекке бир қыял пайда болып, муна жақсы тиллер менен сөйлесейин, жүзинен бир поса алып қойнында рәҳәтленип кетпесем болмас деген қыял менен, кетпесем гина өзимде деп, перийзатқа қарап бир жуўап айтты:

— Арзым есит көзгенеңнен, перийзат,
Хаслым топрақ мениң сорасаң, перийзат,
Кеўлимде ийелеп шайтаны нәлет,
Бир күн мийман әйле мендей мәртлерди.
Жамалыңнан табайын мен рәҳәт,
Қапалықта ғош жигитке көп мийнет,
Хәр жайларда ғапыл болар адамзат,
Ишсем мениң шарап бүгин қолыңнан,

Жамалына қылсам шул ақшам рәҳәт,
Сүрип дәўран қойныңызда доланып,
Қалмас жүрегимде зәрредей әрман,
Кеўлиң қалып сөйлей берме, сәўдигим,
Қылғыл енди мендей мәрттиң кеўлин шад,
Өкпе сөзди енди айтып бизлерге,
Қылма енди мендей мәртти намурат, —

деп бул сөзди айтқан ўақтында, қәҳәри келип Ақылжан бир сөз айтты:

— Перийзатпан, ақ жүзимде барды қал,
Жамалыма жетти ықлым қуўанар,
Атам дейип шықты балам алдыңа,
Ақылсызсаң, перзентиңнен ибрат ал.

Атым мениң ялғаншыда Ақылжан,
Билесең бе, дүнья саған сол зиндан,
Атаңыз патшаның қолында сәрўан,
Енеңиз болыпты қойларға шопан.

Халқыңыз болыпты енди сергиздан,
Бул жайларда дәўран сүрсең доланып,
Хош көрер ме дәўраныңды жаратқан,
Ақлың болса енди сениң ғош жигит?

Атаңды азат қыл залым қолынан,
Ел халқыңды азат қылып ғош жигит,
Барып енди залымлардың қолынан,

Ел-халқыңның шад әйлесең кеўлини,
Одан соң сүрермиз арқайын дәўран.

Сен деп пида болды мениң бул жаным,
Мәрт болсаң сен төккил залымның қанын,
Азат қылып барып байтақ елиңе,
Дос билмегил молла менен ийшаның.

Шад әйлесең енди халқың кеўлини,
Соңнан соң болады сен менен дәўран,
Ақылжанман, хаққа жеткил бул зарым,
Дәўран енди қысылғанда мәдарым.

Барғыл енди сол залымның үстине,
Егленбегил, мингил, батыр, тулпарың,
Зорлық берген залым енди Шейирхан,
Азат қылғыл халқың залым қолынан.

Қайғырмағыл қалды дейип сен мени,
Ерттирип мен Султан деген катының,
Залым менен сен урысқа киргенде,
Балаларын менен ертип бараман.

Кесип залым зар жылатып басыны,
Қузғын тартып геўделердиң лашыны,
Салғын енди халық ушын күшиңди,
Азат қылып ғәрип болған елиңди.

Аркайын сүрермиз соннан соң дәўран,
Хәр жайларда хабар сеннен, Акылжан,
Тулпарына мингил енди, ғош жигит,
Тоғыз күнде жеткереди атыңыз,
Шейирхан елине барғайсыз аман, —

деп бул сөзди айтып, Ақылжан: — Хәй, батыр, сен атыңды он сегиз жыл минген екенсен, сен атыныӊ тулпарлығын билиппе един? — деди.

— Мен атымның тулпарлығын билмеспен, — деди.

— Сен билмесеӊ, атыӊның туяғын көтер, мен атыныӊ тулпарлығын көрсетейин, — деп аттыӊ туяғының астын қараса, қолдын аясындай белги көринди. — Енди атының шабысын хийлесин билерсеӊ. Атыныӊ шабысыныӊ хийлеси сол, адамзат қанынан бир кесе қан ишсе, атыӊ алты айлық жолды алты күнде алар, — деди.

Ақылжан айым бир кесе қандыТарсанныӊ патшасынын қаны деп атыныӊ аўзына тутты. Ат қанды ишип бир силкинди, бес жасар тай сүўретинде болып, көкке қарап киснеди. Мөтиреге суў салып, аттыӊ шылбырын ериниң басына байлап, «тоғыз күн дегенде атыныӊ қолтығынан жибер сол суўды», деп батырды миндирип, тулпарға, Акылжан бир жуўап айтты:

— Айланайын Курбаным,
Қосша нарым дәўраным,
Калмас сениң әрманың,
Буннан барсаң калмаққа,
Төккил залымның қанын,
Өзим хабардарман,
Жеткизбесе атқа шәрт,
Жығылып калса саған шәрт,
Ат караўын жетирмесен,
Атын кылар намурат, —
Дейип енди бул сөзди,
Айтып енди перийзат,
Минди аттың белине,
Шыкты кызыр шөлине,
Астындағы тулпарға,
Сол ўақтында шуў деди,
Шуў дегенде гүўледи,
Толықсып аққан дәрьядай,
Жүз тоқсанлық жорғадай,
Терең-терең, тереӊ сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Табаны таска тақылдап,
Үзеӊгиси сақылдап,
Күн алты күн дегенде,
Төрт жүз тоқсан карлары,
Бултты бүклеп жаўады,
Жулдыздай ағып жәниўар,
Езиўлигин қағады,
Қарғып енди майданда,
Тоғыз күн тамам болғанда,
Ат бир жерге түседи,
Бир шыракты айналып,
Төрт туяғын тиреди,
Төрт туяғын тиреп,
Хаслан тулпар жүрмеди.

Тулпарын байлап, батыр азлап дем алды. Орнынан турып қараса, иниси Султан батырдың қырық оқ тийип баяғы Шейирхан менен урыс еткен жери екен. Батыр тулпарын минип, залым қалмақтың шәхәри орнында болса барайын деп киятырса, таўдын үсти менен атасы Қара бий, енеси Гежи султан, катыны Мәлийка қубба үшисиниӊ отырғанын көрди. Хайран болып, бул не ушын отырған екен деп, атын туўры қаратып жүрди. Атасы Қара бий еди түйе бағып отырған, анасы Гежи Султан еди қой бағып отырған. Қатыны Мәлийка қубба перийзат кәйин енесине қалмақтың алдынан бир колы уры болып, бир колы қуры болып, хәр күн тамақ әкелип берстуғын еди. Ол батырдың қатаны ер жигитти көрип, кәйин енеси менен кәйин атасына қарап бир жуўап айтады екен:

— Алыстан көринер тағдың дарасы,
Есимнен кетпейди мәрттиң жарасы,
Қайғы кылма перзентим деп, кайната,
Бүгин түсти бизге дәўлет саясы.

Көринеди кара таўдың қаўышы,
Ғош жигиттиң душпанда қалмас намысы,
Айдай болған арысланыңды көрдиң бе?
Жан кайната, бизге бериң сүйинши.

Курбанбек сол ўақытта анасына қарап бир сөз айтып келди:

— Қабыл болар бендесиниң көз жасы,
Айралықта бул пәлектиң гәрдиши,
Көрдим, ата, айдай болған дийдарын,
Жалғаншыда өлмегениң жақсыды.

Сен жыларсаң жан балам деп зар-зар,
Сизден басқа бизди кимлер қайғырар,
Дийдар-қыяметке, ата, қалмадым,
Есен-аман сизлер менен көристим.
Жаным кәәбам, ғарры менен мамалар.

Ўа, солмасын мың гүлиннен бир гүлим,
Шекерден мазалы сөйлеген тилиң,
Қыяметке дийдар қалмай дүньяда,
Көрискеним сениң менен, сәўдигим.

Сол сөзди айтып көрисип:
— Атам түйеде екен, енем қойда екен, ярым сен не хызмет қыларсаң? — деди.
— Мениң хызметим - қалмақтың патшасының алдында пәйекши қылып қойыпты. Кийиз қалпақ басымда, қылқа постын ийнимде, тирсегимнен жеңим жоқ, муңлы күң болып патшаның алдында неше жылдан бери хызметкер едим, — деди Мәлийка.
Сонда батыр турып айтты:
— Мениң келгенимди патшаға айт. Патша мениң үстиме келсин, мениң патшаның үстине барғаным менменлик болар, — деди.
Ол Мәлийка қатыны патшаның алдына жүре берди. Қуптан ўақта патшаның алдына барып, тәжим қылды. Патша:
— Ҳәр мезгил шарап бергениңде намазлыгерде беретуғын едиң, қуптанда келип шарап бердиң, бул шарап қонбайды. Өлең айтып шарап бер маған, — деди.
— Әжеп болар, — деп дусмал менен патшаға бир сөз айтты:

— Мен қылмадым саңа, ханым, назымды,
Алартып қарама маған көзиңди,
Қол салмадың дал мойныма ашықтай,
Он бир жыллар хызмет қылдым өзиңе.
Некемди бузбадың жалған дүньяда,
Қәўипли күн қандай шарап берейин,
Көп жеп едим, патшам сениң дузыңды.

Қайғырмадың уллы халықтың жаныны,
Сен билмедиң ләпте шекер палымды,
Арыў едим журттан артық жаҳанда,
Сен тутпадың шынлық пенен қолымды,
Қәўипли күн қандай шарап берейин,
Көп жеп едим патша сениң наныңды.

Бул сөзди еситип патша орнынан турды. — Мениң сен душпаным едиң, сен маған жаўдың келгенин айттың, — деп қолынан услап, Мәлийка қубба перийзатты ғәзийнеге киргизип, басына тажы-сәўкеле кийгизип, үстине камқадан кийимлер кийгизип, ол қолына он алтын жүзик салып, белине алмас қылышты байлап, сейисханаға барып жақсы тулпардан алып, зәртең-зәбертең ертлеп, Мәлийка перийзатты ертип, жетегине ҳәм бир атты берип, перийзатты өзи хеш кимге инанбай, қаладан шығарып жиберди. Ярымды табарман деп перийзат ақшамында адасып кетти.
Ендиги сөзди патшадан еситиң. Он алты жүз әскерди айдатып, алты топты сүйретип, темир арба қыйратып, ақ әлем де-көк әлем болып, Қурбанбектиң үстине таң ўақтында шығып келе берсин. Батыр уйқылап қалып еди. Атасы «тур»деди, етпеди, анасы «тур» деди, етпеди. «Ҳәр кимниң қыйын күнде өз жаны жан екен» деп атасы кетипти түйеге қашып, енеси кетти қойға қашып. Батыр Қурбанбек жалғыз қалды, қалмақ дабыл қақты. Қараса, қалмақ қоршап алыпты, аты да жоқ, жарақ та жоқ, атына жарағы бәнт болған еди. Зарланып жалғыз қалғанлығына, атының жоқлығына, бир сөз айтты:

— Жалғыз болған жалғаншыда зар урар,
Жалғызлықтан маған дүнья болды тар,
Бас ийеңди таслап жаўға бул күни,
Қуррай-қурай, көзгенеңнен жәниўар.

Қалдым дейип қылдым енди ықтықат,
Қолым байлы, душпан көзи болды шад,
Қалдым енди залым қалмақ ишинде,
Қуррай-қуррай, көзгенеңнен әреби ат.

Кетти мениң ўақтым жетип баҳарым,
Мен жалғызбан, кимге жетер ҳәм зарым,
Ақыл атлы сен сәўдигим жаҳанда,
Енди көрмек жоқты сениң дийдарың.
Жалғыз таслап бас ийеңди, жәниўар,
Үмитиңди үзиппедиң, тулпарым.

Жылай берди ол ўақтында зар-зар,
Тилек қабыл қылды сол ўақ зул жалал,
Төрт тәрепке қарап көрсе сол ўақыт,
Жетип келди сол ўақытта жәниўар.

Тулпарының маңлайынан сыйпалап,
Атқа минди ол батыр да сол мәҳәл,
Айбатынан дүр серпилип қалмақлар,
Көзи қорыққан бурыннан да Шейирхан,
Тар көринди сол патшаға кең жаҳан.
Оң жағына қарап турса Қурбанбек,
Хуршид пенен Әдилханды жетелеп,
Сәлем берди Султан менен Ақылжан,
Ғош жигиттиң бастан кетти енди дәрт.

Ол да бир атын жетелеп,
Келди дейди сол мәҳәл,
Мәлийка қубба перийзат.
Үш қатыны, екки бирдей баласы,
Атланады алтаўы да қалмаққа,
Батыр кирди ғайратқа,
Иши оттай жанады,
Қан қылады қаланы,
Залым туўған қалмаққа,
Аллалап шаўқым салғанда.
Апыр-топыр болады.

Акылжандай перийзат,
Шийрин жанды қыйнады,
Қасиданы қолға алып,
Ханның көзин байлады,
Ханнын қолын байлатып,
Ат алдына салады,
Көп жығынды айырып,
Баяғы нан тилетип турған,
Қарындасы Мақсымнын,
Ақыл деген перийзат,
Мойнына шылбыр байлады,
Патша менен Мақсымды,
Қамшы салып басына,
Жығынды үш айландырып айдады,
Көп қалмақтың басына,
Қара күнлер туўады.
Патша бенде болған сон,
Курбанбекке бағынды,
Қызыл алтын тағынды,
Ышқы оттай жанады,
Курбанбектей ғош жигит,
Атасын таўып алады,
Анасын таўып алады,
Беглерге шарап иширди,
Қалмақтың елин ызғытып,
Жетти байтақ көп ноғай,
Қалмақтың журтында жан қоймай,
Юнан деген қаласы,
Халқын батыр көширди,
Он еки ай, он күнде,
Халқын Юнан деген қалаға,
Батыр алып барады,
Бүлбүл қонды гүлине,
Есенлигин тилетип,
Қурбанбектиң халықлары,
Кирди үйли-үйине.
Залымды бенде қылып,
Қурбанбектей батырдын,
Тарқады кеўлиниң шери,
Той бергизип ел-халқына,
Көпшилик енди жәм болды,
Елдиң айдай жаслары,
Шейирхандай залымды,
Қара топқа байлады,
Мақсымға гезек келгенде,
Ақыл деген перийзат,
Қумар көзди жаслады,
Нәсиятым бар дейип,
Қурбанбектей батырдың,
Қылышынан услады.

Қылышынан услап, бул ислерге себеп болған ислерди айтайын деп, Қурбанбекке бир сөз айтты:

— Арзымды есит Курбанбек,
Бул журтлардың патшасы,
Әй, ноғайлы анасы,
Еди залым Алаўша,
Алтмыш жасқа келгенде,
Сол патшаңыз айныған,
Парахор болды ханыңыз,
Жалахор болды бийиңиз,
Жетим уғлан, тул қатын,
Олар да болды ийесиз.
Кембағал менен бийшара,
Қул болып жүрди байына,
Кембағаллар жылады,
Байлар оға күледи,
Ал патшаның басына,
Келсин енди бәле деп,
Адамларың тиледи.
Ғәрип пенен қурбаннын,
Жетим өскен баланын,
Қул болып өскен елиннин,
Тилеги қабыл болғанды,
Шейирхандай залымды,
Мусаллат қылып қанына,
Алаўша деген патшаны,
Себеп пенен өлтирип,
Журтыңнын енди қалмаққа,
Бенде болмағына,
Патша менен ийшаннын,
Пейли себеп болғанды.
Атаң деген ол сорлы,
Сол молла-ийшанлар,
Сөзлерине инанғанды,
Сениндейин батырды,
Барсакелмес елине,
Жибериўге сизлерди,
Мақсым себеп болғанды.
Ал, гүналылар өлгенде,
Ал, гүнасыз бенде қалғанды,
Залымның гүли солғанды,
Ендиги сөзим бул енди,
Дос билме молла-ийшанды,
Сегбирлер қылды сол Мақсым,
Атаң менен ананды.
Султан қызды алғаның,
Әдилдей бала көргениң,
Мендей қызды алғанын,
Хуршиттай бала көргенин,
Абыхаят қаладан,
Аман-есен келгенин,
Залымлардың қолынан,
Халқыңды азат қылғаның,
Алла себеп болғанды,
Айланайын Қурбаным,
Өлтирме сен Мақсымды, — деп,
Жан-жағына қараса,
Қарабийдей атасы,
Қылыш пенен салыпты,

Мақсым өлип қалыпты,
Ал, Ақылжандай перинин,
Иши оттай жанады,
Ким дос, ким душпан, билалмай,
Енди ғапыл болады,
Тәўекелден көреди.
Мал-дүньяны нетейин,
Қурбанбектей ол батыр,
Уллы майрам той берип,
Халықты ол шад қылып,
Душпанларын мат қылып,
Жети байтақ қалада,
Атасы енди Қарабий,
Әдиллик дәўран сүреди,
Қалмақ деп талап қылмайын,
Қурбанбектей ғош жигит,
Жети байтақ қалада,
Өлгенше дәўран сүреди.
Булар хәм жетти муратқа,
Сизлер хәм жетиң муратқа.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

23-том



# ҚЫЗ ПАЛЎАН

Қыяс жыраў Қайратдинов варианты

*Жазып алған: Жалғас Хошниязов*
*(1973-жыл)*



Ертедеги әййем заманда мусылман ўәлаятында, Хорезмниң жеринде, Әнтакия шәҳәринде, әдети халыкка унады, басына бахыт қонады, тум-туска адым урады, лақабы халыкқа орнады, әдалаты халықтан асып, көргенди саўлаты басып, Әнтакия шәҳәрин Шайқы Әлий деген хан сорады. Шайқы Әлийдиң заманында Әбирсапа атлы бир адам бир адамға еки танап жер сатады. Алған адам жерин айдап жүр еди, гүндесине еки гүзе алтын илинип шықты. Қыянет қылмастан, жер алған адамға алтынды алып барды.

— Хә, жора, мынаў алтын мениң алтыным емес, мен сеннен алтын саўда қылғаным жоқ, жер саўда қылдым, мына алтыныңа ийелик ет, —деди.

Ол адам айтты:

— Мениң ондай алтыным жоқ, кудай сүйген адам екенсең, өзиң ала ғой, — деди.

Алмаған соң ол адам алтынды арқалап Шайқы Әлий ханға барды, түсиндирип айтты:

— Мына алтынды казнаңызға салың, — деди.

Хан айтты:

— Намәлим нәрсени қазнаға салыўға бола ма? Алмайман, — деди.

Ол кетпеди. Кетпеген соң хан ўәзирин шақырып алып: — Мынадай неғайбыл нәрсе кимниң ҳаққы екен? Мәселе қара, — деди. Қазықәлан мәселесин ақтарды. Ақтарып:

— Ондай ийесиз нәрсе әменгерсиз, мәкансыз, ата-анасының дийдарына тоймай жас қалған еки жетим кемалға келсе, соның кәжетине жумсалады екен, — деп рәўият тапты.

Әне, хан ойланып, Ысмайыл ханның Сәлийма атлы қызы ата-анасының дийдарын көрмей қалған жетим еди. Нәдир Мухаммедтиң Әмин атлы улы бул хәм ата-анасын билмеген жетим еди. Еккиси де бәлэхәтке жетип тур еди. Кәўендери аз еди. Әне, еккисиниң басын қосып, бир-бирине неке еттирип, жупты қылып, бир гүзе алтынды шашып, той-тамаша тарқатып, үстине сарай салып берип, саўапқа дақыл болды. Хан айтты:

— Бир гүзе алтынның жатқан жерин бағ етейик. Бағ кемалға келсе, хеш ким хожайын болмасын, жолаўшы, мәкансыз, қаңғымай аш-арықтың бир белгили мәканы болсын, ким жесе ол жесин, соңғылыққа әдалат, абатлықтың нышаны болсын, — деп қарар шығарды. Әне, Әминди сол жумысқа бас етип қойды. Әне, Әмин бағ етиўге киристи.

Әминдейин сәрдардың,
Кеўли тасып йош урды.
Ханның сөзин қабыллап,
Еки қолын қаўсырды.
Халайықты шақырып,
Әдалатты асырды.
Бир қум алтын қолында,
Жетер жерге шаштырды.
Қалаға қақты дабылды,
Жарлы болсаң келиң, деп,
Хабарлап халықты шақырды.
Шықты жағымталлы саза,
Халыққа жол силтеди таза,
Талапкер болсаң кел,-дейип,
Халыққа қақты дағаза.
Қалаға жар урады,
Кеўли әламды орады,
Жесир-жетим қайда бар? деп,
Жеткен жерден сорады.
Аўзына ақ тиймеген,
Жетимниң басын қурады.
Үлги алдырды Хийўадан,
Ақыл қосты гилең маман,
Мың танап жер ўақымлап,
Қосбаўлап тартты қыяман.
Кеўилге келмей қыйлы қал,
Хешкимге салмады зәлал,
Ырзалық алып жумсады,
Гилең ақ жүрекли халал.

Жетти жолдың үстинен,
Атақлы шәҳәр кәнтинен,
Жетпис түрли мийўа екти,
Аш-арықтың күши менен.
Ақылласып урды қадам.
Гилең маман жүз адам,
Жетер жерге бағ егеди,
Әнжир, алма, писте, бадам.
Ылайықлы жерлер ашып,
Алтын ушын журт таласып,
Бир мың танап бағ бөретти.
Бир гүзе алтынды шашып,
Болды алағаўдан заман,
Жигерленди аш аламан,
Бағын тигип етти тамам.
Алтынды жеткенше шашып,
Бағын тигип етти тамам.
Жақсылық исти баслатты,
Төй-тырнағын таслатты.
Жүз жеринен айна қойып,
Сыртынан қорған жасатты.
Хеш нәрсе жоқ теңи-тайға,
Бина болған екен қайда,
Төрт жерден дәрўаза қойып,
Жүз жеринен қойды айна.
Атқайсаң деп бир жарық таң,
Болағойғай мүшкил асан,
Бағын егип тамамлады,
Аты айналы Жаҳан.

Көргенниң болды кеўил жай,
Ешбир жерде жоқ тени-тай,
Күн санап кемалға келди,
Нәўшелер жетилип айма-ай.
Тазаланды, кеңейди жол,
Мәкан етти жетим хәм тул,
Бағ жетилип кемалға келди,
Арадан өтти алты жыл.
Жетим-жесир салды күшти,
Шақа жайып өнип-өсти,
Күн-күннен лалазар болып,
Жетпис түрли мийўа писти.
Жетпис түрли ғоза байлап,
Түрли-түрли гүл ашылды,
Тоты қуслар, бүлбүл сайрап.
Көргенлер ериксиз қайырылып,
Көргенниң көзи тоймады.
Жетим-жесир қуўанысып,
Мийўа жеп, күлип-ойнады.
Түскен шилтердиң нәзары,
Хешкимге жоқдур хазары.
Шыққан хәр түрли мийўа,
Ойын-күлкиниң базары.
Шайқы Әлий халықтың ханы,
Мийўаның жоқ екен саны,
Қанша жесең ада болмас,
Ашық-әшираттиң мәканы.
Ашты жеткерген шағына,
Мехрибан гедей тобына,
Аты Айналы Жахан,
Мегзер жәннеттиң бағына.
Халайыққа болды дарқан,
Мәкан тапты ҳарып-талған,
Қанша жесе пул алмайды,
Аш-арық болды абадан.
Куртпақшы елден ялғанды,
Қоллады гедей, дийқанды,
Отырықшыға тыйым салып,
Сыйлады сорап барғанды.
Талабы алға уласты.
Рахмет айтты қол асты,
Барғанларға мутқа берип,
Халайыққа кең жол ашты.
Бийинсапқа айтты нәлет,
Қасты оның бийкәнәәт,
Өтирик сөйлегенди атып,
Орнатты бағында әдалат.
Аш-арыққа нәзер салды,
Жыйнап ақ жүрек, халалды,
Басшы болып Әмин бағман,
Он жыл халықтан алғыс алды.
Сәлийманың түрин көрген,
Бийхуш болар көрген жерден.
Иләхийда жеткен қәдир,
Жасаған таза бағында,
Жети рет көрди ләйләтир.

Халыққа шарапаты молды,
Кәмбағалға жапты қолды,
Халайықтың кеўлин жайлап,
Кеңнен ашты гүзар жолды.
Халайықтың ықласынан,
Сәлийма айым жүкли болды,
Халықтан қайғыны қуўды,
Максетини алла берди.
Тоғыз ай, он күн толғанда,
Келисикли сыйлы-сәнли,
Таңқаларлық жүзи қаллы,
Жети жерден нышаналы,
Ат басындай бир ул туўды.
Нәзер етип қараса,
Түри ағла поррықтан.
Қарсы алдынан қарасаң,
Арыслан да қорыққан.
Хәзирети Нур нәзер салған,
Шәрапат жетискен молдан,
Пешенесин байқасаң,
Бәлки зыят қырқ улдан.
Дуўа тийген батырдан,
Халайыққа болар қорған.
Қуўанысып кемпир-ғарры,
Атын қойыпты Қәдирдан.
Қабыл алды ма бир қудай,
Көргенниң болды кеўли жай,
Дүньяда жоқдур тени-тай,
Ойын-күлки тамашалап,
Арадан өтти тоғыз ай.
Сәлийма қурсақ көтерип,
Улына қосшы болғандай,
Халықтың кеўли толғандай,
Қарсыласқан душпанды,
Қазық қылып қаққандай,
Қыйын қыстаў жерлерде,
Елди жаўдан баққандай.
Бир қыз туўды Сәлийма,
Мысалы толысқан айдай.
Қуўанысып ата-анасы,
Атын қойыпты Толғанай.
Халайықлар той тойлады,
Ата-анасы қуўанысып,
Улы-қызы дасқал өсип,
Балалық ойын ойнады.
Нышаналы туўры баста,
Тоқтар емес таўда, таста,
Балалық дәўраны өтип,
Келди он төрт-он бес жасқа.
Сын-сымбатын көргенлер,
Дийдарына тоймады.
Тула бойын күш кернеп,
Қанасына сыймады.
Ханзада менен байлардан,
Айбынып сөзин тыймады.
Батыр менен қарсыласып,

Жигери тасып қайнады.
Мақсети болып батырлық,
Қарыў-күшин жыйнады.
Аты-шыққан палўан менен,
Гүресиўден таймады.
Ерлигиниң белгиси,
Өлсе де сөзин шаймады.
Батырлыққа жол баслап,
Садақ атып ойнады.
Қумарытып гүрести,
Көзи оттай жайнады,
Ағайинли екеўи,
Күш сынасып барлады.
Ғәрип кеўли тасады,
Күш сынасып батырлар,
Майданда жағаласады.
Аянбастан бир-бирин,
Айыў киби басады.
Ашыўланса ағасын,
Телпектей зыңып таслады.
Көрсетип күштиң сағасын,
Көргенлер услап жағасын,
Күшин сынап Толғанай,
Ылақтырды ағасын.
Күш сынасты қупыяда,
Өскен еди бир уяда,
Толғанайдың қарыўы,
Нәтийжеде зыят келди,
Ағасынан еки есе зыяда.
Мерекеде байрақ алып,
Ҳәсылдан кийип жасанып,
Қаралпақ жерин айланып,
Палўан менен гүрес салды.
Адам қыялмас ураны,
Батырлық мақсет-мурады.
Қарыў-күши толысып,
Жигирма жасқа толады,
Атасы Ысмайыл ханды,
Ғайрат-күшин халық таныды,
Қарақалпақ, өзбекте,
Қыз палўан дейип атанды.

Жигирма жасқа толғанда,
Қадирданның айбаты,
Бир шәҳәрге қорғандай,
Қарсы алдынан қарасаң,
Алты жасар қапландай,
Ҳәр бармағы бир аршын,
Қулақлары қалқандай,
Балтырының түклери,
Сегиз тилли арқандай,
Қәҳәрине мингенде,
Шаншылады бақандай,
Турпатына қарасаң,
Қозғамай он жыл баққандай,
Ерлик исин байқасаң,
Ертеде өткен Қобландай,
Арыс янлы ақ билек,
Жудырығы тоқпақтай,
Қарсы келсе қас душпан,
Қазық қылып қаққандай,
Дуўры келген нәзерине,
Қорқып бенде болғандай,
Зейинине тийгенниң,
Қыйнап жанып алғандай,
Ғайрат-күшин байқасаң,
Қырқ мың жығын қорққандай,
Адамзаттың жаўы ушын,
Құдайым арнап соққандай,
Душпан менен айқасса,
Әрмансыз қурышың қанғандай,
Жаўға қарсыласқанда,
Малға жолбарыс шапқандай,
Тамашаға балларды,
Ылақтырады сақпандай,
Түсиндиң ҳаслы-затына,
Бес қуралын асынып,
Минди тулпар атына,
Тамаша етиң, яранлар,
Толғанайдың саўлатына.

Халайыққа аты нашар,
Жүзлеринен гәўҳар шашар,
Айбаты жүз мыңды басар,
Нәзер етсең ажарына,
Бийҳуш болып, кеўлиң тасар,
Түрин көрсе қарсы душпан,
Тым-тырақай болып қашар,
Келе бойын анықлап,
Көрген жигитлер бир жасар.
Ақ суңқар өскен қыяда,
Тай келгендей Рустем шаға,
Пешенеси Толғанайдың,
Мың қыздан өзи зыяда.
Тулғалы жигер сойлары,
Шынардай кәдди бойлары,
Жетимлерди қуўандырып,
Шығыў мақсети-ойлары.
Ашық болды жарлы, байы,
Гүрес тутыў мақсет-ойы,
Жамалына қарасаң,
Қарақалпақ, өзбектен,
Табылмайды тең-тайы.
Жигери тасып қайнады,
Жүзлери гүл-гүл жайнады,
Еси-дәрти батырлық,
Ағасына жарысып,
Белине садақ байлады,
Қайда барса жарысып,
Изинен сирә қалмады.
Тутынып батырлық кәрин,
Белге байлап зулпықарын,

Жылағанның қуўып арын,
Минди батырлар тулпарын,
Еренлерден тийди мәдат,
Белге байлап жәўхар полат,
Басшы болып атланады,
Толғанайдай перийзат.
Белине садақ орады,
Ағайинли екеўи,
Сән-салтанат қурады,
Хорезмди айланып,
Тум-туска адым урады.
Жигирмаға толды жасы,
Батырлық нийет-ықласы,
Адасқанды жолға салыў,
Толғанайдай қарындасы,
Солдур нашардың султаны,
Тапты хәр түрли олжаны,
Қос батыр дейип атақ алды,
Қарақалпақтың бек қорғаны.
Күн-түни ат шабылды,
Душпанлар пүтин бағынды,
Лақабын сорсаң қос батыр,
Жаханға түсти дабылы.
Шықты еки сахибқыран,
Лақабын сорсаң Қыз палўан,
Дабылына жер тиксинди,
Ат шабысты бәлент таўда,
Батырлардан алып саўға,
Көз жиберип қарап жаўға,
-Қайда бар,-деп,-жәнжел-ғаўға,
Садақ атысып жүреди,
Еки батыр жекке таўда.
Қарсы алдынан дуўшар болды,
Сексен-тоқсан жасы бар,
Ғарры арыслан келбетли,
Суўқабақтай басы бар.
Еки көзи қызарған,
Жумақтан ақ шашы бар.
Қазаннан қара реңли,
Көзин жапқан қасы бар.
Зикир санасы тилинде,
«Ҳақтан» деген сөзи бар.
Ақ таяғы қолында,
Шеккени шөлдиң жапасы,
Жайлаўдан кеткен жағасы,
Ақ сәллеси басында,
Пайғамбардың нышанасы.
Ақ ешеги астында,
Жел тербеткен сақалы,
Дуўшарласты бир баба,
Қолында сырлы ҳасасы.

Қәдирдан батыр бабаға сәлем берди, баба батырға қарап бир зат айтты:

— Нәзер салды саған, бир нәўпи кәлам,
Саған дуўшарласқан Әхмиден бабаң,
Билгенимнен бир-еки аўыз сөйлейин,
Өмир саўданыздың барысын аңлаң.

Дуўшарласты саған бир күшли уран,
Ақыл болсаң бизден мақсетин сораң,
Қылышың қырқ мың жаўдан таймайды,
Саған қосып берди бир сахибқыран.

Анаңыз көргенде Ләйлатур Қәдир,
Тенеңе күш кирди қырқ мыңға татыр,
Батыр халқы саған дәды жетпейди,
Атың буннан былай Дүнья-Баҳадыр.

Алмай қойма қай шәҳәрге ат салсаң,
Еренлер әйледи мүшкилиң асан,
Тоғыз жыл тулпарын қайтпай шабады,
Оннан арман алдың туйық, аңласаң.

Беккем байла саўытыңның түймесин,
Ғапыллықта хеш мийнетиң күймесин,
Нашардан жолыңды бөлек салғайсаң,
Қатарыңнан арқаң жерге тиймесин.

Қас душпаның айбатыңнан баталмас,
Қарсыласып хешким қолын қаталмас,
Тоғыз жылға қылышыңды тартпай шап,
Дүньяда жүз жылдың әрманы қалмас.

Нәзер салды саған Қәдир-Жаббарың,
Қарғағанда тастан өтер қәҳәриң,
Адам улы асыла алмас жағаңнан,
Тоғыз жыл тоқтамай шабар тулпарың.

Ўақтынша аманат бендениң жаны,
Балам, әдеп жүрер жолыңды таны,
Нәсиятам, соны ядыңда сақла,
Қай жерде жерге тийсе жаўырының,
Саған келген сум өлимниң хабары.

Ашылмаған таза гүлиң солғаны,
Жалғаншыда пайманаңның толғаны,
Қай жерде жерге тийсе жаўырының,
Тап сол күни өмириң тамам болғаны.

Айрылмас досларың-душпан айланар,
Халықтан наҳақ күйе жағылар,
Қарындастан соқпағыңды бөлек сал,
Қыз баладан хәр гәремет табылар.

Әлқысса, бабаның бул сөзин еситип,
Батыр таўдай тасып толды,
Кеўли қайнап йошты,
Халайықтың жолында,
Шыбын жаннан кешти,
Душпан тилин алмады,
Шаршап билеги талмады,
Ел арасын сығалап,

Бузыкларды аңлады,
Қос батыр деген даңқынан,
Дағы-дашлар жаңлады,
Айналы Мәнзил қаласы,
Душпанды куртыў наласы,
Қара таста тоқтамас,
Қолында пәрең найзасы.
Атын зербап пенен жаўып,
Халыққа кеңнен жоллар таўып,
Оң ийнине кийеди,
Батырлар бадана саўыт.
Қылышын өткир кайратты,
Алтын менен қаплатты,
Жаўды деми тартсын деп,
Қызыл каннан таплатты.
Уңғысы пәрең найзасын,
Қарағайдан саплатты,
Ҳазар берип қол талмас,
Дарыған жерде жан қалмас,
Аш белине иледи,
Испаханы ақ алмас,
Қаст еткен шығар қор-зары,
Қолында кескир жаўҳары,
Айдарҳадан кем емес,
Астында кара тулпары.
Залымларға ат айдап,
Қанын суўдай кайнатты,
Халық жаўына усынып,
Қолында қылыш жайнатты,
Ел бузыўшы саяқтың,
Үстинде ат ойнатты,
Қарсыласкан қанхордың,
Тартып қолын байлатты,
Қыйсық пенен бузықты,
Гүркиретип айдатты,
Ерлик иси асқынлап,
Жайылды елге атағы,
Халыққа сыры танылып,
Қыз палўан деген лақабы,
Мәлим болды халыққа.
Белине қаранын минеди,
Жесир менен жетимниң,
Кем-кемнен гүлленди бағы,
Аш-арықтың жолына,
Барлық өмирин арнады,
Бузық пенен қыйсықтың,
Төслигинен қарнатты.
Қыз палўан деген дабылын,
Шахимардан қоллады,
Аталық пенен найыптың,
Жүреклери суўлады.
Аш-арыққа зыянкести,
Қояннан бетер уўлады,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Тилегинде шуўласты,

Халайықтың әўлады,
Езилгенниң жолында,
Белли курбан болады.
— Халыққа зулым қайда бар?—деп,
Билгенлерден сорады,
Аксакал менен болыстың,
Жолына тыйым салады,
Күш-ғайратын көргенниң,
Жүдә мийири қанады,
Қыйсық пенен бузықтың,
Өкпесин сығып осады,
Аўыл-елди аралап,
Жасырын жолын тосады.
Жылағаннан ҳал сорап,
Ашларға басын косады,
Жигери тасып халласлап,
Күши дәрьядай тасады.
Атасындай ҳүрметлеп,
Жетимниң ҳалын сорады,
Еркин берип халықтың,
Жағымлы жол ашады.
Қарақалпақ, өзбектиң,
Абадан болды қол асты.
Қытымыр менен менменге,
Соққы берип айқасты.
Тутып қатты сиясат,
Күн санап ерлиги асты,
Менменсиген батырлар,
Түрин көрип тура қашты,
Бай баласын, беглерди,
Көрсе, саўлаты басты,
Жетер жерди айланып,
Талқан етти дағы-дашты.
Қарсыласқан батырдың,
Қызыл қанын суўдай шашты.
Айналы Жаҳан бағына,
Аш-арықтың басын қосты.
Қарақалпақтың жаўына,
Жетистирди апатты,
Ерегиссе бир залым,
Геллесин оттай ғаўлатты,
Атырмақ елге жарық таң,
Әнтакия шәҳәрине,
Гүлленбекте жер жаҳан,
Мерекеде гүрес тутып,
Атанды елге «Қыз палўан».
Халықты жаўдан бақлады,
Жаўды жеңип саплады,
Қарақалпақ, өзбекти,
Алты жыл жаўдан бақлады,
Көрген жанның мийри қанды,
Дос-душпанды қуп таныды,
«Қарындасы менен жүр» деп,
Сарсық сөзлер жаныды.
Ойлап батыр караса,
Ырасында анығы,

Күлисипти ел-халқым,
Жайылыпты жаман даңқым,
Изиме ертип үкемди,
Байламайын оның бағын,
Обалына қалмайын,
Өнип-өсетуғын шағын.
Айра салып жолымды,
Басын оның бослайын,
Тауып алып соқпағын,
Басын қосар бир қатарын,
Ойлап-ойлап қарасам,
Арқалаппан халық насағын,
Сықақ қылып сыртымнан,
Күлисипти-аў дос-душпаным, —

деп қарындасы ержеткен соң, оған қарап нәсиятлап, Қәдирдан батыр бир зат айтыпты:

— Ер жигитке мудам керек намыс-ар,
Бабамыздан қалған белгили гүзар,
Айып көрме қаналасым, жан сиңлим,
Айтатуғын бир-еки аўыз сөзим бар.

Нәмәрт жигит жолдасына қарамас,
Қыйында қайырылып ҳал-жай сорамас,
Өмир саўдасының базары келди,
Буннан былай бирге жүриў жараспас.

Енди жолыңызды салыңыз өзге,
Зейининди қатаң салың бул сөзге,
Ақыл болсаң бул сөзимди куп тыңла,
Ата-ананңнан қалған мийрасты гөзле.

Билип сөздиң салмағын,
Қарындасы не деди:

— Билмедиң, ағажан, жолыңның тарын,
Анласаң, аз еди сениң досларың,
Меннен айрылсаңыз халың мүшкилди,
Мен едим, жан аға, сениң қорғаның.

Саўатыңның көрки еди бек жаға,
Пәрманлап басарың полаттан таға,
Бул дүньяда мен ғой беккем қорғаның,
Алдында қыйынлық көп ғой, жан аға.

Ағасы:
— Нашар менен жүрген талабы оңбас,
Халайық мин тағар, сөзге нанбас,
Өмир саўдасының базары келди,
Мениң панайымнан суўсының қанбас.

Ўақтынша аманат бенденің жаны,
Көп болғай жигиттиң жейтуғын наны,
Сениң менен жүриў нырққа сыймайды,
Атлан қарындасым, жолынды таны.

Қыз палўан:
— Қара шашым бестен таллап өрейин,
Қайда барсаң кейиниңе ерейин,
Тирилик керек болса, меннен айрылма,
Қайсы жаўларыңа көмек берейин.

Менмен болма, аға, аллаға сыйын,
Отқа түсесең ғой, табалмай жүйин,
Аға, меннен айрылмасаң болмай ма?
Сиңлиңнен айрылсаң аўҳалың қыйын.

Қәдирдан айтады:
— Буннан былай мениң билегим талмас,
Душпаннан айбынып жүзлерим солмас,
Қарындасым, мениң ушын жылама,
Әзели ис болса, болмайын қалмас.

Бул дүньяның керек заты кеўил-хош,
Маған ерсең күлки қылар яры-дос,
Мениң ушын зая қылма өмиринди,
Бир қатарлас теңлесиңе басың қос.

Қыз палўан:
— Табағың шайпалса қайтадан толмас,
Мени басшы қылсаң жүзлериң солмас.
Анламайсаң, алдың туйық көринди,
Сиңлиңнен айрылсаң талабың оңбас.

Қәдирдан палўан:
— Енди бизден қашық етиң аранды,
Дос-душпаным жаппай турып жаланды,
Қарындасын ертип жүриў жараспас,
Аўлақ қашып, көтсетпегил қаранды.

Әлқысса, қарындасын,
Ағасы дәлилден утты,
Қайғы менен қанлар жутты,
Дәлилге тутып,
Алды сиңлисиниң айын,
Қайыл болды жеккеликке,
Яд етти қәдир қудайын,
Нәтийжеде Қәдирдан,
Душпанға берди қолайын.
Басына қыйын ис түсти,
Ағасынан тапты күшти,
Қапалықтан үни өшти,
Ағасына ашыўланып,
Бир-биринен айра түсти.
Өзли-өзинен күйип жанды,
Ада болмас қайғы салды,

Айткан зары тыңланбай,
Ағасынан көўли калды.
Толды жигирма жасына,
Хош-аллияр айтысып,
Кетти хәр ким бас-басына,
Айбатынан сескенип,
Қатар-қурбы жигитлер,
Толғанайдай арыўдың,
Келалмады касына,
Керек болды бир ғош жигит,
Зорға сыйды қанасына.
Жигери тасып қайнады,
Қатар-қурбым келер ме деп,
Өзин безеп таярлады,
Сүрме салып шашына,
Осма қойып қашына,
Өзин таза сақлады,
Қатар-қурбы жигитлер,
Жантаспады касына.
Қорқытып алған айын,
Жолын күтип төкер шайын,
Сәскендирген жарлы, байын,
Айбатынан баталмай,
Келе алмады тени-тайы.
Ойнатады Қаражалды,
Барлық халықтың көўли қалды.
— Мықлы жигит қайда бар, —деп,
Уятты қойып, тумлы-тусқа хабар салды.
Атақлыға соқлығып,
Үйлерине жақын барды.
Қарақалпақ, өзбектен,
Жарағандай дәртине,
Қатар жигит хабар алмады,
Жақын жигитлер бармады.
Жас жигит деп зейини аўып,
Ийни келсе қустай қаўып,
Қарақалпақты айланып,
Тумлы-тусқа ат шаўып,
Мейилли жигит таппады,
Ийни келген жеринде,
Елдиң мерекесин саўып,
Жата берди Толғанай.

Ендиги сөзди Кәдирданнан еситиң. Батыр салтанат тутып, жетер жерди талқан етип, аты белли алпыс батырды бағындырып, сырын билмей сағындырып, ақыл-есинен таңдырып, қара тулпарын бағып, Айналы Жаханнан мийўа қағып, шет-шебирден олжа таўып жатыр еди. Таң уйқыға қосыла қулағына көктен бир саза келеди:

– Дүньяйы бахадыр, жатпа бир жерде,
Жумысың түсип түр бир қайсар ерге,
Асығыста атлан Бухар шәхәрине,
Алыс жолдан саған қандар көринди.

Мысал алғыр суңқар, өскен қыяда,
Азаймағай ырыс-несийбең дүньяда,
Мәртебеси жети есе зыяда,
Бир уллы хан саған қандар көринди.

Нәзер етсем, алдың бийик, артың жар,
Душпаныңда кетпегей-дә намыс-ар,
Күш-қайраты Әлий менен барабар,
Қубла бетте күшли қайсар көринди.

Бухарда мықлы еки сениң душпаның,
Азайған көринди ырысқың, нышаның,
Тәниңнен шығарар, бахадыр, қаның,
Асықпасаң, алдың ойран көринди.

Қарсылассаң жетпей қалмас пәрманың,
Ғапылда кетпегей иште әрманың,
Қолайға келтирип төкпегей каның,
Байқап көрсем, тилли сәрдар көринди.

Талабыңды қырқ шилтенлер қолласын,
Абайсызда пайманаңыз толмасын,
Ләшкери үстине тайын болмасын,
Душпаның қамалап алды өзиңди.

Әлқысса, жаман сөзге жан секирер деген, еситип буны Кәдирдан батыр,

Ыңыранып жайдан турады,
Ашыў керnеп тенесин,
Таллай мойнын бурады,
Халлас урып көўили,
Әтирапты шолады,
Шийрин жаны сескенип,
Көзи қанға толады.
Қаны тасып қайнады,
Көзи оттай жайнады,
Урысқа өзин қолайлап,
Белине шынжыр байлады,
Сөзи келип қулағына,
Қорқыныш салып ядына,
Суў куйып көңил шадына,
Излемеге душпаның,
Тажына шекти атына.
Безепти қара тулпарын,
Ийнине илип жәўхарын,
Жолға шықты батырың,
Излемек болып қандарын.
Яд етип сал-сал ураның,
Белге байлап бес қуралын,
Сегбир салып баратыр,
Ийнине салып жәўхарын.
Туқтыйын байлап белине,
Қалқанын белге шалады,

Қәдирданның саўлатын,
Көрген естен танады,
Кетпекши болып Бухарға,
Бар ғайратын салады.
Найзасын кесе өңгерип,
Басын мыңға теңгерип,
Әреби атқа жем берип,
Тажына шекип баратыр,
Найзасын кесе өңгерип.
Атқа қурып сиясатты,
Безендирип әреби атты,
Сердалы ханның журтына,
Аттың басын қаратты.
Сәўле шашып жарқырап,
Белде жәўҳар полаты,
Дәрья киби кеўли шағлап,
Досын, душпанларын бақлап,
Ай ойнатып баратыр,
Әмиўдәрьяны жағалап.
Белини беккем байлады,
Жай тасындай жайнады,
Астындағы тулпары,
Өр қояндай ойнады,
Жаздырмастан сум әжел,
Қақпанға туўра айдады.
Талқан етти таўдың тасын,
Кесип талай жаўдың басын,
Нәзер салып қараса,
Батырдың көзи шалады,
Бир минардың қарасын.
Нәзер салып жән-жағына,
Бақлап қарасы-ағына,
Он бес күнде барып минди,
Ордазы деген дағына.
Араласты батырың,
Бухараның халқына.
Көп жолдың хазары батты,
Гәҳи жүрди, гәҳи жатты,
Сыр билдирмей ҳешкимге,
Аралап еллерди ат шапты,
Айыралмай душпан-досты,
Жигерленип қайнап йошты,
Түрин көрин басқа журттың,
Үркип, реңки ушты.
Бағының гүли шайланып,
Сиясат қылып айланып,
Ат ойнатып баратыр,
Бухараны айланып.
Қулағын салып тыңлады,
Жақсы-жаманды аңлады,
Бухарада ат ойнатып,
Дүбиринен жер жаңлады.

Қас еткенин шапты туўрап,
Күш-ғайраты қардай борап,
Төрт тәрепин талқан етти,
Бухараның ханын сорап.
Ҳарып-шаршап, талмады,
Қәўипли жерин талқанлады,
Бәлент-пәсин талқан етип,
Арнап келген душпанларын
Ҳешбир жерден табалмады.
Ерлиги асқан ер еди,
Сыйынғанларға пир еди,
Сол ўақта Бухардың ханын,
Барақ әмири дер еди.
Қылғынып тур қанлы дары,
Адам сойған жәлладлары,
Умара, бий, сәрдарлары,
Аталығы, найыбы,
Қусбегиси, жәллады,
Төрт жүз тоқсан қол қанаты,
Тум-тусында таяр еди,
Қәдирданның ойқанынан,
Барлығы бийхабар еди.
Ханның тоғыз түлик малы,
Жарық көлде отарда,
Төл қамаған көлбары,
Шопан менен падашы,
Жылқыманы, сәрўаны,
Жарық көлди жайлар еди.
Үйирип жылқы айдаған,
Жебеге қулын байлаған,
Хан-инақтың ғамы ушын,
Боза, қымыз таярлаған.
Қорған жасап алыстан,
Кең даланы жайлаған,
Бес жүз қулы бар еди.
Жаў-жарақлы, салтанатлы,
Хан айбатлы, қол қанатлы,
Қылыш, найза, жаў-жарақлы,
Сәркардасы, басшысы,
Үш жүз нөкери бар еди,
Нөкерлердиң басшысын,
Сәрдалы әмир дер еди.
Ишиндеги батырын,
Билеклери арыстай,
Балтырлары талыстай,
Урыс жайға шыққанда,
Жүз адамға тайма-тай,
Илаҳийден арнаўлы,
Қарыў-күшке жүдә бай,
Қутайба Арыслан дер еди,
Ханның отар жайының,
Қараўылы солар еди.

Басып қурап Хорезмнен мың атлы жаў киятыр, деген езим-сезим хабар таўып, Ғыждыўан таўынан қараўыллап қайтайық деп нөкерине буйрық берип, Қутайбаны ертип, Сердалы төре жаңа жолға түсип еди, алдынан бир түри бөтен атлы көринди. Нәзер салып қараса, бир жигитти көрди:

Қап тауындай минген аты,
Тауды басар сиясаты,
Бир шәҳәрдей ҳүжим-пәти,
Қара таска тийгенде,
Отлар шашқан туяғы,
Тас төбеге алыпты,
Қайшыланған қулағы,
Айдарҳаға мегзеген,
Астындағы қара аты.
Ат үстине қараса,
Ылайықлы бир батыр,
Бир шәҳәрге қорғандай,
Қарсы алдынан қарасаң,
Алты жасар қаплandай,

Бармақлары бир аршын,
Қулақлары қалқандай.
Муртларының хәр түги,
Сегиз тилли арқандай,
Арыс янлы ақ билек,
Жудырығы тоқпақтай,
Қарсы келсе қырқ мың жаў,
Қазық қылып қаққандай,
Менменлерге ылайықлап,
Қудайым арнап соққандай,
Ашыўына дуслассаң,
Қудайынан тапқандай,
Қалың жаўға ат қойса,
Малға жолбарыс шапқандай.

Сердалы төре түрин көрип, асып-сасып, бир қаншасы сылтаў тауып тура қашты. Сердалы төре айбат шегип жақынласты. «Қорыққан бурын жудырықлайды» деген, айбатынан, атынан қатты сескенип, батырдың алдын орап, халынан, атынан саўал сорап, Сердалы төре бир зат деди:

— Ат шаўып ҳарыпсаң қыядан-даштан,
Асығыста себил болыпсаң яштан,
Жасырмастан айта бериң сырыңды,
Қайсы ханға сапар әйлеген душпан?

Хабар билдир, жақыныңнан, жатыңнан,
Елиң-халқың, исмиң менен атыңнан,
Жасырмастан айта бериң сырыңды,
Геўдең жуда болмай турып басыңнан.

Тулпарыңды аянбастан желесең,
Айбат қылып қылышыңды кересең,
Жасырмастан айта бергил сырыңды,
Мақсетиң не, қайсы журттан келесең?

Сайсыз дәрья кешкен неткен жандарсаң,
Тумлы-тусқа мойның бурып таңлайсаң,
Жаның барда мақсетиңди баян ет,
Бухарада кимлер менен қандарсаң?

Еситип Кәдирдан, нағыз душпан екенин аңлап, қарыў айтып сөзден қалмай, тайсалмай сөзине келтирип қолай, қыр көрсетип байларға қалай болса солай, не жуўап айтып тур, жүреги суўлап жалынбай:

— Аңласам түриң, нышаның,
Қыр көрсетти ме душпаның?
Ҳаслы-затым сорасаң,
Әнтакия шәҳәринде,
Улыман Әмийин ханның.
Айналы Жаҳан бағынан,
Хорезмнин пайтағынан,
Сапар тартып киятырман,
Қарақалпақтың халқынан.
Жети рет түскен Ләйлатур,
Түрим нәтийже аңлатар,
Әнтакия шәҳәринде,
Лақабым Дүнья Баҳадыр.
Жигери тасып қайнаған,
Белине садақ байлаған,
Ерлик исин үлетип,
Елдиң ғамын ойлаған,
Елдиң ишин талқанлап,
Халықтың жаўын қоймаған,
Ел қорғаны мен,-дейди.
Маңлайдан төктим ҳадал тер,
Халқым ушын ат шаўып,
Қайтпайтуғын қайсар ер,
Саўлатымды көргенде,

Душпан кеўли қара жер,
Сапар тартып келемен,
Ханыңа мен талапкер.
Душпанбысаң, доспысаң,
Ханың қайда, жуўап бер?
Дүньяның жүзин шоламан,
Атым Кәдирдан батыр,
Күшиме быйыл толаман.
Әнтакия шәҳәринде,
Әмийин шахның улыман.
Лақабым Кәдирдан батыр.
Бухараның ханына,
Арнап келген талабан.
Арнап келдим мен билқаста,
Қандар билдим озал баста,
Душпанбысаң, доспысаң,
Қайда ханыңыз, жол басла?

Әлқысса, еситип Сердалы батыр,
Сөз мәнисин байқаса,
Гәптиң жубы ашылды.
Жүреклери шоршынып,
Мәртлик сөзден басылды,
Кәдирданның сөзлери,

Жүреклери жарылды.
Ерлеримди саплатты,
Ерксиз қолын байлатты,
Үйир толы жылқымнан,
Қәлегенин айдатты.
Қабыл етпей наламды,
Қанға былғады сай-саламды,
Алып кетти жылқы айдатып,
Аты шыққан қырқ адамды.
Ишиме толды әрманым,
Тәнимнен кетти дәрманым,
Малы-бақтым жолыңа,
Сол душпанның кейнинен,
Қуўармысаң палўаным?
Жүрер сокпағыңды таның,
Айтқан сөзлериме наның,
Алдыңа усынды ханың,
Мақсетимди орынласаң,
Сол батырдың кейнинен,
Қуўармысаң еки арысланым?
Астыңа тулпар миндирип,
Жарақ берсем қолыңа,
Алып келсең шығарсаң,
Абырайдың молына,
Алып келсең жаўымды,
Малы-бахтым әшейин,
Бағыш болсын жолыңа,
Танытарман толы журтқа,
Таптырарман керегиңди мутқа,
Душпанымды тутып берсең,
Пайтағыма боласаң тутқа.

Әлқысса, еки батырдың қуўанышы қойнына сыймады. Көриниси бәлент таўдай, туўрылап келген апаттай, балтырлары талыстай, түрин көрсең Гөҳикаптай, ҳәр көзлери пияладай, ғайрат-күши мыңға тай, буйым демес бести-онды, күш-қарыўға жүдә бай. Дүньядағы менменге, айрықша жасаған қудай. Әмир тағай Баҳадыр, патшалықтан сақлаған, көргеннің зәрресин алған, Ҳайран, Беҳиран деген палўанлар ханның сөзин еситип, хызметин бәржай келтирип, батырлар бир зат айтқан екен:

— Минген атым қара жал,
Басыма түсти ғалма-ғал,
Ерлигимди айтайын,
Ханымыз, маған қулақ сал.
Ханды қорлаған ердиң,
Гүнасын Алла өтер ме?
Хан сыйламай бир ерди,
Мақсетиме жете ме?
Жөнсиз еткен жаманлық,
Көкейиңнен кетер ме?
Силтеген жерге бармаса,
Оннан нәтийже өнер ме?
Жолыңда гүлдей соламан,
Душпаныңның жолында,
Өлгенше мен таламан,
Мықлап берсең сыбағамды,
Жанымды қурбан қыламан.
Аңладым исиңниң жайын,
Ойласам келипти қайым,
Хызметиңди айта бер,
Қайда буйырсаң мен тайын.
Қорқып жолдан қайпайман,
Сырыңды жанға айтпайман,
Мықлап берсең сыбағамды,
Жаўыңнан басымды тартпайман.
Ашылған бағда гүлзарым,
Душпаныңнан өнер арын,
Мықлап берсең сыбағамды,
Хызметиңе жумсайман,
Қарыўымның ҳәрне барын.

Еситип оны Барақ хан,
Сөзине мийри қанады,
Тымсалын сөздиң алады,
Қуўмақ болып намыс-арын,
Тайынлатты жаў-жарағын,
Безендирип арғымағын,
Жасаўыллар атландырып,
Қәдирданның кейнинен,
Хан буйырды қос палўынын.

Әлқысса, Ҳайран, Беҳиран, еки батыр қуўып кетти. Ал, енди сөз мынадан басланады. Сол заманда Бухарада Тас медресе деген болады. Баҳаўатдин деген пир болады. Кеминде мың ярым, еки мың бала оқыўшысы болады. Ҳәбийбилла шайқы деген устазы болады. Бул әдаўат олардың да қулағына тийеди. Ҳәбийбулла шайық устазы еки мың баланың басын қурап, мынадай сөз айтады:

— Әй, бәтшелер, ел шетине жаў келип атыр деген хабар бар. Елге жаў тийип атырса, тым-тырыс отыра берген кәпир деген рәўаят та бар, бизлер я кәрамат көрсетпесек, я қылыш алып жаўға тиймесек, мусылманшылығымызға шек келеди. Соған биз де азмаз үлесимизди қосыўымыз лазым. Қәне, соған ақ кеўилиңизди ашып, ғайратыңыз таўдай тасып, халқымыз ушын жаныңыз ашып, аяўсыз ат шаўып, жети күн хызмет етип қайтқандай бир жеделли мәртиңиз бар ма? Лекин, бийабырай болмайсыз,—деп көптиң ишине жар салды. Ҳеш адам шықпады. Екинши мәртебе және бақырды, шықпады. үшинши рет және бақырды,әне, сонда Самарқанда Әмир Тағайдын перзенти Темир деген жигирма жасар бала еди. Сол медреседе оқыўшы еди. Сол «Биз барамыз» деп орнынан өррe турды. Ҳаққына дуўа қылды «мүшкилиң аңсат болар» деп. Көк дөнен деген тулпары бар еди әмирдиң, Көк дөненге минип алып, ақ найзасын

өңгерип, аттың басын оңғарып, адамға хабарласпай, жаўдың изин бағдарлап, Темир жолға рәўана болды.

Қарсы жаўды қуўмаға,
Темир батыр атланды.
Көк дөненин ойнатып,
Ақ семсерин қолға алды,
Сапар тартты ер жигит,
Тәўекел етип ат шаўып,
Арқаға қарап бет алды.
Устазына сыйынып,
Қарыў-күшин қайнатты,
Қулан жүрмес қыйырды,
Келеплеп тартып байлады,
Қос қулағын қайшылап,
Ор қояндай ойнады,
Ат қулақтан тер алды.
Секиргенде майданда,
Танап жарым жол алды,
Тәўекел етип ат салды,
Мәрттиң кеўли шалқылап,
Айбатынан тулпардың,
Қара таслар соқылдап,
Көк дөненниң айбаты,
Күшигендей ғарқылдап,
Маңдайдан аққан қара тер,
Тебингиге тырсылдап,
Қыя шөлде баратыр,
Жараған шердей арсылдап,
Шыққан күнге шағылысып,
Ақ семсери жарқылдап,
Бес күн жоллар жүреди,
Аш қасқырдай ҳалықлап.
Ҳаллас урып, кеўли өсти,
Алдыннан гүўлеп же лести,
Тоғыз күн жүзи толғанда,
Қыя майданнан из кести,
Сегбир салып шыбын жанға,
Қыя майданлардан кешти.
Еркин жайып көсилген,
Орпаң жерлер осылған,
Алдыны таңлап тосылған,
Баўыр қулаш созылған,
Бардазы деген далада,
Күн шығарға кетипти,
Жалғыз тулпар изи бар,
Белдеўликтен қазылған.
Оны көрип Темирхан,
Тенелери туўлады,
Қуйқа түги жуўлады,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Ерден ердиң кәўпи бар,
Жүреклери суўлады.
Самалы турды оңынан,
Қамшылап аттың қоңынан,

Тәўекел қуўды Темирхан,
Сол излердиң соңынан.
Ат шомылды қара терге,
Исиң түскей нағыз ерге,
Из қуўып бул пайда болды,
Бетбақ дала деген жерге.
Астындағы Көк дөнен,
Бир дыбысты аңлады,
Алдына басын көтерип,
Қулағын тигип тыңлады,
Алға қарап жүрмеди,
Қалша қарап турады.

Тура турсын бул сөзлер,
Жаманның сырын ашайық,
Исинен аўлақ қашайық,
Жылқы қуўған қырқ адамның,
Анықлап үстин ашайық.
Арада тоғыз қонынты,
Тәғдирден себеп жетипти,
Нәтийжеде ҳақ қан тутып,
Қарсы алдынан даўыл соғып,
Пәлектиң гәрдиши утып,
Қайда кеткенин билмей,
Айыра алмады күн-түнди,
Жети күн-түн ашылмай,
Үстине қуйды үргинди,
Апатқа батыр жолығып,
Сегиз күн удай суў ишпей,
Сегиз күн урды сүргинди.
Тили таңлайға тығылды,
Көзи көрмей жән-жақты,
Өкпесин жаман сығыпты,
Қайда кеткенин билмей,
Кенимехтиң шөлинде,
Қәдирдан батыр жығылды.

Темирханның тулпары,
Әсте басып аңлады,
Алдына қарап таңлады,
Батыр серлеп қараса,
Сексеўилге байлаўлы,
Бир тулпарды көреди,
Тажына шекип тулпарына,
Темир жақын келеди,
Нәзер салып қараса,
Жабығып қатқан қабағы,
Тер менен бирге жонына,
Қатқан екен жабағы,
Қалың питкен сексеўил,
Жарланып тур жән-жағы,
Талабы шепке бурылып,
Сағадан байланған бағы,
Сүйеўли тур қасында,

Бес қуралы, жарағы,
Бөктергиде бәнт болған,
Туктыйы менен садағы,
Сексеўилге байлаўлы,
Қанатлы кара тулпары.

Оннан арман қарады,
Кесе жатыр басында,
Ҳасыл жәўҳар полаты,
Уйқылап жатыр бир жигит,
Мыңға тайды бир басы.

Әне, көриниси, айбаты Темирдиң жүрегин суўлатты. Әлқисса, Темиржан көк тулпарды дөндирип, үстине келеди. Жарағынан, атынан қас батырын биледи, қайым екен жатысы деп, шанышканды мақул көреди. Ақ найзасын көтерип, бир қыялға келеди. «Шаншып салсам ғапылда, шашырап жайынан турмасын, күши менен зор болса, шалғамдай басымды жулмасын, болмаса зыянсыз биреў болмасын, нәмәрттиң исин қылмайын, қарап жатқан адамға бийдәрек найза урмайын, сиясат пенен оятайын, душпанмекен, досмекен, өз аўзынан сорайын»,-деп абай-сиясат қурып, ат үстинде дәпинип, Темир бир зат айтып тур:

— Несип ғайып, дийдар ғайып,
Көкше музға қалдым тайып,
Тур жайыннан, не кәрасаң?
Жатысың жүдә әжайып.

Жақсылыққа жол баслайық,
Шынтлап кеўилди ашайық,
Тур жайыннан, не кәрасаң?
Дос болсаңыз, бас қосайық.

Сырың аңланып тур тақыйық,
Тилден шийрин болса шайық,
Жатқан кимсең, тур жайыңнан,
Аты-жөниңди сорасайық.

Мына сөзди еситип,
Тепсинип сүрен салады.
Қәдирдандай қайсарың,
Шамырканып оянады.
Дәлил айтып Темирге,
Қәдирдан батыр сөйледи:

— Жеккениң бир аты — саяқ,
Қорқақ алға сермер аяқ,
Майдандағы лаланлар,
Әңгимеден жейди таяқ.
Ушқырлықта жеткермес,
Лашын менен бийдайық,
Басқа дәртке жарамайды,
Суўдың пиридур қайық,
Қолай келсе бас салыў,
Қарақшыға ылайық.
Исин ислеп бийорын,
Өзиңе сөз келтирме,
Көрген жерде бас салып,
Қорқақлығыңды билдирме,
Көрмей анық гүнасын,
Ерди нахақ өлтирме,
Ялған сөзге инанып,
Анықламай бүлдирме.
Ерден асқан ер болсаң,
Халқың ушын жаннан кеш,
Жән-жағыңа нәзер сал,
Еңбегин мәрттиң қылма еш.
Ысырап қылып бүлдирме,
Он еки өлше, бир рет кес,
Найзаңның ушын тарта тур,
Сөз мәнисин таллап шеш.

Әлқисса, Темир гәптен утылып, найзасын тартып алды, Қәдирдан батыр орнынан турды, қойнынан бир шийшени алып, Темирдиң қолына берди. Темир байқап қараса, бир бос шийше. «Бул маған суў таўып бер дегени-аў» деп көлбарында бозасы бар еди, толтырып қолына берди. Қәдирданға жан енип өзине келди, нардай күшине толды, қағынып-силкинип жайынан турды, Темирге саламын берди, жол болсын сорады. —Не кәрасаң?—деди. Темир елинен не ушын шыққаның түсиндирип айтты, өзиниң қуўғыншы екенин түсиндирди, Темирхан екенин билдирди. Қәдирдан батыр аңлап:

— Ал, жора, сол айтқаның рас болса, сол қуўып жүрген қандарың, жаўың мен, — деди.

Еситип Темир:

— Бизиң менен белли қандар шықтың ба? — деди.

Жас сорасты, еккиси қурдас шықты.

— Маған көриниўиң керек емес еди, енди сениң менен кәйтип тарқасамыз, жора? — деди Темир.

— Бизиң билен дос болып тарқасалмайсаң, жора. Енди еккимиз қайтпай шабысамыз, оннан қалса гүресемиз, қай жеңгенимиз жеңилгенди өлтирип, салтанат пенен елимизге қайтамыз, жора, — деди Қәдирдан.

Темир айтты:

— Ырзамысаң? — деди.

— Ырзаман, бирақ бир бир ай толды, бир мезгил уйқылағаным жоқ, қара суўға қанғаным жоқ, әдил болсаң мени бир суўға қандырсаң кәйтер еди. Бир әрмансыз болар едим, — деди Қәдирдан.

Темир Қәдирданды бозаға кандырды, суўына қанып. батыр нардай күшине толды.
— Ал, жора, енди ырзамысаң? — деди.
— Енди ырзаман, — деди. Суўсыны каныл, анық душпанын таныл, Қара тулпарда атланып, батырлар бир-бирине ат қойды.

Билинди қара менен ақ,
Бергей хәркимге ығбал-бақ,
Шабысыўға батырлар,
Жасады сондай иттифақ.
Токтар емес таўда, таста,
Белли душпан озал баста,
Бир-бирине ат қойды,
Қылыш урды таўып жасқа.
Көрди хәрким ығбал-бақтан,
Жәрдем тилеп қәдир ҳақтан,
Қарсыласып ат қояды,
Еки батыр еки жақтан.
Қаршыға кустай қалқылап,
Ҳаллас урып жүреги,
Дәрья киби шалқылап,
Келлеме-келле шабысты,
Семсери күнге жарқырап.
Оннан, солдан урады,
Жаўған қардай борады,
Бир-бирине ат айдап,
Керилип семсер урады,
Қалқан менен қорғанып,
Кәр етпейди, турады.
Майданға курылды шатыр,
Хәр қайсысы мыңға татыр,
Аш жолбарыстай ақырады,
Найзаласып еки батыр,
Алалмайды бир-бирин,
Көргенлерди таңлатар.
Кеўли кара таўдай өсти,
Салды қайсар кара күшти,
Алалмады бир-бирин,
Атларынан жерге түсти.
Қыямет базарын курды,
Хәрким өз лепсине бурды,
Ылактырып найзаларын,
Бир-бирине жуўырды.
Жоны кызды батырлар,
Күши-күшке уласты,
Хәрким қолайын алып,
Керип урды қулашты,
Бирин-бири тартқанда,
Аўзынан жалын шоласты.
Жигирмаға жасы толған,
Өлтирмекши келсе қолдан,
Бир-бирине зор келип,
Жығысалмады еки палўан.
Шашпақ ушын қызыл қанды,
Сескендирди көрген жанды,
Еки батыр тартысып,
Тоздырды қыя майданды.
Бир-биринен хәмел асты,
Талқан етти қара тасты,
Ҳүжим жасап батырлар,
Азаннан кешке айқасты.
Абырайды бермеди қолдан,
Жамбас урды оңлы-солдан,
Бир-бирине зор келип,
Майданды етти тас-талқан.
Ҳаллас урып йошады,
Еккисиниң пәрманы,
Қара тасты осады,
Ыңыранған сестинен,
Биябанлар шуўласады.
Таслардан қатты денеси,
Әлийден де кем емес,
Қәдирданның пешенеси,
Арыслан-әм тай келмес,
Керип урған пәнжеси.
Күш косады еки әреби ат,
Ислам дини берди мәдат,
Үш күн тамам айқасты,
Аты шыққан еки азамат.
Жүреги тасқын, кеўли бай,
Ғайрат-күши турқына сай,
Күн ярым күн айқасты,
Еки батыр бир тынбай.
Үш күн өтти арадан,
Темирхандай батырың,
Жамбасқа келтирди қолай,
Сүйреп салды батырды,
Қалай болса ол солай.
Қозғайды мәрттиң бөксесин,
Аш жолбарыстай ақырып,
Тайдырды мәрттиң өкшесин,
Үстем келди Темирхан,
Қәдирдандай батырдың,
Тасқа басты бөксесин.
Урыс абырай, гүрес дәсти,
Темирдиң абырайы асты,
Қолайына келтирип,
Қәдирдандай батырды,
Қақ жаўырнын тасқа басты.

Әлқысса, хәмирине Темир көндирди, исин насырға дөндирди, Қәдирдандай батырды қара жерге миндирди. Темир үстинде турды, питти мақсет-мурады. Қәдирданнан Темир хал сорады:
— Ҳа, жора, неттиң? — деди.
Қәдирдан айтты:

— Жығылдым, — деди.

— Енди не қыламыз жора? — деди Темир.

— Өлтир, жора, басымды кес, — деди Қәдирдан батыр.

Еситип Темирхан батырдың үстинен түсти.

— Пах, заңғар, жигит екенсең, сендей мәрт дүньяға келмес, жора, — деди. — Меннен жығылдың, өлимниң аўзына бардың. Енди маған жалыныўың керек еди, бул дүньяда жанын аямайтуғын мақлуқ болмайды, «қутқар» деўдиң орнына «өлтир» дедиң. Сени өлтирип болмас, сениң менен жер толмас, бир адамнан душпан болмас, сениң менен жер толмас, бир адамнан душпан болмас, сени өлтирген де оңбас, — деди. — Орныңнан тур, атыңа мин, найзаларыңды асын, бар, кетебер, жора, елиңе аман жет. Бар, қыяметлик доспан сениң менен, — деди.

Еситип Қәдирдан айтты:

— Хорезм журтында Әмин сәрдардың улы боламан. Қәдирдан баҳадыр деген халқымда даңқым жайылған, менде пирлердиң лепеси бар еди, жора, — деди. — «Қай жерде арқаң жерге тийсе, сол күни өмириңниң тамам болғаны» деген пирлердиң лепеси бар еди. Мен жығылмаўым керек еди. Мен, мине, жығылдым, мениң өмирим тамам болған екен, жора. Сен мени өлтирмеген менен, ўақтым питкен батырман,әйтеўир биреўлер өлтирип кетеди. «Қәдирданды қандай адам өлтирипти?» деп елимде биреў сораса, «белгисиз,әйтеўир биреў өлтирип кетипти» деген халқыма жайылады. Мине, бүгин сен мени өлтирсең, «Темирхан өлтирипти» деген даңқ халқыма жайылады, сол да маған мың жыллық даңқ болады. Жолың болсын, жора, мениң геллемди кесип ал, ырзаман, қайта бер елиңе, — деди.

Әне, Темир дәлилден жеңилди, өлтирмесликке илажы болмады. Семсерди тартып жиберип, Қәдирданның геллесин кесип алды, геллесин үстине қойды, атына да тиймеди, жарағына да тиймеди, әне, Темирхан атланып елине қайтты. Барды, устазына келди.

— Он күн сергиздан болып, бармаған жерим жоқ, хештеңе көргеним жоқ, — деди. — Қаңғып, гезип-гезип қайттым, — деди.

Әлқысса, енди сөз еки батырдан басланады. Еки батыр бир қанша жерлерден айланып из кесип, хеш жерден дәрек таппай киятырса, Қәдирданның өлигиниң үстинен шықты. Батырлар өликти көрип, ҳайран болды.

— Бәрекелла, буны ким өлтирди екен? — деди.

Биреўи айтты:

— Ким өлтирсе сол өлтирсин, басында қылышын жайнатып турған хешким жоқ, мынаў аты, мынаў жарағы, салтанат тутып, «өзимиз өлтирдик» деп ханға барып мақтанып, айтқан ўәдеси бойынша инамын алайық, — деп қуўанысып, геллени найзаға қыстырып, жаў-жарағын атқа артып, еки батыр қайтты. Атын минейин десе, Қәдирданның тулпары услатпады. «Аты қашты» дермиз,-деп қайта берди. Геллеси баратырғанын көрип, Қәдирданның Қара тулпары бир көзинен қан ағып, бир көзинен жас ағып, изинен қалмай ере берди. Әне, сол салтанаты менен Бухараға кирди. Олардың салтанатын көрип, халайықтың кеўли толды. Батырдың геллесин көрип, халайық шуўлады. Ханға келип, еки батыр қуллық айтты. Хан қуўанып, халқына дағаза қағып, узаққа атлар шаўып, батырларға алтын түймели тон жаўып, патшалықтан керегин берип, ортаға дәрўаз қурып, он төрт күн той-тамаша берди Барақ хан.

Тулыплап қойын сойдырды,
Еки көзин ойдырды,
Орнатып узын сырыққа,
Қәдирданның геллесин,
Ортасына жыйынның,
Аспанға асып қойдырды,
Нақыра, сырнай, баламан,
Отыз түр ойын қурдырды.

Ендиги сөз Қыз палўаннан.
Әнтакия шәҳәринде,
Туўысқаны Толғанай,
Лақабы еди «Қыз палўан»,
Атпай-шаппай майрылды.
Араға шайтан от таслап,
Ағасынан айрылды,
Кем-кем дабылы өшип,
Әрман менен күйип-писип,
Ағасынан айра түсип,
Тутынып шеккери-шайын,
Талқан етип жарлы, байын,
Жубанғандай халқынан,
Табалмады тең-тайын,
Қатар-құрбы жантаспай,
Басты қайғы-ўайым,
Күни-түни тилеги,
Бир ғошшақ деп тутты ғайын.
Түрли дәрти қозғалып,
Жатыр еди Қыз палўан.
Бир әжайып түс көрди,
Шоршып турып жайынан,
Тымсалын ойлап сескенди.

Түсинде Кәдирдан ағасы бир патшадан бир керсен қызыл қарыз алады. Сол патша шақырып, хақын сорады. Тоқтаўсыз қызылын санап қолына берди. Бергенин қарындасы көз бенен анық көрди. Қыз оның тымсалын ақылына салып жорыйды:

— Ойласам, бир керсен қызыл ағамның қаны екен. мың тиллалық ағамның басы екен. Ағам қайда болса да, бир патшаға тәңир аманатын тапсырған екен. Енди мениң бүйтип жатқаным болмас. Ағам қандай адамнан өлген екен. Анаў-мынаў адамнан өлмесе керек еди. Өлтирген ерди көрмей, мениң кеўлим жай болмас. Қыз палўан деген дабылым халық аўзында машқул, оннан қанымды алмай, не дәртке жарайман? Қаражалымды шабайын, ағамнан еки есе күшим зыят еди, ырза болсын руўхы, қалған жерин табайын, әдилликке жолықсам, қандары менен гүреспеге ханнан руқсат сорайын. Ағамды өлтирген адамға бағымды сынап, бир тәўекел қылайын, — деп, әңгимениң түйинин усы жерге байлады.

Қаршығадай қағынып,
Аш бөридей шабынып,
Жаў қуралын тағынып,
Тәўекел қылып атланып,
Атасына қарап бир зат айтты:

— Шейитлер аралар бейиштиң төрин,
Жақсы-жаман исти қудадан көриң,
Мен кетемен Бухараның шәҳәрине,
Жан атам, қызыңа руқсат бериң.

Атасы сонда сөйледи:
— Қарсы шапқан апатқа тез жолығар,
Болмаңыз, жан балам, өлимге қардар,
Оған барған аман қайтып қосылмас,
Жеделли қой, балам, ҳаслың нашарды.

Қыз айтады:
— Ағамнан өтипти қыйын заманлар,
Қайтып елин көрмек бопты гүманлар,
Ата, маған бармаслыққа илаж жоқ,
Ағам сонда өлди деген қәўпим бар.

Атасы:
— Сабыр еткен бенде алланың досы,
Аңлап отырыппан, шырағым өшти,
Өзиң барып, отқа түспесең бойма,
Өлимге қыйланба, қуданың қасты.

Қызы:
— Ойлап көрсем, жылдан мүшелим,
Бәле дарымайды көп болса жүрим,
Туўысқанның басын душпан алғанда,
Тым-тырыс отырыў бизге бийорын.

Атасы:
— Алғыс алған бенде хеш жерде талмас,
Атаның қарғысы бир өткир алмас,
Тыңламадың, бар, кетебер, жалғызым,
Ийшалла, ойлаған сапарың оңбас.

Опат бопты бүгин тастан қорғаным,

Жетти сөздиң анығына,
Ордаза деген бағына,
Жети күнде араласты,
Жерде қалды небир алтын сөзлерим,
Тилегениң тайын болсын алдыңнан,
Себеп таўып келмегейсең нашарым.

Әлқысса, атасынан қыз палўан,
Нарыйзалығын алады,
Ағасының аўҳалы,
Ядынан сирә қалмады,
Жалынса да зар жылап,
Айтқан сөзин алмады,
Кеўил бөлип атам деп,
Бир қулағын салмады.
Себил атын ерледи,
Аң маңлайы терледи,
Жалынса да зар жылап,
Нәсиятқа ермеди.
Неғылса да атасы,
Қызына жуўап бермейди.
Ашыўланып Толғанай,
Ашыў жонын кернеди,
Бермей ықлас-тилегин,
Қызының кеўлин жерледи.
Асынды полат жәўҳарын,
Шыдамады тақаты,
Еситип суўық хабарын,
Қара шашын өрмеге,
Өлтирип, я өлмеге,
Атланады Қыз палўан,
Ағасын бир көрмеге.
Ҳийлесин жаман асырды,
Саўытын илип қаўсырды.
Тутынып батыр салтанат,
Нашарлық түрин жасырды,
Халыққа абай көз етти,
Тулпарды алға безентти,
Зулпықарын өңгерип,
Батырлық саўлат дүзетти.
Қайғы базарына қанып,
Болар исти түйди таныпп,
Излемеге ағасын,
Шықты Толғанай атланып.
Өндирмек намыс пен арын,
Жарқыратып зулфықарын,
Сегбир тартып бес күн ақшам,
Табыў ушын душпанларын,

Бухараның көп халқына,
Сиясат салып араға,
Соғып нешше шардараға,
Жети ақшам сегбир тартты,
Келди шәҳри Бухараға.
Алдына нәзер етеди,
Таныды мәнзил каласын,
Актарды майдан, даласын,
Думанлатып көринди,
Ордаза деген каласы,
Ҳаўлықпады, қорықпады,
Аттың басын тартпады,
Қалаға жақын барады.

Нашар турып ойланды: — Ҳаўлықпайын, қорықпайын, ҳалын сорап, тартынбай нәзерине барайын, тил кеспек жоқ, бас кеспек бар деген, ағамның дәрегин сорайын. «Өлди» деген сөзди еситсем, «ағамды өлтирген адамға жолықтыр» деп алдында налыс қылайын. Әдил болса жолықтырар, жолықтырса, ағамнан еки есе күшим зыят еди, қудай диңкемди куртпаса, шалғамдай басын жулайын. Ол мақсетим болмай, әзи келсем, аманатын тапсырып, дүньядан жуда болайын, — деген мақсет пенен Қаражалын ойнатып, сол қалаға киреди. Қарыў күшин жыйып, қаршығадай қабақ үйип, сауытын иштен кийип, шақмахы қурашты шекесине кийип, Қаражалына минип, найзасын кесе өңгерип, батырлық салтанат тутып, ҳәр кимниң аўзын күтип, аралап батыр келеди.

Гүңгиралы алтын сарай,
Қос сүўрет, мәрмер орай,
Гәўҳарлатқан есигин,
Лалы дүрдан сайма-сай,
Көрмегенлер естен танып,
Көзи талар қарай-қарай,
Сиясаты жер жарып,
Жасаўыллар турған удай.
Оннан да арман өтеди,
Тумлы-тусқа тарады,
Қаладан алға тысқары,
Шартаслы деген далада,
Ерик деген қалада,
Ортада дәрўаз қурылған,
Ҳалқы кеңнен оралған,
Тум-тусқа жар урылған,
Көрген ериксиз бурылған,
Нақыра, сырнай урылған,
Халайық толып жыйылған,
Мәскапшылар суў шашып,
Паррашлар жол сыйырған.
Жасаўыллар пош-пошлап,
Дәстурханлар қойылған,
Тоқсан еки түрли жемислер,
Қырман-қырман үйилген,
Барғанның алды тосылған,
Қатар дүкан ашылған,
Қантыў-шекер шашылған,
Сыбызғы-сырнай тартылған,
Бақсы-жыраў айтылған,
Масқарапаз ойнаған,
Қарап көзиң тоймаған,
Халайық той тойлаған,
Есапсыз жыйынды көрди.
Сәўбет қурған қыз-жаўанлар,
Дүкан ашқан бегиў-ханлар,
Айқасып жүр ортада,
Шынжыр таққан палўанлар.
Оннан арман қарады,
Ағып турған жемис булақ,
Төселипти ҳасыл туўлақ,
Үстине қурған алтын тах,
Қурған патшалық салтанат,
Дәўлет қусы басында,
Қусбеги, метер қасанда,
Қазы-кәлан жән-жағында,
Сәллесин ғыррықлап орап,
Кәҳәри қар янлы борап,
Алтын тахта отыр екен,
Барақ ханы арзы сорап.
Оннан да арман қарады.
Ерден асқан ер екен,
Нәтийжеде зор екен,
Қәдирданның геллеси,
Қарсы алдында ханының,
Қарағашқа қыстырыўлы,
Әл-аспанда тур екен.
Шөккен екен қара нары,
Басынан өткен баҳары,
Ағасының тулпары,
Бир көзинен қан ағып,
Бир көзинен жас ағып,
Қәдирданның геллесин,
Сыртынан бағып жүр екен.
Өзин иркип туралмай,
Нашарлық қылып қорғалай,
Не деп йығлап тур екен:

— Шөккен екен қара нарың,
Өтти ме бастан баҳарың,
Үстембекен қас қандарың,
Дүньядан өттиң бе ағам?

Алты күн айқасып удай,
Абырай бермей бир қудай,
Қыйын жерде бир мыңға тай,
Тәғдириң жетти ме ағам?

Көрип жәрдем бералмадым,
Намысыңды сен алмадың,
Көзим менен көралмадым,
Пәлек ҳайран еткен ағам.

Дағы-дашларға ат шаўып,
Душпан көрсең қустай қаўып,
Ҳәдден асқан зорлық таўып,
Әрман менен өлген ағам.

Тилекте еди ата-анаң,
Жаў жағында едим панаң,
Қай жерде толды пайманаң,
Қандарың ким екен ағам?

Зорлық жетип шыбын жанға,
Боялыпсаң қызыл қанға,
Басың мында, геўдең қайда?
Қәстерлейин қолдан ағам.

Қарай алмай оңға, солға,
Қорқпай шаўып қырқ мың қолға,
Ўақтың питип туўры жолға,
Ақыретке түскен ағам.

Менменниң мойнын таўладың,
Жаўды пишендей баўладың,
Қалмады зүрият-әўладың,
Туғыянсыз кетипсең ағам.

Әлқысса, сол сөзлерди айтып, Қыз палўан иштен дебдиў шығарып, халыққа өзин билдиреди. Қара тулпар тиреги геллениң жағынан қалмай, көпшиликке жантасалмай, ҳешким хабар алмай, геллени панлап, Қара тулпар сыртынан қарап жүреди алыстан қызды танып. Бир көзинен жас алып, бир көзинен қан алып, хабар бергендей қапаланып, қызды ийискеп, сүйкенип жылай берди. Әтирапта оны көрген халайық қайыл қалды. Туўысқаны екени халыққа мәлим болды. Халайықлар қосылып, қызды ортаға алады. Жасаўыллар пош-пошлап, Қыз палўанды қамалап, ханға алып барады. Қол қаўсырып ханына тәңир сәлем береди, хан сәлемин алады. Түр-сымбатын басқа көрип, хан жол болсын сорады:

– Халқыма ҳәр түрли қайғы саласаң,
Ишиң толы жанып турған шаласаң,
Жумысыңды, мақсетиңди баян ет,
Түриң тегин бала емес, аңласам.

Қайғыландың жетилмеген шағыңнан,
Бийлер кеклик қуўар бәлент дағынан,
Жасырмай айт мақсетиңди, сырыңды,
Пайда болдың қайсы ханның халқынан?

Елиң талақ еткен бағры дашпысаң,
Қонсылас биз бенен қарындаспысаң,
Жасырмастан баян әйле сырыңды,
Бизиң менен душпанбысаң, доспысаң?

Белиңе толтырып садақ буўасаң,
Шалығып тер менен бетиң жуўасаң,
Талап етип жаў-жарағың асынып,
Жас басыңнан кимниң арын қуўасаң?

Себеп пенен дуўшар болдың панама,
Айтармысаң, қулақ салсам налаңа,
Жаның барда хасылыңнан хабар айт,
Не мақсетте кирип келдиң қалама?

Әлқысса, кимсең деген адам, таппай жүрген адам, әрман шерин молайытты, кәҳәринен пәске қайтты, жасырмастан, тайсалмастан ҳаслы-затынан Қыз палўан бир зат айтты:

– Толып тур аңласам кеўлимниң ғамы,
Хан болсаң ақ пенен қараны таны,
Жумысымды бир-бир баян етейин,
Гәп мәнисин аңла, Бухардың ханы.

Шығып едим Айналы Жаҳан бағынан,
Тозғынладым айралықтың дағынан,
Үш ай болды, қаналасым адасты,
Қайдан десең - Хорезмниң халқынан.

Жети рет көрдим Ләйләтил-Қәдир,
Қарақалпақта лақабым еди «қос батыр»,
Үш ай болды, ғапыллықта адастым,
Сахыбқурыж, аты Қәдирдан батыр.

Соның менен бир туўысқан боламан,
Әрманда айрылып, күйип-жанаман,
Туўған жерим Әнтакия шәҳәри,
Әмийин сәрдардың улы боламан.

Жалғыз өзим тәўекелге бел байлап,
Батырлық лақабым ҳәр жерде жайлап,
Атым Толыс, соның бир туўысқаны,
Дәўлетли халқыңа келдим сорағлап.

Үш ай болды, тумлы-тусқа ат шаптым,
Жүйин айыралмай қара ҳәм ақтың,
Жолында сергиздан болған батырдың,
Сизиң панайыңнан дәрегин таптым.

Ушқырлықта қус өткермес ол лашын,
Ялғанға қаранба, сөзимди ашың,
Изиң қуўып излеп келдим қайсардың,
Алдында таныдым ағамның башын.

Қанымды қайнатып, келтирди арым,
Ишим толы ат басындай әрманым,
Әдил болсаң тилегимди қабыл ет,
Көрдим жан ағамның Қара тулпарын.

Әлқысса, хан мына сөзди еситип, иши жаман ашыды. Ҳәр сөзиниң тымсалы бийжағдай жерин қасыды, жүрегине найзадан бетер шаншылды, қәтелери мол еди, Барақ хан деген сол еди, берип атырған уллы той Қәдирдан деген батырдың өлгениниң қуўанышына берилип атырған той еди.

Талабы алға шаппады,
Бас салып асып өлтириўдиң,
Хан есабын таппады.
Билекке шынжыр орады,
Питпеди мақсет-мурады,
Толғанайдай арыўдың,
Мурат-мақсетин сорады.
Қуллық айтып Толғанай,
Ханға қарап сөйледи:
— Сорастырсам сөзим анық,
Болған бәршеңизге қанық,
Ағамның қәдирли басын,
Алдыңызда турман таңып,
Шешилмеген қара-ағын,
Байланбағай ығбал-бағым,
Қандарымды бир көрсетсең,
Ханым сеннен сол мақсетим.
Ашылған гүлдей соламан,
Жолында қурбан боламан,
Жан ағамның қас қандарын,
Көриў ушын мен талабан.
Тағынған тилла тумарым,
Көрдим ағамның тулпарын,
Орталықта айқасып,
Я өлтирмей, я өлмей,
Тарқамайды қумарым.
Саўытымды шешемен,
Туўысқанның жолында,
Шыбын жаннан кешемен,
Қандарымды таўып бер,
Халайықтың алдында,
Мен гүреске түсемен.
Қара шашым өремен
Талайымнан көремен,
Адам болса өзимдей,
Жазаңа қайыл боламан, — деди.

Әлқысса, бул сөзин хан қабыл алды, сорамында адам қоймай, бәрин алдынан өткерди. Шыққыр көзим шықпаса, зыянкести, дос-душпанды көзим шалса, танығандай шамам бар еди ғой, - деп турды. Барлық адамлар алдынан өтти, хешкимди усламады. «Енди ким қалды?» деп, «урының көти қуўыс» деген, кейиниректе Темир тур еди. Тәўекел, қутыларға болмады. Темир өте бергенде қыз оны «Мениң ағамды өлтирген мынаў», деп тарса қатты жағасынан буўып. — Хан көрип тур, кәдирдан батырды қайда өлтирдиң? Расыңнан келе бер, — деп қәҳәр етти. Темир мойнына алмады, өтирик айтып, қутылажақ болды. Ашыўланып, қәҳәрине минип, пәнжесин салып еди, Темирдиң жаны қалмады. «Дурыс, өлтирип едим», деп айтып-ақ салды. —Әжел алладан, себеп бизден — деди. Хан жағасын услап турып-отырды. Бийкәр хан болып отыр екенмен, - деп тәсийин қалды. Темирге қарап Толғанай бир зат айтты:

— Қолыңда ҳасыл жең деди,
Пейлиң ҳәм ханнан кең деди,
Сахыбқурыжды өлтирген,
Ким боласаң сен? — деди.

Темир:
— Уя басқан өнер-билим,
Ҳақтың мийрасыдур өлим,
Атын билген жети ықлым,
Темирхан деген мен, — деди.

Қыз:
— Мәканым Айналы Жаҳан,
Әдиллик жолды билген жан,
Рас атым Толғанай,
Лақабым сорсаң қыз палўан,
Баҳадырман мен, — деди.

Темир:
— Алған пирдиң шарапатын,
Әмир Тағайдың зүряды,
Темирхан дейтуғын атым,
Шын ханзада мен, — деди.

Қыз:
— Араладым шәҳәри Бухар,
Ағамыздың жолында,
Тилден айтқан шәртим бар,
Гүрес тутсам сиз билен,
Жығылғанлар өлимдар,
Таярланып кел, — деди.

Темир:
— Ҳасыл затым Төреден,
Шын Ўәлийден дөреген,
Атым Темир сорасаң,
Лақабымыз Көреген,
Мақсетиниз сол болса,
Тайсалмастан келебер.

Бир-бири менен таныстты,
Сырларына қанысты,
Мәлим болды қара, ақ,
Жығылғанын өлтирмеге,
Жасады мәртлер иттифақ.

Әлқысса, Темирхан әдилликке тартып, бир зат айтады:

— Аттың жалын өрейик,
Бир-биреўдиң хәмелин,
Қандай екен билейик.
Келиң бери қыз палўан,
Ҳал сынасып көрейик.
Еситип соны батырлар,
Жеделленип йошланды,
Әзиз билди Темирханды,
Кәҳәрленип қайсарың,
Темирханға қосылып,

Жағасына қол салды.
Еки батыр айқасты,
Кеўли дәрья киби тасты.
Ҳәрким өзине тартып,
Еки палўан жағаласты.
Бири арман тартады,
Бири берман тартады,
Еки палўан жарысып,
Күшлери кем-кем артады.
Бирин-бири алалмай,
Жығысалмай тарқасты.
Ҳүжим жасап батырлар,
Бирин-бири тартады.
Қарыў-күшин молайтты,
Дәскелерин улғайтты,
Қуйқа-түгин жуўлатты,
Еки батыр айқасып,
Асаў янлы туўласты.
Бир-бирине зор келип,
Жығысалмай тарқасты.
Бирин-бири жығалмай,
Үбби қызды урады,
Қарыў-күши толықсып,
Жаўған қардай борады.
Аш жолбарыстай ақырып,
Керип жамбас урады,
Бир-бирине күш бермей,
Асаў янлы туўлады,
Алалмады бир-бирин,
Питпеди мақсет-мурады,
Толғанайдай батырдың,
Түрли оңайын алады,
Көргенниң мехри қанады,
Толғанайды иле алмай,
Керип иштен шалады,
Қайтаралмай сыртына,
Батыр әзиз келеди.
Темирхандай батырдың,
Қаны қызып қайнады.
Ҳаллас урып жүреги,
Көзи оттай жайнады.
Қолдан келсе бир-бирин,
Мүшелеўден таймады,
Өлтирмеге бир-бирин,
Қойды зейин-ықласын,
Қаңырқаған бүркиттей,
Керип урды қулашын.
Қайырғанда бир-бирин,
Аўзынан жалын шоласты,
Оңнан, солдан қайсарың,
Керип урды жамбасты,
Ғайратына батырлардың,
Биябанлар шуўласты,
Ғайратына батырдың,
Көрген ақылдан састы,
Күн ярым күн болғанда,
Қыздың салмағы басты.
Бирин-бири алалмай,
Күн ярым күн айқасты.
Қыз палўанды жығалмай,
Темирдиң бели қайысты.
Шахимардан пирим деп,
Темир қылдыналысты,
Пирден жетип шарапат,
Ғайраты дәрьядай тасты,
Өткенлерди яд етип,
Ҳақ деп кеўилин ашты,
Темирдиң ығбалы жеңип,
Палўанды ғәплет басты,
Шеп жағадан бир тутып,
Қызға урды жамбасты.
Қапа кеўлин хошлады,
Палўанлар жолын баслады,
Тарта берип өзине,
Шеп жағадан услады,
Аш жолбарыстай ақырып,
Тап жаўырнынан таслады,
Еки қолын усынып,
Беккем тутты жағадан,
Абырайы асып қыз палўан,
Жәрдем жетти сағадан,
Еки ийнинен асырып,
Қайыра берип батырды,
Таслады Темир шалқадан,
Қурышы қанып шуўласқан,
Даўыс шықты халқадан.

Әлқысса, палўан райдан қайтты, әрман-шерин молайтты. Орнынан турып, қыз палўан Темирге қуллық айтты. Белиң тартып байлады, өлимге өзин сайлады: Қатарда қара нар еди, ағам Қәдирданда жети нардың күши бар еди, халайық хабардар еди. Ағамнан күшим жети есе зыят еди. Шилтенлердиң айтқаны кеўлимде яд еди. Қыйын-қыстаўда қалсам, қаныңды қуўып алмасаң, еки қолым жағаңда, деп еди. Саған анаў-мынаў батырдың күши жетпейди, қырық палўаннан билегиң талмас, қырқ батыр илаж ете елмас, деп саза жеткен еди. Ағам анаў-мынаў адамнан өлмейтуғын адамға машқул еди. Ағам зорыңа ушырап өлген екен. Таллап шештим соны толық, карсы шаптым болды улық, ғайратымды көрдим, енди өлсем әрманым жоқ, ойлаған мақсетим питти, дәўран басымнан өтти, ықтыяр басымнан кетти, — деп қол қаўсырып Темирге, алмасқа басын тутты, ўәдеге ылайық Темир қанжарын қолына алып, қызды шалмаққа қолайланды. Қыздың жүзинде жетти қат нықабы бар еди. Бастан дуўлығасын, жүзден нықабын алып жиберди, анық қыз кәддин алды, қаршығадай қағынып, кәддин халыққа көрсетти. Жүзинен гәўхар шашып, Темирге қарап еди, сулыўлығына Темирхан ақылын алдырды. Бул дүньяға шыққалы ондай арыў көрмеген, патша менен беги хан, бул бейнели қыз бенен бир күн дәўран сүрмеген, ол сықыллы перийзат, дүнья-дүнья болғалы, ялғаншыға келмеген, адамзаттың улына ықтыярын бермеген, қатарына бас қосып, бир күн ойнап-күлмеген. Қыял етти Темирхан:

Пери менен, хүр менен,
Жүзин көрген жаннан кешкен,
Көрик базарынан суў ишкен,
Жүзлери алмадек пискен,
Қандай адамнан болып,
Қандай жайларда өскен,
Көзиң түссе көзине,
Түрли ис ядыңа түскен,
Қандай жайда бинә болып,
Болған екен қандай күштен.

Еки дүньяда әрмансыз,
Бир майдан ойнап-күлискен,
Ышқы жанын алғандай,
Гәўҳарлатқан тумары,
Тынық жайда жетилген,
Түймесиниң әнары,
Еркскиз бенде қылғандай.
Шалып кетсе көз қумары,
Бейиш суўын ишкендей,
Бетлериниң ажары,
Ақылыңды лал етер.
Түссе дийдар жамалы,
Ғайры есим топлары,
Сахыбқурыж ҳасылы,
Жипектен нәзик жоллары,
Жан ендирер жансызға,
Пилте янлы қоллары,
Еки дүньяда әрмансыз,
Түсе ғойса дийдары,
Он сегизге келген жасы,
Дүньяда жоқдур бахасы,
Сулыўлықтан, көркемнен,
Сыйлаған алла-таласы,
Дәлиллесин қарасаң,
Тилинде гәўҳарлы тасы.
Көрген еркскиз қайрылар,
Түсе ғойса көз-қасы,
Ақыл-естен айырар,
Тоғыз бурымлы шашы,
Көп жыйынның ишинде,
Мыңға теңдей бир басы.
Сай келалмас ақылына,
Адамзаттың данасы,
Қослас болсаң бир ақшам,
Жәннет кеўил қаласы,
Жарық етер майданды,
Жүзлериниң шуғласы.
Жолдас болсаң өмирлик,
Тарқамайды-аў қумарың,
Әңгимемниң саррасы,
Қандай екен бәтшағар,
Оның туўған анасы?
Бул дүньядан табылмас,
Ылайықлы жолдасы.
Ҳайран болды Темирхан,
Қандай ердиң баласы?
Жолын билген түрли жайдың,
Кең пейил минези - көл-айдын,
Пешенесин байқасаң,
Түри он төртлик айдың,
Аңғарады ашық кеўлин,
Бейим көрдим түр-сыяғын,
Бойына ылайық көрди,

Сийнесиниң қос әнарын.
Күле шырай берип,
Бир-бирине шағылысып,
Жүзлериниң шуғласы,
Темирди мумдай балқытты,
Еркскиз тартып дийдары,
Темирдиң кеўлин шалқытты,
Ақ денеси арыўдың,
Жигитти еркскиз тартты.
Әңгимемниң мазмуны,
Бирин-бири таныты,
Сулыўлығы күш бермей,
Палўанның жанын жағыпты.
Ишки сырын айтыспай-ақ,
Муҳаббатине қаныпты,
Әўели болып өлимдар,
Соңынан сырын таныты,
Гүнасын оның кеширип,
Айтқанынан таныпты,
Қазы, муфтий жыйдырып,
Тилден ықрар келтирип,
Ортаға дүр қойдырып,
Қыз палўандай арыўдың,
Ақ некесин қыйдырып,
Қостарлыққа алыпты.
Жығылғаны жолы екен,
Иши дәртке толы екен,
Мықлы жигит табылмай,
Ишки дәрти сол екен.
Бухараға кеткени,
Бир теңлесин табалмай,
Теңин таўып бас қоспақ,
Шын мақсети сол екен,
Ағамды жыққан ер жигит,
Әлбетте дәртке жарар деп,
Арнап келген сорлы екен.
Көзи жетип, аза кийип,
Көз жасты алла көрипти,
Түрин көрип Темирдиң,
Иши-баўыры ийипти,
Мәккарлық қылып гүресип,
Ықтыярын берипти.
Ажарына қыздырып,
Сөз бенен жанын тилипти,
Бөне қылып ағасын,
Биллдирип қәсийет бахасын,
Қарақалпақтан қыз палўан,
Излеп барып Бухараға,
Темирханға тийипти,
Қызықлы дәўран өткерип,
Талай перзент сүйипти,
Усының менен дослары,
Дәстан тамам болыпты.

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

24-том



# МУҢЛЫҚ-ЗАРЛЫҚ

Кәрам жыраў Нағымов варианты

*Жазып тапсырған: Кәрам жыраў Нағымов*
*(1961-жыл)*



Бурынғы өткен заманда,
Сол заманның қәдиминде,
Басы писпей бас-бас боп,
Ноғайлыдан айырылып,
Улт-улт болып саналып,
Айрылып шыққан жеринде,
Султан улы Санжархан,
Өз елине хан болып,
Шалқайып дәуранлар сүрип,
Көрмеген қызықты көрип,
Зулымлық етип елине,
Мал толтырып көлине,
Адамнан сулыўман десе,
Миясар көрип өзине,
Патшалықтың даңқынан,
Қырық хаял сайлап алса да,
Кеўлиндеги болса да,
Хеш жерде турыс болмады,
Еки ийнин жалмады,
Қарғыс алып елинен,
Ийманы қашып жүзинен,
Қырық қатынның ишинен,
Хеш биреўи туўмады,
Санжархандай патшаның,
Кеўлиндеги болмады,
Бир жерде шыдап турмады,
Бузық болып қыялы,
Елине тийди зыяны,
Түрли ойды ойлады,
Кеўлиндеги болмады,
Қырық хаялын жыйнады,
— Тарттыраман дарға, — деп,
Жаман жанын қыйнады,
Қалай азап шексе де,
Қырық хаялы туўмады,
Санжархандай патшаның,
«Ата» деп атын айтқандай,
Хеш бир нышан болмады.
Патшаның пейли тар болды,
Қарғыс келип халықтан,
Бир перзентке зар болды,
Байлады қатар белине,
Зулымлық етти елине,
Жар салдырды қалаға,
Қарамады Санжархан,
Жылап жатқан балаға,
Ат шаптырып далаға,
Ушырап ели бәлаға,
Санжархандай патшасы,
Қараслы болған халқына,
Басып салық салады,
Жолын таўып алады,
Әзели аш-ғәриплер,
Байларға хызмет қылады,
Күн-түн жүрип тапқаны,
Бир мезгил аўқат болмады.
Бала атаға қарамай,
Ата балаға қарамай,
Анасы қызға қарамай,
Қыз анаға қарамай,
Бир-бирине қосылып,
Ҳалы-аўҳал сорамай,
Жылап күнлер кешеди,
Шыдамаған халықлар,
Басқа ханның елине,
Арқаланып көшеди,
Пиядалап жол жүрип,
Тенелери иседи,
Санжархандай уллы хан,
Қалаға жар салады,
Кеңескерин алдырды,
Қараўында халқының,
Қызы бар адам қалдырмай,
Бәрин жыйнап алдырды.
Санжархандай уллы хан,
Қолына қылыш алады,
Бузық пикир қыялын,
Халыққа мәлим қылады.
Қызы бар мөҳмин бенденин,
Бәри қалмай жылады,
Санжархандай сум патша,
Келип турған халықты,
Бирим-бирим шақырып,
«Бересең қызды бизге» деп,
Уялмай тикке сорады,
Бизге қызын бергендей,
Биз бенен дәуран сүргендей,
Қәдиримди билгендей,
Келип турған халықтың,
Тум-тусына қарады,
Бизге ата болғандай,
Ўәдесинде турғандай,
Жасым келди алпысқа,
Ким бар екен елимде,
Бир ул менен бир қызға,
Туўаман деп алдымда,
Шынтлап кепил болғандай,
Шырлап жылаған перзентти,
Жоқпекен ырас туўғандай?
Ўәде қылған нашардың,
Тилегенин берер-ем,
Қырық хаялды талақ қып,
Сүйгилик яр қылар-ем,
Не айтса да турар-ем,
Хызметинде болар-ем,
Ықласын берген нашарға,
Ықласымды берер-ем,
Сол қыз бенен қосылып,
Шалқайып дәуран сүрер-ем.
Әгер болса сол қыздың,
Атасы, я ағасы,
Мингизип алтын тағыма,

Есапсыз жатқан елимниң,
Бийлигин соған берер-ем,
Пәрўана болып алдында,
Қосылып дәўран сүрер-ем,
Құданы салып араға,
Қызымыз туўып берер деп,
Айтқанымыз келер деп,
Усыншама халықтан,
Кепил болып турғандай,
Бизден қалың алғандай,
Бир нәресте балаға,
Дийдарымды салғандай,
Жоқпекен ата болғандай?

Бул гәплерди еситип,
Табылмады халықтан,
Бул сөзди мақул көргендей,
Ханға қызын бергендей,
Хан қәдирин билгендей,
Хеш бир бенде болмады,
Айтқанын ханның қылмады,
Журт ийеси Санжархан,
Мынаў көрип бирлигин,
Туралмады бир заман,
— Жәллат, — деди, бақырды,
Кеңескери, ўәзири,
Әмелдары, мөхирдары,
Қанишерин шақырды.
Хан қасында турғанлар,
Буйрық болса патшадан,
Халықты басып урғанлар,
Бәри келди жыйналып,
Мәсләхат қурды ойланып,
Кеңескердиң ишинен,
Сөйлейжақ болып биреўи,
Түргелди дейди қыйланып,
Сөйледи дейди айланып:

— Халық мәзҳапқа кирмеген,
Жөн-жосақты билмеген,
Қандай заңғар болады,
Ханға қызын бермеген,
Ханды көзге илмеген,
Хан қәдирин билмеген,
Тәртипсиз өскен халыққа,
Әмелдарлар хат жазсын,
Мөхирдарлар мөр бассын,
Үйинде қызы барының,
Қызына салық салайық,
Шыққысыз қылып далаға,
Бир зулымлық қылайық,
Салғырт ушын қыз берсе,
Баҳалап қызын алайық,
Ыразылық пенен бермесе,
Қызы бар барлық бендени,
Кең сарайға қамайық,
Шығарып екеў-үшеўден,
Жанған отқа салайық,
Қалғанларын таяқлап,
Келистирип урайық,
Бул азапты көрген соң,
Өзи қорқып бермес пе?
Халық еткен қәдир құдайым,
Көз жасымызды көрмес пе?
Басып салық салған соң,
Шамасы келмеген сорлы,
Қызын әкелип бермес пе?,
Көп нашарды алған соң,
Бири болмаса биреўи,
Көп нашардың ишинен,
Бир ул менен бир қызды,
Биреўи туўып бермес пе?,
Малың менен мүлкиңе,
Елиң менен тахтыңа,
Ҳешким қолын уралмас,
Қарсы болып туралмас,
Даланда жатқан олжаңды,
Еси бар бенде алалмас,
Орныңда бар оңалар,
Ақыры өзиңдей болар,
Перзентиң болса изиңде,
Мынаў алтын тағыңды,
Ақыры балаңыз алар,
Перзентли мөхмин бенДениң,
Еки жағы гүл болар,
О дүньяға барса да,
Мәканы бейиштен болар,
Перзенти жоқ бендениң,
Дәўлети тайса басынан,
Өзинен пәске қул болар,
Өзинен күш- қуўат қайтса,
Қандай алым болса да,
Саяқ пенен сандырақ,
Дийқан менен тыштабан,
Уры менен гәззапқа,
Үсти жаман жол болар,
Ақыбети айланып,
Картайғанда сол бенде,
Өзи-өзинен қор болар,
Хәр нәрсеге зар болар,
Изинде туяқ қалғанның,
Кемиси жоқ, бар болар.
Перзенти жоқ бендениң,
Басқан жери тар болар,
Ойлансаң, ялғаншы паный,
Биреўден-биреўге қалар.
Кеңескерге кеңессең,
Жәллатларға ойлассаң,
Қыз алыўдың мәниси,
Ырзалық пенен бермесе,
Ақыбети сол болар.
Сөзимниң түрин билесең,
Гә айып көр, гә көрме,
Патшайым, өзиң билесең.

Мынаў сөзди еситип,
Қадди-бойы қалтырап,
Бас жығасы жалтырап,
— Әмеллар, —деп бақырды,
— Мөхирдар, — деп шақырды,
Әмелдарлар хат жазып,
Мөхирдарлар мөр басып,
Қыйсық сөз қыя жол тауып,
Патшаның кетти еси ауып,
Жоқ жерден шатақты тауып,
Аш-арық халыққа қәуип,
Түрткi сөзге шыдамай,
Ақыбетин болжамай,
Әмелдарлар айтты деп,
Кеңесгөйлер айтты деп,
Басып салғырт салады,
Халық шуўлап жылады,
Ҳешким аман қалмады
Залым тууған Санжархан,
Еки ийнин жалмады,
Санжарханның елинде,
Балық аўлаған көлинде,
Кийиклер өскен шөлинде,
Санжарханның нәзери,
Қараслы болған жеринде,
Еки аяқлы бендеден,
Мәс болған бенде болмады,
Салықтан аман қалмады,
Хан айтқанды қылмады,
Төлеўге зат қалмады.
Ҳалы келмеген сорды,
«Төле» деп урып қыйнады,
Қызлы болған бендени,
Тахт алдына жыйнады,
Еки-үшеўин қосақлап,
Қайырып қолын байлады,
— Қырық қулаш терең зинданға,
Атың, — деп тили сайрады.
Ханнан буйрық болған соң,
Қан жалаған жәллатлар,
Қайғы басқан халықтан,
Бирин тутып алады,
Аяққа кисен салады,
Қолына шеңгел алады,
Айландырып урады,
Көтерген ўақта шеңгелди,
Таяқ жеген сорлының,
Зордан жаны қалады,
Жанға зорлық болған соң,
Қыйнап урып турған соң,
«Қуллық» деп лебиз қылады,
Сол ўақлары жәллатлар
Қолындағы шеңгелди,
Көтерип тикке турады.
Санжарханның елинде,
Бақаншақлы көлинде,
Балық аўлап жүр еди,
Шыны атын сорасаң,
Шаўдыр шал баба дер еди,
Өзи ақылға дана еди,
Қудайы берген сол еди,
Жалғыз қызы бар еди,
Атын оның сорасаң,
Қаншайым мәс дер еди,
Анасы өлип жасынан,
Жетим қалған сор еди,
Келип онбеш жасына,
Атасы менен екеўи,
Балық пенен күнелтип,
Қорлық пенен өмир өтип,
Торанғылдан шатпа ылашық,
Жыл-жылдан берекет қашып,
Аўқат етип ишинде,
Оңысық еткен сор еди.
Қаншайымның атасы,
Шаўдыр шалдай бабаны,
Зинданға атар жеринде,
Қорыққаннан сорлының,
Қалмады мәдет белинде,
Шаўдыр шал қыял ойлады,
Ойламаслыққа болмады,
— Көп ушын өлсем,әрман жоқ,
Басымда өлим- қайғы көп,
Көп ушын өлдим демейин,
Патшадан қайтып жүрмейин,
Көптиң сөзин сөйлейин,
Өлип жатқан арысланнан
Тири тышқан жақсырақ,
Өлимнен аман болайын,
Журт ийеси патшаны,
Өлместен бурын сынайын,
Әжелим жетип турмаса,
Бундай нешше азаптың,
Көрермиз еле талайын.
Қан жалаған жәллатқа,
Тикке турып қарады,
— Сөйлеўге жуўап бер, — дейип,
Жәллатлардан сорады.
Жәллатлар жуўап береди,
Шаўдыр шал сөйлей береди:

— Қызлы болып қыйланып тур жанымыз,
Артымызда қалар болды малымыз,
Қызы бардың не гүнайы болып тур,
Арзымды есит, журт ийеси ханымыз.

Қызым болып, неден болды гүнайым?
Залым ханға саўда түскей, илайым,
Шаўдыр шалды өлим жайға айдады,
Залым ханға инсап бергей қудайым,

Таўып турсыз елатыңның қолайын,
Кеширесең барлық елдиң гүнайын,
Бир ул, бир қызыңа еттим тәўекел,
Журт ийеси, тыңла сөзди, патшайым.

Ерте өлсек те, бир басымда өлим бар,
Хәмириңнен халқың жылар зары-зар,
Барлық елдиң кешир, патшам, гүнасын,
Ойласайын,үйимде бир қызым бар.

Бир ул, бир қызыңды туўып бермей ме,
Алла-таала жылағанды көрмей ме,
Бир ул, бир қыз болса, тәўекел қылдым,
Тәўекелди алла мақул көрмей ме?

Өлим жайдан азат қылың бизлерди,
Ялған деп ойламаң мынаў сөзлерди,
Перзентиме мен айтайын хабарын,
Өлим жайдан босатыңыз бизлерди.

Көп елаттың еркин бизге бересең,
Қызымыз Қаншайым, дәўран сүресең,
Кепил болдым, бир ул менен бир қызға,
Бердик қызымызды,өзиң тилесең.

Шаўдыр шалдай бабаның,
Мынаў айтқан сөзлери,
Санжархандай патшаның,
Қулағына жағады,
Қалың мал белги болсын деп,
Бир бийени услатып,
Мойнына буғаў тағады,
Қамаўда турған халықты,
Азат етип Санжархан,
Азғана ўақ тарықты,
Көп халықтың ишинде,
Бир ул менен бир қызға,
Белгили кепил болғанын,
Қалың малдың басы деп,
Боз бийени алғанын,
Ант-суў етип өзине,
Түртип сөйлеп көзине,
Қайта-қайта шәрт берип,
Керегиң сениң мынаў деп,
Боз бийеге мингизип,
Хан хәмирине көнгизип,
Шаўдыр шалдай бабаның,
Жуўап берди өзине.
Ханнан жуўап алған соң,
Сөзи бир жай болған соң,
Шаўдыр шалдай бабаңыз,
Қайта берди изине,
Қапалық урып жүзине,
Жаслар толып көзине,
Еки күн тамам жол жүрип,
Көп азап-ақырет көрип,
Келди дейди үйине.
Қапалы қайғы ис болып,
Көкирек қайғыға толып,
Иреңки гүл яңлы солып,
Есиктен төрге аўнады,
Жалғыз қызы Қаншайым
Атасының жағдайын,
Билип келип қасына,
«Аўнап атам аўырған,
Дастық қояйын басына»,
Деген қиял-ой менен,
Басына дастық қояды,
Иши билип нашардың,
Көзин жасқа бояды,
Билсе де нашар билдирмей,
— Аўырдың ба, ата? — деп,
Атасынан сорады.
Тум-тусына қарады,
Атасы туўры айталмай,
Көзиниң жасын булады,
Атасыны жубатып,
Қаншайым мәс толғады:

— Бул майданда гүлдей болған тәрзим бар,
Бир алладан бес ўақ намаз қарзым бар,
Қайғы қаплап қаяқлардан келдиңиз,
Жалғыз перзентиңниң айтар арзы бар.

Нашарлықтан жуўған шашым тарайман,
Не буйырсаң, хызметиңе жарайман,
Қайғы қаплап қаяқлардан келдиңиз?
Кеўлиңдеги қыялыңды сорайман.

Запыранадай сарғайтыпсаң жүзиңди,
Ялған деп ойлама, ата, сөзимди,
Бир қаршыға салып тур ма пәнжесин,
Бизиң ушын қапа қылма өзиңди.

Бағда ашылған шәмен гүллер солар ма?
Әжел жетпей пайманамыз толарма?
Бизиң ушын қайғы шекпе, атажан,
Ақ үйиңе нашар тулға болар ма?

Бул ялғаншы тар көринди көзлерге,
Әжел дуўшар келип тур ма сизлерге,
Не себептен жер баўырлап аўнадың?
Жасырмай айта бер, ата, бизлерге.

Залым патша сизге зәхәр салды ма?,
Қолларыңа қылышларын алды ма?
Бизиң ушын қайғы таппа, атажан,
Жаныңыз аман-саў, ата, қалды маў

Картайғанда көп азапты көресең,
Не жағдайда қапа болып келесең?
Кеўлиңдегиң айтсаң бойма, атажан,
Көргениңнен, ата, хабар бересең.

Мынаў гәпти еситип,
Шаўдыр шалдай бабаңыз,
Тикке жайдан турады,
Санжархандай патшадан,
Көрип келген азаптың,
Бәрин баян қылады,
Қызына сөйлеп толғады,
Айтпаслыққа болмады:

— Белиме байлаған тилла дәлбентим,
Қартайғанда таймағай-дә дәўлетим,
Атаңыздың не жағдайын сорайсыз,
Тыңласаңыз, мен айтайын, перзентим.

Қартайғанда болды мениң ақлым лал,
Патшамыздың кеўлинде бар қыйлы-қал,
Билмей турман, балам, қайда кетерди,
Балам тыңла, бул сөзиме қулақ сал.

Хәр сөз айтып жанымызды алып тур,
Сөзиниң түйирин жаным таныпп тур,
Қарсы болып сөз айтыўға халым жоқ,
Жақпағанын зинданына салып тур,

Қартайғанда басқа салды уўайым,
Хәр бәлеге дуўшар қылды қудайым,
Жан жеримнен, балам, аўыз салып тур,
Сиз дәрекли, балам, болды гүнайым.

Қызы барды тақ алдына жыйнады,
Сизиң ушын шыбын жанды қыйнады,
Қызы бар мөхминди шақыртып алып,
Денемизди барлық зәхәр жайлады.

Қартайғанда қызыл қаным қайнады,
Қылыш келип, тас төбемде ойнады,
Қорлық пенен өтти, балам, өмирим,
Зинданға салыўға бизди айдады.

Шынжыр кисен салды, қайырып қолға,
Биз түсип турыппыз өлимдар жолға,
Қызы бардың бәри шуўлап жылады,
Кепил болдық, балам, бир қыз, бир улға.

Қорыққанымнан мақул таптым сөзлерин,
Қысылғанда ағар болды көзлерим,
Бир ул, бир қыз ушын кепил болың деп,
Сол себепли сарғыш болды жүзлерим.

Зимистан болып тур майданда далам,
Кеўлиңизге аўыр алман, қыз балам,
Залым ханның сөзи мақул бола ма?
Нәсийхат бериўге болмады анаң.
Мақул болса залым ханның сөзлери,
Шырадай жанып тур еки көзлери,
Тәўекел, басыңды, балам, шата ғой,
Қайтып түспегей-дә залым жүзлери.

Залым ханды, балам, қалай көресең?
Мақул десең, шашгенеңди өресең,
Ўәде қылып келдим бир ул, бир қызға,
Мақул болса, соны туўып бересең.

Мынаў сөзди еситип,
Хаслы нашар болған соң,
Анасының орнына,
Атасы айтып турған соң,
Қаншайым атлы арыў қыз,
Анасы өлип жасынан,
Қайғы кетпей басынан,
Тартыншақ болып өссе де,
Хәр иске қайыл болады,
Белин қынап буўады,
Атасы қапа болған соң,
Қызына арыз қылған соң,
Уялмай айтып турған соң,
Қаншайымдай перзенти,
Атасының қасына,
Жақынласып келеди,
Шаўдыр шалдай бабаға,
Толғанып сөйлей береди:

— Сөзиңди еситип болды ақлым лал,
Хәрбир иске болыпсыз ғой дуўшакар,
Оның ушын қайғыланба, атажан,
Перзентиңниң бул сөзине қулақ сал.

Бенде болсаң хәр бир иске ет сабыр,
Көз жасыңды көрмей тур ма ол кәпир?
Ол жөнинен қайғы шекпе, атажан,
Кемли күн басына салар ол жәбир.

Сабырлы қул иси жетер аллаға,
Бийсабыр қул тез жолығар бәлаға,
Хан айтты деп, қапа болма, жан ата,
Абырай, мәдет бергей, ата, балаңа.

Қызың ушын, ата, бүйтип жылама,
Қайғы менен көзде жасың булама,
Мениң ушын қапа болма, атажан,
Хан сөйлесе, ата, надурыс бола ма?

Бағда ашылған шәмен гүллер сола ма?
Әжел жетпей пайманамыз тола ма?
Хан айтты деп қапа болма, атажан,
Нашар болған үйиңе ийе болар ма?

Перзентиңмен, не айтсаң да қылайын,
Хақтың қылғанына қайыл болайын,
Қабыл еткей алла-таала тилекти,
Айтқан сөзлериңди қабыл алайын.

Қандай бенде алдын болжап биледи,
Теңине қосылса хәрким күледи,
Қалтамызға салып жүрген ул-қыз жоқ,
Тилек қабыл болса, алла береди.

Хан қарғаса тарылтады даланды,
Бир алла береди қыз хәм баланды,
Тәўекел етейик бир ул, бир қызға,
Қапа қылма, бүйтип нашар баланды.

Атасы сөйлесе нашарға айып,
Дәўлет кетсе, кетер аяғың тайып,
Айып емес қыз күйеўге тиймеклик,
Бурыннан қалған жол ер менен зайып.

Мынаў сөзди еситип,
Шаўдыр шалдай атасы,
Иреңкине қан енди,
Кеўили шәндан хош болып,
Өз-өзинен мәс болды.
Жалғыз қызы Қаншайым,
Шаққан болып жасынан,
Шаққан болған жасынан,
Буйырған жумысың тайын
Ер жетип бул бийшара,
Жоқшылыққа не шара,
Кийерине кийим жоқ,
Ишерине тамақ жоқ,
Қайғы-хәсирет жүдә көп,
Жаман кийим кийген соң,
Басындағы аўыр исти,
Нашар бала билген соң,
— Жығалы төре, патшаға,
Бул жүрис пенен көринсем,
Мақул көрмес бизлерди,
Жаўшы келсе жалаңлап,
Алдында тикке турайын,
Жаранып хызмет қылайын,
Үйрениссе сөз бенен,
Бир қатар кийим сорайын,
Көзимниң жасын булайын,
Ҳасылға бөлеп алса хан,
Мен де қайыл болайын,
Кеўилимди айтып тынайын.
Хан жиберген елшилер,
Келеғойса үйиме,
Бир сөйлесип сынайын,
Ҳаслым нашар болған соң,
Бизден соңғы қызларға,
Қалың малы кийим деп,
Изиме дәстүр қылайын,
Биз ушын, ата, қыйналма,
Ол жөнинен ойланба,
Шашгенемди өрейин,
Хабар алар биреўи,
Өзим шығып көрейин,—
Деген жуўап айтты да,
Жоқшылықтың дәртинен,
Өз-өзинен қамығып,
Атасы менен ойласып,
Қала берди Қаншайым.

Ендиги гәпти сорасаң,
Қулақты салып тыңласаң,
Гәп мәнисин аңласаң,
Журт ийеси Санжархан,
Жасы алпысқа толғанда,
Үни тарғыл болғанда,
Сақалы буўрыл болғанда,
Патшалық салтанат пенен,
Ашық болып жас қызға,
Перзент болып талабы,
Жәллатларын шақырып,
Пашшапларын шақырып,
Кеңесгөйлерин шақырып,
Барлығы кеңес қурады,
Шаўдыр шалдай бабаға,
Кимлер барып келер, деп,
Кеңесгөйден сорады.
Патшадан хәмир болған соң,
Әмелдар қарап тура ма,
Жәллатлардың ишинде,
Қусбеги метер дер еди,
Өзи шәлтик шер еди,
Атларын оның сорасаң,
Тама ўәзир дер еди.
Екиншисин сорасаң,
Султан ўәзир дер еди,
Санжархандай патшаға,
Белгили мәхрем сол еди.
«Биз барамыз тақсыр» деп,
Еки қолын қаўсырып,
Алдында тикке турады.
Мына еки қәлпенин,
Бараман дуп турғаны,
Патшаға мақул болады.
Жуўап алып патшадан,
Минип бедеў белине,
Шығыпты майдан шөлине,
Хан жиберген жәллатлар,
Қәхәри менен жүреди,
Бийжағдай азап көреди,
Ат азабын шеккенлер,
Әйне песин болмай-ақ,
Шаўдыр шал жатқан шатпанын,
Оң жағынан найсаплар,
Ат ойнатып келеди,
Шаўдыр шалдай бабаға,
«Хабарлас» деп бад урып,
Хан жиберген сөзлерди,
Толғанып сөйлей береди:

– Хан бедеўин минип шықтым қыядаш,
Қәҳәр етсек биз төгермиз көзден яш,
Еки жәллат келди сизди көрмеге,
Шық майданға, Шаўдыр шал баба, хабарлаш.

Ханнан келген жәллат дейди бизлерди,
Пуқара деп ат береди сизлерди,
Санжархан жиберди көрип кел дейип,
Тыңласаң айтайық мынаў сөзлерди.

Тақ үстинде патшамыздың сөзи бар,
Қулпы дөнген хәр бендеге жүзи бар,
Тыңласаң айтайық, Шаўдыр шал баба,
Аманат жиберген сизге сөзи бр.

Көгермей ме бәлент таўдың гиясы,
Қартайса болмайды адамның еси,
Ханнан еки жәллат келди, хабарлас,
Шық майданға ылашықтың ийеси.

Жәллат болып қәҳәр енер жүзиме,
Сөйлесеге келдик, баба, өзиңе,
Ханға ўәде берип қайтқан сөзиң бар,
Сол жөнинен қулақ салғыл сөзиме.

Мына гәпти еситип,
Шаўдыр шалдай бабаның,
Зәрре жаны қалмайды,
Шықпаслыққа болмайды,
Ханнан келген жәллаттың,
Айтар сөзин аңлайды,
Сол ўақлары Шаўдыр шал,
Ақ қылқасын жамылып,
Баўыры оттай қамылып,
Зулымлықтың жәбиринен,
Майданға шықты толғанып.
Қарай берсе Шаўдыр шал,
Тур екен есик алдында,
Еки бирдей жасаўыл,
Ханнан келген жәллатқа,
Шаўдыр шал сөйлей береди:

– Ханнан келген инилерим,
Қыйын болған күнлерим,
Хызметиң болса айта бер,
Оңғарылды жумысың,
Атың бур да қайта бер.
Не жағдайда келдиңиз?
Үйимди қалай билдиңиз?
Хан қасында беглерим,
Тар болды басқан жерлерим,
Я ырас па, өтирик пе,
Ис оңына басланды,
Сабыр етиң, инилерим,
Тыңлағандай сөз болса,
Мен де қулақ салайын,
Бара өлтир демесе,
Журт ийеси патшайым,
Кешириңиз гүнамды,
Аламан десе қыз тайын,
Шақыртса, иним, барайын,
Хәр иске қайыл болайын,
Питкендей жөнли ис болса,
Журт ийеси патшадан,
Мен гүнамды сорайын,
Сизлерден питер ис болса,
Мен үйимде қалайын.
Сизлерге айтқан сөзлердиң,
Бузығы болса ишинде,
Кешириң, гүнамды сорайын.

Мынаў гәпти еситип,
Хан жиберген жәллатлар,
Аттың басын шақшыйтып,
Аяқты зәңгиге тиреп,
Айбат шегип, дем шегип,
Қәҳәр менен сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Шаўдыр шал баба, кел, — деди,
Келип турған жағдайды,
Ойлап баба бил, — деди.
—Хә, Шаўдыр шал, Шаўдыр шал,
Тыңла, сөзге қулақ сал,
Хан жиберди бизлерди,
Көрип кел деп сизлерди,
Қарағай найза, қум байлап,
Қуўантпаға келгенмен,
Ақ гиреўке бек саўыт,
Сеплемеге келгенмен,
Санжархан менен қызыңды,
Еплемеге келгенмен.
Бизде ул бар, сизде қыз,
Қосып еки ғәрипти,
Жупламаға келгенмен,
Патшамыз бизди жиберди,
Ықласы менен сөз берди,
Ханнан келген жаўшымыз,
Келиспесең даўшымыз,
Бизлер көмир, сиз темир,
Еритпеге келгенбиз.
Лалы-маржан сәдепти,
Хызметинде баўырым кәбапты,
Арада жаўшы жүрмеклик,
Жаўшы айттырып келмеклик,
Бизден емес, бабажан.
Адам ата, Хаўа ене,
Пайғамбардан сүннетти.
Қолында тилла сазыңды,
Ат көтермесназыңды,
Улдай көрип сақлаған,
Қаншайым атлы қызыңды,

Санжархан патша айттырды.
Тау-таулаған таўшыман,
Қусымды салған аўшыман,
Санжарханнан атланған,
Қызыңа келген жаўшыман,
Жаўластырмақ жаўшыдан,
Жаўшылыққа келгенмен,
Еллестирмек елшиден,
Елшиликке келгенмен,
Хәр жағдайды билгенмен,
Ханға берсең қызыңды,
Хан атасы боласаң,
Хан менен дәўран сүресең,
Лебиз еттиң аўзыңнан,
Бир ул менен бир қызды,
Туўағойса перзентиң,
Абырайлы боларсаң,
Алдыма түс, Шаўдыр шал,
Патшамызға барасаң,
Қалыңын қыздың аласаң,
Ийшалла әўмийин десе,
Халықтың көз жасын көрсе,
Патшаға бир перзент берсе,
Алтын тахқа минерсең,
«Кемликтиң кемалы» деген,
Кемалына жетисип,
Бир ул менен бир қызды,
Келеси жыл көрерсең,
Уллы-қызлы болған соң,
Журт ийеси Санжархан,
Уллы тойын береди,
Тилегиң, аға, келеди,
Жетим-жесир жетилип,
Сениндей ғәрип-қәсерлер,
Алтын тахқа минеди.
Мақул тапсаң сөзимди,
Хан алдына барасаң,
Не берсе де аласаң,
Бир жағы хүким болады,
Шәрият пенен жүремиз,
Мал керек пе, не керек?
Билип алсақ сырыңды,
Соңғы жағын, бабажан,
Өзимиз ойлап билемиз.
Керек болса, мал алсаң,
Ғәзийнеден теңге алсаң,
Қызыңды алып барасаң.
Патшалық тахтың алдында,
Бир жағына зер салып,
Бир жағына қыз салып,
Өлшеп берип қызыңды,
Керегиңди аласаң,
Мына айтқан сөзлерди,
Шаўдыр шал, қалай қыласаң?
Санжархандай патшаны,
Патша деп көзге илмесең,
Журт ийеси демесең,
Қаншайым атлы қызыңды,
Хан айттырса бермесең,
Ойлайсаң ба, Шаўдыр шал,
Өлим бар, билсең, мойныңда,
Сениндей өжет адамлар,
Зинданда түсип зая бол,
Жатыр ғой жердиң қойнында.
Усы сөз мақул болмаса,
Өлимдар ханға боласаң,
Қайтамыз ханның алдына,
Қәнекей, қалай қыласаң?

Мынаў сөзди еситип,
Шаўдыр шалдай бабаңыз,
Не айтарын билмейди,
Албырақлап сөйлейди:

— Ханнан келген инилерим,
Қайысты ғой беллерим,
Қорлық пенен өтип жүр,
Усы күнде күнлерим.
Бизиң елде шәрият бар,
Нашар бла ержетип,
Өз теңине кетпесе,
Кеўлиндеги питпейди,
Атаның сөзи өтпейди,
Мен қызыма барайын,
Келгениңди, шырағым,
Әстелеп мәлим қылайын,
Қыздан жөнин сорайын,
Тийемен десе патшаға,
Сизлер менен қосылып,
Хан алдына барайын,
Не берсе де сорайын.
Тиймеймен десе патшаға,
Хақтың қылған исине,
Мен де қайыл болайын,
Ең жаманы өлимди,
Мен мойныма алайын,—
Деген қыял ой менен,
Жуўап алып жәллаттан,
Қайтып кирди үйине.
Дуўры қызға айталмай,
Айтайын десе баталмай,
Шаўдыр шалдай бабаңыз,
Бет алдынан қулады,
Қара жерге таслады,
Жалғыз қызы Қаншайым,
Атасын келип услады.
Қыз айтпай-ақ биледи,
Ишинен қыз күледи,
Бар липасын кийеди,
Хан жиберген жәллатқа,
Қаншайым қыз сөйледи:

— Ханнан келген жәллат дейди сизлерди,
Пукара деп ат береди бизлерди,
Хан болғанлар қолдан тартып ала ма?
Урықсат етип сөйлетсеңиз бизлерди.

Ата-анасыны ырза қылмаса,
Бурынғы жолларды патша қуўмаса,
Патшаңызға бизден дуўай сәлем айт,
Биз бармаймыз ҳадал неке қыймаса.

Ҳадал неке қыйып, тойын басласа,
Ата-анамыздың кеўлин қошласа,
Ҳадал неке қыйсын, қалыңмал берип,
Ел-халқын тойдырып, көкпар тасласа.

Зорлық етип алса, өшер шаңшырақ,
Патшаға жарасар минсе алтын тақ,
Ат шаптырып, елге тойын басласын,
Нашарлықтан қолдан тайды ығбал-бақ.

Пышақ урып сөз айтасаң жаныма,
Сәлем айт Санжархан уллы ханыңа,
Узыны еки қарыс шанаш қалтам бар,
Теңгеге толтырсын қалыңмалыма.

Қалтам толса, қалыңмалым болады,
Қалта толса бизди патша алады,
Қайта бериң елатыңа, ағалар,
Қалтасын қолтықлап атам барады.

Мынаў сөзди еситип,
Жәллатлар атты бурады.
Қыздың айтқан сөзлери,
Буларға мақул болады,
Қуўанышы сыймай қойнына,
Санжарханның алдына,
Жәллатлар шаўып барады,
Қуўанғаны соншелли,
Сөйлей алмай турады.
Қыздың айтқан сөзлердин,
Таллап баян қылады,
Журт ийеси Санжархан,
Тыңлайгөр сөзди бир заман:
—Патша ханым дат,—деди,
Еки жәллат келген соң,
—Арзың болса, кәллеғар,
Көп егленбей айт,—деди.
Сол ўақлары жәллатлар,
Урықсат алып патшадан,
Жәллатлар сөйлей береди:

— Ҳә, хан аға, хан аға,
Арзымды сизге мен айтсам,
Аттың басын бурғанбыз,
Әйне песин ўақтында,
Шаўлыр шалдай бабаға,
Бир ғалаўыт салғанбыз,
Сизге қызын айттырып,
Сөзин тыңлап қарасақ,
Жақсылықтан хабар бар.
Шәрияты дүзиў ер екен,
Дуўры сөзлиниң бири екен,
Шәрият китабын көрип,
Намақул ма, мақул ма,
Қызы менен ойласып,
Сөзлер мақул болыпты,
Қызы жайдан турыпты,
Жегде салып бетине,
Көз түспеди етине,
Жегдесиниң астында,
Шығып бизге сөйледи,
Айтқан сөздиң түрлерин,
Мысал етип қарасақ,
Қыз ақыллы қыз екен,
Айтқан сөзи саз екен,
Айттырса бермес наз екен,
Үш ай тоқсан болса да,
Турған жери жаз екен,
Сымбатына қарасаң,
Суўдағы жүзген ғаз екен,
Қылық-сымбат бойлары,
Ақылына саз екен,
Аппақ-аппақ, йуқа додақ,
Шашбаўлары толық шашақ,
Шашақлары толы моншақ,
Узын бойлы, кең қушақ,
Минәсип пенен сөз айтқан,
Қайрыла берип наз еткен,
Ҳәр бир назлы еткенде,
Қыс тоқсанды йаз еткен,
Кимди жақсы демейди,
Кимди жаман демейди,
«Хош келдиң» деп узатқан.
«Хош келдиң» деп бизлерге,
Бир аманат сөз айтты,
Айтып бар деп сизлерге,
Журт ийеси патшайым,
Тапсырған сөз бул дейди.
Узыны барды еки қарыс,
Ени барды бир қарыс,
Бир көзқалта келеди,
Аш кәмбағал сор екен,
Тапқан ыдысы сол екен,
Толтырсын деп айтады,
Зары бар да, зоры жоқ,
Бермесең де қайтады,
Аламан деген азамат,
Толтырып соны береди,
Я бүгин бе, я ертең,
Қызы, атасы келеди,
Бир қалта теңге қалыңмал,
Келискен исти қоябер,

Тийемен десе алабер,
Инсап бенен болыңыз,
Бир қалтасы аз екен,
Аламан десе ғәрипке,
Еки қалта беребер,
Еки қалта қара теңгеге,
Қыз алсаң не әрман бар,
Әрманы жоқ, Санжархан,
Қыздың және арзы бар,
—Эгер оған қыйланса,
Қымбатсынып ойланса,
Шәрияттың жөнин қуўмаса,
Болмас иске қол урса,
Қыйнамасын болмаса,
Елдеги жетим жесирлер,
Күши тайған ғәриплер,
Хан баласы болады,
Жылап турса бир жетим,
Жубатпаса анасы,
Ким болар екен панасы,
Журт ийеси болса әдил,
Жетим-жесирдиң қаласы,
Жетимек едик, ойласаң,
Тиймеймен десек қылмасаң,
Тыныш жатқан халықтың,
Ошағын түртип былғасаң,
Сәлем айт ханның өзине,
Толмасын қан көзине.
Кеширсин сөзде қәтемди,
Бир ул менен бир қызға,
Биз де қылдық тәўекел,
Ырза қылсын атамды,—
Деген қыздың сөзи бар.

Мына сөзди еситип,
Журт ийеси ҳСанжархан,
Қуўанышы сыймай қойнына,
Тама ўәзири менен,
Султан атлы ўәзирге,
Бир-бирден сарпай жабады,
Ханнан сарпай алған соң,
Барған жери болған соң,
Сөйлеп сөзи келисип,
Асығы алшы турған соң,
Ҳеш жерде болып парахат,
Отырып болмады тақат,
Және атқа минеди,
Қан жалаған гәззаплар,
Шаўдыр шалдай бабаның,
Үйине және жөнеди.
Әйне песин ўақыт еди,
Еки кәлпе жалаңлап,
Көзи қорыққан бабаға,
Және жетип келеди,
Жалбарынып, жалпаңлап,
Бабаға сөйлей береди:

—Шаўдыр шалдай атамыз,
Кеширсеңиз сөзимди,
Болып жүрсе қәтемиз,
Бәрхә қуллық етемиз,
Алдыңызда жатамыз,
Қабыл болды тилегиң,
Патшамыз мақул көрди,
Не айтсаң да тап-тайын,
Ғәзийнеден керегиң,
Алла хәмири сүннетти,
Хан хәмири ўажыпты,
Ўажыпқа қарсы болғанлар,
Ханға қарсы болады,
Хан қарсылық көрсетсе,
Арзы етип турған бенлениң,
Ҳалы қалай болады?
Мен алдыма саламан,
Ханға алып бараман,
Биреўиңди ата қып,
Биреўиңди бала қып,
Мен де сарпай аламан,
Изиме, баба, ерсең,
Қайта-қайта келмек жоқ,
Келеди деп ойлама,
Жәллатлардың нәпси жоқ,
Билсең, бизлер - атқан оқ,
Әжели жетпей жәллатқа,
Ҳеш бир жерден бәле жоқ,
Жуўас сөз деп ойлама,
Жуўаны болар соңынан,
Изиме ерип барсаңыз,
Айың туўар оңынан,
Дәўлети жүрген бендеге,
Хан мийирбан болады,
Дәўлети қайтқан бендеге,
Тақыр жерде сүринип,
Оған бир ис болады.
Қызың айтқан қалтаны,
Қолға алып жүресең,
Ғәзийнеге киресең,
Бир толғаны аз болса,
Керегинше көресең,
Ендиги шәршенби ўәде,
Қызды дәрхал бересең,
Айтып болдым сөзимди,
Шаўдыр шал қалай көресең?

Мынаў сөзди еситип,
Шаўдыр шалдай бабаның,
Қәҳәри жаман келеди,
Қызды алмай қоймас деп,
Истиң түрин биледи,
Қаншайымдай қызына,
Толғанып сөйлей береди:

— Белиме байлаған тилла дәлбентим,
Сен кетсең, таяды бастан дәўлетим,
Және келди қан жалаған гөззаплар,
Не жуўап айтаман енди, перзентим?

Алмай сени тыныш таппас,отырып,
Аўзын ашып келер ийтлер қутырып,
Еки жәллат және келип турыпты,
Өлер болдым қапалықтан болдырып.

Терең суўдан жүзип жоллар салсын деп,
Бары-жоқ ыдысын қолға алсын деп,
Еки жәллат және келди шырағым,
Қызының қалыңын тезден алсын деп.

Ханға барып қалай болар халымыз,
Хан алдында қыйналады жанымыз,
Ойласарға хеш бир бенде таппадым,
Қандай болар айтар қалыңмалымыз?

Хан шақырса, тезден жетип барайын,
Ҳақтың қылғанына қайыл болайын,
Сеннен бөтен ойласарым жоқ, балам,
Санжарханның қайсы затын сорайын?

Асаў малға басжип арқан таққандай,
Сөйлегенде сөзим ханға жаққандай,
Ойласып турыппан енди, перзентим,
Не айтаман ханды сөзден утқандай?

Мынаў сөзди еситип,
Қаншайымдай арыў қыз,
Атасының сөзлерин,
Қалдырмай бәрин тыңлады,
Гәп мәнисин аңлады,
— Ал, атажан, атажан,
Қапа болма сен, — деди,
Утаман гәптен мен, — деди.
Мениң айтқан сөзимди,
Сөйлеп берсең алдында,
Абырайлы, ата, боларсаң,
Ойына алған затыңды,
Айтқаныңды аларсаң,
Иншалла исти оңласа.
Әўлийелер қолласа,
Хан атасы боларсаң,
Көрмегенди көрерсең,
Билмегенди билерсең,
Ҳаслым нашар болса да,
Қор қылмаспан басыңды,
Қартайған гезде, атажан,
Жасартаман жасыңды.
Исми мағзам дуўаны,
Мың мәртеба бәнт етип,
Көзқалтаға дем салып,
Жети жерден байладым,
Жети ықлымның теңгесине,
Толмассаң деп ойладым,
Мениң берген қалтамды.
Ханға алып барасаң,
«Толтырып бер, балам» деп,
Қалыңлыққа сорайсаң.
Журт ийеси Санжархан,
Қолындағы қалтаңды,
Толтырып берсе болады,
Усы қалта саў болса,
Ғәзийнеде теңгесин,
Қалдырмай бәрин алады,
Кишкене деп қыйланба,
Толтырып берсе болады.

Шаўдыр шалдай атасы,
Қалтаны қолға алады,
Тум-тусына қарады,
Аррағырақ барады,
Қарғап нашар бердиң,-деп,
Шаўдыр шалдай атасы,
Гүңиренип жылады,
Жылай берип толғады,
Қызының берген қалтасы,
Кеўилдегидей болмады,
Киши көрип қалтаны,
Баба басын былғады:

— Көзиме көрсеттиң отлы шаланды,
Қартайғанда бузды кеўил-қаламды,
Сақладым, ержетти, не көрдим қайыр?
Перзент деп бермегил нашар баланды.

Жерди-көкти халық әйлеген илайым,
Қартайғанда неден болды гүнайым?
Көзқалтаны алып қалай бараман,
Хан алдына жеткермей ал, қудайым.

Батыр гезип дағыстаннан жол салар,
Ашық ойнап ақ сийнеге қол салар,
Тиймей жатып қыз патшаға болысты,
Жүўермек, еки қарыс қалтаң не болар?

Батырлар қарамас хешким жайына,
Қус салар көлпелер көлдиң сайына,
Еки қарыс қалтаны толтырып ал деп,
Қыз бурып тур тийетуғын байына.

Бир қысым теңгеге қалта толады,
Қыз кеткен соң күним қалай болады?
Перзент болып жалшымас нашар баладан,
Жалғыз қыз да күйеўине бурады.

Тоңқылданып Шаўдыр шал,
Алды-артына қарамай,
Ҳешкимнен жөнин сорамай,

Санжархан салған қалаға,
Сапар етип барады,
Бәлент көше, пәс көше,
Дығырық көше, тар көше,
Тар көшени аралап,
Ханның жайы датқа жай,
Тар қапылы ақ сарай,
Ақ сарайдың ишинде,
Алтын тақтың үстинде,
Отыр еди Санжархан.
Шаўдыр шал барып «Дат» деди,
Қыз атасы келген соң,
Ханда турыс бола ма,
— Шаўдыр шал баба, кел,— деди,
Инам еттим тақтымды,
Алтын таққа мин деди,
Арыз айтар бендениң,
Қыялын ойлап бил,— деди,
Сөйлер сөзин билмесе,
Геллесин қысып қолтыққа,
Патшайым деп келмесе,
Апарып дарға ил, — деди.

Мынаў сөзин еситип,
Хәўлиреп баба жүреги,
Қалыны еди қызының,
Тилеп келген кереги,
— Журт ийеси Санжархан
Алдыңызға келгенде,
Қалтырайды шыбын жан,
Бир-еки аўыз сөйлейин,
Қулақты салсаң, шырағым
Тақ алдына келгенде,
Хәўлиреди жүрегим,
Қабыл болғай тилегим,
Жалғыз қызым бар еди,
Өзи ақылға дана еди,
Ырзалық пенен бердим мен
Аламан десең енди сен,
Шәрият пенен жүрсең
Шәрияттың жолын билсең,
Узыны барды еки қарыс,
Ени барды бир қарыс,
Аўзы бүрме бөз қалта,
Кишкене ғана көзқалта,
Төрт теңгеге толады,
Ырзалық пенен берсеңиз,
Сүт ҳақым деп аламан,
Бизге сол-ақ болады,
Қартайған ҳалда, шырағым,
Көп дүнья мийнет болады,
Өлсек, артта қалады,
Несийбең қосып қосылсаң,
Күйеў де бала болады,
Атасы менен қайната,
Балаға тең болады,

Күйеў болсаң, шырағым,
Бахтыңызды алла ашқай,
Уллы-қызлы болып, балам,
Дәўлетиңиз асып-тасқай,
Жумысымды тез питкерсең,
Керек затымды жеткерсең,
Қайтайын, балам, үйиме,
Аўыр алма сөзимди,
Гөне киси болар гөдек,
Қурт түсти ме мийиме,
Қартайған соң, шырағым,
Сөзлерим зыянға көшер.
Алартса биреў көзлерин,
Жылаў менен күн кешер,
Бахтың бар, дәўран сүрерсиз,
Бермесең де қайтаман,
Патшайым өзиң билерсиз.

Мынаў гәпти еситип,
Санжархандай уллы хан,
«Жәллат» дейип бақырды.
Жәллатлар тайын болады,
Патшасы ҳәмир қылады:
— Мынаў келген бабаны,
Тап алдына саласаң,
Ғәзийнеге барасаң,
Аўзын ашып турасаң,
Бир қалтасы аз болса,
Көтергенше алады.
Қолындағы қалтасы,
Он теңгеге толады,
Ғәзийнеге кирген соң,
Ғарры бийҳуш болмасын,
Халын билмей көп алып,
Көтере алмай турмасын,
Көп дүньяға қызығып,
Еси аўып қалмасын.
«Ал» деген менен көп алып,
Ғарры киси непсиқаў,
Нәпсисин ойран қылмасын.
Қәне, алып барыңлар,
Инсап пенен болыңлар,-деп,
Жәллатқа ҳәмир қылады.

Мынаў сөзди еситип,
Қос жасаўыл қолтықлап,
Ғәзийнеге барады.
Көзқалтаны қолға алып,
Аўзын ашып турады.
Еки жәллат гүреклеп,
Әўел салды бир гүрек,
Билмей кетип барады,
Және салды бир гүрек,
Билмей кетип барады,
Қыза келе жәллатлар,
Гүректиң саны болмады.

Қалта теңгеге толмады,
Толмаса баба қылмады,
Жаллатлар келип жыйналып,
Иркилип турып ойланып,
Және салды қыйналып,
Қалта толмай барады,
Бир гәзийне теңгенин,
Бәрин қалта алады,
Сонда да қалта толмады,
Толар заман болмады.
Екинши теңгеханасын.
Аппаслыққа қылмады,
Бунынан да салып барады.
Азанда салса гүреклеп,
Кешке дейин толмады,
Толар заман болмады,
Беш гәзийнеханадан,
Нәрсе теңге калмады,
Бунда да қалта толмады,
Санжархандай патшанын,
Көрип мынаў қалтаны,
Зәрре жаны қалмады,
Шаяйын десе ўәдени,
Патшалыққа болмады.
Салайын десе теңге жоқ,
«Болады» деўге толған жоқ,
Санжархандай патшанын
Қатты келди кәхәри,
Шығар болды зәхәри,
Мәхирдарын шақырып,
Әмелдарын шақырып,
Салым буйрық қағазға,
Нығарлап мөр басады.
Таратып ел-халқына,
Басып салық салады.
Бергенинин қолынан,
Бермеген бенде бар болса,
Қолынан тартып алады,
Буны салса қалтаға,
Сонда да қалта толмады,
Толар заман болмады,
Және салып салықты,
Шуўлатты жаман халықты,
Санжарханның елинде,
Халқы жаман тарықты,
Ербейип өскен ер болса,
Ерекше салық салады,
Бойы узын бенденин,
Бәри буғып турады.
Келте бақай ер болса,
Келте салық салады.
Жыйнап салса қалтаға,
Сирә қалта толмады.
Толар заман болмады,
Төрт бармақ ени бөз қалта,
Ели-журтты жалмады.
Және салық салады,
Санжарханның елаты,
Улы менен қызлары,
Бул азапқа шыдамай,
Үн салысып жылады.
Узын менен келтени,
Сығалап жүрип қарады,
Хеш бир илаж болмады.
Ойма тазға он теңге,
Қырма тазға қырқ теңге,
Төбели тазға төрт теңге,
Қоймай салық салады,
Кәл баласы жылады,
Салықтан қашқан кәллердиң,
Услап басын тырнады,
Қутылар бенде болмады.
Жылатып алған теңгеге,
Сирә қалта толмады.
Толар күни болмады,
Еки қарыс көзқалта,
Ели-журтты жалмады.
Саяққа салық салады,
Бас-көзине қарамай,
Барын басып алады,
Буны да салса қалтаға,
Билмей кетип барады.
Бойдаққа салық салады,
Хаялы жоқ бенделер,
Шыдамай мына салыққа,
Үн салысып жылады,
Айып таўып нениzге,
Басып салып салығын,
Аса кеткен семизге,
Хешбир айып қалмады,
Бунда да қалта толамды,
Толар заман болмады.
Бул қалтаны толтырмай,
Санжархандай уллы хан,
Сирә тыныш турмады.
Барлық елин жыйнады,
Сал көтинди керсенге,
Сыйса да бер мың теңге,
Сыймаса да бер мың теңге,
Елге гәзеп қылады,
Есигинде бар малын,
Қолынан тартып алады,
Урмай халқы жылады,
Қоррандозды шақырып,
Қорралар салып қарады,
Моллалар китап қарады,
Палкерлер пал салады,
Барлығын жыйнап алады,
Басына сүргин салады,
Шыдамайды азапқа,
Бир қоррандоз қараса,
Қорраның түрин болжаса,

Исми мағзам дуўаның,
Мың жеринен бәнт болған,
Мың мәртебе дем урған,
Көзқалтаның жағдайын,
Қоррандозлар биледи.
Қорраға түскен сөзлерди,
Патшаға айтып келеди.
Көзқалта ушын барлық ел,
Тоз-тоз болып бүледи.
Имканият тапқан халайық,
Патшаға айтып келеди.
Санжархандай уллы хан,
Қорраға кеўил береди.
Жар салдырды қалаға,
Ат шаптырды далаға,
— Көзқалтаның дуўасын,
Жасырынып жүрмесин,
Жаздырғандай ким бар?— деп,
Ғалаўыт салды араға,
«Мен бар» деген болмады.
Зулымлық етип Санжархан,
Ели-журтты қыйнады,
Сол елаттың ишинде,
Өзи хактың нийетинде,
Топпысы тозған,
Геллеси қозған,
Отыра ғойса жүреге,
Еки дизе бастан озған,
Көзлери мәштей,
Шандыры тастай,
Мийинен сасқан,
Ис қылады билкастан,
Атын сорасаң кемпирдиң,
Аты кәллеғар Қулмәстан.
Ғалаўыт соған барады,
Кемпир жайдан турады,
Ҳасаны қолға алады,
Иймейип бели оқжайдай,
Санжарханның үстине,
Қулмәстан жүрис қылады.
Еки сегиз, он алты,
Және сегиз және алты,
Отыз күн жоллар жүреди,
Көп азапты көреди,
Әйне песин ўағында,
Санжархан салған қалаға,
Қулмәстан жетип келеди.
Бәлент көше, пәс көше,
Қулмәстан жүрип барады,
Хан есиги датқа жай,
Тар қапылы ақ сарай,
Ақ сарайдың алдына,
Кемпир жетип барады.
— Патша, ханым, дат, — деди,
— Арзың болса айт, — деди,
Қулмәстан күлип, ғарқылдап,
Толғанып сөйлей береди:

— Заманында қыйналды ғой жанымыз,
Ҳеш жерге сыймады дүнья малыңыз,
Бир ғалаўат еситемиз, шырағым,
Айтайын ба, журт ийеси ханымыз?

Салығыннан хеш бир адам калмады,
Өзиннен басқада ҳеш кос болмады,
Жуўап берсең, көзқалтаны көрейин,
Қурттай қалта ели-журтты жалмады.

Елатына пана болғай бир алла,
Бул барыстан барса, бузылар қала,
Исми мағзам дуўасынан бәнт бопты,
Теңгеге толмайды шаппаттай қалта.

Дуўаны қайтарып урсаң, толады,
Бир қысым теңге қалтаға ҳақ болады,
Жуўап берсең, қалтаны биз көремиз,
Қалтаның илажын мамаң қылады.

Бир қысым теңгеге қалтаң толады,
Мамаң оқып, демди оған урады,
Қалыңмалы бир қысым теңгеге қызының,
Шаўдыр шалдың кеўли бәржай болады.

Алар келиншегиң дуўа биледи,
Қосылып сиз бенен дәўран сүреди,
Тилегиңиз қабыл екен, шырағым,
Бир ул, бир қыз сизге туўып береди.

Бир ул, бир қыз, балам, өзиңнен болар,
Душпаның көбейип, сизге тор қурар,
Жат өсирер жаслайынан баланды,
Еки ханнаң журты бир қосып сорар.

Мына сөзди еситип,
Санжархандай уллы хан,
«Жәллат» деди, бақырды,
Жәллатларын шақырды,
Жәллатлар тайын болады,
Жәллатларға қарады:
— Мынаў турған маманы,
Оң қолынан жетеклеп,
Ғәзийнеге кириңлер,
Кешеги көзқалтаны,
Бул мамаға бериңлер,
Құдиретин көриңлер,
Әгер толса көзқалта,
Үш табақ теңге ҳақысын,
Бул мамаға бериңлер,
Мамада болмай кудирет,
Алдаған болса бизлерди,
Тап өлтирип келиңлер, —
Деп хәмир етти Санжархан.

Ханнан хәмир болған соң,
Жәллатлар жайдан турады,
Маманы салып алдына.
Ғәзийнеге барады,
Шаўдыр шалдың қолынан,
Көзқалтаны алады,
Инам етти мамаға,
Мама оқып бәнтлерин,
Еки карыс қалтаға,
Шалқайып дем урады,
Деми кабыл маманың,
Қалта тасып, төгилип,
Бир кысым теңге жай болып
Қалта толып турады,
Санжархандай патшаның,
Бес ғәзийне теңгеси
Салық пенен жыйналып,
Он ғәзийне болады,
Халқы абат болады,
Көзқалтаны толтырып,
Қалыңмал усы болса деп,
Шаўдыр шал қапа болады,
Карғаған қудай бизди деп,
Өксип-өксип жылады,
Хәр жерлерден отырып,
Баба үйине барады,
Қулмәстандай мамаңыз,
«Ўәде қайла, балам?» деп,
Санжархандай патшадан,
Үш табак теңге сорады,
Толтырған соң қалтаны
Миннетдар мама болады,
Сорағанын алады,
Көзге тийип ис қылып,
Ханға жақын мәхремнин,
Биреўине мама болады,
Тарыйғюйса Санжархан,
Мама менен ойласып,
Хәр ўақтында турады.
Шаўдыр шалдай бабаның,
Қыз қалының берген соң,
Ханда турыс бола ма,
Хан айтқанды қыла ма,
Алпыс еки әмелдар,
Жетпис еки мөхирдар,
Жыйнап алып қасына,
Ақ күймени алдырып,
Көргенди хайран қалдырып,
Телеген арба тенселип,
Шаўдар шал баба елине,
Санжархан жүрис қылады,
Күн орта бойы жол жүрип.
Азғана емес мол жүрип,
Намазлыгер ўағында,
Қараңғы түсер шағында,
Шаўдыр шал жатқан шаппаның ,
Оң жағынан киреди,
Күйеў болыў аңсат па,
Санжархандай уллы хан,
Есиктен кирген бендеге,
Ийилип сәлем береди,
Патшасы күйеў болған соң,
Қалмай адам келеди,
Шаўдар шалдай бабаның,
Қалың мал деп алғаны,
Көзқалтаға салғаны,
Барған күйеў патшаға,
Ғәрежетке болмады.
Елге күйеў келген соң,
Жигит-желең жыйналып,
Қыз-келиншек жыйналып,
Санжархандай патшаны,
Алды ортаға айланып.
Арқан менен орайды,
Күйеў ойынға қолайды,
Шаңлақ кәде, шаң кәде.
Қосымша берсең ел кәде,
Көпир кәде, жол кәде,
Көше кәде, ай кәде,
Кемпир өлди сол кәде,
Босаға кәде, бас кәде,
Санжархан үйге келген соң,
Төрге шаққан ўағында,
Төр кәдем деп алады,
Ыс кәдем деп алады,
Төс кәдем деп алады,
Елге патша болған соң,
Илажы жоқ шәриятқа,
Не десе де турады,
Патша күйеў болған соң,
Сорағанын алады,
Жыйланып келген халықтың,
Бир тойғанға мәс болып,
Кеўили шад болады,
Журт ийеси Санжархан,
Түргел десе түргелип
Ийил десе ийилип,
Шәрият ушын патшасы,
Не айтса да турады.
Миннет кешип өзинен,
Ендигисин сорасаң,
Шаўдыр шалдың перзенти,
Қаншайымдай арыўдың,
Басына күнлер туўады,
Шашларын тарап жуўады,
Хәр иске қайыл болдық деп,
Беллерин қынап буўады,
Қыз-келиншек жыйналып,
Қаншайымдай арыўды,
Тап ортаға алады,
Хан әкелген кийимди,
Кийиндирип бойына,

Илла менен пиллаға,
Қаншайымдай арыўды,
Патшалық елти болсын деп.
Ақ мамыққа орады,
Қызды әбден сылады,
«Қырық қатынның үстине,
Алғаны ма?» дегенлер,
Көрсе кеўили толады,
Қыз кийинип шыққан соң,
Өзинде бар шырайға
Және шырай қосылып,
Үйинен шығар жерлерде,
Кеўили қыздың бузылып,
Көзинен жас дизилип,
Сынсып жайдан турады,
Бирге өскен қызлары,
Келип қушақ урады,
Көкиректи басып көкирекке,
Бирине-бири сүйенип
Қуўдай сынсып жылады,
Шырматылып шарқанадай,
Жүр деген менен жүрмейди,
Келип турған арбаға,
Наз етип қызлар минбейди,
Жазылған шарият мәзхапта,
Қапа болған жылайды,
Және ўаспын сорасаң,
Қуўанған бенде жылайды,
Арбаға минбей Қаншайым,
Тум-тусқа басын былғайды,
Қаделер алған көп қатын,
Арбаға аяқ тийиўден,
Басқа жағын оңлайды,
— Жаслайымнан қор боп басым,
Ғарры хан болды жолдасым,
Бизлерге туўды қара күн,
Хош болың, енди қурдасым.

Хәр исти көрер бул баслар,
Сел боп ағады гой жаслар,
Өз теңине қосылғайсыз,
Хош болың, кеттик қурдаслар.

Патшаның барғанды жасы,
Бизлерге түсти дуўасы,
Несийбем буннан кетип тур,
Келип тур ханның арбасы.

Арбаға минген соң түсер жолына,
Бизди алса, қарамас оңы-солына,
Қырық қатынға биз боламыз хызметкер,
Биз барамыз күндеслердин қолына.

Бүгин бизге мехрибан боп турғанлар
Бизин менен бирге ойын қурғанлар,
Биз барамыз күндеслердин қолына,
Хош болыңыз бизге жеңге болғанлар.

Келиншек барған соң үйди сығалар,
Қырық қатын ортаға алса, нем қалар,
Айдайын деп тур ғой залым арбасын,
Хош болыңыз, заманагөй ағалар.

Батыр гезип дағыстаннан жол салар,
Қырық күндеске хызмет етип, нем қалар,
Тарыққанда күндеслердин қолында,
Яр болагөр бизге ата-бабалар.

Еле жылап көзлеримнен қан ағар,
Күндеслер қаст етсе, бизден жан шығар,
Кетейин деп турман елимнен шығып,
Хош болыңыз, жасы үлкен мамалар.

Күндеслерден қыйын болар күнлерим,
Жылаў менен өтер хәр бир түнлерим,
Биз барамыз күндеслердин қолына,
Хош болыңыз, заманагөй инилерим.

Шалқайып жүрип-ем шаңлақ жеринде,
Шабағын аўлап-ем батпақ көлинде
Қыз болып шалқайып дәўран сүрмедим,
Жүре алмадым бир қайғысыз елимде.

Қайғы-хәсирет бизге туўған бул заман,
Басыма түсип тур қараңғы думан,
Күндес пенен көрген күним қурсын,
Киси хызметинде жүрген дым жаман.

Мынаў сөзди еситкен,
Есабы жоқ көп қатын,
Бүклеп салды арбаға,
Жаранбақшы булар ханға,
Қаншайымдай арыў қыз,
Түсти саррасланып жолға,
Жылап, хошласып баратыр,
Сәлем айтып барлық жанға.
Арбаны бурып айдады,
Арбаға қызды байлады,
Тум-тусынан саз урып,
Түни менен жол жүрип,
Санжархан саған қалаға,
Келин болып керилип,
Қаншайым жетип келеди,
Келин болған жерине,
Керилип сәлем береди.
Келиншек келди деген соң,
Патша алып келген соң,
Күн тиймеген бийбишлер,
Жол жүрмеген азадалар,
Әширепи шазадалар,
Әмелдарлар сүйген ханзадалар,
Қусбеги сүйген бегзадалар,
Келиншекке барады,
Бетине ақ салады,

Басқан жерин белгилеп,
Қозғалтпай қәде алады,
Көримлигин айтыўға,
Арқа мойнын қасыған,
Өзи текедей сасыған,
Мурынлары қалақтай,
Бетлерин көрсең, табақтай,
Өзи ҳәддинен асқан,
Бет-ауызларын түк басқан,
Аты Қодарқул еди,
Келиншек келсе елине,
Көримлик айтар сол еди.
Соған хабар жетеди,
Қос жасаўыл кетеди,
Ыс-пысына қарамай,
Қодарқул лаққы бабаны,
Қаншайымның қасына,
Жақын алып келеди,
Бир таяқты береди,
Қаншайымның бетине,
Жаўып қойған ағына,
Қодарақул байлап таяқты,
Желпип сөйлей береди:

— Ҳаў келиншек, келиншек,
Келиншек, болма ериншек,
Күндеслердиң қолында,
Болып турма шегиншек,
Келиншек аман келдиң бе?
Алып келген жигиттиң,
Ким екенин билдиң бе?
Әдепли бол, келиншек,
Көйлектиң баўын илдиң бе?
Айрылдың туўған елиңнен,
Уштың уялы жериңнен,
Келиншек үйге кирген соң,
Айып таппаңыз ериңнен.
Ҳәзир қараймыз тойыңа,
Жигит ылайық бойыңа,
Бетиңнен ақты аламыз,
Алды деп алма ойыңа.
Қарайгөр сөздиң жүйине,
Қуяман гәпти мийиңе,
Ийилип киргил ақ үйге,
Сәлем бер ханның үйине,-
Деген ўақта Қаншайым,
Үш мәртебе ийилип,
Босаға бәлент боз үйдиң,
Босағасын маңлайға,
Үш мәретебе тийгизип,
Әсте үйге киреди,
Еки қолдан еки қыз,
Жетеклеп, «берман жүр»дейип,
Шымылдыққа киреди.
Шәўкилдеп ханның жүреги,
Орынланды тилеги,
Уллы тойын баслады,
Алысына хат жоллап,
Жақын жерге ат жоллап,
Елин қоймай жыйнады,
Мал семизин сойдырды,
Үшкүлли ошақ ойдырды,
Тойға келген жигитке,
Дарадан табақ қойдырды,
Ат шабылды, дәп қағылды,
Сырнай-гәрнай урылды.
Қур алыстан қурылып,
Жыраў-бақсы айтылып,
Алтын қабақ атылып,
Қырық күн удай той болып,
Тойынып гәрип-қәсерлер,
Мәслик пенен жүреди,
Баяғы көримлик айтқан,
Қодарқул және келеди,
Қаншайымдай арыўдың,
Бетине салған ақ белги,
Ақ белгиден услайды,
Беташар белги болсын деп,
Көдарқул сөзин баслайды:

— Келиншек, келиншек, келдиң бе,
Көримликти бердиң бе,
Есикти ашып киргенде,
Ийилип сәлем бердиң бе?

Ҳә, келиншек, келиншек,
Келиншек, болма ериншек,
Үй алдына мал келсе,
Бақанлама, келиншек,
Бақаныңды сындырып,
Қақаңлама, келиншек.

Жасы уллының алдынан,
Кесип өтпе, келиншек,
Қайын ата, қайын енени,
Басып өтпе, келиншек.

Уйқыладым деп жортаға,
Қур-қурлама келиншек,
Өзиң жатып, байыңа,
Тур-турлама, келиншек.

Қайын атаңның алдында,
Қайқаңлама, келиншек,
Қайын енеңниң алдында,
Шайқатылма келиншек.

Ат байрақтың сызығы,
Алыс емес, келиншек,
Жигит-қыздың ойыны,
Намыс емес, келиншек.
Байладым пота белиме,
Түстиң бе, балам, тилиме,

Келиншек болып түскен соң,
Елиңе бер бир сәлем.

Елтири тонның жағасы,
Хан болар елдиң ағасы,
Елге келин келгей деп,
Тилеклес боп жүрипти,
Жасы уллы бабасы
Буған да бер бир сәлем.

Барлық ул-қыздың анасы,
Жас ўақтында панасы,
Келин балам келгей деп,
Тилеклес боп жүрипти,
Усы еллердиң мамасы,
Буған да бер бир сәлем.

Малларға толы қорасы,
Қырық еки болып тур басы,
Келиншек келди дегенде,
Қуўанды қатар-жолдасы,
Буған да бер бир сәлем.

Уйқыламай өтти күнлери,
Тилеклес болып жүрипти,
Санжарханның инилери,
Буған да бер бир сәлем.

Тойында шертилди сазлар,
Жаңлады пүткил хаўазлар,
Сен келгенде қуўанысты,
Елдеги өзиңдей қызлар,
Буларға да бер бир сәлем.

Түнде жүрген перидей,
Күйип қалған терилей,
Тама ўәзир деген қайнаған,
Буған да бер бир сәлем.

Көлдеги жүрген қоғалай,
Мойынлары буғадай,
Султан ўәзир қайнаған,
Буған да бер бир сәлем.

Тамға урған балшықтай,
Иш тастаған қаншықтай,
Кенес бий хәм Керим бий,
Буған да бер бир сәлем.

Қаладан қайтқан ешектей,
Жолдағы жатқан кесектей,
Омыраўлы Омар бий,
Буған да бер бир сәлем.
Аркан ессе бос ескен,
Осырығы жер тескен,
Такым бийге бер бир сәлем.

Шаншылып ушқан қырғаўылдай,
Еки путы сырғаўылдай,
Қолдаўлы бийге бир сәлем.

Кәреп болған күним деп,
Қайғыда өтти түним деп,
Уўайым басқан күндеске,
Буған да бер бир сәлем.

Өзи де ақылдан сасқан,
Тула бойын түк басқан,
Көримлик айтып адасқан,
Маған да бер бир сәлем.

Көримлик айтып болған соң,
Бетинен ақты алады,
Қаншайымдай арыў қыз,
Шымылдықтан шығады,
Билеклерин сыланып,
Қырық әйелдиң алдында,
Буланлап хызмет қылады,
Қырық күндеске күн туўып,
Бирин-бири жулады,
Урмай-соқлай жылады,
Санжархандай уллы хан,
Қаншайым менен екеўи,
Алтын тахқа барады,
Екеўи татыў болады,
Тойын тамам қылады,
Қырық қатын шетте қалады.
Пошалады қатынлар,
Үстине қатын алған соң,
Түрли ойды ойлады,
Ой менен ис болмады,
Қырық қатынның үстинен,
Санжархан хабар алмады,
Қырық қатынның абырайы,
Қаншайым қурлы болмады.
Қырық қатын шекти жапаны,
Санжархан менен Қаншайым,
Сүрди ғой заўқы-сапаны.
Санжархандай патшаның,
Қаншайымдай арыў қыз,
Көринди ысық көзине,
Қырық әйели патшаның,
Қалай сулыў болса да,
Туўмаған соң қатынлар,
Көринди бәле көзине.
Қаншайым менен Санжархан,
Алты ай дәўран сүреди,
Тилегин алла береди,
Оң жағында ул бал,
Шеп жағында қыз бала,
Егиз қурсақ көтерип,
Шәмпийип иши келеди,
Балларға жан енеди,

Жуклимен деп айталмай,
Уялып нашар жүреди,
Санжархан көрип-биледи,
Қарын шашыў, уллы той,
Және тойды береди.
Айын санап жүреди,
Арадан өтип сегиз ай,
Иши үлкейип келеди,
Қаншайымды көрген соң,
Туўмаған қырық қуўмазар,
Күнде бир ўақ өледи,
Қорқытсақ бала түсер деп,
Жолын аңлап жүреди.
Күндеги талап сол еди,
Санжархан буны билмеди,
Душпанлық етип жүрер деп,
Сирә зейни илмеди,
Санжархан қыял ойлады,
— Қаншайымдай бийкениң,
Айы-күни толған соң,
Толғақтан хабар болған соң,
Шақырып бизди алмай ма?
Толғақ тутса хаялым,
Ери қасында турмай ма?
Алтын айдарлы ул туўса,
Гүмис айдарлы қыз туўса,
Шырлап түскен баланың,
Шырлаған сестин еситип,
Есим аўып қалмай ма?
Қуўанып жарылса жүрек,
Жан кетер шығып геўдеден,
Жыйнап терген мал-мүлким,
Сөйтип артымда қалмай ма?
Бул талапты қояйын,
Алтын тахтан түсейин,
Хан кийимди шешейин,
Туйғын алып қолыма,
Шығайын шикар жолына,
Жәзийрада қус салып,
Тарқатайын қумарды,
Шөллерде мәс боп желейин,
Бес-алты күн көрейин,
Ким досыян, ким душпан,
Өз көзим менен көрейин.
Дос болғанның белгиси,
Сүйинши сорап бармай ма?,
Қуўанып хабар қылмай ма?
Душпанлықтың белгиси-
Шебине таўлап турмай ма?
Келисип турған талапқа,
Кеселеп өзи урмай ма?
Сөйтип өлимдар болмай ма?—
Деген қыял ой менен,
Туйғын алып қолына,
Шықты шикардың жолына,
Қәлпелер ертип изине,

Ҳеш зат көринбей көзине,
Кетермен болып турыпты,
Ашық болып телмирип,
Қаншайым мәстиң өзине.
Кетежағын билдирип,
Қаншайым жатқан ақ үйдиң,
Оң жағына келеди,
Әстелеп хабар береди,
Бир ис таўып жүрер деп,
Сөйтип меннен көрер деп,
Қуўанғаны бир жағы,
Шүкир етип аллаға,
Қаншайымдай арыўға,
Санжархан сөйлей береди:

— Дийдарың көргенше жоқдур қарарым,
Басымнан таймағай келген дәўраным,
Айы-күниң шамаласқан қусайды,
Кеўлимдегин мен айтайын, дилбарым.

Бул майданда гүлдей болған тәрзим бар,
Бир алладан бес ўақ намаз қарзым бар,
Сапар еттим дағыстанға шикарға,
Санжарханның айтатуғын сөзи бар.

Бала туўсаң бизлерде ес қалмайды,
Жақынластың, зейним соны аңлайды,
Толғақ тутып зар жыларсаң алла деп,
Ол жерлерде биз турыўға болмайды.

Сениң менен бирге болғай тилегим,
Хызметкерлер таўып берер керегиң,
Еситсем шырлаған баланың сестин,
Қуўанышқа жарылып кетер жүрегим.

Хан болғанлар қыяға қус салмай ма?
Сиз туўсаңыз сүйинши сорап бармай ма?
Еситсем жылаған сестин баланың,
Сол жерлерде есим аўып қалмай ма?

Оң жағымнан туўар болып тур айым,
Не айтсаң питирер, хызметкер тайын,
Бизлер кеттик қыя шөлге қус салып,
Бир аллаң яр болғай сизге Қаншайым.

Мынаў сөзди еситип,
Қаншайымдай арыўдың,
Еки көзи аланлап,
Жеккелигин яд етип,
Зар әйлеп жылап алдында,
Санжархан минген бедеўди,
Еки қоллап жылаўлап,
«Кетпе, төрем, дузге» деп,
«Мәлел келер бизге» деп,
Толғанып сөйлей береди:

— Қыслар келсе үргин үрип, жаўар қар,
Қыйын иске басым болды дуўшакар,
Таслап кетпе күндеслерге қор әйлеп,
Мендей алғаныңның айтар арзы бар.

Қус салып шықпағыл сайыл жолына,
Қарамайсаң оңың менен солына,
Толғақ тутса, биз ақылдан сасамыз,
Таслап кетпе күндеслердиң қолына.

Қырық әйелиң салар ақырзаманды,
Сиз жоқта сөйлеген сөзи жаманды,
Таслап кетпе қырық ҳаялдың қолына,
Балларыңның тирилиги гүманды.

Қырық қатының аққан суўды қайырар,
Толғақ тутып, бизди, төрем, майырар,
Таслап кетпе күндеслердиң қолына,
Еки перзентиңди бизден айырар.

Толғақ тутып, кешер нешик ҳалларым,
Ес-ақылдан айырылады жанларым,
Таслап кетпе күндеслердиң қолына,
Ержеткенше жат өседи бәлларым.

Қырық қатын тарылтар майдан-даланды,
Күндеслер бузады кеўил-қаламды,
Толғақ тутса отыр, төрем, қасымда,
Басқа түрге айландырар баланды.

Күндеслердиң минез-қулқын билемиз,
Толғақ тутып, көп азапты көремиз,
Басқа зат туўды деп айтар жаманлап,
Сол себептен жәзийрада жүремиз.

Қус салып, аў аўлап, ғарғыс аларсаң,
Кетпе, төрем, уллы-қызы боларсаң,
Таслап кетсең күндеслердиң қолына,
Бир пышықлы, бир күшикли боларсаң.

Сени көрип, сайрап тур ғой бизиң тил,
Толғақ тутса, бизден солар қызыл гүл,
Туўмағанлар туўғанларды күнлейди,
Гәҳи кеткил, гәҳи кетпе, өзиң бил.

Туўмаған қатынның болар баласы,
Бизге жуғар көп қақсалдың қарасы,
Туўмаған қатында зыян көп болар,
Кетпе, еки нәрестениң атасы.

Биреўи ул, биреўи қыз, билемен,
Өз жағдайларымды сынап көремен,
Қос мәммемниң биреўи жоқары, биреўи төмен,
Сол дәрекли ишимдегини билемен.

Мына сөзди еситип,
Санжархандай уллы хан,
Аң-таң болып турады,
Қусбеги, метер, жәллатлар,
Ханды ортаға алады:

— Журт ийеси-ханымыз,
Жаман емес ҳалымыз,
Қаншайым арыў туўғанда,
Сизлердей уллы патшаға,
Ким қылады жаманлық?
Сорамыңның ишинде,
Сизге қарсы турғандай,
Қайырылып сөз урғандай,
Ҳешбир бенде қалған жоқ,
Бола қойған ўағында,
Тайын ғой оған әжел-ок,
Қатын деген қарашыл,
Қайғыны көп шегеди,
Сапар тартып шыққанда,
«Жолың болғай» демейди.
Қолдан келсе залымлар,
Шығармайды далаға,
«Барағой, төрем» демейди,
Ҳаял шығып сөйлесе,
Жолына кес болады,
Кесип өтсе алдыңды,
Сапарың гүлдей солады.
Айтқанын қылған ҳаялдың,
Ол да ҳаял болады.
Ҳаялдың тилин алмағыл,
Сөзине қулақ салмағыл,
Кетежақ болсаң бир жаққа,
«Жуўап бер» деп турмағыл.
Қулмаманы алдырып,
Тап қасына қояйық,
Айтқанын қылмай киргенди,
Еки көзин ояйық,
Үш табақ толы теңгенди,
Көзқалтаңды толтырып,
Алып кеткен қолыңнан,
Умыттың ба, патшайым,
Қулмәстандай жеңгенди.
Және берсең теңгени,
Маман қараўыл болады,
Өзиң айланып келгенше,
Киргизбей ҳешким турады.
Айтқанын қылмай маманың,
Басып кирген бенденин,
Ҳалы қалай болады,
Журт ийеси патшаға,
Өлимдар болып турады,
Санжархандай ханымыз,
Айтсақ нәсийҳатымыз,
Қулмаманы алдырсаң,
Теңгеге мийрин қандырсаң,
Хабардар болар ҳалынан,
Теңге десе берейик,

Маманы көзге илейик,
Шыдамасаң, патшайым,
Тез айланып келейик.
Сапар тартып шыққанда,
Қатын айтты деп қойған,
Қатынның иси болады.
Ханды қатын бийлеген,
Деген гәп саған қалады,
Мынаў айтқан сөзлерим,
Патшайым қалай болады?

Мына сөзди еситип,
Журт ийеси Санжархан,
Жәллатларға буйырды:
— Қулмаманы келтириң,
Ким досыян, билдириң,
Қаншайымдай арыўдың,
Жағдай исин билдириң,
Кетпесин таслап аўлаққа,
Кимлер қолын урады,
Келип турған бул бағқа,
Басып кирген бендеге,
Әгер күши жетпесе,
Ат жиберсин биз жаққа,
Кимлер еркек болмасын,
Кимлер қатын болмасын,
Отқа таслап өлтириң,
Патшалық-ханның ҳәмирин,
Пуқараға билдириң.

Ханнан ҳәмир болған соң,
Жәллатлар жайдан турады,
Қулмәстанға барады,
«Шыққыл, мама, үйден» деп,
Ханнан барған жасаўыл,
Қаратпай ҳәйле-пәйлеге,
Маманы қуўып шығады,
Ат алдына салады,
Әсте жүрсе урады,
Әйне песин ўақ еди,
Санжархан салған қаланың,
Оң жағына киреди.
Бәлент көше, пәс көше,
Дыңырық көше, тар көше,
Тар көшеде тарығып,
Хан есиги датқа жай,
Тар қапылы ақ сарай,
Ақ сарайдың алдына,
Мама тайын болады.
— Не хызмет бар, балам? — деп,
Санжарханнан сорады,
Еки қолын қаўсырып,
Толғанып сөйлеп турады:

— Жәллат арып қыйланды ғой жанымыз,
Қартайған соң кешер нешик ҳалымыз?
Жәллатларға қуўып кел деп буйырып,
Ислегендей не хызмет бар ханымыз?

Қолдан келсе хызметиңе барайын,
Тур деген жериңде барып турайын,
Сорайман бир қасық, балам, қанымды,
Ҳалым жеткен исиң болса қылайын.

Ғарры адам менен бүйтип ойнама,
Қартайғанда, балам, жанды қыйнама,
Өнип-өсериңе, балам, жақсы-ды,
Ғарры адамды ҳәўлықтырып айдама.

Санжархан сонда сөйледи:

— Биреўден-биреўге дөнер бул заман,
Бүгин тири жүрсең, ертеңги гүман,
Шақырды деп алма, мама, кеўлиңе,
Бир сөзим бар айтсам сизге, мамажан.

Атым Санжархан-ды, журтқа хан едим,
Жаслайымда қатарымда нар едим,
Айтайын, мамажан, сизге сырымды,
Ойласаңыз, бир перзентке зар едим.

Аңсат қутқарып-ең ярдың малынан,
Хабардар бол Қаншайымның ҳалынан,
Айы-күни Қаншайымның толып тур,
Ҳеш мақлуқ жүрмесин басып жанынан.

Биреў жаманлықты етер бизлерге,
Сол себепли шөп салмасын көзлерге,
Туўған баласына етер жаманлық,
Сол себепли тапсыраман сизлерге.

Толғақ тутып, ерк кетер арыўдан,
Ойланбасаң пайда болмас қарыўдан,
Бир ул, бир қыз Қаншайымнан туўылса,
Көп сүйинши беремен, мама, барыўдан.

Усы исти миннетиңе аласаң,
Қаншайым туўғанша бирге боласаң,
Әўел қуда, қалды, сизге тапсырдым,
Душпанлық еткенди мәлим қыласаң.

Ҳешбир дүнья көринбей тур көзиме,
Сизди досыян деп жүр-ем өзиме,
Туралмаспан Қаншайымның қасында,
Тапсырып мен кеттим, мама, өзиңе.

Мынаў сөзди еситип,
Қулмәстан жайдан турады,
Санжархан айтқан сөзлерге,
Мама қайыл болады.
— Мақул болар, балам,— деп,
Патшаға жуўап қылады.
Қаншайымдай арыўды,
Тапсырып Қулмамаға,
Санжархандай уллы хан,
Жәллатларға қосылып,

Қусбегилер қус алып,
Қыя майдан шөллерге,
Кетти дейди қус салып.

Ендиги сөзди тыңласаң,
Мәнисин гәптиң аңласаң,
Қаншайымдай арыўдың,
Айы-күни толыпты.
Толғақтың күни болыпты,
Айы-күни болған соң,
Ишинен жаман бурыпты,
Бийҳал болып Қаншайым,
Алтыннан бақан көмдирип,
Тилладан жүўен кердирип,
Дизден мамық салдырып,
«Алла» деп байғус жылады.
Құлмәстандай мамасы,
Гә оңына шығады,
Гә солына шығады,
Шыр-пыры шығып турады,
Толғақ жүрмей оңына,
Қаншайым бийҳал болады.
Санжарханның алғаны,
Көп бәлеге қалғаны,
Қырық қатыны жыйналып,
Қәўендер болған адамдай,
Күндеслер турды айланып,
Душпанлық етиўдиң жолын,
Табалмай турды ойланып.
«Туўған қалай болар» деп,
Туўысқандай күйинип,
Арқа-мойнын сыйпалап,
Тум-тустан қол урады,
Қаншайымдай арыўың,
Жеккелик келип басына,
Өксип-өксип жылады.
Мийрими жоқ қырық қатын,
Толғаққа зыян қылады,
Душпанлығын билдирди,
Қаншайымдай арыўды,
Тум-тусқа былғап күйдирди,
Қәўендер болған мамаға,
Қаншайым мәс қарады,
«Қырық қатынды қуўың» деп,
Мамаға ийек қағады,
Толғақ өрлеп кем-кемнен,
Қаншайымдай бийкениң,
Көкирегинен тығады,
Еси кетип қулады,
Қырық қатын ғаўлап тум-тустан,
Бара алқымнан буўады,
Хан қойып кеткен Қулмама,
Бақырып даўысы барғанша,
Таяқ алып қолына,
Қатынларды урады,
Көп шаўқымды еситкен,
Көшелеп жүрген адамлар,
Тамашаға барады.
Көп жыйылып барған соң,
«Патша билип қояр» деп,
«Бизди өлимдар қылар» деп,
Буўамыз деген қатынлар,
Кейин бәсип турады.
Хан қойған соң қайтсын ба,
Жекке келген қатынды,
Мамаң қатты урады,
«Айтаман ханға келсе» деп,
Қырық қатынға Қулмама,
Толғанып сөйлеп турады:

— Байларың шөлге қус салар,
Несийб етсе уллы болары,
Келмең толғақтың үстине,
Хан бийкеси шазадалар.

Толғақ жөнленсе жол салар,
Қаншайым бийке ул туўар,
Айтқанды қылмай турыпсыз,
Боласыз кешикпей өлимдар.

Туўсын пақыр бул саламат,
Тапсырып кетти ғой аманат.
Кет аўлаққа, бийҳаялар,
Етпең балаға қыянат.

Шақырсам жәллат тайынды,
Алар жәллатлар айынды,
Тапсырып кетти бизлерге,
Шақыртайын ба байынды?

Жүреклериңнен хан басар,
Толғатқан ақылдан сасар,
Жаманлық етпең патшаға,
Еситсе, дарына асар.

Ханға ҳешким қарсы турмасын,
Ҳешким бийперзент болмасын,
Кетиң майданға, қақсаллар,
Туўғанды алла оңласын.

Қаст етсем гүлиң солады,
Әжел-пайманаң толады,
Адамды адам туўмаса,
Адам қаяқтан болады?

Сендей шаялар туўмаса,
Изинде белги болмаса,
Қаншайым аман-саў туўса,
Бәриңди дарға асады,
Туўың, шаялар, болмаса.

Туўғанларға туўмаған қас,
Туўмасаң болдыңыз нәкас,

Қолдан келсе туўсаңыз ғой,
Болдыныз патшаға жолдас.

Пискенге орақ салады,
Туўылса белги қалады,
Туўмаса сендей шаялар,
Ақыбети жойылып,
Кейни кәреп болады.

Туўмаған өлсе қор болар,
Перзентсиз болса зар жылар,
Туўмаса сендей қақсаллар,
Өлгенде оған ким жылар?

Туўған қатынлар гүлистан,
Туўмасаң, алдың шөлистан,
Қалай сулыў болсаң да,
Туўмасаң түсер зимистан.

Түрли бәлени билесиз,
Жыйылып бәриң келесиз,
Туўмасаңыз шаялар,
Қартайсаң ҳақлап жүресиз.

Туўмасаң ҳешким билмейди,
Өлсеңиз ас-суў бермейди,
Өзиңнен туўған болмаса,
Өлгенде адам келмейди.

Ақтерек янлы саяң жоқ,
Басыңа келсе әжел-оқ,
Өлгенде дуўа қылмайды,
Дуўа қылар перзент жоқ.

Адамнан белги болмаса,
Өзиң өлип кеткенде,
Бой таслап жылап турмаса,
Сизлерди хан алып жүр,
Сулыўлықтан не пайда?
Сүйгендей перзент болмаса,
Бәринди келсе қырады,
Не керек, қатын туўмаса?

Санжархан алған қырық қатын,
Мына сөзди еситип,
Жаман ҳәзи қашады,
Есикти теўип ашады,
Басып үйге киреди,
Қулмамадай мәстанды,
Жығып салып шалқаға,
Көкирегине тебеди,
Беккем тутып алады,
Мойнына жип салады,
Қулмамадай маманы,
Жалаңашлап жулады.
— Өлтиремиз, мама, — деп,

Бийҳая сурбет биреўи,
Пышақ алып қолына,
Шалмаға қайым болды.
— Сөйлейсең бе, мама? — деп,
Қулмамадан сорады.
Өлерин мәстан биледи,
Ғағырлап әстен күледи,
Қырық қатынға арзы етип,
Сор мәстан жанын тиледи,
— Санжархан ханы қурысын,
Қайтпай ўәдеде турсам,
Хан келгенше қаратпас,
Әрманда өлип кетермен,
Хан келемен дегенше,
Мен дүньядан өтермен,
Келиспеген талабым,
Келистиремен десем,
Қудайым ул бермесе,
Қудайым қыз бермесе,
Талап оңына келмесе,
Наймыт өлгир Санжархан,
Бул ислерди билмесе,
«Өлип кеткен арысланнан,
Тири тышқан жақсырақ»,
Хан ушын өлип кетпейин,
Санжарханы қурысын,
Өлимнен азат болайын,
Қошемет урып қырқына,
Мақтап арыз қылайын,
Қаншайымның арзына,
Шабарман деп өлермен,
Өзим өлип кеткен соң,
«Душпаның мынаў, патша» деп,
Кимди тутып берермен?
Қырық әйел менен бир болсам,
Не қыл десе, мен қылсам,
Көп-көплигин қылмай ма?
Сайлап алған қырық ҳаял,
Жуўҳалық пенен шаялар,
Ханды алдап алмай ма?
Ҳаслы еркек Санжархан,
Көбирек қас қағылса,
Көп қатынның алдында,
Қыйсалақлап турмай ма?
Кеўлиндеги болмай ма?
Қаншайымлық мен болсам,
Өлип кетсем жолында,
— Ким өлтирди буны? —деп,
Сорап келер байым жоқ,
Я ағам жоқ, иним жоқ,
Қаналас туўған сиңлим жоқ,
Қырық қатынның қолында,
Өлип кетсем әрманда,
Қәҳәри менен хан келер,
— Буны ким өлтирди? — деп,
— Әжелинен өлди, — дер,

Көп қатынның сөзине,
Хан да инанып қоймай ма?
Ақыбети айланып,
Кейним солай болмай ма?
Бизди өлтирсе қырық қатын,
Қаншайымдай арыўға,
Кеўлиндегини қылмай ма?
Бул нийетти қояйын,
Қырық қатынлық болайын,-
Деген қыял-ой менен,
Қырық қатынның алдында,
Қулмәстан сөйлей береди:

— Бул майданда гүлдей болған тәрзим бар,
Биз сорлыға өлим жайдан хабар бар,
Санжарханның сайлап алған қызлары,
Қулмаманның айтатуғын арзы бар.

Жип салып қыйнамаң шыбын жанымды,
Хеш бенде сорамас өлсек халымды,
Азат етин өлим жайдан, келинлер,
Бир қасық сораймаи қызыл қанымды.

Келинлерим, не десең де турайын,
Күним ушын мен сизлерлик болайын,
Өлтирмеңиз бизди, арыў бийкелер,
Не айтсаң да хызметиңди қылайын.

Картайғанда қыйын болды халларым,
Дәлдәлшылық келиспеди балларым,
Картайғанда дуўшар етпен өлимге,
Гүнамызды кеширегөр, қызларым.

Қозғалмайын отыр деген жериңнен,
Не қылсаң да шығармайын тилимнен,
Санжарханның жайылмағай тұқымы,
Азат етин, қызларым, мени өлимнен.

Санжарханның қаңғырғай-дә баслары,
Көзинен аққай-дә мудам жаслары,
Бизди өлимнен азат етин, бийкелер,
Өлеғойса берилмегей аслары.

Мына сөзди еситип,
Хан сайлап алған қырық қатын,
Қырқы да мақул көреди,
Мамаға дем береди,
— Нәлет жаўыр Қулмама,
Егер бизлик болмасаң,
Айтқан сөзди қылмасаң,
Қаншайым арыў туўған соң,
Туўған оның перзентин,
Гөне шобытқа орайсаң,
Тум-тусына қарайсаң,
Мама иске жарайсаң,
Таўып келип шәхәрден,
Бир пышық пенен бир күшик,
Қаншайымның астына,
Әкелип тезден саласаң,
Ес-ақылға келместен,
Бурын тайын қыласаң,
Бир пышықтың баласын,
Бир каншықтың баласын,
Туўғаның усы сенин, — деп,
Көйлегине орайсаң,
Егер туўса бир улды,
Егер туўса бир қызды,
Көрсетпей суўырып аласаң,
Көрмегендей қыласаң,
Я өлтирип, өлтирмей,
Патшаға буны сездирмей,
Бир илжын қыласаң,
Санжархан келип сораса,
— Бир пышық пенен бир күшик,
Туўғаны, — деп турасаң,
Жаманласаң бизлерди
Сездирсең мына сөзлерди,
Жер жутқандай қыламыз.
Билсең, мама, сизлерди,
Ала болса алты аўыз,
Алдындағыны алдырар.
Түўел болса төрт аўыз,
Төбедегини түсирер,
Билесең бе бирликти?
Қырық қатын қырын қараса,
Тереңди қыр қылады,
Ханлық болып сөйлесең,
Пайманаң, мама, толады.

Мынаў сөзди еситип,
Мама қайыл болады.
Қорыққанынан Қулмама,
Қырық қатынлық болады.
Иши дәртке толады,
Санжархан қой кеткен соң,
Қаншайым атлы арыўға,
Мама жақын барады,
Айы-күни толған соң,
Толғақтан хабар болады,
Қаншайым мәс туўады,
Еси аўып сулады,
Естен танып жатқанда,
Қырық шилтен ғайып еренлер,
Түсинде аян болады.
Туўылған еки балаға,
Улының атын Зарлық деп,
Қызының атын Мунлық деп,
Қойып кеткен түн еди.
Қаншайым еске келген соң,
Оныңдамекен деп еди,
Оны емес, түс екен.
Гә оңы ма, түси ме,

Акыл алжас ўағында,
Антхор болған Қулмама,
Еки бирдей балаға,
Бара коллар урады,
Еки ғана нәресте,
Ойлағанға периште,
Екеўин орап алады.
Бир пышықтың баласын,
Бир канщыктын баласын,
Қаншайымдай ғәриптин,
Қолтығына салады.
Зарлык пенен Мунлыкты,
Кырык катынға косылып,
Антхор болған Қулмама,
Көтерип кетип барады.
Қырық қатынға дос болған,
Дос болғанын билдирип,
Катынларды күлдирип,
Жүрип еди бир сорлы,
Нағыз аты Қодаркул,
Сөзинин шыкпас жүйеси.
Санжарханнан кейинги,
Кырық катыннын ийеси,
Өзинен-өзи мәс болып,
Киятырса Қодаркул,
Кулмәстан тайын болады.
Кырык катын менен косылып,
Кулды ортаға алады.
— Зарлык пенен Мунлыкты,
Өлтирип шөлге көмин, — деп,
Қодаркулдай сорлыға,
Катынлар хәмир кылады.
— Өлтирип келсен билдирмей,
Не керегин тайын, — деп,
Катынлар кас қағады,
Қаккан кас жанға жағады,
Дин билмеген найсап кул,
Ойнаслар хәмир еткен сон,
Еки бирдей баланы,
Қолтыклап кетип барады.
Сейил етер Сәрхәўиз,
Сәрхәўизге барады.
Кундакта еки баланы,
Сәрхәўизге урады,
Таслап еки баланы,
Қодаркулдай бийнаймыт,
«Өлтирдим» деп барады,
Бир-бирине кас кағып,
Қодаркул хакы сорады.
Хан алған кырық катынлар,
Әзели ойнас кәллеғар,
Ойын-күлки кылады,
Ханнан өшин алады,
Не кылады десен кылады,
Санжархандай бул патша,
Каншайымды алған сон,
Бир ул менен бир қызды,
Келеси жылы туўған соң,
Қатынлар жаман күйеди,
Қабакларын үйеди,
Қаншайымдай бийшара,
Зарлық пенен Мунлыкты,
Туўғанын сорлы биледи,
Қайғы менен күйеди.
Ишине дәрти сыймады,
Бир пышық пенен бир күшик,
Бирин-бири қуўалап,
Қаншайымдай арыўдың,
Қолтығында ойнады,
Өлтириўге болмады.
— Өлтирсем мынаў маклукты,
«Туўғаның қайда?» дегенде,
Не деп жуўап беремен.
Көп көплигин билдирди,
Зарлық пенен Мунлыкты,
Қурған мәстан өлтирди,
Ашылмады талайым,
Аямады кудайым,
Бул жолларға түскендей,
Неден болды гүнайым?
Қырық катын алды оңайым,
Алсаң жанымды ырзаман.
Өлгеймен-дә илайым, — деп,
Жылай берди Қаншайым.

x x x

Санжархан қыял ойлады,
Ат басындай сом жүрек,
Денеге сыймай туўлады.
Қайтпаслыққа болмады,
Аттың басын бурады.
Қай жерде бәлент төбениң,
Киятырған бар ма деп,
Басына шығып қарайды,
Әсте жүрип келеди,
Сүйинши сорап барғандай,
Ханнан сүйинши алғандай,
Хешбир адам болмады,
Ханның кеўили толмады,
Елине дуўры келеди,
Алтын тахтқа минеди,
Бурынғыдан зулым боп,
Кем-кемнен кулпы дөнеди,
Қулмаманы таптырып,
Тақ үстинде Санжархан,
Қулмамадай мамаға,
Толғанып сөйлей береди:

— Бәрха басқа түсти турды зимистан,
Айрылмай турыпты басымнан думан,
Қаншайымнын халы калай болды екен,
Қасында болдың ба енди, мамажан?

Бәҳәр болмай бағда гүллер солмады,
Әжел жетпей пайманамыз толмады,
Басында толғақтың, мама, болдың ба?
Бизге сүйинши сорап барған болмады.

Қаншайымға бир әндийше болды ма?
Ашылмай гүллери қыздың солды ма?
Не жағдайда, бир хабары болмады,
Толғатқанда, мама, бирге болдың ба?

Жеккеликтен қайғы таўып жыладым,
Мама, күнде жолларыңа қарадым,
Қаншайымның айы-күни толды ғой,
Есим кетип, мен ҳәркимнен сорадым.

Бедеў минип, қус салып, әрман қалмады,
Сулыў сүйип, белде дәрман қалмды,
Кеўлимдегин мен айтайын, мамажан,
Перзент сүйип, мениң мийрим қанбады.

Дүньяда хеш бир зат перзенттей болмас,
Не болды, мамажан, алғаным туўмас,
Перзенттен бөтенин көрдим, қумар жоқ,
Қаншайымның ҳалын айтпасаң болмас?

Мына гәпти еситип,
Қулмама жақын барады.
Ҳалақасын қыя таслап,
Ҳәр жақтан сөзлерди баслап,
Толғанып сөйлей береди:

— Ана деп ойлайтғәр, балам, өзиңе,
Отлы жалын енип тур ғой жүзиңе,
Ғарры адамның, балам, несин сынайсаң,
Көрсеткендей бир нышан жоқ көзиңе.

Ғаррылықтан, балам, болды ақлым лал,
Кеўлиңизге алып жүрмең қыйлы-қал,
Я түсим бе, я оңым ба, билмедим,
Қаншайымнан өзиң барып хабар ал.

Ҳәр бендеге өзи болғай алла яр,
Ҳәрне қылса құдиретимниң ерки бар,
Толғағында болғанлары қурысын,
Бир күшиктиң, бир пышықтың даўысы бар.

Суўларға жарасар минсеңиз қайық,
Жәрия қылсам, балам, саўлатқа айып,
Бир пышық, бир күшик жатыр астында,
Сол себепли турыппан ғой муңайып.

Барып Қаншайымнан, балам, хабар ал,
Не айтады, сөзлерине қулақ сал,
Толғақтың ишинде өзиң болмадың,
Гүнасын мойнына қойып, қуўып сал.

Бул ислерди көргил, балам, өзиңнен,
Қанлы жас ағады еле көзиңнен,
Аты шыққан ерге душпан көп болар,
Хабар алмай таслап кеттиң изиңнен.

Душпанлар алып жүр, балам, қолайың,
Сор мамаң ким кеширер гүнайың.
Сор мамаға неге таслап кеттиң сен?
Толғақты көрип сен билсең-о жайын.

Мына сөзди еситип,
Санжархандай уллы хан,
Қәҳәр менен атланып,
Буўырқанып пәтленип,
Қоңыраўлы ақ семсер,
Қынабына салады,
Қаншайым жатқан жерлерге,
Санжархан патша келеди,
Жаман қәҳәри келеди,
Келип қыял ойлады:
— Әстелик пенен барайын,
Жөн-жосағын сорайын,
Гүнасы болмай сорлының,
Әрманда өлип кетпесин,
Мойнына қойып гүнасын,
Ақ қылышты урайын,
Өлтирейин заңғарды, —
Деген қыял-ой менен,
Жағдай қалай, жай қалай,
Сорасыў ушын Санжархан,
Қаншайым жатқан жерлерге,
Ат ойнатып келеди,
Толғанып сөйлей береди:

— Дүнья мийнет екен, қуртты димарым,
Қус салсам да тарқамады қумарым,
Ўәде қайда, лебиз қайда Қаншайым,
Истиң басы қалай болды, дилбрым?

Дийдарыңды көргенше жоқдур қарарым,
Басымнан таймағай келген дәўраным,
Ўәдеңизге толық опа болмады,
Не ис дуўшар болды, айтқыл дилбарым?

Қуўанғаннан түстим алтын тахтымнан,
Сизлерди алғанман келген бағымнан,
Истиң басы қалай болды, Қаншайым?
Тилекти тилеп-ем жукли ўағыңнан.

Жукли болып, дәўлет қонды басыңа,
Қылыш урып, қалмайын көз жасыңа,
Толғатқанда кимлер душпнлық етти,
Кимлер пайда болды, айтқыл, қасыңа?

Қартайғанда келиспеди ислерим,
Қайғы менен қайтар болды күшлерим,

Адам шығар туўғаныңыз, Қаншайым,
Жаман емес еди көрген түслерим.

Неге қабыл болмай жүр ғой тилегим,
Перзент деп қуўанып жүрген жүрегим,
Абырайды төктиң, заңғар Қаншайым,
Пышық, күшикпеди мениң керегим?

Қылыш урып алайын ба жаныңды,
Ўәде етип, билмедиң бе халыңды,
Абырайды төгип турсаң, Қаншайым,
Төгейин бе денеңдеги қаныңды?

Жеталмайман, жолым мезгилден жырақ,
Күн сайын жүрип-ем жолыңа қарап,
Ийт, пышықты туўғаныңнан, Қаншайым,
Туўмай жүргениңиз абзал-жақсырақ.

Душпанлық мамадан бизге болды ма?
Есиң аўып, қызыл жүзиң солды ма?
Қорқып турма, айт туўрылап Қаншайым,
Я ырасы усылайынша болды ма?

Мойныма қалмасын наҳақтан қаның,
Қаҳәр етсем шығар геўдеңнен жаның,
Тапсырып кетип-ем мәстан мамаға,
Туўғаныңды билмей, кетти ме халың?

Мынаў сөзди еситип,
Қаншайымдай шул пәрип,
Өксип-өксип жылады,
Жылайды да бозлайды,
Мынаў сөздиң ырасын,
Айтайын десе бала жоқ,
Я өлиден, я тириден,
Хешбир жерден нышан жоқ,
Көрдим деген кепил жоқ,
Қаншайым қыял ойлайды:
— Кеш өлмесем, ерте өлим,
Өзекли жанда өлим бар,
Өлмеген жанда жүрим бр,
Жүримим болса жүрермен,
Тәғдирдиң еткен исине,
Жазылған болса бир өлим,
Қашып хешким қутылмас,
«Күшик пенен пышықты,
Ким әкелди» дегенде,
«Туўғаның усы ма?» десе,
Байланбай ма тиллерим,
Көрмеди көзим хешкимди,
Асыларман кимлерге,
Не қылса да турайын,
Хәр иске қайыл болайын, —
Деген қыял-ой менен,
Санжархандай патшаға,
Қаншайым сөйлей береди:

— Жүректен тарқамай кетти әрманым,
Таймағай да жас басымнан дәўраным,
Кетпе десем, кеттиң айтқанды қылмай,
Басыма зимистан түсти, султаным.

Өлтирсең де мен де қайыл болайын,
Не айтсаң да хызметиңде турайын,
Туўып едим бир ул, бир қыз, султаным,
Көргенимди сизге баян қылайын.

Қарқарам бар бул басымда шоқтан-шоқ,
Нашарлықтан жылап турман, қайғым көп,
Бир ул, бир қыз туўып едим, қәйтейин,
Тири-өлисин көрсетиўге белги жоқ.

Ялғаншы көринди көзиме тарлық,
Қырық қатын етти ғой бизлерге зорлық,
Балларыңның атын қырық шилтен қойды,
Қызыңыз Муңлықты, улыңыз Зарлық.

Ялған деме, төрем, мынаў сөзлерди,
Толғақ айырды ғой естен бизлерди,
Балларыңды бир күн төрем, көрерсең,
Қылыш урып сарғайтпағыл жүзлерди.

Бизлер турған Зарлық-Муңлық ағасы,
Қай жерде жүр екен туўған баласы,
Уўыз сүтке тоймай кетти қолымнан,
Қорқып жарылмағай жүрек қанасы.

Сизлер турған Зарлық-Муңлық атасы,
Жаланбай кетти ғой ғайып ботасы,
Ийт, пышықты бизге сазаўар еткен,
Қандай иймансыздың еди баласы?

Қаршығა қустың баласы,
Қайыңда болар уясы,
Қайыңның түбин суў алса,
Қайғыда болар анасы,
Зарлықжан аман бармекен?
Муңлықжан аман бармекен?
Еки бирдей балама,
Бир алласы ярмекен?
Тири болса көрерсиз,
Балларыңа қосылып,
Ақыры бир күн жүзлесип,
Шалқайып дәўран сүрерсиз.
Айырылып еки баладан,
Қайғы басып жүзлерин,
Толтырып жасқа көзлерин,
Зар әйлеп жылап турыпты,
Қаншайым атлы анасы.
Я өли ме, тири ме,
Еренлердиң бири ме,
Қай жерлерде жүр екен,
Зарлық та Муңлық баласы?

Ийтелги кустың баласы,
Кешигип келсе анасы,
Не ие болып қалды? деп,
Қайғыда болар баласы.
Туўғаныма Зарлықты,
Туўғаныма Мунлықты,
Инанбай қайғы басып тур,
Санжархан атлы атасы,
Уўыз сүтке тоймаған,
Тиримекен балам?-деп.
Қайғы-хәсирет басып тур,
Қаншайым атлы анасы,
Хаслым нашар, сайылман,
Не қылсаң да қайылман,
Туўғаным рас бир күшик,
Туўғаным рас бир пышық,
Не қылсаң да тайынман,
Көрсеткендей нышан жоқ,
Инанбайсаң сөзиме,
Карамайсаң жүзиме,
Ақыры бир күн көринер,
Қус салып жүрген жериңде,
Тәғдиринде жазылған,
Ысық та болып көринер,
Жәзийра да көзиңе,
Күйгеннен сөйлер бизиң тил,
Өлимди алдым мойныма,
Я өлтиргил, өлтирме,
Патшайым-төрем, өзиң бил.

Мынаў сөзди еситип,
Санжархан турып ойланды,
Неге кеттим мен дейип,
Өз-өзинен қыйланды.
Гейбир сөзи мазалы,
Гейбир сөзи жазалы,
Не де болса заңғарды,
Көп кеңеске салайын,
Бир ойласық қылайын,
Гүналы болса заңғарды,
Мойнына гүна қояйын,
Нәхақтан қалар мойныма,
Жәллатларға өлтиртип,
Пышығы менен күшигин,
Тирилей жерге көмдирип,
Зулымлықты қылайын,
Алып едим туўар деп,
Буннан белги болмады,
Және бирин алайын,
Билинсе жукли болғаны,
Қай ўақ туўып болғанша,
Жарылса да жүрегим,
Мен қасында турайын,
Деп ойланып, күйинип,
Журт ийеси Санжархан,
Аттың басын бурады,

Тақ алдына барады,
Алтын тахқа минеди,
Кеңесгөйин ўәзийрин,
Бәрин қоймай жыйнады.
Қаншайымдай арыўдың,
Бир пышық пенен бир күшик,
Туўғанын мәлим қылады.
Әмелдарлар жыйналып,
Кеңесгөйлер жыйналып,
— Бир пышық пенен бир күшик,
Ырас болса туўғаны,
Мойнына жип салайық,
Дар түбине илдирип,
Қыйнап жанын алайық,—
Дегенлери көп болып,
Қаншайымдай арыўды,
Өлтириў мақул болады,
Бар өлтирип келиң, — деп,
Санжархан хәмир қылады.
Ханнан хәмир болған соң,
Қос жасаўыл сайланып,
Қаншайымдай арыўдың,
Үстине келди ойланып,
Өлтириўге көз қыймай,
Турды дейди қыйланып.
Қаладан айдап шығады.
Күшиги менен пышығын,
Изине ертип Қаншайым,
Өлим жайға жол тартып,
Баратыр мийнети артып,
Баратыр дейди бийшара,
Аяғын дуўры басалмай,
Еки көзин ашалмай,
Таса жер таўып қашалмай,
Кем-кем димары қурып,
Иркилип хәр жерде турып,
Жалбарынып жәллатқа,
Қол қаўсырып алдында,
Қаншайымдай ғәрибиң,
Зарланып сөйлей береди:

— Батыр гезиң, Дағыстаннан жол салар,
Ашық ойнап ақ сийнеге қол салар,
Өлим жайдан бизге хабар келип тур,
Сөйлейин азырақ, жәллат ағалар.

Нашарлықтан қыйын болды халларым,
Биздей болмағай-ды, аға, балларың,
Өлтирсең қанымыз қалар мойныңа,
Я суўда ма, я таўда ма, тири ғой,
Ойнап жүр ғой тири жетим балларым.
Сабыр қылып, өлтирмесең бизлерди,

Абырайлы етер едим сизлерди,
Кемликтиң кемалы басқа келеди,
Қылыш урып, солдырмағыл жүзлерди.

Қылыш урсаң, солар бизден қызыл гүл,
Тириликте сайрайды ғой қызыл тил,
Зар жылатпа Санжарханның балларын,
Гә өлтиргил, гә өлтирме, өзиң бил.

Қыяметте мен жағаңнан аларман,
Өлтирсең басыңа саўда саларман,
Қолдан келсе өлтирмегил, ағалар,
Ретинде бир жақсылық қыларман.

Қызарыпты, еки аға, көзлериң,
Санжарханға айттырған да өзлериң,
Енди өлтириўге келип турыпсыз,
Уялмаған, аға, қурысын жүзлериң.

Қаст еткен душпанның нийети болмс,
Хақ бенде ҳақлығына шықпаса турмас,
Ҳақ бендемен, қалма, аға, обалға,
Бизлер өлген менен, аға, жер толмас.

Мынаў сөзди еситип,
Келген еки жәллаттың,
Жаман ҳәзи қашады,
Қаншайымдай сулыўдың,
Келген еки жәллатты,
Сусты жаман басады,
Ойласық пенен екеўи,
Қаҳәринен таяды.
Қаншайымдай арыўды,
Қудайтаала аяды.
Өлтирмейик буны,-деп,
Еки жәллат ойласып,
Бир ҳәккени атады.
— Тамызып қанын пахтаға,
Алып барайық ханға,
Қаншайымдай ғәрипти,
Атық десек инанар,
Қаладан қуўып салайық.
Келе алмстай жерлерге,
Өзи жәзийра шөллерге,
Апарып буны тасласақ,
Өз-өзинен өлмей ме?
Өзи өлген бендени,
Қудай өзинен көрмей ме?
Қаншайымдай арыўдың,
Ғәрип жанын қыйнады,
Күшиги менен пышығын,
Бир жәзийра шөллерге,
Адам бармас жерлерге,
Апарып буны таслайды.
Қаншайым көзин жаслайды,
Жәллатлардан айырылып,
Кала берди Қаншайым.
Кете берди жәллатлар,
Аттың басын бурады,
Айдап жолға салады,

Әйне песин ўақ еди,
Хан алдына барады,
Еки қолын қаўсырып,
Жәллатлар турып сөйледи:

— Айтайық кеўилде барын,
Өлди Қаншайым ярың,
«Инанбас, буны көрсин» деп,
Алып киятырмыз қанын.
Ҳәккеден алған қызыл қан,
Тақ алдына қояды.
Қаншайымның өлгени,
Ханға мақул болады.

х х х

Ендиги гәпти сорасаң,
Ҳәр тәрепке қарасаң,
Қулмамаға күн туўып,
Өз күнин өзи көре алмай,
Қартайған соң күнлери,
Шаларақ көрип көзлери.
Тарғыл енип жүзлери,
Жүдә қызық сөзлери,
Боталай бозлап Қулмәстан,
Бозлап сөйлей береди:

— Жаслайымнан қосылып,
Байға тийип көрмедим,
Билмегенди билмедим,
Көрмегенди көрмедим,
Киймегенди киймедим,
Қатарыма қосылып,
Бир бетинен сүймедим.
Шалқайып дәўран сүрмедим,
Қатын менен еркектиң,
Арасы жақын болғанын,
Татыўлығын билмедим.
Ойласқандай байым бар ма,
Суўдан бөтен қайым бар ма?
Сәрхәўизге барайын,
Шашгенемди тарайын,
Келиспеген талайым.
Қаншайымның гүнасы,
Мойныма мениң қалмағай,
Ийманым болғай қудайым.

Хан хәўизи Сәрхәўиз,
Сәрхәўизге келеди,
Сығалап қарай береди,
Ултнында ҳәўиздиң,
Асық ойнап отырған,
Еки баланы көреди,
Қаншайымның баллары,
Тири екенин Қулмама,
Сол ўақлары биледи.

Аяқты шаққан басады,
Мәстан ақылдан сасады,
Ҳеш адамға билдирмей,
Ҳайўанатқа сездирмей,
Қырық қатын жатқан сарайға,
Қулмама жетип келеди,
Биймезгил келип үстине,
Ҳәўизде ойнап отырған,
Баладан хабар береди,
«Әжел-пайманаң толды» деп,
Қырық ҳаялды қорқытып,
Толғанып сөйлей береди:

— Бул майданда болды мениң ақылым лал,
Ҳәр бендеге болып турман дуўшакар,
Турың жайдан, қырғын тийгир шаялар,
Кешиксең, боласаң ханға өлимдар.

Қырық қатын, келгенмен сизлер қастында,
Гүнсы көп екен көзде жастың да,
Бир аўҳалды көрип келдим, шаялар,
Еки бала отыр суўдың астында.

Хан билсе ағызар көзиңниң жасын,
Қылыш урып, кесер қақайған басың,
Тири отыр ойнап суўдың астында,
Еки жүўернемектиң қылың илажын.

Көргенимди айтып келдим сизлерге,
Сол себепли сепкил түсти жүзлерге,
Санжарханға болдық бизлер гүнакар,
Өлимжай көринип тур ғой көзлерге.

Мийримсизлик етип буздық қанасын,
Төктик ғой мусылман көзиниң жсын,
Билсе шетиңизден асар дарына,
Дереклесип таппай жүр ғой баласын.

Нәрестени айырдыңыз жасынан,
Айтып киятырман сөзди басынан,
Ол баллар өлмейди, соңын ойласам,
Айырмаў еди анасының қасынан.

Ақ қылыш минеди бир күн ыйыққа,
Бала ушын отырарсыз зыйыққа,
Санжархан еситсе баланың барын,
Шешиндирип отырғызар мыйыққа.

Мына сөзди еситип,
Жайрап жатқан қырық қатын,
Тикке жайдан турды,
Мәсләҳәтти қурады,
Қодарқулды шақыртып,
Тез қуўдырып алады.
Шақырған соң қырық қатын,
— Не хызмет бар айтың, — деп,
Қырық ҳаялдың алдында,
Қодарқул тикке турды,
Сәрҳәўизде жатырған,
Баланы мәлим қылады:

— Баланы суўдан алсаң,
Шөл, жәзийра барасаң,
Еки бирдей баланы,
Қарқыратып шаласаң,
Өлтиресең екеўин,
Жер жутқандай қыласаң,
Буйырамыз хызмет деп,
Қодарқул қалай қыласаң?
Не сорасаң беремиз,
Исинди бәржай қылған соң,
Бизден ҳақы аласаң.
Әгер буны қылмасаң,
Жаманлаймыз патшаға,
Өлимдар ханға болсаң.

Қырық қатын ҳәмир қылған соң,
Шазадалар айтқан соң,
Бегзадалар айтқан соң,
Қулда турыс бола ма?
Сәрҳәўиздиң бойына,
Қодарқул жетип барады,
Ернегинен қарады.
Таслаған жерин биледи,
Шешинип қул келеди.
Услатпай баллар қашады,
Қул ақылдан сасады,
Тайранлап қуўды Қодарқул,
Балларды тута алмады.
Әллен ўақыт болғанда,
Балларды тутып алады,
Шалғайына орады,
Еки ғана нәресте,
Еки көзи жаўтанлап,
Зарлық пенен Мунлығын,
Қул қолтықта барады.
Бир жәзийра шөллерге,
Апарып еки баланы,
Өлтириў болып талабы,
Шаларман болған жеринде,
Жерден саза болды,
Жер қалтырап турады:
— Өлтирме ханның баласын,
Өлтирсең ханның баласын,
Турған жерден тартпсам,
Жерлер атым қурысын.
Ҳаўлығып турды Қодарқул,
Зарлық пенен Мунлықты,
Қолтығына басады,
Кем-кемнен қатты қысады,
Қул ақылдан сасады,
Бул жерлерден қашады,

Яне бир таўды асады,
Бир жыраны алады,
Шалыўға қыял болады,
Енди шалдым дегенде,
Шалар жерге келгенде,
Жерден саза болады:
— Шалма ханның баласын,
Өлтирме шаның баласын,
Турған жерде жутпасам,
Жыралар атым қурысын,
Шөллер атым қурысын.
Гүниренип хәр жерден,
Турпайы сеслер шығады,
Хаўлыққаннан Қодарқул,
Және тура жөнеди,
Бир төбеге келеди,
Зарлық пенен Мунлықты,
Таслап қашып жөнеди.
Бир неше күн жол жүрип,
Қырық қатын жатқан сарайға,
Өлтирдим деп сорлы қул,
Зиңкилдеп жетип келеди.
Қул өлтирдим деген соң,
Қулдың кеўлин мәс етип,
Үш табақ теңге береди.

Ендиги гәпти сорасаң,
Қулақ салып тыңласаң,
Таўда қалған Зарлыққа,
Бир кийик дуўшар болады,
Балларынан айрылған,
Бул да бүлген сор екен.
Жалаңаш жатқан балларды,
Бара жалап жәниўар,
Үстине баўырын басады,
Жалаңаш жатқан балларды,
Қолтығын қысады.
Салбыраған емшекти,
Берип еки балаға,
Сарылдатып жалайды,
Тум-тусына қарайды,
Емшек тийип балларға,
Өз еркине емеди,
Тойып кийик сүтине,
Күнлерден күн өтеди,
Баллар есин жыйнады,
Қула таў деген жер екен,
Зарлық-Муңлық екеўи,
Бирин-бири қуўалап,
Еки бала ойнады,
Кийерине кийим жоқ,
Жалаңаш өсип ғәриплер,
Хайўанның қам сүтин емип,
Тез камалға келеди,
Жақсы боп есин биледи,

Он бес жыл өтип арадан,
Қәсийет шығып баладан,
Он бес жасқа толады,
Ойыншықтың белгиси,
Оқжай соғып алады,
Қула майдан дүзлерде,
Өлместиң ғамын қылады,
Кийик пенен қуланды,
Гөзеп атып Зарлықжан,
Жүдә мерген болады,
Кийиктиң гөшин кәбап қып,
Тамағы сол болды.
Гөшти кәбап етпеклик,
Бурыннан қалған жол,
Зарлық пенен Муңлықтан,
Дәстүр болып қалады,
Күнлеринен күн өтип,
Санаўлы болып түн өтип,
Зарлықжан қыял ойлады,
Ат басындай жүреги,
Денеге сыймай туўлады,
«Бир жәзийра шөллерди,
Бир аралап көрейин,
Кийик, қулан көп болса,
Бәрин атып келейин»,
Деген қыял-ой менен,
Ойын мақул көреди,
Туўысқаны Муңлықтың,
Жанына жақын келеди,
Қарындасқа камығып,
Зарлықжан сөйлей береди:

— Тириликтиң хәрекети дым жаман,
Бүгин тири болсаң, ертеңги гүман,
Кийик, қулан қона жатып излейин,
Таўларда хаўлықпа, қорықпа, Муңлықжан.

Жерди-кәкти халық әйлегей илайым,
Қундағымда неден болды гүнайым,
Екеўимизди тири жетим әйледи,
Халық еткен хәммени кәдир қудайым.

Атпай-шаппай қанатлардан қайырылған,
Шаппай-желмей туяғынан майрылған,
Бармекен дүньяда бизлердей болып,
Қундағында ата-анадан айрылған?

Сыртымыздан аллатаала ярмекен?
Бизлердей жалаңаш жүрген бармекен?
Қундағымда неден болды гүнайым,
Ялғаншыда ата-анам бармекен?

Аталылар ойнайды дейди еллерде,
Атасы жоқ қаңғырады шөллерде,
Қундағымда әкеп таслап таўларға,
Ата-анам тиримекен еллерде?

Онына баслайды бәрҳа түслерим,
Ақыры бир келиспеди ислерим,
Жалғыз өзим жәзийраны гезейин,
Қам сүт емип толықты ғой күшлерим.

Болмай тур ғой ҳеш бир жерде турарым,
Қанасына сыймай кеўил-қарарым,
Бир өзим қалдым деп хаўлықпа, қорықпа,
Жүдә алыс емес мениң барарым.

Ҳаслың нашар, жағдайыңды билемен,
Ҳәр тәрепке көзлер таслап көремен,
Қорықпа қаналасым, өзим турғанда,
Көп жүрмеймен, тез айланып келемен.

Мына сөзди еситип,
Мунлықжан қайыл болады.
Зарлық түсип алдына,
Мунлық ерип кейнине,
Бир үңгирге барады,
Мунлықты соған салады.
Бир төбениң мушында,
Үлкен бир тас бар еди,
Қопарып Зарлық алады,
Нашарлық етип аўлақта,
Қорқып сиңлим жүрер деп,
Я шығынып кетер деп,
Мени ойран етер деп,
Тасты басып аўызға.
Ҳәр иске қайыл болады.
Гә керилип, созылып,
Ҳәр тәрепке қарады.
Шыдамады күшине,
Ҳеш нәрсе алмай есине,
Минерине аты жоқ,
Кийерине кийим жоқ,
Жалаңаш өскен Зарлықжан,
Қызық пенен жол жүрип,
Көрмеген таўларды көрип,
«Және бир көрсем екен» деп,
Қызық пенен Зарлықжан,
Бираз жерден өтипти,
Мий айланып кетипти,
Адасыпты Зарлықжан.
Бираз ўақыт өткеннен,
Жол жүрмеген жас бала,
Жол жүрген соң болдырып,
Ақша жүзин солдырып,
Дем алыпты отырып.
Шаршап ақылдан сасады,
Уйқыламай жүрген Зарлықты,
Сол жерде уйқы басады,
Баланың кеўли тасады,
Бир топырақты үйеди,
Шекесин қойып жатады,
Уйқылап силеси қатады,
Оянбастан жатады.

Ендиги гәпти сорасаң,
Мәнисин қарасаң,
Санжархандай уллы хан,
Отырып болмай парахат,
Турып болмады тақат,
Ҳеш жерде турыс болмады,
Ат басындай сом жүрек,
Денеге сыймай туўлады,
Өзинен-өзи ҳәўлирип,
Тулпар минип Санжархан,
Жәзийраны желиўге,
Бир өзи шығып көриўге,
Мақул болып өзине,
Қанлар толып көзине,
Айбатлар енип жүзине,
Саўыт кийип безенип,
Темир кийип дүзенип,
Ҳеш адамға билдирмей,
Ҳайўанатқа сездирмей,
Таңның алды болғанда,
Шолпан таңы туўғанда,
Елинен шығып барады.
Ғаррылық басып өзлерин,
Ширеси қашқан сөзлерин,
Иреңки қашқан жүзлерин,
Өзи билип Санжархан,
Жәзийраны гезеди,
Алладан өлим тилейди,
Тилеги қабыл болмады,
Ыдырап кеўили турмады,
Қула дүзде жылады,
Қырық бир хаял алса да,
Қырқы анық туўмады.
Биреўи анық туўса да,
Оннан да паян болмады,
Перзент ушын Санжархан,
Малды талақ етеди,
Дүньяны талақ етеди,
Ҳәўлирип ханның жүреги,
Ҳеш жерде турыс болмады,
Қайғы басып, қаңғалап,
Жүргенинде Санжархан,
Бәлент төбеге минеди,
Әстелеп патша жүреди,
Зарлықжан жатқан жерлерге,
Кем-кемнен жақын келеди,
Жети қат аспан пәлекке,
Сағымы түсип жатырған,
Бир баланы көреди,
Бала екенин биледи,
Санжархан жақын келеди,
Саўсады ханның сүйеги,
Ылжырады жүреги,
Табылды шөлден кереги,
Бир кекили алтыннан,
Бир кекили гүмистен,

Күн менен шағылысып жатқан,
Баланы анық көреди,
Босанысып Санжархан,
Ышқы кетип балаға,
Емиренип сөйлей қасында,
Аллаға налыш қылады:
– Жерге бердиң баланы,
Көкке бердиң баланы,
Тауға бердиң баланы,
Шөлге бердиң баланы,
Бизге неге бермедиң?
Неге бендем демедиң?
Алтын тахтқа мингендей,
Душпанды көрсе дөнгендей,
Қаст еткенин жеңгендей,
Душпаннан арын алғандай,
Халқыма басшы болғандай,
Мынаў жатқан баладай,
Бир бала бизге бермедиң,
Бизди бендем демедиң,
Биздеги жаның аманат,
Аманат жанды алмадың,
Қартайып келген шағымда,
Бир балалы қылмадың.
Жылап турып Санжархан,
Ес-ақылдан сасады.
«Бир қушақлап сүйсем» деп,
Шалқаға жатқан Зарлықты,
Тап үстинен басады.
Сүйер жерге келгенде,
Үстинен басқан салмақты,
Оянып бала биледи,
Он бес жасқа келгенше,
Дүзде өскен Зарлықжан,
Асаў аттай туўлады,
Үстинен хан басқан соң,
Денеси қатты жуўлады,
Еки қолын сермеди,
Атасын бала билмеди,
Көзин ашып қарады,
Үстиндеги патшаны,
Аспанға ылақтырады.
Шыдамай Зарлық күшине,
Журт ийеси Санжрхан,
Еси аўып қулады.
Көп ўақ жатып Санжархан,
Келди дейди өзине,
Жас толды ханның көзине,
Қайтпақшы болды изине,
Минди атының белине,
Қайғы басып қамығып,
Келди дейди Санжархан,
Журт сораған жерине.
Алтын тахтқа минеди,
Инсапқа хан келеди,
Тахттан түсип уйқыласа,

Тауда көрген жас бала,
Түсине ханның енеди,
Не екенин билмеди,
Алысына ат жоллап,
Жақынына хат жоллап,
Бузық тобын қуйдырып,
Ели-халқын жыйдырып,
Көргенин баян қылады.
Мәсләхәтке салады,
Ҳәмме хайран болады,
Патшаның көрген ислери,
Дуйым журтқа тарады,
Қырық қатынның күнлери,
Мудам қайғы болады,
Өлейин десе өле алмай,
Бирин-бири жибермей,
«Сезип жүрер патша» деп,
Қол усласып турады.
Журт ийеси Санжархан,
Изине ерген беглерден,
Аты шыққан ерлерден,
Қырық жигит ертип изине,
Көринбей тахты көзине,
Шөл-жәзийра аралап,
Бәлент таўларды паналап,
Баланы көрген жерлерге,
Келди хәр жерди сығалап.
Баладан дәрек болмады,
Санжархан излеп қоймады,
«Және көрсем әрман жоқ»,
Деген қыял-ой менен,
Излей берди Санжархан.

Ендиги гәпти сорасаң,
Қулақты түрип тыңласаң,
Бир үңгирге қамалып,
Қалған Муңлыққа қарасаң,
Жөнсиз жөҳит шәҳринен,
Ақсарыбас дәўиниң,
Түсине Муңлық енипти,
Көрген түсти бағдарлап,
Сарыбас дәў келипти,
Қамаўда жатқан ғәрипти,
Ийисинен найсап билипти.
Үңгирдиң келип аўзына,
Қақпағын ашып көреди,
Муңлықтың барын биледи,
Дәў де үңгирге киреди,
Муңлықты тутып алады,
Қағып ийинге салады.
Муңлық Зарлықты көралмай,
Сарыбас дәўдиң қолында,
Муңлық жылап барады.
Муңлыққа ис болғанын,
Зарлық түсинде биледи,
Сүйемен деп Санжархан,

Зарлықжанның үстине,
Бойын атқан ўақ еди,
Жатыўдан Зарлық түс көрди,
Жуп қанаты кесилген,
Әл ҳаўада қус көрди,
Бир әбеший ис көрди.
Аяқбаўдан усласа,
Келип пәнже урады,
Шоқыйын деп турады,
Шоқый алмай барады,
Зарлық қылыш алады,
Енди шаптым дегенде,
Қоңыраўлы найзанын,
Балдағына қонады,
Бунnan аман қалады,
Және пәнже урғанда,
Зарлық аман қалады,
Томағасын кийгизип,
Бүклеп қалтаға салады.
Ақыбетин көре алмай,
Оянды Зарлық түсинен,
Душпанның басым болғанын,
Билди Зарлық ишинен.
Зарлық жайдан турады,
Бул сапарды қояды.
Синлиси қалған жерлерге,
Тез айланып барады,
Үңгирди таўып алады,
Ишин бара қарады.
Табылмай Муңлық ишинен,
Өксип-өксип жылады.
Үңгирге басқан қақпағын,
Ылақтырып таслапты,
Буны Зарлық көреди,
Өзинен зор биледи,
Басқан изге қараса,
Қара тасты батпақлап,
Жүрип кеткен белги бар,
Буны тағы көреди,
Өзинен зор биледи.
Қатты келип ашыўы,
«Өзекли жанда өлим бар,
Жаманлығы өлермен,
Бир әрмансыз болайын,
Мен синлимди көрермен»,
Деген қыял ой менен,
Изинен қуўып жөнеди.
Жалаң аяқ, жалаң бас,
Киятыр бала жалаңаш,
Бираз ўақыт өтипти,
Зарлық пенен Муңлық та,
Жигирма жасқа жетпти,
Жигирмаға келгенше,
Кийерге кийим болмады,
Жаланаш зарпы-зар менен,
Сарыбас дәўди қуўады,
Басына күнлер туўады,
Түнде жүрмес түлеңнен,
Түни менен жүреди,
Қарсақ жүрмес қалыңнан,
Қайырып басып жүреди.
Тоғайлықта тарығып,
Кийими жоқ жас бала,
Көп азапты көреди,
Майдан-майдан жерлерде,
Ети күнге шағылысып.
Өндирип жол жүреди,
Қырық күн жүрип арада,
Күлмесханның елине,
Жақынласып келеди.
Күлмесхан деген бар екен,
Қырық сан қырғыз халқының,
Түп атасы сол екен,
Күлмесхан жатып түс көрди,
Түсинде жақсы ис көрди,
Қоңыраўлы найза белинде,
Қынабына салынған,
Ақ қылыш ерге таңылған,
Астына минип бир ябы,
Қолына туйғын алыпты,
Қәлеген аўға салыпты.
Буны көрип түсинде,
Оянып түсин жорыды:
Жақсылық жақын екен деп
Күлмесхан қус салады.
Тамашаға қызыққан,
Тамашагөй жигитти,
Бәрин ертип изине,
Жәзийра шөлге шығады.
Қус тиледи талпынып,
Босатып қусты қарады,
Ҳеш жерге қус урмады,
Дәўирлеп ушты жоқары,
Айланып кем-кем кетеди,
Тап булытқа жетеди,
Қус далбайға келмеди,
Шақырғанды билмеди,
Қарап турса көп қәлпе,
Төменге қанат сермеди,
Ийнин қысып қулдырап
Жулдыздай ағып жөнеди.
Ушқан қустың изинен,
Қәлпелер де шабады,
Көп ўақ жүрип арада,
Қус дәрегин табады,
Күлмесханның туйғыны,
Зарлықжанды айланып,
Шарқылдап сес береди,
Қәлпелер шаўып келеди,
Есабы жоқ көп қәлпе,
«Бул не?» деп ерси көреди.
Журт ийеси Күлмесхан,

Алпыс жасқа келгенше,
Хеш бир күлмеген еди,
Зарлықты көрип күледи,
Күлмесханның күлгенин,
Хәмме ерси көреди,
Айланып алып Зарлықты,
Жибермеди қәлпелер,
Зарлық қарсы турады,
— Иркпе, аға, бизди, — деп
Қәлпелерден сорады:

— Батыр гезип, дағыстаннан жол салар,
Ашық ойнап, ақ сийнеге қол салар,
Биз де адамзаттың туўған баласы,
Биз жоқшымыз, жолда жүрген ағалар.

Лашын едик, қанатлардан қайрылған,
Жүйрик едик, туяғынан майрылған,
Ерси көрмең, биз адамзат баласы,
Қундағында ата-анадан айрылған.

Көрген билер аққан көзде жасымды,
Өлимге пай тиктим жалғыз басымды,
Өзим жоқта урлап алып кетипти,
Излеп киятырман қарындасымды.

Мәс бенде шөллерди гезип, қус салар,
Жүргенимди айып көрмең ағалар,
Гүнанды мойныңа қойып асарман,
Аса мәс болғанлар пейлинен табар.

Бир найсаптың жүрип кеткен изи бар,
Бендесине өзи болғай алла яр,
Қарындасым кетти душпан қолында,
Сол себепли киятырман, пейлим тар.

Бул жүристе бизге ойын болмайды,
Бүйтип жүрген бенде қарап турмайды,
Биз бенен ойнамаң жолда, қәлпелер,
Ойынынды бул жас бала қылмайды.

Басларынды бир бөлеге шатарман,
Бир шетиңнен терип байлап атарман,
Жалаңаш деп күлип турсыз бизлерге,
Қанынды ағызып, дәмин татарман.

Мына сөзди еситип,
Күлмесхан аттан түседи.
Еки қолын қаўсырып,
Аттан түсип барады,
Аяққа бас урады,
Бир майдан өксип жылады,
Көзинин жасын булады.
Бастан өткен servлерин,
Бәрин баян қылады.
Хан төбениң басында,

Он сан ноғай халқынын,
Атасы Санжархан менен,
Билдирди дос болғанын,
Бирге ойын қурғанын.
Ақыбети айланып,
Ақлай қуда болғанын,
Балаға мәлим қылады.

— Балам, жақын кел, — деди,
Кимлер алыс, ким жақын,
Ойлап парқын бил,-деди.
Сен изиме ер,-деди,
Қабыл болды тилегим,
Дослығымды бил,-деди.
Күлмесхан мәс боп күледи,
Зарлықты ертип изине,
Ғәзийнеге жүреди,
Әзели адам баласы,
Айтқан сөзге инанып,
Күлмесханға ереди,
Ғәзийнеге киреди,
Аяққа саўры кийгизип,
Басына тажы кийгизип,
Белине кәмар буўғызып,
Айбалта берип қолына,
Алдтын тахқа миндирди,
Дәўир қусын ушырып,
Зарлықжанға қондырып,
Зарлықты хан көтерди.
Күлмесхандай патшаның,
Жалғыз қызы бар еди,
Атын оның сорасаң,
Куралай пәрий дер еди.
Исми мағзам дуўаның,
Хәмме бәнтин қоймастан,
Оқып шыққан қыз еди.
Әдепки ўәде сөзим, деп,
Ўәде қылған өзим,-деп,
Куралай атлы қызыны,
Зарлықжанға береди.
Алыс жерине хат жоллап,
Жақын жерине ат жоллап,
Күлмесхан тойын баслады,
Зарлықтың кеўлин хошлады.
Қызық пенен арадан,
Қырық күн өтип кетипти,
Мунлықтайын синлисин,
Умытып Зарлық кетипти,
Синлиси түсип ядына,
Ес-ақылдан айрылып,
Күлмесханға жетипти,
Барып арыз етипти:

— Журт ийеси патишайым,
Хызметкермиз, биз тайын,
Келип тур балаң алдына,
Билмейсиз балаңның жайын.

Жолда жүрген баламан,
Хызметиң болса қыламан,
Сорамайсаң хал-жайым,
Қапалықта тураман.

Сыйлап турсаң басымды,
Сорасаң көз жасымды,
Иркилмей, ата, жуўап бер,
Излейин карындасымды.

Кеткен бағдарын көрейин,
Шөллерди гезип жүрейин,
Ҳадал сөзиңди еситтим,
Таппасам кайтып келейин.

Жүр дедиң, ерип келдим мен,
Мени көрип күлдиң сен,
Күлгениңиз болды ерси,
Пәтия берсең кетемен.

Мына сөзди еситип,
Күлмесхан және күледи,
Балаға карап сөйледи:

— Зарлықжан, тыңла сен, — деди,
Айтайын бастан мен, — деди,
Қырық сан жаткан қырғыздың,
Хан атасы мен, — деди,
Он сан ноғай халкының,
Хан атасы Санжархан.
Хан төбениң басында,
Алты ханның алдында,
Дослығыма ант ишип,
Қайта-кайта шәрт айтып,
Дос болып шыккан мен,-деди.
Паяның болмай атаңа,
Жалаңаш шөлде қаңғалап,
Сорамына келдиң сен,
Журт сораған патшаның,
Улы менен қызының,
Паяны болмай өзине,
Қаңғалап шөлде жүрген соң,
Санжархандай патшаға,
Дос болған соң күлдим мен.
Алтын тахка мингели,
Хан болып дәўран сүргели,
Алпыс жаска келгели,
Күлмеген едим сирә мен.
Дым күлмеген күлген соң,
Және де бир мәниси,
Атасының дослығын,
Баласы да билген соң,
Елатыма келген соң,
Санжарханға не болды,
Өлсе хабар келер,-деп
Күлгеним ырас, шырағым,
Сен жаланаш жүрген соң.
Хан төбениң басында,
Ойласыкта бар едим,
— Уллы болсаң Санжархан,
Зарлық төре атын қой, —
Деген сорлы мен едим.
— Әгер меннен қыз болса,
Санжархан достым, атын қой, —
Деген сорлы мен едим.
— Қызлы болсаң Күлмесхан,
Қуралай пәрий болсын, — деп
Атын қойған ол еди.
Қараға карғы байлаған,
Дослықтың соңын ойлаған,
Күлмесхан атаң мен,-деди.
Атыңның Зарлық екенин,
Әўелха қойған мен,-деди.
Қуралайжанды бердим мен,
Перзентимдей болдың сен.
Излеймен десең сиңлиңди,
Астыңа ат берейин,
Үстиңе тон берейин,
Жаў-жараққа бөлейин.
Қартайсам да, шырағым,
Нөкер ертип изиме,
Туў көтерип жүрейин,
Атаңның аты Санжархан,
Анаңның аты Қаншайым,
Булард-әм айтып берейин.
Асықпа балам, барасаң,
Изиңе ерген жолдастың,
Жағдайына карасаң,
Балам, кешигип барарсаң,
Жекке кетсең бир өзиң,
Жеккелик етип турарсаң.
Қуралай пәрий қызымды,
Қуры нашар деп ойлама,
Ақыллы менен алысар,
Тилли менен тиресер,
Күшли менен гүресер,
Екеўиң кетсең, шырағым,
Барған жериң бағынар,
Аяғына тусаў тағылар,
Излеп барған жоғыңыз,
Көп кешикпей табылар,
Атаң менен айтысып,
Қуда болған сор едим.
Алып кет, балам, қызымды,
Пайдасы болар өзиңе,
Ақ пәтия берейин,
Екеўиңниң арқаңнан,
Мен де дәўран сүйрейин.

Бул сөзлерин еситип,
Баланың кеўли толады,
Қуралай қызды ертиўге,
Зарлыкка макул болады.

– Керек емес нөкерин,
Пәтияңды алайын,
Көўлиңе мәлел келмесе,
Елатың айып көрмесе,
Екеўимизге еки ат бер,
Қызың менен қосылып,
Мен сиңлимди қарайын.

Мына сөзди еситип,
«Жәллат», деди Қулмесхан,
Жәллатлар таяр болады,
Қулмесханның алдында,
Шақырып алған бенделер,
Қол қаўсырып турады.

– Ғәзийнеге барыңлар,
Керегинше алыңлар.
Көтергениңди алыңлар,
Ал деген менен, зәңғарлар,
Бәрин алып жүрмеңлер.
Инсап пенен болыңлар,
Усталарды табыңлар.
Алтыннан сабын салдырып,
Найза менен қылышты,
Жубы менен келтирип,
Қынабына баў тағып,
Қамқа саўыт, шар айна,
Ертлеп еки бедеўди,
Мен айтқан жаў-жарақты,
Ер басына илдирип,
Ҳәзир таяр қыласыз.
Алыс жерде даўым бар,
Муш көрсеткен жаўым бар,
Балларым соған барады,
Арымды арлап алады,
Қыр көрсеткен душпанды,
Жер жутқандай қылады,
Сенлердей ханға мәхремлер,
Көргени ҳәзлик болады.

Мына сөзди еситип,
Хан қасында турғанлар,
Дәблеге жетип барады,
Баққыда турған тулпардан,
Екеўин алып шығады,
Тилладан ер салады,
Жолда мәлел келер деп,
Алып қашып жүрер деп,
Жуптан айыл шалады,
Үзеңгисин узайтып,
Қуйысқанын қысқартып,
Безендирип саплайды,
Қоңыраўлы аң найза,
Ҳәр бир атқа илдирди,
Балдағы алтын ақ қылыш,

Қынабына салады,
Буны атқа таңады,
Шар айнасы, ақсаўыт,
Бөктериўге таңады,
Қублаға атты қаратып,
Зарлықжанды мингизди,
Қуралай қызды мингизди,
Көпшилик қамап алады,
Қол көтерип шуўласып,
— Келгейсең аман, балам, — деп,
Ҳаққына дуўа қылады.
Халқынан алып пәтия,
Аттың басын бурады,
Өз теңине қосылып,
Ишинен мәс болса да,
Көпшиликке билдирмей,
Ийбенип, қыз уялып,
Бул да атты бурады,
Жән-жағына қараўлап,
Байлаўда турған кийиктей,
Алаңлап қыз барады.
Атасы болған Қулмесхан,
Күйеўи менен қызына,
Ақ пәтиясын берип,
Сөйлеп турған усайды:

— Белиме байлаған тилла дәлбентим,
Қартайғанда таймағайды дәўлетим,
Айып көрме, өз теңиңе қосылдың,
Жолың болғай еки бирдей перзентим.

Батырларға жарасады бәркаман,
Ҳәр бендеге келер мәс болып заман,
Қуралай қызымды ерттим изиңе,
Хабардар бол перзентиме, Зарлықжан.

Жалғыз қызым санмың қолды байлайды,
Жердиң үстин қойып, астын ойлайды,
Алла-тала абырай берсе өзиңе,
Қаст етсе душпаның жықпай қоймайды.

Бириң арқаў, бириң ерис болғайсыз,
Душпанларға қурт-қуўырмаш қурғайсыз,
Барған жер бағынып,қолын қаўсырып,
Жети ықлымды сорап, балам, турғайсыз.
Ат мойнына таққан тилла сәдепти,
Хызметиңде тәңде баўырым көбапты,
Екеўиң қосылып дәўран сүргейсиз,
Жәмәҳәт жәм болып,бердик жуўапты.

Мына сөзди еситип,
Зарлық та атты бурады,
Қыз да атты бурады,
Биринен-бири қалмастан,
Былғап қамшы урады.

Қаладан шығып барады,
Алды майдан далады,
Алдынан қара көринсе,
Қыз кейинлеп қалады,
Аўлақ жерге келгенде,
Қуралай атлы сулыў қыз,
Зарлыққа тақым салады,
«Ҳалы қалай екен?» деп,
Сынамақшы болады,
Силкип-қағып тартқанда,
Зордан аман қалады,
Ат минбеген Зарлықты,
Албыратып барады.
Ат үстинде ойын қып,
Мәслик пенен барады,
Сынаққа сын бермейин,
Деген қыял ой менен,
Зарлықдайын төреңиз,
Қуралай қызға қол салды,
Қол салса да, мол салды.
Ат үстинен көтерип,
Үш мәртебе алады,
Қосылып шапқан ябылар,
Сүйкенисип қалады,
Ҳаслы нашар, қорқар деп,
Тағы ерге қояды,
Қыздың кеўли толады,
Және сынап көриўди,
Қуралай мақул көреди.
Алды бәлент таў еди,
Етеги гүзар жол еди,
Уллы жолда жүралмай,
Көзи жерди көралмай,
Қуралайдай сулыў қыз,
Қәсте болып жығылды,
Ат үстинде албырап,
Аяқ-қолы салбырап,
Ес-ақылдан айрылып,
Зарлықжанды сынады,
Зарлық қызға қарады,
Қыздың жайын сорады:
— Қәсте болып турман, —деп,
Көзинен жас булады,
— Изиннен қуўып барарман,
Мынаў кеселим болса,
Қарамай, гөрим, кетебер,
Сизге мәлел қыларман, —
Деген сөзин еситип,
Қуралай минген ябының,
Дизгинин тартып услады,
Қызға сөзин баслады:

— Көргенше болмас қарарым,
Таймағай бастан дәўраным,
Қалайынша таслап кетемен?
Көзим қыймайды дилбарым.

Шеккен бир жәбир-жапаңа,
Жарасқан заўқы-сапаңа,
Таслап кетип не деймен,
Жиберген ертип атаңа?

Сен өлген жерде өлейин,
Қосылып дәўран сүрейин,
Оң қолыңды берман соз,
Кеселдиң түрин билейин,-

Деген Зарлық сөз бенен,
Қуралай пәрий сулыўды,
Аттан тартып алады,
Шалғайына орады.
Қолтыққа қысып нашарды,
Атын алып жетекке,
Жолға рәўан болады,
Қыздың кеўли толады,
«Қалдырмас бизди жаўда» деп,
Кеселден тәўир болады,
Зарлықжанның бетине,
Ойнақшып қыз қарады,
— Шабысайық төрем, — деп,
Зарлықжаннан сорады.
Қайтадан минди атына,
Минди нашар пәтине.
Қамшыны қолға алады,
Зарлыққа жақын барады,
Зарлық минген ябыны,
Үсти-үстине урады,
Зарлықдайын төрени,
Алдына салып қуўады,
Және де бир сынайын,
Деген қыял болады,
Атының басын бурады,
Қаттырақ қамшы урады,
Шоршынып ат қашады,
Қыз ҳәддинен асады,
Айланып келер және, деп,
Қарап турса Зарлықжан,
Қайтып шапты изине,
Бир төбени асыўдан,
Көринбей кетти көзине,
Зарлық ҳайран болады,
Усының менен сынағы,
Тап үшеўге толады.
Сынап, заңғар жүрмесин,
Ҳаслы шайтан, кәллағар,
Атым алып қашқанда,
Қуўмадың мени демесин,
Сәл-пәл жерде өзиме,
Бир аўыз сөз келмесин,
Қарындасын қарады,
Қарамады ҳалыма,
Деп жаманлап жүрмесин,
Аттың басын бурайын,

Өлтенше басып қуўайын,
Тутып алсам заңғарды,
Кеўлиндегин сорайын.
Тартып ойнап көреди,
Күшимди сынап биледи,
«Аўырдым, димар кетти» деп,
«Ялғаншы бизден өтти» деп,
Ат үстинде аўнады.
Аттан тартып алғанман,
Көўендерлик қылғанман,
Куйдирмейин мийнетти,
Деген қыл ой менен,
Баса қуўды изинен,
Отлар шығып жүзинен,
Бир төбени асыўдан,
Ғайып боп еди көзинен,
Қашқан ябы дойнағын,
Жаздырмай қуўып келеди,
Алысырақ жерлерде,
Ийренлеп шаўып баратқан,
Куралайжанды көреди.
Шыдатсын ба Зарлықжан,
Азанда көрген қараны,
Өйне десин ўақ еди,
Қапталласып келеди,
Зәнги зәнгиге тийеди,
Зарлық қызға қарады,
Күш бермей алып қашты, деп,
Зарлыққа қарап күледи,
Зарлықтың жини келеди.
Куралайдай пәрийдин,
Сынағанын биледи,
Кулмесханның перзенти,
Куралайдай пәрийге,
Зарлықжан сөйлей береди:

– Түсинбедим өзине,
Жаслар толтырдың көзиме,
Хәр түрли ойын баслайсаң,
Карамайын ба жүзине?

Мени ақылдан састырдың,
Баспаған жерди бастырдың,
Көп ойын бизге болмайды,
Урып атыңды қашырдың.
Бир ўақта гүлдей соласаң,
Бир ўақта тәўир боласаң,
Қайғыда жүрмен қамалып,
Неге бул исти қыласаң?

Апрып атаңа берейин,
Бир өзим шығып көрейин,
Кесапат қылдың жолыма,
Өндирип жолды жүрейин.

Куралай қыз сөйлейди:

— Жол жүриў жекке қыйынды,
Бизлер сизлерге сыйынды,
Гүналы болсақ, кешириң,
Билмейсең бе ойынды?

Не қыл десеңиз қылайын,
Көрдик ойынның талайын,
Гүналы болсақ, кешириң,
Енди бундай ис қылмайын.

Алма хеш нәрсе ойыңа,
Күшти жыйнапсаң бойыңа,
Жойытқан жоғың табылады,
Хызмет қыламыз тойыңа.

Жақындур душпан арасы,
Дуўалы екендур бәласы,
Бәленттен салған қала екен,
Көринип тур минарасы.

Асықпа, жетип барамыз,
Арыңды арлап аламыз,
Биреўден екеў жақсы ғой,
Ойласып бәрхә турамыз.

Алыс емес, жақын ара,
Дуўаға бәнт болған қала,
Таслап кетип жары жолда,
Қылмаса, төрем, масқара.

Шашымды таллап тарайын,
Буйырсаң иске жарайын,
Енди қылмайын бул исти,
Бир сапар ашыў сорайын.

Мына сөзин еситип,
Зарлықжан қойып ашыўын,
Атлардың басын бурады,
Қайтадан жолға салады.
Куралай қыз қасында,
Аўыр ислер басында,
Үш күн жоллар жүреди,
Таң сағымы болыўдан,
Хәр тәрепке қараса,
Булдырланған қаланы,
Зарлық бала көреди,
Қаланы көрип, «келдик» деп,
«Душпан барын билдик» деп,
Алыстан ат шабады,
Жоқ жерден мийнет табады,
Бир күн жүрди, жетпеди,
Еки күн жүрди, жетпеди,
Үш күн жүрди, жетпеди,
Атлардың жанын қыйнады,
«Келдик» деп қыял ойлады,
Жеталмады Зарлықжан,

Ат туяқтан қайрылды,
Парықсыз минип майрылды,
Қуралай қыз, Зарлықжан,
Екеўи хәм аттан айрылды.
Аттың ерин алады,
Еки майрық бедеўди,
Айдап таўға салады,
Зарлық пенен Қуралай,
Пияда жүрди бирталай,
Қалаға жақын барады,
Тилине адам түспеген,
Адамларға қосылып,
Ан-тан болып турады.
— Билетуғын бар ма? — деп,
Қарындасын сорады.
Хеш ким тилин билмеди,
Билместей қолын сермеди,
Қайсысы хан екенин,
Қайсысы батыр екенин,
Зарлық төре сезбеди.
Қызылбас деген елиниң,
Белли үлкен төреси,
Сол елиниң ийеси,
Өзи ири ер еди,
Есаплы ириниң бири еди.
Ялғаншыда екеў болса,
Тап биреўи сол еди,
Әгер болса биреўи,
Ириликке өзи еди,
Аяқлары малалай,
Қоллары темир жабадай,
Билеклери арыстай,
Аяқ жилик талыстай,
Мурынлары қарыстай,
Аўызлары бар жырадай,
Көзлери тас шырадай.
Жаткан үйи кең болған,
Жатағойса шалқаға,
Кереге менен тең болған.
Үлкенлиги соныңдай,
Тоқсан қойдың териси,
Бир қолына жең болған,
Елинде ири болған соң,
«Дәў» деп атағын алған.
Атын анық сорасаң,
Аксарыбас дәў болған.
Исми мағзам дуўаны,
Мың жеринен бәнт қылған.
Ағын суўды тындырған,
Оқыса дуўа күшинен,
Сынбас затты сындырған,
Дуўа менен ел сорап,
Ҳәптеде қорраға қарап,
Бәрха алды-артын болжап,
Муңлық жекке қалғанын,
Қорра менен билип еди,
Ҳаслы хасыл әўладын,
Ўәлийликтен билип еди,
Талап қып алып келип еди,
Патшалықтан бир жерден,
Бағып оны қойып еди.
Қуралай қыз, Зарлықжан,
Муңлықтан хабар таппады,
Келген сапары жақпады,
Ат шапқандай аты жоқ,
Бурынғыдан пәти жоқ,
Қуралай қыз келеди,
Зарлық атлы төреге,
Толғанып сөйлей береди:

— Бул ислерди көрип болды ақылым лал,
Бир сапар сөзимди, төрем, мақул ал,
Дуўа менен биз кирейик қалаға,
Мақул көрип, бул сөзиме қулақ сал.

Сөйлесем сөзимниң болмас ҳазары,
Боламекен бул қаланың базары,
Базарына буўра қылып сатайын,
Болмайын тилимнен, төрем, жазалы.

Ол билген дуўаны мен де билемен,
Жек көрмесең хәр муқамға дөнемен,
Түйе қылып, базарға бир салайын,
Душпаныңның ким екенин билемен.

Дуўагөй билмейди сулыў ебинди,
Мал қып сатсам бермеспен бас жибинди,
Жип кетпесе, айланып, төрем, келесең,
Көз байланып, услап қалар кебинди.

Түрли мал боларсаң, душпан сезинер,
Билинсе зańғардың басы езилер,
Мал қылды деп алма, төрем, кеўилге,
Шебине оқысаң, дуўа үзилер.

Барып атқан менен оқжай өтпейди,
Жөнсиз қара күштен жумыс питпейди,
Биз оқыған жерди, ол да оқыған,
Бир дуўасы кем ғой, бизге жетпейди.
Сырын билмей, саррас жолын бермейди,
Дуўры барсаң сени көзге илмейди,
Душпан, зańғар, қара күшке бай екен,
Алысқанын менен, төрем, өлмейди.

Мына сөзин еситип,
Батыр аңқаў, ер надан,
Қуралай қызға қарады,
Бириниң сөзи бирине,
Жүдә мақул болады.
Қуралай атлы сулыў қыз,
Исми мағзам дуўасын,

Оқый берди санасын,
Қублаға қарап дем урды,
Қубладан қар борады,
Арқадан даўыл турады,
Бар нәрсени жоқ қылып,
Жоқ нәрсени бар қылып,
Зарлықты инандырады,
Бир дуўаны оқыўдан,
Қарсы алдына шығады,
Зарлыққа дем урады,
Адам түри өзгерип,
Бир буйдалы нар түйе,
Буўырқанып турады,
Жети қат аспан астында,
Қай жерде болса нар түйе,
Бәринен зыят болады,
Қуралай қыз қылтынлап,
Жетегине алады,
Тап базарға барады.
Зарлықтайын төрени,
Дуўа менен Қуралай,
Буйдалы нар қылады,
Базарға салып турады,
Исми мағзам дуўаны,
Оқыды барлық сананы,
Бир арқанға бәнт етип,
Мурынлыққа орады,
Еки қоллап, қос қоллап,
Беккем услап турады.
Қызылбастың журтында,
Атағы шыққан байлары,
Келип түйени сорады,
Қуралай салған нар буўра,
Базардың алды болады.
Ерси мал ерек түскен соң,
Хәмме орап алады,
Мың тилланы баҳалап,
Қыз қылтынлап турады.
Биреўден-биреў шығады,
Дәўлети жүрген биреўи,
Санап берип мың тилла,
Түйени қыздан алады,
Жипке зәриў едим деп,
Мурынлықтан жаздырып,
Дуўалы жибин алады,
Қуралай алып тилласын,
Ўәдели жерге барады,
Түйе қып сатқан Зарлығы,
Бул да тайын болады.
—Не көрдиң? — деп сорады,
Көргенин баян қылады.
Және бир демди урады,
Мүйизлери шыйыршық,
Қуйрықлары дийиршик,
Ақ мүйизли ақ қошқар,
Гәўхары төгип турады,

Дуўалы жибин салады,
Мойнына орап тағады,
Маңлайларын сыйпалап,
Базарға барып Қуралай,
Қошқар қылып салады,
Турпайы мал турсын ба,
Хәмме орап алады,
Тамашаға қарады,
Баҳасын айт деп сорады,
Мың тилла деп турады,
Туўыслы есер биреўи,
Мың тилласын санады,
Қуралай қыз қыймырып,
Жипке зәриў едим деп,
Дуўалы жибин алады,
Баяғы мәкан жерине,
Және қайтып барады,
Зарлық та тайын болады,
— Не көрдиң? — деп сорады,
Көрмедим деп турады,
Бул малларды алғанлар,
Ақыры қуры қалғанлар,
Ханға жетип барады,
Ханға арыз қылады,
Қызылбас қалмақ халқының,
Батыры Сарыбас еди,
Базарға түскен маллардың,
Тәрийпин айтып турады,
Көпшилик тапқан сөзлерди,
Көрмеге қумар болады,
Бул да базарға барады,
Усы базар тағы да,
Зарлықты буға қылады,
Дуўалы жибин тағады,
Қуралай қыз жетелеп,
Буғаны алып барады,
Базарға түскен маллардың,
Бәриниң алды болады,
Көп адам орап алады,
Көрген хайран қалады.
Ақсарыбас дәўин де,
Арданлап жетип барады.
Сыртынан қарап турады.
Қуралай қызды көриўден,
Ерден ердиң кәўпи бар,
Көзи көзге түскенде,
Жүзи жүзге түскенде,
Хаўлығып мәрт турады,
— Айт малыңның баҳасын,
Қанша пул? — деп сорады,
Қыймырып турып Қуралай,
— Мың тилла, — деп турады,
Ақсарыбас дәўиңе,
Мың тилла гәр бола ма?
Жерден торпақ алады,
«Сүп» деп демди урады,

Дуўа анық түскен соң,
Топырақ тилла болады,
Табанда турып санады,
Қуралай қыз қызығып,
Көп тилланы алады.
Дуўалы жибин сорады.
Бас жип малда болмаса,
Қайыры қандай болады?
Жибин шешер жеринде,
Қыздың қолын қағады,
Беккемлеп жибин тағады.
Көп-көплигин билдирип,
Қуралай қызды сабады,
Қорқытып жибин бермеди,
Қуралай қолын сермеди,
Бас жипти қолы илмеди,
Дуўалы жип кетти,-деп,
Зарлықтың иси питти,-деп,
Сатпайман сизге малымды,
Қыйнадыңыз жанымды,-деп,
Сарыбас дәўден қалмайды,
Қалайын десе болмайды,
Зарлықты дәў жалмайды,
Қыз дуўагөй екенин,
Сарыбас дәў аңлайды,
— Буғаны сой, — деп буйырып,
Қассапларды жыйнайды.
Ҳәр түрли қыял ойлайды,
Жыйналып келген қассаплар,
Буғаның аяғын байлайды,
Шалар жерге келгенде,
Қуралай жанын қыйнайды.
Дуўалы жипке қолларын,
Жан айбат пенен созады.
Жипке қолы тийиўден,
Дуўаны оқып шебине,
Зарлықты түйе қылады.
Буға деп сояр болғаны,
Қуры ғана кеп болды,
Ҳәмме ҳайран қалады.
Сарыбас дәў сол ўақта,
— Тутың түйени, — деди.
Жапырылып ҳәмме қуўады,
Бууырқанып жеткермей,
Айырылып шығып барады.
Ақсарыбас дәўлериң,
Ақырған жолбарыс болады.
Изинен басып қуўады,
Дуўасы басқа қонады.
Енди жеттим дегенде,
Жетер жерге келгенде,
Қуралай оқып дуўасын,
Зарлықтайын төрени,
Жасыл бас үйрек қылады,
Зуўлап ушып барады,
Әўели түйе болса да,
Соңы үйрек болды.
Сарыбас дәў сарсылып,
Жолбарыс кебин таслады,
Пес қылығын баслады,
Қудирети менен дуўаның,
Зуўлап ушқан үйректи,
Туйғын болып қуўады,
Енди алдым дегенде,
Алар жерге келгенде,
Дуўшар болды бир теңиз,
Сазан болып Зарлықжан,
Суўда ойнап барады.
Ақсарыбас дәўлериң,
Жайын болып қуўады.
Енди жуттым дегенде,
Жутар жерге келгенде,
Қырға өзин атады,
Зарлықжанның дуўасын,
Қуралай оқып санасын,
Зарлық қоян болады,
Тызғып-ойнап қашады,
Ақсарыбас дәўлериң,
Бул да оқып дуўасын,
Тазы болып қуўады,
Зарлыққа күнлер туўады,
Шыдатпады далада,
Енди алдым дегенде,
Алар жерге келгенде,
Шыдатпады кәпир дәў,
Бир ҳәремге урады,
Миййўалы жемис болады,
Қулпы дөнип турады,
Қуўып жүрген қоянын,
Тимискенип карады,
Дәрегин таппай турады,
Ақсарыбас дәўлериң,
Қулпы дөнген бағларды,
Ерси көрип, кәллағар,
Сол бағқа бағман болады,
Сырықты қолға алады,
Қошүрей пискен жемисти,
Бирим-бирим сабады,
Зарлыққа тыныш болмады,
Қуралай оқып дуўасын,
Тары болып шашылды.
Жаўдырап жатты жерлерде,
Сарыбас дәў көреди,
Бул исти ерси биледи,
Шөжели таўық болады,
Шетинен шөпшеп тереди,
Жеп киятқан тарысы,
Жарыдан аўып келеди,
Таўық-таўық көз болады,
Көп тарыдан жей алмай,
Жалғыз дәне қалады,
Қулпы дөнип өзгерип,

Сағал болды Зарлықжан,
Жалтақлап қарап жән-жаққа,
Шаққан болып турады.
Жән-жағына қарады,
Көзи түсип таўыққа,
Бара аўыз салады,
Шөжели болған таўықты,
Бир шетинен қырады,
Ақсарыбас дәўиңнин,
Дуўасы тамам болады.
Ақсарыбас дәўиңиз,
Аз оқыған себепли,
Қуралай қыздан қалады,
Көп билимниң арқасы,
Қара күши иске аспай,
Билимнен қалып барады.
Сарыбас дәў сарғайып,
Зарлықдайын төреден,
Күши зыят болса да,
Билим жағы кем болып,
— Бағындым бала саған, — деп,
Басын ийип турады,
Дәўдиң кетти димары,
Бир дуўаны кем оқып,
Тарқамады қумары.
— Бағынсаң берман кел, — деди,
–Кимбиз бизлер? бил, — деди,
Ақ семсерди алады,
Тап алдына барады,
Тап орайдың үсти деп,
Ақ қылышты урады,
Туймай кесип барады.
Ашыў менен урған соң,
Дийдили жерге барады.
— Бағындым ғой саған, — деп,
Қозғала берген гезинде,
Тең бөлинип қалады.
Қызылбас қалмақ елатын,
Алыс жерин қалдырмай,
Жыйнап бәрин алады,
Уллы тойды қылады,
Мунлықты Зарлық сорады.
Туўысқан деген жаман дәрт,
Ақсарыбас дәўлериң,
Жердиң астын ойдырып,
Ғола менен қуйдырып,
Шийшеден жай салдырып,
Патшалықтан бинният болған,
Керек зат ишинде турған,
Таза жерде сақлансын деп,
Муңлықты ишинде қойған,
Забт етип Зарлық қарады,
Қуралай менен Зарлықжан,
Қаланы коймай қарады,
Билгенлерин сорады,
Таппай Зарлық қойсын ба,
Белгили жерден табады.
Зарлықты көрип Мунлықжан,
Келе бойын таслады,
Еки көзин жаслады,
Басынан өткен ислердиң,
Бәрин баян қылады,
Қуўанғаннан Муңлықжан,
Көзинен жас булады,
Бир-еки аўыз сөз айтып,
Зарлықтайын төреге,
Өкпе-гийне қылады,
Муңлық сөйлей береди:

— Тар майданда көринди майданда далам,
Душпан басым болды, айрылды қанам,
Наданлықтан түстим душпан қолына,
Излеп келдиңиз бе бизди, жан ағам?

Бедеў шаба билмес иштиң тоғынан,
Қалыпсыз душпанның әжел оғынан,
Таслап кеттиң шөл жәзийраға өзимди,
Күйип-жандық сенде ақыл жоғынан.

Қатарында өскен қара нармекен,
Жылғанға аллатаала ярмекен,
Ата-анасынан жастан айрылып,
Биздей, сиздей болып жүрген бармекен?

Белинде жаў-жарақ, астында атың,
Бурынғыдан жақсы, ағажан, пәтиң,
Жалғыз мени таслап кетип қыяға,
Жас басымды күйдирди ғой бул дәртиң.

Астында бедеўди таўда шаптың ба?
Шөлди гезип, ата-анамды таптың ба?
Жаў-жарақты қайдан алдың ағажан,
Қаңғып жүрип, я бир елди шаптың ба?

Биреўден күш бар ғой, пәтиңиз солай,
Ақсарыбас дәўди алдыңыз қалай,
Таслап кеттиң бир өзимди қыяға,
Наймыттың қолында кеттим зар жылай.

Қуўанышлы шырай бар ғой жүзинде,
Мен қусаған бир қыз бар ғой изинде,
Жалғыз синлиңизден жасырмай айтың,
Қуўаныштың хабары бар өзинде.

Сөзин айтып турғанда,
Қуралай қыз барады,
Бара қушақ урады,
Қушақ ашып көрисиў,
Қуралай қыз, Муңлық қыз,
Булардан дәстүр болады,

Биреуден-биреў үйренип,
Елеге шекем барады,
Басынан өткен күнлерин,
Муңлықжанға Зарлықжан,
Таллап баян қылады:

— Ақылым болды мениң лал,
Кеўлиңе алма қыйлы-қал,
Гүналы болсам кешириң,
Мунлықжан, сөзге қулақ сал,

Ақылсыз ағаңыз таўды асыпты,
Шөлге шығып ақылынан сасыпты,
Не себептен бизлер бундай болдық? деп,
Жатып едим, бизди уйқы басыпты.

Шөл жәзийрада жатып жаман түс көрдим,
Оным ба, түсим бе, бийжай ис көрдим,
Бир адамзат келип қушағын урды,
Қоллары жағымлы, өзин хош көрдим.

Ҳаўлығып ояныл, тура қашқанман,
Қашып бираз төбелерден асқанман,
Сол жанлар ядымнан сирә шықпайды,
Қолы тийип, мен зейнимди ашқанман.

Адамзат адамнан болар деседи,
Жақсы сөз душпанның баўрын кеседи,
Мәгар, атам шығар, билсем, сол адам,
Сол адамға бирдей зейним кетеди.

Көп ис дуўшар болып қалды алдыма,
Мен ойладым, сизди қорқып қалды ма?
Сол жерлерден қайтып келдим изиме,
Алып жүрмен бәрҳа, Муңлық, ядыма.

Сени көрмегели көп ўақыт болды,
Қапалықтан қызыл жүзлерим солды,
Сени излеп киятырман, шырағым,
Көп адам жүргизбей, байлады жолды.

Сени қойған жерге душпан келипти,
Бир өзиңнин қалғаныңды билипти,
Мен сени мәканлы жайдан таппадым,
Қара тасты батпақлап нар жүрипти.
Жүрген жолын мен алжаспай қуўғанман,
Сениң менен бир анадан туўғанман,
Жары жолда дуўшар болды бир патша,
Қыяметлик соған бала болғанман.

Жалаңаш жүрген соң биздей тири жан,
Мийрим етип қушақ ашты Күлмесхан,
Атамыздың қыяметлик досты екен,
Бизге жалғыз қызын берди, Муңлықжан.

Сөз айтады, бастан тутып бир талай,
Берген перзентиниң аты Қуралай,
Атам менен әўел бастан қуда екен,
Қызын ертип сени изледим бир тынбай.

Мына сөзди еситип,
Муңлық жайдан турады,
Ағасы болған Зарлықжан,
Бара қушақ урады,
Сағынғаны соншелли,
Бирине-бири жақынлап,
Көргенлерин сорасты.
Қуралай қызға барады,
Буған да қушақ урады,
Адасқан ғаздай табысып,
Ўақты шәндан хош болып,
Үшеўи де мәс болып,
Душпанлары пәс болып,
Душпанға сыр билдирмей,
Қызылбас қалмақ елатын,
Өзи хан болып сорайды,
Жетим менен жесирдиң,
Жағдайына қарайды.
Ҳәмме дарқан, ел дарқан,
Елинде сейил болады.
Қыз-келиншек жыйылып,
Күнде мәслик болады.
Жаманының алып жанын,
Бийийманның төгип қанын,
Сорады ғәрипиниң ҳалын,
Арзагөйдиң тыңлар зарын,
Зарлықтайын төреңиз,
Бул елге патша болады.
Байын ашқа теңеди.
Кемликтиң кемалы болып,
Кемалына жетисип,
Қыйсықларын дүзеди,
Өжетлерин жеңеди,
Алды толып мал менен,
Кейни толып шаң менен,
Сан мың жыйын қол менен,
Күлмесханның елине,
Сапар етти жол менен.
Қуралай қыз алдында,
Зарлық төре кейнинде,
Муңлық қыз шығып ортаға,
Сырнай-гернай тартылып,
Мәслик пенен жүреди,
Отлы жерде қонады,
Шымгенли жерде түсленип,
Еринген жерде кешленип,
Атлар шаптырды далаға,
Ғалаўыт салды араға,
Бир неше күн жол жүрип,
Жетип келди Зарлықжан,
Күлмесхан салған қалаға.
Қалаға олжа келген соң,
Шынтлап қудай берген соң,

Куралай қыз атланып,
Зарлық, Муңлық атланып,
Күлмесхан салған каланың,
Оң жағынан киреди.
Бәлент көше, пәс көше,
Патас көше, тар көше,
Тар көшени аралап,
Пыяда жүрмес жерлерди,
Атлы басшы батырлар,
Хан алдына келеди,
Астындағы атларын,
Жәллатларға береди.
Қуўанғаннан Зарлықжан,
Еки қолын қаўсырып,
Күлмесханның алдында,
Келгенин баян қылады,
Журт ийеси патшадан,
— Не хызмет? — деп сорады:

— Миндик бедеў, ара шөлде желдик биз,
Душпанларды жеңип, ата, келдик биз,
Муңлықжан табылды барған жеримнен,
Бизге хызмет болса, силте енди сиз.

Қызылбастан, ата, алдым арымды,
Жылағында жеткердиңиз зарымды,
Куралай қыз ушын болдым мен ырза,
Алып келдим қолға түскен барымды.

Жалаңаш таўларда жүрип едим мен,
Адам қатарына қостың, билсем сен,
Бурын, ата, көрген күним қурысын,
Сөйлеген сөзлерим болар енди жөн.

Журт ийеси Санжархан,
Мына гәпти еситип,
Балларын көрип шад болып,
Зарлықты көрип мәс болып.
Куралай қыз, Муңлық қыз,
Буларды көрип сөйлейди,
Сөйлегенде не дейди:

— Белимдеги дәлбентим,
Таймағай бастан дәўлетим,
Душпаннан алып арыңды,
Үшеўиң де перзентим.

Арыңды арлап алдың ба?
Изине ерип бардың ба?
Куралай қызым, қалайсаң,
Абырайлы болдың ба?

Оң жағыннан туўған айың,
Тапшағай душпан қолайың,
Барған жериң болды абат,
Кутлы болсын абырайың.

Қабыл екендур тилегим,
Берейин елдиң керегин,
Үлкен етип той берлайын,
Қуўанышта тур жүрегим.

Алысқа бедеў сайлайын,
Бир алтын қабак байлайын,
Мергенлер кеўли жай болсын,
Бул жағын терең ойлайын.

Байрақтан бедеў қашырсам,
Мәртебемди көп асырсам,
Тойыңа болар жарасық,
Санжархан қудамды шақырсам.

Белиме қатар байласам,
Өзимнен палўан сайласам,
Санжарханды шақыртып,
Қосылып тойды тойласам.

Он сан жаткан ноғайды,
Алты сан жаткан алашты,
Шақыртып тойға алайын,
Туўысқан еди өзиме.
Қырық сан жатқан қырғыздың,
Хызметинде турайын,
Санжарханға не болды,
Бир улынан айырылып,
Бир қызынан айырылып,
Ақылы зайыл болды ма,
Шақырып алып сорайын.
Алпысқа шыққан тойымды,
Ким ойлап билер ойымды,
Қызымның тойын берейин,
Той берип бизди шақыртыў,
Санжарханның жолы еди,
Нәўбет бизге айланды,
Душпанның қолы байланды,
Хеш жеримде кемис жоқ,
Балларым келди, кеўлим тоқ,
Хеш бендеден өлим жоқ,
Алладан келмесе әжел-оқ,
Тириликте дәўран сүрейин,
Улт-улт болып айырылған,
Хан төбениң басында,
Ойласықтың ойына,
Хәр бир ултты буйырды,
Хәр дәрьяның бойына,
Түп бабамыз жайласқан,
Тарыққан жерде ойласқан,
Он сан жатқан ноғайлы,
Шақыртайын тойыма,
Бес сан болып бес қала,
Тама, өзбек, түби бир,
Жақын еди өзиме,
Шақыртайын тойыма,

Алып жүр едим ойыма,
Душпан менен қас болған,
Әўелха айырылыў ушын,
Барлық иске бас болған,
Сәккиз сан жатқан Сейилхан,
Шақыртайын тойыма,
Әмелдарды шақырып,
Мөхирдарды шақырып,
Кеңесгөйди шақырып,
Бир кеңеске салайын,
Усыны мақул табайын, —
Деген қыял-ой менен,
Әмелдар деп шақырды,
Мөхирдар деп бақырды,
Кеңесгөйди алдырып,
Алыс жерге хат жоллап,
Жақын жерге ат жоллап,
Қағазды қолға алады,
Қәлемди қолға алады,
— Султан улы Санжархан,
Келерсиз бе тойыма? —
Деп жазыпты басынан.
Күлмесхан айтып турады,
Әмелдар жазып турады,
Кетпей хеш жаққа қасынан,
Патша болған соң өзлери,
Надурыс бола ма сөзлери?
Күлмесхан сөйлей береди,
Әмелдар жаза береди:

— Биреўден-биреўге келип тур заман,
Басыма түсип тур бир қайғы думан,
Уллы-қызлы болып, тойды басладым,
Тойымызға шақырамыз Санжархан.

Айбатыңнан қорқар,хәмменин жаны,
Патша зулым болса, көбейер малы,
Сылтаў таўып, қалып жүрме тойымнан,
Келиң тойға, он сан ноғайдын ханы.

Биз Күлмесхан, еситкенлер биледи,
Көп күн болды, сени кеўлим сүйеди,
Басқа елдиң төрелерин шақырдым,
Шақырған жеримнин бәри келеди.

Уллы-қызлы болған тойын береди,
Ўәдемизден опа бергим келеди,
Хан төбеде не деп сөйлесип едик?
Сыртыңнан өзине ишим күйеди.

Кийсең қамқа жарасады бойыңа,
Хеш нәрсени алып жүрме ойыңа,
Сениң улың, қызың, «ата» деп келди,
Соның ушын шақыртаман тойыма.

Сениң менен дурыс болғай тилегим,
Еситкен соң жарылмағай жүрегин,
Улың, қызың излеп келди,Санжархан,
Бул дүньядан әрман еткен керегиң.

Ақ қылыш байладым сайлап белине,
Силтеў бердим нийет еткен жерине,
Улың Зарлық, қызың Муңлық, Санжархан,
Барып келди Сарыбас дәўдиң елине.

Патша болып еткен исиң бәри нас,
Доспан деп жүргениң бәри болып қас,
Улың, қызың бизиң елге келди ғой,
Түрин айтсам, екеўи де жалаңаш.

Улыңды мегзеттим, достым, өзиңе,
Душпан сепкил салған екен жүзине,
Мәгар, сизден қундағында айрылған,
Билмедиң бе, қанлар толып көзиңе?

Балларыңа болып бир Алла пана,
Оң жағыңнан салынды ғой бир қала,
Ул-қызыңның бар ма туўған анасы?
Зарлық деген құдиретли бир бала.

Муңлық деген қызың, көрсеңиз айым,
Ул балаңның таптым кеўили-жайын,
Баллардың анасы қолында бар ма?
Бул балларды туўса керек Қаншайым.

Келсең сорасайық, жора, аманлық,
Қырық қатын, мәстаннан келген жаманлық,
Келип балларыңды, жора,көрип кет,
Басыңыздан өтипти ғой наданлық,

Дос болдық екеўмиз, жүрдик бир талай,
Қатыным қыз туўды, аты Қуралай,
Қуралай қызымды бердим улыңа,
Әўелха дос болып, сөйлесиў солай.

Нийет еткен жери гүлдей солады,
Барған жери қол көтерип турады,
Зулым болма қартайғанда Санжархан,
Сен келмесең бизди ертип барады.
Усылай қылып сөз жазып,
Хатты жазып қабатлап,
Шақыртыўшы адамға,
Тапсырады, — Алың, — деп,
Қалтаңызға салың, — деп,
Жолдан қайтып келмеңиз,
Шала қылмай барың,-деп
Шақыртыўшы адамға,
Күлмесхан жуўап қылады,
Ханнан хәмир болады.
Ғәзийнеден ат минген,
Патшалықтан тон кийген,
Ханнан жуўап алған соң,

Алтын басын бурады,
Былғап қамшы урады.
Арасы алыс жолларда,
Тынбай кетип барады,
Отлы жерде конады,
Шымгенли жерде түсленип,
Ат шаршаса кешленип,
Асықлай жол жүреди,
Көп азапты көреди,
Түлки жүрмес түлеңнен,
Қорқып түнде жүреди.
Карсак жүрмес калыннан,
Қайырып әсте жүреди,
Акша жүзин солдырды,
Шақыртыўшы шалығып,
Жүдә жолда болдырды.
Карсылдап әстен желеди,
Ат шаршаған жеринде,
Пиядалап жүреди,
Маңлайдан тер береди.
Және минип ябыға,
Қырық күн жоллар жүреди,
Санжархан саған калаға,
Шақыртыўшы келеди.
Бәлент көше, пәс көше,
Дығырық көше, тар көше,
Аралап жүрип келеди,
Хан есиги датқа жай,
Тар капылы ақ сарай,
Ақ сарайдын алдында,
— Патша ханым, дат, —деди.
Ғайыптан адам келген соң,
Не жағдайлар болды деп,
— Арзың болса айт, — деди.
Кулмесханнан барғанлар,
Шақыртыўшы болғанлар,
Санжархандай патшаға,
Келген хызмет жағдайын,
Тақ алдында сөйлейди:

— Журт ийеси Санжархан,
Ел ийеси Санжархан,
Бизге барып кел,-дейип,
Мына хатты берди,-дейип,
Қолындағы қағазын,
Санжарханға береди.
Келгенимнин мәниси,
Күлмесхандай патшамыз,
Уллы, қызлы болыпты,
Сизин менен ойласып,
Елге тойын береди.
Алтын қабақ байлайды,
Түрли ойды ойлайды,
Ат шаптырып далаға,
Жар салдырып калаға,
Той баслайды, жан аға.

Мингеним бедеў қаназат,
Тапсырды бир хат аманат,
Аманатынды алдың сен,
Қайтаман елге енди мен.

Күлмесхан жазған қағазды,
Маңлайына тийгизип,
Үш мәртебе Санжархан
Гә отырып турады,
Кәлийма шәдат қайтарып,
Хүрмет пенен ашады,
Кеўили суўдай тасады,
Хатты оқып болыўдан
Сөйлерине тили жоқ,
Санжархан тахтан қулады,
Өксип-өксип жылады.
Наданлықтан болған, деп,
Бул исти ким қылған? деп,
Қаншайымдай арыўдын,
Ҳадал каны мойныма,
Мен сорлыдан болған,-деп,
Бир ул менен бир қызға,
Ўәде еткен сор еди,
Ўәдеден ол табылған,
Минез-қулқым қурысын,
Қаншайымдай арыўдың,
Хақ каны мойныма қалған,
Ырас екен туўғаны,
Улымның аты Зарлық, деп,
Қызымның аты Мунлық, деп,
Шырлап еди алдымда,
Өлтирмеге барғанда,
Еки көзи зарланып,
Бул жаманлық, ойласам,
Қырық қатыннан болыпты,
Қосылып буған Кулмәстан,
Маған дузақ қурыпты,
Дузым туткыр Кулмәстан,
Татып еди дузымды.
Жақсылық еткен бендеге,
Жақсылық харам деген сөз,
Маған етип жаманлық,
Тапсырып айтып кетип-ем,
Қырық қатынлық болыпты,
Бизлерге хийле қурыпты.
Исенгеним сен болса,
Тапсырып кеткен мен болса,
Жақсылыкқа жаманлық,
Жаманлықтың болғаны.
Билдирместен кетейин,
Күлмесханға жетейин,
Ырас болса бул сөзлер,
Шақырып алып қасыма,
От берейин басына,
Ханға карсы турғандай,
Хан менен алым урғандай.

Ким бар екен елимде, —
Деди-дағы Санжархан,
— Жәллат, — деди, бақырды,
Кеңесгөйин шақырды.
Жәллатлар тайын болады,
Султан, Тама ўәзийри,
Жыйналып келип қасына,
— Не хызмет? — деп сорады.
Күлмесханның тойына,
Айтқанын хабар қылады.
Жыйналып келген жәллатлар,
Қол қаўсырып турады.
Тойдан хабар болған соң,
Ҳәммеси ерип бармаға,
Бәрине мақул болады.
Аты шыққан жигиттен,
Мың атлы алып қасына,
Қайғылар түсти басына,
Тахт алдында жыйланып,
Есабы жоқ көп атлы,
Сап тутып турды қур болып,
Санжарханды айланып.
Есаптан ҳәмме өтеди,
Мың атлыға жетеди,
Саны дүзиў питеди.
Қолына туў услады,
Жығалы тажын кийеди,
Қабағын хан үйеди,
Хатты оқып көргели,
Иши оттай күйеди,
Көзинен жас сийеди.
Еки көзин жаслады,
Изине ертип мың атлы,
Санжархан жолын баслады.
Атлардың басын бурады,
Қамшыны таўлап урады,
Гә жортып, гә желип,
Бәлент-бәлент таў келсе,
Ат өрмелеп басына.
Еспе қызыл қум келсе,
Омыраўға зор берип,
Ат қулақтан тер берип,
Күни тынбай, түн тынбай,
Жолға сегбир қылады.
Кийик,қулан дус келсе,
Атып алып барады,
Ырғай менен селеў бар,
Ат отлатып барады,
Шаршаған жерде қонады,
Гә жерлерде кешиксе,
Бир-ярым күн болады,
Жағдайға қарап барады.
Еки сегиз-он алты,
Және сегиз, және алты,
Отыз күн өтип арадан,
Майдан екен даласы,
Алыс жол екен арасы,
Алыстан булдыр көринди,
Күлмесханның қаласы.
Және жүрип еки күн,
Қалаға жақын келеди,
Ерден ердиң қәўпи бар,
Санжархан күлип жүрер, деп,
Бизге мәдел берер, деп,
Санжархан жүрер жоллардан,
Бәрине мамық төсетип,
Хасыл гилем жайдырып,
Патшалықтан ис қылды.
«Киятыр» деген сөз бенен,
Ҳәр бир атқа жуп адам,
Жылаўынан алғандай,
«Қайтаман» деп айтқанша,
Хызметкер болып турғандай,
Мен-мен деген жигиттен,
Еки мың нөкер жыйнады,
Бул да ойды ойлады,
Зарлықтайын төрениң,
Туў услатып қолына,
Есабы жоқ қол менен,
Шықты дейди Күлмесхан,
Санжарханның жолына.
Санжархан жақын келеди,
Күлмесханды көреди.
Туўы-туўға уласты,
Бир-бирине жарасты,
Қазақы дүўбақ ябылар,
Киснесип булар таласты.
Еки ханның нөкери,
Былғасып бәри араласты.
Күлмесхан күлип мәс болып,
Санжархан көзин жаслады,
Күлмесханның алдында,
Аттан өзин таслады,
Бир майдан турып иркилип,
Толғанып сөзин баслады:

— Ҳәркимлерден зыят ақыл-ойларың,
Тахтыңа жарасар сымбат-бойларың,
Шақырттың, иркилмей келдим тойыңа,
Қутлы болсын елге берген тойларың.
Қартайғанда қыйналды ғой жанларым,
Қылыш тиймей ағар болды қанларым,
Уллы-қызлы болып, тойды берипсиз,
Ақыры паянлы болғай балларың.

Қартайғанда сепкил салды жүзиме,
Наданлықтан шөплер түсти көзиме,
Талабым келиспей жүр ғой, Күлмесхан,
Кеўлимдегин мен айтайын өзиңе.

Усы күнде сыймай жүрмен қанама,
Қутлы болсын, қызың менен балаңа,
Қартайдық, аяқта қуўат қалған жоқ,
Басшы болса, қояр едик қалаға.

Сеннен бир хат алдым, кетти димарым,
Оқып көрип, тарқады бул қумарым,
Надanлық басымнан, жора, өтипти,
Сизди көргенимше болмай карарым.

Хат жазыпсаң, жора, мени келсин деп,
Бираз сөз айтыпсаң, парқын билсин деп,
Қуўаныш хәбардан сөзлер жазыпсаң,
Жаздың ба кағазды, достым, өлсин деп?

Мына сөзин еситип,
Күлмесхан күлип мәс болып,
Санжарханға келеди,
Хүрметлеп сәлем береди,
Қушакласып мәс болып,
Бирин-бири сүйеди,
Хүрметлеп аттан түсирип,
Тойдан орын береди.
Бир адамға еки адам,
Хызмет етип жүреди,
Бириниң бири кәдирин,
Сондай жақсы биледи.
Үшкүлли ошақ ойдырды,
Хәр қазанның басына,
Қараўыллар қойдырды,
Санжархандай патшаға,
Ерип келген жигиттиң,
Атына мал сойдырды,
Атағын атап мал сойып,
Алдына сарпай қойдырды.
Иззет пенен сыйлады,
Дуйым журтты жыйнады,
Күлмесхандай уллы хан,
Тойым қызық болсын, деп,
Жыраў-бақсы жырлатып,
Халыкка сөз тыңлатып,
Байракка ат шаптырды,
Керек затларды таптырды.
Улт-ултан ат алынып,
Барлығы хатқа салынып,
Озып келген бедеўдиң,
Хәр бирине он нардан,
Жүги менен сайлады.
Екинши озған бедеўге,
Бес нарды жүклеп байлады,
Үшинши озған бедеўге,
Жүги менен үш нар деп,
Кеңесгөйлер ойлады,
Елли атқа байрақ сайлады,
«Биринши менен екинши,
Үшиншиден басқасы,
Жүги менен бир түйе,
Аласаң» деп қалаға,
Ғалаўыт салды араға.

Алты сан алаш халқынан,
Алты ат өтип есапқа,
Он сан ноғай халқынан,
Он ат өтип есапқа,
Қырық сан жатқан қырғыздан,
Қырық бедеў шықты сайланып.
Бессам менен бес қала,
Тама, өзбек, түби бир,
Түп атасы Майқы бий,
Майқы бийден бес бедеў,
Сегиз сан жатқан Сейилхан,
Аты түрмен халқынан,
Сайланып шығып сегиз ат,
Булар да өтти есапқа.
Бәрин хатқа салады,
Қалып жүрген бар ма? деп,
Мийман болып келгенниң,
Атын есапқа алады.
Барлық атты санаса,
Саррас жүзге толады,
Атларға пәтек алады,
Атларды айдап барғандай,
Адасса жолға салғандай,
Қырық сан жатқан қырғыздың,
Басшысы Күлмес патшаның,
Гүмис туяқ торысын,
Ким бар екен шапқандай?
Қалаға жар салады,
Бир күн жатып қарады,
Табылмады хеш бенде,
Күлмесханның перзенти,
Қуралай қыз қыпынлап,
Атасына барады.
Хаслы нашар болса да,
Гүмис туяқ торыны,
Шабаман, деп сорады,
Жәллатлардың алдында,
Пашшаплардың алдында,
Шашларын баска орады,
Тах алдында турады.
Гүмис туяқ торыны,
Шабаман, деп Қуралай,
Атасына толғады:

— Белиме байлаған тилла дәлбентим,
Ҳаслым нашар, баста турғай дәўлетим,
Ат шапқандай таппай турсаң бир бала,
«Шабаман» деп кеп тур нашар перзентиң.

Шын бедеў майданда өзи шабылмас,
Мийнетлиге аңсат олжа табылмас,
Нашар деп ойлама, ата, бизлерди,
Перзентиң атланса басқыда қалмас.

Тулпарыңды минип, шөлде желейин,
Мен бахтымды көпте сынап көрейин,
Нашар деп алмағыл, ата, кеўлиңе,
Алла бахыт берсе, озып келейин.

Ҳәрким сөйлер, ата, тилинде барын,
Ат озса алармыз байрақтың нарын,
Санжархан атама айтып көриңиз,
Зарлықжанға берсин тойда тулпарын.

Шашгенемди бештен таллап өрейин,
Зарлық пенен ҳал сынасып көрейин,
Өз тойымда Зарлық пенен шабысып,
Қандай шамасының барын билейин.

Зарлық басшы болармекен қалаға,
Тутыссын, жуўап бер нашар балаға,
Зарлық пенен бир шабысып көрейин,
Көптиң кеўли толсын күйеў балаға.

Мына сөзин еситип,
Күлмесхан күлип, мәс болды.
Кеўли толып қызына,
Ўақты шандан хош болды.
Санжархан жатқан боз үйге,
Күлмесхан кирип келеди,
Тәңир сәлем береди,
Санжархан турып жайынан,
Қапталдан орын береди,
Санжархандай патшаға,
Күлмесхан сөйлей береди:

— Достым болған Санжархан,
Айтайын бастан қалдырмай,
Тыңлайғойсаң бир заман.
Хан төбениң басында,
Ойланып ойласық таўып,
Ысық көрип жүзиңди,
Миясар көрип өзиңди,
Дурыс пәмлеп сөзиңди,
Сениң менен дос болдым,
Дослыққа белги болсын деп,
Тилекти қабыл қылсын деп,
Ақлай қуда мен болдым.
Сениңдей уллы патшаға,
Паянсыз қыз ҳәм ул берген,
Қабыл болды тилегим,
Мениңдейин патшаға,
Мийримли етип қыз берген.
Мийримлиси емес пе,
Бар деген жерге барады,
Тур деген жерде турады,
Не айтсаң да қылады,
Патшалық усы тойымда,
Гүмис туяқ торымды,
Байраққа өзи шабады.
Той-мереке болғанда,
Өзиңнен туўған бар болса,
Миндирсең бедеў белине,
Көрсетсең душпан көзине,
Душпаның гүллей солады.

Адамыйзат бендениң,
Изинде болса нышаны,
Яки болсын ул бала,
Яки болсын қыз бала,
Миндирсең бедеў белине,
Сол мурады болады.
Санжархан атлы жан достым,
Паяны жоқ улың бар,
Паяны жоқ қызың бар,
Дос жылатып айтады,
Күлдирип душпан айтады,
Душпаның басым, жан достым,
Тилегиң қабыл болыпты.
Соңғы алған арыўың,
Қаншайым атлы бийкеңиз,
Бир ул менен бир қызды,
Кемиси жоқ туўғанды,
Қырық қатын қылып жаманлық,
Бир күшик пенен бир пышық,
Саған бала болғанды,
Қаншайым атлы арыўдың,
Еси кетип жатқанда,
Астына әкеп салғанды.
Улың менен қызыңды,
Өлтирмекши болғанды,
Өлмей қалып ғәриплер,
Пана болып бир кийик,
Баллар келип кәмалға,
Бизиң елге келгенди,
Ақсарыбас патшадан,
Қызың азап көргенди,
Балаң қуўып изинен,
Жаслар ағып көзинен,
Жалаңаш жүрип жалтаңлап,
Келди елиме талтаңлап,
Үстине кийим кийгизип,
Белине кәмар буўғызып,
Басына тажы кийгизип,
Аяғына саўры кийгизип,
Қолына қылыш услатып,
Белине найза байлатып,
Астына бедеў мингизип,
Баланды мәс қып күлдирип,
Муңлық атлы қызыңның,
Жиберип-ем изинен.
Ўәдеме ўапа болсын деп,
Жолдас болып барсын деп,
Душпаннан өшин алсын деп,
Қуралай атлы қызымды,
Зарлық атлы улына,
Жолдас етип жиберип,
Табылдым, достым ўәдемнен.
Өшлиден алып өшлерин,
Кеклиден алып кеклерин,
Баллар аман келгенди,
Сениң менен бизлерге,

Қудайтаала бергенди,
Көз жасларды көргенди.
Жалғыз қызым Құралай,
Шабаман деп тойымда,
Қызым атқа мингенди.
Журт ийеси Санжархан,
Ел ийеси Санжархан,
Ат шаппай қалай турады,
Ханның улы Зарлықжан?
Моллалар оқыр хатыңды,
Патша дер ҳаслы-затыңды,
Зарлықжан шапсын байраққа,
Тилеп кеп турман атыңды.
Керше атты бизге берсең,
Келиниң менен улыңнан,
Бүгинги мениң тойымда,
Тамашаны көресең,
Сенде ул бар, менде — қыз,
Жеңилсең байрақ бересең,
Мениң айтқан сөзимди,
Санжар, қалай көресең?
Ат байраққа жиберип,
Тамашаға қарайық,
Ортаға көкпар таслатып,
Еки баланы сынайық,
Қызығы болсын тойымның,
Жыраў-бақсы айттырып,
Уллы қурды қылайық,
Сенде ул бар, менде — қыз,
Гүреске буларды салайық,
Еки баланы сынайық,
Кимлер жақсы,ким жаман,
Айырады халайық,
Әўелинде дос едик,
Ақыры ақлай қуда едик,
Шынтлап қуда болайық,
Қәне, алып кел атыңды,
Тамашаға қарайық.

Мына сөзин еситип,
Санжар көзин яшлады.
Айтылған сөзге шыдамай,
Балқып ханның сүйеги,
Ерик кетип өзинен,
Жер баўырлап ташлады.
Бир майдан қатып Санжархан,
Тап өзине келеди,
Қулмесхандай патшаға,
Үш мәртебе ийилип,
Ҳурметли сәлем береди,
Шаққан басып аяғын,
Қуўанғаннан Санжархан,
Тыпырлап шаққан жүреди,
Керше тулпар ябысын,
Қулмесханға дизгинин,
Еки қоллап береди.

Өзиниң уллы тойында,
Гүмис туяқ торысын,
Құралай қызға миндирип,
Керше тулпар ябыға,
Зарлықжанды мингизип,
Байраққа шабар атларды,
Саррас жүзге толтырып,
Айдаўшы Зарлықжан болып,
Еки ханның алдынан,
Баллар жуўап алады,
Атларды жолға салады,
Зарлық пенен Құралай,
Алдына салып атларды,
Жолларға сапар қылады,
Түнлерде жүрмес жерлерден,
Түни менен жол жүрип,
Қарсақлар жүрмес қалыңнан,
Қайырып жоллар салады,
Жүз тулпардың дойнағы,
Басқан жерин қарасаң,
Уллы гүзар болады,
Жары жолға барғанда,
Зарлықтайын төрени,
Құралайдай сулыў қыз,
Сынамақшы болады,
Уйқысырап кеткендей,
Наз етип аттан қулады.
-Ыразы бол Зарлық,-деп,
Бизлер шөлде қалдық,-деп,
Қарамай кетермекен деп,
Зарлық атлы төрени,
Сынамақшы болады.
Құралай атлы пәрийиң,
Көз астынан қарады.
Зарлық буны көрген соң,
Көп баллардан айрылып,
Құралай қыздың жанына,
Аттан түсип барады,
— Не ис таптың жолда? —деп,
Құралай қыздан сорады:

— Ат қашырар жерлер еле бир талай,
Маған қурған ҳийлеңбекен, бул қалай?
Қәпелимде аўырасаң наз етип,
Бүйтип қыйнай берме бизди, Құралай.

Сен жүрмесең, жоллар өнбес қыяда,
Жүрейик пе екеўмиз де пияда?
Ҳәр ис пенен мени сынап көресең,
Өскеймиз-дә екеўмиз бир уяда.

Ҳәр наз етип, алып турсаң жанымды,
Қылыш урмай төгер болдың қанымды,
Қай жерлериң аўырып тур, Құралай?
Мен Зарлықпан, сорап турман халыңды.

Аттан таслап ағыздың көз жасынды,
Услап көрейин бе алтын басыңды?
Бунша неге кәсте болып тасладың,
Ат алдына алайын ба лашыңды?

Қолым тийип, мен гүнакар болмайын,
Ақыретте шерменде боп турмайын,
Қушақ урсам, қолым тийер етиңе,
Қолдан келсе гүнакар ис қылмайын.

Сонда Құралай:

— Зарлық төре, қалай-қалай сөзиңиз?
Наданға мегзейди айтқан сөзиңиз,
Ат соққысы жаман жанға батып тур,
Сол себепли сарғайып тур жүзимиз.

Хәмме аттан қалып, изде барайық,
Асықпай, Зарлықжан, демди алайық,
Асыққанға жуўап берип қоя бер,
Атлар шаппады деп қарап турайық.

Құралайдың болмай тур ғой саўасы,
Мий айланып, кетип тур ғой мазасы,
Қолың тийсе сен гүнакар болмайсаң,
Сениң қолың кеселимниң даўасы.

Ат алдына алсаң мийрим қанады,
Қолың тийсе, кеселиме даўа-ды,
Асықсаң алып жүр аттың алдына,
Құралай кеселден тәўир болады.

Мына сөзди еситип,
Зарлық атлы төрениз,
Құралай атлы нашарды,
Ат алдына алады,
Шалғайы менен орады.
Болды ма, заңғардың қызы? деп,
Питти ме кеўил жайың? деп,
Құралай қыздан сорады.
Гүмис туяқ торыны,
Жетегине алады,
Азырақ жоллар жүрген соң,
Құралай атлы пәрий қыз,
Зарлықтайын төрени,
Шалғайының астынан,
Шымшып-шымшып алады,
Қасларын қағып қылыңлап.
Зарлықжанға қарады.
Буны көрип Зарлығың,
Құралай атлы пәрийдиң,
Сынағанын биледи,
Жаман жини келеди,
Аш белинен услады,
Құралайдай пәрийди,
Аттан жерге таслады,

Пес қылығын баслады,
Қәхәр етсе шапқандай,
Белиндеги семсердиң,
Балдағын қолға услады,
Зарлықтайын төрениң,
Қәхәри жаман келеди,
Сол ўақлары Құралай,
Зарлықта әңдийше барын,
Ишинен ғана сезеди.
Қыймырып, билдирмей барып,
Гүмис туяқ торысын,
Әсте-ақырын минеди,
Зарлықтайын төрениң,
Ашыўы басылған шелли,
Изине ерип жүреди.
Ат қашырар жерлери,
Бөршиниң Сары таўы еди.
Ат қашырар жерлерге,
Қырық күн жүрип арада,
Атшабар баллар келеди,
Қолындағы пәтегин,
Құралай қызға береди.
— Әўмийин, кәне, қашың, — деп,
Зарлық жуўап береди.
Есабы жоқ атшабар,
Атлардың басын бурады,
Айдап жолға салады,
Туяғында барынша,
Топарласып шабысып,
Шаңды шаңға қосады,
Зарлық минген Керше ат,
Хаслында тулпар жәниўар,
Көп дүбирге шыдамай,
Зарлықтайын төрени,
Өксип алып қашады,
Атқан оқтай қаңғылы,
Аламандай шаң берип,
Көзден ғайып болады.
Көзиниң қарашығындай,
Көз алдында қырағы,
Өзиниң сүйген шырағы,
Зарлықжанды көрмеди,
Қайда екенин билмеди,
Көп балларға қосылып,
Зарлықжанды қарайды,
-Көрдиң бе?-деп балалардан,
Құралай пәрий сорайды.
Бир бала турып сөйлейди,
Сөйлей берип не дейди:

— Бастан күнлериң өткенди,
Ержетип исиң питкенди,
Зарлық дейсең зар әйлеп,
Зарлық дейип жүре бер,
Зарлығың таслап кеткенди,
Бул ўаққа елге жеткенди,

Сызықты басып өткенди,
Бизлер менен жүре бер,
Ойлап турман ой менен,
Сени маскара еткенди,
Асықпа, апа, барармыз,
Елли атқа шелли байрақ бар,
Бас байрақтан төмем жоқ,
Оннан тетесин алармыз,
Зыят көп пайда қайлады?
Барғанша бирге барайық,
Бир көрсек, апа, пайдалы.

Бул сөзлерди еситип,
Қуралай атлы сулыў қыз,
Қатты қәһәри келип:
— Жүўернемек балалар,
Мени ермак қыласыз,
Кеткен болса Зарлықжан, — деп,
Гүмис туяқ торынын,
Бир ораўын алады.
— Асықпай бара берин, —деп,
Ақыры бир күн барарсыз,
Тулпарды бурып салады,
Хаслы тулпар жәниўар,
Көзден ғайып болады.
Жекке шығып баллардан,
Жолларға аңлап қараса,
Зарлықжан озып кетипти,
Атынын баўры жазылған,
Зарлық минген Кершенин,
Соқпағы дизден қазылған,
Озған аттын дойнағын,
Салыстырып қарады,
Секирген жерден секиртип,
Арасын өлшеп көреди,
Қуралай атлы сулыў қыз,
Гүмис туяқ торыны,
Секиртип бул да көреди.
Жетерин я жетпесин,
Секирип шапқан арасын,
Өлшестирип биледи,
Өзинин минген тулпары,
Гүмис туяқ торысы,
Шапқан дойнақ арасы,
Зыятырақ келеди,
Зарлықтайын төрени,
Қуўса шынтлап жетерин,
Қуралай қыз биледи.
Қуралай минген тулпар ат,
Кем-кем өксип қашады,
Аяқты шаққан басады,
Дәрьядай гүўлеп тасады,
Небир бәлент таўларды,
Небир бәлент қумларды,
Ашып көзди жумғанша,
Атқан оқтай асады,

Гә қулақты тигеди,
Гә қулақты жапырып,
Сетем алып секирип,
Таңлап тулпар шабады.
Және бир төбе асқанда,
Алысырақ жерлерден,
Ийрењлеп қара көринди.
Аңлай-аңлай қараса,
Зарлық минген Керше аттың,
Тосаңлапты шабысы.
Босаңлаў аттың барысы.
Кем-кем қуўсырып барады,
Қуралай қыздың ябысы,
Песинде көрген қараға,
Жүдә жақын барыпты,
Зарлық атлы балаға.
Қуралайдың барғанын,
Сирә Зарлық билмеди.
«Қәўипсиз ер-қайғысыз»,
Уйқысырап, манаўрап,
Қалғып аттың үстинде,
Киятыр еди Зарлықжан.
Қуралай қыз қылыңлап,
Атты атқа қосады,
— Ашылсын сенин уйқын, — деп,
Шалғайынан қыз услап,
Тақымына басады,
Ат үстинде жулқылап,
Силкип, қағып тартады.
Зарлықтың жаны қалмады,
Атта зордан қалады.
Қуралайдай пәрийзат,
— Айда, Зарлық төре, — деп,
Зарлық минген ябыны,
Қамшылап қатты урады.
Шабысының болғаны,
Қорпылдап шаўып барады.
Қуралай қыз қарамай,
Астындағы атынын,
Бир ораўын алады,
Бир-еки қамшы урады,
Көзден ғайып болады.
Қаша берди Қуралай,
Қуўа берди Зарлықжан,
Зарлық қыял ойлайды:
— Бул кетистен ол кетсе,
Озып сызықтан өтсе,
Қызармай ма қызыл жүз?
Жүзим төмен болмай ма?
Хаслы нашар болса да,
Аты жүйрик болған соң,
Маған зорлық қылмай ма?
Душпаны басым атамның,
Аты қалса байрақтан,
Жүзи төмен болмай ма?
Енди жетсем изине,

Қуралай қызға жалынып,
Қызды алдап көрейин,
Алдаўыма ерсе ол,
Бирге шаўып барайын,
Нашарлық етип алданса,
Тап кейинге салайын,
Озып барып алдында,
Абырайлы болайын, —
Деген қыял-ой менен,
Атқа қамшы басады.
Зарлық минген Керше ат,
Қамшы тийип санына,
Кем-кем өксип қашады,
Дәрьядай гүўлеп тасады.
Қуралай қыз қарамай,
Асқан екен шөллерди,
Умытыпты сол жерде,
Зарлық атлы ерлерди,
— Зарлық қалды зар әйлеп,
Озып кетсем мен дейди.
Сызықтан өтсем мен дейди.
Изимнен барса Зарлықжан,
Бетине сепкил салмай ма?
Өзи қапа болмай ма?
Атасы менен атамның,
Қуда болған жери бар,
Несийбем болып, мен барсам,
Өмирлик жолдасы болсам,
Бетиме ширкеў болмай ма?
Аттың басын бурайын,
Зарлыққа қарап турайын,
Озса кейнинен барайын, —
Деген қыял-ой менен,
Аттың басын бурады,
Азырақ иркип турады,
Зарлықжанға қарады,
Зарлық та жетип барады,
— Айда, айда, Зарлық, — деп,
Зарлықтың атын Қуралай,
Және қатты урады.
— Бедеўдин жалын өрейик,
Неге әсте айдайсаң,
Тартысып, Зарлық, көрейик?
Шын бедеў шөлде шабылмас,
Ат табылағойса да,
Мундай майдан табылмас.
Майдандур жердин даласы,
Алладур ердиң панасы,
Атынды айдай алмайсаң,
Бизлер менен жарыспа,
Нашар деп бизди ойлама,
Санжарханның баласы.
Ат шаўып жүрмен далаға,
Айдаса жолдас болайық,
Қарамай кетсем бараман,
Сеннен он бес күн бурын,
Күлмесхан салған қалаға.
Атың шабыўға болмай ма?
Я бизге кеўлиң толмай ма?
Сөйлеп турыпты бизиң тил,
Солмағай бизден қызыл гүл,
Атаң менен мениң атам,
Ақлай қуда болыпты.
Сол себепли тәмем бар,
Аламан десең аласаң,
Аламасаң, төрем, өзиң бил.
Өле жаман болмасаң,
Өлеси жарлы болмасаң,
Жүдә қайғысыз болмассаң,
Ҳеш ўақта қарап турмассаң,
Ақылы зайыл болмасаң,
Жаманынды билмедим.
Сарыбас дәўдиң журтына,
Сапар тартып шыққанда,
Алты ай жүрдик арада,
Ҳешбир ойнап-күлмедик,
Не екенинди билмедик.
Оннан бери айтсам мен,
Қырық күншилик жолларда,
Жолдас болып келдик биз.
Сени сынап аўырып,
Алдыңа ойнап миндик биз,
Ойынды ойнап билмедиң,
Шымшып едим саныңнан,
Оны да сирә сезбедиң,
Қәҳәриң менен бизлерди,
Ат үстинен тасладың,
Қылышынның балдағын,
Айбат пенен усладың.
Билдим минез-қулқынды,
Ар-намысты бермеймен.
Көргенше ҳош бол,Зарлықжан,
Мен сендей әсте жүрмеймен, —
Деп кетермен болғанда,
Зарлық дәрҳал бақырды,
Қуралай қызды шақырды,
Зарлық урып қошамет,
Қызға қарап сөйледи:

— Сулыў сымбатың бар, билсем, бойында,
Ҳәрбир түрли қыялың бар ойында,
Жол сапарда ол қыялың болмайды,
Көремиз, асықпа, уллы тойында.

Мойныма алайын, көп ис өтипти,
Бизден кәтеликлер өтип кетипти,
Ойнап- күлер алдымызда ўақыт бар,
Буннан басқа жағы еле нетипти.

Бул майданда болды мениң ақлым лал,
Кеўлиңизге алып жүрмен қыйлы кал,
Надан деп ойлама мени, Қуралай,
Айтайын бир сөзди, тыңла, қулақ сал.

Мәрт болған жолдасын таслап кете ме?
Жаман тыйық жанығанға өте ме,
Иркегөр атыныңбасын, Куралай,
Бизди қапа қылсаң кеўлиң пите ме?

Бедеўлерди иркип жолға салайық,
Озып барсаң не демейди халайық,
Куралай, атыңды тартып шаба гөр,
Тең оздырып атты шаўып барайық.

Озып кетип, мени шерменде етпе,
Соңлысын ойласаң, қасымнан кетпе,
Алтын баслы еркек деген атым бар,
Көп алдында мени масқара етпе.

Бирге қатара жүр жүр, абырай болды,
Соны қылсаң, мениң кеўлим толады,
Жаслайымнан шығынып-ем қолынан,
Аты қалса, атам қапа болады.

Аўырды деп ойлап, алдыма алдым,
Сөзиңди еситип, пәнтқумар қалдым,
Ойын-күлки қурымайды, Куралай,
Өткен қәтеликти ядыма салдың.

Несип болса бирге ойнап-күлерсең,
Хәр жағынан мени сынап билерсең,
Екеўимиз тең озып барсақ бола ма?,
Куралай қыз, буны қалай көресең?

Мына сөзин еситип,
Куралай атты бурады,
Зарлыкка жақын барады,
Кеўлиндегисин айтып,
Толғанып сөйлей турады:

— Несип болса бизиң менен боларсаң,
Ийшалла өмирлик жолдас қыларсаң,
Ашыўланба, тарттым бедеўдиң басын,
Ашыўланып сен кимлерди аласаң?

Изинде қалар-ем, әсте барар-ем,
Не қылсаң да айтқаныңа турар-ем,
Сорлы атамның кеўли ушын шабаман,
Изде қалып абырайлы қылар-ем.

Жүк көтерген қатарында нар еди,
Мәхмин бенделерге алла яр еди,
Аты қалса қапа болмай ма атам?
Атам пақыр ул перзентке зар еди.

Аты қалса атам меннен көрмей ме?
Ул болғанда озып келер еди, демей ме?
Нашар болғаннан соң атым қалды,-деп,
Муңлы атам иши жанып өлмей ме?

Бедеўлерди тартып ерге байлайық,
Алдымызда болар исти болжайық,
Тең барсақ хеш кимниң келмес кеўлине,
Оздырмастан теңдей қылып айдайық.

Бедеў шабысады жолдың тарында,
Шабабер, Зарлықжан, дәўлет барында,
Еркек жигипен деп етпе зорлықты,
Тең өтейик еки ханның алдында.

Еки ханның қәдирин де билесең,
Мәс болып шалқайып дәўран сүресең,
Нашардың сөзи деп буны ойлама,
Зарлық төре, буны қалай көрерсең?

Куралайдай пәрийдиң,
Мынаў айтқан сөзлерин,
Зарлық мақул көреди,
Биринен-бири озалмай,
Биреўи изде қалалмай,
Теңнен шаўып барады,
Той болып атқан жерлери,
Жақынласып қалады.
Бедеўдиң жалы өрилди
Және бир күн жүргенде,
Тойдағы көп аламан,
Әйне намаз ўағында,
Булдырланып көринди,
Әйне песин ўағында,
Жүдә жақын барады,
Көп жыйынды көрген соң,
Зарлық пенен Куралай,
Ат қосып алла салады,
Тойдағы турған халықтың,
Қулағын жарып барады,
Ат шапқанда алла салмақ,
Куралай менен Зарлықжан,
Дәстүр болып қалады,
Еки ханның тулпары,
Теңнен өтип сызықтан,
Хәмме хайран қалады,
Еки тулпар жарысып,
Куралай менен Зарлықтың,
Алла салып өткени,
Еки бирдей патшаға,
Жүдә мақул болады.
Ара майдан шөллерде,
Татыў болған себепли,
Татыўлық орын алады,
Он нар зерин көтерип,
Озған атларға барады,
Әмелдар менен Кеңес бий,
Бестен бөлип екиге,
Байрағын тайын қылады,
Көпшиликти айырып,
Байрақларын алады.

«Палўаның болса шығар» деп,
Қалаға жар урады,
Палўан деп атын айтыўдан,
Зарлық төре шешинип,
Тап ортаға барады,
Саққа жүгинип турады,
Бес палўанның байрағы,
Он нарға зер тийелип,
Ортада тайын турады.
Зарлықтайын төренин,
Белинен туўры алғандай,
Айқырып жамбас салғандай,
Хеш бир адам болмады,
Жар салдырды: — Ким бар? — деп,
Күлмесханның елинен,
«Шығаман» деген болмады,
Қаласы менен даласы,
Шалжаў елдиң арасын,
Шукластырып қоймады,
«Шығаман» деген болмады,
Ар-намыс қолдан кетер деп,
Атамды қапа етер деп,
Құралай атлы сулыў қыз,
Өз липасын таслады,
Бир түрли қылық баслады,
Еркек кийимин кийеди,
Қабағын булттай үйеди,
Күлмесханға келеди,
— Жуўап бериң, — деп еди,
Күлмесхан сирә билмеди,
Жуўапты патша береди,
Ханнан жуўап алған соң,
Ортаға кирип келеди,
Зарлықты көрген ўағында,
Кем-кемнен кулпы дөнеди.
Бирин -бири көриўден,
Бирине-бири жуўырды,
Табаны шаңды суўырды,
Жағаға қоллар салады,
Бирин-бири алалмай,
Ҳайран болып турады,
Құралай қыз билдирмей,
Гәҳи иштен шалады,
Гәҳи сырттан шалады,
Зарлық атлы баланы,
Албыратып барады.
Жулқып екшеп көтерип,
Белбеўликке миндирди,
Және екшеп көтерип,
Көкирекке миндирди,
Бийбипатма, яр бол, деп,
Айландырып басынан,
Таслар жерге келгенде,
Зарлық төре аңлайды,
Бийбипатма пийрим дегенди,
Жүдә мақул тыңлайды,

Арбадан кең көкиректи,
Еки қоллап сынайды,
Бүлкилдеген бүйрекке,
Қолы тийип Зарлықтаң,
Қыз екенин аңлайды,
— Дат, Құралай пәрий, — деп,
Зарлық төре зарлайды,
Я ырас па, өтирик пе?
Қайтадан және барлайды.
Зарлықты тикке көтерип,
Таслайын десе ойланды,
Ар намыстан мәрт жигит,
Әрманда өлип кетер деп,
Мени-шерменде етер деп,
Жықпай қойсам нетер деп,
Босаңласқан ўағында,
Зарлық төре қышқырды,
— Құралайжан, көтер, — деп,
Қылагөр буннан бетер, — деп.
Мына сөзин еситип,
Зарлықты жерге қояды,
Көзлерин жасқа бояды,
Жығайын десе Зарлықты,
Ақыбетин ойлады,
Жықпайын десе болмады,
Ар-намыс ушын Құралай,
Шыбын жанын қыйнады,
Жығыса алмас булар, деп,
Байрақты тең бөлиўге,
Жәллатлар соңын ойлады,
Байрақты тең бөледи,
Екеўине береди.
Тойым қызық болсын деп,
Алтын қабақ байлады,
Ҳәр қыялды ойлады.
Мергенмен деген адамды,
Қалдырмастан жыйнады.
Ҳәрким тапқан оқ жайын,
Алып ханға келеди,
— Атың, — деп жуўап береди.
Ҳешким атып алалмай,
Парахат етип туралмай,
Ҳайран болып барады.
Жүги менен бир түйе,
Атқанға байрақ болады.
Зарлықжан алды сары жай,
Шегими қатты полаттан,
Таза пәрли оқлардан,
Гириске оқты илдирди,
Мергенлигин билдирди.
Сары жайдың баўырын,
Сынғанша ийип тартады.
Әўел алла яр бол, деп,
Қабақты байлап атады,
Жақыннан атқан пәрли оқ,
Ийттей сыңсып кетеди,

Байланған алтын қабаққа,
Зарлықтайын төрениң,
Атқан оғы тийеди,
Талабан болған мергенлердиң,
Ишлери оттай күйеди,
Буннан алып байрағын,
Ат шабардан алғанын,
Палўан болып алғанын,
Мерген болып алғанын,
Еки жерге бөледи,
Санжархан менен Күлмесхан,
Еки ханның алдына,
Сәлем берип киреди.
Еки қолын қаўсырып,
Тах алдында талтайып,
Алдыңғы алған аўым деп,
Еки ханның алдына,
Байрақларын қояды,
Кейин бәсип турады.
Еки қолын көтерип,
«Кәспиннен тап берекет» деп,
Зарлық атлы баланың,
Хаққына дуўа қылады.
Тамаша болсын тойым деп
Ертенине азанда,
Ортаға көкпар таслады.
Тәреп болып ылақ ойналып,
Қызық болды тойлары,
Ақырында дурыс болды,
Кеўилге алған ойлары.
Санжарханның алдына,
Күлмесхан жақын келеди,
Тойым тамам болды деп,
Зарлық пенен Мунлықты,
Шақыртып алып алдына,
— Таныймысаң? — деп еди.
— Душпаның басым жан дослым,
Мынаў, билсең, Зарлығың,
Мынаў қызың Мунлығың,
Таныйсаң ба улыңды,
Таныйсаң ба қызыңды?
Дослығымды билдирдим,
Кеўлиңди шад қып, күлдирдим.
Улың болған Зарлыққа,
Сайлап тулпар миндирдим.
Ўәдеме опа болсын деп,
Қырық күн тамам той бердим.
Сениң улың Зарлыққа,
Құралай қызымды бердим.
Сырнай-гернай тарттырып,
Ат жиберип байраққа,
Кеўлимди бердим ғой ҳаққа,
Елиме ийе болсын деп,
Миндирдим бахытлы тахтқа.
Сайрап турыпты бизиң тил,
Ашылды бағда қызыл гүл,
Мынаў улың хәм қызың,
Құда болып қатнасайық,
Қатнаспасаң да өзиң бил.

Мына гәпти еситип,
Күлмесханның өзине,
Санжархан хайран қалады,
Таўып айтқан сөзине,
Ес-ақылдан айрылды.
Еки көзин жаслады,
Сөйлерине тили жоқ,
Жерге өзин таслады,
Бир майданнан Санжархан,
Күлмесхандай патшаға,
Сөйлей берип толғады:

— Ақылым болып тур ғой лал,
Алма кеўлиме қыйлы-қал,
Бир-еки аўыз сөзим бар,
Жан достым, сөзге қулақ сал.

Гүналыман сизлерге,
Айыплыман сизлерге,
Урықсат қылсаң, сөйлейин,
Сөйле десеңиз бизлерге.

Сөйлесем болар гүналы,
Сөйлемейин мен, — деди.

Сол ўақлары Күлмесхан:
— Сөйлей бер, достым, сен, — деди.

Мына сөзди еситип,
Журт ийеси Санжархан,
Сөйлемекши болады.
Шақырып алып Зарлықты,
Шақырып алып Мунлықты,
Қушағына басады.
Зарлықты оң дизеге,
Мунлықты шеп дизеге,
Миндирип патша сөйледи:
— Бузаўшығым, боз қозым,
Қозым, аман бармедиң?
Мийўаланған дарақ мийўасы,
Мийўасы аман бармедиң?
Боз үйимниң бостаны,
Боз ордамның ийеси,
Малы-мүлктиң ийеси,
Перзентим, аман бармедиң?
Енди енер күш-қуўатым,
Жойылмас өлсем де атым,
Қулыным, аман бармедиң?
Улы менен қызының,
Хәр бетинен сүйеди.
Мийри қанып патшаның,
Еки көзин жаслады,

Маңлайын урып муңлады.
— Зарлық атлы шырағым,
Муңлық атлы шырағым,
Сизлерге карар бетим жоқ,
Түсиндирип айтайын,
Айтпай енди қәйтейин,
Гуналы болып турыппан,
Айыбым бар мойнымда,
Сени туўған ананның,
Я өлисин билмеймен,
Я тирисин билмеймен,
Хак қаны калып мойныма,
Жатыр ма жердиң қойнында,
Душпаным басым өзиме,
Өзимнен ислер болғанды,
Қанлар қуйылсын көзиме,
Көрмегей хешким жасымды,
Атам деп мени аяман,
Еки бирдей перзентим,
Ийтлерге таслап лашымды?

Көп жыл болды, мен зар едим балаға,
Қус салдым таўсылмас уллы қыяға,
Ғайып балларымды көрип, мәс болдым,
Енди алса, ыразыман аллаға.

Қартайғанда қыйын болды халларым,
Перзент деп қыйналды шыбын жанларым,
Душпан бузып, мен ананнан айрылдым,
Сол себепли гүналыман, балларым.

Лашын едим, қанатлардан қайрылдым,
Жүйрик едим, туяғымнан майрылдым,
Душпан басым болып, бузды қанамды,
Гүналыман, мен ананнан айрылдым.

Дос-душпанды айтып саған билдирсем,
Бирин қоймай, дар арқанға илдирсем,
Ыразыман, перзентим, айтып кетейин,
Ең изиңнен мени қыйнап өлтирсең.
Сол себепли өлим жайға қайылман,
Не қылсаң да хызметиңе тайынман,
Өлтирсеңиз ыразыман, перзентим,
Турып кеталмаспан, балам, жайымнан.

Душпанлардың маған дузақ қурғаны,
Қырық қатын, мәстаннан бул ис болғаны,
Енди өлсем ыразыман аллаға,
Изимизде белли нышан қалғаны.

Сонда Зарлық сөйлейди:

— Қыслар болса үргин үрип, жаўар қар,
Хәр бир иске, ата, болдым дуўшакер,
Анам ушын қайғы шекпе, атажан,
Зарлық-Муңлық перзентиңниң арзы бар.

Гүл рәўшан қулпы дөнген қаламыз,
Бир алла яр болған бизлер баламыз,
Бир дуўаны мың жериңнен бәнт етип,
Сол себепли тири шығар анамыз.

Дийдарын көрмедик, ақ сүтин емип,
Әрманым көп ялғаншы дүньяға келип,
Ғәрип анам ялғаншыда тири ғой,
Уйқыласақ жүремиз ақ сүтин емип.

Өйтип қапа қылма, ата, баланды,
Қайғыға толтырма кеўил-қаланды,
Жәзийрада анам тири жүрипти,
Таптырып ал ғәрип болған анамды.

Жәллатлар қолын қылыш алғанды,
Гүналы анамыз сизге болғанды,
Өлтириўге қорқып нахақ қанынан,
Жәзийраға тири қуўып салғанды.

Қалаңа қосылып хәмме барамыз,
Анамызды, ата, таўып алармыз,
Қырық қатыннан болған болса бул ислер,
Бирин қоймай жанған отқа салармыз.

Мына сөзди еситип,
Санжархандай уллы хан,
Тап өзине келеди,
Қулмесхандай достына,
Толғанып сөйлей береди:

— Ақлым болды бул майданда мениң лал,
Кеўлиңизге алып жүрмен қыйлы-қал,
Келип тойыңызға, талап оң болды,
Жан достым, сөзиме мениң қулақ сал.

Нурға толған кеўлиңдеги қаланды,
Жоқ еттиң басымнан қайғы-бәламды,
Сизге өлгенимше, достым, ырзаман,
Қуўыстырдың жат боп кеткен баламды.

Оң жағыңнан туўған бул гәўхар айың,
Не болса да кешир, жора, гүнайым,
Уллы сарпай сизге жапқым келип тур,
Не алсаң да, жора, барлығы тайын.

Өмиримше бирге дәўран сүрейин,
Сениң менен бир қосылып жүрейин,
Басын баслап, изин, жора, таслама,
Қалың малға не тилесең берейин.

Душпанлардың жүрек-баўырын тилдирип,
Ис қылдың, жоражан, дослық билдирип,
Истиң соңын жайғастырып қайт, жора,
Қалма, жора, мийнетиңди күйдирип.

Бизиң елге бирге, жора, барайық,
Қаншайымды ара шөлде қарайық,
Зарлықжан, Мунлықжан тири деп тур ғой,
Тири болса Қаншайымды табайық.

Алла-таала еле ҳәм бизге ярмекен,
Қаншайым дүньяда тири бармекен,
Ата-ана балаларына қосылып,
Қайғысыз отырған бенде бармекен?

Ғазлар ушып, үйрек қонған көлимди,
Кийик-қулан туўып өскен шөлимди,
Бизиң елди қосып сора Күлмесхан,
Қуда разы, бердим, жора, елимди.

Астына тартайын алтын тахтымды,
Мен разыман, алла ашсын бахтыңды,
Бирге барып уллы тойды берейик,
Дәўлет келип турған, жора, ўақтыңды.

Айтқан сөзлерди де өзиң билесең,
Сорамыңды ертип, жора, жүресең,
Қуда болып қатнасамыз сиз бенен,
Қыяметлик достым, қалай көресең?

Мына сөзди еситип,
Күлмесхан күлип мәс болып,
Көп күлди шақаклар урып,
Мақул болып барыўды,
Көўлине қыял алады,
Өзиниң сорамағында,
Аты шыққан жигиттен,
Мыңын сайлап алады.
Кәтқудалар жыйналып,
Жас уллылар жыйналып,
Жасы киши жыйналып,
Қыз-келиншек жыйналып,
Күлмесханның перзенти,
Қуралай атлы нашарды,
Зарлық атлы төреге,
Узатар болды сайланып.
Қуралай атлы нашардың,
Басына күн туўады,
Нашарлығын яд етип,
Қатары менен қосылып,
Теңселисип жылады,
Алпыс мұқам, қырық қылық,
Қылығы менен қылтыңлап,
Қуралай минбей турады.
Ақ күймениң үстине,
Нар түйениң белине.
Бирде адам баласы,
Қуўанғаннан жылайды.
Бирде адам баласы,
Қапа болса жылайды,
Қуралай атлы сол нашар,
Қуўанып сыңсып жылайды.
Күлмесхандай уллы хан,
Қуралай атлы перзентин,
Алды толы мал менен,
Кейни толы шаң менен,
Мың аламан атланып,
Көкпар ойнап қызықлап,
Раўан болды жол менен.
Күлмесхан қызын узатып,
Шаршаған жеринде жатып,
Асықпай жүрип келеди,
Отлы жерде қонады,
Шимгенли жерде түсленди,
Еринген жерде кешленип,
Асықпай жоллар жүреди,
Күлмесханға қарамай,
Санжархандай уллы хан,
Өзиниң сорамағына,
Бурынырақ келеди,
Қуўанып күлип дөнеди,
Алпыс еки әмелдар,
Жетпис еки мөхирдар,
Қусбеги, метер, ўәзийри,
Кеңесгөй, жәллатларын,
Шақырып бәрин алады,
Зарлық-Муңлық балларын,
Тири деп хабар қылады,
Пайтақ жатқан халқына,
Қалдырмай хатты жазады:
— Қырық күн қызық тойым бар,
Ойынпазға ойын бар,
Тилли шешен шайырға,
Хәўазлы айтқыр жыраўға,
Айттырғандай сөзим бар,
Қақлақ жаўырынлы палўанға,
Шексиз түсер палўан бар,
Минсиз шабар тулпарға,
Қырық күншилик жолым бар,
Он сан ноғай халқыма,
Сынасын сын бергендей,
Өзиме тай келгендей,
Киятырған мийман бар,
«Атаман» деген мергенге,
Алтын қабақ байланар.
Киятырған мийманның,
Ҳәр бирине бесеўден,
Хызметкерлер сайланлар,
Қырық күн удай той болар,
Аты барлар ат шабар,
Кемис тапса тойымнан,
Шықпас ҳәрким ойымнан,
Бузаман десе тойымды,
Өзи өлимдар,
Малы талаў болады,
Гүналыдан қан алып,
Таярлансын жәллатлар,

Гүналы болған бендени,
Көп алдында шалады.
Тойымды қызық қылады,—
Дедидағы Санжархан,
Қалаға жар салдырды,
Сорамының ишинде,
Аты шыққан жигитти,
Қалдырмай жыйнап алдырды.
Хан шақырды деген соң,
Жаны қалмай халайық,
Қарада турыс бола ма?
Жәм болып тайын турады,
Не буйырса қылады,
Зарлық пенен Муңлыққа,
Жаманлық еткен қырық қатын,
Қулмәстанды қалдырмай,
Шақырып алды қасына,
— Той берип атырман, — деди.
Алпысқа толған жасыма, — деп,
Қырық қатынның алдында,
Санжархан сөйлей береди:

— Көргенше болмас қарарым,
Таймағай бастан дәўраным,
Айтайын иште сырымды,
Баслас болған қырық дилбарым.

Буйырайын десем улым жоқ,
Айтайын десем қызым жоқ,
Тынық тыңлаң сөзимди,
Сизлерди көрсем кеўлим тоқ.

Басымда турыпты заман,
Шақырды бизди Қулмесхан,
Алпыс жасқа берди тойын,
Айтайын, жеккелик жаман.

Қулмесхандай патшаның,
Ул десе улы бар екен,
Қыз десе қызы бар екен.
Сендей сайлап алғанлары,
Бир ул, бир қыздан туўған екен.
— Бар ма балаң? — деп сорады,
Бой-келбетиме қарады,
— Туўған жоқ, — деп-ем, — хаялым,
Қулмесхан турып жылады.

Гүлленди ғой енди, қала,
Шықты меннен отлы шала,
Той баслайман соның ушын,
Етегиме салды бала.

Хызметте турар хәмме жан,
Тыңлаң сөзимди бир заман,
Миййман болып киятыр,
Журт ийеси Қулмесхан.

Хәммеңиз таққа турсыз,
Шырпылдап хызмет қыласыз,
Қулмама, кетпе қасымнан,
Тойыма басшы боласыз.

Шай ишсе, шайын бересиз,
Нан жесе, нанын бересиз,
Сайлап алған қырық қатыным,
Киятырған қонағымды,
Айтыңлар қалай көресиз?

Мына гәпин еситип,
Қырық қатын қайыл болады.
Қылмаслыққа хәдди бар ма?
Хәммеси тикке турады.
Журт ийеси Санжархан,
Қулмесханның алдына,
Шәўкет пенен шығады,
Иззетлеп турып алдында,
Қулмесханға қарады,
Асықпай жүрип Қулмесхан,
Санжарханның елине,
Бул да жетип барады,
Бирин-бири көриўден,
Аттан түсип жүўырып,
Құшақты-құшаққа урып,
— Хош келипсиз достым, — деп,
Санжархандай уллы хан,
Тәңир сәлем береди,
Қулмесхан алып сәлемин,
Қалаға қарап жүреди,
Он жигитке бир үйден,
Тойдан орын береди,
Қулмесхан менен келгенниң,
Биреўине бес адам,
Хызметкер болып жүреди,
Қуралай минген ақ күйме,
Көп жыйын, шәўкет-саз бенен,
Қырық мың түрли наз бенен,
Қалаға жақын келеди,
Зарлық төре сол жерден,
«Келиншек келди елге» деп,
Қалаға хабар береди,
Биреў кәде сораса,
Шаңлақ кәде, шаң кәде,
Үлкен кәде — сол кәде,
Көпир кәде, жол кәде,
Алатуғын мол кәде,
Қуралайдай пәрийди,
Жүргизбей кәде алады,
Ақ күймеден түсирип,
Есабы жоқ, саны жоқ,
Әмелдардың қызлары,
Қайтпаған жүрек уллары,
Қызды орап алады,
Небир хәкери қызлар,

Куралайдай пәрийдиң,
Келип қолын қарады,
Алтыннан салған билезик,
Сол алтыннан соққан жүзик,
Бәрин қолыннан алады,
Куралайдай пәрийди,
Көп қыз аўдарып қарады,
Келиншекти қыз қарамақ,
Соннан дәстүр болады.
Небир қайқы жигитлер,
Көримлик айтып көрсек деп,
Бетине ақ салдырды,
Көргенди хайран қалдырды,
Бир таякты алады,
Келинге салған ағынын,
Бир ушынан тағады,
Желпип турып алдында,
Куралай қызды сынады,
Көримлик айтпақ келинге,
Соннан дәстүр болады.
Тамаша көрип халайық,
Жүргизбей орап алады,
Бир шешенге сөз берип,
Ҳәмме тынлап турады:

— Келиншек, келип турсыз жатқа,
Умытқанды салсам ядқа,
Келин болып келип турсыз,
Ийилип сәлем бер елатқа.

Шығыпсыз туўған елиңнен,
Ушып уялы көлиңнен,
Кимниң ким екенин билин,
Қарғыс алманыз ериннен.

Ак бетине аклар салсақ,
Жүргизбей кәденди алсақ,
Болажақты баян қылсақ,
Бизлерге де бер сәлемди.

Сөз сыймас айтсам ханаға,
Ер жетсе нашар тура ма,
Қуллық етип бир сәлемди,
Қайната, қайын анаға.

Айтқан сөзди ал есиңе,
Ендир хәр ўақыт түсиңе,
Аўыр сөз айтып жүрмегил,
Сәлем бергил бийкешиңе.

Келиншек болып келдиң елге,
Көз алартып жүрме ерге,
Уллы тойың болып атыр,
Сәлем бер жигит-желеңге.

Көримлик айтып жигитлер,
— Босағадан киргизип,
Босаға кәде, боз кәде,
Бос уласақ та бересең,
Соны берсең келиншек,
Ак үйге сәлем бересең,
Соннан соң үйге киресең,
Отырар жерди билесең, —
Деп ғалаўыт салады,
Келиншек үйге келген соң,
Кәделерин алады,
Санжарханның елинде,
Қайқы-қайың қатынлар,
Қутлы болсын айтыўға,
Санжарханға келеди,
Тилге шешен жигитлер,
Ханға сөйлей береди:

— Сымбатлы сулыў бойларыңыз,
Орын таўды ойларыңыз,
Уллы, қызлы болыпсыз,
Қутлы болсын тойларыңыз.

Душпанның нәзери солғай,
Ақыры қайырлы болғай,
Келин келди есигиңе,
Қораңызға малың толғай.

Ҳақ ис халыққа барады,
Ҳақтың иси дурыс болады
Ғәррем ис қәреп болады,
Тойларың қызық болады.

Ашылды сөздиң жүйеси,
Қор болмас елдиң ийеси,
Қутлы болсын тойларыңыз,
Кетти бетиңниң күйеси.

Душпанның гүлдей солғаны,
Пайманасының толғаны,
Изиңизде перзент болса,
Мурат-мақсеттиң болғаны.
Санжархандай патшаға,
Толайым халқы жыйналып,
Қутлы болсын айтып атыр,
Хан үстине кире алмаған,
Ҳаўлыққаннан қайтып атыр,
Тойы қызық болып атыр,
Сырнай-гернай урып атыр,
Күлмесханның үстине,
Түр-түри менен тағамның,
Үсти-үстине барып атыр.
Санжархандай патшаның,
Қырық қатыны қылыңлап,
Жаранайын ханға деп,
Биринен бири өткерип,

Шырпылдап хызмет қылды,
Мына тойдың түрлерин,
Қыйын болған күнлерин,
Қулмәстан анлап турады,
Қашарына тесик жоқ,
Ҳақтың қылған исине,
Булар қайыл болады.
Санжархан минип тағына,
Улы-қызы табылып,
Ўақты шәндан хош болып,
Келипти дейди Санжархан,
Жигирма бес шағына,
Әйдарҳадай дем тартып,
Кетти ғой дәўлети артып,
Жәллатларын шақырды,
«Тез келиң» деп бақырды,
Ўәзирлердиң ишинен,
Екеўин жақсы көрер еди,
Аўысқандай зат болса,
Екеўине берер еди,
Не айтса да булар да,
«Ләббай» деп турар еди,
Биринин атын Тама деп,
Биринин атын Султан деп,
Қусбеги, метер, кеңесгөй,
Бәрининң де ишинен,
Абырайлысы солар еди.
Хан шақырып алады,
Пинҳамы жайға барады
«Қаншайымнан бер хабар» деп,
Тама менен Султанның,
Алдастырып сорады,
Өткен исти яд етип,
Тама, Султан ўәзирге,
Журт ийеси Санжархан,
Толғанып сөйлей береди:

— Тама, Султан, болып тур ғой ақлым лал,
Сақлап жүрмен кеўлиңизге қыйлы қал,
Ырасын айта бер, жасырмай бизден,
Мен сөйлейин, сөзлериме қулақ сал.
Жәллат деп бақырсам, болсаңыз тайын,
Билесиз патшаның екеўиң жайын,
Еки достым, кеўлиндегин айта бер,
Тиримекен, өлимекен Қаншайым?

Қатарымда жүк көтерген нармекен,
Алла-талла биз бендеге ярмекен,
Анам тири дейди еки баласы,
Излесек дүньяда тири бармекен?

Туўысқандай көрип жүрмен сизлерди,
Душпан сарғайтты ғой бизиң жүзлерди,
Айт расын, Тама, Султан төрелер,
Билмейди деп ойламаңыз бизлерди.

Қоррандозлар қорра таслап қарайды,
Айталмай бизлерден қорқып жылайды,
Тири дейди Зарлық, Муңлық анасы,
Қорыққанынан шыбын жанын сорайды.

«Аттым» деп басқа зат байлап атыппең,
Мен сорлының алдап кеўлин сатыппең,
Тири дейди Зарлық,Муңлық баласы,
Қаншайымның қолынан дуз татыппең?

Тири болса нағыз достым болғаның,
Кереги жоқ енди маған дүньяның,
Тири таўып келсең Қаншайым мәсти,
Аўзының толсын ханнан алғаның.

«Аттым» деп, атпаған болсаң қарайық,
Тири жүрген болса таўып алайық,
Еки баласына таўып апарып,
Еки достым, абырайлы болайық.

Мына сөзди еситип,
Тама, Султан ўәзири,
Жаны қалмай жалтаңлап,
Патшаға сөйлей береди:

— Ҳәр сөз айтып, қыйнап турсыз жанымды,
Өзиңиз билесиз қандай халымды,
Айтайын ырасын сизге, Санжархан,
Кеширсеңиз бир қасықтай қанымды.

Өлди деп өлтирмей қайтып барып-ек,
Бир хәккениң атып қанын алып-ек,
Ҳәмириңнен қорқып сениң, Санжархан,
Жәзийраға тири қуўып салып-ек.

Тири болса тири шығар, бар шығар,
Анасынан балалар хабардар шығар,
Гүнакар болмасақ излеп көремиз,
Алла абырайлы қылса бар шығар.
Патшалықтың жөн-жосағын билесиз,
Таппай қайтып келсек, қалай көресиз?
Абырайды алла оңлап, биз тапсақ,
Патшалықтан қандай сарпай бересиз?

Қара десең, ара шөлди қарайық,
Көп жыл өтти, билгенлерден сорайық,
Тири қалып еди бизлер көргенде,
Таўып келип абырайлы болайық.

Сонда Санжархан сөйледи:

— Рәхәт ис болса бирге көрейик,
Ўақты хошлық,заўқы-сапа сүрейик,
Патшалық ис неге зәрүр болады,
Таўып келсең, не сорасаң берейик.

Шукластырып карады,
Бул жерлерден таппады,
Излеген сапар жакпады,
Және асып бир төбе,
Аңластырып караса,
Бир ийттиң изин көреди,
Талабы сол ўәзирлер,
Изди жойтпай жүреди,
Ертенине пешинде,
Қуўалаған излери,
Бир үңгирге келеди,
Қаншайымның тирилигин
Сол жерлерде биледи.
Ер жетип күшик ийт болып,
Пышығы кәмалға келип,
Ийти кийик алады,
Пышығы коян алады,
Алған аўын калдырмай,
Қаншайымдай арыўға,
Тапканын алып барады,
Қақ суўына кайнатып,
Буннан аўкат қылады,
Қаншайымдай арыўға,
Санжархандай патшаның,
Қойын баккан шопаны,
Аяп мийирбан болады,
Күндеги түслик нанынан,
Күнде әкеп турады,
Шөллесе суў береди,
Жигирма жылға шекем бул,
Мийирбан болып барады,
Санжархандай патшаның,
Қойын баккан шопаны,
Аты Байтөре еди,
Күни ушын Қаншайым,
Аллап оны жүр еди,
Аллағаны сол еди:
— Улым еди Зарлық деп,
Қызым еди Муңлық деп,
Өлмей жүрсем мен тири,
Ақыры бир күн көрермен,
Мийирбан бол бизлерге,
Ене боламан сизлерге, —
Деген сөзге қуўанып,
Күнде бир ўақ келеди,
Жейтуғын тамақларының,
Тең жартысын береди,
Ишсе катыққа мол еди,
Гөне-көксиси бар еди,
Тирилей жетим болған соң,
Көкиректе қайғы бар еди,
Қайғы қаплап қамығып,
Отырғанда Қаншайым,
Дүсирлескен дойнақтың,
Сести бийжай келеди,
Султан атлы ўәзир менен,
Тама ўәзирлердиң,
Еки көзи алаңлап,
Үңгирге анық караса,
Адамның жүрген изи бар,
Ийттиң барған изи бар.
— Хабарлас деп карайық,
Адамзат болса ишинде,
Жөн-жосағын сорайық,
Басқа зат болса ишинде,
Аттың басын бурайық,
Жаманнан қашық болайық,
Сөздиң басы Қаншайым,
«Қаншайым» деп зарлайық, —
Деген қыял ой менен,
«Қаншайым» деп зарлады:

— Тириликте бизге қурылды сайын,
Биз Тама, билесең ағаңның жайын,
Қуўантпаға сизди излеп келемиз,
Шық далаға, хан бийкеси Қаншайым.

Алла екен барлық жанның панасы,
Табылды ғой кеселиңниң даўасы,
Санжархан жиберди «таўып кел» дейип,
Бизге көрин, Зарлық-Муңлық анасы.

Қарамай алып еди патша жасына,
Қайтып дәўлет кусың қонды басыңа,
Өлмесине себеп болған бизлермиз,
Бир сөз айтайық деп келдик касына.

Өлтир деп-ед, биз өлтирмей кетип-ек,
Бир хәккени атып ханға жетип-ек,
Зарлық, Муңлықжанның шыққыл анасы,
Миннетдармыз, бир жақсылық етип-ек.

«Тап» деп сарғайтты ғой бизиң жүзлерди,
Тыңлап турыпсаң ба айтқан сөзлерди,
Зарлық, Муңлық балаңыздан хабар бар,
Танымай турсаң ба еле бизлерди?
Сени излеп тулпар миндик қыя-даш,
Сени таппай, ақты көзден селли яш,
Зарлық, Муңлық балаларыңнан хабар бар,
Шық майданға, Қаншайым бийке, хабарлаш.

Мынаў сөзди еситип,
Қаншайымдай гәрипттиң,
Баллары түсип ядына,
Иши оттай күйеди,
Көзинен жас сийеди,
Ақыл-хуўшын алдырды,
Қайғы басын қамығып,
Өзин-өзи талдырды,
Майданнан келген хаўаздың,
Не екенин билмеди,
Я оны ма, билмеди,

Я түси ме, билмеди,
Үңгирдиң жатып ишинде,
– Сөйлеп турған кимсең, — деп,
ЕсеңкиреपҚаншайым,
Толғанып сөйлей береди:

– Жаслайымнан қуралмадым салтанат,
Аллатаала бизди қылды биймурат,
Шайтанбысаң бул жерлерден сес берген,
Сен бул жерде неғып жүрген адамзат?

Жаслайымнан қара шашым өрилген
Надаңлықтан абырай қолдан берилген,
Хаўазын жағымлы адамға мезгес,
Не маҳлуқсаң бул жерлерде көринген?

Жаслайынан қанатынан қайрылған,
Биз адамзат ел-халқынан айырылған,
Адамзатқа мезгетемен даўсыңды,
Биз сорлымыз еки қанаттан майырылған.

Жерди-көкти халық әйлеген илайым,
Нашарлықтан неден болды гүнайым,
Сестиң жағымталлы адамға мезгес,
Ийт, пышыққа жалтаң қылды қудайым.

Турып сизге көринерге бетим жоқ,
Жаслайымнан, хәр жағымнан қайғы көп,
Не жағдайда келип турсыз, ағалар,
Барып сизге жолыққандай жүзим жоқ.

Мына сөзди еситип,
Қуўанышы сыймай қойнына,
Түсинбеген екен деп,
Түсиндирип кетейик,
Деген қыял ой менен,
Ўәзирлер және сорайды:

– Сени көрип, жаңа енди жанымыз,
Сен кеткели қыйын болды ҳалымыз,
Қаншайымжан, тап ырасын айтайын,
Инсапқа келди ғой Санжарханымыз.

Таўда өсер түрли ҳасыл, ақ қайың,
Сиз билесиз Санжарханның жағдайын,
Туўғаныңды жаңа билди Санжархан,
Еки балаң елге барды, Қаншайым.

Өлтир деди, сизди кеттик өлтирмей,
Усы күнге дейин келдик билдирмей,
Сырласым Қаншайым, айтқыл арзыңды,
Барайық биз хеш адамға күлдирмей.

Сиз ушын қыйланды елатың барлық,
Орынсыз ислерге етпегил тарлық,
Еки балаң ержетипти, Қаншайым,
Қызың Муңлық, улың бар екен Зарлық.

Мына гәпти еситип,
Қаншайымдай арыўың,
Әўелинде қорықса да,
Ханнан келген ўәзирге,
— Айтып бар уллы ханға, — деп,
Зарланып сөйлей береди:

— Батыр гезип дағыстаннан жол салар,
Кимлер жаман болса пейлинен табар,
Сизге көриниўге бизде абырай жоқ,
Сөзимди есит, Тама, Султан ағалар.

Көкирегинде қайғы менен әлемди,
Өзлериң билесиз,бул сөз мәлимди,
Ийимансыз патшаңыз бар болса, келсин,
Биз Қаншайым, дуўай-дуўай сәлемди.

Кийим-кеншек әкеп басын урады,
Не айтсам да сөзге қайыл болады,
Тири баллар десем, инанған жоқ еди,
Инандырып, Қаншайым елге барады.

Қайтадан некамды қыйып алмаса,
Халқын жыйнап, уллы тойды қылмаса,
Балларымның кеўли ушын бараман,
Көрмес едим,залым ханды болмаса.

Өзи келмей, сирә өзим бармаспан,
Аяғыма бас урмаса, қылмаспан,
Еки балам тири болса, хан келер,
Бул хабарды еситсе ол турмастан.

Мынаў сөзин еситип,
Ханнан келген ўәзирлер,
Аттың басын бурады,
Қамшыны таўлап урады,
Еки күн шаўып арада,
Санжархан салған қалаға,
Ат ойнатып барады,
Бәлент көше, пәс көше,
Дығырық көше, тар көше,
Тар көшени аралап,
Атлар шаўып барады,
Хан есиги датқа жай,
Тар қапылы ақ сарай,
Ак сарайдың алдына,
Тама, Султан ўәзири,
Екеўи тайын болады,
Қолы тийип қызылға,
Алтын таққа жақынлап,
Айтайын десе айталмай,
Қуўанғаннан тутлығып,
Тақ алдында талтайып,
— Патша ханым, дат, — деди,
Жиберген еки ўәзири,
Көринген соң көзине,

— Арзың болса айт, — деди.
Сол ўақлары Тамасы,
Сөйлемекши болады:

— Журт ийеси-патшайым,
Тыңласаң сөзимиз тайын,
Арзы айтамыз алдында,
Кешириң, болса гүнайым.
Әзели иманлы-иманлы,
Иманлысаң, патшайым,
Иманың басым бар екен,
Көкирегиң хақ екен,
Көкиректиң хақлығы,
Әжелсиз бенде өлер ме?
Қундақта ғайып болғанды,
Жигирма жыл өткене,
Ата-анасы көрер ме?
Олар тири жүрер ме?
Мийирбан қылып кийикти,
Иийп сүтин берер ме?
Шөллерге айдап салғаным,
Бир жағында болғаным,
Атпасам да аттым деп,
Ҳәккениң қанын апарып,
Сени инандырғаным,
Қаншайым атлы дилбарың,
Күшик, пышық туўды деп,
Саған жаманлы болғаның,
Тири екен шөллерде,
Тек шықпаған жаны бар,
Адам бармас жерлерде,
Қаңғалақлап жүрипти,
Ийти менен пышығы,
Кәмалына келипти,
Бир кийик күнде ырысқалы,
Ийти әкелип берипти,
Тамағы тоқ, қайғы көп,
Кийетуғын кийим жоқ,
Бараман деген сөзи жоқ,
Тирилигине ҳайранман,
Шөлдеги тири ғайыбаң,
Тири екен, көрдик биз,
Қаншайым атлы айымның,
Айт деп айтқан сөзи бар:

— Санжарханға келип едим жасымда,
Көп саўданы салды мениң басыма,
Мен бармайман Санжарханың келмесе,
Талақ түскен атағым бар басымда.

Қайтадан некалап тойын береди,
Мени мақул десе, өзи келеди,
Елге кийип баратуғын кийим жоқ,
Жигирма жыл жат өскенди биледи.

Оң жағыннан туўған гәўҳары айын,
Ҳәр ўақта биледи жәллатлар жайын,
Өлип қалған шығар деп биз жүрип-ек,
Тири екен хан елтиси Қаншайым.

Мына сөзин айтыўдан,
Жәллатлар сүйинши сорайды:

— Бул майданда гүлдей болған тәрзим бар,
Ойласақ, алладан беш ўақ қарзым бар,
Таўып келдик Қаншайымның дәрегин,
Сол себепли айтатуғын арзым бар.

Бахтыңыз жүрип тур, билсем, патшайым,
Буйырған хызметиң бизлерден тайын,
Дәўлетиңниң жүргенлиги емес пе?
Шөлзийрада жүр екен ғой Қаншайым.

Ўәлийзада мәгар болса сол ярың,
Көргенлер айтады тилинде барың,
Шүйинши сорап келип турмыз үстиңе,
Тез келсин деп айтып еди дилбарың.

Сайлап алғаныңды өзиң көресең,
Кийим-кеншек алып бирге жүресең
Бул ислерге себеп болған бизлерге,
Мықлап сүйиншимизди, аға, бересең.

Сен бармасаң Қаншайым мәс келмейди,
Қолдан келсе, аға, сени көрмейди,
Көрсем дейди ғайып еки баласын,
Өкпеси көп, толық жуўап бермейди.

Мынаў сөзди еситип,
Санжархан тахтан түседи,
Дәбледен атын келтирип,
Үстине ер салдырып,
Өзине жақын досларын,
Бәрин қоймай алдырып,
Ҳасыл түрли кийимди,
Бөктериўге таңдырып,
Шәўкет пенен, саз бенен,
Тама атлы ўәзирин,
Султан атлы ўәзирин,
Сол сапарға бас етип,
Шөлге рәўан болады,
Қаншайым атлы арыўды,
Көрип кеткен жеринен,
Табалмай ҳайран болады,
Ҳәр тәрепти қарады,
— Ырасшеди көргениң,
Қәне айт ,— деп сорады.
Көрсеткендей белги жоқ,
Я шайтан ба, я жин бе,
Ўәзирлер ҳайран болады.
Алла оңлап талабын,
Көтерип қайқы таяғын,
Санжарханның шопаны,

Шаққан басып аяғын,
Қаншайым жатқан жерлерге,
Нанын алып келеди,
Суўын алып келеди,
«Мәнисин жоқ ғо» деп еди,
Қаншайым турып жайынан,
«Ханнан жәллат келди» деп,
Байтөре атлы шопанға,
Ырасын айтып береди.
Хан жәллаты деген соң,
Хәзи қашып Байтөре,
Қаншайым атлы нашарды,
Арқалап және жөнеди,
Бес төбеден өткенше,
Билинбей кетип барады,
Он төбеде отырып,
Азырақ демин алады,
Жүрген жери қумлықты,
Ойлады шопан сумлықты,
Арқадан жел турған соң,
Мудам шаңғыт болған соң,
Басқан изи билинбей,
Хеш адамға сезилмей,
Бираз жерди асады,
Көп ўақыттан баққысы,
Қаншайым кетсе не болар,
Қурған күним қор болар,
Беремен деген қызына,
Байтөре сор зар болар,
Қаншайымды хан алса,
Шопанға қызын бере ме,
Ол қызды басқа алар,
Ақша жүзин солдырар.
Қаншайымды арқалап,
Есле шеге қумларда,
Байтөре шопан болдырды,
Тили сыймай аўзына,
Сөйлерине ҳалы жоқ,
Жеп алыўға наны жоқ,
Ишетуғын суўы жоқ,
Байтөре қыял ойлады:
— Қаншайымды апарып,
Бир жыраға қояйын,
Қосқа айналып барайын,
Месигимди толтырып,
Бир қап көмеш көмейин,
Бир шанаш толы суў менен,
Бир қап толы көмештин,
Аўзын беккем байлайын,
Қағып салып ийинге,
Тағы айланып келейин,
Қаншайымды арқалап,
Тағы алып жөнейин,
Санжарханға көрсетпей,
Арқалап жүрип өлейин,
Тири болса әрман жоқ,
Беремен деген Муңлығын,
Тириликте көрейин,

Мийрим жүдә қанғанша,
Еки бетинен сүйейин,
Мийнетим синген сор едим, —
Деген қыял-ойлары,
Өзине мақул болады,
Еки пешин қайырып,
Көкиректи айырып,
Қойы қалған жерлерге,
Бир месик толы суў ушын,
Бир қап толы көмешке,
Аўдарылып қыялы,
Қайта берди Байтөре.
Қаншайым мәс қалады,
Ендиги гәпти тыңласаң,
Баяғы Санжархан патша,
Шөлди қоймай қарады,
Қырды қоймай қарады,
Жыраны қоймай қарады,
— Көргеним ырас, патша, — деп,
Еки бирдей ўәзири,
Ханды инандырады.
Пута сайын бир адам,
Көп көплигин билдирип,
Қол усласып тең жүрип,
Алдына басын жүреди,
Епеленлеп отырған,
Бир қараны алыстан,
Тама, Султан сезеди,
— Таптық, — деп ҳаўаз береди,
Киятырған жығынды,
Көргеннен соң Қаншайым,
Жаман шалға оранып,
Аппақ жүзин көрсетпей,
Санжарханға өкпелеп,
Төмен жерге шөгеди,
Ат үстинде Санжархан,
Атты тартып ширенип,
Аяғын зәңгиге тиреп,
Қаншайым атлы ярына,
Санжархан сөйлей береди:

— Сени көрип қурыды ғой димарым,
Қосылысып тарқамды қумарым,
Мен саған айыплы болып турыппан,
Не қылсаң билесең өзиң, дилбарым.

Алтын камар жарасады белиме,
Сен дәрекли отлар түсти денеме,
Мингескил, қайтайық елге, Қаншайым,
Қуўанып турыппан тирилигиңе.

Ақ билегим салайын мен мойныңа,
Хеш мийрим қанбады сениң ойныңа,
Гүналыман, не қылсаң да өзиң бил,
Қәтеликти мен аламан мойныма.

Қәҳәр етсем душпан гүллери солды,
Наданлық дегенин бир гүзар жолды,
«Кетпе» дедиң, кетип едим Қаншайым,
Мойныма аламан, өзимнен болды.

Балларың жетилип адам болыпты,
Қаст еткен душпанын гүлдей солыпты,
Қудайдан көре бер, көрме бизлерден,
Бул ислерге мәстан себеп болыпты.

Мәстан, қырық қатынды тутып аламыз,
Заңғардың балларын отқа саламыз,
Көзиң менен барып көргил Қаншайым,
Көз алдында жер жутқандай қыламыз.

Шүкир қыл тириликте бундай халларға,
Өкпелемең мендей ақмақ ханларға,
Сен менен биз қапа болсақ, зар жылар,
Зыяныңыз тийип жүрер балларға.

Мәстан, қырық қатынды тикке шалайын,
Не қыл десең көз алдыңда қылайын,
Қырық қатыннан болған исти билесен,
Көп алдында зыйыққа отырғызайын.

Айтқан сөзлеримниң түрин билесең,
Еле ҳәм болса бирге дәўран сүресең,
Ашыўыңды тилеп келдим, Қаншайым,
Бир сапар ашыўды бизге бересең.

Мына сөзди еситип,
Қаншайым басын көтерип,
Санжархан атлы патшаның,
Бетине қарап сөйлейди:

— Мойныңа салынған хақтың потасы,
Бар ма мынаў айтқан сөздиң қатасы,
Наданлықты сен мойныңа аласаң,
Жүзиң қурсын, Зарлықжанның атасы.

«Ериң-пириң» дейди өткен сөз бенен,
Қарамаспан деп-ем ала көз бенен,
Сонша ықласымды, султан, күйдирдиң,
Кеўил қалыс ислер болды сиз бенен.

Бир көрмеге интизарман баламды,
Наданлықтан буздың кеўил қанамды,
Сизден жаман кеўлим қалды, султаным,
Жиберсең де бизге отлы шаланды.

Мөхмин болған бенде алланы билер,
Алла деп жыласа кеўилге берер,
Дийдарыңды мен көрмеймен, Санжархан,
Анам деп ойласа балларым келер.

Хеш гәпти билместей басыңыз тас па?
Қасыңда жүргенниң барлығы жас па?
Көзиң көрип келип турсыз мунайып,
Туўғанлығым өтирик пе, ырас па?

Қырық бир қатын алып сирә қанбадың,
Халықты жылаттың, отқа жанбадың,
«Туўдым» деп жыладым аўнап алдыңда,
Қан толып көзиңе, сирә нанбадың.

Көп жыл болды, көзимнен жас сийеди,
Сен ақылсыз, ишим оттай күйеди,
Тирилигин билип жүрдим баламның,
Қос емшегим булақ болып ийеди.

Билсең, түртип сөйлеп турман көзиңе,
Түкирип қарасам болар жүзиңе,
Сениң маған қарайтуғын бетиң жоқ,
Бул турыстан ерс алмайман изиңе.

Мына сөзди еситип,
Қапаланып қамығып,
Қаншайым атлы ярына,
Санжархан сөйлей береди:

— Өзи мөхмин, тарықса алланы билер,
Әжел жеткен бенде сол күни өлер,
Аяғыңа бас урайын Қаншайым,
Нәкас жолдан тапса жолдастан көрер.

Тәмем усылаймеди, Қаншайым, сеннен,
Қудайдан көр, көрме бул исти меннен,
Еки балаң ушын елге бара ғой,
Қаншайым, безбесе туўылған елден.

Қой ашыўды, қәдириңди билейин,
Не қылсаң да, хәмириңе көнейин,
Сөзимди сындырмай барғыл елатқа,
Ашыўыңды бир сапарға тилейин.

Балаң Күлмесханның қызын алыпты,
Сол елатқа сол себепли барыпты,
Зарлық кетип, Муңлық түсип душпанға,
Күлмес патша сорастырып таныпты.

Зарлықжан шөллерден кийик атпаға,
Талап қылған ата-анасын таппаға,
Зарлықжан шөллерди гезип жүргенде,
Сарыбас дәў шыққан елди шаппаға.

Сарыбас дәў мәс боп шарабын ишкен,
Жалғыз өзи шыққан, жанынан кешкен,
Қиятырса қаңғалақлап Сары дәў,
Муңлық өткен жерден соқпағы түскен.

Изин қуўып, тап үңгирге барыпты,
Муңлықжанды соннан таўып алыпты,
-Нашар шықты, келиспейди талап,-деп,
Муңлықты арқалап қайтып барыпты.

Еситип Зарлықжан қуўып изинен,
Сол дәрекли қанлар аққан көзинен,
Күлмесханның елатына барыпты,
Ат сорапты Күлмесхнның өзинен.

Күлмесхан күлмесе хәм сол ўақ күлипти,
Бизиң бала екенлигин билипти,
Изине ертипти Қуралай қызын,
Минетуғын атын және берипти.
Хан төбениң басында,
Қыяметлик дос болған,
Қудайы араға салған,
Яки сеннен ул болса,
Яки бизден қыз болса,
Аклай куда болайық,
Жаслар келди толығып,
Балаға талап қылайық,
Күлмесхан менен дос болып,
Кол усласқан сор едим,
Тилегим кабыл болыпты,
Мунлықжанды Зарлықжан,
Душпаннан таўып алыпты,
Қайтып және айланып,
Күлмесханға барыпты.
Ойласам, енди, Қаншайым,
Күлмесханның перзенти,
Қуралай атлы нашарды,
Балаң Зарлық алыпты.

Қудалық тойына өзим барғанман,
Ат оздырып, ат байрағын алғанман,
– Қаншайым мәс қайда? — деген ўағында,
– Тири, – деп алдында тикке турғанман.
Қаншайым, турмағыл енди бир заман,
Тириликке шүкир ет, болсаңыз аман,
Қуралай перий Зарлықтағы келинин,
Қуда болып келип жатыр Күлмесхан.

Ашыўланып, көрсетпегил қырынды,
Той берип жыйнайық уллы жыйынды,
Күлмесхан елатқа келип жатыр ғой,
Өйтип алдырмасаң бойма сырынды.

Мынаў сөзди еситип,
Қаншайым хайран болады,
Бетин ашып сол ўақта,
Мыйығын тартып қыймырып,
Санжарханға қарады,
Алыс мукам, қырық қылық,
Қылтыңлап ашты шырайын,
Қайтарды ханның ырайын,
Қаншайымның назына,
Шыдай алмай Санжархан,
Аттан аўып қулады,
Нашилығына жылады,
Қаншайым ушын апарған,
Түрли хасыл липастың,
Түр-түри менен алдына,
Қос қоллап алып қояды,
Бул иззетти көрген соң,
Қаншайым қойып ашыўын,
Қуўанғаннан жылады,
Еле де инанбай сөзине,
Жаслар алып көзине,
Санжархан атлы ярынан,
Тиримекен баллар?-деп,
Қайта-қайта сорады.
Житирма жыл айырылған,
Сағынған ярын көрген соң,
Қалай кеўил қалса да,
Бирин-бири қыймады.
Еки ашықтың жүреги,
Қанасына сыймады,
Адасқан ғаздай табысып,
Тал жипектей есилип,
Сүйисип мийри қанады,
Аттың айылын шешип,
Қайтадан ерди салады,
Бөктериўин бөлентлеп,
Санжархан менен Қаншайым,
Мингесип Керше тулпарға,
Жолға рәўан болады.
Тама, Султан ўәзири,
Табылғанға мәс болып,
Сөйлеген сөзи дурыс болып,
Көп адам менен қосылып,
Қайта берди қалаға,
Қаншайым мәс табылып,
Киятыр деген ғалаўыт,
Түсипти дейди араға.
Қаншайымның баллары,
Он ай иште көтерген,
Омыртқасы бүгилип,
Қабырғасы сөгилип,
Толғақ тутқан ўағында,
Көзинин жасы дизилип,
Ақ сүтин қанып ембесе де,
Уўыз сүтин қанып емген,
Биреўиниң биреўи алыстан,
Тирилигин түстен билген,
— Кәәбам анам киятыр, — деп,
Күни-түни уйқыламай,
Бирдей жолын күтип жүрген,
Анасы менен баласы,
Бирин-бири көрмегели,
Жигирма жыл арасы,
— Қалай болар екен? — деп,
Бирин-бири көргенде,
Жарылармекен қанасы? —
Деген қыял-ой менен,
Жыйналды елде халайық,
Хәмме қарап турады,

Санжархан менен Қаншайым,
Қалаға жақын барады.
Көпшиликти көрген соң,
Еңкейип түскен елим деп,
Ҳүрметлеп мени тур екен,
Пыяда жүрип барайын,
Халқыма ҳүрмет қылайын,
Деген ойды ойлап ҳәм,
Аттан түсти Қаншайым,
Адымын ашпай аланлап,
Ҳәр тәрепке қарады,
Жыйналып турған халайық,
Жуўырысып барады,
Қаншайымдай арыўды,
Қат-қат болып орады,
Ҳәмме қолынан алады.
Перзентлерин танымай,
Қаншайым ҳайран болады.
Анасы жақын келгенде,
Динкеси қурып жүралмай,
Халықтан бурын көралмай,
Еки ғана баласы,
Зар әйлеп қақсап киятыр,
Зарлық, Муңлықтың анасы,
Зарлық жақын барады.
Қолы-қолына тийиўден,
Естен кетип қулады,
Қаншайым атлы анасы,
Мунлық та барып қушақлап,
Анасының үстине,
Бара бойын таслады.
Сағынып еки баласы,
Жарылмай қалды қанасы,
Бир майдан жатып өзине.
Келипти дейди сол жерде,
Қаншайым атлы анасы.
Еки ғана баласын,
Шорпылдатып сүйеди,
Услаған жерин жалады,
Жыйналған толайым халық,
Қызық көрип қарады,
Еки ғана баласын,
Қаншайым алып алдына,
Толғанып сөзин баслады:

— Ақ бетиңе жарасыпты тулымың,
Сиз билмейсиз атаңыздың зулымын,
Қундағында ғайып болған қолымнан,
Аман қуўыстың ба, еки қулыным?

Атаң ерип душпанлардың сөзине,
Сол себепли қайғы салды жүзиме,
Қундағында ғайып болған перзентим,
Тири көриндиң бе, балам, көзиме.

Бийнәтийже деп ойлама бизлерди,
Өлди ме деп ойлап жүрдим сизлерди,
Тириликте қуўыстың ба қолыма,
Шорпылдатып бир сүйейин сизлерди.

Жерди, көкти халық әйлеген илайым,
Жаслайынан ашылмады талайым,
Еки перзентимди көрдим, әрман жоқ,
Енди алсаң ыразыман қудайым.

Досларымның көрип мийри қанды ма?
Көрген душпанлардың иши жанды ма?
Туўғанымды туўмады деп қорлады,
Енди халайықлар көрип нанды ма?

Душпанлардың мен жетермен басына,
Ғайып балларым қосылды ғой қасыма,
Қырық күндесим бул иелерге бас болды,
Бирим-бирим от беремен шашына.

Ақ қылышты миндиртермен ыйыққа,
Бир шетинен отырғызсам зыйыққа,
Зыйықта отырып азап шекпей ме?
Бул азаптан қашып барар қаяққа?

Баллары менен мунласып,
«Сабыр түби сары алтын,
Сарғайған жетер муратқа»,
Зарлық жетип муратқа,
Мунлық жетип муратқа,
Ыдырамай жүреги,
Жигирма жыл өткенде,
Зарлық пенен Муңлықтың,
Табылды дейди дереги.
Қарын сүтин емсе де,
Дүньяға шығып екеўи,
Ана сүтинембеген,
Ата менен ананың,
Татыўлығын билмеген,
Кимлер жақын, ким алыс,
Оларды да сезбеген,
Зарлық пенен Муңлығын,
Атасына қосылып,
Анасына қосылып,
Ўақты шәндан хош болып,
Сөйлесе берди мәс болып.

Ендиги гәпти тынласаң,
Гәп мәнисин аңласаң,
Санжархандай уллы хан,
Тақ үстине минеди,
Қатты қәҳәри келеди,
Кем-кемнен қулпы дөнеди,
Бул ислердиң болғанын,
Қырық қатыннан көреди,
Қулмамадан көреди.
Жәллатларын шақырып,
Пашшапларын шақырып,

Кеңесгөйин шақырып,
Кеңесине салады,
«Бул ис кимнен болды» деп,
Ойласықты қурады.
Қырық катынды өлтириў,
Қулмаманы өлтириў,
Ойласыққа келгенниң,
Бәрине мақул болады.
Өлемен деген ядта жоқ,
Хан сайлап алған қырық қатын,
Аяқ-аяққа тиймей,
Жаранамыз ханға, деп,
Шырпылдап хызмет қылады.
«Батыр аңқаў, ер гөдек»,
Гөдеклик етип умытар.
Умытпаса Санжархан,
Қулмамадан болды, деп
Маманы тутып берейик,
Сөйтип, қызығын көрейик,-деп,
Ойласықты қурады.
Санжархан елге келгели,
Зарлық пенен Муңлықты,
Қырық қатын анық көргели,
Хәзи жаман қашады,
Өлимнен қайғы басады,
Қашайын десе болмады,
Қалай қасын қақса да,
Санжархан халын сормады,
Бурынғыдай болмады,
Санжархан қарап турмады.
Әйне жатар ўақ еди,
Қырық қатынды алдырды,
Қулмәстанды алдырды,
Тайын қылып керегин,
Сыбанып патша билегин,
Усталарын алдырды.
Ғыргерек соғын шаққан, деп,
Ханнан хәмир болады.
Үстине мыйық қағады,
Көргенниң иши жанады,
Жаманлы болған бендени,
Усыған отырғызады,
Жаланашлап деген сөз,
Халыққа тарап барады,
Ғыргерек деген немеңиз,
Санжархандай патшадан,
Нусқа болып қалады.
Бир жигит айландырады,
Ханнан буйрық болған соң,
Маманы отырғызады,
Мыйықлар өтип етине,
Жан айбат пенен шыққан сес,
Пәлекти жарып барады,
Мәмә айланып зыйықта,
Жаны шықпай турады,
Жалын енип жүзине,
Қанлар толып көзине,
Санжархандай уллы хан,
Қырық катынға қарады,
Бул не қылған исиң? деп,
Бирин қоспай бирине,
Бирим-бирим сорады,
Бәрин сөйлетип алады,
Бизлерден болды төрем, деп,
Бәри мойынға алады,
Үн салысып барлығы,
Зар әйлеп ханның алдында,
Гүналарын сорады:

— Биз хызметкер иске тайын,
Қаяқтан болды гүнайым,
Тилеймиз бир шыбын жанды,
Кешириң гүнамды, патшайым.

Буйырған иске барайық,
Хәммемиз тайын турайық,
Қаншайымның алдында,
Хәммемиз от жағайық.

Сиз бенен түстик ойынға,
Хызмет қылайық тойына,
Туўмағаным болса айып,
Алдық, патшайым, мойынға.

Айтсаңыз бизде хал бар ма?
Сиздей әдил султан бар ма?
Қудайым бизди қорлады,
Патшайым, сиз де қарғама.
Урсаңыз бизлер жылаймыз,
Көп шығар сондай гүнамыз,
Бир тырнақ ушын зар болдық,
Бир сапар ашыў сораймыз.

Сонда патша сөйледи:

— Мыйықты қақсам аяққа,
Қашып барасыз қаяққа?
Ойлап бизге жаманлықты,
Отырғызайын ба зыйыққа?

Туўғанларды күнлейсиз,
Сизлерге исенип едик биз,
Кетиўден қылып жаманлық,
Болып турыпсыз қара жүз.

Сонда қырық қатын сөйлейди:

— Таллап шашымды тарайын,
Буйырған исиңе барйын,
Неғып көзиңиз қыяды,
Гүнамды, патшам, сорайын.

Айтқан сөзлериң сыяды,
Көзимди жаслар бояды,
Қырық қатынды қырып, төрем,
Негып көзиңиз қыяды?

Сонда патша сөйледи:

— Отлар таслапсыз қалама,
Жаманлық ойлап балама,
Қатын қас болса байына,
Ол өлмей тири тура ма?

Я өзлериңиз туўмайсыз,
Туўғанды неге қорлайсыз,
Досыян болғанда бизге,
Неге мени қуўантпайсыз?

Сонда қырық қатын сөйледи:

— Биз сиз бенен ерли-зайып,
Келдик алдына мунайып,
Қулмамадан болған ислер,
Айтпаған бизики айып.

Тириликте сөйлеп тур тил,
Қаст етсең солар қызыл гүл,
Гүнаны алдық мойынға,
Гә өлтиргил, гә өлтирме,
Патшайым, енди өзиң бил.

Ақылсызлық бастан өткен,
Өлтирдим деп алдап бизди,
Сор мәстан өлтирмей кеткен,
Хақ сөз хақлығына жетип,
Ханшайым муратқа жеткен.

Қырық қатынның сөзлерин,
Еситип мийри қанбады,
Кеўили шыдап турмады:
— Адамды адам туўмаса,
Туўғанларды туўмағанлар,
Өлтиремиз деп қоймаса,
Атадан бала қалмаса,
Малы менен мүлкине,
Ийелик етип турмаса,
Кейни ойран болмай ма?
Туўмаған сендей қақсаллар,
Услап турған шақасын,
Қайырып турып қуўратса,
Мийўаға зыян қылмай ма?
Мийўасы жоқ дарақтың,
Қуўшал тартса шақасы,
Ийеси шаўып алмай ма?
Сендей сайлап алғаным,
Қырықың қырық ул туўғанда,
Қырықы қырық хан болмай ма?

Мениңдей болып журт сорап,
Санжарханның улы деп,
Маған атақ қалмай ма?
Мийўасыз турған дарақты,
Кесип алса ийеси,
Кейни ойран болмай ма?
Әзели болса ийманын,
Ийманлысаң, қырық қатын,
Әзелде болмаса ийман,
Иймансызсаң, қырық қатын,
Туяқта бар шабады,
Әзели жаман бенделер,
Ол пейлинен табады,
«Қудай қарғаған бендени,
Пайғамбардай пирлер,
Ҳасасы менен басады»,-
Деген сөз бурыннан қалған,
Бир шетиннен қырайын,
Айландырып зыйықты,
Зыйыққа отырғызайын,-
Деген қыял-ой менен,
Кемпирди алды зыйықтан,
Қырық қатынды жибермей,
Тутып алды ыйықтан,
Бирим-бирим услады.
Шешип алып кийимин,
Ылақтырып таслады.
Жалаңашлап зыйыққа,
Қатынларды байлады,
Бир-бирлеп салып айдады,
Шыбын жанларын қыйнады,
Мыйық өтип, ақты қаны,
Шықпай тур ғой шыбын жаны,
Бир қыйлы болып тур ҳалы,
Зыйықтан бәрин алады.
Қызыл қан боп тула бойы,
Қырық қатынның питпей қалды,
Ойлап тапқан ақыл-ойы,
Санжархандай патшаның,
Қызық болды усы тойы.
Түрли қызықты баслады,
Душпанларын азаплап,
Санжархан ўақтын хошлады,
Жыйналған көп халықтың,
Ортасына от жағып,
Жыраўлар жырын баслады,
Қырық ҳаялды бирим-бирим,
Апарып отқа таслады,
Қатынлар отқа жанады,
Ханшайым көрип бул исти,
Жүдә мийри қанады,
Той берип, дабыл қақпақлық,
Ортада от жақпақлық,
Бурынғыдан қалған жол,
Тойыма сән болсын деп,

Әткөншек қурып орталға,
Қулмәстанды мингизип,
Хан хәмирине көнгизип,
Буны хәм отқа атады,
Мәслик пенен саз урып,
Сырнай, гернай тартады.
Қулмесхан менен Санжархан,
Қуда болып екеўи,
Тойлары шад болады.
Дәўир қусты ушырып,
Зарлықжанға қондырып,
Пәтия берип еки хан,
Зарлықтай батыр баланы,
Санжарханның елине,
Хан көтерип сайлады,
Зарлықты таққа мингизип,
Жарасығы жарасып,
Қылған ислер минәсип,
Тойы қызық болды.
Қуралай атлы пәрийдин,
Бетинен ағын алады.
Көримлик айтып көрсетип,
Зарлыққа неке қыяды,
Шәриятқа иси сыяды,
Ғайыплары жетилип,
Кемис жери питилип,
Мурат-мақсетке жетип,
Не азаплар бастан өтип,
Қулмесхандай патшаға,
Жуўап берип елине,
Қайтарар жерге келгенде,
Мойнына пота салады,
Қолына таяқ алады,
Хан болып турған Зарлыққа,
Қаншайым атлы анасы,
Бастан өткен күнлерин,
Яд әйлеп, ядына алып,
Барып арыз қылады,
Байтөре атлы шопанның,
Қаншайымдай арыўға,
Еткен жақсылықларын,
Айтып ядына салады,
Толғанып сөйлеп турады:

— Белиме байлаған тиллә делбентим,
Енди бастан түймағай да дәўлетим,
Мен айтайын басымдағы арзымды,
Мақул тыңла, тақ ийеси перзентим.

Атаңыз интизар болып балаға,
Душпан көп боп, отлар салды араға,
Сиз кеттиңиз қундағында ғайып боп,
Изинде күн туўды ғәрип анаңа.

Толғақ жаман, аўдырды ғой есимди,
Хәзир белге жыйнадым ғой күшимди,
«Зарлық, Муңлық — балларыңның аты» деп,
Бир адам қойып еди, жатсам түсимде.

Зарлықжан ул болсын, Муңлық қыз болсын,
Қыз балам өзиме мийирбан болсын,
Айырды ғой қундағында сизлерди,
Себепкер болғанлар бизге хор болсын.

Анаңыз айрылып сизден, қор болды,
Душпанларым сол ўақтында зор болды,
Апарып таслады бизди шөллерге,
Шөлзийрада бир қойшы мийирбан болды.

Хабардан болғанды анаң халынан,
Қорқып ўәде қылдым шыбын жанымнан,
Муңлықжанды берип, бала қылып ем,
Жигирма жыл берип жүрди нанынан.

Сол қойшы жүргенди излеп далада,
Мен отырман шад боп мына қалада,
Лебиз етип, ўәде қылдым шопанға,
Бир қуда бар, айтылған сөз арада.

Сол қойшыны таўдырмасаң даладан,
Бир орын бересең мынаў қаладан,
Муңлықжанды өз қолыңнан бермесең,
Хәзир айрыласаң туўған анадан.

Меннен қарғыс алсаң, гүлдей соласаң,
Ат-анаң не айтса да қыласаң,
Көз алартып ата-анаңа қарсаң,
Ақырет шермендеси, балам, боласаң.
Бир әрманым — ақ сүтимди ембедиң,
Жат өскен соң ата-анаңды билмедиң,
Қапа болып мен отырман келгели,
Муңлы анаңның қыялларын сезбедиң.

Бузық ислер бар ма, балам, ойыңда?
Он ай мен көтерип жүрдим бойымда,
Муңлықжанды сол шопанға бермесең,
Мен шалқайып мәс болмаспан тойыңда.

Өзине жарасар сымбат бойларың,
Ядыңа ал анаңыздың ойларын,
Қойшыға Муңлықты берип, той басла,
Сонда қызық болар жақсы тойларың.

Сол қойшыны өзиң алып келмесең,
Муңлықжанды ырза қылып бермесең,
Табылмасам мен ўәдемнен болмайды,
Муңлықты бермесең анам демейсең.

Мынаў сөзди еситип,
Зарлық тақтан түседи,
Хаўлыққаны соншелли,
Еки қолын қаўсырып,

— Сөзиң макул, анам, — деп,
Шақырғыл нашар баланды,
Бузба кеўил-қаланды,
Ондай ўәдең бар болса,
Жүдә макул болады.
Излеп таўып алайық,
Онындай күйеў баланды.
Шөлди коймай карайық,
Көлди қоймай қарайық,
Таўды коймай карайық,
Ис патырат болмасын.
Мунлықты қайыл қылайық,
Макул менен сорайық.
Мунлықжанды шақырып,
Бул сөзди баян қылады.
Атасы менен анасы,
Ләбиз еткен жерлерге,
Ўәде еткен жерлерге,
Бул да қайыл болады.
Ырзалық алып Мунлықтан,
Зарлық минип тулпарға,
Изине нөкер ертеди,
Патшалық тутып сән менен,
Қаладан шықты Зарлықжан.
Анасы айтқан төбенин,
Дөгерегин қарады,
Хеш жерден сезик болмады,
Қулакты салып тыңлады,
Санжарханнын шопаны,
Қаншайымнан айырылып,
Ара шөлде зар жылап,
Бир жыраның ишинде,
Қойларды ойға ийирип,
Қайғы менен қамығып,
Қаншайымды жоқлайды,
Зарланып шыққан хаўаздың,
Сестин хәмме аңлайды.
Қулақты салып тыңлайды,
Байтөредей шопанын,
Мынаны айтып толғайды:

— Тириликте мәс болғайман илайым,
Шөлде жүрип ашылмады талайым,
Ара шөлде бизге ес боп тур еди,
Қаншайымды айырыпсаң қудайым.

Қаншайымды патша таўып алған-ды,
Жаслайымнан не гүнайым болған-ды,
«Саклап келди бизди Байтөре» десе,
Өлим жаза бизге тайын турғанды.

Сонша жыл сақлаған күйди мийнетим,
Көрермен бе Қаншайымның зийнетин,
Мунлық атлы қызды беремен деп еди,
Көрер күнлер бар ма Мунлық перзентин?
Қой баққаным ара шөлдиң даласы,
Алдармекен мусылманның баласы,
Ўәде етип еди, қызын бердим деп,
Бир көринсе еди қыздың қарасы.

Көпсинбей жүргеймен жүрген жеримди,
Көрмегеймен азапшылық көримди,
Бир алла яр болғай қойшы бендеге,
Көрмегеймен жаслайымнн өлимди.

Бендесине аллатаала ярмекен?
Биреўге-биреўлер сондай зармекен?
Қаншайымнан мен айрылып жылайман,
Көрер күнлер Қаншайымды бармекен?

Мынаў сөзди еситип,
Журт ийеси Зарлықжан,
Аттың басын бурады,
Бир қамшы таўлап урады,
Ат қулағын қымбай-ақ,
Ашып көзди жумбай-ақ,
Гүниренген хаўазға,
Байтөре турған жерлерге,
Зарлықжан жетип барады,
Астындағы тулпарын,
Зордан иркип алады,
Жақынласып Зарлықжан,
Ханнан келген жәллат боп,
Толғанып сөйлеп турады:

— Қойшы бала, адам таптым қойына,
Алып жүрме түрли қыял ойына.
Санжарханға апараман мен айдап,
Патшалық жарасты сулыў бойына.

Патшамыз биледи бенденин жайын,
Сөйлесең не болса, хәммеси тайын,
Алтын тақтан барып орын аласаң,
«Алып кел» деди анам менин Қаншайым.

Бир алла яр болып, көздиң жасына,
Мен алып барайын анам қасына,
Анамыз жиберди «тез алып кел» деп,
Дәўлет қусың қонды, қойшы, басыңа.

Қайғы менен басып шөлде жүресең,
Несип болса, иним, таққа минесең,
Тез жетесиз патшалықтың алдына,
Хан алдына барсаң өзиң билесең.

Хәр жағынан дәўлет қонды басыңа,
Жақсылық шарапат урды жасыңа,
Барсаң Санжарханның қызын аласаң,
Сол деректи келип турмыз қасыңа.
Бармайман дегениң болмас, барасаң,
Қаншайымның қызын барсаң аласаң,
Анамыз жиберди, «таўып әкел» деп,
Бармасаң өлимдар бизге боласаң.

Мына сөзди еситип,
Байтөредей ғәриптиң,
Жаман хәзи қашады,
Өлим салдары басады,
Өлимнен хабар болды деп,
Пайманамыз толды деп,
Қорыққанлығын билдирмей,
Қойшы емеспен мен деди,
Шөлзийрада қой баққан,
Шопаның емес мен деди.

Ҳақлап жүрген сорлыман,
Хешким менен исим жоқ,
Хешким менен бәсим жоқ,
Қаншайымыңды билмеймен,
Өлтирсең де жүрмеймен,
Билмеймен, аға, анаңды,
Шығарма отлы шалаңды,
Мен алмайман Муңлықты,
Ол ушын берме қорлықты,
Ол ушын етпен зорлықты.
Таяғын қысып қолтыққа,
Турған жерден қашады,
Зарлық тутып алады,
Желкеге қол салады,
Қашатуғын сен бе? деп,
Байтөре атлы шопанды,
Өңгерип атқа алады,
Аттың басын бурады,
Санжархан менен Күлмесхан,
Қаншайым мәс қосылып,
Мәс болып жатқан жерине,
Байтөредей шопанды,
Әкелип әстен қояды.
Көзлерин жасқа бояды.
Жыласа да қоймады,
Жерге қойған ўағында,
Көзин ашып қараса,
Санжарханды көреди,
Хан екенин биледи.
Өлим жайға келдим,-деп,
Әжелим анық жетти,-деп,
Ялғаншы бизден кетти,-деп,
Тили айланбай сөйлеўге,
Тарпа ушып қулады.
Саған не ис болды?-деп,
Кимлер жөнсиз урды?-деп,
Әстелеп кеўлин сорады,
Маңлайларын сыйпады,
Қаншайымды көрген соң,
Өлимнен азат болған соң,
Байтөре шопан жылады,
Көзиниң жасын булады.
Қуўанғаны бир жағы,
Қорыққанлығы бир жағы,
Айтар сөзин таппады.
Байтөрениң аўҳалын,
Қаншайым мәс биледи,
Ишинен әстен күледи,
Санжарханға сыбырлап,
— Кийиндирин, —деп еди,
— Жәллат,-деди, бақырды,
Кеңесгөйин шақырды,
Қол қаўсырып барлығы,
Алдына тайын болады.
— Байтөре атлы баламды,
Ғәзийнеге апарып,
Кийиндирин, — деп еди,
— Мақул, —деп тикке турады.
Байтөрени жетеклеп,
Патшалықтан салынған,
Не керек тайын турылған,
Ғәзийнеге апарып,
Жумыры бүрген басына,
Тиллә тажы кийдирди,
Шарық бүрген яғына,
Саўры етик кийдирди,
Шылбыр буўған белине,
Алтын кәмар буўғызды,
Шобытлар тийген ийнине,
Сеңсең тонлар кийгизди,
Жақсылап рең бергизди,
Тик бастырып аяқты,
Тәртип пенен жүргизди,
Хан алдын апарды,
Көргенниң кеўли толады,
Патшалықты кийинип,
Байтөре жақсы болады.
«Кемликтиң кемалы бар» деген,
Кемалына жетисип,
Бурын азап көрсе де,
Хан есигинде жүрсе де,
Жақсылығы жақын боп,
Бир күн шелли болмады,
Ўәдесинен табылып,
Қаншайым атлы арыўың,
Муңлық қызын шақырып,
Оң қолынан алады,
Қатты қысып турады,
-Ууыз сүттиң ҳаққы ушын,
Байтөре атлы балаға,
Бағыш әйлейсен өзиңди,
Намақул десең сөзимди,
Көрмеймен, қызым, жүзиңди.
Мынаў сөзди еситип,
Анасы айтса балаға,
Балада турыс бола ма?
— Не айтсаң да, ана, мақул, — деп,
Қол қаўсырып турады.
Байтөрени шақырып,
Қолынан беккем услады,
Шопанның ўақтын хошлады.
Қызының қолын услады,
— Табылдым ба ўәдеден?
Табылдым ба лебизден,
Мынаў қалыңлығың, — деп,
Көп халықтың ишинде,
Муңлық атлы нашарды,
Байтөредей шопанға,
Ақ некасын қыйдырды.
Шәриятқа исин сыйдырды.
Ели-халқын жыйдырды,
Той үстине той болып,
Мал семизин сойдырды,
Үшкүлли ошақ ойдырды,
Тойлап барған адамға,
Дарадан табақ қойдырды,
Ғәрип пенен қәсерди,
Жетим менен жесирди,
Бәрин гөшке тойдырды,
Тойы сондай той болды,
Халықтың кеўли жай болды,
Қаншайымның атасы,
Шаўдыр шалдай бабасы,
Хан атасы аталып,

Балық пенен күнелткен,
Аш-жалаңаш сор еди.
Нәўбет тийип буларға,
Атағы шыққан бай болды.
Санжархандай уллы хан,
Қызын берип күйеўге,
Баласы Зарлық төрени,
Алтын таққа миндирип,
Күлмесхан менен қуда боп,
Ақыбети келисип,
Сондай татыў дос болды.
Күлмесхандай патшаны,
Алды толы мал менен,
Кейни толы шаң менен,
Шәўкетли бәлент саз бенен,
Қайтарды дейди елине.
Күлмесхан менен Санжархан,
Екеўиниң арасы,
Усылай болып барады,
Ели абат болады,
Халқы абат болады,
Ғайыплар әнжам табылып,
Қундақта кеткен қуралып,
Жетипти мақсет-муратқа,
«Зарлық пенен Мунлығың»
Сөйтип тамам болады.

X X X

Бул дәстанды жырлаған,
Көп жерлерин толғаған,
Ырасын айтып шырлаған,
Еситип көрген қулаққа,
Қызықсынар тыңлаған,
Жүдә қызық көреди,
Гәп мәнисин аңлаған,
Бул китаптың сөзлерин,
Нағым жыраўдың баласы,
Кәрам жыраў жырлаған,
Атасы болған Нағымнан,
Бул сөзлерди үйренип,
Кемис жерин торлаған,
Атасы болған Нағымда,
Жыраўшылық кәсип боп,
Шымбай районынын,
Төртинши аўыл, «Шоқарық»,
«Қостамғалы» елатта,
Маңғыт деген руўда,
Турымбет деген жыраўдың,
Үш жыл жүрип үйинде,
Сөз үйрениў талабы,
Арбасын үш жыл айдаған,
Шәкирт қылып изинде,
Өзиндей жыраў болған сон,
Қоңыратлы Алпамыс,
Қарақыпшақ мәрт Қоблан,
Тамалы ноғай Ершора,
Шәрияр менен Әнжимди,
Зарлық пенен Мунлықты,
Айдос бий менен Ерназар бий,
Қарақалпақ елинен,
Посып шыққан жерлерин,
Бул сөзлерди үйренип,
Шыққанннан соң шәкирти,
Пәтия берген гүзинде.
Бул сөзлердиң нусқасы,
Турымбеттен қалған сөз,
Турымбет жыраў алыпты,
Талабы сол болған соң,
Төрткүл районынын,
«Шорахан» деген жеринде,
Ерман деген жыраўдан,
Үйренемен сөзди деп,
Сол елатқа барыпты,
Беш жыл жүрип қосылып,
Бул сөзлердиң дәрегин,
Соннан үйренип алыпты.
Биреўден биреў үйренип,
Ең изинде айланып,
Кәрамда булл сөз қалыпты,
Тыңлайман деген халыққа,
Айтып сөзин жазыпты,
Зарлық, Муңлық деген сөз,
Ел аўзында киятыр,
Билген жыраў жырлайды,
Қайсы миллет болса да,
Қызықсынып тыңлайды,
Ноғайлыдан айырылып,
Улт-улт болып бөлинип,
Қырық сан қырғыз аталып,
Он сан ноғай аталып,
Сегиз сан болып Сейилхан,
Алты сан болып алашын,
Бес сан болып Бесқала,
Бөлим-бөлим болғанда,
Зарлық төрең болғанды,
Санжарханнның баласы,
Қаншайымнан туўғанды.
Кәрам жыраў жыраў боп,
Бул сөзди айтып келеди,
Илимий хызметкерлердиң,
Нөкис деген халқымнын,
Қарақалпақ елинин,
Айырым жери биледи,
Қарақалпақ халқынын,
Бас жыраўы Қыясқа,
Сөзлериниң мәниси,
Жақынласып келеди,
Хожамберген жыраўға,
Сегиз ай ерип изинде,
Үйренген бираз сазларын,
Атасынан үлги алған,
Көп сөз Кәрамға қалған,
Кегейли районынын,
Халқабад совхозынын,
Қараўында турады,
Шақырған жерге барады,
Қобызға қосып Зарлықты,
Муңласа көптиң ишинде,
Қызықлығы сонындай,
Ҳәмме ҳайран қалады.

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

25-том



# ГҮЛИСТАН

Қыяс жыраў Қайратдинов варианты

*Жазып алған: Жалғас Хошниязов*
*(1973-жыл)*



Бурынғы өткен заманда,
Ықтыяр, ерк болмаған,
Қарақалпақ бабамда,
Күши жеткен қолайлап,
Суғанақ қолы жағамда,
Аса күшли адам жоқ,
Байқам көрсем, сағамда,
Шалқып өткен бир жан жоқ,
Ини менен ағамда,
Қақпан, дузақ қурыўсыз,
Ашық жер жоқ арамда,
Көрдим талай ханларды,
Аўзын ашқан ҳарамға,
Шуўлап өткен бабамыз,
Ушырасып даўыл, сыранға.
Әлқысса, сол заманда,
Айдар хан деген хан өтти,
Қарақалпақтың халқында.
Қайдан болар? десеңиз,
Адақ деген шәҳәри,
Әмиў бойы Аралда.
Әдалат жолы усы деп,
Басына дәстар орады,
Жермен менен қыйсықтың,
Жыйнап басын қурады.
Өз кеўлине халықты,
Баласындай сорады,
Аталығы, найыбы,
Қазы, мүфтий, жүзбасы,
Бир тоқсанға толады.
Бөрик ал десе бас алған,
Гилең қанхор ҳарамы,
Бетине тиклеп қарасаң,
Маңлайың қыршып жонады,
Қарсыласқан жеккени,
Басып урып тонады,
Аш халыққа қәҳәри,
Жаўған қардай борады.
Абыройы асып Айдар хан,
Жетер жерди орады,
Айырылмастай биригип,
Басына бахты қонады.
Аш-арықты шуўлатып,
Тинтип жүрип шолады,
Арыў менен сулыўдан,
Алты қатын алады.
Ашылды кеңнен соқпағы,
Нешшеге тийди тоқпағы,
Орынлатып мақсетин,
Өткерди қырық бестиң шағын.
Дәўлети тасты жыл-жылдан,
Адам өткермеди жолдан,
Қырқ алты жаста уллы болды,
Ат қойдырды Бексултан,
Заманы келди тум-тустан,
Көрки аўла суңқар қустан.
Және ҳәм бир қызлы болды,
Атын қойдырды Гүлистан,
Сол қыз жетилди камалға,
Нырқы толмас дүнья-малға,
Келбетине қарасаң,
Ҳури-ғулманнан зыяда,
Болғандай бир елге тулға,
Берип болмас он бес улға,
Ата-анасы тәрбиялап,
Жасы жетти он алтыға.
Тоқтар емес таўда-таста,
Кимди көрсең Гүлистан деп,
Әрман менен кеўли қаста.
Жүзлерине қойған оспа,
Хызмет еткен ярыў-досқа,
Ишки сырың айтпай билген,
Әдилликке жүдә уста,
Бадам қабақ, қара көз,
Жүзлеринен нур шашқан.
Қуп жетилисип камалға,
Он төртлик айдай толысқан.
Ҳәўес болып атына,
Рахмет жаўды тум-тустан,
Қарсыласқан жигитлер,
Ақылынан адасқан,
Түрин көрген анықлап,
Кеўли дәрьядай тасқан,
Себил болды изинде,
Азғыралмай көп душпан,
Өткен өмирине ырза,
Қупияда қушақласқан,
Еки аўыз гәплескен,
Шықпас ҳәргиз уўыстан.
Дийдарласқан жигитлердиң,
Сулыўлық өкпесин осқан.
Кеўилинде шери қалмас,
Жуптылыққа қудай қосқан,
Аманбысаңын алғанлар,
Он бес күнлеп жүрди аштан,
Бузылмайды қарары,
Ақылы бир мыңнан асқан.
Не жигитлер көриў ушын,
Хызметин қылды билқастан,
Теңлеси табылмас жұрттан,
Қарағанды ерксиз тартқан,
Табылмайды теңи-тайы,
Арыўлығы жүдә артқан.
Қарасаң ерийди жаның,
Дүньяда теңи жоқ аның,
Жансызға жан береди,
Тап өзи ҳури-ғулманның.
Қастаға емдур жамалы,
Жүзлеринде ноқат қалы,
Ашықларға шыпа болар,
Татсаң ләблериниң палы.
Шын ашықтың жолы ҳалал,
Адам улына биймәлел,
Жатып бирдем дәўран етсең,
Мың жылға барабар гөззал.
Жүзлессең әрманың кетер,
Көрки дәўранынан бетер,
Үйине қайтып жоламас,
Бир гәплескен жигитлер.
Жаныңды алар сийне-дағы,
Жупар аңқыр ақ тамағы,
Еки аўыз сөйлескенниң,

Гүлленер ықбалы-бағы.
Бийхуш етер көз қумары,
Бағындырар сөз жәўҳары,
Көргенди еркисиз кайырған,
Адамзаттың шын гәўҳары.
Жолында неншелер сайылды,
Хан айымы атанып,
Алтын гәўҳар тағынды.
Арыўлығы ен жайып,
Жетер жерлер бағынды.
Дос-душпанды бақлады,
Көргеннин ишин дағлады,
Айдар ханға көмек болып,
Абырайын қуп саклады.
Жетилди он сегиз жасқа,
Токтар емес таўда-таста.
Халыққа тегис танылып,
Гүлистан деп шықты атқа.

Әне, халыққа пейли тар еди,
Кәспи халыққа жар еди,
Басына тажы ораған,
Карағанды бетине,
Ийттей басып талаған,
Шәрият жолын сораған,
Ханның бир казысы бар еди.
Қазы ханның шын досты,
Қызын көрип кайнап йошты,
Гүлистанның сулыўлығы,
Қазының жүрегин осты,
Ышқы жайлап денесин,
Бойына қурт болып түсти.
Қураннан пәтиўа таўыпты,
Шын ашықтың жолы күшли,
Ашық болып сыртынан,
Ғайыбана кеўлин қосты,
Айдар ханнан баталмай,
Қазы байғус күйип писти,
Қызға дәртин айтыў ушын,
Қупыялап жолын тосты.
Салып шайтан ғулғуланы,
Көзи илинбей атты таңы,

Гүлистан деп аҳ урып,
Шығар болды шыбын жаны.
Парахат таўып жаталмады,
Жақынласып жантасып,
Қызға дәртин айталмады,
Ашықлық қумары тутты,
Акшам-күндиз жолын күтти,
Гүлистан деп аҳ урып,
Арзашыны умытты,
Сулыўлығы жанын алды,
Жоқ қылсам деп Айдар ханды,
Қупыяды жантасыўға,
Қазы мынадай ҳийле салды,
Ханға мынандай кеңес берди:

— Аңлайсаң ба, хан ийем,
Қутлы болсын заманың,
Орынлайды хызметиңди,
Қазы, мүфтий, ийшаның,
Улың-қызың ер жетип,
Дүньяны тутты пәрманың.
Қол канатың жетилип,
Уласпакта дәўлет-бағың.
Қай жумысың бармады,
Дүньяда бар ма әрманың?
Дәўлетиң тасты,
Талабың уласып,
Айбатың халықты басты.
Жылап жүрген аш-арық,
Табылмайды арадан,
Қол астыңыз дарқанлық,
Мал жойылмас корадан.
Төрт жағыңыз қубладь,
Халқың келген ўағында,
Дәрьядай гүўлеп таспадың,
Айшылық жолларды атлап,
Қәдемиң керип баспадың,
Өрисиңди кеңейтип,
Шер жерге жол ашпадың.
Жериң менен қонсылас,
Ханлар менен таныспадың,
Бир әрманың сол, тақсыр, —

деди казы. Әне, бул сөзди хан еситип, «мақул сөз екен» деди.

Халлас урып кеўили,
Қайғы-ғамды жояды,
Сахра гезип, қус салып,
Қайсар ханның журтына,
Сәйир етиўди ойлады.
Аталығын, найыбын,
Жасаўылын, жүзбасысын,

— Таўда жасар кийик-қулан,
Сизлер биз хәмдам болған,
Ойлап турман бир мақсетти,
Халқым, меннен хал-жай сораң.

Сырымды саған айтаман,
Елди сақла жаўдан аман,
Келгенимше тахт сеники,
Қайсар ханның жерлерин,
Сайран етип қайтаман.

Сенсең ақырет нышаным,
Пәтиўаны қолына алың,
Ўақтынша халыққа ийе бол,
Тахт сеники, казы-ийшаным.

Асылдым қуйрық-жалыңа,
Хабардар бол мүлки-малыма,
Келгенимше тахт сеники,
Тәртип бер пайтақ халқыма.

Душпанымның кеўлин жерле,
Қызға кеўил жиберме,
Асқынлама, қазы-ийшаным,
Абыройыңды қолдан берме.
Өзиңиз салған гүзар жол,
Орынсыз жерге салмаң қол,
Халқымды саған тапсырдым,
Қазы-ийшан ўақтынша ийе бол.

Шүкир әйле келген бахытқа.
Шерменде болмайын халыкка,
Шәриятты бурмалама,
Қазы-ийшан, миниңиз тахтка.

Ўақтында тахтым аманат,
Етпеңиз қылап-кыянат,
Жолдан шығып жүрмеңиз,
Бизлерге ертип жаман ат.

Әне, Айдархан қазыға сондай тапсырма берип, қазының шуғыл сөзине ерип, пайтах журтын, тажы-тахтын берип сапар шегиў ушын жол хәзирлигин керди.

Әдиллигин асырды,
Ак кус атыны ертлеп,
Қазыға журтын тапсырды.
Куллық айтып қазы-ийшан,
Ханға қолын каўсырды,
Ишинен казы куўанып,
Аяғына бас урды.
Тутып хәр исти ядына,
Жетисип хан мурадына,
Кырк жигити алды-артында,
Сапар шекти Айдархан,
Қайсар ханның халкына.
Сәйир етип мәнзил кыяны,
Сайран етип Айдархан,
Актарды пәни-дүньяны.
Айдар кетти шетке дарып,
Көрмеген жерлерин таныл,
Қазының заманы келди,
Гүлистан кыз аўлак қалып.
Өлим тилеп Айдар ханға,

Тилек тилеп атар таңға,
Еситкенше канлар жутты,
Адам арнап Гүлистанға,
Ҳийле салды түрли жактан,
Қыз уялып ели-халыктан,
Кыз пикирин аңлады,
Бирақ сыртка шығармады,
Қашық жүрди аўлақтан,
Хәртүрли сыйлық арнады,
Дәртини айтып зарлады,
Купыялап шақырды,
Гүлистан кыз бармады,
Максетин сезип казының,
Гүлистан тисин кайрады.
Хызмет қылып хәр түрли,
Қазы изинен калмады,
Өтинсе де соншама,
Айткан сөзин алмады,
Қапа болды казы-ийшан,
Ойлағаны болмады.

Әне, Айдар ханның халқында бир кемпир бар еди, окымыслы жетик моллла, жүдә маман оңға-солға, қос билезик салған қолға, алым болған түрли жолға, сөздиң жубын байлаған, жүрмел менен шын жорға, сөзге гезек келеғойса, жол бермейди сәрдарға, алгар кустай қабады, иси түскен кардарға, жастан ерин жалмаған, сөз қуўады барқулла. Мереке, сейил ыкласы, шебер жуўап-нақылға, жүйин таўып сөз қосқан, менмен менен акылға, Айдарханның шешени, аты шыққан Әлийма, сары карын кейўаны, узын бойлы ақ сары, суғанақ қоллы, жоқ ары, сыры толы журтқа мәлим, жеңгеликдур мудам көри, андағыны мында айтқан, мындағыны анда айтқан, аўзы кайнаған тары, еки досты қас қылады, бузылмайды қарары. Әне, қазы сол кемпирди шақыртып алды. Сыры мәлим еди бурын, мамаға көрсетип орын, түсиндирип истиң түрин, баян етип әрман-шерин, шыдай алмай казы-ийшан, Әлиймаға төкти сырын:

— Жанымды кыймаға көзим қыймай тур,
Ашыклык қумарым ишке сыймай тур,
Әлиймажан, дәртлериме даўа тап,
Бир нәмәхрем айтканымды кылмай тур.

Ойласам дәртлери ядымнан калмас,
Журегимди тилдир бир өткир алмас,
Оңғармасаң сол исимди Әлийма,
Адамға көринип жер басып болмас.

Айтқан сөзим қара тастан өтпесе,
Максетли жеримнен гәпим питпесе,
Қаст еткеним алып катын етпесем,
Халыкқа төбемди көрсетип болмас.

Сырым паш болмасын ладан адамға,
Әлийма, ғайрат сал бизиң аўҳалға,
Сәрсемби күн зыяпат бер обаңда,
Қазы-ийшаның хызметинди умытпас.

Шыны дос боламан саған хәм акыл,
Айткан сөзлеримди етпеңиз дақыл,
Гүлистанды арбап үйиңе шакыр,
Дүньяда тарығып билегиң талмас.

Гүлистанды айтканыма ергизсең,
Несип болып бағынан гүл тергизсең,
Қупыяда дийдарын бир көргизсең,
Хызметинде бенде болар бизиң бас.

Әне, Әлийма жағымлы сөз еситип, кеўили таўдай тасты, Гүлистан менен қазыны косыўдың жолына түсти. Хәр жағынан үлги салып, жумсады акыл күшти. Қазыдан алды дүнья-малды, артық дүнья есин алды, өтирик сөйлеп жақты жанды, «сәрсемби күни тойым бар» деп, Әлийма халыкқа жар салды. Ўәдели күни той басланды.

Сарайдың төрин бослатты,
Гүлистанның атына,
Купыялап жай сазластты,
Әтирапын әтирлеп,
Ақ мамықтан төсетти,

Өз алдына бағышлап,
Тоғыз түр тағам жасатты,
Кемпир-шалды жыйнатып,
Әрмансыз кеўлин хошлатты.
Керегин алды шын достан,

Гүл жайнады бағы-бостан,
Сәрсемби күни песинде,
Келди халайық тум-тустан,
Бал менен шеке, ақ набат,
Жайнады толы дастурхан,
Әлийманың нөкери,
Тумлы-туска тақ турған,
Халық қатары шақырды,
Келмеди буған Гүлистан.
Ҳүрмет қылып Айдар ханды,
Әлиймажан жақты жанды,
Жигирма қызды гүўа қылып,
Гәптен утты Гүлистанды.
Азадалап кирер жайын,
Әнжам етип үлес-пайын,
Тутынып шекери-шайын,
Шәмен байлап жигирма қыз,
Гүлистанды етти тайын.
Гүлистан сарайға кирди,
Ата-анасын етип ҳүрмет,
Киргизип қупыя жайға,
Жигирма қыз етти хызмет.
Икрам менен аяқ баса,
Қызық болды ҳәдден аса,
Ықлас пенен кеўлин ашып,
Басланды ҳәр түрли тамаша.
Бәршеси бир қатар өскен,
Қатар ушын жаннан кешкен,
Тени менен шарап ишкен,
Ойнады қызлар оңаша.
Сездирмей ишинен жайлап,
Әлийма питирди исин,
Арқайын иштен жайлады,
Бийҳуш болып Гүлистан,
Көзлери оттай жайнады.
Еркин берди мамаға,
Арқайын күлип-ойнады,
Анда-мында соқлығып,
Гүлистан қыз қулады.
Әне-мине дегенше,
Түн жарпысы болады,
Тамам болды тамаша,
Көпшиликлер тарады,
Халайық кетип үйине,
Гүлистан уйықлап қалады.
Нәзер салып әйнектен,
Қазының мийри қанады.
Алғыс айтып Әлиймаға,
Тилеги қабыл болады,
Хабарласпай қазы-ийшан,
Сүңгип кирип барады,
Ышқы тамыры күш бермей,
Тилеп ҳаллас урады,
Күши жетпей лепсине,
Арыў қыздың төсине,
Қазы пәнже урады.
Арыў қыздың ийиси,
Балқып есин алады.
Ғапыл жатқан Гүлистан,
Шаўырап жайдан турады,
Сырын шашпай пинҳамы,
Ким екенин сорады.
Қазы өзин аянлады,
Сум пикирин баянлады,
Еситип сөзин Гүлистан,
Қазы екенин аңлады,
Зығырданы қайнады,
Гүлистандай арыў қыз,
Көзи оттай жанады,
Уяттың үстин ашады,
Қазының сырын шашпады,
Талабын шепке баслады,
Қара көзин жаслады,
Қақ маңлайдың тусы деп,
Гүлистандай арыў қыз,
Керилип мушын таслады,
Қазы-ийшанның оң көзи,
Ушқынланып шашырады,
Еси аўып қазының,
Ет бетине таслады.
Анда-мунда сүйрелеп,
Келистирип жастады.
Күши ҳәдден асады,
Ашыўы суўдай тасады,
Урып жығып қазыны,
Гүлистандай арыў қыз,
Әйнектен шығып қашады,
Қазы-ийшанның талабы,
Қыяға қарай басады.
Адамларға көринбей,
Ақылынан сасады,
Дәрти ғаўлап бийшара,
Иси ҳәдден асады.
Әлийманы шақырып,
Терең жерден ойласады,
Гүлистанға өлимниң,
Бир қапысын ашады,
-Жорасы менен туттым, - деп,
Қалаға жарлар салады,
Гүлистанды қаралап,
Жоқ қылыўға баслады,
Алпыс гүўа жыйнатып,
Кеўилин бир қосады,
Ҳүким етип айттырып,
Қазы қарар жасады,
Жала-дөҳметке орап,
Аяғын беккем тусады,
Алпыс адам гүўасы,
Тастыйық етип қазы-ийшан,
Жығалы мөрин басады,
Мәккаршылық күш алып,
Дәрья киби тасады,
Қазы-ийшанның зар жылап,
Ханның жолын тосады.
Айдар хандай ханыңыз,
Сахраны қақ жарып,
Көрмеген жерлерге дарып,
Қайсардың елин ақтарып,
Бирқанша жерлерди танып,
Алты ай мудам ел гезип,
Әбден мийири қанып,
Қиятыр дейди Айдархан,

Сәлем берип жақынлап,
Хешким кеңес бермеди,
Қазы-ийшанға инанып,
Қызының жүзин көрмеди,
Денесин ашыў кернеди.
Гүўаларды шақырып,
Жүзлестирип тексермеди,
Сарайынан сыртқа шығып
Ел халқына көринбеди.
Жүрегини басалмады,
Гәптиң үстин ашалмады.
Қызын дарға асалмады,
Сөйтип қанын шашалмады,
Батылы барып хеш адам,
Кеўлине ақыл қосалмады.

Шуғылдың сөзине аўып, қазының өтирик жылағанына инанып, қызын жоқ қылыўға әри ойланып, бери ойланып, хан мынадай ақыл таўыпты: «Өз перзентин өзи асты деген халықтың насағын арқаламайын, өз перзентимди өзим астырып, халықты шоршытпайын, бирақ қызым тири жүрсе, мениң ханлығыма дурыс болмайды. Адамға билдирмей, Бексултан улыма хәмир қылайын. Хәмиримнен қорқар, қарындасын алып кетер, өлгенин көзим көрмесин. Он күн мәўлет берейин, аўлаққа апарып өлтирип келер» деп гәпти шешти. Хан алдына улын шақыртып, мынадай хызмет буйырды:

— Абырайды сатты қолдан,
Динди бузып шықты жолдан,
Синлиңизди ойқанынан,
Хабарың бар ма, Бексултан?

Шарият соны қоллайды,
Жазғаны шығар сондайды,
Қызым елде тири жүрсе,
Динге жарасық болмайды.

Аяғын халықтан жыймады,
Айбынып лепсин тыймады,
Гүлистандай синлиңниң,
Ойқаны нырққа сыймады.

Хәддинен асты гүнасы,
Тайын тур алпыс гүўасы,
Қарындасыңды өлтирип кел,
Қутылыўға жоқ даўасы.

Таслады мени аяққа,
Талатты елимди саяққа,
Душпаныма күлки қылды,
Қашып кирермен қаяққа?

Күлкимен халық арасына,
Өзи жеткен өз басына,
Ханнан өлим лазым болды,
Түсиндир қарындасыңа.

Анда барды узақ жоллар,
Туўры жүрсең хәрким қоллар,
Жайы сақкар дозақ дейди,
Динге қылап еткен жанлар.

Синлиңди шөлге алып кет,
Шарият ушып хызмет ет,
Бир нышанын алып келтир,
Балам, саған он күн мәўлет.

Бул сөз хәммеңизге пайық,
Суўға батты бизиң қайық,
Қызым елде тири жүрсе,
Ханлығыма үлкен айып.

Бармасаң бәлеге шатар,
Жаныңызға кәўип-қәтер,
Хәмиримни тәрк әйлесең,
Ислериң насырға шабар.

Әне, ханның бул буйрығы баласының жанына оқтан бетер қадалды, бармаслыққа илаж жоқ, салмағы зәрресин алды, «хан хәмири ўажып» деген, атасының хәмирин қабыл алды.

Шоршыңды тәнде шыбын жан,
Қара бағры болды қан,
Атасының хәмирин,
Қабыл алды Бексултан.
Хан хәмирине не шара,
Суўық хабар еситип,
Бағры болды мың пара,
Қайтарып дәлил айталмай,
Болды кеўиллери жара,
Ўәде берип, шәрт айтып,
Кетти шығып алдынан,
Бексултандай бийшара.
Еситип суўық хабарын,
Сезип ханның пейли тарын,
Қоныншына салады,
Еки жүзли қанжарын.
Түсип хәр ислер ядына,
Шыдамай ханның пәтине,
Шөлистанға кетпеге,
Бексултан минди атына,
Ат ойнатып барады,
Гүлистанның қасына.
Қайғы-ғамды таслады,
Ерксиз көзин жаслады,
Атасының хәмирин,
Жасырмастан Бексултан,
Синлисине баслады:

— Даўам жоқдур қарындастан,
Күниң батар болды жастан,
Атаңыздың хызмети бар,
Артыма мингил, Гүлистан.

Оныңнан еседи сәўириң,
Қайғылы болды дәўириң,
Шөлистанға кетемиз,
Артыма мин, баўырым.

Иқандырып атаңды,
Душпанлар шырмап орады,
Ырза болың ағаңа,
Биймезгил гүлиң солады.
Мени жасаўыл қылып,
Өлимге сени жоллады.
Жүр, шырағым Гүлистан,
Талабыңыз оңбады.

Шаршап болды ақылы-зайыл,
Хан әмирине болды қайыл,
Қол қаўсырып Гүлистан,
Өлим ушын болды тайын.

Қысқа айланар болды жазы,
Жала жапты қанхор қазы,
Ағасына ереди қыз,
Өлимге болып ыразы.
Жарқыраған таңы атпай,
Өлтириўге қолы батпай,
Жыласып кетип баратыр,
Қол бергендей адам таппай.

Синлисин ертип изине,
Тоғыз күн тынбай жол асты,
Көзи қыймай өлтириўге,
Еккиси шөлде жыласты.

Дуўшар келмей бир дос адам,
Қаңғырып сахра даладан,
Тоғыз күнде ушырасады,
Шекшекли деген биябан.

Әне, Гүлистан хеш жерден таппай, өлимди мойнына пишип, әжел шарабын ишип, мезгилсиз шырағы өшип, пәний дүньядан кешип, басына зулмет түсип, ханларға нәлет жаўдырып, бир сөз айтқаны:

– Жасқа таппай өтер болдым қамалда,
Жақсылықтан нурлар түспей жамалға,
Ушырастым мен әдилсиз заманға,
Хаўал әртим батыл болып баратыр.

Уўайымсыз бир күн шалқып жүре алмай,
Әдалатлық пенен гүнам соралмай,
Жайнап шыққан күнниң көзин көре алмай,
Әрман менен өмирим өтип баратыр.

Заманым айланбай, ығбалым жатып,
Әрманда ай-күним мезгилсиз батып,
Парахор, антхорлар сыртымнан сатып,
Ислерим насырға дөнип баратыр.

Салтанатым көрсете алмай халыққа,
Шығалмадым қуўанышлы жарыққа,
Гүнам тексерилип, шықпай анықка,
Залымлар басыма жетип баратыр.

Ашты иттей талап, көзлерим ойған,
Харамды қуўатлап, ҳадалды жойған,
Гүнаңды тексермей атам Айдархан,
Обалым мойнына жүклеп баратыр.

Бул өмирде бес күн күлип-ойнамай,
Сүйгениме кеўлим жибин байламай,
Қарақалпақ елин гезип жайламай,
Ат басындай әрман кетип баратыр.

Назерин салмастан қара-ағыма,
Өтирикшилер қара байлап бағыма,
Шағым жетип ойнап-күлер шағымда,
Қанхорлар желкемди қырқып баратыр.

Қәлеген жеримде еркимше өспей,
Өмир гүлим жайнап-жетилип писпей,
Жамалымнан қатар-қурбым суў ишпей,
Әрман менен гүлим солып баратыр.

Әне, Бексултан қарындасын соя алмай хайран болды. Сонда Гүлистан ағасына былай деди:

– Болған соң мен бақты қара,
Хан қарғағансоң не шара,
Шалып таслап кете бер,
Салмай ишиңе жара.

Аға, саған ырзаман,
Кеўлиме мениң қарама,
Питирмесең хан хәмирин,
Тұқымыңды жая ма?
Шалып таслап кете бер,
Ағажан мени аяма.

Өлимдәр, ақылы зайылман,
Даўа болса тайынман.
Саған зыян келмесин,
Хан хәмирине қайылман.

Қылап қылма туўры жолға,
Ырас сөйле залым ханға,
Меннен зыян келмесин,
Ағажан, гүналы болма.

Еситип сөзин ағасы,
Қолына алды қанжарын,
Гүлистан қыз басын тутып,
Өлиў ушын болды тайын.
Қолайласып Бексултан,
Келди төгиўге қанын,
Қас душпаннан алғандай өш,
Билмедим, қалай болды дус?
Сарқып келди аспаннан,
Қанаты желли қара қус.
Шығарды муңлы сазасын,
Қайғырып қыздың көз жасын,
Пышағына пәнже урды,
Сорап қыздың жазасын.
Еситип буны Бексултан,
Қанжарын кейин тартады,
Өлтире алмай синлисин,
Ол мәканнан кетеди,
Үш күн сеғбир етеди,
Қайрақлы төбе таўынан,
Буннан да асып өтеди,

Табалмай хешбир шарасын,
Өлтире алмай қарындасын,
Хайран болып Бексултан,
Төрт тәрепке қараса,
Көзи шалды баланың,
Дәукескен атлы дәрьясын.
Солкәрада Бексултан,
Тәгдирге қайыл болады.
Гүлистандай арыў қыз,
Шаршап естен танады,
Ақ қанжарын қолға алып,
Толықсып турған сиңлисин,
Бексултан шалмақ болады,
Бир көк кептер ғайыптан,
Қолына келип қонады.

— Дәрдәсерге салма басын,
Гүнасыз ғой қарындасын,
Оған қанжар силтеме сен,
Ислериң гәррек болмасын.

Ханың сениң ақылсыз,
Қыз хеш кимге гүнасыз,
Егер соны өлтирсең,
Жиберемен туғыянсыз, — деп,

Кептер саза береди.
Еситип буны Бексултан,
Қартырап қатты қорқады,
Сиңлисине кеңесип,
Ағасы бир сөз айтады:

— Атаңыз өлимге буйырды жастан,
Әжайып сүргинлер кеширдик бастан,
Бизиң аўхал қалай болды Гүлистан?
Иш-тысымды қайғы қаплап турыпты.

Өлтирмесем атам береди жаза,
Қулағыма келди қорқынышлы саза,
Бул жүристан саған жетпейди қаза,
Ақылымды хайранлық алып турыпты.

Кем-кемнен қайғының қырманы тасып,
Атамыз силтеген жолдан адасып,
Әжептәўир саўдаларға ушырасып,
Ағаң ақыл-естен танып турыпты.

Қайтып барсақ атамыздың пейли тар,
Нәзер салсам алдым бийик, артым тар,
Буннан былай аўхалымыз не болар?
Ағаң сениң менен қалып турыпты.

Әне, бул сөзди еситип, Гүлистан ағасына мынадай кеңес береди:

— Атанның хәмири питпеди,
Себеп болып хәр нәрсе,
Маған әжел жетпеди.
Мениң ушын болма зая,
Мен өлмесем, ағажан,
Жүре алмассаң бул дүньяда,
Маған әжел жетпеди,
Дәрьяға атып кете бер,
Аяқ-қолымды байла да,
Иркилместен елге қайт,
Өлтирдим, - деп ханға айт.

Бул сөз ағасына жүде мақул түсти.

— Атамыз етти сергиздан,
Сол сөзиң мақул Гүлистан,
Жақсылыққа жол баслайын,
Өз-өзимди пышақлап,
Қызыл қанымды шашпайын.
Сени таслап майданға,
Басымды алып қашпайын,
Салға сени миңгизип,
Деўкескенге таслайын.
Таўға шыққан шынарсаң,
Бес күн, он күн ығарсаң,
Шын әжелиң жетпесе,
Жасқа таўып шығарсаң.
Тилеклес ағаң удайы,
Сол болар сениң қолайың,
Атанақ салға миңгизип,
Дәрьяға сени салайын.
Түрли себеп табылып,
Ашыла кеткей талайың,
Ағыс саған тапқай жол,

Ағаңыздан айтар сол,
Жақсылық па, жаманлық па,
Ағаңызға разы бол.
Хабардар болған қәдир хақ,
Қыдыр баба жолын тап.
Разыласып еккиси,
Жасады сондай иттипақ.
Салды дәрдәсерге басын,
Изине ертип қарындасын,
Талқан етип таўдың тасын,
Дәукескенниң жағасын,
Тинтип жүрсе таўды-шөлди,
Батпаққа батыпты көлде,
Таўып алды Бексултан,
Шөгенлеген ақ бөкенди.
Қатты зейнин қояды,
Қайғысын әбден жояды,
Ақ бөкенди аўдарып,
Тулыплап ғана сояды.
Шаман менен желледи,
Атанақлап кернеди,
Күнге қақлап кептирип,
Қызға орын белгиледи.
Суў өтпестей жан-жағын,
Месик кеме сайлады,
Отырғызып месикке,
Гүлистанды жайлады,
Орап-шырмап тум-тусын,
Қәўипли жерин байлады.
Шылап қайғы-қапасына,
Разыласып ағасына,
Барды суўдың жағасына,
Атқан екен месикти,
Дәукескенниң дәрьясына.

Әне, Бексултан қарындасын суўға атып, үш күн тынбай жол тартып, хан алдына тайын болды. — Хан ата, хәмиринди питирдим, Қайрақлы деген таўында Гүлистанды өлтирдим, хәмиринди орынлап, нышанасын келтирдим, — деди. Атасы услап кәлам-куранды, сөзине инанды.

Гүлистан минген месикти,
Бир даўыл пайда болды да,
Суў менен қатты айдады,
Көрсетпеди қатты ағыс,
Хешкимниң көзи шалмады,
Бес күн тынбай ағады,
Месик шатнап жарылмады,
Ақыл-естен айырылмады,
Алтыланшы күнинде,
Улықпанның таўында,
Месик қайырлап қалды.
Қайырлаған жерлери,
Гүлапын деген таў еди,
Ыққан жер менен шыққан жер,
Қырқ күншилик жол еди,
Қақпаншаның қол асты,
Бостан деген жер еди.
Қайырлап калған месикти,
Ғайыптан келген қара қус,
Көтерип ушып кетеди,
Бир күн ушып аш болып,
Месикти ашып қараса,
Ишинде қызды көреди.

Әне, сол ўақта қыз месиктен басын шығарып, жән-жағына көз жиберсе, шетсиз, шексиз шөлистанда турғанын көрди. Жанлы мақлуқ жүрер жер емес. Қыз қазаға қайыл, бәлеге саўап қылып, қағынып, силкинип, төрт тәрепке қарады. Арқасы аспан менен таласқан ушан таў, басы шөлистан тунғыйық. Қыз ақылынан адасып, қәдемин керип басып киятырса, бир жардың астында ақ кийик, қасында жаңа туўылған еки ылақты көрди. Жанлы мақлуқты көрип, қыз ата-анасын көргендей болды. Ол кийиктиң қасына барып жата қалды. Кийик қашпады. Қызды көрип емшеги ийе берди. Қыз кийиктиң сүтин емип жүрегин жалғады. Кийик күнде еки рет ылақларын емизиўге келеди. Сонда Гүлистан да қапталдан қосылып, кийиктиң сүтин саўып ишип, тиришилигин өткере берди. Сол жерде қыз қырық күн жан саклады. Гүлистан бурынғы қәддине келди. Кийик оны баласындай жойтатуғын болды. Әне, қыз қырық еки күн дегенде «Мениң бул отырысым болмаса, енди бир тәрепке аўысайын, еки аяқлы тил билетуғын адам әўладына дуўшарласа кеткеймен» деп бир төбениң басына шығып, жән-жаққа қарап турса, қубла-батыстан қатты шамал турды. Шамалдың кейни қатты шаңғыт болды. Шаңғыттың арасында қашып киятырған кийикти көрди, кейнине қараса, бир атлы қуўып киятыр екен:

Атлыға байқап қараса,
Арыслaндай айбатлы,
Жумыр билек, жүзи қанлы,
Қобыланнан бетер қайратлы,
Тасқын кеўил әдалатлы,
Қара қасқа бедеў атлы,
Бийдайық қус сымбатлы,
Гәўхары дүрден қымбатлы,
Бир жигитти көреди.
Жигитти көрип Гүлистан,
Ақылын әбден алдырды,
Қол көтерип, «тоқта» деп,
Ат жылаўына асылды,
Аты-жөнин сорады:

– Өзинше ат шапқан майдан ишинде,
Жанлы жандар шақ келалмас күшиңе,
Бул кийике қандай мүтәжиң барды,
Даўыллатып бунша түсип изине?

Беллериңе тилла қамар буўыпссаң,
Қәдди бойың қара терге жуўыпсаң,
Бул кийикте қандай ҳақың бар еди,
Ҳақың бардай бунша басып қуўыпсаң?

Бул журтта жоқ бизиң мәкан-қанамыз,
Арқа берген усы бизиң панамыз,
Зыян берме, атыңыздың басын тарт,
Усы кийик бизиң туўған анамыз.

Көргенсизлер көтере алмас зийнетти,
Қудайым миясар көрген мийнетти,
Себеп пенен бир-биреўге дус келдик,
Наҳақтан салмаңыз бизге дөхметти.

Туўған жерим қыя, мүшкилдур ҳалым,
Ақыл адам анлар ердиң қыялын,
Себеп пенен бир-биреўге дус келдик,
Ғәриплерге тийдирмеңиз зыяның.

Әне, жигитти қыздың саўлаты басты, дәртине дәрти уласты, қыздың ҳаслы-затын сорайын деп беррегирек жақынласты:

– Жетилген қәдди-кемалың,
Еркеиз тартты жамалың,
Атаңыз ким, журтың қайда?
Шығардың мениң хайраным.

Болыппен биреўге қандар,
Барма изиңизде қардар,
Бизиң халықтан түриң басқа,
Қаяқлардан келдиң жандар?

Алмасты кескендей қырың,
Мегземейди бизге түриң,
Адамбысаң, шайтанбысаң,
Жасырмастан айтың сырың?

Бир жағымыз Әтирек, Гүрген,
Рәўшаның ағла хүрден,
Ырасынды айт, қайдан келдиң,
Бул сахрада нетип жүрген?

Басыңды байладың ба ерге,
Журт аўдарған гүнакар ма,
Атыңыз ким,елиң қайда?
Қаяқтан келдиңиз бул жерге?

Ойран болған жигер-санаң,
Шықпасын сөзиңнен ялған,
Адамбысаң, перимисең,
Қайда болар мәнзилханаң?

Әне, жалғастырып буған, қоспай бир аўыз ялған, саўалына жигиттиң не деген екен Гүлистан:

— Ақ жүзимде барды қас қал,
Таланды жастан дүнья-мал,
Мен бир ханның айымыман,
Арықлықтан тапқан залал.

Хасыл-затым қарақалпақтан,
Бузықлар хәр атқа таққан,
Қаңғалаған сергизданман,
Гилең анттхор жала жапқан.

Жала жапты улығ алым,
Жанын берди алпыс залым,
Пәтиўалап қазы-муфтий,
Өлим жаза берди ханым.

Иелерим насырға дөнген,
Биймәхәл шырағы сөнген,
Атасынан зулымлық көрген,
Аўып жүрген әрманлыман.

Ығбал бағы оралмаған,
Арзы тыңлап соралмаған,
Атасы ийттей қорлаған,
Ағыс қуўған сергизданман.

Пәтиўа берген наҳаққа,
Шерменде еткен халыққа,
Шығалмаған кең жарыққа,
Қус көтерген гүналыман.

Елатымды сорасаң,
Арал бойы - Түркистан,
Жетискенбиз бул жерге,
Жәрдем тийип ушқан қустан.

Несип айдап биз келген,
Үш айшылық Шығыстан,
Арал теңиз бойында,
Бизиң туўған-туўысқан.

Айдар ханның қызы едим,
Атымды сорасаң Гүлистан,
Бузақылар қаралап,
Өлим саўдасына қосқан.

Шыбын жаным шықпай жүр,
Жәрдем жетип ярыў-достан,
Жанымды сақлап мен жүрмен,
Бир кийик таўып қуўыстан.

Әне, жигит қыздың сөзин еситип, кеўли таўдай өсти, ойлап көрсе жақын досты, бойына ылайық таўып, ғайбана кеўлин қосты, бир-бирине кеўил бурысты, сөздиң аяғын қосты. Яғлы-бәрли айтысып турған қусайды.

Гүлистан:
— Дүньяны талқанлар ердиң ерлери,
Жай табар ма биздей гүнакерлери?
Түсинбеймен әдетине, үрпине,
Бул шөлистан қайсы ханның жерлери?

Жигит:
— Жамалыңды көрип кеўилим тасты,
Гәпиңе түсинип, дәртим уласты,
Турған жерлеримниң атын сорасаң,
Қубылы Бостанның тутқан қол асты.

Дүньяға белгили лақабы, даңқы,
Әдиллиги аўыртпайды бир жанды,
Қубла жағың үш айшылық қыя шөл,
Оны жайлар Қақпан патшаның халқы.

Гүлистан:
— Бул дүньяда мениң мийнетим күйди,
Ақыллы аңғарар жөнди хәм жүйди,
Ат сораспақ бабамыздан қалыпты,
Хаслыңды айт, атыңызды ким дейди?

Жигит:
-Айбатымнан сескенеди көрген жан,
Ел ушын ат шаўып болған сергиздан,
Қақпан патшасының қайтпас батыры,
Жасым он тоғызда, атым Гүлдархан.

Гүлистан:
— Батырлар сайманын асып бойына,
Таңланады көрген жигер-сойына,
Биле алмадым душпаныңды, досыңды,
Шыныңды айт, не мақсет бар ойыңда?
Жигит:
— Халық арыўына мийирим қанбай,
Байлардың қызына нәзерим салмай,
Бес жыл бойы излеп сергиздан едим,
Салтанатлы ханның қызын табалмай.

Нәзери түскенниң кеўли тасар,
Қарсыласып гәплескенлер бир жасар,
Ашықлыққа саған кеўил жиберсек,
Сәўер ярға көрерсиз бе миясар?

Гүлистан:
— Еситкен тең болмас көрген көз бенен,
Кеўлимди жайладың хәр түр сөз бенен,
Басқыншы ийтлерден арым әперсең,
Опалы сәўер яр болдым сиз бенен.

Ашықлық хәўеслик бурыннан қалған,
Айтқан ўәдеңизден шықпаса ялған,

Душпанымнан кек алыўға шәрт айтсаң,
Бой, тәнимди бағышладым мен саған.

Жигит:
— Сен един озалы тилегим жастан,
Әрман етпес сендей менен бас қосқан,
Карар бердим, кабыллайман сөзиңди,
Көтер кеўлиң, бер қолыңды Гүлистан.

Аяты жыл улайы кеўилим жарым,
Кул етип жумсарман хан хәм султаным,
Алты жыл жолында сергиздан едим,
Дусластың ба бүгин тилек кардарым.

Куткармайды нахақ қанның обалы,
Өмирлик болғайсаң жолың опалы.
Орынланар меннен түрли максетиң,
Өмирлик болғайсаң жолың опалы.

Халыкка белгили Гүлдархан атым,
Адам баласына жоқ мениң жатым,
Қолыңды бер, туўры бағың жүзиңди,
Мурадына жетип, питер максетиң.

Үдетеди түрли кәрди,
Бир-бирине интизарды,
Озал бастан кардар еди,
Тапты батыр сүйген ярды,
Гүлистанды яры кылып,
Қаласына алып барды.
Кеўилиндеги табылып,
Басын косты ылайықка,
Қаласына алып барып,
Хабар салды халайыкка.
Әлли жүдә алысты,
Дәртине жүдә таныстьы,
Шәхәрине жыйнады,
Ат жете алмас алысты.
Нешшени естен тандырды,
Көргенниң мийрин кандырды,
Гүлистанның арыўлығы,
Халыкты кайыл калдырды.
Көргенлердиң еси аўды,
Бир нешшелер кустай каўды,
Батырға алғыслар айтып,
Тум-тустан рахмет жаўды.
Кеўиллери қосылды,
Аркан янлы есилди,
Жасырын түйинлер шешилди,
Кем-кем сыйласық күшейип,
Шарап-шәрбент ишилди.
Бир-бирине кеўили толды,
Тапты Гүлистан кең жолды,
Бәлки хүрден зыят болып,
Анык үш жыл дәўран сүрди,
Еки улдың дийдарын көрди,
Кеўиллери басылды,
Бетлери кем-кем ашылды,
Перзентли болып екеўи,
Ўакытлары хош болып,
Жүреклери тасыды.

Әне, Какпанша патшаның дәстүринде хаялдың жүзин адам көрсе, байы гүнакар, қатыны талақ түсер еди. Тәртиби жүдә катты еди. Жылында бир мәртебе көксине нықап кийип, ханның қатынлары шәмен байлап, салтанат тутып, әўлийеге түнеп, базар гезеди. Сол ҳалда Гүлистан шәхәр гезип жүрсе, базарда турған есапсыз Хорезм саўдагерлериниң кәрўанына жолыкты. Сөйлеп турған тилине түсиниp, елаты анасы ядына түсип, өзин иркип ала алмай, Гүлистан жылай берди. Кеште батыр үйине келип, хаялының аҳ урып, жылап отырғанын көрди. Гүлистан: — Ўәдеңе опалык ет, — деди батырға. Батыр: — Әлбетте, сен ол ушын капаланба, саған атаңыздан зыян келмесе, елиңе сени апармақ аңсат, — деди. Қыз айтты: — Туўған жеримди аралап көрмесем, дәртим кайнап, қанама сыймай баратырман, мени елиме жеткер, — деди. — Ондай болса, атаң бизге де ата болды, мен үстине жығын айдап барып, каласына бас салып киргеним әбес болар, - деди батыр. Әне, Гүлдархан ханның усталарын жыйнап алып, арыслары арша ағаштан, дөңгелеги табылғыдан, бөгенегин кернетти. Тоғыз қабат торкадан орын сазлап он жерден мамык пенен төсетти. Он дөңгелек орнатып, төрт каназат жектирип, күймели арба сазлатты. Жүрер жолын есаплап, отыз күнге шамалатты. Токсан күнге есаплап, жол азығын сазлатты. Батыр кайнады йолды, жанашыры, сүйген досты - Гүлистанның қасына жети қыз таўып қосты, қыйынлықтың орнын қазып, Гүлистанды жолға салды.

— Елиңе араласқан соң, өзиңди хешкимге таныттпа, душпанларыңның бары-жоғын аңла, ата-анаңды бақла. «Қызым» деп яд етип, аза тутып отырса, тартынбай ата-анаң менен таныс. Душпаныңның жазасын бериўге өзиңе ықтыяр берер. Маған арнап хабар айтар, салтанат пенен барарман. Душпаннан кек алыўға халың жетпесе Қараманға айт, ол қыямет базарын курады. Қандай максетиң болса өндиреди, — деди батыр Гүлистанға. Гүлдархан досты Қараманды шақырып алып, оған хызмет буйырды:

— Саған айтар сөз жоқ ялған,
Карызым бар сәўер ярдан,
Шылбырыма оралдым,
Шын достым един Қараман.

Сен сыйынған өткир алмас,
Саў болсаң билегим талмас,
Саған лазым бир хызмет бар,
Достым, питкермесең болмас.

Досын, душпанларын баклап,
Қарсы жаўды қуртып-саплап,
Айдарханға барып кайтып,
Гүлистанның кеўлин жаклап.

Достым болсаң бир ғайрат сал,
Не дәркар болса меннен ал,
Айтқанымды питкермесең,
Араға түседи мәлел.

Ойлады пайда-залелди,
Салмай араға мәлелди,
Түрли жақтан дәрти ғаўлап,
Достың сөзин қабыл алды.
Гүзеп аттың қуйрық-жалын,
Үдетип батырлық кәрин,
Қайыл болып Қараман,
Жолға шығып болды тайын.
Сазлап күймели арбасын,
Тапты талмастай жолдасын,
Айдарханның журтына,
Қаратты атлардың басын.
Гәхи жортып, гәхи шабар,
Баққыдағы бедеў атлар,
Басшы алып Гүлистан,
Елатына тартты сапар.
Атларына жем берди,
Шаршаған жерде дем берди,
Он күн бойы уйықламай,
Ақтарды қыя шөллерди.
Тынбай жүрип атар таңға,
Жәбир етип шыбын жанға,
Он бес күн тынбай жол жүрип,
Ушырасты ала шаңға.
Он алты күнлик жол асты,
Ала шаңға ушырасты,
Бала-шаға ҳаўлығып,
Бөлинген қойдай шуўласты.
Анда-мында соқлығып,
Алға қарап умтылып,
Қызыл қумның ишинде,
Жолларынан да адасты,
Қызыл қумлы далады,
Ыссы қағып, шалығып,
Бала-шаға естен танды.
Қайдай барса, алды туйық,
Аяқ басып жүрер жол жоқ,
Жетер жерди болады,
Қараманның кеўилине,
Ҳарам ой пайда болады.
Қараман деген батырың,
Гүлдархан менен дос екен,
Иши қазаннан қара екен,
Дәртин сыртқа айта алмай,
Дәрттен иши жара екен.
Қол урыўға өрис тар,
Гүлдарханды өлтирсем,
Болмас па маған сәўер яр,
Гүлистанды сүймеге,
Ишинен екен интизар.
Алыс қалды еки ара,
Шегарадан өтирди,
Ойлап көрсе Қараман,
Қолайын мине келтирди,
Гүлистанды аўлаққа алып,
Шын мақсетин билдирди:

— Изиңе зар едим озалы бастан,
Сени алып шыққан едим билқастан,
Ханнан қорқып, баралмадым қасыңа,
Жамалыңа шын ашықпан Гүлистан.

Гүлдархан батырдың жүдә кеўли тар,
Озалдан жолыңда едим интизар,
Қорыққанымнан айталмайын жүр едим,
Көкирегимде сарсық дәртим бар.

Жағымлы жамалың ядымнан қалмай,
Ләбиңнен бир сорып, мийирим қанбай,
Жүрегимде ат басындай әрманым,
Қушағыма алып бир ҳәмдам болмай.

Ханның айбатынан мойным буралмай,
Ышқылы жериңе қолым созалмай,
Жолыңда өртенип, делбелер болдым,
Қупыяда тилиңнен бир соралмай.

Мийўа тералмадым ышқы гүлиңнен,
Сұңқарым шолысын айдын көлиңнен,
Сен сыйласаң өлтирсең де қайылман,
Бир қуштыр Гүлистан қыпша белиңнен.

Иске асыр мақсетимди, ойымды,
Аўлақ жерде бир жазайын бойымды,
Өмиримше сениң қулың боламан,
Гүлистан бир көрсет жәннет қойыңды.

Әне, сонда Гүлистан Қарамандай батырдың душпанлығын аңлады. Жағдай айтып жалынып, жәрдем таппай таўланды:

— Достыңыз тапсырған бир бир аманат,
Аманатты аман сақлар нағыз мәрт,
Абыройлы адамлар бар қасымда,
Нағыз дос болсаңыз болмай ма уят?

Аңламасын ол сырыңды халайық,
Ойланың, бола ма сол ис ылайық?
Неге айттың оны аўзыңыз барып,
Шыны дос болсаңыз жолыңды бузбаң?

Еситип сөзди Қараман,
Аңғарды кеўил-қаласын,
Маңлайына урғандай,
Әрман-шерин молайтады.
Жараған нардай ыңыранып,
Ақыл-күшин жойтады.
Гүлистанға жекиринип,
Мынадай сөзлер айтады:

— Ынтық қылып, мениң мойным создырма,
Зорлық қылып байталыңды оздырма,
Тыңламайман қандай айбат шексең де,
Қырың қарап делебемди қоздырма.

Сыйламасаң ҳеш мурадың питпейди,
Зорлығыма сениң күшиң жетпейди,
Сыр билдимей мениң кеўлимди жайла,
Бул қорлығың көкейимнен кетпейди.

Гүлистандай ғәриптиң,
Диңкелерин қуртады,

Қалтырап қатты қарнады,
Не деп жуўап айтады:

— Ертип шыққандағы максетиң сол ма?
Түсире алмай күйип жүрмедиң қолға?
Нийет пенен баратыр-ем кәбама,
Балларыма ҳарам бермесен бойма.

Басыма туўдырдың қорқыныш-кәўипти,
Ойламасаң обал менен саўапты,
Балларыма жолда ҳарам жегизип,
Достыңа бересең қандай жуўапты?

Қараман сонда не деди:
— Мәккарлық сөзиңе, олла, ермеймен,
Енди индесең, қылышымды сермеймен,
Айбат шекпе, мениң кеўлимди жайла,
Балларыңды шыбын шелли көрмеймен.

Сына мениң карарымды, шәртимди,
Оннан соң көрерсең сақый-мәртимди,
Жеткеремен максетиңе ойлаған,
Сыйласықта шығар иштен дәртимди.

Гүлистан сонда не деди:
— Шын азамат ислемейди ондайды,
Өлимши кеселге даўа қонбайды,
Өлимтигиң арта берме орынсыз,
Жол үстинде ол максетиң болмайды.

Қараманның көзлерине қан толды,
Белдеги қанжарға салады қолды,
Кеўлин қалдырғанға намысы келип,
Баллардың геллесин салғамдай жулды.

Қараман:
— Неше жыл изиңде болдым таламан,
Дәртиңнен қанама сыймай бараман,
Келип мениң қушағыма кирмесең,
Өзиме, саған да пышақ саламан.

Қатты сасып Гүлистан,
Батырға қарап не деди:

— Сен дүньяда асқынлаған ер деди,
Дослық арасына салдың кир деди,
Баллардың пырағы өртеп баратыр,
Қайыл болдым, бир күн мәўлет бер деди.

Тыңламады Қараман,
Зулымлығы артады,
Айтқанын қылмай Гүлистан,
Диңкесин жаман куртады,
Аўлақ жерге айқасып,
Өзине ерксиз тартады.
Үстемлик қылып майданда,
Зорлығы жүдә артады,
Абырой-уятты таслады,
Аўлақ жерге сүйрелеп,
Ҳарам ойын баслады,
Қараманның айбаты,
Диңкесин жаман куртады,
Жаман көрип сылайын,
Гүлистан жаман қорқады,
Қараманға жалынып,
Жағымлы сөзлер айтады:

— Ығыңды сениң шалайын,
Ҳәмириңе қайыл болайын,
Азғана ўақ мәўлет бер,
Кеўилиңди алайын,
Шетирек төсек салайын,
Сен де соған тез ғамлан,
Майданға шығып келемен,
Жата тур болмай алаң, — деп,
Жағымталлы сөз қатып,
Мәккарлық сөзге инантып,
Қараңғылық түседи,
Жатар болды күн батып,
Қараманды төсегине,
Жатқызады қуўантып,
Баўыры болып қара тас,
Қойны толы қанлы жас,
Уллы жатар ўағында,
Қолайланып қашпаға,
Майданға шықты Гүлистан,
Жалаң аяқ, жалаң бас.
Кеңес сорар адам жоқ,
Қәдирин билгендей сырлас,
Жәрдем берер адам жоқ,
Бирге туўған қаналас.
Еспе қумды аралап,
Айланды неше қуўыстан,
Таң атқанша жуўырып,
Узакласты Гүлистан,
Қараманнан сөз баслайық,
Ашығының жолын тосқан.
Қарап отыр билқастан,
Ашық болған интизары,
Бәдер кетти қайырылмастан,
Күн шыққанша қарады,
Келетуғын ашық жоқ,
Басына туўды зимистан,
Үш күн удай қыдырды,
Кетти дәрек табылмастан,
Жас қызларды қорқытып,
Қарамандай қайсарың,
Мынадай қарар жасаған.

Әне, Қараман қасындағы қызларға қарап:

— Сырды беккем сақлаңыз, болған исти аңлаңыз, мениң аўзымды бақлаңыз, енди елге қайтамыз, аман-есен жетсек елатқа, Гүлдархан батырға «ярыньның ойнасы бар екен, және де қатының бизге қарсы шапты, халқының адамлары менен қашып кетти» деп айтамыз, усы сөзди сизлер де қуўатлаң, — деп түсиндирди.

Арбасына минип, Қараман батыр кейнине қайтты. Қалаға келип жети қызды, арбашыларды кейнине

ертип, Гүлдархан батырдың алдына келип, Қараман көрген-билгенин баян етти:

— Сениң менен сырлас едим,
Айрылмастай жолдас едим,
Жаным, қаным бир жайда,
Қыяметлик достың едим.
Хүким етип бизлерге,
Заребенди үйирдиң,
Өз күшим деп жүк артып,
Бийжай хызмет буйырдың,
Жигирма күн жол жүрип,
Азабын шектим қыйырдың.
Дослық қылап болмасын деп,
Алдыңыздан кеткенбиз,
Жыйырма күн жол жүрип,
Қырқыяға жеткенбиз.
Естен кетип ҳарып-талдық,
Қумкескенди араладық,
Бурыларға жасқа таппай,
Емир-еркин жол табалмай,
Арқайын бес күн дем алдық.
Жудә пейли тар екен,
Сырттан хабардар екен,
Айбатыңнан баталмай,
Кир нийети бар екен.
Изин қуўып ойнасы,
Дусласалмай жүр екен,
Сапар тартып шыққалы,
Өз басының ғамы екен.
Таўды қозғағандай пәти,
Ашық Мурат деген аты,
Жатыр едим арқайын,
Қамалап келди алты атлы.
Айбатланып ақырды,
Гүлистан деп бақырды,
Бир-бирине аҳ урып,
Қушағын ашып тақ турды.
Ары келип еки улыңды,
Өз қолынан шаптырды.
Қосымызға ойран салды,
Керек затын меннен алды,
«Көргениңди айтып бар» деп,
Қатыныңыз кетип қалды.
Исимизди улғайттық,
Бизген сөзимизди айттық,
Ярыңыздан дәкки көрип,
Келген изимизге қайттық.
Кеўлиңе мәлел келмесин,
Қайғыланба болса есиң,
Қылап тапсаң сөзимнен,
Көрген жанлар сөйлесин.

Буны еситип Гүлдархан,
Қасындағы қызлардан,
— Ырас па? — деп сорады,
— Ырас аға, рас, — деп,
Қызлар шаўқым салады.
Тумлы-тустан шуўласып,
Батырды инандырады.
Мына бир айтқан өтирик,
Ханды естен тандырды.
Ақыл-хуўышын жойылтып,
Батыр әбден болдырды.

Әне, батыр жата берсин, ендиги сөз Гүлистаннан болады. Гүлистан шөлистанда тоғыз күн тасаланып жүрип, баллары ядына түсти. Қараманның қайтқанын билим, балларына келди. Балаларының өлигин көрип, қара баўыры қан болып, Гүлистанның жылап турғаны:

— Жыртым жағамды дат етсам,
Жолында өмиримди ада етсем,
Адам атаны яд етсем,
Табарман ба балам сени.

Тәўбе етип, келсем тобаға,
Табынсам мен Мустафаға,
Зикир айтсам бир қудаға,
Табарман ба балам сени.

Қәлендер болып ҳақласам,
Бағрымды отқа дағласам,
Пайғамбар қәбирин жақласам,
Табарман ба балам сени.

Оқып қунабалар жутсам,
Өмирлик ораза тутсам,
Дүнья жүзин талқан етсем,
Табарман ба балам сени.

Шексем жәбириў-жапаны,
Кийсем басыма ғуланы,
Талақ етсем пәний дүньяны,
Табарман ба балам сени.

Әне, сөзин тамамлап, иштен дебдиў шығарып, кеўли жердей қабарып, қудықтан еплеп суў алып, балларын қолынан жуўып, қолынан көмип, басына сақана салып, «барарға жерим жоқ, өлсем сүйегим балларымның қасында қалсын» деп, өлмекке қайыл болды. Жылаў менен матам тутып, еки көзи гөр болды. Өзине өлим шақырып, қырқ күн қозғалмастан жатты. Қырқ биринши күни жума ақшамында Гүлистанның көзи илинип еди, кендир белбеў байлаған, жердиң жүзин жайлаған, қара бир сайыл келип, абай-сиясат пенен Гүлистанға нәсият айтып тур:

— Әрман-шеринди молайтпа,
Ҳаққа қарсы сөзлер айтпа,
Өли менен бирге жатпа,
Жайыныздан турың, балам.

Өлген ушын қайғыланба,
Егеў салып шыбын жанға,
Егленип жолыңнан қалма,
Талабыңа жоллан, балам.

Бул дүньяның түби бос ты,
Адамзаттың жақын досты,
Өлим кудайлық исти,
Оның ушын талма, балам.

Өмириңди етпе қара жер,
Шашқан ырысқыңды тер,
Болма аллаға гүнакар,
Туўры тилек тиле, балам.

Әжеллиге тийеди оқ,
Шығар ишиңнен жалын-шоқ,
Буннан саған хеш пайда жоқ,
Жолыңа түс тезден, балам.

Булардан жоқ саған сая,
Жыладың қырқ күн удая,
Кетпесең етемен зая,
Арнап келдим саған, балам.

Әне, уйықлап жатқан Гүлистан сескенип оянса, таң атып тур екен. Қасында хеш кимди көрмеди. Белине пота буўғандай, нардай күш-ғайратына толып, Гүлистан райынан қайтып тәўбе қылды.

Батырлыққа шорқады,
Қалтырап қатты қорқады,
Шобыт, жарғаққа оранып,
Ақ таякты қолға алып,
Айдарханның журтына,
Тартты Гүлистан жолланып.
Шығысты алып нәзери,
Өтип шөллердиң хазары,
Тоғыз күнде пайда болды,

Хорезмниң кең гүзары,
Жүзинде бар нықап перде,
Түрин аңлатпады ерге,
Он төрт күнде араласты,
Қараталлы деген жерге.
Саўда түсти саў басына,
Пәренже кийип басына,
Диййўана болып киреди,
Айдарханның қаласына.

Әне, Гүлистан аман-саў төрт жылда айланып, туўған жерине қуўысты. Жүзлерине перде байлап, душпанларын сырттан көрип, қыздың зығырданы қайнап, шығармай қайғы-наласын, сырттан бағып ата-анасын, танысыўдың олар менен табалмай хеш бир шарасын, әрман-шерге толып, жүре берди Гүлистаның, тезек терген шоры болып.

Әне, ендиги сөзди Гүлдарханнан еситиң. Алты ай жатты Гүлдархан, болмады ярын көрген жан, батырды етти хайран, гәхи турып, гә жатты. Әрманлық пенен таң атты, сәўдигиниң зарын тартты

— Ярымның кеўлин қалдырғаным жоқ еди, усы Қараманнан кесапат жуўар ма екен, «екшемби күни яд етсе, ҳадал жупты аян береди» деген бар еди, бир ядқа алып көрейин, — деп, батыр мынадай сөз айтады:

— Жолында болды баўырым қан,
Кеўлимде толы әрман,
Ҳадал болсаң аян бер,
Шын ашығым Гүлистан.

Көрмеге интизармысаң,
Нийет етсем аңлармысаң?

Себеп неден адастыңыз,
Ярым, дүньяда бармысаң?

Тарттырдың бизге зарыңды,
Жолыңа шаштым барымды,
Ҳадал болсаң аян бергил,
Бузғаным жоқ қарарымды.

Әне, Гүлдар усыны айтып яд етти, көзи уйқыға кетти. Үстине сары кийип, тынық суўдың аржағында яры Гүлистан мынадай сөзлер айтып тур:

— Тилегимди қабыл алған,
Шықпаған сөзинен ялған,
Кеўли питкен сәўер ярдан,
Ашығым жолымдамекен?

Шын доспан деп хызмет еткен,
Серт айтып алдымнан кеткен,
Перзентлерин қарап еткен,
Устап алып астымекен?

Ҳайўанлық исин дөндирген,
Урып шырағын сөндирген,
Исин насырға дөндирген,
Душпан сырын шаштымекен?

Айттымекен бирге барған,
Хабар сорап сәўер ярдан,
Балаларын дүзде қалған,
Ашығым аңладымекен?

Шын дос болып әўел бастан,
Бағымды байлаған жастан,
Жолға шығып жағаласқан,
Залымның сырын шаштымекен?

Қорқып қыя шөлде қалған,
Алданғанын залым қулдан,
Айрылғанын еки улдан,
Ашығым аңғарғанбекен?

Ерким менен кеўил берген,
Зыят көрген алтын зерден,
Түрли тамашамды көрген,
Шын ашығым көрермекен?

Әне, Гүлдархан шашырып орнынан турды, бул сөзлерди еситип, өзеклери от болды. — Түсиме жылап енди ғой, ол тири болғаны шығар. Сарыға оранғаны қайғысы шығар, тынық суў көз жаслары болар. Жат журттың тұқымы деп, хан еки баламды өлтирткен шығар. Ярымның жалғыз өзин бир атаўға қамап қойған шығар. Ҳеш кимнен жәрдем таппай, мени келмес пе екен деген нийет пенен ярым жолыма қарап жүрген екен. Бул жатысты қояйын, қостарымның хаққы ушын, еки баламның қаны ушын, журтына излеп барайын. «Түс түлкиниң тезеги» деген сөз бар, барып Айдархан менен урыс салайын, еки баламның қанын сорайын, — деп гәпти солай шешти.

Дүзеп салтанат қуралын,
Яд етип арыс-ұранын,
Излеп шықты Гүлдархан,
Айдарханның шәҳәрин.
Еки улы бағрын дағлап,
Дәрья киби кеўли шағлап,
Жүз жигити қасында,
Он бес күн сегбир тартады,
Аўыттың шөлин талқанлап.
Майданның аңын аўлады,
Талқанлап қызыл қумларды,
Жигирма бес күн жер шарлап,
Қараталға қулады.
Ғайратына исенеди,
Сығаскан қалың ел еди,
Албырамай, айбынбай,
Айдарханның қаласына,
Салтанат пенен келеди.
Әне, сөйтип Гүлдархан,
Ат кекилин тарады,
Төрт тәрепке қарады,
Гилең менмен, пейли тары,
Адам сойыў кәсип-кәри,
Анталасып келе берди,
Айдарханның жәллатлары,
Қурсап алды ортаға,
Тамашагөй адамлары.
Айбатына батырдың,
Нешелер естен танады,
Пешенесин көрген жанлар,
Жүдә мийири қанады,
Жарқырап тур алтын шени,
Тум-тусына қашады,
Айдарханның менмени,
Бул дүньядан табылмас,
Жарасығы саўлаты,
Бир-биринен сорап жүр:
— «Қайсы ханның әўлады?»,
Күнлер менен шағылысқан,
Белде полат жәўҳары,
Қырқ адамға тай келер,
Астындағы тулпары.
Жүз адамы қасында,
Қорған болған жан-жағы,
Патшалардан кем емес,
Көриниси, саўлаты,
Не екенин биле алмай,
Қалтырап халық қорқады,
Сиясаты қардай борап,
Сөз бенен әлемди орап,
Қалаға кирмей турады,
Басшылардан рухсат сорап.

Әне, басшылардың жүзи солып, иш-тысына қайғы толып, қос жасаўыл ханға келип, көргенлерин баян қылып, Айдарханға хабар айтып тур:

— Сен един халыққа суў берген арна,
Ханымыз бул истен хабарың бар ма?
Есиң болса басыңыздың ғамын қыл,
Елге араласты қайғылы ғаўға.

Саўлаты көргенди ерксиз қаратар,
Жүриси әжайып хабар аңлатар,
Әжайып бир жигит қалаңа кирди,
Түрин көрсең жаның ерип баратыр.

Апат дарымасын мүлки-малыңа,
Жалына гөр, тақсыр, алла-талаңа,
Ғайрат күши мың адамға тай келер,
Бир әжайып жигит келди қалаңа.

Ақтарып келгендей бейиштиң төрин,
Көрсең қапталыңнан берерсең орын,
Қалаңызға кирди атыңды сорап,
Инанбасаң шығып, көз бенен көриң.

Әне, Айдархан гә қуўанды, гә суўалды, гә қубарды. Айбатланып ақырды, аталық, найыбын шақырды.

«Жаў болса, бир ай бурын елши келер еди, мийман болса, бир ай бурын хабар берер еди. Бун қандай уллы екен, буған сын қояйын, мийман болын, деп ҳүрмет етип, алдына адам шығарайын» деп, Айдар хан қос жасаўылды гәплесиўге буйырды. Қос жасаўыл батырдың алдына барып, тәңир сәлемин берип, ханның жуўабын айтып, рухсат, - деди. Батыр жүз адамын ертип, сиясат пенен Айдарханның қаласына кирди. Уллы арнаның көпири бар еди. Көпирди көрип, батыр «шәҳәрдиң көпирин рухсатсыз баспа» деген, жанына кесапаты тийер деп, келген хызметин сездирип, Гүлдар батыр бир зат айтты:

— Зыянсызбан, атым Гүлдар,
Ақыл болсаң бизи аңғар,
Дәстүринди биле алмадық,
Ким дейди бул елге сәрдар?

Арнап келдим алыс жерден,
Ханыңызға гүнакарман,
Ханың қайда, көрисейин,
Алыс жерден талапкермен.

Келдим Кешиў деген жайдан,
Қонақ жуўас дейди қойдан,
Ханың қайда, көринис бер,
Танысаман, жол сорайман.

Намәлимдур ойың-қырың,
Бар шығар ҳәр түрли ырым,
Ханың қайда, көрисейин,
Аңғарар ма ишки сырым?

Әне, бул сөзди ханның жасаўыллары еситип, түсинбей, қайғы жесип, қорқыныш дәрьясын кешип, мийманның алдына түсип, халайық қашып-үркисип, басына қыйын ис түсип, жасаўылды алдына салып, жүз адам батырды ортаға алып, халыққа сиясат қылып, мәскапшылар суў шашып, паррашлар жол ашып, ҳасылдан төсек таслап, мийманның ўақтын хошлап, батырды ханның сарайына киргизди. Хан нәзер салып бир қарап еди:

Бойы бийик асқардай,
Қарсы алдынан қарасаң,
Төрт жасар дөнен қошқардай,
Айбатына жолықсаң,
Ашыўланған арысландай.
Қарсыласып келгенде,
Туралмас бенде жасқанбай.
Көриниси, айбаты,
Келе тарпа басқандай.
Жаўға шықса атланып,
Парахат ел посқандай.
Ғайратын көрген сулыўлар,
Ғайыбана басын қосқандай.
Қошеметин еситкен,
Қанат бойлап ушқандай,
Еки аўыз сөйлескен қыз,
Мийири қанып қушқандай,
Ханның жаны қалмады,
Келе тарпа басқандай.

Әне, Айдархан батырдың аты-затын сорап, бир зат айтты:

— Жарасықлы Асқар таўдай бойларың,
Батырға ылайық жигер-сайларың,
Танымадым, мақсетинди-сырынды,
Жасырмай айт, мийман, мақсет-ойларың.

Камалға жетистиң қайсындай жайда,
Халқымда жоқ саған теңеўге-тайға,
Жасырмай айт, душпанбысаң, доспысаң,
Хызметиңиз недур, еллериң қайда?

Сыпырып төгипсең маңлай терлериң,
Жүзинде көринер әрман шерлериң,
Жасырмай айт, душпанбысаң, доспысаң,
Бизиң халыққа мегземейди түрлериң.

Душпанда кеткен бе намысың, арың?
Не еди бизлерден тилек-қардарың,
Батырмысаң, палўанбысаң, несең сен?
Мақсетиңниң еситтириң хабарын.

Әне, Гүлдархан батыр ҳәр жерден тымсал келтирип, бир қосық айтқан екен:

— Лалазар шәҳәри қалаңыз,
Ойлан ақылға данаңыз,
Сөзлеримниң мәниси бар,
Таллап шешип аңласаңыз.

Гүлдар батырдур лақабым,
Тексеремен ҳасыл-затың,
Жоқ излеп қалаңа кирдим,
Миясар болып тар қапың.

Батырыман Урымшаның,
Шықты излеп сергизданым,

Жети ай толды әрман менен,
Қашты қолдан ақ суңқарым.

Сизде еди жайлаў гиясы,
Көбе таў өскен уясы,
Қәлпеңизден қашқан екен,
Бийжай салынып томағасы.

Бир жыл сергизданға салды,
Аяқ, қолда баўы қалды,
Изин қуўып киятырман,
Усы жаққа бағдар алды.

Жетер жерге салдырдым жар,
Басқан изине болдым зар,
Шәҳәринде сумырайлар,
Тутты ма деген қәўпим бар.

Жолықты ма бийик жарға,
Жаңылып түсти ме торға,
Уясы усыман еди,
Ханымыз хабарың бар ма?

Әне, Айдархан бул сөзди еситип, жасаўыл басын шақырды:

— Мынаў алыс жолдан келген мийман екен, «мийман атаңнан уллы» деген, азада жерде үш күн мийман қылың, — деди. Патша уламаларын шақырып алып:

— Бул баланың айтқан арзын ойлап, бизге бататуғын салмақ көрдим. Жоқшыман дейди, ойласам жоғы мал емес, өли зат емес, дүнья қуўатуғын жан емес, бунаң жоғы адам екен, қәне буған не ақыл қосасыз? — деди хан.

Ханның бул сөзин еситип, Мурат қазының ишине муз қуйылды:

— Тақсыр, оның не қыйналатуғын жери бар, қаңғып жүрген саяқты, аўзына келгенин отлата бермей, жолыңа түс, деп қуўып салсаңыз, тақсыр, — деди.

Буны еситип хан айтты:

— Бундай ис бизге ылайық емес, алыстан келген мийманның тилегин қанаатландырмасақ, хан атағын алып, бул жерде отырыўымыз қалай болады? Алдымызға саўал қойды, көпке салып шешпесек болмайды, — деди хан.

Үш күн өтип, төртиленши күни шәҳәрдиң халқын жыйнап, мийманды ҳүрметлеп, «саўалына жуўап бермеге таяр болың» деди хан.

Ўәдели күни Айдархан,
Аталығы, найыбын,
Жасаўыл басы, жүз басы,
Қазысы менен мүфтийин,
Жыйнатады тум-тустан.
Зәҳәрин елге жайлатты,
Жасаўылын, сәрдарын,
Ҳүким етип айдатты,
Тутып ханлық сиясат,
Қалада атлар ойнатты.
Бул мейлиске ылайықты,
Қожа менен шайықты,
Хан ҳәмири деп халайықты,
Ерксиз түрде жыйнатты,
Байы менен жарлысын,
Жасы менен ғаррысын,
Елатының бәрисин,
«Айдарханның ҳәмири» деп,
Бир майданға топлатты,
Тәртип берип Айдархан,
Далаға төсек таслатты,
Ҳүрмет пенен әдиўлеп,
Мийманның ўақтын хошлатты,
Мийманның сөзин шешиўге,
Ханың жумыс баслатты,
Қазы менен Әлиймаға,
Баяғы алпыс гүўаға,
Өлимнен хабар аңлатты,
Айбат шегип қазы-ийшанға,
Хан ҳәмирин орынлатты.
Тәрбият етип мийманды,
Саўал қойған Гүлдарханды,
Әлийма ҳәм қазы-ийшанды,
Жүзлестирип қаратты,
Ҳәмир қылып қазыға,
Мийманнан саўал соратты,

Гүлдар көзин қазыға,
Қанжар қылып қаратты.
Тымсал айтып ҳәр қыйлы,
Гүлдархан исин аңлатты.
Заманы шепке бурылды,
Көзине жаны көринди,
Қазы-ийшанның басына,
Ақырзаман қурылды,
Жығылып бәри аяққа,
Паналап қашып ҳәр жаққа,
Тубалады қазы-ийшан,
Қашарын билмей қаяққа.
Жасырын жолларын тосқан,
Шын ашығы Гүлистан,
Гүлдархандай ярынан,
Ҳалынан хабардар еди,
Гүлистан өзин таныттпай,
Көп жығынның ишинде,
Мәскапшы болып жүр еди.
Түсиндирип батырына,
Шығып алдына, артына,
Тисин қайрап душпанына,
Гүлистандай әрманлы,
Таярланып тур еди.
Батыр барлық сырға қанып,
Дос-душпанын танып,
Өз күшине инанып,
Гүлистанның сөзлеринен,
Батыр бир-бир тымсал алып,
Айдарханға былай деди:
— Ада болмас еттиң ҳүрмет,
Бизге еттиң түрли хызмет,
Минген атым шабылды,
Түрли-түрли ат тағылды,
Жоғымнан дәрек табылды,
Хан ата, болсын рахмет.

Халықтың басын қурадың,
Кеўилимди аўладың,
Жоғымнан дәрек анладым,
Хурметине мәрхамат.
Енди кеўилди ашайық,
Жаманның сырын шашайық,
Бир заман тамаша қурып,
Халқың менен танысайық,
Дос-душпаның айырып,
Жақсылыққа жол ашайық.

Әне, Гүлдархан сүйген ярының усы жыйынның ишинде екенин аңлап, Айдарханға:

— Халқыңның ишиндеги дос-душпанларыңды айырайық, сөйтип, бир-биреў танысайық. Ондайды шайыр-бақсылар жақсы биледи. Қәне, елатыңда жыраў бар ма, бақсы бар ма - бәрин жыйнап келтириң, — деди.

— Хош болғай, — деп Айдархан буйрық берди. Жыйналып турған халықтан хәржер-хәржерден дутар услаған бақсы, китабын услаған шайырлар шығып, гезек пенен билгенлерин айтты. Хеш нәтийже шықпады. Жумыр торы басында, торсығы бар жамбасында, көпшиликтиң арасында, Гүлистандай қуйикли таярланып тур еди. Жуўырып шықты ортаға. Бес жылғы дәрти қайнап, өз исин өзине байлап, қазы-ийшанды тымсаллап, елдиң әлет-сырын таллап, әрманын ортада жырлап, Гүлистан не айтып тур екен:

— Айтар сөзим халыққа аян,
Сыйынсаң жоқ ләззет-паян,
Ханымыздың әдалатын,
Тыңласаң етейин баян.

Кимниң ким екенин аңғар,
Жүдә көп ҳақтан жанғанлар,
Өтирик, шынды шеше алмаған,
Болған бизде қыйсық ханлар.

Сақаўаты кетип босқа,
Ақылы жетпей душпан-досқа,
Елин тоздырып бир шошқа,
Астан-кестен қылған екен.

Шуғылдың сөзине ерип,
Ийтлери қанына жерип,
Тағын қазысына берип,
Ханы сыртқа кеткен екен.

Төменлетип өз бахасын,
Пәтиўалап шуғыл қазысын,
Ойранлап бала-шағасын,
Қазысы тоздырған екен.

Ханға салып қыйсық көзди,
Иске асырып ялған сөзди,
Аты шыққан жақсы қызды,
Қазы бенде қылған екен.

Адам өткермеген жолдан,
Мал янлы айдады қолдан,
Қызға жала жаўып молдан,
Өлимге айдатқан екен.

Төмен қылып айдай жүзин,
Қуўатлап солардың сөзин,
Жала жаўып ханның қызын,
Өлимге айдаған екен.

Өтирик сөйлеп шықты жаны,
Тексермей алпыс гүўаны,
Бизиң журттың ақмақ ханы,
Соны пәтиўалаған екен.

Биз бир сайыл дүнья гезген,
Ата-анасынан безген,
Халайықлар саўалым бар,
Бармысаң тымсалым сезген?

Теңлик таппай журтлар астым,
Қазы-ийшан тикти қастың,
Ялған болса бул сөзлерим,
Жүзлесиңлер хабарласың.
Аңбай гүзеп қуйрық-жалын,
Бул ислер халыққа мәлим,
Қазысынан алданғанын,
Ханымыз аңғарғанбекен?

Болар ислер болды ылайық,
Ханға көринди әжайып,
Айт шырағым, айта ғой тез,
Қас душпанды табайық.

Қашырмай көпти орады,
Ортада таққа турады,
Хаслың ким, атың ким? — деп,
Гүлистандай муңлыдан,
Ханың саўал сорады.

— Ишиме толтырдың бир отлы жалын,
Ақмақ көмип жыйнар дүньяның малын,
Жасырмай айт, хаслыңды, затыңды,
Жүрегимди түйреп өтти тымсалың.
Алалмай жүрсең бе алар қаныңды,
Сездим сениң зарлы-муңлы халыңды,
Сөзиңниң салмағы белимди бүкти,
Жүкленген бе маған нахақ обалың?

Қаламды жанлатты шериң хәм налаң,
Атыңды ким дейди, қаяқтан саған,
Әрманыңды жасырмастан айта бер,
Қайда туўып, қайда өскенсең, жанан?

Сөз қозғадың мениң жүрген артымнан,
Қалың душпан бояған ба сыртыңнан,
Батыл болған шорлағымды қозғадың,
Хабар бериң мәканыңнан, атыңнан?

Гүлистандай арыўың,
Атаның кеўлин байқады,
Өзин көпке таныттып,
Мыналарды айтады:

— Ким еди мениң түп сағам?
Басыма жеткен көп ялған,
Инанған соған сорлы атам,
Нахақтан өлимдарыңман.

Кеткен елин сахра гезип,
Келип ғәлет хабар сезип,
Қыйсықларың сизди бузып,
Әўере болған сунқарыңман.

Алдында қазың ант ишип,
Нахақлықтың тонын пишип,
Биймезгил шырағы өшип,
Жанып кеткен гүналыңман.

Қарыйдар болған қызыңыз,
Қысқа айланған жазымыз,
Қуўған бизди кәхәриңиз,
Өшип қалған шырағыңман.

Соны айтып Гүлистан,
Қапа кеўлин хошлады.
Найза қылып сөзлерин,
Душпанның сырын пашлады.
«Таныйсыз ба, ата?» деп,
Нықабын жулып таслады,
Нар түйедей өзи жарады,
Халыққа өзин таныттып,
Дөгерекке қарады,
Саясат тутып ортада,
Душпанларын барлады,
Шыбын жаны шоршынып,
Қазы делбе болады,

Ханның шықты хайраны,
Өткен истен хабарланды,
Жылай берди Айдархан,
Таныған соң Гүлистанды.
— Басларына саўда түскен,
Өлим базарынан кешкен,
Ғапыллықта нуры өшкен,
Суў қуйған шырағымбысаң?

Азғынлаппан туўры жолдан,
Абыройлы саттым қолдан,
Ғәплетте өлимдар болған,
Ишимде әрманымбысаң?

Батыл қылдым исми-атың,
Берипнен душпан мурадын,
Қазан урған хәсиретли бағым,
Жарасық-саўлатымбысаң?

Батып нахақ ҳазарыңа,
Келтирместен назарыма,
Кеткен өлим базарына,
Ерксиз шыққан жанымбысаң?

Жүклегенмен нахақ қаның,
Шалың мени, жоқ обалым,
Бармеди тәниңде жаның,
Душпанларды танырмысаң?

Меннен көрме, дузың шашқан,
Жетелеп жолыңды ашқан,
Бес жыл үйиринен адасқан,
Ушқан ғайып қусымбысаң?

Халық таныған дейди лашын,
Дәрдесерге түскен басың,
Ада болған өмир жасың,
Ҳимай Гүлистанымбысаң?

Ишиме толды пушманым,
Мен болдым нағыз душпаның,
Өлтир мени, жоқ обалым,
Тәннен шығар жанымбысаң?

Әне, Айдархан қызы менен табысты, дийдарласып көристи, артық-кемин сорасты:

— Ғапылда душпанның отына жандым,
Мийримсизлик қарасына боялдым,
Көзиме бир көрсет душпанларыңды,
Аўхалыңды, қызым, жаңа таныдым.

Жүзлестирип неге нәзер салмадым,
Не себеп баспа-бас саўал алмадым,
Таныймысаң, қызым, душпанларыңды,
Аўхалыңды жаңа ғана аңладым.

Алпыс адам жанын берип жалыңды,
Алғула азғырып, аңым алыңды,

Шәхәр пайтағымның бәри жолыңа,
Баян әйле, балам, душпанларыңды.

Өзиң танып шығар сүйген досыңды,
Душпанды опатла, салың күшиңди,
Қызым, өмириңди зая қылыппан,
Разыман қолыңнан кессең басымды.

Мүшкил исиң болсын аңсат,
Душпаның таўып ада ет,
Мен разыман, қаныңды ал, — деп,
Қызына берди руқсат.

Руқсатын алған соң,
Жүз атлысы қасында,
Сиясат тутып бәршеси,
Гүлдархан менен Гүлистан,
Шықты дейди ортаға.
Жасаўыл таққа турады,
Шыңдаўыл жарды урады,
Қол усласып бәршеси,
Халықтың басын қурады,
Бирим-бирим көз салып,
Тийисли сөз бенен жанып,
Ортаға қуўып шығартты,
Қас душпанларын танып.
— Айтқанының бәри ялған,
Ўақтынша бизге хан болған,
Бизиң ушын жаны қурбан,
Қазы-ийшаным сенбисең? — деп,
Ортаға айдап шығарды.
Шәрият динниң тулғасы,
Ашықлардың шын жорғасы,
Өтирик сөздиң сәркардасы,
Тамаша жолдың басшысы,
Әлийма жеңгем сенбисен? — деп,
Оны да айдап шығарды.
Қазының дәртине даўа,
Дүньядан өткен бийнаўа,
Жанын берген алпыс гүўа,
Еки ашық еки жақтан,
Бирим-биримлеп шығарды,
Жәллатларға бас болып,
Душпанларын услатты.
Күш берип Гүлдархан батыр,
Ярының ўақтын хошлатты,
Халайықты сескендирип,
Аўыр-аўыр сөз қатты,
Қойдай қылып қосақлатып,
Гүўенлетип байлатты,
Тәртип пенен жүргизип,
Дүркиретип айдатты,
Тамашаға келиң, - деп,
Тумлы-тустан жарлатты.
Әлийма менен қазының,
Мойнына зәўлим байлатты,
Тумлы-тустан тырмышлап,
Арқасына жүк артты,
Айдарханның ҳәмири деп,
Басында қамшы ойнатты.
Қол қойысқан гүўаларды,
Бөлинген қойдай шуўлатты,
Халыққа берип тамаша,
Көшелерди жаңлатты,
Кемпир менен қазыны,
Аш ийтлерге талатты,
Бир нешени күлдирип,
Азабын кем-кем молайтты.
Ҳәмир қылып халқына,
Бир-бирден кесек аттырды,
Еки бирдей жаўызды,
Қудайына тапсырды,
Мурадына жеткерди,
Гүлдархандай батырды,
Гүлистандай муңлының,
Жақтылы таңын атқызды,
Соның менен Айдархан,
Халайықты тарқатты,
Кемли күн көрди жарықты,
Ақырында көп тарықты,
Гүнасынан пәк болып,
Ықырары тастыйық деп,
Қазы менен бул кемпир,
Ақыретке жол тартты,
Бузықлықтың ақыры,
Қазасына тап болды.
Бир-биреўге мийирбан
Ала көзлик сап болды,
Тазаланды қол асты,
Гүлистанға бақ қонды,
Айдарханның шәҳәри,
Дарқан абадан болды,
Батыр менен танысып,
Кеўиллери жәм болды.
Айбатына мийири қанды,
Дос душпанды таныды,
Гүлдарханға бағышлады,
Жалғыз қызы Гүлистанды.
Хошлады кеўил-қаласын,
Тазалап мәнзил қанасын,
Айдархан жалғыз қызынан,
Тиледи өткен гүнасын.
Душпаннан арын өңгизди,
Мақсетин берип күлгизди,
Күйеўин қудайдай сыйлап,
Қара қум атын мингизди.
Жетип қызы мақсетине,
Руқсат етти Айдархан,
Гүлдарханды мингизиўге,
Патшалықтың тағына.

Әне, бул сөзди еситип, Гүлдархан тағына минди де:

— Хан әмири ўажыпты, тағыңыз, халқыңыз өзиңизге қутлы болсын, ата, мен сизиң менен таныспаға келип едим, мойнымдағы ўазыйпамды түсирмеге келип едим, қайтыў ушын рухсат етиң, ата, — деди. Әне, бул сөзди еситип, ханның ўақты хош болды:

Гәпинен шийкилик табалмай,
Танланып сиясатына,
Жетип мурат-мақсетине,
Руқсат етти батырға,

Қайтыў ушын халқына.
Шын кеўилден алғыс айтты,
Сақыйлықты молайтты,
Гүлистанды узатып,
Батыр журтына қайтты.
Басын қосты еки дана,
Ашықлықта күйип жана,
Жүретуғын көп жолды,
Қысқартайық азғана.
Қайылман ердин мәртине,
Жетип ярынын шәртине,
Саў-саламат келеди,
Бақшәберден шәҳәрине.
Жыйдырып елин, ат шапты,
Бир тамаша аңлатты,
Ярымды алып келдим, деп,
Той-тамаша тарқатты.
Жуда еткен қуйырық-жалдан,
Қарамандай жан досты,
Сораспады келип ҳалдан.
Шийкилиги мол екен,
Әрманға иши толы екен,
Әйне жети жасында,
Сатылып келген қул екен.
Бетин қаратып бурыўға,
Жайғасалмай жети урыўға,
Батылы бармай турыўға,
Басып алып қашқан екен.
Ашыўына шыдамай,
Тенселлирди қара суўды,
Қараманнан дәрек таппай,
Елдиң иши улы-шуўды.
Себил болды батырын,
Еки жыл тынбай из қуўды,
Қайыл болды тәғдирге,
Табалмай Қараман қулды.
Умытқандай болды олар,
Әрманда кеткен еки улды,
Басқа илаж еталмады,
Яры менен ойнап күлди,
Гүлдархан менен Гүлистан,
Басына қайта бақ қонды,
«Ҳимай Гүлистан» дәстаны,
Усының менен сап болды.

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

26-том



# ҚАНШАЙЫМ

Қурбанбай жыраў Тәжибаев варианты

*Жазып алған: Қабыл Мақсетов*
*(1955-жыл)*



Сардақлы деген елатта,
Қумкент деген қалада,
Сәлимжан деген бар еди,
Сәлимжандай байлардың,
Жалғыз улы бар еди,
Оның аты Абдулла,
Жалғыз қызы бар еди,
Өзи он сегиз жасында,
Даңқы түскен жаханға,
Арыўлықтан мини жоқ,
Он сегиз жасар сәрбиназ,
Омыраўдан мойны гез,
Қаншайым сулыў дер еди.
Сәлимжан менен жасасқан,
Бир хаялы бар еди,
Бир күнлери Сәлимжан,
Хаялға айтты дәртлерин,
Шығарып хәўир отларын,
Сәлимжан атлы байлардың,
Байтил түсти ядына,
Қылар еди Сәлимжан,
Хаялына ықтыкат,
Үй ишлерин хәм жыйнап,
Байтил деген жайлардан,
Қылмақ болды зиярат.
Байтил деген жайлардың,
Үш айшылық жолы бар,
Бир айшылық көли бар,
Бир айшылық шөли бар,
Сәлимжанның баласы,
Хаялы, жақын жолдасы,
Байтил деген жайларға,
Кетмекке қылды ықтыяр.
Хәўлиси менен дүньясы,
Қалар болды қаңырап,
Қаншайым деген ол қызы,
Қалар болды бул жылап,
Қаларын жалғыз биледи,
Дословарға кеңес береди,
Қаншайымды оқытқан,
Сәлимжан байдың жан досты,
Молла Мүшкил дер еди,
Молла Мүшкил молладан,
Сәлимжандай байлардың,
Жақын бир досты жоқ еди,
Шақырып алып Мүшкилди,
Жақсы тамақ жегизип,
Ол Мүшкилге сөйледи:

—Тақсыржаным, сизге айтар арзым бар,
Жалғаншыда хаққа болдым гүнакар,
Кешип бәрха мал-дүньяның бәринен,
Байтилге кетпекши қылдым ықтыяр.

Гүнайым көп, ишим оттай жанады,
Ойландырып, жанымды отқа салады,
Жалғыз қалды Қаншайымдай перзентим,
Тапсырайын сизге жалғыз баламды.

Қартайғанда Алла салар маған кәхәр,
Хәр бендеден қалыр болар дүнья-мал,
Мен бараман Байтил атлы жайларға,
Жалғызымнан болыңыз сиз хабардар.

Хаял, бала кетпекти етти ықтыкат,
Бизлер өлсек, душман кеўли болар шад,
Тапсырайын Қаншайымдай қызымды,
Сизге етермен перзентимди аманат.

Сизиң менен мен оқыстым қыямет,
Қыяметтиң жолы қыйын, қыйын дәрт,
Тапсырайын Қаншайымдай қызымды,
Аманатқа қылма, достым, қыянет.

Бул гәплерди айтып, моллаға қызын тапсырып, түйе, нарларға жүклерин артып, Сәлимжан минип бир атқа, Абдулла минип бир атқа, жай-маканынан шығып, Молла Мүшкил менен Қаншайымға қарап айтады екен оларға бир-еки аўыз жуўап:

—Әй, перзентим, қулақ салғыл зарыма,
Мен кеткенде жан келмесин жаныңа,
Өсек етсе дос—душпанлар изиңнен,
Мен қалармаи сениң нахақ қаныңа.

Мен шегемен кеше—күндиз қайғы—зар,
Сөз қылмасын дослар менен душпанлар,
Тапсырайын Молла атана, перзентим,
Сизге болсын қәдир Алла хабардар.

Жалғаншыда Абдулладай ағаң бар,
Сен себепли ол шекпесин намыс—ар,
Аман болсақ, биз келермиз бул жайға,
Тах көргенше хош қал балам, аллияр.

Сонда атасына қарап Қаншайым бир сөз айтып турған кусайды:

— Арзымды есит, әдалатлы атажан,
Болмағай достыңның ўәдеси жалған,
Бендениң кеўлинде көп болар шайтан,
Шайтан араласа атам кеўилин,
Хәр сөзге қылмағыл, ата, сен гүман.
Мен тилеймен узақ өмир Алладан,
Өзим нашар, мен бийзарман жаладан,
Бир Алла ға тапсырайын сизлерди,
Тәх көргенше, атажаным, хош—аман.

Бул гәплерди айтып бозлап қалды Қаншайым, өзиниң нашар болғанына қайғы қылды көп уўайым, молла Мүшкил хәрне жақсы сөзлерди айтып, ашпақ болды солғын тартқан Қаншайымның ырайын,

Бәле көрген ийтлердей,
Молла үйине қайтады,
Қаншайым турып орнында,
Моллаға қарап сөйледи:

— Молла Мүшкил, саған айтар арзым бар,
Бул сарайға келегөрме биймәҳәл,
Қыяметти салып един араға,
Бүгин жердиң үсти, ертең асты бар.

Перзентим деп сен есиктен келесең,
Не себепли шайтан сөзге ересең,
Қыяметти салып един араға,
Таңла мәҳшер қалай жууап бересең?

Ат қуйрығын жуптан таллап өресең,
Атам келсе қалай жууап бересең,
Кеше-күндиз жоламағыл сарайға,
Жетпей қазаң, сен биймәҳәл өлесең.

Буны еситип Мүшкил,
Үйине таман барады,
Ишлери оттай жанады,
Көп ай өтти арадан,
Көп күн өтти арадан,
Үйиниң дөгерегинен,
Өтпеди сирә хеш адам.
Шеңгел менен ол жантақ,
Шығып есик аўзына,
Жоламады тири жан,
Шықпай енди Қаншайым,
Күн кеширди сарайда,
Суўлар ишип қуйыдан.

Ендиги сөзди еситиң,
Қудай урған молладан.
Молланың болмай қарары,
Бес күнлик жолға келди деп,
Халыққа түсти сол ўақта,
Сәлимбайдың хабары.
Ендиги сөзди еситиң,
Молла Мүшкил залымнан.
Басына сәлле кийеди,
Үстине мәлле кийеди,
Белине пота орады,
Қойнына қуран салады,
Хасаны алып қолына,
Ала байтал ат минип,
Кеше-күндиз жол жүрип,
Сәлимбайдың алдына,
Айланайын достым деп,
Бара сала қулады,
Қулай жатып жылады,
Орнынан турып бул молла,
Ҳал-жағдайды айтқан соң,
Бир-еки аўыз сөз бенен,

Қаншайым қызды сорады,
Сағынғын қыздың атасы:

— Достым молла, сизге айтар арзым бар,
Байтил қаласында шекти қайғы-зар,
Мен тапсырдым Қаншайымды сизлерге,
Көп зар еттиң, жалғызымнан бер хабар.

Бир жалғыз деп менен титирер ширин жан,
Жылап, достым, қылдың мениң баўрым қан,
Тапсырғанман Қаншайымдай қызымды,
Жалғыз қызым жүр ме мениң тири-аман?

Сонда молла сөйледи,
Алдына қойып қуранды,
Сәлимбайға бир сөз айтып,
Молланыз қуўқыл не деди:

— Сәлимбайжан, сизге айтар арзым бар,
Ол перзентиң сизге болмас миясар,
Қулақ салмай мениң айтқан сөзиме,
Мен мұңлыны көп жылатты зары-зар.

Сақлайман деп баўрым мениң болды қан,
Шыдап болмас еткен иске тири жан,
Сен кеткели қарап қылып малынды,
Қаншайымжан сүрди өзгеше дәўран.

Балам дейип қылдым бәрха ықтықат,
Сон кет дейип маған берди ақырет,
Хәўлиниң алдында турды әреби ат,
Сен кеткели таныс болып көп адам,
Хәр ким менен сүрди дәўран, көп сәўбет.

Кешкенди дүньяның хәммеси бары,
Төгилди жайында хәр кимниң қаны,
Инанбас деп мениң айтқан сөзиме,
Алып келдим кәламулла Құранды.

Бул сөзиме инанагөр, Сәлимжан,
Таяқ жедим, бастан ақты қызыл қан,
Жалған болса мениң айтқан сөзлерим,
Мени урсын қолымдағы бул Қуран.

Бул гәплерди айтқан соң,
Қатты қызды Сәлимжан,
Айыўдайын ақырып,
Абдулланы шақырып,
Бир сөз айтты сол заман:

— Мин атына, барғыл, балам, жайына,
Қаншайымды қойдай боя қанына,
Өлтирдағы, белги алып, Абдулла,
Қайтып келгил, балам, мениң жаныма.

Жүрегиңди беккем тутқыл, жан балам,
Нахақ сөз шықпайды хасла молладан,

Қолындағы Қураныныи хүрмети,
Бүгин кештим Қаншайымдай баладан.

Шыдамаспан дос хәм душпан сөзине,
Сөз айтпасын ғош жигиттиң исине,
Хешбир дослар ийилмеди алдыма,
Мен кешкенмен Қаншайымдай қызымнан.

Бул гәплерди айтқан соң,
Сәлимжандай атасы,
Өзиң көрген Абдулла,
Көзи оттай жанады,
Қылышты белге байлады,
Минип аттың белине,
Хош болың деп айтпастан,
Тулпарына минеди,
Хәсер таўдан асады,
Дәрьядай тулпар тасады,
Көзи оттай жанады,
Көргенниң мийри қанады,

Беш күншилик жолларды,
Еки күнде алады,
Қарсы алдына қараса,
Аспан менен барабар,
Сәлимжан салған ақ сарай,
Жарқырап жақын турады,
Жақын келип қараса,
Садақты илген мергенлер,
Қулынлар, кийик атыпты,
Сарайдың дөгереклери,
Тоғайлық болып кетипти,
Абдулла атлы бул султан,
Келсе дәрўазаларға,
Хеш жүрмеген тири жан,
Адамның изи жоқ екен,
Өлиплер енди қалғанды,
Я биреў менен кеткенди,
Дейип енди Абдулла,
Жылай берди сол заман.

Әне, Қаншайымды шақырып, Абдулла не деп турған қусайды:

— Бул ислер деп болды мениң баўрым қан,
Әжел жетип шықтымекен теннен жан,
Тири болсаң, бергил шығып сен хабар,
Сарайымды ийелеп пе жин-шайтан?

Солдымекен мың гүлимнен бир гүлим,
Мен өлгенде жылап қалар бүлбилим,
Қаншайымжан, бул дүньядан өттиң бе?
Тири болсаң хабар бергил, жан сиңлим.

Жан ағаңман, таньсаңыз, Абдулла,
Хешкимлерге паянсыз ғой бул дүнья,
Тири болсаң, эй, жигерим, Қаншайым,
Ағаң болсын сендей қыздан садаға.

Атаңыз айтқанды бизлерге хабар,
Анаң жылап перзент деди зары-зар,
Шыққыл, болсаң, сен майданға, Қаншайым,
Сени көрсе мендей ағаң қуўанар.

Қаншайым ағасына кестелеп тақыя тигип, намазын оқып, пәтия еткен ўақтында ағасының даўысын еситип, секирип орнынан турып, дәрўаза алдына келеди, ағасын көрип былай дейди:

— Жалғыз қалып бунда болды баўрым қан,
Кешесинде ақырады көп арыслан,
Бул жайларға адам салмас қәдемин,
Өлмей турып хақ сөйлейгөр, ағажан.

Қайсы елден ат ойнатып келесең,
Нәмәрт болып кимге әрман саласаң,
Қаншайым деп қатты келди даўысың,
Жан ағажан, енди қайдан боласаң?

Сол ўақтында Абдулла,
Арыслаңдай ақырып,
Ағаң мен деп бул қызға,
Толықсый берип сөз айтты,
Сөзлер айтып сөйледи,
Сөйлегенде не деди:

— Ийман дейип күйип өттик дүньяда,
Айралықта ким жетипти муратқа,
Тиримсеиң бул дүньяда Қаншайым,
Жан ағаңман, атым мениң Абдулла.
Аға дедиң, шыдамады бул зарым,
Жалғыз қалып сарғайыпты дийдарың,

Дәрўазаны тезирек аш, қарағым,
Қушақласып тарқатайын қумарым.

Сонда турып Қаншайым,
Ағасына сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Қолға алып мен тикмедим үлгини,
Душман болсаң солдырарсаң гүлимди,
Дәрўазаның жарығынан, ағажан,
Маған бериң өзим тиккен белгини.

Жалғызлықта бул сарайда жанаман,
Көрсем, аға, жамалыңа қанаман,
Сен узатсаң өзим тиккен белгини,
Ағам дейип сол ўақытта нанаман.

Бул гәплерди айтқан соң,
Сол ўақлары Абдулла,
Қаншайым тиккен ултақия,
Дәрўазаның қуўысынан,
Сол ўақлары узатты.
Тақыяны көрип Қаншайым,

Гилтин қолға алады,
Қуўанғаннан жылады,
Қарындасы, ағасы,
Қушақласып екеўи,
Нардай болып қулады.
Анасы менен атасын,
Тиримекен кәәбам деп,
Қаншайым қыз сорады:

— Бағларымда ашылады лалазар,
Жалғызлықта ақ сарай да болар тар,
Қәдирданлар, атам-енем тири ме?
Бахтықара мунлылардан бер хабар.

Сөз сыймайды омыраўда шериме,
Тазалайман хақ кеўлимниң кирине,
Ырас айтқан ағам болған Абдулла,
Қәдирданлар, атам-енем тири ме?

Сол ўақтында Абдулла,
Қарындасы Қаншайым,
Ҳақ екенин биледи,
Өксип-өксип жылады,
Тири атаң, анаң деп,
Ҳал-жағдайды сорады:

— Айланайын Қаншайым,
Қулақ салғын сөзиме,
Сарайыңды айланып,
Көрмедим адам изини,
Атамның досты ол Мүшкил,
Қолына алып Қуранын,
Ғар болып кетти қызың деп,
Инандырды, шырағым,
Жан атамның өзин де,
Бул гәплерди айтқан соң,
Молла Мүшкил ол залым,
Төгип келгил қанын деп,
Алып келгил жанын деп,
Жиберди мени ата—анаң.
Сениң енди жаныңа,
Мен қарасам гүнаң жоқ,
Қылған хәтте зинаң жоқ,
Қандай енди қалайын,
Сениң нахақ қаныңа,
Көйлегинди қанларға,
Бояп енди, Қаншайым,
Алып ғана бармасам,
Енди мени қарғайды.
Ким еситер зарымды.

Бәршени яратқан қәдир хақ,
Мен ойласам, сенде зәрре гүна жоқ,
Нашар един жалғаншыда бир туўған,
Бермегенди Алла саған енди бақ.

Әрмансыз кимлер бар келген дүньяға,
Ақыл екен көп адамға бийопа,
Атам айтқан сөзи жерде қалмасын,
Шығарып таслаөын сени сараға.

Атам дейип пида болды бул жаным,
Сеннен рәхәт көрмек еди әрманым,
Атам айтқан сөзи жерде қалмасын,
Шөллер болар енди сениң мәканың.

Сабыр еткил бул ишлерге қанаат,
Сен един, ойласам, атама дәўлет,
Өлтир дейип маған қылды нәсийҳат,
Шөллер болсын, қарындасым, мәканың.

Бул ислерди көрип кеўлим жанады,
Айтқанын қылмасам қылар бәддуўа,
Дос деп кешти сеннен туўған ата-енең,
Мәкан қылып сен жүрерсең сарада.
Абдулла бул сөзлерди айтып болған соң

Қаншайым қарындасы ағасының кеўлин алып, бир сөз айтады:

—Мен нашарман, салтанатлы төремен,
Зия зулпым бестен таллап өремен,
Мен нәйлейин, бул бахтымның қарасын,
Бул ислерди ығбалымнан көремен.

Болды молла бир неше күн панайым,
Өлермен деп мен қылмаспан уўайым,
Атам айтқан сөзи жерде қалмасын,
Мен нетейин, сондай екен талайым.

Ашылмаған бағларымда лалазар,
Шийрин жанға ғазап қылған душпанлар,
Атам сөзи хәргиз жерде қалмасын,
Илажым жоқ, сенде болсын ықтыяр.

Усы сөзлерди айтып, Қаншайым ағасының мойнынан қушақлап жылай берди зары-зар, айралықтың дағына дүнья болды күтә тар. Абдулла қарындасын мингизип тулпарының артына, сарайына қулып урып, кетти олар майданға, күлип—ойнап калады оларды көрген душпанлар. Бир күн тамам жол жүрди, көз жасларын тыялмай, еки күн тамам жол жүрди, үш күн өтти арадан, бир шопанға барады, аттан секирип түседи, рәхәтленип бул жайда, сарғайып таңлар атады. Сол ўақтында қош шопан Абдулладай батырдан «жол болсын» деп сорады:

— Ғош жигитлер аашығына зар болсын,
Бул жалғаншы жаманларға тар болсын,
Атың шыққан бул әлемниң жүзине,
Абдуллажан, бүгин сизге жол болсын.

Өксип-өксип сен жылайсаң зары-зар,
Сардақлыда ийесиз бе дүнья-мал?
Жол болсын, Абдулла, бул күни саған,
Жанында жылайды енди бул нашар.

Абдулла оған жуўап берип, былай дейди:

— Олла айтты залым атам тилине,
Бул нашардың қазан урды гүлине,
Жигеримнен бул дүньяда айырылып,
Апараман буны Ҳақтың шөлине.

Қыялмайман бул нашарды өлимге,
Бир ылақты тутып бергил қолыма,
Бурынғының айтып кеткен сөзи бар,
Соярын шөллерде Ҳақтың жолына.

Абдулла бундай сөзлерди айтқаннан соң шопан булардың ҳал-аўҳалына кеўли бузылып, бир ылақты жеткерип берди. Бул орыннан Абдулла қарындасы менен бирге рәўана болды. Олар елсиз, суўсыз мәканға жетти, кәсиятлы бир қыр көринди. Сол жерге барып, атынан түсип, ылақты сойып, қарындасының липасларын қызыл қанға бояп, қарындасына бир шақмақты берип, Абдулла атына минип, қолына қамшысын услап, еки туўысқан бир-биреўинен айырылғанын ядқа алып, былай дейди:

— Мен қарасам таўдың басы лалады,
Бул жалғаншы кимге салмаған жараны,
Жалғыз қалдың ҳақтың гүзар жолында,
Әй, жигерим, күниң қандай болады?

Тыялмаспан көзден аққан жасымды,
Мен нетейин бул тәғдирдиң ислерин,
Қанлар жылап қалдың шөлдиң ишинде,
Арысланларға зая қылдым басыңды.

Питкергенше Қәдир Алла парызын,
Қайталамай жан атамның сөзлерин,
Танла мәшхер күни енди болғанда,
Мен қалай көремен сениң жүзлерин.

Жылап қалдың қыя шөлде зары-зар,
Сен қалған соң дүнья болар маған тар,
Көп турыўға илажым жоқ қасыңда,
Хош бол, қарындасым, узақ аллияр.

Сайлап миндим дал бедеўдиң рахтыны,
Душпан жықты сениң минген тахтыңды,
Атам айтқан сөзи жерде қалмасын,
Қарындасым, Алла ашсын бахтыңды.

Бул сөзлерди айтып, Абдулла кетермен болды. Ағасынан, елинен, ата—енесинен айрылғанына ғамгүн болып, қыя шөлде қалғанына көзлеринен қанлы жас төгип, ағасының қарасы үзилгенше Қаншайым мына сөзлерди айтты:

— Аға, есит мениң қайғылы зарым,
Басымды кеспек еди сениң қумарың,
Ақыр бир күн мен жетермен мурадқа,
Усылай болды бул дүньяда ығбалым.

Халық ишинде ашылар ма шырайым,
Сардақлыда хешким таппас гүнайым,
Мен қаларман шөлде жалғыз қан жылап,
Ашылмаған бул дүньяда талайым.

Аға, саған қылып едим ықтықат,
Еситип болсын моллайымның кеўли шад,
Сардақлыға аман барсаң, ағажан,
Дос-душпанға өлди дейип сәлем айт.

Гүнайым жоқ, кешти меннен ата—анам,
Өзим нашар, баўырым болды бүгин қан,
Душпанның кеўлинде қалмасын әрман,
Жигериңе ыразы болғыл, ағажан, —

деп зар-зар жылап Қаншайым қала берди. Барарына үйи жоқ, батарына көли жоқ, жейин десе таам жоқ, сырласарға адам жоқ. Қаншайым бир ўақытлары таў үстине шығады, көринбейди тири жан, арман-берман жүреди, дейтуғын азлап тамағы да, ишетуғын суўы да, кийетуғын кийими де дүбелей-қум болады. Ол буларды қараса, кийимде жоқ, суў да жоқ, хәммесинен айырылып, арман-берман жүргенине көп уўайым қылады. Әри-бери теңлесип, тири жанды көрмеўге Қаншайым ўәде қылады. Таңлайлары кебеди, ишерине суў таппай, көзлери тынып бийшара, бир ағаштың түбине құшағын ашып қулады.

Ендиги сөзди еситиң Юнан деген қаладан. Бул қаланың патшасын Әбдираман дер еди. Елин әдил сораған, тынышлықты тилеген, адамзатқа азарсыз бул патша алпыс жасына келип еди, бир перзентке зар еди, өзи менен жасаған Асан, Аман деген ўәзирлери бар еди. Патшаның Ақтолқын деген бир ҳаялы болып, оннан перзент көрмеди. Патша қапаланып, перзентиниң жоқлығына налынып, халқының келешегин ойлап, ғамгүн болады. Асан ўәзир патшаға кеңес берип, бўй дейди:

— Әй, патшайым, зар жылайсаң Аллаға,
Перзентсизлер болар дейди бийнаўа,
Минип атлан тулпарыңның белине,
Ат ойнатып құс салайық сараға.

Қайғы етсең, ханым, кеўлиң сасады,
Қуўса тазы, кийик секирип қашады,
Мин атыңа, әдалатлы султаным,
Шықсаң сен сарағa кеўлиң ашады.

Әжел жетсе бағдың гүли солады,
Жаман сөзден бенде кеўли қалады,
Атлар минип, куслар салсаң майданда,
Қапалық кеўлиңди шөллер алады.

Бул сөзлерди еситип, Әбдираман патша атын шайлап, беллерине қылышты байлап, жақсылықты ойлап, Байыр деген ўәзирине тақтын таслап, перийзат ярын шақырып алып, кумар етип оған бир сөз айтады:

— Арзымды есит, қулақ салғыл, перийзат,
Өтер болдым жалғаншыда бийперзент,
Күлип-ойнап, қыя шөлде кус салып,
Бул дүньяда мен қылайын кеўлим шад.
Меннен басқа ушырасса ғайып қыз,
Көргейсиз олардан ғулпақлы зүрият.

Хан:
— Тилимде сақланар Алланың парзы,
Сарғаяды әрманымның гүл жүзи,
Алағойса хаял қатын үстине,
Өлгенше болады хаял наразы.

Ҳаялы:
— Саўаш болса сайлап миндиң әреби ат,
Уўайым қылсаң, қан жылайды перийзат,
Шықсаң егер қыя шөлге атланып,
Шөлистанда көп болады шарапат.

Ҳаялы:
— Қыз болады он төрт жаста бәркаман,
Әжел жетсе тенен шығар шийрин жан,
Патшайым, кеўлиңде әрман қалмасын,
Бир Алланың салғанына ыразыман.

Хан:
— Батыр өлсе талаў болар дүнья—мал,
Шықсаң шөлге суўманланар хаяллар,
Сениң менен бирге өтти өмирим,
Мен келгенше қапа болма, назлы яр.

Хан:
— Сайлап миндим дал бедеўдиң рахтыны,
Байыржанға мен тапсырдым тахтымды,
Бисмилла деп шықтым хақтың шөлине,
Бул сапары мен сынайын бахтымды.

Ҳаялы:
—Қыя шөлде көкке атар әреби ат,
Ханым, болма бул дүньяда намурат,

Бул сөзлерди айтып, яры менен хошласып, яхшылардан пәтия алып, патша минди аттың белине, алтын жиға басында, Асан ўәзир қасында, Әбдираман патша шықты хақтың шөлине. Шийрин жанды қыйнады, тулпарларды айлады, астындағы тулпарлар көзи көкке тигилип, таўда-таста ойнады. Сұнқарының алдынан бир кийик секирип қашты. Патша оның алтыннан шақы бар кийик екенин билди. Кийикти тазылар қуўды. Таўдың басы лалады, олардың аты жарамай, бирин—бири ешеўлеп, ўәзирлери қалады бир—биринен айырылып. Асан деген ўәзири «патша қайда кетти» деп зары-гирян болады. Қуслар менен тазысы, хан үшеўи қосылып, тири ғайып болады. Патша сол ўақлары суңқары хәм тазысы менен кийикти таба алмайды, Әбдираман патша буған аң—таң болады. Сунқар бир ағаштың басына барып қонады. Патша узақтан сер салып қараса, он сегиз жасар ботакөз, омыраўдан мойны гез, зәргер қалпақ басында, жән-жағына қараса, хешким жоқ бул перийзаттың қасында. Буны көрип, тоқтатады астындағы әреби атын, сулыўлығын хан көрип, сол ўақытта болды бийтақат. Ат үстинде турып патша қызға «перимисең, пейкермисең, не қылып жүрген жансаң?» деп бир сөз айтып турыпты:

— Астымда ойнайды мингенде тулпар,
Жамалың көреңлер болар бийқарар,
Уйқымысаң, я перийзат, өли ме,
Аш көзиңди, орныңнан тур назлы яр.

Қаймығады сени көрип әреби ат,
Жамалың көрип болды кеўлим шад,
Аш көзиңди, әй, жананым, уйқыдан,
Я бир адам, я сенмисең перийзат?

Келип қонды бизлер салған мурғызар,
Жамалына көрген адам қуўанар,
Адаммысаң, перимисең, пәйкерсең?
Аш уәкыңды, тур орныңнан назлы яр.

Бийхуш болған перийзат,
Тыңламай ханның сөзлерин,
Ашпады сирә көзлерин,
Я болмаса уялып,
Бастырмады жүзлерин.
Ҳайран болды буған хан,
Өлип қалған адамға,
Сөзлер айтып турман деп,
Әбдираман патшаңыз,
Ырғып түсти атынан,
Хаўлығып қызға қарады,
Жүрекке қоллар салады,
Қулап қалған бул қыздың,
Бети оттай жанады,

Жүректе демлер қалыпты,
Шаққан жүрип орнынан,
Қоржындағы мөтирени,
Жуўырып барып алады,
Атын байлап ханымыз,
Алтын жамның ишине,
Шербенттен көплеп қуяды,
Жамды суўға толтырып,

Басын қойып дизеге,
Аз-азлап суў тамызды.
Көзин ашып Қаншайым,
Суўға әбден қанады,
Турып тезден орнынан,
Салам берип патшаға,
Тамағы талып Қаншайым,
Зары-гирян жылады.

Әбдираман патшаның буған кеўли бузылып, қыздың кеўлин алып, оның басынан кеширген ҳәдийселерди сорап, былай дейди:

— Таўдың басы әлўан-әлўан лалазар,
Сен жыласаң дүнья болар маған тар,
Жалғыз қалып қыя майдан шөллерде,
Айта берин, не кеўлиңде пикириң бар?

Журтқа болып әдалатлы әди хан,
Зылап, қылма ғамгүн кеўлимди ўайран,
Басларыңа себеп пенен күн туўып,
Яки сен бир болма мунда адасқан.

Мени көрип қумар көзиң жаслаған,
Ҳешким жоқдур нәзик қолын ұслаған,
Зар жылатып сендей бахтықараны,
Қайсы залым сени шөлге таслаған?

Қыз:
— Атамның атыдур, айтсам, Сәлимжан,
Досты болды Молла Мүшкил бийийман,
Атам ерип ол залымның сөзине,
Мәкан болды қақыраған шөлистан.

Хан:
— Астыма мингенде ойнар әреби ат,
Жамалыңды көрип болды кеўлим шад,
Нәсийп болса сени алып кетейин,
Кимлерден сен көрдиң бундай қысыўмет?

Қыз:
— Атамызды алдапты сур душпанлар,
Жалған сөзден кәәбам болыпты бийзар,
Өлтир дейип жаным атам буйырған,
Бул ислерден дослар болған бийхабар,
Алып келип мени шөлге таслады,
Жалғыз ағам қан жылатты зары-зар.

Хан:
— Қулақ сал, сөзимди тыңлайгөр, жанан,
Бул сөз болған екен саған душпаннан,
Мен боламан Юнан журттың патшасы,
Жақсылық етейин, сен маған инан,
Қутылмағың болар бизлерден гүман.

Қыз:

— Келеди алдымда жаз менен бәҳәр,
Адамзатқа қылмаң, патшамыз, қәҳәр,
Жаманлардың тәңири берсин жазасын,
Қан жылаған бара-бара қуўанар.

Бул сөзлерди еситип, бул қыздың бир хасылзада екенлигин билди. «Бул қызды наразы қылып алып кетпейин, өзимниң бийперзентлигимди баянлап, қыздың кеўлин билейин» деп, патша бир сөз айтып турған қусайды:

— Перийзатым, қулақ салғыл сөзиме,
Ғәрипликти ҳасла алма кеўлиңе,
Дал бедеўге бул шөллерде миндирип,
Алып кетсем Юнанстан елине.

Мен мингенде көкке атар әреби ат,
Сөзлер айтсаң маған күлип мунақат,
Ыразы болсаң, сени алып кетемен,
Бул сөзимди қалай көрдиң, перийзат?

Қыз:
— Сен екенсең әдалатлы журтқа хан,
Жетип әжел, шығар еди тенен жан,
Миясар көрсениз, ханым, өзиңе,
Еки дүнья сизге мен де ыразыман.

Сен болмасаң бул жайларда қаламан,
Сениң ушын жаным отқа саламан,
Қара дейип мени өзиңе алмасаң,
Өлгенимше шоры болып қаламан.

Перийзатпан, ақ жүзимде бардур қал,
Ашық болған жамалыңа қуўанар,
Усы болды маған жазылған тәғдир,
Ярыңа болайын өлгенше тоқал.

Сол ўақлары Әбдираман патша мыйық тартып күледи, қыздың мойынларына қол салып, ақ бетинен сүйеди. Он сегиз жасар ботакөз иззет—әндамы ийеди, ойнап—күлип отырса бул перидей қыз бенен, Асан ўәзир келип, оған иши оттай күйеди. Булар бир—бири менен табысып, Әбдираман патша Қаншайымды ат артына миндирип, бир нешше мәнзил жол жүрип, Юнан журтына алып келди. Ат шаптырды далаға,

алтын қабақ аттырып, бақсы—жыраў айттырып, екеў—ара бир табақ мазалы таам тартырып, Қаншайымдай арыўдың некасын оның қыйдырып, күлкили қатын Ақтолқын ханға жеңге болады. Бир перзенттиң жоғынан Әбдираман патшаға қызды алып барып киргизди. Әне, Әбдираман патша қызға сөйледи:

— Арзымды есит, қызғана,
Апаты жан сизғана,
Алтын сарай, пәр төсек,
Пәр төсектиң үстине,
Ақ билегиң доланып,
Яр, мойныма салғана.

Сол ўақлары болғанда,
Қыз Қаншайым сөйледи:

— Сен де елли жасында,
Мен де етти жасымда,
Алып барды Әлий пир,
Қызыл гүмбез ишине,
Нека қыйды еренлер,
Ўәкил алды Жәбирайыл,
Кирдиң алпыс жасыңа,
Айдан арыў ақ билек,
Дастық болсын басыңа.

Өзиң көрген патша-хан,
Қыз қасына барады,
Мойнына қоллар салады,
Ендигисин айтып қәйтейин,
Буннан да қызық болады.
Ертеңгиси таң атты,
Қылды таза тәретти,
Қаншайым деген қыз бенен,
Нешше айлар, нешше күн,
Қыла берди сәўбетти.
Жүкли болып бийшара,
Реңи гүлдей солады,
Тоғыз ай он күн көтерип,
Қаншайымдай арыўдан,
Еки ул бала болады.
Қой семизин сойғызды,
Әбдираман патшаңыз,
Ашлар менен арықты,
Сыйлы асқа тойғызды,
Еки улдың атларын,
Асқар-Мамыт қойғызды.
Кеўлинде қоймай патшаңыз,
Мүсапырлық әрманды,
Төрт жылға дейин сүреди,
Патша уллы дәўранды,
Ҳақ деген соң Аллаға,
Жақсылықты бергенди,
Төрт жыл өтип арадан,
Бесинши жыл толғанда,
Қурбан айдың күнинде,
Ярым ақшам шағында,
Әбдираман патшаның,
Қаншайым арыў қойнында,
Жатып еди патшаның,
Қолы арыў мойнында,
Уйқылап жатқан Қаншайым,
Аҳлар урып керилип,
Қылды күтә көп уўайым.
Хан орнынан турады,
Дал мойнынан бурады,
Шарап ишип қолынан,
Қаншайымдай арыўдан,
Бир аўҳалын сорады:

— Саўаш болса сайлап миндим әреби ат,
Шадлық пенен сөз айтаман мулақат,
Жатып един, ярым, гүлдей доланып,
Не себепли аҳ урдыңыз, перийзат?

Мингенде ойнайды астымда тулпар,
Аҳ шеккениң маған салды қайғы-зар,
Қарарың жоқ қумыры қустай таўланып,
Қаншайымжан, неге болдың бийқарар?

Сен келгели төрт жыл өтти арадан,
Күлип-ойнап сүрдиң биз бенен дәўран,
Не кемлик бар, көзгенеңнен, жананым,
Аҳ тартқаның мениң ушын зимистан.

Асқар-Мамыт, еки бирдей улың бар,
Дәўлетиңе жети ықлым интизар,
Тартынбай айт кеўлиндеги ойыңды,
Қан жылатпа мендей ханды, назлы яр.

Бул сөзлерди айтып болмастан-ақ, Қаншайым мойнына орамалын салып, айралыққа қылды көп уўайым, ата-анасы, қатар—қурбылары, ағасы есине түсип, аҳ урғанлығын патшаға баян етеди:

— Жаздырғанман ақ сийнемниң бәндини,
Яр сүйгенмен ләблериңниң қандыны,
Ана деген қыз баланың кәәбасы,
Ақ сүт берген анам түсти ядыма.

Өзим нашар, көп жылайман зары-зар,
Халқым дейип кеўлим болды бийқарар,
Беш жыл болды, айра түстим журтымнан,
Жалғаншыда Абдулладай ағам бар.

Ҳәрким ашық болар туўған журтына,
Яр деп сүйдиң ләблеримниң қандына,
Дал қойнында доланаман, султаным,
Ақ сүт берген анам түсип ядыма.

Өзим нашар, қәпесстеги мурғызар,
Жарасыққа мен тағаман қос тумар,
Ели-халқым түсти мениң ядыма,
Сол себепли, ханым, болдым бийқарар.

Қаншайым бул гәплерди айтқанда Әбдираман патша көп ойланып отырмай, алпыс еки әмелдар, сексен еки мөхирдарларын шақырып ойласады:

— Қаст әйлесем жаманларға салдым қәхәр,
Жаманларға дүнья болар күнде тар,
Қулақ сал, беглерим, сизге айтайын,
Тыңласаңыз, бир-еки ауыз арзым бар.

Патша болдым әдиллик пен журтыма,
Хешким шыдам бермес мениң пәтиме,
Мениң ярым, сүйиклимнинҚаншайым,
Ата-енеси түскен екен ядына.

Қаза жетсе солар бенде гүллери,
Адам шыдап болмас перзент мийрине,
Қаншайымдай тәңири қосқан ярымның,
Ели-халқы түскен екен кеўлине.

Яр кеткенге ишим оттай жанады,
Айралықдур жанды отқа салады,
Алып барың атасының елине,
Анасын да көрип мийри қанады.

Бәршени жаратқан қәдир еди хақ,
Бизлер кетсек бос қалады алтын тақ,
Алып барың Қаншайымды елине,
Асан ўәзир, сеннен басқа достым жоқ.

Қырық жигитти сен аларсаң жаныңа,
Көп қыйынлық келер шийрин жаныңа,
Хызметлерин көрип келгил атамның,
Ийе болың балам менен ярыма.

Асан ўәзир қасында қырық жигити менен Қаншайымды хәм оның улларын алтыннан соғылған күйме арбаға мингизип, қырық түйеге алтын-зерлерди артып, жолға тайын болады. Әбдираман патша хошласар алдында бир—еки ауыз сөз айтып турғаны:

— Хақ қылмады ақырында намурат,
Барсаң енди ата-анаң болар шад,
Буннан барсаң Сардақлының елине,
Сәлимжандай атамызға сәлем айт.

Журтқа болып әдалатлы әдил хан,
Әжел жетсе шығар бир күн тенде жан,
Салам айтқыл Абдулладай ағама,
Қаншайымжан, көрискенше хош-аман.

Қулақ салың мениң айтқан сөзиме,
Шаңлар толды бул сапары көзиме,
Әрман түсип бүгин мениң ярыма,
Қайта берсем қалай болар изиме?

Перзент ушын шектим мудам қайғы-зар,
Саған қымбат мендеги дийдар,
Сапар тартып кетсең бул узақ жолға,
Душпаның болмасын, достым, бирадар.

Әбдираман ханыңыз,
Досты-душпан айтасан,
Дос-душпанды нетесең,
Сардақлының елине,
Алты күнде жетесең,
Қырық еки адам жаныңда,
Көпшилик болып кетесең,
Барағӑйсаң атаңа,
Барағӑйсаң анаңа,
Мурадыңа жетесең, — деп,
Хан сөзин тамам етеди.

Түйелерге жаң тағып,
Қаншайымдай перийзат,
Салтанат пенен барады,
Бир күн тамам жол жүрип,
Еки күнлер болғанда,
Лаққылық қылып арыўдан,
Хәр бир сөзди сорады,
Кетпейди түйе жанынан,
Кешке дейин жалтақлап,
Ашық болған секилли,
Ойнап-күлип барады,
Ақбулақ деген жайларға,
Екиленши күнинде,
Асандайын ўәзириң,
Барып шатыр қурады.
Ханшаға жақын келме деп,
Асандайын ўәзирлер,
Айыў киби ақырып,
Қаншайымдай сәрбиниң,
Жанында жақын болады,
Ярым ақшам ўақтында,
Кирип шайтан пейлине,
Асандайын ўәзириң,
Қылышты асып мойнына,
Ийеклери сақылдап,
Барып кирди бийдәўлет,
Қаншайымның жайына.
Қаншайымдай арыўға,
Салды буғаў торыны,
Узатқанды қолыны,
Қайырып басып бүклейди,
Қаншайымның мойныны.
Қаншайымдай арыў қыз,
Шығарса егер даўысты,
Айтқанымы көнесең деп,
Асан ўәзир жабысты.

Сонда Асан ўәзирге қарап Қаншайым сөйлейди:

— Қулақ салғыл, Асан ўәзир, тилиме,
Әжел жетип қазан урар гүлиңе,
Досты едиң Әбдираман патшаның,
Кирмегил, сен залым, шайтан пикирине.

Сен едиң ғой патша менен қыямет,
Мен едим ғой сениң ушын аманат,
Шайтанлықты сен келтирип кеўлиңе,
Аманатқа етегөрме қыянет.

Сөзге қулақ салмай уятсыз Асан,
Қара нардай гүңркирейди бийийман,
Айтқанымды бул күн мениң қыласаң,
Сен қылмасаң лашың шөлде қаласаң,
Сөйлей берме, ҳәзир тезден өлесең,
Дейип енди бул Асан,
Тағы бир сөзди айтады:

— Сүрсем дәўран мениң мийрим қанады,
Бойың көрип ишим оттай жанады,
Айтқанымды егер бул күн қылмасаң,
Өлтиремен сениң еки баланды.

Қаншайым:

— Яр деп, көрмей жүрдим ини-әкени,
Өлип кетпей мен бузбайман некени,
Солдыра бер бағ ишинде гүлимди,
Өлмегенше туттырмайман қолымны.

Қаншайымдай арыўлар,
Бул сөзлерди айтқанда,
Асанның жүзи солады,
Көзине қанлар толады,
Кегирдекке қол салды,
Буўып демин алдырмай,
Аяғынан тартып урды,
Асқар деген баланы.
Нәресте жан тапсырды,
Қаншайымдай перизат,
Сыңсып-сыңсып жылады,
Асан деген бийдәўлет,
Патша улын өлтирип,
Өзи айтқанын қылды.

Қанатынан қайырылып,
Асқаржаннан айырылып,
Басын тасқа урады,
Көзиниң жасын булады,
Қаншайымдай арыўдың,
Басына күнлер туўады,
Таўып алды бир белди,
Ақ бұлақтың басына,
Етеги толып бийшара,
Көзинен аққан жасына,
Асқардайын баланы,
Қанлар еңиреп, жас төгип,
Белгили жерге жайлады.

Ендиги сөзди еситиң,
Асан деген залымнан.
Айыўдайын ақырып,
Шолпан жулдыз туўғанда,
Гүркиреп турды орнынан,
Реңкин әбден суўытып,
Жигитлерин шақыртып,
Ғазабын тигип ханшаға,
Сары атаңға миндирди,
Не бир қырды басты,
Қасындағы қырық жигит,
Хеш нәрсе деп сөз қоспай,
Топарға кирип жүрип,
Намазлыгер ўағында,
Көк өзектиң бойына,
Асан ўәзир келеди.
Шатырларды қурғызды,
Семиз қойлар сойғызды,
Шаршаған қырық жигитти,
Шарапқа әбден тойғызды,
Ышқы отына жанайын,
Қаншайымға барайын,
Айтқанымды қылмаса,
Жанын отқа салайын,—деп,
Ой ойлады Асаның.

Қырық жигитке арақ-шарап берип, оларды мәс қылып таслап, жаманлық исти баслап, Қаншайымның қасына барады, «Енди айтқанымды қылмасаң, сениң исиңниң аты жоқ» деп, Асан ўәзир және де жаманлық ислердиң басына барады.

— Асан ўәзир дейдилер мениң атым,
Сениң менен дәўран сүрмек мурадым,
Сен қылмасаң мен алармаң жанынды,
Көрдиңиз ғой мендей мәрттиң ғайратын.

Мен айырдым Асқар атлы балаңнан,
Әрманым сол, сен менен сүрсем дәўран,
Өлмесиңнен киргиз мени қойнына,
Айыраман сени енди Мамыттан.

Сонда турып Қаншайым,
Қан жылады зары-зар,
Аманатқа қыянет,
Сен қылғансаң дүньяда,
Қара жердиң үстинде,
Таңла енди асты бар,
Ойланагөр Алланы,
Еш бендениң мойнында,
Қалмайды енди намыс-ар,—деп,
Қаншайым жылап турғанда,

Асан ўәзир бул залым,
Кара нардай гүркиреп,
Ақ булыттай ғалдырап,
Жел соққандай калтырап,
Келе сала сол ўакыт,
Қаншайым менен алысты,
Ары-бери тартысты,
Каншайымдай перийзат,
Хеш бермеди намысты.
Алысып жүрген ўақтында,
Еркеклигин билдирди,
Өмир гүлин солдырды,
Жатқан Мамыт баланы,
Басына теўип өлтирди.
Баласынын өлгенин,
Қаншайым анық биледи,
Жибер, жаўыз, колымды,—деп,
Асаннан өзин тиледи,
Жиберип колын ол Асан,
Тырналған бойы қызыл қан,
Қызыл канға боялып,
Турған ўакта Қаншайым,
Асанға карап сөйледи:

— Асан, тыңла мениң айтқан сөзимди,
Ҳақ кеширмес бундай қылған исинди,
Мен бир кештим Әбдираман ханымнан,
Сендей мәртке бағышладым өзимди.

Мени дейип сайлап миндиң әреби ат,
Сени сынап мен бир айттым нәсийҳат,
Аман болсам он бир бала туўаман,
Сениң менен мен кураман көп сәўбет.

Қатын үсти яр дәртинен жанаман,
Ашықлығың ырас билдим, Асан бий,
Кештим бул күн еки ғана баладан,
Түсип келгил мынаў аққан булаққа,
Ҳақ бир сөзим, кушағыма аламан.

Жалған сезип еситпедим зарыңды,
Тәрк әйлейин жалғаншынын малыны,
Ақ сийнемнен жай берейин, Асанжан,
Жуўып келгил үстиндеги канынды.

Бағышладым айдай болған жамалым,
Қойныма алып тарқатайын қумарым,
Күйиклерди таслап бул күн ойымнан,
Сенин ушын орда болсын бул жаным.

Усылай деп Каншайым сөзин тамам етеди. Қан жуткан Асан, Ғыраспекен сөзи» деп, булаққа карап жуўырды, кийимин қойып майданда, сүнгип-сүнгип алады, көп жуўына береди.

Ырғып турды орнынан, батыр кыз болған Қаншайым, басындағы шашларын төбесине түйеди, Асаннын алып жерлерден, телпегин де кийеди, қылышты белге иледи, Асанның кийимин кийип, урыска өзин шайлады. Өзи батыр Қаншайым сол ўақлары Асаннын тулпар атына минеди. Уйқылап жатқан қырық жигит найза шақырлағаннан атлы—атына минеди. Акырысы арысландай, Қаншайым қылды даўысты, Аллаға етти налысты, биреў «кимсен?» дегеннен сермейди алмас кылышты. Қызып кетип Қаншайым, көзлери оттай жанады, караңғыда кеше-түн майдан апыр-сапыр болады. Барса булақ басына, Асан түўе шымбыл жок, изинен батыр келеди, кайсыныз маған жақын деп, көкиректен найза салады, Байырдайын ўәзирин атынан сулап қулады. Шаңды шаңға косады, Қаншайымдай перийзат қырық жигитти басады. Бир нешшелери өлип, жарадар болып көбиси, таң атқанша кырық жигиттиң бәриси ғайып болады. Акбулактын басында Қаншайым жалғыз калады, жалғыз қалып бийшара, бир сөз айтып жылады:

— Зия зулпым бестен таллап тарайман,
Өзим нашар, не күнлерге жарайман,
Қайтып барып Әбдираман елине,
Мен айырылып еки бирдей баладан,
Не бет пени енди оған карайман?

Перийзатпан, салтанатлы төремен,
Мен айырылдым еки бирдей баладан,
Қайтып бары пол патшаның елине,
Хан сораса қандай жуўап беремен?

Бул дүньяда маған бердиң қараңғы,
Хан ойламас жақсы менен жаманды,
Не бет пенен мен Юнанға бараман,
Юнанның қаласы бизге харамды.

Буя сөзлерди айтып Қаншайым,
Тәселле берип өзине,
Түсти хақтың жолына,
Сапар тартып жүнеди,
Сардақлының елине,
Атқа камшы салады,
Алты күнлик жолларды,
Еки күнде алады,
Баяғы ылақ берген шопаны,
Қарсы алдында көринди,
Аттан түсип кушаклап,
Ағажан деп жылады.

Сонда шопан Қаншайымға карап бир сөз айтты:

— Дәртли болған жалғаншыда зар урар,
Бул өмиринде шектиң мудам кайғы-зар,
Аман есен бул дүньяда көристик,
Ағаң менен сен емес пе келген ол нашар?

Көптен бери болып жүрмен мен шопан,
Тәғдир шығар бундай айралық салған,
Келип турып көп сорады Абдулла,
Жалғаншы дүньяда бармедин аман?

Сонда турып Қаншайым бир сөз айтты шопанға:

— Қаншайым дейдилер дүньяда атым,
Душпанларға салдым нардай ғайратым,
Жалғаншыда қыяметлик ағам бол,
Питкерегөр тағы менин мурадым.

Әўел рәҳим әйледиң көзде жасымды,
Салақа қылайын саған басымды,
Мынаў ат-жарақты алып қолымнан,
Питкер, аға, мениң айтқан исимди.

Қыз да болсам жалғаншыда аманат,
Ат-жарағым саған болсын аманат,
Аман болсам мен келермен қасыңа.

Бул сөзди айтып, ат-жарағын тапсырды, шопанға бир қысым қызыл тилланы меннен инам болсын деп берди. Шопаннан гөне шарық, гөне жумыры, гөне шапан алып, басына шашын түйип, бир қысым унның қамыры менен шашларын жаўып, кәл бир шопан болды да турады. Қолына қыйсық таяқ алып, ғәрип-әптада болып, шопан менен хош-аллияр айтысып, Сардақлыға карай жолға шықты. Сардақлы қаласына келип, базарына кирсе, әкеси шерим дүкан ашады екен. Сол дүкан қасына келип отырады, өткен күнлерин есине түсирип, көзин жасқа толтырды. Бир қысым жийдени қолына алып, Сәлимжан бул кәл шопанғ узатты ҳәм оның ҳаслын, хал-жағдайын сорайды:

— Келген ўақта сен ағыщдың яшыңды,
Кимлер урып алды ақыл-хуўшыңды,
Жетим бала кәл болады ҳәр ўақыт,
Неге келдиң, шыныңды айт, кел қасыма.

Кәлди көрсе көп адамлар қылар таң,
Бул дүньяда жоқ па сениң ата-анаң,
Сүйсинип сен келдиң, балам, жаныма,
Түсиндиң бе мени, ақылсыз надан.

Кәл:
— Жетим бала жаслығынан майрылар,
Қорлық пенен шектим мен де қайғы-зар,
Кеўлим сүйип келдим, ата, қасыңа,
Өлгенимше мен болайын хызметкер.

Нағым кәл деп айтар мениң атымды,
Урып бередилер мениң дадымды,
Ҳаслымды, туўысымды сен сорадың,
Сениң ушын пида етейин жанымды.

Орнынан турып Сәлимбай,
Өжирege киргизип,
Жақсырақ шапан кийгизип,
Шөгирме берсе басына,
Айыўдай ўай-ўай салады,
Аяққа кийип етигин,
Беккем буўып беллерин,
Аянбай хызмет етеди,
Ашады әбден кеўилин,
Хызметлер қылып бул тазың,
Әбден мийри қанады,
Қудай берди дүньяда,
Хызметкер байға баланы.

Ендиги сөзди еситиң,
Асан атлы ўәзирден.
Көргенниң мийри қанады,
Жигитлер болды жаралы,
Араласып жүргенде,
Асан ўәзир маңаўға,
Тийген екен бир найза,
Қулағына жақынлап,
Басыны байлап бул залым,
Жигитлердиң алдында,
Ханға жылап барады,
Әбдираман ханыңыз,
Аң-таң болып қалады,
Асан деген мәҳреминен,
«Жол болсын» деп сорады:

— Адам шыдап болмас көзде жасыңа,
Мен ҳайранман бул тәғдирдиң исине,
Ҳәмме нәрсе қызыл қанға боялып,
Не күн туўып келди сениң басыңа?

Сайлап минип кетип едиң әреби ат,
Жүрген жериң бирдей болды мәламат,
Келдиң бул күн қызыл қанға боялып,
Асан ўәзир, кимнен көрдиң ақырет?

Асан ўәзир:
— Әбдираман шаҳым, саған арзым бар,
Күлип-ойнап қылып едик биз сапар,
Батыр екен Қаншайымдай алғаның,
Бир өзи бизлерге салды қайғы-зар.

Буннан бардық Ақбулақтың басына,
Рәҳим етпеди көзден аққан жасыма,
Аскар—Мамыт балаларын өлтирип,
Усылай етип қайғы салды басыма.

Жырақ қурып жатым өзим шатырды,
Суўдай ишти еки бала қаныны,
Қырып-жойып қырық жигитти майданда,
Алып кетти алтын, дүнья-малыңды.

Болғаным жоқ ондай затқа хеш ўақ қул,
Қазан урып бағда солды еки гүл,

Бундай корлық жалғаншыда көрмедим,
Ендигисин, әй, патшаҳым, өзиң бил.

Бул гәплерди еситип,
Әбдираман ханыңыз,
Тахттан өзин таслады,
Қумар көзин жаслады,
Ели-халқын жыйдырды,
Шығып патша ортаға,
Халыққа қарап толғады:

— Есит, халқым, мениң айтқан сөзимди,
Әрман менен жаслар алды көзимди,
Бул ис маған бир Алланың тәғдири,
Алыпты Алла бирдей еки улымды.

Болып едим әдалатлы әдил хан,
Перзентсиз бенделиң ақыры ўайран,
Тәрк әйледим тажы-тахтым, дүньяны,
Талабым дүньяда тек жалғыз иймаи.

Қартайғанда көп жылатты зары-зар,
Мен өлгенде ийесиз қалар дүнья-мал,
Сарышаға мен тапсырдым тахтымды,
Ҳақ жолына түсип болдым қаландар.
Отырып еди Сарыша,
Рәҳим қылып ханның жасына,
Бисмилла айтып,
Әбдираман бул патша,
Кийдирди алып тажыны,
Сарышаның басына.
Ели-халық қыйналды,
Таңырқады көп адам,
Бул тәғдирдиң исине.
Әбдираман ханларың,
Орнынан секирип турады,
Көпшилик халыққа қарады,
Халыққа қарап толғады:

— Қулақ салың бул сөзиме еллерим,
Солды мениң бағда ашылған гүллерим,
Талақ еттим бул Юнанның қаласын,
Тақ сизлерге қутлы болсын беглерим.

Суў орнына кеше иштим қызыл қан,
Искендердей ҳүким қылдым көп заман,
Бийперзенттиң изи ўайран болыпты,
Ели-халқым, тах көргенше хош-аман,—

деп Әбдираман құлха кийип, үстине жәнде кийип, белине кәди байлап, қолына сота алып, қаладан «ҳүў» деп шығып, кейнине қараса, баяғы Асан тап Әбдираманның кийимин кийип, бул ҳәм Әбдираманның изинен киятыр. Сонда турып Әбдираман ўәзирге қарап бир сөз айтады:

— Ышқы отынан күйип-күйип жанасаң,
Мени көрип жаның отқа саласаң,
Әбдираманға ўәзир един нешше жыл,
Қанлар жылап, дослым, қайда барасаң?

Асан:
— Атым Асан, нешше жыллар төремен,
Хызметинде ақыр бир күн өлемен,
Сени дейип мен ҳәм шықтым қаламнан,
Өлгенимше енди бирге жүремен.

Сеннен мен айырылып қалай қаламан,
Ханыман айрылған бахты қараман,
Қол тутысып жалған паны дүньяда,
Байтиллаға енди бирге бараман, —

деп екеўлери қосылып, қалама-қала, елме-ел, кентма-кент аралайды. Еки жыл дегенде баяғы Сардақлы қаласына қәлендер болып келеди. Пәс көше, ырас көше, қәлендерлер киятыр «Алла» айтысып, «ҳүў—ҳүў» деп. Баяғы қәл буларды көрип, қасына келеди, оларға сәлем береди. Қәлдиң еки жылдан бери кепек, нанның усағын жеп семирип жүрген қозысы бар еди. Қәл қәлендерлерди көргенлигин байға баян етип:

— Әй, ата, алыс журтлардан келген бир қәлендерлер бар екен, ол қәлендерлерге қозыны сойып, зияпат етсек қалай болар екен? — деп сорайды:

— Жаным ата, сизге айтар арзым бар,
Қалаға келипти еки қәлендер,
Қәлендерлер дуўасын мен алайын,
Ата, қылдым сеңа енди ықтықат,
Пәтияда болар дейди шарапат,
Қәлендерди мен шақырып келейин,
Атажан, бергейсиз бизлерге рухсат.
Тыңла мениң айтқан сизге арзымды,
Көп бир урдың, мен көтердим назыңды,
Таң атқанша жақсы хызмет қылайын,
Зияпатқа мен соя йын қозымды.
Шақыраман Абдуллалай ағамды,
Хасла сөйлемейди сирә жалғанды,
Достың болған жалғаншыда қосылып,
Шақыраман Молла Мүшкил бабамды,
Хеш қайсын да дос я душпан демейин,
Әўел жегизейик жақсы таамды.
Таз сөзине бай балам деп ереди,
Шақырмаға жақсы рухсат береди.

Сүтли шөрек кетириң тойға деп, Абдулла менен Молла Мүшкил бабасы дәстурханын арқаланып келеди. Шайханада отыр еки бирдей қәлендер, «бизге қонақ болып кетиң» деп, қәлендерлерге қәл

жылай береди:

— Қәлендерлер, сизге қылдым ықтықат,
Жамалынды көрип болды кеўлим шад,
Маңлайға қадаған қозым бар еди,
Оны сойып мен берейин зияпат.

Бул сөзлерди еситкен қәлендерлер «бисмилла»ны мың айтып, ырғып турды орнынан. Бай қасына ертип келип, олар бай менен сәлемлеседи. Сәлимбай қарап турса, келисиги келген, салтанатлы адамларды көрди. Байдың оларға кеўли бөлинип, олар ушын дүнья-малды сарп етиўге налынбады. Қәлендер сөзине Сәлимжан ереди, Молла Мүшкил китап алып қолына, өткен-кеткеннен, яқшы менен жаманнан, әсиресе, гүна-саўаптан жақсы гүррің береди. Олардың алдына алты түрли таам тартты. Күлип сөйлеп ағасы болған Абдулла, өзи палўан, тағы оған ереди. Көп сөзлерди айтысқан соң гүррің енди тазға келеди. Таз Абдулла менен Сәлимбайдың сөзге қосылмаўын сорады да, өзиниң гүррииин баян етти:

—Арзым есит беглерим,
Ол Қумкенттиң елинде,
Атақлы бир бай бар екен,
Аты оның Сәлимжан,
Баласы оның Абдулла,
Кетер болды Сәлимбай,
Ҳаялы, улы қосылып,
Ол үшеўи Кәәбаға,
Молла Мүшкил достына,
Тапсырып кеткен Сәлимжан,
Қаншайымдай перзентин,
Молла Мүшкил иймансыз,
Қаншайымдай арыўға,
Қылмақ болған қыянат.
Молла Ғқой» деп шабынды,
Сол ўақлары болғанда,
Абдулладай палўанның,
Көзи оттай жанады,
Көкирегиниң аўзына,
ҒТыңла, иймансыз» деп,
Жудырық пенен салады,
Қорқып отырып бул молла,
Өлерин билип жылады,
«Гүррин ет» деп Сәлимбай,
Тазшадан тағы сорады,
Сонда бул таз сөйледи:

— Айланайын, бай аға,
Болайын сеннен садаға,
Қаншайымдай қызлардың,
Еситпеген арызын,
Молла Мүшкил бул баба,
Ашық болған өзине,
Бөрек писир дегенде,
Қайтармаған молланы,
Айтқан оның сөзлерин,
Табақты әкеп қойғанда,
Миндирипти ол молла,
Қаншайымды дизине,
Туттырыпты ол молла,
Бөректиң бәрин аўзына,
Бөректи жеп болған соң,
Пәтиядан да бурын,
—Ләблеринде барды пал,
Екеўимизге төсек сал,—
Деп буйырған молланыз,
Сонда айтқан Қаншайым,
—Өзим қызбан қызыл гүл,
Дос-душпанды қарап кел.
Шыққан молла далаға,
Шыққан ўақта далаға,
Мылтығын алып қолына,
Қаншайымдай арыў қыз,
Дәрўазаны тас беклеп,
Нәзер салды моллаға,
Еки оқты атады,
Молланың қарсы алдынан,
«Көрермен» деп тоңқылдап,
Үйине қайтты бийийман.
Хабар келди Сәлимдей,
Байдың келген ўақтында,
Қойнына Қуранын салып,
Атланыпты молла атаң,
Өтириктен Қуранды,
Жайып байдың алдына,
Ғар боп кетти қызын деп,
Тийди байдың арына.
Қуранды гүўа еткен соң,
Инаныпты Сәлим бай,
Абдулладай баласын,
Өлтирип кел оны деп,
Жиберген тезден тартынбай,
Алып елгил бир белги деп,
Буйырыпты сол заман.
Атқа минип Абдулла,
Атасы салған жайларға,
Жетип келди сол ўақта,
Адамзаттың изи жоқ,
Дәрўазаның алдында,
Тоғай болып кеткенге,
Абдуллажан қыйналып,
Қаншайым деп шақырды,
Ҳәремлерин айланып,

Шықты дейди Қаншайым,
Айбатлы сөзди еситип,
Тал шыбықтай буралып,
Шашлары белге оралып.

«Дәрўазаны аш» дейип,
Жылай берди Абдулла,
«Сиңлим» дейип зарланып,
«Белгиңди бер» деген соң,
Тақыяны узатты,
Тартып алып Қаншайым,
Ашып уллы дәрўазаны,
Аға-сиңли ушрасты,
Ағызып көзинен жасты.
Атамның айтқан ўәдесин,
Қәйтейин деп Абдулла,
Жылай берди зары-зар,
Айтқанын қыл атамның деп,
Рухсат берди бул нашар,
Ыразылық берди Қаншайым,
Өзи нашар мурғызар.
Қарындасын артына,
Миндирип енди Абдулла,
Рәўана болды ол мәхәл,
Шығып енди сараға,
Ылақ алып шопаннан,
Туўысқанын қайғырып,
Ол ылақты сойдырып,
Қанға бояп көйлегин,
Қаншайымдай арыўдың,
Батыр туўған Абдулла,
Атасына жөнелди.

Ендиги сөзди еситиң,
Қаншайымдай қызлардан,
Шөлге қарап жөнели,
Саратанның күни еди,
Аспан темир, жер мыстай,
Қызып қумлар жанады,
Суўсынына суў таппай,
Қаншайымжан қулады,
Бендесиниң өзине,
Аллатаала яр еди,
Әбдираман деген хан,
Юнан шәхәрде бар еди,
Шығып еди сараға,
Куслар салып кийикке,
Келип қонды суңқары,
Бир ағаштың үстине,
Айдай болып жатыпты,
Бир перийзат теректиң,
Сол ўақытта түбинде,
Аўзына суўлар қуяды,
Әбдираман патшаңыз,
Ырғып турды орнынан,
Салам берип қосылып,
Алып кетти бул патша,
Шәхри Юнан елине.
Төрт жылға дейин қосылып,
Хан менен сүрди дәўранды.
Хәмиле енди белине,
Аскар-Мамыт дер еди,
Еки баланы туўып Қаншайым,
Балалар төртке келгенде,
Кәкилини баллардың,
Ханың бурап қояды,
Ата-анамды көрейин деп,
Қаншайым атлы перийзат,
Ханнан рухсат сорады,
Қырық түйе патша зер менен,
Рухсат етти ханшаға.
Асан менен қырық жигит,
Алып шығып далаға,
Қаншайымдай арыўдың,
Қоллар салды мойнына,
Кирмек болды ол залым,
Қаншайым сулыў қойнына,
Ашыўланды Қаншайым,
Айтқанымды қылмасаң деп,
Өлтирди еки баласын,
Қаншайымдай қызлардың,
Көзлери оттай жанады,
Қылышын қолға алады,
Бир шетинен тийеди,
Қырғанын толық қырып,
Келип Сардақлы елине,
Таз бала болып Қаншайым,
Атасына танытпай,
Еки жыл қылды хызметин.
Еки ғана қәлеңдер,
Усы бүгин келипти,
Шақырып қәлеңдерлерди,
Хызмет қылып сол заман,
Жылайды екен зары-зар,
Мынаў ғәлеңдердиң биреўи,
Әбдираман хан болар,
Мынаў турған Асан ўәзир,
Қаншайымдай арыўды,
Еки баладан айырған,
Пана бергей дүньяда,
Молла Мүшкил моллadan,
Мениң өзим Қаншайым,
Инанбасаң, кәәбажан,—деп,
Шөгирмесин таслады.
Оралады белине,
Қаншайымдай арыўдың,
Қырық өрим сулыў шашлары,
Патша көзин жаслады,
Асан деген ўәзирдиң,
Не қып еди нәресте деп,
Сақалынан услады,
Көзи оттай жанады,
Әбдираман енди хан,
Асандайын ўәзирдиң,
Мойнына қанжар салады,
Қарқыратып шалады.
Абдуллаедай бул батыр,

Молла Мүшкил бабаның,
Басын кесип алады,
Аталы-қыз қушақласып,
Ҳәммеси бирден бозласып,
Зары-гирияң болады,
Душпанларды өлтирип,
Абдуллaдай бул батыр,
Әбден мийри қанады.
Ендиги сөзди еситиң.
Сәлимжандай байлардың,
Абдулла атлы баласы,
Әбдираман ханлардың,
Қолынан турып алады,
Қарындастың дәртинен,
Қәлендер болып кеттиң деп,
Әбден кеўли толады,
Аталы-бала екеўи,
Ат болсын толы халыққа деп,
Мал-дүньяны нетейик,
Үлкен байрам, той берип,
Танытайық халыққа деп,
Атасынан сорады.

Сол ўақлары Сәлимбай өткен ислерден мысал келтирип, бир аўыз сөз айтып толғады:

— Батыр болып сайлап миндим әреби ат,
Дәўлет берди, кеўил болды мудам шад,
Ғапыллықта бул дүньяны өтирип,
Мен болмайын ақырында кәрмаммәт.

Қорлық көрдим жақын маған дослардан,
Саўап дейип қапа қылды бийийман,
Мени айырып Қаншайымдай перзенттен,
Ғапыл етти Молла Мүшкил бийийман.

Алла ашты бүгин мениң шеримди,
Шад етейин Сардақлыдай елимди,
Тойлар берип Қаншайымға тамаша,
Мен ашайын қапа болған кеўилди.

Халыққа берсең зая кетпес дүнья-мал,
Жаман адам ақыр тартар қайғы-зар,
Қаншайымның халқым көрсе болғанын,
Жақсы күнге халық та, дос та қуўанар.

Бул сөзлерди айтып ҳәм, Сәлимбай орнынан турып, майданға шығып, жар урдырды қалаға, ат шаптырды далаға, ғаўасат түсти халқына, хаял менен балаға. «Отыз күн ойын ойнатып, қырық күн той беремен, ат шабыс, саз, бақсы—жыраўлар, аты шыққан жақсылар, көтерген шылым бәңгилер, қосық айтқан қосықшылар, ғәрип пенен бийшара, ғарры—картаң, бийнаўа, келсин мениң тойыма» деп жар урдырды нешше күн. Сансыз жылқы келтирди, есапсыз қойлар келтирди, хәр адамға ақ сарай, үлкен тойды Сәлимбай усылай етип баслады.

Сарпай менен олжа алып,
Халқында болған кәмбағал,
Жетим баллар, тул қатын,
Олжа алып бул тойдан,
Халқының ўақтын хошлаған,
Бир биреўге қылмады,
Қаслық пенен айбатты,
Жигитлерге иширип,
Шекер менен шәрбатты,
Сол тойдың ортасына,
Қаншайым менен Әбдираман,
Екеўиниң үстине,
Қамқа зәрбаб кийгизип,
Алтыннанды ақ шапан,
Түймелери лалыдан,
Гәўҳар менен сырлаған,
Алтыннан соққан сәўкеле,
Қаншайымның басында,
Әбдирамандай ханыңыз,
Алтын тақтың үстинде,
Берди дейди сол ўақта,
Ели-халыққа көринис.
Ашылыпты гүл-ғумша,
Ундай еки сулыўың,
Қосылар ма бирге деп,
Таң қалады бир нешше.
Алтын тақтың үстинде,
Халыққа өзин танытып,
Қаншайым қыз қасында,
Отырып еди шад болып.
Тамаша қызған ўақтында,
Күн батысқа қараса,
Ели-халықтың ҳәммеси,
Бир шаң пайда болады,
Шаң тийине қараса,
Бир пуў пайда болады,
Пуў астына қараса,
Сом алтыннан соғылған,
Қараса көзлер қамасқан,
Бир туў пайда болады,
Туў астына қараса,
Ақ саўыты үстинде,
Кескир қылыш дәстинде,
Жаўырынлары қақпақтай,
Билеклери тоқпақтай,
Аўзы-мурны оймақтай,
Сөйлеген сөзи қаймақтай,
Сулыўшық келген қырық жигит,
Қарағай найза қолында,
Алдында бар бир жигит,
Жаўырынлары қақпақтай,
Көрген болар интизар,
Маңлайының ортасы,

Тарта карыс сәре бар,
Әне-мине дегенше,
Келип тойдың шетине,
Топка урды кәллеғар.

Айткан енди сол жигиттиң биреўи аттан секирип түсип, алтын такта отырған Әбдирахман ханларды кутлыклап, жылай берди зары—зар. Бул гәплерди еситип, аламан хайран болып, мереке бузылмак болды. Сол ўакытта аттан түскен жигит Байыр ўәзир еди. Ол «Әй, халыклар, тамашаңызды кылаберин» деп, халыкка тәжим кылды ийилип. Батыр Абдулланың кабағынан кар жаўып, бир өзин мыңға тай санап, жол болсын сорайын деп, Байырдың қасына келеди:

— Мен тасладым кеўлимдеги шеримди,
Яд әйледим кәраматлы пиримди,
Қайта келди бул дүньяға туўғанлар,
Дәрья киби мен ашарман кеўлимди.

Данкың кеткен ат-жараклы кырык жигит,
Елге хайбат кылыш пенен ол мылтык,
Ели—халкым үркизип келдиң тойыма,
Бундайын көрмедим дүньяда нәмәрт.

Кайсармысаң, душпанбысаң, я дос па?
Қандай болып келгениңди баян ет,
Хан кушаклап сен жылайсаң зары-зар,
Елди шаўып болыппедиң гүнакар?

Етикши де енди елши болады,
Бул тойларға келмей кеткен енеғар,
Той бергенлер таркатады шерини,
Бул келгеннен солдырасаң халык гүлини.

Иззет-хызмет саған енди тайынды,
Неге жибермедиң көптен бириңди,
Абдулла дейдилер мениң атымды,
Ашыўлансам мен кырарман бәриңди.

Сол ўакытта турып Байыр бир жуўап айтты:

— Әжел жетсе бағда гүллер солады,
Жаман сөзден достың кеўли калады,
Жарак тутып, атты минсе бир жигит,
Оны ойла, атта самал болады.

Мен салмайман еллерине кайғы-зар,
Келгенниң кәдеси усылай болар,
Көп куўандым, ағам болған Абдулла,
Ендиги иске өзиңизде ықтыяр.

Келип батыр Абдулланың колынан алып хәм оның аяғына бас урып, жети күнге шекем той иззетин көрип, Байыр жигитлери менен шад болып калды. Тойды таркатып, аркайын болғаннан соң Байырды қасына Әбдираман шакырып алып, бир сөз айтты:

— Хаўа жаўып, айдын көллер сел болсын,
Жылдан жылға аз дәўлетиң мол болсын,
Әреби атлы, темир тонлы кырык жигит,
Батыр Байыр мәртлер, саған жол болсын.

Қазан урар бул күн бенде гүлине,
Хак деп шыктың кыя кызыр шөлине,
Алғыр жаўдай жән-жағына шарпынып,
Неге келдиң Сардаклының елине?

Ели-халык Әбдираман деп зарлады,
Елде жүрип кылалмадык биз такат.

Сен барында ашылғанды лалазар,
Келгейсиз деп тилек етти ғаррылар,
Халык арзыў болып сениң өзине,
Ели-халкым болды сизге интизар.

Хеш бендеге жетпегенди бул зарым,
Сардаклыда деген болды хабарын,
Биз еситтик ол Юнанда жайынды,
Бул Юнанда хеш болмады кәдирим.

Байыр:

— Әбдираман, арзымды еcит, әй, султан,
Сиз кеткен соң Юнан болды ғой ўайран,
Жигитте ар, кызда әдеп калмады,
Сарыша журтыңды кылғанды талкан.

Сарышаның шыдамадык сөзине,
Залым болып канлар толды көзине,
Сени кушып мен жыламай нетейин,
Зар болдык ғой әдил патша изине.

Ашыўланып бизлер миндик әреби ат,
Сарышаның кылған иси кәсапат,
Суў орнына суўдай ишти кызыл кан,
Бул дүньяда бардур хәм яхшы—жаман,
Бул тойыңды көзим менен мен көрип,
Акылымнан, достым, болдым бийгана,
Куўанысып келдим мен де алдына,
Куўанышта ес болмайды, әй, султан.

Шыдамадың перзентиңниң отына,
Мен кыймаспан сизди Сардаклы кәнтына,
Алып келип хан кылмаға болдым интизар,
Ийе болғыл Юнанстан журтына.

Буны еситип Абдулла катты куўанып, кырык жигит пенен бул ханның үстине теңге шашады, кеўли

дәрьядай тасады, кәдирли екен иним деп, қой семизин сойғызды, екеў-ара бир табақ алдына тамақ қойғызды, Байыр деген бул палўан орнынан турып сол ўақытта қоржынға салып қарыны, Әбдираманның басына алтыннан жыға кийгизди, Сәлимжан менен хаялы кеўли тасып күледи, Қаншайым атлы перийзат зия-зулпын өреди, зарлықтың барды кеңлиги, жақсылық күнди көреди, Абдулла менен кеңесип, Сәлимжандай бабаңыз Әбдираман ханға «жолыңыз болсын, балам» деп, шад болып, толықсып жуўап береди.

Батыр туўған Абдулла,
Жети нардың үстине,
Ғалы-гилем жүклетти,
Сары атанның үстинде,
Алтыннан безеп гежебе,
Келинлер қылып миндирди,
Қаншайымдай арыўды,
Пәтия берди халықлары,
Кетпек болған буларға,
Қарындасына бас болып,
Абдулла да иркилмей,
Юнанға қарап жол жүрди,
Бир нешше күн жол жүрип,
Жүрген жолды өндирип,
Юнанға булар барады,
Келди, келди деген сөз,
Халыққа дәрриў тарады,
Қайдан келди ханым деп,
Халқы қарсы алады,
Душпанлар әбден сасады,
Аскар—Мамыт баланың,
Қанына қалып өлтирткен,
Ақтолқын атлы қатыны,
Әбдираман патшаның,
Сарыша менен қосылып,
Иранға қарай жол кеткен.
Ели-халықлар жыйналды,
Душпанлары патшаның,
Келгенине қыйналды,
Әбдираман патшаңыз,
Ели-халқын күлдирип,
Душпанларын өлтирип,
Уллы байрам той берип,
Душпанларға оқ атып,
Елин етип парахат,
Халқын етип көп аббат,
Әбдираман—Қаншайым,
Үш жүз сексен жыллықта,
Юнан деген шәхринде,
Көрген екен олар муратты.

* * *

Нуратада қарақалпақтың,
Қазаяқлы руўынан,
Жыраў болған Халмурат,
Халмураттай устаздан,
Алпыс жылдың ўағында,
Бул сөзди тоқыған екен,
Қурбанбай жыраў кеўилге яд.

# ДӘСТАНЛАРДАҒЫ ГЕЙПАРА СӨЗЛЕРГЕ ТҮСИНИКЛЕР

## «ҚЫРЫҚ ҚЫЗ» ДӘСТАНЫ

**абы-әўлад** — *урим-путақ*
**айдынланыў** — *айбатланыў*
**аўан** — *аўма*
**бейне** — *түр-түс, белги*
**борбос** — *арлан*
**булғары оймақ** — *булғар журтында исленген оймақ*
**ғапыл** — *тосын, тосаттан*
**жумыры** — *баскийим*
**зәкат** — *салғырт, мал салығы*
**зәребе (зеребе)** — *ғәзеп*
**кермен** — *қала, қорған*
**қәсем** — *ант*
**қуўқыллық** — *қуўақылық*
**салдар** — *аўырманлық, салдаўыр*
**сарсық сөз** — *пасық, ғыйбат сөз*
**санаў** — *бул жерде: ел, улыс, арыс (сан)*
**тойтарыў** — *қайтарыў*
**устықанлы** — *боласынлы, ужыбатлы*
**ушыға** — *қымбат гезлеме*
**хақыя** — *ҳақыйқат*
**хәддия** — *сый, сауға (қәде)*
**шаңғыл** — *бул жерде: жан алғыш қурал*
**шәпиресте** — *қыян-кески, айқуш-уйқыш*
**шөршит** — *бул жерде: жат журтлы жаў*
**шыңдаўыл** — *шыңдаўыл қағып, жар салыўшы арнаўлы хабаршы*

## «ҚЫЗ ПАЛЎАН», «ГҮЛИСТАН», «ГҮЛНӘҲӘР»ДӘСТАНЛАРЫ

**абыхаят** — *өмир бағышлаўшы суў*
**абызәмзем** — *мәңгилик суўы*
**ақмасақ** — *оқтың түри*
**асырма жамбас** — *гүрес усылы*
**әдаўат** — *даў*
**боза** — *арпадан ашытып исленген ишимлик*
**бөгенек** — *арба күймеси*
**бүлдирги** — *қамшы безеги*
**бүриниш** — *қола (бронза)*
**гүлдиреўиш** — *шаңарақтан тасланатуғын баў-шуў*
**гөрдемше** — *жетимек, ершең бала*
**ғубар** — *ғам, тәшўиш*
**лақыл** — *ылайық, миясар*
**дәстер** — *сәлле тәризли басораў*
**дәўет** — *сыясаўыт*
**дегиш** — *дәрья кенарының жемирилиўи*
**жапан** — *жабан, дүз*
**жадаў** — *жүдеў, шаршаў*
**жарғақ** — *түкли тери*
**желсеў** — *аўлақты күсеў (бас шамаллатыў)*
**зулпықар** — *қылыш түри*
**зире (зирек)** — *ҳасыл тағыншақ*
**зәбәржет** — *ҳасыл тас (хризолит)*
**истек** — *тилек, қәлеў*
**көлбеў** — *жайылыў*
**күрке** — *қос, гүрке*
**күшиген** — *аңшы қус (аңға салатуғын қыран түри)*
**қаўық** — *қабық (ғаўық)*
**қурт ойын** — *бул жерде: урыс, саўаш*
**қол** — *әскерий бөлик: қосын (армия)*
**мәкиш** — *мәкийен*
**мусаллат** — *мусийбет, аўырманлық*
**мәнжере** — *әйнексиз торкөз терезе (пәнжере)*
**садақ** — *бул жерде: оқжай*
**сыр** — *арнаўлы бояў*
**сыран** — *ызғырын*
**сыпырық жел** — *ызғырық*
**тәғбир** — *түс жорыў*
**томаға** — *қус тумсығына кийгизилетуғын нықап*
**торқа** — *ҳасыл гезлеме*
**шортақ** — *шорқақ, шортық*
**шәрбент** — *шербет*
**шиш** — *исик*
**шәҳәрәзим** — *абат қала*

## «ҚАНШАЙЫМ»ДӘСТАНЫ

**алакөз** — *өшпенли, душпан*
**апатыжан** — *теңи жоқ гөззал*
**Бейтил** — *Байтуллаҳ, Кәәба*
**буржа** — *таў өсимлиги*
**гүла** — *дәрўишлердиң бас кийими*
**жайыл** — *тентек*
**жәди (жәдиў)** — *сыйқыр, терис дуўа*
**жадыўгөй** — *сыйқыршы, ядыў, жәдигөй*
**жезқулақ** — *мылтық*
**зердар** — *зерли*
**зина** — *бийопалық*
**кәди** — *қабақ*
**кент** — *қала, шәҳәр*
**қаўыш** — *үңгир*
**мурғызар** — *бул жерде: суңқар қус мәнисинде*
**нарбедеў** — *ири әреби ат*
**нешик** — *қалай*
**пығал** — *пейил*
**ықтықат** — *мейил, мойынлаў*
**сара** — *бул жерде: шет-шебир, шөлистан*
**сәўдик** — *сүйгилик, сәўер яр*
**сота** — *ҳаса*
**сыяқ** — *түр, сықыл*

## «ГӨРУҒЛЫ» ДӘСТАНЫ

**апарийн (офарин)** — *мақтаў, хошаметлеў сөзи*
**абзаллаў** — *әбзеллеў, ер-турманлаў*
**айшы-әширет** — *шағалмәслик*
**амут** — *жарақ түри*
**абы-ас** — *бул жерде: ас-абат, қара ас*
**әресте** — *азада*
**әсел** — *пал*
**бажаныдил** — *шын журектен*
**биябан** — *даланлық*
**бәрна** — *сәтен, сулыў, хоширей*
**баўар** — *инанымсыз*
**бәндуўан** — *бәнтленген*
**бәшәрти** — *егер*
**гәрт** — *шаң-тозаң*
**гүрзи** — *аўыр жарақ*
**гүлшан** - *гулзар*
**герден** — *мойын*
**гәршек** — *қайғы, дәли*
**ғамза** — *наз, ийбе*
**ғусыл** — *жуўыныў, пәклениў*
**ғулпақлы** — *айдарлы*
**дәшт** — *даланлық, шөлистан*
**дәбилхана** — *ойынхана*
**дарғазап** — *ғәзепли*
**дәпин етиў** — *жерлеў, көмиў*
**зулп** — *шаш*
**кәсадар** — *шарап қуйыўшы*
**кәнт (кент)** — *қала, қорған*
**кылўет** — *жер асты*
**қазан** — *гүз мәўсими*
**қосын** - *әскер*
**кәман** — *оқжай*
**махшер күни** — *ақырет күни*
**оба** — *аўыл*
**мәлек** — *перишге*
**пәлек** — *дүнья*
**пайымал** — *аяқасты*
**пәлек урыў** — *қудай урыў*
**пыған** — *қайғы-қапалық*
**пәтек** — *жарлық қағаз*
**пинҳамы** — *оңаша, аўлақ*
**сәдде** — *бул жерде: анық, айқын*
**тарәххим** — *рехим тилеў*
**тәгзим** — *тәжим, ийилиў*
**тәбер (тебер)** — *балта*
**хәршент** — *бәрха*
**шахла** — *каракөз*
**шағыры** — *тас*
**шоқ** - *қалың*

## «ЕР ҚОСАЙ» ДӘСТАНЫ

**ас** — *үлкен той*
**арғын** — *ел, қәўим*
**арам** — *пайыз, ләззет*
**бәззат** — *бәдҳасыл, тексиз*
**бәркамал** — *өспирим, нәўқыран*
**гебеже (кебеже)** — *үй буйымы*
**гирис** — *оқжайдың тартқы жиби*
**гүдери (гүдары)** — *жергиликли теретин*
**дара** — *жыра (дәре)*
**зәңбирек** — *топ (пушка)*
**зерен** — *қымыз қуйылатуғын ыдыс*
**кәмар** — *белбеў, беллик*
**қара әскер** — *қалың, көп әскер*
**қоламса** — *оқ қынабы, туқтый*
**минажат** — *сыйыныў, нәжет тилеў*
**мүлтик** — *нуқсан, кемислик*
**нәўжуўан** — *келиншек*
**нурыдийда** — *көз нуры (еркелетиў мәнисинде)*
**рәўа** — *ылайық*
**сақтыян** — *былғары сыяқлы жергиликли жумсақ теретин*
**сымбыл** — *дымбыл, зымбыл, ҳеш нәрсе*
**сона** — *қораз үйрек*
**тепей** — *асық ойынның түри*
**шапшаң** — *шәпик, жылдам*
**шикар** — *аң аўлаў, саят*
**ябы** — *жергиликли жылқы*

## «ҚУРБАНБЕК» ДӘСТАНЫ

**алқа** — *жупыны кийим*
**андызым** — *аппағым деген мәнисте*
**ара бериў** — *сән бериў*
**аҳду-пайман** — *ўәделесиў, келисим*
**әлем** — *жалаў, туў деген мәнисте*
**әлим** — *қолым*
**бәдирек** — *сықылсыз, кескинсиз*
**бәшше** — *бала*
**бийнаўа** — *нәрсесиз, перзентсиз*
**беллик** — *аттың терлигиниң үстине салынатуғын кишкене жабыў*
**гәўир** — *басқа диндеги адам деген мәнисте*
**ғапыл** — *хабарсыз*
**еленер** — *жалынар*
**зәртең-зәбертең** — *теңбе-тең, мұқыятлап*
**зербап** — *алтын жалатылған зат*
**зулзула** — *жер силкиниў*
**ибрат** — *өрнек, үлги*
**Кәәбам** — *ата-анам деген мәнисте*
**қазан урар гүлиңе** — *өмириң хор болар, өлерсең деген мәниде*
**қақпа** — *дәрўаза*

**көреги** — *азығы, аўқаты*
**қублагәҳим** — *ата-анам деген мәниде*
**мусаллат** — *аўыр салмақ, аўырманлық*
**пәлектиң гәрдиши** — *тәғдирдиң иси*
**пәнжайы әптап** — бес қуяштай нурлы мәнисинде
**пәтиўа** — *тастыйықлаў*
**сақтыян** — *жумсақ телетин*
**сәнеше бармақ** — *есаплы бармақ*
**сәрўан** — *түйе бағыўшы адам*
**сәўкеле** — *ҳаял-қызлар бас кийими*
**серешме** — *аң-таң*
**сер урыпты** — *бас урыпты*
**тасаддық** — *қурбан болыў мәнисинде*
**терлик** — *аттың жабыўының биреўи*
**шапшақ** — *ағарған салынатуғын ыдыс*
**шербет** — *мазалы суўсын*
**ықлым** — *жәҳән мәнисинде*
**ықтықат** — *исеним*

## «ЕР ШОРА» ДӘСТАНЫ

**аташ** — *от (әтеш)*
**әлденки** - *әўмелек*
**бозайшы** — *жылқыман*
**гәрдиш** — *тәғдир*
**гүмбези гүзира** — *гүмбезли жай*
**дашнамаласыў** — *өжетлесиў, ерегисиў, айтысыў*
**дәрейи** - *дарайы*
**есиқаға** — *есиқағасы, сарай хәмелдары*
**жедебелли** — *шаққан*
**жәнде** — *кийим түри*
**иле** - *тез, жылдам, шаққан*
**кәркидан** — *жабайы ҳайўан (носорог)*
**қолат** — *буйыштық отлақ, таса өрис*
**мезгилхана** — *датхана*
**мураз** — *мийрас*
**мойдар шаш** — *қалың шаш*
**неме** — *түйе*
**нурлаў** — *ғаўлаў*
**сыбақ** — *сыбаў*
**суржайыл** — *оқ түри (ушлы жебе)*
**туғыр** — *ҳәсте, қыран қус қондырғысы*
**түнқатар** — *түнги сақшы, сәрбаз*
**тараша** — *шөпшек*
**таўшан** — *қоян*
**темиртек** — *аспышақ*
**темиртон** — *саўыт*
**ҳәмиў** — *сыйқырлы тас*
**хәттерши** — *усақ саўда ислеўши*
**шепек** — *шаққан, шәпик*

## «БОЗУҒЛАН» ДӘСТАНЫ

**ары** — *сахра*
**аншелли** — *барынша, соншелли*
**алаталан** — *талаўшылық, талан-тараж*
**аўыр** — *мол, уллы, үлкен*
**байшуқыр** — *үлкен арна, үлкен шуқыр*
**баз** — *қыран қус, қумай*
**бекаўыл** — *аспазлар басшысы (бақаўыл)*
**ғәним** — *душпан*
**ғаўданлы** — *отлақлы*
**далбай** — *былғаўыш*
**дәлкәрд** — *көкирек*
**дәдиман** — *дәлил, дәдимал*
**дәңгир мылтық** — *узын мылтық*
**дүлдил** — *әпсанаўий тулпар*
**жаңдар** — *инсан, тири жан*
**жәзия** — *салық түри*
**жүл** — *ат әбзели (жабыў түри)*
**инниш-жиниш** — *жин-шайтан (инс-жинс)*
**кебзе** — *жаўырындағы палўан сүйек*
**көл ләби** — *көл ернеги, көл жийеги*
**кеңескер** — *кеңесгөй, кеңесши*
**көктемир** — *саўыт-сайман*
**қодық** — *қуланның баласы*
**қолдузақ** — *балалар ойыны*
**қыра** — *қара*
**мегдеў** — *меңдеў, күши тайыў*
**мингер** — *минискер, миниўге қолай*
**муңлық** — *муңдар (нашар)*
**нәўпәри** — *жас пери, жас жан*
**нәзеркерде** — *нәзерли, сынампаз*
**лапырыў** — *лепириў, паңқылдаў*
**пеш** — *шалғай, шет*
**саржай** — *үлкен жай, аўыр оқжай*
**сеңгир** — *бийик*
**сой** — *ата-тек, туқым*
**сағыйра** — *гөдек, нәресте*
**сүрек** — *топар*
**тебер** — *балта*
**уядаш** — *уялас, қаналас*
**улапа** — *сый, саўға*

## «ДӘЎЛЕТИЯРБЕК» ДӘСТАНЫ

**бәкир (бақыр) чекмен** — *қызыл шекпен*
**ганж** — *байлық, ғәзийне*
**тәшт** — *ўақтыхошлық, шағалмәслик*
**дамудам** — *үзликсиз, дәрҳал*
**суўат** — *суўлы жер*
**лағыл** — *лалы (ҳасыл тас)*
**мақбул** — *мақул*
**малул** — *қайғылы, қапа*

**мәхрам** — *бул жерде: жақын туўысқан*
**мустажап болды** — тилеги қабыл болды
**нәзир** — *саўға*
**нияз** — *саўға*
**оқа** — *зыян, зәлел*
**пырқаты хижран** — *айралық*
**ранж болды раптары** — *ақыбети қапашылық болды*
**туба** — *туйық*
**тубылғы** — *дуўлыға*
**туман** — *түмен, бул жерде: мың-мыңлаған, сансыз*
**ҳәжде (сәжде)** — *бас ийиў, ант ишиў*

## «ҚАРАМАН» ДӘСТАНЫ

**арайыслаў** — *шолыў*
**гүржи паррал** — *жазалаў қуралы*
**дарқан** — *кең, еркин*
**қылўет** — *жер астындағы буйынтық баспана*
**мажазий** — *аўыспалы мәнистеги, метафоралық*
**селигиў** — *уйқыламаў*
**табар** — *балта*

## «МУҢЛЫҚ-ЗАРЛЫҚ» ДӘСТАНЫ

**артыў** — *асыў, бийиклик*
**ала тана жайында** — *парахатшылық*
**алтынқабақ** — *мергенлер жарысы (ойыны)*
**Әжемдәрья (Ижемдәрья)** — *Жем (Эмба) дәрьясы*
**әлеўмет (әлеўмент)** — *халық, халайық*
**әпети бәле** — *бәлемат, қәўип*
**басжолдас** — *қостар, өмирлик жолдас*
**баслас** — *жубай, қостар*
**Бирўбар** — *қудай*
**буўрыл** — *гүмисиреқ*
**бийзат** — *тексиз*
**бурыныш (бөриниш)** — *қола (бронза)*
**гентай** — *кишкене асық түри*
**ғаный** — *дәўлетли*
**жаббы** — *жабыў, үпшин*
**жек** — *жийеккус, туўалақ түри (дрофа)*
**мары** — *жылан (айдарҳа тақылетлес)*
**масайық** — *машайық (уллы руўханыйлар)*
**мураз айланған** — *мийрас етилген*
**мой (мойыл)** — *мейил, бой бериў*
**нура** — *қыр, қырат*
**лақ-лақ (ләк-ләк)** — *дүркин-дүркин*
**сары** — *қарай, таман*
**сәңгир (сеңгир)** — *көк пенен таласқан бийиклик*
**сер (сери)** — *батыр, сәрбаз*
**Соралы** — *Дәшти қыпшақтағы жер атамасы*
**сомсыныў** — *ҳәсиге кетиў*
**тел (тели)** — *тең, ортақ*
**тарлан** — *ушқыр қус*
**түн ле (түн иле)** — *түни менен, түни бойы*
**топышақ** — *дойнақлы шапқыр ат*
**Қорасан** — *уллы пир (шын исми Әбдижәлил бап)*
**күлислик** — *келеке, кекесин, мысқыл*
**қамшыгерлик** — *иргезорлық, күш көрсетиў*
**кәлмек** — *тазша, кәл бала*
**кентай (гентай)** — *кишкене асық түри*
**қум** — *ыдыс (хум)*
**қырпыў қағаз** — *жуқа қағаз*
**қап-қажақ** — *қап-қапшық*
**келе** — *топ-топар*
**қас** — *нағыз, ҳақыйқый*
**шора** — *мырза*
**хәмирай** — *жолдас*

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

*Көп томлық*

14–26-томлар

*Нөкис «Илим» 2010*

Редактор *А. Альниязов*
Дизайн *Б. Исмаилов, Б. Айтмуратов*
Тех. редактор *В. Султангулова*
Компьютер дизайны *Б. Исмаилов*

Басыўға 14.09.2010-ж. да рухсат етилди. Қағаз форматы 60х84[1]/[8]. Tayms гарнитурасы.
Офсет усылында басылды. Шәртли б.т. 63,24. Есап б. т. 34,30. Жәми 3000 нусқа. Буйыртпа № 1022

«Илим» баспасы. Нөкис қаласы, Бердақ гүзары, 41-үй. Шәртнама 12–09.

**«Шарқ» баспа-полиграфия акционерлик компаниясының баспаханасында басылды.**
**100083, Ташкент қаласы, Буюк Туран көшеси, 41-үй. 2009**